МэщбэшIэ Исхьакъ

# Тхылъ пшIыкIух хъурэ зэхэугъоегъэ тхыгъэхэр

# МЭЩБЭШІЭ Исхьакъ

ТХЫЛЪ ПШІЫКІУХ ХЪУРЭ
ЗЭХЭУГЪОЕГЪЭ ТХЫГЪЭХЭР

Мыекъуапэ
Адыгэ Республикэм
итхылъ тедзапІ
2013

МЭЩБЭШІЭ Исхьакъ

ТХЫЛЪ ПШІЫКІУХ ХЪУРЭ
ЗЭХЭУГЪОЕГЪЭ ТХЫГЪЭХЭР

ЯПЛІЭНЭРЭ ТХЫЛЪ

Мыекъуапэ
Адыгэ Республикэм
итхылъ тедзапІ
2013

УДК 821.352.3-31
ББК 84 (2=602.2) 6-44
М 53

**Машбаш И. Ш.**

М 53 Собрание сочинений в шестнадцати томах. Том четвертый. Романы.– Майкоп: Адыг. респ. кн. изд-во, 2013.– 560 с.– Адыг.

Адыгэ, Къэбэртэе-Бэлъкъар, Къэрэщэе-Щэрджэс республикэхэм ятхэкIо гъэшIуагъэу, СССР-м, Урысыем, Адыгэ Республикэм я Къэралыгъо премиехэм, дунаим щыпсэурэ адыгэ пстэуми ялитературнэ премие ялауреатэу Мэщбэшӏэ Исхьакъ иусэхэр, поэмэхэр, романхэр, публицистикэр зэхэугъоягъэхэу зыдэт тхылъ пшIыкIух.

ISBN 978-5-7608-0732-8
ISBN 978-5-7608-0746-5

© Адыгэ Республикэм итхылъ тедзапI, 2013

# АГЪАЕРЭМ ЕЖЭЖЬХЭРЭП

*Роман*

## ПӀалъэр екӀы, хы кӀыбыр мэгумэкӀы

Макъэ къагъэӀунба аӀошъ, чэщи мафи ежэх. Зи щыӀэп. Къэхъугъэр ашӀэрэп. Егъапэх.

Герберг ышъхьэ къихьэрэр бэ. Летчикым къызэриӀотэжьрэмкӀэ, зэрэфаехэу Ӏофыр хъугъэ. ПӀалъэу фагъэуцугъэм тегъэпсыхьагъэу хы ШӀуцӀэм иадырабгъу нигъэсыгъэх, ящыкӀэгъэ чӀыпӀэм – къушъхьэ-мэз зэхэтхэм ашъхьагъ самолетым щыригъэтӀысыкӀыгъэх.

Бэмэ Герберг анэсы, зынэмыс къыгъанэрэп. Мэфищым зи къызамыӀорэм, джы нэс зыпылъыгъэ Ӏофыр хьаулые мэхъу. Джыри ащ мэзэ заулэ тыригъэкӀодэн фае. Ар Ӏофы, Ӏофыр ишеф къыфидэщтэп, ежь ышъхьэкӀэ алъыкӀон фаеу хъущт. Сыхьатым еплъы. ПӀалъэр екӀы.

– ЗэрэхъурэмкӀэ, тэ тызэрэфаеу Ӏофыр къикӀыгъ...– ежь-ежьырэу зэриӀожьрэм фэдэу, Герберг къыӀуагъ.

– Ары, господин полковник, тэ зэрэтӀуагъэу а чэщым Ӏофыр зэшӀокӀыгъэ,– летчикым къыдыригъэштагъ.

Непэ мыр ящэ Герберг летчикыр ыдэжь къызищэрэр, гущыӀэр Ӏэпимыхэу шпионхэр парашюткӀэ зэрэригъэтӀысэхыгъэм едэӀу. Летчикым егуцафэ уигъаӀоу а зы псалъэмкӀэ ренэу къеухы:

– Адэ арэущтэу оӀомэ, сыда зи къызкӀамыӀорэр? Тэ хъугъэха?

– Ахэр зыдэхъугъэхэр, господин полковник, сэ сшӀэрэп,– аущтэу къызэреупчӀрэр зэримыгуапэр ригъашӀэу летчикым къыпеупкӀы, ау етӀанэ псынкӀэу кӀелъэшъужьы.– Сэ сишӀэн сшӀагъэ, къэпӀогъэ квадратым щесыдзыхыгъэх.

Герберг летчикым еплъыгъ. Зи риӀуагъэп. Телефоныр къытеуагъ.

– СыкъэдаӀо, сыкъэдаӀо. Сыд къэбар? Ар дэи. Зыгорэ щыӀэ зэрэхъоу макъэ къысэгъэӀу,– сыхьатым Герберг еплъыгъ, зым нэсы. Ащ зэрэнэсэу пӀалъэр екӀы...

## ШъхьакІо зиІэм къэрар иІ

Ягухэлъ яхьщырэу а чэщыр шІункІыгъэ. Ошъопщэ къогъоу самолетыр мэбыбы. ЗэпэчІынатІэу нэбгырищыр щыс. Самолетым къитІысхьанхэ зэхъум, лІы тхъоплъ пытэ зэхэлъым диверсантитІур нэІуасэ фашІыгъ. Ащ ыпэкІэ зэрэлъэгъугъэхэп, Владимир ПетровичкІэ еджэнхэу къараІуагъ.

Алыбэрд ТІахьир – джары щымэ язэу зитеплъэкІэ нахь гурытыІор. ТІахьирэ ыІэ шъэджашъэхэр къазгъыр улэугъэх пІонэу ылъэгуанджэмэ ателъых. Джэнэ Іэгъопэ нэзыр Іэпшъэц шІуцІэмэ къахэщрэп, кошэ-куашэу Іэхъомбэ зэшІотми цыр къытещы, Іупшlэ ІужъуитІумрэ пэшхо-лышхомрэ ямылъытыгъэу ТІахьирэ ынэхэр цыгъуанэмэ яхьыщырых, нэпцэ кІырмэ ерагъэу къачІэщых. Іэпэ зэлитІу фэдиз зишъомбгъогъэ натІэм пэІо къелъэшъохыр шъхьэрыс, шъхьэ хъурэе мытІырыр пшъэбым шІогуагъ.

ТІахьирэ зытэмэпкъ къефызылІагъэр – Сергей. ШхомлакІэр къэзыкъудыизэ, шы плъырыр зэтезыІажэрэм фэдэу ыпкъ ищыгъ. ЛІы од сырыф, пэ псыгъо кІыхь, нэтІэшху.

Самолет макъэм ТІахьирэ кІэдэІукІми, игупшысэхэр зэрыс самолетым нахьи нахь псынкІэу мэбыбых. Зыхэгупшысыхьан иІ. Бэ пэкІэкІыгъэр. Псаоу дунаим зэрэтетри шІогъэшІэгъоныжьэп…

Мэфэ жъоркъ. Керчь дэжь. Нэмыцхэр къалэм къекІух. ТидзэкІолІмэ пыир зэтыраІажэ.

ТІахьирэ зыхэт хы лъэсыдзэм Керчь итыгъэ къокІыпІэ лъэныкъомкІэ пытапІэр щиІыгъ. ХымкІи, чІыгумкІи, уашъомкІи пыир къажэхэт. Тыгъэр уимыгъэлъэгъужьэу Іугъо-пщагъор гъэмэфэ шъофым шъхьащыт. ТІэсхъапІэр къызщыхигъэщыщтыр ымышІэу модыкІэ-мыдыкІэ пыим зедзы. Псыдзэу зынэ къикІрэм фэдэу зешІы, ошІэдэмышІэу зэ сэмэгубгъум къыщежьэ, зэ джабгъу лъэныкъомкІэ къыщыкъокІы, зэ пытэпІэ гузэгур егъэтІыгурыгу. Ау сыдэу зишІыгъэми игухэлъ къыдэхъурэп, зешхыхьажьы.

ТІахьирэ ивзвод зэкІакІо ышІэрэп. ЗэкІакІоми зыдэкІон иІэп. Игъусэмэ ащыщэу псаоу нэбгырих къэнэжьыгъэр. Нахьыбэри уІагъэ. Ау ащ пае къамыгъанэу пыир зэтыраІажэ. Джауштэу мафэр текІи, ахъшам ужым пыим зиушъэфыжьыгъ.

ЯтІонэрэ мафэм, пчэдыжьым, нэмыцхэр джыри къежьагъэх. Нэбгырихым аІыгъыгъэ чІы хэлэтыкІыгъэм сыхьатныкъо фэдиз топыщэр къытыратэкъуагъ. Ащ ыуж танкхэр къежьагъэх, нэбгырихым щыщэу нэбгырищыр къаукІыгъ. Танкхэр къэпшыхэу залъэгъум, щыми зи зэрамыІоу хэти шъхьадж итІысыпІэ екІужьыгъэх. Гранатхэр хьазырых, тІурытІу-щырыщэу зэпхыгъэх.

ТІахьирэрэ танкымрэ азыфагу дэлъ чІыгур тІэкІу шІэ къэс нахь макІэ мэхъу. Иджабгъу лъэныкъокІэ плъэмэ, чъэм дыхэтэу бгъукІэ зыридзэкІи, хэтІагъэм фэдэу танкыр къызэтеуцуагъ, мэсты. АдыкІэ бгы лъапсэм дэжь танкитІу къыщызэкІэнагъ.

Шъофым щыстырэ танкхэр арымэ ышІэрэп зыгъэщтагъэр, ТІахьирэ къыфэзыузэнкІыгъэ танкыр ошІэдэмышІэу къызэтеуцуагъ, етІанэ къызэрэуцугъэм фэдэу кІырыужьи, къэпшэу фежьагъ. ТІахьирэ гранат зэпхыгъитІур къыштагъ. Лъэбэкъу заулэ зедз ужым, къызэтеуцуагъ. ТІахьирэ инэплъэгъу кІэтыр мыхъэр зыпыхьыкІэу къэцохъорэ танкыр ары. КІуачІэр рихьылІи, гранатхэр ыдзыгъэх. Омэкъэшхо къэІугъ, танкыпэр бгъукІэ зэрэридзэкІрэр зелъэгъум, куугъэ:

– Джары о уифэшъуашэр!..

Къызэнэхъэжьым, чІыунэ горэм чІэлъ. Цыфыр чІиз. ТІахьирэ ыІупшІэ гъопцагъэхэр зэгоутыгъэх. ЧъыІэчъыІэу ыІупшІэмэ зыгорэ къанэсыгъ. Ышъхьэ зыгорэм ыІыгъэу псы ригъэшъуагъ, къарыу тІэкІу къыгъотыгъ.

Мэфэ заулэ чІыунэм чІэсыгъэх. Ащ ыуж зыдащэри амышІэу мэшІокукІэ чэщи мафи зэпымыоу ащагъэх…

Джар ихъукІэу ТІахьирэ гъэры хъугъэ.

Гъэры сыхъун нахьи саукІыгъэмэ нахьышІугъ, ТІахьирэ ыІощтыгъэ. Джы сэ сыд сиамал? Гранат зэпхыгъэр щэрэхъ чІэгъым чІэсыдзэн нахьи, ахэр зэрэсІыгъэхэу сэ а танкым зычІэсыдзэжьын фэягъэ… ТІахьирэ аущтэу зэрэмызекІуагъэмкІэ ышъхьэ емыкІу филъэгъужьыщтыгъэ, гъэрыцІэр зытыригъэлъыным еуцуалІэщтыгъэп.

Гъэрхэм чъыгэе мэзыр рахыкІы, мэшІоку гъогум рагъэуалІэ. Чъыгхэр зыуджэрэпсрэмэ ТІахьирэ ахэтыгъ. Іофэу ышІэрэр ащ фэдэ дэдэу хьылъагъэп. Ау зэрагъашхэрэр зэрэмыхъатэм пае гъэрет шІагъо иІэжьыгъэп. Об-

зэгъур зэриIыгъэ кIуачIэр мафэ къэс къыздикIрэри шIогъэшIэгъоныгъ. КIуачIэ имыIэжь зыхъукIэ, дащэхыни, зэрэхагъэфэщтыр арыщтын гъэрет къыхэзылъхьэщтыгъэр.

Нэмыц къэрэгъулыр нэшIукIэ ТIахьирэ къызкIеплъыщтыгъэр ышIэрэп. Загъорэ хьэм къупшъхьэр зэрэфадзырэм фэдэу хьалыгъу такъыр къыфидзэу къыхэкIы. Арары ежь ТIахьири а нэмыц кIалэм гукIэ зыкIыфэшIур. Чэщныкъом, мычъыешъоу, къызыущыкIэ ылъэгъумэ шIоигъоу ыгу къыпылъадэщтыгъэ.

Загъори ТIахьирэ доктор лIыжъми IукIэщтыгъэ. Ащ лазаретым санитарэу Iоф щишIэщтыгъэ. Сымадж ыIомэ мэзым лэжьакIо ТIахьирэ аримыгъэгъакIоу бэрэ къыхэкIыгъ. А лIыжъыр ары чIыунэм чIэсхэу псы езыгъэшъогъагъэри, цыхьэ зыфишIэу иIагъэри, иакъылэгъугъэри.

Къызщыдэнэгъэ мафэ горэм ТIахьирэ доктор лIыжъым дэжь кIуагъэ. Нэмыц къэрэгъулым къыфидзыгъэгъэ хьалыгъу такъырым щыщ фихьыгъ. Псы стырым хигъаозэ, докторыр хьалыгъу гъугъэм кIэшъугъ. Къэнэжьыгъэ такъырыр тхылъыпIэм кIоцIищыхьи, неущ пае ыгъэтIылъыгъ.

– Серафим Анисимович,– зиплъыхь-зыкъиплъыхьажьи, мэкIэ-макIэу ТIахьирэ къыIуагъ,– адэ мэущтэу тыщыIэщта?

Зи къыримыIоу докторыр шъхьаныгъупчъэм иплъыгъ. ЧыжьэкIэ пхъэ зэпых макъэхэр къэIух.

Шхонч омакъэу къэIугъэм иджэрпэджэжь мэзыр къызэпигъэджэжьыгъ. ОшIэ-дэмышIэу, къызэрежьагъэм фэдэу, мэз чIэгъыми чIэкIодэжьыгъ.

– Джыри зы нэбгыр,– Серафим Анисимовичым къыIуагъ.– Мыщ тыкъызыкIуагъэм азыфагу шхонч омакъэхэу къэIухэрэр сэлъытэ. Мыр шъэрэ тIокIищырэ ирэ. МэзитIум бэба?..

– Тэри ар къыднэсыщт, Серафим Анисимович. Ахэм тэ тызэрящыкIагъэ щыIэп. Зыгорэм егупшысыгъэн фае...– ТIахьирэ къэтэджыжьи, джэуапым емыжэу лазаретым чIэкIыжьыгъ.

Мэфэ заулэ тешIагъэу щэджэгъошхэ хьантхъупсым пэсхэу Серафим Анисимовичым ТIахьирэ ыгъэплъагъ:

– Модэ мо щысыр олъэгъуа?

Хьантхъупсым тегуIыкIэу ешъорэ кIалэм дэжькIэ ТIахьирэ плъагъэ. Апэу ынэ къыкIидзагъэр а кIалэм ып.



Бгъэшхъуапэм ехьщырэу фэбытышъу. Ытх уфагъэу щысыгъ нахь мышIэми, зэрэкIэлэ ищыгъэр къыхэщы.

– Хэт ар?

– Хэтына, тэщ фэдэ гор... Зымафэ къысэпIогъэгъэ гухэлъыр ащи игухэлъ.

Доктор лIыжъым къыIорэм ТIахьирэ пылъыжьэп.

Инэплъэгъу тыримыхэу кIалэм еплъы. ТеплъэхъукIыни, зэфэдэ гъэр щыгъынкIэ фэпагъэмэ ахигъэкIокIэнкIэ мэщынэ.

А мафэм ТIахьирэрэ Сергейрэ нэIуасэ зэфэхъугъэх.

Щэджэгъоужым, зышхахэрэм, нэмыц къэрэгъулыр нахь мэбэлэрэгъы. Чъыг ихыкIыгъэм тесэу Iупэпщынэм орэд къыригъэIоныр икIас.

Нэмыц къэрэгъулым Iупэпщынэм еон къызыхедзэм, ТIахьирэрэ Сергейрэ чъыг къогъум зыкъуадзи, орыжъ IушъоМ репшэкIыгъэх. КIуапIэуи чъапIэуи яIэр тыгъэкъокIыпIэр ары. Пчыхьэ охъуфэ замыгъэпсэфэу чъагъэх. АкIугъэри ачъыгъэри зыфэдизыр ашIэрэп, тIуми ашъхьэ илъыр акIуачIэ къыхьыфэ нахь чыжьэу зэрэIукIыщтхэр ары. Чэщныкъомэ адэжь зэрэпшъыгъэхэр тIуми зэхашIагъ. ПсынэкIэчъ цIыкIу горэм зыхаIуби, псы зешъохэм, зыдэщысхэм зэрэщысхэу хэчъыягъэх. Пчэдыжьым жьэу бзыу орэд макъэм къыгъэущыгъэх.

– Благъэу чылэ горэ мэзым хэскIэ сэгугъэ,– ТIахьирэ къыIуагъ.– Чэмхэр...

ГущыIэу къыригъэжьагъэр къэухыгъо имыфэу лIыжъ горэ къашъхьащыхьагъ. ЛIыжъыри щтагъэу къызэтеуцуагъ, Сергейрэ ТIахьирэрэ, зи зэрамыIоу, тIэкIурэ зэплъыгъэх.

– Шъукъысщымыщын, сэ сыIахъу. Унэгъо чэмхэр сэгъэхъух,– лIыжъыр зыдэщытым лъэгонджэмышъхьэкIэ апашъхьэ къыщетIысэхыгъ.

КIэлитIур зэплъы-къызэплъыжьыфэхэкIэ лIыжъым Iалъмэкъэу шIохэлъагъэр къызшIохихыгъ. КIэнкIэ заул, хьалыгъу такъыр, щэ апч къырихыгъ:

– ШъухаI...

ТIахьирэрэ Сергейрэ джыри зэплъыгъэх, къызэплъыжьыгъэх, гъомылэр ашхыгъ.

– Къутырым нэмыцхэр дэсха? – Сергей Iахъом еупчIыгъ.

– Нэмыцхэр пIуи?..– лIыжъым ымакъэ зыригъэукIыхьагъ, етIанэ псынкIэу джэуап къыритыжьыгъ.– Нэмыц-

хэр къутырым дэсхэп, ау мафэ къэс къыдахьэх. Мы шъущыгъхэр хъухэщтэп. Чыжьэу шъуагъэкIонэп...

Бэрэ лIыжъыр къэтыгъэп. ЛIыжъыр къэкIожьыфэ Сергейрэ ТIахьирэрэ ашъхьэ бэ къихьагъэр. ЗыгорэкIэ тиIотакъомэ аIоти, цыхьэ фашIыщтыгъэп. Зыдэщысхэ чIыпIэм икIыхи, гъэхъунэм адырабгъукIэ, лIыжъыр къэкIожьы зыхъукIэ алъэгъунэу, щытIысыгъэх. Ау зэрэмыгугъагъэхэу Iэхъо лIыжъыр къычIэкIыгъ. Гъончэдж-джэнэ тIурысэхэмкIэ заригъэфэпагъ.

– Джы шъумыбэлэрэгъ. Шъуигъогу мафэ шъуфэхъу. ШъуисэмэгукIэ кIорэ гъогум шъутемыхь. Ар нэмыц кIуапI. Джабгъур дэшъуIыгъэу шъукIомэ, шъузIукIэн щыIэп. А лъэныкъомкIэ ахэр кIохэрэп.

– Мы Iэгъо-благъом, тят, партизанхэр щыIэха? – ТIахьирэ лIыжъым еупчIыгъ.

– СшIэрэп. Сэри загъорэ ахэм сапаплъэ. Зи ащыщ къэлъэгъуагъэгоп. Партизанхэр тимэз хэсых аIоу зэхэтэхы. Ахэр Рагинскэ мэзышхор арыкIэ сэгугъэ зыхэсхэр. А лъэныкъомкIэ омакъэхэри къиIукIхэу зэхэтэхы, нэмыцхэри ащкIэ нахь макIох. Тыгъуасэ уIэгъэ заулэ илъэу къутырым нэмыц машинэ къыдэхьэгъагъ.

Iэхъо лIыжъым къызыбгъодэкIыжьыхэм, партизанхэр зыдэщыIэу зыфаIорэ Рагинскэ мэзымкIэ кIонхэу рахъухьагъ. Мэфэныкъо кIуагъэхэу мэшIоку гъогу разъезд цIыкIу горэм техьагъэх. Разъездым унищ нахь тетэп. Унэмэ яз теогъу имыфэхэу нэмыцмэ аубытыгъэх.

Заубытыгъэхэр сыхьатныкъуи мыхъоу мэшIокур разъездым къыщыуцугъ. Вагонмэ гъэрхэр арызыбзагъ. Зыщыщхэри къыздикIыхэри зэрагъэшIагъэп. ШхончлъэбыкIэ яохэзэ, вагоным ащыщ горэм радзагъэх. ПсынкIэ дэдэу мэшIокури кIэшъуикIи, игъогу техьажьыгъ.

Джауштэу Сергейрэ ТIахьирэрэ Германием ащэрэ гъэрхэм ахэфагъэх. Западнэ Германием, Гамбург пэмычыжьэу щыпсэурэ нэмыц баи горэм IэкIэфагъэх.

Заор окIофэкIэ баим фэлэжьагъэх. Сергей Украинэм ращыгъэ бзылъфыгъэу хэтэрыкIхэр зылэжьрэмэ ялэжьакIэ лъыплъэщтыгъэ. ТIахьирэ баим илъэкъопылъхьэхэр ылъэкIыщтыгъэ, ищыгъынхэм ут атыридзэщтыгъэ. Бэрэскэшхо пчыхьэ къэс баир ыгъэпскIыщтыгъэ.

Агу етыгъэу зэрэлажьэхэрэм пае, баир нэшIукIэ ТIахьирэрэ Сергейрэ къяплъы. Ау зэрэгъэрхэр зыщигъэгъупшэрэп. Зышъхьэ фимытхэ бзылъфыгъэхэмэ ТIахьирдыхэр дэеу афыщытхэ аублагъ. Ар къызхахыгъэр ежьхэми ашIэщтыгъэп.

Пчыхьэ горэм, IофшIэгъу ужым, ТIахьирэрэ Сергейрэ карт ешIэхэу унэм исыгъэх.

– Адэ мэущтэу тыщыIэщта, кIэух горэ иIэщтба мыщ? – Сергей хэщэтыкIыгъ.

– Заор заухкIэ тэри тиIоф ухыгъэ хъущт,– ТIахьирэ мыгумэкIыхэу къыIуагъ.

– Сибзылъфыгъэмэ ягугъэ ины...– Сергей пхъэтэпэмыхьэу щхыпцIыгъэ,– тыгъуасэ ахэмэ къысаIуагъэр ошIа? Бэ шIэн, макIэ шIэн тидзэхэр нэмыцмэ къатекIощтых, тэри шъхьафит ташIыжьыщт. Джащыгъум тэ уатшIэрэм еплъ къысаIуагъ.

– Сыд къыуашIэн? Ори баим уфэлажьэмэ, ежьхэри а бай дэдэм фэлажьэх... Адэ зыдгъэлIэжьыщта?..

Заор заухым, ТIахьирдыхэм ядэжькIэ зыкъагъэзэжьыным щыщынагъэх, американцэмэ заратыгъ.

Гъэрхэр зэIахыжьхэ зэхъуми, дэгу зашIыгъ. АшIэщтымкIэ зызэупчIыжьхэм, джыри ТIахьирэ къыIуагъ:

– Олахьэ сымышIэ тшIэщтыри, ау сэр-сэрэу пэIо плъыжьмэ ягъучI хъагъэ сипшыхьашъущтэп.

– Адэ, ТIахьир, моущтэу тыхэтыщта?

– Умыгузажъу, Сергей, дунайри зыгорэу хъун...

– КIо, сшIэрэп ащыгъум, хъурэм теплъын...– Сергеий къеуцолIагъ.

Заор заухыгъэм мэзэ заулэ тешIагъ. Нэмыц хэгъэгури гощыгъэ. ЩымыIэ гугъэм ТIахьирэрэ Сергейрэ хэтхэзэ Iофынчъэуи, хэгъэгунчъэуи, ахъщэнчъэуи къэнагъэх. Европэмрэ Южнэ Америкэмрэ алъапэ зынэмысыгъэ хэгъэгу къинагъэп. Тэтэрконыр жьыбгъэм къырихьакIызэ зэриутынэу, щыIэныгъэм ыутыныгъэх.

Мексикэм щыIэныгъэр нахь щыпыут заIом, кIуагъэх. Алэжьын къязытрэм гопэшIушIэ фашIэу заулэрэ щыпсэугъэх.

МэзитIум къехъугъэу ТIахьирэрэ Сергейрэ Iофынчъагъэх.

– Дунаир амал закIэмэ неущ пшIэщтым теплъын,– Сергей мыгубж-губжышъоу къыдзыгъ.

– Адэ арба Сирием тыгъакIу зыкIыуасIорэр,– ТIахьирэ дэшхо чъыг бырэбэшхом чIэт пхъэнтIэкIум тетIысхьагъ.–

Тыбгъакломэ тыклэгъожьынэп, сlогъагъэ пlожьын... Сирием адыгэхэр исых.

– Сэ сыздэклощтыр, Тlахьир, мыщ щысыухыгъэклэ сэгугъэ...

– Ашъыу ар умыlо!..

– Сэзгъаlорэр хымэчlым Іэшlу зэримылъыр ары. Ар джы нэс, дунаир къызызэпэтэклухьэм, къыбгурыlуагъэба, Тlахьир?

– Къызгурыlуагъэшъ ары тызщыгупсэфыщтым усщэмэ зыклысшlоигъор.

– Хьау, Тlахьир, сэ сыздэклон щыlэп.

– Ар умыlо, укъысэдэlумэ, уклэгъожьынэп.

Тlахьирэ ынапlэ къыlэти,чъыгым зыдэплъыем, дэшхо ныкъохъур ынэ къыпэшlофагъ. Сыдэу мы дэшхо чъыгыжъыр тигъунэгъу Хьакъарэдыхэм ядэшхо чъыг фэда? Япчъэlупэ lутыжьа шъуlуа?..

Сэмэгу начlэм дэжь къыщыхэлъади, ошlэ-дэмышlэу нэклушъхьэр клэзэзэу заулэрэ щикъудыигъ, зетlупщыжьым, lэ джабгъумклэ сэмэгупшъэм зытlо-зыщэ Тlахьирэ дэтхъуагъ, джэнэ пшъапlэр бгъуклэ рилъэшъоклыгъ. Бзыу къолэн цlыклоу къябыбылlагъэм хьалыгъу такъыр фидзыгъ. Бзыуми ыклэ цlыклу дыридзэклэ, пклэтэ-лъатэу ригъэжьагъ.

– Умыгуl, умыгуl, цlыклужъый,– Сергей бзыум едэхашlэ.

– Мы бзыум адыгэмэ раlорэр ошlа? – Тlахьирэ къэупчlагъ, псынклэуи джэуап ритыжьыгъ: – Жъонэклo бзыуклэ еджэх.

– Цlэ дэгъу фаусыгъ.

– Жъоныгъор къызысыклэ талъэныкъоклэ къэбыбыжьых ахэр...– зэпыугъо-гупшысэгъу ригъэфагъэу етlани шъэогъум еупчlы: – Сирием тыклощта – тымыклощта?

– Силоф щыlэп, къыосlуагъ, Тlахьир...

Сергей Мексикэм къинагъ.

Тlахьирэ Сирием клуагъэ.

Тlахьирэ Хьалэб пэмычыжьэу щыс адыгэ чылэ горэм дэхьагъ. Апэ зыlухьагъэ унэм нэгушlоу ращагъ. Ащ фэдэ хьаклэ зэрялэр зызэхахым, адыгэмэ зэряхабзэу, чылэр къафэклуагъ. Ахьаклагъ, агъэшlуагъ.

Ящэнэрэ мафэм, щэджэгъо плъырыр зызэкъоум, Тlахьирэ урамым техьагъ. Чэупэклэ тетlысхьапlэм тес лlыжъым клэрыхьагъ:



– Сэламун алейкум!

– О алейкум сэлам! Къеблагъ, къэтlыс.

Нахьыжъым исэмэгубгъуклэ зэтlысым, гупсэфыпlэ тыригъашlи, лlыжъыр къэупчlагъ:

– Зэрэхъурэмклэ, сиклал, тилъабжъэ укъекlы?

– Ары, тят.

– Бэ шlагъа укъызиклыгъэр?

– Илъэс заулэ мэхъу.

– Ары lолъ. Ащыгъум къэбар клэпс лъабжъэмклэ бгъодэтхын щыlэп,– лlыжъыр Тlахьирэ къеплъыгъ.

– Олахьэ, тят, сымышlэрэ жъыми клэми, укъызыклэупчlэрэм иджэуап зэрэслъэклэу къестыжьын,– лlыжъым ыгу Тlахьирэ ыщэфы шlоигъуагъ.

– Сэгушlо, сиклал, сэгушlо, дунаим шъхьэрыклыгъэ зэошхом тилъэбжъэ адыгэмэ дахэклэ ягугъу щарагъэlуагъ. Адыгэмэ лlыхъужъыныгъэу зэрахьагъэр мы зичыжьагъэми щызэхэтхыгъ. Бэрчэт босын, аферым ятэlо.

Лlыжъым клэрыхьи, лажьэ зызэрэхидзэжьыгъэм пае Тlахьирэ мэстапэм шlохэс. Ушъхьагъу горэ къыгъотэу тэджыжьынри къыригъэклурэп.

– Адэ сыдэу пшlына, сиклал, заом тхьамыклэгъо lаджи цlыфмэ къафихьыгъ. О къыпфыкъоклыгъэ тхьамыклагъори ахэмэ ащыщ. Мыщ фэдэ къэбар къаlотэжьы: а лъэхъаным хым къызэпырысыклыхэти, адыгэмэ пыйхэр къатебанэщтыгъэх. Ямылъкухэр атырахых, япшъашъэхэр ахьых. Ахэм атеклон, зэтезыlэжэн адыгэмэ къахэклрэп. Чылэ горэм щыщэу, джыр фэдэ щэджэгъоужхэм адэжь, лlыжъ горэ лlэныгъэм нэсыгъэу щылъыгъ. Ащ мыщ фэдэ осыет къытыжьыгъэу аlo. Къоклaсэмэ яныcэ, хъушъэн ихьагъэм, анаlэ тырагъэтынэу мамыкухэм арарригъэlуагъ. А нысэм шъэуибл къылъфыщтышъ, мэзиблыклэ лlы хъущтых. Ахэр лlы зыхъухэклэ пыймэ апэуцужьын алъэклыщт.

Лlыжъыри лlагъэ. Къоклaсэмэ яныcи шъэуибл къылъфыгъ. Лlыжъ мафэм къызэриlуагъэу, мэзиблыклэ шъаохэр лlы хъугъэх. Зауlэши, пыйхэм апэгъоклыгъэх. Бэрэ язэуагъэх, къатеклохэ зэхъум, зэшиблымэ яз къэщтагъ. Мыжъо къогъум къотlысхьи, ышыхэр пыймэ атеклофэ ежагъ.

Зэшхэр атеклуагъэх. Зэшитlур фэхыгъэ. Зэшиплlэу къэнагъэр ятфэнэрэм лъыхъугъэх, ихьадэ пый хьадэмэ ахагъотагъэп. Ышыхэр зэрэлъыхъорэр зелъэгъум, ятфэ-

нэрэр къахэхьажьыгъэп. Янэ дэжь къымыгъэзэжьэу зэрэщынагъэр шъхьакІо щыхъуи, ышъхьэ хихьажьыгъ. Ядэжь ыгукІэ щыІэу, ышъхьэ хымэ къэралмэ къащырихьакІэу дунаим шъхьэзэкъо-лъэкъуитІоу тетыгъ. Ихьадэгъу къызэсым, къызщалъфыгъэ хэгъэгумкІэ ыІу гъэзагъэу, щынэгъуапІэм ышыхэр къызэрэринагъэр къыфагъэгъунэу ялъэІузэ, лІагъэ...

Къэбар Іотэныр лІыжъым къызеухым, ибэщ пакІэ ыжэпкъ тыригъакІи, бэрэ гупшысагъэ. ТІахьирэ ынапІэ къыІэтэу зыкІэрысым еплъыгъэп. Утын гъушъэкІэ зэхаубышъагъэм фэдагъ.

ТІэкІу зытешІэм, лІыжъым къыІуагъ:

– А кІалэм къехъулІагъэмрэ о къыохъулІагъэмрэ зэрагъэхьрэ щыІэп. Зызакъу ныІэп шъуитІо шъузэрэзэтекІрэр: ар тхыдэ Іорlуат, о а зы тетІысхьапІэм укъыздытес...

ЛІыжъым инэиут псалъэ ТІахьирэ зы гущыІэ риІолІагъэп. Шъхьэм къеогъэ лъы стырым къыІэти, къыІуигъэкІыжьыгъ.

ЛІыжъыр бэрэ ТІахьирэ кІэлъыплъагъ. ШъхьакІо зышІрэм къэрар иІ ыІуи, мыгузажъоу ищагу дэхьажьыгъ.

А мэфэ дэдэм ТІахьирэ, ушъхьагъу къыгъоти, чылэм къыдэкІыжьыгъ. ЗыдакІори ымышІэу Хьалэб къызыдахьэм Мексикэм, Сергей дэжь, телеграммэ ыгъэхьыгъ. Джэуапым Хьалэб зэрэщежэщтри ритхагъ.

## Чэщныкъом зыгорэ къылъыджагъэу къышІошІыгъ

Сергей Мексикэм ІэшІу ригъотагъэп.

Хэгъэгур зэрэпсаоу къызызэпекІухьэм, хьалыгъу такъыр къызщигъэхъэн лэжьапІэ щигъотыгъэп. ТІахьир Сирием зэрэдэмыкІуагъэм рыкІэгъожьыгъ. Ау сыд ышІэн, ощх блэкІыгъэм кІакІо лъырахьыжьэжьрэп. Къыгъэзэжьы шІоигъоу зыщэ-зыплІэ советскэ посольствэу Мехико дэтым Іухьагъ, дэхьашъугъэп.

Америкэм, США-м кІонэу Сергей рихъухьагъ. Насып закъо горэ иІэжьыхэмэ, ащ Іофшlэн, сыд фэрэд ебләми, щигъотынэу гугъэщтыгъэ.

Мэфэ заулэ Іофынчъэу хэтыгъэу Сергей жэкІэупсыпІэм чІэхьагъ. ПэкІэ шІуцІэ кІырым ерагъэу ыпэ къыхэпсэу лІы гъур хэкІотагъэ горэ къечъалІи, чІищагъ, шъхьэупс чаныр кІигъэлъыкІэу ригъэжьагъ. ЕтІанэ Сергей ышъхьэ къызэпиплъыхьагъ. Лэныстэмрэ гъучІ мажьэмрэ зэригъэутэкІи, къеупчІыгъ:

– Зыуупсыщта, хьауми шъхьэр кІэуупхъухьащта?

– Зытыупсыщт, зыкІэтыупхъухьащт,– иинджылызыбзэ къехьылъэкІзэ, Сергей къыІуагъ.

– О къэІо къодый сэ сыхьазыр!..

Дэпкъым еІулІыгъэ сурэтхэр Сергей инэплъэгъу къыпэшІофагъ. Ахэр зыгорэм щилъэгъугъэу къышІошІыгъэти, джыри гуфаплъэу яплъыжьыгъ. Урамхэм пальмэхэр атизых, нэпкъым хыр щэуалъэ, къушъхьэ-мэз зэхэтри къэлъагъо... Сыдэу Сэхъум фэда мыр?.. Сурэт чІэгъым кІэтхэгъэ урысыбзэми еджагъ. Сергей псынкІэу зыкъызэригъэзэкІи, жэкІэупсым урысыбзэкІэ еупчІыгъ:

– Хэт ущыща?!.

Шъхьэупс чаныр ІэкІитхъынэу къылъытхъуагъ пшІуигъэшІэу жэкІэупсыр кІэкуукІи, бгъукІэ кІэпкІыгъ, нэбэ-набэу къеплъзэ, джэуапым ычІыпІэкІэ къеупчІыгъ:

– Уурыса?!

– Сыурыс.

– Сыабхъаз сэ... Сыабхъаз!..

Джаущтэу ежь фэдэ абхъазыІ жэкІэупсым Сергей нэІуасэ фэхъугъ. А мафэм зэхэгъэгогъуитІумэ бэ зэраІотагъэр, хэти фэмыухыщтыгъэр игукІай.

ІофшІэнкІэ къыдэІэпыІэнэу жэкІэупсым Сергей къыгъэгугъэгъагъ, ау ащи зи къикІыгъэп. Узщымыщы хэгъэгум уигухэлъ щыгъэцэкІэгъошІоп. ЖэкІэупсым инэІуаси-имынэІуаси къыгъэнагъэп, зэкІэми анэсыгъ. Ау Сергей Іофынчъэу щысыгъ.

Мексикэм иІоф къызэрэщимыкІыщтыр Сергей къызгурэІом, Америкэм кІомэ зэрэшІоигъор жэкІэупсым риІуагъ:

– Америкэм сыкІомэ сшІоигъу. СІэ къихьан Іоф цІыкІу горэ изгъотэнба джэнэт къэралэу зигугъу ашІырэм?..

– Ар слъэкІыгъэмэ озгъэшІэщтыгъэп,– Инал шІу къыфишІэмэ зэрэшІоигъор хэпшІыкІэу къыІуагъ.– Тэщ фэдэу мыщ исхэм Европэм зырагъэхьыжьы, о уимурад нэмыкІ. Ар хъущтэп, Сергей. Сэри талъэныкъокІэ зызгъэзэжьымэ сшІоигъу... Ау сыкІон пІоми ащкІи сишІуагъэ къыозгъэкІын слъэкІыщт: чэтэхъо фермерым дэжь щылэжьэ-

рэ плъэпкъ щыщ тэ тфэдэ горэм иадрес, уфаемэ, зыдыозгъэштэн. Загъорэ къысфатхэ, ащи хэгъэгум ыгъэзэжьын гухэлъ иI. Узщалъфыгъэ хапIэм фэдэ щыIэп...

– Ащ къикIын щыIэп, Инал, ыуж тигъэкIыжь.

– Iофныкъуашlэр зыгъэIылъыжьрэмэ Инал ахэмылъыт, Сергей. О зэрэпIоу сызекIуагъэмэ мы сихьалыгъу Iусылъэ жэкIэупсыпIэ гъэчъыгъэу уашъом къысфефэхыгъэкIэ огугъа, сыгу лъыпцIагъэ дэзгъэуцуагъэмэ ари ащыщ...

Инал ошIэ-дэмышIэу къыщиутагъ. Сергей ыгу къызэхэхьагъ, дыригъэзэкIи, шъхьаныгъупчъэм иплъыгъ. Хымэ къалэр жъотыпIэм хэт. Дунаим щыгъощэгъэ нэбгыритIум урамыр къазэрэпылъ щыIэп.

Джа бжыхьэпэ пчэдыжьым Сергей бэ кIэхэкIыгъэр. Бэмэ ягупшысагъ. Европэм къифэжьымэ шIоигъоу хъугъэ. Тыдэ кIуагъэми, щэтIысэхыгъэми ар ышъхьэ икIрэп, Iэшlу-IэшIоу къыздырехьакIы. Загъори Инал ижэкIэупсыпIэ фыкъокIэу ригъэжьагъ – ащ нахь гушIуагъуи Сергей иIагъэп. Абхъаз жэкIэупсыр зэрэсэмэркъэушIылэр арэп ыдэжь Сергей зыфакIощтыгъэр: зы хэгъэгу къызэрихъухьагъэхэр, зы хэгъэгу зэрэщыщхэр, зы гухэлъ зэрзэдырялэр ары.

ТIахьирэ иIокIэ-шыкIэхэр, игъэпсыкIэхэр абхъаз жэкIэупсым зэрэхилъагъощтыгъэхэр Сергей шIогъэшIэгъоныгъ. Мы Кавказым ис цIыфхэр зэфэдэ зышIыхэрэр сыда?.. ЯцIыфыгъи, яхьалэлыгъи, яныбджэгъу гъэлъэпIэныгъи зэтехьэх... Iулъхьэр тIу къыпфашIыщт.

Адыгэхэр ешIэмэ зэригъэшIэнэу Сергей мафэ горэм Инал еупчIыгъ.

– Адыгэхэр сымышIэхэ мэхъуа!.. Ахэмэ анахьыжъ цIыф лъэпкъ Кавказым иса Iори къыкIэупчIэба?.. Япшъашъэхэри дахэх, якIалэхэр пIонышъ, афэдэ щымыI,– тэ – адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ – тызэлъэпкъэгъух. О сыда ахэр озгъашIэхэрэр?

– ТIахьир ыцIэу адыгэ шъэогъу дэгъу горэ концлагерым нэIуасэ къыщысфэхъугъагъ.

– Ар тэ щыIа джы?

– Сирием кIуагъэ. СыдакIомэ шIоигъоу бэрэ къысэлъэIугъ, сыдэкIуагъэп, сызэрэдэмыкIуагъэмкIэ сыкIэгъожьыгъ.



– УдэкIон фэягъэ... Сэри Сирием сыкIонэу симорадыгъ.

– Адэ?

– Ащи адыгэмэ афэдэу абхъазхэр исых.

– Пэрыохъу къыпфэхъугъэ щыIа?

– Хьау. СыкIонэу хъугъэп.

– Сэри телеграммэ ТIахьирэ къытынэу сежэ. Нэсыгъа нэмысыгъа? СегъэгумэкIы.

– Адэ джары, Сергей,– Инал къыIуагъ,– хэти ицIыф лъэпкъ зыдэщыIэм екIужьы... Тэ одыкI-мыдыкI тэIошъ тыщыс...

Инал ышъо чъэкIыгъэ, ыIупшIакIэ заулэрэ сысыгъэ. Джэхэшъогур лъэбэкъушхокIэ рикIукIэу ригъэжьагъ. АбхъазыбзэкIэ зыгорэхэр мэкIэ-макIэу къеIох, Сергей къыгурыIохэрэп...

Ар зыхъугъэм мафэ тешIагъэу Сергей Инал дэжь кIуагъэ, зэмыжэгъэ къэбар гомыIу къыраIуагъ: Инал жэкIэупсыпIэ пчъаблэм зыпилъэжьыгъэу къычIэкIыгъ...

Хьадэр загъэтIылъ мэфэ дэдэм Западнэ Германием кIожьынэу Сергей тыриубытагъ. Зы мыхъуми ар тихэгъэгу пэблагъ, сыкIожьынкIи нахь Iэрыфэгъу сызщыфаем къыщысфэхъущт, ыIуагъ.

ТIахьирэ ителеграммэ къызщитIупщыгъэ мафэм Сергей Мексикэр къыбгынагъ...

Бжыхьэ ощх чъыIэ цIынэкIэ Гамбург Сергей къыпэгъокIыгъ.

Къухьэм къызекIым, пивэ зыщешъохэрэ барым чIэхьагъ, цIыфыр чIизыгъ. Алъакъохэр зэтедзагъэхэу пшъашъэхэр стол хъураемэ акIэрыгъэпкIагъэх. Стакан кIыхьэмэ арыт коктейлыр орзэпэ псыгъокIэ акъудыйзэ, кIэшъух. Пивэри кружкэмэ къарэпшIэпшыкIы. Тутын Iугъом барыр къыхэщыжьрэп. ЛъэгонджэмышъхьэкIэ зырадзыхмэ, бгъэкIэ цуахъохэмэ, зыраутэкIыжьызэ нэбгырэ куп «буги-вуги» къешIэх. Пшъашъэмэ ашъхьацхэр къетэкъохыгъэх, акIэнтIыIухэр къыпагъэпшы, хьалъэкъуиплIкIэ кIалэмэ абэкъумэ адэпшых.

Нахьыпэм Гамбург мыщ фэдэу къыщышъощтыгъэхэп. Къалэр нахь ышъэ итыгъ.

Пивэ кружкэ пчъагъэу ришъугъэр зыфэдизыр Сергей къышIэжьрэп. Ылъ фэбэ-фабэу ыIэпкъы-лъэпкъымэ

зэрарычъэрэр зэхешӀэ. Нэмыцхэр зэрэчэфхэрэр Сергей ыдэрэп, ярэзау ыӀоу ыгу афэплъы. Нэмыцхэр арых мыщ фэдэу, ыӀуагъ, хэгъэгунчъэу сыкъэзгъэнагъэр. Ахэр къыттемыбэнэгъагъэхэмэ рэхьатэу сыщыӀэщтыгъэ. Джы сыхэта сэ? Сыд сидунэе тетыкӀ?..

Барым американскэ солдат заулэ къычӀэзэрэгуагъэх. Пчъэр къызӀуахым, унэм къиогъэ жьым зэбгырилъэсыкӀыгъэх пӀонэу къэшъорэ купым загъэрэхьатыжьыгъ.

Адэ, барым икъогъупӀэкӀэ, зыкӀыб солдатмэ афэгъэзагъэу щысмэ, Сергей къыпэблагъэу, пшъэшъэ нэгуф дахэ горэ ахэс. Ащ дэжькӀэ загъорэ Сергей феплъэкӀы, къыгъэшъонэу фай, ау рикурэп.

Къашъорэмэ зы солдат къахэлъэти, Сергей зыкӀэрыс столым бгъэкӀэ къытеукӀорэягъ. Хьапщэу заулэрэ телъи, пшъэшъэ нэгуфыр зыкӀэрыс столымкӀэ ежьагъ. Пшъашъэм ыблыпкъ ыубыти къыздигъэшъонэу рилъэшъожьагъ.

– Мыщ ыуж икӀ,– Сергей ыӀуагъ.

– О хэт ущыщ? – солдатыр ошӀэ-дэмышӀэу Сергей къеуагъ.

Сергей пивэ кружкэмкӀэ солдатым еожьи, джэхашъом тыригъэукӀорэягъ. Солдат гъусэхэр Сергей къытебэнагъэх...

Пчэдыжьым нэмыц газетмэ барым къыщыхъугъэ къэбархэр, зым нахьи зыр нахь гъэшӀэгъонэу, къырахыжьагъэх.

Сергей изакъу, зыдэщыӀэри ышӀэрэп. Шъхьэ зэгоутыгъэри псыпс къабзэкӀэ пхыгъэ. Унэм дивани, креслэхэри, столи, сейфи итых. Сергей шъхьаныгъупчъэ Ӏухъор зэпагъо ышӀи, дэплъыгъ. Ылъэгъурэр гъэшӀэгъоны: щагум американскэ солдатхэр, офицерхэр щэзекӀох. Машинэхэр къыдэлъадэх, дэлъэтыжьых. Къэлапчъэм къэрэгъулыри Ӏут.

Унэм американскэ майорыр къихьагъ, Сергей къэтэджыгъ.

– Щыс, щыс, умыгумэкӀ,– майорыр креслэм итӀысхьагъ, зи ымыӀоу Сергей ыпашъхьэ илъ газетхэр рихыгъэх, къызэпиплъыхьагъэх.– Уеджагъа мыщ итым?

– Седжагъ,– фэмые хъатэу Сергей джэуап ытыжьыгъ.

– ОшӀа хьакъушыкъоу, столэу, пхъэнтӀэкӀоу барым тыгъопчыхьэ чӀэшъукъутыхьагъэр зыфэдизыр?



– СшӀэрэп, сшӀэнэуи сыфаеп.

– Сыда узыкӀыфэмыер?

– Сэ зи силажьэп.

– Ахэр тэ тизакъоу тпщынын тлъэкӀыщтэп,– американцэм къыӀуагъ.

– Зыкъутагъэм ерэпщын...

– Зыкъутагъэмэ ори уащыщ!..

– Сызэрэпщынэн ахъщэ сиӀэп сэ,– Сергей ымакъэ нахь шъабэ къэхъугъ.

– Узэрэпщынэн уимыӀэмэ уасӀорэм къедэӀу. Тыгъопчыхьэ барым къычӀэхъухьагъэм ущыгъуазэп, зи хэпшыкӀрэп, къыбгурыӀуагъа?

– КъызгурыӀуагъ.

– Арымырми коммунистмэ тыщагъэӀэжьырэп. Американцэхэмрэ нэмыцхэмрэ зэзаох аӀошъ, ягазетмэ тарыкӀрэп.

КъыӀорэр зэкӀэ, емыгупшысахэу, Сергей ыжэ къызэрэдэлъэтрэр майорым шӀогъэшӀэгъоныгъ. Джыдэдэм Сергей ышъхьэ илъыр хьэлэ-балыкъэу зыхэфагъэм къызэрэхэкӀыжьыщт шӀыкӀэр ары. Ащ хэкӀыпӀэу иӀэр майорым ынэшӀу къызэрэпщыф. Ащ пае сыд къыӀуагъэми, дырегъаштэ.

– Ма пропускыр. Мыр умыӀыгъэу удагъэкӀыжьыщтэп. Тыд узщыпсэурэр? – майорыр къэупчӀагъ, тхылъыпӀэ тхьапэри къыфигъэкӀотагъ.– Мыщи къыкӀэтхэжь.

– Сыда ар зэрэшъуищыкӀагъэр?

– УтищыкӀагъэ хъукъомэ, укъырыдгъотыщт.

– Ары Ӏолъ...– джау сыдыми Сергей къыӀуагъ, уахътэр нахь зэрикъудыищтым пылъыгъ.

Зэ апэ ышъхьэ къифэгъэ урамри, ӀофшӀапӀэри ритхэнэу Сергей ыгу къэкӀыгъ. Ау рикугъэп.

– Мы зигугъу къысфэпшӀыхэрэр мыщ къистхэнхэ слъэкӀыщтэп сэ...

– Сыда? – майорым ынапшӀэ дищаий, шӀогъэшӀэгъонэу къэупчӀэжьыгъ.– Арэу шъэфха?

– Ащ шъэф хэлъэп. Сынэмыцэп сэ, перемещеннэкӀэ заджэрэмэ сащыщ. Тыгъуасэ Мексикэм сыкъикӀыжьыгъ.

Майорым пхъэнтӀэкӀум зыригъэкӀэжьыгъ.

– Адэ джы нэс ар къызыкӀэмыӀуагъэр? – тэ унэмыц тшӀошӀышъ, тыгъопчыхьэ нэсы репортерхэм уашӀотэгъэбылъы.

Сергей пропускыр иджыбэ рилъхьи, къэтэджыжьыгъ:

– Ащыгъум хъяркIэ, майор, о зэрэпIуагъэу, укъэмыгумэкI, зэкIэри згъэпсын.

– Джы тэ укIощт?

– СынитIу зытеплъэрэр силъагъо,– Сергей сэмэркъэу зыригъэшIыгъ.– Ушъхьафитмэ уздэкIощтыр макIа?

– Уахъщэнчъэу мыщ зи дэпшIыхьан щыIэп.

– Мы IитIур,– Сергей ыIэхэр ригъэлъэгъузэ,– сиIэфэ сшIэн къэзгъотыщт.

– Сэ Iоф къыпфэзгъотын слъэкIыщт.

– Къысфэбгъотми, къысфэмыгъотми сэркIэ тIури зы,– пхъатэ пимыхьы фэдэу Сергей пчъэмкIэ ыгъэзагъ.

– Зэ къэуцу,– американцэр Сергей къыкIэлъыджагъ,– мо пропускыр къашти зэ... КъэтIыс,– майорым пропускыр зэIитхъыжьыгъ.– Мыщ о епшIэжьын щыIэп.

– Сыда аущтэу зыкIапшIэрэр? – Сергей къыхихыгъ.

– УтхьакIэн тихьисап,– майорым зигъэсэмэркъэоу къыригъэжьагъ.– Бысымыр угу рихьрэба?

– Бысымыр хьакIэм рыджэгурэп.

Ащ фэдэу шъхьэихыгъэ чIэгъычIэлъыкIэ Сергей къыдэгущыIэнир майорым ышъхьэ къихьагъэп. Iэтыгъащэу майорым зэрэдэгущыIагъэмкIэ Сергеий кIэгъожьыгъ: хэт шIэра мыщ ышIэщтыр? Тыгъоспчыхьэ барым чIэхъухьагъэр къыстырагъакIэмэ? Сыда сызэрэамалыр?..

– Ар озгъаIорэр сшIэрэп,– игущыIэ майорым къыпидзэжьыгъ,– хьаулыеу уибысым оубы. ЗэрэтфэлъэкI.

НэпцIыгъэ хэлъэп уигъаIоу майорыр щхыгъэ. Къэтэджыгъ, джэхэшъогур къызэпекIухьэ.

– Пропускым епшIагъэр ары сэзгъаIорэр,– Сергей нахь шъабэ къэхъугъ.

Майорым ышъо къызэокIыгъ:

– Орырэ сэрырэ непэ бащэ тэIо. Американцэмэ ар яхабзэп. КъэтIыс ущымытэу.

Сергей диваным итIысхьажьыгъ.

– Джар нахьышIу,– майорыр IущхыпцIыкIыгъ,– къыпфэзгъотыщт зыфэсIогъэ Iофым укъезэгъымэ, егъашIэм пфикъун мылъку хэпхыщт. Ахъщэм уесэу ухэсыщт. Ащ укъемызэгъымэ, тызэдэпщынэщт. Пщынэн зымылъэкIышъурэм хьапсыр игъэпсэфыпIэщт.

Хьапсым игугъу майорым къызырегъэжьэм, Сергей нэмыц концлагерхэр ыгу къэкIыжьыгъэх.



– Сыд фэдэ Iофа? – къызэрезэгърэр къэпшIэнэу Сергей къэупчIагъ.

– ОсэIори, ахъщи, мылъкуи уихъоеу ущыIэщт.

ШъхьаныгъупчъэмкIэ Сергей джыри плъагъэ. Тутын хигъэнагъ, еужъунтхи, ыгъэкIосагъ.

– Ашъыу сэркIэ сыд фэдэ Iофри тIури зы. Е сылIэн, е сыщыIэн. Ящэнэрэр сэркIэ щыIэжьэп.

– Джар нахь Iоф кIэкI, олрайт! – американцэм ыIапэ диIэтаезэ, щхыгъэ...

ЯтIонэрэ мафэм шпионхэр зыщагъэасэу Кельн дэжь щытым Сергей нагъэсыгъ.

Къэлапчъэм ылъапэ зэрэдидзэу ошIэ-дэмышIэу Сергей ыгу ТIахьирэ къэкIыгъ. Зыгорэ къыкIэлъыджагъэ фэдэуи къызэплъэкIыгъ.

Хъурэябзэу мэз закI. Чэщныкъу. Ныбжьыкъу шIуцIэ пIонэу адыкIэ къогъупIэм зыкъозыушъэфэгъэ мыжъо унэм фаузэнкIыгъ.

**ГъогурыкIор гъогу тена?**

Хьалэб почтэм ТIахьирэ мэфищэ чIэкIыгъэп. Сергей фигъэхьыгъэ телеграммэм иджэуап ежэ. Инасып зэблэхъугъэ къыфишIын фэдэу щэгугъы.

Апэ концлагерым ТIахьирэ нэIуасэ зыщыфэхъум Сергей ыгу рихьыгъагъэп, ыгу зыкIемыIугъэри къыуиIонэу ышIэщтыгъэп. ЩыIэба цIыфхэр ягущыIакIи, ящхыкIи, ягубжыкIи, яцIыф гъэпсыкIи угу темыфэу? ТIахьирэ апэрэ мафэм концлагерым Сергей зэрэщеплъыщтыгъэр джащ фэд.

Мы Iофым къумалыгъэ хэлъыкъомэ?.. ТIахьирэ цыхьэ Сергей фишIыщтыгъэп. Аущтэу зыфишIыни, зыфэплъырыни щыIагъ. Гъэрышъор зытелъэшъогъэ къумал Iаджи гъэрмэ ахэтыгъ. Угу къихьанхэти, уигухэлъ къыуагъэIонти, етIанэ уиIоф джащ щыухыгъагъ. Бжъэдыгъу щыщ кIалэм ар къырашIэгъагъ. Ащ изэкъуагъэп – нэбгырих хъущтыгъэх. ТIахьирэ инасыпти ащ фэдизэу бэ шIэгъагъэп нэIуасэ зафэхъугъагъэр, гухэлъэу иIагъэр къырагъэIонэу, мурадэу ашIыгъэм хэщэгъу имыфэу пчыхьэм зырыз-зырызэу нэбгырихри аубытыгъэх. А чэщым ТIахьирэ кIэхэкIыгъэр къэIотэгъуай, ежь нэмыкI ар зыми ышIэрэп. КIымэфэ чэщ кIыхьэр екIыфэ ынапIэ къыридзыхыгъэп.

Пчэдыжьым гъучӀ панэкӀэ къэшӀыхьэгъэ щагушхом гъэрхэр щызэхагъэзыхьэ зэхъум, тхьагъо зэрэщымыӀэр ТӀахьирэ къыгурыӀуагъ. Апэрэ сатырэм хэтмэ ТӀахьирэ ахэуцощтыгъэп. Анэӏу укӀэтынри анэ укӀэонри тӀури зы ыӀоти, цӀыфхэр нахь Ӏужъуӏоу зыщызэхэтым акӀыбыӀокӀэ ТӀахьирэ уцущтыгъэ. Ау сыдэу пшӀын, шъхьэ мыгъор инышъ къакъоощы. ЕтӀани нэмыц джэфыжъыр шъхьэшхо зышӀотымкӀэ къаигъагъ. Мыжъодзыр ренэу къыздырихьакӀыщтыгъэ.

Мыжъодзыр ТӀахьирэ ныпчэдыжь игугъужьыгъэп. Сыд фэдизэу зашӀыгъэми ышъхьэ къымыӀэтынэу ТӀахьирэ зыфигъэпытэжьыгъ. Жъалымыгъэу зэрахьащтым еплъыщтыгъэп. Ащ нахь ыгу фэщэчыжьышъущтэп. Гъэр нэбгырихыр аблащыгъ. ГъучӀ чэум кӀэрагъэуцуагъэх. Хьасан ящэнэрэу щыт. Рэхьат онтэгъум тэмэпкъышъхьэр рекӀыкӀэхы. Нэбгыришъэ пчъагъэмэ агу итеомакъэрэ охътэ къиным ыгу итеомакъэрэ дунаим зэхехы, орыжъыпс щыугъэу концлагерыр къэзыухъурэирэм лъэӀэсы, тыгъэпсы фабэу мо тхьэзэогъэ купмэ анэсрэм хэӀукӀы, рахыкӀыгъэ чъыгмэ аблэкӀы, чӀылъэм хэгурымыкӀэу теӀукӀы.

ЛӀыгъэ къызхэгъаф, Хьасан... ЛӀыгъэ зыхэгъэлъ, Хьасан... ЛӀыгъэ... ТӀахьирэ гущыӀэ ухыгъо ифагъэп. Нэмыц офицерым ыӀэ къызеӀэтым, ТӀахьирэ гъэшӀэгъон зэхихыгъэ:

– ТӀахьир, псаоу укъанэ-эмэ!..

Ащ дэжьым автомат омакъэхэр къэӀугъэх. Хьасанэ игущыӀэ ныкъокъаӀоу ыбгъэ етхъожьыгъ...

– Мохэр, мо щылъхэр шъолъэгъуха?! – концлагерым иӀэшъхьэтет иупчӀэ ТӀахьирэ зэхихыгъэ. Ардэдэм дунаир зыгъэхъэнэу зыӀощтыгъэ ТӀахьирэ пыжъым фэдэу зэкӀоцӀыпшыхьажьи, цӀыкӀужъые хъужьыгъэ. Шъхьэшхо мыгъор зыдихьыщтыр ымышӀэу ыколыпцэ сысыщтыгъэ. Ӏэбжьымри зэкӀэзыжьыгъэ.

Гуцафэ къысфамышӀыгъот, ыӀуагъ. Сыда Хьасанэ сцӀэ къызкӀыриӀуагъэр? Зыгорэм бзэгу тихьыкъомэ?.. Хэта сцӀэ зышӀэу мыщ дэсыр? Доктор лӀыжъыр ары зышӀэрэ закъор. Ащ сиӀотэнэп. Ежь нэмыцхэр ары нэмыӀэмэ, тцӀи, тлъэкъуацӀи, тыбзи ашӀэрэп. ЕтӀани Хьасанэрэ сэрырэ тызызэрэшӀэрэр мэфэ заулэ нахь хъугъэп. Зыми тызэгъусэу тилъэгъугъэп... Зэ а нэмыц джэфыжъым тызэкӀыгъоу тилъэгъугъагъ... Сшъхьэ къызэреогъагъ нахь, гуцафэ къытфишӀыгъ Ӏоу сшӀэрэп...

– Хэхьажьын морад зиӀэм, шъолъэгъуа, джар къыпыщылъ!..

Джыри концлагерым иӀэшъхьэтет икуо макъэ ТӀахьирэ къыгъэлъэтагъ. Джащ дэжьыр ары апэ дэдэ ТӀахьирэ ынэкӀушъхьэ лъынтфэ къызыщыхэлъэдагъэр. Къэхъугъэр ымышӀэу шъхьэр къыпхъотагъ, лы зэрымылъыжь сэмэгу нэкӀушъхьэр кӀэзэзи, уцужьыгъагъэ...

Мэфэ заулэ тешӀагъэу аукӀыгъэхэр къумал горэм ыӀотагъэхэу къычӀэкӀыгъ. Джары ТӀахьирэ аущтэу а лъэхъаным Сергей зыкӀыфыщытыгъэр.

Тэ щыӀ джы Сергей?.. Алахьым ешӀ ар зыдыхэтыр, сыд ипсэукӀ, сыд ищыӀакӀ?.. Уизэкъо дэдэн нахьи, ашъыу орэчыжьэ, сыд фэдэ хэгъэгу ерэс фаеми, уегупшысэмэ дахэкӀэ угу къэкӀынэу, Ӏэшӏу-ӀэшӀоу угу къуапэ къолъынэу уигушӀуагъэуи уигукъауи дэбгощынэу шъэогъушӀу уиӀэныр зэрэнасыпыгъэр джыры ныӀэп, изэкъо шъыпкъэу къызэнапэр ары ТӀахьирэ къызыгурыӀуагъэр. Джы мары хэт ипчъэ неущ фытеощт?.. Хэта къыфыӀузыхыщтыр?.. Сергей ары ӀахьыгъокӀи шъэогъугъэкӀи ТӀахьирэ къыфэнэжьыгъэр. Ар дунаим щигъэгъощэнэу амал зимыӀ. Ар зышӀокӀодыкӀэ дунаим щыриӀэжь тӀэкӀури шӀокӀодыгъэкӀэ лъытэ.

Сыд гущэм сызэрифэу мыщ сикъифагъа?.. ТӀахьирэ Сирием къызэрэкӀуагъэм рыкӀэгъожьыгъ: мыщ ис адыгэхэми ашъхьэ зыдахьыжьын ашӀэжьрэп... Сымыделэмэ ар сшӀэния?!

Ерагъэу зылъэ икӀошърэ уахътэр зыдихьыщтыр ышӀэрэпти, почтэм къычӀэкӀыжьыгъ.

Щэджэгъуап. Тыгъэм ыбгъэ зэрыгъэзыгъап, мыжъор мэткӀу. Урамхэр зэгъокӀых, тучанхэр егъэтыгъэх. ЖэкӀэупсыпӀэхэр, шхапӀэхэр фэшӀыгъэх: тыгъэжь стырыр пчъэ-шъхьаныгъупчъэмэ арымыхьаным фэшӀ, пэӀухъо фыжьхэр къялъэшъохыгъэх. Урам напцэмэ аӀут чъыгмэ жьау къатыжьрэп.

Е-е, адыгэ мыгъу, адыгэ мыгъу, ыӀуагъ, сыд гущэм мыщ шъукъихьыя?.. Сыдэущтэу мы тэбэрыжъэм шъуисышъура?! Ар щыӀакӀи псэукӀи хъунэп!.. Гъэ псаум тыгъэм уебэнэу ущыӀэн плъэкӀына?.. Е, тхьамыкӀэ гущэх, тхьамыкӀэ гущэх... Адэ Сергей макъэ къыгъэӀунба шъуӀуа?.. ТӀахьирэ

игупшысэ зыдынэмыс къымыгъанэу ечэнд нэс къыкlухьагъ, гукlэ пшъыгъэу-пагъэу къыгъэзэжьыгъ, яупчlыгъ:

– Джыри зи щыlэба?..

Телеграммэ зэрэщымыlэр къыраlуагъ. Тlахьирэ хьылъэу хэщэтыкlыгъ. Нэкlушъхьэ лъынтфэр къыхэлъади, хэлъэтыжьыгъ.

Тlахьирэ ышъхьэ къышlуакlыгъэ фэдэу епэгъогъохэу почтамтым къычlэкlыжьыгъ. Тыгъэжьы стырэу къыlууагъэм шъхьэр къыгъэунэзагъ. Адыкlэ lудзыгъэу щыт пхъэнтlэкlум тетlысхьагъ, шхагъэ.

Къое щыугъэм псыфалlэ Тlахьирэ ыгъэлlагъ. Псы стакан заулэ зэлъыпытэу ришъугъ, ахъщэу лъитыгъэри шlобагъ. Дамаск кlорэ гъогум узэрэтехьащтыр псы езыгъэшъуагъэм къыригъаlуи, Хьалэб дэкlыгъ.

Машинэ псынкlэшхом Тlахьирэ ылэ фиlэтыгъ, къэуцугъ:

– Къитlысхь,– нэгъунджэ зыкlэлъым нэмыцыбзэкlэ къыриlуагъ.

Тlахьирэ машинэм итlысхьагъ. Мысысыхэу гъогубгъум дэхи, машинэр игъогу телъэдэжьыгъ. Тlахьирэ машинэ кlоцlыр къызэпиплъыхьагъ. Машинэр зыфырэми ащ госми яплъыгъ.

Мы сызхаплъэхэрэмэ, ыlуагъ, гъогупкlэ сlахынэп, ащ фэдашъуи атеслъагъорэп.

– Уздатщэрэм укъыкlэупчlэрэпи адэ?..

– Дамаск шъокlощтын...

– Ащ тэкlуапэ, оры?

– Сэри а лъэныкъом сэкlо. Емыкlу къысфэшъумышl, шъо хэт шъущыщ?

– Гъогогъу къыпфэхъурэр зыфэдэр зэбгъэшlэным емыкlу хэлъэп,– нэгъунджэр зыкlэлъым къыlуагъ.– Тэ чыжьэу тыкъекlы, Западнэ Германием, Кельн дэт радиом тыриlофышl. О нэмыцыбзэр дэгъоу ошlэ, о хэт ущыщ?

– Илъэс заулэ нэмыцмэ сахэсыгъ.

– Германием ущеджагъэщтын?

– Ащ фэдэ насып тэ къисхына сэ...

Блэоным фэдэу нэгъунджэ шlуцlэ зыкlэлъым ышъхьэ къыпхъотагъ, Тlахьирэ къеплъыгъ.

Тlахьирэ игупшысэ машинэм нахьи нахь чъэр. Ар зынэмыс щыlэп. Лэбэ lушъо адыгэ чылэм гукlэ дэт. Урамхэр къызэпеплъыхьэх. Машинэр чlы хэlэтыкlыгъэм зы-



телъадэрэм, игупшысэ зэпэу. Етlанэ машинэ макъэм кlэдэукlызэ, игупшысэ зеlэтыжьы. Пшэхъолъэ шъофым пхырыхыгъэ гъогур ары lэгъо-благъом псэ къыпызгъакlэрэр. Уашъомрэ чlыгумрэ зыщызэуалlэрэм нэс пшэхъуалъэр нэм кlэкlрэп. Чъыг гъощагъи, къурэ шъхьэзакъуи, тыдэкlэ зыбгъэзагъэми, шъоф гъожьышэм иплъагъорэп.

Тlахьирэ ыгу зэрэнэкlым фэдэу тыгъэ плъыжьыбзэр зышъхьарыс шъофыр гукlодыгъо нэкl.

Чылэ горэм, тучаным дэжь, машинэр къыщыуцугъ. Шоферыр тутын щэф кlуагъэ.

Тетlысхьэпlэ кlыхьэм ныожъ горэ тес, шъэожъые такъыри гос. Сыдэу Хьатыукъомэ яныожъ фэд ар. Ищысыкlи, иджэнэ кlыхьи, натlэр шъхьэтехъо пlуакlэкlэ зэркlэпхыкlыгъэри ехьщыр, ыlуагъ. Сэ сишъэожъые мыщ нахьи тlэкlукlэ нахь иныlуагъ заом сызэкlом... Джы, псаумэ, изыкъэщэгъу... Тlахьирэ ыгу къыпиlонтlыкlыгъ. Лъэкъо стхъэгъэ лъэныкъомкlэ лъэкlапlэм кlэпlэстхъэжьэу щысыгъэ шъэожъые шlуцlэ цlыкlур Тlахьирэ ынэгу кlэт...

Нэгъунджэ зыкlэлъ лlым игупшысэ нэмыкl. Ащ Тlахьирэ зыщыщыр псынкlэу къышlагъ. Зыфэе дэдэм ежьежьырэу lукlагъ, блитlупщыщтэп.

Остыгъэ хэгъэнэжьыгъомэ адэжь машинэр Дамаск дэлъэдагъ. Азэнаджэмэ къалэр зэпагъэджэжьы.

– Къэгъэуцу,– Тlахьирэ шоферым еджагъ,– сэ сыкъэсыгъ.

Кельн дэт радиовещанием икавказскэ отдел икорреспондент Тlахьирэ къыриlуагъ:

– Сыда узгъэгузажъорэр, хьакlэщым укъыддекlолlэнба?.. Умыукlыт, умыукlыт, сэшlэ сэ ахъщэ зэрэуимыlэри. Ащ фэди мэхъу. Ар lофэп. Хьакlэщым ефылl, ащ шхэпlэ дэгъуи хэт.

Дамаск ианахь хьакlэщышхом ипчъэlупэ машинэр къыщыуцугъ. Тlахьирэ пае унэ дэгъуи къаlахыгъ.

Симыжъо къуае мэхъужьыкlэ сэгугъэ зыщиlощтым, телефон макъэм Тlахьирэ къыгъэлъэтагъ. Мыуцужьыхэ зэхъум, трубкэр къыштагъ:

– Алло, хэт ар?

Корреспондентыр ары телефоным къытеуагъэр. Унэмкlэ разэмэ къеупчlыгъ.

– Сыраз, сымыразэу мэхъуа!..

Сыхьат горэмкlэ шхапlэм ехынэу къыриlуагъ.

Стол хъураем изакъоу корреспондентыр кӀэрыс. Гъомылэ зэфэшъхьафкӀэ иӀанэ шыгъэ.

– Уахътэкlэ уиӀо шъыпкъэ,– сыхьатым корреспондентыр еплъыгъ.

– ТиӀорэ тисыхьатрэ зэтекӀрэп, уилъэпкъэгъумэ тагъэсагъ,– ТӀахьирэ щхышъо фэдэу зыригъэшӀыгъ.

Нэмыцым бжъэмэ къаригъэхъуагъ. Бжъэр ТӀахьирэ къыштагъ. Зыгорэ къаӀо еӀошъ, корреспондентыр къеплъыы, къыӀогушӀо.

– Нычхьапэ узфешъон пчыхь,– ТӀахьирэ къыӀуагъ.

– Ащыгъум непэрэ пчыхьэм пае бжъэр тэӀэты.

Мэфэ реным шхагъэпти, ТӀахьирэ ышъхьэ аркъым къыгъэунэзагъ.

– Неущ уигъогупэ тыдэ бгъэзэщт? – нэмыцыр къеупчӀыгъ.

– Ахъщэ тӀэкӀу зэзгъэуӀумэ, Западнэ ГерманиемкӀэ сежьэн сихьисап, къыздэхъущтмэ сшӀэрэп,– бжъэр ТӀахьирэ къыӀэтыгъ.

– Сыда къыкӀыбдэмыхъущтыр?

– СшӀэрэп ныӀа, ар зэрэхъу...

– Ахъщэ уиӀэмэ къыбдэмыхъун щыӀа!..– корреспондентыр ӀущхыпцӀыкӀыгъ.

– Ар шъыпкъэ, ахъщэр зэкӀэми ятхь, къыздипхыщтыр ары нахь.

– Сэ ахъщэ къэозгъэгъэхъэн слъэкӀыщт.

– Сыдэущтэу?

– Тирадио къедэӀурэмэ апашъхьэ укъыщыгущыӀэщт. Минутипшӏ-пшӀыкӀутфым укъызыгущыӀэрэм, къапӀорэм елъытыгъэу Западнэ Германиер хэгъэкӀи, Австралием урынэсынэу ахъщэ къыуатыщт.

Илъэс пчъагъэм ахъщэ зэуӀу темыплъэгъэ ТӀахьирэ ынэхэр къэлыдыгъэх. КъызэкӀэблагъэх, кӀосэжьыгъэх, етӀани ынэпцэ чӀэгъмэ къачӀэцӀыукӀыгъэх:

– Сыда сыкъызтегущыӀэщтыр?

– УзтегущыӀэн макӀа, коммунистхэр арба укъызтегущыӀэщтыр...

– Коммунистхэр пӀуи?..– ТӀахьирэ исэмэгу нэкӀушъхьэ лъынтфэ къыхэлъади, хэчъыжьыгъ. Джэнэ пшъэпӀэ пхыгъэм Ӏэхъуамбэр дидзагъ, зытӀо-зыщэ къыкъудыий, къыдихыжьыгъ...



## ШъэогъуитӀур радиом зэрегъэгъотыжьы

Бжыхьэпэ кӀас. Мэфэ заулэ хъугъэшъ тыгъэр ошъуапщэмэ къызкъуатӀупщыжьрэп. Мэз чӀэгъым цӀынамэр къычӀехы, ощхы чъыӀэм игъынэгъэ макъэ пшъхьэ уегъэуджэгъужьы.

Нычхьапэ Сергей пшъыгъэу къэкӀожьыгъ. Унэр фабэ. Зэлыхыгъэ.

Пчъэм зыгорэ къытеуагъ.

– КъакӀо, къакӀо...

Пчъаблэм лӀы джэдэ фэбытышъор къыдэпшыгъ. Ар Сергей игъунэгъу, бэрэ зэлъыкӀохэрэп. Мыщ ар къыщыпфадэщтэп. Шъэогъугъ, ныбджэгъугъ зыфаӀорэр защыгъупшэжьыгъэр бэ шӀагъэ. Загъорэ гъэбылъыгъэкӀэ зэлъэхьэх. Ари зашӀэрэр шъоныр агу къызыкӀрэр ары.

– Сызэгоуты...– пчъаблэм гот лӀы нэхаер хэщэтыкӀыгъ.

Сергей зи ымыӀоу стаканым изыбзэ аркъ фыригъэхъуагъ.

– Оры?

– Сыфаеп.

Хьалыгъу такъырыр Ӏэ джабгъумкӀэ ышти, Ӏэ сэмэгумкӀэ аркъ стаканыр дигъэзыий, жьыщэгъу имыфэу ришъугъ. Хьалыгъум емыцакъэу епэми, ыгъэтӀылъыжьыгъ.

– Ох-ох гущ, риутэхыгъ,– ыӀупшӀэ ӀулъэкӀыхьажьыгъ,– ащ блэкӀмэ сфэщэчыжьыщтэп!.. Шэйтаныуз мыщ тыдэхъуахьыщт, къыбгурэӀуа, Сергей!..

Игъунэгъу зешъокӀэ зыфэдэр ешӀэти, Сергей псынкӀэу къызщылъэтыгъ. ЛӀым ыблыпкъ ыубыти, унэм рищыжьыгъ.

Унэм Сергей гопэгъу ихъухьагъ. Гъунэгъум къыӀогъэ гущыӀэхэр ытхьакӀумэ икӀрэп, рэхьатыгъо къыратрэп. Джэхэшъогур рикӀукӀыгъ, къырикӀукӀыжьыгъ. Виски ешъуагъ. Ӏэпкъ-лъэпкъхэр нахь псынкӀэ хъугъэх.

Радиом хыригъэдзагъ. Заулэрэ орэдмэ алъыхъугъ. Урыс орэд зытӀущымэ ядэӀугъ. Пчыхьэшъхьэ къэбархэу тихэгъэгу къыщатыгъэмэ ахэдэӀуагъ. Гур къызпеӀонтӀыкӀым, радиор щигъэтыжьыгъ, етӀани хидзэжьыгъ. Лъыхъуагъэ. Бзэ зэфэшъхьафхэр зэпеохэзэ, мэгущыӀэх. Зым зыр телъадэ, шъхьэщэкӀы.

Ошlэ-дэмышlэу Сергей инэlосэ макъэ горэ къыубытыгъ, къэгущыlэрэр ыпашъхьэ ит пlонэу lупкlэу зэхехы. Кельн дэт радиор ары къэзыlорэр. Коммунистхэм жъалымыгъэу зэрахьэрэм къытегущыlэ.

Сергей къызщылъэтыгъ. Радиом ечъэлlагъ. Къэгущыlэрэр зымакъэр къышlэжьыгъ:

– Тlахьир!..

Чэщ реным Сергей чъыягъэп. Тlахьирэ Кельн сыда икъэкlуакlэр? Сыдэущтэу радиом lуфагъа?.. Ар мы Тlахьирэнкlи мэхъуба?..

Пчэдыжьым Сергей ишеф дэжь кlуагъэ. Сыхьат заулэкlэ Кельн ытlупщынэу елъэlугъ.

– Кельн сишъэогъу дэс пlуи? – шефыр къеупчlыгъ.

– Ары, господин Герберг, дэс. Сишъэогъу къодыеп,– Сергей игущыlэ къыпидзэжьыгъ.– Арырэ сэрырэ гъэрыпlэми тызэдыщыlагъ. Ащ ыужи тхьамыкlэгъо lаджи зэдэдгощыгъэ. Мексикэм тыщызэбгъодэкlыжьыгъагъ.

Сергей къыlуатэрэр, едэlу фэдэу зишlыщтыгъэми, Герберг къыридзэщтыгъэп. Ар зыпылъыр нэмыкl. Сергей фэдэу зышъхьэ езыхьыжьэжьыгъэхэр нахьыбэу къызэриугъоилlэныр шефым иапэрэ пшъэрылъыгъ.

– Ылъэпкъкlэ хэт щыща?.. Урыса?..– Герберг къэупчlагъ...

– Хьау, господин шеф, урысэп, адыгэ.

Пхъэнтlэкlум Герберг зыригъэкlагъ. Къэтэджыжьи, дэпкъым пылъэгъэ картым кlэрыхьагъ.

– Дунаим тет цlыф лъэпкъхэр, шъуишъхьафитныгъэ зэрэшъуухъумэщтымкlэ черкесмэ щысэ атешъух... Хэта ар зыlогъагъэр, ошlа? – макъэр зэкlищызэ, Герберг къэупчlагъ.

Ащ фэдэ гущыlэхэр нибжьи Сергей зэхихыгъагъэп. Шефым нэбэ-набэу еплъыгъ.

– Ар зыlогъагъэр Карл Маркс,– Герберг тlысыжьзэ къэупчlагъ: – Ащ фэдэ зэхэпхыгъа?

– Зэхэсэмыхы мэхъуа!..– Сергей упчlэу къыратыгъэр ыгъэшlагъо фэдэу хэкуукlыгъ.

– Зэхэпхыгъэмэ, ахэмэ аlуагъэхэри пшlэн фае...

Шъэогъум дэжь, Кельн кlонэу Сергей ытlупщыгъ.

Сергей радиом дамыгъахьэу, къыратыгъэ номерымкlэ телефоным теуагъ. Трубкэм къиlукlыгъэ макъэм зыщыщыри, ишъэогъу ылъэгъумэ зэрэшlоигъори риlуагъ.



Зыдэгущыlэгъэ лlым икабинет Сергей ращагъ. Джыри зыфаемкlэ къеупчlыжьыгъ. Къыздикlрэр, зыфэдэр зэригъэшlагъэ. Щымыlэ бензоколонкэ горэм иlофышlэу къэзгъэлъэгъорэ тхылъыри ригъэлъэгъугъ.

Ауплъэкlущтыр зэкlэ зауплъэкlухэм, Тlахьирэ къызщигъотыщтыр къыраlуагъэу кlозэ, зыгорэ къылъыджагъ:

– Сергей!..

– Тlахьир!..

Сергейрэ Тlахьирэрэ зызэжэхадзагъ.

– Тэ укъикlыгъ, Сергей?.. Таущтэу сикъэбгъотынэу хъугъа?..

– О мыщ сыд укъэзыхьыгъэр, Тlахьир? Радиом укъыщыгущыlэзэ, умакъэкlэ укъэсшlэжьыгъ...

– Нибжьи тызэlукlэжьын lоу сшlагъэп.

– Сэри ары, Тlахьир!..

– Джары уигугъэ зышlобгъэкlоды хъущтэп зыкlаlорэр.

– Ары, Тlахьир, ары!..

– Адэ мэущтэу тыщытыщта, Сергей?.. Некlо барым.

Шъэогъуитlур барым чlэхьагъэх. Пивэ кружкэ зырызрэ бутербродрэ къарагъэхьи, пивэм ешъохэу бэрэ щысыгъэх.

Сергей Мексикэм къикlи Гамбург къызэрэкlуагъэр, джы зыдэщыlэр ымыушъэфэу Тlахьирэ риlотагъ.

Тlахьирэ икъэбари Сергей щигъэгъозагъ:

– Сирием сиlоф къыщикlыгъэп. Синасыпти, насыпыми сшlэрэп, корреспондент горэ къыспэкlафи, радиом сикъыщигъэгущыlэгъагъ. Къэсlуагъэхэри мышъо-мылых. Дэу пшlына, сегъэзыгъагъ... Ау ахъщэ дэгъу къысатыгъагъ. Ащ ыуж бэ темышlэу билет уасэ къысфагъэхьи, мыщ сыкъащагъ. Сымакъэ агу рихьыгъэти, адыгабзэкlэ дикторышъо фэдэу тхьаумафэм минутипшlэу къызэхауцlэрапхъэрэм сыкъеджэ. Адырэ мэфихым хьакъу-шыкъухэр сэтхьакlышъ, шхапlэ горэм сыlут. Сиlофхэр хъатэхэп. Ау сызымыгъэлlэн хьалыгъу такъыр джырыкlэ къэсэлэжьыгу, Сергей. Загъори радиор зэфэтшlыжьыщт аlоу зэхэсэхы. Ар зызэфашlыжькlэ сиlоф дэи хъущт...

Мэфэ заулэ тешlагъэу Сергей зыдэщыlэм Тlахьирэ дэфагъ...

## ЛlыкIор пчыхьэшъхьапэм къыкъокIы

Самолетым зыкъызеутIэрэбгъум, Тlахьирэ къэлъэтагъ, игъусэмэ яплъыгъ.

Ящэнэрэ диверсантыр – Владимир Петрович Берузаимский. Жэпкъ-нэпэшху, нэпцэ кIыр, ынэ шхъонтIитIу мыл чъыIэм фэд, илъэс тIокIитIурэ тфырэ е шъэныкъо горэ ыныбжьын. ЛIы пытэ зэхэлъ. ЫтхьакIумэ сэмэгу тIуакIэ къанцIычышхо дэс. ЫцIэ шъыпкъэр Вальтер Дальмар. Ылъэпкъыкlэ нэмыц. Урысыбзэр дэгъоу ешIэ. ИсэнэхьаткIэ мэзтеупкI. Тхылъэу ыIыгъымкIэ, Сыбыр лъэныкъом Iоф щишIагъ. Щылэжьэнэуи тыгъэм зыригъэунэуи Темыр Кавказым къэкIо. Шъусыд цIыфа еIошъ къяупчIы пIонэу Дальмар пэчIынатIэу щыс лIитIур къызэпеплъыхьэ. Сыда шъуитхьамыкIапIэ шъуизымыгъэсрэр, дунаим шъутетышъумэ шъугушIоба къыригъэкIэу инэплъэгъу пагэ игъусэмэ аблихыгъ.

Гитлер илъэхъан, Канарис иагентмэ Вальтер Дальмар ащыщыгъ. Мызэу-мытIоу шъэфкIэ тихэгъэгу къихьагъ, заор къызежьакIэм аэродром пчъагъэ тырарыгъэгъэстыкIыгъ. Iашэхэр къызщашIырэ заводхэм диверсиехэр ащишIыгъэх. Канарис иунашъокIэ Темыр Кавказым щыIагъ, нэмыцхэр зырафыжьхэм, къырагъэнэгъагъ.

Райвоенкомат горэм Iоф щишIэщтыгъэ. Мазэ пэпчъ апэрэ бэрэскэшхо пчыхьэм, сыхьатыр хым щегъэжьагъэу блым нэс ядэжь, иунэ исын фэягъ. А сыхьатым къыкIоцI «Тихон Макарович иса?» ыIоу лIы горэ къызыупчIэрэм, «ащ фэдэр мыщ щыпсэурэп» риIожьыныр ары шъэф гущыIэу яIагъэр. Ащ къикIыщтыгъэр: «Нычэпэ сыхьатыр зым Пшызэ Iушъо Iут пцелыжъым дэжь къакIо».

Мафэ къэсми тихэгъэгукIэ къэбарышIухэр къэIущтыгъэх. Нэмыцхэр зэкIакIощтыгъэх. Ащ Дальмар ыгъэгумэкIыщтыгъэ. Загъори сащыгъупшэжьыгъакъомэ ыIоти, егупшысэщтыгъэ. Ащ пае къэмынэу райвоенкоматымкIэ къытефэрэ Iофыгъор IупкIэу ыгъэцакIэщтыгъэ, мызэумытIоу иIофшIагъи щытхъу тхылъкIэ хагъэунэфыкIыгъ.

Джаущтэу псэузэ зажэрэри къыкъомыкIэу заор аухыгъ. Ыгу илъри цIыф римыгъашIэу титекIонигъи адигъэмэфэкIыгъ. Дальмар ишпионыгъэ джащ щиухыгъэу гугъэщтыгъэ. ЗыкIэгушIурэ закъор швейцарскэ банкэм илъ ахъщэр арыгъэ.



Дзэм къыхэкIыжьы шIоигъоу заулэрэ рапорти ытыгъ. Райвоенкомиссарыми ышъхьэкIэ елъэIугъ. Дзэм къыхагъэкIыжьыным ычIыпIэкIэ старшэ лейтенантэу щытыгъэти, капитаныцIэр къыфашIыгъ, иIэнатIэкIи нахь даIэтэягъ. Иунагъо къыщэжьынэу къыраIуагъ, къызищэжьрэм унэ дэгъу къыратынэу къагъэгугъагъ.

– Дзэм сыхэкIыжьыпэн сихьисап, товарищ майор. Икъунба, илъэс пчъагъэ мэхъу сызыхэтыр,– мафэ горэм райвоенкомиссарым риIуагъ: – Сэ сыкIэлэегъэдж. КIэлэегъаджэхэр дзэм хащыжьыхэу унашъо щыI. ТадэжькIэ згъэзэжьын.

– УкIэлэегъэджэныр дэгъу. А унашъомкIэ дзэм ухэкIыжьыни уфит, ау орырэ сэрырэ Iоф зызэдатшIэрэр тыгъуасэп, тызэсагъ, тызэдэIофышIэ сшIоигъуагъ. Райвоенкоматымэ ямэхьанэ джыри нахь иныр мэхъу. Тыхъупхъэн тIомэ, тшIэн хъои…

Дальмар зыщыщынэщтыгъэ закъор Канарис икартотек арыгъэ. ЗыгорэкIэ ар советскэ чекистмэ къаIэкIэфагъэмэ?.. Ежь-ежьырэу, зыми емыжэжьэу, ышъхьэ Iуихыжьмэ нахьышIу.

Ау Дальмар игухэлъ лъыкIэхьагъэп. Август мазэм иапэрэ бэрэскэшхо пчыхьэм, сыхьатыр блым ыныкъо зажэщтыгъэр къыфыкъокIыгъ:

– Тихон Макаровичыр иса?

– Ащ фэдэр мыщ щыпсэурэп…

Унэм Дальмар зэрехьажьэу кIэрэхъо гъэтырэр ытIупщыжьыгъ. Зэрэмыгугъагъэу Iофыр къычIэкIыгъ. Джы нэс ащыгъупшэжьыгъэу къышIошIыщтыгъэ, къылъыкIуагъэх. ИIофшIагъэхэр кIодыгъэхэп.

Сыхьатым Дальмар еплъыгъ. ПIалъэр къэблагъэ. КIом дыхэтэу макъэ зыпымыIукIэу орэ кIэрахъор Iэ сэмэгу Iэдакъэм чIиубытагъ.

Дальмар – Iэсэмэгу. Зэгорэм профессиональнэ боксерэу щытыгъ. Бэрэ Iэ сэмэгумкIэ орэп, заорэр реуты.

Пцелыжъ чъыгыр къэлъэгъуагъ. Жьы чъыIэтагъэр ынэкIушъхьэ къырэчъэ. Сыхьатыр зы хъункIэ минут заулэ иIэжь. Пцелым екIолIэнкIэ рикурэп. ЛъэгонджэмышъхьэкIэ щысэу маплъэ, мэдаIо.

Сыхьатыр зы хъугъэ. Пытэ-пытэу пцел чъыгым фиузэнкIыгъ. Ардэдэм адырабгъукIэ адырэ лIыри къыхэтэджыкIыгъ:

– УикӀэрахъо гъэӀылъ... Мыщ дэжь уищыкӀагъэп...
– Ар оӀуа о? – Дальмар къеупчӀызэ, Ӏэ сэмэгукӀэ лӀым ыпшъэ дэуагъ, риутыгъ.– Зызэрэбгъэсысэу сыкъыоощт, сызэрэуищыкӀагъэр къаӀо!..
– Мыщ нэс пкӀэнчъэу сыкъагъэкӀуагъэп.
– Хэта укъэзгъэкӀуагъэр?
– Джы нэс уегуцэфагъэба?
– Канарис укъызэримыгъэкӀуагъэм сегуцафэ.
– КъэпшӀагъ.

Дальмар ышӀошъ хъущтмэ, лӀыкӀом къэбар гъэшӀэгъон къыфиӀотагъ. Нэмыц шпионым илӀыгъэ американцэмэ ящыкӀагъ.

Заор зыщаухыщт лъэхъаным Канарис икартотекэ американцэмэ къызӀэкӀагъэхьагъ. А картотекэм дэт шпион пчъагъэхэр зэраугъоилӀэхэу рагъэжьагъ. Ау ахэр зыпылъыгъэхэр Дальмар фэдэхэу тихэгъэгу дэгъоу зышӀэхэрэр арых. Американцэмэ анэмыкӀэу зыми атомнэ бомбыр иӀэнэп, къыфэугупшысынэп ашӀошӀыгъ шъхьакӀэ, бэтемышӀэу ар тихэгъэгу иӀэ хъугъэ. Водороднэ бомби, ахэмэ анэмыкӀ Ӏашэхэми якъэугупшысын, якъыдэгъэкӀын ыуж щихьагъэх...

ЛӀыкӀом къыӀуагъэхэм Дальмар ахэгупшысыхьэ, цыхьэ афишӀрэп.

Ер къызэрымыкӀын щыӀэп. КъежьэгъошӀу, ау гъэкӀосэжьыгъуай. Дальмар сыд фэдэ чӀыпӀэ къин ифагъэми, иплъырыгъэ зэтыриӀэжьэн, зыфигъэӀорышӀэн елъэкӀы.

ЛӀыкӀом игущыӀэ зи химыгъэзэу Дальмар гум реубытэ. ЗышӀонэн къыгъотрэп. Зэрэгугъэщтыгъэу Ӏофыр мэхъу пэт. Ау ащ пае къанэрэп ыгу итеомакъи ижьыкъащи зэтемыфэныр.

Дальмар ыгу бэ щэшӀэ. Псы зэрымыт пхъэчай гъукӀагъэ пӀонэу джы нэс Ӏофынчъэу щысыгъ. ИӀумэтхэр щымыӀэжь нахь мышӀэми, гур мыкӀодэу илъэс заулэр къызэрихьыгъэм кӀэгушӀужьы. КӀэух зимыӀэ щыӀэп ыӀозэ зэрэзэушъыижьыщтыгъэр зэрэтэрэзыгъэр джы къэнэфагъ. Хымэ хэгъэгум къинэу щихьугъэр хьаулыеп.

Гъэмэфэ чэщым ирэхьат губгъо шъофышхом теубгъуагъ. УзгъэщтэуӀун макъи къиӀукӀрэп, гуцафэ зыфишӀыни щыхъыерэп. Загъорэ жьым уц тхьапэр егъэсысы. Адэ тыгъэкъокӀыпӀэмкӀэ мэшӀотхъуабзэр ытхъузэ жъогъохэчъыр щефэхыгъ, ащ ыгъащти лъэпэуагъэ пӀонэу зыкӀэ-



рысхэ чъыгым ыкӀыӀу нэмыкӀ жъуагъуи ошъогум зыщырищыгъ.

Мы ӀофымкӀэ Дальмар гузэжъощтэп. Хъуни хьауи джырэкӀэ ариӀощтыгоп. Ау нахьыпэм, къуалъхьэкӀэ зыкъуаубытэнэу американцэхэр ыуж къызехьэхэм, ыгу къыдеӀэу зэрэщхыгъагъэм фэдэу джы щхыжьрэп.

– Джары ащыгъум, сэ къыстефэрэр сшӀэгъахэ...– лӀыкӀом игущыӀэ кӀэух къыфишӀыжьыгъ.

– Ощ нэмыкӀэу хэта мыр зышӀэрэр?

– Сишеф нэмыкӀэу зышӀэрэм сыщыгъуазэп. Сэ мычыжьэу сыкъикӀыгъ. Орырэ сэрырэ тызэгъунэгъу,– чӀыпӀэу зыдэщыӀэр ыгъэнэгъуаджэзэ, джэуап къыритыжьыгъ.

– О уздэщыӀэр сэ сищыкӀагъэп,– Дальмар пиупкӀыгъ.

Нэф къызэрэшъырэр къыуагъэшӀэу чыжьэкӀэ чылэ благъэмэ атакъэхэр къащыджэхэу рагъэжьагъ. Псым ымакъи нахь дэгу къэхъоу ыублагъ. Пцел тхьапэмэ яӀушъэшъэ макъи нахь щагъэтыгъ. Жьыбгъэ макӀэр шъофым щыхэчъыягъэу къыпшӀошӀы.

– УшэтыпӀэр къаӀо...

– Ащ фэдэ пшъэрылъ сиӀэп.

– СиушэтыпӀэ зыфэдэр сшӀэмэ аужрэ псалъэр къышъосӀощт Ӏори укъэзгъэкӀуагъэмэ сфяӀожь...

Дальмар самолетым ымакъэ гупсэф-гумэкӀ кӀэдэӀукӀызэ, игупшысэмэ ошӀэ-дэмышӀэу къахэужьыгъ. Сыхьатым зеплъым, самолетым зыкъызщырадзыщт пӀалъэм минутиплӀрэ ныкъорэ къафэнэжьыгъагъ. Дальмар джыри зэ ТӀахьирэ ынэмэ акӀэплъагъ, ӀугушӀуагъ. Зыгъэхьазыр къыригъэкӀэу ӀэнтэгъупэкӀэ Сергей еӀункӀыгъ.

Щыри къэтэджыгъэх, зэуж итхэу пчъэм Ӏухьагъэх. Апэ ТӀахьир жьым хэфагъ, ащ ыуж – Сергей. НэбгыритӀумэ ауж, такъикъ пшӀыкӀуз тыригъашӀи, Дальмар жьым зыхидзагъ...

## Блэбгъу тыркъор ошъуапщэ зыхъукӀэ мэузы

Тутын хэфэ Ӏугъом Лэукъан зегъапскэм, блэбгъу уӀэгъэ тыркъор къэузыгъ. Джащ фэдэу хьылъэу зыпскэрэм е ощх къещхыным ыпэкӀэ иблэбгъу уӀагъэ егъэгумэкӀы.

УӀагъэм Лэукъан гукъэкӀыжьмэ ахищагъ.

Заор къежьэным ыпэкӀэ Лэукъан дзэм къулыкъу щишӀэщтыгъэ. Заом иапэрэ бомбхэр къызшъхьарыфагъэмэ идзэ ащыщыгъ. Апэ нэмыцмэ апэгъокӀи язэуагъэмэ, апэ къызэкӀафагъэмэ Лэукъан ахэтыгъ.

Лэукъан заом иапэрэ мазэхэр нибжьи щыгъупшэщтхэп. Щымыгъупшэхэщтхэри тисамолетхэмрэ танкхэмрэ арых. Топыщэ ахэм къазэрэтефэу стыхэзэ, зэбгырытэкъущтыгъэх. Яшхончмэ зыщэ арагъэкӀыфэкӀэ автоматыщэр нэмыцмэ къатырапхъанкӀэ. ЧӀыпӀэр къагъэгъунэ аӀозэ, язаохэзэ, аужкӀэ нэмыц десантым зыкъыщыредзыхы. Пыим езаохэмэ, къызэкӀакӀохэзэ, заом иапэрэ илъэс текӀыгъ.

Ащ ыуж Лэукъан зыхэтыгъэ дзэр Каспийскэ хым зэпыращи, БашкириемкӀэ ращэкӀи, Москва лъэныкъомкӀэ щызэуагъэх. ЕтӀанэ Курскэ дугам щыӀагъ. Джащ нэмыцыр щырафыжьи, Берлин нэсыгъагъ.

Заор зыщаухыгъэ мазэм къыкӀоцӀ Манчжурие гъунапкъэм ащэхи, Ӏуатэкъуагъэх. Японцэмэ язэуагъэх. Заор зыщаухыгъэ бжыхьэм Лэукъан дзэм къыхэкӀыжьыгъ.

Ащ фэдизым, зэуитӀум Лэукъан захэтым, зы щэ къытефагъэп.

Блэбгъу уӀагъэм къэбарэу пылъыр нэмыкӀ.

Дзэм Лэукъан къызхэкӀыжьыгъэ илъэсым педагогическэ институтым чӀахьи, илъэсиплӀэ щеджагъ, ишъхьагъусэ нэӀуасэ щыфэхъугъ.

Институтыр къэзыухыгъэ кӀалэмэ ащыщ заулэ КГБ-м Ӏоф щашӀэнэу аштэгъагъэх. Ахэмэ Лэукъани ахэфэгъагъ.

Пчыхьэм, комитетым чӀэсызэ, отделым иӀэшъхьэтет капитаныр къычӀэлъади, Лэукъан чӀищыгъ. Оперативнэ Ӏофым ыуж ихьагъэх.

– МэшӀоку станцием укӀонышъ, гуцафэ зыфэпшӀырэ пстэуми уалъыплъэщт,– Лэукъан капитаным пшъэрылъ къыфишӀыгъ.– АдырэмкӀэ угу къызэрэуиӀоу узекӀощт.

Лэукъан щыгъын къызэрыкӀокӀэ зифапи, мэшӀоку станцием кӀуагъэ.

Тэрч псыхъо телъ лъэмыджыр къэзгъэогъэ диверсантым икъэубытын ыуж итхэм джаущтэу апэ Лэукъан ахэхьагъ. ЛэукъанкӀэ апэрэ Ӏофэу ар щытыгъ.

МэшӀоку вокзалым къычӀахьэрэмэ зэкӀэмэ гуцафэ афишӀыщтыгъэ. Бзылъфыгъэмэ апылъыгъэп. Хъулъфыгъэхэр нэплъэгъум чӀитӀупщыщтыгъэхэп.



Чэщныкъом блэкӀыгъ. Сыхьатыр плӀым мэшӀокур станцием ӀукӀын фае. Ащ ехъулӀэу вокзалым чӀэсхэр къэбырсырыгъэх. Лэукъани зыдэплъэщтыр ымышӀэу ынэхэр зэблэчъых.

Вокзалым лӀы горэ къычӀэхьагъ. Пчэгум ит пхъэнтӀэкӀум зытетӀысхьэм, Лэукъан кӀуи, кӀэрытӀысхьагъ. ЛӀым газетыр къызэкӀоцӀихыгъ. Лэукъан итхылъ плъыжь къыштагъ, къыгосым етӀыргуи, ригъэлъэгъугъ:

– Уитхылъхэр къаштэх,– Ӏэ сэмэгукӀэ джыбэм илъ кӀэрахъор ыӀыгъ.

– Ар сыда джы зилӀэужыгъор?

– Къаштэ зэраӀуагъэр орба!..– макъэр ымыӀэтэу фигъэпытагъ.

ЛӀым тхылъэу къыштагъэхэр Лэукъан ыуплъэкӀугъэх. Къутыр совет горэм итхьаматэу къычӀэкӀыгъ.

ЗэригъэгумэкӀыгъэмкӀэ емыкӀу къыфимышӀынэу лӀым риӀуи, Лэукъан къыкӀэрыкӀыжьыгъ.

МэшӀокур станцием текӀынкӀэ минут заул ныӀэп къэнэжьыгъэр. Цӏыфхэр мэшӀокум изэрэгукӀэх. Ахэр зэкӀэ анэгукӀэ инэӀуасэх, чэщ реным хьаулыеу шъэфэу алъыплъагъэп. Муары, тхьаматэу зитхылъхэр ыуплъэкӀугъэри мыгумэкӀыхэу вагоным етӀысхьэ. Лэукъан дэжькӀэ къаплъи, къенэкӀэуагъ, Ӏоф шӀэ къыриӀуагъэщтын. Лэукъан лӀым фыӀугушӀукӀыгъ.

Билет зымыӀыгъмэ яшэу милиционерыри мычыжьэу щыт. Лэукъанрэ милиционерымрэ зэрэшӀэх нахь мышӀэми, чэщ реным псалъэ зэраӀуагъэп, нэплъэгъуи зэфадзыгъэп. Семафорыр къэушхъонтӀыгъ. Чемодан мыин горэ ыӀыгъэу капитан горэ перроным къытелъэдагъ. Лэукъан капитаныр зэрытӀысхьащт вагоным нэс нэплъэгъукӀэ ыгъэкӀотагъ. Капитаным изэкъуагъэп, ащ фэдэу мэшӀокум къыщинэрэ хъулъфыгъэхэри, бзылъфыгъэхэри сабыйхэри зэрягъусэу гуӀэхэзэ, вагонмэ арытӀысхьагъэх.

Лэукъан капитаныр зэрытӀысхьэгъэ вагонымкӀэ кӀонэу ыгу къызыкӀыриӀуагъэр ышӀэрэп. Вагонхэр кӀырыугъэх, ежьагъэх. «ШӀэх, шӀэх капитаным лъитӀысхь...» джыри ыгу къырелo.

МэшӀокум ичъэ регъэхъу. Аужырэ вагоныр къызголъадэм, зигъэлъати, зыпидзагъ.

Вагоным Лэукъан ихьагъ. Зылъежьэгъэ лӀым зызэридзэгъэ вагоным макӀо, зынэсым капитаныр рилъэгъуа-

гъэп. ЦIыфхэр рэхьатхэу ятIысыпIэмэ атесых. Щысыр щыс, щытыр щыт. Адырэ вагонхэри къыплъыхьэхэу ригъэжьагъ. Ящэнэрэ вагоным пшъэшъэ тхъоплъ цIыкIу горэм госэу капитаныр рилъэгъуагъ. Капитанымрэ пшъашъэмрэ анэмыкIэу лIырэ шъузырэ щысых. АкIыбыкIэ щыт пхъэнтIэкIум, шъхьаныгъупчъэм кIэрыт фэдэу зызешIуж, тетIысхьагъ. Капитанымрэ пшъашъэмрэ аIорэр зэхехы. Лэукъан къызэрэшIошIырэмкIэ, а пшъэшъэ тхъоплъыр лIымрэ шъузымрэ ягъус.

Пшъашъэмрэ капитанымрэ гущафэ зыфэпшIын фэдэ зэраIорэп. ГъогурыкIохэр зызэIукIэхэкIэ зэраIоу хабзэр зэхехы.

– Тэ укIора? – капитаныр пшъашъэм еупчIыгъ.

– Сянэжъ дэжь Ермэлхьаблэ тэкIо,– пшъэшъэ тхъоплъыр капитаным къыIугушIуагъ.– Мыхэр сятэрэ сянэрэ.

Капитаныр апхъу къызэрэдэгущыIэрэр ягуапэу пшъашъэм ятэрэ янэрэ нэгушIох.

Капитаным зыкъызэригъэзэкIи, Лэукъан дэжькIэ къэплъагъ. Лэукъани газетым еджэ.

ТIэкIу зытешIэм, капитаныр къэтэджыгъ. Чемоданыр къызэригъэнагъэр Лэукъан ылъэгъугъ, «чыжьэ кIощтэп ар...» ыIуагъ.

ЩыIэп капитаныр.

Лэукъан гумэкIэу регъажьэ. Чемоданыр къэзгъэгъунэнэу къысфигъани, хэхьажьыгъэмэ сшIэрэп... Лэукъан пчъэр зыIуехым, капитаныр тутын ешъоу тамбурэм рилъэгъуагъ.

Арымэ Iофэп.

Зэ шъхьам къызхэкIыгъэр ымышIэу Лэукъан къызэкIэщтагъ. НэпIэ гъэупIэпIэгъум джыбэм иIэбагъ. Ау зыкъиушIэжьи, кIэрахъом блэIэбыкIи, тутыныр къырихыгъ.

Пчъэ сэмэгу икIыгъом капитаныр кIэрыт, лъэкъуитIур зэблэдзыгъэу тутын ешъо. Лэукъан апэ капитаным хилъэгъуагъэр ынэ шхъонтIитIу. Нэпцэ сырыф гъожьышъохэри напшIэм телъых.

Адырэ пчъэмкIэ Лэукъан уцугъэ. ЫшIэщтыр ымышIэу заулэрэ щытыгъ. ЗыдакIорэмкIэ капитаным еупчIыным рикушъугъэп. Ау чыжьэкIэ къыригъэжьэни, нэIуасэ зыфишIынэу ыгу къэкIыгъ. Сырныч имыIэ фэдэу иджыбэмэ атеуагъ, капитаным еупчIыгъ:

– Тутыныр хэсэбгъэгъэнэна?..

Мыгузэжъуахэу лъэкъуитIур зэтырихи, капитаным иджыбэ сырныч коробкэ къырихыгъ, къыфидзыгъ. Лэукъани Iэ сэмэгумкIэ бани, къыубытыгъ. Тутыныр зыхегъанэм, фихьыжьи, ритыжьыгъ.

– Тхьауегъэпсэу.

Капитаными шъхьэр къыфигъэсысыгъ, къыIугушIуагъ.

МэшIокур бгы тIокIэшхом дэлъэдагъ, бэрэ мычъэу къыдэлъэтыжьи, губгъо шъофым риушъокъожьыгъ. ЧыжьэкIэ орзэ хьандзохэр тIурытIу-щырыщэу къэлъагъох.

– Сегупшысэшъ, тихэгъэгу ины,– капитаным къыIуагъ,– къушъхьэр къушъхьэ, губгъор губгъо, мэзыр мэзы, гъуни нэзи зимыI зыфаIорэм фэд.

– Ары, хэгъэгу ин,– Лэукъани дырегъаштагъ.

– Заом тыздэмыкIуагъи щыIэп, хэгъэгу Iаджми тарыхьагъ, ау мыщ фэдэ губгъо шъоф дахэ зыми ислъэгъуагъэп...

– ЕтIани мыщ фэдэ хэгъэгушхор нэмыцмэ ракIыным пылъыгъэх.

– Ащ ягухэлъ иныгъэ...– капитаныр хэщэтыкIыгъ.

ЗыдакIорэмкIэ Лэукъан еупчIын зыщиIощтым, капитаныр тамбурым дэкIыжьи, вагоным ихьажьыгъ.

Мы сызхаплъэрэр кIэлэжъ дэгъун фае, Лэукъан еIо, пчъэм хэлъ пынджырым еплъы, сыхьаулыягъэкIэ сэгугъэ, джары умышIэрэм ыуж уимыхь зыкIаIорэр... Ары шъхьакIэ, нэмыкI ыгу къыриIорэр. Ащ нахь тырегъэгушIухьэ, апэрэ станциешхом нэс ыгъэкIотэнышъ, хъурэм еплъыщт. Зэрыс мэшIокумрэ Москва къикIырэ мэшIокумрэ а зы уахътэм ащ къыщэуцух, зыкъыдыридзэни къыдэкIожьыщт.

Ау Лэукъан зэмыжагъэр ошIэ-дэмышIэу къыкъокIыгъ.

МэшIокур разъезд горэм къыщыуцугъ. Капитанри къызщылъэтыгъ:

– Разъездым къыщыуцун Iоу сшIэгъахэп. Тадэжь мыщ пэчыжьэжьэп.

Зэ капитаныр къыгъэуцунэу Лэукъан ыгу къилъэдагъ. Ау ащ нэс капитаныр вагоным икIыгъ. Лэукъан капитаным ыуж ихьагъ. Ахэм анэмыкIэу мэшIокум нэбгырэ заулэмэ зыкъыратэкъугъ. КъикIыгъэхэр зэкIэ бзылъфыгъэ зэкIагъэх.

МэшIокур игъогу техьажьыгъ. Лэукъани ядэжь къэсыжьыгъэм фэдэу, мыгузэжъуахэу къэзэхъо пшъэшъэжъыем дэгущыIэ фэдэу зишIыгъ.

Капитаным щырыкъулъэкI къэтабэр чемоданым къыдихыгъ. Пхъэ хъураеу щылъым ылъакъо тыригъэуцуи, щазымэр зэпэжъыужьэу ыгъэцIыугъ. Щазымэхэр ылъэкIыфэкIэ Iэгъо-благъор къыплъыхьагъ, Лэукъани къыфычIэплъыщтыгъ. Разъездым Лэукъанрэ пшъэшъэжъыемрэ нэмыкI цIыф тетыжьыгъэп. Чемоданыр къыштэжьи, капитаным Лэукъан къыфиузэнкIыгъ, апэ шъхьэм къихьэгъэ цIэмкIэ къеупчIыгъ:

– Гофрикотскэ къутырым таущтэу сынэсын слъэкIына?

Ащ фэдэ къутыр мы Iэгъо-благъом итэп... Сыгу сыкъигъэпцIагъэп. Мыр зэрэцIыф мытэрэзыр къышIагъ, Лэукъан ыIуагъ.

– Гофрикотскэ къутырыр пIуи? – Лэукъан капитаным еупчIыжьыгъ, псынкIэуи пидзэжьыгъ: – Ар муарба, модэ мо чъыг купэу къэлъагъорэмэ апшъаIокIэ щыт. Сэри ащ сэкIо. Лъэсэу укIомэ, зы сыхьаткIэ унэсыщт.

– Ащыгъум тызэгъогогъуба, лъэсыми, лъэсы. Сынэмысы хъущтэп...

Къутырым тынэсымэ цIыфхэр IэпыIэгъу къызфэзгъэхъун, Лэукъан капитаным ыуж ихьагъ:

– Муары мо шъузхэри ащ мэкIожьых...

– Ахэри ащ щыщыха?

– Щыщых.

– Ащыгъум, сэ сизакъоп ныIа зинасып къикIыгъэр...

– ЗэрэхъурэмкIэ, о уизакъоп... Мыщ бэрэ мэшIокур къыщыуцурэп.

– Ары сянэшыпхъуми къызэритхыгъагъэр.

– Хэтмэ ащыща?

– Подопригорэмэ ащыщ... ОшIэха?

– СымышIэхэ мэхъуа, чылэм ызыкIэлъэныкъох...

НэбгыритIур тыгъэгъэзэ хьасэм хэхьэрэ гъогум техьагъэх. Тыдэ уплъагъэми гъожьымэр губгъом тырехы. Шъхьэр ыгъэуназэу мэIэшIур пчэдыжьыпэ жьыбгъэ макIэм къелъэсы. Ошъочапэм къыдэпшыерэ тыгъэм тыгъэгъазэмэ ашъхьэ фагъазэ. Зыгорэ Iэпызыгъэшъ лъэхъу пIонэу коцыпкъым ыкIыIу бгъэжъыр щэхьарзэ.

Зэо лъэхъаным янэшыпхъур Украинэм къикIи, къутырым къэкIогъагъ. Заор заухым къыгъэзэжьыгъэп. ЛIы дэкIуагъ. Сабыихэр иIэх. Къутырым апэрэу макIо – джахэр капитаным игущыIэх.

Лэукъан капитаным фэсакъы, фычIэплъы.

– Адэ, Ефросиния Тимофеевнар ошIа?..

– СымышIэ мэхъуа!..

– ОшIэмэ джары сянэшыпхъур.

– Шъуз хъарзын...

Лэукъан гущыIэ къэухыгъо ифагъэп, зыгорэм къыстыгъэу къыщыхъугъ. Капитаным ыIэ къызэриIэтыгъэмрэ блэбгъум къырычъэгъэ лъыр зэрэфэбагъэмрэ нэмыкI Лэукъан къышIэжьрэп. МэшIокум къызщикIыгъэгъэ разъездым Лэукъан къыщынэхъэжьыгъ. Инасыпти псынкIэу къалэм къагъэсыгъ, армырмэ лъыбэ кIэчъыщтыгъэ. Мазэм къехъу сымэджэщым чIэлъыгъ. Шъэжъыяпэр Iэпэ тIуалэкIэ гум блэкIыгъ.

Сымэджэщым Лэукъан къызычIэкIыжьым, Iоф ымышIэу бэрэ щысыгъ. Джаущтэу Къэрэбэт Лэукъан капитан-диверсантыр IэкIэкIыжьыгъагъ...

Ар Дальмар арыгъэ.

Ар зыхъугъэм илъэс пчъагъэ тешIагъ.

Телефоныр къытеуагъ.

– Майорэу Къэрэбэтыр къэдаIо. Джыдэд, товарищ полковник.

Лэукъан ядэжь теуагъ:

– Шъукъысэмыж, бэрэ сыкъэтыщт...

КГБ-м итхьэмэтэ полковникэу Смирновым икабинет оперативнэ купыр къыщызэрэугъоигъ.

– Шъукъызфэсыугъоигъэр мыщ фэдэ Iоф: зыщыщ амышIэрэ самолет горэ тикъэралыгъо чIыгу гъунапкъэ къызэпырыбыбыкIи, квадратхэу 5–6–7–8–9–10–11–12–13-м ашъхьарытыгъ. Ащ ыуж хы ШIуцIэмкIэ быбыжьыгъэ. Самолетым мурадэу иIагъэр зыми ышIэрэп,– игущыIэмэ атеIункIэзэ, полковникым къыIуагъ.– Джыдэдэм,– полковникым къыпидзэжьыгъ,– а квадратхэр къэдзыхьэгъэнхэ фае. Арышъ, оперативнэ купым ипэщэщтыр майорэу Къэрэбэт Лэукъан. Гъощэгъэ самолетэп ар. Сэ шъосымыIожьыми, пшъэрылъэу щытыр зыфэдэр хэти ешIэ. Хэт упчIэ иI?

Зыми зи къыIуагъэп.

– УпчIэ зышъуимыIэкIэ шъуиIоф ыуж шъуихь,– полковникыр къэтэджыгъ.– ШъуиIоф зэрэкIорэм сыхьат пэпчъ сыщыгъэгъуаз, товарищ майор.

– Хъун, товарищ полковник,– Лэукъан къэтэджыгъ, полковникым къыӀуагъэр къыкӀиӀотыкӀыжьыгъ.– ТиӀоф зэрэкӀорэм сыхьат пэпчъ ущызгъэгъуазэзэ сшӀыщт.

– ХъяркӀэ.

Лъэтемытэу Ӏофэу апшъэ ралъхьагъэм ыуж ихьагъэх. Нэф къэшъэу ригъэжьагъ.

Дэпкъым пылъэгъэ сыхьатышхом Иннокентий Терентьевичыр, полковникэу Смирновыр еплъыгъ, зэлъыжъгъыужьэу сыхьатыр къытеуагъ, жъгъыу макъэр зэлъыпытэу пшӀыкӀутӀо унэм щыӀугъ. Дэпкъ сыхьатыр къытео къэс, иӀэпшъэ сыхьат еплъыныр полковникым ишэныгъэти джыри ар блитӀупщыгъэп, къызэкӀэрымызхэу такъикъым такъикъыр кӀэлъыкӀозэ, тӀури зэдакӀощтыгъэх.

ЦӀыфым ыгу течъын дунаим тетэп. Иннокентий Терентьевичыр гукӀэ Колыма нэсыгъ, хэщэтыкӀи, пхъэнтӀэкӀу бармэкъым кӀыбыкӀэ зыригъэкӀыгъ. Мыщ щымаф, Колыма чэщым щижъобгыпӀ... Осыр щызэрехьэ... Дышъэ къычӀэхыпӀэмэ жьыбгъэр ащэхъушӀэ...

ГукъэкӀыжьэу шъхьэм къибэнагъэхэм къахэлъэтыжьы пӀонэу полковникыр къэтэджыгъ, лъэбэкъу заулэкӀэ шъхьаныгъупчъищэу кабинетым хэлъым яз екӀолӀагъ, гуапэм ыгъапэхэ зыхъукӀэ, гуӀэхэзэ джэнэ пшъапӀэр зэратӀатэу, гъучӀ шӀодзапӀэхэр шӀуигъэпкӀыхи, шъхьаныгъупчъэр Ӏуихыгъ. Бжыхьэ жьы къабзэр унэм къизэрэгукӀэу ригъэжьагъ.

Радиом хэгъэгу къэбархэр етӀупщыгъэу къеӀо, ӀэкӀыб хэгъэгу къэбархэм защыхэхьащтым, телефоныр къытеуагъ.

– Алло, сыкъэдаӀо,– полковникым Къэрэбэтым ымакъэ ышӀэжьыгъ.

Лэукъан гущыӀэ чӀэгъычӀэлъкӀэ, къедэӀурэм зэхимышӀыкӀынэу, полковникым къыдэгущыӀагъ. Квадратищэу къаплъыхьагъэм гуцафэ зыфэпшӀын зэрэхамылъэгъуагъэр къыриӀуагъ. Я 8-рэ я 9-рэ квадратхэм анаӀэ нахь щатырагъэтынэу майорым фигъэпыти, полковникым трубкэр тырилъхьажьыгъ. Сыда хымэ самолетым имурадыгъэр? Джа упчӀэр шъхьэм икӀрэп. Зыгорэ щыӀахэмэ, зы чъыг тхьэпэ закъо мэзым щыпызыгъахэмэ, Къэрэбэт Лэукъан инэплъэгъу зэрэӀэкӀэмыкӀыщтым полковникым ицыхьэ телъ...



## Мэз лъагъом зызэхещыхьэ

Дальмар чъыг къутамэмэ яутэкӀыгъ, чӀыгум лъапэкӀэ нэси, бгъунджэу зигъэукӀорэигъ. Зэрэщылъэу парашютым зыкъыригъэтӀупщыгъ, къызщылъэти, зэкӀоцӀищыхьагъ. ГъуситӀур къызщетӀысэхыгъэм Дальмар пылъыгъэп, ежь чӀыпӀэм зэрикӀыщтым кӀэгуӀэзэ, ечъэжьагъ.

Сыхьат гъогу тетыгъэу мэз цун чъыгэе лъапсэ горэм парашютыр щычӀитӀагъ.

ТхьакӀумкӀыхьэм илъэуж пкӀэтэ-лъатэзэ зэрэзэхищыхьэу Дальмар илъэуж зэригъэкӀодыжьыщтым пылъ. Псы къочъ цӀыкӀуми, орыжъылъэми езэгъыщтыгъэ илъэуж зытхьакӀын ыгъотыгъэмэ... Дальмар бгы тӀокӀэ лъэныкъом дэцохъоенэу ригъэжьагъэу инэӀосэ бзыу макъэ ытхьакӀумэ къыридзагъ. Мыжъо къогъу зишӀи, дэӀуагъэ. ТӀэкӀу тешӀэ къэс бзыу макъэм игумэкӀ Дальмар зэхехы. Ар мыщ нэс сыда къэзыхьыщтыр?.. Хьауми сауж ита?..

ТӀахьирэ ыуж итынэу зэрэхъугъэр Дальмар къыгурыӀорэп. Ар къыримыгъэкӀоу парашютым мы лъэныкъом къыхьыгъэнкӀи мэхъуба, зэушъыижьы.

Апэ самолетым ТӀахьир къыпкӀыгъэр. Нэбгырищымэ азыфагу охътабэ дэмыуагъэми, а охътэ макӀэм къыкӀоцӀ самолетыр мэзым шъхьащытэу километрэ щэкӀы фэдиз быбыгъэ.

БгъуитӀумкӀэ чӀыгур къани, ТӀахьирэ чӀым пхырызэу ыублагъ. ЧыжьэкӀэ ылъэгупчэ чӀэгъ псы макъэ къыщэӀу. ТӀокӀэшхо горэм зэрэдафэрэр ТӀахьирэ къышӀагъ. Ардэдэм зыгорэ ыблыпкъ къетхъуи, къыубытыгъэм фэдэу къызэтени, жьым къыхэнагъ. ЗытӀо-зыщэ Ӏэпкъ-лъэпкъхэмкӀэ нэпкъ цӀынэмэ яутэкӀыгъ...

ТӀахьирэ къызэплъэм, ылъэгъугъэм ыгъэщтагъ. Ипарашют къуапэ хьамдэчышхом инэпкъ къыхэщэикӀрэ мыжъо цакӀэм пынагъ, псы мэкъэ дэгур къыдэӀукӀы, шӀункӀ. Парашют къуапэр зэрэзэпытхъэу чӀэ зимыӀэ къуладжэм дэфэщт, ӀэпыӀэгъунчъ. Зигъэсысы хъущтэп.

Хьамдэчым ТӀахьирэ зыдэшӀагъэр сыхьатныкъом къехъугъ. Игъусэмэ бзыу макъэкӀэ яджагъ. Зи щыӀэп. Ылъакъохэр шъонтым фэдэу хьылъэ мэхъух. А сыхьатныкъом ищыӀэныгъэ ынэгу кӀэкӀыжьыгъ.

Парашют кӀапсэхэр къыкъудыигъэх, зыпынэгъэ мыжъор сысырэп. Мыжъом ипытагъэ ТӀахьирэ къыгъэ-

гушхуагъ. КӀапсэм зыпигъанэмэ къыкъудыизэ, лъакъокӀэ нэпкъым зыригъэкъумэ дэпшыеу регъажьэ, нэпкъ цӀынэм щэцӀанлъэ, къефэхыжьы. ФэшӀэшъуэщтымкӀэ ищыӀэныгъэ фэбанэ, ишӀуагъэ къакӀорэп. Къэнэжьыгъэ закъор хьамдэчым ихьадэгъу щигъотыныр ары.

Ащ сыдыгъуи сыфифэжьыщт еӀо, фэшӀэшъуэщтым егупшысэ. Уахътэ дигъаозэ бзыу макъэмкӀэ игъусэмэ яджэ.

Дальмар джэмакъэм екӀугъ. Парашют къуапэр жьым зэрихьэу ылъэгъугъ. Мыщ икъыдэхыжьын мэфэныкъо текӀодэщт, ыӀуагъ.

– КӀапсэр къедзых,– ТӀахьир къэкууагъ.

– Умыкуу!.. Джыдэд...– шъэжъыер Дальмар къызэдигъэпкӀыгъ.

– ПшӀэрэр сыда, хьам къылъфыгъ!..

Парашют къуапэм Дальмар хэӀагъ, мыжъом фэдэу ТӀахьирэ тӀуакӀэм дэфагъ...

ЕтӀани кӀэрахъомкӀэ къэон ихьисапыгъ ащ, Дальмар ыӀуагъ. Уразведчикын зыхъукӀэ лӀыгъэ тӀэкӀу горэ пхэлъын фае... Зышъхьэ къезыхьыжьэжьрэ пстэури зэхэуугъуаекӀэ, яягъэ нахь, яшӀуагъэ къэкӀощтэп. ЫнитӀу къаплъэзэ парашютым тӀуакӀэм зышъхьэщыригъэхьагъ...

Тыгъэр къушъхьэ шыгум къышъхьащыхьагъ. Псы къочъ цӀыкӀумэ азэпырыкӀмэ къазэпырыкӀыжьызэ, Дальмар сыхьатитӀо фэдиз кӀуагъэ. Ужыр къызэрамыфрэр зешӀэм, тӀыси зигъэпсэфыгъ. Шоколад такъырым кӀэшъугъ. Мэфэ заулэ фикъущт шхыни ыӀыгъ.

Дальмар анахьэу къушъхьэ туристхэр арых зыщыщынэрэр. Ахэм къамыкӀухьэрэ щыӀэп, зыхэмыхьэрэ къагъанэрэп. ЗэкӀэри ашӀэмэ ашӀоигъу. Чекистхэри ахэтэуи къыхэкӀы. Ащ пае ахэм защидзыещтыгъэ. Къушъхьэхъум щыӀэ Ӏахъохэри ылъэгъу хъущтыгъэхэп – уаӀотэщт.

Илъэс заулэкӀэ узэкӀэӀэбэжьымэ, тихэгъэгу зекӀыжьым, нибжьи къимыхьажьынэу Дальмар тхьэ ыӀогъагъ. Аущтэу езыгъэӀони щыӀагъ. Ар ыгу къызыкӀыжьрэм зыфэгубжыжьы. Бэлэрэгъыгъэ къызэрэзыхигъэфэгъагъэмкӀэ зеумысыжьы.

А кӀэлэжъ пэщыныцӀэр къыздикӀыгъагъэри сшӀэрэп, ыӀуагъ. Ашъыу американцэмэ аӀу-амыӀоми, мы хэгъэгум исхэр зэкӀэ чекистых. Сыда а кӀэлэжъыр, лъэмыджыр къызысэгъаом, сауж къызкӀихьэгъагъэр? Ихьадэгъу зыщи-



гъотыщтыр ымышӀэу къырифыжьэгъагъэщтын... Дальмар игупшысэ бэ къыбыбыхьэщтыгъэр.

Дальмар бэ пэкӀэкӀыгъэр. Зыгъэежьын иӀагъэмэ, шъэрэ агъэежьыни.

Шъхьэзэкъо къурэу дунаим тет. Зы шӀулъэгъуныгъэ закъо нахьи егъашӀи иӀагъэп. Ащ итхьамыкӀагъо къылъекӀухьэ. Сыд фэдиз хэгъэгу ащыӀагъэми, бзылъфыгъэ ӀукӀагъэми ар щызгъэгъупшэн щыӀэп.

А лъэхъаным Дальмар Англием щыӀагъ. Мотоциклэм ыдзи, сымэджэщым зычӀэфэм, медсестра горэм нэӀуасэ фэхъугъагъ. А пшъашъэм Джой ыцӀагъ. Ынэхэр къыпцӀэ мыджырым яхьыщырхэу шхъонтӀэбзагъэх. Ыпкъ дэе чы псыгъом фэдэу ищыгъагъ.

Дунаим Джое Ӏахьыл щыриӀагъэп. Приютым щапӀужьыгъагъ. Ащ ыуж Ӏофтабгэу бай унагъо горэм исыгъ. ЕтӀанэ медсестра еджапӀэр къыухыгъ.

Пшъэшъэ зэкӀужьыр Дальмар шӀу ылъэгъугъ. Пчыхьэм киноум къикӀыжьыхэзэ, къыдэкӀуагъэмэ Дальмар къызэрищэщтгъагъэр Джое риӀуагъ.

– Осэмэркъэущтын, Гарри? – Джое щхыгъэ.

– Ащ фэдэ сэмэркъэу ашӀырэп.

Мэфэ заулэ тешӀагъэу Дальмаррэ Джоерэ къэзэрэщагъэх.

Щэ къезыщэкӀрэ кӀалэм нэмыц разведчик Ӏоу гуцафэ фэпшӀыныеп. Дзэмэ яхьылӀагъэу газетхэм къарыхьэхэрэр, цӀыфхэм аӀохэрэр, дзэхэр зыдэщыӀэ чӀыпӀэхэр, нэмыкӀ къэбар шъэф зэфэшъхьафхэр разведчик ныбжьыкӀэм зэригъашӀэщтыгъэх. Тхьаумафэм зэ ащ фэдэ шъэфхэр щэр зэрыт апчым илъэу унагъо горэм Ӏуихьэщтыгъэ. Зэритрэри ышӀэщтыгъэп. Ныожъ од цӀыкӀу горэ къикӀыти, щэр Ӏихыщтыгъэ.

Ныожъ быкъэр Дальмар ылъэгъу хъущтыгъэп. Ащ пчэдыжьыпэм Ӏумыплъэным пае къымыштэн щыӀагъэп.

Джое гъойщаети, а мафэм зыкъаригъэтӀупщыжьыгъагъ. Дэу щысызэ хьакӀустэлыр Ӏэпызи, пхъонтэ къогъум къофагъ. ХьакӀустэлыр къыштэжьынэу зеӀэбэхым, ошӀэдэмышӀэу джэхэшъо пхъэмбгъур къытепкӀыгъ. ТхылъыпӀэм кӀоцӀыщыхьагъэу пхъэмбгъу чӀэгъым зыгорэхэр чӀэлъых. Зеплъым, Джое щтагъэ: ыпашъхьэ рациер, кӀэрахъор, ахъщэхэр илъых.

– Мыхэр сыда зилӀэужыгъохэр, Гарри? – Джое лӀым еупчӀыгъ.

Дальмар зы гущыIи къымыIоу зэкIэ тхылъыпIэм кIоцIищыхьажьыхи, джэхэшъо чIэгъ ышIыжьыгъэх. Пхъуантэри ичIыпIэ ыгъэуцужьыгъ.

– Гарри, къаIо джыдэдэм, сыда ахэр зыщыщхэр?!

– УмыгумэкI, Джой, мыхъун зи сшIагъэп...– апэ ышъхьэ къиихьэгъэ гущыIэхэр Дальмар къыIуагъэх.– Ахэр синыбджэгъу горэм сигъэгъэIылъыгъагъэх...

ЦIыфыр шIу плъэгъу зыхъукIэ, зэрэхъурэр умышIэу, ащкIэ нэшъу охъу, щыкIагъэ хэплъагъорэп. Ащ нахь дэгъу дунаим темытэу къыпшIошIы. Джое дэхагъэ нэмыкI илI хилъагъощтыгъэп. ИщхыкIи, изекIокIэ-шIыкIи, иIэбакIи ыгу рихьыщтыгъэ. Анахьэу Джое ыгу рихьыпэщтыгъэр Дальмар иIэсагъ. Унэм ис-имысми умышIэнэу зыдэтIысыгъэм къыщытэджыщтыгъэ.

– Адэ сыда джэхэшъо чIэгъым зыкIычIэбгъэбылъхьагъэр?

– УасIорэр пшIошъ хъурэп, ара, Джой?..– шъузым ытэмэпкъышъхьэ псыгъохэм Дальмар Iэ ащефэ.– Хъун, Джой, зымыухыжь... Ар хъуна, уилI цыхьэ фэпшIыжьырэп, ара?..

Дальмар чъыIэ-чъыIэу Джое ытэмэпкъышъхьэхэр IуигъэзыкIыгъэх. Гукъэо-губжыгъэ зыригъэшIэу тэджи, шъхьаныгъупчъэм Iухьагъ.

Дэнэгъо шъхьацыр Iэ лъэныкъомкIэ нэтIэбгъум Iуищэики, Джое ышъхьэ пIэкIор къуапэм къытыриIэтыкIыгъ. ЗыплIэIу шъуамбгъохэр къыфэгъэзэгъэ лIым дэжькIэ плъагъэ. ЛIыр зыгорэм тырехы фэдэу къыщыхъугъ. Дальмар зыкъызэригъэзэкIыгъ. Апэ хъыягъэр умышIэнэу тIуми зызэрадзыгъ.

Дальмар а пчыхьэм Джое ыгъэдэIуагъ. Ау чэщ реным Дальмар чъыягъэп. КъехъулIагъэм егупшысагъ.

Пчэдыжьым Джое риIуагъ:

– Зэгу, Джой, Iофышьэ сэ унэзгъэсыщт.

– Хьау, Гарри, сэр-сэрэу Iофышьэ сыкIощт. Джа зэрэтIуагъэу пхъонтэ чIэгъым чIэлъхэр къыозытыгъэм етыжьых, сишъуз къысфидэрэп Iори еIу.

– ПIуагъэр згъэцэкIэщт! – Дальмар ишъуз есэмэркъэугъ.

Тыгъоспчыхьэ къехъулIагъэр Дальмар ыушъэфы хъущтэп. Шефым есымыIозэ, ыIуагъ, сыкъишIэн нахьи сэр-



сэрэу есIомэ нахьышIу. Джое сызэримыIотэщтри гурызгъэIон. МашIом сыхэхьагъэми, къыздыпэхьащт.

КъехъулIагъэр зэкIэ, ыгу илъым нэс, ишъуз шIу зэрилъэгъурэр зэкIэ ытхи, ныо быкъэм дэжь Дальмар ыхьыгъ. Ныор шIэхэу унэм къикIыжьыгъ, къеIушъэшъагъ:

– Пчыхьашъхьэ сыхьатыр хым ыныкъо мыщ тIуми шъукъакIу, шефыр къышъожэщт...

Зэ укъэгущыIагъэмэ ары, о Iаер, ыIозэ, Дальмар пчъэIум къыIукIыжьыгъ. IофшIэгъу ужым, мотоциклэм зыридзи, Джое лъыкIуагъ.

– Ныпчэдыжь осIуагъэр бгъэцэкIагъа, Гарри? – Джое лIым къеупчIыгъ.

– Ызыныкъу ныIэп, Джой, згъэцэкIагъэр. СыхьатныкъокIэ фэтхьыжьыни, унитIукIэ плъэгъузэ, естыжьыщт...

Дальмар сыхьатыр хым ыныкъо Джое игъусэу ныом ипчъэ Iухьагъ. Сыдэу ныо хьадэгъодаха, Джое ыIуагъ.

Унэм, ихьагъум нэмыкIэу, бгъуитIумкIэ пчъитIу хэлъ. Шъхьаныгъупчъэхэм Iухъо гъожь онтэгъухэр аIухъуагъэх. Дэпкъым, шъхьаныгъупчъэ Iухъомэ ашъор ышъоу, диван кIэрыт, адыкIэ креслэ зырызхэри щытых. Стол шъэджашъэм пчэгур зэрэпсаоу ыIыгъ.

Джэхэшъогум теубгъогъэ алырэгъум ныор шъабэу рыкIуагъ, унэм икIыгъ. Адырэ пчъэмкIэ бэ темышIэу а ныо дэдэр къычIэкIыжьыгъ. Илъэс реным Дальмар щэ зыфихьыгъэ ныор арэу пшIэжьынэп ыпашъхьэ итыр. НэкIу зэлъэгъэ закъор ары къыхэнагъэр. Iэпкъы-лъэпкъыхэр пытэх, ищыгъ, нитIур къелыдыкIы. НэрмылъэгъукIочIэ лъэшым Дальмар къыIэтыгъ, Джоий къызщигъэтэджыкIыгъ.

– Сыда, сипшъэшъэжъый, узгъэщтагъэр?..– ныом ыIэ сэмэгу псынкIэу жьым щылъэтагъ. Джое къызэхэланли, Дальмар ыбгъэ чIэукIорэягъ.– Узпэтыр сыда, жэукъыжъ, диваным телъхь!

– Джое зи илажьэп!..

– Диваным илъхь зэраIуагъэр орба!.. Тхьалэ!

Дальмар иджыбэ итхъожьыгъ.

– ПIэ уиджыбэ къих! – бзылъфыгъэ макъэ Дальмар ыкIыбыкIэ къыщыIугъ. КъызызэплъэкIым, газетыщэ киоскым тес пшъашъэр ылъэгъугъ, къыфигъэпытагъ: – Тхьалэ зэраIуагъэр орба!

Дальмар зыми фитыжьыгъэп. КъыраIорэр ымышIэмэ ышъхьэпхэтыку е ынэтIэгу пцэшIощэ мэкъэнчъэр къифэщт. ЛIэныгъэр е щыIэныгъэр, тIумэ яз.

Джое ыпшъэ псыгъо дахэ Дальмар ыIэ чъыIэхэр нэсыгъэх. Iэхъомбэ кIыхьэхэр кIэзэзхэзэ, ишъуз ыжэпкъ чIэгъ чIигъэнагъэх...

Хэчъыягъэм фэдэу Джое диваным телъ. Дальмар ынэкумэ нэпсыр арыз...

– БзылъфыгъэкIэ узэрэдэгъур тигуапэ,– ныом къыIуагъ,– ау ащ шIу къызэрэпфимыхьыщтыр зэгъашIэ!..– Ныом нэкIэ шкаф лъэныкъомкIэ газетыщэ бзылъфыгъэр ыгъэплъагъ, вискирэ рюмкэхэмрэ къыдыригъэхыгъэх.

– Iэты мыр,– ныом бжъэр Дальмар фигъэкIотагъ,– пщигъэгъупшэщт.

Бжъэм лъыIэбэнкIэ Дальмар мэщынэ. Ныом Дальмар ригъэлъэгъузэ бжъэм ешъуагъ. Адырэ бзылъфыгъэми ар ышIагъ. Дальмари гопэ дыджэу ыбгъэ щызэхэхъуахыгъэм шъоныр тырикIэжьыгъ.

Зыгори къямыхъулIэгъахэ фэдэу щыри зэдеIэхэзэ, Джое алрэгъум кIоцIащыхьи, пчъэ къогъум къуаусэжьыгъ...

– Неущ сыхьатыр пшIыкIутIум самолетыр Мадрид мэбыбы,– ныом Дальмар къыриIуагъ.– Джащ удэкIощт. ХьылъэзехьэукъыокIолIэщтым Берлин пчыхьэм быбырэ самолетым уритIысхьанэу билет къыуитыщт. Мыщ уиIофышIэн щыуухыгъ.

– Нычэпэ шъуадэжь уимылъ,– адырэ унэмкIэ газетыщэм Дальмар ыгъэплъагъ,– мощ къыкIэупчIэщтхэм тIуми шъукIодыгъэу къашIорэшI...

Ар зыхъугъэм илъэс пчъагъэ тешIагъэми, ДжоекIэ къехъулIэгъагъэр Дальмар щыгъупшэрэп, къин зыщыхэфэрэ чIыпIэм ошIэ-дэмышIэу ар ыгу къэкIы. Джа гукъэкIыжьхэр хэо-хапкIэхэу зытет лъагъом щызэбгырычъхэзэ, къызщетIысэхыгъэ чIыпIэм, ТIахьири Сергей къыхинэзэ, Дальмар IокIы. Нахь лъыкIуатэ къэсми, хигъэкIрэр шIомакIэу ипшъыгъэ щэгъупшэ...

## Мышъэм шъэф иIэп

Лэукъан зипэщэ оперативнэ купым чъыем къыхэущыкIыжьрэ мэзым зыхатэкъуагъ. Чъыг тхьапэмэ осэпскIэ затхьакIы. Бзыумэ тыгъэу къыкъокIрэм орэд къыфаIо. МэзтеупкIхэм амакъэ блэгъэ-чыжьэхэу къэIух.

Геворк Арбанян итеплъэ емылъытыгъэу ныбжьыкIэ, къопцIэ нэгуф, кIэлэ зикъэмыщ, сэмэркъэушIыл. КъызкIэмыщэрэр зыраIокIэ, къэпщэщтыр Iофа, пIорэр запIорэм гурыбгъэIон плъэкIынэу апэрапшIэу псэлъыхъуакIэм зебгъэсэн фае къареIожьы.

Лэукъанрэ Геворкрэ Iоф зызэдашIэрэр илъэсищым къехъугъ. МитIур таущтэу зэкIушъухэра зыIохэрэр щыIэх. Ар зытыраIухьэрэр Лэукъан идымыIугъэрэ Геворк ичэфыгъэрэ. Непэрэзымафэм гущыIэ къымыIоу, ышъхьэ зыгорэм хэгъэнагъэ зэпытэу, тутыным ыуж тутын ыгъэстэу Лэукъан щэсы. Мэфэ реным къыIорэр зы гущыIэ закъу. Тутын сиIэжьэп Лэукъан зиIокIэ, IофшIэн ухыгъор къызэрэблагъэрэр Геворк къыгурэIошъ, сыхьатым еплъэу, зикъудыеу регъажьэ.

Лэукъан лIы инэп, лIы цIыкIоп, гурыт зыфаIорэм фэд. Самбырэу мэзекIо, гузэжъоныр иджагъу. Хэмылъми хагъахъозэ, къэбар къэзыIуатэрэмэ ащыщэп, ау зыгорэм икъэбарIуатэ едэIуныр икIас. ЗыщхыкIэ, щхы макъэр къыIотэкъу, цэ фыжь зэкIужьхэр къыIопсых.

МэзтеупкIмэ яуцупIэ нэсыфэхэкIэ Лэукъан зы гущыIэ къыжэдэкIыгъэу Геворк зэхихыгъэп. Ау тIуми ягупшысэ зэтечъ зэолIэжьыщтыгъэр зы Iофыгъу.

IофшIэныр рагъэжьэным ыпэкIэ Лэукъан мэзтеупкIмэ ариIуагъ:

– Шъущымыщ къышъухахьэмэ цыхьэ къызфежъугъэшI, шъумыгъащтэ, шъуфэсакъ.

Мэзым зыщыгъэбылъыгъошIуми, хымэмкIэ ар шъоф нэкIым фэд. МэзтеупкIыхэм защыдзыегъуай. Анахь лъэгъо шъэфыри ахэмэ къяолIэжьы.

Обзэгъухэр Лэукъанрэ Геворкрэ атамэхэу заулэрэ зэкIохэм, мэзгъэхъунэм ихьагъэх. Алъакъохэр осэпсым пигъэшъукIыгъэхэми, пчэдыжь жьы къабзэр къякIоу агукIэ псынкIэх.

Мэзгъэхъунэм, пшысэмэ зэрахэтым фэдэу, унэ къитэджагъ. Ар Джамбот мэзпэсым иун. Гъэмафэрэ ишъузи исабыйхэри къещэхэшъ щэпсэу. Еджэгъур къызысрэм, мэзтеупкIхэр зыщыпсэурэ чылэм иунагъо ещэжьы.

Ныпчэдыжь сентябрэм ищышъ, исабыйхэр чылэм ыщэжьыгъэхэу Джамбот иунэ зэгъокIы. Мэзпэсым иунэ щымыгужъохэу, псы щешъохэ фэдэу зашIи, Лэукъанды-

хэр гъогу техьажьыгъэх. Заулэрэ кӏуагъэхэу лъэмакъэ горэ зэхахыгъэ. Чъыг къогъу зашӏыгъ. Къэгъэззэгъум мэзпэсыр къыкъокӏыгъ. Пчэн цӏыкӏур ыпэ ит. Тыгъужъышъор ытамэ телъ. Тӏо зэбгъулъ шхончри пэ дэгъэзыягъэу тэмэпкъым шӏохэлъ. Жэкӏэ-пэкӏэ зэхэкӏыхьагъэм шӏуцӏамэр тырехы, бгы зэкӏэкъузагъэм телъ бгырыпх шъуамбгъом шъэжъые мытӏыр пышӏагъ. Пытэ-пытэу чӏым теуцо, лъэкъо джабгъумкӏэ тӏэкӏу хэлъэщыкӏы. Арарыщтын джабгъу тамэри нахь лъахъчэу, ӏэ лъэныкъори нахь кӏыхьэу къызыкӏыпщыхъурэр.

— Уипчэдыжь шӏу, Джамбот, уихьыни псынкӏэ къыпфэхъу,— чъыг къогъум Лэукъан къыкъокӏыгъ.

— Ора, Лэукъан? — мэзпэсым тыгъужъышъор чъыг къутамэм шӏохидзагъ,— шъукъеблагъ, пчэдыжь хьакӏэр щэтэшх аӏо... Ау щатэм ычӏыпӏэ пчэныщэ ӏужъу шъухэзгъэӏэн.

Джамбот ӏужъоу щхыгъэ, нэгу хьалэлкӏэ лӏитӏум къяплъыгъ. Хьампӏэӏоу тӏыси, тутын къыштагъ, хигъани, къызфыригъашӏэу тутын ӏугъор ыкъудыигъ. Пчэдыжьрэ мэзым пщагъор зэрэшъхьащыкӏрэм фэдэу жэкӏэ-пэкӏэ зэхэкӏыхьагъэм тутын ӏугъор къыхэутысыкӏыгъ.

— Нычэпэрчэщым мы цӏэпӏэжъым сынапӏэ рысигъэдзыхыгъэп,— тыгъужъышъом Джамбот еплъзэ, щхыпцӏыгъэ,— пчэнып зыӏуигъафэ шӏоигъуагъ. Пчэнылым ычӏыпӏэ ежьыр чъыгым кӏэтшӏэни, ышъо тетхын фаеу хъугъэ... Ашъыу мыр ӏофэп,— тыгъужъым бащэ къызэрэриӏолӏагъэр губгъэн зыфилъэгъужьэу Джамбот къыухыжьыгъ,— шъо зыуж шъуитыр нахь ӏофкӏэ сэгугъэ.

— Хэти зыуж ихьэрэ ӏофыр ыгъэцакӏэмэ дэгъу, Джамбот. Тыгъужъри, цӏыфмэ ямызакъоу, хэгъэгум имылъкукӏи щынагъо, ӏофышхо пшӏагъэ. Шъуалъэныкъокӏэ сыд щыкъэбар, Джамбот?

— Олахьэ, Лэукъан, тырэхьатым. Ау нычэпэ, ары чэщнықъом адэжь, самолет макъэ горэм сыкъигъэущыгъагъ, зэрэзэхэсхыгъэм фэдэкъабзэу шӏэх дэдэу кӏодыжьыгъэ.

— Тэри ары тыкъезщэжьагъэр. Тащыщ къыпӏукӏагъэба?

— Ары ӏолъ,— мэзпэсыр егупшысагъ.— Хьау, къысӏукӏагъэп...

Нэбгырищмэ загощи, къушъхьэм чӏэхьагъэх. Яхэнэрэ квадратым иӏэгъо-благъо итых. Мы чӏыпӏэм дэжь



яӏофышӏэхэм ащыщхэри къэзэрэщыӏукӏэщтхэри ашӏэ. Чыжьэу зэпэщытхэ нахь мышӏэми, анаӏэ зэтетэу зэфэсакъхэзэ, мэзым щэлъыхъох.

Диверсантыр мэзым къыхадзагъэмэ бэшӏагъэ мы чӏыпӏэм зыӏукӏыгъэр. Ау къыхадзэгъахэмэ, уж къымыгъэнэн ылъэкӏыщтэп. Джа ужыр ары госбезопасностым иӏофышӏэхэр зылъыхъухэрэр. Лэукъандыхэм анэмыкӏ оперативнэ купым къалэми, районхэми ӏоф ащашӏэ, сыд фэдэ гъогуи лъагъуи зыкъыхамыгъэщэу зэпагъэӏыгъэ.

Тыгъэр ошъочапэм къыдэкӏоефэ нэбгырищыр мэзым щылъыхъуагъ. Мэз чӏэгъым чӏэт панэхэр, чыхэр чӏаупкӏы фэдэуи зашӏыгъ. Диверсант горэ къыхэтӏысхьэгъэнэу зы гуцэфэ ужи къагъотыгъэп. Адырэ ягъусэу нэмыкӏ квадратхэм ахэхьагъэхэм якъэбар ашӏэщтыгъэп. Тыдэкӏи рэхьатыгъэ. Зы лъэужи, зы цӏыфи къапэкӏэфагъэп.

Бжыхьэпэ мэзыр дахэ. Модыкӏэ-мыдыкӏэ пкӏашъэхэр ӏушъашъэхэу чъыгхэм къапэзхэшъ, шъабэу чӏым къытефэх. Нэ мин пчъагъэкӏэ нэбгырищымэ мэзыр къяплъы. Чъыгмэ жъы къызэращэрэр зэхэпхэу мэзыр гупсэфыпӏэ ит.

Мэзыр кӏымафэм нэмыкӏэу сыдигъокӏи жъоркъ. Щыри псыфалӏэ лӏагъэх.

— Некӏох, псы чъыӏэмыл шъуезгъэшъон,— Джамбот къыӏуагъ.

— Олахьэ тищыкӏагъэм,— Лэукъани гушӏуагъэ.

Лъагъом дэхыхи, чъыгэе мэзышхом хэхьагъэх. Заулэрэ кӏуагъэхэу ошӏэ-дэмышӏэу мэзгъэхъунэм ихьагъэх. Джамбот нэ чанкӏэ гъэхъунэр къыплъыхьагъ. Инэплъэгъу зытыридзэн рилъэгъуагъэп. Ау чъыгэешхом дэжь къыщызэтеуцуагъ:

— Алахьым симыукӏи, хэта мы чъыгышхор зышъункӏыгъэр?

Чъыгаем исэмэгу къутамэхэр утыныгъэх. Пыкӏыкӏыгъэхэри иӏэх. Адырэ лъэныкъохэр зэрэпсау. Мэзгъэхъунэ къуапэми зыгорэ зэрэхэсыгъэр пшӏэнэу иутыпӏэхэри иӏэх.

— Жьыбгъэм ыутыныгъэмэ шӏэ? — Арбанян мэзпэсым джэуап ритыжьы фэдэу къэупчӏэзэ, Лэукъан дэжькӏэ плъагъэ.

— Модрэ чъыгымэ ялыягъэу мыщ жьыбгъэшхо къыфепщагъа?..— мэзпэсым ыдагъэп.

Мэзгъэхъунэр щыми къаплъыхьагъ. Ащ фэдизым Лэукъан шӏукӏи екӏи гущыӏэ къыӏуагъэп. Нэкӏи, ӏэкӏи,

лъакъокIи мэлъыхъо: чъыг чIэгъмэ пкIашъэр ащызэIешIэ, чъыг шъхьапэмэ адэплъые, кондэ чIэгъмэ ачIэплъэ.

Лэукъан чыжъые къутамэхэм нэплъэгъу атыридзагъ. Зыгорэ зэрапхырыкIыгъэр пшIэнэу бгъукIэ IущэикIыгъэх, лъагъом техьагъ, ау шIэх дэдэу шIокIодыжьыгъ. ТIэкIу зэкIуатэм, етIани лъагъом техьажьыгъ. Ащ тетэу кIозэ, ошIэ-дэмышIэу мэзгъэхъунэм къихьажьыгъ.

– Тхьагъэпцlыжъ горэн фае мыр, илъэуж къангъэбылъ дешIэ,– Лэукъан къыIуагъ.

– Мы чъыг лъапсэм, Лэукъан, зэ еплъэлъ,– Геворк къэджагъ.

ПсынкIэу Лэукъан чъыгым екIолIагъ. Адырэ чъыгаемэ ялыягъэу чъыг чIэгъым пкIашъэр чIэтэкъогъагъ. Зыгорэм ыIэ зэрэнэсыгъэр пшIэнэу пкIашъэхэр щылъыгъэх. Чъыг лъапсэм дэжь уеплъыпэмэ, хэпшIыкIын къодыеу хэIэтыкIыгъагъ.

Фэсакъзэ Лэукъан хэIэтыкIыгъэм етIысылIагъ. Джамботи къакIэрыхьагъ. Чъыг лъапсэр къыплъыхьагъ. Зи рилъэгъуагъэп.

– Сыд илIэужыгъуа, Лэукъан, узэплърэр? – Джамбот къэупчIагъ.

– Мышъэмрэ орырэ зэгорэм дэжъыекум къижъугъотэгъагъэр чIэлъын фае мыщ...– Лэукъан пкIашъэр тыригъэзыкIыгъ.

– Ар шъыпкъэ, мышъэм шъэф иIэп...– Джамбот зыридзыхыгъ, Геворк шъэф нэплъэгъу чанкIэ Iэгъо-благъор къыричъыхьакIыгъ. Мэзыр зэгъокIы. Загъорэ чъыг шъхьапэмэ жьы хъыбые макIэр арэчъэ, фэмыф-фэмыфэу къутамэхэр егъэхъыех.

ПкIэшъэ гъожь IэмычIэ заулэ Лэукъан зыщегъэзыем, мэшэ тIыгъакIэ къычIэкIыгъ. IэхъуамбэкIэ ятIэр Лэукъан машэм тыритэкъугъ. Парашюти Iалъмэкъи къычIихыгъ. Iалъмэкъым кIэрэхъуитIу, ахъщэ зэкIоцIылъ заул, щэхэр къыкIоцIыкIыгъэх, паспортым тырадзэрэ мыхъур хъурай къикIыгъ.

– Плъэгъугъа?..– Лэукъан шъхьэр къыIэтыгъ.

– Олахьэ слъэгъугъэм...– Джамбот зеухыижьы фэдэу ымакъэ къефэхыгъ.

– БэшIагъэп зычIитIагъэхэр. ЯтIэм джыри цIынамэ пэу...– Геворк зыщъэ-зыплIэ Iалъмэкъми парашютми сурэт атырихыгъ. ЗэрэзэкIоцIылъыгъэм фэдэкъабзэу зэкIэри Лэукъан зэкIоцIилъхьажьхи, машэм ригъэкIужьыгъэх. ПкIашъэри зэрэтелъыгъэм фэдэу тыритэкъожьыгъ. Чъыг лъапсэм уж къыIуамынэу къыIукIыжьыгъэх.

Джа пчыхьэ дэдэм оперативнэ купыр Смирновым икабинет щызэрэугъоигъэх.

– КъэбарыкIэу уиIэмэ тахэгъэдаIу, товарищ майор,– полковникым къыIуагъ.

Лэукъан къэтэджи, полковникым истол кIэрыхьагъ. ЫблыгучIэ чIэлъыгъэ папкэм ыкъопсхэр мыгузэжъуахэу къытIэтагъэх. Мыгузэжъуахэуи сурэт заули къыдихыгъ.

– Мыхэр, товарищ полковник, лейтенантэу Арбанян зэкъэрэгъулырэ чъыгэе лъапсэм илъых.

– Лейтенантым изакъуа? – полковникыр сурэтмэ яплъызэ, къэупчIагъ.

– Хьау, Иннокентий Терентьевич, метрэ шъитф-шъих азыфагоу нэбгырищ кIыгъу, Джамботи иунэ исыщт. Ишъузи, исабыймэ ащыщи лъымыкIонэу етIуагъ.

– ЗэрэхъурэмкIэ, зы нэбгыр къырадзагъэр? – полковникыр къэупчIагъ.

– Зы нэбгырэу сшIошъ хъурэп, товарищ полковник.

– Адэ тхьапш?.. ДжырэкIэ зы нэбгыр ныIэп тызэрыгущыIэнэу тиIэр. Ащ ыуж тызихьэрэм нэмыкIи къыкъокIынкIи мэхъу...

Иннокентий Терентьевичыр лIы тхъоплъыышху. Заом иаужрэ илъэсхэм дивизионнэ разведкэм иIэшъхьэтетыгъ. Мызэу-мытIоу нэмыцмэ ятыл Iоф щишIагъ. Курскэ дугам дэжь фашистхэм наступление пхъашэ зэрзэхащэщтым зызэрэфагъэхьазырырэр, къызщежьэщт уахътэм нэс тикомандование макъэ къязгъэIугъэмэ капитанэу Смирнори ащыщыгъ. Ащ ыуж Прибалтикэм щыIагъ. Къалэу Кенигсберг подполковникэу Смирновым заор щиухыгъ.

Зэо ужым Иннокентий Терентьевичым Ленинград Iоф щишIэщтыгъ. Бзэгу ахьи, Смирновыр илъэс заулэрэ хьапсым чIагъэсыгъ. Заом къинэу щилъэгъугъэм нахьыбэ Колыма щилъэгъужьыгъ. Ау ащ пае ыгуи кIодыгъэп. Хэгъэгум гугъэу фыриIэм щигъэIагъ, лIэныгъэ чIыпIэхэри ригъэщэчыгъэх.

Ежь иеу цищ нахь Смирновым къыIунэжьыгъагъэп. Адырэхэр зэкIэ цэлузым Iуихыгъэх. Ышъхьац къэрабэм фэд. Ыныбжь емылъытыгъэу ынэкIу зэлъагъэ нахь илъэсыбэ рыуигъэтыщт.

Реабилитировать ашIыгъэмэ Иннокентий Терентьевичыр къахэфагъ. Колыма къызекIыжьым, ишъуз лIагъэу къыIукIэжьыгъ, ыкъорэ ежьырырэ агъэтIылъыжьыгъ.

Ыкъо Днепропетровскэ металлургическэ заводым инженерэу Iоф щешIэ. Шъузи кIэлэцIыкIуи иI. Ятэ зыдищэнэу бэрэ къелъэIугъ шъхьакIэ, фэкIуагъэп.

Мэзэ заулэ Iоф ымышIэу щысыгъ. ЗэIэзагъ, цакIэхэри зыIуаригъэуцуагъэх. Гуи къызIэпишIыхьажьыгъ. Илъэс шъэныкъо нахь умыныбжьэу Iоф умышIэу ущысыныр къин. Пшъо щиз пIокIэ, унэ дэпкъиплIыр уигущыIэгъоу уиуахътэ пхьыныр нахь къиныжь. Смирновыр Iоф зыщишIэщтыгъэ комитетым фэтхагъ, тыгъэр нахь зыщыплъыр лъэныкъом, нахь зыщыфэбэ къалэ горэм агъэкIуагъэмэ зэрэшIоигъори ытхыгъэм щыхигъэщыгъагъ.

Бэ тырамыгъаш Iэу Москва ащагъ. КГБ-м дэгъоу къыщыпэгъокIыгъэх, зыкIэлъэIугъэр къыфашIагъ.

Илъэс заулэ хъугъэу Смирновым мы къалэм Iоф щешIэ. Гъэмафи кIымафи – гъэ реным тыгъэр зышъхьарымыкIырэ къэлэ мыиныр шIу ылъэгъугъ. Изакъоу мэпсэу. Ишъуз зылIагъэм къыщегъэжьагъэу къыщэжьын гугъуи ышъхьэ къихьагъэп. Анахь гушIуагъоу иIагъэр икъорылъф цIыкIоу гъэмэфэ гъэпсэфыгъом ыдэжь къыфащэщтыгъэр ары. Тхьаумафэрэ ыкъуи иныси, икъорылъф цIыкIуи зэкIыгъухэу пцэжъыяшэ зэдакIощтыгъэх, загъэпскIынэу хы ШIуцIэм шэмбэтым кIохэти, тхьаумэфэ пчыхьэм къагъэзэжьыщтыгъэ. Хымрэ къалэу Iоф зыщишIэрэмрэ азыфагу илъыгъэ чIыгур сыхьатырэ ныкъорэкIэ зэпачыщтыгъэ. Хым нахьи къушъхьэ-мэз гъогоу зэрыкIощтыгъэр Иннокентий Терентьевичым ыгу рихьыщтыгъэ... Арары ежь анахьыбэуи хым зыфакIощтыгъэр...

Смирновым сурэтхэр къызэпиплъыхьэхи, дэгъэчъым дилъхьагъэх.

– Лейтенантым, Арбанян шъунаIэ тежъугъэт,– полковникым Лэукъан къыфигъэпытагъ.– Мы мафэхэм ащ къекIолIэн щыIэп, ау шъумыбэлэрэгъ. Джамбот имэз уни зы нэбгырэ дижъугъэтIысхь. Непэрэмкlэ ащ щытэжъугъэух...

Телефон трубкэм полковникыр лъыIаби, мэз промхозыр къыратынэу ариIуагъ.

ПсынэкIэчъым дэжь щыт чъыгэе чIэгъым мэзтеупкIмэ панэхэр, чыхэр чIаупкIыхэу ятIонэрэ мафэм рагъэжьагъ.

Джамбот иунэ щыплъырынэу гъуси фагъэкIуагъ.



## ЦIыфымрэ блэмрэ тыгъэр зэтырахы

Хьамдэчым ТIахьирэ дафэ зэхъум, лъакъокIэ нэпкъ цIынэм еIункIыгъ, зытх уфэгъэ чъыгэежъым зыфигъэзагъ.

ТIахьирэ ынэ къызызэтырехым, чъыгэе бырабэм икъутамэмэ ахэлъ. ЫчIэгъыкIэ псы тхъурбэпсыхэр дифыехэу, рифэкIхэу къушъхьэпсыр чъэщтыгъэ. Псы ткIопсхэу ынэгу къифагъэхэр арых ТIахьирэ къэзгъэнэхъэжьыгъэр. Ашыгу ифагъэр ашIохьылъэу чъыг къутамэхэр псым хэох. ТIахьирэ ыIэпкъ-лъэпкъхэр къыплъыхьагъэх, псаух. Iэлджанэхэмрэ лъэгуанджэхэмрэ теутыгъэх. Iалъмэкъри ыкIыб зэрипхагъ. НитIур ыупIыцIи, заулэрэ щысыгъ. НапIэр къызызэтырехыжьым, шIункIым есагъэщтын, зэплъэрэр нахь ылъэгъоу, зыдэщыIэр, къыщышIыгъэр зэхишIыкIэу хъугъэ.

Аркъэн зэрадзыгъэ шы мыгъасэр зэрэдэпкIаерэм фэдэу нэпкъым къыхэщрэ мыжъомэ псыпэр зяутэкIрэм мэлъае, тхъурбэпс фыжьхэр шысэкух пIонэу жьым хегъэутысэх.

Сыда есшIагъэр Дальмар, сыдэу жъалымыгъэшхо къыздызэрихьагъа?! ТIахьирэ ынэкIушъхьэ лъынтфэ къыхэлъади, хэчъыжьыгъ. НэтIэ теутыгъэм псы ткIопсыр къебжьыбжьыгъ.

Зытес чъыгыр нэпкъым щыпытэмэ зэригъэшIагъэ. Мыжъомэ зэгуатхъыгъэщтын, чъыгитIоу кIыгъэ, ау якъутамэхэр псышъхьэм щызэхэхьажьыгъэх. Чъыгым ипытагъэ зелъэгъум, ТIахьирэ ыгу нахь рэхьатыжьыгъ. Ау Дальмар къызэрэдэзекIогъэ укI кIодыр шIошъхьакIу.

Тыкъэбыбы зэхъум икъэплъакIэкIэ ыгу шIу зэримылъыр пшIэнэу щытыгъ, ТIахьир ыIуагъ. Ар къызэрэсэплъыщтыгъэр... Сыда сиукIыпIэ хигъуатэрэр? Зыгорэм ыуж къыфыщтыгъэмэ шIэ? Ащ фэдэ еслъэгъулIагъэп... СикIапсэ къызэпиупкIи, IукIыжьыгъ...

Кlыбым ипхыхьэгъэ Iалъмэкъыр ТIахьирэ къехьылъэкIы, зыгъэгумэкIыпэрэр псым зэрилъэсэрэ парашют уцIыныгъэр ары. Iалъмэкъри ыкIыб рихыгъ, парашют къопэ уцIыныгъэхэри чъыгым къыдилъэшъоежьыгъэх.

Джыдэдэм ТIахьирэ ышъхьэ илъ закъор хьамдэчым дэкIыпIэ къыфигъотыни, лIапIэ изыдзэгъэ Дальмар ыуж ихьаныр ары. Ыпсэ къызэриухъумэщтым кIуачIэ къыхелъхьэ.

Іалъмэкъым шоколад плиткэр ТIахьирэ къырихыгъ, жэкIоцI гъушъэм дэткIухьэрэп. ТIахьирэ чъыгым зыригъэлэлэхи, мыжъо цакIэмэ къапыутхырэ псы ткIопсхэм ащыщхэр ыжэ къыдигъэфагъэх. ЕтIанэ псым хэорэ къутамэхэр къыдищаехэзэ, тхьапэмэ акIэт псыр акIишъугъ. Псы зешъом, зэхишIэу кIуачIэ къыгъотыгъ. Сыхьатыр зым хэхьагъ. Нэ закъокIи тыгъэр хьамдэчым къыдэплъыхьагъ.

Алахьым ешI сиукIакIо джы зынэсыгъэр, ыIуагъ. Зэ сыпсаоу мы сихьадэгъупIэ сыкъигъэкIыжь! Хьадрыхэ ущыIэми сыкъыплъыкIон, хьэм къылъфыгъ!.. Нибжьи ар къысишIэн Iоу сшIагъэп... Зыми цыхьэ фэпшIы хъущтэп... КъысишIагъэр сфэшъуаш, сыда зыуж ситыр?.. Пцэжъые лэпс сезгъэшъогъэгъэ мексиканцэ лIыжъым зыфиIогъагъэм сыIокIэ пэт...

ТIахьирэ гукIэ Мексикэм нэсыгъ.

ТIахьирэ мэфищэ шхэгъагъэп. Гъомылэ итэкъупIэмэ ахэлъыхъухьаныр къыримыгъэкIоу къалэм дэкIыгъ. Мэз Iужъум речъэкIрэ псыхъо цIыкIум пцэжъые щешэн игухэлъыгъ. Ары шъхьакIэ, къызэрыхидзын пцэкъэнтфи ыIыгъыгъэп. Джанэр зыщихи, хъытыум фэдэу ышIи, псы нэпкъмэ ащылъыхъуагъ. Джанэр къызиIэткIэ псыр ечъыжьы, мыжъуакIэр къенэ.

Пцэжъые ешэным зи къызэримыкIыщтыр ТIахьирэ къыгурыIуагъэу чъыг кондэ къогъум лIыжъ горэм щыIукIагъ. Ищалъэ пцэжъые фыжьыбзэхэр, кIэкIэ къыхэухэу, исых. ТIахьирэ щалъэм етIысылIагъ. Шъхьэр къэуназзэу, елъэIугъ:

– Зы пцэжъые закъо къысэт.

ЛIыжъым зи къымыIоу пцэкъэнтфыкIэр нэпкъым тырилъхьи, Iалъмэкъым хьалыгъу такъыр къырихыгъ. ТIахьирэ хьалыгъур ышхыфэкIэ лIыжъым машIо къышIыгъ. Щэлъэжъыем псы ригъахъуи, машIом пилъагъ. Пцэжъые заулэ ыукъэбзи, хидзагъ.

Пцэжъые лэпсыр къызэхъум, лIыжъым щалъэр ТIахьирэ ыпашъхьэ къыригъэуцуагъ:

– ...Хьаулыеу зыогъэлIэжьы, сикъош... КъэралыбикъэпкIуахьыгъ, ау янкэмэ заIэкIэмыгъаф, уазыIэкIафэрэм, ащыгъум умыцIыфыжьэу зылъыт. Уахьаджыни, пкIэлъыр зэкIэ пкIафызыкIыни, Iэшlу пкIэмылъыжьы зыхъукIэ, хэкIым ухатэкъожьыщт. СэшIэ сэ ахэр...

ТIахьирэ пцэжъые лэпсым зешъом, пцэжъыяшэм джэуап зэрэритыжьыщтыр ымышIэу, джау сыдми риIуагъ:



– ШъуалъэныкъокIи пцэкъэнтфым пкIауа палъхьэрэр?..– мексикэ пцэжъыемэ яIус нэмыкI пIонэу, зэреупчIыгъэ шIыкIэр ТIахьирэ емыкIу зыфилъэгъужьыгъ.

– ПкIау, хьамлыу, шъомпIэжъ иIэп ащ,– пцэжъыешэ лIыжъыр къыпымылъэу пцэкъэнтфыр псы гузэгум хидзагъ.– Узэшэрэ пцэжъыеми, узщешэрэ чIыпIэми, гъэм илъэхъани ар елъытыгъ.

– Ари шъыпкъэ...

– Шъоры? Сыда шъо пышъулъхьэрэр?

– Тэри джа къэпIуагъэхэр ары.

– Ащыгъум шъори тэри типцэжъыий, типцэжъые ешакIи зэфэдэба?

– Зэфэдэх... ЛабэкIэ еджэхэу тэ зы псы дышъэ тиIэшъ, ащ пцэжъые ущезгъэшагъот...– ТIахьирэ ынэкIушъхьэ лъынтфэ къызыбгырыугъ, тIэкIурэ кIэззэзи, Iэсэжьыгъэ.

ТIахьирэ ыгу Лэбэ Iушъо къэбыбыжьыгъ. Ыкъорэ ежьыррэ джэешхо къызэраубытыгъагъэр гум къэкIыжьыгъ. Зэрэчылэу джэяплъэ къячъэгъагъ. Джаем щыщ зыIуимыгъэфагъэ унэм ригъэкIыжьыгъагъэп. Пчыхьэм ныкъо къыздахьи, ишъэогъухэр къэкIогъагъэх. Ешхэешъор джаем щырагъажьи, мэл пщэр укIыгъэм щаухыжьыгъ. Ишъуз сыд фэдэ мэлылгъэжъагъа Iанэм къытыригъэуцощтыгъэр!.. Ащ ищыпс-пIэстэ шIыгъэ хэмыIагъэм шхын Iэшlу Iуфагъэк Iэ ерэмылъыт!..

– Ла-аб,– зэкIэкIищызэ пцэжъыяшэм къыIуагъ.– ЦIэ дах.

– Ары...– ТIахьир игупшысэмэ къахэужьыгъ.

– Псы къаргъуа?

– Ары...– ТIахьирэ ынэкIушъхьэ лъынтфэ къызбгырыуи, кIэззэзэу ригъэжьагъ.

Пцэжъыяшэр джыри зытIо-зыщэ къэупчIагъ шъхьакIэ, ТIахьирэ а чIыпIэм щытыжьыгъэп...

Нэплъэгъур чъыг лъапсэм зедзым, ТIахьирэ къэлъэтагъ. Блэ шIуцIэшхо Iапшъэм нахьи нахь гъумэу чъыгым къыдэпшые. Тыгъэм инэбзый фабэмэ блэр къызэращэрэр ТIахьирэ къыгурыIуагъ. Макъэ зыпымыIукIрэ кIэрахъор къырихыгъ, щэнаутыщэр къыздэутысыкIрэ жэм тыригъэпсыхьи, гъэтырыр къыкъудыигъ. Блэр къыдэпкIэягъ, ефэхыжьыгъ. Зыщэ-зыплIэ зызэкIэкIищи, ышъхьэ къышIолэлыгъ.

ТIахьирэ псаоу къэнэным пае зы кIопIэ закъу иIэр – нэпкъым ебэныщт. А хьэм къылъфыгъэм къысиша-

гъэр... А-енасын, Сергей, синыбджэгъужь, тэ укъисхыжьын? Сыдэу сыздэхъугъэм уимыгъапэра, укъыслъымыхъура? Мыжъо къуапэхэр нэпкъым къыхэщхэу ТIахьир зелъэгъум, гушIуагъэ. Шъэжъыер зэдигъэпкIи, парашют кIапсэхэр къыпиупкIыгъэх, пытэу зэпишIагъэх. КIапсэр мыжъом шъхьащидзэнэу зидзыкIэ пэрыохъу къыфэмыхъунэу къутэмэ зытIущи пиупкIыгъ. КIапсэр ыгъэчэрэгъуи, аркъэныр зэрадзэу, апэрэ мыжъом тыридзагъ. Тефагъэп. Джыри ыдзыгъ, мыжъом шIофагъ, къыкъудыигъ, хъыягъэп.

IалъмэкъIри къэптанри чъыг къутэмитIумэ азыфагу емыфэхынэу ригъэкIугъэх, нэпкъым изэндагъэм нахьи нахь кIыхьэу Iалъмэкъымрэ къэптанымрэ кIэпсэжъыер арищи ыцыпэ лъэныкъо ыбгы пишIэжьыгъ.

Iэтыгъо заулэкIэ мыжъо къуапэм ТIахьирэ нэсыгъ, зыпигъэнагъ. Щазымэ лъапэмкIэ нэпкъым зыригъэкъуи, жьы зыIуигъэхьагъ, етIанэ мыжъо къуапэм дэпшыягъ. ЛъэгонджэмышъхьэкIэ тетIысхьи, джыри кIапсэр адырэ мыжъом шIуидзагъ. Апэрэм фэдэу ащи дэгъоу дэпшыягъ. Къэнэжьыгъэр мэкIэ дэд. Ау зэкIэми анахь къин. КIапсэр зэ ыдзыгъ, тIо, щэ ыдзыгъ. ЯпшыкIузэнэрэ дзыгъом мыжъом кIапсэр ригъэубытыгъ, тфэ фэдизэ ыIэмэ зыдаригъэхьыягъ. Зэ дэхьыегъу нахь къэмынэжьыгъэу ТIахьирэ ыIэхэм къэланлэхэу рагъэжьагъ. ТIахьирэ ыIупшIакIэ ецэкъэжьыгъ. ПкIантIэр къыпычъэу IитIумкIэ мыжъом зыпишIагъ. Джы къыпымызымэ джы къыпэзы пIонэу мысысыхэу мыжъо пакIэм пылъ. КIочIэ тIэкIоу къыфэнэжьыгъэр зэкIиуIэпIэжьи, мыжъом тепшыхьагъ. Жьы къызIуигъахьи, уд пэнэ къутамэр къыкъудыимэ къыздигъэIэпыIэзэ, нэпкъым тецохъуагъ.

ТIахьирэ шъхьэр къыфэIэтыгъэп. Зэрэхъурэри ымышIэу хэчъыягъ. ПкIыхьапIэ елъэгъу. Бгъэжъ тамэхэр къыгокIагъэхэу ошъогум щэхьарзэ. ЧIыгур хы закI, зытетIысхьан чIыгу къуапи ылъэгъурэп. Мэфэ заулэ хъугъэ ошъогум зыщыхьарзэрэр. ОшIэ-дэмышIэу уашъор къызэхэошъопщагъ, шыблэ гъогъо макъи бгъу пстэумкIи къыщыIоу зэхехы. ПчыкIэр ышъхьагъ щэджэгу. Пшъыгъэ. Тамэхэр ерагъэу зэблехых.

Пщэ шIуцIэ къогъум ошIэ-дэмышIэу бгъашхъо горэ къыкъобыбыкIыгъ. Къеуи, итэмэ лъэныкъо къыгуиутыгъ. Къыхьарзыхьэзэ бгъэжъыр къыдэхьащхы, ищхы



макъэ хым нэсы, егъэуалъэ. ТэмитIур зиIэткIэ пчыкIэр къэхъупскIы, зызэгуилъхьэкIэ дунаир зэлъигъаджэу шыблэр мэгъуагъо.

Тэмэ лъэныкъом фэмыхьыжьэу хым хафэ зэхъум, куугъэ...

ТIахьирэ икуо макъэ къыгъэущыгъ. Къулэджэ нэпкъым телъ. Тыгъэр къепсы, мэзы, къушъхьэ. Жьы макIэм уц тхьапэр егъэсысы. Къушъхьэпсым ымакъэ тIуакIэм щэгъуахъо.

Бгырыпхым пышIэгъэ кIэпсэжъыер къытIати, иIалъмэкърэ икъэптанрэ нэпкъым къыдихьыежьыгъ. Джыбэ кIэрахъом нэмыкIэу Iалъмэкъым къырихи, щэкIэ ыушъагъ. КIапсэхэр зэкIоцIищыхьэхи, хьамдэчым дидзагъэх, ышIэщтымкIэ егупшысагъ. Дальмар къыришIагъэр къэзгъэкIуагъэмэ арерэIуа? Сызэрэпсаур ахэмэ зашIэкIэ, ыIуагъ, иукIакIуи ар ышIэщт. Псаоу сыкъызэрэнагъэр ерэмышI... Сэ ащ ыпсэ Iусхыщт!.. Джыры ныIэп ичIыгу къызэрифэжьыгъэр ТIахьирэ зызэхишIагъэр. Къаз тамэ пIонэу ошъогум щыбыбырэ пщэ фыжьмэ аIуплъагъ. Спсэ къэсэухъумэжьы сIозэ, уадэжь сыкъызэрэкIожьыгъэ шIыкIэр къысфэгъэгъу ыIорэм фэдэу, ТIахьирэ лъэгонджэмышъхьэкIэ щысэу зибжыхьэ уц хэгъогъэ чIыгум еплъыгъ. Сэмэгу IупшIакIэр кIэзэзэу кIикъудыикIзэ, нэкIушъхьэ лъынтфэр къыхэлъэдагъ. Джэнэ пшъапIэм дэтхъожьи, Iэхъомбапэр бгъукIэ рифэкIыгъ.

Бжыхьэпэ тыгъэм ошъочапэм щыригъэзэкIыгъ. Нэбзый дышъэпсыхэр чIым тыретакъо, чыжьэкIэ къэлъэгъорэ къушъхьэ шыгумэ ателъ осхэр зэпегъэшIэтых, чъыг пкIэшъэ гъожьышъхэм апхырэпсышъ, мэз чIэгъым щэджэгу, ТIахьирэ къынэсы, мысысэу къедэхашIэ. Чъыг къутамэу зыпысым къыпыкIошъи, къеIушъашъэ пIонэу ТIахьирэ ытхьакIумакIэ пкIашъэр къыдэфагъ. ЗыдэкIощтыр ымышIэу пщэ гъощэгъэ цIыкIу горэ изакъоу ошъогум итыгъ. А пщэ фыжь пытхъафэр зелъэгъур армэ ышIэрэп, е чъыг быщэу хьамдэчым шъхьащытыр зелъэгъур армэ ышIэрэп ТIахьирэ ыгу къыкIызэхэхьагъэр, жьы ымыгъотыжьэу ыжэпкъ чIэгъ зыгорэ къычIэгъолъхьагъ. ЗэшIуитхьалыкIы зэхъум, чъыгым кIыбкIэ зыригъэкIыгъ.

IупшIакIэм ецэкъэжьыгъ, ТIахьирэ ыгу Сергей къэкIыгъ. ТIахьирэ ышъхьэ бэ къихьэрэр. Ехъырэхъышэ. Джа ехъырыхъышэныр ары къехъулIагъэр зэкIэ къыфэзыхьыгъэр, насыпи, рэхьати дунаим къыщезымытрэр.

Сэрэкlуи, къэзгъэзэжьыгъ, шъузфаер къысашъушl сэрэlуи зясэрэт, зэ elo. Зэ хьадэгъупlэ сизыдзагъэр къэсымыгъотэу гупсэфэу сыщыlэшъущтэп, слъы сшlэжьын фае, кlэгъожьы. Дальмар ыгу къэкlы къэсми, шъхьэм лъыр къечъэ.

Гур пишъоу регъажьэ. Консерв банкэм ышъхьэ тыригъэчъыгъ. А чан дэдэмкlэ ыунэкlыгъэ банкэр чlитlэжьыгъ.

Хъущтыр орэхъу! Тlахьирэ къэтэджыгъ. Лъагъом темыхьэу мэз цуным хэтэу макlо. Мэзым хэкlыни къалэм дэхьан имурад. Ащ пае пчыхьашъхьэ зэрэхъурэм кlэгушlу. Зегупшысэжьым, къалэм дэхьаныр къыригъэкlугъэп. Лэбэ lушъо lут къэлэ цlыкlум екlунэу рихъухьагъ. Тыдэ щыlэми Дальмар къыгъотыщт.

Ащ фэшъуашэр зезгъэгъотырэм, Тlахьир ыlуагъ, сэр-сэрэу сыкlони зястыщт, къысашlэ ашlоигъор къысарэшl, къинэу слъэгъугъэм нахь къин къысфаугупшысыжьынэп...

Чыжьэкlэ обзэгъу макъэ къэlугъ. Тlахьирэ чъыг лъапсэм зыщыридзыхыгъ, дэlуагъэ. Ащ нэмыкl обзэгъу макъи къыпэджэжьыгъ. Гущыlэ макъэхэри къэlугъэх.

Мэзтеупкlмэ нэ закъокlэ атеплъэ шlоигъоу Тlахьирэ ыгу къыпылъэдагъ. Илъэс пчъагъэм зэхимыхыгъэ ныдэлъфыбзэм зэрэшпионыр щигъэгъупшагъ. Къутамэм тебыбыкlыгъэ бзыум Тlахьирэ зыкъыригъэшlэжьи, мэзтеупкlымэ защидзыезэ, ябгъукlуагъ.

Къыздичъыгъэри ымышlэу лъэгъо цlыкlу горэ ыпэ къилъэдагъ. Ащ тетэу зэкlo уж, ыгъази, мэзым икуупlэ хэхьажьыгъ.

### Ащ нэс Рейнэ псыбэ дэчъын

Псыхъо нэпкъ мэзым хэтэу Дальмар бэрэ кlуагъэ. Ежьыркlэ зыдакlорэр тlури зы, лъэужыр зэригъэкlодыщт гумэкl нэмыкl иlэп. Тыгъэр зыкъуахьэм, ыгу нахь псэфыгъэ. Мэз шlункlым зыхэгъэбылъхьэгъошlу. Ау мэзыр зэрэзэгъокl дэдэр Дальмар къекlущтыгъэп. Ежь къалъэгъун нахьи зыгорэ ежь ылъэгъумэ нахьышlу. Шъэфыр – щынагъо. Ар сыдигъуи ибыракъ, зыщигъэгъупшэрэп. Ищыlэныгъэ ащ зэрепхыгъэр бэшlагъэ къызыгурыlуагъэр. Апэрэ лъагъом зытехьэм ары зэутэкlыгъэр.



Джыдэдэм Дальмар зыуж итыр зыгорэ къылъыкlомэ зэригъэшlэныр ары. Кlозэ ошlэ-дэмышlэу чъыг лъапсэм зыщыредзыхышъ, щэсы, мэзым кlэдэlукlы.

Зи къызэрэлъымыкlорэр зешlэм, мэзым хэкlи, чылэ цlыкlур зыкlэрыс нэпкъым ыпшъаlокlэ псым щызэпырыкlыгъ, губгъо шъофым ихьагъ.

Натрыф хьасэм готэу кlозэ, ку макъэ зэхихыгъ. Бзылъфыгъэ гущыlэхэри ытхьакlумэ къиlуагъэх. Натрыф щэпкъ зандэмэ ахэуцуи, плъагъэ. Кур пэзанкlэ къэхъугъ, хъырбыдз из, бзылъфыгъиищрэ зы хъулъфыгъэрэ ис. Бзылъфыгъэмэ языр шыкуаом есэмэркъэу:

– Дядя Ваня, а дядя Ваня, шъузыщэ къутырым шъузэрэкlогъагъэр зэ къытфэlотэжьба...

– Сыдигъуа зыкlогъагъэхэр?

– Пшlэрэба?..

– Зи хэсшlыкlрэп,– бзылъфыгъитlур зэнэкlэожьых, lущхыпцlыкlхэу шыкуаом ыкlыб дэсых. Адырэм раlорэр къыримыдзэу хъырбыдз ешхы, шыхэри хэпырхъыкlых.

– Но-о!..

– А дядя Ваня, сыда псыхьэбэщыр къызкlышъулъырахьыжьэгъагъэр?

– Но-о!..

– Къаlo, шъыу...

– Но-о!..

– Ары къыпфиlотэн...

– Арэу шъэфа?

– Но-о, джэгуалъ!..

– А дядя Ваня, сыдэу лъэпlае непэ ухъугъа?

– Хъырбыдз бащэ сшхыгъэ... Трры!..

А макъэм ежэщтыгъэх пlонэу шыхэр псынкlэу къэуцугъэх. Лъэкъо лъэныкъомкlэ пцlэгъоплъыжъыр ыныбэ чlэгъ етlэхъужьэу ыублагъ. Шыкуаор щэlузэ кум ипши, натрыф хьасэм хахьэзэ, къызэджэкlыгъ:

– Шъуакlыб къэжъугъаз...

– Кlo, кlo, узэрэтищыкlагъэр ары нэмыlэмэ...

Дальмар зыдэщытым зыщыридзыхыгъ, макъэ зыпымыlукlырэ кlэрахъор къырипхъотыгъ, ау шыкуаом, чыжьэу хэмыхьэу ышlэщтыр ышlи, хэкlыжьыгъ. Бзылъфыгъэмэ ящхы макъи, шыкуаом ымэкъэ дэгуи къеlугъ:

– Но-о, джэгуалъ!

Кум исмэ зэрядэlугъэр, зыкъызэраригъэлъэгъу пэтыгъэр емыкlу зыфишlыжьэз, Дальмар игъогу техьа-

жьыгъ. Губгъо шъофкӀэ чэщныкъо нэс Дальмар зэкӀом, сыхьат горэм зыщигъэпсэфынэу чӀыпӀэ къыгъотыгъ. Пчэдыжьыпэ тыгъэнэбзыйхэр Дальмар ынэгу къыкӀэджэгуагъэх. ПсынкӀэу къызэшӀотӀысхьагъ. Лъэгонджэмышъхьэ зишӀи, хьасэбэкъумэ адэплъыхьагъ, дэӀуагъэ. Пчэдыжь губгъор зэгъокӀы. Натрыф хьасэм ыцыпэкӀэ хэтэпэсым ипщыпӀэ къэлъагъо. ХъырбыдзышхуитӀу ыыгъэу къэрэгъулыр хатэм къыхэкӀыжьы.

ЧыжьэкӀэ мэшӀоку быу макъэ къэӀугъ. Ар къыздиӀукӀыгъэ лъэныкъомкӀэ зэплъэм, мэшӀоку гъогумкӀэ ечъэлӀэрэ асфальт гъогоу тыгъэр зытеджэгукӀри ылъэгъугъ. МэшӀоку гъогу станцие мычыжьэу зэрэщыӀэр Дальмар къыгурыӀуагъ.

Цӏыфхэр губгъом къехьэфэхэкӀэ натрыф хьасэм хэсынэу рихъухьагъ. КӀуапӀэ иӀагъэп. ЛэжьэкӀо цӀыфхэр зытекӀхэкӀэ асфальт гъогум зэрекӀущтым егупшысэщтыгъэ. МэшӀоку гъогу станцием сыдигъокӀи цӀыфыбэ Ӏут. Ахэм захигъэкӀокӀэни, пчыхьэшъхьэ факӀоу Лэбэ Ӏушъо Ӏут къалэм екӀунэу рихъухьагъ.

Щэджэгъоужым Дальмар асфальт гъогум Ӏухьагъ. Машинэ заули блэчъыгъ, къэуцугъэхэп. Ахэр къыгъэуцунэуи фэягъэп. Машинэхэм анахьыбэм семчык, коцы, пхъэ арылъыгъэр. Семчыкымрэ коцымрэ элеваторым зэращэрэр ышӀэщтыгъэ, ау пхъэр зыдащэрэм щыгъозагъэп. Пхъэ зэрылъ машинэ горэм итӀысхьанэу Дальмар къыхихыгъ. Сыд фэдиз пӀуагъэми, пхъэр мэзым къыхащы, ар къыхэзыщрэ шоферми мэзыр нахь дэгъоу ешӀэ, ежь Дальмари мэзтеупкӀ. Темыр лъэныкъом зэрэщыӀагъэр, тайгам зэрэщылэжьагъэр, Ӏофэу ышӀагъэр зыфэдэр зэкӀэ ыыгъ тхылъым ит. ГущыӀэгъу ышырэм мэз Ӏоф, пхъэ ӀофкӀэ риӀон ыгъотыщт.

Къэгъэзэгъум машинэ горэ къыкъолъэтыгъ. Дальмар Ӏэ Ӏэтыгъо имыфэу къыголъади, къэуцугъ. Нэкъыплъ хъужьыгъэу лӀы нэкӀутӀэм ышъхьэ кабинэм къыригъэзыкӀи, къеджагъ:

– Пхъэ уфая?.. Уфаемэ сомэ тӀокӀитӀу къаштэ.

Дальмар ащ фэдэ къыраӀоным ежагъэп. Зэ шъхьам риӀощтыр ымышӀэу шоферым еплъыгъ. Джыбэм иӀэбэжь фэдэуи зишӀыгъ.

– Пхъэ пӀуагъи? – уахътэр ыкъудыизэ, шоферым еупчӀыгъ.



– Ары сӀуагъэр. Уфэмыемэ, уезгъэзрэп, ау укӀэгъожьын, пхъэ дэеп мыр, чъыгэе закӀ,– кабинэм ипчъэ къыриутэкӀыжьыгъ.– Зыщэфын пае тыкъэнэнэп...

– Зэ, зи умыӀогу,– Дальмар къэгузэжъуагъ,– пхъэ щэфын морад сиӀагъэп... МэшӀоку станцием псынкӀэу сынэсы сшӀоигъуагъ, сыздэпщэна?

– УкӀо пшӀоигъуагъэмэ джы нэс сыда узпэтыгъэр, къитӀысхь! – цӀацӀэ фэдэу шоферым зыригъэшӀыгъ.

Дальмар машинэм итӀысхьагъ, зыримыгъашӀэу нэбгъунджыкӀэ шоферым фычӀэплъыгъ. Апэ ынэ къыкӀидзагъэхэр ыӀупшӀэ Ӏужъухэр арых. Ахэр такъыр-такъырэу пэжэпкъ зэхэтым къытещых. Пэ плъыжьри гъэкӀыжьыгъэу ыӀупшӀэмэ ашъхьащыт. Ӏэ шъэджашъэмэ грузовик рулыр къачӀэщрэп. Пэмрэ ӀупшӀэмрэ ямылъытыгъэу цыгъуанэм фэдэу ынэхэр цӀыкӀужъыех, къецӀыукӀых, мэзечъэх.

Мы лӀыр тэ щыслъэгъугъа? Имашинэ зэритӀысхьагъэмкӀэ кӀэгъожьэу Дальмар зэупчӀыжьыгъ, джыри фычӀэплъыгъ, ау ащ фэдэ нэӀуасэ зэгорэм иӀагъэмэ къышӀэжьрэп. Хы кӀыбыми, тихэгъэгу зесми нэӀуасэу иӀагъэхэр, джы иӀэхэри зэкӀэ зэпэкӀигъэкӀыгъэх. Гуцафэ зыфишӀын земыгъотым, тэ цыхьэ зыфэтшӀын дунаим теткӀэ сыгугъэрэп, зэдысыжьыгъ, ыгуи рэхьатыжьыгъэ.

Шоферыр кӀэшъуикӀы. Орэдышъор Дальмар инэӀуасэ фэдэу къыщыхъугъ, ау мэхьанэ ритыгъэп.

КӀэлэцӀыкӀу зигъусэ бзылъфыгъэм дэжь зынэсым, ошӀэ-дэмышӀэу машинэм зыритӀагъ. Шоферым ышъхьэ кабинэм ригъэщыгъ:

– Пхъэ уищыкӀагъа? Къаӏо псынкӀэу, тыожэн тлъэкӀыщтэп.

Шоферыр гузажъоштыгъэми, бзылъфыгъэр мыгузэжъуахэу къеупчӀыжьыгъ:

– Уасэр къаӀо.

– ТӀокӀитӀу.

– БаӀо.

– Чапычи щызгъэкӀэщтэп, тымыгъэхьаулый, тызэдэон тлъэкӀыщтэп.

– Сыодэон симорадэп, ау тӀокӀитӀу щыӀэп.

– Тхьапша?

– ЩэкӀы. СыкъэпшӀэжьрэба? Ори а уасэмкӀэ тыгъуасэ тигъунэгъумэ пхъэ къязыщэгъагъэр.

– Е, сшыпхъу, тыгъосчэщ дэгъоу сычъыегъагъ, нычэпэ сынапӀэ къездзыхын слъэкӀыгъэп. КъыбгурыӀуагъа?

– Къызгурыlуагъ, скъош, къызгурыlуагъ. О пщытымыщэфыми зыщытщэфын lаджи мыщ къырычъэн, пхъэ тыгъугъэ пае зэнэкъокъухэрэп.

– Ащыгъум, сшыпхъу, зы къызгурыгъаlу, пхъэ стыгъурэп сэ, зимыlэм сишlуагъэ есэгъэкlы,– шоферыр кабинэм икlыгъ, щэрэхъхэм лъакъокlэ ахэухьэ фэдэ зишlи, итlысхьажьыгъ.

– Тэшlэ тэ шъузабэмэ шъуишlуагъэ зэряжъугъэкlрэр, гъэреным къалэжьырэ тlэкlур ашlуишъошъужьы.

– Кlо, джары мыхэм шlу афашl...

– Сыоубзэн пшlошlа?

– Къаlо, тыда зыдэтщэщтыр?

– Щэкlа?

– Щэкlыми щэкlы, тутын уасэ горэ къебгъэхъужьынба? Сэ сизакъоу сиекlэ огугъа мыр, къытэзгъащэрэми, гъогум тытезыубытэщтми, ощ фэдэ lае горэ тадэжь исышъ, щыми садэгощэн фаеу мэхъу. Къэлъытэлъ джыбачlэм къинэжьрэр? Адэ джары...

– А къинэжьри пфэхъун,– шъузабэр Дальмар зэрыс лъэныкъомкlэ екlолlагъ, шъэожъыер фищэигъ.– Ма, убыт мыр. Кlуатэ, пщым фэдэу шъабэм шъухэс.

Шъэожъыер бзылъфыгъэм lихи, шоферым дэжьыкlэ Дальмар ецохъокlыгъ. Тетlысхьапlэм бзылъфыгъэр тетlысхьи, кабинапчъэр lуеуты пlонэу, пчъэр риутэкlыжьыгъ.

– Ох-ох гущ,– бзылъфыгъэр ко пщэрымкlэ lункlэзэ, гупсэфэу тlысыгъэ, lапэкlэ ыгъэлъагъозэ,– еу, модэ мо аужрэ унэм lутакъу.

– Тэ щыlа а плъыжь цlыкlуищыр? – къенэкlао фэдэу зишlызэ, шоферыр къэупчlагъ.– Татегъаплъэба зэ.

– Ахэр хъулъфыгъэмэ якlасэм дэжь дэлъых.

– Ор-орэу къыдэпхыщта, хъауми сэ...

– lукl адэ, о lаер,– шъузабэм шоферым ылэхэр къыlуидзыгъэх.– О ащ дэплъхьагъэ дэлъэп.

– Къаштэ, а плъыжь цlыкlумэ атемыплъэу сищыдыжъ чlыпlэ икlыщтэп. Сэмэркъэу хэлъэп, къаштэ.

Бзылъфыгъэр мыгузажъоу гужъуакlэм дэлъыхъухьагъ. Платыку lэрыlыгъ зэкlоцlыщыхьагъэ къыдихыгъ. Ар къытlатэу зелъэгъум, шоферыр стартерым теlункlагъ. Заулэрэ къечъэкlи, зэкlэмынэу кlосэжьыгъэ. Етlанэ ахъщэр зелъэгъум, ящэнэрэу стартерым теlункlагъ, машинэри зэкlэнагъэ.



– Шъолъэгъуа? А-енасын, мы ахъщэжъ мыгъом кlуачlэу иlэр сиlагъэмэ дунаир зэпырызгъэзэни,– шъхьэчъэ-псачъэу машинэжъыр рифыжьагъ.– Тинасыпти, сшыпхъу, кlыхьэ-лыхьэ земыгъэшlэу къэпштагъэх, ары нахь мыщ изэкlэгъэнэжьын псыр къытпифыщтыгъэ.

Къутырым дэхьаным Дальмар фэягъэп. Пхъэ тыгъугъэм зыгорэ къикlэу хьалэ-балыкъ хэфакъомэ ыlоти, щынэщтыгъэ. Зы лъэныкъомкlэ, шоферыри бзылъфыгъэри ыгу рихьыгъэх. Зы лъэныкъомкlэ, нэиутыщэу шоферымрэ бзылъыфыгъэмрэ зэрэзэдэгущыlэщтыгъэм ыгу зыгорэ къыриlорэм фэдэу регъэхъырэхъышэ. Машинэм къикlыжьынми рикурэп, къимыкlыжьыныри къыригъэкlурэп.

– Сыд къутырым щысшlэн, мыщ сыкъыщыожэн,– Дальмар шоферым риlуагъ.

– Къутырым уээрэдасщэрэм пае ахъщэ лые пlысхын пшlошlа? – къемыплъэу къеупчlыгъ.

– Хьау, ар сшъхьэ къихьэгъахэп,– Дальмар щхыпцlи, пидзэжьыгъ: – Гъогу сызтехьэкlэ згъэзэжьын сикlасэп.

– Дунаижъым къыкlэныжьыгъэ къутафэхэр къыпхафэхэмэ сшlэрэп? – къесэмэркъэугъ.

– Хэтрэ цlыфи ежь зэресагъэу мэпсэу...

Дальмар игущыlэ ныкъоухэу шоферым lэкlиутыгъ:

– Ар шъыпкъэ, узесэрэм умышlэн щыlэп, мы къутырым сыкъызынэскlэ слъакъо стартерым зыкъытыриlэтыкlэу еублэ, пхъэ кухьэ мыщ дэсымытакъомэ сыгу разэ хъурэп. Мы пхъэ машинэр аужыпкъэрэ.

– Ар зыаужыпкъэрэкlэ ятlонэрэ пхъэ машинэр фэдищкlэ пщысщэфынэу усэгъэгугъэ,– бзылъфыгъэм исэмэркъэурэ ишъыпкъэрэ зэхэты.

– Мыаужыпкъэрэмэ?

– Пкlэ хэмылъэу къэпщэнышъ, тадэжь къыдэптэкъощт.

– Капиталистмэ анахьыеу лэжьакlомэ якъарыу пкlэнчъэу ипшъумэ пшlоигъу, ара?

– Джа о зыгорэм ипкlэнтlэпс ахъщэ къызэрэхэбгъэкlрэм фэд,– бзылъфыгъэр зэкlакlорэп.

– Пхъэуlум фэдэу lэшъхьэтетмэ япчъэ теуlохэрэмэ бзэгу тамыхьмэ, ощ фэдэ шъузэбэ lаджми фэбэ-фабэу мыгъэ кlымафэм рязгъэхын сихьисап. Япlэ фабэ екlужьыхэмэ агу фэбэ-фабэу тыкъэкlын.

– Ашъо темыхмэ укъэкlын...

Ахэр зэраIу-къызэраIожьыфэ шифер зытелъ унэ зэкIэупкIэгъэ цIыкIум машинэр Iулъэдагъ. ШтакеткIэ къэшIыхьэгъэ щагу къэлапчъэр бзылъфыгъэм къыIуихи, машинэр дигъэхьагъ. ЗэкIэми анахь псынкIэу, Iэгъо-блэгъур нэплъэгъукIэ зыдиIыгъэу, Дальмар Iоф ешIэ.

Пхъэ ихыныр аухыгъ.

– ХъяркIэ, лъэпIащэу къысищагъ пIоу угу къысэмыгъабгъ,– машинэр зэкIигъэнэжьызэ, шоферым ыIуагъ.– Псы тыфалIэу тыкъыIулъэдэнкIи пшIэнэп, тэ тфэдэ хьакIэхэм IаплIкъорэгъкIэ уапэгъокIыныр якIас.

– IаплIкъорэгъыр сшIэрэп, ау тигъэмэфэпс чъыIэ зэпыт, едзыхыгъэу псынэм ит. О уишIушIэ хьазырмэ, шъузабэхэм пчъэкъуахэм къоуцожьхэ яхабзэп.

– Уишъыпкъэу къэоIуа? Зэхэпхыгъа къыIуагъэр? – шоферыр Дальмар еупчIыгъ.

– Шыхьат ищыкIагъэп ащ,– бзылъфыгъэр IущхыпцIыкIыгъ,– ау ар уилIыгъэ къыхьын Iоу сшIэрэп...

– Еплъэлъ, мыщ ыIорэр...

Къутырым машинэр къыдэлъэтыжьи, асфальт гъогум техьажьыфэ нэбгыритIум зи зэраIуагъэп. Джыри кIэшъуикIээ, шоферым орэдыр къыхидзэжьыгъ. МэшIоку станциемкIэ ритIупщыгъэу машинэр ефы.

Зи зэрамыIоу тIэкIу зэчъэхэ уж, кIэшъуикIыныр щигъэтыгъ. Орэдым хэлъ гущыIэхэр ежь зэрэфаеу зэрегъэзафэх, загъори хэлъхэр щегъэтыхэшъ, кIэшъуикIы, мэкъамэм диштэу шъхьэри егъэсысы, ыпэ итмэ адэхы, зэрэшIоигъоу машинэр егъэIорышIэ.

Тыдэ мы орэдыр, Дальмар ыIуагъ, щызэхэсхыгъа? Ары, ошIа, Герберг икабинет...

– А уздакIорэм яцIыфмэ ямызакъоу яорэдхэри пшIэнхэ фае,– Герберг тэджи, магнитофоным екIолIагъ.

– Адыгэмэ сызэряолIагъэ щыIэп, ау ягугъу зэхэсхыгъэ,– Дальмар джэуап ритыжьыгъ.

– ЯдэIу, ащыгъум, яорэдмэ...– Герберг магнитофоным хыригъэдзагъ.

Ащ лъыпытэу лIыжъ дежъыу мэкъэ заулэ зэхихыгъэ. Ащ ыуж зэфакIу, етIанэ джырэ орэдыкIэхэм ядэIугъэх. Магнитофоныр зегъэуцужьым, Герберг къыIуагъ:

– Яжъыхэр адыгэмэ агъэлъапIэх.

Дальмар ыгу зыгорэ къызэрэкIыжьыгъэр къэпшIэнэу ынэгу чэфыр кIиз къэхъугъ:



– Ащ ехьылIэгъэ тхыдэжъ гъэшIэгъон зымафэ седжагъ. Сыригъэгупшысагъ, тхыдэ Iуш. Уахътэ уиIэмэ къыпфэсIотэн?..

– Тхыдэ Iуш уедэIуным уахътэ ищыкIагъа?.. КъэIуат.

– КъызэраIорэмкIэ, адыгэхэр бэгъэшIэ лъэпкъых. Илъэсишъэрэ шъэныкъорэ бгъэшIэщт зыгорэм зыраIом, ащ нахь сымыгъэшIэщт нэмыIэмэ сыд сиунэшIа сэ ыIуи, унэ афимышIыгъагъэу зэхэзыхыгъэмэ къаIотэжьы.

Къэрабэм фэдэу ашъхьац фыжьыбзэу лIыжъ дэдэ зыхъужьхэкIэ, сабый цIыкIумэ афэдэу кушъэмэ ахапхэжьыщтыгъэх. Ахэр янысэмэ, кIэлэцIыкIухэр зэраIыгъыщтым фэдэу, аIыгъыщтыгъэх. Нысэ дэгъум лIыжъыр зыхэлъ кушъэр ыгъэхъые зыхъукIэ ыIощтыгъэ: «Лай-лаер сикушъ, Лай дышъэр сипщы...» Ау нысэ ябгэм, нысэ бзаджэм гъэхъыегъур къызынэскIэ мырэущтэу орэд къыфиIощтыгъэ: «Лай-лаер сипщы, хэунэхъоныр сипщы!..» Ар умыIоба, нысэ, уинысэгъу ыIорэр зэхэпхырэба, лIыжъым ыIоми, ащ пае нысэ бзаджэм ыгу ушъэбыщтыгъэп.

Кушъэм хэлъызэ, лIыжъыр цIыкIужъые зыхъужьыкIэ, къэбжъыем рагъэтIысхьажьышъ, пкъэужъыем палъэжьы. Къэбыжъыем лIыжъыр рагъэтIысхьажьы зыхъукIэ, нысэм къелъэIущтыгъэ: «Къэбыпсыр пытаIо, пытаIо шIы, нысэ, армырмэ тыпсэ мэхэ лъэпкъ тэ, тыкъибгъэзыни лые къытебгъэхыщт...» Шхэгъу къэс нысэмэ къэбжъыехэр къыпахти, лIыжъхэр агъашхэщтыгъэх, алъыплъэщтыгъэх, яфэIо-фашIэхэр афашIэщтыгъэх.

Джаузэ зэман текIыгъ.

– ЛIыжъхэр Iофкъэгъанэх, тинысэхэр яхьаулыилIэх. Зыгорэ къафэугупшысыгъэн фае... Жъы хъужьхэрэр нэпкъ лъагэм етыдзыхыжьхэзэ тшIыщт,– етIанэ унашъо зэдашIыгъэ.

Жъыхэр джащ щегъэжьагъэу нэпкъ лъагэмэ арадзыхыжьхэу хъугъэ. Арэущтэу къахьызэ – цIыфхэр ащкIэ зэкIэ зэфэдэхэп ныIа! – зы кIэлэ мафэ горэм ятэжъ бгым зырадзыхыжь нэужым, гъэбылъыгъэкIэ ышхыщтыр фихьыщтыгъ.

Мафэ горэм къоджэдэсмэ ащыщ горэхэм дышъэ къошын псым халъэгъуагъ. Псым хэзэрэгъэбэнагъэх шъхьакIэ, къошыныр агъотыгъэп. А къэбарыр чылэм дэлъэу кIэлэ мафэр ятэжъ дэжь кIуагъэ.

– Сыд чылэм, тхьам ыIомэ, щыкъэбар?

– Тыгъуасэ чъыг чӀэгъым чӀэсхэзэ, псым эыхаплъэхэм, дышъэ къошын халъэгъуагъ. Псым зыхатакъуи, лъыхъуагъэх шъхьакӀэ, хагъотагъэп.

– Ара, сикӀал? – Лlыжъым зэхихыгъэр ыгъэшӀагъо фэдэу зишӀыгъ.

– Псым халъэгъуагъэр – шъыпкъэ, мэфэ реным щылъыхъуагъэх, джыри щэлъыхъох,– кӀалэм игущыӀэ джыри къыгъэшъыпкъэжьыгъ.

– Ар къэзыгъотрэм иен фаешъ, о къэбгъотыщт. УзыкӀожькӀэ а чӀыпӀэм кӀо. Псы нэпкъым тет чъыг къутамэмэ дышъэ къошыныр ахэт. Ащ иныбжьыкъу ныӀэп псым халъагъорэр. Чъыгым дэкӀуаий дышъэ къошыныр къехых.

Ятэжъ дэгъоу къыгъашхи, кӀалэр ядэжь къэкӀожьыгъ. Лlыжъым зэриӀуагъэу псынэпкъым кӀуагъэ, чылэр дэзэрэгъэкӀыгъэу Ӏут. ЯзыбгъукӀэ тӀыси, зыми гу къызлъыримыгъатэу чъыгыр къыплъыхьагъ. ЕтӀанэ тэджи, дышъэ къошыныр къырихыхыгъ.

Дышъэ къошыным икъэгъотыкӀэ чылэм дэсымэ агъэшӀэгъуагъ.

Пчыхьэ зэхъум, етӀани ятэжъ Ӏус фихьыгъ.

– Къэбгъотыгъа?

– Къэзгъотыгъ.

–Дэгъу,– лlыжъым ыӀуагъ.– Сыд джыри, тхьам ыӀомэ, къэбар?

– Хэгъэгу къэбар щыӀ: апэ тыгъэм ыцыпэ къыкъокӀыгъо зылъэгъурэр пачъыхьэ ашӀынэу аӀуагъ. Тыгъэм пэплъэнхэу бэрэ къуаджэм дэкӀыгъэх, ау зэкӀэми тыгъэм икъыкъокӀыгъо зэдалъэгъу...

– Арымэ, ори адыдэкӀ ахэмэ. Псы нэпкъым теуцу. Тыгъэм инурэ апэрапшӀэу псыхъо нэгум къыридзэщт, нурэр зэрэплъэгъоу яӀу.

Тыгъэм пэплъэнхэу сэбахьы шӀункӀым къуаджэм дэкӀыгъэх.

– Муары, тыгъэр къыкъокӀы,– апэ кӀалэр кууагъэ.

Ӏогъэ пытэ щыӀэти, кӀалэр пачъыхьэ ашӀыгъ.

Пчыхьэм кӀалэм зэӀукӀэшхо ышӀи, къызэӀукӀагъэмэ ариӀуагъ: «О цыфхэр! Сэ дышъэ къошыныр къэсэзгъэгъотыгъэри, тыгъэр апэу сэзгъэлъэгъугъэри сятэжъ пӀашъэр ары. Тижъыхэм бэ къалъэгъугъэри, бэ акъылэу ахэлъри, яӀушыгъэ къагъэшӀагъэм фэдиз, ахэр нахьыкӀэхэмкӀэ шӀогъэшху, дгъэлъэпӀэнхэ, дгъэшӀонхэ фае. Непэ щегъэжьагъэу жъы дэдэ хъужьхэрэр бгы лъагэм етымыдзыхыжьыхэу, акъылэгъу къытфэхъухэу, олӀэжьыфэхэкӀэ шъхьэкӀэфэныгъэ афэтшӀэу тӀыгъынхэу хабзэ тэжъугъэгъэуцу!..»

ЗэӀукӀэм хэтыгъэхэм къыдырагъэштагъ, ятэ пӀашъи къыщэжьыгъ.

Ащ къыщегъэжьагъэу жъыхэр бгым рамыдзыхыжьэу, лъытэныгъэрэ шъхьэкӀэфэныгъэрэ афашӀы хъугъэу къаӀотэжьы...

Тхыдэ Ӏотэныр Дальмар къызеухым, сигарэ ныкъостыр къыштэжьыгъ, пэкӀэ лъэныкъом пылъ яжьэр пигъэтэкъугъ. ӀэхъомбитӀум дэлъэу, Ӏэпэпцӏый зыригъэшӀэу цэпитӀум дигъэнагъ, етӀанэ джыбэм бзылъфыгъэ пцӀэнэ сурэт теплъэ зиӀэ зажигалкэр къырихи, тутын Ӏугъо Ӏужъу псыгъор къызызӀуетӀупщым, Герберг еупчӀыгъ:

– Сыдэу уеплъра?

– Тхыдэ шӀагъу,– Герберг къыӀуагъ, къиныгъо горэ ыгу къэкӀыжьыгъэу хэщэтыкӀыгъ.– Ащ фэдэ тхыдэ зэхэзылъхьагъэмэ жъы гъэлъапӀэ яӀэп умыӀо.– Герберг магнитофоным орэд къэӀоныр рыригъэжьэжьыгъ. ЕтӀанэ, заулэ тешӀагъэу, ежь-ежьырэу магнитофоным щигъэтыжьыгъ.

– Яжъхэм язакъоп, бзылъфыгъэхэми осэшхо афашӀы,– тхыдэу къыӀотагъэм гукъэкӀыжь ӀэшӀумэ ахищагъэшъ, джыри педзэжьы пӀонэу Дальмар къыӀуагъ,– зигугъу къэсшӀыгъэ тхыдэмэ зэрахэлъымкӀэ урамыпэм щызэхэс лӀыжъмэ бзылъфыгъэ аблэкӀы хъумэ, фэтэджых.

– Мыщ фэдэ бзылъфыгъэ уфэтэджын!..– Герберг шкафым дэӀэбагъ, тхылъ Ӏужъу кӀэракӀэ къыдихыгъ.– Плъэгъугъа мыр? Адыгэ тхыпхъэхэр? Мы пшъэшъэ дахэр умылъэгъугъэмэ, ащыгъум Ӏаджми уахэныгъэба! Еплъ шъуашэри къызэрекӀурэр...

– Дахэ, зэкӀужь,– Дальмар тхылъыр ышти, креслэм итӀысхьажьыгъ. Зыгорэ ыгу къызэрэкӀыжьыгъэр пшӀэнэу ынапшӀэ дищэягъ.– Ау сэ сшӀэщтыгъэ адыгэ пшъашъэр мыщ нахьи нахь дэхагъ, ащ ылъэкъуитӀурэ ыбгы псыгъорэ уязгъэплъыгъагъот...

– Адэ сыдэу щыт?

– Сыда щытыр? – зигугъу къышӀыгъэр къыгурымыӀо фэдэу Дальмар зишӀыгъ, етӀанэ зигъэтэрэзыжьыгъ.– Ы-ы, ара зигугъу пшӀырэр?

– Адэ, ары нахь сыда тэ ащ ылъакъо зэрэтищыкӀагъэр...

– Хьау,– Дальмар пиупкIыгъ,– а зыфапIорэм фэдэ Iофым хэлъэп.– Джау сшIэщтыгъэ... Дуся аIоу синэIосэ официанткэ горэм зэрэадыгэ пшъашъэр къысиIогъагъ.

– Ар къодыя?..

Герберг иупчIэ Дальмар джэуап ритыжьыгъэп. Ащ фэдэхэм арыгущыIэным фэягъэп, иджагъокIэ арэп, ахэр Герберг шефыкIэм ригъашIэхэ шIоигъуагъэп.

– УрыскIэ Мира, адыгэкIэ Мерэм а пшъашъэм зэреджэщтыгъэхэр,– игущыIэгъу иупчIэ тырищы шIоигъуагъэщтын, къызкIиIори ымышIэу джау сыдми Дальмар къыIуагъ.

Ау Герберг зыуи Дальмар къыIуагъэр къыщыхьугъэп, нэгъунджэ шIуцIэшхор нэмэ къакIихыгъэу джэуапым ежэу щысыгъ. Дальмари джэуап ытын ихьисапыгъэп, зыгори зэхэзымыхыгъэм фэдэу къеплъыщтыгъэ. Герберг бзылъфыгъэкIэ зыфэдэр ымышIэу щытыгъэп. Мазэм къыкIоцI плIэ псыIушъо чэщ рестораным Герберг щилъэгъугъэти, плIэмкIи пшъэшъэ ныбжьыкIэ зэфэшъхьаф игъусагъ, тхьаркъохъум фэдэу зыгорэхэр къыжэдэтэкъу зэпытэу ядэхашIэщтыгъэ. ИкIасэу рилъэгъулIагъэр пшъэшъэжъыемэ атэмэпкъ пцIанэмэ ренэу ыIэ гъугъэхэр ателъынхэр ары. Ахэр джау телъы къодыягъэхэп, Iэ ащефэ.

– Адэ сиупчIэ джэуап къептыгъэпи? – Герберг тхьагъэпцIышъоу джыри щхыгъэ, къыримыIожьми, зэкIэ зэрзэхишIыкIрэр ынэмэ къакIэщы.

– Хьау, осIуагъи...

– Ащ фэдэ ашIа?! Ащ нахь лыгъэ пхэмылъ нэмыIэмэ, къэмыIу... Одэ зэгорэм уилIыгъэ къымыхьыгъэм пае тIупс къемыгъачъ, тыкъэмыгъэбырсыр.

Герберг шъхьаныгъупчъэм кIэрыхьагъ, еплъы. Алахьым ешI, ащ ыгу къэкIыжьхэрэр. Щагум мэзахэр къышъхьащэцуахъо, адыкIэ, мыжъо гъогу бгъузэм ныбжьыкъу шIуцIитIу пIонэу нэбгыритIу тет, аIэхэр акIыбкIэ идзагъэхэу тезэкIухьэх. Герберг ыгу къэкIыжьын Iаджи иI. Араб хэгъэгубэмэ ащыIагъ, къэрал лIышъхьэтедз Iофыбэми ахэлэжьагъ, цIыф тхыцIэ Iаджыми арыкIуагъ, пхъэгъугъэр лъэгуанджэкIэ зэрэзэпакIэу зэпикIыгъэх, зэпигъэтэкъугъэх. Африкэ хэгъэгу къежьэгъакIэхэми анэсыгъ, Южнэ Америкэми заулэрэ Iэолъаоу итыгъ. Къыдэхъугъи щыI, къыдэмыхъугъэри нахьыб.

Джахэр ара, хьауми Дальмар фигъэхьазырырэ Iофыр ара зэгупшысэрэр?



Дальмар зыкIи Герберг зэгупшысэрэм пылъыгъэп, тхылъым дэт сурэтхэм яплъы, шъуашэхэр, тхыпхъэхэр зэрэзэтекIхэрэр зэрегъафэх. Герберг ишъхьаныгъупчъэ Iутыкiи шIогъэшIэгъонэу загъорэ фычIэплъы.

ОшIэ-дэмышIэу Герберг зыкъызэригъэзэкIыгъ, кIыбыкIэ шъхьаныгъупчъэм фэгъэзагъэу ылъакъохэр кIищэикIхи, лъапшъэм дэжь щызэригъэнагъэх, Iэ гъугъэ цIыкIуитIур бгъэгупэм щызэридзэхи, къыIуагъ:

– Сэ зэ сызкIэхъопсыгъэм тIо сыкIэхъопсыжьрэп... Ащ нахьи нахьышIу Iофым ыуж тигъахьи...

– Джар зэкIэми анахь тэрэз,– оры къезгъэжьагъэр, ащ сэ зыкIи сыхэтэп гукIэ ыIозэ, дыригъэштэ дэдэуи Дальмар зишIыгъ.

Нэрэ-Iэрэ азыфагу Герберг зыкъызэблихъугъ, джыдэдэм сэмэркъэущтыгъэ, щхыщтыгъэ Iоу пшIэжьынэп. ЗиIэтыни, шъомпIэжьым фэдэу, быбыщт пIонэу щыс.

– А зишэн дахэхэу тызхэбгъэдэIуагъэхэмэ хьакIэякIаса? – Герберг къэупчIагъ, етIанэ ежь-ежьырэу зэреIожьба пIонэу къыпигъэхъожьыгъ.– ХьакIэкIэ ахэмэ уатекIощтэп...

– ХьэкIэ пстэури зэфэдэп.

– ЗыгорэкIэ а Дуся, Мерэм зыфапIохэрэм уаIуупIакъомэ?

– Ащ ыуж псыбэ Рейнэ дэчъыгъ... Тэри уахътэм тистыгъ, косметикэри хьаулыеу къызхэдгъэIагъа? ЕтIани ахэр зыдэщыIэхэ лъэныкъом сыд сиIоф щыI сэ?

– О нахь пшIэн...

НэмыкI орэд макъэу къеIугъэм гукъэкIыжьмэ Дальмар къахищыгъ. Пхъэр зэрищэгъэ уасэм зэрэрыразэр хэпшIыкIэу шоферым ишIугъу. НапшIэхэр дещаех, бгъукIэ рещэкIых. ЗыкIэмыхьэрэ машинэ ыпэ итэп, адэхын зыщырыгъажьэрэм орэдыр зэпегъэушъ, кабинэ шъхьаныгъупчъэм еужъунтхыкIы.

Непэ мэфэ шIагъу, гъогунэпцэ чъыгмэ бжыхьэр къахэIэгъэ къодый, гъогумрэ мэзымрэ азыфагу илъ гъошъу мыинми итеплъэ дунаири къегъэдахэ. Шъофым зелъадэхэм, чыжьэкIэ, мэзым ыпшъаIокIэ, уIабэмэ уалъыIэсын фэдэу зэбгъутыхэу къушъхьэхэр къэлъэгъуагъэх. Ос паIохэр ащыгъых. Осыр зытемылъ къушъхьэмэ, пщэ фыжьмэ ачIэгъ шIуцIамэр атырехы.

Къушъхьэмэ узяплъкIэ благъэу щытыхэ фэдэу къыпщэхъу, ау мэфэныкъо гъогур ячыжьэгъэн. Дальмар ар

тыгъуасэ ыушэтыгъ. Нэплъэгъум къушъхьэ-мэз зэхэтыр къызэрэкIафэу ТIахьирэ ыгу къэкIыгъ, ащ емыгупшысэным фэшI кабинэ шъхьаныгъупчъэм иплъыгъ, гъожьышэ-плъыжьышэ чъыг тхьапэхэр зэкIэлъычъэхэу машинэбгъум блезэрэгъэхых, адыкIэ гъой лъэныкъомкIэ къолэжъ шIуцIэ заулэ мэбыбы, чэм Iэхъогъури хъурыхъоу рекIокIы. Сыд фэдизэу ТIахьирэ зыщигъэгъупшэ шIоигъуагъэми, ынэгу кIэкIрэп. Емынэм зэрифэщтыгъэп, ыгу фэгъу пIонэу джыри зэ ежь-ежьырэу Дальмар зэриIожьыгъ, ылъакъохэр ыушхугъэх, Iэ лъэныкъомкIэ рацнер зыкIоцIылъ Iалъмэкъ щыхьагъэр ыIыгъ. Щынагъо щыIэп нахь мышIэми, зыщыфаем кIэрахъор къырипхъотынэу Iэ сэмэгур шъхьарытIупщ.

Гупшысэ хьылъэу къышъхьэрыуагъэр тезыгъэун шъхьэм къихьэрэп, ащ фэдэхэм ясэжьыгъагъ нахь мышIэми, моу зыгорэм ыIэпкъ-лъэпкъхэр къызэхипIытIыхьэрэм фэд, къехьылъэкIы. ЕтIани Дальмар зеухыижьы, дэгъу арэущтэу зэрэхъугъэр, ары нахь хьалэ-балыкъ тыхидзэнти, ащ тиIоф щытыухыщтыгъэ.

Шоферым феплъэкIы. Сыд илIэужыгъо цIыфа мыр? Ахъщэр шIу елъэгъу... Хэта ар шIу зымылъэгъурэр? Бзылъфыгъэм зэрэдэгущыIэщтыгъэмкIэ тхьагъэпцIыжъ горэн фае... Бзылъфыгъэри делэп...

Апэ ит машинэм илъ щыIэп, пхъэчай нэкI горэ одыкIэмыдыкIэ щэзечъэ. Шоферым ыIэдэкъэ шъэджашъэ сигналым тыриубыти, бэрэ ыгъэшъуигъ, ау гъогу къиритыгъэп, губжыгъэу кабинэм иужъунтхыкIыгъ, ыкIэ пыгъэпкIагъэм фэдэу ыуж кIэкIэу ит. ЧыжьэкIэ автобус горэ апэкIэ къэлъэгъуагъ, шоферым къыIуагъ:

– Теплъын джы, подлюка!

Дальмар къэгумэкIыгъ, шоферым ихьисапыр ышIэрэп. Дальмар машинэ зэмлIэужыгъуабэ зэрифагъэ, ау мыщкIэ гухэлъэу щыIэр къэшIэгъоягъ. ЗыгорэкIэ автобусыр къэмысызэ, дэхынэу ежьакъомэ ыIоти, Дальмар щынэщтыгъэ. Автобусыр къэси, блэлъэтыгъ. Ардэдэм сэмэгумкIэ псынкIэу рулыр шоферым ыIуантIи, нэпIэ зэтедзэгъум машинэм блэбыбыкIыгъэх. ДжабгъумкIи сэмэгумкIи зыримытэу гъогу гузэгур ыубытыгъэу мачъэ, ыуж итыр дигъэхрэп, зэ щегъакIэ, зэ регъэхъу, кабинэм иужъунтхыкIзэ федзы:

– ШIумэ еплъ!..– ичъэ ретIупщыжьы.



– УищэфакIо бзылъфыгъэ пхъэшагъ...– Дальмар шоферым риIуагъ.

– Олахьэ арым,– шоферыр щхыгъэ, тутын хигъани, къыпидзэжьыгъ: – Шъузабэхэр зэкIэ ащ фэдэх, аущтэуи щымытхэми хъущтэп. ЩыIакIэр къины, къызэрэодыргъузэредыргъыжьышъу.

– ЩыIакIэм мыщ ущезэгъын, темыр лъэныкъом елъытыгъэмэ, шъуалъэныкъо щыджэнэт...

– Къутырым ущыщ сшIошIыгъ сэ, шъузэбэ дахэмкIи сыоупчIын сихьисапыгъ,– тутын Iугъор шоферым кабинэм из ышIыгъ.

– Къутырым сыщыщэп, темыр лъэныкъом сыкъекIы, сымэзтеупкI. Илъэс пчъагъэрэ сыщылэжьагъ...

– КъатIупщыжьыгъэмэ уащыща?

– Ащ фэдэ тIэкIуи сиIоф хэт, илъэсий хьапсыр зыщисэхым, сыкъэнэжьыгъагъ. Унагъуи щызгъотыгъ. СабыитIуи сиI. Тэри зэгорэм тыгъэм зетэрэгъэу сIуи, сишъэогъу горэм къыситыгъэ адресымкIэ къутырым сыкъэкIогъагъ,– къэбарыжъ къыIуатэрэм фэдэу Дальмар игущыIэ къырищэжьагъ.

– Угу рихьыгъэпщтын къутырыжъ цIыкIум зэрэщыпсэухэрэр?

– Сыгу римыхьы мэхъуа, дэгъоу щэпсэух. Хэти зэрэфаеу колхозым щэлажьэ, хэтэшхохэри яIэх, пкIышъхьэмышъхьэхэри яхъой. УщыунэгъонкIэ фэдэ чIыпIэ къэгъотыгъуай.

– Сыда адэ?

– НэмыкI чIыпIэ джыри сеплъын симорад, ар зымыхъукIэ къутырым сыкъекIужьыщт, унэ цIыкIу горэми сынаIэ щытесыдзагъ. Уасэм уезэгъыщт.

– Темырым ущылэжьагъэмэ, ащыгъум, гъэшIэным пфикъун къыщыблэжьыгъэба!..

– Къэнэжьыгъэм тызэрэщыIэн тIэкIуи тиI...– Iэсэ-Iасэу Дальмар къыIуагъ, хэщэтыкIи, тутыныр ыцапэ дигъэнагъ.

– Адэ джары улажьэмэ лыжъ пшхыщт зыкIаIорэр,– шоферым гущыIэжъкIэ къыухи, Iэ лъэныкъомкIэ тетIысхьапIэм чIэIэбагъ. ЖэкIэщыфэр зыхагъаорэ псыр зэрытрэ кружкэ цIыкIуитIу къычIихыгъ, етIанэ аркъ бэшэрэбыр ежьырырэ Дальмаррэ азыфагу, тетIысхьапIэм къытыригъэуцуагъ.– Мы ныкъом уиIусылъэ хэлъти ары, непэрэзымафэм къызфесщэкIыгъэри, зыфэсщэфыгъэр зыкIэ-

сымыгъотыгъэри,– ынэ цӀыкӀухэр къицӀыргъукӀхэу шоферыр щхыгъэ.– Хьэлъакъо зышхыгъэм фэд ар!..

Зигугъу къышӀрэр къыгурымыӀоу Дальмар шоферым еплъыгъ. КъыгурымыӀуахэщтыгъэри иаркъ къэштакӀ. НапшӀэр дищаий, зыфихьын ымышӀэу ыгъэшӀэгъуагъ. Шоферым къыригъэжьагъэр ӀэкӀимыхэу, джыри нахьыбэ къыригъаӀомэ шӀоигъоу еупчӀыгъ:

– Столична сэӀо?

– Тетхагъэм ащ фэд еӀо,– шоферыр щхыпцӀыгъэ.– Ау зыфэдэр къызыпшӀэщтыр гъуаткӀо горэ пчыишъхьэ къызифэкӀэ ары.

– Мыр зыфэпщэгъагъэм къызэрэпщэжьрэр ышӀэмэ ыгу къыпфыхэкӀын...

– КъызэрэсщэжьрэмкӀэ сыкӀэгъожьрэп.

– Сыда?.. КъылъепщэкӀыгъэу пӀуагъэба?..

– СӀуагъэ шъхьакӀэ, аущтэу зэрэхъугъэр нахьышӀу. ДымыӀужъ гор ар... Дунаим зэбгъэнэцӀын тет Ӏоу сшӀэрэп а Ӏаер!

– Хэта, мышъэфымэ, угу забгъэрэр?

– Дунаим угу зэбгъэн Ӏаджи тет, ахэмэ тапылъын тлъэкӀыщтэп, къаштэ бжъэр...– шоферыр машинэм иужъунтхыкӀыгъ.– Тызэубзэн закӀ нахь, къытэубзэн къытпэкӀафэрэп.

– Ар шъыпкъэ,– Дальмар шоферым дыригъэштагъ.

Апч Ӏукор шоферым цапэкӀэ тыритхъыгъ.

– Ашъыу, Джамбот ыцӀэу зы мэзпэс горэ Аргъоилъэ мэзым икъэрэгъулэшъ, екӀолӀапӀэ фэдгъотрэп... Тэ тыпсэумэ тшӀоигъу, ежь хэгъэгур зэрэпсаоу къыгъэгъунэнэу ежьагъ, щыӀакӀэ къытитрэп...

Аргъоилъэ мэзым игугъу зызэхехым, Дальмар шоферым феплъэкӀыгъ, ау зэгуцэфэн хилъэгъуагъэп. Машинэр бгым ечъэхи, къэгъэзэгъум къолъэдагъ. Дальмар ышъхьэ Аргъоилъэ мэзыр икӀрэп. Ары тыгъосчэщ къызхэтӀысхьагъэхэр. А мэзым ыцӀэ бэшӀагъэ зишӀэрэр. Ау зэрэщыщынэщтыгъэхэу Аргъоилъэ мэзыр къычӀэкӀыгъэп. Зы аргъоий, орыжъи, хьантӀэркъо тӀысыпӀи халъэгъуагъэп.

Ахэмэ ягупшысэ ыӀозэ, къызхихыгъэр ымышӀэу ТӀахьирэ гум къэкӀыгъ, ӀэпыӀэгъу фэхъунэу къызэрелъэӀуштыгъэр нэгум къыкӀэтэджэжьыгъ. Парашют къуапэр пиупкӀи, хьамдэчым ТӀахьирэ дафэ зэхъум, зэрэкуогъагъэр Дальмар ытхьакӀумэ джыри ит.



– А Джамботыжъым,– ыпэкӀэ ит машинэм дэхызэ, шоферым къыӀуагъ,– сышакӀу еӀуи, къыпфимышӀэн щыӀэп... Тэ шэкӀоным хэтшыкӀрэр ары нэмыӀэмэ...

– Унагъо иӀа? – зыфеупчӀрэр ымышӀэ фэдэу Дальмар шоферым еупчӀыгъ.

– Олахьэ сымышӀэ, иӀэуи аӀо, имыӀэуи аӀо, ащ ищыӀакӀэ зыфэдэр къыбгурыӀонэу щытэп... Къэбар Ӏаджи пылъ ащ...

– КъызэрэпӀорэмкӀэ, цӀыф гъэшӀэгъон.

– ЦӀыф гъэшӀэгъонми къыщыуцурэп, ыжэкӀэ-пэкӀэжъ изакъоми...

– Ары Ӏолъ...

Дальмар лъэкъо утэбжьагъэр зеушхум, джыбэм илъ кӀэрахъор ко лыпцэм нэсыгъ. Машинэм ичъи нахь щигъэкӀагъ.

Бжъэмэ арыз шоферым къышӀыгъ:

– УкъыздэкӀуагъэр алахьым мафэ пфешӀ, еу къэӀэт.

– Тхьэуегъэпсэу, ау мыр хъуна, автоинспекциер гъогум къыщытӀукӀэмэ?

– Умыщын, Ӏэты,– шоферыр зыӀулъэкӀыхьажьыгъ.– Ахэри тэщ фэдэх, цӀыфых. Бжъэ зымыӀэтрэ щыӀа?

Дальмар дигъэзыий, зэу аркъыр рикӀыхыгъ. Фэбэфабэу Ӏэпкъ-лъэпкъмэ аркъыр ахэхьагъ. Лъыри нахь зэрифэу ригъэжьагъ. Шоферым иорэд къыхидзэжьыгъ, къыӀуагъ:

– Къигъахъу джыри.

– Икъун ар,– Дальмар шоферым ынэмэ акӀэплъагъ.

Шоферым ынэ цӀыкӀухэр псы зэрымытыжь псынэ гъушъэу ынэку къещых. Напцэхэри хьамцӀый кӀодыгъэ пӀонэу нэшъхьэ бгъуитӀум щыречъэкӀых.

Дальмар зи къыпимылъхьажьэу аркъыр къыригъэхъуагъ.

– Тызфешъорэр ошӀа мы псы дыджыжъым? – шоферыр Дальмар къеупчӀыгъ.– НэӀуасэ тызэрэзэфэхъугъэр ары.

– Ары шъхьакӀэ, тцӀэхэмкӀэ тызэрэшӀэрэп,– зыфэе дэдэр зэрэхъурэр Дальмар игуап.

– Олахьэ ари шъыпкъэм. Сэ сцӀэр Алъкъэс, слъэкъуацӀэр Алыбэрд, райпотребсоюзым сырищофер, сыкъэзымышӀэрэ мы Ӏэгъо-благъом исэп, исми кӀэгъожьын.

– Сэ сцӀэр Владимир Петрович, слъэкъуацӀэр – Берузаимский, сигъашӀэ мэзтеупкӀэу къэсхьыгъ, зижъышъхьэ

гупсэфэу изыхын зиморад цӀыф,— гур къыдеӀэу Дальмар щхыгъэ.

— Адыгэмэ ятэ ыцӀэ къыраӀоу яхабзэп, сцӀэкӀэ, къэуджахь-уджахьыжь хэмытэу, укъысэджэщт. Алъкъэс къысэпӀощт, цӀэу щыӀэмэ ялый, къэӀогъошӀу, гурыӀогъошӀу. СлъэкъуацӀи Алыбэрд, шъхьэм иубытэгъошӀу.

— НэӀуасэ тызэрэзэфэхъугъэм ихьатыркӀэ, цӀыф чэфхэр сикӀасэх,— аркъым Дальмари ешъуагъ.

Джыбэм иӀэбэжьи, пхъэ апч Ӏуко Алъкъэс къырихыгъ. Аркъ апчым ышъхьэ Ӏуикожьыгъ. Къызэриштагъэм фэдэу бэшэрэбыри кружкэ цӀыкӀухэри тетӀысхьапӀэм чӀилъхьажьыгъэх.

— О уиӀуагъэу, Владимир Петрович, пцӀэ тэрэзэу къэсэӀоба, икъуныгу ар,— Алъкъэс щхыгъэ.— Мы зэмзэмыпсым мэ Ӏае иӀ, ар ужэ къыдэмыуным пае мыхэр уишъхьал дадзи, дэхьаджыхьэх,— уц тхьэпэ гъугъэ заулэ къыфищэигъ.

Дальмар уц гъугъэхэр ыуцэӀухэу ригъэжьагъ. Алъкъэс ыуцэӀугъэхэр кабинэмкӀэ риужъунтхыкӀыжьыгъэх.

— Мы уцхэр зэрэдэгъухэр автоинспекцием ыпи акудэ, уишъузи гушӀопсэу къыппагъэгъокӀы.

— Уадыг пӀоу нибжьи умышӀэн. УрысыбзэкӀэ дэгъоу огущыӀэ, урысмэ уахэсыгъэщтын? — Алъкъэс ехьылӀагъэу нахьыбэ зэригъашӀэмэ шӀоигъоу Дальмар къэупчӀагъ.

Алъкъэс хьылъэу хэщэтыкӀыгъ. ӀэлъэныкъоӀм рулыр рити, тутын къыштагъ. Хигъани, кӀоцӀымкӀэ Ӏугъор ыщагъ, пэ гъонитӀум къаритӀупщыжьыгъ.

— СятэкӀэ сыадыг, сянэкӀэ сыкъэрэщай. Зэхэпхыгъа ащ фэдэ цӀыф лъэпкъ?

— Среднэ Азием ращыгъагъэхэба къэрэщаехэр? — къыратыгъэ упчӀэм Дальмар упчӀэ джэуапкӀэ пэгъокӀыжьыгъ.

Джыри Алъкъэс нахь хьылъэу хэщэтыкӀи, тутыныр зыщэ-зыплӀэ ыкъудыий, кабинэм ридзыжьыгъ. Ӏэ пкӀэнтӀагъэхэр чэзыу-чэзыоу кабинэм рищэикӀыхэзэ, жьым ригъэгъушъыгъэх.

— Ращыгъагъэх... Къэрэщайхэр зыращым, илъэс пшӀыкӀущым ситыгъ. Сятэ зыдэхъугъэр амышӀэу кӀодыгъэкӀэ тхылъ къытфагъэхьи, зыдгъэежьыгъэр мэзэ заулэ хъугъэу къэрэщаехэр ращыгъэх.

— Уянэ къэрэщэепхъу, зи къыраӀуагъэба? — Дальмар гущыӀэ зэпыугъом зытыригъэфагъ.



— Хьэр псашъо рагъэщагъэба Ӏори къэупчӀ,— Алъкъэс ышъо къыхихыгъ.— Тянэ тхьамыкӀэм икъун кӀэхахыгъ. Илъэсныкъо фэдиз зи къытамыӀоу чылэм тыдэсыгъ. Сэ къысаӀон щыӀагъэп, сятэ адыгэ. Зыгорэм бзэгу тихыгъ. А чэщ дэдэм мэшӀокум тырадзи, къэрэщаехэр зыдащагъэм тэри тащагъ. Джы къызнэсыгъэм сянэ тхьамыкӀэр бзэгу зыхыгъэр зэзгъэшӀэн слъэкӀрэп.

— Уянэ псауа?

УпчӀэм джэуап къыримытыжьэу Алъкъэс бэрэ щысыгъ, етӀанэ къыӀуагъ:

— Заор зыщаухыгъэ мафэм сянэ згъэӀылъыгъэ... Сизакъоу сыкъызэнэм, тэ сыкӀона, сыздэкӀощтымкӀэ изын сиӀагъэти, тичылэжъ сыкъекӀужьыгъ. Сятэ иунэ къэзан щазымашӀэм ыубытыгъагъэти, къыщысщэфыжьыгъагъ... Ары, ары, умыгъэшӀагъо. Къэзгъэзэжьыгъэмэ яунэхэр ащащэфыжьынэу ары зэрэщытыгъэр. Уизакъоу щыӀэгъуай, сыкӀэлэ дэдэу унагъо сшӀагъэ. Шъэо цӀыкӀуи сиӀ.

— А лъэхъаным елъытыгъэмэ джы тызыхэтыр нэмыкӀ лъэхъан,— къыриӀуалӀэрэр зэригъэшӀэнэу Дальмар шоферым нэмыкӀ гущыӀэ жэдидзагъ.

— Лъэхъан Ӏэягъ ар,— Алъкъэс псынкӀэу къыӀуагъ.— Джы ращыгъэхэм къагъэзэжьыгъ. КъэзымыгъэзэжьыщтхэР тянэ фэдэ мин пчъагъэхэу лажьэ зимыӀэу кӀодыгъэхэр арых...

— Къиныбэ уагъэлъэгъугъэ, Алъкъэс,— Дальмар апэрэу шоферым ыцӀэ къыӀуагъ.— Хэбзэ дэгъу тиӀ, ау угу зэребгъэн Ӏаджи щыӀ.

Алъкъэс ипаӀо зыщихыгъ:

— Олъэгъуа мыр,— паӀоу зыщихыгъэр ыӀэмычӀэ чӀэкуагъэу шъхьац къэрабэр Алъкъэс къыгъэлъэгъуагъ,— ращыгъагъэхэм къарагъэгъэзэжьыгъ, ау сшъхьац шӀуцӀэ хэта къысэзытыжьыщтыр?

— УикӀэлэгъу дахэ къызэрэуамытыжьыщтым фэд пшъхьаци зэрэмыгъотыжьыщтыр. Ар егъашӀэм зыщыгъэгъупшэжь, Алъкъэс. УиӀагъ, дэу пшӀын, уиӀэжьэп.

— Ащ фэдэр ащыгъупшэрэп!

— Ар шъыпкъэ, Ӏаджи тщыгъупшэн фаӀ шъхьакӀэ, тщыгъупшэрэп. ЕмыкӀу бащэ къытахыгъ,— ежь зэриӀожь фэдэу Дальмар къыӀуагъ.

МэшӀоку зэпырыкӀыпӀэм нэс Алъкъэсрэ Дальмаррэ зи зэрамыӀоу къэсыгъэх. Шъхьаджи ышъхьэ егупшысагъ.

Зэпырыкӏыпӏэм щызэрэугъоигъэ машинэмэ Алъкъэс имашинэ апигъэуцуагъ. Мэшӏокур къэси, блэкӏыфэкӏэ ыуж машинэ зытфых зыщызэпащагъ. Дальмар шъхьаукъашъоу кабинэ кӏыбым ышъхьэ ригъэкӏыгъ. Милиционер закъоу мэшӏоку зэпырыкӏыпӏэм Iутым ынэ тырихрэп. Зыгъэгумэкӏрэр ауж къиуцогъэ машинэхэр зыфэдэхэр, ахэмэ арысхэр зэримышӏэхэрэр ары.

Бэрэ мэшӏоку зэпырыкӏыпӏэм зэрэIутыщтхэр Алъкъэс ышӏэти, машинэм икӏыгъ, къыплъыхьагъ. Милиционерым кӏэрыхьагъ. Алъкъэс милиционерым риӏорэр Дальмар ышӏэрэп. Шъхьэм бэ къихьэрэр. Машинэм икӏи, аӏорэм щыщэ зэхихынэу тхьакӏумэр кӏэгъэзыкӏыгъэу лъэбэкъу шъэбэ заулэ ыдзи, акӏэрыхьагъ. Егъашӏэм иныбджэгъугъэм фэдэу милиционерым сэлам рихыгъ, ыӏапи ыубытыгъ, цӏэцӏагъэ:

– Мэшӏоку зэпырыкӏыпӏэмэ къэралыгъом зэрарышхо рахы. Зы мэшӏоку пае мыщ фэдиз машинэ хъущэр зэтегъэӏагъэу щыбгъэтыныр емыкӏу. Мэшӏоку зэпырыкӏыпӏэ тхьапш хэгъэгушхом итыр, машинэ тхьапш, нэбгрэ тхьапш зиуахътэ хьаулыеу зышӏуагъэкӏодрэр!

Джахэр къыӏофэхэкӏэ Дальмар милиционерыр къызэпиплъыхьагъ. Гуцафэ зыфишӏын хилъэгъуагъэп.

– Олахьэ шъыпкъэм, мэшӏоку зэпырыкӏыпӏэмэ охътабэ ащытэгъэкӏоды, зэрарышхо хэгъэгум етэхы, тэри къытехыжьы,– Алъкъэс Дальмар къыдыригъэштагъ.

– КъэкӏорэгъыIм шъущытыжьыщтэп, лъэмыдж ашӏынэу унашъо щыӏ,– милиционерми, зэрифэшъуашэу, ихэгъэгу къыухъумагъэу ылъытагъ.

Мэшӏоку зэпырыкӏыпӏэм машинэр зыщытехьащтым, къыриӏуалӏэрэр зэригъашӏэмэ шӏоигъоу Берузаимскэр Алъкъэс еупчӏыгъ:

– Тэ ӏоф щишӏэра а милиционерым? Кӏэлэ шӏагъу...

– Хэс щыӏэп, ешъокӏо цыкӏу гор, раймилицием иӏофышӏ.

– Ара?.. Ащ фэдашъо тесштагъэп...

Ащ Алъкъэс зи къыпилъхьажьыгъэп.

– Мэшӏоку станцием, къыомыхьылъэкӏыщтмэ, сепщэлӏагъэмэ дэгъугъэ, Алъкъэс,– къэгъэзэгъум зынэсхэм Дальмар шоферым елъэӏугъ.

– Мэшӏоку станциер пӏуагъа? – Алъкъэс къыгосым феплъэкӏыгъ,– тадэжь уесымыгъэблагъэу зы мэшӏоку



станцие горэми утезгъэплъэнэп, Владимир Петрович. Сиӏофшӏэни сэухы пэт. Адыгэ хабзэп ар, сыкъэрэщэе пхъорэлъфми, къэрэщаехэми ащ фэдэ хабзэ яӏэп.

Алъкъэс сыхьатым еплъыгъ, тфы хъункӏэ минут заулэ иӏэжь. Машинэр къэгъэзэгъум къолъэдагъ. Асфальтым зытекӏым, сэпэшхо ыуж къитэджагъ.

Зэрэрагъэблэгъагъэр Дальмар игуапэми, егупшысагъ. Мыхъун хилъэгъуагъэп, ыгу зи къыриӏощтыгъэп, рэхьатыгъ.

– А унаплъэ уздакӏорэм нахьи тичылэ нахь дэеп, пщэфыни дэбгъотэщт. Унагъо узщыхъун чыл мыр. Зы мыхъуми райцентрэба? Урысхэри дэсых, угу рихьын Iоф цыкӏу гори дэбгъотэщт, пӏэ зэтелъэу ущысына?

– Ари ары, ау машинэм къибгъэтӏысхьэхэрэр зэкӏэ шъуадэжь ебгъэблэгъэщтмэ унагъо уагъэшӏэжьынэп, Алъкъэс,– Дальмар шоферым есэмэркъэугъ.

– Ар хъухэщтэп, а къизгъэтӏысхьэхэрэр ары унагъо тэзгъашӏэрэр. О чыжьэу укъекӏы, ухьакӏ. Етӏани орырэ сэрырэ къытэхъулӏагъэр зы, тинасып зэфэдэ пӏоми хъущт...

Алъкъэс игущыӏэмэ Дальмар захэдаӏом, риӏуагъэхэр шоферым шӏошъ зэрэхъугъэхэр гурыӏуагъ. Арэу щытми Дальмар цыхьэ Алъкъэс фишӏрэп, фэсакъы.

Кӏэлэжъ дэгъун фае мыр, Алъкъэси еӏо, ахъщэ гъэтӏылъыгъи иӏэщт. Темыр лъэныкъом щылэжьагъ, нэӏосэ лыягъэ щыӏэп, тызщыфаем чӏыфэкӏэ тытефэн тлъэкӏыщт. Унэ ыщэфыщтмэ, ячылэ щерэщэф, щэрэпсэу. Алъкъэс ащ зи шӏухэкӏуадэрэп, зэгорэм ишӏуагъэ къемыкӏыщтмэ иягъэ къекӏынэп.

– Ащыгъум, Алъкъэс, тучаным тыӏугъэлъади, нымкъо горэ зыдэтэгъашт,– Дальмар къезэгъыгъ.

– Машинэкӏэ аркъыхьэ тучаным тыӏулъадэ хъущтэп. Армырми зыцэ тфыкӏэзылъыкӏрэ ӏаджи дэс мыщ... Машинэр дгъэуцужьмэ, тучаным тыблэкӏыжьыщт.

Алъкъэс исакъыгъэ Дальмар ыгу рихьыгъ, ау «зыцэ тфыкӏэзылъыкӏрэ ӏаджи дэс мыщ» зыфиӏуагъэм ыгу еӏугъэп. Джэгъогъубэ зиӏэхэр пыщэгъу ышӏынхэм фэягъэп. А закъор ары джырэкӏэ Алъкъэс щыкӏагъэу филъэгъугъэр. Адырэхэмкӏэ Алъкъэс ежь зыфэе цыф дэдагъ. Нэмыкӏ улъыхъужьыныр ищыкӏэгъагъэп.

### Зэмыжэгъэхэ Iоф къыкъокIы

Бжыхьэпэ мэзым идэхагъэ Геворк зишIагъэр нычэп. ЕтIани ар зыдэхэ дэдагъэр нэфшъэгъуапэр ары. Чэщыр текIыфэ мэзым зыщэ-зыплIэ зызэблихъугъ. Пчыхьэшъхьапэм плъэгъу уримыгъафэу къэушIункIыгъ. Мэзахэм, хэтIагъэм фэдэхэу, чъыгхэр щыхъыехэрэп.

ШIункIы къызэрэхъоу мэкъэ зэфэшъхьафэу мэзым къыхэIукIхэрэр, щарагъэгъэтыгъэ пIонэу, зэпыугъэх. Мэзэхэ рэхьат щынагъор мэзым тIэкIурэ зышъхьащэт уж, мэзым псэ къыпыкIэжьыгъэ пшIуигъэшIэу, нэмыкI мэкъэ зэмылIэужыгъомэ джы зыкъыщаIэтыгъ – бзыухэр зэпэджэжьых, аргъойхэм «ны-нын» аIоу модыкIэ-мыдыкIэ зыщычIагъао, къыздилъэтыгъэр амышIэу жьы макIэм чъыг къутамэмэ запидзагъ. Чэщыбгым мэзыр рэхьатыжьыгъэ. Ащ щегъэжьагъэу сэбахь нэс гупсэфыпIэ итыгъ, етIани къэбырысырыжьыгъ. Тыгъэр къыкъомыкIыгъэ нахь мышIэми къызэрэущыжьрэр чъыг тхьапэхэмкIэ къэошIэ. Нэм ерагъэу ылъэгъурэ тыгъэнэбзыйхэр чъыг шъхьэпэ тхьапэмэ къатеIэбагъэх, етIанэ къутамэмэ къапхырыпсэу ригъэжьагъ, етIанэ хьэлъэгу-хьэлъэгоу чъыг чIэгъмэ ащыджэгугъ. Орэд зэмышъогъубэкIэ мэзыр тыгъэм дежъыугъ, ыбгъэгу фызэрихыгъ.

Дальмар чIитIагъэхэр зыщычIэлъым пэмычыжьэу чэщыр Геворк щырихыгъ. Чэщ реными, пчэдыжьыпэми чъыгэе лъапсэм гуцафэ зыфэпшIын къыIухьагъэп. Бэджэ гъожь цIыкIу горэм ыкIэ утысэу, пкIэшъэ тхьэпэ гъожьмэ къахэмыщыхэу, нэфшъагъомэ адэжь чъыгэе чIэгъым къызэрэчIэлъэдагъэр хэмылъытэщтмэ, зи къэлъэгъуагъэп. Чъыгэе лъапсэм бэджэжъыер щыпэшъушъу-щыпэшъушъуи, Iофышхо зэрехьэ пIонэу, Iулъэтыжьыгъ.

Геворкрэ мэзпэсым иунэ исылIымрэ чэзыу-чэзыоу чъыгэе лъапсэм чIэтIагъэм екъэрэгъулэнхэу ары зэрэщытыгъэр. Щайешъогъу уахътэм адэжь чыжьэкIэ пхъэуIу макъэ къэIугъ. ТIэкIу зытешIэм, джыри пхъэуIу макъэр нахь чанэу Арбанян къылъыIэсыгъ. Ар мэзпэсым иунэ исым ымакъ. Ащ къикIрэр зышIэщтыгъэр ежь нэбгыритIур ары. «Шыблэр зэогъэ чъыг някъостым дэслъхьэгъэ тхылъыпIэ тхьапэм итым псынкIэу едж», джары пхъэуIу макъэм ишъэф. Чэзыугъор зэIахы зыхъукIэ, зэрэмылъэгъунхэу ары Лэукъан унашъоу афишIыгъагъэр. ЦIыф бащэ мэзым щымызекIоным фэшI сакъыныгъэ къызхагъафэщтыгъэ. Геворк зэрыс чъыг гъурбымрэ шыблэр зэогъэ чъыг някъостымрэ аралъхьэрэ тхылъыпIэ тхьапэхэмкIэ нэбгыритIур зэдэгущыIэнхэу зэзэгъыгъагъэх. Аущтэу зашIыщтыгъэр зыгорэ зэраIоныр ящыкIэгъапэ зыхъукIэ ары.

Арбанян обзэгъур ытамэ тырилъхьи, шыблэр зэогъэ чъыгым блэкIрэ лъагъом псынкIэу екIугъ. КIом дыхэтэу пхъэшхо чIэгъым тхылъыпIэ уплIэнкIагъэр къычIихи, еджагъ: «Джамбот нычэпэ къэкIожьыгъэп, тыгъоспчэдыжь унэм зэрикIыгъ».

Зэрэхъурэмкlэ, ыIуагъ, чэщ-зымафэ хъугъэ мэзпэсыр къызытыр. Тэ кIощта, чылэм кIожьыгъэмэ шIэ? МыкIожьынэу раIогъагъ. Майорми, полковникми Джамбот зыдэщыIэр ашIэрэп, ашIэщтыгъэмэ джы нэс макъэ къагъэIущтыгъэ. Елбэтэу мэзпэсым икъэмыкIожьыкIэкIэ макъэ ягъэIугъэн фае.

Геворк зыфтеогъэ телефоныр зыми къыIэтыщтыгъэп. Лейтенантыр сыхьатым еплъыгъ, блым ыныкъу. Джыри теуагъ, трубкэр къаIэтыгъ.

– Алло,– Смирновым лейтенантым ымакъэ ышIэжьыгъ,– сыкъэдаIо, сыкъэдаIо.

– Пхъэр къыхэтщын тлъэкIрэп.

– Хэта къыхэшъозымыгъэщрэр?

– Мэзпэсыр.

– Сыда ыIорэр?

– Исэп, тыгъоспчэдыжь зэрикIыгъ.

– Телефоным чыжьэу уIумыкI, тIэкIу шIэмэ къытеожь.

Ардэдэм Лэукъан кабинетым къихьагъ:

– КъэбарышIу щыIэп, товарищ полковник. Ныпчэдыжь Джамбот иунагъо къызэзгъэлъэгъунэу сыIулъэдэгъагъ...

– Мэзпэсым уIукIагъа?

– Хьау, зыдэщыIэр унагъоми ышIэрэп.

– Тэ кIогъэн?

– ШакIо къэтынкIи мэхъу...

– ЗыщышэкIорэ лъэныкъор ошIа?

– СшIэрэп. Зычэщ-зымафэ ар шакIо къэтэу къыхэкIыгъэп, товарищ полковник.

– Къыхэмык1ыгъэми, мэзпэсыр къэт,– полковникым трубкэр къыштагъ. Къэлэ милицием иначальник дэжь теуагъ.– Нычэпэ уичэщ рэхьатыгъа? Сыд къэбарык1?

– Мы мафэхэм тичэщ рэхьатыгъ, ау нычэпэ л1ы ук1ыгъэ горэ псы1ушъом къы1уагъотагъ.

– Зыщыщыр шъоша1?

– Зыщыщыр умыш1эжьынэу ынэк1у зэхэупк1этагъ, зи къыпкъырык1ыгъэп.

– Сыдигъу заук1ыгъэр?

– Нычэпэ сыхьатыр т1умрэ пл1ымрэ азыфагу.

– Итеплъ?

– Итеплъэк1э цIыф къызэрык1у.

– Жэк1э-пак1э тета?

– Тетк1э сэгугъэ...

Л1ы ук1ыгъэм игугъу аш1эу зызэхехым, Лэукъан къэтэджыгъ. Ыш1уабэ даш1эу полковникым еплъыгъ. Телефон трубкэм къи1ук1рэ гущы1э мэкъэ зырызхэр къызэриубытынэу мэда1о. Ау зэхэугуфык1ыгъэу гущы1эхэр зэхихыщтыгъэхэп. Нибжьи гумэк1 зымыш1эщтыгъэ Лэукъан ынэгу гумэк1ым зэлъиштагъэ.

– О ащ нэмык1 къэбар уимы1эмэ, тэ къэбарык1э ти1. Аргъоилъэ мэзым имэзпэс чэщ-зымафэ хъугъэшъ къэт, зыдэщы1эр аш1эрэп. Уицыфмэ макъэ ягъэ1у, къытеу,– Смирновым трубкэр ыгъэт1ылъыжьыгъ.

– Хэта аук1ыгъэр? – Лэукъан къэупч1агъ.

– Зыщыщыр аш1эрэп. Къызэри1орэмк1э, аук1ыгъэр мэзпэсым ехьщыр.

– Хьадэр тэ щы1?

– Моргым ч1элъ,– джэуап къызетыжь уж, полковникыр къэупч1агъ.– Мэзпэсым пый и1агъа?

– Аук1ыгъэр Джамбот армырынк1и мэхъуба, товарищ полковник? – пэш1орыгъэшъэу зэри1орэр зэрэмытэрэзы1ор зэхыригъэш1ык1ымэ ш1оигъоу Лэукъан полковникым ри1уагъ.

– Ари тэрэз, ау чэщ-зымафэ къэтырэ мэзпэсым ишъэогъухэри иджэгъогъухэри тш1энхэ фае, майор.

Полковникым къы1уагъэм Лэукъан ригъэгупшысагъ. Джамбот ехьыл1агъэу ыш1эрэм щыщхэр ынэгу къык1этаджэхэу регъажьэ.

Лэукъанрэ Джамботрэ зы чылэ щыщых. Лэукъан нахьи Джамбот бэк1э нахьыжъ. Джамбот чылэм икъыдэк1ык1э чылэм дэс пстэуми аш1э. Гъунэгъу чылагъохэми ащ пылъ къэбарыр анэсыгъагъ, агъэш1агъо икъугъ.

Зэмыжэгъэхэ 1офэу къыкъок1ыгъэм 1аджми уарегъэгупшысэ. К1ымафэм шыблэр зэрэгъуагъорэм фэдэу а 1офыр ош1э-дэмыш1эу къашъхьарыуагъ. Нэбгырит1уми ар зыфагъэдэщтыр аш1эщтыгъэп.

Мызпэсыр тэ хъугъа? Унэм имык1ынэу ра1огъагъэба? Гъогу зэхэк1иблым нэси, ащыщэу къыхихыщтыр, зытехьащтыр зымыш1эрэм Лэукъан фэд. Тыдэ щы1эми, Джамбот къымыгъоты хъущтэп. Сыда ащ фэдизэу Лэукъан зык1эгумэк1рэр? Мэзпэсыр к1одыгъэмэ, сыда ежьк1э ащ хэлъыр? Анахь зыщымыхъущтым Джамбот бзэхыгъэ, чыр зэгози дэфагъ...

– Имыщык1агъэмэ уагъэгумэк1ык1э сэгугъэ, Лэукъан?..– 1оф зызэдаш1эрэм щыублагъэу джыры ны1эп апэрэу полковникым Лэукъан ыцІэ къызи1уагъэр.

– Хьау, товарищ полковник, ащ фэдэ 1оф щы1эп,– Лэукъан зиухыижьзэ, 1ущхыпц1ык1ыгъ, тутыныр ыгъэк1осэжьыгъ.

– Армэ хъун,– Смирновыр къэтэджыгъ,– мэзпэсым 1офыжъэу зэ къыпагъэтэджэгъагъэм джыри уегупшысэ сш1ош1ыгъ.

Игупшысэ тэ къыщиш1агъа ы1оу Лэукъан шъхьэр къы1эти, сейф егъэтыгъэм тэмэпкъык1э зезгъэкъугъэ полковникым дэжьк1э плъагъэ, ет1анэ къы1уагъ:

– Шъыпкъэр п1ощтмэ, Иннокентий Терентьевич, ащ сегупшысэщтыгъэ. Ау Джамботрэ диверсантымрэ азыфагу зи илъ 1оу сш1ошъ хъурэп. Мэзпэсым къехъул1агъэр заом хэтыгъэ мин пчъагъэмэ къяхъул1агъ, ащ къызэригъэзэжьыгъэм фэдэу зэк1эми къагъэзэжьыгъэмэ тинасыпыгъи, заор к1ыхьэ-лыхь хъуныеп... Ар сэ1о шъхьак1э, сш1эрэп ны1а...– Лэукъан мэзпэсым ехьыл1агъэу къы1уагъэхэр аужрэ ехъырэхъышэн псалъэхэмк1э риутыжьыгъэх, к1илъэшъужьы фэдэу ыш1ыгъ, тутыныр хигъэнагъ, нэк1ушъхьит1ур п1ок1абзэу зэригъэпк1эу ыкъудыий 1угъор ык1оцIк1э ыщагъ.

– Диверсантым икъэк1огъуурэ мэзпэсым ик1одыгъорэ зэрэзэтефэрэм,– полковникым къы1уагъ,– шъхьэм имылъ къыригъэхьащт. Ау ащ ицIыфыгъэ ехьыл1агъэу мы къысфэпчъыгъэхэр зэк1э зэрэсимыщык1агъэр джыри къыосэ1о. Ау ахэр зэп1онэу зытефэхэрэр, уфаемэ къыо-

сІон, джа шъуичылэ дэс бзэгухьэр ары, икъунба Джамботи ори ащ къинэу шъуигъэхъугъэр? ДжамботкІэ орырэ сэрырэ тызэрзэтекІрэ щыІэп... Мэзпэсым ыжэкІэ-пакІэ о угу рехьы, сэ ащ сыгу еІурэп... ДымыІушъо къытырегъао... КъыбгурыІуагъа, товарищ майор?

– КъызгурыІуагъ, товарищ полковник,– ыгу къыдеІэу Лэукъан къыІуагъ, джыри тутыныбжъэ къыштагъ.– Цыфым цыхьэ фэпшІын фае... Икъунба тызэрэзэшэкІуагъэр... Пчэдыжьрэ япІэ къыхэтэджэжьхэмэ гушІохэзэ къызэрахьыгъэр икъунба!

Хьапсым хьакъынчъэу илъэс пчъагъэ зэрэчІагъэсыгъэм игугъу бэрэ Смирновым ышІыщтыгъэп. Ау ежь Лэукъан ышъхьэкІэ зи къырамышІагъэми, къин дэхэкІае рагъэлъэгъугъ. Ар зыпкъ къикІыгъагъэр Джамбот ары. Сыд фэдиз къин рагъэлъэгъугъэми, къафызэкІэкІуагъэп, цыфым имыхьакъ тыраригъэлъхьагъэп. Смирновым ыпэкІэ тетыгъэм иІэнатІэ ІуигъэкІынкІэ тІэкІу дэд иІэжьыгъэр. Пылъыщт тхылъхэр ыгъэхьазырыгъагъэх, инасыпти ежь зэремыжагъэу иІоф зыкъызэблихъугъагъ... Лэукъан ІуигъэкІыным ычІыпІэкІэ ежь иІэнатІэ Іуащи, госбезопасностым хагъэкІыгъап. Джамбот къыпагъэтэджэгъэгъэ Іофым зыфыхэхьэгъагъэр Мерэм мыгъор ары... КІо, сыд ар джы угу къэкІыжькІэ!.. БлэкІыгъэ Іоф, ау зыкІи рыкІэгъожьрэп!..

– Моргым сыкъаплъэмэ сшІоигъу, сыкІонэу фит сышІ, товарищ полковник? – Лэукъан къэтэджыгъ.

– КІо, ау псынкІэу къэгъэзэжь.

Илъэс пчъагъэ хъугъэшъ Смирновымрэ Къэрэбэтымрэ зызэдэлажьэхэрэр Іоф зэхэлъэшъогъаби зэшІуахыгъэ, хэукъохэуи къыхэкІыгъэх, ау джы нэс мыхъун горэ полковникым Лэукъан рилъэгъулІагъэп. ЛІыгъи цІыфыгъи хэлъ. Ащ нэмыкІэу Смирновыр нэшІукІэ Лэукъан зыфеплъыни щыІагъ. Ау Лэукъан ащ къызэрэхахьэщтыгъэ щыІэп.

Колыма дышъэ къычІэхыпІэм Смирновыр щыІэ зэхъум, ежь фэдэ хьапсэдэс адыгэ кІэлэ шахъо горэ инэІосагъ. Зытелъ нарэхэр зэбгъутыгъэх, кІымэфэ чъыІэм уистэу чэщ кІыхьэм учъыена, гъолъыжьыгъо уж зэдэгущыІэнхэ фимытхэми, аІорэ шІагъо щымыІэми, зэІушъашъэщтыгъэх. Ар къадэмыхъу зыхъукІэ, анэхэр къицІыукІхэу щылъыщтыгъэх. Пчэдыжьрэ Іофышlэ зэдакІощтыгъэх, тутынкІэ хьалыгъу такъыр къахъожьмэ, Іулъхьэр тІу зэфашІыщтыгъэ.



Шэхъо кІалэр илъэс пшІыкІутфым щыщэу пшІыкІуплІым чІэсыгъ, зы илъэс ныІэп къыфэнэжьыгъагъэр. Ащ елъытыгъэмэ Смирновыр илъэсищ ныІэп зэрэдэсыгъэр.

– Мыщ фэдизым сыда узфыдэсыр? – мафэ горэм Смирновыр шахъом еупчІыгъагъ.

– Адыгэхэр Тыркуемэ агозгъэхьан симурадыгъ...– цэпищэу къыІунэжьыгъэр сысызэ, зэупчІыгъэр щхыгъэ.– Къыздэхъугъэпти, онэ пшІыкІутф спшъэ къыдалъхьагъ... ПшІыкІуплІыр згъэхъокІыгъэ, къэнэжьыгъэр Іофыжьэп, ари зыгорэу хъун, сцищи есэтыжьы.

Ау цэ гъожьищэу къыІунэжьыгъэхэри зэрэІутэу чІым игъунэпкъэ Колыма адыгэ шахъор Смирновым щигъэтІылъыгъагъ... КъатІупщыжьынкІэ мэзищ ныІэп къыфэнэжьыгъагъэр...

Лэукъан ынэпэпкъ зэхэтыкІэкІи, изекІокІэ-шІыкІэкІи, игъэпсыкІэкІи, ичаныгъэкІи, ихьалэлыгъэкІи а шахъом фэдагъ. Арарыщтын адырэмэ ялыягъэу нэшІукІэ Смирновыр зыкІеплъыщтыгъэри...

Кабинетым Лэукъан къихьагъэп, къибыбагъ:

– Моргым чІэлъ хьадэр Джамботэп, товарищ полковник!

– КъэмыІожьми, сэшІэ, сэшІэ...

– Ахъщэ гъэІылъыгъэшхо зиІэ сэдэкъэхэдз лІыжъыр ары ауkІыгъэр.

– А лІыжъ жэкІэ-пэкІэ фыжь цІыкІура?

– Ары, Иннокентий Терентьевич, Ждановыр ары.

– Адэ умыуцужьыхэмэ зыгорэ къыуашІэн... Ар къэбар дэгъу...– полковникым игупшысэ нэмыкІыгъ, джыдэдэм ащ иакъыли игупшыси зыдаощтыгъэр мэзпэсыр зыдэхъугъэр зэрэзэригъэшІэщт закъор ары.– Ащыгъум, майор, Джамбот тэ хъугъа?

УпчІэр къызэриІуагъэм лъыпытэу Лэукъан ышъо зэокІыгъэ. Моргым кІони, къэплъэным ыпэкІэ Джамбот ипыйхэри ишъэогъухэри зыфэдэхэр тшІэнхэ фае полковникым зэриІогъагъэр ыгу къэкІыжьыгъ. Узегупшысэкlэ, мэзпэсым шъэогъуби пыиби иІагъэп. Мэзыр иунагъ, иІофшІэпІагъ, игъэпсэфыпІагъ. Пхъащэ уадэжь къакІохэрэр, таущтэу уимынэІосэнха, инэІосагъэх. Загъори ныкъо гори къыфаштэщтыгъэ. ЗэкІэми ар афишІэщтыгъэп, ицыхьэ зытелъэу ахэр зыфишІэщтхэри иІагъэх. Къалъэгъу мыхъоу, гукІэ къыфэмышІухэу пхъащэ къыфакІохэрэми

ахэтыгъэх. Ахэр пыикӀэ Джамбот ылъытэщтыгъэхэп, узымэзпэскӀэ зэкӀэми агу къыпфэшӀущтэп.

Игухэлъ шъэфхэр зэриӀоу дунаим щыриӀэгъэ закъор ишъуз. Нибжьи зэмызэщыжьрэ шъхьагъусэр ишъэогъу, игущыӀэгъу. Унэм къызыкӀожькӀэ мэзэ пчъагъэ ишъузрэ исабыйхэмрэ ымылъэгъугъэхэ пӀонэу, ащыгушӀукӀэу пчыхьэрэ ахэсыщтыгъэ. Шъузым ынэхэр тырихыхэщтыгъэхэп, хьакум кӀэрыхьэми, къыкӀэрыкӀыжьми, унэм икӀми, къихьажьми, Ӏанэм пэсхэми щэгушӀукӀы зэпыт. Джащ фэдагъ шъузри Джамбот къызэрэфыщытыгъэр.

Пчэдыжьырэ Джамбот унэм зикӀрэм къэлэпчъэжъыем нэс шъузыр дэмыкӀотагъэу, орэфабэ орэчъыӀэ фаеми, мафэ къыхэфагъэу къышӀэжьрэп. Гъэмафэрэ мэз унэм къызыкӀохэкӀэ, шъэожъыищымрэ пшъэшъэжъыемрэ янэ игъусэхэу мэз Ӏапчъэм нэс ятэ щыпэгъокӀыщтыгъэх. Джаущтэу быныр щыӀэзэ, шъэожъые анахьыжъыр мэзым лӀы хэхъухьагъ, ятэ шӀу ригъэлъэгъугъэ гъогур хихыгъ – Ленинград дэт мэз академием щеджэ, мыгъэ ящэнэрэ курсым ихьагъ. Адырэ шъэуитӀумрэ пшъэшъэжъыемрэ еджапӀэм чӀэсых, щыми класс зырыз азыфагу.

Джамбот инэӀосэ дэгъумэ, ячылэ кӀэлабамэ Лэукъани ащыщ, зызэӀукӀэхэкӀэ нэгушӀоу зэпэгъокӀых, ау яунагъокӀэ зэлъихьагъэхэп. Къиныгъо лъэхъан зыхэтым, Лэукъан къыфишӀагъэр Джамбот егъашӀэм щыгъупшэщтэп. Ар ыушъэфыщтыгъэп, пхъащэ къыфэкӀуагъэхэмэ ныкъо горэ къызыпкъырахэу зешъокӀэ, къафиӀуатэщтыгъэ, Лэукъан зэринэӀуасэм къогушхукӀы е регъэщынэх уигъаӀоу Ӏоф зыщишӀэрэм ышъхьэ къыримыхыпэу, уригъэгуцафэу ренэу къыкӀиӀотыкӀыщтыгъэ, хэмылъ тӀэкӀухэри, сыдэу пшӀын цӀыфыр сыдыгъуи цӀыфэу къэнэ, римыгъэлыекӀыпэу хигъахъощтыгъэ...

## Мерэм ышъхьэ хехьажьы

Заор къызщежьэгъэ мафэм Джамботрэ Мерэмрэ ячылэ еджапӀэ къаухыгъагъ. Мэз институтым тӀури чӀэхьанхэу гухэлъ яӀагъ, ау заом къадигъэхъугъэп. Заом иапэрэ мафэхэм райвоенкоматым кӀуагъэмэ Джамботи ащыщыгъ. Дзэм амыштэу зыщэ-зыплӀэ къырагъэгъэзэжьыгъ. АшӀомыкӀыхэ зэхъум, танковэ училищэм еджакӀо агъэкӀуагъ. Мерэм чылэм къыдани, колхозым хэхьагъ...

НыбжьыкӀитӀур еджапӀэм шӀу щызэрэлъэгъугъэх.

Яблэнэрэ классыр къызаух мафэм Джамбот къыздырихьакӀыгъэ шӀулъэгъу шъэфым Мерэм щигъэгъозагъ.

– Шъуи ли птелъыжьэп, унэхэри плъыжьыбзэх, сыда къыохъулӀагъэр? – мафэ горэм янэ Мерэм къеупчӀыгъ.

– Тэ ттыгъэ экзаменхэр птыгъагъэхэмэ, шъуи ли къыптенэжьыныгъэпи, мам! – Мерэм щхы фэдэу зишӀи, ышыпхъу феплъэкӀзэ, тегущыӀыкӀыгъ.– Мы лъэкъокӀахьыжъыр салъыпэгъу изгъэлъыжьыщтэп, сигъэчъыерэп.

– Ары гущ,– янэ ыӀуагъ.

Мерэм янэрэ Джамбот янэрэ зэдэшъузэбагъэх, зэшъэфэгъугъэх. Ащ яныбджэгъугъэ къызынэфагъэр гъэблэшхор ары. Джамбот ятэ колхозхэр зэхащэн зырагъэжьэ илъэсым кулакмэ аукӀыгъагъ, джаущтэу янэ шъузабэу, ежь ибэу къэнэгъагъэх. А лъэхъан къиным Мерэм ятэ ишӀуагъэ къаригъэкӀыгъ. АшхыщтымкӀэ къадэӀэпыӀэщтыгъэ, яунэгъо ӀофкӀэ анаӀэ къатыригъэтыщтыгъэ.

Хабзэм къепыйрэмэ Джамбот ятэ заукӀыгъэр илъэс заулэ хъугъэу Мерэм ятэ колхозышхэр ыгъэлӀагъэх аӀуи, агъэтӀысыгъ, аукӀыгъ.

Джаущтэу унэгъуитӀур лӀынчъэу къэнагъэх. ЗэралъэкӀ-рэмкӀэ зэдэӀэпыӀэжьхэзэ, аӀэ зэкӀэдзагъэу къахьыгъ. ЗымышӀэрэм унэгъуитӀур зы унагъо къышӀошӀыщтыгъэ.

– А закъор ары паӀо зыщыгъэу къытхэтыр!..– бзылъфыгъэхэр Джамбот къогушхукӀхэзэ, нэшӀукӀэ еплъыщтыгъэх...

Аужырэ письмэу Мерэм къыфигъахьыгъэм Джамбот заом зэрэӀухьэрэр итыгъ. А письмэм ыуж зи щыӀагъэп. Письмэ къэгъахьыныр джащ щиухыгъ. Бэ темышӀэу «Джамбот лӀыгъэ зэрихьэзэ, фэхыгъэ» аӀуи, къэбар къагъахьыгъ, агъэежьыгъ.

Джамбот зэрэщымыӀэжьыр Мерэм ышӀошъ хъущтыгъэп.

– О пшӀошъ зэрэмыхъоу тэри тшӀошъ хъурэп, Мерэм, плъэгъун Джамбот къызимыгъэзэжьрэм,– ипшъэшъэгъухэм къыраӀощтыгъэ.

ИлъэсиплӀырэ ныкъорэ фэдиз тешӀи, заор заухым, къэзгъэзэжьхэрэмэ ахэтэу чылэм къыдэхьажьынкӀэ гугъэзэ апэрэ мазэр Мерэм къыхьыгъ. Орденхэр абгъэмэ

къахэжъыукlэу кlэлэ зикъэмыщэхэр чылэм къыдэхьажьыщтыгъэх. Пшъэшъабэми агухэр бырсырщтыгъэх. Къэзгъэзэжьыхэрэмэ мощ фэдиз илъэсым зыпылъыгъэхэ, къяжэгъэхэ пшъашъэхэр къащэуи къамыщэуи къыхэкlыгъ. Е зэжагъэхэм адэмыкlожьыхэу нахь орденыбэ зыхэлъхэмэ дахьыххэу, адакlохэуи хъущтыгъэх.

Мерэм сурэтым фэдагъ. Мыры пlонэу умышlэнэу, узlэпищэу амылъэгъурэ гохьыгъэ горэ хэлъыгъ. Чылэм къыдэхьажьыгъэ кlалэмэ къемыпсэлъыхъуагъэ къахэкlыгъэп. «Хьау» ыlоу lуигъэзыкlыпэнхэри ыгъэгугъэнхэри къыригъэкlущтыгъэп. Джамбот зэрежэрэр арилощтыгъэ. Зэхэзышlыкlрэм зэхишlыкlыщтыгъэ, шъхьэкlэфэныгъи, уаси, лъытэныгъи къыфишlыщтыгъэ, зэхэзымышlыкlрэр къыдэхьащхыщтыгъэ, фэмышъуашэхэр палъхьэуи хъугъэ.

Шыпхъу нахьыжъыр дэмыкlуахэ зэхъум, шыпхъу нахьыкlэр къелъэlуи, дэкlонэу lизын lихыгъ. Нэмыкl чылэ щыщ горэм дэкlуагъ.

Заом къызэрикlыжьыгъэм тетэу къэзыщи, мазэ нахь кlымыгъоу зишъуз зытlупщыжьыгъэ кlэлэжъ горэм Мерэм щигъаlэщтыгъэп. Пшъашъэмкlэ иlоф къимыкlы зэхъум, нэпэтех гущыlэ lаехэр фигъэlугъэх.

Пчыхьэ горэм пшъэшъэ купрэ кlэлэ купрэ Мерэм ягъунэгъу нысэунэм исхэу ищазымэхэр зэпэжъыутэхыжьыхэу, ибгырыпхышъхьэу иджанэ телъым укъищэу, ифуражкэ къонцlэу шъхьац бырабэм тесэу, къазыхъу зыригъэшlэу нысэунэм кlэлэжъыр къихьагъ.

– Шъуипчыхьэ шlу, купышlу шъузэхэс. Мыдэ, сикъэщэни щыlи мыщ! – ылъэкъуитlу зэтыридзи, щазымэ цlыухэр зэралъэгъунэу жантlэм дэтlысхьагъ. Джыри зэпагъэу унэр къыплъыхьагъ. Мерэм lугушlуагъ, ыlэхъомбэшхохэр бгырыпхым дигъэлъадэхи, тэмэпкъышъхьэхэр зэкlищхэзэ, джанэр ыкlыбкlэ рищэкlыгъ, ыбги нахь псыгъо къэхъугъ.– Сикъэщэн, адэ сидыгъо укъыздэкlощт? Зыгъэпсынкl, жъыгъор къызэрэтхаlэрэр зэхапшlэрэба? – щхы фэдэу зишlызэ, къесэмэркъэугъ.

– Сыпщэмэ джыдэдэми сыбдэкlощт! – нысэунэм исхэм агъэшlагъоу Мерэм риложьыгъ.– Ар пшlэным пае зыкlэ укъысэзэгъын фай, ар умышlэмэ сишъыпкъапlэ садэжькlэ къанэ, ар къызгурыгъаlу.

Кlэлэжъыр нэбэ-набэу Мерэм къеплъыгъ. Нысэунэр къыплъыхьагъ.



– Адэ зи къапlорэпи, укlэгъожьыгъа? Сэ зэкlэкlожь сиlэп.

– Уишъыпкъа? – зэхихыгъэм кlэлэжъри къыгъэтэджыгъ.

– Нэпэтехыгъэу сфэбгъэlугъэр зэкlэ зэрэпцlыр мы щысхэм къяlори, джыдэдэм нысэунэм сыкъыбдекlы,– нэкlушъхьитlур машlом тыристыкlызэ, Мерэм къыlуагъ.

lэхъомбэшхохэмкlэ кlэлэжъым иджанэ ыкlыбкlэ джыри ыщагъ. Лъакъохэр зэблигъэуцукlхи, ищазымэмэ «кlыгъ-сыгъ» къаригъэlуагъ. Щазымапшъэхэр пщынэ ныбэх пlонэу зэкlоцlыхьэщтыгъэх, зэкlоцlыкlыщтыгъэх.

– Пlохэрэр, Мерэм, джы сшlэрэп,– кlэлэжъым ыбзэгупэ ерагъэу къытырипlытlыкlыгъ.– Нэпэтехыгъэ зыфагъэlурэм епсэлъыхъожьыха, Мерэм?!

– Епсэлъыхъожьхэмэ о нахь пшlэн,– джэуап Мерэм ритыжьи, къыпидзэжьыгъ.– Мы щысмэ апашъхьэ тхьэ къыщыlу...

– Ашъыу зыгу плъырэм lаджи еlо, аlорэ пстэури пшlошъ бгъэхъу хъуна! – кlэлэжъым зыкъызэблихъуи, макъэр кlигъэджэгукlызэ, къыlуагъ.– Ашъыу, ощ пае сlуагъэр зэкlэ зэрэпцlымкlэ тхьэ сэlо.

– Джамбот ынапэ джы сщэфыжьыгъэ! – Мерэм ынэкlушъхьэмэ нэпсыцэхэр къателъэдагъэх.

А пчыхьэ дэдэм Мерэм кlэлэжъым дэкlуагъ. Ар зымыгъэшlэгъуагъэ чылэм къыдэкlыгъэп.

Кlэлэжъыр зэжэгъэ апэрэ чэщыр къэсыгъ. Нысэм дэжь чlэхьажьи, чэщ щырихыгъ. Чэщ реным едэхэшlэкlкъедэхэшlэкlыжьми зы гущыlэ Мерэм къыригъэlон ылъэкlыгъэп. Нэфшъагъом адэжь шъхьаныгъупчъэм шъэодакlор къызтеом, фэмычэфыхэу кlэлэжъыр икlыжьыгъ. Мерэми ичэщдилъ пшъашъэр къимыхьажьзэ, тхылъыпlэ тхьапэм гущыlэ заулэ тыритхагъ:

«Сызгъашlоу, сшъхьэ зыlэтыгъэхэу, синысащэ хэтыгъэхэр, шъузэрэзгъэулэугъэмкlэ емыкlу къысфэшъумышl, мы зиунэ сис шъхьаубатэм сшъо дихыгъэр алахьым ышъо дырерэгъэхыжь. Джамбот ынапи, сэ сынапи сыукъэбзыжьыгъэ. Джамбот гущэ сщызгъэгъупшэн мы дунай нэфышхом тетэп. Сэри а дунаишхом сыщыпсэунэу къогъупакlэ горэ къытекlын. Шъузэпэшых. Мерэм»

Тхылъыпlэр Мерэм столым къытырини, джэгур зэрзэхэтэу хэхьажьыгъ...

Ар зыхъугъэр ащыгъупшэжьыгъо имыфэзэ, чылэм къэбар къыдэтэджагъ. Жэкlэ-пэкlэ шlуцlэшхокlэ ынэкlу упlыцlагъэу Джамбот чылэм къэкlожьыгъ.

– А сикlэлэ дах, сыдэу дэгъоу сыптеплъэжьыгъа, джы нэс гущэ тэ ущыlагъа? – пlэм хэлъ янэ къеупчlыгъ.

Джамбот зыдэщымыlагъэ щыlэпщтын. Заом иапэрэ илъэс бжыхьэ Джамбот зыщэ римыгъэкlэу зыхэт полкыр нэмыцмэ гъэры ашlыгъ. Зы концлагерым дащымэ адырэ концлагерым дадзэзэ, Джамбот илъэс къыхьыгъ.

– Iофхэр дэих, Сандро. Кавказым ихьагъэх, зэхэпхыгъа? – Джамбот грузин кlалэм еупчlыгъ.

– Зэхэсхыгъэ, ау сшlошъ хъурэп.

– Плъэгъурэба зымафэ мыщ гъэрэу къыдагъэзызыхьэгъэ заулэр? Ахэм Iофым ишъыпкъапlэр къытаlощтыгъ шъхьакlэ, тарагъэкlуалlэрэп,– Джамбот хьаджыгъэ дзыор машинэм ригъэукlорэягъ.

– Яlофхэр хъатэхэпышъ, тарагъэкlуалlэрэп...

Джамботдыхэм тхьамафэм къехъугъэшъ мэшlоку станцием Iоф щашlэ. Вагон пэпчъ гъэр нэбгырих епхыгъ, ахэмэ нэмыц къэрэгъулитlу ашъхьащыт. Хьаджыгъэ дзыохэр машинэмэ аралъхьэшъ, Iуащых, зы машинэр Iукlэу адырэ машинэр къыкlэрыхьэфэ къыдэорэ уахътэм загъэпсэфы. Ау ари къызэрэхафэрэр макlэ. Къэрэгъулэхэм шоферхэр агъэгузажъох. Мэшlоку состав кlыбыми къэрэгъулэ заулэ дэт. Зыбгъэбылъын пlокlи, пый нэплъэгъум уlэкlэкlын плъэкlыщтэп. Тыдэ укlуагъэми, зыбгъэзагъэми нэмыц закl, Iэпыlэгъу къыозытынэу щыlэр макlэ. Мэшlокумкlэ километрэ шъэныкъокlэ узыкlорэм нэмыцмэ аштэгъэ Францием унэсыщт.

– Адэ, Сандро, мыхэр къыттекlохэмэ гъэрыцlэр ттелъэу, дгъэзэжьыщта?

– Уагъэгъэзэжьымэ, бгъэзэжьыщт.

– Олахьэ, тичылэ сыдэмыхьажьын!..

– Удэмыхьажьмэ, да пшlэщтыр?

– Пшlэн макlа?

– Ар оlо зэпыт нахь, Джамбот, пшlэщтыр къапlорэп... Сэ къыосlон... Сымэшlокузеф сэ...

– О осэмэркъэу шъхьакlэ, сэ сысэмэркъэурэп...

– Сысэмэркъэухэрэп...

– Умысэмэркъэумэ, умашиниста?



– Сымашинист, ау сызэрэмашинистымкlэ тхылъ джыдэдэм сlыгъыгоп, тадэжь илъ,– джыри Сандро сэмэркъэугъэ.

– Умэшlокузефэмэ, етэгъэфыжь мыр!.. Е таукlын, е таlэкlэкlыжьын, ащ нэмыкl хэкlыпlэ тиlэп!

– Сэри ары сlорэр...

Щэджэгъоуж нэс Джамботрэ Сандрорэ мэшlокум фэсакъыгъэх. Сыхьатым еплъыхэу къэрэгъулымэ къаублагъ. Вагонмэ хьаджыгъэ дзыоу къарынэжьыгъэ щыlагъэп. Мэшlокур зыщыlукlыщт уахътэр къызэрэблагъэрэр къэрэгъулымэ ягузэжъуакlэ къыlотагъ. Мэшlокури къэлъэгъуагъ. Iугъор къыпыутысыкlэу изэкъо-изакъоу вагонхэр зыпишlэнхэу къэкlо. Вагонмэ къакlэрыхьэ зэхъум, мэшlокузефэм языр мэшlокум къипкlыгъ, станциемкlэ чъагъэ. Мэшlокур вагонмэ апагъэуцуагъ. Iэмычlэм хъэдэн чlэлъэу мэшlокузефэри къикlыгъ.

Сандро зыфэягъэр джащ фэдэ чlыпl. Джамботрэ Сандрорэ къэрэгъулэмэ къызщябгъукlощтым, акlыб илъ дзыор атырадзи, раутыгъэх. Джамбот автоматыр къыпхъуати, дзыор зытх илъ къэрэгъулым елъи, Сандро ыуж илъэдагъ. Урыс кlалэми ауж зыкъыригъэнагъэп.

Сандро мэшlоку зэкlэплъыхьагъэр рифыжьагъ:

– Хьакум шlомыкl къишъутакъу!

Къазгъырыр нэмыц укlыгъэм къыlэкlихи, хьакум шlомыкl ритакъоу Джамбот ригъэжьагъ. Адырэ урыс кlалэми шlомыкl такъырхэр lэгушъокlэ хьакум ретакъох. Семафор плъыжьмэ аблэлъэтызэ, километрэ заулэ мэшlокур чъагъэ. Апэкlэ къичъи, пассажирскэ мэшlокур, кlэшъуикlызэ, аблэлъэтыгъ. Сандро мэшlокум ичъэ нахь макlэ ышlыгъ:

– Шъуипкl!

Щыри мэшlокум ипкlыхи, мэзым хэлъэдагъэх. Мэшlокур заулэрэ чъагъэ. Парэу ищыуан ныбэ итыр ыухи, къэуцугъ.

Джа мафэм ипчыхьапэ Францием икъэрал гъунапкъэ нэбгырищымэ зэпачыгъ, гъэретынчъэ хъугъэ нэбгырищыр француз партизанмэ аlэкlэфагъ.

Хымэ хэгъэгу ущызэоныр къин, ау узэзэорэ пыир цlыфмэ зэдыряпыи зыхъукlэ сыд фэдиз къин плъэгъуми пщэгъупшэжьы. Апэрэ мафэхэм зыбзэ амышlэрэ партизанмэ адэзэонхэр, адыщыlэнхэр къяхьылъэкlыгъ. Ау lашэр пlыгъэу узэоным бзэр дэгъоу пшlэныр ищыкlэгъагъэп, ищыкlэгъагъэр лlыхъужъыгъэ пхэлъыныр арыгъэ.

ИлъэситӀурэ някъорэм Джамбот зыкӀи Мерэм ӀэкӀыб ышӀыгъэп.

Сыд фэдэ гупшысэ дахэ Мерэм фыриӀагъэми, сыдэу фыщытыгъэми, Джамбот зыфэягъэр зы – Мерэм къежэнэу ары.

Джамбот ядэжь къэсыжьыфэ МерэмкӀэ мыхъун ышъхьэ къиихьагъэп. Адырэ чылэ зэолӀэу текӀоныгъэр къыдэзыхи къэкӀожьыгъэмэ афэдэу лӀыгъэ хэлъэу Джамбот янэ сымэджэ хьылъэу ыпашъхьэ къихьажьыгъ.

Пчыхьэшъхьапэм дэжь Джамбот янэ жьы ымыгъотэу хъугъэ. Докторым лъагъэчъагъ, ау къэкӀофэкӀэ лӀагъэ. Ныом ауж рэ гущыӀэ заулэу къыӀожьыгъэмэ Мерэми къахэфагъ:

– …А сикӀал, Мерэм гущэ зафэ, тыдэ щыӀэми зэгъэгъотыжь…

Мерэм зыдэщыӀэр тэрэзэу цӀыф ышӀэщтыгъэп. Зым къалэм дилъэгъуагъэу, адырэм ЛъэпшъэкӀэ щилъэгъугъэу, нэмыкӀым Къэбэртае щыӀукӀагъэу ыӀощтыгъэ.

ӀорӀотэжькӀэ Мерэм зыдэщыӀэу зыфаӀуагъэхэм Джамбот ащылъыхъуагъ. Къэбэртэе лъэныкъоми щыӀагъ. Мафэ горэм къалэм къикӀыжьзэ, автобусыр урыс станицэшхо горэм къыщыуцугъ. ЦӀыфхэр шхапӀэм чъагъэх. Джамботи алъежьагъ.

Шхыныр Джамбот къаӀихи, столым зыкӀэрэтӀысхьэм, джэмышх къымыштагъэу къычӀэкӀыгъ. ДжэмышхыхьэкӀуагъэ. Джэмышхылъэм зи илъыгъэп. Зиплъыхь-зыкъиплъыхьажьи, пщэрыхьакӀом еджагъ:

– Джэмышх щыӀэба?

– Мира, джэмышх аӀо,– пщэрыхьакӀор хьакъу-шыкъухэр зытхьакӀрэм еджагъ.

Джэмышхыр ыӀэ чӀизэу Мерэм къыкъокӀыгъ. Мерэм джэмышхым къыкӀэлъэӀугъэ лӀы жэкӀэ-пакӀэм къеплъи, къыпымылъэу напӀэр ридзыхыжьыгъ. Джамбот ыӀощти ышӀэщти ымышӀэу зэтекъагъ. Мерэм къызэрыкӀыгъэ пчъэм зыщихьажьыщтым, Джамбот лъыджагъ:

– Мерэм!..

Мерэм къызэплъэкӀи, джыри Джамбот къымышӀэжьэу, блэплъыкӀыгъ.

– Мерэм, сыкъэпшӀэжьрэба!..– шхапӀэр къызэпигъаджэу, Джамбот кууагъэ, шхынхэр къызэраратырэ гъуанэм ыжэкӀэ-пакӀэхэр ригъэщыгъэх.– Сэри ар!.. Джамбот ары!..



Хьакъу-шыкъутхьакӀэу шхапӀэм Мерэм Ӏутэу, Джамбот мэзпромхозым щылажьэзэ, мэзэ заулэ станицэм дэсыгъэх. ЕтӀанэ джы Ӏоф зыщишӀэрэ къушъхьэмэзым Джамбот мэзпсэу къагъэкӀуагъ. Мерэм сабыйхэр ыпӀоу, Джамбот мэзпсэу лажьэзэ, джы нэс къыхьыгъ.

А лъэхъаныр ары Мерэм зыдэкӀогъэгъэ кӀэлэжъыр Джамбот къызыпыпкӀэгъагъэр.

ЦӀыфым ыгу дэй къызыпфэкӀыкӀэ зыримыкуни къыпфимыгупшысыни щыӀэп. Узэригъэлъэпэощтым чэщи мафи егупшысэ, нибжьи угу къэмыкӀыщтхэр ыгу къыпфэкӀых. Ащ фэдэ цӀыфмэ а кӀэлэжъри ащыщыгъ.

Инысэщэ джэгу зэхэтэу пчэгум къырини, Мерэм ышъхьэ зыхехьажьым, кӀэлэжъым ыӀуагъэр бэ.

–…Хьабзыжъыр уиунэ ибгъэсы хъуна, сеӀункӀи а чэщ дэдэм изгъэукӀорэикӀыжьыгъ,– кӀэлэжъым ыгъэдаӀощтыгъэх.

– Олахьэ хъун къыомыхъулӀагъ,– гухьэ-гужъыгъэ хэмылъэу, ау ар хэплъагъоу щытмэ ащыщ горэм къыӀуагъ.

– Сыд къысэхъулӀагъ? – кӀэлэжъым къыхихыгъэми, къызхигъэщыгъэп.– Сэ сыкъэбзэ-лъабз! Тэ зи мыхъуми, зыгорэу тыхъун, хэунэхъуагъэр зышъхьэ хэзыхьажьыгъэ хьабзыжъыр ары…

Ащ фэдизыр зэриӀуатэщтыгъэмэ сыдым фашӀэния а чэщыр кӀэлэжъым зэрэрихыгъагъэр. Столыр азыфагоу шъэодакӀор къытеофэ зэрэщигъэсыгъэр щыгъупшэжьыгъагъэу къычӀэкӀын. Шъоубзэгу зимышӀыгъа, мыгубжыгъа, зимыгъэгусагъа. Ау сыд фэдизэу зишӀыгъэми зи къыдэхъугъэп, къызэрэкӀуагъэм фэдэу Мерэм къэбзэ-лъабзэу икӀыжьыгъагъ.

– Сыда зыкӀэунэхъугъэр? – джыри нэмыкӀ горэм къыӀуагъ.– Джамбот ыщэжьыгъэу аӀуагъ…

КӀэлэжъыр кӀыфыбзэ къэхъугъ, къэупчӀагъ:

– Чылэра къыздищэжьыгъэр?

– Хьау.

– Адэ?

– ШъузкӀэ ыщэжьыгъ.

– Хэта къыозыӀуагъэр?

– Зэрэхьаблэу рэгущыӀэ.

Джа зэрихабзэу, кӀэлэжъым ылъэкъо лъэныкъомэ чэзыу-чэзыоу затыриӀэтыкӀыгъ, щазымитӀум лӀыгъэкӀэ «кӀыгъсыгъ» къаригъэӀуагъ, бгырыпх шъуамбгъом дэлъ джанэри зэригъэзэфагъэ. Тутыным машӀо кӀигъэсти, къыӀуагъ:

– Ыщэжьын ыӀомэ, ишъузыгъ…

Щытхэр къызэплъыгъэх, зэплъыжьыгъэх, зэхахыгъэр агъэшӀагъо фэдэу зашӀыгъ. Щхыпцӏыгъэх, зэкӏэкӏэуӀожьыгъэх.

– Ар хъуна?

– Мыхъущтыми ары…

– Заом къэтэуи?..

– Сыда, янэ къызэрелъфэу заом кӀуагъа?!

– Дэгъуба ыщэжьыгъэмэ…

– Дэгъумэ теплъын!..– кӀэлэжъым къызжэдипхъотыгъ, етӀанэ ежь зэриӀожьрэм фэдэу къыпигъэхъожьыгъ.– Сэ ахэмэ хьэр псашъо ясымыгъащэмэ шъулъэгъун…

Джамботрэ Мерэмрэ хьэр псашъо кӀэлэжъым аригъэщагъэп умыӀо. Стхын, бзэгу схьын пӀомэ тхылъыпӀэм ымыщэчын щыӀэп!.. Джамбот нэмыцмэ Францием щахэтыгъ ыӀуи, илъэс пчъагъэ зыпылъи, ерагъэу Лэукъан ыгъэкӀосэжьыгъэгъэ Ӏофым хьалэ-балыкъыбэ къыпыкӀыгъагъ…

Телефоныр къытеуагъ. Смирновым трубкэр къыштагъ:

– Сэры, сэры, сыкъэдаӀо.

– Товарищ полковник, майорэу Къэрэбэтыр уадэжь чӀэса? – оперативнэ дежурнэр къеупчӀыгъ.

– ЧӀэс.

– Къэрэбэт Лэукъан сымылъэгъу хъущтэп еӀошъ, кӀэлэцӀыкӀу горэм тыщигъэӀэжьрэп.

– Садэжь къычӀэгъахь,– трубкэр телефоным тырилъхьажьзэ, полковникым ыӀуагъ.– КӀэлэцӀыкӀу горэ къыпфай.

Ар Лэукъан зыфихьын ышӀагъэп. Унэм шъэожъые такъыр къычӀащагъ. Сэлам къыхи, къяупчӀыгъ:

– Хэта шъуитӀо язэу Къэрэбэт Лэукъаныр?

– Муары Къэрэбэт Лэукъаныр,– Смирновым Лэукъан зыдэщысымкӀэ шъэожъыер ыгъэплъагъ.

– Ора Къэрэбэт Лэукъаныр? – Ӏофы зыригъэшӀэу джыри шъэожъыер къеупчӀыгъ.

– Сэры, къаӀо узфаер.

Шъэожъыем цуакъэр зыщигъэпкӀыгъ. Лъэпэд лъэныкъор зыщихи, тхылъыпӀэ уплӀэнкӀэгъэ цӀыкӀур Лэукъан къыфищэигъ:

– Ма мыр, къыпфысагъэхьыгъ!

Лэукъан тхылъыпӀэм рычъагъ, къызщылъэтыгъ:

– Джамбот псау!



Полковникри тхылъыпӀэ тхьапэм еджагъ: «Гъэбылъыгъэр зыщычӀэтӀагъэм пэмычыжьэу зы лӀы горэм сыщыӀукӀагъэу ыуж сэфы. Лэбэ Ӏушъо Ӏут къалэмкӀэ тэкӀо. Джамбот».

– Хэта мыр къэозгъахьыгъэр? – Смирновыр шъэожъыем еупчӀыгъ.

– СшӀэрэп, жэкӀэ-пакӀэ зытет лӀыжъ горэм къысигъэхьыгъ, тӀо зэбгъуль шхончи ыӀыгъ.

– Тадэжьра къызщыуитыгъэр? – Лэукъан къэупчӀагъ.

– Чэтахъор зыдэщытым дэжь.

– Сыдигъуа къызыуитыгъэр? – полковникыр столыбгъум къыкӀэрыкӀыгъ.

– Ныпчэдыжь, сыхьат тешӀагъэп.

Ардэдэм Лэукъан зипэщэ купыр Джамбот зыфиӀогъэ къэлэ цӀыкӀумкӀэ ежьагъ. Смирнови Лэбэ Ӏушъо къалэм афытеуагъ. Ужыр къагъотмэ, зыдэкӀощтым окӀофэкӀэ лъыплъэнхэу, зи рамыӀонэу афигъэпытагъ.

## Тэ кӀоми лъыкӀони, ыпсэ Ӏуихыщт

Мэз ӀапчъэмкӀэ Джамбот зэплъэм, мэзтеупкӀ горэ ылъэгъугъ шъхьакӀэ, зигъэнэгъуаджэу илъагъо зэрэтекӀыгъэ шӀыкӀэм шъхьэм джэнджэш къыригъэхьагъ. ТӀо зэбгъуль шхончым ыпэ ригъэзыхи, мэзым хэхьажьыгъэ лӀым ыуж Джамбот зыридзагъ. Лъэгонджэмышъхьэ зишӀи, Ӏэгъо-благъор къыплъыхьагъ, дэӀуагъэ. Чъыг къутамэ горэ сысэу инэплъэгъу къыпэшӀофагъэп. Бзыу щтагъэ гори чъыгым тебыбыкӀыжьыгъэп. Пхъэжъые гъугъэ зэпыкӀ макъи зэхихыгъэп. Мэз цуным лӀыр щыбзэхыгъ.

«СӀэкӀэкӀыгъ, сӀэкӀэкӀыгъ!..» Джамбот ыӀозэ, елъэкӀоны. Зыредзыхышъ мэдаӀо, къэтэджыжьышъ, хэчъыкӀы. Чъыг къутамэхэр ынэпашъомэ, ыӀашъомэ къазэрэнэсрэр зэхишӀэжьрэп.

Псы къочъ горэм изэпырыкӀыпӀэ дэжь Джамбот щазымэ лъэуж щилъэгъугъ. Ащ зытыридзагъ. Заулэрэ кӀуагъэу пхъэжъые гъугъэ зэпыкӀ макъэ къеӀугъ. Джамбот зыридзыхи, чъыг чӀэгъмэ ачӀэплъыгъ. МыгумэкӀыхэу, пытэ-пытэу зищазымэ лъакъохэр зэблэзыхрэ лӀыр ылъэгъугъ, ӀалъмэкЪри ыкӀыб илъ.

Шхончыр Iэ джамбгъум рити, Iэ сэмэгумкIэ чъыг къутамэхэр сакъэу IуищэикIыгъэх. Тащыщ горэ сапэ къифэнба, Джамбот ыIозэ, ыуж ихьагъ.

ТIахьирэ ыужкIэ зыгорэ къылъэкIоми ышIэщтыгъэп, ыгъапэщтыгъэп. Мэзым къызэрэхэкIыщтымрэ зыуж ихьагъэр къызэригъотыщтымрэ нэмыкI гухэлъ иIагъэп. Гъогушхом пхъэщэ машинэр рычъагъ. Ащ ыуж кIэкIэу итэу нэмыкI машини блэлъэтыгъ. Гъогум техьащтмэ темыхьащтмэ ымышIэу ТIахьирэ заулэрэ щытыгъ. ГущыIэ макъэхэри къэIугъэх. Ахэр IофышIэ къикIыжьрэ мэзтеупкIмэ амакъэх.

Тыгъэр тIысыгъэ къодыеми, инэф мэзым шъхьащытыгу. ТIахьирэ къуажъ заулэ къышыпи, Iалъмэкъым рилъхьагъ.

Къуажъ къешыпмэ сшIэрэп, Джамбот ыIуагъ. Къуажъ къэзыугъоирэм ынэгу Джамбот зэригъэлъэгъумэ шIоигъуагъ шъхьакIэ, ыкIыб къэгъэзэгъагъ. КIэрыхьани, зыщыщымкIэ еупчIынри гум къыфидагъэп.

Хэт щыщ гуцафэ фэпшIыгъэми, улъыплъэн, зыдакIорэр зэбгъэшIэн фае. Шпионым изакъоу Iоф ышIэрэп, ар зыщымыгъэгъупш, умэзыпэсышъ, ащ фэдэхэм уаIукIэнкIи мэхъу, мышъэжъым дэжъые лъапсэм къычIилъэшъугъэгъэ парашютыр Джамбот къызегъотым, Лэукъан къыриIогъагъ.

Джамбот ымышIахэу пкIэшъэ чIэгъ пхъэ зэпыкI макъэ ыгъэIугъ. Ар ТIахьирэ зызэхехым, къызщылъэти, къуажъ къогъум къоуцуагъ.

Мыщ мурадышIу ыгу илъмэ сыда къуажъ къогъум зызкIыкъуидзагъэр, Джамбот ыIуагъ. МэзтеупкIмэ макъэ зэраримыгъэIугъэмкIэ кIэгъожьыгъ.

Гуцафэ зыфишIын земылъэгъум, ТIахьирэ къуажъ чъыгым къыкIэрыкIыжьыгъ. Гъогу напцэм къыщыуцуи, бгъуитIумкIэ зиплъыхьагъ, зэпырыкIыгъ. ИкIуи нахь ригъэхъугъ. Сыхьат фэдиз кIуагъэу илъагъо лъэс лъэмыджым рищэлIагъ. ТIахьирэ пытэ-пытэу лъэмыдж кIэшIагъэм техьагъ, икIыгъ. Псым зэрекIэу мэз пырыпыцум зыхидзи, лъэмыджым фэсакъэу ригъэжьагъ.

Бэ темышIэу Джамботи лъэмыджым техьагъ, ыуж къызэрафрэм ТIахьирэ егуцэфагъ. Ау лъэмыджыр зэрэлъэгъупIэр Джамботи ешIэшъ, зыуж ыфрэр тхьагъэпцIмэ къызэрэфэсакъыщтыр зыщигъэгъупшэрэп.



Хьаулыеу партизаныгъа, Францием имэзмэ ахэсыгъа! Джамбот лъэмыджым еплъыхы фэдэу зишIыгъ, етIанэ мыгузажъоу къехыжьи, мэз пырыпыцум хэхьэрэ лъагъом техьагъ. Заулэрэ кIуи, икуупIэ зынэсым, кондэ къогъу зишIыгъ. Iэгушъом илъым фэдэу лъэмыджри псыIушъори Джамбот елъэгъу. Зыщыщынэрэр шIункIы шIэхэу къызэрэхъущтыр ары.

Джамбот зэнэгуещтыгъэ шIункIыр къэхъугъ. ТIэкIу шIэ къэс пчыхьэм къушъхьэпсым тамэ къыгуегъакIэ. Бзыу горэ зэрагъэщтагъэр къырыпшIэу чъыг шъхьапэм илъэти, псым зэпырыбыбыкIыгъ. Заулэ тешIагъэу Джамбот зыуж итыр гъогум тырилъэгъуагъ.

Къалэм екIурэ гъогум ТIахьирэ екIолIагъ. СэмэгумкIэ къалэр къэнэ, километрэ зыхыблыкIэ джабгъумкIэ къутыр цIыкIу горэ щыс. Къалэмрэ къутырымрэ азыфагу шъоф нэкI. Мэзахэм нэбгыритIур зэригъэлъэгъужьрэп. Мыжъо гъогур зэлъагъэнэфэзэ, легковой машинэрэ автобусрэ къалэмкIэ чъагъэх. ТIахьирэ зыдэкIощтым ехъырэхъышэу заулэрэ щытыгъ. АдыкIэ, ыкIыбкIэ, лъэбэкъуишъэ заулэкIэ, хьампIэIоу Джамбот щыс.

ТIахьирэ къалэм дэхьащтмэ ымышIэу заулэрэ егупшысагъ. Берузаимскэ-Дальмар къымыгъотэу, ифэшъуашэ римыгъэгъотэу игъогу дэмыхынэу тыриубытагъ. Ардэдэми Сергей ыгу къэкIыгъ...

– ...Орырэ сэрырэ, Сергей, сыда тызезыфэрэр? – ТIахьирэ зешъокIэ нэку-нэпсэу шъэогъум еупчIыщтыгъэ...– Мыхэм таIэкIэфэн нахьи хымэ хэгъэгу къуапэ горэм хьэм фэдэу тыкъолIыхьажьыгъэмэ нахьышIугъ...

– Ар умыIо, ТIахьир, джыри тишIуагъэ къэдгъэкIон тлъэкIыщт тэ.

– Таущтэу?

– Уегупшысэмэ къыбгурыIощт... ЩэIагъэ къызхэгъаф...

– Е-е щэIагъ, щэIагъ, щэIэгъэ мыгъу!..– ТIахьирэ куоу хэщэтыкIыгъ, нэкIушъхьэ лъынтфэри къыхэлъадэти, хэчъыжьыщтыгъэ, барым цIыфхэр чIэс-чIэмысми пымылъэу, ныбджэгъури щыгъупшэжьыгъэу ынэ плъызэу щысыщтыгъэ.

Зигугъу ашIырэм ышъхьэ къырамыхыщтыгъэми, ащ къикIрэр тIуми къагурыIощтыгъэ.

– Уешъощта джыри?

– Виски сыфаеп.

– Адэ сыда?

– Пивэмэ сешъощт.

– Бармен, пивитIу джыри.

Баварскэ пивэр ТIахьирэ икIэсагъ, виски, ром зыфэпIощт шъонмэ ар апигъэуцущтыгъэп.

– Пивэ шIагъу,– пивэ чъыIэм ешъо зыхъукIэ, щэтэ цIынэ зышхрэм фэдэу ТIахьирэ тхъэщтыгъэ.– Уигъэуташъорэп, ау чэф тIэкIу къыпкIелъхьэ.

– СшIэрэп мыщ хэплъагъорэр, дыдж-псыдж,– Сергей пивэр ришъузэ пигъэхъожьыщтыгъэ.– Жигулевскэ пивэр ары дэгъур...

– Мыекъопэ пивэм фэдэ щыIэп... Джары пивэр. Уешъуагъа зэгорэм?

– Сешъуагъэп.

– Ащыгъум, пивэ уешъуагъэп... Мыекъопэ пив, Мыекъопэ пив... Ар джы тэ къипхыжьын...

Мыщ фэдэ гущыIэхэр диверсионнэ школыр арэп зыщаIощтыгъэр, нэмыц къэлэ цIыкIоу апэгъунэгъум ипивэ бар чIахьэхэу, язакъоу къогъупэ горэм зыкъотIысхьэхэкIэ ары. Школым чэщи мафи къызэрэщяплъакIохэрэр ашIэти, зэрэгущыIэщтыгъэхэр нэмыкI. ЯтхьагъэпцIэкIы аIоти, Совет хабзэр аубэуи къыхэкIыщтыгъэ. Коммунистхэм арамыIуалIэрэ щыIагъэп. Сыд аIуагъэми, яунэ дэпкъ гъэбылъыгъэкIэ хэт магнитофоным тыритхэщтыгъэ. Ащ фэдэ тетхагъэмэ зыщядэIущт сыхьати Герберг иIофшIэн хэтыгъ. ЕтIанэ Совет хэгъэгум диверсантхэр къырарыгъэдзэным ыпэкIэ пленкэхэр къыштэжьхэти, аригъэдэIужьыщтыгъэх.

– Мы зэхэпхыгъэхэр зыми уригъэзи къыуигъэIуагъэп ныIа? – ТIахьирэ ихэгъэгу къырадзэжьыным сыхьат заулэ нахь имыIэжьэу Герберг къеупчIыгъ.– Тыбгъэрэзагъэу къызыбгъэзэжьрэм уищыIакIэ зыфэдэщтыр ошIэ.

Самолетым къитIысхьэ зэхъуми, ТIахьирэ ынэ къыкIэплъыхьэзэ, къыриIогъагъ:

– Джа осIуагъэр зыщымыгъэгъупш!

Ащ ыуж, ТIахьирэ зэхыригъэхэу, Герберг Дальмари риIуагъ:

– Мыщ есIуагъэм, Владимир Петрович, ори ущыгъуаз. Гъогумафэх.

Сыда сэ къысиIуагъэр, ТIахьир къыхихыгъ, мощ зыкIишIэн фаер? Цыхьэ къысфишIрэба? ЕтIани, сэ сфэмыдэу, хэта мор?..

Дальмар зэрэшпион мэхъаджэр ТIахьирэ ышIэщтыгъэп. Ежь фэдэ тхьамыкIэ горэу къышIошIыщтыгъэ, ыгуи егъущтыгъэ. Ау джы къыришIагъэр къыришIэнэу ащыгъум ышIагъэемэ!.. Ай-анасын зэ сыукIэжьыгъагъот а хьэм къылъфыгъэм!..

Къалэми къутырми адэмыхьэу бгъукIэ къыгъанэхэзэ, чэщ шъофым ТIахьирэ риушъокъуагъ.

Бэ акIугъэми, макIэ акIугъэми Джамбот къышIэжьрэп. Гъогунчъэу, коцыпкъым хэтэу зыуж ыфрэр макIо. Нэфшъэгъо шIункIмэ адэжь орзэ Iатэ горэм ТIахьирэ щетIысэхыгъ. Орзэ Iатэм кIэрыс шIуцIэ такъырым Джамбот ынэ тырихыщтыгъэп.

Ошъочапэр къэушэплъынэу зырегъажьэм, ТIахьирэ къэлъэтагъ. Сыхьатым зеплъым, плIым тетыгъ. Хьэ хьакъу макъэу, атэкъэ Iо макъэу къэIухэрэмкIэ чылэ горэ благъэу зэрэщыIэр къышIагъ. Тхышъхьэм зыдэкIуаем, кIэим чылэшхо горэ рилъэгъуагъ.

Джамбот чылэр ышIэжьыгъ. А чылэр къалэм итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ километрэ пшIыкIубл фэдизкIэ щыс. МэзымкIэ укъикIмэ чылэр нахь благъ. ЧыжьэкIаеу тыкъэкIуагъ, ау ихьисапыр сшIэрэп нахь, Джамбот ыIуагъ.

Къэлэ лъэныкъомкIэ къичърэ машинэм ТIахьирэ ошIэдэмышIэу итIысхьагъ.

Джамбот ышIэщтыр ымышIэу къэнагъ. ЫпэкIи ыужкIи машинэ щыIэп. Нэрэ-Iэрэ азыфагу машинэр къуаджэм дэлъэдагъ, бэрэ пэмылъэу чылэм дэчъырэ гъогум тетэу тхышъхьэм дэчъэежьэу Джамбот ылъэгъугъ.

Шым тесэу шъэожъые горэ къачъэти, Джамбот екууагъ:

– Моу къакIо, псынкIэ, псынкIэ!

Джамбот шхонч лъэдакъэм тхылъыпIэр телъэу зыфаер ытхи, адресри тыритхэжьыгъ.

– Елбэтэу мыр къалэм нэгъэс. Зыдэпхьыщтыр тетхагъ.– Шъэожъыем зыгорэ къыIонэу къызхедзэм, къыригъэIуагъэп: – Мы узфэзгъакIорэр хэгъэгу Iоф, къыбгурыIуагъа? Зэптыщтым ылъэкъуацIэ тетхагъ. Хэтмэ уащыщ?

– Джарымэкъомэ сащыщ...

«Хэгъэгу Iоф» шъэожъыем зызэхехым, ынэ цIыкIухэр къилыдыкIыгъэх. Зыгорэ къыпимылъхьэу тхылъыпIэр Iихыгъ. ЛъэдакъэкIэ шыныбэм етIыргуи, къэлэ лъэныкъомкIэ кIиIагъ.

Машинитlу къачъэу Джамбот ылъэгъугъ. Апэ ит машинэм пэгъочъыгъ шъхьакlэ, къыфэуцугъэп, адырэ машинэри блэлъэтыгъ. Джамбот машинэм кlэлъыкууагъ, lэбжыми фишlыгъ. Джыри къалэмкlэ машинэ къечъы.

Сэ къэуцукlэ шъозгъэлъэгъущт Джамбот ыlуагъ. Шхончыр къызгуихи, гъогу гузэгум хьабыхъохъоу теуцуагъ. Машинэр къэблагъэ зэхъум, lэ фишlыгъ, къызэмыуцум, икабинэ шъхьэпырыукlыгъ.

Хатlагъэ пlонэу машинэр къызэтеуцуагъ, шоферыри къэкууагъ:

– Узэкlокlыгъа сэlо!

– Сэрэп зэкlокlыгъэр шъоры нахь! – Джамбот пчъэр lуихи, кабинэм зыридзагъ.

– Нэфмышъэу зызфэуухьэрэр сыда? – шоферым гу къызlэпишlыхьажьыгъ.– Укъэмыуагъэми къэзгъэуцун сихьисапыгъ, гущыlэгъу тызэфэхъун сlогъагъэ...

– Елбэт, мо уапэ итмэ акlахь! – Джамбот гущыlэр шоферым къырigъэухыгъэп.

– Укъыщанагъа хьауми укъырадзыгъа?

– Етlан, етlан...

– Къызэрэпlу, такlахьэ пакlo, татечъыжьын!..

Чылэм дэчъхи, тхышъхьэм зэтехьэхэм, кlэим машинищыр ралъэгъуагъ. Джамбот къэгузэжъуагъ:

– Апэ ит машинэр олъэгъуа?

– Сэлъэгъу.

– Ащ тыкlэмыхьэ хъущтэп!

– Ащ lo хэлъэп!

Шофер кlалэм рулым зыпигъэпкlагъ. Тхыщэ хъужьыгъэу быбыщтым фэд, фэлъэкlыщтымкlэ машинэм lоф регъашlэ. Гъогубгъу телефон пкъэухэр блэбыбыкlых. Джамбот ишхонч хьазырыпсэу ыбэкъу дэт, лъакъохэр кабинэчlэ натlэм егъэкъугъэх.

Метрэ шъитlу-шъищыкlэ машинитlур къэлъэгъуагъ. Ахэмэ апэ ит машинэми ащ фэдиз ичыжьэгъэн. Машинэмэ акlэхьагъ, гъогу къыратэу джабгъумкlэ lукlотыгъэх. Джамбот зыдэххэрэ шоферхэм кабинэм ышъхьэ афыригъэщызэ, lэбжым афишlыгъ. Ау шоферитlумэ зи агосыгъэп. Апэ ит машинэм благъэу зекlуалlэхэм, иномер Джамбот ытхыгъ.

Гъогу къыритынэу зытlо-зыщэ ыпэ ит машинэм шоферыр фытеуагъ, адрэм блэкlынэу lэ къыфишlыгъ. Джамбот шхончыр кабинэм ригъэбылъхьагъ, ежь каби-



нэпчъэ къогъу эишlыгъ. Машинитlур зызэбгъукlом, зыуж итыр шоферым госэу ылъэгъугъ.

Джары машинэр зэрэпфын фаер къыригъэкlэу шоферыр Джамбот къыlугушlуагъ. Тутыныр къышти, хигъэнагъ, госми къыфищэигъ. Газми ылъакъо къытыригъэкlоты зэхъум, машинэм ичъэ нахь макlэ хъугъэ.

– Уичъэ щымыгъакl, узэрэдэхыгъэу чъэ! – Джамбот шоферым риlуагъ.

– Ар о пlуагъэ фэд... Ау тыкlэгъахь пlуагъэба?..

– Етlан, етlан... Уауж итым гъунджэмкlэ лъыплъэзэ шlы.

– Узэрэфай,– шоферым зи къыпилъхьажьыгъэп...

## Нэфсэт хьакlэ иклас

Нэфсэт lофшlэныр райпищепромкомбинатым сыхьатыр тфым къыщиухыгъэти, детсадым къекlолlэжьи, шъэожъыер къыздищэжьыгъ. Ягъунэгъумэ адэжь къэсыжьыгъэу лlым, Алъкъэс, иджэмакъэ зэхихыгъэ.

– Елбэт, Нэфсэт, тихьакlэ уичэтлыбжьэ шlыгъэ хэгъаl.

– Хьакlэ уиlэныр хъяр, – Нэфсэт нэгушlоу Дальмар ылэ фищэизэ, сэлам рихыгъ.– Уимафэ шlу, къеблагъ, къеблагъ.

– Мы лlыр, Нэфсэт, хьэкlэ къызэрыкlоп, сэ сфэдэу хьэр псашъо зэрагъэщагъэмэ ащыщ,– Алъкъэс бэ къыпыхъыкlыщтыгъэр.

– Владимир Петрович Берузаимский,– къызэпиплъыхьапэзэ Дальмар ылэ Нэфсэт фищэигъ.

– Урысыбзэкlэ Нэфсэтыр къэпlонэу хъумэ къикlрэр Светлана, lэнэ дэгъу къезгъэшынэу зыхъурэм, Светик есlорэр,– шъузым lугушlозэ, Алъкъэс щхыгъэ.

Шъэожъыер нэбгырищымэ азыфагу итыгъ. Зи къырамыlуахэ зэхъум, ятэ ылэ къыкъудыигъ. Алъкъэс къызеплъыхым, ишъэожъые къылъэгъугъ.

– Ей, анахь бэлахьыр къэдгъэнагъи адэ!

– Сыда пцlэр? – Дальмар хьампlэlоу шъэожъыем ыпашъхьэ итlысхьагъ.

– Пцlэ еlу, цlыкlужъый, пцlэ еlу,– Алъкъэс ыкъо ышъхьашъо lэ щифагъ.

– Сэ сцlэр Аскэр! – шъэожъыем лъэшэу къыlуагъ.

– Тыркубзэкlэ ащ къикlрэр ошlа? – Алъкъэс хьаклэм еупчlыгъ.

– Сшlэрэп,– тырку lофыр къызэрэхафэу кlэкlэу Дальмар къыпиупкlыгъ, етlанэ пидзэжьыгъ.– Анэтlэгу нэ закъо исми сшlэрэп, нибжьи Тыркуемэ сатеплъагъэп.

– Тыркухэр о тэ щыплъэгъуна, а уздэщыlагъэм ахэр щыlэхэп,– Алъкъэс игъусэ лlыр ыухыижьзэ риlуагъ, етlанэ зыгорэ зэрэщыгъупшэжьыгъэр ыгу къэкlыжьыгъ.– Да къезгъэжьэгъагъэр? Ары, тыркубзэкlэ «аскэр» ыlомэ къикlрэр ошlа, дзэкlолl, зэолl...

– Цlэ пхъаш.

– Адэ, Владимир Петрович, ткъо закъо цlэ дэй фэтыусына!

Алъкъэсрэ Дальмаррэ тыркуцlэм къикlрэр зэрагъэшlэфэкlэ, шкъун зыхитэкъуагъэмэ ахатхъуи, Нэфсэт чэтитlу къыубытыгъ.

– Джар шъузы хъун,– Алъкъэс чэтхэр къыlихыгъэх.– Джащ щытхъур щытыухыныгу, чэтлыбжьэр lанэм къызытыригъэуцокlэ, етlолlэн гущыlи тигущыlалъэ къидгъэнэн...

Къыблэ лъэныкъом чэтым ыlу фигъази, ытэмитlу атеуцуагъ, чэт бзэгури къыридзыгъ:

– Олъэгъуа, Владимир Петрович, адыгэмэ ячэт зэрэшlуабзрэр? Тэ тичэт шlобзыкlэ шъо шъуичэт шlобзыкlэ текlы. Шъо шъуеlэнышъ, чэтым ышъхьэ пышъутхъыщт е обзэгъумкlэ шlожъугъэлъэтынышъ, шъхьэ зыпымыт чэт тхьамыкlэр быбатэу щагум дэшъутlупщхьащт. Тэ мэущтэу тэшlышъ, щагур чэтылъым етымыгъэуцlэпlэу, мы тхьамыкlэжъыр тымыгъэбыбатэу тэукlы. Бисмилахь...

Адыгэмэ язакъоп, быслъымэн лъэпкъмэ былымыр зэраукlрэр Дальмар ымышlэу щытыгъэп. Ау къызхимыгъэщэу Алъкъэс ичэтукlыкlэ шlогъэшlэгъонэу еплъы. Алъкъэс дэгущыlэ шъхьакlэ, джэуап къыритыжьрэп. Чэтышъхьэр зы lэ лъэныкъомкlэ, адырэ lэмкlэ чаныр ыlыгъэу, лъакъокlэ чэт тамэмэ атетэу чэт укlыгъэм тегъэкlагъэу Алъкъэс тетыгъ. Чэтыцым чаныр рилъэкlыжьи, Алъкъэс чэт тамэмэ къатекlыжьыгъ.

– Бисмилахь зыпlорэ уж угущыlэнэу амал зимыl,– Алъкъэс адырэ чэтым теуцозэ, Дальмар къыриlуагъ.

– Сыда «бисмилахьым» къикlрэр? – шпионыр еупчlыгъ.



– Бисмилахьым къикlрэр пlуагъи? Олахьэ усымыгъэпцlэщтмэ, сымышlэ. Аlошъы, сэри сэlо. Бисмилахь...– чэтым ыпшъэ Алъкъэс чанымкlэ хэlагъ.

Алъкъэс чаныр джыри чэтыцым рилъэкlыжьи, зэдигъэпкlэжьыгъ. Зэ кlырыужьи, чэтым ыпси хэкlыгъ.

– Мо къакlо, цlыкlужъый. Мо чэт тамэмэ атеуцу, зегъас... Джары тятэ тхьамыкlэм тэри тызэригъасэщтыгъэр. Сыдэу тшlын, зэо мыгъор къызфежьэгъагъэр тэры, зэрэунагъоу тыхэкlодагъ,– Алъкъэс чэт тамэмэ ишъэожъые атыригъэуцуагъ.

Чэтитlум лъэу акlэтыр закlэчъыхэм, Алъкъэс унэм рихьэхи, хьакупчъэм дэжь щылъ чыжъые-пхъэжъыемэ акlэрилъхьагъ.

Нэфсэт пэlухъо къабзэр шифоньерым къыдихи, зыпэlуипхагъ. Фартыку къопсымкlэ ыбг зэрэпипхыкlыгъэр арын фае, ылъакъохэри пкъы псыгъо дахэм диштэу нахь зэкlужьэу къэхъугъ. Лъэдэкъэ лъэгэ туфлитlоу комодышъхьэм тетхэр арых Нэфсэт ищыкlэгъагъэхэр, ау ахэр джыдэдэм, хьакум узщыкlэрытым, пщыгъынхэр къекlущтыгъэхэп, туфлэмэ ачlыпlэ хэдыкlыгъэ дахэ зиlэ унэ цокъитlур щыгъ. Шъхьэм телъ шъхьэтехъо пlуакlэмрэ цуакъэмрэ ашъо зэщыщышъ, зэкlух.

Алъкъэс ишъуз ылъэкlапlэхэр, ышхужъ зэхэтхэр, бгы псыгъор зелъэгъум, ыгу ыгъэтакъоу фэбэпс горэ ыпкъышъол къырычъагъ, lаплl рищэкlы шlоигъоу хъугъэ. Зыкlэ хъокlыгъэ чэтыужъэу Алъкъэс ылъакъо дэгъэнагъэр бгъукlэ lуигъэкlоти, шъузым ыкlыбкlэ lаплl рищэкlыгъ, ыlупшlэшхо плъырхэр тхьакlумакlэм, пшъэм анэсыгъэх. Нэфсэт шъхьэр lуищэикlзэ, къыlуагъ:

– lукl адэ, хьакlэм тыкъеогъэлъэгъури...

– Тыкъерэлъэгъу фаеми... Тэ тшlэрэр ымышlэу щыта ащ...

– Алъкъэс, хьэйнапи... Изакъоу хьакlэр щагум дэт, кlо...

– Адэ, сэ силажьа сишъуз дахэмэ...

– Кlо, lаджи пlощт о...

Алъкъэс шхыншlэщым икlыжьи, Дальмарырэ ишъэожъыерэ зычlэс къужъ чъыг чlэгъым чlэхьагъ. Хьакlэм ыкокl шъэожъыер исэу къужъ ешхы.

– lэшlуа, цlыкlужъый?

– Ары,– зэришхрэр ятэ ригъэлъэгъузэ, къужъым нахьри нахь хэцэкъагъ.

– Уихьалэл, шхы, шхы,– Алъкъэс щалъэр ышти, чъыгым дэкlоягъ, бэрэ пымылъэу къужъ щалъэ къырихьыхыгъ.

– Хаl, Владимир Петрович. Еплъ тикъужъ зыфэдэм, а уздэщыlагъэм мыр щыгъотыгъуай.

– Темырым мыхэр щыlэх, ау бэдзэрым щылъапl,– Дальмар къужъым ецэкъагъ.– Джар къужъы хъун, псы lэшlур кlиз, шъабэ.

– Тятэ тхьамыкlэ къызэхъум, мы къужъ чъыгыр фагъэтlысыгъагъэу къаlожьы...

– Ащ фэдиз ыныбжьынэуи?

– Ыныбжь... Мыгъэ, тятэ тхьамыкlэ псаугъэмэ, илъэс тlокlитlурэ ирэм итыщтыгъэ...

Нэфсэт иджэмакъэ къэlугъ:

– А цlыкlужъый, мо къакlори, чэтыур пытым сфидз, lоф сигъэшlэжьрэп.

Нэфсэт зэпщэрыхьэм, lанэр собэшхом къыщишlыгъ, джыри зэ къызэпиплъыхьажьи, ыгукlэ разэу къяджагъ:

– Алъкъэс, шъукъакlу.

– Ухьазыра, Светик? О ухьазырмэ, тэщ пае къэнэщтэп. Некlо, Владимир Петрович.

Собэшхом щыджэнэт, lанэм шхын зэфэшъхьафхэр тетых: чэтлыбжь, чэтжъогъэщыугъ, щыпсы, пlастэ, щхыу.

– Джары хьакlэ тиlагъот зыкlаlорэр,– аркъ бэшрэбыр къыlуиутызэ, Алъкъэс къыlуагъ.– Хьакlэм унагъор датхъэ, арба, Светик?

– Адэ ары, Алъкъэс,– ишъуз къыдырыгъэштагъ.

Арымыз дэдэу аркъыр рюмкэ джадэмэ Алъкъэс къаригъэхъуагъ, зешъуахэкlэ зэцэкъэщт нэшэбэгу шlоlугъэ цlыкlури ицацэ пиlугъ. Сэнэшъхьэ хъугъакlэри, помидори, хъырбыдзи lанэм теlэкlагъ.

– Олахьэ, Светик, нычхьапэ тыбгъэтхъэщтым, ощ фэдэ шъуз зимыlэр унэхъугъэ. Адэ, Светик, мыщ фэдэ lэнэ шыгъэм гъунэгъур хэтыныщта? Адыгэ хабзэп ар!..

Гъунэгъум игугъу къызешlым, Дальмар сакъыгъэ, чlэгъычlэлъкlэ Алъкъэс еупчlыгъ:

– Зигугъу пшlырэр гъунэгу бырсырэпщтын?

– Хъун непэризэ ар къыбдемышъоми,– Нэфсэт арыти зыфаер, хьакlэм дыригъэштагъ,– шъуитlо шъузыlыстыкlэ тэджыжьыкlэ шъушlэрэп.



– Ащ фэдэу щытмэ, Алъкъэс, емыкlу къысфэмышl, тэр-тэрэу тыщыжъугъэс,– Дальмари бысымгуащэм дыригъэштагъ.

– Аущтэу шъуитlо шъоlомэ, нахьыбэм дехы зэраlу... Ау тихьакlэ бжъэм зэрегугъурэм теплъын. Къаlо, Владимир Петрович, lуш-lушэу зыгорэм тыхэгъэдаlу, бэшlагъэ хъохъубжъэшlу тыземыдэlужьыгъэр.

– lушыгъэр сшlэрэп, ау тизэблэгъэныгъэу непэ орырэ сэрырэ тазыфагу тызэрэмышlэу къыдэфагъэм пае мы бжъэр тэгъэlэты, шъуишъэожъые къышъукlахъоу, шъупсаоу, шъутхъэжьэу шъущэl,– Дальмар бжъэр къыlэтыгъ.

Хьакlэм къыlуагъэр гуапэ щыхъузэ, Алъкъэс ибжъэ зэишъоу ришъугъ. Нэшэбэгур зэрэпсаоу ыжэ дидзагъ. Дальмар чэтлыбжьэм хэlэфэкlэ джыри бжъэмэ арыз Алъкъэс къышlыгъ.

– Ущытхъу-ущымытхъуми, шхын lэшlу мыр,– Дальмар нэгушlоу Нэфсэт дэжькlэ плъагъэ.

– Адэ джары, Владимир Петрович, бысымгуащэр зэрэмыдэир ишхыншlыгъэкlэ ори къэпшlагъ,– Алъкъэс бжъэм лъыlэбагъ. Нэфсэт къэгузэжъуагъ, лlым еплъыгъ. Ау Алъкъэс шъузым пымылъэу бжъэр къыlэтызэ, къыlуагъ:

– Сэшlэ, Светик, узкlэгумэкlрэр, адэ шъо лlымэ шъуафэмыгумэкlымэ тэ хэт къытфэгумэкlын! Ау етlани мы зэмзэмыпсым, сигъэлlэщтми, ощ пае сешъощт. Арба, Володя, тешъощтба?

– Бысымгуащэм ихьатыркlэ тешъощт, темышъо мэхъуа, Алъкъэс! – Дальмари бжъэр къыlэтыгъ.

Бжъэр лъагэу lэтыгъэу Алъкъэс ишъуз зыlуешlыхьэ, орэд къыфеlо:

– Ощ пай, сидэхэнагъу, ощ пай, сыгум ижъуагъу...

Аркъыр Дальмар ышъхьэ къеуагъ, шъонымкlэ нахь зыфэсакъыжьы, Алъкъэс игущыlэ ритlупщыгъэу зыдынэмысрэ щыlэп. Райпотребсоюзым чlэлъ lофи, чылэм дэлъ къэбари зэрегъэзафэ. Унэхэр зыщэхэрэр къепчъых, ежь-ежьырэу уасэхэр афегъэуцух. Зымыщэщтхэми аригъэщэнэу ауж ехьэ.

– Дэхъукъомэ яунэ къыуащэн, ау пшъо тырахын...– Алъкъэс къеlошъ, реутыжьы.– Ахъщ lори кlэнкlэм цы къыпфыхахыщт... Сэшlэ сэ ахэр, машинэмкlэ къызыолъэlухэкlэ, тхьауегъэпсэу нахь, сомэ щыlэп... Сэшlэ сэ ахэр, благъэу къызэбгъэкlуалlэхэ хъущтэп...

Нэфсэт шъэожъыер ыгъэгъолъыжьынэу зычIэкIым, псы чъыIэ къыхьынэу Дальмар Алъкъэс елъэIугъ. Изакъоу къызэнэм, таблеткэр зыIуидзагъ. Зы аркъ гъуаткIо Iумыфагъэ пIонэу таблеткэм, чэфыр кIифыгъэми, утэшъогъаеу Дальмар гущыIэщтыгъэ.

– НекIо жьым тыхэгъахь,– Дальмар къыIуагъ.

– Ар тищыкIэгъэ дэд,– Алъкъэси къэтэджыгъ.

Унэр зэрзэхэтыр, щагур зэрэгъэпсыгъэр гъолъыжьыным ыпэкIэ, хэт ышIэра, Дальмар зэригъэшIагъэ.

Гъолъыжьмэ зэрэшIоигъор бысымым гу лъыригъаатэу Дальмар фышъхьэу ригъэжьагъ. Тхьэм зэриIонэу, зыжэ зымыгъэуцухэрэ Алъкъэс шъузым еджагъ:

– Светик, тихьакIэ пIэр фэшIыжь, гъогу тетыгъ, пшъыгъэ.

– Непэ фэдэу сыпшъыгъэу къыхэкIыгъэп,– Дальмар джыри зиухыижьыгъ.

Остыгъэр Дальмар ыгъэкIосэжьыгъ, макъэ зыпымыIукIрэ кIэрахъор пIэшъхьагъым чIилъхьагъ.

УрамымкIэ, шъхьаныгъупчъэ IухыгъэмкIэ, киноум къикIыжьыщтыгъэхэ кIалэмэ амакъэхэр къэIугъэх:

– Олахьэ боу шпион цIэпIагъэм ар...

– Ащ ыуж зыфыхэри ащ нахь цэкуагъэхэп...

– Адэ шпион Iулэ мощ нэс къырагъэкIыни къагъэкIона!..

Дальмар зэхихыгъэм ыгъэщхыпцIыгъэми, шпион гугъу зэрэззэхихыгъэм ыгу еIугъэп. Зэ къызфагъэкIогъэ Iофыр ыгъэцакIэу дэхэ-дахэу ыгъэзэжьыгъагъот... КъызфагъэкIуагъэр зэригъэцакIэрэм елъытыгъ зигъэзэжьыкIэ иIоф зэрэхъущтыр. Американцэхэр мы аужырэ илъэсым Дальмар къехьылъэкIых. Къыфагъэуцугъэ пшъэрылъми Iушыгъэ хилъагъорэп, ренэу гузэжъогъум хэтых. Угузажъоу Iоф пшIэн плъэкIыщтэп. Анахь Iоф цIыкIуми, анахь Iоф инми уахътэ ищыкIагъ. Ар нахьыбэрэм ишефмэ къагурыIорэп. Ащ фэдэп нэмыц шпионхэр зэрэгъэсэгъагъэхэр. Ахэм ашIэщтыр зэрэфаеу арагъашIэщтыгъэ, охътэ гъэнэфагъэ афагъэуцущтыгъэп. Шъыпкъэ, уахътэ зимыIэ щыIэп, ау ахэм яуахътэ гупсэф шъхьэфит сыдигъуи хэлъыгъ. ЕтIанэ американцэмэ зихэгъэгу зыбгынэжьыгъэ тхьэзэогъэ пыдзафэхэр къагъотхэу шпион Iофым зэрэфагъасэхэрэр Дальмар ыдэщтыгъэп. Ахэм афэдэ Iаджи уздэкIорэ хэгъэгумэ арыбгъотэщт, Дальмар еIо. Зыми цыхьэ фишIрэп. Мызыгъэгу фэ-



дэу рамыгъэзыгъэмэ ащ фэдэмэ Iоф адишIэщтэп, пыщэгъуи ышIыщтхэп.

Хьамдэчым дэсыукIыхьэгъэ жэIулэлым фэдэмэ, Дальмар ыIуагъ, ынэ къаплъэу парашютым зыдыригъэхьагъ – мыщи щыхъой. Ахэм сибысым ауас...

Неущ блэмыкIэу Герберг макъэ ригъэIун фае. Джар зигъэцакIэрэм, цIыкIу-цIыкIоу иIоф ыуж ихьащт. Алъкъэс нэIуасэ зэришIыгъэм Дальмар щэгушIукIы. ЗэрэгущыIэрыер умыIощтмэ, адырэмкIэ зэкIэри дэгъу: узыфаем урынэсынэу машинэ иI, унэгъошхоп, шъузым Iоф ешIэ, унэр зэгъокIы...

Ошъочапэр къэушэплъи, апэрэ нэфынэр шъхьаныгъупчъэм къызепсэм, Дальмар къэущыжьыгъ. Мэзэхэ дэдэп, унэм ит пкъыгъохэр зэхэпфын плъэкIынэу щыт. Апэ шъхьантэм чIэлъ кIэрахъом Дальмар еIагъ, етIанэ пIэкIорымрэ столымрэ азыфагу дэт пхъэнтIэкIум телъ Iалъмэкъым инэплъэгъу тыридзагъ. Унэр рэхьат. Ау щытми, тхьакIумэр кIигъэзыкIи, Дальмар дэIуагъэ. Унэ кIоцIри урам лъэныкъори гупсэф.

Нэфым икъэшъын зыуи арэп. Апэ дэпкъым кIэрыт шифоньер гъожьышэр къэлъэгъуагъ, ащ ипчъэ хэлъ гъунджэм нэфыпсыр теджэгукIэу регъажьэ, етIанэ пчъэ къогъум къот пхъэнтIэкIу къуапэр мэзахэм къыхэщыгъ.

Унэр нэфынэ къызэхъум, зыкIэрылъ дэпкъым сурэтышхуитIу пылъагъэу ылъэгъугъ. СурэтитIури Дальмар къеплъыых, зыр – бзылъфыгъэ, адырэр – хъулъфыгъэ.

Хъулъфыгъэ сурэтыр Алъкъэс арэу Дальмар къышIошIыгъ, ау нахь гуфаплъэу зеплъыжьым, къызщылъэтыгъ, ылъэгъурэр гъэшIэгъоныгъэ: тыгъоспчэдыжь хьамдэчым диукIыхьэгъэ игъусагъэр рамкэм къеплъы...

БгъэшIагъо хъун Iаджи Дальмар къехъулIагъ, ау ылъэгъурэм фэдэ ищыIэныгъэ къыхэхъухьагъэу къышIэжьрэп. Мы дунаим щымыхъун щыIэп, узэмыгупшысэн Iаджи къыщэхъу. ТIахьирэ къуи, ныси, шъэо цIыкIуи зэриIэхэр Дальмар ышIэщтыгъэ, ищыкIагъэ зыхъукIэ афыкъокIын ихьисапыгъ, ау ар зэкIэми аужыгъ... Джы мары, яунэ ис, зэрэшIэхэрэп... О сшIэрэп, ау къо шIагъо уиI, Дальмар сурэтым еплъызэ, IущхыпцIыкIыгъ...

Дальмар псынкIэу зифэпэжьыгъ.

– ЖьышIоу, хьакIэ, укъэтэджыжьыгъ,– Алъкъэси унэм къихьагъ.

– Хьапсым жьыртэджьыным тызэрэщырагъэсагъ,– Дальмар иджэуапи хьазырыпс.

– А зыр ары ащ хъунэу чIэлъыр...

– Ори хьапсым удэсыгъа?

– Хьау, сыдэсыгъэп, сыдэсынэуи сыфэяхэп...

– Уинасыпмэ, сикъош, ащ яхьапс удэфэнэп, яхьапс удэфэн нахьи джэхьнэмым уифэмэ нахьышIу.

– Дэгъугъэмэ хьапс аIоныгъэп... Арэп, Володя, пшъхьэ узрэба?

– Мэузы, бащэ тешъуагъ. Оры?

– Шъхьэуз зыфаIорэр сшIэрэп сэ.

– Ебгъэлыящэмэ?

– Сыда зыкIебгъэлыещтыр. КъыокIурэм фэдиз ипшъущт,– Алъкъэс щхыгъэ,– тичылэлI Хьакъэрэжъ нахьыеу аркъыр исыутыщт пIоу уфежьэ хъущтэп, плъакъо ушхугъэу бэным удидзэщт.

– Аркъыр зыми фиутыгъэп... Мо дэпкъым пылъэгъэ сурэтыр, Алъкъэс, уятэщтын?

– Ары, тятэ тхьамыкI. Исурэт цIыкIу горэ тиIагъэти, зыгъэ нахь ин язгъэшIыжьыгъ.

– Шъузахьщыр...

– Ары аIорэр. Модырэри тянэ тхьамыкI. Джары тэ заом хэтхыгъэр...

– Адэ, сыдэу пшIын...

– Ащ хэпшIыхьажьын щыIэп. Хъущтыр хъугъахэ.

Дальмар пчэдыжьышхэр зешIым, къыраIорэм еплъынэу, къыIуагъ:

– Джы тхьэшъуегъэун, шъори IофышIэ шъукIощт, сэри сигъогу сытехьажьын.

– Непэ уздэкIон щыIэп, IофышIэ сымыкIощтыгъэмэ унэ зыщэрэмэ адэжь тыкъокIыни. Непэ зыгъэпсэф, неущ тхьаумафэшъ, зэрэунагъоу тыбдэкIон.

– Хьау, Алъкъэс, ар хъущтэп, шъусэгъэгумэкIы.

– Бысымыр ыгу римыхьмэ хьакIэр пчъэм еплъы зэраIоу, тихьакIэ ыгу тырихьырэпщтын,– Дальмар зыфэе дэдэр Нэфсэт къыIуагъ.

– Тырихьрэп, тырихьрэп, Светик, тырихьыщтыгъэмэ нэфмышъэу ар ыIония,– Алъкъэси зигъэсэмэркъэугъ.

– Ащыгъум, шъо зэрэшъуIу,– Дальмар къеуцолIагъ.– Унэм шъукъэкIожьыфэ чылэм зыщысплъыхьан, унэ зыщэрэм сыкIэупчIэн, уахътэр згъэкIон.



– Джар хъун, арба, цIыкIужъый? – Алъкъэс ыкокI ис шъэожъыем еупчIыгъ.

– Зыбгъэпсэфы пшIоигъомэ, муары диваныр, зегъэкI, умэлакIэмэ, пшхыщтыр столым тет, Владимир Петрович,– гушIубзыоу Нэфсэт къыIуи, шъэожъыер садикым рищэлIэнышъ, IофышIэ кIонэу унэм икIыгъ.

Алъкъэс шъхьаныгъупчъэмкIэ ишъуз кIэлъыплъагъ. Неп ныIэп пкъызэкIужь дахэу Нэфсэт иIэр зилъэгъугъэр пIонэу ишъуз нэплъэгъур тырихыщтыгъэп. Туфлэ лъэдэкъэ лъэгитIумэ атетышъ, ылъэкъо дахэмэ пкъыр чIым тыраIэтыкIы. ЗыIапэ ыIыгъ шъэожъыеми къыIутэкъурэр бэ. Ишъыпкъэу янэ зыгорэхэр реIох, ылъэкIапIэхэр чIиукъуащэхэу, лъэпэрапэу дэчъэ.

Шъхьаныгъупчъэм Алъкъэс къыкIэрыкIыжьыгъ. Щиз хахъоу гушIом зэрехьэ. Иунэгъо цIыкIу щэгушIукIы. Ахэм апае Алъкъэс пфимышIэн щыIэп. Янэ игъусэу Алъкъэс зыращым, кIэлэцIыкIузэ къиныбэ пэкIэкIыгъ. Къин зылъэгъугъэ цIыфым зиIотэжьрэм дунаир шIодах, зэкIэми уасэ афешIы. Ежь зыхэтыгъэ къиныр ыгу къэкIыжьышъ, къин хэфагъэм IэпыIэгъу фэмыхъун фэлъэкIрэп. Къин зылъэгъугъэм игопэшIушIэ сыдигъокIи дахэ.

– Шъуз дэгъу уиI, Алъкъэс. Сыохъуапсэ...

– Тазхадэм тыдэхъугъэп,– Алъкъэс щхыгъэ.– Ау шъузмэ уащытхъуныр якIас, зыщымыгъэгъупш, Володя...

– Щытхъур зимыкIасэ щыIэп, ау уишъуз игушIубзыугъэ сыгу рехьы, дунаим узытетыкIэ джары узэрэщытын фаер. УзэлI-зэшъузымэ шIу узэрэлъэгъуным, шъхьэкIафэ зэфэпшIыным щыIэныгъэм мэхьанэшхо щыриI,– Дальмар шъоубзэгу зишIыгъ, емыкIу ышъхьэ фелъэгъужьыба уигъаIоу етIани къыIуагъ: – Тэ сыд тищыIакIэр, хьэм фэдэу тызэрэшхыжьы...

– КъапIорэр хъухэщтэп, Владимир Петрович, шъуз дэй уиIэнри машинэ дэй уиIэнри тIури зы.

Дальмар хэщэтыкIыгъ:

– Тшъхьэ къырытагъэхьыжьэжьыгъ... Унэ цIыкIу горэ сщэфымэ, кIо, етIанэ теплъын...

ЦIыфым игукъао къэбгъэпIэжъгъэинри ууIэнри зэрагъэхьрэ щыIэп. Сабыйхэр дэеу шъузым къызэрэфыщигъэтхэрэр, пхъэтэпэмыхь зэрашIрэр, ышIырэ гъомылэм зэрэхинрэр, зэрэфэмыгыкIэрэр – сыдыми шъузымрэ лIымрэ агу зэфэмышIу зыхъукIэ азыфагу къыдэхьэрэ

Іаер зэкІэ Дальмар къыІотагъ. Угу зэригъэгъунэу зегъэпсы, ишъуз исабыйхэми атеплъэжьынэу фаеп. Лъы пцІагъэ ыгу дагъэуцуагъэшъ, унагъомкІэ гъэзэжь иІэп.

– Олахьэ уиІоф мыхъугъэ…

– Ахэри сшІоІофыжьыгъэп шъыу, бгъукІэ демыкІокІыщтыгъэмэ…– етІани нахьи нахь Іаер къыІуагъэм къыпигъэхъожьыгъ.

– Пыу-алаурсын, мы къапІорэр сшІэрэп джы!..

– Джары, Алъкъэс, сызхэтыгъэр…

– Ашъыу, ар хъунэп.. Ащ фэдэхэр лІым рашІэхэрэп.

– КІо, ар зыми, Алъкъэс, ышІэнэу сыфаеп, зыгорэм игукъао хэта зищыкІагъэр, о пфэмыгъэхъугъэр зыми пфигъэхъушъущтэп,– Дальмар шъэбэ-шъабэу къыІуагъ.– ЕтІани унагъо сшІэн сыгу хэлъышъ, зызэхахыкІэ, пшІэрэба, бзылъфыгъэмэ зыкъыпщадзыеу рагъэжьэщт.

– АщкІэ умыгумэкІ, сэ къысэпІуагъэри мы хьакужъым епІуагъэри тІури зы. АщкІэ, Владимир Петрович, зыгъэрэхьат,– шъэфэгъу къызэрэфэхъугъэр игуапэу Алъкъэс къэтэджыгъ, сэмэркъэуми ошІэ-дэмышІэу зыритыгъ.– Ахэр ІофхэП, Владимир Петрович, унэ цІыкІуи пщэфын, шъуз цІыкІуи бгъотын. Уфаемэ адыгэ пхъужъ горэ къэодгъэщэн. Адыгэ бзылъфыгъэхэр ялІхэмкІэ дэгъух, уагъэгупсэфыщт.

Дальмар ыгу къыдеІэу щхыгъэ:

– Тызгъэгупсэфын нахь тызгъэлІэн, Алъкъэс, тыфэяхэп. Тэри зэгорэм тинасып тыкІэгушІоу тыщэрэІ.

– Ари шъыпкъэ. Ащыгъум, Владимир Петрович, емыкІу къысфэмышІ, джа зэрэтІуагъэу зымыгъэзэщ, непэ шІомыкІыщэ сымыкІо хъущтэп,– Алъкъэс унэм икІызэ, къыІуагъ.– Пхъужъ дэгъу гори къыпфэдгъотыщт, тхьам Іомэ гукІодыгъо щыІэп…

– Джы нэс сыгу зымыкІодыгъэкІэ, джы кІодыжьыхэнэп…

– Джар тэрэзэу къэпІуагъ!.. Тэрэз, Владимир Петрович, хэбдзын хэлъэп… Ау зы къыуасІомэ сшІоигъу, емыкІу къысфэмышІ! Уисабыймэ унаІэ атебгъэтын фае… Угу ямыгъабгъ… Ахэр джыри сабыих, дунаим хашІыкІрэ щыІэп.

– Ари шъыпкъэ, Алъкъэс…

Къэлапчъэм нэс Берузаимскэр Алъкъэс дэкІотагъ. Урам къэгъэзэгъум къохьафэкІэ къэлапчъэм дэжь щытыгъ. Къэлапчъэр ыгъэпытэжьи, унэм имыхьахэу щагур къыплъыхьагъ, хатэм дэплъагъ. «Победэр» зычІэт гаражым ипчъэ ІункІыбзэшхокІэ егъэтыгъ. Ащ пэмычыжьэу щыт къакъырэм шкІэ нэтІэф цІыкІур гъуашхэу къычІэплъы. АдыкІэ чэу кІыбымкІэ, пшъэшъэжъые заулэ шъофым щэджэгу.

Унэр чылэгъунэ шъыпкъ, упкІэгъэпкъыр пэІулъэшъуагъ. Орзэ шэнджышхохэр гъогунапцэм Іутых. ЧыжьэкІэ мэзри къэлъагъо.

Іэгъо-благъор Дальмар зэригъэшІагъэ, сыхьатым еплъыгъ. КъэзгъэкІуагъэмэ защыдэгущыІэщт пІалъэр къэсы пэт.

Унэм Дальмар ихьажьыгъ. Рациер къышти, пхъэнтІэкІум тыригъэуцуагъ. Псэ къыпыкІагъ пІонэу пхъэнтІэкІум тет гъучІ пхъуантэу сабын бзыгъитІум фэдиз рацием Іоф ышІэу ригъэжьагъ.

## Ужым икІыхьагъэр чэщ-зымаф

Къалэмкlэ Геворк Арбанян мыкІоу лъэмыдж кІэшІагъэмкІэ псым зэпырыкІыгъ. Мэз пырыпыцум хэчъи, гъогушхом ечъэлІагъ. Апэрэ машинэу къэсыгъэм итІысхьагъ. Лэукъан зыфиІогъэ пІалъэм ехъулІэу сыхьатныкъокІэ лъэмыджышхом нэсыгъ.

ЩыІакІэр тыгъуаси тыгъоснахьыпи зэрэщыкІуагъэм фэдэу непи лъэмыджышхом щэкІо. Автомашинэхэм пхъэхэр, хъырбыдзхэр, натрыфхэр, семчыкхэр арылъхэу, автобусмэ цІыфхэр арызхэу зэпырэчъых. Іэгъо-благъом дэз зэрэщыІэр къырыпшІэнэу машинэхэр зэпырэкІых. Къалэм километрэ заулэкІэ пэчыжьэ аэродромым макІох. Лъэмыдж чІэгъми пцэжъыякІэ пІонэу къушъхьэпсым зыщыриутэкІыжьэу ыпэ регъэхъу.

Мэз шъолъыр бгычІэм унэ заулэ кІэрыс, ахэр псыхъом исэмэгубгъу, асфальт гъогум зэпырыдзыгъэх. Жьыбгъэ зэрэщымыІэр, дунаир зэрэгупсэфыр къыушыхьатэу хьакумэ къарихрэ Іугъор унэмэ зандэу ашъхьащыт.

«Волгэ» шхъуантІэр Геворк къыбгъодэлъэдагъ. Машинэм Лэукъанрэ шоферымрэ нэмыкІэу иІофышІэ гори дис.

– Укъэбыбыгъэмэ сшІэрэп, псынкІэу укъэсыгъ,– Лэукъан Геворк къыриІуагъ.

– Гъогу кІэкІыкІэ лъэмыджым сыкъекІугъ.

Автомашинэм къалэр сэмэгубгъумкІэ къыгъанэзэ, Лэбэ Іушъо лъэныкъомкІэ мачъэ. ЗыкІэмыхьэрэ, зыдэмыхрэ гъогум тетэп.

Тхышъхьэм нэмысэу машинэр къэуцугъ. Геворк къыгосылІыр икІыгъ.

– Зыфэсакыжь, хэтэпэсым дэжьи екІуалІ,– машинэр зыбгынагъэм Лэукъан лъыджагъ.

Реактивнэ самолетитІу ашъхьапырыбыбыкІи, къушъхьэ лъэныкъомкІэ агъэзагъ. Машинэм икІыгъэ лІым тыгъэгъазэм зыхидзагъ.

Гъогунапцэм готэу шыу горэ мачъэ. Шым тес шъэожъыер Лэукъан ышІэжьыгъ, ІущхыпцІыкІыгъ:

– Олъэгъуа мо шыур, Геворк?

– Сэлъэгъу.

Ар аІофэкІэ машинэр шыум бгъодэлъэдагъ. Машинэ макъэм шыр кІигъэбгъулъыгъ. Шъэожъыем шыр зэтыриІэжагъ, етІанэ елъэдэкъауи, «Волгэм» течъынэу кІыригъэІагъ, ау шІэхэу машинэм къыщинэу ыублагъ.

– Шъэожъые бэлахьба?

– А сызхаплъэрэм лІы хэкІыщт,– Геворк игуапэу ІугушІукІыгъ.

Зэуи къыщымыхъоу машинэр тхышъхьэм зыдэчъаем, кІэим дэс чылэр къэлъэгъуагъ.

– А лІы пхъашэр ары Джамбот къыІофтагъэр,– Лэукъан джыри къыушыхьатыжьыгъ,– озгъэлъэгъугъот полковникым икабинет къызехьэм зызэришІыщтыгъэр. ЛІы зэрэхэкІыщтым уехъырэхъышэжьынэу щытэп.

Чылэм машинэр дэлъэдагъ.

ЕджапІэм шъэожъые-пшъэшъэжъые жъот макъэ къыдэІукІы. Лэукъан ипшъэшъэжъыеу тыгъоснахьыпэ еджапІэм апэрэу кІуагъэр ыгу къэкІыгъ. Пшъэшъэжъыер мэфэ заулэ хъугъэ еджакІо зыкІорэр, кІэупчІэнэу игъо ифагъэп, итетрадхэми адэплъагъэп. Апэрэ мафэхэм зыблэптІупщкІэ етІанэ къэубытыжьыгъуай.

Машинэр еджапІэм блэчъыгъ.

– Зиш къыткІэмыхьэгъэ шъэожъые бэлахьыр мыщ щеджэ. ТиІоф кІэух зыфэхъукІэ, Геворк, сыгу къэгъэкІыжь, еджапІэм тыфэтхэн, гущыІэ фэбэ заулэ кІэлэегъаджэмэ ятІон. НэмыкІ кІэлэеджакІохэми щысэкІэ арагъэлъэгъун.



– Хъун, товарищ майор,– Геворк блокнотым дитхагъ.

– Ахэр кІэлэеджэкІо дышъэх, дэгъоу апІух, агъасэх.– Мафэрэ фэмыдэу непэ майорыр гущыІэрые зэрэхъугъэр Геворк ыгъэшІэгъуагъ.

– Джамбот тэ къитхыжьыщт джы? – Лэукъан тутыныр хигъэнагъ.

– Джар сшІэрэп, товарищ майор. Къыритхагъэба зыдэщыІэр?

Лэукъан джэуап къымытыжьэу заулэрэ чъагъэх. ЧыжьэкІэ тыгъэгъазэр пызыупкІрэ комбайнэр къэлъэгъуагъ. Асфальтыр зыгъэцэкІэжьрэ лІы гори гъогум тет. Гъогунапцэм щышыгъэ машІом щэлъэжъыр пылъагъэу асфальтыр регъэткІухьэ. Велосипедри ышхыщтыр зэрылъ Іалъмэкъри гъогунапцэм Іулъых.

– Къэгъэуцу, лейтенант.

Къазгъырыр ымыгъэтІылъэу лІыр иІофшІэн къыкІэрыкІи, къякІолІагъ.

– Здравия желаю, товарищ майор,– ыІэ ынэтІэбгъу Іуимылъхьэу къыІуагъ.

– Сыд къэбар, товарищ капитан? – Лэукъан еупчІыгъ.

– Сыхьатыр тфым щегъэжьагъэу джы нэс, товарищ майор, машинэ тІокІитІурэ хырэ Лэбэ Іушъо къалэмкІэ кІуагъэх. ТІокІырэ бгъурэм семчык элеваторым ащагъ, шофермэ анэмыкІ зи арыслъэгъуагъэп. ПшыкІуплІмэ пхъэ блащыгъ, щыр нэкІыгъэ. НэкІищым щыщэу тІум шофермэ лІы зырыз агосыгъ. Адырэм изэкъуагъ.

– Сыд фэдэ теплъэ яІэха шофермэ агосыгъэхэм?

– Зыр дэгъоу къэсэшІэжьы, жэкІэ-пакІ, итеплъэкІэ лІыку хьазыр. Адырэр слъэгъун слъэкІыгъэп, ышъхьэ кабинэ къогъум къогъэкІэгъагъ.

– Машинэмэ яномерхэр?

– Марых, нэбгыритІу зэрысыгъэ машинэхэм яномерхэр кІэгъэтхъыгъэх.

Лэукъан тхылъыпІэ тхьапэр иджыбэ рилъхьагъ, капитаным джыри еупчІыгъ:

– А жэкІэ-пакІэр зэрысыгъэ машинэр сыд сыхьат зыплъэгъугъэр, капитан?

– Сыхьатыр хы хъункІэ минут пшыкІубгъу иІагъ, товарищ майор. Машинэхэр зыблэчъыгъэ сыхьат пчъагъэ-

хэри, минут пчъагъэхэри къыостыгъэ тхылъыпӀэм итых, машинэ пэпчъ иномер пытхагъ.

– Дэгъу, товарищ капитан. УиӀоф ыуж ихьажь. Асфальт дыжьыным фэӀазэ ухъугъэкӀэ сэгугъэ.

– Зыдгъэзэжьрэм Управлением ищагу, товарищ майор, асфальткӀэ згъэчъыщт, тизавхоз инепэ-неущ тежэжьын тлъэкӀыщтэп,– ыгу къыдеӀэу капитанри щхыгъэ. Къазгъырыр ытамэ тырилъхьажьи, мыгузажъоу акӀэрыкӀыжьыгъ.

«Волгэм» Лэбэ Ӏушъо къалэмкӀэ ичъэ ритӀупщыгъ.

– Зэхэпхыгъа капитаным къыӀуагъэр? – Лэукъан радиор хидзэзэ Геворк еупчӀыгъ.

Радиом пчэдыжь хэгъэгу къэбархэр къытыщтыгъэх. ЛэжьакӀомэ хэгъэгум Ӏофыгъоу щызэрахьэрэр, ащкӀэ гъэхъагъэу ашӀыгъэм къытегущыӀэ. Темыр Кавказым натрыф бэгъуагъэ зэрэщыӀуахыжьрэм игугъу къешӀы. ӀэкӀыб хэгъэгухэм ащыкӀорэ классовэ банэм ашӀошӀрэр къыраӀуалӀэ.

– Капитаным къыӀуагъэр зэхэсхыгъэ, жэкӀэ-пакӀэр зэрэ Джамботым сегуцэфагъ.

– А машинэ пчъагъэу капитаным къыпчъыгъэхэм узэгуцэфэнэу арысыгъэр нэбгыритӀу, зыр Джамбот. Ар хэкӀы. Адырэр? – капитаным къыритыгъэ тхылъыпӀэр Лэукъан зэкӀоцӀихыгъ, заулэрэ хэплъыхьагъ.– Мыщ сыхьат пчъагъэу зэритымкӀэ Джамбот зэрыс машинэр сыхьатыр блым минут тӀокӀрэ щырэкӀэ хэхьагъэу капитаным блэчъыгъ, адырэ лӀыр зэрыс машинэр зы минуткӀэ мэзпэсыр зэрыс машинэм ыуж ит. Хэта Джамбот зылъычъэрэр? Тэщыӏа а машинэр? Ащ фэдэ машинэ щыӀагъэмэ сыда капитаным зыкӀимылъэгъугъэр? Ӏофым зыгорэ хэхъухьэ...

– ЗыгорэкӀэ капитаным Джамбот зылъычъэрэ машинэр ымылъэгъоу блэчъыгъэмэ шӀэ? – ежь-ежьырэу зэриӀожьрэм фэдэу Геворк Лэукъан еупчӀыгъ.

– Ащ фэди мэхъу, цӀыфым къемыхъулӀэн щыӀэп, ау капитаныр ахэмэ афэдэп,– Лэукъан къыпидзэжьыгъ.– Сэ ар зысшӀэрэр непэп.

Мэфэ къэбармэ орэд гуахь зытӀущ къалъатыжьыгъ. Ӏофэу зыпылъхэр ащигъэгъупшагъ пӀонэу ахэмэ нэбгырищри ядэӀугъ.

– ЗэрэхъурэмкӀэ, Джамбот ыуж итыгъэ машинэр ары зыуж ыфрэр зэрысыр,– тӀэкӀу тешӀагъэу Геворк къыӀуагъ.

– Ар таущтэу хъура?

– Зэрэхъурэр джыдэдэм къызэзгъэфэнэу сшӀэрэп, ау джаущтэу сыгу къысеӀо, товарищ майор.



– Угу уигъапцӀэкӀэ сыгугъэрэп, лейтенант. ХэгупшысыхьтӀэкӀу, хэгупшысыхь,– радиор Лэукъан хидзэжьыгъ.

Литературнэ къэтыныр макӀо. Артист хъулъфыгъэмрэ бзылъфыгъэмрэ чэзыу-чэзыоу усэхэм къяджэх. Усэ чӀэгъым къычӀатӀупщхьэгъэ орэдышъом усэр къегъэлъэшы, имэхьанэ нахь куу къешӀы.

Нибжьи Лэукъан усэ ытхыгъэп, ау яджэныр, ядэӀуныр икӀас. Ахэмэ ядэӀу зыхъукӀэ, ыгъэунэфыгъэшъ, ышъхьэ дэгъоу мэлажьэ, зынэмысыщтхэм игупшысэхэр анэсых.

– Зы минут нахь а машинитӀум азыфагу сыда зыкӀимылъыгъэр? – Геворк джыри къэупчӀагъ.

– Сызэгупшысэрэм укъекӀуалӀэ пэт, лейтенант,– Лэукъан зыкъызэригъэзэкӀыгъ.– Ыуж итыгъэр зыгорэм егъэгузажъо...

– Ар зэрэгузажъорэм щэч хэлъэп.

– Гузажъощтыгъэмэ сыда ыпэ итым зыкӀыдэмыхыщтыгъэр? – псынкӀэу майорыр къэупчӀагъ.

Ащ дэжьым аужкӀэ «Волгэ» горэм, къатечъын мурад иӀэу, макъэ къаригъэӀугъ. Ау яшофер гъогу ытын гухэлъ иӀэп, ичъэ ригъэхъугъ.

– Олъэгъуа, товарищ майор, тауж итым гъогу зэресымытрэр? – шоферыр къэупчӀагъ.– Ыпэ ит машинэм ыуж итым гъогу ритырэпти ары, зэрагъахь щымыӀэу, машинитӀур капитаным зыкӀыблэчъыгъэхэр.

– Ари Ӏофым хэлъынкӀи мэхъу... Сэ ащ сызэреплърэр мары: зыгорэм уеплъэкӀон, зыдакӀорэр зэбгъэшӀэн фае зыхъукӀэ ыуж офы. КӀо, мощтэу тӀонығу. Джамбот зыгорэм ыуж ит, мэзым къыхэкӀыгъ, зыуж ыфрэр гъогушхом къызынэсым, апэ ыӀэ зыфиӀэтыгъэ машинэр къэуцуи, итӀысхьагъ. Аущтэу Ӏофыр хъуныр Джамбот ышӀагъэп. Сыдэущтэу ыуж ихьащт?

– Апэ къэсрэ машинэм зыридзэщт,– лейтенантым джэуап къытыжьыгъ.

– Къыфэмыуцумэ?

– НэмыкӀ къэсыфэ ежэщт,– шоферым къыӀуагъ.

– Сэ къызэрэсшӀошӀрэмкӀэ, джа дэдэр Джамбот къехъулӀагъ.– Лэукъан тутыныр хигъани, зытӀо-зыщэ ыкъудыигъ.– Джамбот итеплъэ изакъоми уигъэщтэнба, жэкӀэ-пэкӀэ шӀуцӀэм ихьалэлыгъэ, ицӀыфыгъэ ынэгу къыкӀигъэщрэп. Щынэхи, шоферитӀу-щымэ машинэхэр къыфагъэуцугъэп. Ащ нэс зыуж ыфрэр зэрытӀысхьэгъэ

машинэм иномер тхыгъо фимыфэгъэнкӀи мэхъу. Машинэу къэсыгъэ горэм ригъэтӀысхьагъэу тэшӀы. Зыуж итым кӀэхьажьын фаеба? Зэрыс машинэр ыпэ ит машинэмэ адэхэзэ, зыуж ыфрэ машинэм течъыфэкӀэ чъагъэ...

Лэбэ Ӏушъо къалэр къэлъэгъуагъ. Унэ фыжь цӀыкӀухэр бжыхьэпэ чъыгмэ къахэщы, къалэм ыкӀыӀу мэшӀогъэкӀуасэмэ яӀэтыпӀэ шъхьащыт. Ащ енэкъокъу пӀонэу къалэм дэт унэ анахь лъагэу щэу зэтетри къэлъагъо.

– Джа къэпӀуагъэм уезэгъы хъущт, товарищ майор,– шоферым къыӀуагъ.

– Сэ джауштэу къысшӀошыгу, къалэм тынэсмэ хъурэм теплъын, о зэрэпӀоу зэкӀэри хъущтыгъэмэ бэшӀагъэ хьалъэбэкъу ахэм зятымыгъэдзыщтыгъэр,– Лэукъан гупсэфэу тетӀысхьапӀэм зытыригъэкӀагъ...

## Мэзпэсыр шэйтануз хъугъэ

Апэ ит машинэр зыпкъ итэу чъэ зэхъум, шоферри Джамботи гупсэфыгъэх. ЕтӀанэ анахьэу Джамбот зыгъэрэхьатыгъэр зыуж ыфрэр зэрыс машинэр зиер шоферым къызырееӀор ары.

– А машинэр сабый ибэхэр зыщаӀыгъ унэм ий, шоферыри дэгъоу сэшӀэ.

– ЫцӀи ылъэкъуацӀи ошӀа?

– СымышӀэ мэхъуа,– шоферым ыгъэшӀэгъуагъ,– тызэгъунэгъу.

Джамбот шоферым ылъэкъуацӀи, ыцӀи, урамэу зытесыри ытхыгъэх. Зыщыщыр ымышӀэрэ жэкӀэ-пакӀэм имыщыкӀагъэхэр зэрэриӀуагъэмкӀэ шоферыр кӀэгъожьыгъ:

– Арэп узщыщыр сшӀэмэ хъущтба?

– Сыда зыкӀэмыхъущтыр, сымэзпэс.

Шоферыр щхыпцӀыгъэ, къыгос лӀы зэхэкӀыхьагъэм еплъыгъ, етӀанэ къыӀуагъ:

– Пхъэтыгъу-жъотыгъумэ ар ахэтэп, огъуащэкӀэ сэгугъэ.

– Хэта зыӀуагъэр ахэт?

– Шъхьэубэтагъэ зезыхьэрэми ащыщэп.

– Хэта шъхьэубэтагъэ зэрехьэ зыӀуагъэр?

– ЫӀашъхьэ дышъэр пэтэкъу зыфаӀорэм фэд.



– Джар сшӀэрэп.

– О умышӀэмэ сэ сэшӀэ, ащ машинэм зэрэхишӀыкӀэу хэзышӀыкӀрэ тикъалэ дэсэп. ЗэредэӀоу илажьэ къегъоты.

– Хэта шофер дэй зыӀуагъэр?

– Сыда, ащыгъум, ыуж узкӀихьагъэр, ылъэкъуацӀи, ыцӀи, иурами рыгъунэу къызкӀэсэбгъэӀуагъэр?

– Ар сэ сиӀоф.

– Ар зэрэуиӀофыр сшӀэзэ, сыкъэупчӀагъ.

– А кӀал, сыдэу бащэ ужэ къыдэкӀра?

Дыс гущыӀэр шоферым ыгу рихьыгъэп. Сыдел нахь, сыда лӀы шӀагъом ылъэкъуацӀэ зыкӀесӀуагъэр, шоферыр зэдысыжьыгъ, ыушъэфри сшӀэрэп, амэ сэ озгъэлъэгъун!..

Шоферым машинэр гъогунапцэм дигъэчъэхыгъ, етхъохи, гъучӀ къэгъэщыгъэшхор къыпхъотагъ:

– Слъэгъузэ, джыдэдэм машинэм икӀ! – гъучӀыр фигъэсысзэ, шоферыр Джамбот текууагъ.– ИкӀ зэраӀуагъэр орба!..

– А кӀал, пшъэ уимыкӀ,– куо хэмылъэу Джамбот шоферым риӀуагъ.– Сэ сшъхьэ сыпылъкӀэ умыгугъ...

– О узыпылъыр сэ сищыкӀагъэп!

– Хьаулыеу тыщымыгъэт, сызфикӀын щыӀэп,– мэзпэсым ишхончыпэ ымышӀахэу шоферым дэжькӀэ ыукъонщыгъ.

– Ӏашэ пӀыгъымэ гъэшӀэгъонэп,– шоферым машинэр зэкӀигъэнэжьыгъэ,– ащ фэдэу улӀы бэлахьмэ теплъын!

– Джауштэу узекӀомэ, нахьышӀу. Мы Ӏофым бырсыр зэримыщыкӀагъэр зэхэшӀыкӀ, сикъош.

– Бырсыр ищыкӀагъэп...– мэзпэсым зыкъыпишӀыжьзэ, шоферым дысэу псалъэр къыкӀиӀотыкӀыжьыгъ.

– Тапэ ит машинэм тыкӀэгъэхьажь.

– Унашъо къысфэмышӀ, рэхьатэу щыс.

– А зикӀэлэ битэмалым мафэ фэхъун, къангъэбылъ сыбдешӀэрэпи сэ! – Джамбот къэгубжыгъ.– УмышӀэрэмэ сшӀэрэп нахь, сызпылъыр хэгъэгу Ӏоф!

– Тэ тызпылъыр хэгъэгу Ӏофба?

– Хэгъэгу Ӏофэп сӀорэп, уасӀорэр тапэ итым тыкӀэбгъэхьажьынэу ары.

– ТыкӀэхьан, ау тыдэхынэп...– машинэм ичъэ ригъэхъугъ.

Умэзпэсмэ, сэри сышофер, ыӀуагъ, хэгъэгу Ӏофэу зепхьэри тэри зетэхьэ, лӀыкъэбзэжъ! Зэ о, сэ уибэлахьыгъэ къычӀэзгъэщыщт!.. Ӏашэ пӀыгъышъ, улӀыхъужъ...

Къэлэ дэхьагъум дэжь апэ ит машинэм кIэхьагъэх. Лъэбэкъу щэкI-тIокIитIу горэмкIэ зэуж итых. Къэгъэзэгъум зынэсхэм, ошIэ-дэмышIэу Джамбот зэрыс машинэм джабгъумкIэ къыгъэкIэрэхъуагъ.

– Тэ укIора?! – Джамбот шоферым текууагъ.

– Рулым укъемытхъу о!..– IэнтэгъукIэ Джамбот ыIэ шоферыр къеуагъ.

– ПшIэрэр сыда, кIэлэ битэмал, тIэкIэогъэкIыжьы!

– СшIэщтым джы сэ сыфит! ГъэшIэгъонэп шхонч пIыгъымэ! – милицие дэхьапIэм дэжь машинэр къыщигъэуцуи, шоферыр кабинэм ипкIыгъ:

– Мыдэ, лейтенант, мы шэйтанузыр уплъэкIу!..

– Сыда къэхъугъэр? – лейтенантыр къакIэрыхьагъ.

Джамботи шхончыр шIохэлъагъэу кабинэм къипкIыгъ:

– Елбэт, некIо, тIэкIэкIыжьы!..

– ПIэкIэкIыжьрэр хэта? Къаштэ уидокументхэр.

– Шхончыр къыстырищаий, лейтенант, мыр къысэуагъ, лIыгъэкIэ машинэм къысшIуитIысхьагъ, делэ хъугъэмэ сшIэрэп, хэгъэгу Iоф зесэфэ еIо...– шоферым жьы къыфэщэжьрэп,– тэри хэгъэгу Iофба зетфэрэр!..

ЗыIэкIэфагъэмэ шIурышIукIэ зэраIэкIэмыкIышъущтыр Джамбот къызгурэIом милиционерым риIуагъ:

– НекIо шъуиначальник дэжь, джащ Iофыр щызэхэтфыщт.

– НекIо, начальникыр уищыкIагъэмэ,– милиционерыр ежьагъ,– ори некIо,– шоферми риIуагъ.

– Сэ ащ сыда чIэсшIыхьащтыр?! – шоферым зыригъэнэгъагъ шъхьакIэ, лейтенантыр къызеплъым, ыуж ихьагъ.

Нэбгырищыр милицием чIэзэрэщагъэх. Щытмэ ащыщхэри IукIыжьыгъэх, ащыщхэри къэхъущтым ыгъапэщтыгъэх. Ардэдэми къэбар гъэшIэгъон милицие пчъэIупэм къыIутэджагъ: сымэджэщым шэйтануз горэ къашIучIэкIыгъэу шоферхэр еукIых, машинэхэр рефыжьэх... Къэбарым Iаджи хагъэхъуагъ, хагъэкIыгъ...

Къэлэ милицием иначальник дэжь Лэукъанрэ Геворкрэ къычIэкIыжьхэзэ, Джамбот залъэгъум, ечъэлIагъэх:

– Сыда мыщ чIэпшIыхьэрэр, Джамбот?

– ШъуяупчI митIум,– Джамбот милиционерымрэ шоферымрэ яплъыгъ.

Дежурнэм дэжь нэбгыритфыри чIэзэрэщагъэх. Ардэдэм шоферыр къычIатIупщыжьыгъ. Сакъыхэкiыжьыгъэмэ Iофыжьэп ыIозэ, машинэм зекIолIэжьым, ежэщтыгъэмэ кабинапчъэм зыIуатэкъуагъ:

– Тэ щыIа жэкIэ-пакIэр?

– Тэ щыIэна... Ястыгъ...

Джахэр шоферым раIофэкIэ Лэукъаныдыхэр, Джамбот ягъусэу, нэмыкIыпчъэкIэ къэлэ милицием чIэкIыжьыгъэх. «Волгэм» итIысхьэхи, зыуж ыфырэ шоферым ядэжь чъагъэх.

Ежьхэр зэрэфаеу къэлапчъэм машинэр Iутыгъ. Машинэм тетхэгъэ номерыри Джамбот иблокнот дэтхагъэри, капитаным ытхыгъэри зэтефэщтыгъэх. «Волгэр» блэчъи, мычыжьэу щыт колхоз щагум дэлъэдагъ. Шоферымрэ Джамботрэ машинэм къыранэхи, хьылъэзещэ машинэр зытет урам лъэныкъомкIэ агъэзагъ. ТIури зэгъусэу машинэм кIэрыхьагъэхэп. Лейтенантыр ыпэ ишъи, адрэр чэу къуапэм къоуцуагъ. Лэукъан машинэм фиузэнкIыгъ:

– Уимафэ шIу,– КГБ-м зэриIофышIэр къэзыушыхьатырэ тхылъыр Лэукъан шоферым ригъэлъэгъугъ.

– Тхьэуегъэпсэу, къеблагъ,– къызфэкIуагъэр зыфихьын ымышIэу шоферым хъэдэныжъкIэ ыIэ ылъэкIэзэ, къыриIуагъ.

– ЗыкIэ сыоупчIы сшIоигъу.

– НекIо унэм, къеблагъ.

– Хьау, мыщ дэжьми хъущт. Къалэм джыдэдэм гъогурыкIо горэ къэпщагъа?

– Къэсщэгъэ шъыпкъ,– «армэ Iофэп», шоферыр гушIуагъэ.

– Тэ щыI ар?

– ЗыдэщыIэм сыщыгъуазэп, хьакIэщым зырысигъэщэлIэгъагъ.

– Ащыгъум некIо.

«Волгэр» хьакIэщым нэсыгъ. ЛIы гори къычIэкIэу алъэгъугъ.

– Муары, муары,– Джамбот шъхьаныгъупчъэм Iубэнагъ,– мо лIыр ары.

– Ар дэд,– шоферми къыушыхьатыжьыгъ.

Тхылъыщэ тучаным дэжь Арбанян мыгузэжъуахэу «Волгэм» щикIыгъ. ШхапIэм чIахьэщтыгъэ лIым ыуж ихьагъ.

«Волгэри» шхапIэм пэчIынэтIэ къэгъэзэгъум къуахьи, ягъусэгъэ шоферыр яхьаблэ намыгъэсыпэу рагъэкIыжьы зэхъум, Лэукъан фигъэпытагъ:

– Зи плъэгъугъэп, зэхэпхыгъэп, зи уимашинэ ибгъэтIысхьагъэп. Къыбгурыlуагъа?

– Къызгурыlуагъ,– майорым ыlапэ пытэу къыубытыжьи, шоферыр машинэм икlыжьыгъ.

– Джы о пшlэщтыр ары, лейтенант, Джамбот ядэжь пщэжьынышъ, къэбгъэзэжьыщт,– Лэукъан шоферым унашъо фишlыгъ.

– Ащ нахь хэмылъэу сыкlожьыщта, Лэукъан? – Джамбот къэгъузэжъуагъ.

– О уишlэн пшlэгъахэ, Джамбот, тхьэуегъэпсэу. Адырэр тэ къытфэгъэнэжь,– майорыр нэгушlоу мэзпэсым еплъыгъ.– Уздэхъугъэр ашlэрэпышъ, унагъор мэгумэкlы. ЕтIани къыохъулlагъэм изакъоми мыщ цlыф удилъэгъожьы хъущтэп...

Къэлэ хьакlэщыр зэгъокlы. Швейцар лlыжъ сырыфышхомрэ дежурнэ администраторымрэ нэмыкl чlэсэп.

– Хьакlэщым идиректор сыфэягъ, тэ ар къисхын? – Лэукъан бзылъфыгъэм еупчlыгъ.

– Икабинет джыдэдэм ихьажьыгъ,– шъхьэр тхылъыпlэмэ къатыримыlэтыкlэу бзылъфыгъэм джэуап къытыжьыгъ.

Гущыlэ макъэм швейцарым ышъхьэ къыригъэlэтыгъ. Лэукъан къеплъыгъ, тхьакlумэр кlэгъэзыкlыгъэу къэдэlуагъ, ау зи зэхихыгъэп. Швейцарыр къякlолlэн зыщиlорэм, Лэукъан директорым икабинет ихьагъ.

Швейцарыр Лэукъан лъыплъагъ, етlанэ администраторым дэжь екlуалlи, дэпкъым пылъэгъэ сурэтым заулэрэ еплъыгъ. Тlэкlу тыригъашlи, дежурнэм еупчlыгъ:

– Чlыпlэ щыlэба, Дмитриевна?..

– Сыда, Лукич, чlыпlэ уфая?..– бзылъфыгъэм шъхьэр тхылъыпlэмэ къатыриlэтыкlыгъэп.

– Хьау, сыд есшlэна?..

– Ныом укъырифыгъакъомэ шlэ?

– Пшlэхэнэп, шъо шъулъэпкъ зэблэн щыlэп... Мо лlыр,– директорым ипчъэ лъэныкъокlэ шъхьэ ышlызэ,– сыдэу шlэхэу пкlэрыкlыжьыгъа?

– Директорым фэягъ.

– Сыда шъуlо ришlэщтыр?..

Лэукъан къызфэкlуагъэр директорым риlуагъ.

– Ныпчэдыжь нэс хьакlищ ныlэп къытфэкlуагъэр,– директорым Лэукъан зэреупчlыгъэм иджэуап къытыжьыгъ.

– Макlэ, чlыпlэ шъуиlэба?



– Чlыпlэ пае тыкъанэрэп, хьакlэхэр арых щымыlэхэр.

– А нэбгырищмэ япаспортмэ тябгъэплъына?

– Уядгъэплъын,– директорыр администраторым фытеуи, къыщагъ.

Iофыбэ къыпамыгъэкlэу паспортищри Лэукъан ыпашъхьэ къыралъхьагъэх. Тlур – хъулъфыгъ, зыр – бзылъфыгъ зыягъэхэр.

Шхапlэм чlэхьэгъэ лlым исурэт Лэукъан ышlэжьыгъ. Рэхьатэу лlы къопцlэ шъхьэшхор нэ хъурай цlыкlухэмкlэ майорым къеплъы. Iэпэ зэлитlу фэдиз зишъомбгъогъэ натlэм ыгузэгу курб псыгъо пхырэкlы. Ащ зэфэдитlоу нэтlэ бгъузэр егощы...

Пхъапэ пlонэу псыгъуабзэу кlэлэ сырыф горэ Герберг дэжь къычlэлъэдагъ. Креслэм игъэкlагъэу гупшысэрэ Герберг къэхъугъэр ымышlэу къэлъэтагъ, лъэкъо зэтедзагъэхэр зэтырихыгъэх, ыпашъхьэ ит кlэлэ сырыфым губжыгъэу lуплъагъ. Ау зынэхэр къилыдыкlхэрэм къэбар гушlуагъо къызэрихьыгъэр Герберг къыгурыlуагъ.

– Къаштэ! – тхылъыпlэр кlалэм lэкlитхъыгъ, рычъагъ, къырихыгъ: «тэ зэрэтlоу lофхэр мэхъух, шlуцlэр къушъхьэ тlуакlэм дафи ыукlыгъ». Герберг телефоным етхъуагъ: – Алло, къэбарыкlэ щыl. Тэ зэрэтlоу lофхэр мэхъух...– Дальмар иапэрэ гущыlэхэр иlэшъхьэтет фыкlиlотыкlыжьыгъэх, аужрэ къэбар гомыlум игугъу фишlыгъэп.

– Сыпфэгушlо, Герберг,– мэкъэ lужъур телефон трубкэм къиlукlыгъ,– уинасып мызгъэгу зэкlэми атекlуагъ. Сыд ыlорэр?

Тхылъыпlэм иаужрэ гущыlэхэр Герберг зэриушъэфыгъэхэр къыфэзыхьыгъэм ыгъэшlэгъуагъ, тlэкlэкlынкlэ умыщын, ащ фэдэ lаджи тыушъэфыгъэ къыригъэкlэу шефым еплъыгъ, хатlагъэм фэдэу зырищыжьыгъ.

– Уезгъынба ащ фэдэ къэбарым? – зигъэсэмэркъэузэ, Герберг шефым риlожьыгъ, мыдырэ щытми цыхьэ зэрэфишlрэр нэкlэ къыригъэшlэжьыгъ.

– Тызезгъыщтыр зыфэдгъэкlуагъэхэр къызагъэцакlэкlэ ары, Герберг.

– Ар къымыгъэцэкlэщтмэ анахь разведчик дэгъоу тиlэр дгъэкlона? – Герберг телефон трубкэм къигущыlыкlрэм риlожьыгъ.

– Бгъэкlуагъэм сицыхьэ телъ, ащ фэдэ lаджи ащ зэпкъыриутыгъ,– шефым трубкэр къыгъэтlылъыжьыгъ.

«Тицыхьэ темылъыгъэмэ дгъэкІощтыгъа, хьайуан» Герберг ыІуи, трубкэр тыридзэжьыгъ...

## Къасима, Къэсэя — хэта тІумэ языр?

Смирновым кодированнэ шифровкэр къыфахьыгъ. Ар шъэныкъорэ блырэ квадратым къыщаубытыгъ. Зыми ымышІэрэ радиолюбитель горэ Къэсэй зыцІэ радиолюбитель горэм заулэрэ еджагъ. Ау зэджагъэм джэуап къытыжьыщтыгъэп. ЕтІани а цІэр зыщэ-зыплІэ къыкІиІотыкІыжьыгъ. Ар зыхъугъагъэр сыхьатыр пшІыкІутІу хъункІэ минут заулэ иІэжьыгъ.

Радиолюбителым иджэмакъэ зызэхахым, мэхьанэшхо ратыгъагъэп. Ащ фэдэ Іаджи зэхахыщтыгъэ, анахьэу ахэр къызежьэщтыгъэхэр пчыхьэшъхьапэм дэжь. Тыгъуасэ мы радиолюбитель дэдэри джа Къэсэим еджагъ, ау зэджагъэм джэуап къытыжьыщтыгъэп. ЕтІани гуцафэ уигъэшІэу джа охътэ хэхыгъэр ары къызежьэрэр. Джыри мары Къэсэй еджэ.

ОшІэ-дэмышІэу Къэсэй къыхэджыкІыгъ. «Сэлам! Ашъыу, сиприемник Іоф ышІэщтыгъэп. Винт цІыкІу горэ хэзи, джэхэшъо гъуанэм дэфагъ. ЗгъэцэкІэжьыгъэ. Джы дэгъоу Іоф ешІэ».

Жьым къызэрэхэлъэтыгъэм фэдэу Къэсэй ымакъэ кІодыжьыгъэ. Къеджэщтыгъэри джыри заулэрэ къеджагъ. «Адэ джыри укІодыжьыгъи», зытІо-зыщэ къыкІиІотыкІыжьыгъ. Ау Къэсэй джэуапынчъагъ.

Апэ Смирновымдыхэм Къэсэй зыцІэ радиолюбитель Іэгъо-благъом зэримысыр зэрагъэшІагъэ. КъежьэгъакІэмэ аІуи лъыхъуагъэх, ащ фэдэ зэрэщымыІэм пыгъэчъыгъэу тыраубытагъ. Ау Къасим зыцІэ радиолюбителыр ары шъэныкъорэ блырэ квадрат дэдэм щыпсэущтыгъэр. КІэлэегъадж, инджылызыбзэр арегъэхьы.

Къасимэ кІэлэегъаджэм ехьылІагъэр зэкІэ Смирновым ыпашъхьэ илъ. Іоф зыщишІэрэ чылэм къыдэхъухьагъ, илъэсипшІыр къызеухым, хэгъэгубзэхэр зыщызэрагъашІэрэ институтэу Москва дэтым щеджагъ, инджылызыбзэмкІэ кІэлэегъадджэу ячылэ къыгъэзэжьыгъ. Апэрэ лэжьапкІэр къызыратым, ишъэогъу кІалэу Москва дэсым ахъщэ фигъэхьи, радиоприемник дэгъу къыригъэщэфыгъ. Ащ щегъэжьагъэу Къасимэ радиолюбительмэ ахэхьагъ. Тихэгъэгу нэІосабэ щыриІ, ІэкІыб хэгъэгу радиолюбитель зырызхэми къашІэ.

Смирновым Къасимэ щигъэзыягъ. Ау Къэсэй-Къасимэр зэрэзэтефэрэм ригъэгупшысагъ. Шифровкэр къэзыхьыгъэм еупчІыгъ:

– Къасимэр Къэсэеу зэхэшъухыгъэмэ шІэ?

– Хьау, товарищ полковник, Къасимэп, Къэсэй ары заджэщтыгъэр. Мы узэгуцафэрэм сэри апэ сегуцэфэгъагъ, ау пленкэм Къэсэй тетхагъ нахь Къасим ыІорэп, мары, уедгъэдэІун.

Полковникым аппаратыр хидзагъ. ЕдэІугъ. ЕтІани зэ къытыригъэзэжьыгъ. Къаджэрэр зэхэугуфыкІыгъэу Къэсэй къеджэщтыгъэ. Иннокентий Терентьевичым аппаратыр хичыжьыгъ. ТхылъыплІэ тхьапэр къышти, джыри зэ кІиджыкІыжьыгъ: «Сэлам! Ашъыу, сиприемник Іоф ышІэщтыгъэп. Пкъыгъо цІыкІу горэ хэзи, джэхэшъо гъуанэм дэфагъ. СшІыжьыгъэ. Джы дэгъоу Іоф ешІэ».

– УиІоф ыуж ихьажь, сыпфае зыхъукІэ сыкъыоджэщт,– Смирновым шифровальщикым риІуагъ.

Къасимэ гуцафэ зэрэфишІыщтыгъэр джы полковникым щигъэзыегъап. Ау Къэсэйрэ Къасимэрэ азыфагу дэлъ шъэфым ыцыпэ къыхигъэщыгъ. КъызэригъэтІэсхъэщтым хэгупшысыхьэ. НэбгыритІур зэрэмырадиолюбительхэм полковникымкІэ щэч хэлъыжьэп. Ар къэзыушыхьатын пкъыгъо джыри полковникым ІэкІэлъыгъэп, къезыІощтыгъэр ыгу. Ау мыщ фэдэ ІофымкІэ гу закъор мэкІагъэ, ащ къыІорэр къэзыушыхьатыжьыщтхэр ищыкІэгъагъэх. Ахэмэ уалъыхъуныр апэрэ Іоф, зэджэнджэшын ищыкІагъ. Зышъхьэ нахьи шъхьитІу зэраІоу, унэбгыритІумэ нахьышІу. Лэукъани дэсыгъэп, къэсыжьынэу ежэщтыгъэх.

Ардэдэм Къэрэбэт Лэукъан кабинетым ипчъэ къыІуихыгъ, инэгушІуагъэкІэ иІофхэр зэрэдэгъур полковникым къышІагъ. ТІури мазэрэ зэрэмылъэгъугъэхэ фэдэу зэщыгушІукІыгъэх.

– КъэІуат, майор, къэІуат.

Лэукъан полковникыр зыдэщысым пэчІынатІэу тІысыгъэ.

– Джа зэрэпшІ, товарищ полковник. Непэ мэфищ хъугъэшъ, хьакІэщым ис. ЗыдакІорэ щыІэп. Машхэ, мэгъолъы, пчыхьэрэ фойем ит телевизорым еплъы. Къэгъэ-

лъэгъоныр заухыкlэ, мэгъолъыжьы. Щэджэгъоужым, сыхьатыр тlум щегъэжьагъэу хым нэс, шхапlэм тlо макlо. Чlэхьаным ыпэкlэ шхэпlэ шъхьаныгъупчъэм зытlо-зыщэ блэкlы. Зычlахьэрэм, къогъупlэм къотlысхьэшъ, пчъэм шхэфэкlэ феплъэкlы. Анахьэу щагум дэхьэрэ ятlонэрэ шъхьаныгъупчъэм кlэрыт столым ынаlэ тырегъэты, ащ кlэрытlысхьэхэрэр зэрегъашlэх.

– Сыд къеплlуалlэрэр?

Лэукъан тутыныр къыштагъ, ыгъэсты хъунымкlэ полковникым lизын lихи, хигъэнагъ:

– Зыгорэм ежэ е лъэплъэ, кlэкlэу къэпlонэу хъумэ, джары къесlуалlэрэр.

– Джары, зэрэхъурэмкlэ, къепlолlэн плъэкlыщтыр...– Смирновым папкэр къышти, къызэдимыхэу, lэпэ гурытымкlэ теоу заулэрэ щысыгъ, къыпигъэхъожьыгъ.– Ау ежэрэм нахьи зыгорэм лъыплъэу къысшlошlы сэ...

– Ори ауштэу уегуцэфагъа, товарищ полковник?

– Ар сэзгъэlон щыlэшъ ары, майор,– полковникым шифровкэ тхылъыпlэр Лэукъан къыфищэигъ.– Хаплъи зэмыщ.

Тхылъыпlэм Лэукъан еджагъ. Зыкlеплърэри ымышlэу тхылъыпlэр зэпыригъази, кlыб фыжьыр къызэпиплъыхьагъ. Тlо зэтыриуплlэнкlэнэу ежьи, щигъэтыжьыгъ, полковникым фищэижьыгъ:

– Мыхэр радиолюбительхэм ягущыlэхэп.

– Сыд озгъаlорэр?

– Радиолюбительхэм ягущыlэхэп сlорэп, ау радиолюбителым иприемник къутагъэмэ хэзыгъэ пкъыгъом ыцlэ къыриlощт. Ахэр радиомастерым нахьи нахь lазэх, яlэшlагъэ рэгушхох. Джары сэзгъаlорэр, товарищ полковник.

– Етlани унаlэ тедзэлъ, майор, сыда а зэриlорэм «джэхэшъо гъуанэм дэфагъэр» зэрищыкlагъэр?

– Гущыlэрыемэ, къыlонкlи мэхъу, ау а гущыlэхэм къакlэлъыкlожьхэрэр сшlэрэп зыфэдэр,– Лэукъан тхылъыпlэр полковникым къыlихыжьыгъ.

– «Джэхэшъо гъуанэм дэфагъэмрэ» шхапlэм щыплъакlорэмрэ азыфагу зыгорэ илъмэ шlэ? – Смирновыр къэтэджыгъ.– Сыда а шхапlэм чlахьэрэр мэфищ хъугъэу lофынчъэу зыфыщысыр? lофшlапlэ лъэхъумэ, сыда lофышlэ зыкlыlумыхьэрэр? Мэзпромхозым шоферхэр ящыкlагъэх. Ау, майор, «хэзи дэфагъэмрэ» зэшlокlодыгъэмрэ ямэхьанэкlэ зэпэгъунэгъуба?



– Зы мэхьан, товарищ полковник, а гущыlитlум къарыкlрэр. Сыда зыкlэзэшlокlодыщтхэр? Мэзым щызэблэкlыгъэхэмэ, зыщызэlукlэжьын чlыпlэ яlэба? Къызгурыlорэп. Сыда шхапlэм чlэсрэр шъхьаныгъупчъэм кlэрыт столым зыкlеплъакlорэр?

– Етlани мы lофым мыщ фэдэ пкъыгъо хэлъ,– полковникым къыlуагъ: – Къэсэй зыцlэ радиолюбитель мыхэр зигущыlэхэр...– Полковникыр, къыриlуалlэрэр зэригъашlэмэ шlоигъоу, Лэукъан еплъыгъ. «Къэсэй» гущыlэм теlункlагъэп, къыхигъэщыгъэп. Джау сыдми, мэхьанэ римыты фэдагъ.

– Къэсэй пlуи?.. Къасим аlуагъэмэ шlэ?

– Къасимэп, Къэсэй зигущыlэхэр,– Смирновым джыри къыкlиlотыкlыжьыгъ.

– Сыдигъуа а радиолюбительхэр зызэдэгущыlагъэхэр? – Лэукъан ыгу зыгорэ къызэрэкlыгъэр къыуигъашlэу къэупчlагъ.

– Неп, сыхьатыр пшlыкlутlум минутищкlэ хэкlыгъэу ары, майор. Гуцафэ зыфэпшlрэ щыlа?

– Хьау, товарищ полковник... А охътэ дэдэм Къасимэ еджапlэм сыщыlукlэгъагъ. Ар хэкlы.

– Къэсэйрэ Къасимэрэ хыкlыбым ащызэшlохэкlокlагъэмэ шlэ? Сыд къеплlуалlэрэр, майор?

– Ащ фэдэ горэ хэхъухьэгъэнкlи мэхъу.

– Мы lофым сэ, майор, мырэущтэу джырэкlэ сеплъы.– Смирновыр креслэм итlысхьажьыгъ.– Диверсантитlу-щымэ ауж тызэрихьагъэм щэч хэлъыжьэп. Ахэм азыфагу зэмыжэгъэ lоф горэ къихъухьагъ. Ар къэтэзгъашlэрэр «джэхэшъо гъуанэм дэфагъэр», шхапlэм щыплъакlорэ цlыфыр. Гъогу пхэндж тытыращэни, Къасимэ кlэлэегъаджэм ыуж тызэрэрагъэхьащтым пае Къэсэй зыцlэр къаугупшысыгъ. Ар зы. Ятlонэрэр джыдэдэм а гущыlэмэ къарыкlрэр къытфахьынэу къэт. Къытфахьыщтымрэ тlуагъэхэмрэ зызэдгъапшэхэкlэ, тэрэзэу тегупшысэмэ къэтшlэщт. Къэсэй зыцlэ радиолюбителым а цlэмкlэ къызэреджэщтхэр джащ щеухы. Ар щы. Яплlэнэрэр, укъызкlэлъэlугъэр пфэзгъэцэкlагъ. Хьакlэщым гупсэфэу чlэсым лъэкъоцlэ нэпцl иlэр. Тызэупчlыгъэмэ мыры къытфагъэхьыжьыгъэр. Еплъ сурэтми.

Лэукъан папкэр къызызэтырехым, кlэлэ дэхэшхо горэм исурэт lуплъагъ. Илъэс тlокlырэ тфырэ-хырэ горэ

ыныбжьыгъэн. КIэлэкIэ нэгуихыгъ. Хьалэлыгъэр ынитIумэ акIэолъагъо. ДзэкIо щыгъынкIэ фэпагъэ, лейтенант. Севастополь дэжь щыфэхыгъ. БэшIагъэ загъэежьыгъэр.

Адырэ папкэм зы сурэт закъорэ Джамбот къырагъэтхыгъэ тхылъыпIэмрэ нэмыкI дэлъыгъэп.

Лэукъан шхапIэм чIэхьэрэ лIым исурэт зеплъым, полковникым римыIуагъэу зы ыгу къэкIыжьыгъ. ХьакIэщым чIэсым мэфищым пакIэ къызытырigъакIэу ыублагъ.

– Пчэдыжь къэс зеупсы, зиупс къэс пакIэм еIэрэп,– мэфищым тырихыгъэ сурэтхэр Лэукъан полковникым ыпашъхьэ рилъхьагъэх.

– Ащ къыушыхьатрэр ошIа, майор? КъэзышIэ горэм зышIуегъэбылъы, ежэрэп, еплъакIо. Моу еплъи зэ, майор, пакIэм нэмыкIэу мы сурэтмэ яплъэгъулIэрэр сыда?

Лэукъан сурэтмэ яплъи, щхыгъэ:

– Шъхьац шIагъор жэкIэупсыпIэм чIигъэкIодагъ.

– Пшъэбым даригъэхыгъэ шъхьацым фэдиз кIэхъопсэу тхьапш щыIэн? Орырэ сэрырэ тфикъуныгъи, майор,– полковникри щхыгъэ. Шифровальщикыр къихьагъ.

– Мары зигугъу ашIри пчъэIушъхьэ тес зэраIоу тызфэе дэдэри къэкIуагъ.Тыкъэдаlo, товарищ лейтенант, тыкъэдаIо.

ТхылъыпIэр полковникым къыритызэ, шифровщикым къыIуагъ:

– Мыщ фэдэ шифрэ псынкIи шифрэ зэхэлъэшъуагъи, товарищ полковник, джы нэс тырихьылIагъэп.

– Сэ сIуагъэба ахэм азыфагу зыгорэ къызэрэдэхъухьагъэр! – тхылъыпIэм итым къеджагъ: «Тэ зэрэтIоу Iофхэр мэхъух. ШIуцIэр тIуакIэм дафи, ыукIыгъ. Сэлам».

– ЗэрэхъурэмкIэ, диверсантхэр нэбгыритIун фае.

– ТIоп, майор, щы зэрэхъухэрэр. Мары, мыщ къеIo: «Тэ зэрэтIоу Iофхэр мэхъух». Зэхэоха, изакъоу къэнэгъагъэмэ арэущтэу ыIощтыгъэп.

– Джэхэшъо гъуанэм дэфагъэр ары «тIуакIэм дафи, ыукIыгъэр», товарищ полковник.

– Тэрэз, майор, тэрэз,– джэхашъор рикIукI-къырикIукIыжьи, джыри Смирновыр тIысыжьыгъэ.– ХьакIэщым щытIыгъыр диверсантищымэ яз, е яплI, ау язырэр тIуакIэм зэрэдэфагъэр ащ ышIэрэп. Ар зышIэрэр КъэсэйкIэ заджэхэрэ «радиолюбителэу» Сэлам зыцIэр ары.

– Адэ ащыгъум, товарищ полковник, хьакIэщым чIэсыр хэта?



– Джар сшIэрэп. ТшIэрэ закъор, ар зыгорэм ежэ, унаIэ тедз, товарищ майор, зыгорэм еплъакIо... Мэфищ горэм, майор, щэIагъэ къызхэтэгъэгъаф, хьакIэщым чIэсым шъэфыр нафэ къытфишIынкIэ сэгугъэ...

Джа сыхьат дэдэм диверсантхэр къызхэтIысхьэгъэ мэз квадратхэм ащылъыхъонэу, «джэхэшъо гъуанэм дэфагъэр» къагъотынэу оперативнэ купыр къалэм дэкIыгъ.

Мэзым, къушъхьэм, тIуакIэмэ, зынэмысрэ къамыгъанэу, ащылъыхъуагъэх. Къэбар гъэшIэгъон къахьи, къэкIожьыгъэх. Ар зыфахьын полковникыми майорыми ашIагъэп. Лъагъоу ращэжьагъэм пхырычъыгъэ лъэгъожъыем дэжь зыдагъэзэщтыр амышIэу къыщыуцугъэх.

ТIуакIэм диверсантмэ ащыщ зэрэдэфагъэр лъыхъощтыгъэхэмкIэ шъыпкъэу къычIэкIыгъ. Парашют ныкъозэIэупкIри, консерв зэрылъыгъэ банкэ нэкIи, блэ укIыгъэшхуи, нэмыкIхэри тIуакIэм далъэгъуагъ. Къамыгъотыгъэ закъор диверсантым ихьад.

– Таущтэу мыр хъура, товарищ полковник? – Лэукъан «диверсант укIыгъэм ипапк» зытетхагъэр ригъэлъэгъузэ, Смирновым еупчIыгъ.

Лэукъан иупчIэ Смирновым зи къыримыIуалIэу пэпкэ нэкIыр Iихыгъ. КIэпсэжъыитIур къытIати, дэплъагъ. МыгумэкIыхэу, къызэритIэтагъэм фэдэу, ыпхыжьи, Лэукъан ритыжьыгъ:

– АщкIэ сэри сыкъыоупчIын сихьисапыгъ, майор. Ау къэнэфагъэр лъэгъо тэрэз тызэрэтетыр ары. ДиверсантищымкIэ тыхэпчъэкъуагъэп. Зыр – Сэлам, адырэр – хьакIэщым чIэсыр, ящэнэрэр – аукIи, къэхъужьыгъэр. Мыщ къызгурымыIоу хэлъыр «шIуцIэр тIуакIэм дафи, ыукIыгъ» ыIуи, шефым макъэ Сэлам зыкIыригъэIугъэр ары. Пцы тIонти «ШIуцIэр тIуакIэм зэрэдэфагъэр» шъыпкъэ. «ШIуцIэр» псаоу дунаим зэрэтетыр Сэлам ешIа шъыIуа?.. ТIуакIэм зэрэдэфагъэр ешIэ, тэрэзэу къэпIон хъумэ щыгъуаз, ынитIукIэ ымылъэгъугъэмэ таущтэу шефым макъэ ригъэIущтыгъа? Ар зы лъэныкъу. ЯтIонэрэу Iофым къыхахьэрэр «укIыгъэр» къызэрэнэхъэжьыгъэр ары. Мыщ къепIолIэн плъэкIыщтыр, «ШIуцIэр» зэрэпсаур Сэлам ышIэрэп. Ящэнэрэ диверсантыр яз къехъулIагъэм щыгъуаза, щымыгъуаза?

– ХьакIэщым чIэсыр «тIуакIэм дафи» ыукIи, къэхъужьыгъэр арэу къычIэкIмэ, Иннокентий Терентьевич? – Лэукъан

полковникым игущыIэ зэпигъэугъ.— Армырмэ сыда итеплъэ зыкIызэблихъурэр? Сыда зажэрэр, зэплъакIорэр?

— Арынкlи мэхъу...— полковникым къыдыригъэштагъ, етIанэ ежь-ежьырэу зэупчIыжьы фэдэу къыIуагъ.— Арэущтэу тIонэу хъумэ, ящэнэрэ диверсантыр хэта, тэ щыIа?

### Чъыепырхъым шъхьэр зэщечы

Ящэнэрэр Сергей арыгъэ.

Самолетым къызэрепкIэу Сергей ыгу къытеоу ригъэжьагъ. ЩынэкIэ арыгъэп. Заом илъэхъан десантникыгъ. ПарашютымкIэ къызэрепкIэхрэр СергейкIэ апэрагъэп. Гур ащ фэдэу къытезгъаоштыгъэр ихэгъэгу икъэгъэзэжьыкI. ПыйкIэ къыгъэзэжьынэу зыфэхъугъэри ымышIэу, Iашэр фырихыгъэу чэщныкъом къышъхьащыхьажьыгъ. Чъыг къутамэмэ зэрэзэхацунтхъэрэр зэхимышIэу чъыгэитIумэ азыфагу дэкIыгъ, чIыгум бгъашъокIэ зыхиуIубагъ.

Шъхьэр ыгъэуназэу ичIыгумэ Сергей къыкIэуагъ. ЧIыгум шынэгъакIэу къыхэурэмрэ бжыхьэпэ пкIэшъэ шэгъамэмрэ зэхэкIухьэжьыгъэх. Псэ зыпытым фэдэу дэнэ парашютри зыпылъ къутамэм щэхъублаблэ.

Бэрэ щылъыгъэми, макIэрэ щылъыгъэми Сергей къышIэжьрэп. КъышIэжьрэ закъор парашютыр псынкIэу зэкIиугъуаий, тамэм телъэу зэрэкIиIэгъагъэр ары. Алъакъо чIым зэрэнэсэу нэбгырищри лъэгъо шъхьафхэмкIэ мэзым хэкIыжьынхэр яапэрэ пшъэрылъыгъ. ЗыщызэIукIэжьыщтхэ чIыпIэми пIэлъэ гъэнэфагъэ иIагъ. Сергей хы ШIуцIэ Iушъом екIуни, ятIонэрэ мафэм мэшIокукIэ къыгъэзэжьын фэягъэ.

Парашютыр ытамэ телъэу Сергей заулэрэ чъагъэ. Гъуазэу иIэр мэзэ къихьэгъакIэр ары.

Сергей къызэтеуцуагъ, хьабаозэ чъыг лъапсэм щецохъохыгъ. Джыры нычэп парашютыр ытамэ зэрэтелъыр къызишIэжьыгъэр. Гур къилъэтыщтым фэдэу тIыгурыгоу къытео.

Хы кIыбым къызэрэщыфагъэпытагъэу, парашютыр чIитIэн фэягъ, ау ащ тырыгъэкIодэщт уахътэр шIобагъ. КъызщетIысэхыгъэ чIыпIэм нахь чыжьэу зэрэIукIыщтым нэмыкI шъхьэм илъыжьэп. Плъэмэ, пхъэшъэбэжъ чъыг



джадэм ыкIоцI гъонэшху. Ащ парашютыр рикуагъ. Къарэлъэгъу фаеми, джы Iофыжьэп, ыIуагъ, ечъэжьэжьыгъ.

Сергей ытэмэ къуапэхэр джы нахь псынкIэу лъатэщтыгъэх. ЧыжьэкIэ мэшIоку шъуй макъэ къеIугъ, бэ темышIэу джыри нэмыкI къылъыIэсыгъ. Сыда хы Iушъом нэс сызкIэкIощтыр, мэшIоку гъогум секIуалIэмэ, сигъогу нахь кIэкIыщт, Сергей ыIуагъ. Ары шъхьакIэ, хы Iушъом екIунэу, пограничнэ шъолъырым нэмысыпэу мэшIокухэр къызщыуцурэ станциешхом екIолIэнэу ары унэшъуагъэр.

Ау Сергей унашъомкIэ зекIуагъэп. КъызщетIысэхыгъэм нахь чыжьэу Сергей Iучъ къэсми, хы кIыбым щыIэхэм ыгу нахь афэплъы.

Нэфшъэгъо шIункIым Сергей ошIэ-дэмышIэу мэшIоку гъогум екIолIагъ. Зыгорэм пэгъочъэ Iэр зэрэщэигъэм фэдэу гъучI гъогур мэзым пхырэкIы. Ащ ыкIыIу мэзэ псыгъуабзэм инэбзыйхэр джэгухэзэ, рэчъэх.

Къэгъэзэгъум къыкъолъэтыгъэ мэшIокур Iэгъоблагъэом ирэхьат къыхэлъэдагъ. Бэрэ Сергей мэшIокум кIэлъыплъагъ, къэгъэзэгъум къохьажьыфэ ичъэ макъэ кIэдэIукIыгъ, хэщэтыкIыгъ. Нэбгрэ тхьапша, ыIуагъ, зызгъэпсэфынэу хы Iушъом ыщэрэр? Дунаим цIыфхэр щэтхъэжьых, тэры мытхъэу къытенэжьыгъэр...

Сергей хы кIыбым къыщыраIогъэ гущыIэхэр ыгу къэкIыжьыгъэх:

— ШъузфэдгъакIорэр къэжъугъэцакIэу къэжъугъэзэжьмэ, егъашIэм шъутхъэжьэу шъузэрэщыIэщтыр зэжъугъашIэ, зыщышъумыгъэгъупш, ар шъугу къэкIы къэс зыуж шъуит Iофыр нахь псынкIэ къышъуфэхъущт,— Герберг ахъщэшхо зэрыт чекыр Сергей къыригъэлъэгъузэ, къыриIогъагъ.— Мыр уиджыбэ илъкIэ лъытэ, швейцарскэ банкым ихьэгъэ ахъщэри, уиджыбэ иплъхьэгъэ ахъщэри тIури зы, ау зызакъу зэфэмыдэнызгъэу яIэр. Швейцар банкым ихьэрэ ахъщэр нахь пытэу агъэIылъы, нахь процентыби къыкIакIо.

Герберг ахъщ пIомэ къыримыIолIэн щыIагъэп. Ар Сергей дэгъоу ышIэщтыгъэ. Есэжьыгъагъ нахь мышIэми, ахъщэм къыриIуалIэрэм шIогъэшIэгъонэу едэIущтыгъэ. ЕдэIу къэсми гукIэ тхъэщтыгъэ. Ахъщэм мэхьанэу иIэр къыгурыIощтыгъэ.

— Мы заулэм сыд етшIэна? — къыриIуалIэрэм еплъынэу Сергей зэ Герберг еупчIыгъагъ.

– Ахъщабэ щыIэп, бэ уиIэмэ макIэ сиI пIон фае, арымырмэ ахъщэм зыпщидзыеу ригъэжьэщт. Ахъщэм пыи зебгъэшIы хъущтэп. Утеужъунтхэзэ, джа зэрашIрэм фэдэу,– Герберг ахъщалъэр къышти, доллар заулэ къыдихыгъ, теужъунтхи, дилъхьажьыгъ,– уиахъщалъэ дахэу ебгъэкIущт, узытеужъунтхэкIэ ахъщэр зэкIэрэпкIэ, нахь пIуакIэ мэхъу, нахьыбэ ахъщалъэм дэплъхьан олъэкIы. ЦIыфым фэдэу мыщи псэ пыт. Уасэ фэпшIы къэсми уасэ къыпфишIыжьыщт, уигъэлъэпIэщт. КъыбгурыIуагъа?

Хьылъэзещэ мэшIокоу тхышъхьэм ерагъэу къыдэкIуаерэм Сергей игукъэкIыжь щигъэгъупшагъ. Ар ежь зыфэе мэшIокум фэд. Вагон заулэ блигъэкIи, зыпидзагъ. Тхышъхьэм псынкIэу мэшIокур ечъэхыгъ. Къушъхьэпс цIыкIу горэм зэпырычъыгъ. Сыхьатныкъо фэдиз нахь мычъагъэу станцие горэм къыщыуцугъ, бэри темытэу игъогу техьажьыгъ.

Нэф къэшъы. Ошъочапэм машIо кIадзагъ пIонэу плъыжьыбз. ПсынкIэу, зэримыгъажэхэу мафэр чIылъэм къытехьэ. Ар къэзгъэпсынкIэщтыгъэр тыгъэкъокIыпIэмкIэ ынэIу фэгъэзагъэу чъэщтыгъэ мэшIокур ары. СергейкIэ зыфэдэ хъущт мафэу ымышIэрэм мэшIокур пэгъочъы, ичъэ макъэ чIылъэм теIукIы. Ащ фэдэу псынкIэу бжыхьэпэ нэфыр къызэрэшъэрэр Сергей игопагъэп.

Къушъхьэ мэзым мэшIокур хэлъэти, заулэрэ чъагъэу чыжьэкIэ чылэшхо горэ къэлъэгъуагъ. МэшIокум игуIакIэкIэ ар зэрэстанциешхом щэч хэлъыжьыгъэп. Ар къэзыушыхьатыгъэр лэжьыгъэхэр зэращалIэщтыгъэ элеваторэу чыжьэкIэ къэлъагъощтыгъэр ары.

Зыхэфэгъэ цIыфмэ закъыхимыгъэщэу сыхьатитIо фэдиз, пассажирзещэ мэшIокур къэсыфэкIэ, Сергей станцием тетыгъ, шхагъэ, газет къыщэфыгъ, билет къыдихыгъ.

Илъэс пчъагъэм зэхимыхыгъэ урысыбзэ къабзэр гъэмэфэ ощхбыбым фэдэу Сергей къыжэхэбыбагъ. Зэхихрэм емыдэIун фэлъэкIыщтыгъэп. ЗэкIэри шIогъэшIэгъон, ным къыдалъфыгъэу шIодах, шIолъапI.

Мексикэм имэшIоку станцие горэм, зэрэбилетынчъэм пае, вагоным полицейскэм къызэрэридзыгъагъэр Сергей ыгу къэкIыжьыгъ.

– Уихьащтба вагоным? – ыуж ит бзылъфыгъэр Сергей къеупчIыгъ.



Бзылъфыгъэм Мексикэр Сергей щигъэгъупшагъ, риIуагъ:

– Сапэ ишъ, ихь, къаштэ уипхъуанти,– Сергей пхъуантэр бзылъфыгъэм вагоным фырихьагъ, зы купе зэдифагъэх.

– Тхьауегъэпсэу. Мыхэр къыздетымыхьакIми хъурэп...

Сергей емыупчIыхэу къыздикIри зыдакIори ежьежьырэу бзылъфыгъэм къыIуагъэх.

Бзылъфыгъэр – кIэлэегъадж. Сергей зыдежьэгъэ къалэм IофышIэ макIо.

– Илъэс еджэгъум ехъулIэу IофшIапIэм сыкIон слъэкIыгъэп. Сянэ сымэджэ дэигъ, изэкъо дэдэу унэм къысфинэшъугъэп. АIощтри сшIэрэп, директорым телеграммэ естыгъагъ, сянэ зэрэсымэджагъэмкIэ докторым тхылъ къыситыгъ.

– Уянэ сымэджагъэмэ къыуаIон щыIэп,– Сергей бзылъфыгъэм риIуагъ.

– Ары сэри сIорэр,– бзылъфыгъэм шхынхэр столым къытырилъхьагъэх, щайри къаригъэхьыгъ.– УмыукIытэу къыхаI, гъогум сыщышхэныр сикIас сэ.

Купэм ежьмэ анэмыкI зи исыгъэп.

Бзылъфыгъэм чэт гъэжъагъэр пкъырыпкъэу зэпкъыритхъыгъ. Помидори, сэнашъхьи, къыпцIи къытырилъхьагъ.

– Тхьауегъэпсэу, джыдэдэм сышхагъ, сымэлакIэрэп.

– Сигъомылэ укъыхэмыIэу, шъо хъулъфыгъэхэр, шъуишъузмэ ашIырэр шъушIомыIэшIоу, шхапIэм къыщышъуатрэр шъоупсэу... шъузэрэгъэпсыгъэр сшIэрэп сэ... КъыхаI, сыгу хэкIыщт.

Сыдэу бзылъфыгъэ гъэшIэгъон мыр, лIыгъэкIэ тимыгъашхэу тауж икIыщтэп, Сергей ыIуагъ. ЗыгорэкIэ тауж къихьэгъакъомэ?..

– О слъэгъурэм уишхыншIыгъэ тыхэбгъаIэмэ пшIоигъу...– Сергей чэт тамэр ыштагъ.

– Чэт тамэр уикIэсэнкIи мэхъу, ау чэт бгъэлыбэм нахь лыбэ телъ, лIым дэгъоу Iоф зэришIэрэм фэдэу дэгъоуи шхэн фае, бгъэлыбэм еплъ.

МэшIокум ыпэ ригъэхъоу мачъэ.

– Джы уздакIорэр къысаIу,– бзылъфыгъэм Сергей къыриIуагъ,– пцIи сшIэмэ сшIоигъу, сэ сцIэр – Алевтина, Тина пIозэ укъысаджэми хъущт.

Бзылъфыгъэм зигъэхьэшI-къошIзэ ыIэпэ псыгъохэр Сергей къыфищэигъэх, фэбэ-фабэу ыIэмэ къанэсыгъэх, ыIэгу шъуамбгъо бзылъфыгъэм ыIэ пIокIэ шъабэхэр чIэкIодагъэх.

– Сэ сцIэр Андрей, уздэкIорэ къалэм сэри мэшIокум сыщикIыщт,– Сергей бзылъфыгъэм ыIапэхэр ытIупщыжьыгъэх.

– Ащыгъум тызэрэмышIэу гъогогъу тызэфэхъугъ.

– Джары дунаир гъэшIэгъоны, узэмыжэгъэ закI зыкIаIорэр.

– Ары зэрэхъурэр.

– КъызэбгъэшIагъа тызынэсыщтыр?

– Неущ пчэдыжь сыхьатыр блы мыхъупэу тикIыщт.

– Пчэдыжьыпэм мэшIокум сикIыныр сикIас.

– Сэри ары,– Сергей бзылъфыгъэм дыригъэштагъ.

– А къалэм ущыща?

– Хьау, командировкэ сэкIо.

– Дэи узэрэщымыщыр, зы мыхъуми, ущыщыгъэмэ, къысэупчIрэмэ нэIуасэ щысиI ясIоныгъи.

– Марыба, нэIуасэ тызэфэхъугъ.

– Мэфищ нэIуасэр нэIуасэкIэ слъытэрэп.

– Сыда зыкIэмэфищыр?

– Мэфищ нахьыбэ командировкэ агъакIохэрэпышъ ары.

– Ухэукъо.

– КомандировкэхэмкIэ сыхэукъуагъэу сшIэжьрэп.

– СызфагъакIорэ Iофыр мэзэ заулэкIэ зэрэзэшIопхышъу.

– Ащыгъум илъэсныкъо командировкэ сагъакIо Iоба…

– КъэпшIагъ.

– Сэ зи къысшIоуушъэфын щыIэп. Уфаемэ уисэнэхьати къыосIон?

– КъаIо.

– Уинженер.

– Хьау.

– Уревизор.

– КъэпшIагъэп.

– Ащыгъум уагроном.

– Агрономым сыда къалэм дишIыхьащтыр?

– Ари ары. Умастер.

– Сыд фэдэ мастер?

– КIо, джа цехмэ ачIэт мастермэ уафэд.



– Хьау.

– Ащыгъум сшIэрэп.

– Адэ къэпшIэнэу пIогъагъи.

– КъэсшIагъэу оушъэфмэ?

– Сыушъэфрэп.

– Адэ?

– СыпсэолъэшI.

Тинэ нэкIэпэ шъхьацхэр бгъукIэ Iуитэкъугъэх. Сумкэм дэIаби, гъунджэ хъурай цIыкIу къыдихыгъ:

– Сыбгъэпшъыгъ, сыпрораб пIоу къэпIогъагъэмэ ащ фэдизи тыпылъыщтыгъэп.

– Джы къытебгъэфагъ, сыпрораб дэд.

НэбгыритIум аIон щыIэу къагъэнагъэр макIэ.

– Чъыежьыгъор блэкIы,– IэплъэкIри, сабынри, цэр зэралъэкIрэ щеткэри Алевтинэ ышти, купем икIыгъ.

Пчъэр къызэрэфишIыжьэу тIэкIу тыригъашIи, пчъэ шIогъэпкIапIэр Сергей шIуигъэпкIагъ. Бзылъфыгъэм ипхъуантэ зэрэнэсэу къызэтепкIыгъ, дэплъыхьагъ. Сумкэ гъожь цIыкIуми дэлъыр зэригъэшIагъэ. Пальто джыбэм ыIэ ригъэлъэдагъ. Сэнашъхьэрэ помидорырэ зэрылъ сумкэри къыплъыхьагъ. Пчъэ шIодзапIэр шIуигъэпкIыжьи, гъолъыжьыгъэ. Гуцафэ зыфэсшIын еслъэгъулIагъэп, ыIуагъ. Джар хъущт. ЛIы иI шъуIуа?

Сабын IэшIумэр къыпилъэсыкIэу Тинэ купэм къихьажьыгъ. Остыгъэр ыгъэушIункIи, гъолъыжьыгъэ:

– Чэщ рэхьат къыокIу,– псынкIэуи къыпигъэхъожьыгъ,– чъыепырхъкIэ дэу ущыт, Андрей?

– А укъзэрэупчIэрэр щыI-щымыIэми сшIэрэп.

– Сэ зылI горэ сиIагъэшъ, ичъыепырхъ шъхьауз хэсхыгъ.

Сергей зыфэе дэдэр къегъэжьагъэ хъугъэ. ТIэкIу тыригъашIи, еупчIыгъ:

– Тэ щыIа джы?

– Хэта?

– УилIыгъэр.

– Алахьым ешI зыдэщыIэр, чъыепырхъым еошъ, хэт.

Сергей ынапIэ къефэхын гухэлъ иIэп. Ау чъые фэдэу бзылъфыгъэм шIуигъэшIыгъ.

Заулэрэ щылъыгъэу шъхьэр зэтезыутрэ чъыепырхъышхо бзылъфыгъэм къырищэжьагъ. КIэшъуикIы, кIэхъыхъыкIы. Купе бгъузэ дэпкъым чъыепырхъэ макъэм

зыреутэкIы. Сергей щхыпцIызэ, ыкIыб къыгъэзагъ. Зэрэхэчъыягъэри ымышIэу хэчъыягъ.

Пчэдыжьым Алевтинэ къызэущым, Сергей зэрэчъыерэр ыгъэшIэгъуагъ, еджагъ:

– ТиикIыжьыгъо къэс пэт, Андрей.

Алевтинэ купем икIыгъ.

Сергей зифэпэжьыгъ.

Бзылъфыгъэр купэм къызехьажьым, тыгъоспчыхьэ нахьи ныпчэдыжь нахь нэшIэ-IушIэягъ. ЗызэришIри къекIу.

– Нычэпэ дэгъоу учъыягъа?

– Дэгъоу сычъыягъ,– Сергей щхыпцIыгъэ нахь, дишIэрэр къызхигъэщыгъэп.

МэшIокур станцием Iулъэдагъ, къэуцугъ. Перроным цIыфыбэ тетыгъэп.

Автобус уцупIэм нэс бзылъфыгъэм ипхъуантэ Сергей фихьыгъ, къеупчIыгъ:

– Тыда о уздэкIощтыр?

– Сэ сыздэкIощтыр гъэнэфагъэ, хьакIэщыр. Оры?

– Сэри еджапIэм пэмычыжьэу унэ къыщысатыгъэу аIуагъэшъ, занкIэу еджапIэм секIолIэщт.

Автобусыр къэсы зэхъум, Сергей къэгузэжъуагъ:

– Адэ нычхьапэ сыд пшIэщт?

– СшIэн шIагъуи щыIэп,– бзылъфыгъэр Сергей къыIугушIуагъ, щхызэ къыпидзэжьыгъ,– умышIэрэ къалэм апэрэ мафэхэр щызэщыгъощт.

– Ары сэри сыкъызкIыоупчIрэр, зыгорэм нычхьапэ тыкIогъагъэмэ! – бзылъфыгъэм зызэришIрэм еплъынэу Сергей къыригъажьи, къыухыгъэп.

Алевтинэ зи къымыIоу, гупшысэ фэдэу тIэкIурэ щытыгъ. Автобусым цIыфхэр изэрэгъахьэхэу аублагъ. Автобус уцупIэм пэмычыжьэу такси горэ къыщыуцугъ. Таксиим итIысхьанэу Iутыгъэр зы нэбгыр ныIэп. Ары шъхьакIэ, машинэм шоферыр еупхъоу ригъэжьагъ. ШIэхэу зэремыжьэжьыщтыр къекIолIагъэм риIуи, зыкIэригъэкIыжьыгъ.

Сергей къыIуагъ:

– НекIо, таксиим тигъэтIысхь, автобусым мыхэр иплъашъохэу, къиплъэшъужьыхэу упылъын плъэкIына...

– Тиштэна таксиим?

НэмыкI такси къыIулъади, нэбгырэ закъоу щытыгъэр Iуищыгъ.

– Сыд тызкIимыштэщтыр, адырэ ыштэрэмэ тафэдэба тэ? – Сергей пхъуантэр ышти, таксиим екIолIагъ.

ЕджэпIэ щагум дэмыхьэу, къэлапчъэм дэжь таксиир къыщыуцугъ. Джыри жьыгъэ нахь мышIэми, апэрэ кIэлэеджэкIо зырызхэр еджэпIэ щагум дэтыгъэх, къыдахьэщтыгъэх. ДикIыни еджапIэм пхъуантэр фыдихьан Сергей зеIом, Алевтинэ ыдагъэп:

– Тхьауегъэпсэу, умыгумэкI, умыгумэкI, сэ джы къыздэIэпыIэн сихъой,– Алевтинэ щагум дэт кIэлэеджакIомэ яджагъ.– КIалэхэр, моу шъукъакIох.

ЕджэпIэ щагум шъэожъыитIу къыдэзэрэгъэхыгъэх. ЕгъашIэм ышIэщтыгъэхэм фэдэу Алевтинэ шъэожъыемэ апэгъокIыгъ. Пхъуантэмрэ гъомылэ зэрылъ сумкэ гъожьышъомрэ арити, еджэпIэ щагум даригъэхьагъ.

– Адэ нычхьапэ пае осIуагъэм зи къепIолIэжьрэпи? – Сергей Алевтинэ еупчIыгъ.

Алевтинэ зигъэнэшIэ-IушIэу джыри Сергей къеплъыгъ. Пчыхьэм сыхьатыр хым зэIукIэнхэу зэзэгъыгъэх.

ЕджапIэм бзылъфыгъэ хьашI-къошIыр зэрэдэхьагъэр зелъэгъум, Сергей джыри нахь гупсэфыжьыгъэ. ХьакIэщым таксикIэ Iумылъэдэным пае, къэлэ бэдзэрым дэжь щикIыгъ. ЦIыфыбэ зыдэт бэдзэрым дэхьагъ.

ЗыфиIогъэгъэ къэлэ хьакIэщышхом чIэмыхьанэу бэдзэрыкIохэр къызщыуцухэрэм чIыпIэ къащыIихынэу Сергей тыриубытагъ. Ежь зэрэфаеу хьакIэщри бэдзэр кIопIэ дэдэм Iутыгъ.

### Бысымгуащэм уцыр хьакIэм шIуегъэбылъы

Пчыхьэр хэкIотагъэу «Победэр» кIигъэгъогыкIзэ, Алъкъэс щагум къыдэхьажьыгъ. Дальмари ыбгъукIэ гос. Машинэм инэфынэ унапчъэм зытыредзэм, изэкъуабзэу пчъэIушъхьэм тетэу Нэфсэт алъэгъугъ. ЛIым, нахьыпэрэм фэдэу къызэрпэмыгъокIыгъэр Дальмар шIоигъоджагъ. Сыда шъуIуа къехъулIагъэр? Буфетым Iулъадэхэу зэремышъуагъэхэм кIэгушIужьыгъ.

Алъкъэс ешъуагъэу къызыкIожькIэ Нэфсэт зэримыгуапэр мы мэфитIум Дальмар къыгурыIуагъ. Унэм къызихьажьырэм бжъэ горэ ришъущтымкIэ къаигъэ лIым

шъузыр фэхъущтыгъэп. Ау рулым кӀэрысэу ешъомэ, ыдэщтыгъэп. Нэфсэт игубж джы нэс цӀыф зэхыригъэхыгъэп, ау лӀымрэ ежьырырэ язакъоу къызинэжьхэрэм фэхъун лӀым ригъэгъотыщтыгъэ. Ар къыдилъытэзэ, Алъкъэси ришъущтым фэсакъы. ТӀэкӀу зыригъэхъурэм, Нэфсэт сэмэркъэушхо дишӀзэ, хэкӀыжьы.

Зыгорэм щытхъу зэпытыныр Алъкъэс икӀас, ащ ишъузи ригъэсэгъагъ. Дахэу къыухьэзэ, щытхъур къызыригъажьэкӀэ Нэфсэт ынэгушъхьитӀу къэушэплъы. Алъкъэс фэдэлӀ дунаим темытэу къыщэхъу.

– Да къэхъугъэр, Светик, укъытпэгъокӀрэпи адэ? – Алъкъэс ышъхьэ машинэм ригъэзыкӀи, шъузым еупчӀыгъ.

– ЗыпэгъокӀрэмэ шъуафэдэп шъо шъуитӀо,– Нэфсэт цӀацӀэзэ апэгъокӀыгъ.

– ОсӀуагъэба, Владимир Петрович, Светик иӀанэ зэрэучъыӀыжьыгъэр. Алахьым ешӀ ащ къытфиупщэрэхыгъэр,– Алъкъэс шъузым зэхыригъэхэу Дальмар риӀуагъ.

Нэфсэт анахьэу зыгъэгумэкӀыщтыгъэр ешъохэу зыгорэ къащышӀыныр ары. Ащ пае непэрэ тхьаумэфэ реным унэм ыгу изэгъагъэп. Инасыпти пщэрыхьаным мэфэ псаур ригъэхьыгъ. Алъкъэс къызэрэдэхьажьыгъэр зелъэгъум, Нэфсэт ынэгу гушӀор къыкӀэхьажьыгъ. Зэряжагъэри, зэрэгумэкӀыгъэри щыгъупшэжьыгъ. Унэм илъэдэжьи, Ӏанэр къышыгъ.

– Бащэрэ тыкъыхэтыгъэба, Нэфсэт? – къыриӀуалӀэрэр зэригъэшӀэнэу Дальмар къэупчӀагъ.

Шпионым инэплъэгъурэ Нэфсэт инэплъэгъурэ зэтефагъэх. Зыгорэ къеутэкӀи машӀор къыкӀыригъэхыгъэ пӀонэу Нэфсэт ынэ Дальмар ынэмэ аблихыгъ, джэуап къытыжьыгъ:

– Шъукъыхэтыгъэр Ӏофэп, псаоу къэжъугъэзэжьыгъэмэ…

– ТыкӀэлэцӀыкӀу пшӀошӀа, Светик, сыдэу угу къыттебгъэкӀодапэра,– Алъкъэс ишъуз риӀуагъ.

– ЛӀы хьакъу-жъокъуитӀур кӀэлэцӀыкӀумэ анахьи зэрэнахь Ӏаер пшӀэрэба? – губжыр къыхимыгъэщэу Нэфсэт лӀым риӀожьыгъ.

Гъолъыжьыгъом чэщыр блэкӀыгъагъ. Шъоныр Алъкъэс къыштэнэу зежьэм, Дальмар къыригъэштагъэп. Зэшхэхэ ужым унагъор гъолъыжьыгъэ. Алъкъэс ыкъо цӀыкӀу кӀэрыхьи, еплъыгъ, чыхӀэныр тырихъожьыгъ.



Нэфсэт имыгушӀуныгъэ Дальмар емыгупшысэн фэлъэкӀыщтыгъэп. Ежь зыгорэкӀэ Ӏофым къыхэхьакъомэ, сакъыщтыгъэ. Игупшысэ зыдынэмысыгъэ къэнагъэп, ау гуцафэ зыфишӀын къыгъотыгъэп. Яунэ къызщихьэгъэ мафэм, бысымгуащэм нэӀуасэ зыщыфэхъугъэм щыублагъэу ыӀуагъэри ышӀагъэри, зыщыщхыгъэм нэс Дальмар зым зыр пигъэщэжьзэ ыгу къыгъэкӀыжьыгъэх. ПкӀыхьэм хэтэу нэмыцыбзэкӀэ зыгорэ къыӀэкӀэмыӀуагъэмэ… Ау пкӀыхьэкӀэ Ӏорыжъорырэмэ Дальмар ащыщэп. Къырадзэным ыпэкӀэ ар мызэу-мытӀоу доктормэ ауплъэкӀугъ, ахэми цыхьэ афимышӀэу чэщ заулэ ежь-ежьырэу магнитофонымкӀэ зиуплъэкӀужьыгъагъ – чэщ реным Ӏоф зышӀэщтыгъэ магнитофоным ипленкэ пчэдыжьрэ зедэӀужькӀэ зи темытхагъэу къычӀэкӀыщтыгъэ.

Сакъыныгъэм нэр риутрэп.

Нахьыпэрэм фэдэу псынкӀэу Нэфсэт зыкӀэмычъыежьрэр Алъкъэс къыгурыӀощтыгъэп. Зызэпырегъазэзыкъызэпырегъэзэжьы. Алъкъэс хэчъыен зыщиӀорэм, ӀэнтэгъупэкӀэ къетӀыргугъэ фэдэу, шъузыр къызынэскӀэ къегъэлъатэ.

– Арэп, узкӀэмычъыежьрэр сыда?

– СшӀэрэп, сынапӀэ зэтеслъхьан слъэкӀрэп.

– Зыгорэ мэуза?

– Хьау.

– Адэ?

– Зыгорэм сегъэгумэкӀы, Алъкъэс.

– Сыда узгъэгумэкӀрэр?

ЛӀым ыгупэкӀэ Нэфсэт зигъэзагъ, ыбгъэгупэ зырифызылӀэзэ, еупчӀыгъ:

– Алъкъэс, непэрэзымафэм тэ шъукъыщыхэтыгъа?

– ОшӀи, унэ щэф тыздэщыӀагъэр. Сыда ащ узкӀигъэгумэкӀрэр?

– Къэжъугъотыгъа?

– Къэбгъотын амэ… Зэ псынэ дэтэп еӀо, зэ чӀыгу макӀэ дэлъ еӀо, чӀыгум ришӀэщтри сшӀэрэп, зэ аэродромым къутырыр пэблэгъащ еӀо. Ар зыӀорэм, самолетыр аэродромым къыщытэджэу, щытӀысыжьэу зилъэгъукӀэ, машинэпчъэ пынджыр гъуанэм ышъхьэ къыфыдэхыжьрэп… Хьаулыеу машинэжъыр непэрэзымафэм къырытигъэфэкӀыгъ.

Шъэожъыер пкӀыхькӀэ къыхэкуукӀыгъ. Нэфсэт къызщылъэти, заулэрэ Аскэр шъхьащытыгъ, зэбыяужьым лӀым дэжь гъолъыжьыгъэ.

– Борэжъкъом яунэ ыгу еlурэба?

– Борэжъкъом яунэ ыгу емыlу мэхъуа, ау къыlорэм демыгъэштэн плъэкlыщтэп, сыд фэдиз пlуагъэми адыгэ чыл, ежь урысмэ ахэсы шlоигъу. Джа Рамбеснэ къутырыр, аэродромым ыпшъэкlэ щысыр ыгу рехы. Аэродромыр зэрэпэблагъэр иджагъу, мафи, чэщи уагъэрэхьатыщтэп еlо. Сэрыгъэми ар дэдэр сlоныгъи. Уашъхьагъ къигъуагъохэу, етlани а къигъуагъохэрэр сыд фэдэха lолъ!..

– О къепlолlэщтыр сшlэрэп, Алъкъэс, ау хьакlэр сыгу рихьырэп, къызэрэсlощтыр сшlэрэп, сыгу телъэп.

Шъузым игущыlэ зызэхехым, Алъкъэс ыlу дэгъэзыягъэу щылъыгъэти, бгъукlэ зыфигъэзагъ:

– Ар да озгъэlорэр, Нэфсэт?

– Сэзгъэlорэр, утэшъуагъэу плъэгъугъа мэфищым, ипшъурэр къыбдырешъу, пшхырэр къыбдешхы...

– Сэри ащкlэ гуцафэ сшlыгъэ. Плъэгъугъа зышхэзешъохэ нэуж зыжэдидзэрэр?

– Слъэгъугъэ, зымафэ зыжэдедзэ ыlозэ, lэпызи шкаф чlэгъым чlэфагъэм зэрэлъыгуlагъэр озгъэлъэгъугъоти. Мыукlытагъэмэ шкаф чlэгъым чlэлъыхъухьащтыгъэ.

– Ар сыдэу сэ сымылъэгъугъа?

– О узешъокlэ плъэгъужьрэ щыlэп!..

Алъкъэс шъузыр къызэредысыгъэм зышъхьащыригъэхыгъ.

– Къызэгъэгъотыжьыгъэу еплъыгъэн фае ащ...

– Ар бгъотыжьын щыlэп, ежьыри тыгъоспчэдыжь ащ лъыхъужьыгъ.

– Тэ щыпшlэра?

– Сишкаф зэрзэрадзэжьыгъэр сымышlэщт нэмыlэмэ, сыда мы унэм сызфисыщтыр? Зыдэфагъэр слъэгъугъэти, къэзгъотыжьыгъ, згъэбылъыгъэ.

Чэщым Алъкъэс ынапlэ ридзыхыгъэп.

Хьакlэр Алъкъэс машинэм къызырегъэтlысхьэм, аркъыбжъэр зеlэт ужым, «сшъхьэ мэузы» ыlуи, джа фыжь цlыкlур зыжэдидзэгъагъ. Мы мафэхэми зэгуцафэрэм шъузым къытыригъэфагъ. Ащ нэмыкlэу аэродромым блэкlхэ-къыблэкlыжьхэу зэхъум зызэришlыгъэри ыгу рихьыгъэп. Хьаулыеу тlо блигъэкlыгъ, къыблигъэкlыжьыгъ. Къутыр унэу зэнэцlыгъэм псынэ дэтыгъэмэ зэрищэфыжьыщтыгъэр джыри зэ къыфыкlиlотыкlыжьыгъ. Пивэ



зыдешъуагъэхэ летчик кlалэм Дальмар риlогъагъэри Алъкъэс ыгу къэкlыжьыгъ...

– Пхъашэу къэшъогъэгъунэ аэродромыр, ащ фэдизэу тетыр сшlэрэп нахь...

– Къэбгъэгъунэнэу ащ тет щыlэп,– летчикым пиупкlыгъ.

– Ар оlуа? Ашъыу, къэмыlу, тшlэнкlи тыфаеп...– летчикым ишъэф нафэ къыримыгъэшl шlоигъо фэдэу Дальмар щхыпцlыгъэ.

– Шъумышlэрэ ащ тетэп.

– Аэродромым тетыр тэ хэт къытиlона...

– Ошъогум къышъуиlон.

– Ара зыфапlорэр? Ар сыгу къэкlыгъахэп...

Джащ нахь зэрамыlоу летчик кlалэр аэродромым пэчыжьэкlаеу «Победэм» щикlыжьыгъ. Летчикмэ яавтобус зыкlахьэм, летчик кlалэм къызэримыгъэуцугъэр Дальмар ыгъэшlэгъуагъ. Дальмар зыкlэлъыплъэщтыгъэ летчикыр заулэрэ кlуи, къэгъэзэгъум къохьажьыгъ.

– Зэхэпхыгъа нэlуасэ къытфэхъугъэм къыlуагъэр, амыухъумэрэ аэродромым фэда мыр? Олъэгъуа мо къэтэджырэ джадэр? – Дальмар тыгъэгъэзэ ныкъоlухыжьым къышъхьэщытэджыкlрэ реактивнэ самолетым Алъкъэс ригъэплъыгъ.

Ошъогум зы пщэ гъощагъи имытэу пчэдыжьыпэ дах, чыжьэкlэ къушъхьэ шыгуфхэр къыблэ лъэныкъомкlэ къыщэлъагъох, акъогъукlэ ошъочапэр щегъолъэхы. Шэндж къуапэм зыщехъо пlонэу тыгъэри коцыпкъым къыхэтэджыкlы.

Пцlэшхъо тэмитlум фэдэу ищыжьыгъэу, ыпи пэпцlабзэу, ыужкlи lугъор къыпыутысыкlэу реактивнэ самолетыр къашъхьарыбыбагъ.

– Къэгъэуцуи, тегъэплъ!..– Дальмар къэгузэжъуагъ.

– Хъущтэп.

– Аэродромым тыблэкlмэ тыкъэуцун тыфитба?

– Укъэмыуцумэ нахьышlу.

– Сыда?

– Къыосlуагъи, lоф тыхэфэщт.

– Ашъыу хъунэп, ар.

– Мыхъущтми, мыщ къыщыуцурэр атхы аlуагъ...

Зэупчl-къызэупчlыжьыфэхэкlэ аэродромым блэчыгъэх. Сэмэгумкlэ къагъани, джабгъумкlэ агъэзагъ, кlэим илъэдагъэх.

Самолет гугъур къырыригъэжьэжьэу Дальмар къыIуагъ:

– Джар самолет хъун... Къэбгъэуцоу тебгъэплъыгъэп.

– OсIуагъи, зэрэмыхъущтыгъэр.

– Хэт тэ къытпылъыни...

– Къыппымылъымэ пшIэни... Мыхэр самолетыкIэх. Джы нэс тетыгъэхэп, мэфэ заулэ хъугъэ къызылъэгъуагъэхэр...

– Ара? – Дальмар зэхихрэр ыгъэшIагъо фэдэу зишIыгъ.

– Конструкторыри мыщ щыIэу аIуагъ.

– Ары щыIэн!.. Сыд мыщ конструкторым щишIэщтыр?

– ЩимышIэ мэхъуа, исамолет ауплъэкIу...

– Сэ аэродром къызэрыкIу сшIошIыгъ...

– Тэри ары къызэрэтшIошIыщтыгъэр,– Алъкъэс шъэфышхо горэ зышIэрэм фэдэу къыIуагъ, етIанэ даушыгъэр къебэкIэу къыжэдэкIыгъэр бэ: – ЛIы шIагъу аIуагъ конструкторыр, шэкIо бэлахьэуи аIо... МэзыкъокIэ бзаджэ аIуагъ. Зымафэ мэзпэс горэм, Джамбот ыцIэу, игугъу къыпфэсшIыгъагъи, къэошIэжьа? Ар инэIосэшху аIуагъ...

– Сыда зэфэзыхьыгъэхэр?

– ШэкIоныр арыщтын.

– ПIорэр гъэшIэгъоны...

Алъкъэс ихьакIэ игъэпсыкIэ егупшысэ къэсми, ышъхьэ бэ къихьэщтыгъэр. Ау шъузым гуцафэ зыфишIыгъэр нахь гъэшIэгъоныгъ. Сыд уца зыжэдидзэрэр?.. Ешъуагъэмэ, емышъорэ щыIа, сыда ришъугъэр зыкIигъэкIодыжьыщтыр, зыщыщынэн зыщыукIытэн унагъом исэп. Уфаеми ешъу, уфэмыеми уемышъу, хэта уезгъэзрэр?.. ЗыгорэкIэ шпионыкъомэ?..

Алъкъэс ышъхьэ упчIэр щычэрэгъуми, ащ егупшысэнэу фаеп, къыпыкIыщтыр ымышIэу щытэп. Мэфэ заулэ мэхъушъ иунэ ис, ехьакIэ, егъашхэ, регъашъо, егъашIо. ГущыIэкIэ зынэмысыгъэхэ щыIэп. Совет хабзэр щыбзэм кIагъэкIыгъ, дэгъури, дэири къыхашыпыкIыгъ. IэкIыб къэралхэми анэсыгъэх. ХьакIэмрэ ежьырырэ зэраIогъэ купыр зэтегукIагъэу къыжэхэбэнэжьы.

Гъунэгъухэм яатэкъэжъ къызэджэм, Алъкъэсдыхэм яатакъэ пэджэжьыгъ. Сыхьатыр щы зэрэхъурэр джа атакъэхэмкIэ Алъкъэс ренэу къышIэщтыгъэ.



– Тэ щыIа джа уц фыжь цIыкIоу бгъэбылъыгъэр? – Алъкъэс ишъуз еупчIыгъ.

– Уищазымэ исыдзагъ...– Нэфсэт къызэкIэщтэжьыгъэу лIым зырифызылIагъ, еIушъэшъагъ...– Алъкъэс, ппсэ сырихьакI, зыкIэ сыолъэIущт. Бэлахь къытфыкъомыкIызэ, тихьакIэ зыIэкIэтIупщыжь, тишъэожъые ихьатыркIэ а зыр къысфашI, сэщынэ...

Алъкъэс ыкIышъоц къэтэджыгъ, зыфэгубжыжьыгъ: сижэмачыугъ зэкIэ къысфэзыхьыгъэр. Тхьапшрэ Нэфсэт къысиIуагъ ар... КъыспэкIафэрэ пэпчъ, зэхэдз симыIэу, тадэжь къесэгъэблагъэ... Нэфсэт ыгу зэмышIугъэ хьакIэ джы нэс къыфэсщагъэп. Плъэгъурэба мыщ гучъыIэныгъэ зэрэфишIыгъэр... Ашъыу, сыдэу имыщыкIэгъэ бащэ къыпыдгъэкIра мыщ! ЦIыфым уетIэ къэсми, адэ зыгори къычIэбгъэщын, мыхъуни пыплъэгъон. Имурадхэр Iэягъэхэмэ унэ щэф хэхьаныя, унагъо ышIэн ихьисапыныя? Мы Нэфсэт зэкIэми гуцафэ афешIы. ЛIы тхьамыкIэу зышъхьэ шъуз цIапIэм къырезгъэхьыжьэжьыгъэм къыфимыугупшысын щыIэп... Алъкъэс зэ зеумысыжьы, зэ зеухыижьы. Нэфсэт зэгупшысэрэм ежь егупшысэнэу фаеп. Ар гъэмэфэ бэдзэ къаигъэр зэрэIуагъэзыкIрэм фэдэу IуегъэзыкIы, ау къытебэнэжьы...

– Узщыщынэн Iоф, Нэфсэт, ащ хэлъэп, зышъхьэ къезыхьыжьэжьыгъэ лIы тхьамыкIэм тыщыогъахьэ,– Алъкъэс шъузым едэхэшIэкIыгъ.– Ары, Нэфсэт, ары, зи узщыщынэн щыIэп... Хъун, чъыежь.

– Алахь, ар ауштэу къычIэгъэкI. Нэфлъэшъу тыкъигъэкI.

– ТыкъикIыщт, Нэфсэт, тыкъикIыщт...

Нэфылъэр къызэкIидзыгъэ къодыеу Алъкъэс къэтэджыгъ. ХьакIэр зэрылъ унэпчъэ гъуанэм зыдэплъым, ыкIыб къэгъэзагъэу Дальмар чъыеу ылъэгъугъ. Унэм къызекIым, Нэфсэт чэмыр ыщыщтыгъ. Чэт зырызхэр щагум щэугъуаех. Ошъочапэр плъыжьыбз.

– OсIогъагъэба щазымэжъым ибдзагъэр зэримыгъотэжьыщтыр,– Алъкъэс шъузыр ыгъэмысэзэ, Iэщ чэум екIолIагъ.

– Къисхыжьыгъэмэ, ибгъотэжьынэп адэ.

IэплъэкIымрэ сабынымрэ ыIыгъэу Дальмар унэм къикIыгъ, зэпI-зэшъузмэ къакIэрыхьагъ:

– Шъуипчэдыжь шIу, непэ мэфэ шIагъо хъунэу зыкъегъэлъагъо.

– Ары типчэдыжь ыIорэр,– Алъкъэс ошъогум дэплъыезэ, Дальмар дыригъэштагъ, етIанэ Нэфсэт риIуагъ.– Мо къаштэ, чэт Iусыр сэ згъэхьазырыщт, тэ зыIуддзэн горэ о къытфэгъэхьазыр. ЖьыIоу Iофышlэ тыкIон фае.

Чэум кIэрыт тхьакIыпIэм Дальмар зыщитхьакIыгъ, зызэкIилъэкIыхьажьыгъ, шъхьац пIуакIэр Iэ сэмэгумкIэ сэмэгубгъум рижьэкIыгъ.

Унэм зехьажьхэм, хьакIэр Алъкъэс еупчIыгъ:

– Талъэныкъора, Алъкъэс, зыдэбгъэзэщтыр?

– Олахьэ сымышIэрэ, тэ джары тызхэтыр, кIо зыфаIорэм тэчъэ,– къалэм зэрэкIощтыр Алъкъэс хьакIэм шIуиушъэфыгъ.

– Умычъэми хъущтэп, зэкIэри унашъо зышIын закI, лэжьэщтыр сшIэрэп нахь...– Дальмар щхыгъэ.– СыкъызкIыоупчIрэр Рамбеснэ къутыр лъэныкъомкIэ зыгорэкIэ укъочъынэу хъумэ, джыри сыкъыбдэкIощтыгъэ. Псынэ дэрэмыт еблэми, дязгъэшIыхьэмэ хъугъэ. А унэмрэ шъуичылэ унэмрэ сыгу рехьы, ауаси уеззгъыщт. Нычэпэ сегупшысагъэти, тIум сакъыщыуцугъ. Шъуичылэ унэр дэгъудэд, ау унагъо гори пшIэнба, къо гори пхъунба, ар гъунэгъумэ, къызэрэпIуагъэмкIэ къыпфадэщтэп. Рамбеснэм мэшIоку гъогури, асфальт гъогури пэчыжьэп, ащ сыщыунагъомэ кIэщыгъокIэ тызэлъыкIозэ тшIын, тызэхэхьан.

– Тэри ныкъо цIыкIу гори къыздэтхьын, Рамбеснэм тыщыIагъ тIозэ, Светикрэ сэрырэ тыкъэкIожьын. Хьаулыеу, зыгорэм тырымыкIощтмэ, «Победэр» тиIа?

ЛIитIумэ Нэфсэти адыригъэштагъ:

– Адэ тыкъэкIон, Владимир Петрович, хьакIакIо тыкIон фалIэзэ къэтэхьы. Тезгъэблэгъэн бысымгуащэ тэрэзыIо горэ о къэгъоти, тэ уедгъэзэщынкIэ утэгъэгугъэ.

– Ащ фэдэ горэм емыгупшысагъэ хъущтэп.

– Ащ узэгупшысэн хэлъыжьэп, Володя.

– Сыда зыкIыхэмылъыр? – Нэфсэт лIым фидагъэп.– Угу зэIурэр къыхэхыгъоштукIэ огугъа?

– Ары сыгугъэн!.. Сэ о укъахэсхы зэхъум, къинэу схъугъэр зыфэдэр къэсэмыгъаIуи нахьышIу... Сшъхьац фыжь хезгъэдзагъэмэ ори уащыщ, Светик. Икъунрэ шъуипчъэIупэ IутэбгъэубыкIыгъ.

– Мыр къысэпIожьыщт Iоу сшIагъэмэ нахьыбэри шъукъэзгъэкIоныгъи.

– Уинасыпти а пчыхьэм укъэтэджи, укъыддикIыгъагъ...



– Сыд къысэшъушIэни?

– Сыдына, ащ нахь тыкъыIухьажьыщтыгъэп.

– Ора къыIумыхьажьыщтыгъэр! – Нэфсэт ыгу къыдеIэу щхыгъэ.

ЗикIэлэгъу зыгу къэкIыщтыгъэхэ зэлI-зэшъуzмэ Дальмар ядэIу, къаIорэр шIогъэшIэгъон фэдэу зешIы, нэшIукIэ аIоплъыхьэ.

– СышъодэIушъ, Алъкъэс, шъуипсэлъыхъуакIэ къызгурыIорэп, пшъашъэр угу рихьымэ зыгорэ пкIыгъоу ыдэжь укIон ищыкIагъа?

– ИщыкIагъ, уизакъоу псэлъыхъуакIо укIоныр емыкIоу алъытэ.

– ЗэрэхъурэмкIэ, Алъкъэс, орырэ сэрырэ псэлъыхъо тызэдэкIон фаеу хъущт... Сыд къепIуалIэрэр?..– Дальмар ынэ шхъуантIэмэ чэфыр акIизыгъ.

– Бо къыбдэкIон,– нычэпэ зытегущыIагъэхэр зыщигъэгъупшэхэу Нэфсэт къыIуагъ.

– Светик ар ыIомэ, тэ сыд тызыхэтыжьыр! Уфаеми джыдэд, сэ сыхьазыр!

– Джыдэдэми хъущт, ау ащ ыпэкIэ унэ цIыкIу горэ щэфыгъэн фае. Ау ащ уегупшысэным ыпэ къепщэлIэщтри уиIэн фаеба?

– Сыда зыкIыуимыIэр? – хьакIэм игущыIэ Алъкъэс къыхэуагъ.

– Ащ фэдэ щыI Iоу сшIэрэп сэ.

– Зымэфэрэ пхъэ кухьэр угу къэгъэкIыжь.

– Сыд пхъэ кухьа? – къымышIэжьы фэдэу Дальмар зишIыгъ.– Ы-ы зымэфэрэ шъузра зигугъу пшIырэр?

– Сыда, хъущтба?

– Бо дэгъу, ау зыфэдэр сшIэрэп нахь...

– Зыфэдэр щыгъу дзыо дэпшхымэ къэпшIэщт...– Алъкъэс щхыгъэ.– Шъуз шIагъу, зымафэ сыкIэупчIэгъагъ. Къыщэтхъух, илI гъэрекIо лIагъэ.

Тыгъоспчыхьэ фэмыдэу Нэфсэт ныпчэдыжь зэрэчэфыр Дальмар игопагъ.

– Непэ а лъэныкъом самыгъэкIонкIэ сенэгуе,– Алъкъэс хьакIэм иупчIэ джэуап ритыжьыгъ.– СамыгъакIоми сагъэкIуагъэп, сыда уиIоф ащ зыкIетпхыщтыр, IофшIэгъу ужым зэрэунагъоу тыкъочъынба!

Дальмар Нэфсэт еупчIыгъ:

– Сыд, Нэфсэт, къепIуалIэрэр?

– Дэгъу, унэми тызэдеплъын, сыпфедэон, сомэ лые джырэ фэдэ мафэ щыIэп. Зигугъу шъушIыгъэми, шъуицыхьэ къыстелъымэ, нэIуасэ сыфэшъушIын. ИшIуи идагъуи шъушIосыушъэфынэп.

Нэфсэт къыIуагъэм лIитIур ыгъэщхыгъ.

Алъкъэс зэрэфэе дэдэу ыгу илъыр, зыгъэгумэкIрэр къашIагъ пIонэу, шэкIыщэ къэлэ базэм агъэкIуагъ.

Пыжъым фэдэу Алъкъэс зэкIоцIыгъэнагъэу рулым кIэрыс, орэдри щыгъупшэжьыгъ. ЗытIо-зыщэ къыгосылIри къесэмэркъэугъ шъхьакIэ, зи къызэримыкIыщтыр зешIэм, кабинэм ышъхьэ ригъэкIи, шъхьаукъагъэ.

ЗыгъэгумэкIын Алъкъэс ышъхьэ илъ. Гум щызэрэугъоигъэр фызэрзэхэфыжьышъу. Шъхьэр зыгъэузын нэмыкI къыпыпкIэрэп.

Къэлэ дэхьагъум щыт базэм Алъкъэс машинэр Iуигъэлъади, игъусэ зекIым, Алъкъэс еупчIыгъ:

– Сыхьатныкъо горэкIэ укъысфэмыещтмэ, бензин къизгъэхъощт.

– Сыхьатрэ укъэтми хъущт.

ЗыдэкIощтым Алъкъэс тыримыубытэгъагъэми, къэлэ урам шъхьаIэмкIэ имашинапэ ыгъэзагъ, урам заулэ зэпичи, джабгъу къэгъэзэгъум къолъэдагъ. Тхылъыщэ тучаным блэлъэтыгъ, еджэпIэ шIыгъакIэри ыужкIэ къэнагъ, хъалыгъущэ тучанми нэсыгъ. Ащ фэдизым зэчъэм зэгупшысэщтыгъэр уц фыжь цIыкIоу шъузым къыгъотыгъэр зэраригъэуплъэкIущтыр ары.

Хэку сымэджэщым кIонэу тыриубытагъ. Ащ иврач шъхьаIэ, ригъэуплъэкIун ихьисапыгъ, ау зынэсым дэхьагъэп, блэлъэти, къэгъэзэгъум дэжь заулэрэ щытыгъ. ЕтIанэ машинэм къыригъэгъази, унэ фыжьышхом чIэт аптекэмкIэ ежьагъ. Джащ щызэхафынкIэ гугъэщтыгъэ, аущтэу зыкIэгугъэрэр ежьыри ышIэрэп, зэ ишъэожъые зэсымаджэм, уцыхьэ мыщ къызэкIом, зыфаер ыжэ къыдамыгъэкIэу къыратыгъагъ. Алъкъэс анахьэу зыщыгугъыщтыгъэр уцыр къезытыгъэгъэ бзылъфыгъэр ары. ЗыгорэкIэ угузажъо хъумэ, джыри къыIухь къыриIогъагъ.

Урам шъхьаIэм зынэсым, ихьылъэзещэ машинэ рыкIон фитыгъэпти, хьаблитIукIэ къыухьи, нэмыкI урам цIыкIукIэ рычъагъ. Аптекэм зычIахьэм, зыфэе бзылъфыгъэр зэримыгъотыгъэр игуапэу къычIэкIыжьыгъ.



Урам къуапэм дэжь псы щешъуи, имашинэ екIолIэжьыгъ. Iэгушъом кIэужъунтхи, машинэр губжыгъаеу рифыжьагъ. Урам зытIу зызэпечым, машинэр къыгъэуцугъ. Тутын хигъэнагъ. Заулэрэ ыкъудый-ыкъудыий, чIидзыжьыгъ. Рулым Iэ мытIырхэр тырилъхьэхи, бгъэкIэ зытырыгъэкIэжьыгъ. ХьакIэщ ныкъошIымкIэ заулэрэ плъагъэ, шъхьаныгъупчъэ пчъагъэу хэлъыр къылъытагъ, чырбыщхэр зыIэтрэ краным Iоф зэришIэрэми еплъыгъ, етIанэ кабинапчъэр лъэшэу риутэкIи, ежьагъ. Заулэрэ кIуи, урамымкIэ къэгъэзэгъэ унапчъэм ихьагъ. Оперативнэ дежурнэу къыпэгъокIыгъэм риIуагъ:

– ШъуиIофышIэмэ ащыщ горэм сыIугъакI!..

– Хэта узфаер? Узыфаем ылъэкъуацIэ къеIу.

– Сызыфаер сшIэщтыгъэмэ мыщ сыIутыния?

Дежурнэр телефонымкIэ джагъэ:

– Товарищ майор, мыщ зы лIы горэ Iут, къычIахьэмэ шIоигъу.

– Садэжь къычIэгъахь,– Лэукъан трубкэм къиджыкIыгъ.

– Сэ сыкъызфэкIуагъэр ары,– Алъкъэс иджыбэ хъэдэн зэкIоцIыпхагъэ къырихыгъ,– мы уцыр шъозгъэуплъэкIумэ сшIоигъу, сицыхьэ телъэп...

Ыпашъхьэ исыр зыщилъэгъугъэр Лэукъан къымышIэжьэу заулэрэ еплъыгъ, етIанэ ыгу къэкIыжьыгъ.

– Сыда мыщ уицыхьэ зыкIытемылъыр?

– Мыщ сицыхьэ зыкIытемылъыр къыосIон, ары сыкъызфэкIуагъэри,– Алъкъэс зыгъэгумэкIрэр къыIотэнэу ригъэжьагъ: – Ашъыу, зыгорэ гъогум къыщыспыпкIи, пшIэрэба ушофер зыхъукIэ, Iаджми уаIукIэщт, тадэжь езгъэблэгъагъ...– Гъогум Дальмар къызэрэщыIукIагъэр, риIуагъэм, къыриIожьыгъэм нэс Алъкъэс майорым риIотагъ. Алъкъэс анахьэу зыгъэгумэкIыщтыгъэр джа къафихьыгъэ уцыр ары.– Зешъоу тIэкIу зыуташъорэм мы уапашъхьэ илъым фэдэ зыжэдедзэ, а сыхьатым чэфыр кIефы... МыщкIэ сизакъоп, сишъузи гуцафэ ешIы...

– КъызэрэпIорэмкIэ, уизакъоп гуцафэ фэзышIыгъэр?

– Сизакъоп, Нэфсэти ары.

– Хэта Нэфсэтыр?

– Нэфсэтыр сишъузба.

– Нэфсэта мыр къэозгъэхьыгъэр?

– Ары… Хьау… Сэры зыгу къэкIыгъэр…
– Хэтми, дэгъоу пшIагъэ укъызэрэкIуагъэр.
– Адэ, ары… Тэ тыкIония?..
Унапчъэр къызыIокIым, Алъкъэс зыкъызэригъэзэкIыгъ. Ылъэгъурэр ышIошъ мыхъоу къихьагъэм Алъкъэс еплъыгъ. Ар летчик кIалэу пивэ зыщешъогъэхэ буфетым нэIуасэ къащыфэхъуи, аэродромым дэжь щырагъэкIыжьыгъагъэр ары. Нибжьи ымылъэгъугъэм фэдэу къихьагъэм зишIи, майорым папкэр къыфытырилъхьагъ.
– КъэтIыс, товарищ капитан,– папкэр къызэдихызэ, майорым къыIуагъ.
Лэукъан папкэм дэплъыхьагъ. ТхылъыпIэ заулэмэ анэмыкIэу сурэт заули дэлъыгъ. Алъкъэси къеплъыгъ, сурэтми яплъыжьыгъ.
– Тыгъосэрэхэр арых, товарищ майор,– капитаным къыIуагъ.– Мары Алыбэрдри…
Алъкъэс ылъэкъуацIэ зызэхехым, къыкIэщтагъ. Iоф тхьамыкIагъо горэм хэщагъэу зэрэхъугъэр къыгурыIуагъ. Къырамыгъэблагъэу ежь-ежьырэу къызэрэкIуагъэм кIэгушIужьыгъ.
– КъытфиIотэнэу арба ежьри къызкIэкIуагъэр,– Лэукъан Алъкъэс фычIэплъыгъ, етIанэ капитаным джэнч теплъэ зиIэ таблеткэр ритыгъ.– Мыр лабораторием псынкIэу къегъэуплъэкIу.
– Адэ ары сыкъыкIэкIуагъэр… Шъо къышъотымыIуатэмэ хэта зэтIотэщтыр!..– Алъкъэс гу къызIэпишIыхьажьыгъ.
– Тэрэзэу пшIагъэ укъызэрэкIуагъэр,– джыри Лэукъан къыIуагъ.
– Адэ, тэрэз…– Алъкъэси дыригъэштагъ.
Капитаныр унэм икIыгъ.
– Мара уихьакIэр? – Лэукъан сурэтыр Алъкъэс къыригъэлъэгъугъ.
Пивэ кружкэр ыIыгъэу ихьакIэ буфет шъхьаныгъупчъэм Iут. Пивэ ешъорэм фэдагъ, ау ынэхэр пивэм теплъыкIхэти, аэродромымкIэ плъэщтыгъэх.
– Мыры сихьакIэр, алахьым тумпы ешI ар!..– Алъкъэс ынитIу къэкIосагъ. Шъхьэр риуфэхи, тIэкIурэ зыщэсым, къыхэкуукIыгъ.– Уделэмэ, узгъэделэн макIа! Сыделэп сэ… ГъэшIэгъона ращыгъагъэмэ сащыщыгъэмэ, ащ тыкъэтыфэкIэ сятэ ыпсэ зыфигъэIылъыгъэ хабзэм зы мэфэ закъокIи сыгу ебгъагъэп. Армэ зыкъыкIыспищытIагъэр, хэукъуагъ ар!.. Ащ сыфырикъущт сэ!



Алъкъэс къызщылъэтыгъ, къэтран зэкIэ фуражкэжъыр зыщилъэшъожьыгъ. Лэукъан зи къымыIо зэхъум, фуражкэр зыщихыжьи, тIысыжьыгъэ.
– ШъуигукъаохэР зэшъуIотэнэу ора апэ къезгъэжьагъэр хьауми ежьыра? – Лэукъан къэупчIагъ.– Умыгузажъу, егупшыс. ТэркIэ ащ мэхьанэ иI.
– Жэмыгъо сIут сэ… Сэры апэ къыхэзыдзагъэр. Ари къезгъэжьэщтыгъэп ежь хьапсым сыдагъэсыгъ ымыIуагъэмэ. Сыдэсыгъ зеIом, сигукъауи къыгъэтIэсхъэжьыгъ.
– УиIахьылхэмкIэ къыоупчIыгъэба?
– УзкIэупчIэн Iахьыл сиIэп, тянэ зэрэлIагъэри, тятэ заом зэрэхэкIодагъэри а мэфэ дэдэм еIогъагъэх.
– Адэ уятэкIэ зи къыуиIуагъэба?
– Зи къысиIогъагъэп… Хьау, усэгъапцIэ, уятэ псаункIи мэхъу, зэоужым Iаджми къагъэзэжьыгъ, къысиIогъагъ.
– О сыд епIожьыгъ?
– Сятэ псаоу зэгорэм къыкъорэкIыжьи, мэфиблэ ешхэ-ешъо пфэсшIын еIогъагъэти, щхыгъагъэ. Джа зыр ары тятэ тызэрэрыгущыIагъэр.
– Ар сыдигъуа къызыуиIуагъэр, апэрэ мафэр ара?
– Ары, унэ щэф Рамбеснэ къутырым тызегъакIор ары,– Алъкъэс ынэ цIыкIухэр къиуцIыукIыгъэх.– Сщыгъупшэжьыгъи, уятэ зыгорэкIэ къыхэкIыжьыкъомэ сыдэущтэу зыфэпшIын, заом узэмыжэгъэ Iаджи хэхъуахьы къызысеIом, ащ фэдэп сятэ еIожьыгъагъ.
– Ащ фэшъхьафэу сыд шъузэрыгущыIагъэр?
– ТызэрыгущыIагъэ щыIэп… Ары ошIа, шъуз къыщэшIоигъу.
– Гухэлъ шIагъо иI ащыгъум.
– Адэ иI… ЕтIани сыд фэдэ шъуз шIагъу ащ къыхигъэщыгъэр.
– Рамбеснэ къутырыра зыщыщыр?
– Ары.
Хэку сымэджэщыми аптекэми мыкIоу мыщ къызэрэкIуагъэр IушыгъэкIэ Алъкъэс зыфелъэгъужьы. Тэ щишIэния ихьакIэ ащ фэдэу къычIэкIынэу, шIу ешIэ ыIозэ, ышъхьэ ощ рилъхьажьыгъ. Инасып нахь охътабэ тырымыгъашIэу ыуж зэрифыгъэр, мыщ къызэрэкIуагъэр. Нэфсэт удым фэд, къышIагъ…
Джыдэдэм Алъкъэс зыпылъыгъэр, игупшыси нахь зынэсрэр Iофэу зыхэфагъэм хэкIыпIэ къызэрэфигъотыщ-

тыр, зыгорэкIэ хэщагъэу зэрэмыхъуштыр ары. Ащ пае шъэф иIагъэп, упчIэу къыратрэм кIэгушIузэ, джэуап ретыжьы.

Сымыделэмэ, Алъкъэс ыIуагъ, сыда ар зыкIезгъэблэгъагъэр? Сфэшъуаш, апысхрэ щымыIэу къыспэкIафэрэр пыщэгъу сэшы… Къизгъэтысхьанэуи, садэжьи къесщэлIэнэуи сыда зэрэсищыкIэгъагъэр?..

Лэукъан папкэм дэлъ тхылъыпIэм хэплъыхьэ. Ащ капитаныр Алъкъэсдыхэм буфетым зэращыIукIэгъагъэр, аэродромым зэрэнагъэсыжьыгъагъэр, къыраIуагъэр, ариIожьыгъэр зэкIэ ит.

– Ащ фэшъхьафэу сыд етIани шъуIуагъэр, шъуздэкIуагъэхэр? – джыри Лэукъан къэупчIагъ, «шъуздэкIу-гъэхэр» зыфиIорэ гущыIэм нахь теIункIагъ, мыгузажъоу дэгъэчъым тутын къыдихыгъ, къеплъызэ, сырнычыр кIигъэнагъ.

– Тэ тыкIона? ТыздэкIуагъи щыIэп, джа Рамбеснэ къутырым тызэригъэкIогъагъ…

– Рамбеснэр аэродромым пэмычыжьэу щыс къутырыра? – къыIорэм еплъынэу аэродром гугъу Лэукъан къышIыгъ.

– Ары, джа аэродромым ыпшъаIокIэ щыс къутырыр ары. Сщыгъупшэжьыгъи, а аэродромым къыкIэупчIагъ.

– Сыд ыIуи?

– ЫIогъэ шIагъуи щыIэп… Пхъашэу къэшъоухъумэ, джа къэшъуIофытэгъэ капитаным риIогъагъ,– капитаным зынэсым Алъкъэс щхыпцIыгъэ, зыгорэ къыIомэ шIоигъуагъ шъхьае, къыIуагъэп.– Самолетэу аэродромым къытетэджыкIхэрэр шIогъэшIэгъоныгъ.

– ШIогъэшIэгъоныгъ пIуи?

– Ары, шIогъэшIэгъоныгъ.

Аэродромым самолетыкIэ зэрэщауплъэкIурэр, ар къэзыугупшысыгъэ конструкторыр мыгъатхэ къэкIуагъэу зэрэщыIэр, зэрэшэкIо бэлахьыр Алъкъэс ихьакIэ зэрэриIуагъэр, зыкIиушъэфыри ымышIэу Лэукъан шIуиушъэфыгъ. АщкIэ къеупчIыкъомэ ыIоу щысыгъ шъхьакIэ, къеупчIыгъэп.

Капитаныр кабинетым къихьажьыгъ. Таблеткэм тхылъыпIэ плIэмые цIыкIу игъусэу майорым къырити, Лэукъан рычъагъ.

– Уззнэгуегъэ дэд мы къытфэпхьыгъэр,– Лэукъан къэтэджыгъ.



– КъосIогъагъэба ащ сицыхьэ зэрэтемылъыгъэр! – Алъкъэс гушIуагъэ.– ЕтIани зэрэунагъоу унэщэф тыдэкIонэу нычхьапэ ар дгъэгугъагъэ…

Уицыхьэ зытеплъхьан кIалэу майорыр Алъкъэс къеплъыгъ. ХьакIэу ригъэблэгъагъэм ехьылIагъэу къыIотагъэм ишъыпкъагъэ уехъырэхъышэжьынэу щытыгъэп. Iоф зыщишIэри, Iоф зэришIэри, иунэгъо щыIакIэ нэс капитаным тыгъуасэ закIэрэкIыжьым къызэригъэшIагъэу, шIошIрэр къыриIолIэгъахэу Лэукъан ыпашъхьэ илъ папкэм дэлъыгъэх. Алъкъэс дэгущыIэфэ, ахэмэ Лэукъан нэIуасэ зафишIыгъ.

ХьакIэр зэрэригъэблэгъагъэм фэдэу нэгушIоу джыри фыщытынэу Алъкъэс къыфигъэпытагъ:

– УихьакIэкIэ зи пшIэрэп, пшIэрэ закъор ежь къыуиIотагъэр ары,– майорым Алъкъэс къыриIуагъ.– Умысакъыныр ащ къикIрэп, зыфэсакъыжь, тэри тыкъыпфэсакъыщт, зы нэплъэгъуи ори уиунагъуи шъутетхыщтэп.

– Нэфсэт мыхэр езгъашIэхэ хъущта? – Алъкъэс майорым ыIапэ ыубытыжьзэ, еупчIыгъ.

– О таущтэу уеплъра?

– ЕтымыгъашIэмэ нахьышIунба?

– ДжаущтэумэнахьышIукIэ сэгугъэ…

## ПакIэр кIырэу къегъэкIы

Лэукъан полковникым дэжь мыкIоу тутыныбжъэр ыгъэстыфэ щысыгъ. Джыдэдэм ыдэжь чIэкIыжьыгъэм егупшысэ. Алъкъэс исурэтрэ хьакIэщым чIэсымрэ ясурэтрэ яплъыгъ, зэригъэпшагъэ. Сурэтым ит нэбгыритIур зэрэзэIахьыл шъыпкъэхэм щэч хэлъыжьэп – ятэрэ ыкъорэ. Ау ар къэзыушыхьатын телъхьапIэ джырэкIэ Лэукъан иIэп. Зыдэхъугъэр амышIэу заом хэкIодэгъэ Алыбэрд ТIахьири фэгъэхьыгъэхэу къыфахьыщтым ежэ. Ар зэримыгъэлъэгъоу, ишъыпкъапIэ зэримыгъашIэу полковникым дэжь чIэхьащтэп.

Лэукъан игупшысэ упчIабэ къыхэтэджыкIы.

Сыда ятэ зэришIэрэр джы нэс Алъкъэс зыкIыримыIуагъэр? ЗэрэшIэхэу зэIукIагъэха? ТIахьирэ зэрэщымыIэжьыр сыда ыкъо зыкIышIуиушъэфрэр? Аужрэ утын

телъхьажьэу зыдиIыгъа? Майорым игупшысэхэр зэпегъащэх, ау зэпыщапIэхэр къыхэмыщыным пае икIэрыкIэу зэпкъырещыжьых, етIани фэсакъыпээ зэпегъэщэжьых.

Лэукъан хэукъуагъэп. ХьакIэщым чIэс диверсантыр Алыбэрд ТIахьир, Алъкъэс ят. Заом ыпэкIэ, заом защэ мафэхэм тырахыгъагъэхэ сурэтхэм къаушыхьатыгъ. Алыбэрд ТIахьирэ ехьылIагъэу щыIэр зэкIэ Лэукъан папкэм ригъэкIугъэх. Алъкъэс фэгъэхьыгъэхэри, ащ ихьэкIэ диверсантым ехьылIагъэхэри зыдиштэхи, полковникым дэжь кIуагъэ.

– Дэгъоу пшIагъэ, товарищ майор, укъызэрэчIэхьагъэр, джыдэдэм сыкъыпфытеон сихьисапыгъ,– Смирновыр майорым къыпэгъокIыгъ.– КъэбарыкIэ щыI.

– УзгъэгушIон къэбарыкIа, товарищ полковник?

– Уезэгъыщт. Непэ уикъалэ дэмытхэгъэ нэбгырэ къыхэхъуагъ. СызэренэгуерэмкIэ, ар ятIонэрэ диверсантыр ары. Диверсант етIоным джыри тыфитыгоп, ау ар етIон фаеу хъункIэ сэгугъэ. Лейтенантэу Самойловам макъэ къызэригъэIугъэм нэIуасэ зыфэшI.– Ыпашъхьэ илъ тхылъыпIэр майорым фигъэкIотагъ.– Дэгъоу Алевтина Андреевнам къыгъэпсыгъ.

– ЛIитIу амышIэн Алевтина Андреевна ышIэщт,– Лэукъан къыратыгъэм еджагъ: – Нычхьапэ киноум зэдэкIонхэ аIо...

– Джары, товарищ майор, сыкъыоджэнэу сызкIыфэягъэр. Бзылъфыгъэм шъутеплъэхъукIы хъухэщтэп, пшъхьэкIэ пшъэрылъ къыпфэсэшIы. Джыри уахътэ уиI, егупшыс, зыфэгъэхьазыр.

– Хъун, товарищ полковник,– майорым кIэкIэу къыпиупкIыгъ,– етIанэ зэпыугъо фишIи, риIуагъ: – Ащыгъум, Иннокентий Терентьевич, нэмыкI къэбарым къедэIу, ари гъэшIэгъон хьазыр.

ЗэкIэупкIагъэу Алъкъэси, джырэкIэ зыцIэ ымышIэрэ Владимир Петровичми, ТIахьири яхьылIагъэу ышIэрэмэ полковникыр ащигъэгъозагъ. Ежь ишIошIи риIолIагъ. Лэукъан къыIощтыр къызеухым, Смирновыр къэупчIагъ:

– Ятэрэ ыкъорэ зэрэшIэха?

– Хьау, товарищ полковник.

– ХьакIэм, къызэрэпIуагъэмкIэ, тым игугъу бысымым фихигъэпсрэп. Сыда?

– Ар сэ къызэрэсшIошIрэр, товарищ полковник, мары: Алъкъэсрэ зыцIэ тымышIэрэ хьакIэмрэ зэрэмышIэхэу гъогум щызэIукIагъэх. Алъкъэс дэжь хьакIэр зэрэкIощтыгъэри IузгъэзыкIрэп. Шоферым итеплъэрэ кIыгъугъэ диверсантитIум яз итеплъэрэ зэрэзэхьыщырым гуцафэ ригъэшIыгъ, зэрэгугъагъэуи къычIэкIыгъ. Ау джы нэс ятэ зэрэпсаур ыкъо риIуагъэп, ежь ишъэф нафэ хъунэу фаеп. ИIоф АлъкъэскIэ къимыкIы хъумэ, ятэ къыпиIэтынэу ежэкIэ сэгугъэ.

– Ар Iэубытыпlэ хъущт, ау етIани Iэубытыпlэ хъурэба шпионыр зэрихьакIэрэр, къызэрэрищэкIрэр? – гущыIэр полковникым Лэукъан IэкIихзэ, къэупчIагъ.– Фай-фэмыеми зы Iоф зэдыпыщагъэ хъугъэ.

– Ари мыдырэри Iэубытыпl, ау Алъкъэс гъэщынэгъэ IофкIэ зыпыпщэн кIалэу сыхаплъэрэп. Ар диверсантым къыгурэIо. Аужырэ гущыIэр ежь зэримыежьыр зыдешIэжьы. Джары ТIахьирэ иIоф хьакIэм зыкIиушъэфрэр.

– Ащи, товарищ майор, уезэгъы хъущт. Ащ нэмыкI шъэф мы Iофым хэлъмэ? – полковникыр къэтэджыгъ, заулэрэ шъхьаныгъупчъэм иплъыгъ.– ЗыцIэ тымышIэрэ хьакI пIуагъэ къысшIошIыгъэмэ сшIэрэп, товарищ майор?

– Ары сIуагъэр, товарищ полковник.

– Сыда ыцIэ зыкIэтымышIэрэр? Сэламыр хэта?

– Ар Сэлам арымэ, Иннокентий Терентьевич, джэхэшъо гъуанэм дэфагъэр Алыбэрд ТIахьир.

– ОзгъаIорэр къеIуалI.

– Алыбэрд ТIахьирэ зэрэщымыIэжьыр «хьакIэм» ешIэ, ау псаоу къызэрэнагъэм щыгъуазэп.

– ЗэрэхъурэмкIэ, кIодыгъэр Алыбэрд ТIахьир?

– Ары, товарищ полковник.

– Псаоу къызэнэм, пIалъэу зэфашIыгъагъэм ехъулIэу ТIахьирэ шхапIэм къекIолIагъ.

– Арэу сеплъы, товарищ полковник.

– Сыда зэплъакIорэр?

– Ащ тыщыгъуазэп.

– Сыда пакIэ къызкIызытыригъакIэрэр?

– Джары, товарищ полковник, тыкъэзыубытрэр.

Смирновыр радиоприемникым екIолIагъ, хичмэ хидзэжьызэ, заулэрэ лъыхъуагъэ. АрапыбзэкIэ бзылъфыгъэ мэкъэ гохь горэм орэд къеIо, гущыIэмэ зи ахимышIыкIми, орэдышъор дахэ, шъхьэм зегъэпсэфы. Орэд къэIоныр къаухи, дикторым зыгорэ къыIуатэу зырегъажьэм, полковникым радиоприемникыр хичыжьыгъ. Орэ-

дым едэlуфэкlэ Лэукъани тутыныбжъэ ыгъэстыгъ, ятlонэрэри къыштагъ.

– Тlахьирэ хэта зажэрэр, хэта зэплъаклорэр? – полковникым упчlэр джыри къыкlиlотыкlыжьыгъ.

– Сэлам джырэкlэ къалэм кlон моради иlэп,– Лэукъан полковникым иупчlэ зэхимыхыгъэ фэдэу ежь-ежьырэу зэреlожьы.– Нычхьапэ унэщэф Рамбеснэ къутырым кlонэу зегъэхьазыры.

– Сэ чэм зэрэсищыкlагъэу а унэр ащ ищыкlагъ,– Смирновыр щхыгъэ.– Ар зымыгъэзагъэрэр Рамбеснэм пэблэгъэ военнэ аэродромыр ары. Джыдэдэм аэродромым самолетыкlэ щауплъэкlу, ащ рагъэхъорэ дагъэр зыфэдэм егъапэх. Ащ щыщэу зыгъоткlо закъу ящыкlагъэр, ар аlэкlэхьанэу арэшlи, къыпфамышlэн щыlэп.

– Шъуз къыщэнэуи зегъэхьазыры.

– А сызхаплъэрэм, майор, лъапсэ едзы. Иlофшlаклэкlэ нэмыц разведчик горэ сыгу къегъэкlыжьы...

Къаухь-аухьажьми полковникымрэ майорымрэ Тlахьирэ зэплъаклоу къалэм зыфыдэсым еклолlапlэ фагъотышъурэп. Ар къэозгъэшlэн lэубытыпlи аlэкlэлъэп. Алевтина Самойловар зыуж итри а къэлэ дэдэм ныпчэдыжь кlуагъэ. Зыр кlэлэегъаджэм епсэлъыхьо, адырэм мэфэныкъом зегъэчъыеклы, мэфэныкъом шхаплэм чlэсы. Загъори киноум маклo е бэдзэрым техьэ, зеплъыхьэ.

Тlахьирэрэ Алевтинэ нэlуасэ къыфэхъугъэмрэ зэрэшlэха зэрэмышlэха? А нэбгыритlур зэзыпхырэ шъхьацнэлъэ лъагъор джырэкlэ лъэгъугъуай. Пlалъэ зимыlэ щыlэп. Ау мыдырэхэм – полковникымрэ майорымрэ – ар къызщыхэщыщтым емыжэхэу джыдэдэм къыхагъэщы ашlоигъу. Мафэ къэсми, сыхьат тешlэ къэсми, амылъэгъурэ заор нахь бгъузэ мэхъу.

– Зибэ тешlагъэм имаклэ тешlэжьын, ахэри непэ фэдэу неущ къэнэфэщтых,– Смирновым къыlуагъ.– Ясурэтхэр Москва ябгъэхьыгъэха? Къаклэупчlэгъагъэх. Сэлам диверсант къызэрыклоклэ сыгугъэрэп, заом ижъобгыпlэ тlэпыкlыжьыгъэгъэ разведчик горэ сыгу къегъэкlыжьы... Къэбаритlум нэмыкlэу джыри сыд къэпlонэу уиl, майор?

– Ащ анэмыкl сиlэгоп, товарищ полковник.

– Ащыгъум, товарищ майор, зымыгъэгужъоу уигъогу техь, Алевтина Андреевнам шъуфэсакъ. Сыгу фэгъу, зыкlыфэгъурэр къызгурыlон слъэкlрэп, зэрэбзылъфыгъэ ныбжьыкlэр арыщтын...

Лэукъан полковникым иаужырэ псалъэмэ lуагъэщхыкlыгъ. Иннокентий Терентьевичыр бзылъфыгъэклэ зэрэгушъабэр игущыlэмэ къахэщыгъап. Заулэрэ полковникыр майорым къеплъыгъ, къеупчlыгъ:

– Узфэщхыгъэр сыда, майор? Сшlэмэ хъущтба?

– Сыда зыкlэмыхъущтыр, Иннокентий Терентьевич? Алевтина Андреевнам угу фэмыгъэгъу. Бзылъфыгъэ пстэури зэфэдэп, ахэмэ Самойлова лейтенантыр ахэслъытэрэп, мыхъунэу, гум къеонэу зыгорэ природэм Алевтинэ къыхилъхьагъэмэ хъулъфыгъэу къызэримыгъэхъугъэр ащыщ.

Смирновыр щхыгъэ:

– Бзылъфыгъэмэ ахэпшlыкlрэ щыlэкlэ сыгугъэрэп, майор.

– Ащклэ, Иннокентий Терентьевич, ухэукъуагъэп,– Лэукъан къэтэджыжьыгъ.

– Алевтина Андреевнам игуахьыгъэ къыозыlотэщтыр ошlа, майор? Арбанян лейтенантым еупчl...

– Арбанян пlуи?

– Ары, Геворк Арбанян...

Зэхихыгъэр ышlошъ мыхъоу Лэукъан полковникым еплъыгъ. Ащ фэдэ гуцафэ майорым джы нэс лейтенантым фишlыгъэп:

– Ар сшlэгъахэп!

– Адэ джары, майор, мы тызпылъ lофым нахьи ахэм азыфагу илъыр нахь шъэф. Ар зыпшlэщтыр сэ къэзгъэшlагъэм фэдиз къэбгъашlэу зыми упемыожьынэу чlыпlэ узифэкlэ ары,– Смирновыр телефонэу къытеуагъэм лъыlэбагъ.

Къызэриштагъэм фэдиз пымылъэу полковникым трубкэр телефоным тырилъхьажьыгъ. Лэукъан къырилуагъ:

– Ятlонэрэр, хьаклэщым зычlимытхыкlыжьэу, къалэм дэкlыгъ, ячылэ гъогу техьагъ. Елбэт, товарищ майор. Ятэрэ ыкъорэ зызэlуклэрэм, Сэлам бгъотыжьыщтэп. Зэрищыкlагъэу щыми шъуадэзеклу. Сэри шъуауж кlэкlэу сыкъихьащт.

## ТIахьирэ ядэжь мэкIожьы

Ащ нахьыбэрэ ТIахьирэ къалэм дэсыжьышъущтэп. Мэфэ заулэр илъэс заулэуи къыщыхъугъ. Уичылэ сыхьат зытIущ гъогукIэ упэчыжьэу къалэм дэсыгъуай.

Зыгорэкlэ къысэхъулIагъэм пае пIалъэр зэблахъужьыгъэмэ?.. А хьэджэшъожъым зэхимыблэн щыIэп!.. Дальмар IукIэным ыпэкIэ Сергей IукIэным ТIахьирэ фэягъ. Ащ зыIукIахэрэм зэрэзекIощтыр ышIэщтыгъэ. Алахьым ешI джы Сергей зыдэщыIэр, сызэрэкIодыгъэр ешIэ шъуIуа? Ар зишIэщтыр Сергей сиукIакIо зыIукIэкIэ ары.

ПыицIэр иIэу ТIахьирэ ядэжь дэхьажьы шIоигъуагъэп.

Сыд тичылэжъ, еIо, тыгъокIо лъагъокIэ чэу шIункIы къогъумэ закъуаздээзэ, сызкIыдэхьажьыщтыр, унагъори икIэрыкIэу тхьамыкIагъом зыкIыхэздзэжьыщтыр?.. Алъкъэс псаумэ лIы хъугъэн фае, унагъуи иIэнкIи мэхъу... Къагъэзэжьыгъэмэ тичылэ къэмыкIожьыхэу янэ ытыщхэм адэжь Къэрэщае кIожьыгъэнхэкIи пшIэщтэп... Сыда изакъоу Iахьыли-лыщыщи зыщимыIэ чылэм зыфыдэсыщтыр?.. ЗыгорэкIэ чылэм дэмысыжьхэу къычIэкIмэ тятэ ихэпIэжъ къызэзгъэлъэгъун. Дэсхэмэ, сиIоф зэрэхъурэм елъытыгъэу сыпсэун...

ГъолъыжьыгъокIахэм ТIахьирэ ячылэгъунэ зыщыщыр ымышIэрэ машинэм къыщикIыгъ. Чылэр псы нэпкъ сэмэгум реубгъокIыгъ. Щымыщ мэкъэ лыягъэ къыдэIукIрэп. Гъогум рымыкIоу зигъэнэгъуаджэзэ чылэгъунэм ТIахьирэ рекIокIи, ятэ ихэпIэжъкIэ ыгъэзагъ.

Ятэ иунэжъэу унагъо зыщишIагъэр щытыжьэп. Ар зыдэщытыгъэм пэмычыжьэу унэшхо щагум дилъэгъуагъ.

Унэр зэгъокIы, щагури ары. Унэ натIэм пэIут пхъэмбгъу чэушхом щагум удигъаплъэрэп. Мэкъу хьандзор чэмыр зыщыгъошхэрэ Iэщымрэ къакъырэмрэ азыфагу дэт. Коным натрыф-щыбжьый блэрхэр пылъагъэх. Радиоантеннэри лъагэу гъэIагъэ.

Щагум дилъагъорэр зэкIэ ТIахьирэ шIогъэшIэгъон. Мы унэр Алъкъэс аригъэшIыгъэмэ, ащыгъум лIы хъугъэ... Ары, Алъкъэс ащ фэдэ унэ аригъэшIышъун!.. Сыдэущтэу аригъэшIыщтыгъа лъэпсэич ашIыгъагъэу? Хэти ерэй фаеми, унэр унэ дэгъу, ар зыем унагъо ышIэшъун елъэкIы...

Чылэм къыдэхьэрэ гъогушхомкIэ машинэ макъэ къыщыIугъ, къэблагъэ, ТIахьирэ зыдэт щагумкIэ зыкъигъэзагъ. ТIахьирэ псынкIэу мэкъу хьандзом зыкъуидзагъ. Къэлапчъэр къызыIокIым, щагур машинэ остыгъэмэ къагъэнэфыгъ.

ТIахьирэ зэплъэм, ыкIышъоц къэтэджыгъ, кIэрахъор Iэдакъэм пытэу чIиубытагъ. Зымафэ къушъхьэ тIуакIэм дэзыгъэфэгъэ мэхъаджэр ыкъо игъус. Зэрэгъэщхых...

— ...Джары, Алъкъэс, тедау-тыкъедэожьыми унэр къэтщэфыгъ.— Дальмар къыIуагъ.— Тинасыпти Нэфсэт зыдэтщэгъагъ, ахъщэ хъущэ къытфыпиутыжьыгъ...

— Ащ фэдэкIэ Светик ушIокIыщтэп, пшIэрэ щыIэмэ къыуигъэIощт. Сыдэу щагур шIункIа сэIо? — пкъэум пылъэгъэ остыгъэм Алъкъэс щагур къырығъэгъэнэфыгъ.

Дальмар ыIэшъхьитIу дэгъэчэрэзэягъэу, иджэнэ пшъапIи дэупкIагъэу зетхьакIы. Нэфсэт Iэплъэкыр унэм къырихи, лIым къыритыгъ.

Мэкъу хьэндзо къогъум къыкъолъэтыни, Дальмар ытыкъын зычIидзэнэу ТIахьирэ зимышIэжьыщтыгъэми, зиIэжагъ. Ар зыщишIэщт уахътэри къэсыщт ыIомэ, зэушъыижьзэ, ихэпIэжъ ыбгыни, псыхъо макъэр къыздэIурэмкIэ ежьагъ. ТIахьирэ зигъэбылъыным пылъыжьыгъэп. Джыдэдэм зыфэягъэ закъор ятэ ихэпIэжъ нахь чыжьэу зэрэIукIыщтыр ары.

Псыхъо нэпкъым зыIохьэм, ТIахьирэ бгъашъокIэ уцым зыхидзагъ. Дунаим сызыфытетыр сыда! Сэ зызэрэсыуцIэпIыжьыгъэр имыкъоу сикIэлэ закъуи сыуцIэпIыгъэ! Къэмысызэ, къызэригъотыгъэр. Пцы Iаджи сэщ пае фиусыгъэу къычIэкIын. Сыда сшIэщтыр? Сыд сиамал? Джэхьнэмым сыкъикIыжьи, скъо закъо бэлахь хэсыдзагъ. Таущтэу сыIукIэщта, скъо сыIумыкIэ хъущтэп!

ТIахьирэ ыкъо зыIуигъакIэ шIоигъуагъ шъхьакIэ, зэришIыщтыр ышIэрэп. Ядэжь Iухьэу къырищмэ, яти ыкъуи Iоф хэфэщтых. ЗыIэ зэтелъэу щысын шпионэп ащ ихьакIэ, ащ имэхъэджагъэ зыфэдэр ТIахьирэ апэрэ мафэм къыгурыIуагъэу щыт. Ягъунэгъумэ адэжь къаригъэщэн ыIонти, зэрэхьаблэу, зэрэчылэу икъэбар зэлъашIэщт. Сыд ышIэщт? ОрэкIуи иIоф зытетыр хабзэм гурерэгъаIуа?..

Аужырэ гущыIэмэ ТIахьирэ атыриубытагъ. ТIахьирэ псынэпкъым дэхьагъ, зитхьакIыгъ.

Нэпкъым къызыдэкIыжьым, ТIахьирэ ядэжькIэ мыплъэн фэлъэкIыгъэп, ыгу къыпиIонтIыкIыгъ.

Заулэрэ кIуагъэу рихьыжьэгъэ Iофымкlэ, сыдигъуи зэрэхъу хабзэу, ТIахьирэ ехъырэхъышэным джыри хэхьажьыгъ. Джыдэдэм ар зыфэягъэр Сергей зыIуигъэкIэныр ары. Зэ къыриIогъагъэри гум къэкIыжьыгъ: «Умыщын, ТIахьир, умыщын, мыщ нахь хэкIыпIэ джырэкIэ тиIэгоп, тIэ зэтелъэу дгъэзэжьын нахьи, тшъхьэ рытщэфыжьынэу пыи тызфэхъурэм зыгорэ фатшIэмэ нахьышIу...»

Джа гущыIэхэр ыгу къызэкIыжь уж хабзэм дэжь кIоным ыпэкIэ тэ щыIэми Сергей къыгъотынэу ТIахьирэ рихъухьагъ. ЗэрыкIыгъэгъэ къалэм, хьакIэщым къыгъэзэжьыгъ. Апэрэ пIалъэр зымыхъугъэкIэ, къыкIэлъыкIощт ятIонэрэ пIалъэм ежэу ыублагъ.

## Уунэгъощтмэ уунэгъон фае

– Уунэгъонэу уфаемэ унагъо пшIэн фае,– Дальмар ыIозэ, Рамбеснэ тучаным щэщафэ, тучантесым еупчIы,– тэрэзба сIорэр?

– Тэрэз, тэрэз, уунэгъон зыхъукIэ бэ уищыкIэгъэщтыр. Мо лэджэнри щэфы, бгъотыжьыщтэп, пхъэнтIэкIухэри, мо остыгъэри ары...

– Электричествэ щыIэу остыгъэм сыд есшIэн?

– Тэ тиэлектричествэ зыщыфаем къыханэ, зыщыфаем мэкIуасэ. СIогъагъэ пIожьын, уищыкIэгъэщт.

– Къаштэ амэ ари.

– О ахъщэ уиIэмэ сэ унагъо озгъэшIэщт.

– СэбгъэшIэщтыр сшIэрэп, ау сыбгъэщафэ пшIоигъу... УтхьагъэпцI о...

– Усымыгъэщэфэщтмэ хьаулыеу мы тучанышхор сIэилъа? – тучантес лIыми къыIон егъоты.

– ПIорэми, сикъош, хэбдзын хэлъэп. О уишIэни ошIэ, сэ сишIэни сэшIэ. Адэ сыдэу пшIын, тижъышъхьэм унэгъуачIэр икIэрыкIэу едгъэжьэжьыгъ.

– Ащ фэди мэхъу,– тучантесым щэфакIор къызэпиплъыхьагъ.– Зыгорэ къышъухэхъухьагъэщтын?

– Сыд къытхэхъухьащтыр? – джыри зыгорэ къыригъаIомэ шIоигъоу, къызкIэупчIагъэр къыгурымыIо фэдэ зишIызэ, Дальмар упчIэжьыгъэ.

– КIо, джа унагъомэ къарыхъухьэрэмэ афэдэ гор зыфасIорэр.



– Хьау, сизакъу... Темыр лъэныкъомкIэ сыкъикIыгъэти, мор зичыжьагъэм IэпIэ-жъуапIэ сIоу сыпылъыгъэп. Нахьыпэм фэдэжьэп джы, узфаер бгъотыщт. ЕтIани унагъом бзылъфыгъэ имысы зыхъукIэ, хъулъфыгъэм ищыкIэгъэ шIагъо щыIэп.

– ЗэрэпIорэмкIэ, укIэлэ зикъэмыщ.

– СыкIэлэ зикъэмыщэми сшIэрэп... Ау ащ фэди хэлъ. КIо, ар Iофэп...

– МыIофы мэхъуа? Арыба зэкIэми анахь Iофыр.

– Тызщыфаем ныо горэ дгъотынэу сэгугъэ.

– Ухэукъорэп, тикъутыр шъузэбэ дэхабэ дэс, ори улIы дэхэшху, Iапэ зыфэпшIырэр бгъэгушIон...

Дальмар къутырым щищэфыгъэ унэм итеплъэ дэхэкIай, лъэхъчаIо умыIощтмэ ыкIоцIыкIэ гуIэтыпI, шъхьаныгъупчъэ заули хэлъ. ЧIыпIэ дэгъуи щыт. Ихэтэбгъу лъэныкъо псыIушъом еуалIэ, адыкIэ, мычыжьэу, мэзри къэлъагъо. Къамзэкъ пэнэ зэпэIулъкIэ хатэр къэшIыхьагъ. ЧIыгуи дэлъ, чъыгыби дэт.

ПсыIушъом зэрэIусыгъэхэр ары унэр зыемэ зыкIащагъэр. Гъатхэм псыр къызиукIэ нэпкъыр гуехы. Къыращэ зэхъум ар шIуаушъэфыгъ шъхьакIэ, Дальмар ащ ынаIэ тыридзагъэми, егъашIэм исыщта, зыгорэхэр ыIо фэдэу зишIи, къызхигъэщыгъэп. Псымрэ мэзымрэ зэрапэгъунэгъур ары анахьэуи езгъэнэцIыгъэр.

Мэфэ реным Дальмар щагум дэкIыгъэп, зэ пчъэIупэр къыпхъэнкIыгъ, зэ унэ кIыбыр къыукъэбзыгъ, зэ къэлэпчъэжъыер зыхэлъ пкъэур ыгъэпытэжьыгъ. Iоф ешIэ ыIозэ Iэгъо-благъор къыплъыхьагъ. Гъунэгъумэ нэIуасэ зафишIы шIоигъуагъ шъхьакIэ, щэджагъом нэс ащыщ къэлъэгъуагъэп. КIэлэцIыкIу джэгу макъэхэр хэтэ цыпэмкIэ къыщэIух. АдыкIэ пэIудзыгъэ унэ щагум пхъэ щызэпахы.

Пхъэ зэпызыхрэм дэжь кIонэу Дальмар рихъухьагъ. Ушъхьагъуи къыгъотыгъ. Къазгъыр хьафкIэ ялъэIущт, зэрягъунэгъукIэри ариIощт. Къэлэпчъэжъыем зыIохьэм, пчъэIупэм лIырэ шъузырэ Iуилъэгъуагъ. ЕгъашIэм ышIэщтгъэхэ фэдэу гъунэгъу щагум дахьэзэ, ариIуагъ:

– Хьэ шъуиIэми сшIэрэп.

– ТиIэп, къакIо, къакIо,– лIыр къыпэгъокIыгъ.

– Уимафэ шIу! Владимир Петрович Берузаимский,– Дальмар гъунэгъум ыIапэ ыубытыгъ,– гъунэгъукIэ сышъуфэхъугъ.

– Къеблагъ, дэгъуба тызэгъунэгъумэ, нахь благъэуи тызэрэшlэн, тызэнэlосэн.

– Къазгъыр хьаф шъозгъотылlэна? Чъыгхэр къэстlыхьэмэ сшlоигъу.

– Къазгъыр пае укъэдгъэнэнэп,– гъунэгъур къазгъырыхьэ зежьэм, ылъэкъо сэмэгу, лъэгуанджэм нэс пхъэ лъакъо зэрэшlотыр Дальмар ылъэгъугъ. Нэгу ихыгъэ шъуз лъэхъчэ цlыкlури Дальмар къеплъыгъ.

– Мыдэ, пхъэхыр къаштэ,– Дальмар бзылъфыгъэм риlуагъ.– Мыр бзылъфыгъэ lофэп.

– Сыдэу пшlын, шъэо закъо тиlэшъ, дзэм щыl, титlо тызэрэплъэгъу,– къазгъырыр къэзыхьыгъэм къыlуагъ.

– Ащыгъум кlэлэшхо шъуиlэба?

– Ащ нэмыкlи тиlагъ, заом хэкlодагъ нахь...

– О плъакъуи хэплъхьагъэщтын?

– Сэ слъакъуи хэслъхьагъ.

– Къин къыпфэхъурэба?

– Сесэжьыгъ.

– Пенсие баlо къыуата?

– Уезэгъыщт, lоф сэшlэ.

– Колхозра?

– Ары. Сыбжьэlотес.

Сыхьаткlэ лlытlум пхъэ хъурай заулэ зэпахыгъ. Гъунэгъум тутын къыштагъ, Дальмари фищэигъ:

– Тутыныбжъэ гъэсты.

– Тхьауегъэпсэу, сешъорэп.

– Ар дэгъоу ошlэ.

– Гъэрекlо чlэсыдзыжьыгъ.

– Адэ, сыд уисэнэхьат о?

– Узэрыгущыlэн сэнэхьати сиlэп, сымэзтеупкlыщтыгъ.

– Джыры?

– Пенсием сыщыl.

– Баlо шlагъа узыкlуагъэр?

– Гъэрекlогъатхэ щегъэжьагъ.

– Унагъом щыщэу хэт уиl?

– Сизакъу.

– Ар дэи.

– Синыо бэмышlэу згъэlылъыжьыгъэ.

– Ар зэкlэми анахь дэижь.

Псыlушъомкlэ къичъи, сэпэшхо къыlэтэу «Волгэ» горэ блэлъэтыгъ.



– Тхьаматэр къутырым къэкlуагъ,– гъунэгъум игуапэу къыlуагъ.

– Тхьамэтэ дэгъуа?

– Охрименкэри?.. Фэдэ щыlэп.

– Шъуегъэразэмэ ары.

– Тегъэразэ, фэшlыгъэуи тыщегъаlэ, тыпсаумэ ори плъэгъун, пlэ зэтелъэу ущысына, пшlэни колхозым хэбгъотэщт.

– Зэрэхъурэм теплъын,– Дальмар къэтэджыжьыгъ,– сэ, ащыгъум, сыкlожьын. Загъорэ тадэжькlэ, тызэгъунэгъу, шъукъыкъокlмэ сигопэщт.

– Тхьауегъэпсэу, ори тызщымыгъэгъупш, цlыфхэр зэлъихьэхэ къэси нахь зэпэблагъэ мэхъух...– лlы лъащэр къэлапчъэм нэс Дальмар къыдэкlотагъ.

Адырэ гъунэгъухэри джаущтэу Дальмар нэlуасэ ышlыгъэх, зэрэлlыгъуабэмкlэ икъэбари къутырым щыlугъ, егъашlэм ахэсыгъэ пlонэу цlыфмэ ахахьэу-ахэкlэу хъугъэ.

Тхьамафэм щэ пчыхьэрэ къутырым кино къыщагъэлъагъо. Дальмар мыкlоу зы киноуи блигъэкlрэп. Джа пчыхьэхэр арых нэlосакlэхэр зыщишlыщтыгъэхэр, билет зыщэфыгъэхэр клубым чlэхьанхэу къызызэрэугъоикlэ ахэхьэ, аlорэм ядэlу фэдэзэ зыгорэ ахиlоуи къыхэкlы, бащи ыжэ къыдэкlрэп, зыфэсакъыжьы, ау къыlорэм, макlэми, мэхьанэ иlэ зэпыт.

Ар зэрэщалъэгъущтым пае пхъужъ зырызхэри киноум къэкlох. Нахьыбэмэ агу рехьы, зыгу римыхьри къахэкlы. Пхъужъхэр къызэрэфычlэплъхэрэр Дальмар ымышlэу щытэп, ежьыри загъорэ аlугушlухьэу къыхэкlы. Ащыщхэр урамым, тучаным, псыlушъом къызщыпэкlафэхэкlэ ежь апэ сэлам арехы, ищыгъэ зэпытэу зарегъэлъэгъу.

Анахьэу зыфэкlэщыгъор Алькъэс пхъэ зэрищэгъэгъэ шъузабэр ары. Хьэблэ зытlукlэ игъунэгъу, псыхьэ кlо зыхъукlэ Дальмар иунэ блэкlы.

Псыхьэ кlо хъуми, къикlыжьы хъуми Дальмар ищагу къыдэмыплъыхьэу ебгъукlощтыгъэп.

Пчэдыжь горэм Дальмар щэлъитlур ышти, къызщыкlощтым тыригъафи, псыхьэ кlуагъэ. Бзылъфыгъэм зи къызыримыlокlэ ышlэжьыгъэ фэдэу Дальмар зишlын имурадыгъ. Ау ежь зыфэе дэдэу lофыр хъугъэ, нэпкъым къыдэкlыжьыгъэ къодыеу Дальмар шъузабэм lукlагъ, сэлам рихи, блэкlын зыщиlощтым, къеджагъ:

– Арэп, о лІыр, сыкъэпшІэжьрэба сэІо?

– ЕмыкІу къысфэмышІ, укъэсшІэжьрэп,– Дальмар щэлъитІур ыІыгъэу зыкъызэригъэзэкІыгъ, етІанэ ыгъэуцугъэх.

– Зымафэ пхъэ къысэшъуущэгъагъи!

– А-а, ора ар? – Дальмар бзылъфыгъэм ІугушІухьагъ.– Пхъэр сэрэп, синэІосэ шоферыр ары зыягъэр... Адэ, сыдэу укъэсымышІэжьыгъа?

– ТышъушІэжьына, шъо лІы лъэпкъыр, шъупэ дэгъэзыягъэмэ... Іаджыри мыщ тыщызэІукІагъ...

– Джы, пшІошъ гъэхъу, ащ фэдэ къызхэдгъэфэжьыщтэп!.. – Дальмар шъузабэм зыІуишІыхьэзэ, щхыгъэ.

– Теплъын, теплъын... ШъуилІы дэгъугъэ зэдгъэшІэн, Гутаринмэ яунэ пщэфыгъэ аІуагъи...

– Сщэфыгъэ.

– Унэ дэеп.

– Уезэгъыщт.

– Хэтэ шІагъуи дэлъ.

– Ары... О сыд, тхьам ыІомэ, бгъахъэрэр? Сыд уищыІакІ?

– Тэри тыщыІ. Сыд дгъэхъэна? ТызэрэщыІэр пшІэ пшІоигъомэ чыжьэшхоп уздэщыІэр... Пчыхьэрэ уизакъоу киноум окІо аІуагъэшъ, укъыІухьэмэ тызэдэкІон.

Ащ фэдэу бзылъфыгъэр шъхьэихыгъэу къыдэгущыІэн Іоу Дальмар ышІагъэп, бзылъфыгъэ пагэкІэ илъытэщтыгъэ, етІани укІэрыхьани, уекІолІэни, удэгущыІэни умылъэкІынэу къышІошІыщтыгъэ. Пхъэр Алъкъэс зырещэм, шъыпкъэ, сэмэркъэу къадишІыгъагъ, псы чъыІи ригъэшъонхэу ригъэблэгъагъэх.

ШъхьарытІупщыщэу зэрэгущыІэрэм шъузабэр, умышІэмэ, хэтакІо горэу къыпшІуигъэшІыни, ау ар зышъхьэ зылъытэжьын, зыухъумэжьын бзылъфыгъ. Анахь ІофышІэ дэгъоу колхозым хэтымэ ащыщ. Ахэр зэкІэ игъунэгъу бжьэІотесым зымафэ, кІэкІэупчІыхьэзэ, Дальмар къыригъэІогъагъэх, ицІыф гъэпсыкІэхэми защигъэгъозэгъагъ.

– Адэ, удэкІуагъэу къысаІогъагъи сэ...– зызэришІрэм еплъынэу Дальмар къыІуагъ.

– Алахьым жэмафэ урегъэгущыІыкІ... Хэт ар къыозыІуагъэр?

– КъысаІуагъ.



– СшІэрэп, къыозыІуагъэм сэщ нахьи нахь дэгъоу ешІэщтын...– щэлъитІур псыхьэбэщым пысысыхьэзэ, бзылъфыгъэр щхыгъэ.

– Адэ, уизакъомэ тэри тизакъу... Загъорэ, къытфэбдэщтымэ, тыкъыкъокІызэ тшІын...

А мафэм щегъэжьагъэу Дальмар а бзылъфыгъэм нэІуасэ фэхъугъ, пчыхьэри клубым зэдакІохэу аублагъ, зэлъыкІохэуи гъунэгъумэ алъэгъущтыгъэ. Зэрэщэнхэуи къутырым щырыгущыІэщтыгъэх.

Дальмар иІоф къутырым щызэпэфэ, ау зэкІэми анахь Іофышхор джыри къыпэщылъ. Ащ изэшІохын охътэ лые тыригъашІэ зэрэмыхъущтыр къыгурэІо, зэрекІолІэщтыр ыгъэхьазырыщтыгъэ.

ЗэкІэми апэу бгъуитІу зэголъ шхонч дэгъу ищыкІэгъагъ, ар зигъотыкІэ мэзпэс Джамботым зыІуигъэкІэн, нэІуасэ зыфишІын имурадыгъ. ЕтІанэ Сергей Іофым хищэщт...

## Уехъырэхъышэмэ – зыоукІыжьы

Къэлэ милициер зытет урамым ТІахьирэ техьагъ, бжыхьэ чъыгмэ къахэплъэрэ унэм зынэсым, икІо щигъэкІагъ, пчъэ ихьагъум пэчІынатІэ зэхъум, ошІэ-дэмышІэу хэкІорыкІыгъ. Милицейскэ машинэу щытым фычІэплъи, ІофышІэм къыкІэрызрэ лэжьакІом фэдэу гузажъозэ, урам къэгъэзэгъум къохьагъ.

ПкІэнтІэпсыр ТІахьирэ зэрекІыхы, джэнэ пшъапІэр тІэтагъэ. Сергей зыІусымыгъакІэу, ыІуагъ, сыздэкІон щыІэп... Непэ Сергейрэ сэрырэ тызщызэІукІэн маф. Непэ Сергей къыкъокІыщт, сыгу къысеІо... Непэ къызымылъагъорэм, сэр-сэрэу сыкІони, ясІощт... Сергей сыІумыкІэ хъущтэп!..

ЗыдакІорэр ымышІэу ТІахьирэ урамым тет. Изэкъо дэдэу заримыгъэлъэгъуным пае цІыфыбэр зыдэщыІэ бэдзэр лъэныкъомкІэ ежьагъ. УрамитІу зызэпечым, бэдзэрыр къэлъэгъуагъ. Ау ячылэ бэдзэрыкІомэ аІукІакъомэ ыІуи, дэхьагъэп.

Автобус къэуцупІэм зынэсым, апэ къыІухьагъэм итІысхьагъ. Тыдэ сищэми сыхьатыр бгъум ехъулІэу сыкъищэжьын, ыІуагъ.

Сыд зэхихми Тlахьирэ шlогъэшlэгъон. Ыужкlэ ис бзылъфыгъитlур унэ lофмэ арэгущыlэ. Зым къалэм дашlыхьагъэ унакlэмэ ащыщ къыратыгъ. Унэчlэхьажь шэмбэт пчыхьэм иlэщтышъ, игъусэ бзылъфыгъэр регъэблагъэ. Шоферыр зыдэщыlэ пчъэ къихьагъумкlэ лlы ыгъэкl гъур горэ къихьагъ. Нэфмышъэу зыщешъуагъэри къашlэ, орэдышхо къеlо, студент пшъашъэхэщтын – ясэмэркъэу, загъори янэкlао.

– Сэ сызгъэчэфрэр шъошlа шъо? Шъушlэрэп, шъушlэщтэп. Шъао тыгъуасэ къысфэхъугъ сэ!.. Шъошlа!.. Шъушlэрэп, шъумышlэмэ шъосэlо. Сэщ нахьи нахь лlы бэлахь хъумэ сезэгъы... Гагариныр шъошlа? Шъумышlэ мэхъуа Гагариныр? Юрик скъо цlэу фэсыусыгъэр!.. Мазэм згъэбыбыщт!

– Ар къэхъоу мазэм обыбыфэ тежэн тлъэкlыщтэп!..

– Сыда шъузкlежэщтыр, шъуззэзгъэжэнылlэп ар! Зэтадэжь къэсэгъэщэжь ар! Мыбыбыщтмэ къэпшlэн...

– Къэтшlэн, къэтшlэн...– студенткэмэ къыдырагъаштэ.

– Адэ, къэшъушlэн!.. Ар къызышъушlэщтыр сэ сишъао фэдэ шъао шъуиlэ хъумэ ары... Къыжъугурыlуагъа? Къыжъугурыlуагъэп... Сэ сишъао фэдэ шъао щыlагъа! Юрик мазэм згъэбыбыщт!.. Шъулъэгъун зымыбыбыкlэ!

Шъао зиlэ лlы ешъуагъэм цlыфхэр егъэщхых. Тlахьирэ зыщыгъупшэжьыгъ, джырэ фэдэу зымыщхыжьыгъэр бэшlагъэ.

Сыхьатыр бгъу хъункlэ минут заулэ иlэжьэу Сергейрэ ежьырырэ зыщызэlукlэщтхэ чlыпlэм Тlахьирэ екlолlагъ.

Паркыр зэгъокlы. Пенсионер заулэ чъыг чlэгъмэ ачlэс. Бгъу пстэумкlи lэгъо-благъор ылъэгъунэу Тlахьирэ бзыфы чъыг чlэгъ пхъэнтlэкlум тетlысхьагъ. Пlалъэр къэсыгъ. Сергей щыlэп. Сыхьатныкъо тешlагъ. Зажэрэр къэлъэгъуагъэп. Сыхьатыр пшlым нэсыгъ, Сергей къыlухьагъэп.

Тlахьирэ ыгу кlодыгъэ. Зиlо зымыгъэшъыпкъэжьрэмэ Сергей афэдэп. Сыда къызкlэмыкlуагъэр?

Паркым къызэрэдэкlыжьыгъэр ымышlэу Тlахьирэ урамым къытехьажьыгъ. Псы зыщащэрэ тучаным зынэсым, псы чъыlэ апч ришъугъ. Бэшэрэб зэхэтхэр зелъэгъум, аркъ ешъомэ шlоигъоу хъугъэ.



Мэфэ заулэ къалэм зыдэсым зычlэмыхьэгъэ рестораным Тlахьирэ кlуагъэ. Ресторанри хьакlэщри зы унэм хэтыгъэх. Шхынзехьэ бзылъфыгъэ сырыфым шъэрэ шъэныкъорэ, дишхыщтри игъусэу, къыфихьынэу риlуагъ.

Зэрежагъэм фэдиз емыжэжьэу бзылъфыгъэм шхыныр къыгъэсыгъ.

– Сэгузажъо, къэлъыт.

– Сыда узфэгузэжъощтыр, рестораным узычlахьэкlэ гупсэфэу ушхэным фэшl уахътэ къыхэпхын фай,– бзылъфыгъэм къылъыти, шхынымрэ шъонымрэ ауасэ Тlахьирэ lихыгъ.

Шъэрэ шъэныкъорэр Тlахьирэ фужерым из ышlыгъ. Зы жьыкъэщэгъукlэ ришъугъ. Помидор упкlэтагъэм зытlозыщэ хэlагъ. Мэлыл гъэжъагъэми хишхыкlыгъэ щыlэп.

lэпкъы-лъэпкъмэ аркъыр ахэхьагъ, ошlэ-дэмышlэу шъхьэм къеуагъ, чэфыр къыкlэкlэхьагъ. Гури зыгъэгушlорэр ымышlэу нахь къытеоу ригъэжьагъ. Джыри шъэ горэ къыригъэхьмэ шlоигъоу хъугъэ. Зыгорэм гущыlэгъу фэхъунэу ышlагъэмэ зыпэ къымыштэн щыlэп. Адырабгъукlэ, купышlу щызэхэс, загъорэ афеплъэкlы, яхъуапсэ.

Адэ мы хьам къылъфыгъэр, Тlахьирэ ыlуагъ, Сергей lукlэгъэна? lумыкlагъэмэ къызкlэмыкlуагъэр сыда? Сызэрэщымыlэжьыр риlогъэна? Е, Сергей, Сергей, мыщ сызэрэчlэсыр пшlагъэмэ, анахь lофышхо уиlэми чlэбдзыни, укъэсыныгъи!.. Дунаим сыпсаоу сызэрэтетыр хэт къыуиlона? Сэ мыщ зысэгъатхъэшъ сычlэс, модыкlэ хьамlырашъо ыукlыгъэм фэдэу къыщымыхъоу, сэ сызыукlыгъэм скъо къыlэкlэзгъэнагъ. Сятэжъ ихапlэ пыир къыфэсщагъ! Сыда сэ мыщ сызфыщысыр! Сэ сфэдэп зынэ къаплъэу дунаим тетрэр, сызфыщыlэр сыда? Напи къэрари уимыlэжьэу опсэукlэ сыд уишlуагъ! Сищыlакlи хьэ щыlакlэмэ сикlодыкlи хьэ кlодыкlэ орэхъу...

Джыбэ кlэрахъом Тlахьирэ теlэбагъ. Чъыlэ мылыпсыр ыlэпкъ-лъэпкъмэ къарычъагъ. Натlэми пкlантlэм зыкъытриклагъ. Шъэрэ шъэныкъорэу ришъугъэри зыдэхъугъэр ымышlэу кlодыгъэ...

Такси зытlущ къыlулъади, ыпэ итыгъэ цlыфхэр lуащыгъэх. Тlахьирэ ичэзыу къэсыгъэу таксиеу къыlухьагъэм лlы ешъуагъэ горэ ашlуитlысхьагъ. Тlахьири, таксиим ежэхэу щытхэри, таксистри ешъуагъэм едэуагъэх, ецlэцlагъэх.

Сыд раlyагъэми къафимыкlыхэ зэхъум, таксистыр милиционерым еджагъ. Милиционерыр къакlоу зелъэгъум, Тlахьирэ такси уцупlэм къыlукlыжьыгъ.

– Делэхъурай мыр, делэм уlукlэмэ уипаlо ети блэкl зэраlоу мор гущыlэгъу пшы хъуна!..– Тlахьирэ цlацlэ фэдэ зыригъэшlызэ, кинотеатрэм къычlэкlыжьыгъэ цlыфмэ захигъэкlокlагъ.

Зыгорэм къыlэпыкlыжьыгъ пlонэу Тlахьирэ къызэмыплъэкlэу урамыр зэпичи, почтэм чlэхьагъ. Яплlэнэрэ шъхьаныгъупчъэ гъуанэм цlыф макlэ кlэрытыгъэти, кlэрыхьагъ, ауж иуцуагъ. Зи ымыlоу щэтыфэ нэбгырэ зытlущи ыуж къыпыхъуагъ. Шъхьаныгъупчъэ гъуанэм къиплъырэ бзылъфыгъэр Тlахьирэ къеупчlыгъ:

– Къаlо узыфаер?

– Конверт заулэ сыфэягъ.

– Тхьапша узфаер?

– Заулэ къысэт.

– Заулэм узфэе пчъагъэр къикlрэп, ща,тфа?

Цlыфхэр ыужкlэ къыщыбырсырыгъэх.

– Конвертитф къысэт, тхылъыпlи къигъэгъус.

Тхылъыпlэхэмрэ конвертхэмрэ ыlыгъхэу шъхьаныгъучъэм Тlахьирэ къыlукlыжьи, зыщытхэхэрэ столым lутlысхьагъ.

Адырэ столыбгъум кlэрыс лlыр зелъэгъум, Тlахьирэ къызщылъэтыгъ:

– Сергей!

– Тlахьир!

Лlитlур зэфэгушlо-зэфэсакъхэу зэпэгъокlыгъэх.

– Сыда мыщ тызыфыщытыр?.. Некlо...– Сергей Тlахьирэ рищэжьагъ.

Сыд тхьагъэпцlыгъа Сэлам тазыфагу щырихьыжьагъэр, Сергей ыlуагъ. Сыда ащкlэ игухэлъыр? Тlахьирэ ащыlэжьэп ыlуи, сызфигъэпцlагъэм къикlрэр сыда?.. Тlахьирэрэ Сэламрэ яшъэф зышlуаушъэфрэр сэра? Сауплъэкlу шъуlуа? Тlахьирэрэ сэрырэ сыда зэпый тызкlызэфашlрэр? Хэта ар зищыкlагъэр? Сыдэу шlэхэу, Тlахьир, къэгъэзэжьыгъо тимыфэзэ, пыи укъысфэхъун ебгъэжьагъа? Ащыгъум, Тlахьир, уигухэлъ дэдэр сэ къэозгъэlон!.. Ар сэlо шъхьакlэ, Сэлам къысиlуагъэр шъыпкъэу къычlэкlмэ? Сlорэр сыда, ар мыпцlымэ Тlахьирэ тэ къикlыжьыгъа?.. Нэмыкl пlонти, Тlахьир ары. Адэ, ащыгъум, сыда ыпакlэхэри идэбжъыкъугъэ шъэогъум цыхьэ фишlрэп. Джыдэдэм ежь ышъхьэ хэри зыщыщхэр? Зыфэсакъ, Сергей, зыфэсакъ... Сергей ышъхьэ къимыхьэщтыгъэ щыlэп. Джы нэс къиныбэ зыдихьукъызэриухъумэжьыщтым фэшъхьафрэ lоф имыlэу тыгъужъыгу кlоцlылъ.

lэ джабгъур джыбэм зэрэридзэнэу Сергей хьазыр. Гъучl такъыр ушъагъэр ыкуашъо къызэрэнэсрэр Сергей зэхешlэ. Гуцафэ зыфишlын урамым тырилъагъорэп.

Урамыр зэпачи, заулэрэ кlуагъэх. Къэгъэзэгъум блэкlхэ зэхъум, Тlахьирэ къыlуагъ:

– Тыда тыздакlорэр, Сергей?

– Уздэкlон уиlэмэ къаlо,– Сергей чъыlэ-чъыlэу шъэогъум риlожьыгъ.

– Некlо садэжь, хьакlэщым.

– Хьакlэщыр пlуи?..– Сергей къэуцугъ.– Хьакlэщым уимыхьанэу, унэ уубытынэу арба зэрэтlогъагъэр?

– Къызэрэуаlуагъэм сиlоф тетэп, Сергей... Ащ тетыгъэмэ таущтэу непэ сыпlукlэния?..

– Сэ зи къысаlуагъэп...– зызэришlрэм еплъынэу Сергей къыlуагъ.

– Къыуамыlуагъэмэ, тызщызэlукlэнэу тэ титlо зыфэтlогъагъэм укъыкlемыкlолlагъэр сыда?

– Щымыlэжьым сыдэущтэу уlукlэщта?

– Адэ зи къысаlуагъэп оlори?

– Тазыфагу къыдэхъухьэрэр сшlэрэп.

– Умыгузажъу, джыдэдэм къэпшlэщт.

Тlахьирэрэ Сергейрэ хьакlэщым ихьагъэх.

Къехъулlагъэр зэкlэ Тlахьирэ къыlотагъ.

– Сэ сызэгупшысэрэр, Тlахьир, уикlодыкlэ Сэлам къысфиlуатэ зэхъум, зызэришlыгъэр ары. О пцlэкlэ гущыlэ дахэ къыlуи, бжъэ сигъэlэтыгъ. Одырэхэми макъэ аригъэlугъ.

– Адэ ащ фэдэу зишlыщт, да зызкlимышlыщтыр. Парашют къуапэм шъэжъыемкlэ къызыхаlэм, ылэ сысыгъагъэп. Ауштэу къыздзэкlонэу сшlагъэмэ, ышъхьэ къызырегъэлэлэхым, сыкъеони, къесыутэхын фэягъэ. Джары ащ къысишlагъэр. Джы оры зичэзыур, зыфэсакъыжь, Сергей, зыфэсакъыжь. Сэ хьашхъурэlу зэцэкъагъэм фэдэу пчэгум сыкъинагъ. Тlуакlэм псаоу сыкъызыдэкlыжьым тэ сыкlона, мыщ сыкъэкlуагъ. Шхапlэу тызщызэlукlэнэу зыфэтlогъагъэм сыщышъупэплъагъ, шъукъыкъокlыгъэп. Тхьэlуагъэ сиlагъ...

– Тыкъыкъокlына, зымафэ шхэпlэ къохьагъум къыщыспэгъокlи, мы къэпlотагъэр ежь нэмыкlэу къысфиlотагъ, lофхэр нэмыкlхэу къызэрэхъухэрэм елъытыгъэу сэри мыщ унэ щысыубытыни, ежь макъэ къысигъэlуфэкlэ сыдэсынэу къысиlуагъ. Шъэф гущыlэхэу тиlагъэхэри шъыпкъэжьхэп, хэт къыоклуалlэми шъыпкъэжьэп ыlуи, о пцlэкlэ джэнэтым уихьанэу птетlуи, бжъэ зэдэтlэтыжьыгъагъ… Сызэрэхэплъагъэмкlэ, ащ иlофхэр зэпэфэхэкlэ сэгугъэ.

– Сыда озгъашlэрэр? – сакъыныгъэ хэлъэу Тlахьирэ Сергей еупчlыгъ.

– Зыскlэрэкlыжьым ыуж сихьи, сеплъэкlуагъ. А слъэгъурэр зызщыбдзыен цlыф, зыми цыхьэ фишlрэп. Озгъэлъэгъугъот ащ къалэр къызэрэсигъэкlухьагъэр. Сыхьатым къехъу сызэрищ-сыкъызэрищэжьи, буфетыр зытетыгъэ тэмашъхьэм сыкъытырищэжьыгъ. «Победэ» шхъуантlэу къежэщтыгъэм зыридзи, lучъыжьыгъ. Рулым кlэлэ мытlыр горэ кlэрысыгъ. Зыщыщыр сшlэрэп, мыщ зыгорэ щыриlэу къысиlуагъэп.

– Ар зыщыщыр сэ сэшlэ,– Тlахьирэ хэщэтыкlыгъ.

– Хэта?..

– А кlалэр, Сергей, сэ скъо!.. Алъкъэс ары, ренэу зигугъу къыпфэсшlыщтыгъэ шъаор ары, Сергей… Сэ скъо!..

– Умыкуу, Тlахьир… Тыкъызэхябгъэхыщт…

– Тыкъызэхарэх фаеми!.. Сыда сэ дунаим сызкlытетыжьыпхъэр!

– Ар пlонэу ищыкlагъэп, Тlахьир…

– Ищыкlагъ!.. Икъунба сэ зэсшlэжьыгъэр!

Шъэогъур зэригъэlэсэжьыщтым нахьрэ lоф Сергей иlэжьыгъэп. Тlахьирэ игукъао бгъэм къышlудэкlы. Ядэжь зэрэкlожьыгъагъэр, ыкъорэ инысэрэ зырилъэгъугъэр, иукlакlо иунэ зэрисыр, ынитlукlэ зэрилъэгъугъэр шъэогъум риlотагъ.

– Сыпlумыкlэгъагъэмэ, Сергей, сыкlони, хабзэм еclощтыгъ, е псырыкl мэзым сиlоф щысыухынэу ары непэ сигухэлъыгъэр…

Псы куум зэрэзэпырыкlыщтыр амышlэу нэбгыритlур нэпкъым тет. Апэ хэхьащтыр язэрэмыгъашlэрэм фэдэу, къаlо ашlоигъор тlумэ язэу къыхэзыдзэщтым рикушъурэп.

– Къаlо тшlэщтыр, Тlахьир?

– Модэ тыщыlэзэ зэтlогъагъэм сэ джыри сызэрэтет.



– Сыд къыташlэна, Тlахьир, таукlына тиlоф зытетыр ятlомэ?

– Зыфаер къытарэшl, тэ къытщьшlынэу къытэмыхъулlагъэ къэнагъ lоу сшlэжьрэп,– Тlахьирэ къыпиупкlыгъ.

– Зы мыхъуми къыташlэрэр къызыкlыташlэрэр тшlэзэ, анахь хьылъэми тынэ къаплъэу тыпэгъокlын… Ау ащ ыпэ зы тшlэн фаеу титlо къыттефэ, Тlахьир. Ар орырэ сэрырэ тшlэн тлъэкlыщт. Рамбеснэ къутырым ыпшъаlокlэ, гъогу зэхэкlитlум дэжь шэмбэт мафэм кlэмыгъожьыщтмэ, сыхьатыр им Сэлам сыщыlукlэнэу щыт.

Сергей къыlо шlоигъор Тlахьирэ къыгурыlуагъ:

– Ащыгъум, Сергей, ситхьаlуагъэ къыздэбгъэцэкlэщтба?

– Зы щэ идгъэкlынэу амал зимыl, псаоу аlэкlэдгъэхьан фай.

– Непэ сыд мафа?

– Блыпэ маф.

– Джыри тхьамэфэ псау иl…– Тlахьирэ ынэкlушъхьэ лъынтфэ къыхэлъади, хэчъыжьыгъ.

– Зибэ шlагъэм имакlи шlэжьын… Ащ тызэрэпэгъокlыщтыр мыры, Тlахьир, къедэlу…

## Ер къызэрыкlрэр кlэнкlэ зан

Чэтыр зэраукlыщтыр лъабжъэкlэ къычlеупхъукlы зыфаlорэм фэд Дальмар къехъулlагъэр. Аущтэу къыщышlын lоу ышlагъэмэ, зыпэ къымыштэн щыlагъэп. Адэ джары, мыхъунэу зыхъукlэ махъушэм тесми хьэр ецакъэ зыкlаlуагъэр. Мызыгъэгу зэрэмыгугъагъэу иlоф къычlэкlыгъ. Ащ елбэтэу Дальмар зыгорэ рипэсын фае, зырипэсыкlэ рихьыжьэгъэ lофыр зэхэтэкъощт. Мэфэ лыеп, сыхьат лые ащ тебгъашlэ хъущтэп.

Ер къызэрыкlрэр кlэнкlэ зан зэраlоу, зэкlэри къызэрыкlыгъэр бельгийскэ шхонч мыгъор ары…

Мэфэ заулэ зэгупшысэгъэ lофым ыуж зыщихьащт пчэдыжьыр къызэсым, Дальмар унэм икlыгъ. Автобус къэуцупlэм автобусыр къэсынкlэ джыри сыхьатым къехъурэ пlалъэ иlагъ. Къутырым зэрэдэкlрэр зыми ригъэ-

шIэнэу фэягъэпти, гъогушхомкIэ кIуагъэп, псыIушъом IукIрэ гъогу бгынэжьыгъэм тетыгъ. Игупшысэ Лэбэ Iушъо къалэ щыI. Къэхалъэм унэмысыпэу щыт чъыгышхом дэжь къэуцугъ, чъыг чIэгъ тетIысхьапIэм зыкIытетIысхьагъэри ымышIэу Дальмар тетIысхьагъ.

Чъыгышъхьэм ис бзыу цIыкIумэ орэдышхо къаIо. ПхъэнтIэкIу лъапсэм дэжь, ежь нахьи нахь хьын ин ыхьэу къамзэгу цIыкIу горэ щилъэгъугъ, зэридзэмэ-къызэридзэжьызэ, еIункIымэ къыдечъэкIыжьзэ, хьыныр чIыпIэм регъэкощыкIы.

Джэмакъэм Дальмар шъхьэр къыригъэпхъотагъ:

– ЖьышIоу, гъунэгъур, укъэтэджыгъ? Сэ бжьаIом сэкIо, оры?

– Сэри къалэмкIэ сежьагъ,– ыпашъхьэ итыр имыгуапэу, тэ укъизыгъа Дальмар ыIуагъ.

– Олахьэ къалэр сэрым зищыкIэгъагъэр... Ау непэрэ Iофыр хэкIыгъ.

– КъаIо уищыкIагъэр, слъэкIмэ, къыпфэсхьын.

– Ашъыу сипротезыжъ язгъэдыжьы сшIоигъуагъ.

– Ара, сэ нэмыкI сшIошIыгъ.

– О унэгъо Iофщтын узфакIорэр?

– Хьау, шэкIо шхонч горэ зэсымыгъэгъоты хъущтэп.

– ШэкIо шхонч пIуи?

– Адэ моущтэу тIэ зэтелъэу тыщысына, еплъба ушэкIонкIэ зэрэбжыхьэ шIагъом, кIымафэри ащ нахьи нахь дэгъужь...

– Титучан а зыфапIорэр телъ.

– ШэкIо шхончи?

– Ары, тIо зэбгъулъ, тульскэ шэкIо шхонч дэгъу.

– Ар шхонч хъущтэп.

– О узфаер сыд фэд?

– Сэ сызфаер гъотыгъуай.

– Iаджи лъапIэщтын?

– ЛъэпIэкIай. Ащ фэдэхэр тучанмэ атебгъотэщтэп, шакIохэр арых зиIэщтхэр.

– Адэ таущтэу ухъущт?

– Зыщэжьрэм къыщыпщэфыжьыщт.

– Зыщэрэр пшIэмэ, къыщыпщэфыжьын.

– ШэкIо тучан пчъэIупэм щымыгъотын щыIэп...

БжьэIотесыр шым къемыпсыхэу джа заулэр зэраIуагъэ. Пшъыгъэщтын, ылъакъохэр зэтыригъэуцукIэу шым ригъэжьагъ. Игъунэгъу икъэупчIакIи Дальмар фэежьыгъэп. ЗыкIэригъэкIыжьымэ шIоигъоу сыхьатым еплъыгъ, ау ащ фэдэ гухэлъ шым тесым иIэп. Тутыныр джыбэм къырихыгъ, мыгузажъоу кIигъэстыгъ. Сырныкыпэр зышъхьэридзи, чъыг лъапсэм кIэридзагъ. Пхъэлъакъорерагъэу уанэм шъхьарихи, шым къепсыхыгъ. АдырабгъукIэ рекIокIи, лъэрыгъым епIэжъэжьыгъ, ныбэпхыр къытIэтагъ, уанэр ыгъэсыс-ыгъэсыси, пытэу кIипхэжьыгъ.

Дальмар бжьэIотесым ышIэрэм пылъыгъэп, бгы чапэм хъурыхъоу рекIокIрэ IэхъогъумкIэ плъэзэ, шэкIо шхонч къыщэфынэу гъунэгъум зэрэриIуагъэм егупшысэ. Зи ащ хэлъэп, риIуагъэмэ дэгъу, ушэкIоныр дэеп, етIани мы лъэныкъом ар цIыфмэ щякIас. Къутырым дэс шакIомэ ащыщхэми нэIуасэ зафишIыгъ, шакIо адэкIонэуи язэгъыгъ. Зэримыушъэфыгъэр тэрэзэу ышIагъэу зыфилъытэжьыгъ, аущтэу гъунэгъумэ уадэзекIомэ, цыхьэ къыпфашIыщт.

Онэ къопитIур ыубыти, къызэрепсыхыгъэм фэмыдэу псынкIэу бжьэIотесыр шэсыжьыгъэ. Онэгум зегупсэфэжьым, Дальмар къеупчIыгъ:

– Арэп, сыд шхонч сэIо ар, ыцIэ къепIуагъэпи?

– А-а, шхончра? – сыдэу мыщ зыкъытпигъэпкIагъа ыIозэ, Дальмар IущхыпцIыкIыгъ.– Ар бо шхонч дэгъу. Бельгийскэ шхонч, «заур-4 кольца» аIоу зэхэпхыгъа?

– Апэрэу зэхэсэхы.

– Зэхэмыгъэми, ащ фэдэ шхонч сызыфаер.

– Ы-ы... Ащыгъум, гъогумаф.

– ХъяркIэ.

БжьэIотесыр лъэкъо псау лъэныкъомкIэ шым елъэдэкъэуагъ, ау зэхишIагъэп, шхомлакIэмкIэ ыплIэу зыдэом, шъхьэр ыгъэсыси, фэмыф-фэмыфэу ежьагъ, етIанэ хэушъыкIыгъ. Чъыгыжъым къекIолIэрэ лъагъом текIи, гъогушхом зыщытехьащтым, бжьэIотесыр къызэкуокIыгъ:

– Зэгорэм къыкъокI бжьаIомкIэ, тIэкIу тыIоржъорын, шъоухьакIуи къэозгъэшхын.

Пырэжъые кондэ зэхэтмэ адэжь, чэтахъом ыпшъаIокIэ, бжьаIор щысыгъ. Ар мычыжьэу зэрэщыIэр къэозгъашIэщтыгъэр бжьэхэр зэрэфхэу Дальмар блэбыбыкIхэти, бжьаIор зыдэщыIэ лъэныкъомкIэ зэрэбыбыжьыщтыгъэхэр ары.

Мы бжьэIотесыр лIы шIагъу, Дальмар ыIуи, автобус къэуцупIэмкIэ ыгъэзагъ. Къутыр лъэныкъомкIэ бзылъфыгъэ горэ къечъы. Сыхьатым зеплъым, автобусым икъэсыгъуагъ.

Автобусыр къэгъэзэгъум къыкъолъэтыгъ, бзылъфыгъэри къэсыгъ. Автобусым Дальмар зетIысхьэм, нэплъэгъу шъэфкIэ нэбгырэ заулэу исыр къызэпиплъыхьагъ.

Гъогум бэрэ тетыгъэхэп, сыхьатырэ ныкъорэ фэдизкIэ къалэм нэсыгъэх. ШэкIо тучаныр къызэIуахынкIэ джыри охътэ дэхэкIае иIагъ. Дальмар зэрэгугъагъэуи къычIэкIыгъ, нэбгырэ тIокI фэдиз къэбарыжъхэр къаIуатэхэу тучан къуапэм дэжь щызэхэтыгъэх.

ЗэкIэри къызэпиплъыхьагъ, ищыкIэгъэ мэзпэсыр ахилъэгъуагъэп. Джамбот мыщ щилъэгъунэуи гугъэщтыгъэп, ащ фэдэ гухэлъи иIагъэп, ау зыхэмыукъожьынэу ышIэщтыгъэр непэ игъэпсэфыгъо мафэу зэрэщытыр ары. Мыщ фэдэ мафэхэм шэкIо тучанымкIэ загъорэ къыкъокIэу зэригъэшIэгъагъэ. ЗытIо-зыщэ унэми, мэзпромхозыми, тучанми щеплъэкIуагъ, автобусым дитIысхьи, ядэжь нэс дэкIогъагъ.

Купыр зэдэIущтыгъэр агузэгу ит шакIом къыIуатэрэр ары. ШакIохэр зызэIукIэкIэ, пцэжъыяшэмэ афэдэу, зэмызэщыжьхэу къаIотэнэу ашIэрэр зы закъу – шэкIоныр, ащ къыщяхъулIагъэхэр ары. Пцыми шъыпкъэми хъугъэшIагъэу къяхъулIэрэр бэшъы, къаIотэни агъоты, къэIотакIэми фэIазэх. Пцы тIэкIу зэрэхагъахъорэр ашIэми, есэжьыгъэхэщтын, хэти къыIорэр ашIошъы мэхъу.

Ахэмэ афэдэ шакIо горэм къеIуатэ:

– …СыдыгъокIи шхончым щэ илъын фае… Шъуадэжь укъызыкIожьрэм къихыжь, шакIо узыкIорэм илъхьажь…

– Ар шэны пфэмыхъоу сышакIу умыIо…– нэмыкI горэми къыдырыгъэштагъ.

– Ащ игугъу ашIыжьа! Ауштэу умышIмэ, сэ къысщышIыгъэр къыпщышIын,– ихъугъэ-шIагъэ къэзыIуатэрэм къыпидзэжьыгъ.– Адэ, арти къыздизыгъэр сымышIэу кондэ къогъум тыгъужъым зыкъыкъуидзи, зыкъызжэхидзагъ… Ынэхэр шъозгъэлъэгъугъот ащ!.. Ынэхэр къелыдыкIы, ыжэ, сидырыщтым фэдэу, зэкIэкъыгъэ… Умыщх, умыщх, сэри зэгорэм ащ фэдэу сыщхыщтыгъэ, пшъхьэкIэ къыомыхъулIагъэу ар пшIошъ хъущтэп.

– Шъыпкъэ, шъыпкъэ зыфиIорэр…

– КъежъугъаIоба шъыу!..



– Адэ, арти, сыда сыкъызнэсыгъагъэр? Ары, ошIа… Адэ, арти, кIымэфагъэти, сыцIэлъхъагъэщтын, сыриутыгъ… Шхончыр хэгъэкIи, шъэжъыем лъыIэбэгъу сыригъэфагъэп. Сыд сшIэн, щазымэжъыхэмкIэ ыныбэ зэхэлъ сеуи зытездзыгъ, сыкъэтэджыжьын зыщысIорэм… Сыд пIуагъи?

– Ащ нэс шъэжъыер къипхы хъущтыгъэба?

– Къырыуегъэха?.. Адэ, арти, сеплъымэ… тыкъыным зыкъычIидзэн зыщиIорэм, сыд сшIагъэ шъушIошыра?

– Шъэжъыер къипхыгъэщтын!

– Ары къырыуигъэхын!.. Сетхъуи, ыжэ зэкIэкъыгъэ сыдатхъуи, ыбзэгу пысыубытыкIыгъ!.. ШъозгъэлъэгъугъотI а тхьамыкIэр зэрэпцIымэмагъэр!.. ЗызысIэкIеутым, сылъытхъуи, ыкIэ къэсыубытыгъэти, ащ емыкIоу къысишIагъэр!.. Нэе-паеу сызэхиуцIэпIагъ… Хэт ущ пылъыжьыгъэр!.. ХьалэчмэIу сызэхишIыхьи, ылъэдакъэ цIыоу, мачъэ-мэлъатэ, кIитхъужьыгъ…

ШакIом къыIуатэрэм Дальмар пылъыгъэп, ащыщ горэм нэIуасэ зызэрэфишIыщтым ешэу, щытхэр къызэпиплъыхьэщтыгъэх. ЦIыфхэр ягъэпсыкIэкIэ зэфэдэхэп, узпэкIэфэщтыр пшIэщтэп, ежь зыфэягъэр моу анахь гущыIэрые горэ къыгъотыныр ары. Купым тIэкIу ахэдзыгъаIоу дышъацэ зыIут лIым ынаIэ тыридзагъ, хьалэлэу зэрэщхрэр арымэ е ынэгу зэрихыгъэр арымэ ышIэрэп ар къазыкIыхихыгъэр, екIотылIагъ, IэнтэгъупэкIэ етIыргугъ:

– Гъакъ къырегъаIоба!

– Мора? ПшIэрэба ар?

– Хьау.

– Ар зымышIэрэ щыI Iоу сшIэрэп.

– Тэ къутырдэсхэм ар тэ щытшIэна…

– Аброщенкэр ари мыр.

– Мыра ар? – шакIомэ ахишIыкIрэ шIагъо зэрэщымыIэр римыгъэшIэным фэшI, Дальмар джаущтэу ыIуагъ.– Мары Iолъ зигугъу тигъалIэу зышъхьэ тымылъэгъурэр.

Дышъэ циплIыр къыIушIэтыкIэу лIыр щхыгъэ. Аброщенкэри ижъобгыпIэ хэт. Унэм къызэкIожьым, шъузыр къызэрэпэгъокIыгъэр, риIуагъэр, къыриIожьыгъэр, ищыгъынхэр шIоим зэристыгъэр, гъончэджынчъэу унэм къызэринэгъагъэр къафеIуатэ, егъэщхых.

Тучаныпчъэр къызэрэзэIуахэу щытхэр, къэбар Iотэным пымылъыжьхэу, чIэзэрэтэкъуагъэх.

Зыфаер зычӀемыгъуатэм, дышъацэм зэхыригъэхэу, Дальмар къыӀуагъ:

– Сыхьаулыягъ... СшӀагъэ сэ ар къызэрэсэхъулӀэщтыр...

– Сыда узгъэгумэкӀрэр?

– Ашъыу, шхончдэгъу горэ зэзгъэгъоты сшӀоигъуагъ... Зыщэжь горэ ошӀэмэ къысаӀоба.

– Сыд фэд узыфаер?

– ТэрэзыӀоу ары.

– Шхонч дэгъу зиӀэр сэшӀэ, ау къыуищэнэп.

– Хэта?

– Зэп, тӀуи иӀ ащ.

– Ещэжьмэ къытищэнба?

– Ащ езэгъыгъуай.

– Хэта, сэшӀа шъуӀуа?

– ОшӀэнкӀи мэхъу, мэзпэс гор.

– Джамбота зыфапӀорэр?

– Ар дэд, ошӀа ар?

– Бэрэ игугъу ашӀэу зэхэсэхы, ау сыринэӀуасэп, зэмыщ щыслъэгъугъагъ. Сыд шъуӀуа риӀуалӀэрэр?

– Ар шъузэрэзэзэгъышъу.

– Сэ сызфаем фэдэмэ, къыӀорэр естын.

– О узыфаер сэ сшӀэрэп, ыщэрэр зэрэбельгийскэ шхончыр сэшӀэ.

– Джащ фэд сэ сызыфаер!

– Уфаемэ джары, усщэн, ащ дэжь сэкӀо.

– Джамбот уинэӀуаса? Къытебгъэщагъэмэ дэгъугъэ.

– СфыхэшӀыхьашъурэр пфыхэсшӀыхьан.

– Идгъотэна шъуӀуа?

– НекӀо, некӀо идгъотэщт. Тэ кӀощта итымыгъуатэу, непэ тхьаумаф, ишъуз дахэ кӀэрыс.

– УзкӀэрысын шъуз дахэ щыӀэжьа джы? – Дальмари дышъацэм есэмэркъэужьыгъ.

– Мерэми?.. Мерэм бзылъфыгъэ дах, унагъокӀэ фэдэ бгъотынэп.

Илъэс пчъагъэ тешӀагъ нахь мышӀэми Мерэм ыцӀэ зызэхехым, Дальмар зэ къыкӀэщтагъ. Зэо ужым зыдэсыгъэ райчылэм дэтыгъэ шхапӀэм хьакъушыкъу тхьакӀэу Ӏутыгъэ Мирэ-Мерэмыр ыгу къэкӀыжьыгъ. Дышъацэм зигугъу къышӀрэр арымэ ыӀуи сакъыгъэ, зэреупчӀыщтыр ымышӀэу тучаным къычӀэкӀыжьхи, урамым техьагъэх.



Бэдзэр къэгъэзэгъу пивэ будкэм зынэсхэм, Дальмар къэупчӀагъ:

– Пивэ уешъошта?

– Тешъоми хъущт.

Урамым къырыкӀохэ зэхъуми, пивэ будкэм къекӀуалӀэхэ зэхъуми, Мерэм ары Дальмар ышъхьэ имыкӀыщтыгъэр. Бэмэ ягупшысагъ, ау МерэмкӀэ дышъацэм еупчӀыныр, гуцафэ къызфыригъэшӀыным фэягъэп.

Ежь Дальмар пивитӀу фэмыягъэми джыри къаригъэштагъ. Пивэм зешъохэм, тӀуми ашъхьэ къэунэзагъ, хэпшӀыкӀэу дышъацэм чэф ыгъотыгъ, Ӏорыжъорэу ригъэжьагъ, шъхьэтехъо плъыжь зытехъогъэ бзылъфыгъэм ылъэкӀапӀэмэ яплъэу ыублагъ.

– Джыри уфаемэ къезгъэштэн? – ыушэтын ихьисапэу джыри Дальмар къыӀуагъ.– Пивэ чъыӀэ шӀагъу...

– Пивэр сшӀэрэп, ау нықъо цӀыкӀу горэ хэткӀэжьыгъэмэ иягъэ къэкӀощтыгъэп... О сыд пӀорэр?..

– Олахьэ сымышӀэрэ... Узэрэфай.

Зы ешъуакӀо горэми сшӀэрэп мыр, Дальмар ыӀуагъ, пцӀы къытфиусызэ, тырищажьэу лые къытихыкъомэ... ЕшъуакӀомэ къыуамышӀэн щыӀэп, къэрар ябгъотылӀэжьыщтэп. Ау ащ фэдашъо, сыхэукъоми сшӀэрэп, мыщ теслъагъорэп... Ар сэӀо шъхьакӀэ, нықъо цӀыкӀури сыда зыщыщыжьыр? Мэзпэсым тэрэз-тэрэзэу нэӀуасэ сыфэпшӀымэ, нықъоп, къыолыжьыфэкӀэ уезгъэшъон... Мерэм... Хэта Мерэмыр? А сшӀэщтыгъэ пшъашъэр арымэ? Силъэгъу хъухэщтэп... СыкъишӀэжьына?.. СыкъимышӀэжьми, гуцафэ къысфишӀыщт. Зытезгъэплъэнэу амал иӀэп!.. Ары шъхьакӀэ, мэзпэсым зыӀусымыгъакӀэ хъущтэп, мыщ фэдэ амал зыӀэкӀэбгъэкӀмэ, етӀанэ тэ къипхыжьыщта!.. Ӏофыр ежь-ежьырэу зэпэфэ... ЗэцӀэджэгъунхэкӀи мэхъуба... Ары шъыу!.. Аущтэу тегупшысэнэу хъумэ, ащыгъум Ӏофи тшӀэжьынэп!..

– Ащыгъум, моущтэу тэгъэшӀы, непэ Джамбот зитхьаумафэкӀэ нықъо горэ зыдэтхьын, чэтмэ яхъой, тхьачэтми нахьышӀужь, къытферэукӀи, ишъуз дахэ терэгъатхъ, тэрэзба?

– Олахьэ сымышӀэрэ...

– Унэ нэтӀэ къогъу горэм нықъор щытыукъон нахьи, джаущтэу тшӀымэ нахьышӀу. Джамботи игопэщт. Зы нықъо зыдэщыӀэм тӀуи къыщыхъущт.

– Олахьэ, сымышIэрэ щэфакIомрэ хьакIакIомрэ зэрэзэкIущтыр... Ау узэрэфай...

– КъекIущтмэ сэ сшIэнба, некIо о, некIо!.. Арэп сыда пцIэр? ТызэрэшIэн фаеба, непэризэкIэ огугъа тызэрэзэIукIэщтыр? Сэ сцIэр Къэплъан, оры?

– Владимир Петрович,– Дальмар ыIэ фищэигъ,– слъэкъуацIэр Берузаимский.

– Урысмэ ыцIи, ятэ ыцIи, ылъэкъуацIи къаIоу яхабз, тэ ащ фэдэ тиIэп, анахьыкIэми анахьыжъыми ыцIэкIэ теджэ, шъхьакIэфэныгъэ фэтшIыщтми ащ пае къанэрэп.

– Ащ фэIуагъэ щыIэп, хэти ежь ицIыф лъэпкъ шэнкIэ мэпсэу.

– Адэ ары. ТэкIуа? Амэ мо тучан благъэм тычIэгъахь.

Джамбот зыдэс къутырыр къалэм пэмычыжьэу, адэ псырыкIым дэжь щысым кIорэ автобусым бэрэ ежагъэхэп. Зэрежагъэхэм нахьи нахь псынкIэу къутырми нигъэсыгъэх. Къалэр чыжьэкIэ къэлъагъо, къутырыр бгы чапэм кIэрытэкъуагъ. Унэ фыжьхэр чъыг чIэгъмэ къачIэплъых. Жьы къабзэр бгъэгум дэфэжьрэп.

– Джамбот тхьагъэпцIыжъ зысIокIэ къысфадэрэп, олъэгъуа мыр зыщыпсэурэр, курортым щыI.

– ЧIыпIэ дах.

– ЗэхапшIэрэба жьы къабзэр?

– Зэхэсымышlэ мэхъуа!.. КIо, тэри тыкъутырдэсышъ, ащ фэдизэу мэхьанэ еттырэп.

– Тэ къалэм асфальт жьы стырым тыдетхьэлыхьэ.

Бжыхьэ мэфэ фаб. Джамбот иджэнэ IэшъхьитIу дэгъэчэрэзэягъэу пчэгъу ыупэпцIэу щагум дэт.

– Хьэ яIэба?– Дальмар къызэтеуцо фэдэу зишIыгъ.

– Хьэ яIэмэ тэркIэ огугъа зыфыряIэр!.. Умыщын, умыщын. Олъэгъуа ущ тыкъымылъэгъу фэдэу зызэришIрэр, ей, мэзылI, хьакIэмэ уакъыпэгъокIыщтба сэIо!

Джамбот шъхьэр къызеIэтым, обзэгъур ыгъэтIылъи, нэгушIоу лIитIумэ къапэгъокIыгъ:

– Шъукъеблагъэх, шъукъеблагъэх! Мерэм, мыдэ хьакIэхэр тиIэх. Уилъэгъужь шIу, Къэплъан.

ЖэкIэ-пэкIэ зэхэкIыхьагъэу Дальмар ыпашъхьэ Джамбот ит. Тэмэпкъ лъэныкъор тIэкIу зэрещэхыгъэр къыхэщы. Джэнабгъэр тIэтагъэ. Нэ шIуцIитIумэ хьалэл гупсэфыр акIиз, игъончэдж лъапэхэр цы лъэпэд фыжьым дэупкIагъэх, зылъэдакъэ кIэщэгъэ цокъэжъитIумэ арыт. Джахэр арых Дальмар апэрэ нэплъэгъум хилъэгъуагъэхэр.



Къэплъан, дышъацэр, Мерэм иIахьылышъоти, ыIощтымкIи ышIэщтымкIи шъхьафитыгъ:

– МэзылIыр, хьакIэ къыпфэсщагъ.

– Дэгъуба, хьакIэм хъяр къыдакIо аIо.

– Адэ мэущтэу шъущытыщта,– гущыIэр мэзпэсым къыримыгъэухэу Къэплъан къыпидзэжьыгъ,– нэIуасэ шъузэфэхъуба!..

Мэзпэсымрэ Дальмарэрэ аIапэ зэрагъэубытыгъэ. ШъхьэкIэфэныгъэ тIуми зэрэзэфашIрэр къыушыхьатэу шъхьэщэ макIэкIэ ацIэхэр зэраIуагъэх.

Мерэми, зэришэнэу, нэгушIоу къапэгъокIыгъ:

– ХьакIэхэр тиIэх, шъукъеблагъэх.

Дальмар чIым пхырэзы шIошIыгъ, зэрэIуплъэу джа зэгорэм райшхапIэм хьакъушыкъу тхьакIэу чIэтыгъэ Мирэр ышIэжьыгъ. Лъы стырыр шъхьэм къеуагъ. Ау чIыпIэ къин зифэкIэ сыдигъуи зызэришIы хабзэу псынкIэу зызIэкIиубытэжьыгъ. СыкъишIэжьрэп, Дальмар ыгу къэжъужьэу ригъэжьагъ. Джыдэдэм щагум къызэрэдэкIыжьыщт Iоф нэмыкI ышъхьэ илъэп.

– Адэ, Джамбот, хьакIэхэр щагум дэбгъэтыщтха, къыщэхэба унэм,– Мэрэм шъабэу лIым риIуагъ.

– О ухьазырмэ, сшыпхъужъ, тэ тыхьазыр,– Iэнэ благъэ зэрэщыIэм ишыхьат жъэрымэм Къэплъан унэмкIэ ыгъэплъагъ.

– Удэ, кIори зыгорэ къытфашт,– щэджэгъуашхэр зэрэхьазырыр ымышIэ фэдэу Джамботи шъузым риIуагъ, мыдрэхэми къаIугушIуагъ:

– НекIо, шъукъеблагъ, унэм тижъугъахь.

– Хьау, хьау, Iоф тиIэу тыкъэкIуагъ тэ,– Дальмар къэгузэжъуагъ.

– Iоф шъуиIэмэ шIагъуа? Iофыр етIан.

– Шхонч горэ ощэжьы аIуагъ.

– Сэщэжьы шъыпкъ. Ау етIан ар.

– Сэгузажъошъ ары.

– Олъэгъуа мыщ ыIорэр?..– Къэплъан ыгъэшIэгъуагъ.– Зыкъысигъэщэгъахэшъ, джы мэгузажъо... Хъущтэп ар! КъыпкIаорэба, типхъу ижъэрымэ? Шъхьэр егъэуназэ.

– ЩэфакIо сыкъэкIуагъэу хьэйнапэба...– къырimыгъэкIу фэдэу Дальмар зишIыгъ, щагум зэрэдэкIыжьыщт закъом нэмыкI дунаим зыфэежь тетэп, зэрэмыгугъагъэу Iофышхо хэфагъ.

– Ащ зи хэлъ щыIэп, укъэкIуагъэмэ дэгъуба,– унэм рищэнэу щэфакIом ыблыпкъ Джамбот ыубытыгъ.

Зэ шъхьам аубыты шIошIи, Дальмар илъынтфхэр пытэ къэхъугъэх, къяони зэрэхэхьажьыщтым фэхьазырыгъ. Ау джырэкIэ зэкIэри мамыр.

– ТыкъэкIуагъэшъ арыба унэм тызкIихьащтыр,– Къэплъани къыфидэщтыгъэп.

– Сышъоплъышъ, олахьэ, шэн гъэшIэгъонхэр шъо, адыгэхэм, шъухэлъым,– анахь чIыпIэ къин зыщифэрэм тегушхоныр ишэнти, ошIэ-дэмышIэу Дальмар зыкъызэблихъугъ, унэм ихьанэу рихъухьагъ, цIыф зэхьщыр Iаджи дунаим тет…

– Сыда тхэлъхэр? – Къэплъан къэупчIагъ.

– ЦIыфым дахэкIэ, цIыфыгъэкIэ упэгъокIыныр зымыуасэ щыIэп. Адыгэмэ шэн дэгъубэ ахэлъ. СэзгъэIон макIа!..

– УшэкIо дэгъуа? – сыд фэдэ щытхъури Джамбот икIасэпти, адыгэмэ ящытхъу тырищы шIоигъоу къеупчIыгъ.

– Ащ къесIолIэн сшIэрэп, Джамбот,– бысымым зыригъаштэу нэшIукIэ еплъыгъ, IугушIуагъ.– ТызэдэшакIомэ нахь тшIэн…

– Ар оIуа? – Джамбот ымакъэ сэмэркъэур къыхэщыгъ, къеупчIыгъ.– Сыда анахьэу узэшакIорэр?

– Сэ зэкIэри сизэфэд.

– Ныбгъури ара?

– Сыда, ныбгъур ащ фэдэу къина?

– КъызэхьылъэкIхэри щыIэх…

Бэ шIагъэу зэрэшIэх пIонэу Дальмарырэ Джамботрэ зэдэгущыIэх. Къэплъани зыIубзэихьажьэу Iанэм пэс. Аркъ бэшэрэб псауи ыпашъхьэ ит, Мерэми рюмкэхэр Iанэм къытырегъэуцох.

Сыд фэдизэу Дальмар зегъэцIыфышIуми, ыгу цапэкIэ ыIыгъ. Джамбот адырэ унэм чIэхьагъ, бэрэ пэмылъэу шхончыр къычIихи, къычIэкIыжьыгъ. Дальмар къызщылъэтыгъ:

– Мыра? Джар шхонч хъун, узэреплъэу къэошIэ.

– Шхонч дэеп,– Джамбот къыIуагъ.

– Мыщ фэд сэ сызылъыхъурэр, сытефагъэкIэ сэгугъэ,– Дальмар псынкIэу шхончыр зэшIуигъэпкIи, къызэпиплъыхьагъ: – Сэщэфы!

– Апэ уасэм кIэупчIэба,– Къэплъан бэшэрэбым ышъхьэ къыIуехы,– пфэмыукIочIыщтми пшIэрэп.



– Сыд фэдиз уаси ерэI фаеми, сщэфыщт, ащ Iо хэлъыжьэп!

– Тхьапш зэрэпIорэр? – Къэплъан бэшэрэбыр къызэриштагъэу ыIыгъыгъ.

– Уасэу щыIэм зы чапычи езгъэхъурэп, сомэ шъибл.

– Сезэгъы!

– Умыгузажъоба, битэмал, щэ горэ игъэкIыхэба! – дышъацэр къэгузэжъуагъ.

– Джамбот фэдэ шакIом ыIыгъыгъэ шхончым сицыхьэ телъ,– Дальмар зыфаер къыдэхъути, игушIогъуагъ, ушэкIо дэгъуа ыIуи, къеупчIыгъэшъ, зэдэшэкIонхэм къызезэгъыкIэ шхончым нахьи зыуж ит Iофым ызыныкъо ышIэгъахэкIэ лъытэ.

– Ар къызылъэгъощтыр,– Джамбот къыIуагъ,– шакIо тызыкIокIэ ары.

Бжъэмэ арыз Къэплъан къышIыгъ, Мерэми сэнэ плъыжьыбзэ, упхырыплъэу, рюмкэм фыригъэхъуагъ. Шхончыр къызэрищэфыгъэмкIэ, нахь тыгъужъыби, мэзыкъуи, ныбгъуи, тхьакIумкIыхьи къыриукIынэу мафэ фэхъунэу тыриIозэ, Къэплъан хъохъу къыхьыгъ, шхагъэх, ешъуагъэх, гущыIагъэх.

Дальмар ынэ пчъэ лъэныкъом тырихыщтыгъэп. Джыбэм илъ кIэрахъор онтэгъу-онтэгъоу куашъом кIэрылъ, щыгъупшэрэп. Мерэм гуцафэ къызэрэфимышIрэм Дальмар егъэрэхьаты.

Заулэрэ щысыгъэхэу Мерэм гуфаплъэу Дальмар еплъыгъ, зэгорэм ылъэгъугъагъэ фэдэу къышIошIыгъ шъхьакIэ, ащ фэдизэу пылъыгъэп. Ау Къэплъан дэжькIэ Дальмар зыдеплъэкIым, тхьакIумэ тIуакIэм дэт къанцIычышхор Мерэм ылъэгъугъ.

Алахь, Дусе дэжь къакIощтыгъэ капитанэу псым ытхьалагъэм сыдэу фэда мыр, ыIуагъ. Муары, къанцIычышхори тхьакIумакIэм дэс, ащ игугъу Дусе ренэу ышIыщтыгъэ, къанцIыч мыгъом кIэлэ дэхэ шIагъор егъэкIоды ыIоти, тхьаусыхэщтыгъэ. ДаригъэупкIынэу пылъыгъ шъхьакIэ, врачмэ къыфадэщтыгъэп.

Мерэм ышъхьэ джэнджэшыгъэ къихьагъ. Капитаным фегъадэ шъхьакIэ, арымырынкIи мэхъуба, етIани Дусе зэришIэщтыгъэм фэдэу ар ышIэщтыгъэп, зыгорэм хигъэгъощэнкIи мэхъу… Урыс хьакIэм Мерэм еупчIын зыщиIощтым, гуцафэ ышIыгъэщтын, Дальмар къыIуагъ:

– Бэрэ тыщысыгъ.

– Сыд узгъэгузажъорэр? – Джамбот къеупчӀыгъ.

– Тызгъэгузажъорэ шӀагъуи щыӀэп... Автобусхэр тапэкӀэ щыӀэхэшъ ары...

– Сыхьатыр пшӀыкӀузы нэс автобусмэ Ӏоф ашӀэ,– Мерэм къыӀуагъ, етӀанэ къеупчӀыгъ.– Зэгорэм услъэгъугъэ фэдэу къысщэхъу...

– Сэри?..– Дальмар щхыгъэ.– СыплъэгъугъэнкӀи мэхъу, ау сызщыплъэгъугъэр сшӀэрэп нахь.

– Къэлэ бэдзэрыр арыщтын зыщыплъэгъугъэр,– Къэплъани къахэгущыӀагъ.

– Хьау.

– Адэ тыд? Коми АССР-м сыщыплъэгъугъэщтын...

– Ащ сыдым сихьын сэ...

– Рамбеснэ къутырыр армэ шӀэ?

– Нибжьи сыдэхьагъэп.

– Адэ тэ щыплъэгъугъа сэӀо мыр? – зи къэзымыӀощтыгъэ Джамбот шъузым еупчӀыгъ.

– Абатнэ райвоенкоматым Ӏоф щыпшӀагъэба?

– Апэрэу зэхэсэхы.

– Зигугъу сшӀырэр, ащыгъум, нэмыкӀ... Зыгорэм уфэзгъэдагъ...

Унэм зы такъикъи исыжьынэу Дальмар фэежьыгъэп. Зэнэгуегъэ дэдэр къыщышӀыгъ. Щэлэгъэшхо хэлъыти, зэрэгумэкӀрэр къызхигъэщыгъэп. Шхэхэмэ адашхэу, ешъомэ адешъоу, щхыхэмэ адэщхэу заулэрэ зыщэс уж, кӀэух зимыӀэ щыӀэп, къэтэджыжьыгъэх. Къэплъанрэ ежьырырэ автобус уцупӀэм нэс унагъор къадэкӀотагъ. Автобусым зыщитӀысхьащтхэм, Джамбот къеупчӀыгъ:

– ШакӀо, Владимир Петрович, тызэдэкӀощта-тызэдэмыкӀощта?

– Ар о зэрэплу.

– Ащыгъум, узщыфаем тадэжькӀэ къыкъокӀ, сыдигъуи сэ сыхьазыр.

– Сэ къэсымыщэми, ар джы къэкӀощт, гъогур ешӀэ,– дышъацэри щхыпцӀыгъэ.

– Тхьашъуегъэун... Неущми, неущмыкӀэми сыкъыкъокӀынкӀи мэхъу.

– КъакӀо, къакӀо, ушэкӀо Ӏазэмэ теплъын!

Автобусыр зэрежьэжьыгъэм лъыпытэу Мерэм къыӀуагъ:

– Тхьа, Джамбот, мы лӀыр слъэгъугъэм!

– Тэ щыплъэгъугъа?



– Абатнэ райвоенкоматым капитанэу чӀэсыгъ...

– ЧӀэсыгъэмэ дэгъуба, сыда зыкӀебгъэгъапэрэр?

– Симыгъапэ мэхъуа!.. Псым ытхьалагъэр къэхъужьа?!

– ПӀорэр сшӀэрэп, Мерэм!..

– Тхьэ сэӀо аркӀэ!

Мэз пакӀэм автобусыр зэрэкъолъадэу Лэукъан чъыг къогъум къыкъокӀи, апашъхьэ къиуцуагъ.

– Мыдэ!.. Тэ укъикӀыгъа, Лэукъан?

– Ар етӀан, Джамбот... Мо жъугъэкӀотэжьыгъэр сыда зыфэягъэр? ПсынкӀэу къэӀуат.

– Шхонч сщищэфыгъ.

– Ащ нэмыкӀэу?

– ШакӀо тызэдэкӀонэу тызэзэгъыгъ.

– Сыдигъу?

– Неущми, неущмыкӀэми, къызыкӀорэр типӀалъ. Абатнэ райвоенкоматым зэо ужым ащ Ӏоф щишӀэщтыгъэу Мерэм еӀо...

– ЗэрэпшӀэжьыгъэмкӀэ, Мерэм, гуцафэ ебгъэшӀыгъа?

– ЕупчӀыгъэти, ащ фэдэ ымышӀэу къыриӀуагъ,– Джамбот шъузыр гущыӀэгъу ригъэфагъэп.

– Ар ищыкӀэгъагъэп, Мерэм. Ӏофыр къызэӀэогъахьэкӀэ сэгугъэ. КъэдаӀу Джамбот: мы мафэхэм ӀофышӀэ умыкӀу, Мерэм изакъоу унэм къимын! КъыбгурыӀуагъа?

– КъызгурыӀуагъ.

– Тхьа къысауи, Лэукъан!.. Сыд къэхъуи?

– Зыгъэрэхьат, Мерэм. Щынагъо щыӀэп. Мэфэ заулэ хъугъэшъ, шъуиунэ тицӀыфмэ къаухъумэ.

Къабгъодэлъэдэгъэ «Волгэм» Лэукъан зыридзагъ, автобусми ыуж илъэдагъ.

Дальмар зыхэфэгъэ Ӏофым хэкӀыпӀэу къыфигъотыщтым егупшысэу автобусым ис. Ышъхьэ псы шъхьал щэрэхъым фэдэу зэпымыоу Ӏоф ешӀэ. Мерэм гуцафэу къыфишӀыгъэр чыжьэу хэмыхьэу зыгорэ зэрэришӀэщтым егупшысэ. Игъогупэ къытеуцогъэ Мерэм тыридзын фае. Ащ екӀолӀэкӀэ Ӏаджи иӀ.

Тара ащыщэу къыхихыщтыр? Анахь тэрэзэу зы зытыриубытагъэр – Дальмарырэ Джамботрэ апашъхьэ Сергей ошӀэ-дэмышӀэу Мерэм риукӀыхьащт, етӀанэ ежь мэзпэсым ыпашъхьэ Сергей ыпсэ щыӀуихыжьыщт...

## ПIалъэр — нычхьап

ТIахьирэрэ Сергейрэ тыгъуасэ зэрэзэбгъодэкIыжьыгъагъэх. ПIалъэу зыфаIуагъэр къэсыфэкIэ урамым щызэрэлъэгъухэми, щызэкIэрымыхьанхэу зэфагъэпытагъ.

ХьакIэщым ТIахьирэ зэрисыгъ, Сергей къэлэгъунэм унэмысыпэу ныожъ горэм дэжь фэтэр щиубытыгъагъ.

Мы мафэхэм ТIахьирэ гупшысэным ыухыгъ. ЧэщитIум напIэр зы сыхьати ридзыхыгъэп. Нэфыр къызышъыщтым кIэхъопсэу, ынитIу къиуцIыукIэу пIэм хэлъыгъ, ынэгу Алъкъэс кIэкIыщтыгъэп.

Ныпчэдыжь жьыкIаеу ТIахьирэ хьакIэщым зэрикIыгъагъ. ХьакIэщым зэрэчIэкIэу къэлэ паркымкIэ ыгъэзагъ, урам шъхьаIэм рымыкIоу нэмыкI цIыф мэкIэ урамым техьагъ.

Паркым дэт шхапIэм цIыфыбэ чIэсыгъэп. Кефир бэшэрэбырэ хьалыгъу бзыгъитIурэ къаригъахьи, ышхыгъ. СтадионымкIэ Iудзыгъэ пхъэнтIэкIум заулэрэ тесыгъ. Жьы къабзэмрэ чэщмычъыемрэ арыщтын, шъхьэукъагъэ. Ау бэрэ чъыягъэп.

ХьакIэщым къызегъэзэжьым, швейцар лIыжъыр ТIахьирэ къыпэгъокIыгъ:

– Джыдэдэм лIы горэ къыпкIэупчIэгъагъ.
– Мыщ чIэсмэ ащыща?
– Ар мыщ чIэс Iоу сшIэрэп.
– Сыд къыуиIуагъ?
– КъыпкIэупчIагъ нахь, зи къыIуагъэп.
– ИтеплъэкIэ хэт фэд?
– ЛIы сырыф, уилэгъун.
– Пэ псыгъо нэкIу кIыхьа?
– Джар сшIэрэп, гуфаплъэу сеплъыгъэп.

Хэта къыкIэупчIэнэу ТIахьирэ къэзышIэрэр Сергей нэмыкIэу? ЗыгорэкIэ Дальмармэ шIэ? ТIахьирэ мыщ чIэсмэ хэта ащ езыIощтыр? Iаеу щыIэр зэкIэ шъхьэм къихьагъ.

– Муарыба къэкIо къыпкIэупчIагъэр...

Ищыжьыгъэу Сергей къэкIо, ТIахьири ыгу быяужьыгъэми, ныбджэгъум ипэрыгъэшъ къакIо егъэгумэкIы:

– Ора, Сергей, къыскIэупчIагъэр?
– Сэры.
– НекIо унэм. Зыгорэм уегъэгумэкIа?
– Къэбар щыI. Нычхьапэ елбэтэу къаджэ...



– КъыриупхъукIыгъэр сыда джы?
– Сыдым фэсшIэн?! Мыдэ тэ тишIэн тэгъашIэ.
– Сыхьазыр, Сергей!
– Ухьазырмэ, тхьам ыIомэ, некIо. Ау мэхъэджэжъыр зэрэIэсэмэгур зыщымыгъэгъупш...
– ОрэIэджабгъу фаеми, гум дэхъухьэгъэ гукъаор ащ иIэсэмэгу нахьи нахь пытаIу!..

Непэ нахь гупсэфэу Смирновыр мы мафэхэм къыхэкIыгъэп. Къэбзэ-лъабзэу зэкIэупсыхьагъэ, IэпкIэ-лъапкI. Оперативнэ купыр зиугъоикIэ ренэу къызэрэригъэжьэрэ гущыIэмкIэ къыхидзагъ:

– Шъукъызфэсыугъоигъэр мыщ фэдэ Iоф: ар шъо шъумышIэу щытэп, шъуущыгъуаз. Шъоры а Iофыр зыпшъэ илъыр. Хэти къытефэрэ Iофыр дэгъоу ыгъэцэкIагъ, ащкIэ тышъуфэраз. Джы къэнэжьыгъэр зы илъыгъу. Тэ тимызакъоу, къыддеIэгъэ цIыф пстэуми яIофшIагъэ икIэух нычхьапэ зыуж тихьащтыр... Макъэ къызэрэтагъэIугъэмкIэ непэ сыхьатыр им,– полковникыр къэтэджыгъ дэпкъым пылъэгъэ картым кIэрыхьагъ,– Рамбеснэ къутырым унэсынкIэ километрибл иIэжьэу Сэламрэ прорабымрэ щызэIукIэщтых, «Победэ» шхъуантIэм Сэлам исыщт. Рулым кIэрысыщтыр тицыхьэ зытелъ кIал, хьакIэщым чIэс ящэнэрэу «ДэбжъыкъукIэ» тызэджагъэм ыкъу. Ятэ зэрэдиверсантыр ышIэрэп. Тэ зэрэтIоу Iофыр хъумэ, мэшIоку зэпырыкIыгъом щытыубытынхэу ары. КIэкIэу къэпIоны хъумэ джары нычхьапэ пшъэрылъэу щытыр, къэлэ милициер зыщышъуищыкIагъэм IэпыIэгъу къышъуфэхъунэу хьазыр. Апэрэ купэу Сэламрэ прорабымрэ ауж ихьащтым ипэщэщтыр майорэу Къэрэбэтыр, ятIонэрэм – капитанэу НакIэр. Хэт упчIэ иI? УпчIэ щымыIэмэ джащ щытыухын. О, Алевтина Андреевна,– полковникым бзылъфыгъэ закъоу ахэсым зыфигъэзагъ,– уиIоф джащ щытэухы, еджапIэм кIожьи, тхьаумафэ нэс мэфищэу къэнэжьыгъэм уишъэожъыехэр инджылызыбзэм щегъаджэх. ЕджапIэм узфыIукIыжьрэр – уянэ сымаджэ зыдэс къалэм инджылызыбзэкIэ щебгъэджэнэу чIыпIэ щыбгъотыгъ. Iофым директорыр щыгъуаз. КъыбгурыIуагъа, товарищ лейтенант?

– Ары, товарищ полковник,– Алевтинэ къэтэджыгъ.

Телефоныр къытеуагъ. Смирновым телефон трубкэр къыштагъ, зи ымыIоу зедэIум, теубытагъэу риIожьыгъ:

– Зи яшъумыlу, зыдакlо шlоигъохэм жъугъаклох, шъунаlэ атежъугъэт. Къэбарыклэ къэхъу къэсми, макъэ къысэжъугъэlу,– полковникым трубкэр телефоным тырилъхьажьыгъ, щысмэ арилуагъ.– Тызэрэмыгугъагъэхэр lофым къыхахьэх. Прорабри «Дэбжъыкъури» а зы лъэныкъомклэ маклох. Сенэгуе а зы чlыпlэм еклухэкlэ. Диверсантхэр зэгъусэнхэу зы чlыпlэ зеклухэкlэ, товарищ Накl, майорэу Къэрэбэтым уригъусэщт, ащ ыlорэр ары, шъо шъугу къызэрилу шъузэрэзеклощтыр. Мы lофым тыщымыгъуазэу зы хэхъухьэ – Сэламрэ «Дэбжъыкъурэ» азыфагу зэмызэгъыныгъэ дэлъ. Ар зыфэдэр, къызхэклыгъэр тшlэрэп. Прорабыр хэта тlумэ яззу зилыклор? Кlо, ахэр lофхэп, щыри ыпашъхьэ къетщалlэхэмэ къяхъулlагъэр ащ нахь щызэхэтфын. Тымышlэрэ lаджи ащ къыщагъэтlэсхъэщт. Сакъыныгъ, сакъыныгъэр зэклэми апэрэ.

Полковникыр къызэтэджым, щысхэми зыкъаlэтыгъ.

Бжыхьэ мэфэ клэклым итыгъэ къохьапlэм щэклуасэ.

Пlалъэм ехъулlэу зэрэмышlэх плонэу Тlахьирэрэ Сергейрэ автобус уцупlэм lухьагъэх. Гъогунэпцэ гъушъапlэм дэжь щытыгъэ щыlэп. Мэтэшхуитlу зыlыгъыгъэхэ ныомрэ шъэожъыемрэ нэмыкlэу пшъэшъиц lут. Клэлэклэ къуапцlэ гори пшъашъэмэ адэгущыlэ. Гъэшlэгъон горэ къафеlуатэщтын, егъэщхых.

Сыхьатыр им ыныкъо хъугъэ. Дальмар къэлъагъощтыгъэп. Тlахьирэрэ Сергейрэ семчык ауцэlоу гъушъэпlэ лъапсэм исых.

Автобусыр къэсыгъ. Зи къикlыгъэп. Ныомрэ шъэожъыемрэ lуищыгъэх. Расписаниемклэ сыхьатыр им ыныкъо такъикъ заулэклэ блэкlыгъэу джыри зы автобус къэсынэу щытыгъ. Джа автобусэу Краснодар клорэр ары пшъашъэхэр зажэщтыгъэхэр.

Тlахьирэ игумэкl семчык жэдэдзэным тырыригъэфыщтыгъэми, гуапэм бгъэр зэщеуты. Дальмар зэрэlуклэщтым ар ыгъэгумэклыщтыгъэп, нычхьапэ ащ lумыклэми, мы мэфэ благъэхэм фэзын зэрилъэклыщтыр ешlэ. Рамбеснэ къутырым дэт унэр игугъапl.

Гупсэфыгъо къезымытэу, Тlахьирэ зыгъэгумэклэу, клуапlэ къезымытрэр Алъкъэс. Ар пыим зэрэщиухъумэщтыр ышlэщтыгъэп.



Алъкъэс ежь фаеу пыим гоуцуагъэу къычlэклмэ? Ау Алъкъэс ымышlэнкlи мэхъуба, ыlуагъ, пыир къызэрэрищэклрэр? Ащклэ бгъэмысэщтыр сэры нахь, Алъкъэсэп. Скъо зи илажьэп! Лажьэ зыфэмыгъотэу зэгоутрэр сэрышъ, сфэшъуашэ къысщыlыгъ. Зыми сызэрифэщтыгъэп!

## Алъкъэс, зымыгъэсыс, зызэрэбгъэсысэу сыкъао!

Быбырэм фэдэу гъогунэпцэ гъушъапlэм «Волгэ» горэ блэлъэтыгъ. Пшъашъэмэ яlорыжъорыщтыгъэ Арбанян машинэм лъыплъагъ, ыгъэшlэгъуагъ.

– Сыдэу клоклаеу клора, километришъэм къехъу ыlыгъыщтын.

– Муары, джыри къачъэ,– пшъашъэмэ ащыщ горэм къыlуагъ.

– Къэзгъэуцун шъуфаемэ?

– Хьау, хьау! – пшъашъэмэ адагъэп.

Гъогу къэгъэзэгъум къыкъолъэтыгъэу, мыгузэжъошъырытэу, «Победэр» къэчъэ.

– Тэ тыригъэтlысхьащтми тшlэрэп,– Сергей наклэклэ Тlахьирэ макъэ ригъэlуи, машинэм пэгъоклыгъ.

Автобус къэуцупlэм метрэ заулэклэ блэчъи, гъогунапцэм дэхыгъэу, машинэм зыритlагъ.

Сергей шоферым еупчlыгъ:

– Къалэм тынэбгъэсына?

Ошlэ-дэмышlэу зэlуклагъэхэ фэдэу Дальмар Сергей зыкъыфишlыгъ:

– Хэта мы слъэгъурэр! Андрей, сыда мыщ укъэзыхьыгъэр!

– Владимир Петрович, ора ар?! Мыщ тыщызэlуклэн lоу нибжьи сшlагъэп. Слъэгъурэр гъэшlэгъоны, сыд уищыlакl, Владимир Петрович?

– О сыд уищыlакl?

– Уезэгъыщт.

– Клалэхэр дэу щытха?

– Ахэри хъущтых.

– Шъузыр?

– Ащи lоф ешlэ.

– Шъупсаумэ дэгъу.

– Тэ укlора?

– Сэкlожьы чылэм.

– Къидгъэтlысхьащта мы кlэлэ шlагъор, Алъкъэс? – Дальмар шоферым еупчlыгъ.

– Кlэлэ дэгъумэ lо хэлъэп. Къитlысхь, къитlысхь!

Тlахьирэ ыlэмычlэ кlэрахъор чlэлъ. Ежьмэ зэрамыlоу lофым зыкъызэпыригъазэмэ щэр тырипхъэнкlэнэу хьазырыпс. Ар къыздэмыхъурэм машинэм иаужрэ щэрэхъмэ яз зэреощтым щэч хэлъыжьэп.

– Сыкъитlысхьащт шъхьакlэ, сизакъоп...– Сергей шоферым риlуагъ.

Ящэнэрэ цlыфыр lофым къыхэхьанэу щытыгъэп.

– А къапlорэр нахь дэй,– фэмые-фэяшъо Алъкъэс зыригъэшlыгъ,– сиаужырэ щэрэхъ псэ пытыжь къодый...

Сергей зэримызакъор Дальмар зызэхехым, псынкlэу къэупчlагъ:

– Хэта уигъусэр?

– Синыбджэгъу кlалэ гор, Владимир Петрович. Кlэлэ дэеп.

– Кlэлэ дэй сыд тэ етшlэщтыр! Тэрэзба, Алъкъэс?

– Тэрэз. Гъогум къытетынэнхэп.

Мэзахэ къэхъугъ. Машинэ остыгъэхэр хагъэнагъэх. Ахэмэ «Победэр» гъогунэпцэ шlункlым къыхапхъоты. Гъушъэпlэ lэтыгъэм дэжь щытхэр хъатэу къяплъыщтыгъэхэп фэд, ау Арбаняни Тlахьири зэрэмышlэхэу анэхэр машинэм тырахыщтыгъэп. Аlорэр хъатэу зэхамыхми, атхьакlумэхэр кlэгъэзыкlыгъэхэу гущыlэ нықъохэр къалъыlэсыщтыгъэх.

– Тхьауегъэпсэу.

– Шъукъитlысхь, тхьауегъэпсэур етlан...

Къерэтlысхь ари, шпионмэ ащымыщынкlи мэхъу, ыlуагъ Алъкъэс, ари сэщ фэдэ делэ тхьамыкlэ горэщтын. Мыхъу зыщыхъурэм lэпыlэгъу къытфэхъун. Алъкъэс зэримызэкъоштым къыгъэгушхуагъ.

Шоферым гос Дальмар джыбэм илъ кlэрахъор нахь зэхишlагъ. Машинэм къитlысхьащтым гъунджэмкlэ еплъын ылъэкlынэу тlыси, радиор хидзагъ, орэдмэ алъыхъоу ригъэжьагъ.



Сергейрэ Тlахьирэрэ машинэм итlысхьагъэх.

Пэкlэ цlыкlумрэ дэбжъыкъу хьамцlый кlодыгъэмрэ ыкlыб дэсылlым зэрэтетыхэр Алъкъэс гъунджэ бгъузэмкlэ ылъэгъугъ. Мэзахэм уигъэлъэгъурэ щыlагъэп. Загъорэ аужкlэ, е апэкlэ къикlырэ машинэхэм яостыгъэмэ кабинэр къагъэнэфыщтыгъэ.

Нэбгъунджыкlэ Дальмар ыкlыб дэсмэ афеплъэкlыгъ, ау нэфынэр псынкlэу кlодыжьыгъэ.

– Километрэ бащэ пlыгъ, Алъкъэс, зыгорэм тыдебгъэдзэщт...– спидометрэм еплъызэ, ыкlыб дэс лlы имынэlуасэми Дальмар фычlэплъыгъ.

Ылъэгъурэр зыфигъэдэн ымышlэу Дальмар ышъхьэ имыщыкlэгъабэ къышlуебанэ, мэшlуаем зэлъештэ. Гур къытеоу ригъэжьагъ. Зыгъэрэхьат, зыгъэрэхьат, зэреложьы. Тутын къыштагъ. Сырнычыр зыхегъанэм ошlэдэмышlэу зыкъызэригъэзэкlи, машинэ кlоцlыр ригъэнэфзэ, Сергей риlуагъ:

– Адэ, Андрей, ныбджэгъум нэlуасэ тыфэпшlырэпи?

Къыригъэжьагъэр къыримыгъэухызэ, lэгушъо пlокlэ зандэмкlэ Дальмар икъурбыкъый зэхэт Сергей чlэуагъ. Тlахьирэ кlэрахъор къырипхъоти, Алъкъэс текуагъ:

– Алъкъэс, зымыгъэсыс, зызэрэбгъэсысэу сыкъао! Къэгъэуцу машинэр!

Дальмар ышъхьэ шlолэлыгъэ Сергей шlоlэбыкlи, джыбэм итхъуагъ, кlэрахъор къызщырихыщтым, Дальмар зипхъуати, мыжъом фэдэу машинэм зыридзыгъ. Алъкъэс тормэзым теlункlэфэкlэ ыкlыбрэ лlитlуми машинэм зырадзыгъ. Дальмар къызщылъэтыжьи, тыгъэгъэзэ хьасэм хэлъэдагъ.

Чыжьэкlэ къалэм иостыгъэ нэфхэр къэлъагъох. Мэшlоку шъуй макъи къэlу. Тlахьирэ Сергейрэ тыгъэгъазэм зыхадзагъ, Алъкъэси ауж илъэдагъ.

Кlэрэхъо омакъэхэр Алъкъэс зызэхехым, чъэм дыхэтэу хьасэбэкъум зыдидзагъ, къызщылъэтыжьыгъ. Тыгъэгъазэр къызщысысрэ лъэныкъомкlэ Алъкъэс мачъэ, омакъэхэри къэlужьхэрэп.

«Победэм» ыуж кlэкlэу итыгъэ «Волгэм» исхэми хьасэм зыхатэкъуагъ. Лэукъан лъэгонджэмышъхьэу хьасэбэкъум дэтlысхьи, зиплъыхьагъ, дэlуагъэ. Къахэхъухьа-

гъэр сыда мыхэмэ, ыlуагъ, тэщ нэмыкlэу хэта ауж ихьагъэр?..

Адыкlэ, тыгъэгъэзэ хьасэм иадырабгъукlэ, джыри омакъэхэр къыщыlугъэх.

Мэшlоку гъогумкlэ Дальмар мачъэ. Пцел чъыгыжъ заулэу темэн lушъом кlэрытмэ Дальмар ахэлъэдагъ. Зы бгъумкlэ темэным кlуапlэ къырытыщтыгъэп, адырабгъур коцыпкъыгъ. Мэзыр ары, еlо хэкlыпlэу сиlэр... Мэзыр ары хэкlыпlэ закъор!.. Къэнэжьыгъэ щыlэп... Джыри зэ илъыгъу!.. Джыри... Дальмар пкlантlэр зэрекlыхы.

Тlахьирэ ышъхьэ илъыр зызакъу – Дальмар кlэхьани, ыжэгъу зычlидзэщт!

Лъэбэкъу заулэкlэ Тlахьирэ ыуж Сергей ит.

Мазэм изыбзэу шэндж къогъум къыкъотэджыкlы.

Дальмар чъыг къогъумэ закъуидзэзэ, темэн lушъом речъэкlы. Сергей заулэрэ Дальмар зыкъот чъыгымкlэ уагъэ. Ащ нэс Тlахьирэ цlыкlу-цlыкlоу Дальмар ыкlыб зишlи, пэзанкlэу чъыг къогъум къоуцуагъ. Дальмар кlуашъэзэ, къызэкlэкlо.

Тlахьирэ кlэрэхъо лъэбымкlэ ошlэ-дэмышlэу Дальмар ышъхьэ еуагъ, зытыридзагъ. Дальмар шъхьащысыр къышlэжьыгъ. Кlэрэхъо лъэбымкlэ Тlахьирэ джыри Дальмар ыгъэмэхыжьыгъ, зызэрагъэлlэжьрэ уцыр Дальмар иджэнэ пшъапlэ къыхитхъыгъ:

– Джары, хьам къылъфыгъ, о пфэшъуашэр!..

Лэукъани игъусэхэри къыlулъэдагъэх. Тlахьирэрэ Сергейрэ аlэ къаlэтыгъ. Машинэм яостыгъэмэ щытхэр къагъэнэфыгъэх.

Алъкъэс къыlулъэдагъ, ылощти ышlэщти ымышlэу зынэпс къетэкъохрэ ятэ еплъыгъ.

Тlахьирэ ыкъо къеджагъ:

– Сэры, Алъкъэс, сэры... Сыкъэпшlэжьрэба, сикlал?!

Ятэ ыбгъэ Алъкъэс зыкlидзагъ. Лlитlур мэкъэнчъэу гъыщтыгъэх. Сергеий нэку-нэпсыгъ.

Лэукъан зыгорэ ариlонэу зежьэм, Смирновым зэтыриlэжагъэ:

– Зи ямыlу, загъэгъыкlмэ нахьышlу...



## ШIУ ШIИ, ПСЫМ ХАДЗ

*Роман*

# I

Ушъузабэ зыхъукӀэ лӀы Ӏофи шъуз Ӏофи зепхьэу, сыдрэ къини гугъэм дэпщэчэу къэохьы. ЛӀыр заом щыфэхыгъэмэ е къэкӀожьи лӀагъэмэ, уинасыпынчъагъэ уегупсэфылӀэжьышъ, бзылъфыгъэ гукъэкӀхэр щыӀэжьхэми умышӀэу, сабыйхэр зэрэппӀущтым, анапэ къызэрэуухъумэщтым уфыщэӀэ. Ау «зыдэхъугъэр амышӀэу уилӀ кӀодыгъэ...» аӀоу заом тхылъ къызыпфырырагъэхыкӀэ гугъэ паплъэм ухэмытын плъэкӀыщтэп. Зыгорэ уипчъэ къытеоми, письмэзехьэр урамымкӀэ къырыкӀо хъуми, а гугъэ закъор Ӏэзэгъунчъ.

Заор кӀо зэхъуми, заухми, ащ ыуж къырыкӀогъэ илъэс тӀокӀми Шэныбэ Сафят игугъэ шъэф хэмыкӀэу Сэбэхь пэплъагъ. Заом зилӀ щыфэхыгъэ шъузабэмэ адалъытэу, егъэшӀэрэ чэмыщэу колхозым хэтыгъ, зятэ темыплъэгъэ пшъэшъэжъые закъор ты зиӀэмэ аримыгъэхъуапсэу ыпӀугъ, ригъэджагъ. Ежь Лимэ ятэ рыгушхоу, сочинение зитхыкӀэ хитхэу, комсомолым хахьэ зэхъум, къафиӀуатэу игъашӀэ къыхьыгъ. Нибжьи ятэ ыкокӀ имысыгъэми, исыгъэу, гъэшӀуабзэкӀэ къедэхашӀэщтыгъэу Лимэ къышӀошӀы, дзэкӀолӀ щыгъынкӀэ фэпагъэу исурэт ипӀэкӀор шъхьагъ пылъагъ.

Чэтэшӏэ Биназрэ Шэныбэ Лимэрэ илъэсиплӀ азыфагугъэми, зы еджапӀэ зэдычӀэсыгъэх. Апэ дэдэ Лимэ нэшӀукӀэ Биназ зыфеплъыгъагъэр ят ары. Комсомолым хахьэ зэхъум, нэмыцмэ ялъэхъан сыда уятэ зыфыдэсыгъэр аӀуи, Лимэ еупчӀыгъагъэх. Лимэ ятэ ихэгъэгу къыухъумэзэ фэхыгъэ нахь, нэмыцмэ ахэтыгъэп, оккупацием исыгъэмэ, уӀагъэу къэкӀожьыгъагъэти, дэкӀыжьыгъо ифэгъагъэп, тидзэ къызщыкӀожьыгъэ чэщым исатыр хэуцожьыгъагъ Биназ къызеӀом, зэкӀэми аӀэ къызэлъаӀэти, комсомолым аштэгъагъ.

ЖьыкӀаеу Лимэ къэущыжьыгъ. НапӀэр къызэрэзэтырехэу къэтӀыси, шъхьацыгъор шъхьапхэтыкум гуӀэ ӀофкӀэ щызэкӀиугъуаезэ, къехъулӀагъэри, зыдэщыӀагъэри ымы-

шӀэу, ятэ исурэтмэ афыдэплъыягъ, зелъэгъухэм, нычэпэрэ чэщым пкӀыхьэкӀэ къинэу зыхэтыгъэр шъхьащыужьэу ригъэжьагъ. Хьакъу-шыкъу макъэхэр адырэ унэм къычӀэӀукӀыхэу зэхихыгъэти, янэ еджагъ:

– Мам!...

– Сыда, сипшъашъ?

– Нычэпэ пкӀыхьэ плъэгъугъа?

– Хьау, сипшъашъ. Сыда?

– Сэ слъэгъугъэ.

– Хъяр ешӀ. Дэгъуа, дэя?

– Папэ икарт,– Лимэ дэпкъым дэплъыезэ,– къыпызи, къыстефагъэу слъэгъугъэ.

– Тхьэ къысауи, сипшъашъ,– щтэгъэ нэгукӀэ Сафят пӀэкӀор къуапэм пытӀысхьагъ,– шӀоп ар, шӀоп... ЕгъашӀэм тщымыгъупшэнэу тыкъигъани, уятэ тхьамыкӀэр дунаим ехыжьыгъ... Сэдакъэ фэтыгъэн фае, ыгу къытабгъэщтын. А пкӀыхьэу плъэгъугъэр, нынэ, шӀоп. Тхьэр осэгъэлъэӀу, зыфэсакъыжь...

Заор заухыгъэ илъэс тӀокӀым къыкӀоцӀ Сафят къиныбэ ылъэгъугъ. Ау мы аужрэ илъэсищэу Лимэ мединститутыр къызиухыгъэм, шъузабэм ыгоу рэхьатыжьын езыгъэжьэгъагъэр джыри къэбырысырыжьыгъ.

ЦӀыкӀу зэхъум мыщ фэдагъэп, нахь хэкӀуатэ къэсми, ятэ игугъу нахьыбэрэ ешӀы, пкӀыхьэкӀэ дэгущыӀэ. ЧэташӀэмэ якӀали зыпаплъэрэр сшӀэрэп, пшъэшъэжъыем ышъхьэ зэрифэкӀыгъэшъ, неп-неущ еӀошъ, хэт. Унагъо уихьэу сабый къыппыфэмэ, нахь узщагъэгъупшэщт, нэмыкӀ пкӀыхьи плъэгъущт. Мары тяни тяти тиӀэжьэп, загъорэ ныӀэп тыгу къызыкӀхэрэр. Нибжьи зыкокӀ имысыгъэм нахьрэ гушӀуагъо о уиӀэп. Адэ сыдэу тшӀын, титӀо тинасып къыхьыгъэп, тэ тизакъуа, зэрэкъэралэу тэщ фэд. Уятэ тхьамыкӀэр щыӀагъэмэ, боу гушӀони, Болэт Къасымэ, Дударыкъо Темыркъан яшъхьагъышъхьэу чылэм дэсыни. Уятэ гъэсэгъэшхуагъэп шъхьакӀэ, Ӏушыгъэ, лэжьэкӀуагъэ. Нэмыцхэр къытеохи, ДэхапӀэ къыздэнэм, сыд фэдиз къин ащ кӀэхэкӀыгъагъэр. Сэ мыщ ӀэнтӀрахьоу сыдэс, мокӀэ синыбджэгъухэм хэгъэгум апсэ фагъэтӀылъы, лӀыгъэ зэрахьэ ыӀоти, ышъхьэ зыдихьыжьыщтыр ышӀэщтыгъэп. Партизанмэ заӀуигъэкӀэнэу мэзми хэхьэгъагъ, уакъыхэзыгъэ зыхъукӀэ, хэт къыппылъыщт. Непэ нэмыцмэ самыгъэтӀысмэ, неущ сыдащы ыӀозэ ыгу цапэкӀэ ыӀыгъэу, тидзэ къэкӀожьыфэ къыхьыгъ.



– Мам, чэтлыбжьэ Ӏэшӏу пшӀыгъэ...– Лимэ ыӀуагъ, ау янэ зэхимыхыгъэу къыщыхъугъ.– Сыда узэгупшысэрэр, мам?..

– Зыми сегупшысэрэп, сипшъашъ,– Сафят игупшысэ къыхэлъэтыкӀыжьыгъ, зыфишӀыри ымышӀэу бэлагъым етхъуагъ, шъхьащыгущыӀыкӀыгъ.– Джыри пӀэстэ фабэ къыпфислъхьан, шхэ, нынэ, шхэ... Адэ Ӏэшӏун, мыгъэрэ чэтыкӀэх...

– Больницэм сэкӀо сэ,– Лимэ исумкэ гъожь цӀыкӀу зэриӀыгъэу янэ ыпшъэ зыришӀи, тӀэкӀурэ щытыгъ, етӀанэ риӀуагъ.– Непэ щегъэжьагъэу, мам, папэ ехьылӀагъэу зи къыосӀожьыщтэп...

– Хьау, нынэ,– Сафят къэгузэжъуагъ,– уятэп сызэгупшысэщтыгъэр...

– Ары, ары, сэ сымышӀэ фэд. Сыхьатыр зым щэджэгъуашхэ сыкъэкӀожьыщт сэ...

– КъэкӀожь, нынэ, къэкӀожь,– мэзэ закъоу къэнэжьыгъэм уянэ ищыуанычӀэ ипшхыкӀыжьырэр уичар Сафят ыӀонэу гур къызэхахьи, къыфэӀожьышъугъэп.

Щэджэгъуашхэ сыкъэкӀожьыщт Лимэ ыӀогъагъ шъхьакӀэ, фифагъэп. Сымэджэ нэбгырэ пшӀыкӀутӀоу ипчъэ къыӀутӀысхьагъэмэ яплъыфэ, унэмэ арылъ сымаджэхэр къекӀухьафэхэкӀэ сыхьатыр плӀы хъуи, тфым ежьагъэу ядэжь къэкӀожьыгъ.

Къэлапчъэм къызыӀохьажьым, ящикым къыдэпӀыикӀырэ газетхэр къыдихыгъэх. Щэджэгъуашхэ укъэкӀожьыгъэп Сафят ыӀомэ, къегыйзэ, Ӏанэр къыфишти, Лимэ ыгъэшхагъ. Янэрэ ыпхъурэ чылэ къэбар заулэ къызэфадзыжьи, «Медицинскэ газетыр» къахихынэу газетмэ захэӀабэм, плъыжь-шхъонтӀэ зэщымыщхэмкӀэ къуапэхэр пыгъэлыкӀыгъэхэу конверт кӀыхьашхо къыдэзыгъ. Институтым къыдеджэгъэ пшъэшъэгъумэ ащыщ къыфэмытхэщтыгъэмэ, Лимэ къыфэтхэрэ шӀагъо щыӀагъэп. Джэхашъом тефэгъэ письмэр къызештэжьым, зыщымыгъозэ хьарыфмэ къагъэучъыӀыгъ.

– Сыд илӀэужыгъуа а письмэр?

– Тыркуем къекӀмэ сшӀэрэп... ПлъэкъуацӀи, пцӀи тетхагъ....

– Тыркуем, синынэ гущ, тызыхьыщтри, тиӀофэу щыӀэри сыд?..

Ӏэхэр кӀэзэзхэу конвертыр зэтыритхъи, дэлъым нэкӀэ Лимэ рычъагъ, ыгу къилъэтыщтым фэдэу къызэрэтео-

рэр янэ ымышӀэу щытыгъэми пшъэшъэжъыем ынэкӀушъхьитӀу лъы зэрэкӀэмытыжьымкӀэ къэбарышӀу зэрэщымыӀэр Сафят къыгурыӀуагъ.

– Мы письмэр, мам, къэзытхырэр пап…

– Ы-ы!..– Сафят кӀигъэпцӀыикӀи, куугъэ.– Уятэ щымыӀэжьэу сыд письма?! Сыда итыр, къедж!..

Письмэм итым Лимэ дэгузажъоштыгъэми, жъажъэу къеджагъ.

*«Шъуимафэ шӀу, Сафят, Лим!*

Мыр къэзытхырэр Шэныбэ Сэбэхь, сыпщымыгъупшэжьыгъэмэ, Сафят. Уят ары, Лим. Сынапэ умышӀэу, нибжьи тызэтемыплъагъэми, сипшъэшъэжъый, о зыр ары дунаим щысиӀэр. Делэгъэ зекӀуакӀэкӀэ хэгъэгум сыкъыхэзыгъэу, хымэ хэгъэгу сыкъэифагъэу Тыркуем сис. Сисми сшӀэрэп, сшъхьэрэ спсэрэ шъуадэжькӀэ щыӀ, мыщ сыщэзекӀо къодый. Сиягъэ къышъозгъэкӀынэп сӀуи, ащ нэс хымэ чӀыгу къогъупэ горэм сыкъолӀыхьажьын сӀуи, зыкъэшъозгъэшӀагъэп, сикӀодыкӀэу шъушӀэрэмкӀэ шъущызгъэӀэнэу симурадыгъ шъхьакӀэ, сфэщыӀагъэп. Зэо мыгъоу нэмыцмэ къыташӀылӀэгъагъэр заухыгъэр илъэс тӀокӀырэ тфырэм къехъугъ, джы дунаир нэмыкӀ хъоу ригъэжьагъ, цӀыфмэ агуи къэушъэбы…

Къэстхыгъэм иджэуап къызысӀэкӀэхьажьрэм, апэрэм фэмыдэу ятӀонэрэм нахьыбэ къэстхын… СыкъэкӀожьынкӀи сэгугъэ… А-ей-гущ, сыхэмыукъогъагъэмэ адырэ чылэлӀымэ сафэдэу сиунэ сисыщтыгъэ, е зыпсэ зыгъэтӀылъыгъэ тицӀыф пчъагъэмэ сахалъытэщтыгъэ… Ау тыдэ сыщыӀагъэми, хэгъэгоу сыкъызхэзыгъэм гукӀэ сыфэшъыпкъагъ, сыкъызэхэфэфэкӀэ сыфэшъыпкъэщт, шъо сышъуфэшъыпкъэщт. Мы къэстхыгъэм къешъуӀолӀэщтыр сымышӀэми, тищэ дунаим тызэрэзэдытетыр тэрэшӀэ. Шъопсэу, шъотхъэжь. Уихэгъэгу фэшъыпкъ, сипшъашъ!

Зыгу шъуимыкӀэу сэлам къышъозыхыжьрэр

*Шэныбэ Сэбэхь».*

Лимэ письмэм икъеджэн зеухым, ынэгушъхьэ нэпсхэр тырилъэкӀыкӀызэ, къызщылъэти, ятэ заом къыритхыкӀыгъэгъэ письмэ зыщыплӀыр зыдэлъ пхъонтэжъыем дэбэнагъ. Тыркуем къыратхыкӀыгъэ письмэмрэ пхъонтэжъыем къыдихыгъэмрэ зэгуилъхьи, хьарыф тхыкӀэхэр ыуплъэкӀугъэх. Гъопчэжьыгъэ письмэмрэ Тыркуем къыкӀыгъэмрэ зы нэбгырэ къызэритхырэм уехъырэхъышэжьынэу щытыгъэп. Ардэдэм Лимэ ынэкӀушъхьэ къыхихэу Чэтэшӏэ Биназ ыгу къэкӀыгъ…

Бжыхьэ лэжьыгъэ Ӏухыжьыным фэгъэхьыгъэу райкомым зэхищэгъэ зэӀукӀэм хэлэжьагъэу Чэтэшӏэ Биназ чылэм къэкӀожьы. Нахьыпэм мыщ фэдэ район зэӀукӀэмэ мэфэ псау арагъэхьыщтыгъэмэ, джы сыхьатитӀуи рагъэкъудыигъэп. Райкомым иапэрэ секретарэу мазэрэ ныкъорэ нахь Ӏоф зымышӀэгъэ Таймэз Даутэ ипсалъэ кӀэкӀыгъэ: бжыхьэ лэжьыгъэ ӀухыжьынымкӀэ пшъэрылъэу щытхэр, ащкӀэ шӀэгъэн фэе Ӏофыгъохэр. А зы гущыӀэр шъэрэ къыкӀэтӀотыкӀыжьэу тызэхэскӀэ тиӀофхэр шӀагъэ хъущтэп, цӀыфмэ шъуахахь, мэфэ ошӀухэр къызфэжъугъэфедэх, хэгъэгумкӀэ пшъэрылъэу тиӀэхэр зэрэдгъэцэкӀэн фаер лэжьакӀомэ зэхяжъугъашӀыкӀ ыӀуи, къытӀупщыжьыгъэх.

Ар ӀофшӀакӀэ хъущт, ыӀуагъ Биназ. ЗэӀукӀэм хэлэжьагъэхэм янахьыби ар агу илъэу зэбгырыкӀыжьыгъэх. Пчыхьэ фэгъазэ охъуфэкӀэ зэхэсынхи, етӀанэ ешхэн-ешъон зихьисапыгъэхэр зыдагъэзэщтыр амышӀэу, рестораным чӀэхьанхэри къырамыгъэкӀоу, ядэжь кӀожьынхэкӀи ашӀожьыщэу къызэхэнагъэх. ХыутӀэ нэпкъым тет шашлычнэм зыдащэнэу ащыщ горэм къыриӀуагъ шъхьакӀэ, рулым сыкӀэрыс, сымыкӀожьы хъущтэп ыӀуи, Биназ фэкӀуагъэп.

Болэт Къасымэ ыгу къызэкӀым, Биназ ӀугушӀукӀыгъ. Уцугъорэ тӀысыгъорэ зымышӀэрэ цӀыф, егъашӀэм зыгорэми игумэкӀ хэтэу ищыӀэныгъэ къехьы. Хабзэр, хэгъэгур Ӏори, ыпсэ еблэжьыщтэп. Къасымэ фэдэ цӀыфхэр Биназ ищыпэлъэгъухэп. Сыда чыжьэу узкӀэӀэбэжьыщтыр ятэжъ, Чэтэшӏэ Ибрахьимэ, ицӀыфыгъэрэ ишъыпкъагъэрэ? Ятэ Шумафи джы къызнэсыгъэм, Къасымэ фэдэу, цӀыфмэ афыщыӀ. Ау етӀани, мыдритӀур пэблагъэу, ясэжьыгъэмэ ышӀэрэп, Болэт Къасымэ идунай тетыкӀэ шӀогъэшӀэгъон, загъорэ зэмыжэгъэ Ӏофхэр къыфиӀэтхэу бырсыр хегъэтми, зыригъапшэ шӀоигъоу кӀырэплъы.

Уизакъоу рулым укӀэрысэу гъогу утет зыхъукӀэ, узэгупшысэн Ӏаджи шъхьэм къехьэ. Болэт Къасымэ ищыӀэныгъэ, ицӀыф гъэпсыкӀэ Биназ егупшысэзэ, Дударыкъо Темыркъани, ХьапэкӀэ Аслъанбэчи ыгу къэкӀыгъэх. Мыхэри чылэм дэс лӀыжъмэ ащыщых, хэти иакъыл къызэрихьэу дунаим тет. Темыркъани, Аслъанбэчи Совет хабзэр

Дэхапlэ щыгъэуцугъэнымкlэ, колхозыр щызэхащэнымкlэ, ар пыим къыщыухъумэгъэнымкlэ, зэоуж илъэс къинхэмкlи къатефэу амышlэ къагъэнагъэп. Джы къызнэсыгъэм, загъорэ гъумытlымхэми, колхоз lофкlэ укъагъэукlытэжьырэп, натрыфлэжь лlыжъмэ адырагъаштэ. Сыд фэдэу митlум загъэчанми, еlо Биназ, Болэт Къасымэ сфегъэпшэщтхэп. Къасымэ шlушlагъэм къыфэхъугъэу дунаим тет, мыдрэхэр тэшlэ аlозэ, яфедэ фыщылэх.

Биназ машинэхэр къыдэхыхэ е адэхы зыхъукlэ, тормозым, акселераторым зэрэтеlункlэрэм фэдэу игупшысэхэри зэкlэмыхьэ-зэтечъых. Чылэ лlыжъхэр шъхьэм илъ ылозэ, ошlэ-дэмышlэу Таймэз Даути нэсыгъ. Таймэзыр игупшысэ къызэрэхэхьагъэм лъапсэ имылэу щытэп: къэгущылэ зэхъум, Болэт Къасымэ зипэщэ натрыфлэжь лlыжъмэ ягугъу къышlыгъагъ. Армырми Таймэзыр бэшlагъэ Биназ ыгу зырихьыщтыгъэр, районым имэкъумэщ управление lоф щишlэ зэхъум щегъэжьагъ. Шъырытэу, куо-хьау lоф хэмылъэу, зэрэгущылэрэмрэ зытегущылэрэ lофыгъом хэшlыкl зэрэфырилэмрэ ыгу рехьы. lэнатlэм цlыфхэр зэрегъэкlокlы аlуагъэшъ, теплъын зэрэхъущтым, Биназ щхыпцlыгъэ.

Чыжьэкlэ Дэхапlэ къэлъэгъуагъ. Заом ыпэкlи, ыужкlи Дэхапlэ районыр зыдэт чылэщтыгъ. Ау мы аужрэ илъэс пшlыкlутфым, районитlур зызэхатэкъожьым, чылэ къызэрыкlоу къэнэжьыгъ. Район чылэу зэрэщытым ихьатыркlэ унэ дэхэкlаехэр дашlыхьагъэу дэтыгъэх: больницэр, культурэм и Унэ, райкомымрэ райисполкомымрэ зычlэтыгъэ унэхэр, гурыт еджапlэр, зичэу lукlыкlыгъэ зэпыт рестораныр, тучанитlур.

Больницэм къызнэсым, нэшlукlэ а лъэныкъом Биназ плъагъэ. Халат фыжьыр щыгъэу Лимэ ынэгу къыкlэуцуагъ. Мэфэ заулэ хъугъэ Лимэ зимылъэгъугъэр, зыпчыхьи, тыгъоспчыхьи ыдэжь фыкъокlышъугъэп. Ушъхьагъу lоф къыхэмыхьэу зыфэмыкlощтыгъэри нэфагъэ: пlалъэ къезытыгъэ пшъашъэм бащэрэ фыкъокlыныр къыригъэкlущтыгъэп, зерэгъэхьазыр, нахьыбаlорэ янэ кlэрэрэсыжь. А такъикъ заулэм Биназ ыгу зыгорэу къэхъугъ, илъэс пчъагъэ хъугъэу шlу ылъэгъурэ пшъэшъэжъыер дунаим зэрэтетыр, джыри иунэ къыримыщагъэми, насыпэу зыфелъэгъужьы.



Биназ унэм lумыхьажьэу губгъом ихьагъ. Мэджэс Ахъмэт ику чыжьэкlэ къышlэжьыгъ. Гъогунапцэм дигъэхыгъэ машинэм Биназ къикlыгъ. Натрыф кухьэ гъожьми Ахъмэт къепсыхыгъ.

– Кукlэ губгъом укъихьэ хэбзагъэп, Ахъмэт? – сэлам зырех уж Биназ шыкуаом еупчlыгъ.

– Хабзэ щылэжьа джы,– Ахъмэт икъамыщыкlэ щазымапшъэм дигъэнагъ,– машинэхэр шъофым пырикъухэрэпышъ, чэтlусыщэ сыкъыдафы.

– Сыдэу пшlыщт, Ахъмэт, машинэхэр...

– Адэ арба сэри сlорэр,– натрыфыр, чlыплъыр, семчыкыр дэщыгъэн фае. Шыкузэкlэт уимылэу машинэ уилэп джары сэ зыкlасlорэр, шъо шымэ шъуафэежьэп...

– Ар дэдэр, Ахъмэт, тlорэп.

– Шъуlорэп. Жьыкlэ шыхэр псэунхэу шъушlагъэмэ, сэшlэ сэ, шъуафэещтыгъ... Мыдэ, Биназ, тутыныбжъэ горэ тэгъэгъэсты, lугъуамэ тымыгъэоу зи пкlэ тилэп. Ы-ы, тутын уешъорэпи о, сщыгъупшэжьыгъ... Ау а укъыздикlыжьрэ районым сэщ пае тутын пачкэ горэ къысфимыщэу укъэкlожьы lоу сшlошъ хъурэп.

– Къэпшlагъ, Ахъмэт.

– Тебгъэсагъэшъ, къэсшlагъ.

– Районым сыщылагъэмэ хэт къыуиlуагъ?

– Сэ сымышlэрэ колхозым къыщыхъурэп. Хьамэм сыпщыкlэупчlагъэти, къысаlуагъ. А укъыздикlыжьрэм сыд къэбарышlу къиохы? Адэ тэрэзба, хэгъэгум лэжьыгъэр ищыкlагъ, ещэгъэн фае. Хэгъэгур ары тызыфыщылэри, тыщызгъаlэри. Джыри пчыхьэ нэс, моу сишхэр псы езгъашъохэу, зязгъэгъэпсэфымэ, чэтlусыщэ щэгъогогъу горэ сыкъыдэкlыжьын. Хэти къытефэрэр зыщишlэн лъэхъан тызхэтыр, Биназ. Олахьэ, Биназ, тутын бэгъуагъэ къысфэбгъэуагъэм, сшlурамышъужьмэ, тхьамафэ горэм сфикъун.

– Хьамэмкlэ сыд щыкъэбар?

– Ащ lофынчъэу утемыхь, хьайнапэ утехъухьан. Сыпхэплъэшъ, о слъэгъурэм, къэбарэу щылэр пшlэрэп.

– Сыд къэбар?

– Шэныбэ Сэбэхь сыпсау ылуи, къэбар къыгъэlугъ, зыдэщылагъэр сшlэрэп джы нэс!..

– Хэт Шэныбэ Сэбэхьэр?..– къыраlорэр къыгурымыlоу Биназ къэупчlэжьыгъ.

– Шэныбэ Сэбэхь умышIэу, Лимэ ят ары.

Мэджэс Ахъмэт игущыIэмэ гые ахэмылъыжьми, Чэтэшlэ Биназ зигугъу къыфашIырэр къыгурыIуагъ. Зыфихьыщтри, къыриIолIэщтри ымышIэу, игупшысэхэр хэохапкIэхэу Биназ заулэрэ щытыгъ. ЕтIанэ зыгорэ лIым ыпашъхьэ къызэрэщиIон фаер зыдишIэжьэу къыIуагъ:

– КIодыгъэу арба Шэныбэм икъэбар къызэрагъэIугъагъэр... Джы къызэрэпIорэмкIэ, псау...

– Узэмыжэгъэ Iаджи, Биназ, заом хэхъухьэ... Заор гъэны ыкIи щхэны. Ар сэ дэгъоу сэшIэ... Ау, тыгъопчыхьэ щегъэжьагъэу сызэгупшысэрэр ошIа, джы нэс Шэныбэм икъэмытхакI... Тэри зыгорэ тигухэлъыгъ... Ипшъэшъэжъые унагъо ихьэмэ, Сафят бзылъфыгъэ шIагъу... Дударыкъо Темыркъан иIуагъэу, мыгугъэрэ щыIэп,– Лимэ ипсэлъыхъо Биназ ыпашъхьэ ит-имытми къымышIэжьэу, Мэджэс Ахъмэт хьылъэу хэхьапщыкIи, гопэеутэхэу зыкIэшъугъэ тутын Iугъор, пэбзыджынри IуилыгъукIэу, къызжэдитIупщыжьыгъ...

– Сеплъмэ, кIалэ, МэфакIомрэ орырэ шъуиIо зэхэмыхьэу щытэп,– Дударыкъо Темыркъан ыкъо нахьыкIэ риIуагъ,– мэфэ зытIущкIэ натрыфым иIухыжьын аухыщт, ар тIозэ семчык бэгъуагъэми тыхэныгъ, центнер заулэкIэ уезэгъыгъэмэ дэгъугъэ, ы-ы? Зыми, тIуми хъущт. Тхьаматэм къыIо къодыемэ, къыдигъэкIощтымкIэ хьэмэтесым сэ сыфэгъэзагъ. Натрыфыр шъоф хьамэм тыращыжьмэ, хэгъэгум ратэу, къэнэжьрэ тIэкIур хьамбарым зыратэкъожькIэ, нибжьи утырагъэплъэжьыщтэп.

– Адэ ары, утырагъэплъэжьыщтэп,– Гощнагъуи жэгъу шъуашIом шъхьэкIэпхэ шIуцIэр щигъэтэрэзыжьзэ, лIым дыригъэштагъ,– хьамбарым илъри ежь яджыбэ илъри тIури зы, урагъэцэищтэп.

– Джы умышIэрэм, ныо,– Темыркъан нэкIушъхьэ хъурэитIумэ анэс къыздыригъаIэу пэкIэ мэкIэ тхъоплъмэ къаIущхыпцIыкIыгъ,– къэкIорэ лэжьыгъэ Iухыжьыгъом нэс укIэхьажьыщтэп.

– Адэ ары,– Гощнагъо джыри хьазырыгъ,– джэмышх нэкI жэм фахьырэп, уиIоф пIалъэ емыт...

– Джы уасэ иIэп шъхьакIэ,– Iэхъомбэ пщэр кIакохэр стол къуапэм зэрэщигъэджэгухэрэмкIэ Темыркъан игумэкI къыхэщы,– гъэтхэ къэлэ бэдзэрым фэдитIу, фэдищ кIэпхыщт.

– Ар гъэм ишъоецыягъэ елъытыгъ, къыолъэIухэзэ нахьыби къыуатыщт,– зи къэзымыIорэм зэгуигъэутэу Гощнагъо къэтэджыгъ, ыкъо никъуашхэми, лагъэхэр Iуихыжьхэу ригъэжьагъ, хьакъу-шыкъу зэутэкIым гум ибырысырыкIэ къыушыхьатэу, бгъэшхъуанэкIэ къызэплъэкIи, къыфидзыгъ: – А синынэ гущ, укъэмыгущыIэжьэу, убзэ ыубытыгъа?!

Нымрэ тымрэ колхоз натрыфымкIэ къызэрэжэхэтхэр Нурбек къыримыдзэу, мыгузэжъуахэу шхи, къэтэджыжьыгъ. Гъунджэм фэдэу, укъызэрыщырэ джэхэшъо жъыутэхыр зэпичи, адрэ унэм чIэхьагъ. Школым зыдихьыщт тхылъхэр портфелым ригъэкIухэзэ, пчъэ зэпахъэмкIэ ятэ ымакъэ къылъыIэсыгъ.

– Адэ джары, ныо, сызэрэщымыгугъыгъэу скъо нахьыкIэ къычIэкIыгъ сэзгъаIорэр... Чэтэшlэ Ибрахьимэ иIуагъэу, е дунай, дунай...– Темыркъан къыригъажьи, щигъэтыжьыгъ.

– Е-о-ой гущ, кIэлэ нахьыжъым мыр сыдым кIигъэхьан... Джары, лIыжъ, Рэмэзан ары тшъхьэ зэдгъэзылIэжьын фэягъэр...

– Ы-ы-ы...– Темыркъан чыишъхьэмкIэ ыIуи, хэщэтыкIыгъ. ЕтIанэ къызыбгырыужьыгъ.– Мыр зилIэужыгъор сшIэрэп, дышъэу щылъым елъэпэуагъэми, ыIэмычIэ ригъэкIущтэп!..

– ЕзгъэкIущтэп,– Нурбек къыпиупкIыгъ.

– Дышъэр лъапэкIэ удзынэу ащ фэдизэу убая?

– ТиIэр шъунэ къыпэIужъугъахь. СеIэбэхэу, тят, къасштэмэ, сыепышъ, зыем IэкIэзгъэхьажьыщт.

– Тынэ къыпэIудгъэхьанэу, синынэ гущ, сыда ащ фэдизэу тиIэр! – Гощнагъо унэм икIрэ Нурбек кIэлъыджагъ, етIанэ зыщыгъупшэжьэу зыщылъэти, унэ нэтIэ шъхьангъупчъэ рекIокIымкIэ лъиджыкIыгъ.– ТыкIэлэегъадж шъоIошъ, шъузымрэ орырэ ахъщэ гъушъэ тIэкIу пышъупIытIыкIзэ унэм къишъохьэ ара?! Муахь, ар псэукIэ мыхъунмэ, сабыитIоу къэшъулъфыгъэри шъуфэмыгъэшхэнмэ!.. СIонэп сIуагъэ шъхьакIэ, шъуз дэубзэ хъупагъэ мыр!.. Адрэм ышъхьэ уцэцыжьэу, тхылъхэр ыблыгу чIеIухэшъ, Мыекъуапэ сыщеджагъ ыIозэ, ущеджагъэмэ гъэшIэгъона, хэта джы емыджагъэу щыIэр, школым мачъэ, зыригъанэзэ къызыкIожьрэм, джэхэшъуапи рипхъэнкIэхырэп!.. Алахь зизакъом укъызхащыгъэхэр, ят-

хьачэт щырмэ анэсыжьэу, регъэтэкъохых, кIэлэ хъарзынэр тшIобгъэкIодыгъэмэ!.. Адэ, лIыжъ, сIонэп сIуагъэ шъхьакIэ, Джанщыр зыцIэр щырэуи-щырэп, анэуи-анэп, цIыфы хъуна!..

– Хэт сэIо Джанщырыр? – зиц1эцIэ макъэ есэжьыгъэныом къыпчъырэмэ ашъхьащыгупшысыкIыщтыгъэ Темыркъан, шъхьэм илъмэ къахэужьэу, къэупчIагъ.

– Тинысэ шъхьэцац арба!..

– Ара сэIо ыцIэр? Олахьэ сымышIагъэ...

– ПшIэнэуи ищыкIагъэп!..– Гощнагъо къыпиупкIи, мэкъэ Iэтыгъащэу къыжэдэкIыгъэмкIэ лIым ыпашъхьэ щыукIытэрэм фэдэу, кIилъэшъужьыгъ.– Адэ, лIыжъ, сыдым ар уигъэшIэна, улъэхахьэрэп сыдрэп зэраIоу, мафэ къэс тыжэхэт пэтзэ, тэри ерагъ ар... Нысэ тIозэ, нысэ мыгъо къызфащагъэмэ тащыщ...

– Мы пIохэрэр, ныо, зыгорэм зэхебгъэхыкъон...

– Алахьэм ерэмыд, Къан!.. Ежь терэмыIуати, Iиман зимыIэ лъэкъо кIыхьажъ, тиунэ илъыр тиунэ икIыщтэп...

Бжыхьэ мэфэ кIакоу шъэбэрыкIо-елъэкIонэу къыдэкIуаерэм ДэхапIэ къыдыкIэтаджэ, мэкъумэщышIэ мэкъэ зэфэшъхьафхэр къыздехьых, хэчъыягъэм макъэ регъэIу, пасэу тэджыгъэм IогушIо.

МэфакIэм итыгъэпс апэ къызIупсагъэмэ Болэт Къасымэ ащыщ. Мэзахэр зэхэкIын ригъэжьэгъагъ Къасымэ колхоз конторэм къызIохьэм, сыхьатныкъо фэдиз хъугъэ рикIукI-къырикIукIыжьэу зыIутыр, ятIонэрэ тутыныбжъэри кIигъэнагъ. Мырэу Къасымэ жьэу къэкIонэу колхоз тхьаматэп, бригадирэп, наряд ратыни шъхьалым е къэлэ бэдзэрым агъэкIощт шоферэп, ары пакIошъ, чэщ пэсэкIо къэрэгъулэми ащыщэп, колхозыр зызэхащагъэм щегъэжьагъэу колхозым хэтыгъэ пенсионерэу, ащ фэдэхэм джы зэряджэхэ хабзэу, трудым иветеран, зикоммунистыгъэр илъэс шъэныкъом блэзыхыгъэ лIыжъ. Теплъэу иIэмкIэ ныбжьым илъэсипшI горэмкIэ къыщинэгъэнэу къопцIэ од ищыгъ, егъашIэм зэрэлэжьакIор ыIэхъомбэ пытэхэмкIэ къэошIэ.

Шы, ку, машин, чэтыIус, былымIус ыIонэу макIа мэкъумэщышIэм ищыкIагъэр, Болэт Къасымэ ышъхьэкIэ ыгъэгумэкIынэу непэкIэ зи щыIэп, ежь зэриIо хабзэу – тищыкIагъэр зэтегъотылIэжьы, Iэрыфэгъу тфэмыхъурэр колхозым идышъэ кон къычIэкIы.



Чэу къуапэм МэфэкIо Рэщыдэ къыкъокIыгъ, тхьаматэм Болэтыр къызелъэгъум IущхыпцIыкIи, ярэби, ыIуагъ, сыдэу тыщимыгъэIэжьрэ, сыда джы мыр зыуж итыр?.. Ежь ышъхьэ пае къэлъаIощтыгъэмэ зыгорэм фэд, чылэм ищыкIагъэи, имыщыкIагъэи зэрегъафэ, къелъэIугъи-къемылъэIугъи афэлъаIо, фэныкъо зимыIэ щыIэп, зэкIэри ыIулIэнэу регъажьэ.

– Къасымэмэ сшIэрэп слъэгъурэр!..– Рэщыдэ гушIо макъэкIэ къыхэкуукIыгъ.– О-уиу, Къасым, олахьэ боу ужьырытэджым!..

– Уимафэ шIу охъуапщи, Рэщыд,– Болэт Къасымэ чэу лъапсэ пхъэнтIэкIум тIэкIу зыкъытыриIэтыкIзэ, сэлам къыхыгъ.– Шъо шъузэрытым тызетым, тэри тычъыещтыгъэу къычIэкIын... КъэтIыс моу, тутыныбжъэ гори гъэсты. Шъуащыщ, ощ нэмыкI, зи къэлъэгъуагъэп.

– Непэ къэлъэгъон щыIэп, тыгъоспчыхьэ нарядхэр стыгъахэх,– МэфакIом къыIуи, урамымкIэ плъагъэ.– Шоферым сежэ шъхьакIэ, къэлъагъорэп. Хэчъыегъэна шъуIуа?.. Хьау, муары, къэкIо. Сыхьатыр пшIым ехъулIэу Мыекъуапэ тынэмысы хъущтэп.

– Ара?.. Адэ сэ уинарядхэм сакъыхэдэIон сихьисапыгъ...– Болэт Къасымэ ащ нахьрэ Iоф имыIэу къыпшIуигъэшIэу къыIуи, кIэкIэу къыпидзэжьыгъ.– Жьыщэу тыгъолъыжьыгъ, зиунагъо бэгъон, ятIонэрэ атэкъэ Iогъумэ такъыдэущыжьы. Адэ, Чэтэшъэ Ибрахьимэ зэриIоу, ужъы зыхъукIэ щыкIэгъабэ къыпхэщы. Мыекъуапэ шъуежьагъэмэ, гъогумаф. ЗэIукIэри щыIэныгъэм щыщ. Узэхэхьаныр, узэхэплъэныр, узэхэгущыIэныр ары зэIукI зыкIаIуагъэр, зы шъхьэ нахьи шъхьитIу аIуагъ, шъхьитIум ящэнэрэм акъыл регъэгъоты...

Зы шъхьэ нахьи шъхьитIу зыфаIорэри тэрэз, МэфакIор гукIэ щхыпцIыгъэ, ау шъхьэ бащэ къыпхэгущыIэ зыхъукIэ ары тхьамыкIагъор, узынэсыщтымрэ узэтхъощтымрэ умышIэжьэу урашIыхьэ, зым жъо, зым халъхь, адрэм игъо хъугъэп еIо. Джа шъхьэгъэузмэ уащымыщэу ори зымылъыт. Узфае щыIэмэ имылъэшъухьэу къаIо, сэ гъогу сытехьан фае.

– Ар шъыпкъэ, Къасым,– дыригъэштагъ,– акъыл зиIэм иIоф мэфищ, делэм непэрэ Iофым ехъу иIэп... Къасым, лъэгъун къысфыуимыIэмэ, ащыгъум сэ гъогу сытехьан. Ау узфае щыIэмэ, къаIо, запискэ цIыкIу горэ къэстхымэ къыпфэзымышIэн колхозышхом къыхэкIынэп,

къыхэкIми, фэсыдэнэп!.. Шъощ фэдэм фэмышъуашэр колхоз псаумкIэ терэмыI.

– Хьау сIуагъи... Сшъхьэкlэ дунаим сызгъэгумэкIрэ щыIэп. Сыкъышъухэдэlони, наряд ужым, зымафэ узгъэгумэкIыщтыгъэ Iофымкlэ, тIэкIурэ тызэдыщысын симурадыгъ. Моу зымафэ Чэтэшlэ Ибрахьимэдхэм ячэу къуапэ лIыжъхэмкIэ тызэхэгущыIэжьыгъэти, хэкIыпIэ дэгъу щыIэу тыхэплъагъ. Чэтэшlэ Биназ, парткомри хэдгъэдэlуагъэти, къыддыригъэштагъ.

Биназ игугъу къызешIым, Рэщыдэ ышъо къыхихыгъэми къызхигъэщыгъэп. Ау етIани къымыдзын фэлъэкIыгъэп:

– Чэтэшlэ Биназ къыжъудыригъэштэнэу сыда сызгъэгумэкIрэр?

– Орба, Рэщыд, кIэлакIэхэр чылэм дэкIхэшъ, къалэм макIох, дзэм щыIэхэм къулыкъур къызаухкIэ къагъэзэжьрэп зыIоу зымафэ тхьаусхэщтыгъэр?

– Ащ фэдэми тырыгущыIэу къыхэкIыгъ... Сыда?

– Колхозым хэкIхи, къулыкъушIэ кIуагъэхэм къалэжьыщтыгъэр дзэм къэтыфэкIэ кассэм афиплъхьащт, къызагъэзэжькIэ уишIушIагъэ дахэшъ, джа уипшъэшъэ чанхэу зыфэпIуагъэхэри чылэм къыдэнэнхэшъ, колхозыми къыхэнэжьыщтых. Тэрэзми, мытэрэзми джары тэ лIыжъхэмкIэ тызэгупшысагъэр.

– Мыдэ, мыдэ мыхэр зынэсыгъэхэр!..– Рэщыдэ къыхэкуукIыгъ.– Ащ фэдиз ахъщэ тэ къисэжъугъэхыщт?.. Армырми кассэм зы чапыч имылъэу къыхэкIы!..

– Зы чапыч имылъмэ, емыкIур уадэжь. Егупшыс, пшъхьэ кIэпIэстхъэжь, ищыкIагъэ хъуми зэпегъэкI, уичапыч федэ къызэрихьыщтым ыуж ит. ТичIыгухэр нэмыIэмэ, сомэ хадзи, сомищ къыхэкIыщт... Сыд районымкIэ къытфашIыгъэ секретарыкIэм къышъуиIо зэпытрэр? Экономикэ, экономикэ еIо, шъуегупшыс еIо.

– ПIо къодыекIэ икъущта?..– районым къащыраIорэр имыкъоу мыщи къыхигъэхъожьрэр ыIуи, МэфакIом фэмыщыIэу къыIуиутыгъ.

– Икъущтэп. Ащ шъхьэ тэрэзи дэпIыгъыжьын фае. Адэ сыда о къызэрэпшIошIырэр? Нахьыпэм фэдэу къаIэкIэхьэ пстэури джы тхьаматэ ашIыжьрэп...

Ар къысэпIощтыти ара умычъыежьэу, нэфмышъэу мыщ укъызфэкIуагъэр, МэфакIом ыIуагъ. Сыд бэлахьа тызхэтыр, хэти тызэригъэсэжьыщтым пылъ. Зэрэхъурэм-



кIэ, сэ уахътэм сыкъызпедзы, а къыжъудезгъэштэрэ Чэтэшlэ Биназ дэбакъо, зэупчIыжьын тхьаматэ иIэпышъ, ыпашъхьэ ригъэтIысхьэу ипэIожъ емыупчIыжьэу, ахэуцошъ, лIыжъхэр егъэIорыжъорых, колхозым фэмыукIочIыщтхэр къарегъэугупшысы... Олахьэ гъэшIэгъоным, сэ мощ Хьамырзэр пэсэIажэ...

– Теплъын, Къасым, теплъын,– машинэр къызэрэIулъэдагъэр Рэщыдэ игуапэу къызэриIокIыгъ.– Iофы зедгъэшIын, бгъу пстэумкIи тыхэгупшысыхьан, зэрэхъоу тыпсэун... Ары, ары... Дэгъу, дэгъу...

## II

ЧэташIэмэ ячэу къуапэ егъашIэм лIыжъ тIысыпI. ЛIыжъмэ язакъоп ЧэтэшIэ лIакъом янахьыжъым пчэгъу щычIиси, бысымымрэ зэгорэм хьакIэу къафепсыхыщтымрэ япчъэ зырыз зыхэлъ унэу пэIулъэшъо кIыхьэ зыпэIутыр зыщишIыгъэм щегъэжьагъэу мы чIыпIэр, тIэкIу адыкIэ шъофым идзэгъаIоу, кIэлэцIыкIу угъоипIэ-джэгупIэуи къашIэжьы. Жъыгъор къыфэсэу, илIыжъыпIэ зифэжьрэм чэу лъэпсэ пхъэтэкъэжъ хъокIыгъэр чылэпшъэ нахьыжъхэмкIэ охътэгъэкIо, къэбарIотэ-зэхэхыпI, лIымэ ятIысыпIэшъ зы бзылъфыгъи щетIысэхы пакIо, благъэу къебгъукIощтэп.

ЧэташIэхэр цIыф кIуапIэ зышIрэм лъапсэ иI: ар лIакъом инахьыжъ къызщежьагъэр, инахьыкI кIодыпIэ фэзымышIэу лъызгъэкIуатэрэр. Чылэдэсмэ ЧэташIэмэ яIуплъэ маф, янатрыф чылапхъ, япхъэтэкъэжь, ялIыжъ бэрэчэт, ящыгъу-пIаст аIуагъ нахь дэйкIэ ягугъу ашIыгъэп. Унагъом, лIакъом дахэ фязгъаIорэр паIо зыщыгъэу унэм исым изакъоп, лIакъор зыгъэбагъоу, зэзыщхырэ бысымгуащэри ары. ГъэшIэгъонба, дэйкIэ лIакъом тезгъэгущыIэн бзылъфыгъэ ЧэташIэмэ нысэкIэ джы нэс къазэрэхэмыхьагъэр! Ащыщ бзылъфыгъэ захэкIрэм, лъэдэкъэ мафэкIэ насыпыр къахинэу, зыхахьэрэмэ лъэпэ мафэкIэ нэхъой-насыпыр ахихьэу, зыхащагъэхэри тебэгъукIхэу, шIукIэ цIыфхэр атегущыIэх.

Непэ тыгъэ егъэзыхыгъо мэфэ фабэшъ, ЧэташIэмэ якъэлапчъэ дэжь, щагум дэмыдзагъэу щыт пцел чъыгищым атхьапэхэу джэрзышъо хъун езгъэжьагъэхэм бжыхьэпэ тыгъэпс фэмыфыр мыгузэжъуахэу къангъэбылъ ащешIэ. Чъыгмэ апэIулъэшъогъэ чылэ гъунэр мэз пыры-

пыцоу зызIэтрэм еуалIэ. Тхьачэтхэр, мэлхэр, шкIакIэхэр, чэтхэр зэрытэкъогъэ шъофым ушъхьарыплъымэ, ос къесыгъакIэр зишыгуф къушъхьэ зэбгъурытхэр мыблэгъэ-мычыжьэу къыщэлъагъох. Мыжъо гъогу шIыгъакIэу чылэбгъум речъэкIрэм тет машинэ зэфэшъхьафхэр лIыжъ купэу щысмэ янэплъэгъу, къэбар Iотэным хэзэрэгъэсыхьэхэмэ, ахэр зэрэщыIэхэри ащыгъупшэжьэу нахьыбэрэ къыхэкIы. Ау Чэтэшlэ лIакъом инахьыжъ Ибрахьимэ пчэдыжьрэ изакъоу пхъэтэкъэжъым тес зыхъукIэ, жъыгъом емылъытыгъэу ынэхэр джыри чанышъ, блэчъырэ машинэмэ япчъагъэ къылъытэныр икIас, шъэм нигъэс пэпчъ бэщыпэмкIэ къурапэхэр зэрегъэтIылъылIэ, загъори шIузэхэкIухьэшъ, икIэрыкIэу къызщиублэжьри нахьыб. Ащ фэдэ шъхьэзэкъо чIыпIэ зифэрэр пчэдыжьыпэр ары нахь, щэджэгъоуж-пчыхьэшъхьапэхэм лIыжъ куп къегъэтIысэкIыгъ. Зэрихабзэу, бэрэ къыхэмыгущыIэми зыхэдэIон къэбар щыкIэрэп, зэхихрэр шIомыщыоу къыщыхъумэ, хэпскэуIукIыни «е дунай, дунаижъ хьаф, сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ, кIэлэгъур уигъогу зэхэкI, жъыгъор уигъогу мэзах...» зиIорэм, къэбарIуатэм къыIорэр Ибрахьимэ зэримыгуапэр къыгурэIошъ, «зыгорэ къапIо пшIоигъуагъ, Ибрахьим» ыIозэ, зэпегъэужьы.

Гъунэгъу лIыжъитIур къызIухьэгъэ сыхьат имыкъум Чэтэшlэ Ибрахьимэ бэщ пакIэм жэпкъыр тыриIэтыкIзэ, тIощэ якъэлэпчъэжъыекIэ плъагъэ, ищыпэлъэгъу пIонэу Дударыкъо Темыркъан лIыжъ нэгуплъ шъошIо фэшIыгъэмкIэ инэплъэгъу еокIыгъ, Хьапэкlэ Аслъанбэчи къыIуагъэм шъхьащыугъ. Ыкъо нахьыжъ Шумафэ къыIухьи, ятэ намыс фишIызэ, къахэмытIысхьэу, адыкIэ нахьыкIэмэ апае Iудзыгъэ пхъэтэкъэжъым тетIысхьагъэми феплъэкIыгъ.

— Ибрахь, а Ибрахь,— чылэр гъэшIуабзэкIэ Чэтэшlэ Ибрахьимэ зэреджэу Дударыкъо Темыркъан еджагъ,— мы пцел чъыгмэ сыд аныбжьын? А си Алахь, сыдэу иных, сыдэу дахэх, сяплъ къэсми сымыгъэшIэгъон слъэкIрэп, къызщысшIэжьрэм ятеплъэ нэхъой...

— Мыхэра?..— Ибрахьимэ къэупчIагъ.— Пхъэшъэбэ лъэпкъыр агъэтIысхьаныр адыгэмэ якIасэп, ау етIани агъэтIысхьанэу хъугъэ... Пхъэшъэбэ дэдэкIи сыгугъэрэп мыхэр... Чъыгхэри цIыфмэ афэд, зэфэшъхьафэу зэтефыгъэх. Мо чъыг бырэбэ лъагэр тятэ къызэхъум сятэжъ ыгъэтIысхьэгъагъ, агу итыр сэщ пае тятэ ыгъэтIысхьэгъагъэу аIо, мыдрэр,— плъэ-мыплъашъоу Шумафэ Iэ фишIзэ,— мор къызэхъум згъэтIысхьэгъагъ.

— Адэ, Ибрахьим,— Хьапэкlэ Аслъанбэчи къэупчIагъ,— уятэ ичъыг тхьапш ыныбжьын?

— Ар хэт къышIэжьра, сэ илъэс тIокIиплIырэ пшыкIуйрэм сызхэкIыгъэкIэ, тятэ ичъыг илъэсишъэрэ щэкIырэ къыгъэшIэгъэн. Ящэнэрэ чъыгыр шъо шъуилэгъу, ар зысэгъэтIысхьэм, мы лIэшIэгъум тыхэхьэгъэ къодыягъ, ияплIэнэрэ бжыхьэр армырмэ, ятфэнэрэр аркIэ сэгугъэ...— Ардэдэм джы нэс зыгъэгумэкIыщтыгъэм Iэжэгъу фимыгъотрэм фэдэу ошIэ-дэмышIэу Шумафэ фидзыгъ.— Арэп, кIалэ, сыд сэIо мо унэм исмэ яхьисапыр, мыIэо-лъэожьынхэу ямурада?!

ЩысхэмкIэ Чэтэшlэ Ибрахьимэ зыгъэгумэкIырэр къэшIэгъоягъэп: сыд щыщми, псы нэмыIэми, лIыжъмэ къафыдамыхэу IуагъэкIыжьхэрэп. Пхъэшъхьэ-мышъхьэм зыщигъом, апэ тIыргъорэм щыхагъаIэх, натрыф цIынэм зыщигъом — натрыф жъуагъэр къафыдахы, хъырбыдзыр егъашIэм афэбагъошъ, лIыжъ Iус аIозэ, мэфэ фабэхэм псы папкIэу къафыIуахьэ.

ЩагумкIэ Ибрахьимэ плъэгъу имыфэу Шумафэ ыкъо Биназ Iанэр ыIыгъэу къэлапчъэм къыдэкIи, лIыжъмэ апашъхьэ къыригъэуцуагъ. Щэлэмэ гъэжъэгъакIэмрэ хэшъэе къашыкъыр зыхэлъ Iэгубжъэшхомрэ Iанэм тетыгъ.

— Шъухаl, щэламэр мыучъыIыжьзэ,— Ибрахьимэ ирэзэныгъэ къыхэщэу щэлэмэ гъэжъэгъакIэм къыпичи, зыIуилъхьагъ, етIанэ IукIыжьырэм щэламэр фищэйзэ, Биназэ кIэлъыджагъ.— Мыдэ, кIэлэхъу, тэ уежьагъа, ма ори, хаI.

— Парткомым сэкIо, тэтэжъ,— Биназ IугушIукIыгъ.— НекIо, тэтэжъ, зэIукIэм ухэзгъэдэIон, натрыфымрэ чIыплъымрэ яIухыжьын тытегущыIэщт.

— СыкъакIоми, кIэлэхъу, сIон шъухэзгъотэн,-— Ибрахьимэ къом ыкъожьыр къызэпиплъыхьи, бэщыпэр Болэт Къасымэ иунэ зыдэщыIэ хьэблашъхьэмкIэ ыгъэлъагъозэ къыIуагъ,— ау сэ колхозымкIэ сигые Къасымэ къыжъудешIэшъ, къыжъужэхэхьанэу сыщэгугъы, аферым, джары лIэу шъухэтыр, мо уятэу партым хэтыр сыд зэрэбылымыр, зэщтегъэоу зэIукIэм макIошъ, къэкIожьы.

— Ар дэдэр ШумафэкIэ, Ибрахь, умыIо,— Темыркъан ыдагъэп,— иIоф ащ тетэпщтын, боу бэрэ зэIукIэмэ нэиу-

тэу къащыгущыIагъэу къэсэшIэжьы, тхьаматэу зэо ужым зытеIэми къытэшъэбэкIыгъэп. Адырэ Болэт Къасым ары зыми щымыщыхэр, япчъагъэ икъурэпти, амышIахэу ахэфагъэу ахэт.

– Хьау, Темыркъан, хьау,– Ибрахьимэ зандэу зыкъырищыгъ,– мо кIалэмкIэ сIуагъэм сытекIырэп, Болэт КъасымэкIи сыуигъусэп, нахь шъыпкъагъэ зэбгъотылIэжьын, о апэ узэритэу, къышъухэтэп... Моу, кIэлэхъу, щэламэр сIых!..

– ЗэIукIэм сежьагъ сIуагъэи, тат...

– Уежьагъэмэ гъэшIэгъона, зэIукIэм кIорэм нэкI еубыта?

– Iых, Биназ, тэтэжъым щэламэр Iыхи шхы,– Аслъанбэчи нахьыжъым дыригъэштагъ,– къыуатмэ, сикIал, IыI умыIо, къыуамытмэ ары тхьамыкIагъор...

– Къыуамытмэ, ашIэрэр пшIэрэба,– щэлэмэ фабэр Iэпэ фыжь пщэр кIакохэмкIэ, зэтыриуплIанкIэзэ, Дударыкъо Темыркъан къызIуипхъотыгъ,– къатепхыщт!.. Тэрэзба, Биназ?

Зи зэхимыхыгъэ фэдэу щэлэмэ къуапэр Биназ пичи, ыгъэтIылъыжьыгъ:

– Ущыси адэ, тят?

– Къасымэ сежэ, къыIухьащтышъ, тыкъызэдэкIощт.

– Биназ, сиупчIэ зи къепIолIэжьырэпи?..

– Угу къемыгъау, Темыркъан, сиджэуап къыокIущтэп.

– КIо, джары кIалэмэ къыуаIожьыщтыр, сыд пае сыгу къеон,– Темыркъан щхызэ, щэламэр зыIуилъхьагъ, зешхыхэм, хэшъэе къашыкъымкIэ къундысыур тырикIэжьи, платыку фыжь къабзэмкIэ зыIулъэкIыхьажьызэ, къыпидзэжьыгъ.– НэмыкI дунай мыхэр зытетхэр, угу ябгъэнэу щытэп. Е сикIал, уятэжъ Ибрахьимэу мо щысым игугъу сымышIыжьми, Болэт Къасым, уятэу мо щыс Шумафэр, сэры, модэ Тыркуем джы щыпсэоу Шэныбэ Сэбэхь аIоу мы дунаим щыттехъыкIыгъэр шъо шъутехъыкIыгъэмэ, шъуIорэм теплъыни... Тэрэзба, Ибрахь, ы-ы, Ибрахь, о нахь ущыгъуаз?

Джыри Биназ щхыпцIи, фадзыгъэм зи къыпимыIухьэу зыдэкIонэу зыфиIогъагъэмкIэ ежьагъ.

– Е дунай, дунаижъ хьаф, сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ: кIэлэгъур уигъогу зэхэкI, жъыгъор уигъогу мэзах...– Ибрахьимэ къыригъажьи, щигъэтыжьыгъ.



– Зыгорэ къапIо пшIоигъуагъа, Ибрахь? – ЯплIэнэрэ щэламэм къундысыу къашыкъыр зытырешъухьажьым, Темыркъан къэупчIагъ, ау зэупчIыгъэм бэщыпэр жэпкъым кIигъэкъожьэу ылъэгъугъэти, джэуапынчъэ зэрэхъущтыр къышIи, Шумафэ зыфигъэзагъ.– Ашъыу, Ибрахькъор, моу Iанэм къекIотылIи, мы тшхырэр тцагэ дэгъахь. Сыдэу уятэ ыпашъхьэ шыихъ зыщыпшIыгъап непэ? Ибрахь иIуагъэу, зэIукIэм кIощтым енэкIа? Болэт Къасымэ зыпэмышI о, а узэжэрэ пчэгъу IонтIагъэр ядэжь шъэфшъэфэу «Фатым, а Фатым» ыIозэ къыдэшхэни, къикIыщт. А иманцызым ячэтлыбжьэ Iаджри тыхиныгъ, ныо шIагъо иIэшъ, игонахь сштэщтэп, щыгъу-пIастэкIэ ЧэташIэхэр умыIощтмэ, хьалэл, иунэ уихьагъэу щаибжъ нэмыIэми къыпфимыштэу укъыригъэкIыжьыщтэп... Олахьэ, Ибрахь, Къасымэ пае ар сэIо шъхьаем, бо арырэ сэрырэ къин зэдэтлъэгъугъэм, тыпсаоу тызэдэсэмэркъэоу, ныбджэгъугъэ зэшIокIод тазыфагу къыдэмыхьэу дунаим тызэрэтетри гъэшIэгъоным, истафирлахь, цIыф фэпIуатэкIи ышIошъ хъунэп. Шэныбэ Сэбэхь ары къытэхъулIагъэр зэкIэ къэзыIотэжьыщтыгъэр...

– Еплъэль, Шумаф,– Аслъанбэч гущыIэр Темыркъан IэкIихыгъ,– Тыркуем ис закъор шыхьатэу мыщ къызэригъэлъагъорэр!..

– БгъэшIэгъон зи ащ хэлъэп, Аслъанбэч,– Шумафэ сэмэркъэум шъыпкъэ зэрэхэлъыр къыхигъэщэу къыIуагъ.– Дударыкъо Темыркъан непэ уищыпэлъэгъуа?.. Ыпашъхьэ имытыр ишыхьат, зыпашъхьэ итым итэмэчIэгъ. ЗгъэшIэгъорэ закъор Шэныбэ Сэбэхь гъусэ ТыркуемкIэ зэрэфэмыхъугъэр ары. СIорэм шъыпкъэ хэлъба, Темыркъан, ы-ы?

– КIо, джары, Ибрахь,– сэмэркъэукIэ къыфадзыгъэр шъхьакIо щымыхъоу нэкIушъхьэплъитIур къыригъэсысыкIэу щхыгъэ,– мыхэмэ уикъэбар ябгъашIэмэ къыуаIолIэжьыщтыр... Сыд къысэшъуIолIагъэми, олахьэ, симыгъап. А делагъэр, хэт ышIэра, сшIэныгъэкIи мэхъу Болэт Къасым ары мыхъугъэмэ... Джары сэ Къасымэ тхьамыкIэжъыр зыпэсшIын сымышIэу, адырэ ныбджэгъужъмэ ялыеу, сянэ къылъфыгъэм фэдэу шIу зыкIэслъэгъурэр. ТхьамыкIэжъым итеплъэ емылъытыгъэу Iушыжъти, сыхигъэукъуагъэп... ЕтIани а лъэхъаныр узхэукъон зэкIагъ!..

– Ащ узэреуцолIэжьыри, Темыркъан, лIыгъэ,– гущыIэм пэублэ фэхъугъэ Аслъанбэч джыри къыдзыгъ,

етӀанэ ежь зыфиӀожьрэм фэдэу къыпидзэжьыгъ.– Шэныбэ Сэбэхь къэкӀожьыщт аӀуагъэшъ, шыхьатэу къызэрэшъуфытеуцожьрэм теплъын.

– Шэныбэр чылэм къэкӀожьэуи? – Темыркъан къыраӀуагъэр зэкӀэ щыгъупшагъ.– Хэт зыӀуагъэр?

– Чылэм удэсыжьба къэбарыр къыомыӀоу?

– Сыд къэкӀожькӀэ,– Чэтэшӏэ Ибрахьимэ ошӀэ-дэмышӀэу къэтэджыгъ,– шъхьэкӀомыдэр кӀодыгъошӀу, зэримышӀэжьыгъэ къехъулӀагъэп…

ЧэтэшӀэ Ибрахьимэ тетӀысхьапӀэм зыкъызэрэтыриӀэтыкӀыгъэм лъыпытэу къэгущыӀэщтыгъэри, едэӀущтыгъэхэри къызэлъытэджыгъэх. Ибрахьимэ къыгъэшӀагъэм емылъытыгъэу, пкъым нахьи лъакъохэр къызэрехьылъэкӀыхэрэр хэпшыкӀэу, къэлэпчъэ кӀыб зэхъум, къэтэджыгъэхэр тӀысыжьыгъэх.

– Олахьэ къэбарэу къысэӀугъэр гъэшӀэгъоным,– Темыркъан ежь-ежьырэу зыфэгущыӀэжьыгъ, гу бырысырыгъэр регъэтӀысэхы пӀонэу къундысыу хэфэ къашыкъ ешъуагъ, платыку къабзэмкӀэ, зэришӀ хабзэу, ыӀупшӀэмэ аӀумылъэкӀыхьажьэу къэупчӀагъ.– Сыдигъу шъуӀо къызыкӀожьыщтыр? Олахьэ гъэшӀэгъоным зэхэсхыгъэр… Мыщынэу къэкӀожьынэу зэриӀорэр… Зыщыщынэн шӀагъуи къолъэу сшӀэрэп, кӀо, нэмыцмэ афэчырагъ умыӀощтмэ… Сыдигъу пӀуагъи?..

– Хэт ышӀэра, мыгъ аӀуагъ.

– Нэмыцмэ афэчырагъэмэ джы зи акъомылъыжьи хъугъа?..– Шумафэ ыдагъэп Темыркъан икъытецӀэлакӀэ.– Ара Тыркуем къинэцӀыкӀэу зыфисыр!..

– Мэщынэщтын…

– ИшъыпкъапӀэ укъекӀолӀагъ,– Шумафэ къыпиупкӀыгъ,– зыщыщынэн къолъышъ, мэщынэ.

– Ары Ӏолъ…– Темыркъан игупшысэ кӀэкӀ къыхэужьи зэплъэм, чэу лъэпсэ лъагъомкӀэ Болэт Къасымэ къырекӀокӀэу ылъэгъугъ.– Сыд пӀуагъи, Шумаф?

– Джа зэхэпхыгъэр ары.

– Мыхъун зи пӀуагъэп, Шумаф,– къыдыригъэштагъ.– Ярэби, мо къакӀорэм Шэныбэм икъэбар ешӀа шъуӀуа?.. Адэ ешӀэмэ, сыдэу къысимыӀуагъ? Ары къыуиӀон, джы къызнэсыгъэм Шэныбэм ышӀагъэр фигъэгъурэп, игугъуи пшӀэу ыдэрэп, ащ пае Ӏаджри тыгу хэзэрэгъэкӀыгъ. Сэри сымыделэмэ, зихэгъэгу зыбгынагъэм пае шъэогъум ыгу хэбгъэкӀы хъуна!.. Удэ зэ шъуеплъэлъ, ур зэрэгъэкӀэрэкӀагъэм, партийнэ зэӀукӀэр армэ сшӀэрэп а кӀэко зэпылъыр зыфищэфыгъэр, ари къаигъэ зышӀи езгъэщэфыгъэр сэры. Адэ зэӀукӀэхэр икӀасэхэшъ, шъуеплъэлъ къыхэщэу зэрэнэгушӀом. Я си Алахь, сыд цӀыф мыр?.. КъэзгъэшӀагъэм мыщ фэдэ сырихьылӀагъэп, сегъэтхъэжьы ыкӀи сызэгуегъэуты… Ей, Аслъанбэч, Шумаф, зи къэшъумыӀу шъо, шъуеплъ мыр къызэрэзгъэгубжыщтым…

Болэт Къасымэ къопцӀэ гъур ищыгъэу къыӀухьи, сэлам къыхыгъ. Пхъэтэкъэжъым тӀэкӀу къытетэджыкӀхэзэ, щысмэ Къасымэ рагъэблэгъагъ.

– Хьау, тэгузажъо тэ. НекӀо, Шумаф, сыд узпэсыр?

– Тыд джы, Болэтыр, уздежьагъэр? – зи зымышӀэрэм фэдэу Темыркъан къэупчӀагъ.

– ТыздэкӀон макӀа, партийнэ зэӀукӀэм тэкӀоба.

– Чэу къуапэм укъызэрэкъокӀэу уикӀэко зэпылъ духамэу къыпилъэсыкӀрэр къызыскӀэом, ащ узэрэкӀорэр къэсшӀагъ.

– Жьыбгъэр къыздикӀырэмкӀэ ппэ зэрэгъэзагъэмкӀэ сехъырэхъышэжьрэп, Дударыкъор. УлӀмэ сыд пае ушъхьасын, о сыпфэдэкӀэ огугъа унэм пчыхьэрэ сызитӀысхьажьырэм ныом къызхезгъакӀэу. Ушъхьасы ахъщэ зылъыптыгъэр нэмыкӀ горэм кӀэонкӀэ…

– Олахьэ, Болэтыр, сифэшъуашэу къысэпӀуагъэм, ари тэрэз… Адэ сыдэу пшӀына, зиӀэм иӀ, зимыӀэр тхьа-мыкӀ,– Темыркъан щхызэ, лӀитӀоу ӀукӀын зимурадхэр къызэпиплъыхьагъэх.– КӀо, джары, пчыхьэ горэм ныом дух тӀэкӀу къысхикӀагъэу ылъэгъугъэшъ, къысехъоныжьы, ори, бетэмал, ащ щыщ къыптыраутхэгъагъи… Арэп, Болэтыр, зы упчӀэ пфысиӀ. Шумафэ иӀоф мыщ къыхахьэрэп, ар мыхъуми зэгорэм колхоз тхьамэтагъэу къашӀэжьы. Мы зэӀукӀэ жэшъо хъокӀмэ уижьышъхьэм джыри уязэщыгъэба?..

– Мыдэ мыщ иделагъэ зынэсыгъэр,– лӀы зишӀугъошхом Къасымэ феплъыхыгъ.– Сыдым ар о фэпшӀэн, Дударыкъор!.. ЗэӀукӀэм сыкъикӀыжьыфэ уищыӀэныгъэ ухэгупшысыхьажьынэу уахътэ къыпфыщысэнэшъ, къызыдгъэзэжьрэм, джэуапынчъэ усшӀынэп.

– КӀо, джары, Аслъанбэч, кӀо, джары,– Темыркъан лӀитӀум акӀэлъыплъэзэ, ыгу къыдеӀэу щхыгъэ,– жэмыгъо сӀут сэ, сэр-сэрэу лажьэ къызыфэсхьыжьыгъ – мэзэ псаум Болэтыр фалэ къысфеджэщт, уигъэзэщыщтэп, сибэу…

– Сыд къыуаӀоми уифэшъуаш.

– Ары, ары, сифэшъуаш. КӀо, дунаим къыщытэхъулӀагъэмэ ялъытыгъэмэ, ащи зыгорэу тыкъелыжьын. Муары Чэтэшӏэ Ибрахьимэ тэ тлъэгъугъэм нахь макӀа пэкӀэкӀыгъэр, зэкӀэми къялыжьыгъэу, иакъыли иӀэрылъхьэу дунаим тет, сӀуагъэмкӀэ Болэтым таригъэгъэтӀысына!..– Темыркъан джыри ынэгушъхьэхэр тесысыкӀхэу щхыгъэ, Ибрахьимэ къэкӀожьэу ылъэгъугъэти, зыщылъэти, шъхьэкӀэфэ тэдж пэгъокӀкӀэ къыӀуищэжьыгъ.

– Рэщыд, мы Болэт Къасымэ тынэ щезгъэшъоу къытэзытӀупщрэр ошӀа? – Хьамырзэ Долэтыкъо мафэ горэм МэфакӀом еупчӀыгъ, гущыӀапэр къезыхыжьагъэм джэуапыр ытыжьынэу къытефэщтыгъэми, зэпыугъо ышӀи, тхьаматэм фычӀэплъызэ колхозым иагроном шъхьаӀэ зиӀэжагъ.

– Дударыкъо Темыркъанына? – ащ егупшысэу щысыгъ пӀонэу Рэщыди къызӀуипхъотыгъ.

– Хьау, Темыркъан ащ фэдэмэ пфахэхьащтэп...

– Адэ хэтына, Чэтэшӏэ Ибрахьимэмэ шӀэ?

– Джы укъекӀолӀагъэкӀэ сенэгуе...

– Хъунэп шъыу!..

– Мыхъущтми джары зыпкъ къикӀрэр...– Хьамырзэр къызщылъэти, графиным псы къыригъэчъыгъ, «къурх-къурх» Ӏоу стаканым из ришъугъ.– Ашъыу, тыгъопчыхьэ къаигъагъэкӀэ тызэшъогъэ тӀэкӀум тызэхиукӀагъ...– зэрэпсыр щыгъупшэжьыгъэу, аркъыр зимыджагъомэ зызэрашӀэу, ыжэ чӀиукъуащэу, Ӏэгушъокӏэ зыӀулъэкӀыхьажьыгъ.– Ары, ары, Рэщыд, ащ укӀэмыупчӀэжь, ячэу къуапэ тетӀысхьапӀэм Болэтыр къыщаушкоблышъ, ыкъом ыкъожь тхьамэтэн фалӀэр къыкӀэкӀэтыжьэу, одрэр шъушӀэрэп, мыдрэр шъушӀэрэп къырагъаӀозэ, тшъхьэ пырагъэшхыкӀы. Зымафэ, жъокӀупӀэм чӀыгъэшӀукӀэ сешӀушӀэнэу лыгъэ рязгъэдзыгъэти, хьэуарзэр огъэсты ыӀуи, чылэр зэрэзэхэтэу дунаим къытимыӀуагъэ къыгъэнагъэп, мыпсэу-мылажьэм нэсэу... Сыкоммунист пӀокӀэ узфаер колхоз пащэмэ япӀуалӀэ хъуна!.. Колхозыр ыпэкӀэ лъытымыгъэкӀуатэу, едгъэчъэхэу еӀо. ТаймэзымкӀэ тыкъигъэщынагъ... Зи сфеӀожьыгъэп, лӀыжъышхоба... Олахьэ сымышӀэ зыгорэ Болэтым къыфэмыугупшысыгъэмэ хъущтэп... ИзекӀуакӀэ партком Ӏоф мышӀыгъэмэ, тыщигъэӀэжьыщтэп...

– Къыбдыригъэштэн пшӀошӀа Чэтэшӏэ Биназ? – МэфакӀор къэтэджи, джэхэшъогур рикӀукӀыгъ.– Мы Ӏофыр бэщ пэкӀитӀоу зэпыщыт, зы пакӀэмкӀэ уомэ, адрэ пакӀэр къыптефэжьынкӀэ щынагъо. Болэтыр щыхьагъу умышӀы, зыкъемыгъэшӀ ыкӀи, коммунист заф, лӀыжъ лэжьакӀу еӀошъ, район зэӀукӀэ пэпчъ Таймэзым игугъу къешӀы.

– Игугъу къешӀымэ, тэры зилажьэр: лэжьакӀу тӀозэ, районым шхончъэу иттӀупщхьагъэшъ, джы тфэӀэжьэжьрэп. КӀо, зи тфемышӀэшъуштми, Чэтэшӏэ Биназ къыкӀэкӀэутыгъэн фае.

– Джар Ӏоф шъхьаф, пфэшӀэн щыӀэмэ укъызэкӀэмыкӀу, сэ сыкъыхэщы хъущтэп,– Рэщыдэ шъхьангъупчъэм Ӏухьагъ, къегъэжьэгъэ Ӏофым рыгущыӀэжьынэу фэягъэп, тхьэм зэриӀонэу ушъхьагъу дэгъу къыгъотыгъ, ин-инэу, нэгуихыгъэ гушӀубзыоу Хьэсэнэ Мерэм, медсестрар, блэкӀэу ылъэгъугъэти, къыӀуагъ: – Ярэби, мы пшъэшъэжъые шӀагъом идэкӀогъу блэкӀы, зыгорэми зэримыщэрэр...

– Ыщэна, зы нэбгырэ шӀу елъэгъушъ, ашыкъ ехъулӀагъэу!..

– Хэт ащ фэдэу ДэхапӀэ дэсыр?

– Дэсба Чэтэшӏэ Биназ...

– Биназрэ Шэныбэ Лимэрэ пӀалъэ зэдряӀэба?..

– ЗэдыряӀэмэ сыдэу пшыщт, гум къахихырэр зы нэбгыр... Анахь пшъэшъэ дэхитӀоу чылэм дэсыр, нэпх ыыгъмэ сшӀэрэп, ЧэташӀэм ыушхъухьагъэх... ТхьамыкӀагъор, больницэми пшъэшъитӀур Ӏузэрэгъэтыжьхэрэп аӀуагъ.

Ӏом цӀыфыбэ екӀодылӀэ. НэбгыритӀур зэрегъэутэкӀы, зэмышӀуныгъэр унагъом къырелъхьэ, гъунэгъумэ къахэхьэ, хьаблэм къыхегъэтаджэ, мэтэджышъ, нахь чыжьэуи щэӀушъашъэ, Ӏушъэбае зызышӀрэм ыгу илъыр къэшӀэгъуаеу, къыофэбэкӀмэ, къыодэхашӀэзэ мэкӀэ-макӀэу укъесты, стыгъэр кӀыжьми, тыркъор къытенэ...

Хьэсэнэ Мерэмрэ Шэныбэ Лимэрэ больницэм ӀузэрэгъэтыжьхэрэпХьамырзэм ыӀуагъэми, зэкӀэрыуцохэу гущыӀэ Ӏае пшъэшъитӀум зэраӀуагъэу цӀыф къышӀэжьрэп. Пшъэшъэгъу-ныбджэгъугъэ азыфагу дэмылъми, шъхьэкӀафэ зэфашӀы, яӀофшӀэн шӀу алъэгъу, афэмыгъэхъурэм егъапэх.

Ординаторскэм Мерэм хъуау-пщаоу къызчӀэом, Лимэ нэгушӀоу шъхьэр къыпхъотагъ.

– Приветик, Лим.

– Привет, привет, Мерэм.

– Тэ щыӀэха мыщ чӀэзэрэмыгъэфэжьыщтыгъэ купыр?..– Мерэм духымэ Ӏэшӏур къыпыоу халатыр зыщилъагъ, етӀанэ Лимэ истол къуапэ зыӀуидзи, еӀушъэшъагъ.– Ордэн Сурэ къычӀэмыхьажьзэ зы гъэшӀэгъон къыосӀожьыщт... Моу джыдэдэм къолэн-сэлэн закӀэкӀэ фэпагъэу, ынэгукӀэ дэхэкӀаеу зы кӀэлэжъ горэ къыспыпкӀэгъагъ.

– Сыд зыфаер?

– СэшӀа зыфаер!.. ОдкӀи-мыдкӀи щымыщэу, ощ фэдэу шъуичылэ пшъашъэхэр дахэха, сиӀубыжъый, ыӀуи, сапэкӀэ къикӀыгъ. ИзекӀуакӀэ сыгу еӀугъэпти есӀуагъэр ошӀа, тичылэ пшъашъэхэр дахэх, ау делэхэп есӀуагъ.

– Хэт щыщ сэӀо а Ӏаер? – Лимэ щхызэ къэупчӀагъ.

– Артистэу къэкӀуагъэмэ ащымыщмэ сшӀэрэп, «СилӀ ишъуз» ыӀоу афишэхо горэ клубым раригъэӀулӀыщтыгъ. Ары, сщыгъупшэжьыгъи, Бэрэкъэт Емзэщ ыӀуи, нэӀуасэ зыкъысфишӀынэу ежьэгъагъ. Делэм къолэн икӀас зысэӀом, сиӀубыжъыер щызгъэгъупшэу олахьэ ыбзэ пезгъэубытыкӀыгъэм!..– Мерэм джэхэшъогум къиуцуагъэу ыӀи ыкӀэнтӀыӀуи дишӀэу, Бэрэкъэт Емзэщ къыӀуагъэм зыпишӀыжьэу, ыгу къыдеӀэу щхы зэхъум, Лими дыримыгъэштэн ылъэкӀыгъэп...

III

Мы аужырэ илъэс заулэм Дударыкъо Темыркъан хэмылъыгъэ шэнхэр къызэрэхафэхэрэр ежь-ежьырэу зыдешӀэжьы. ГъэрекӀо елъытыгъэмэ, мыгъэ игукъэкӀыжьхэр нахь игуапэх, къэшъошӀэжьа ыӀони, пэкӀэкӀыгъэ горэм купыр химыгъэдаӀоу мафэ кӀощтэп. Куп ахэмысми, Гощнагъорэ ежьыррэ язакъоу къызэзэфэнэжьхэкӀэ, кӀэлэгъум ижъобгыпӀэ фытыримыгъэзэжьэу, къыгъэшӀагъэм илъэгапӀэ хэмыгупшысыхьэу зы чэщ гъолъыжьыгъуи блигъэкӀыщтэп.

Цӏыфыр щызгъаӀэрэр игухэлъ, игугъапӀ. Ар къызщысыщтыр ымышӀэми, къыпыщылъым ишӀушӀэ щыгугъэу, ар ипшысэ шъэф зэхэлъхьэгъэ мыӀуатэу къехьы. Цӏыфым ишӀушӀагъэ ар зышӀэрэ цӏыфым елъытыгъ. Шӏум фэгъэхьыгъэу гущыӀэ дэхабэ щыӀ: ибэ зышӀэрэм ишӀушӀэ кӀодырэп, шӀу шӀи, псым хадз. Бэщ пэкӀитӀур угу къагъэкӀэу шӀушӀэным екӀолӀэпӀитӀу иӀ: зыр шӀушӀагъэ зыфапшӀэрэм уишӀушӀагъэ ынэ фыкӀэмыӀотэныр, шӀу пшӀэни, псым хэбдзэни, укӀэлъышъумыгъужьэу, дунаим утетыныр, адрэр, шӀумышӀэ шӀуӀуалэу, Ӏор къебэкӀэу, шӀэр имакӀэу, зыгорэм ишӀуагъэ зыригъэкӀыкӀэ, ригъэкӀыгъэм фэдищ къыкӀэкӀихыжьэу, сэ сиӀэр зыми ерэмыӀ ыӀоу, шъхьэзэкъо шӀуфашӀэу, имыер ӀэшӀу дыджэу зищыӀэныгъэ къэзыхьрэр ары.

Темыркъан ишӀушӀагъэ тӀо зэголъэу ищыӀэныгъэ хэужъыныхьэжьыгъагъ, зищыкӀагъэм ежь зэрэфаеу егъэӀорышӀэ, загъори ар зыфадзкӀэ, ным къыдилъфыгъэ фэдэу, ымакъи къыдекӀоу, нэгушъхьэкухэр кӀэсысыкӀхэу щхызэ, къамэри бгъуитӀуц, Ӏэрыфэгъоу агъабзэ нахь, къареӀожьы. Ар зэрэлъэгъо пхэнджыр зыдебгъэшӀэжьынэу узфежьэкӀэ, ежь игупшысэ гъэчъыгъахэр къырищэжьэнышъ, къесымыгъэжьагъот уигъэӀощт. Цӏыфым темылъыр сыд пае теплъхьан, шхоӀу жэдэлъэу зыфилъытэжьрэр Болэт Къасым, ар зыдэщысым, амал иӀэу, зыми епэбжъэожьыщтэп, адэ о зэрэпӀоу щыӀэныгъэм щэхъуа ыӀони, хэкӀыжьыщт.

Куп зыхафэкӀи, Гощнагъо кӀэрысэу ядэжь исы зыхъукӀэ, Дударыкъом зэриӀоу, мы дунай нэфышхом зэхъуапсэрэ тетэп. Сыд шъыу, зэкӀэри ежь иӀэу, зыфэхъопсэщтыр!.. Ар умыӀо, гъучӀ къалэ зиӀэри гъучӀ мастэ щэкӀэ къызыраӀокӀэ, аущтэу хъункӀи мэхъу, сэ сыщыкӀэрэп, къареӀожьы. Темыркъан иунэгъо фэшӀыныгъэ шъхьаихыгъэу тегущыӀэ зыхъугъэр мы илъэс зытӀу-зыщыр ары. Нахьыпэм «сиӀэп» ыӀощтыгъ нахь, «сиӀ» ыӀоу цӏыф зэхихыщтыгъэп. Унэ зэтетым, чырбыщ къакъырэ зэхэтмэ, гъучӀ чэум, тхьачэт Ӏэхъогъоу, мэл кортэу къыдатӀупщырэм, «Жигули» фыжьэу къэлэпчъэшхо бгъуитӀу зэгокӀым къыдэчъырэм зэрарыгушхорэр Темыркъан рамыпэсэу иджагъуи иныбджэгъуи агъэшӀагъоштыгъэ. Зи зымыгъэшӀагъоу, ащ лъапсэу иӀэр апэ къызгурыӀуагъэр Чэтэшӏэ Ибрахьим. Мафэ горэм Болэт Къасымэ къызрегъажьэм, мырэущтэу Ибрахьимэ кӀэух фишӀыжьыгъагъ:

– Дударыкъо Темыркъан имылъку хъохъукӀэ емыкӀу фэпшӀынэу щытэп. Бетэмалым къыгъэшӀагъэ щымыӀэу иилъэс тӀокӀищрэ тфырэм ӀэнтӀрахъо ехъулӀагъэу лъэкъо лъэныкъокӀэ бэным дэуцуагъэшъ, къыщинэщтым гушхо нэпцӀыкӀэ кӀэлъышъугъужьэу зегъэпцӀэжьы... Е дунай, дунай... Мы дунай шӀагъом шӀушӀагъэр ары нахь, мылъкум щырыкъэихэрэп!..

Чэтэшӏэ лӀыжъым игущыӀэ пыупкӀыгъэ зыгорэ пигъэхъожьыныр Къасымэ къыримыгъэкӀоу Темыркъан ихъа-

хъыгъэ-имэхапӀэ къызэрэнэфагъэм ардэдэм апэрэу егупшысэгъагъ.

Дунаим сызэхъуапсэрэ тетэп Темыркъан ыӀощтыгъ шъхьакӀэ, Дэхэпӏэ чылэмкӏэ ар нэбгыритӏу зэхъуапсэщтыгъэр: илъэсишъэ фэдиз къэзгъэшӏэгъэ Чэтэшӏэ Ибрахьимэ ипсаунygъ, ижъышъхьэ маф, ишъэогъу-илэгъу Къасымэ ицӏыф зэфагъ, игугъэ шӏошъхъуныгъ.

Темыркъан мафэ горэм хъопсэ нэплъэгъукӏэ Чэтэшӏэ Ибрахьимэ фычӏэплъыгъагъ: гъоплъэшъо нэкӏу псыгъор къэбзэ-лъабзэу зэкӏэупсысхьагъэ, хъурышъо пэӏо тӏурысэ мыиным шъхьац фыжь пӏуакӏэр ыбгъухэмкӏэ къачӏэщы, ӏэхъуамбэ пэпчъ якӏужьрэ лъынтфэ шӏуцӏашъохэр зэхэчъзэхахьэхэу бэщышъхьэм телъ ӏашъомэ къатещых, пкъы псыгъом зытезыщаерэ тхы уфагъэр армырыгъэмэ, къыгъэшӏагъэм ызныкъо ныӏэп ептыщтыгъэр. Нэпцэ пӏокӏэ пкӏыжьыгъэмэ къачӏэщрэ нитӏум джыри кӏосэжьыгъо ӏоф ямыӏэ пӏонэу, къызыоплъыхэкӏэ мэшӏожъоку стырхэу пхыралыкӏы. Чэтэшӏэ лъэпкъыр гъучӏа сэӏо зыхэшӏыкӏыгъэр, Темыркъан ыӏуагъ, лӏэшӏэгъум нэзымыгъэсрэ къахэкӏрэп. Мы слъэгъурэм, тэры пакӏошъ, къытекӏэлъыкӏохэрэр ыгъэтӏылъыжьынхэшъ, зылъэгъурэм ыгъэшӏагъоу, илъэс къауми къыгъэшӏэжьын. Темыркъан ӏэпкъ-лъэпкъхэмкӏэ зыгорэу къэхъугъ: Ибрахьимэ итеплъэ бгъэжъышъо тырилъэгъуагъэмэ, ежь чэтжъые хъыбые амалынчъэу зэплъыжьыгъ. Етӏани тхьэ щыӏ аӏо, щыӏэмэ, мощ фишӏагъэми сэ къысфишӏагъэми еплъ, икӏэлэгъум щыублагъэу джы къызнэсыгъэм сэшхо ихыгъэкӏэ емыбэныгъэмэ, шӏу фишӏагъэп. Тэ фэтшӏагъэ щымыӏэми, тщымыгъупшэу тыгу илъыгъ... Кӏо, дэгъу, къолэжъ-шъонтӏыжъмэ илъэс шъищ къагъашӏэу аӏуагъэшъ, ушъхьаса, сигъэшхэнэп сиӏыгъынэп, мыщи ащ фэдиз къерэгъашӏ, ау фэукӏочӏыжьынкӏэ сыгугъэрэп.

Чэтэшӏэ лӏыжъым ипсаунygъэ хэгупшысыхьэ ыӏозэ, Ибрахьимэ фэгъэхьыгъэ гукъэкӏыжь чыжьэр Темыркъан ынэгу къыкӏэуцуагъ. Иапэрэ илъэс пшӏыкӏуйкӏэ Дэхапӏэ дыдэсыгъ нахь мышӏэми, джа мафэр ары Чэтэшӏэ Ибрахьимэ къызэришӏэжьрэр, илъэс тӏокӏищым ехъу тешӏэжьыгъэми, непэ фэдэу зэхэугуфыкӏыгъэу а мафэр шъхьэм икӏрэп.

Гъэтхэ тыгъэм ригъэзыхын ихьисапэу Дэхапӏэ шыу куп къыдэхьагъ, ар революцием ыуж граждан зэо лъэхъан зэхэшӏыкӏыгъуаеу щытыгъэти, чылэм къыдэуагъэхэр фыжьхэмэ е плъыжьхэмэ амышӏэу цӏыфмэ загъэбылъыжьыгъагъ, шъхьатехъо зытехъуагъэмэ ямызакъоу, паӏо зыщыгъхэри нэфапӏэм икӏыщтыгъэх, ахэр пакӏошъ, егъэшӏэрэ хьэкӏэ пэгъочъ шъэожъыехэри ардэдэм урамым течъыжьыгъагъэх. Гъэрекӏо бжыхьэ белогвардейскэ шыудзэу чылэм дэкӏыгъэм щтэ ралъэгъулӏэгъагъэти ары ауштэу хымэ нэплъэгъум цӏыфхэр зыфычӏэкӏыщтыгъэхэр. Фыжьмэ язакъоп, краснэ-зеленэми яхьакъуjжъокъугъэ зэхашӏагъэу щытыгъ, ахэмэ анэмыкӏэу ӏашэ зыӏыгъ пэпчъ ихэбзэ гъэуцукӏэ шъхьафыгъэ, гу плъыгъэм, шъхьэубэтэ бгъэкъагъэм къыхэкӏыкӏэ плъыжь зырызхэм ямызэфагъэ джыри зэхэшӏыкӏ зимыӏэ мэкъумэщышӏэмэ атыракъутэу къыхэкӏыщтыгъэ. Хэбзэ техьэ-текӏ мыухыжьым къыхэкӏыкӏэ ежь мэкъумэщышӏэхэми зыздагъэзэщтыр ашӏэщтыгъэп: чӏыгур къаратыгъ аӏозэ, атырахыжьыщтыгъэ, раутэхыгъэ быракъым ычӏыпӏэ нэмыкӏ быракъ къыпалъэщтыгъэ, гунахьэм шӏоӏыкӏэу аукӏыным ычӏыпӏэ агъэтӏысыгъэр зыщыщхэр къытехьэхэу къызатӏупщыжькӏэ, зыгъэтӏысыгъэм игунахь дэдэкӏэ ыпсэ хаутыжьэу зэман блэкӏыгъэмэ ари зэу ащыщыгъ. Етӏани, Темыркъан ыӏуагъ, мы лъэхъан хьылъэм хэкӏодагъэр шӏошъхъуныгъэ зимыӏэу, одыкӏэ-мыдыкӏэ зызыдзэу бгъуитӏум азыфагу дэтыгъэр ары нахь, хихыгъэ гъогум щыфэхыгъэм фэшъуашэр раӏуалӏэу джы къызнэсыгъэм игугъу ашӏы.

А мафэм шыу купмэ якъэбар къызэӏум, Темыркъан шитӏур псашъо къырищыжьыгъэу щагум къыдэхьажьыгъэти, ятэ къыпэгъокӏыгъ:

– Зэ укъэкӏожьыгъэмэ ары, бетэмал!.. Удэ, шӏэх, къакъырым чӏащэх! – Гъучӏыӏунитӏурэ уатэрэ Нэгъой зэриӏыгъыр Темыркъан ыгъэшӏэгъуагъэп, зыгорэкӏэ Дэхапӏэ къыдэхьагъэхэр къытеохэу шитӏур дамыщыным фэшӏ, ыгъэлъэщэнхэу алъэгумэ ахиӏущт. Гъэрекӏо бжыхьэ щегъэжьагъэу ар ышӏэгъагъэпти, шыхэр зыпкъ иуцожьыгъагъэх, ежь Темыркъан гукӏэ зигъэпсэфыгъагъ, ежьыр шъыпкъэм ыл афэузэу хьайуанитӏур шӏопсэкӏодыгъ, ахэмэ непэрэзымафэм ягъэгъусэри, атегъэсри псапэ щыӏэмэ пшӏагъэкӏэ лъытэ.

– Сыд, сэӏо, бетэмал, узпэтыр,– ыкъо игугъуемыӏыгъэ Нэгъой къызэщичыгъ,– уасӏорэр пшъхьэ къихьэрэба!.. Чылэм шыудзэ къыдэуагъ. Чылапшъэр зэрап-

хъо,– шыІупІитІур ыубыти, рищэжьагъэх.– Сэ мыр къыосымыІожьми, уиакъыл къыхьынэу игъо хъугъэ.

Нэгъой пытэ-пытэу Іаби, шы пцІэгъоплъым ылъэкъо джабгъу къыІэтыгъ, хьайуанми фыряхьисапыр зэхишІэу, ыко лыпцэмэ анэсыжьэу ыкІышъо тхытхыгъ. ГъучІыІунапэр лъэгу шъабэм рихьылІи, Нэгъой еон зыщиІоным Темыркъан ыкІышъо къэучъыІэу ынэ ыупІыцІэзэ, къэгузэжъуагъ:

– Мы къыдэхьагъэмэ зи шымэ къараІощтэп...

– Тэ щыпшІэра къарамыІощтмэ?

– Плъыжьхэр арых къыдэхьагъэхэр.

– Плъыжьхэр арба узезыпхъощтхэр.

– ЧэташІэмэ ялІ ягъус.

– Ы-ы, иманцыз лъэпкъ, шІоеу щыІэр яуцогъу!..

Шымэ къямыІэнхэу Темыркъан зыфиІорэм шъыпкъэ хэлъыгъ. Фыжьхэми плъыжьхэми чылэм щыщ ахэтмэ, зыми хъункІэгъэ-бзэджагъэ ышІэщтыгъэп, япый дэдэми, тигъусэм ихьатыр аІоти, амылъэгъу фэдэу зашІыщтыгъ, шІонэгъапэ зыхъухэкІэ, чылэр зэхахьэти, къаІахыжьыщтыгъэ.

Шъаом сыд ыІуагъэми, Нэгъой пылъыгъэп, теуцомэ шыхэр ыгъэлъэщэнхэу, тІэкІуи ашъхьэ къыхэщэу гъучІыІунэр ахифагъ. ІофшІэныр зеухым, шыплІэм теуІозэ, адэгущыІагъ:

– Ыхьы, джащ шъукъызэтыригъэнэщт, шъул згъэузыгъэми мо кІэлэ шъхьэпаем ыІорэм шъуемыдэІу, джыри щыІакІэм хишІыкІрэ щыІэп ащ. ШъукъырафэкІэу, шъулъабжъэ паутэу шъуаІыгъын нахьи, зэ лыузыгъу. Арба, Къан?

ГъэшІуабзэкІэ Нэгъой ыкъо еджагъ шъхьакІэ, зэджагъэр щымытыжьэу къычІэкІыгъ...

Псы куу чІэгъым чІагъэзыхьи къычІэужьыгъэм фэдэу Темыркъан джыри Ибрахьимэ къызэпиплъыхьагъ, щхэпс фэбэ нэфыр ынэгу щызэлъычъэу къеупчІыгъ:

– КъэошІэжьа, Ибрахь, Буденнэм ишыудзэ щыщ куп уигъусэу ДэхапІэ укъызэрэдэхьэгъагъэр?.. О-уи, Аслъанбэч, а мафэм Болэт Къасымэрэ сэрырэ къытэхъулІэгъагъэр!.. Ары, ары къэмышІэжьы мэхъуа, сыкъыжъудежьэщт пІуи, тыкъэбгъэпцІэгъагъ... Ы-ы, Ибрахь, а лъэхъаным улІ зэтегъэпсыхьэгъагъэм? Цые шІуцІэм хьазыр ІупэфхэркъытенэфыкІхэу, сэшхомрэ кІэрахъомрэбголъэу, уиш шхоІум еоу, кІэбгъулъэу, моу сапашъхьэ уит...



– Е дунай, дунаижъ хьаф,– ЧэтэшІэ Ибрахьимэ тхы уфагъэр чэум ригъэкъоу, къыІугушІукІыгъ, Іэ лъэныкъомкІэ бэщышъхьэр зыпэІуищэикІызэ, къыригъэжьагъ,– сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ, кІэлэгъур уигъогу зэхэкІ, жьыгъор уигъогу мэзах... КъэсымышІэжьэу, ащ фэдэ зэмани къытэкІугъ, Темыркъан. Мыдэ, сиІоф хэмылъыхэу сэ спкъы къикІыкІэ уятэ Нэгъой пшъхьашъо зэрэриутыгъагъэр къэІотэжь. Шъо зэлэгъу купым Болэт Къасым ары къышъутекІуагъэр. Ау чыжьэуи къыднэмысэу Тэхъутэмыкъое кІэим къыщауІи, ДэхапІэ къязгъэщэжьын фаеу хъугъагъэ...

– Болэтыр къыттекІон адэ къыкІэлъежьэн щымыІагъэмэ!.. – къырихьыжьэгъэ къэбарым рыкІэгъожьа уигъаІоу, ышъхьашъо зыкІыраутыгъагъэри Темыркъан ыгу къэкІыжьыгъ.– КъызауІэ уж, къызяогъэщэжьым, ащи икІапщэ тыщытхъэжьыгъэп умыІо.

А гъэтхэпэ мафэм Темыркъан къакъырыпчъэм къыІукІыжьи, чылэм къыдэхьэгъэ шыумэ якъэбар зэригъэшІэнэу щагум дэкІыгъэ къодыеу, къыздизыгъэр ымышІэу Къасымэ къыІулъэдагъ:

– Къэбарыр ошІа?

– СэшІэ, ЧэташІэмэ шыухэр яхьакІэх.

– Шыумэ уащыгъуазэми, къэбарэу щыІэм зи хэпшІыкІрэп. СыщыІагъэти, Буденнэм ишыудзэ укъыхэхьащтмэ къысаІуагъ.

– Шы къатыщта?

– Джа шъуишитІу яз укъытетІысхьащт.

Джа гущыІэ зэфэдзыр ары Темыркъанрэ Къасымэрэ Буденнэм ишыудзэ хэхьанхэу езыщэжьагъэхэр. Шыухэр гъогу зытехьажьхэкІэ ауж ихьанхэу рахъухьэгъагъэти, Темыркъан игухэлъ ятэ къыдигъэхъугъэп.

ЗыкъигъэхьазырынэуI къыриІуи Къасымэ зыІокІыжьым, Темыркъан къакъырым чІахьи, пцІэгъоплъ лъабжъэм гъучІыІунэр къыхичыжьыгъ. Шъэогъур къызщежьэщтым паплъэу, фэхьазырэу къакъыр кІыбым къотыгъ. Джы къызнэсыгъэм мы зекІуакІэм Темыркъан егупшысэ шъхьакІэ, аущтэу къилъэтыгъэ ІофкІэ зэрэшэсыгъэ шІыкІэр зыфихьын ышІэрэп. Зытырилъхьанэу къэнэжьрэ закъор Болэт Къасымэшъ, ащ лажьэр екІужьы.

УрамымкІэ гъэзэгъэ шъхьангъупчъэм Дударыкъо Нэгъой зеплъым, Темыркъан шым зыфытесыр къыгурыІуагъэп, апэрэм ыкъу Іоуи ышІагъэп. КъызешІэжьым,

шъаом игухэлъ нибжьи ыгу къэмыкIэу, сыд сэIо шы лъащэм зыфытетIысхьагъэр ыIуагъ, етIанэ ежькIэ шIу зэрэщымыIэм егуцэфагъ, зипхъуати, пчъаблэр зыдырихыщтым фэдэу унэм ичъыгъ. Зэплъэм, шыу купым ауж итэу ыкъо ылъэгъугъ.

Чылэм зэрэдэкIыщтым нэмыкI Темыркъан ышъхьэ илъыгъэп, хэгъуашъхьэм тикIмэ зыгорэу хъун ыIоти, ятэ шы лъащэм тесэу къызэрэкIэлъычъэрэр ышIэщтыгъэп. Джэмакъэм Темыркъан къыгъэлъэтагъ:

– Тэ уежьагъа, шъхьэпай?! Мы дунай Iаем сыд шыу гъэкIуат узхэхьагъэр, иманцыз!..– Нэгъой гуплъыгъэ кIуачIэкIэ шъаом зешъхьэшъуаом, шытхым риутэхыгъ...

ДэхапIэ къэзыбыбыхьагъэ къэбарыкIэр Биназ къызыраIом, лъапсэу иIэм уасэ фимышIыгъэми, натрыф хьэсэ къэгъэзэгъум къомыхьажьызэ, машинэр къыгъэуцун фаеу хъугъэ. Сыд Шэныбэ Сэбэхьа, ыIуагъ, Мэджэсым зигугъу къысфишIыгъэр. Лимэ ятэ заом хэкIодагъэба!.. ЕтIани СафяткIэ сыда ащ зигугъу ышIыщтыгъэр?.. Тыркуем ис... Сыдэущтэу Лимэ хъущт джы?..

Джыдэдэм шъхьэм упчIэ нэмыкI къитаджэрэп. Джэуап ритыжьынэу зыфежьэкIэ, анахь упчIэ цIыкIуми амалынчъэ ехъулIэ. УмышIэрэм урыIазэп, сыд пIони, шъэфым нэфапIэ уфэхъущт. Биназ Iофы зырегъэшIышъ, Лимэ ипIэкIор шъхьагъ пылъэгъэ сурэтхэр ыгу къыгъэкIыжьэу ахэплъэ шъхьакIэ, мыры ыIонэу Шэныбэ Сэбэхь ынапэ зэхиугуфыкIын ылъэкIрэп. КъышIэжьрэ закъор дзэкIолI щыгъынкIэ зэрэфэпагъэр ары. Бгъэгу джабгъум орден зэрэхэлъыр дэгъоу къешIэжьы – жъогъокъопитфэу «Красная Звезда». Пилоткэу щыгъыми джащ фэдэ жъогъэ плъыжьи къыхэщы...

Бэрэ щытыгъэми, макIэрэ щытыгъэми Биназ къышIэжьрэп. Машинэ макъэм зыкъиIэты зэхъур ары моторым Iоф зэришIэрэр ыгу къызыкIыжьыгъэр. Псыр къэжъуапIэм нэсыгъэу зелъэгъум, ыгъэкIосагъ, капотри къыIэтыгъ. Мэджэс Ахъмэт ешъогъэ зэпыт, зэхихыгъэр зыфэдэр ымышIэу зыгорэм хигъэкIокIагъэмэ шIэ! ОшIэ-дэмышIэу шъхьэм къихьэгъэ упчIэр зэригуапэр Биназ къыхэщыгъ. ЦIыфмэ бэ зэтраIукIыщтыр, умышIэрэм ишъыпкъапIэ умышIэу урымыгущыIэмэ нахьышIу. Ащ фэдэ къэбар щыIагъэмэ, тыгъоспчыхьэ нэс зэхэсхыныгъи.

Ардэдэм натрыф дэзыщрэ машинэ горэ къэси, къэуцугъ:

– Машинэм зыгорэ къехъулIагъа, Биназ?

– Хьау. Джау сыдми сыкъэуцугъ... Сыд къэбар?

– ЗэкIэри дэгъу, Биназ. ОшIугъэмэ, мэфэ зытIущкIэ натрыфым иIухыжьын тыухыщтыгъэ. ОшIунба?

– ОшIун фаеу сэIо,– Биназ джэуап ритыжьи, капотыр тырииубэжьыгъ. Шэныбэм иIофкIэ еупчIы шIоигъуагъ шъхьакIэ, къыригъэкIугъэп.

Мэфэ реным Биназ губгъом зетым, Шэныбэ Сэбэхь фэгъэхьыгъэ къэбар зэхихыгъэп. Пчыхьэ факIоу унэм къызэкIожьыми, янэу Iанэр къыфэзыштэрэми еупчIыныр къыригъэкIугъэп. Зэрэщымытыгъэ горэ хилъагъомэ ыIуи, ныр къызэпиплъыхьагъ шъхьакIэ, гуцафэ езгъэшIын хилъэгъуагъэп.

Мэджэс Ахъмэт ыгу ебгъэу, ежь къызэрэшIошIэу къэбарыр зэрэнэпцIым кIэгушIоу, Биназ урамым къытехьагъ. ПIалъэ къезытыгъэ Лимэ бащэрэ лъимыхьанэу ыIогъагъэми, нычхьапэ ыдэжь кIо шIоигъоу Биназ ыгу къыпылъэдагъ. Зэригъэгъусэщтхэ Болэт Зулкъадрэ Дударыкъо Нурбекрэ къежэщтыгъэхэ пIонэу урам къуапэм къыщыпэкIэфагъэх.

– Дэгъоу тызэIукIагъ,– Биназ шъэогъуитIур зелъэгъум гушIуагъэ,– шъуауж къэсфын сихьисапыгъ!.. Лимэ дэжь тыкъокIыгъэмэ дэгъугъэ...

– Сыда,– Зулкъадэ шъэогъум игушIуафэ къызэпиутыгъ,– гушIуакIо уфэкIощта?..

Мафэ горэм, щайшъогъу ужмэ адэжь, Дударыкъо Нурбек Совет тхьаматэ Ордэн Заудинэм IукIагъ:

– МэфакIом итекIыжьыгъо къэсыгъэкIэ сэгугъэ.

– Тырамыфэу текIыжьын пшIошIа?

– Ащ ышIэрэр цIыф ышIэу слъэгъугъэп!..

– Изакъоу кино къызфарегъэгъэлъагъо ара?..

– СынитIукIэ сымылъэгъугъэмэ сшIошъ хъуныеп!.. Хьамырзэри игъус. Арэп, Заудин, сыд илIэужыгъу ар? Ащ фэдэ ашIа!.. Ар сыдэущтэу фэшъудэра?..

– Олахьэ тыдэгущыIагъэм... ЧэтэшIэ Бинази сэри етIуагъэм... Киномеханикыми фэзгъэпытагъэм...

– Адэ сыд?

– Сыдына, джа плъэгъугъэр ары...

## IV

Джыри зэ Темыркъан нэшIукIэ Ибрахьимэ къызэпиплъыхьажьи, мыщ фэдэ нахьыжъ уихьаблэ къыбдыхэсыныр, уичылэ къыбдыдэсыныр дэгъу ыIуагъ. Инэхъой дахэ, къызэралъэгъулIэхэрэмкIи насып. ЕтIани Ибрахьимэ адрэ чылэдэс лIыжъмэ афэдэп, ицIыфыгъэкIи, иакъылкIи анахь Iуш, бэ къылъэгъугъ, бэмэ ахэхьагъ, ахэкIыгъ. Идунэе гупшысэ ихьатыркIэ егъашIэм цIыфмэ къызхагъэщэу, ыIорэм рыгъуазэхэу апэ рагъэтыгъ, ефэнд щытми рагъэпшагъэп, бламыIэтыкIыгъэмэ.

Дэхэкlае Темыркъан къыгъэшIагъэшъ, Чэтэшlэ Ибрахьимэкlэ гущыIэ Iаер хэгъэкIи, псэлъэ дыс зыгорэм къыжэдэзыгъэу рилъэгъулIагъэп, ишIухэмкIи имышIухэмкIи уасэ фашIэу къыхьыгъ. Шъыпкъэ, зэ ныIэп Iае фаIуагъэу чылэдэсмэ къызашIэжьрэр. Ари IорIотэжькIэ Темыркъан зэхихыгъэ нахь, а лъэхъаным чылэм дэсыгъэп, заом щыIагъ. Нэмыцхэр хэкум къызехьэхэм, хьакIэпытхъ куп зыдэмыс щыIа, пый офицер горэ къалэм къыращи, ешхэешъо зыфашIым, дэсмэ анахьыжъмэ ащыщ aIуи лIыгъэ IофкIэ Ибрахьимэ рагъэблэгъагъ. А пчыхьэм Iофтэбгэ шыкуао горэм мы къышъухэс Чэтэшlэ Ибрахьимэр партизан итхагъэу запискэ фычIырагъахьи, тэлмащэр зыфеджэм, офицер ешъуагъэр къызщылъэти, кIэрахъор лIыжъым къытриубытэгъагъ... Ар зыхъугъэм мэфэ зытIу тешIагъэу запискэр нэмыц офицерым унэм къыфычIэзыхьэгъэгъэ шыкуаор мэзым къыщаукIыгъагъ. Ар Чэтэшlэ Ибрахьимэ ыукIыгъэу къэбар щыIагъ...

Бзэджагъэр зезыхьагъэр Ибрахьимэ ымышIэу щытыгъэп. Ау ыжэ къызэтырихэу ыкъо Шумафэ нэмыкI риIуагъэп. Ар Шэныбэ Сэбэхь арыгъэ...

Темыркъан игукъэкIыжьхэр Ибрахьимэ къыфиIотэжьхэ шIоигъуагъ шъхьакIэ, сыда лIыжъым ыгу къызкIэзгъэбырсырыщтыр ыIуи, ежь-ежьырэу зэгыижьзэ зызхиушъэфэжьыгъ. ЕтIани Ибрахьимэ, уеупчIыгъэкIи, зышъхьаригъэхыщт нахь, ышъхьэ къырихыщтэп.

Ибрахьимэ, Буденнэм идзэ зыхэфагъэм къыщегъэжьагъэу, джы къызнэсыгъэм хабзэм ылъапсэ егъэпытэ, ыкъуищрэ ыкъомэ акъуибгъурэ партием хэтых, партием хэтыгъэ-хэмыт большевик анахьыжъкIэ ежьхэри ятэжъ еджэх. Машалахь, къомэ акъожьхэми джыри тхьапш, дзэ



псау хъун къакIэкIэтаджэ!.. Дунаим узытеткIэ джары узэрэщытын фаер. Тэ, Болэт Къасымэ икуп, сыд тызэрэбылымыр? Сэ, зы мыхъуми, уезэгъыщт сызэрэщыIэм, Чэташlэмэ ямыIэ Iаджи сиI, сикIалэхэр еджагъэх, зыр къалэм дэс, спхъухэм лIэкъо псау ахэкIыгъ, сищагу машинитIу къыдэкIы, сиунэ нахь ин чылэм дэтэп, джы къызнэсыгъэм унэ зышIыщтмэ шапхъэ тырахы, ау зыми нахьышIу ышIыгъэу слъэгъугорэп, къэзгъэшIэжьыщтым, кIо, сауж кIэ къэхъущтыр сшIэрэп, ашIынэуи сыгугъэрэп. Мы Iофым джы къызнэсыгъэм акъыл хэзымыхэу, хабзэм ику дыкIэшIэгъэ Болэт Къасымэ лэжьэкIожъыр ары. Лажьэрэм лыжь ешхы аIоми, ар Къасымэкlэ Iуагъэу хъурэп. Ар ыIозэ, чылэм фэIахъозэ, ижъышъхьэ цIахъо ехъулIэжьыгъ. Ашъыу, мо щыс Хьапэкlэ Аслъанбэч фэдэуи хъугъэп, егъашIэм щазымэ-гъончэдж хьафкIэ зэо ужым хэтыгъэр, еплъышъ, мы илъэсипшI-пшIыкIутфым колхозым хэбаикIыжьыгъ. Колхоз кладовщикэу Болэтым кIо зыраIом, сыд хьамбарым исшIыхьащтыр ыIуи, афэмыкIоу кудэпс шIоир къетIэтIэхэу игъашIэ трактористкIэ къыхьыгъ. Семчык дэгъэ тIэкIоу къыфыратхыкIыгъэр лъэIукIэ Аслъанбэч къыIихыжьэу, Къасымэ Iаджыри еслъэгъулIэжьыгъ.

– Мор сыд машинэшху шъыу!..– мыжъокIэ Iатэ зэрылъ «Белазэу» блэчъыгъэр Ибрахьимэ зегъэшIагъом, Темыркъан игупшысэхэм къахэужьыгъ.

– Мыр илъэс заулэ хъугъэ, Ибрахьим, белорусмэ къыздагъэкIрэр,– Аслъанбэч къыIуагъ.– «Камазхэри» тигъогумэ къатехьагъэх.

– Ахэр слъэгъугъэх.

– А «Белазыжъым» из натрыф, мыушкъоигъэми сезэгъыщтыгъ, сиIагъот,– щысмэ къаIорэм пымылъэу Темыркъан къыIуагъ.

– Ащ нахьи нахьышIу мо «Камаз» зэпышIагъэм илъыгъэмэ, фэдэрэ никъорэ къикIыныгъи.

– Уикладовщикыгъэ хьаулый, зи хэпшIыкIырэп.

– Олахьэ, Темыркъан, опцIым. Къаигъэ укъыспимыхь, «Белазыр» мыжъо хьылъэ зещэным тегъэпсыхьагъ, мыдрэ зэпышIагъэмэ арыфэщтым гъуни нэзи иIэп, хэзышIыкIрэ горэм тегъэупчI.

– Ашъыу, сыд пай, сыд щыщми, нахьыбэ зэрыфэрэр ары сищыкIагъэр...

– Е дунай, дунаижъ хьаф,– Ибрахьимэ хэпскэуIукIи, къыригъэжьагъ,– сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ, кIэлэгъур уигъогу зэхэкI, жъыгъор уигъогу мэзах...

Iофым Ибрахьимэ къызэрэхэуагъэр Темыркъан ыгу рихьыгъэп. БэшIагъэ Аслъанбэчрэ ежьырырэ ащ фэдэ Iоф зырымыгущыIэжьыгъэхэр, мыгъи колхоз коцым тIэкIу хэмыуагъэмэ, къыIэкIэхьагъэ щыIэп, бжыхьэ мафэхэр текIыхэ къэс, колхоз шъофым зеупцIэны, семчыкыр армэ, ухэIэбэн плъэкIыщтэп, натрыфым зыгорэ химыгъотэщтмэ. Джары натрыф гугъури къызфыригъэжьагъэр, екIолIапIэ фыриIэпышъ, коцым фэдэу, джа дзэкIо кIэлэжъмэ къызэрагъэпцIагъэу, ари IэкIэкIыщт. КIэзыгъэнчъэу Iутхыжьын аIозэ, тегущыIэх. СэIо оIокIэ лэжьыгъэм кIэзыгъэ фэмышIын плъэкIыщта, лэжьыгъэр – ахъщ, ахъщэр нэцIабгэ. ЧэташIэмэ я Бинази къэмыхъу рапшIэу тхьэмэтэ лъапсэм еоу ригъэжьагъ, плъэгъурэба, натрыфымрэ чIыплъымрэ яIухыжьын егъапэ, мыдэ умышIэмэ Рэщыд тхьэмэтэ кIэлэ шIагъор зыми щымыщ фэдэу ежь шхомлакIэм етхъо. Олахьэ сымышIэрэ, ЧэташIэмэ тхьамэтагъор атыратхагъэмэ?..

– Сышъодэlушъ,– Ибрахьимэ тIэкIу щысыгъэу къыпидзэжьыгъэти, Темыркъан игупшысэмэ къахэужьыгъ,– шъо лIышхуитIум зы хъун шъурыгущыIэрэп. Ащ нахьи нахьышIугъ модэ Былымгъот шъузабэм ишIыхьаф шъукIоу иунашъхьэ адэшъуIэтыгъэмэ.

– Олахьэ тэрэзым, Ибрахь. ТфэмышъуашэкъытапIорэп,– лIыжъым дыригъаштэ фэдэу Темыркъан зишIи, сыда хъун тызкIырымыгущыIэрэр, хэти ежь ышъхь, ифед зыуж итыр, пкъомэ афэдэу колхоз зэIукIэм тыкъыщэгущыIэ пшIошIа, гукIэ къыфидзи шъоубзэгукIэ къыпидзэжьыгъ,– Былымгъотмэ яшIыхьаф тыкIуагъэми хъущтыгъэ, Курацэ насыпынчъэм ятэ Мухьдинэ тхьамыкIэмрэ сэрырэ IулъхьэртIу зэфэтшIызэ зы хьаблашъхьэ тыкъызэдытетэджагъ, заоми тызэдыIухьагъ, къыгъэзэжьынэу инасып къыхьыгъэп нахь. ТашIоIлIыжъыщтын, къытэджагъэхэп. Макъэ къытагъэIугъагъэмэ, тыкIони, ы-ы, Аслъанбэч?..

– Ар IуакIа, Темыркъан?!

– Джырэ кIалэхэр, Ибрахь, шъуи Бинази, тэ ти Нурбеки апэ зэритэу, пшIэрэба зэрэгъэпсыгъэхэр,– Темыркъан ежь зыхишIэу щхыпцIыгъэ,– зи ашъхьащытынэу фаехэп, зэкIэри ашIэ, зыщымыгъуазэми рэгъуазэх, афызэкъомыдзэщтри зэкъуадзэнкIэ ерышых...



– Шъыпкъэ, Темыркъан, шъыпкъэ, джырэ кIалэхэр тэ зытеныбжьым нахь Iушых, щыIакIэм нахь фытегъэпсыхьагъэх. Модэ еплъ чылэм унэхэр зэрэдашIыхьэхэрэм. Заом ыпэкIэ, зэо ужым ашIыгъэхэмрэ джы агъэчъхэрэмрэ зэпяплъ, итеплъэ изакъоп, зэрагъэуцурэ шIыкIэр, ипчъэшъхьангъупчъэхэр зыдэгъэзэгъэщт лъэныкъохэр, былым щытыпIэр зэрэзэрагъэпэшырэм, чъыгэу къырагъэтIысэкIрэм, щагур зэкIэлъэкIыхьажьыгъэу мыжъокIэ зэрапкIэрэм щыкIэкIыжьэу сыдрэ Iоф фебгъэжьагъэхэми гупшысэ фыряI. Ау етIани сыд ягубзыгъагъэми шъхьагъырыт нахьыжъ ящыкIагъ, къышъуамыIуагъэу, ащкIэ хэукъуагъэхэми, шъуахэхьаныр къышъутефэ, гусэ ищыкIагъэп...

Къасымэрэ Шумафэрэ шIыхьафым щыIэхэу Темыркъан зызэхехым, ышъхьэрэ ыгурэ зэбгъэжьэу ригъэжьагъ. Былымгъотмэ шIыхьаф зэряIэщтыр джырэп, тыгъуас зызэхихыгъагъэр. КъытлъамыгъэкIуагъот ыIуи, зэрэхэмылэжьэщтым иушъхьагъу егупшысагъ. Былымгъотмэ янысэ ытыщхэр игъунэгъути, якIалэ чэу къуапэм зыщыIуигъакIи, къырамыIоми, Мухьдин тхьамыкIэм ихьатыркIэ кIомэ зэрэшIоигъуагъэр, ау ныо бетэмалыр гъунэгъу къутыр IэзакIом дэжь ыщэнэу езэгъыгъэшъ, нэмысы хъущтэп, зыгорэкIэ зыфэкIуагъэр IэшIэх къыфэхъоу къыгъэзэжьмэ, къахэхьанэу риIокIыгъ. Щэджэгъоуж нэс зыкъимыгъэлъэгъонэу ныом фигъэпыти, къыдэкIыгъ.

– КIо, джары, Аслъанбэч,– Темыркъан ыгу къеорэм фэдэу къыIуагъ,– орырэ сэрырэ шIушIагъэ тимыIэу дунаим тытет... ТиIэна зэкIэми тащыгъупшэу, зэкIэми ауж тыкъинэу... КIо, Былымгъотмэ ташIоIлIыжъэу, тамыгъэулэу ашIоигъуагъэу сэшIы, ау сыд Болэтыр зыфэчъагъэр макъэ къытимыгъэIоу?! Джары сэ сымыдэрэр, о къыомыкIущтыр къысэмышI! ЕтIани къысэуцолIэнышъ, хьатыр уиIэп ыIони, чылэм ыпашъхьэ ауан сыщишIэу къысэдыргъыщт. Ори пшIэщтыгъэу, Аслъанбэч, зи къысэмыIуагъэмэ шIэ?..

– Мы Iофым, Темыркъан, хэшIыкI фысиIэп.

– Олахьэ гъэшIэгъоным, пыу-алаурсын, титIо Былымгъотхэмкlэ къытэхъулIагъэр!.. Сыд фэIогъагъ шъыу къытаIогъагъэмэ!..

– Джыри кIасэп шIыхьафым уахэхьанкIэ,– лIитIоу ыпашъхьэ исмэ къегъэжьэгъэ IофымкIэ зи зэрамышIэрэр ыгу къеоу Чэтэшlэ Ибрахьими къыIуагъ.

– МыкӀасэ мэхъуа, Ибрахьим, ечэнд хъужьыгъэу… Ӏофшӏэгъу ужым шхакӀо тафэкӀуагъ пӀонэу…

– Шъумышӏэ Ӏоу сшӀагъэп, Темыркъан. Шъумышӏэщтыгъэмэ, ныбджэгъум ихапӀэ щашӀыгъэ шӀыхьафым уахэхьаным кӀасэ иӀэп. Унашъхьэр аусэбэбыгъахэмэ, мафэ шъуфэхъу, шъучӀэтхъыхьажь, шъучӀэбэгъухь шъуӀуи, шъуафэгушӀу, кӀалэмэ яӀэшӀагъэ шъущытхъу, жъугъэгушхох. Амыухыгъэмэ адэшъуухын, зышъуухырэм, шъуанахьыжъышъ, гущыӀэ дахэ лӀакъом фэшъуӀон, чылэм фэшъуӀон. Жъыгъэр къыпфэзыгъэу, нахьыжъыгъэр уиӀэнэтӀэныр, джау сыдми шхэлъэ дэплъэ охътэ гъакӀоу арэп, ащ ихьылъи, илъаги зэдэщачэ.

– Аущтэу оӀомэ, Ибрахь, тыодэӀун. Чылэр зыдакӀорэм тымыкӀоу сыд пай, Аслъанбэч, тэ шъофым титын. НекӀо. ЗыгорэкӀэ унэшъхьэ Ӏэтыныр аухыгъэу яӀэнапэ теуалӀэмэ, зипӀонтӀыхьэу зыкъыхэбгъэщыкъон, хэта джы тхьачэт кӀэпц емыцакъэу чылэм дэсыжьыр?..– ыӀуагъ Темыркъан, нэбгырэ къурищ нахь мыхъухэу чырбыщ унэ зэхэтышхо хьаблэм къыхэпӀыикӀэу зэтраупцӀагъэ, сшӀэрэп мыхэмэ, памыупкӀмэ, ахъщэ къыздырахырэр.– Щыгъын зэблэхъум, Аслъанбэч, ыуж тихьажьышъунэп, зышӀэн зымышӀэу къэзэрэугъоигъэ щэо-плӀэорэ Ӏаджми тахэфэн, тахэтыгъэр ыцӀэу тахэхьан, етӀани зыгорэ пшӀэщтми джырэ кӀалэмэ уагъэшӀэщтэп, пӀэкӀатхъыщт. Муары, аӀэтыгъахэу шъхьэр тыралъхьажькӀэ сэгугъэ. ШифрэкӀэ аупӀыцӀэмэ сшӀэрэп?..

– Унашъхьэр аӀэтыгъах,– Аслъанбэч ылъэгъурэр ыгъэшӀэгъуагъ,– машалахь, сыдэу унэшху ар!.. Шъхьэр мыӀэтыгъэ зэхъум, ащ фэдэу инэу къэлъагъощтыгъэп. Машалахь, ины, дахэ, джыри зы унэ шӀагъо чылэм къыдэтэджагъ. ТенэчышъхьэмэнахьышӀугъ, афэукӀочӀыгъэпщтын… Хьау, Темыркъан, шифрэ зытелъы шъхьэп аӀэтыгъэр!.. Ащ тенэч фыжь зытеплъхьажькӀэ зэрэдэхэ дэдэщтыр, зэрэныкъошӀ пэтээ, моу сынэгу кӀэт!.. Джары, Темыркъан, улажьэмэ, лыжъ пшхын зыкӀаӀорэр, Курацэ шъузабэм колхозым къыфишӀагъэм еплъ, колхозыр зэхатщэ зэхъум къытаӀощтыгъэри угу къэгъэкӀыжь…

Темыркъан чырбыщ унэхэмкӀэ, гъучӀ чэухэмкӀэ зэтегъэпсыхьагъэ ДэхапӀэ щыгъупши, чыиф онджэкъ лыцӀагъэхэр зышъхьарыт етӀэ унэхэр, чэу ибагъэхэр ынэгу къыкӀэуцуагъэх. Чырбыщым хэшӀыкӀыгъэ мэщыт закъом иазэнэджэпӀэ лъагэ зэкӀэми ашъхьапырыплъэу къылъэгъужьыгъ. Непэ фэдэу гъэкӀэрэкӀагъэхэу ураммэ цӀыфхэр атетыгъэхэп, шъхьэтехъо зытехъуагъэ дэмылъагъоу, паӀо зыщыгъ нэмыкӀ уӀумыкӀэу, хэти итхьамыкӀэ щыӀакӀэ еуцолӀэжьыгъэ пӀонэу ДэхапӀэ къешӀэжьы. Азэнэджэ макъэ къэӀугъ шӀошӀэу мэщытыр зыдэщытыгъэ лъэныкъомкӀэ зэплъэм, щэ зэтет гурыт еджэпӀэшхор ылъэгъугъ. БлэкӀыгъэ лъэхъаным ащ нахьыбэрэ хэплъэжьынэу Темыркъан фэягъэп, сыд пае сыгу езгъэгъэузыжьын, ыӀуагъ. Ардэдэм ХьапэкӀэ Аслъанбэч иунэ щытхъукӀэ гум къэкӀыжьыгъ: ары еж амэ, колхозым къыфишӀагъ, сомишъэу Былымгъотмэ яунэ къихьэрэмкӀэ ущ фэдэ унэ пфэгъэчъыщт. Колхозым хатыгъукӀыгъэмкӀэ зэрашӀыгъэр къыбдесэгъаштэ. А Былымгъот Муратэ бо хьэкӀэпытхъыжь цӀыкӀу, узэреплъэу къызшӀомыгъэшӀ, щылъым утемыплъэхъукӀ.

Джыри зэ Темыркъан иунэшъхьэ фыжь чыжьэкӀэ къэлъэгъуагъ. ПсыӀушъо лъэгапӀэмкӀэ къырекӀокӀхэти, ДэхапӀэ ыӀэгушъо илъым фэдагъ: модэ сиунэ ин-инэу зэкӀэми къазэрэхэщырэр, джары нахь бгъагъэр, Аслъанбэч, узтегущыӀэрэр сыд зэрэбылымыр. БылымгъотмэшӀыхьафкӀэ афашӀырэ унэр сыд иинагъэкӀи, идэхагъэкӀи, сэсыем къыкӀэхьан ылъэкӀыщтэп. Къушъхьэ шыгуф пӀонэу, зыхэтмэ къашъхьащыщэу, итенэчышъхьэ фыжь къэлъагъо. Тэ къыребгъэхыщт сэӀо, шъузабэм ыкъо тенэч, тэры пэтзэ ерагъ ар. Тенэч фыжь къыосщэн зесэӀом, уасэм къезэгъыгъэп, теплъын джы къыздипхыщтым… Модэ, модэ слъэгъурэр, сэ сипчъэзэхэт фэдэкъабзэу ашӀыгъ. Джы къызгурыӀуагъ Былымгъот Курацэ блэкӀыпӀэ тыкъызкӀишӀыгъагъэр, нэкӀэ ышхэмэ, лъэпаозэ типсыкъечъэхмэ нэ къатыригъэфагъ, улъыин рагъэжьагъ. Ыкъо нэгу хъокӀыгъэ Мурати лэжьыгъэ пштэщтмэ къышъуфэсщэщт ыӀомэ, къымыщэзэ, плъакӀо Ӏаджри къытфэкӀуагъ. Мощ нахь мыхъури, сибэу, къысэнэкъокъу!.. Унэ сшӀынэу чӀыпӀэ ситыгъот джы, джа афэмылъэгъукӀырэ унэр ащызгъэгъупшэжьэу чылэм унэ шӀыкӀэ язгъэлъэгъущтыгъэ. КӀэлэ нахьыжъ бетэмалым къалэм унэ щысшӀыщт еӀо нахь, чылэр ынэ къыпэӀухьэрэп. Сыд Мыекъуапэ унэ щыпшӀыкӀэ, уакъыхэщынэп, уахэкӀокӀэн нахь. Ащи дэеп унэ щыуиӀэныр, хэбзэ унэу ыӀыгъым етпэсыщтыр ары сымышӀэрэр, махь пӀони унэ лъачӀэ щиз хапӀэ къэлэ гъу-

нэм къызэрэщыуатыщтым пае яптыжьыщта. Къэлэ гъунэри дэеп, чэт, тхьачэт, мэл пхъуштмэ, псычэтишъэ горэ пхъумэ мэзищкIэ ахъщэ пыупкIыгъэ гъэтIылъыгъ...

– Хэт сэIо мо унашъхьэм тесыр? – Темыркъан къызэтеуцуагъ.– Болэтыр армэ сшIэрэп?..

– О-уи-и, мы слъэгъурэмэ шIыхьафышхо яI,– Аслъанбэчи ылъэгъурэр ыгъэшIэгъуагъ,– тэ модыкIэ тэIорыжъорышъ, чэу къуапэм тыщыс.

– Олахьэ арым, олахьэ арым, Былымгъотмэ яшIыхьафышху,– Iэпкъ-лъэпкъхэмкIэ къемыкIухэу Темыркъан кIэлъэкIоныкIыгъ, сэлам зэрихыгъэм лъыпытэу игые Курацэ рихьылIагъ.– Адэ, Курац, ащ фэдэ ашIа, сыд щышIыни макъэ къытэбгъэIугъэмэ, тызымыхьаблэми, хэпIэ зыщыплI ныIэп тазыфагур, сыд сIони силэгъумэ анэ сыкIэплъэн джы...

– Бо, Темыркъан,– Кураци къыдырыгъэштагъ,– ощ фэдэ лIыжъ бэрчэтышхор тихъяр зэрэхэмытыр сыгу къеощтыгъэ, къыплъыдгъэкIон зытэIом, нысэм ышнахьыкIэ удэмысынэу къепIуагъэти, тытIысыжьыгъагъ. Мары укъэкIуагъ, тхьэуегъэпсэу, сигуапэ укъызэрэтхэхьагъэмкIэ. КIалэм ятэ уриныбджэгъугъ, ышъхьэ гущэ уакокI илъэу дунаим ехыжьыгъэ гущ...

– Адэ ары, Курац, джы къызнэсыгъэм Мухьдин тхьамыкIэр сынэгу кIэт, сэры иосыети зэхэзыхыжьыгъэр... Е, Курац, Курац, дунай хьылъэу а заори тпэкIэкIыгъ, зэоуж мэфэ хьылъэхэми тыкъялыжьыгъ, мары джы унэу жъугъэчъыгъэми еплъ, тIотэжьыгъэ, фэхыгъэхэр ары непэрэ щыIэкIэ шIагъомкIэ мэкъэнчъэхэр... Муратэ ятэ мы унэ дэхэшхор ылъэгъугъэмэ, щиз хэхъонигъи.

– Тэ къин тлъэгъугъэми, Темыркъан, тIотэжьыгъэ, къэзымыгъэзэжьыгъэхэр ары тилыузхэр...

Щагум хъулъфыгъабэ дэт, нахьыжъмэ ныбжьыкIэр къябэкIы. Темыркъан нэплъэгъу зытIукIэ нэбгырэ щэкI фэдиз къылъытагъ, адыкIи нэбгырэ заулэ щытыгъ. Мыщ фэдиз хэлэжьагъэу шIыхьаф къэсшIэжьрэп, адэ зэкIэ зэлэгъу закIэхэшъ... Тхьаматэм иунашъхьэ зыфэтэIэтым, мыщ фэдиз къекIолIэгъагъэпщтын. Сыд сэIо джы нэс сымышIагъэу Былымгъотмэ шIушIагъэу акъолъыр? Сеплъмэ, егъашIэм Курацэ чэмыщэу, чэмцуямэр пыоу къыхьыгъ, гъэрекIуныIэп зытIысыжьыгъэр, ыкъо къэтран шIоипсыр къетIэтIэхэу сымеханизатор еIошъ, къызысшIэжьыщтым губгъом ит,



яныси чIыплъ сэлэжьы еIошъ, илъэс реным Iоф хэт. ШIушIагъэ хъущтмэ, джары зэрэунагъоу ядунай тетыкIэ. Колхоз Iоф ашIэу мы купыр къырамыфылIагъэмэ Былымгъотмэ шIушIагъэ акъолъэу сэ сшIэрэп, кIымафэрэ ячэу агъэстыжьэу, гъэтхапэм афэмышIыхьажьэу къахьыгъ. Чэтэшъэ Бинази щыI мыщ. Тэ щыI тхьаматэр ащыгъум? Ары МэфэкIо Рэщыд мыщ къэкIон, дэгъоуи ешIэ. Шыхьаф зышIы пэпчъ ыдэжь учъэщтмэ, шъхьэкIафи, уаси къыпфашIыжьынэп. ЧэташIэм цIыфмэ агу къещэфы еIошъ, ары зызфиукIыжьрэр. Зэ-зэ, тхьэмэтэгъур ашIуегъэубыт амэ, шъулъэгъун къышъухахьэ пакIо, ынэ шъузкIигъэплъэжьрэм. Къасыми симылъэгъу фэдэу зешIы. Ежь апэ сыздигъэгущыIэ шIоигъу. Сыпагэп сэ, ари пфэсшIэн...

– Сыоплъышъ, Болэтыр джыри кIэлакIэмэ уанахь чан,– Темыркъан шъэогъум есэмэркъэугъ.

– ЗыкIэнтIыIу зыфэмыIэтыжьрэмэ сахэмыгъэкIуакI.

– Уфэмыфмэ, унэ пхъашъхьэм утесына...

– Сыкъефэхын пшIошIэу укъыстещыныхьагъа?

– ШIыхьафым узэрэкIощтыр къысэпIогъагъэмэ, гукIэгъу къыпфысиIэныгъэкIи мэхъу...

– Сэри зыми къысиIуагъэп.

– Адэ сыдэущтэу уакъыхэфагъ мыхэмэ?

– Зэхэсхыгъэти, сиIэмэ-псымэ къасшти, сыкъэкIуагъ.

– Ащыгъум, титIо тызэфэдэба, IорIотэжькIэ сэри зэхэсхыгъэти, сыкъэкIуагъ. Ау Аслъанбэчрэ сэрырэ тимыфэшъуашэу емыкIу къэтхьыгъэкIэ сэгугъэ, зы гъучIыIуни хэтIугъэп, зы пхъэмбгъу натIи теупсагъэп... А кIал, а Мурат, зэ шъубыяу, къэлапчъэр аущтэу пкъэум рагъэкIурэп, пчъапэр къемыфэхынэу лъапсэмкIэ дэшъуубыт. Ы-хьы, тешъогъафэ джы, тешъогъафэ. Джары, Болэтыр, уишIуагъэ къэбгъэкIуагъэп пIощт етIани о, кIалэмэ сиIо ахэслъхьагъ.

– Сэ зи сIорэп... УишIуагъэ зыгорэм егъэкIын плъэкIыщтмэ сыд ащ нахь тхъагъо щыIэн!..

– Муары ХьэпэкIэ Аслъанбэчи къубгъаныр диIыгъэу ЧэтэшIэ Шумафэ зырегъэтхьакIы.

– Аферым, ащи ишIуагъэ къегъакIо.

– Адэ, тишIуагъэ къэдгъэкIонэу тыкъэкIуагъ нахь, тиягъэ зэкIыщтым сыдкIэ тырищыкIагъ. Къубгъаныр моу къахьи, Аслъанбэч, сэри сIэ псы тIэкIу пысэгъэгъэчъ, гъучIэу сызэIагъэм сыкъиуцIэпIыгъ, къыдамыгъэкI рапшIэзэ джырэ гъучIхэм улъыин рагъажьэ...

Лlыжъхэмрэ ныбжьыкlэхэмрэ шъхьаф-шъхьафэу lэнэ зырыз унэм щыпэтlысхьагъэх. Лэпс стырымрэ лы гъэжъуагъэмрэ амэ унэм изы хъугъэ, хьалыгъу гъэжъэгъакlэми укъыстэу, lанэм телъ.

Аркъ апч макъэхэр къызэlухэм, Къасымэ пчъэмкlэ плъагъэ, хэгърэим ыlэхъуамбэмэ ашlотэу чlыпlэ-чlыпlэу lанэм къытыригъэуцуагъэх, ар зимыджагъохэми хэпшlыкlэу анэгу къэчэфыгъ, lанэр зэрагъэзафэу, щыlэбэ-лъабэхэу хъугъэх, гущыlэ зэпео сэмэркъэури къахэтэджагъ.

– Мыр зыхэмыт lоф чылэм къыдэтэджэщтба сэlо,– Къасымэ къыlуагъ.

– Ар зыхэмытыр lофкlэ алъытэрэп, Болэтыр,– кlалэмэ задэзгъэкlалэу адэ lэнакlэм пысым къыдзыгъ.– Сэркlэ мыр щыl-щымыlэми тlури зы... Ау кlалэхэр тlэкlу чэфы ашlоигъу, зи фэlуагъэп. Тхьэм ишыкуркlэ, дунаир мамыр, ахэр чэфхэ хъумэ, тэри тадэчэфы, къинэу тпэкlэкlыгъэр тщагъэгъупшэ...

– Мы къытырагъэуцуагъэмэ, Купхэс, сыдэу бащэ къяпlуалlэра сэlо,– Темыркъан тхьамэтэгъур ыубытэу къэтэджыгъ,– очылкlэ узпэуцужьыгъэм мыр иджэгъо дэдэкlэ сыгугъэрэп. Къарыжъугъахъу мыдэ!..

– Джар lофшlакlэ хъун, Темыркъан!..– Ахъмэт lаби, стаканым ызныкъом блифэу ригъэхъуагъ.– Узэркупзещэ дэгъур, Темыркъан, сыдигъуи сэlо сэ!.. Къаlо, Темыркъан, къаlори бжъэр тэгъэlэты!..

Темыркъан ин-инэу, нэгушlо-шъуашlоу къашъхьащыуцуагъ. Иlэпкlэ-лъэпкlагъэкlэ, умышlэмэ, лlы гъэсэгъэшхо къыпшlошlыныгъи. Хъяр lофкlи хьэдэгъэ lофкlи ячылэ икlэу зыщамышlэрэ чылэ зыкlорэм къашlэфэкlэ джары къазэрэшlошlырэр. Егъашlэм кlэлэегъаджэщтыгъэу джы тlысыжьыгъашъор тео: ныбжьым емылъытыгъэу нэгу сырыф лlы ищыгъ, уахътэм псышъо ашlыжьыгъэ нитlур джыри чан-чанэу нэпцэ гъожьышэ пlуакlэмэ къачlэплъы, lэпэ пщэр пакохэри шъэбэ-шъабэхэу стаканэу ыlыгъмэ къатещы. Къасымэ гукlэ щхыгъэ, кlэлэегъаджэ пакlо ефэндэуи къашlошlы мыр. Мыгъатхэ хьадэгъэ lофкlэ Шапсыгъэ зэкlохэм, мыра шъуиефэнд аlуи къеупчlыгъагъэх. Ащыгъум ефэндышъо зытыралъытагъэм нибжьи нэмаз ышlыгъэу, ынэкlыгъэу къышlэжьрэп. Ау сэ мыр зэрэсшlэу цlыф ышlэрэп ыlуи, джыри зэ Къасымэ щхыпцlыгъэ, етlанэ Мэджэс Ахъмэт дыригъэштагъ:



– Тэрэз, Ахъмэт, тхьамэтэгъур зикlасэм къерэlу!..

– Тхьамэтэгъур уикlасэкlэ, Болэтыр, утырагъэплъэщтэп,– фадзыгъэр зыуи къыщымыхъоу Темыркъан къыпебжъэожьыгъ,– лlыгъэ къызхэбгъэфэни къатепхыщт. Зэманыр блэкlыгъ нахь, Мэфакlор колхоз тхьаматэу тезгъэтыныекlэ шъогугъа!..

– Кlэлэгъум пфэмышlэшъугъэр джы сшlэщт умыlо,– щысмэ ащыщ горэм къыдзыгъ.

– Тфэшlэшъуна тхьамэтагъор зынатlэ ратхэгъэ Чэташlэхэр уапэ итхэу,– Темыркъан сэмэркъэу джэуап къытыжьыгъ,– боу бэрэ Чэтэшlэ Шумафэ себэныгъ, зи къикlыгъэп нахь. Тэрэзба, Шумаф?..– Иупчlэ зыфэгъэзагъэм иджэуап пымылъыжьэу, щысмэ къариlуагъ.– О куп, непэ хъяр lофкlэ тызэфэзыхьыгъэр Былымгъотмэ яшlыхьаф, зыехэмкlэ насып лъачlэу, чылэмкlэ унэ мафэ хъунэу зышъхьэ тlэтыгъэр ары. Непэ Былымгъотмэ унэчlэхьажь амышlыгъэгоми, а хъярыр къапыщылъышъ, ащи, тыпсаумэ, тыхэлэжьэн, тыхэтхъыкlын, псэлъэ дахи щытlон. Ау непэ Былымгъотмэ яунэу хьаблэм къыхэтэджагъэм, чылэм къыдэтэджагъэм унэ лъапсэрэ унашъхьэрэ иlэшъ, ащ фэдэ хъярым раlолlэрэ хъохъу, шъори къыздежъугъаштэу, есlуалlэмэ сшlоигъу. Мыдэ, Курацэ шъукъедж, нахьыкlэу модрэ унэм чlэсхэри къэрэдаlох. Я си Алахь, Былымгъотмэ ятэкъэ лъапсэ лlакъор тебаикlэу, изэикlэу чылэр щыгушlукlэу, унэкlэ мафэр хьаблэмкlэ нафэу, ифагъэм насыпыр щебэкlэу. Ордэ унэжъэу, цужъ укlыпlэу, икlрэм къырихьэу, ихьэрэм къыринэу, лэгъунибгъур зэпэlутэу, агу итыр купэшхоу, зэшмэ янысэкlибгъур плlэнибгъум къызэлъыкъокlмэ джэхэшъуакlэм къызэлъытехьэхэу, агукlэ зыфаер къадэхъоу, зылъыхъухэри агъотэу, шъэохъулъф закlэу, пшъэшъэ нэгуфи щымыкlэхэу, унэкlэ мафэ тфашlыгъ арагъаlоу, зыемэ огъурлы афэшl, зылъэгъурэм ыгъэшlагъоу, язы пэпчъ иунагъо илъэсишъэр щигъашlэу, Былымгъотмэ ялlакъокlэ ори, Курац, жъышъхьэ мафэ уадэхъоу щыгъаlэх. Амин, си Алахь,– дигъэзыий, бжъэр ришъугъ, зи къызэримынэжьыгъэр къыригъэлъагъоу стакан lупшlэр lэбжъэнэшхом риутэкlзэ, пидзэжьыгъ.– Къизынэжьрэм тклопсы пэпчъэу инасып щыхэрэчъ!.. Хэти ибжъэ гъэкlодыкlэ, зэжъугъашlэ, сынаlэ тет!..

– Къызэмыкlурэр? – Къасымэ къэупчlагъ.

– Тэри зэгорэм къытэкlущтыгъэп ар, къызэдгъэкlугъ нахь...– lаблэу сысрэм пымылъыжьэу Ахъмэт къыlуи,

къыгосым феплъэкIыгъ.– СIуагъи сэ итшъурэ тIэкIур Болэтым тцагэ зэрэдимыгъэхьэщтыр...

– Хьау шъыу, Купхэс,– къыраIуагъэм Аслъанбэч дыригъэштагъэп,– о зэрэпIоу Болэтыр щытэп, муары ткIопси къыринагъэп.

– Делэ пшIошIа ткIопс пэпчъэу инасып харигъэгъэчъынэу!..– ЧэтэшIэ Шумафэ щхыгъэ, етIани Ахъмэт феплъэкIи, «джар къыуаIомэ, пшIошъ хъузэ, КупхэскIэ, къызэбгъаджэхэу, пцIи плъэкъуацIи ащыбгъэгъупшэжьыгъэу чылэм ешъуакIо зыдябгъэшIыхьагъ...» ежь-ежьырэу зэриIожьыгъ.

Чэпэзэхэогъумэ адэжь шIыхьаф лIыжъхэр Iанэм къыпэкIыжьыгъэх. Адырэ унэм щызэрэгъэчэфхэу щызэхэсыгъэ нахьыкIэхэм нахьыжъхэр зэрэтэджыжьхэрэр зашIэм, зэбгырыкIыжьын унашъо ямыIагъэми, шъхьэкIафэм къызэлъиIэтыгъэх. Нахьыжъмэ ащыщ, Мэджэс Ахъмэт нэмыкI, ныбжьыкIэмэ яунэ чIахьэ шIоигъо къахэкIыгъэп. Тэджыжьыгъэмэ ауж зыкъыригъанэ фэдэу Ахъмэт зишIыгъ, къэуцу къыраIонэу ащыгугъыгъ шъхьакIэ, Биназ зэрахэсыр ыгу къызэкIыжьым, шъхьакIо къырахыгъэм фэдэу, зыхэсыгъэ лIыжъмэ акIэлъежьэжьыгъ.

Хэти яхьаблэкIэ зэрэугъоижьыгъэу лIыжъхэр зэбгырыкIыжьыщтыгъэх. Ахъмэт зэрэфаеу Къасымэрэ Темыркъанрэ агофагъ. Зигъусэмэ зэранахьыкIэр къыхигъэщэу яджабгъу лъэныкъокIэ уцугъэ, яупчIыгъ:

– ЕмыкIу шъумышIыщтмэ, сышъоупчIы сшIоигъу. Хэт шъуитIу анахьыжъыр?

– Нахьыжъыгъор, Ахъмэт, о хэт зыфэбгъэшъуашэрэр? – упчIэм Къасымэ упчIэкIэ пэгъокIыжьыгъ.

– Олахьэ сымышIэрэ, сшIэщтыгъэмэ, сышъоупчIыныя... Темыркъан арыщтын... Орба, Темыркъан?

– Ар озгъаIорэр сыд? Болэтым нахьи нахьыжъышъо къыстеошта?

– ЕзгъаIорэр нафэба, тхьамэтагъор пIыгъэу жэнтIапшъэм узэрэдэсыгъэр пщыгъупшэжьыгъэщтын.

– Ары Темыркъан, къыптесштэн, пIорэр сыд!.. ЛIыжъ зишIугъошхоу укъыталъэгъулIэшъ, чылэ пхъужъмэ тыздагъэгущыIэжьрэп, къыпфырыяхьисапыр сшIэрэп, сеплъымэ, Гощнагъо джыри зэрэдэхэшху, – Ахъмэти, игъусэхэри щхыгъэх.– Ау сыушъэфырэп, Къасымэ зыфиIуагъэми шъыпкъэ хэлъ, етIани сыкъызышъукIахьэм, нахьыжъ уцупIэр пIыгъыгъ. Джыри чIыпIэ зэблэхъу умышIыгъэу тазыфагу узэрит.

– Олахьэ, Купхэс, укъыстекIуагъэм,– Темыркъан щхызэ, Къасымэ исэмэгубгъу зишIыгъ,– нахьыжъыгъэр къысфэбгъэшъуашэзэ, зи къысэбгъэлыгъэп. Болэтым ыуж мэфищ ныIэп сикъызэринагъэу къаIожьрэр. Мыр зыфэдэр пшIэрэба, игумзэгъагъэ сапэ къыригъэшъыгъ, пцIыми шъыпкъэми сшIэрэп, сишъэогъу тхьамыкIэжъым насып джанэ щыгъэу къэхъугъ аIо, ау инасып хэтхъыкIыгъэу сыщыгъуазэп,– сыдигъуи зэришI хабзэу, псалъэу къыдзыгъэр рычIиухъумэжьэу, мэзахэм къыхэмыщрэ нэкIушъхьакухэр сысхэу, ыгуи къыдеIэ пшIуигъэшIэу, хьарамыгъэнчъэу джыри щхыгъэ.– Жъыгъэм узфэкIожькIэ, Купхэс, мэфищми уасэ иI, Болэтым ихьалэл, пкIэ хэмылъэу ари фэсэгъэкIуатэ... Мыщ фэдэ дунай шIагъо, тызфаер зэдгъотылIэжьэу тытетыщт Iоу сшIагъэмэ, нахь кIэсаIоу тыкъалъфыгъэми сезэгъыщтыгъэ, тхьагъом нахьи гуаортинахьыбэу къэтхьыгъ. О сыд къэбгъэшIэгъэн, Купхэс?

– Хэт къышIэжьра, тэри макIэ къэдгъэшIагъэп, тIокIищым шъхьадэсфыгъэн.

Джы нэс зи къэзымыIощтыгъэ Къасымэ зэхихыгъэм ыгу къыпиIонтIыкIыгъ, дунаим къыщыбгъэшIагъэр умышIэжьыным нахь тхьамыкIагъо сыд щыIэн!.. Илъэсишъэ къэзгъэшIагъэм чъыгыр зыщигъэтIысхьэгъэ илъэсыр къешIэжьы, о «хэт къышIэжьра» оIо. Хъунэп ар дунай тетыкIэ. Сыоплъымэ, анахь лэжьэкIожъэу чылэм удэс. КIымаф, гъэмаф уиIэп, колхоз Iоф умыгъэцэкIагъэу, ушъхьэщыкIукIыгъэу цIыф къышIэжьрэп. Заом укъызщыIукIыжьыгъэ апэрэ мафэм щыублагъэу, убгъэ хэлъ орден пчъагъэмэ зыдямыгъэхьыхэу, кум узэритIысхьажьыгъэу узэрис. Арэп, Ахъмэт, уиорден хъущэ тэ щыIа? ТекIоныгъэр зыщыдгъэмэфэкIыгъэ илъэс тIокIми, мыгъэрэ май мафэми къызхилъхьагъэу слъэгъугъэп. Къызхилъхьана, хэлъхьагъу рамыгъафэу буфет пчъэIупэм аркъым щыIурагъэхмэ... Сыд фэдизэу аркъыр кIэтми, колхоз Iофыр къыгъанэрэп, куплIэдэс орэд кIэIукIэу чэтыIусыр зэрещэ. А орденхэр бетэмалым иIэжьха-имыIэжьха!.. Илъэс къаумэкIэ мыщ фэдагъэп мыр, шъузыр зэлIэ уж урамым къызтехьагъэр. ЗышIомылIыкIын Iахьыли, къэзыубытын лъфыгъи иIэп, аркъыр имэщыIусэу, ныбэ нэкIыр ичэт дэгъолъыжьэу къехьы. Темыркъан телъхь-темылъхь

фаеми, чылэ пхъужъмэ узфэдэр ашIэу уздагъэгущыIэна, бетэмал... Мыгъатхэ Шэныбэ Сафят дэжь псэльыхъо зэкIом, «фыу-фыу шыкозынымэмрэ аркъымэмрэ къыпIуилъэсыкIэу, сыд силажь сыкъыбдежьэу бэлахь зыхэсымыдзэжьымэ» къыриIуагъ аIуи, чылэм къэбарэу дэлъыгъэр Къасымэ ыгу къызэкIыжьым, кIэгубжыхьэ ышIыжьэу Ахъмэт фидзыгъ:

– Илъэс тIокIищым шъхьэдэпфыгъэп, ныбжьэу уимыIэр сиI пIоу ор-орэу зымыгъэжъ, зы пхъужъи къыбдэгущыIэжьынэп, укъызыхъугъэ мафэр непэ фэдэу къэсэшIэжьы. Илъэс шъэныкъорэ блырэ-ирэ къэбгъэшIагъэми ары.

– Мыдэ, Темыркъан, Къасымэ ыIорэр!.. Ащ нахь ныбжь симыIэуи?

– УиIэп, – Къасымэ пиупкIыгъ,– Тэхъутэмыкъуае дэжь сыкъыщауIи чылэм Чэтэшlэ Ибрахьимэ сыкъаригъэщэжьыгъэу, укъэхъугъ аIуи, пшынахьыжъ Къэнэмэт тхьамыкIэм ытхьакIумэ зэрэгуатхъыгъагъэр, сэри къысащалIи ытхьакIумакIэ плъыжьыбзэ зэрэскъудыигъагъэр джы къызнэсыгъэми сынэгу кIэт, о сыжъ оIошъ, къаигъэ оуцу. ПшIэнэу уфаемэ, орэп, тэры, Дударыкъомрэ Болэтымрэ, лъэкъо лъэныкъокIэ бэным дэуцуагъэу дэтыр.

– Олахьэ зыми сыдэмыуцуагъ,– Темыркъан къэгузэжъуагъ, етIанэ щхызэ,– ар пIоу, Болэтыр, о пшэ пшIоигъор шIэ, а лъэныкъом сыздемыщажь! Мы зэхэпхыгъэр, Купхэс, Болэтым еIомэ, мыщ ымышIэрэм тытегущыIэрэпышъ, уемыхъырэхъышэжь. Олахьэ, Купхэс, ущ фэдизэу уныбжьыкI Iоу сымышIагъэ, гушIо, бетэмал, гушIо, сыд пае тэ зыкъыддэпшIыра! Эй, сыкъэсыжьыгъ сэ. НекIо, шъукъеблагъ, ныори тIэкIу дгъэIэолъэон, Болэтыр сшIэрэп, ау Купхэс пае зышъэ гори тиунэ къикIын.

– Тхьауегъэун, Темыркъан,– къеблагъ къезыIорэмкIэ хьау риIоныр зимыхэбзахэ Ахъмэт къыIуагъ,– непэкIэ икъущт ар, дэгъоу Былымгъотмэ яIанэ тыпэбгъэсыгъ, тыбгъэтхъагъ, тебгъэшъуагъ, тебгъэшхагъ.

НэбгыритIур язакъоу къызэнэм, къыхэмыщэу нахьыкIэ сэмэгубгъумкIэ Ахъмэт уцужьыгъэу, зи зэрамыIоу заулэрэ кIуагъэх. Ышнахьыжъ Къэнэмэт игугъу Къасымэ къызэришIыгъэр Ахъмэт игопагъ. Ащ фэдэ шынахьыжъ иIагъэми-имыIагъэми зимышIэжьыщтыгъэр бэшIагъэ. Загъорэ дэдэ, илъэсым зэ, ыгу къэкIми арыгъэ.



– ЗэрэхъурэмкIэ, Къасым, уикIапщэ Къэнэмэт хэтыгъ... Сшынахьыжъ пшIэщтыгъэ...

– СшIэщтыгъэ къодыеп, тызэшъэогъу шъыпкъагъ, зэо мыгъом тызэкIэричыгъ нахь.

– СшынахьыжъкIэ, Къасым, зыгорэ къысэхъулIэ сэ, моу ынэпэ зэхэлъ зэхэсымышIыкIыжьэу сщэгъупшэ, сурэт закъоу къыкIэныгъэри зэолI шъуашэ щыгъ аIуи, нэмыцхэу чылэм къыдэхьагъэхэм ащыщынэхэзэ, чIатIи, агъэкIодыгъ.

– Ар хъущтэп, Ахъмэт. Пщыгъупшэжьэу зын шъукъилъфыгъэба!.. Игугъу пшырэпышъ ары ауштэу зыкIэхъурэр. ЗэрэпшынахьыжЪ закъом паеп игугъу зыкIэпшIын, зыщымыгъэгъупшэн зыкIыфаер. Тихабзэ къыдэзыхыгъэхэмрэ тихэгъэгу пыим щызыухъумэзэ фэхыгъэхэмрэ тыгу къэмыкIыныр, ягугъу тымышIыныр емыкIу. Ахэмэ язакъоп, ощ фэдэу, адрэм фэдэхэу текIоныгъэр къыдэзыххи, къэкIожьыгъэхэм яшIушIагъи зыщыдгъэгъупшэ хъущтэп, ядахэ, яфэшъуашэ тIоныр, ящысэ дгъэлъэгъоныр къыттефэ.

– Е-е, Къасым, хэт тырищыкIагъ тэ... А фэхыгъэхэмкIэ къапIорэр тэрэз, зи мыхъун хэслъагъорэп. Жэм къыдэкIрэ закъорэп, муары Дударыкъо Темыркъан хъохъоу Былымгъотмэ ариIолIагъэр, яшIуагъэ екIыщтмэ, зэхэпхыгъэ, шIушIагъэ горэ, аIэмычIэ чIаплъхьэмэ зэхашIэнэу, афэпшIэн фае. Ари амышIэу сIорэп сэ, ашIэ, ау макIэ джыри афашIэрэр. Илъэс заулэкIэ, ощ фэдэу, сэщ фэдэу, адрэм фэдэу зэошхом къелыжьыгъэхэр Iэбжыб изэу къэнэжьыщт. Нэбгырэ заулэу къэнэжьыгъэхэр, сэри сазэрэхэтэу, коммунизмэм ращэхэкIэ сырырэзэщтэп... ТыкъэсыжьыгъэмэсшIэрэп, Къасым, чэщ рэхьат къыокIу, сэри цIыкIу-цIыкIоу сиунэжъ сырекIокIыжьын.

– Тыкъэсыжьыгъэмэ дэгъуба, некIо къеблагъ, Былымгъотмэ адэжь тыщыIэу лъэгъун горэ къыздыуиIэу пIогъагъэшь, ащи сыщыбгъэгъозэн, джыри чэщыр кIыхьэ,– Ахъмэт зэрэригъэблэгъэщт гущыIэхэр Къасымэ къыIохэми, зэолIмэ афэгъэхьыгъэу зэхихыгъэр шъхьэм икIыщтыгъэп, ыгуи къигущыIыкIыгъэм фэдэу ахэр игопагъэх, унэм ихьэхэми пидзэжьынэу фэягъ.

– Лъэгъун къызэрэбдысиIэр шъыпкъэ, Къасым. Ащ мэфэ заулэ мэхъушъ сегъэгумэкIы, ау мы тызэрэгущыIагъэм ыуж ащ сытегущыIэ сшIоигъоп. Сэ пчэдыжь чэтахъомэ чэтIус афэсщэщтышъ, къызызгъэзэжьырэм, а Iофым ышъхьэ къыпфисхын.

Къасымэ зэгупшысэн Ахъмэт къыIэкIилъхьагъэу нэф къикIыгъ. Лъэгъун Iофэу къыдыриI зыфиIуагъэми ыгъэгумэкIыщтыгъэ. Чэмыр Iахъом рити къызегъэзэжьым, унэмкIэ къэмыкIожьэу Ахъмэт дэжькIэ рекIокIыгъ.

Щагум кур дэтти, унэм ихьагъ. Зиплъыхьагъ, зи рилъэгъуагъэп, пIэкIор закъоу дэпкъым кIэрытри зэIыхыжьыгъ. ДэкIыгъэмэ, къыдэхьажьын ыIуи, заулэрэ ежагъ. ШитIур къакъырым зэрэчIэтыр япырхъэ макъэкIэ къышIагъ. ЗычIэплъэм, шы пэшъхьэ шхынлъэм Ахъмэт дэлъэу ылъэгъугъ. Сыд сэIо мыр? ЗекIуалIэм, чъыепырхъэ ео. Зэ ылъакъо еIагъ, еджагъ – къэущыгъэп. Шыхэр къызырещажьэхэм, Ахъмэт къызщылъэти, хъурэр къыгурымыIуапэу къэджагъ:

– Хэт сэIо шыхэр езыщэжьагъэхэр?!

– Адэ, Ахъмэт, нычэпэ унэм уихьажьыгъэба сэIо?

– Сихьажьына,– Ахъмэт ралъэгъулIагъэмкIэ укIытэу,– тыгъоспчыхьэ Былымгъотмэ адэжь зэригъэзэжьыгъагъэри ыушъэфыгъ,– мы шитIур МэфэкIо Рэщыдэ стыримыхыжьы мыхъунэу уцугъэшъ, шъуадэжь дэмыгъэтхэу колхоз шэщым чIэгъэтых къысеIо, нычэпэ аужрэ пIалъэ къысфишIыгъагъ.

– Адэ колхозышхэр колхоз шэщым чIэтынхэ фаеба? Зи мыхъун къыуиIорэп.

– Сыда сэ мыхэр сикъакъыр чIэтхэмэ, МэфакIом рашIэрэр, ашхыщт мэкъур сэ къафэсэупкIэ, хамот, шхомлакI, кущэрыхъ, постромк язгъаIорэп... СшIагъэ ори ащ зэрэдебгъэштэщтыр, джары тыгъопчыхьэ къызкIыосымыIошъугъэр.

Тыгъуаси, тыгъоснахьыпи, адрэ мафэхэми Къасымэ мызэу-мытIоу Ахъмэт IукIагъэми, джыдэдэм фэдэу гуфаплъэу еплъыгъэу къышIэжьрэп. Умыжъэу жъы зымышI ыIуи тыгъоспчыхьэ егыигъагъ шъхьакIэ, ежь ныбжьэу зэрытыжьыгъагъэм бэкIэ нахьыжъэу, шъхьацыф упэрэцыгъэ нэгу зэлъэгъэ закIэкIэ ыпашъхьэ ит. Iэпэ зэлитIу зэрыфэщт нэтIэ курб закъор ары зэлъагъэ зимыIэр. Щыухьэ джэнэ Iужъу пшъэпIэ лэжьагъэхэр зафэмыIыгъыжьэу къелэлэхых. Зэгорэм орденхэр зэрэхэлъыгъэхэр къырыпшIэнэу джабгъу бгъэгум гъониплI теулъыихьажьыгъэхэр къызтещырэ къэптаныр шIой мэIу, дзэкIолI гъончэдж къызэрыкIомрэ щазымэ тIурысэмрэ нахь тэрэзыIо щыгъэп. Зэгорэм зэоуж гъэмэфакIэм, дзэм къикIыжьзэ, мэшIоку станцием зыIукIэгъэгъэ Мэджэс Ахъмэт Iоу пшIэжьынэп: кIэлэ ищыгъэ зэкIу зэхэлъэу, шъхьац ныкъуатхъом нэгур кIиуфыжьыкIэу, орден-медаль пчъагъэу бгъэр зэлъызыубытрэм тIэкIу ащэукIытэба уигъаIоу ынэгу къыкIэуцожьыгъ. Джы мыщ теплъэу иIэр!.. ШыхэмкIэ есIуагъэр ищыкIэгъагъэп ыIуи, Къасымэ кIэгъожьыгъ. Сыда сиIофэу хэлъыр, мы тхьамыкIэм ахэмэ анахь тхъагъо иIэп, джахэр непи нычэпи иIофшIэгъух, игущыIэгъух...

### V

ТыгъэкъокIыпIэ чапэм къэушэплъын мурад иIагъэп Темыркъан унэм къызекIым. Хьаблэм зыхэплъэм, унэгъо зытIущмэ яостыгъэ блэщтыгъэ, адыкIэ, псыIушъо лъэныкъомкIэ зыгорэм и «Беларус» фызэкIэгъэнэжьыщтыгъэп, машинэ гори хьэблэ урамымкIэ блэкIыгъ, ку макъи, Мэджэс Ахъмэт ику зэкIэтщтын, чылэгумкIэ къыщыIугъ. Сыд сэIо нэфмышъэу мыхэр зезыфэхэрэр!.. Олахьэ чылэ гъэшIэгъон тыдэсым, хабзи бзыпхъи дэлъэп, хэти ежь зэрэшIоигъоу мэзекIо. Тэ колхозыр зэхэтэщэ тIуи, ши, куи, пхъэIаши, пхъэIэбжъани зэIабгъо тшIыгъэ, джы шофер шъхьэпае пэпчъ колхоз машинэр ищагу дегъэты, трактормкIэ гъолъыжьакIо къырэкIожьы. Купхэс ешъуакIор арымэ, ку зэкIэтыр ядэжь къыщэжьыгъапэу иунаеу дегъэты, хэти федэ хэгъэкIыпIэу зыфаер зэрещэ. УялъэIугъэкIи зы чэтыIус дзыо къыпфыIуащэщтэп, блэчъыхэ къэс сапэр щагум къыдагъэутысэ, унэм къырагъэутысэ. Муары, къытыгъущтым кIэгуIэу, зыгорэ къэчъэ. Анахь итхьамыкIэгъум тытефи, тэры мы колхозым хэунэхъуагъэр, зыми тыщымыщэу тытIысыжьыгъ, тиIэри-тимыIэри ашIэрэп. Къытфаехэ хъумэ, лIыжъ лэжьакIохэкIэ къытаджэхэу натрыфыр тагъапкIэ, готагъэчыжьы, IэпэшхомкIэ аферэмыр къыддаIыгъ. Ашъыу, колхоз Iэшъхъэтетмэ сыд ялажь, лажьэ зытефагъэр Болэт Къасым, къыримыхьыжьэнрэ къырахьыжьагъэу зыдыримыгъэштэнрэ щыIэп. Натрыф гектар зырызэу афэтылэжьыгъэр имыкъоу, джыри натрыф упкIэпкI хьамэм тищэщт. Укоммунистмэ сэрэп тхылъ плъыжьыр уджыбачIэ къизылъхьагъэр, тэри ащ зэгорэм тыхэтыгъ, ау зызэрэпшIэу зытшIыгъэп нахь. Синасып кIэлэ нахьыжъыр колхозым къыхэсщыжьи заготовителэу зэрэзгъэсагъэр. Тихабзэ зэрэщытыр уиубытыфэ узфаер шIэ, узIэкIафэкIэ,

къыӀэкӀэкӀыжьыгъуай, хэхьапӀэу, хэкӀыпӀэу иӀэм узхэгъуазэкӀэ къыпӀэкӀахьэрэр дыры. Мыдрэ кӀэлэ бетэмалэу сызэгъэзыгъэри ащ хасщэ сшӀоигъуагъ шъхьакӀэ, сикъыримыдзэу кӀэлэегъаджэм сшӀухэхьагъ, ари Ӏэнэтӏэ дэеп, помидор дэблэжьынкӀэ фэдэ щымыӀ, ау зикӀалэхэр зыфэмыгъэсэжьхэрэмэ якӀалэхэр сыдэщтэу еджапӀэм щыбгъэсэщтых!..

Мэл заулэмэ анэмыкӀ былым бэшӀагъэ Темыркъан зимыӀыгъыжьыгъэр. Ащ изакъоп, ДэхапӀэ унэгъо шъхьафэу дэсышъ, нахьыбэмэ чэмхэр ящагу дэплъэгъожьыщтэп. Сыд рябгъэшӀэщтыр, къалэр благъэ, машинэ зимыӀэм мотоциклэ иӀ, мотоциклэ зимыӀэм гъунэгъум елъэӀушъ, тхъур, щэр, щхыур къалэм къырарегъэщы. ЕгъашӀэм мэкъумэщышӀэр зыгъэмэкъумэщышӀэщтыгъэ Ӏофмэ ащыщэу хьалыгъу гъэжъэнри аӀэкӀэзы.

Нэфшъагъом къызфыкӀэтэджэгъэ гухэлъыр щыгъупшэжьыгъэ пӀонэу, пчэдыжь дахэм хэдаӀоу Темыркъан чырбыщ къакъыр лъапсэм заулэрэ кӀэрытыгъ. ЕтӀанэ тхьаматэр дэмыкӀзэ, зыӀузгъэкӀэн ыӀуи, ыдэжь ежьагъ.

МэфэкӀо Рэщыдэ лӀы лъэпэлъэгэ нэгу кӀыхьэ тхъоплъ. Адыгэ пединститутыр къызеухым урысыбзэр илъэс заулэ еджапӀэм щаригъэхьыгъ, «Кавказ» зыцӀэ колхозым ипарткомым исекретарь совет тхьаматэу чылэм зыхадзым, ащ ычӀыпӀэ рагъэхьагъ. Ащ ыуж илъэсищ нахь темышӀэу колхоз тхьаматэу хадзыгъ. Райкомым исекретарэу Рэщыдэ ыцӀэ къезыӀуагъэр тырамыщыфэ, апэрэ илъэсиплӀ тхьамэтэгъум иӀофхэр дэгъугъэх, чӀыгъэшӀухэри, тракторхэри, машинэхэри, комбайнэхэри адырэмэ анахь баӀоу къыфатӀупщыщтыгъэх, псэолъапхъэхэри колхоз щагум дизыгъэх, игугъуи район газетым икӀыщтыгъэп, джы секретарыкӀэ райкомым къызыфашӀыгъэ уж, имыфэшъуашэу дэеу къыфыщыт пӀонэуи плъэкӀыщтэп, нахьыпэм зэрэщытыгъэм фэдэу иӀофхэр къикӀыжьхэрэп, ежь игущыӀэми райкомыр къазэрэхэфэжьрэр нахь макӀ, ар зыдэт чылэми и «Волгэ» фыжь игъэкӀэжьыгъэу мафэ къэс чъэжьрэп. Секретарэу тыращыгъэр ДэхапӀэ къызэрэкӀощтыгъэу мыдрэ тетыр къакӀорэп, къызыкӀокӀэ Ӏоф иӀэу мафэрэ къыдэхьэ, губгъом ехьэ нахь, ешхэн-ешъон Ӏоф иӀэу пчыхьэрэ къыдэлъадэрэп.

Тыдэ щыхъуи щышӀи Темыркъан ешӀэ. Рэщыдэ иӀофмэ ащымыгъуазэу щытэп, бэ шӀэн, макӀэ шӀэн ылъапсэ къыкӀаутыщт, ау зыхъукӀэ, еӀо Темыркъан, колхоз коным фыхэхыщтымкӀэ сишӀуагъэ езгъэкӀын, сишӀушӀи кӀодынэп,



сыда аӀорэр, шӀу зышӀэрэм шӀу фыщылъ, сифеди къыхэкӀын, сӀорэм къемыдэӀумэ, зэгорэм ыӀэнтэгъу ецэкъэжьэу, блэкӀрэмэ шъхьащэ фамышӀыжьэу, ежь шъхьэщэ лъыхъоу къэнэжьыгъэу къэслъэгъужьын. Ярэби, МэфакӀомэ якъэлапчъэ сыӀухьащт шъхьакӀэ, мы чылэр нибл, тыкъэзылъэгъурэр къытэгуцэфэщт, тыгу къэмыкӀыгъэ Ӏаджи агу къэкӀыщт. Сыӏухьанэп сӀоми, ежь ыгу къэкӀэу нибжьи зыкъыуигъэолӀэщтэп. Шым тес зэпытэу есагъэр иш лъэпэонэу ышъхьэ къихьэрэп. ЧэтэшӀэ Биназэу ылъэдакъэ ипкӀэри бетэмалым зэхишӀэрэп, къызэокӀэу зыхигъэлъэщыкӀрэм, илъэс горэм жьыкъэщэгъу ригъэфэщт. Джары секретарыкӀэм бзэгу фэзыхьри, иӀоф кӀэзымыгъэкӀри. Джа уныбжьыр сыныбжьэу пчӀыпӀэ ситыгъагъот, озгъэлъэгъущтыгъэ пшъхьэ къызэрэуухъумэжьыщт шӀыкӀэр, сыд мохэр еджагъ пӀокӀэ, ахъщэп-бахъщэп зэраӀоу. Илъэс заулэ хъугъэу заочнэу узчӀэс мэкъу-мэщ институтри, зыдэщтытыр сымышӀэу, бэшӀагъэ къызысыухыщтыгъэр.

Машинэ макъэм Темыркъан игупшысэхэр зэпигъэугъэх. Къэгъэзэгъум МэфакӀом и «Волгэ» къыкъолъэтыгъ, ежь рулым кӀэрыс.

— Уипчэдыжь шӀу охъуапщи, Рэщыд,— Темыркъан гузажъозэ пчъэм дэпши, тхьаматэм зыгуидзагъ, джэуап сэлам емыжэуи пидзэжьыгъ.— Еу, Рэщыд, чылэм тыдэгъэкӀ, Ӏоф къыбдысиӀ.

— Сыд Ӏоф? — щтэгъэ нэгукӀэ Рэщыдэ къеплъыгъ.

— Мо чэу дэплъ, шъхьангъупчъэ къиплъмэ тыкъямыгъэлъэгъоу чылэм тыдэгъэкӀ сӀуагъи!..

Дударыкъом имашинэ зыкъидзакӀэ къикӀрэр ымышӀэу, щтагъэр къытекӀоу Рэщыд пчэдыжьыпэ губгъо нэкӀымкӀэ ыгъэзагъ. А такъикъ зытӀум шъхьэм къимыхьажьыгъэ щыӀэп. Мыгъэрэ коц машинитфэу хьамэм тыращыгъагъэр МэфакӀом ышъхьэ къеуагъ, рулыр ыӀыгъымыӀыгъыми къымышӀэжьэу зэ къэхъугъ, ау къыгосым зыкъыригъэшӀэнэп ыӀуи, ыгу теӀункӀэжьыгъ, машинэу зичъэ кӀуасэщтыгъэм ригъэхъужьыгъ.

— ГумэкӀыгъо горэ щыӀа, Темыркъан?

— Тхьам ишыкуркӀэ, мамыр.

— Адэ мамырмэ, сыд пае тыкъепфыжьагъ!..

— Ащ фэдэ Ӏоф пхэслъэгъуагъэп сэ,— Темыркъан зэришӀ хабзэу, ынэкӀушъхьакухэр сысхэу щхыгъэ.— Олахьэ, Рэщыд, зи къыосымыгъэлыгъ... Къысфэгъэгъу мы-

шӀапхъэ къыосшӀагъэмэ, мырэущтэу сымызекӀогъагъэмэ, ор-орэу, угу къэкӀэу зыкъысӀубгъэкӀэщтыгъэп. КъыохъулӀагъэр сшӀэрэп, къысщыокӀухьэ...

– Хьау, Темыркъан, пщыскӀухьана, Ӏофым тыкӀэшӀагъ, тшъхьэ къыхэтхын тлъэкӀрэп. Нурбекрэ сэрырэ хьалыгъу Ӏулъхьэр тӀу зэфэтшӀызэ институтыр къызэдэтыухыгъ, зы чылэ тызэдыдэсзэ, тызэӀукӀэнэу хъурэп, ар озгъаӀорэр сшӀэрэп нахь.

– Сэ сымышӀэрэм, Рэщыд, сырыгущыӀэрэп. Ау зыгорэкӀэ мыгъэрэ коцэу ращэкӀыгъэм утещыныхьэу зыкъысщыодзыемэ, делашъокӀэ укъысэплъы, ахэр егъашӀи къычӀэмыщынэу Рэмэзан хабзэм рищэжьхи, ихьамбар ритэкъожьыгъэх...

– Сыд коца зигугъу пшӀырэр, Темыркъан? – зи Ӏофым химышӀыкӀы фэдэу МэфакӀор къэупчӀагъ.– Зыгорэм хэогъэкӀуакӀэщтын, зи хэшӀыкӀ фысиӀэп!..

– КӀо, фыуимыӀэми фыуиӀэп,– тхьаматэм зыфэе дэдэр риӀоу Темыркъан щхыпцӀыгъэ.– Сэ нэмыкӀ къыуасӀомэ сшӀоигъор, укъысэдэӀумэ, ухэзгъэукъощтэп. О джыри укӀал, щыӀэныгъэр зэщымыщ закӀэу зэхэлъ, джы къызнэсыгъэм тэри къыдгурыӀорэп ар. КъыдгурыӀона, уизакъоу къэбгъэшӀагъэм фэдиз къэзгъэшӀэгъэ ЧэтэшӀэ Ибрахьими гурыӀогъу имыфэзэ, дунаим ехыжьыщт... Е-е, Рэщыд, Рэщыд, ащ иӀэшӀугъэ къызыпшӀэщтыр джыри уапэкӀэ къэт, кӀэлэ нахьыкӀэм ар есэӀошъ, шӀошъы згъэхъун слъэкӀрэп...

– Ар шъыпкъэ, Темыркъан,– дыригъаштэ фэдэу зишӀыгъ,– шъо шъузэутэкӀыгъэмэ уямыутэкӀэу щыӀэныгъэм иӀэшӀу къыбгурыӀощтэп.

– Ы-ы, джы сыкъызэхэошӀыкӀы... Сэ дунаим сызфае щыӀэп, сиунагъомэ, сихъуи сибзи фэшӀыгъэу щыӀэх, кӀо, тесагъэмэ сшӀэрэп, мо семчык бэгъуагъэу Ӏуахыжьрэм тызэрэханрэм тимыгъэпэн тлъэкӀрэп...

– Хьау, Темыркъан, семчыкым игугъу къысфэмышӀ, ащ фэдэ ӀофкӀи укъыздэмыгущыӀ!.. Семчык дагъэ шъуимыӀэмэ, килограмм заулэ Нурбек къыфистхыкӀын... ТапэкӀэ пӀуагъэ, пшӀагъэ щыӀэмэ, зыщыгъэгъупшэжь, плъэгъурэба, секретарыкӀэу тиӀэм зызэригъэпсырэр...– игущыӀэ кӀэух зэрэфишӀырэр къыригъэкӀэу, МэфакӀом машинэм къыригъэгъэзэжьыгъ.

– Адэ дэгъуба аущтэу оӀомэ,– Темыркъан кӀилъэшъуɣжьыгъ,– мыщ егъэзыгъэ Ӏоф хэлъэп. КӀэлэегъаджэм семчык дэгъэ килограмм заулэ къыфыратхыкӀыныри тефэ, колхозхэтмэ ясабый ригъаджэрэр... Семчыкым игугъу къегъэжьэгъахэти, тырыгущыӀагъ, арэп къыуасӀомэ сшӀоигъуагъэр. Джа секретарэу зыфэпӀуагъэм зыкъызэрэпфигъэпсырэр ары. ПшӀэрэба ЧэташӀэхэр зыфэдэхэр? ЕджакӀо къимыкӀыжьы рапшӀэзэ, агроном шъхьаӀэ пшӀыгъэ, ар имыкъоу партийнэ Ӏофри ӀэкӀэплъхьэжьыгъ...

– Мы Ӏофым ЧэтэшӀэ Биназ сыдкӀэ къыхахьэра? – МэфакӀом ыдагъэп.– Район секретарыкӀэр ары сэ зигугъу сшӀырэр, зеухьэ ит. Муары мэкъу-мэщ управлением тетыгъэ кӀэлэ шӀагъор тырищыгъ. О ЧэташӀэр оӀо. Биназ кӀэлэ дэеп, шъыпкъагъэ зэбгъотылӀэжьын ӀофышӀ. ИӀоф зыхэмылъи хэхьащтэп, мышӀапхъи уигъэшӀэщтэп. Зи ылъэкӀ къыгъанэрэп, сэ сфэмыгъэхъурэр ащ илажьэп.

– Сэри, Рэщыд,– джыри Темыркъан кӀилъэшъуɣжьыгъ,– ЧэташӀэхэр делэх сӀорэп, ащ якъыл зынэсыри сэшӀэ...

Сыд фэдэ Ӏофыгъо тегущыӀэнэу Темыркъан къыригъэжьагъэми, МэфакӀом къыдыригъэштагъэп, чэщ мычъые зыфырихыгъэр хьаулые хъугъэ. Машинэ-ку зэкӀэтхэр унагъомэ ящагу зэрэдэтхэр къызэрэримыгъэкӀурэ закъор ары непэкӀэ тхьаматэм къыдыригъэштагъэр.

Чылэгъунэм къыӀулъэдэжьхи, машинэм къикӀыжьы зэхъум, джыри тхьаматэм фидзыгъ:

– Джа къызэрэосӀуагъэу, Рэщыд, машинэ къэчъыхьакӀэмэ кӀэух афэшӀ, шыку зэкӀэт зыӀыгъхэри ары....

А мэфэ дэдэм, щэджэгъо ужмэ адэжь, ыпхъу нахьыжъ Куакунэ зыщынысэ Нэбыкъое чылэм Болэт Къасымэ къикӀыжьыщтыгъ. КъыздэкӀожьын ихьисапыгъэ автобусым къыщинагъэу къычӀэкӀыгъэти, адрэр къызысыщтым джыри сыхьат ипӀэлъагъ. Къасымэ хьын ыӀыгъыгъэп, километрэ пшӀыкӀутӀур чыжьа, апэ къыскӀахьэрэм сыдэкӀожьын ыӀуи, мыгузажъоу къежьэжьыгъ.

Бжыхьэпэ дах. Гъоплъашъо хъужьыгъэхэу чъыгхэр гъогунапцэм кӀэрытых. Гъожьымэрэ шӀуцӀамэрэ зытырихрэ натрыфымрэ семчыкымрэ нэмыкӀ лэжьыгъэ колхоз шъофмэ арылъыжьэп, чӀыплъ Ӏухыжьыгъэ зэтелъхэри, ахэр къычӀэзытӀыкӀыжьрэ комбайнэхэри, зыугъоижьрэ бзылъфыгъэхэри къэлъагъох. Хьылъэзещэ машинэ-

хэри, машинэ псынкӀэ зэмышъогъухэри Къасымэ блэлъэтых, Ӏэр ыӀэтыни, къыгъэуцунми апылъэп, ошъогу рэхьатым ычӀэгъ чӀэубгъогъэ лэжьыгъэ бэгъуагъэм щыгушӀукӀэу, ащ хэгупшысыхьэу, ыкъорэ ыпхъуищрэ ясабыйхэр къетэкъокӀыгъэхэу дунаим зэрэтетыр шӀолъапӀэу мыгузажъоу игъогу хегъэкӀы.

Къызежьэжьым кӀэлэхъу лъэпэрычъэр къызэрэлъыгъыщтыгъэм нахь гумэкӀ имыӀэу, ар гупшысэ пэпчъ къыхэлъадэмэ ынэгу къыкӀэуцожьзэ, Къасымэ къыкӀугъэр, машинэу блэчъыгъэхэр зыфэдизыр къышӀэжьырэп. Гъогу дэхэкӀае къызэрикӀугъэр ылъакъохэмкӀэ зэхишӀагъ, зызэплъэкӀым, Нэбыкъуае къэлъэгъожьыщтыгъэп. ЧӀыплъыр арызэу машинэ зэпышӀагъи, «Жигули» зытӀущи блэчъыгъ, ащыщи къэуцун мурад иӀагъэп, ежьыри Ӏэ афишӀыгъэп. Бгъэджыбэм иӀэбэжьи, илъэс тӀокӀищ зэхъум ыкъо къыфищэфыгъэгъэ сыхьатым еплъыгъ, автобусэу зэмыжэгъахэм икъэсын бэ иӀэжьэп. Машинэхэу къэмыуцухэрэмэ зэрянэцӀырэмкӀэ, сыхьатым зэреплъырэмкӀэ, лъакъохэр къызэрэузхэрэмкӀэ ежь-ежьырэу Къасымэ зэгыижьыгъ. ЩыӀакӀэр нахьышӀу хъу къэс, сыда цӀыфхэр нахь зэпэчыжьэ зыкӀызэфэхъухэрэр? Илъэс къаумэу къэзгъэшӀагъэм мыщ фэдэ дэдэ къыхэкӀыгъэу къэсшӀэжьрэп. Тшхыни, зыщытлъэни, тызчӀэсын бгъэгъэ тэрэзи тимыӀэу къэтхьыгъ, тазыфагу зэщыгугъыжь дэлъыгъ нахь, хэти зэрэщыӀэшъу къытхэхьагъэп. Сыд мо орэдышхо къезгъаӀоу, изакъоу машинэ нэкӀым исэу блэчъыгъэм укъызэрэридзэщтыр?.. Моущтэу сэӀо шъхьакӀэ, сызафэп. ПӀэ умыӀэтэу, узфаер ямыгъашӀэу сыдэущтэу угу илъыр къашӀэна, сышъоф къэрэгъулэми ашӀэрэп. Шъхьэм къихьагъэхэр къыримыгъахьэ шӀоигъоу ежь Къасымэ мысагъэр зызтырилъхьажьыкӀэ, ыгу нахь къэушъэбы. Ау ыӀорэм шъыпкъэ зэрэхэлъыр ардэдэм къэунэфы: нэбгыритӀу нахь зэрымыс машинэ гъожь цӀыкӀур къыфэмыуцоу блэчъыгъ. Сыкъалъэгъугъэпщтын, ыӀуагъ, ыуж къикӀыгъэми ыӀэ зыфыдегъэчъаем къызэхишӀыкӀыгъэп. КӀо, етӀани умыӀо, сытӀысэу мы мэфэ шӀагъом зызгъэпсэфымэ, сыд къысэшъушӀэн, непэ къэскӀугъэм фэдэ мин лъэс-лъэбыӀоу къэскӀухьагъ, Дударыкъо Темыркъанрэ сэрырэ Польшэм тыкъикӀыжьи, Киев нэс тыкъэкӀожьыгъагъ.

Машинэ макъэм Къасымэ шъхьэр къыригъэӀэтыгъ. Зэплъэм, «Волгэ» фыжьышхом ипчъэ къыӀокӀы:

– КъитӀысхь, тят,– рулым кӀэрыс лӀыр къэджагъ.

– Тхьауегъэпсэу, сикӀал, чыжьэу сыкӀорэп сэ...

– УмыкӀоми, уздежьагъэм унэзгъэсын.

– КӀо, арэу оӀомэ...

– Нэбыкъуае ущыща, тят?

– Хьау, Нэбыкъуае спхъу нахьыжъ щыныс, ДэхапӀэ сыкъекӀы.

– Адэ, тят, чыжьэ сыкӀорэп пӀуагъи.

– Узгъэулэунэу, сикӀал, сыфэягъэп.

– Сыдэущтэу сыбгъэулэун. Сыкъэмыуцугъагъэмэ, мощ нэс лъэсэу укӀожьыщтыгъа?

– Тхьауегъэпсэу, сикӀал, сыкъызэрэзэхэпшӀыкӀыгъэмкӀэ, уапэ итхэу зблэчъыгъэмэ лъэсэу сызэрагъэкӀожьыщтыгъэм сехъырэхъышэжьырэп.

– Ащ сенэгуягъ сэ...

– Е-е, сикӀал, бэгъашӀэ охъу, хэт ущыщми, цӀыфышӀу укъызэрэхэкӀыгъэр бгъэгъуащэрэп,– Къасымэ лъэсэу къэкӀофэкӀэ зэгупшысэщтыгъэр чыжьэкӀэ къыригъэжьагъ,– цӀыфхэр агукӀэ зэфэдэхэп. Сэ бэ къэслъэгъугъ сӀорэп, ау сшӀэрэ тӀэкӀумкӀэ къыосӀон: цӀыфхэр зэпэблэгъэн фае тэӀоми, зэпэчыжьэ мэхъух, нахьыпэм тхэмылъыгъэ горэ нэшъоупӀыцӀэ къыддешӀэу къыткӀоцӀэпшыхьэ.

– ЗэрэхъурэмкӀэ, тят, къыпфэмыуцугъэмэ уафэгубжыгъ? – джыри зыгорэ къыригъаӀомэ шӀоигъоу Таймэз Даутэ къыгос лӀыжъым феплъэкӀыгъ.

– Хьау, сафэгубжыгъэп,– Къасымэ иджэуап кӀэкӀыгъэ.– Сыд пае, сичӀыфэ ателъэп, яхьаф стелъэп зэраӀоу, зимылъку зиӀэрылъхьэмэ сыгу ябгъэн. Шъыпкъэ, узгъапцӀэрэп. Ари Ӏофым къыхэмыхьэу щытэп. Ау къыосӀоныр ошӀа, сикӀал, ахэмэ язакъоп, зэӀахьылхэри зэпэчыжьэ мэхъух. Сыд пае чыжьэ укӀожьын, мы сыкъыздикӀыжьхэрэ спхъуи, симахъулъи шӀукӀэ огугъа? Зэгорэм, унэри ашӀэу, гуащэри къяцэлашхэу, лӀыри пышъухьэу, машинэри ямыӀэу, помидорыри амышӀэ зэхъум, бо цӀыфышӀугъэх. Мазэм тӀо-щэ спхъу къэмыкӀоу къыхэкӀыщтыгъэп, укӀыташъо зыригъэшӀэу, дыреплъэкӀэу махъулъэри къыӀулъадэщтыгъ. Джы илъэсым зэ къыкъокӀхэмэ ары. НэкӀыгъэрэ шхэкӀыгъэрэ зэрэшӀэрэп сӀонти, ар зыщаӀогъэ зэманыжъыр щыӀэжьэп, джы зэкӀэ шхэкӀыгъэ закӀ. Олахьэ, сикӀал, тиунагъокӀэ тызфэныкъо щымыӀ, тищыкӀагъэр зэтегъотылӀэжьы. Тэ тизакъоп, зэрэчылэу ары. Мы илъэс

заулэм Дэхапӏэ чырбыщ унэу дашӏыхьагъэр тищыӏакӏэ ишыхьат. Хэти зыфаер иӏэрыфэгъу. Арыщтын цӏыфмэ азыфагу зэщыгугъыжьыныр, анаӏэ зэтетыжьыныр дэзгъэзырэр. А зиунагъо бэгъон, нахьыпэм фэдэу джы цӏыфхэр зэлъыкӏожьхэрэпи!.. Нахьыпэм, шъыпкъэ, титхьамыкӏагъ ар къызхэкӏыщтыгъэр, тытхьамыкӏагъэми, ар къэсэштэ: мэшӏуахь, щыбзахь, пэӏо хьафыхь тӏозэ тызэлъыкӏоштыгъэ, зичэм гъужьыгъэм щайхакӏэ фарагъахьыщтыгъэ, джы сыд, типчъэӏушъхьэ къыӏухьэрэм тыфэнэгушӏоным ычӏыпӏэкӏэ, тиджэхашъо алрыгъу теубгъуагъэшъ, ылъакъо изэрэщыт тыфеплъыхы, зыщых тфемыӏошъуми, ицуакъэ зыщетэгъэгъэпкӏы. Е зиунагъо бэгъон, а къэкӏуагъэм ежьми ымышӏэу, тэри тымышӏэу илъэпэдыпэ гъуанэми тшӏэрэп. Сыда аущтэу зыкӏэхъоу пшӏэрэр, сикӏал? Джа къыосӏогъэ зэщыгугъужьыныр тазыфагу дэкӏуадэшъ ары. О къалэм укъекӏыкӏэ сэгугъэ, укӏэлэ гъэсагъэу сыкъыоплъыышъ, ахэр къыосэӏо, мылъкум цӏыфыр рыкъэи хъущтэп, зышъо икӏрэр шъохъу ӏокӏэ. Джащ тынаӏэ тедгъэтын фае, сикӏал. Джары революциякӏэ джыри зэтшӏылӏэн фаер.

Гъогогъу къысфэхъугъэ лӏыжъым иакъыл чыжьэу мао, ыӏуагъ Даутэ. Мы зигугъу пшӏырэм чылэм изакъоп, къалэри егъэгумэкӏы. Щыӏакӏэр кӏуатэу, «сэсыер» цӏыфым ӏэкӏэдгъэзынэу тыдэлажьэ къэс, тырахрэр зытрахрэм нахь пытэу зэрэзыӏэкӏиубытэщтым инэшанэхэр нахь мэлъэшых, сыдэу пшӏын, кӏодрэр зэтхъожьэу ихабз. Джыри зэ Таймэзыр лӏыжъым феплъэкӏыгъ. Зыуи арэп цӏыфыр угу зэрэрихьыщтыр, егъашӏэм пшӏэщтыгъэу, ппэблагъэу зэрэхъущтыр. Щыӏэх загъэӏушэу, гущыӏэгъу ашӏырэм зырагъаштэу, ыгу имылъ ӏаджи къэзыӏорэ цӏыфхэр. Мы слъэгъурэр зику исым иорэд къэзыӏорэмэ ащыщэп. Дэхапӏэ шӏэхыщэу къызэрэнэмысыщтым фэшӏ, машинэм ичъэ нахь щыригъэгъакӏэзэ, Даутэ джыри къыӏуагъ:

– Тят, къэпӏуагъэм шъыпкъабэ хэлъ, ау зэкӏэри ащ фэдэ дэдэпщтын. Адыгэмэ тигугъу зэрэпшӏын дэхаби тхэлъ. Яджэгу пштэми, яшӏыхьаф пӏоми, къин яӏэми…

– Хьау, зэкӏэри дэи сӏоу къызшӏомыгъэшӏ, сикӏал. Лъэпкъ щыӏэп дэгъуи дэий зыхэмылъ. Мы зигугъу къэсшӏыгъэ купыр адыгэмэ язакъокӏэ огугъа зыхэлъыр, мыр фэшӏыгъэу щыӏэ лъэпкъ пстэуми ядагъоу къысшӏошы… Адырэ хьадагъ, джэгу, шӏыхьаф зыфапӏорэ пстэуми яуз шъхьафы. Мы сыкъыздикӏыжьрэмэ ягъунэгъу ныом дэжь сымэджаплъэ сихьэгъагъэти, ыӏорэр ошӏа, къемысэу, къемыщхэу, чъыӏэ щымыӏэу сыгъэлӏ ыӏоным ычӏы-пӏэкӏэ помидор щэгъум сытемыгъаф еӏошъ, тхьэ елъэӏу… Тхьацум хэшӏыкӏыгъэ ӏэшӏу-ӏушӏухэр зыщыгъупшэжьыгъэ бысымгуащэмэ къалэм къырахэу джэгумэ къахьхэрэр?.. Пхъуантэмэ булкэ фыжьхэр адатакъохэу шъуикъалэ зыщыплъэгъухэкӏэ, чылэ горэм нысащэ зэрэдэтым ишыхьат…

– Къалэм сыщыщэу зэрэпшӏошӏырэмкӏэ, тят, ухэукъо,– чыжьэкӏэ Дэхапӏэ къызэлъагъом, Даутэ къэгузэжъуагъ.

– Адэ, тыда узщыщыр, сикӏал?

– Мы районым сыщыщ, Трамхьаблэ ӏоф щысэшӏэ.

– Ары ӏолъ… Олахьэ сылӏыжъ делэм, пцӏи сыкъыкӏэупчӏагъэп, уисэнэхьати зэзгъэшӏагъэп. Сэ Болэтмэ сырялӏыжъ, сцӏэр Къасым. Оры, сикӏал?

– Сэ Таймэзмэ сащыщ,– Даутэ лӏыжъым ылъэкъуацӏэ зызэхехым, зэринэӏуасэр къыримыгъашӏэу джыри нэшӏукӏэ къеплъыгъ.

– О-уиу, джы сыогуцафэ, районымкӏэ секретарыкӏэу къытфашӏыгъэ Таймэз Даут зику сисыр. Олахьэ, Даут, утхьагъэпцӏэу укъычӏэкӏыгъэм, зысэмыгъашӏэзэ, имыщыкӏэгъэ ӏаджми уахэзгъэдэӏуагъ…

– Зи мыхъун къэпӏуагъэп, Къасым, узэмыгыижь. Тызэрэлъэгъугъэп шъхьакӏэ, шӏукӏэ уигугъу бэрэ зэхэсхыгъэ. Дэхапӏэ лӏыжъ натрыфлэжьхэмкӏэ, ори, уигъусэхэмкӏи, тышъуфэраз.

– О-уиу, тызэрэмышӏэу сызӏукӏагъэр!..– Къасымэ игушӏо-укӏытэ джыри кӏэкӏыжьыгъэп.– Некӏо, Даут, къеблагъ, муары тиунэ тыкъэсыжьы пэт, модэ мо кӏыбрыгъэсэ шхъуантӏэхэр зыӏут чырбыщ унэу къэлъагъорэр ары.

– Тхьауегъэпсэу, Къасым, непэкӏэ райкомым сынэмысыжьы хъущтэп, къыспэплъэх. Зэгорэм сыкъыдэхьанэу усэгъэгугъэ, лъэшэу сигуапэ узэрэсшӏагъэр.

– Уиӏоф зытетыр, Даут, о нахь пшӏэн, сэри сигуапэ тызэрэзэрэшӏагъэр. Лъэӏу ӏоф горэмкӏэ уадэжь сыкъэкӏонэу симурадыгъ сэ…

– Машинэкӏэ укъысэмылъэӏуи, Къасым,– Таймэзыр щхыгъэ,– къыпфэсымышӏэн щыӏэп.

– Хьау, сыд машинэм есэбгъэшӏэщтыр, скъуи, спхъуи яӏ ар. Модэ мо унэшъхьэ ӏэтыгъэшхор олъэгъуа? Унэ дэхэшхоба? Джар Былымгъот Мурат зиунэр, нахь кӏэлэ лэжьакӏо чылэм дэсэп.

– Пынджлэжь Былымгъотра зыфапIорэр?

– Ары, джа кIэлэ лэжьакIор ары. Непэ мэфэ ошIуми, бжыхьэр къэкIуагъ, тырилъхьан ыгъотырэп. ЗыгорэкIэ IэпыIэгъу укъыфэхъугъэмэ лъэшэу тигуапэ хъуни...

## VI

Болэт Къасымэ гушIом зэрехьэти, ядэжь дэмыхьажьэу Былымгъотмэ афэкIуагъ. Унашъхьэм тыралъхьащтымкIэ къызэрагъэгугъагъэр apeIофэкIэ шIуабэ дашIэщтыгъэ. Къыщэгъахэу ящагу къафыдимылъхьагъэми, арэшI, агукIэ рэхьатыных. Мыгъатхэ щегъэжьагъэу ыуж итых. Амыгъотыхэ зэхъум, Дударыкъо Темыркъан зэриIэр ашIэти, къарищэнэу елъэIугъэх, уищыкIагъэу къытэмыщэшъуми, илъэснықъо пIалъэкIэ чIыфэу къытэт, теубытагъэ иIэу зыгорэм тыкъигъэгугъагъэшъ, зы тенэч бзыгъи хэмызэу тэбгъотылIэжьын раIуагъ, хэзэгъэнхэ алъэкIыгъэп. Къафемышlyхэ зэхъум, Къасыми дагъэгущыIагъ. КъысапIорэр сыд, Рэмэзан унэ Мыекъуапэ дишIыхьанэу зэрэригъэжьагъэр пшIэ пэтзэ, уищагу дэщи хымэ щагу дэтакъу къысэоIо, ар ныбджэгъу зекIуакIэп, Темыркъан къыриIуагъ. Джы муары, гущыIэпэ закъокIэ зэшIуихыгъэ. А сызхэплъагъэм ыIуагъэмэ, укъигъэпцIэжьыщтэп. Ау Iофым зы мыхъун хэхъухьэ: сыгушIуащи, Былымгъотхэр тенэч зэрэфаехэр есIуагъэп. Джар игъуаджэу сшIагъэ. Зымафэ шифрэ тэрэз згъотмэ сезгъэы Муратэ ыIогъагъ. Шифри, тенэчи ягугъу сымышIэу, узфаер къыуитынэу сыкъигъэгугъагъ сIони есIон, кIо, ащкIэ, сыраукIына, пцIы сэрэусы.

ЧэташIэмэ ячэу къуапэ лIыжъ куп щызэхэсти, а лъэныкъом Къасымэ ыгъэзагъ. ЗыIохьэм, шъхьэкIэфэ тэджыныр къыпагъохэу, сэламэу ыхыгъэм исэлам къырагъэгъэзэжьыгъ, зэлъыкIуатэхи, агъэтIысыгъ.

– ШъуигущыIэ зэпызгъэугъэ, Ибрахьим.

– Хьау, Къасым, узфыкIэгъожьын къэбар тырыгущыIэщтыгъэп. Сыд джы помидорым фэшъхьаф узэрыгущыIэнэу чылэм дэлъыр? Хэти ежь кIихыгъэр ыушъэфэу фэшъхьафым ыщагъэм егъапэ... Е-е дунай, дунаижъ хьаф, сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ, кIэлэгъур уигъогу зэхэкI, жъыгъор уигъогу мэзах, хьантхъупсыпхъи отымыгъотылIэжьэу мэфэ нэкI тхьапш къытэкIугъ!.. Сыд къин



тлъэгъугъэми кIэлэгъум нахь тхъагъо щыIэп. Шъыпкъэба, Темыркъан?

– Олахьэ сымышIэ къыосIощтри, Ибрахь, кIэлэгъу тиIагъэу къэсшIэжьрэп. Тэ тшъхьэ къызщытIэтыгъэм щыублагъэу граждан заом тыкъыхэзыжьи, колхоз зэхэщэным, кулакмэ, ащ ыуж къырыкIуагъэмэ тыкъялыжьыгъ тIозэ, нэмыцмэ зао къыташIылIэжьи, текIоныгъэу къыдэтхыгъэм щыгушIукIыгъо тимыфэзэ, тIокIитIурэ блырэ илъэс гъэтхэ гъуйсым тыхэлIыхьажьы пэтыгъ. Джы сижъышъхьэм сэтхъэ сIокIэ, ар тхъагъо хъуна!.. Насып зэпыфэ зиIэу къэзыхьрэр ары тхъагъэкIэ слъытэрэр. Тэ ахэмэ тялъытыгъэмэ, зыхамыIорэ сипэIошху,– чыжьэу зэрэхэхьащэрэр зыдишIэжьэу Темыркъан щхын ригъэжьагъ, ау мызэгъэгу къызэремыкIурэмкIэ зэгуцэфэжьи, къагосым еупчIы фэдэу зишIыгъ.– Ы-ы, Аслъанбэч, сыд о къепIуалIэрэр?

– Зи хъун къэпIуагъэп,– зэупчIыгъэр гущыIэгъу римыгъафэу Къасымэ къыIуагъ.

– Ар сищыпэ зэхэхэп, Болэтыр,– фадзыгъэм Дударыкъор къесэмэркъэужьыгъ,– сэ сIорэм укъепэбжъэонри шъоупс зыIупкIэнри оркIэ тIури зы. Сыда хъун къызкIэсымыIуагъэр? Граждан заом тыхэмытыгъэми, укъызэрэщауIэгъагъэр хэсэгъэкIышъ, а зэманыр зэман къиныгъэба?

– Къиныгъ,– Къасымэ къыдыригъаштэзэ, къыфидзыжьыгъ,– ау къыттефэу тифэшъуашэр хэтшIыхьагъэп, тичэу гъуанэмэ тадэплъэу тыщысыгъ.

– Плъыжьмэ адедгъаштэщтыгъэба?

– Тизэкъуагъэп.

– Белэ-зеленэмэ тязэуагъэба?

– Тязэуагъ.

– Колхозыр зэхащэ зэхъум?

– Ащи тыхэлэжьагъ.

– Зэо илъэсиплIыр?

– Ащи тыхэтыгъ.

– Адэ сыд мыхъунэу къэсIуагъэр? – гущыIэ зэфэдз-къызэфэдзым ошIэ-дэмышIэу Темыркъан къызэкIигъэблагъ, къыгосым феплъэкIи, мы ХьапэкIэ Аслъанбэч цIыф гъэшIэгъон, ыIуагъ, урахьыжьагъэми, тутыным кIэшъузэ уаригъэхьыщт, къыбдыригъэштэщтэп.– Зэо ужым тиIофхэр зэрэхьакъ-сакъыгъэхэр мышъыпкъэу ара?

– Джа къэппчъыгъэ кортэу уижъышъхьэ мафэ зышIыгъэмэ уикIэлэгъу зэрахэтыгъэр зэрэзыщыбгъэгъуп-

шагъэр ары сымыдэрэр. КIэлэгъум къин умылъэгъоу уижъышъхьэ уасэ фэпшIыщтэп, ари зэгъашIэ. ЕтIанэ, Темыркъан, къин слъэгъугъэ пIоу сэ сыщысэу къэмыIу. Зэо ужым къин зылъэгъугъэхэр шъузабэхэр ары нахь, тэрэп. А лъэхъан гъуйсыем кладовщикэу колхоз хьамбарым узэрисыгъэри зыщымыгъэгъупш.

– Цыгъомэ ашхын зыщамыгъотыщтыгъэ хьамбар нэкIра? – Темыркъан щхыгъэ шъхьакIэ, ынэкIушъхьэкухэр къисысыкIыгъэхэп.– Адэ, Къасым, къэошIэжьа сой макух тIэкIоу цIыфмэ яттынэу къэтщэгъагъэм щыщ такъыр хьэм зырехьыжьэм, тыбгъэмэ ахэлъ медальхэр зэутэкIхэу тызэрэкIэлъежьэгъагъэр? Чэтэшlэ Ибрахьим ары мыхъугъэмэ хьэм хьайнапэ техъулIэщтыгъэ. Бащэ, хьэри шхэн фае зыоIом, Ибрахь, къэошIэжьа, ыуж тикIыжьыгъагъ... Сыд пае мыхэмэ тарыгущыIэу тыгу ядгъэгъэузыжьра!..

– Ары шъыу,– Аслъанбэчи къыIуагъ.

– О-уиу, гушIуапкIэ остын,– Темыркъан ынэкIушъхьэкумэ гушIопсыр къячъэжьэу къыхэкуукIыгъ,– зэ укъэгущыIагъэмэ ары, ужэ псы дэгъэхъуагъэу непэрэзымафэм ущыс!.. Удэ, Болэтыр, тыбгъэIорыжъорын нахьи, ХьэпакIэм фэгушIу, джа «кIыпI-кIыпI» къэзыIоу зыкIэхъопсыщтыгъэ кушъо шъхьэко цIыкIу зыпытыр, да раIорэр ащ, раIори сшIэрэп, псэолъэшIымэ къащищэфыжьыгъ. Ары шъхьакIэ сехъуапсэрэп.

– Сыда, кIорэба? – Къасымэ къэупчIагъ.

– ЗэрэмыкIорэм сигъапэрэп, ХьэпакIэм ыIэмэ дышъэр къапэзы, тыгъуакIо зыкIокIэ къыпыхъыкIрэ макъэмкIэ къычIэщыщт. Чылэм «Жигули» аIо, ежь тызыудэгущт «кIыпI-кIыпIыр» ахъщэ лъетышъ, къещэфы. Сыд епшIэщт, цIыф рызепщэнэп, бэдзэрым урыкIонэп.

– Къызэтезгъэпсыхьажьэу сыкъызтетIысхьэкIэ, Дударыкъор,– IэхъомбитIум дэгъэнэгъэ тутыным кIэшъоу Аслъанбэч къыIуагъ,– есшIэщтыр къэплъэгъущт, укъысэлъэIоуи мафэ къыокIун. ОшIэмэ сшIэрэп, джа шъуищагумэ адэт «Жигули» дэхэ фэшIмэ анахьи нахь лэжьакIу а укъызкIэнакIэрэр. Шъо шъуемэ ебз арышъулъхьанэп, ятIэ арышъутэкъонэп, пхъэ къарышъущэнэп.

– Ары, ары, Аслъанбэч, ихъяр олъэгъу,– ЧэтэшIэ Ибрахьимэ къахэгущыIагъ,– зэгорэм зылъапсэ кIэтыутыгъэ зэкъорыпсэу ку зэкIэт къэпщэфыгъ...



– Ащыгъум, Ибрахь, машинэ зиIэхэм сыдкIэ тяджэщт? – къыфадзыгъэр ыгу зэрэримыхьрэр макъэм къышIухэщэу ХьэпакIэр къэупчIагъ. – Хабзэм ымышIэу ахэр ыщэрэпщтын...

– Ар зэрэбгъэфедэрэм елъытыгъ, Аслъанбэч,– ЧэтэшIэ Ибрахьимэ ышъхьэ гъэсысыкIэ къикIрэр ежь имызакъоу, адрэм къагурыIоу заулэрэ щысыгъ, етIанэ ежь зыфиIожьэу къыпидзэжьыгъ.– Адэ умылIэмэ чэтыу хьаджи плъэгъун джары зыкIаIорэр. Зы нэбгырэм игъашIэ бэ гъэшIэгъонэу пэкIэкIрэр, ау сыд къэслъэгъужьыгъэми, Темыркъан, кIэлэгъумкIэ къыбдезгъаштэрэп: кIэлэгъур тыгу къэмыкIыжьынри дунаим тытемытыжьынри зы... Е дунай, дунаижъ хьаф, сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ, кIэлэгъур уигъогу зэхэкI, жъыгъор уигъогу мэзах. Мыр сIокIэ, кIалэхэр, сижъыгъо мэзахэу къызшIошъумыгъэшI, шъор дэдэм сижъышъхьэ мафэу сикIэлэгъу къыдихыгъэм шъуришыхьат. Ау сыд къин сигъэшIэ гъогу теслъэгъуагъэми, джыри зэ къырыкIожь къысаIомэ, сытекIодэщтэу сшIэми, сыкъырыкIожьыщтыгъ. Сыд фэдэ насып мэфагъэх ахэр, уишIушIэ непэрэ щыIакIэкIэ къыуахьылIэжьыныр зэкIэми апшъ, къэзгъэшIагъэр ыуасэу джыдэдэм дунаир сыбгынэжьыщтми сырыраз.

– Ныо, а ныо, хьэкIэшхо къыпфэсэщэ,– унапчъэр зэрэIуихыгъэм лъыпытэу Темыркъан джэу ригъэжьагъ,– мыдэ уиIэ щыIэмэ къытегъэуцу. Сэ некIо есымыIоу Болэтыр тадэжь къихьащтэп.

– Ары, лIыжъ, ары,– нэгушIоу Гощнагъуи къыпэгъокIыгъ,– хьакIэшхо къытфэощэ. Къеблагъ, Къасым. Сыд шъуипсэукI? Фатымэ сыд ыгъахъэу щыI?

– Тыпсау, тыузынчъ, Гощнагъу. А укъызкIэупчIагъэри мыдрэр къыхао, одырэр мэузы еIошъ, унэм ис.

– Жъы узыхъукIэ къыомыузыщтыгъэ Iаджи къыппыпкIэщт. Тэ зы лIыжъ тиIэшъ, зыгорэ къэузыгъ пIоу зэхемыгъэх, хъущтэп, ежь гъучIышъ, уз щыIэу ышIэрэп.

– Хъугъэ, уиуз зэхифынэу синыбджэгъужъыр къэсщагъэп, тэри Iаджми тагъэгумэкIы, игугъу тшIырэп нахь. Сыд тхьам Iомэ, ныо, тызэрэбгъэтхъэнэу уиIэр?

– Бо, тхьам ишыкуркIэ, шъузэрэзгъэтхъэн сиI,– Гощнагъо хьакъу-шыкъухэр къыштэу ригъэжьагъ.– ХьакIэшхо къызэрэтфэпщэщтыр сшIагъэм фэдэу непэ тхьачэт щыпс дэгъу сшIыгъэ...

– Укъызщымытхъужь, ныо. Дэгъумэ, къытегъэуцуи, къыотIощт. Болэт Къасымэ зыфэсхьакIэжьрэр ошIа, ныо? Мыщ, моу ЧэташIэ ячэу къуапэ дэжь, ыгу хэзгъэкIынкIэ макIэ иIэжьыгъэшъ ары.

– Къаигъэ сыкIэпшIыгъэр сшIэрэп нахь, Дударыкъор, сыгу хэбгъэкIыгъэп, зэрэхэкIын Iофи тытегущыIагъэп, хэти ежь идунэееплъыкI тызэрэгущыIагъэр.

– Хьау, Къасым, къэмыIу, узгъэшIожьыщт, тазыфагу дэлъ ныбджэгъуныгъэм зи къыхахьэ хъущтэп...

– Дударыкъор, сыд пае себгъэзыгъ, тазыфагу зыгорэ къыдэхъухьагъэ фэдэу Гощнагъуи къышIобгъэшIэу!..

– Сэсэмэркъэу нахь,– Темыркъан къызэрэригъэжьагъэм фэдэу кIилъэшъужьыгъ,– сыд орырэ сэрырэ тазыфагу къыдэхьан ылъэкIын, Къасым?

Сэмэркъэум Темыркъан хэтыгъэми, ЧэтэшIэ Ибрахьимэ ичэу къопэ гущыIэхэр щыгъупшэщтыгъэхэп. Хэгупшысыхьэ къэс, а чIыпIэм зэрэщыгущыIагъэмкIэ зеумысыжьы. Зыгорэ къыбдэмыхъоу, уищыкIагъэмэ ащыщ умыгъоты хъумэ, уигубж кIэлэгъуми, ар зыщыкIэлэгъугъэ лъэхъанми, непэрэ жъышъхьэ рэхьатми атепкъутэ хъущтэп. АщкIэ узаф, Ибрахьим, къыбдесэгъаштэ. Къиныбэ тлъэгъугъэми, ащ пэпщэчын гушIогъуаби къытфахьыгъ, тызфэбэнагъэр тинэрылъэгъоу тисабыимэ тадэтхъэжьы. ЩыIэныгъэр гупшысэ къодыеп, узэрэфаеу зэбгъэзэфэнэу, пфэIорышIэнэу. Узэмыжэгъэ мэфэ шъэф закIэу, уаий, ошIуи зэраIоу, зэхэлъ, къызыщыпфепсыщтыр умышIэу ежь ешIэ. Ау пIэ зэтеплъхьэу, ар къызыпфепсыщтым упаплъэу узытIысыжьрэм IэнэкI гушIопсэу тыгъэбзыймэ уадэкIосэжьын. Тыгъуужъыр ылъакъомэ агъашхэ зыкIаIорэм шъыпкъэ хэлъ, шъхьах умышIэу зыгорэ зепфэу ыуж уитын фае.

ПчыкIэ хъопскIым фэдэу гупшысэмэ Темыркъан ыгу зыкъырадзагъэми арэп Болэт Къасымэ къызфыригъэблэгъагъэр. Ари къыхэхьэгъэнкIи мэхъу, Темыркъан ифедэ зыхэмылъ Iофыгъо зызэрихьэрэм егъэсымэджэжьы, ау тыгъуасэ Былымгъотмэ тенэчыр зэрарищагъэр ары рагъэблэгъэным лъапсэу фэхъугъэр. Гощнагъуи хьакIэ къызэрэфащэщтыр ымышIэ фэдэу зишIыгъ шъхьакIэ, ежьыр шъыпкъэр ары апэ кIэщакIо фэхъугъэр, непэрэзымафэм зигъэхьазырыгъ. Темыркъан ышIэнэу къытефэжьыщтыгъэ закъор Къасымэ къызэрэригъэблэгъэщт



закъор ары, Былымгъотмэ шIушIагъэ зэрафишIыгъэр фиIопщы шIоигъуагъ. Фэдищ уасэкIэ зэрарищагъэм ыгъэгумэкIыщтыгъэ, цIыф рамыгъэшIэнэу тхьэлъанэ аIихыгъагъ. УимыIэ зыхъукIэ къыуащагъэри къыуатыгъэу къыпшIошIы, тхьауегъэпсэушхокIэ ахъщэ хъущэр ратыгъ, гъучIышъхьэ телъхьэ лIыжъыр къагъотыфэ, сыд пае тIо зеплъашъоу упылъына аIуи, Дударыкъом икъакъыр къычIагъэнагъэгу.

Тхьачэт щыпсым пIасти, щхыуи, хъырбыдз тешхыхьажьи игъусэу Iанэм къытехьагъэх.

– Ныо, мыщ тетын фае горэ теслъагъорэп.

– Сыд, лIыжъ, темылъагъорэр?..

– Тэ щыI ныкъор?

– Гощнагъу,– Къасымэ Iэр ыIэти, бысымгуащэм еджагъ,– зы ныкъуи къытебгъэуцощтэп. Мы шъоныр хэмытэу зэгорэм тыщысы хъущтба? Сэ сиIахькIэ зы гъуаткIуи зыIузгъэфэщтэп. Уигъомылэ къабзэ, Гощнагъу, джэрмэн езгъэшIыщтэп.

– КIо, джары, къыригъэжьагъ джы,– Темыркъан зэримыгуапэр къыригъэкIэу, пхъэнтIэкIу бармэкъым кIыбкIэ зыриусэигъ.– Шъэ цIыкIу зэдэтIэтыщт сIуагъэмэ, зытымышIэжьэу тешъонын къекIа!.. Къаштэ сIуагъи, ныо!..

– Сэ пшIэрэба, Дударыкъор, къытырагъэуцорэр сымыунэкIэу сытэджыжьрэп,– о а зы ныкъор тфэ тIысыгъо зыфибгъэкъун уихьисап. Ау зыхъурэм тыкъэмыуI, укIэгъожьын. Ныкъом тыхэкIынышъ, уиджыбэ уиIэбэжьын фаеу хъущт. ЕтIанэ коньяк нэмыкI сызэремышъожьрэр ошIэ...

– Сэри коньяк згъотэу аркъ сешъонэп.

– Сыд зыкIэмыгъотыщтыр, муары тучаным тиз.

– Тизмэ, ыуасэ зыфэдизыр пшIэрэба?

– Сомий ныIа.

– Ы-ы, сомий дэдэ ыуаса?! – Гощнагъо зэхихыгъэр ыгъэшIэгъуагъ.– Ар сыд шъыу, джэнэпхъэ уас!..

– Ащ фэдэ джэнэпхъэ уасэ, ныо, щыIэжьэп.

– ШъоркIэ щыIэп шъхьаем, тэркIэ щыI... Модэ, лIыжъ, а зыфэшъуIуагъэр арымэ сшIэрэп, зымафэ Нурбекдхэм ашIухэзгъэбылъыкIыгъэу зы ныкъо горэ сиI,– Гощнагъо чIэкIи, апчыр ыбгъэгу чIэубытагъэу къыхьи, къытыригъэуцуагъ.

– Сыд мы къэпхьыгъэр?.. Мыр коньякэп, пепси нахь.

– А сшІэгущэрэп пэпсми, ыгъалІэхэми, тегъатхъэ аІозэ, ешъощтыгъэх.

– Мыр, Гощнагъу, дэгъу дэд, сэ къысэкІупэщт.

– Шъуешъу, Къасым, шъуешъу, кІалэхэр зимыгъэлІагъэкІэ, шъори шъуигъэлІэнэп.

– Мыдэ, мыдэ мыщ ыІорэр,– Темыркъан ыгу къыдеІэу, нэкІушъхьакухэр къисысыкІхэу щхыгъэ,– бетэмал, пси мыр!..

– А сшІэгущэрэп, лІыжъ...

Пчъэ макъэ къэІугъ. КъакІорэм Гощнагъо пэгъокІыгъ. Ар Былымгъот Муратэу къычІэкІыгъ. Муратэ губгъом къызэрикІыгъэр ищыгъынмэ къарыпшІэу унэм къихьагъ, къыІуагъ:

– ЗыкъысІуерэгъакІ шъэожъыем къысиІожьыгъэти, Темыркъан дэжь узэрисыр къысаІуагъ, Къасым. Зыгорэм уегъэгумэкІа?

– Олахьэ, Мурат, дэгъоу укъэкІуагъэм,– Темыркъан пхъэнтІэкІур къылъигъэкІотагъ,– моу Іанэм къэтІыс. Болэтым Іоф мыухыжь иІэ зэпыт, етІанэ шъурыгущыІэн. Къаштэ, ныо, а ныкъоу бгъашІорэр. ШІумэ Болэтыр а пэпсэу зыфэпІуагъэм ерэшъу!.. Сэ джы къыздезгъэштэн згъотыгъэ, зыфэтІэтыни ткъолъ...

– СызгъэгумэкІрэр къыосІон, Мурат,– Къасымэ гушІопсэу къечъагъэм къызэлъигъэнэфыгъ,– гушІуагъо щыІ!..

– Ы-ы, сыд гушІуагъу? – Темыркъан шъхьэр къыпхъотагъ.– Адэ джы нэс сыдэу игугъу къытфэмышІыгъ?!

– Къэбарыр зиер щымысэу ышъхьэ фисхынэу сыфэягъэп. Унашъхьэм теплъхьащтыр, Мурат, къыпфэзгъотыгъ!..

– Мыдэ, мыдэ Болэтыр зытегущыІэрэр,– Темыркъан аркъ апчышъхьэр зэтричызэ, «къыр-къыркъ» Іоу щхыгъэ, шІушІагъэм къогушхукІэу къыпидзэжьыгъ,– а зигугъу пшІырэр Муратэ ыгъотыгъах.

– Тэ къырихыгъ?

– Тэри, Болэтыр, зы шІушІагъэ горэ ткъорэлъ.

– Джыдэдэм, Мурат, къыІыхыжь уиахъщэ.

– Нахь пыутэу къыфэбгъотыгъэмэ, сІерэхыжь, зи хэсІухьанэп,– Темыркъан зэхихыгъэм ымыгъэгумэкІырэм фэдэу, ау шІу зэрэщымыІэр къыгурыІоу къыІуагъ, Іихыгъэ уасэр ымыІотэнэу зэрафигъэпытэгъагъэмрэ Къасымэ ащ зэрэщымыгъуазэмрэ акІэгушІоу къыпидзэжьыгъ,– гъучІыр къысэлыекІэу Былымгъотмэ ястыгъэп, кІэлэ нахьыжъым унэр къыІэтыфэкІэ дгъотыжьын тІуи, гуІэхэрэмэ тишІуагъэ ядгъэкІыгъ. Ащтэу сызекІонэу апэ къысэлъэІугъэмэ ори уащыщ. Ясщагъэр джыри сикъакъыр зэрэчІэлъ, Былымгъотмэ яахъщи чыжьэу щыІэп, агъотыжьын.

– О бэдзэр уасэкІэ, Темыркъан, мыхэмэ япщагъ, сэ хэбзэ уасэкІэ къафэзгъотыгъ.

– Хэбзэ уасэкІэ тэ къипхыщт джы тенэч!..

– Мыр лэжьакІу, хабзэм къыфимышІэн щыІэп.

– Тэ тылэжьакІоба?..

– Тэ хабзэм къытфишІагъэри икъущт, джыри къытфешІэ. Непэ, Куакунэ дэжь сыкъикІыжьзэ, Таймэз Даутэ сыІукІи, ДэхапІэ сыкъынигъэсыжьыгъэти сыкъигъэгугъагъ.

– Ы-ы, пІорэр гъэшІэгъоны!.. Таймэз Даут уІукІагъэуи?! – Темыркъан зэхихыгъэр зэкІэми апшъэ кІоу, къэштэжь зыфаІорэ ахъщэми пылъыжьыгъэп.– Болэтыр, уцІыф мафо, уищыкІагъэр къэкІошъ къыпІофэ. Сэ мэзэ зытІу хъугъэшъ сыІумыкІэшъоу Таймэзым ыуж сит. Олахьэ хьалэмэтым непэ унатІэ къифагъэр... Сыдэу джы нэс пфэщэІэшъугъ ар? ТенэчымкІэ укъызэригъэгугъагъэр Чэтэшэ Ибрахьимэ ыпашъхьэ къыщыпІогъагъэмэ бгъэгушІоныгъи. Апэрэм ыІуагъэмэ, Мурат, уищагу дэлъкІэ лъытэ... Къаштэ, ныо, ахъщэр, сеплъыгъахэп, тхылъыпІэм зэрэкІоцІылъэу къызэрэсэптыгъ... Олахьэ Іофышхо зэшІопхыгъэм, утэшІэжьы нахь, улІы бэлахь, Болэтыр... Моу шъухаІэба шъущымысэу!.. Къыпфизгъэхъощт ори, Болэтыр. Іофышхоу зэшІопхыгъэмкІэ бжъэ пІэтыныр къыптефэ... Олахьэ сэри Таймэзыр сищыкІэгъагъэм, кІэлэшІу аІоу зэхэсхыгъэ...

## VII

–...Пшъэ къыралъхьагъэр гъэцакІэ,– МэфэкІо Рэщыдэ ымакъэ шъхьангъупчъэ Іухыгъэм къелъэты,– умыгъэцэкІэщтмэ, непэ щыублагъэу шъуиунэ итІысхьажь!..

– ИтІысхьажь пІомэ, ситІысхьажьынэу уятэ къыкІэныгъа мы колхозыр!..

– Хэт къыкІэныгъэми, сэ къыосэІо, пшъэ къифэрэр гъэцакІэ!..

– Унэ къысфимыгъэкI, о, укуокIэ зи къикIыщтэп. Гъэщынагъэкlэ зыми Iоф ышIэжьрэп джы… Уизавгари хэт ищыкIагъ, умышIэмэ сшIэрэп нахь, сышофер сэ, Iоф сэмыгъэшIэн плъэкIынэп, сыкъызэрыпщыгъэгъэ машинэм ситIысхьажьмэ сыд къысэпшIэн!..

– Iофи озгъэшIэнэп, машини уизгъэтIысхьанэп!.. Ар спшъэ зэрифэщтми уицыхьэ тегъэлъ!.. Шъужэ къыдахьэрэр шъуIозэ, колхоз машинэхэр шъхьарытIупщ шъушIыгъэх. Хэти зэрэфаеу модыкIэ-мыдыкIэ къыкъочъы, якъэлапчъэ кIыбмэ чэщ щырахы, рэхьатыгъо къытатыжьрэп аIошъ, лэжьакIохэр агъэтхьаусыхэ… Уадэлэжьэн, акъыл пкIэрахын сшIошIи, завгар усшIыгъ шъхьакIэ, шоферхэр къыокIодылIэх.

– Трактористхэри къысэкIодылIагъэха?! Ахэри тракторхэмкIэ гъолъыжьакIо мэкIожьых…

– МэкIожьыхэмэ, ахэри мыкIожьхэ сшIыщтых!..

ЧэтэшIэ Биназ цIэцIэ макъэу колхоз правлениемкIэ къиIукIрэр зызэхехым, нахь къелъэкIоныгъ, урам чIэхьагъу шъхьаIэмкIэ мыкIоу щагум дэдзэгъэ пчъэмкIэ чIэхьагъ. Колхоз тхьаматэм икабинет зэрихьагъэм лъыпытэу, шъхьангъупчъэр фишIыжьызэ, афидзыгъ:

– Зэ шъубыяу, чылэр къышъодэIу.

– КъэрэдаIу! – Рэщыдэ ин-инэу къэтэджыгъ.– Ар тIомэ тяушъыизэ, чылэр дгъэнэIуагъэ, мыпсэу-мылажьэ колхозыр ядгъэшIыгъ!..– Губжыгъэ плъыгъэм зэрэхэтэу, зымафэ Дударыкъо Темыркъан къыриIогъагъэр МэфакIом ыгу къэкIыжьыгъ. Ошъэ-дэмышIэу шъхьэм къыфилъэдагъэм шъхьащыкIы шIоигъуагъ, фэшIэшъугъэп. Илъэс заулэ хъугъэшъ, ЧэташIэмрэ МэфакIомрэ Iоф зызэдашIэрэр, ащ фэдэ плъакIэкIэ еплъыгъэу къышIэжьрэп. Тхьаматэмрэ парткомым исекретаррэ азыфагу илъэсыбэ къыдафэрэп. Биназ нахьи Рэщыдэ ээрэнахьыжъыр илъэсиплI. ЕджапIэр Рэщыдэ къыухы зэхъум, Биназ яхэнэрэ классым исыгъ. Дэхэплэ гурыт еджапIэм МэфэкIо Рэщыдэ изавуч IэнатIэ Iуащи, колхозым защэ илъэсым ЧэтэшIэ Биназ агроном сэнэхьат иIэу чылэм къызыкIожьыгъагъэр. Джащ щыублагъэу Iоф зэдашIэ, а илъэсмэ азыфагу зыр колхоз тхьэматэ хъугъэ, адырэр парткомым исекретарэу хадзыгъ. МэфакIор илъэсиплI закъоп ЧэташIэм зэрэтекIыщтыгъэр, унэгъо IофкIи ары. Рэщыдэ унагъо зишIагъэр илъэс зытфых хъугъэу гъэ тIурытIу азыфагоу шъэожъые такъырхэр иIагъэхэмэ, Биназ кIэлэ зикъэмыщэ шъхьэзакъоу джы къызнэсыгъэм хэт. Тызэрэгубжыгъэм лъыпытэу, ыIуагъ Рэщыдэ, укъэсы, мыдэ умышIэмэ тыуажэу тыщысыгъ пIонэу. Узфаер сымышIэу щытэп, чэтыу шъэбэрыкIоу укъешэ тхьэматэ IэнатIэм. Мыщ хэшъулъэгъуагъэр сшIэрэп нахь, зифэшъуаши, зимыфэшъуаши кIэхъопсы. КIо, о къыптефэрэп сIорэп, зи мыхъуми уагроном, чIыгум шIэныгъэ фыуиI. Модрэ кIэлэегъэджэ купыр, ядиректор апэ зэритыжьэу зыпылъыр къызгурыIорэп. Ащыщ нэбгыритIур мэкъу-мэщ институтым чIэхьагъэу заочнэу щеджэх. Тэри тыщеджэ ащ, еджэгъэ пстэури тхьэматэ хъурэп…

Биназ шъхьангъупчъэр къырищэлIэнэу зеплъым, колхоз правление пчъэIупэм IуилъагъорэмМэфакIори, ар зыщыхьэгъэ завгарри нибжьи егуцэфэныгъэхэп. ЦIэцIэ макъэм колхоз щагу зэхэткIэ Биназ къыщэ зэхъум, Таймэз Даутэ машинэмкIэ къыIулъэдэгъэ къодыягъ. Даутэ машинэм къикIи, цIэцIэ макъэр къыздиIукIрэ лъэныкъомкIэ плъагъэ, етIанэ чIэмыхьэу къуапэм дэжь щызэхэт нэбгырэ зыщы-зыплIым акIэрыхьагъ, сэлам арихи, яупчIыгъ:

– Шъо сыдэу шъуIумыкIыжьыгъ адэ?

– Тэ сыд тызфыIукIыжьыщтыр? – Щытмэ ащыщ горэм къыIуагъ.– УхьакI о, къеблагъ.

– СыхьакIэми, сызалъэгъум, зы куп IукIыжьыгъ.

– Зышъхьэ изылъэшъожьи Iупшыжьыгъэхэр ара зигугъу пшIырэр?..– зищазымапшъэ къамыщыр къыдэпIыикIрэ Мэджэс Ахъмэт къыIуагъ.– Ахэр машинэ фыжьхэмкIэ къэрабгъэх, тхьэматэ горэ къызэрикIыщтыр ашIагъэти, ашъхьэ Iуахыжьыгъ.

– ЗэрэхъурэмкIэ, шъо шъунахь лIыIу,– Таймэзыр къесэмэркъэужьыгъ, мо куохьау макъэм шъуигъэщынэрэп.

– Сыд пай тигъэщынэн, тищыпэ зэхэх пшIошIа,– Ахъмэт къыримыдзэу конторэ лъэныкъомкIэ Iэ ышIыгъ,– а мэкъэ гохьэу зэхэпхырэр пчэдыжь къэс тиIофышIэ орэд ипэубл. О слъэгъурэр, тутын дэй уешъорэпщтын, моу зы бжъэ горэ, емыкIу къытфэмышIэу, тэгъэгъэсты. Нычэпэ къысэлыжьыгъэ пэчкэ закъор,– щытмэ Ахъмэт къянэкIэуагъ,– мо зэбгырыкIошъыжьыгъэ тыгъужъмэ сшIузэбгырахыжьыгъ.

– Тутын пае укъэзгъэнэна, ау дэгъумэ сшlэрэп.
– ТэркІэ мыдэгъу пІыгъэпщтын…
– Ашъыу, Мэджэсыр, сыдэу тышъойцые дэдэу хьакІэм тыкъебгъэлъэгъура,– укІытапІэ ифагъэ горэм къыдзыгъ,– тэри зыгорэ тымыІыгъэу щытэп.
– Шъо шъуІыгъыр шъуиджыбэ ижъугъэлъ, сэ сыщымыт хъумэ къышъуушъхьэпэжьыщт,– хэт ыІорэми Ахъмэт пылъыгъэп.– Джар тутын хъун, уимыем сыдигъуи уегъатхъэ…

Таймэзыр щхыгъэ, тутыным зыхегъанэ уж къыІуагъ:
– Зы шынахьыжъ сиІэшъ, о уилэгъун, джа дэдэр еІо.
– Шъэныкъорэ ирэ горэ ыныбжьына? – Ахъмэт къэупчІи, псынкІэу пидзэжьыгъ.– Джары Болэт Къасымэ ыІорэр. Пшынахьыжъэу зыфапІорэр шъэныкъорэ щырэм итмэ, сэ тфыкІэ сынахьыжъ. Олахьэ гъэшІэгъоным ари шыкуаоу зэрэпІорэр, ащ нахь ІэнэтІэ тэрэз, ощ фэдэ шынахьыкІэ иІэу, колхозым хигъотагъэба?..

Урам лъэныкъомкІэ зыгорэ зэрэщыІэр ЧэташІэм иплъакІэкІэ МэфакІом къыгурыІуагъ:
– Сыд сэІо ІуплъэгъуагъэР ащ?
– Модэ мо щытым еплъи къэпшІэщт…

Рэщыдэ шъхьангъупчъэм ІохьэфэкІэ Таймэз Даут машинэм итІысхьэжьыгъ, зыдэгущыІэщтыгъэмэ ащыщ механизаторитІуи ыкІэкІэ пытІысхьэу ылъэгъугъ. ПэгъокІын зыщиІощтым машинэ Іучъыжь макъэр къеІугъ.
– КъычІэмыхьэу ІукІыжьыгъ…– МэфакІом ыІуагъ, етІанэ ежь ышъхьэ фэгущыІэрэм фэдэу,– Таймэзыр зэрэгъэпсыгъэр сшІэрэп, тыкъэкІо ыІоу макъэ къытимыгъэІоу къыІулъэдэни, Іучъыжьыщт. Алахьэм ешІ икукІэ пысмэ раІотэщтыр. ТыщыскІэ шІуагъэ иІэп, Биназ. НекІо, ыуж тигъахь, пынджлэжьмэ адэжь кІогъэн фае… Щэджэгъуашхэ къыгъэхьазырынэу унагъоми макъэ едгъэІун… Ярэби, тыкъызэхихыгъа шъуІо?..

Машинэр тхышъхьэм дэлъэти, губгъом зыридзагъ. ТыдэкІи ІофшІэныр щэжъоты: семчык хьасэм комбайнитІум Іоф щашІэ, зыр хьэсапэм ІокІы, адырэр шІуцІэгъо чыжьэкІэ къэкІуатэ. ЧІы охым ичъыхи, тхышъхьэ хэІэтыкІыгъэм зытелъадэхэм, чІыплъ чІэхыжьхэри къэлъэгъуагъэх. ЧІыплъ ратакъоу машинэ зытІущи хьасэм хэт.



Чылэм къыдэкІхэу мыщ къэсыфэхэкІэ нэбгыритІум зы псальи зэраІуагъэп, шъхьадж игупшысэ игъус. МэфакІом непэ къехъулІагъэр къымыгъэхъункІэ ышІагъэмэ, зыпэ къымыштэн щыІагъэп. Таймэзым зыщеухъумэ ыІозэ, кІуи, шІофагъ. Секретарь техьэгъакІэр ДэхапІэ къызщыкІогъэ закъом тибырсырыгъэ къытемыфагъэмэ хъущтыгъэба!.. Джэгъогъу гушІуафэ тымыхъунэу зэ мы институтыр къытагъэухыжьыгъот. Тхьэмэтэгъум укъызытезкІэ ар къэуухыжьын плъэкІыщтэп. Колхоз мылъкум тызэрэхэсэу, зы кІэлэегъэджэ куп таІэкІэфагъэшъ, тапырикъужьрэп, афатщэрэр ашІомакІэу къыречъэкІхэу аублагъ. Мыщ сыкъызэрэкІуагъэм лъыпытэу сычІэхьэгъагъэмэ, бэшІагъэ дипломыр сиджыбэ зилъыщтыгъэр. СызэрэкІэлэегъаджэр къысамыхъонэу, сэри нахь зыхэзгъэнэщтыгъ. СакІыб дэс ЧэташІэр нахь Іушэу къычІэкІыгъ. Джырэ дунай сыд кІэлэегъэджэныр зэрэбылымыр, помидор умышІэщтмэ, къэзылъфыгъэмэ афэмыгъэсэжьрэр о бгъэсэн плъэкІына!..
– Таймэзыр тэ хъугъа сэІо, имашинэ къэлъагъорэп,– гупшысэ хэо-хапкІэм МэфакІор къыхэужьыгъ,– хьамэми теслъагъорэп.
– Пынджым кІуагъэ ыІуагъи Мэджэсым,– Бинази игупшысэ къыхэзыжьыгъ.
– Апэ хьамэм телъади, етІанэ пынджым тыкІон,– Рэщыдэ шоферым риІуагъ.– Таймэзыр хьамэм темыхьагъэмэ, къызэрэкІуагъэр тетмэ ядгъэшІэн. Тракторнэ бригадэми арэшІ, механизаторхэм ахэхьанри икІас. Ярэби, гъомылэ тэрэз ахэмэ афащагъа шъуІуа? КъызщыкІогъэ закъом лІым хьайнапэ темыхъулІагъот!.. УалъэныкъокІэ, Биназ, Іофхэр сыдым тетых?
– СыдымкІэ? – Биназ къыгурыІуагъэп.
– Плакат-лозунгхэр ары.
– Мыгъэ гъэмафэ зэрэдгъэкІэжьыгъэх. Дэпкъ газетхэри хьамэхэми тракторнэ бригадэхэми къащыдагъэкІыгъакІэх. Былымахъохэри, чэтахъохэри ары.
– Олахьэ дэгъум…

МэфакІом иаужрэ гущыІэ ЧэташІэм зэхихыжьыгъэп. Гупшысэ хьылъэу мыгъатхэ щегъэжьагъэу зыхэтым джыри хэхьажьыгъ. Ар джыдэдэм, райкомым исекретарь

ыуж зихьэгъэхэ уахътэм, ошӀэ-дэмышӀэу шъхьэм къызфихьагъэм лъапсэ иӀ: ЧэташӀэр, джыри къэпщагъэба Таймэзым къызэрэриӀощтыр ары. КъыӀукӀэу, къыримыӀоу къыхэкӀыгъэп, цӀыф щыт-щымытми къыгъанэрэп. Колхоз парткомым исекретарэу зымафэ зыхадзыжьым, райкомым ибюро зэкӀэ зэрэщысэу сэмэркъэукӀэ къыфидзыгъагъ. Биназ къызэрищэн фаери, икъэщэгъу зэрэблэкӀыгъэри ешӀэ, мыгъатхэ къехъулӀагъэр къемыхъулӀэгъагъэмэ, шъхьагъусэ иӀэу, сабый къапымыфагъэми, ежэхэу щыӀэщтыгъ. Къэпщагъэба пӀоныр ӀогъошӀу, ыӀуагъ Биназ, ау къысэхъулӀагъэм фэдэ цӀыф къехъулӀагъэп. Тэ укъикӀи, лажь, джащ фэд цӀыфмэ язгъэӀуагъэр…

— ЧэташӀэр,— къызэплъэкӀи, МэфакӀом къыӀуагъ,— Таймэзыр къызэрэкӀощтыр пшӀэщтыгъэкӀэ сенэгуе…

— Сыд пӀуагъи?..— Биназ зыгорэ къызэрэраӀуагъэр зэхихыгъэу, ау къыгурымыӀуагъэу шъхьэр къыӀэтыгъ, етӀанэ зегупшысэжьым, ежь-ежьырэу щхыгъэ.— Ашъыу, Рэщыд, пӀорэр хъунэп. СыдэущтэуԀ къыпшӀосыушъэфын, олахьэ сыгу хэкӀым…

— СэӀо нахь, сыдым уигъэшӀэн мохэм агу илъыр…

Хьамэми, пынджлэжьми, былымахъомэ адэжьы Таймэзыр щагъотыгъэп. Зыдэхъугъэр амышӀэу чэтэщым къыӀукӀыжьхи ятӀонэрэ тракторнэ бригадэм зэкӀохэм, имашинэ тетэу, ежьыри механизатормэ ахэтэу алъэгъугъ. ЗэрэкӀэрыхьащтыр ымышӀэу, пкӀэнтӀэпсыр Рэщыдэ ынатӀэ къытрикӀагъ, убысым зыхъукӀэ, уигуапэми уимыгуапэми хьакӀэмкӀэ къызхэбгъэщы хъущтэп. ЕтӀани Таймэзыр хьакӀэ къызэрыкӀоп.

— Уимафэ шӀу, Даут Измайлович. УкъэкӀуагъ заӀом, ЧэташӀэмрэ сэрырэ уауж къэтфыгъ, тыздэщымыӀагъэ къэдгъэнагъэп.

— Мыхэр къысфэягъэхэмэ, джы нэс сыкъагъотыныгъи, шъыпкъэба, кӀалэхэр? — механизатормэ яупчӀыжьы фэдэу Даутэ къясэмэркъэужьыгъ, етӀанэ пчэдыжь колхоз правлением щызэхихыгъэр къызхимыгъэщэу къыпидзагъ.— Шъуинаряд тыгъо сыкъытефагъэщтын, шъузгъэохъунэп сӀуи, губгъом сыкъихьагъ.

— Нарядхэр пчыхьэрэ ттыхэу хабзэ,— МэфакӀом фэушъэфыгъэп,— ау непэ завгарым тызэщифыгъэу укъытефагъ. Тымыгубжыни тфэлъэкӀырэп…



— Умыгубжмэ нахьышӀу. Угубжмэ Ӏофым кӀэкӀыщтыгъэмэ, ащ нахьрэ Ӏоф тиӀэжьыныгъэпи. ЦӀыфым изэхэшӀыкӀкӀэ укъикӀмэ, Ӏофым нахь кӀэкӀыщт, уаси иӀэщт. Муары сыхьат зытӀум щыкӀэгъэ Ӏаджи губгъом ислъэгъуагъ, сыкъыптеуцоу сыкъыоцӀацӀэ, уилажьэ зыхэлъи, зыхэмылъи, уизакъоу, тыкъыбдемыӀэу пфэшӀэшӀущтри пфэмышӀэшъущтри, зэшӀопхын плъэкӀыщта? Джырэ ӀофшӀэным акъылрэ зэхэшӀыкӀрэ ищыкӀагъ, зыуж уихьэрэм гъэсэныгъэ дыуиӀэн фае. Къэралыгъом тэри ещ тэӀо, ори лыр пфигъэкъурэп. ШъуиколхозкӀэ псыутӀэу шъуиӀэм фэдэ зиӀэ колхоз районым итэп, джыри зы псычэт теслъагъорэп, мэкъу-мэщ управлением сызӀотми, ар къыуасӀощтыгъ… Мыщ дэжь ахэр ищыкӀагъэп, нэмыкӀ чӀыпӀэ тащытегущыӀэн… СэшӀэ, мыгъэ чӀыплъ дэгъу къэжъугъэкӀыгъ, семчыкми уезэгъыщт, натрыфри дэхэкӀай. Пынджылъэм шъуземышӀушӀэкӀэ, ящэнэрэ шӀэгъушъ, мыгъэ къишъухыжьрэм фэдиз къэкӀорэгъым къышъуитыжьыщтэп.

— ЧӀыгъэшӀоу тищыкӀагъэм фэдиз къытатмэ…— МэфакӀом къыригъэжьагъэр къыригъэухыгъэп.

— ШъуищыкӀэгъэ чӀыгъэшӀуи къышъуатыщт, ау гъогунапцэм Ӏошъухьажьы нахь…

Райкомым иапэрэ секретарь къыфидзыжьыгъэр зызэхехым, сыд пае чӀыгъэшӀум игугъу сшӀыгъэ ыӀуи, Рэщыдэ зэгыижьыгъ. ЕтӀани ужэ псы дэгъэхъуагъэм фэдэу ыпашъхьэ уитын плъэкӀына! Зыгорэ зыпӀокӀэ, зыкъыппагъапкӀэ, зымыӀокӀэ, пӀуагъэп аӀо. Ау щытми, зыгорэ тымышӀахэрэм фэдэу зыкъедгъэлъэгъунэп. Ежь иӀуагъэу, тичӀыплъи, тисемчыки, тинатрыфи дэеп, цӀыфхэри губгъом итэкъуагъэхэу мэлажьэх. ТыӀофынчъ зыми ыӀон ылъэкӀынэп.

— ЧӀыгъэшӀумкӀэ щыкӀагъэ тимыӀэу тӀорэп, Даут Измайлович. Ау етӀани ащкӀэ тыкъэлъэӀощт, ар щымыӀэу лэжьыгъэшӀу щыӀэщтэп.

— ЧэтэшӀэ секретарыр, о сыд бгъахъэу ущыӀ? — тхьаматэм къыӀорэм пымылъэу Таймэзыр зи къэзымыӀоу щыт Биназ къеупчӀыгъ.— Джыри зэрэуизакъомэ сшӀэрэп? КъызыпщэкӀэ макъэ къытэмыгъэӀоу пшӀыкъон.

— Ащ тызнэсрэм узщыдгъэгъупшэнэп, Даут Измайлович,— Биназ къыраӀонкӀэ зэгуцафэщтыгъэм щыщынэу джэуап къытыжьыгъ, сэмэркъэукӀи пидзэжьыгъ,— хъущт

тищыӀакӀэ, джа укъызкӀэупчӀагъэр зыдгъэтэрэзкӀэ, джыри колхоз Ӏофхэр нахь кӀэкӀынхэу сыхэплъэ.

Ащ къыщэщтэу зыфиӀорэмкӀэ, ыӀуагъ МэфакӀом, нибжьи иджэгу укъыхэхьанэп. Ежь пшъашъэми кӀалэми лажьэ яӀэп, Шэныбэ Сэбэхь ары лажьэ зытефагъэр.

КъелъэкӀоныпэзэ къэкӀорэ лЫ гъур къуапцӀэр Таймэз Даутэ къышӀэжьыгъ.

– Фэсапщи, Даут,– Къасымэ къыкӀэрыхьи, ыӀапэ ыубытыгъ,– моу хьамэм натрыф упкӀэпкӀ лӀыжъ куп тытести, укъэкӀуагъэу зызэхэсэхым, узэзгъэлъэгъун сӀуагъэ. Олахьэ, дэгъум узэрэслъэгъугъэр, Даут.

– Къасым,– Даутэ ыӀуагъ,– уилъэӀу згъэцэкӀагъэ. Пынджлэжьмэ адэжь ныпчэдыжь сыщыӀагъэти, Былымгъотми есӀуагъ.

– Тхьауегъэпсэу, Даут,– ежь ышъхьэкӀэ къыфашӀагъэм зэрэщымыгушӀукӀынэу Къасымэ гушӀуагъэ.– Былымгъотыр Ӏаджи бгъэгушӀуагъэу къычӀэкӀын, – етӀанэ щытмэ зафигъазэу: – Джары улажьэмэ, лэжьакӀом тихабзэ фимышӀэн щыӀэп. Ярэби, джы къысэхъулӀэрэр гъэшӀэгъоны, фыжьа шӀуцӀа тенэчыр? Ежь бетэмалыр фыжь фэягъ.

– Фыжьи шӀуцӀи чӀэлъ. Зыфаер къыращэщт.

– О-уиу, зыфэе дэдэр кӀалэм къыдэхъугъ!.. Джары, Рэщыд, джары Биназ, джары кӀалэхэр,– механизатормэ зафегъазэ,– улажьэмэ, насып зэогъотылӀэжьы, аӀорэр къэсы, ашӀэрэр къэкӀы зыкӀаӀорэр, лэжьэным уегъэлъапӀэ, шъхьахыным уегъэпыуты. Тхьауегъэпсэу, Даут, пӀуагъэр бгъэшъыпкъэжьыгъэ. Ар зымыуасэ щыӀэп, шъыпкъэм напэм бжьыгъэ хигъэлъырэп, нэр ыгъэукӀытэжьрэп. Ар сӀокӀэ, механизаторхэр, тищыкӀагъэр едгъотылӀэщт шъуӀоу, шъо Ӏаджи шъуищыкӀагъ, Таймэзым шъутемыбан, дышъэ кон тесэп.

– АщкӀэ укъэмыщт, Къасым,– лӀыжъым игущыӀэ зыфэгъэзэгъэ механизаторхэм зэхаригъэшӀыкӀэу Таймэзым къыӀуагъ.– ТиӀэмэ, лажьэрэм илэжьакӀэ фэдэу тыкъыпэгъокӀыщт. Дышъэ кон тытемысми, хэгъэгум имылъку мыхэм афэдэх зылэжьрэр.

– Ары, Даут, зи мыхъун къэпӀуагъэп, лажьэрэм лыжъ ешхы. НекӀо джы, лӀыжъмэ къахахь, сшӀэ-сымышӀэми,



Таймэзыр къытхэхьащта-къытхэмыхьащта аӀошъ, зэдыргъэхэу щысых. ШъушӀэрэба нэжъ-Ӏужъмэ яшэн: жъы хъурэр тхыдэбаӀо, емыдэӀухэмэ зегъэгусэ. Ау ар тижъхэмкӀэ сфэӀощтэп. Ахэр мы щытмэ ятэх, ятэ къошых, колхоз чылэм ылъапсэх.

– НекӀо, лӀыжъмэ тахэжъугъахь,– Таймэзыр хьамэмкӀэ ежьагъ, щытхэри ыуж ихьагъэх,– ахэр хьамэм тесых Ӏоу сшӀагъэп.

## VIII

Шэныбэмэ якъэбар нэмыкӀ ДэхапӀэ дэлъыжьэп. Урамым къытехьагъэр унэрыхьэ-унэрыкӀэу ежьагъэшъ, зымышӀэрэм ешӀэ, зышӀэрэм хегъахъо: Сэбэхь зым Тыркуем къитхыкӀыгъэу, адрэм Дагъыстан исэу, ящэнэрэм зымафэ Мыекъуапэ дилъэгъуагъэу еӀо. Сафятрэ Лимэрэ аӀуагъэм, ашӀагъэм нэс, ягушӀо куо макъэ хьаблэр зэрэзэлъигъэчъагъэм, мэхыгъэхэу псы аӀуагъаткӀозэ, къагъэнэхъэжьыгъэхэм щыкӀэкӀыжьэу, ДэхапӀэ имызакъоу, гъунэгъу чылэхэми къэбар адэлъ. НэбгыритӀу ДэхапӀэ зыщызэкӀэрыуцокӀэ, Шэныбэмэ атемыгущыӀэхэу зэбгъодэкӀыжьхэрэп. Къэбарыр къызяӀугъэм мэфэ пчъагъэ тешӀагъэми, Шэныбэмэ адэжь гушӀуакӀо макӀох. ГушӀуакӀохэри зэфэшъхьафых: ыгукӀэ, ыпсэкӀэ шӀоигъоу, къяхъулӀагъэр игуапэу кӀори нахьыб, къэбарыхьэ афыкъокӀри макӀэп, зиӀоф щымыӀахэхэри ахэтых.

ЧэтэшӀэ Шумафэ ягуащэ Бибэ бэшӀагъэ Шэныбэмэ гушӀуакӀо афэкӀонэу къызтефэщтыгъэр. Сафятрэ Бибэрэ егъашӀэм фермэм зэдыӀутыгъэх, ялӀхэр колхозым зэдыхэтыгъэх, заом зэдыщыӀагъэх. Ахэр Ӏофым къыхэмыхьэхэми, Биназрэ Лимэрэ язэфыщытыкӀэ зэрэчылэу ашӀэ, пӀэлъэ гъэнэфагъи яӀ, адыгэмэ зэряхабзэу, шъхьэихыгъэу темыгущыӀэхэми, зыфагъэхьазыры. УнэгъуитӀур зэпэблэгъэн Ӏофым факӀо зыхъукӀэ, зэфэсакъыжьхэу, къызхамыгъэщэу, Ӏо азыфагу къыдэмыхьаным пае, анаӀэ зэтырагъэтыжьэу рагъажьэ, зэрэзэӀукӀэхэри нахь макӀэ ашӀы. Джары Бибэ апэрэ мафэхэм Шэныбэмэ адэжь гушӀуакӀо зыкӀэмыкӀуагъэр. Ащ изэкъуагъэп, Сэбэхь фэгъэхьыгъэ къэбарыр чылэм къыздахьэм, ежь Бибэ шъыпкъэм къэхъугъэр ымышӀэу ЧэташӀэхэр зыгорэу хъугъэх. Ар езгъаӀорэр илӀи, ыкъуи, ипщи ягъэпсыкӀ, къыздикӀыгъэм

щымыгъуазэу чэфынчъагъэ зэрэмышlэр къашъхьарыуагъ. Къяхъулlагъэмкlэ лlыми къоми яупчlы фэдэу ышlыгъ, шъхьарыгущыlыкlыгъэх. Къэнэжьыгъэ закъор ипщ, Ибрахьим, ау сыд ыlони Чэташlэмэ янахьыжъ еупчlыщт.

Илъэс шъэныкъо фэдиз хъугъэ Чэташlэмэ яджэхэшъогу Бибэ зытетыр, афэпlуагъ, пшъэшъэ лъэкъуацlэ иlэми бэшlагъэ зыщыгъупшэжьыгъэр. Хэтрэ унагъо пэпчъ хабзэ илъ, иджэныкъуи, имэшlо стыкlи, ипlэстэ шlыкlи, идунэееплъыкlи фэшъхьаф. Унагъо зыщихьэгъэ апэрэ мафэм ар Бибэ къыгурыlуагъ. Совет хабзэр Дэхапlэ зыщыуцугъэм щегъэжьагъэу ащ идэхагъэ зэрыс унагъом амыlуагъэу, ежьми гукlэ адимыlуагъэу мафэ къышlэжьрэп, апэрэ лэжьакlоу колхоз блыпкъым пщым, лlым дыкlэтыгъ, джы къызнэсыгъэм, lоф ымышlэжьэу иныуапlэ итlысхьэжьыгъэми, ыкъомэ яхъяри ягукъауи адегощы.

Мы мафэхэм Чэташlэхэм яхъулъфыгъэхэр зыгъэнэшхъэигъэу, ежьри гопэгъу шъэфым хэзыдзэгъагъэм Бибэ егупшысагъ, хъунэп ар ыlуи, ащ зэрегупшысагъэмкlэ ыгу зэбгъэжьыгъ. Ау сыд фэдизэу зышъхьащигъэкlыщтыгъэми а зыр ренэу шъхьэм къичэрэгъожьыщтыгъ, гупсэфыгъо къыритыщтыгъэп. Адэ джы, ыlуагъ Бибэ, къумал тlони, Шэныбэхэр дгъэпыищтха, сыдэущтэу кlэлэ бетэмалри хъуна!.. Кlалэми пшъэшъэжьыеми сыд ялажь, ащ фэдэ lаджи дунаим къытехъухьэ, ялl тыукlыгъэп, ячэм щыс дгъэтэджыгъэп зэраlоу. Гушlуакlо тафэмыкlомэ, Сафяти, нысэ цlыкlу къытфэхъущтми агу чъыlэ къытфэхъунба, цlыфми сыд къытаlолlэн. Ежь Сэбэхь джы нэс къэмытхэу сыд зыпэсыгъэр? Шlу къафешlэ ыlозэ, иунагъо машlо кlидзэжьыгъ. Шумафэ шъузым еупчlыгъ:

– Тэ укlощт?

– Фатымэрэ сэрырэ Шэныбэмэ адэжь тыкlон тэlо.

– Ащ фэдэ lофкlэ Шэныбэмэ ячэу цэпкъ урекlокlыгъэу сэмыгъэлъэгъу!..– зэрэщымытыгъэу Шумафэ ынэхэр къэхъугъэх.– Хэгъэгум къепыигъэу, къытэпыигъэм гушlуакlо уфэкlощт ара?!

– Ал, тымыкlомэ, чылэмкlэ хьайнапэ тыхъунба? – зэгуцафэщтыгъэр нафэ къэхъужьэу Бибэ къызэкlэщтагъ.

– Ащ нахьи нахь хьайнапэ чылэмкlэ тыхъун Чэташlэхэр къумалым гушlуакlо фэкlуагъэх къытаlуалlэмэ.

– Ал, Шумаф, пшъэшъэжъыер...



– Джынэкъэуж ащ игугъуи зэхэсэмыгъэхыжь. Ащкlэ сэ гущыlэгъу сыфэмыгъэхъоу кlалэм дэгущыl, зэхегъэшlыкl.

– Сыд сlони зэхезгъэшlыкlыщт...

– Къумалым ыпхъу Чэташlэмэ нысэ зэрафэмыхъущтыр ары!..– Шумаф къыпиупкlи, губгъом дэкlыгъ.

Шъхьатехъоу къыштагъэр зэриlыгъэу Бибэ плэкlорым хэтlысхьагъ. Шумафэ къыриlуагъэхэр шъхьэм ичэрэгъухьэхэу, Биназ ары апэ ынэгу къыкlэуцуагъэр. Сыдэущтэу кlалэр ащ къелыжьын... Уикъэщэ-нащэ земыгъэукlыхь, нынэ, сlозэ, тхьапшырэ ишъэогъумэ рязгъэlокlыгъ, сфэмылъэкlыжьы хъуи, сымыукlытэу, сэр-сэрэу есlуагъ. Ащ фэдэ горэ къызэрэтэхъулlэщтым сыгу мыгъор егуцафэщтыгъ. Джары пшlэщтыр зашlэу пшlэни узкlэтlысыжьын фаер, тэ непэ-неущым тыхэтыгъ. Хъярым ычlыпlэ джы бэлахьэ тыхэфагъ. Алахьэм бэлахьэ зытыригъэфэн хэтэкlожъ, укъэмытхэу мазэкlэ зыпlэжэжьы хъущтыгъэба!.. Хэт урищыкlэгъэжь джы мощ фэдиз илъэс пчъагъэ тешlагъэу... Упсаумэ, адэ уипсаупlэ уисын фэягъэ. Шумафэ ыlу-ымыlоми, зыфиlорэм шъыпкъэ хэлъ. Анахь мыхъун закъор Чэташlэмэ анатlэ хъугъэ... Ал, сlорэр, зигугъу сшlырэр къэтщагъэп, тинысэп зэраlоу. Кlалэр зэмыпсэлъыхъо пшъашъэ щыlа, лъихьагъэмэ шlагъуа, лъимыхьажьмэ хъугъэ!.. Бибэ а гущыlэмэ ауж къызэкlэщтагъ: тэ тlорэм кlалэр къедэlуща?..

Пчъэ макъэ къэlугъ.

– А синынэ гущ, ущыси адэ,– пчъэр къызэрэlуихыгъэм лъыпытэу Болэт Фатымэ къыlуагъ,– сэ мокlэ сыкъыожэшъ, урамым сытет. Сыд къыохъулlагъэр, шъуи ли уиlэжьэп!..

– Сшlэгущэрэп, Фатым, зыгорэу сыкъэхъугъ...– Бибэ къехъулlагъэр ыушъэфын ихьисапыгъ, ау къылъихьагъэм къыфидагъэп:

– Сэшlэ къыохъулlагъэр, сшlомыушъэф.

– Ал, сэушъэфмэ хэт озгъашlэрэр?

– Шумафэ ибырцо кlуакl ары,– Фатымэ къыlуи, адырэ унэмкlэ плъэзэ, къэупчlагъ,– Ибрахьимэ иса?

– Ис, Фатым... Тыкъызэхихыгъэми сшlэрэп...

– Шэныбэмэ адэжь гушlуакlо умыкlу къыуиlуагъ аба Шумафэ? Сэри джар дэдэр Болэтым къысиlуагъ,– адрэ

унэм чӀэс лӀыжъым зэхыримыгъэхэу нахь мэкъэ шъабэкӀэ къыӀуагъ.

– Сыд тшӀэщт, Фатым?

– СшӀэгущэрэп тшӀэщтри... ТымыкӀомэ цӀыфмэ сыд аӀон? НекӀо, тхьам къыттырилъхьагъ...

– Ал, шъумыкӀу зыӀуагъэмэ зашӀэкӀэ...

– АшӀэмэ, синынэ гущ, сыд къыташӀэн!.. ЕгъашӀэм Сафят тхьамыкӀэр дгъэныбджэгъугъэ, ащ ихьатырми тыкӀонэу къыттефэ.

Адырэ унэмкӀэ зыкъаригъашӀэу Ибрахьими къыпскэуӀукӀыгъ, етӀанэ тӀэкӀу тешӀагъэу къэджагъ:

– А нысэ, хэта къихьагъэр? Фатымэмэ сшӀэрэп...

– Сэры, Ибрахьим, сэры,– Фатымэ пэджэжьыгъ.

– А сищащ,– джыри Ибрахьимэ унэм къычӀэджыкӀыгъ,– кӀалэм мыщ бырысырэу ришӀыхьагъэм шъупымылъэу шъуздежьагъэм шъукӀу. Хьатыр зимыӀэ щыӀэп, цӀыфхэр зэкӀэ зэфэдэхэп... Зы чылэ шъуззэдыдэс, зы урам шъурэкӀо. А шъузфэкӀощтхэми ащ фэдизэу ягушӀогъошхопщтын...

Апэм пщым къыӀохэрэр Бибэ зыфихьыщтыр ышӀэщтыгъэп, ЧэташӀэмэ янахьыжъ къыӀорэмрэ ЧэташӀэмэ ядунэееплъыкӀэрэ зэкӀуалӀэщтыгъэп. Къумалыр псаоу дунаим зэрэтетымкӀэ гушӀуакӀо шъуафакӀу зэриӀощтыгъэр шӀогъэшӀэгъонэу къыригъэкӀуштыгъэп. Ау Биназ ыгу къызэкӀым, нэмыкӀ еплъыкӀэкӀэ яплъыжьыгъ, Ӏоф къинэу унагъом къитаджэрэмкӀэ, икъэгущыӀакӀэкӀэ пщыр къызэрэгоуцорэр игопагъ.

– Адэ ары, Ибрахьим,– Фатымэ лӀыжъыр зэрыс унэм ихьаныр къыримыгъэкӀоу, иджыкӀыгъ,– зышъхьэ хэзыхьажьыгъэр хымэ хэгъэгу къитхыкӀыгъэкӀэ гушӀогъошхоп, ащ къыпэу щымыӀэжьыр къэсэштэ.

– ЛӀагъэм гукъанэ фашӀыжьрэп зэраӀоу,– тӀэкӀу тыригъашӀи, зэрегупшысэрэм гу лъыптэнэу, Ибрахьимэ джэуап къытыжьыгъ,– ежь-ежьырэу цӀыфхэмкӀэ зыкъимыутӀэсхъыжьыгъэмэ нахьышӀугъ, фэӀугъэ лӀэгъацӀэр телъэу зыхэкӀыгъэмэ къахэнэжьыщтыгъэ...

Бибэрэ Фатымэрэ хьаблэм зытекӀхэм, Дударыкъо Гощнагъуи зыдащэнэу агу къэкӀыгъ.



– Тэ шъуежьагъа джы шъуитӀо? – къызелъэгъухэм, Гощнагъо къэлапчъэм къыдэкӀыгъ.

– ХьэкӀакӀо тыкъыпфэкӀоми пшӀэрэп, гыеныр пӀупэ Ӏус,– Фатымэ фидзыжьыгъ.– Модэ, уиӀэ щыӀэмэ къызщылъи, Шэныбэ Сафят дэжь къыддакӀу.

– Арэу оӀомэ, Болэтмэ яныу, бо сиӀэмэ анахь дэгъур къызщыслъэн!.. Сыда зыкӀысимыӀэр, боу сиӀ. А шъуздакӀорэм, шъо сышъуфэдэкӀэ шъогугъа, тӀо-щэ сихьагъ, шъори боу сыкъыжъудэкӀон...

– Адэ ары, Сафят тхьамыкӀэм дэжь уихьан...– Бибэ къыӀуи, джы нэс зэрымыкӀуагъэмкӀэ емыкӀу зыфилъэгъужьыгъ.

Бэрэ тыкъыщысыщтэп аӀозэ, ягущыӀэ хэблыхьэхи, Бибэдхэр щайешъогъу уж охъуфэ Шэныбэхэм адэжь къисыгъэх. Бзылъфыгъэ куп узызэӀукӀэкӀэ, узтегущыӀэн макӀа, зыфэкӀуагъэ къэбарым шъхьарыкӀхи, пшъэшъэгъу блэкӀыгъэми, зэо лъэхъанми, ащ ыуж къэкӀогъэ илъэсхэми, непэрэ мафэхэу зыщыныохэми анэсыгъэх. Гъунэгъу чылэ къэбархэми атегущыӀагъэх, дунаир орэмамыри, тиӀэм тезэгъы, аӀуи, къежьэжьыгъэх.

Гощнагъо изакъоу Фатымэ къызэрэкӀэрынэщтым шӀуабэ дашӀэу ЧэташӀэмэ яхьаблэ нэс къызэдэкӀуагъэх. Бибэ захэкӀыжьым, бзылъфыгъэр ӀукӀыжьыгъо римыгъафэзэ, Гощнагъо Фатымэ еӀушъэшъагъ:

– Бибэрэ Сафятрэ сыгу ягъу гущ...

– Сыд угу зыкӀягъуштыр?..

– ЧэташӀэмэ къыпфадэщта Шэныбэм ялӀ Тыркуем исэу ыпхъу нысэкӀэ ахащэнэу?

– Ара зыфапӀорэр...

– Адэ ары... Плъэгъугъэба Сафятрэ Бибэрэ зэрэзэфычӀэплъыщтыгъэхэр? УнэгъуитӀуми сяхъуапсэрэп. Сыдэу ЧэташӀэмэ зашыщт шъуӀуа?..

– Ормэ сыдэу зыпшӀыныгъи?..

– А сшӀэгущэрэп, Фатым... Хэта Сэбэхь пылъыр, ар щыӀ-щымыӀэми узымыгъэпэщт Ӏоф. Сэ згъэшӀагъорэр нэмыкӀ, нысэкӀэ узыӀабэкӀэ, блэгъэ фэшӀыгъаӀокӀи уӀэбэн фае, сыд Сафят благъэ ошӀыкӀэ къыпӀуплъыхьэу...

– Сэ сызэгупшысэрэмрэ о узэрыгущыӀэрэмрэ зэфэшъхьафы, Гощнагъу. Джырэ дунай мылъкурэп, цӀыфыгъэр ары апшъэр.

– КъэмыIу адэ, зэхэсэмыгъэх,– Гощнагъо ыIитIу ынэIу Iуищэикlзэ къэгузэжъуагъ, мылъкур ары уахэзыщэщтри уакъыхэзыщыжьыщтри!.. Сэшlэ сэ о къапlо пшIоигъор, Темыркъан иIуагъэу, хэт джы Шэныбэ Сэбэхьдхэм афэдэхэм апылъыжьыр. Заом хэмыхъухьэрэ щыIэп, хэхъухьагъэ пэпчъ, тшъхьэ дгъэузыжьын тлъэкIыщтэп. Шэныбэр тыдэ щыIэми, псаоу, жьы къыщэу дунаим тетымэ ары. Сыд ащ иягъэ къытэкIын тэ.

– КъытэмыкIыгъахэмэ...

– А Фатым, мы уикъэгущыIакIэкIэ, Шэныбэ Сэбэхь зыгорэ дэошIэ.

– Зы Iоф закъу ныIэп дасшIэрэр.

– Тхьам пае, Фатым, сшIомыушъэф, цIыф есIонэп,– Гощнагъо ынэхэр джыри нахь къиIыдыкIыгъэх.

– Шъэф хэлъэп ащ, ори ошIэ.

– А сшIэгущэрэп, Фатым... Сигунахьэ къыптефэн...

– ТиIхэр заом къыIуини, ежь ышъхьэ Тыркуем зэрихьыжьыгъэр пшIэрэба? Ащ фэдэ цIыфым сыд узэреджэнэу тефэрэр? ЛIы тхьапш, уятэшри зэрахэтэу, тичылэ къэзымыгъэзэжьыгъэр, шъузэбэ тхьапш лIы зиунэ исмэ яхъуапсэу мыщ дэсыр? Тыныбэ изышъ, шIэхышIоу тыкъэушъэбы, модэ бым ышъхьэ къыригъэщыгъэшъ, Шэныбэм тыфэгушIо!..

– IукI адэ, Фатым, сыдэу Iаеу укъыздэгущыIэра... УзкIыгъу Болэтым фэдэкъабзэу ори ухъугъ, мы хэгъэгур Чэташlэмэ къадэшъулъфыгъэмэ сшIэрэп, шъутенэгуикIэу къэшъоухъумэ. Тэри чылэм тыриныс, тыщалъфыгъ, тыщапIугъ, хабзэми тишIушIагъэ къолъ. Хэта Шэныбэм пылъыр, кIо, некIо шъуIуагъэти, сыкъыжъудэкIуагъ. Ащ икъэбар зытэмышIэми тыщыIагъ. Арэп укъызфэзгъэуцугъэр сэ, КъасымэкIэ сыкъыогыин сихьисап. Ащ зымафэ къытишIагъэр, Фатым, цIыф рашIэрэп. Сыгу хэкIыгъа пIомэ, хэкIыгъ. Ар нибжьи къызхэзгъэщынэп, къысхэщыгъэуи цIыф езгъэлъэгъунэп. Ау а зыр оркIэ сфэушъэфынэп.

– Сыд, Гощнагъу, ащ фэдизэу Болэтым шъугу зэрэхигъэкIыгъэр? – гущыIэ лъапсэм егуцафэзэ, Фатымэ къэупчIагъ.

– Былымгъотхэр ымыгъэунэ мыхъунэу уцуи, тенэч уасэу тиунэ къихьэгъахэр тIаригъэхыжьыгъ. Шъо шъуиунашъхьэ къызэрэкIэщхы пэтзэ, Курацэ тенэч фыжьыб-



зэ къыфигъоти, чылэр къызэлъигъэнэфыжьэу тырарыгъэлъхьагъ. Болэтым ар къытишIагъ...

– Тиунэ къыкIэщхы зыкIапIорэр сшIэрэп, Гощнагъу,– ымакъэ зытетым тетэу Фатымэ къыIуагъ,– ащ фэдэ тиунашъхьэ етлъэгъулIагъэп. Курацэдхэм амыгъотыщтыгъэр къызэрафигъотыгъэмкIэ сырыраз, сэри тхьэуегъэпсэу есIуагъ. Адырэ ахъщэу тIахыжьыгъ зыфэпIуагъэр, лIы Iоф нахь, ар тэ тиIофэп. Къаштэ пIомэ, ахъщэ къыпфэзыштэн лIэп Темыркъан. Гузэбгъэныгъэ азыфагу къыздэмыхьэгъэ лIымэ татемыгъэгущыI.

– Ари, тэрэз, Фатым,– къырихьыжьэгъэ Iофым зи къызэримыкIыщтыр Гощнагъо къыгурыIуи, ахъщэ IофымкIэ кIэмыгъожьэу, пэкIэ псы тызэремышъорэр зэжъугъашIэ ыIозэ, псынкIэу кIилъэшъужьыгъ,– зи мыхъун къысэпIуагъэп. Мышъо-мыл купэу тызтегущыIагъэм нахьи нахьышIу модэ, къеблагъи, нысэм ичэтлыбжьэ шIыгъэ тыщыгъэтхъу,– нысэу зигугъу ышIырэ Джанщырэ мафэ къэс унэм римышхыхьэрэм фэдэу,– ар зэу IэшIоу, къабзэу мэпщэрыхьэшъ, я си Алахь, къыфалъфыгъ... Е-о-ой, Фатым, къэнэжьыгъэ тIэкIум орырэ сэрырэ зыдгъэтхъэныр къыттефэ...

– Тхьауегъэун, Гощнагъу. Пчэдыжь унэм сыкъызэрикIыгъ, кIалэмэ сахэмыхьажьы хъущтэп.

## IX

Бжыхьэ лэжьыгъэ Iухыжьыгъо лъэхъаным зэрижъобгыпIэр рыпшIэнэу Дэхапlэ зэгъокIы. ЕджэпIэ лъэныкъомкIи, цирицаум щагум къыдитакъощтыгъэ кIэлэцIыкIумэ амакъи къэIужьрэп: натрыфышъхьэ зыупкIэпкIын зылъэкIыщтыр губгъо хьамэм тес. Чэташlэмэ ячэу къуапэ мэфэ пчъагъэ хъугъэ лIыжъ зыщызэхэмытIысхьажьрэр. Семчыкымрэ чIыплъымрэ заухым, натрыфым иIухыжьын зэрэчылэу ебэныгъ. ОшIум пфэмышIэрэр уаем пфэшIэжьыщтэп аIозэ, лIыжъи ныуи губгъом дэкIы, хэти фэшIэшъуштымкIэ ишIуагъэ къегъакIо.

Чэтэшlэ Ибрахьими лIыжъмэ ауж зыкъыригъанэрэп. Ежь нахьыкIэмэ афэукIочIыщтыр фэмыукIочIми, хьэмэ жьызэпеом зыщиухъумэу, къэрэгъулым иджэдыгушхо къеубгъокIыгъэу, пхъэнтIэкIужъыеу зыдыдищыгъэм

шъхьащыӀэтыкӀыгъэу натрыф Ӏэтэ мыупкӀэпкӀыгъэм кӀэрыс.

Хьамэм натрыфышъхьэ гъожьым нэмыкӀ нэм къыщыпэшӀуафэрэп. Лыжъхэр лыжъхэу, шъузхэр шъузхэу, нысакӀэхэр нысакӀэхэу, еджакӀохэр еджакӀохэу – хэти къызэрекӀоу куп шъхьафэу щыс. Машинэ Ӏухьэ-ӀукӀыр хьамэм щызэпыурэп. Семчыкыпкъымрэ чӀыплъ хэлъхьапӀэмрэ зыжъожьрэ тракторми амакъэ чыжьэкӀэ къэӀу.

ЦӀыфмэ яӀофшӀэкӀэ хьалэл ыгу рихьыгъ пӀонэу, мыфэбэ-мычъыӀэу мафэри гохьы. Тыгъэр игъорыгъоу губгъо шъофым къышъхьэщэтаджэ. Мыщ фэдэу ошӀуцтмэ, мэфэ зыщыплӀыкӀэ натрыфым иӀоф колхозым щызэкӀафэнкӀэ мэгугъэх.

ЧэтэшӀэ Ибрахьимэ пэчӀынатӀэу Дударыкъо Темыркъан щыс. АдыкӀэ Болэт Къасымэдхэр къегъэтӀысэкӀыгъэх, нахь кӀэлаӀохэри ахэмэ акӀах. Тхьаматэр къакӀоу зелъэгъум, Темыркъан иӀофшӀэн зэригъэжьыгъэр щысхэмкӀэ нэрылъэгъоу зэкӀэкӀэуӀэжьыгъэх, ышъхьэ ригъэзыхэу щхыпцӀыгъи къахэкӀыгъ. Къасымэ ныбджэгъум хэуӀо шӀоигъуагъ шъхьакӀэ, нахьыжъым ыпашъхьэ къыщыригъэкӀугъэп. Уздыс зэпытми уазыфагу гузэгъабгъэ къыдегъахьэ ыӀуи, зиӀэжагъ.

– Ибрахьим, непэ укъэмыкӀуагъэмэ хъущтыгъэ,– сэлам къызех уж Рэщыдэ къыӀуагъ,– къэнэжьыгъэ щыӀэп, мы мафэхэм къэтыухыщт.

– МэфакӀор,– Темыркъан ыӀэ пщэр фыжь тхьаматэм пиӀэтыгъ,– ар пӀоу тыкъызэӀэмыгъахь. Армырми, Ибрахь захэбгъэкӀыжькӀэ, Болэтыр апэ зэритэу, къэмыкӀон закӀ мы щысыр. Хьамэм цӀыфыр зыкӀытизыр ошӀа, Рэщыд?

– ЦӀыфмэ язэхэшӀыкӀ ины, Темыркъан,– Рэщыдэ къыӀуагъ.

– Ащ изакъоп. ЧэтэшӀэ Ибрахьимэ ыуж къеуцохэшъ, цӀыкӀуи ини губгъом къыдэкӀы. Нахьыжъ намыс, нахьыкӀэ насып язгъэӀуагъэр Ибрахь фэдэх.

– Ар умыӀо, Дударыкъор,– къыраӀуалӀэрэр Ибрахьимэ ыштагъэп,– сэ сыкъыздэмыкӀми, натрыфыр халъхьагъ, алэжьыгъ. СынацӀэу ЧэташӀэмэ ячэу къуапэ сыӀусынри лэжьыгъэм сыхаплъэу хьамэм сытесынри тӀури зэп. Ау зыгорэкӀэ укъыстещыныхьэмэ, сикӀал, угу гъэрэхьаты,– Ибрахьимэ щхыпэ нэфыр ынэгу рычьагъ,– пхъэтэкъэжъым сыкъефэхын нахьи, Ӏоф пашъхьэм сыкъифэныр нахь къэсэштэ. Укъыридзыхынэу зыхъукӀэ, шы фэмыфра шы Ӏэлра къахэпхыщтыр?

Щысхэр щхыгъэх. Шъэожъые горэ къыӀухьи, натрыфышъхьэ гъэжъагъэр Ибрахьимэ къыфищэигъ:

– Тэтэжъ, мыр мо шъузмэ къысагъэхьыгъ.

Натрыф цӀынэр Темыркъан зелъэгъум зэо лъэхъаным къехъулӀэгъэгъэ гукъэкӀыжьыр къечъэу шъхьэр дыригъэзэкӀыгъ...

– Тхьэуегъэпсэу, сикӀал,– къыфищэигъэр Ибрахьимэ къыӀихыгъ,– сэ сцэмэ къякӀущт мыр. Зэ къэуцу, сикӀал,– натрыфышъхьэр зэпикӀыкӀи, ызыныкъо шъэожъыем ритыгъ,– сэркӀэ баӀо хъущт. Мыр сэ сиӀахь, мыр о уиӀахь. Фабэзэ ецакъ,– цэ заулэ тыригъэушкъоикӀи, къыгос лӀыжъым фищэигъ.– Ма, шъори шъухаӀ. Сэ сӀорэр ары, МэфакӀор,– Ибрахьимэ зыпыугъэгъэ гущыӀэ цыпэм лъыхъоу къыӀуагъ,– Дударыкъом имашинэ цӀыкӀу сисэу мыщ сыкъащэщтмэ, сащэжьыщтмэ, мафэ къэсми хьамэм сыкъэкӀон, зи езгъэӀонэп.

– Дударыкъом имашинэкӀэ тыкъызэрыкӀорэм игугъу къэмышӀ, Ибрахьим,– Къасымэ фэщыӀагъэп,– бензин тӀэкӀоу ыгъэстырэр къыӀихыжьынэу колхозыр ригъэзыщт, тинасып трудоденкӀэ бензин зэрамытрэр, нахь баӀо сфэжъугъэуцу ыӀощтыгъэ.

– А шъукъызэрищэрэ бензин тӀэкӀум фэдищ къакӀэкӀеутыжьы ащ,– зэхамыхыпэу щысмэ ащыщ горэм къыдзыгъ,– ичарэ хэмылъэу шъукъищэщтэп.

– КӀо, джары, Ибрахь, уикукӀэ къыпыбгъэтӀысхьэмэ, мыхэмэ къыуаӀожьыщтыр,– сыдигъуи зэришӀ хабзэу, Темыркъан сэмэркъэукӀэ хэкӀыжьэу ынэкӀушъхьэкухэр къисысыкӀхэу щхыгъэ,– сэ тхьэ нахь сымышӀэу пшъыгъэх сэӀошъ, унэгъо шъхьэрыкӀэу аӀусэщэжьы. Неущ щегъэжьагъэу Ибрахьимэ нэмыкӀ сику къизгъэтӀысхьэжьрэп. Болэтым икуп ХьэпакӀэм «икӀы-кӀыкӀ» куплӀэ дэсхэу къыдерэщых. Тэрэзба, Ибрахь, мыхэмэ ясшӀэнэу къэсыугупшысыгъэр?..

– Зи яфэмышъуашэ пӀорэп,– Ибрахьимэ щхыпцӀыгъэ, етӀани къетхьагъэпцӀэкӀэу къеупчӀыжьыгъ: – Мыхэмэ, Темыркъан, зыгорэ къыбдашӀэкӀэ сенэгуе?

– Олахьэ, Ибрахь, зи къыздамышӀ,– джыри Темыркъан чыишъхьэм макъэр щыджэгоу щхыгъэ,– сыд пае

колхоз мылъкум сыхэIэн, а бензин уасэу зыфаIорэр къалэжьрэм зэрэхясымыгъэкIыжьрэмкIэ орэгушIох.

– Ашъыу арэу оIомэ,– Къасымэ къыдзыгъ,– сыд пае къэдлэжьырэ тIэкIуми инэхъой теодгъэфыжьын, тхьаматэм имашинэкIэ лIыжъхэм тыкъыдаригъэщынэу ыIогъагъ. Арба, Рэщыд, къытэпIогъагъэр?..

– Ары сиунэшъуагъэр,– Рэщыдэ псынкIэу джэуап къытыжьыгъ,– Ибрахьимэ темыфэу, шъо къышъутемыфэу колхозым IэшIагъэ иIэп.

– Хьау, МэфакIор,– Темыркъан ишъыпкъэу къэгузэжъуагъ,– уимашини къыхэмыгъахь, Болэтми демыгъашт. О тхьэ нахь умышIэу мыхэмэ шIу афэпшIэни, зэмышIэгъукIэ сишIушIагъэ кIодыщт. Ежьхэр зыфэе дэд къяпIорэр. Тхьам къыстырилъхьагъэшъ, сихьылъэ, а къэнэжьыгъэ тIэкIум ари афэсшIэжьын – къэкIорэгъэм машинэ фыкIэ Болэтым зэрерэгъашIэ, сеплъымэ, зэпэцIыужьэу ыкъо нахьыкIэ къырефэкIы.

– Сыд есэбгъэшIэщт симашинэ щэрыхъхэр къечъэкIэу!..– фадзыгъэм иджэуап Къасыми къыдзыжьыгъ.– О ущыIэу лъэс-лъэбыIоу тыхэтынэп...

– Удэ, удэ ущ ыIорэр джы!..– Зэхихыгъэр Темыркъан ыгъэшIагъоу, ау игуапэу къыхэкуукIыгъ.– СишIушIагъэ къолъышъ, джыри нахьыбаIо зыфысигъашIэ шIоигъу. Сыогоони, Болэтыр, сишIушIагъи зыкъоплъэгъожьэу, титIо дунаим тызэдытетыщт. Ау мыщ есшIэщтыр, шъошIа, сигъэгубжынышъ, осэнчъэкIэ машинэ цIыкIур сигъэщэжьыщт.

– Ар пIоу, Дударыкъор, лые зэмыхыжь,– ХьэпакIэри къахэгущыIагъ,– кIалэм имашинэ сыригъэтIысхьана пIозэ унацIэу Болэтым къехъулIагъэр къыохъулIэн.

– Ар дэдэм сиIоф тетэпщтын, Аслъанбэч...– уцун гухэлъ иIэп.– Ау амал хэлъэу къысэдэIущтмэ, спкъы къикIыкIэ Дударыкъом егъашIэм къыIэкIэхьэгъэ курэжъые цIыкIур езгъэщэжьыщтэп. Зэхэзыхрэр сыдынэкIэ къысэплъын?

– Къегъапщ, къегъапщ, Болэтыр. О уимыIэу сэ сиIэр – оркIэ курэжъый. Сеплъымэ, ахъщэ кухьэ утес, ухаIэу «Запорожец» нэмыIэми къыпфэщэфышъурэп.

– ЗыхэкIрэм зэрэхэмыхъожьрэр пшIэрэба?

– А уиIэр сиIагъэмэ, зэрэхэзгъэхъожьыщт шыкIэм ухэзгъэдэIоныгъи.



– Ахъщэ иIэми, «Запорожец» тэ къыребгъэхыщт? – Ибрахьимэ ыпашъхьэ бэрэ къыщыгущыIэнып къезымыгъэкIущтыгъэ Шумафэр къэупчIагъ.

– Мора «Запорожец» зымыгъотыщтыр? – Темыркъан Къасымэ Iапэ фишIыгъ.– ЧIы чIэгъым чIэльми къычIихынба. КъыIихыщтба Былымгъотмэ яунэшъхьэ фыжь къызIихыгъэм. Машинэ сыфай ыIоу къысэрэлъэIуи, зыдэщысым зэрэщысэу къыфэзгъотынышъ, зэпэжъыужьэу къыфыIузгъэлъэдэн.

– Къыомылъэлухэу, ор-орэу угу къэкIмэ хъущтба, Темыркъан? – къызэрэIухьагъэр амышIэу къашъхьащыуцогъэ Ахъмэт къэупчIагъ.

– МылъаIорэм шIушIагъэ фашIэрэп, Ахъмэт. УмылъаIоу, ыIэмычIэ зыгорэ фычIэмылъхьэу мы дунаим укъызэхишIыкIыщтэп, тIэ щэигъэ пэтзи, ерагъ.

– АщкIэ, Дударыкъор, купэкIэшIэгъу сыкъыпфэхъущтэп,– къамыщыр Ахъмэт щазмапшъэм диIужьыгъ,– зэрэхъурэмкIэ, сIапэ щэигъэу Iоф сэшIэшъ, сэшхэжьы.

– Уныбэ изэу ущыIэн закъорэп зигугъу сшIырэр...

– Уигъунэгъу уфэгумэкIыныр ара?

– Хьау шъыу, сыд гъунэгъуа, тафэмыгумэкIми зышъхьэ зымыIыгъыжьын гъунэгъу щыIэжьэп джы! Хэти иунэ нахь лъагэу зэриIэтыщтым пылъ, игъучI чэу зэригъэшэсыщтымрэ ишъхьангъупчъэ кIыбрыгъасэхэр нахь дахэу зэригъэлэщтымрэ нахьрэ Iоф яIэжьэп. О укъэуцугъэу гъунэгъу, гъончэдж оIо.

– Адэ сыд къапIомэ пшIоигъор?

– Ащ нахь чыжьэу уиакъыл мыоу, Ахъмэт, сыд къыосIон,– къыздизыгъэр ымышIэу сэнэ шIоIурымэмрэ тутынымэмрэ къызIуилъэсыкIэу къыпыпкIагъэм ыгу зэрэфижъэжъыкIрэр къызхимыгъэщэу Темыркъан мэкъэ шъабэкIэ къыIуагъ, етIанэ егыи фэдэу къыухыжьыгъ,– егупшыс, цIыфмэ ахэдаIу, чылэм дэкIи зыплъыхь, уилэгъумэ ящыIакIэ кIырыплъ, нэм ылъэгъурэр шъхьэм ыуас, узэгупшысэн макIа...

– Сиакъыл сыд узэрэпылъыр, къапIо пшIоигъом ышъхьэ къих, етIанэ сиакъыл зынэсрэр къыбгурыIощт. ЦIыф имыIэр уиIэнэу ара, Темыркъан?..

– Адэ ары, Ахъмэт,– ошlэ-дэмышlэ гушlуаф пlонэу Темыркъан къызlуипхъотыгъ,– цlыфмэ уамылыекlэу мы дунаим тетыгъуай!..

– Мощ фэдиз чlыгур олъэгъуа, Темыркъан? – хъураибзэу нэм къыпэшlофэрэ колхоз шъофым Ахъмэт ыlапэ къыщырихьаклыгъ.– Джа плъэгъурэр зэкlэ, чылэм ялыеу Кlэныжъмэ яягъ, хэтхъыкlыгъэхэп нахь. Мы щысхэмкlэ, апэ лыгъэ языдзыгъэмэ ори уахэтыгъ. Шlэхышlоу пщыгъупшэжьыгъ. Цlыф имыlэр сиlэнэу хъумэ, сыщымыlэми нахьышlу!..

– О-уиу, Ахъмэт,– Темыркъан исэмэркъэу щхы макъэ зыкъиlэтзэ,– сыдэу непэ укъыспыпкlэгъапэу Ибрахь ыпашъхьэ зи къыщысэмыгъэлыгъ. Цlыф имыlэр уерэмыl, сыд епшlэщтыр, тэри зытемыlэм, сыдэу тшlын, ар тlощтыгъ!..

Зэпыпкlэгъитlум ядэlузэ, Чэтэшlэ Ибрахьимэ игупшысэ хьамэм текlыгъ. Кlэныжъ лъэкъуацlэм гукъэкlыжь блэкlыгъэхэр шъхьэм къыригъэтэджэжьыгъэх. Зэманыжъ текlыгъэм иилъэс хьылъэхэр Ибрахьимэ зэришlэхэу зышlэрэ цlыф мы чlыпlэм щысэп. Дударыкъомдхэр зы цыпэ цlыкlукlэ къыхиубытагъэх шъхьаклэ, ппкъыкlэ, уищыlэныгъэкlэ зэхэмышlагъэмэ, къыбгурыlощтэп. Бай лъэпсэ ичыр революцием къызщежьэм, Чэтэшlэ Ибрахьимэ зэфэмыдэ щыlакlэр, епlотэжьын имыщыкlагъэу, ышъхьэкlэ зэхишlагъэу илъэс тlокlитlум итыгъ, ащ елъытыгъэмэ, Къасымэдхэр зэманыжъым къыхэхъухьагъэхэми, джыри кlэлагъэх. Ау Ибрахьимэ чылэм дэкlи, Буденнэм идзэ зыхахьи, граждан заом икlэухым Дэхапlэ къызегъэзэжьи, класс банэм ижъобгыпlэ зэрэхэтыгъэри Темыркъандхэм дэгъоу къашlэжьы. Джа лъэхъаным ахэр комсомол-чоновцэ ныбжьыкlэ къежьэгъэкlагъэх. Революцием иапэрэ пшъэрылъ – баймэ ятетыгъо зэрэщымыlэжьыщтыр, цlыфми цlыф зэримыгъэпщылlыжьыщтыр, лэжьэкlо къызэрыкlом ыlэмычlэ хабзэр къызэрэралъхьагъэр, ащкlэ шlэгъэн фаехэр къагурыlуагъэу, къагурымыlорэр щыlэныгъэм къагуригъэlожьэу, зэфэныгъэм фэбанэщтыгъэх.

Мэджэс Ахъмэт а лъэхьаным лъэрыкlощтыгъ, Ибрахьимэ дэгъоу къышlэжьхэрэр Къасымэдхэр ары. Шумафэ зэриныбджэгъугъэм изакъоп къызфишlэжьхэрэр, Дэхапlэ lофыгъоу щызэрахьэщтыгъэхэм ахэр бгъунджэу фыщытыгъэхэп, чылэ ревкомым иунашъо ипхырыщакlомэ ащыщыгъэх. Темыркъан кlэлэ тхъоплъ нэшхо нэгуихыгъэу Ибрахьимэ ыпашъхьэ къиуцуагъ. Ежь Ибрахьимэ ибуденнэ паlоу Шумафэ ритыжьыгъэр зыем къынимыгъэсыжьэу щыгъ зэпыт. Къыщымыгущыlэу зы комсомол зэlукlи блэкlрэп, белэ-зеленэмэ ящэ зэхауи зыщидзыерэп. Болэт Къасымэрэ ежьырырэ зыхэмылажьэрэ lофыгъо чылэм къыдэтаджэрэп. Хэбзаклэм къемышlугъэ баймэ ащыщхэу мэзым хэхьажьыгъэхэр Дэхапlэ къыздаохэкlэ, апэ шэсэу акlэлъежьэрэмэ Темыркъан ащыщыгъ. Колхозыр зызэхащэми, апэ иунагъокlэ хэхьагъ, бригадирыгъори зэрихьагъэ, ликбезымкlэ чылэми щыкlэщэкlуагъ. Заор нэмыцмэ хэгъэгум къызырашlылlэм, апэ тэджыгъэ, къыlумыкlэу илъэсиплlым lутыгъ. Джы еплъ хъурэм: цlыфмэ уамылыекlмэ, дунаим тетыгъуай еlо. Сыд ар къызхэкlрэр? Цlыфмэ ахэмылъыгъэхэр къызхафэхэрэр Темыркъан изакъоп, анахьыкlэхэри, ащ къалъфыжьыгъэхэри ары. Заор заухыгъэ илъэс пчъагъэм сыда тынэ къыпэшlомыфэу, lофкlэ къытымыдзэу тызыблэкlыгъэр? Лъэпсэ имычэу къытхэнэжьыгъэхэри зыкlэ нэрылъэгъу шъхьэихэу заом къыгъэтlэсхъэжьыгъэх. Тэрэз, Ахъмэт, цlыф имыlэр уиlэнри умыцlыфынри тlури зы!.. Ащыгъум, лъыпс гъачъэ зэтшlылlэгъэгъэ зэманыжъым итарихъ lупшlэ къытфишlыжьын... Ибрахьимэ игупшысэ къыхэужьи, гъогу чыжьэ къытекlыжьыгъэ пшъыгъэ макъэр ылъэкlэу хэпскэуlукlзэ, къыlуагъ:

– Е дунай, дунаижъ хьаф, сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ, кlэлэгъур уигъогу зэхэкl, жъыгъор уигъогу мэзах...

– Зыгорэ къапlо пшlоигъуа, Ибрахь? – Ахъмэт зэрэlукlыжьрэр игуапэу Темыркъан къэупчlагъ, псынкlэуи пидзэжьыгъ.– Олахьэ, Ибрахь, емыкlу къытфэмышl, имыщыкlэгъэ мышъо-мылыбэ уапашъхьэ щятэгъаlом. Адэ сыдэу пшlын, зимыlэр зиlэм енэцlэу хабзэ, Мэджэсым сыгу ебгъэрэп.

Мэджэс Ахъмэт джэуапэу Темыркъан ритыжьыгъэм Ибрахьимэ ыгъэрэзагъэти, хэгущыlэжьынэу фэягъэп. Ау «зимыlэр зиlэм енэцlы» зыфиlуагъэм Ибрахьимэ къызэщичыгъэу, губж lоф къыхимыгъахьэу къеупчlыгъ:

– Уянэцlти ара, Темыркъан, байхэр ямылъкушъхьэ тезыдзыгъэмэ уазыфыхэтыгъэр?

– Хьау, Ибрахь, а лъэхъаным нэцІэ Іоф тиІагъэп.

– Адэ сыд джы цІыф имыІэ уиІэнэу узкІэнацІэрэр?

– Олахьэ, Ибрахь, сымынацІ, сызэнэцІыни чылэм дэс Іоу сымышІэ,– Темыркъан къыІуи, зэрыщх хабзэу хигъэкІокІэжьэу щхыгъэ.– А лъэхъанымрэ джырэ лъэхъанымрэ сыдым зэфихьра? Ари ащ фэдэ лъэхъанэу текІыгъ, мыри мыщ фэдэ лъэхъанэу къэкІуагъ, хэти илъэхъан ицІыф къелъфыжьы.

– Дунаижъым щалъфыгъэм изэфагъэ бэнэ усэ фимышІыжьмэ, дунэякІэм щалъфыгъэмкІэ осэнчъэщт. Дунаижъым къырыкІуагъэм щымыгъуазэр дунэякІэм щыгъощэщт. Мэзахэм укъыхэкІи, нэфынэм ухэгъощыхьажьыгъэкІэ сенэгуе.

– Ибрахь, зи къысэбгъэлрэп, Ибрахь!..– Темыркъан щхы фэдэу зишІыгъ шъхьакІэ, ынэкІушъхьакухэр къисысыкІыгъэхэп.– Адэ шІушІагъэ горэ тимыІахэу дунаим тытета, Ибрахь?

– Сыд зыкІыуимыІэр шІушІагъэ? ШІушІагъи уиІ, ау уишІушІагъэ псым хэбдзэныр угу пыкІыжьыгъэп...

– О-уиу, Ибрахь,– джы Темыркъан ынэкІушъхьэкухэр нахь къисысыкІыгъэх,– аущтэу оІомэ о, къыстеплъхьэрэр сихьылъ. ЦІыфмэ яшІушІагъи зэрэзэфэмыдэр сэшІэ. Сыда чыжьэу узкІэІэбэжьыщтыр, муары Къасымэ къызыщысшІэжьрэм шІу ешІэ, ау зыми къыфишІэжьыгъэу слъэгъугъэп... Тэрэз, Ибрахь, симыфэшъуашэ къысэпІуагъэп... Адэ, Ибрахь, къэошІэжьа КІэныжъ Шыхьам къызэрэтыубытыгъагъэр, сІэлджанэ къызэриуІэгъагъэр? Оры мыхъугъэмэ, Ибрахь, а мафэм сыІуригъэхыщтыгъ.

– Ащ фэдэр пщыгъупшэ хъущтэп, Темыркъан.

Чэтэшlэ Ибрахьимэ изакъоп а гъэтхэпэ мафэр зыгу къэкІыжьыгъэр, Болэт Къасыми ынэгу къыкІэуцожьыгъ. КІэныжъ Шыхьамэ икІэрахъо щэу илъыр еухыфэ кІашъоу зытыраубытагъэм къызэреохыгъэрэп Къасымэ ыгу къэкІыжьыгъэр, а мафэм шІомытэрэзэу, ау къызэрауІагъэм пае фигъэгъоу, Темыркъан зэрэзекІогъагъэр ары. КІэныжъым хъурышъо паІоу къышъхьащызыгъагъэр, сыкъиуІагъэшъ, сэсый Темыркъан ыІуи, иджэдыгу чІэгъ зэрэчІикогъагъэр джы къызнэсыгъэм Къасымэ щыгъупшэжьрэп. Буденнэм идзэ хэхьанхэу заІом, шы къытатыщта зэриІогъагъэри, шъхьэм къиІэдагъ. НэмыкІ горэ ыгу къэкІыжьыщтми, Темыркъан ымакъэ ыгу къыгъэкІыжьыгъэп:

– Болэтыр, къэошІэжьа тынэмэ щынэ зэракІэмылъыгъэр? А сибэу, тыкІоти, пцэшІуащэм тыпэшІуахьэщтыгъэ. Адэ кІэлэгъумрэ жъыгъомрэ зэфэдэна, нэхашэ тшІэщтыгъэп. Чэтэшlэ Ибрахь ыІуагъ заІокІэ, пыимкІэ пцэшІуащэ ташІыщтми, хьау тиІагъэп. Шъыпкъэба, Къасым, ы-ы?

Болэт Къасымэ джэуап къытыжьы шІоигъуагъ шъхьакІэ, зиІэжагъ.

## X

Ощхыцэ жъгъэйхэр зыщыджэгурэ шъхьангъупчъэм Къасымэ пэІут, игупшысэ хэо-хапкІэхэр къызщежьэри зыщыуцужьри ышІэрэп: джа ощхыцэу жьыбгъэ макІэм къыпхърэмэ афэдэу зэкІэмыхьэ-зэкІэлъычъэх. Нэм къыпэшІофэрэ чырбыщ унэ зэбгъутхэр урамыбгъум щырекІокІых, зыемэ ящыІэкІэ кІуачІэ къыхьрэ фэшІыгъэ псэукІэр ахэмэ ятеплъ. Зым гъучІыр, адрэм пхъэмбгъур ичэу, мэфэ ошІухэм къэшІыхьагъо имыфагъэм ипкъэу ныкъочІас. Орзэшъхьэ е къамылышъхьэ унэжъ цІыкІухэу, ІухыжьыгъокІэ зыфимыфагъэхэу чырбыщ унэ пашъхьэмэ арытхэр щыІакІэу къызхэхъухьагъэмэ янэпэеплъых. Непэрэ щыІакІэмрэ тыгъуасэрэ рызэпяплъыхэу нахьыбаІорэ ахэр зэпэІутыгъэхэмэ дэгъугъэ, ыІуагъ Къасымэ. ЦІыфыр щызгъаІэрэмэ ащыщыр тхьамыкІагъо къехъулІагъэмэ, ар игъорыгъозэ, щыгъупшэжьыни, къыпыщылъ гухэлъ дахэм фэпсэуныр ары. Аущтэу цІыфым ищыІакІэ мыгъэпсыгъагъэмэ, лІэныгъэм, къиныгъом, тхьамыкІэгъо гукъаом игъонэмысэу рикІыкІынygъи, тыгъэр къепсэу чІылъэр шІункІ мэкъэнчъэныгъи. Зымафэ Чэтэшlэ Ибрахьимэ дунаижъымкІэ дэгъоу къыІуагъ. ЦІыфым къырыкІуагъэр зыздимышІэжькІэ, анахь щыІэкІэшІу хэпщагъэми, ащ къызэрекІолІэгъэ гъогум ихьылъагъи, идэхагъи осэнчъэщт.

– А Къасым, шъхьангъупчъэм сыд иплъэгъуагъэр, зэ къыкІэрыкІба,– Фатымэ лІым риІуагъ.

– Ощхым зэпыун мурад иІэп,– джэмакъэм зигупшысэ зэпигъэугъэ Къасымэ къызэмыплъэкІэу къыІуагъ,– жьыбгъэ лъэшыІо кІэтыгъэмэ, пщэхэр зэбгырифыщтыгъэх.

– Бжыхьэ къещхыгъошъ къещхы, земыгъэгъап.

– Уимыгъапэ мэхъуа, бетэмал, коц хэлъхьаныр зэпигъэугъэу.

– Джыри мэфэ ошІу Іаджи къыхэкІыщт.

– Адэ къыхэкІыщт, ау непэ умышІагъэм укІэхьажьыщтэп, гъэжъуацэу чІым хэфагъэмрэ цум тефагъэмрэ зэкІэхьажьрэп зыІуагъэм шъыпкъэу ыІуагъ. Мэфэ зытІущ горэкІэ ощхыр къытэжэжьыгъэмэ, бжыхьэ хэлъхьаныр тыухыщтыгъэ.

Къасымэ ицІыф гъэпсыкІэ бэшІагъэ Фатымэ зесагъэр. ЗэлІ-зэшъузхэр илъэс пчъагъэ зызэкІыгъухэрэм, шэн зэфэхъум имызакъоу, анэпэпкъыкІи ятеплъэ зэфэдэ мэхъу аІо. ЦІыфмэ аІорэм шъыпкъэ хэмылъэу щытэпщтын, ари илъэс пчъагъэкІэ щыІакІэм щауплъэкІугъэмэ ащыщ. Фатымэрэ Къасымэрэ къагъэшІагъэм ызныкъо инахьыбэм зэкІыгъух, зэдэпІуагъэх, зэдэлэжьагъэх, къини гушІуагъуи зэдагощыгъэ. ЗэІумыплъэхэмэ зэфэзэщхэу, джа яныбжьыкІэгъэ лъэхъаным фэдэу, непэ яжъышъхьи къахьы. Къасымэ ыІуагъэм, ышІагъэм Фатымэ рыщыІ, тыр щысэтехыпІэкІэ аригъаштэу, цІыфым шІу фэпшІэныр, икъиныгъуи игушІуагъуи пІапэ фэпщэиныр зэкІэми апшъэу, илъфыгъэхэр ыпІугъэх. Ежьыри, апэрэ мафэу Болэтмэ яунэ къызщихьагъэм щегъэжьагъэу, лъыр иапэрэ шапхъ. Зын къылъфыгъэми зэмышІуныгъэ азыфагу къыдэхьэ, агу забгъэуи къыхэкІы, ау митІур, нэмыкІмэ афэдэу, ныбжьи ищыжь-къэщэжьым хэхьагъэхэп, сыд фэдиз зэмыкІуныгъэ щымыІэныгъэм къыхэкІэу къахэфагъэми, шъхьэлъэшыгъэ гущыІэ дыс зэфадзыгъэу къашІэжьрэп, ары пакІо, нэтІэ фычІэплъ зэфашІэу ясабыимэ арагъэлъэгъугъэп. ШІушІагъэ зэфашІэу непэрэ яжъышъхьэ къынэсыгъ.

– Мыдэ, ныо, моу къакІуи, зыгорэ озгъэлъэгъущт.

– Сыда, лІыжъ! – Фатымэ зэхитхъэ мэлыцым шъхьэр къытыриІэтыкІи, шъхьангъупчъэмкІэ плъагъэ.

– Моу къакІоба,– Къасымэ къызэплъэкІи, Фатымэ Іэ къыфишІыгъ.

– Сыд сэІо шъхьангъупчъэм иплъэгъуагъэр?

– Модэ мо унэшхор олъэгъуа? – Къасымэ ІукІоти, Фатымэ шъхьангъупчъэм Іуигъэхьагъ.

– Сэлъэгъу. Былымгъотмэ яун.



– Мы дунэе шхъуантІэм яунэшъхьэ фыжь дахэу къызэрэхэщырэр!..– Къасымэ илІыжъышъхьэ щыгъупшэу, шъэожъыем фэдэу ыгъэшІэгъуагъ.– Унэ къаплъэу мощ фэдэ унэ дэхэшхом шифрэ теплъхьэ хъуна!..

– Шъхьангъупчъэм сиплъ къэсми, ары сэри сІорэр. Курацэ тхьамыкІэм къинэу ылъэгъугъэр ыІотэжьыгъ, кІэлэ дышъэ иІ, нысэ хъарзыни иунэ фыращагъ...

– Уяхъуапса, ныо?

– Сыд сызфяхъопсэщтыр, лІыжъ? – Фатымэ къыраІуагъэр ыгъэшІэгъуагъ.– Яунэмэ, тэ тиуни дэеп. Янысысонти, тэри нысэ дышъэ тиІ, сикІэлэ закъомэ – гъэсагъэ, лэжьакІо. Сяхъуапсэрэп, ау шъхьангъупчъэм сиплъэу яунэ слъэгъу къэсми, сафэгушІо. Япхъэ Іоф шІыхьафкІи сафакІуи садэпщэрыхьагъ, етІэ Іофри къызрахьыжьэм сахэтыгъ. Алахь зизакъом, зыфаер зэкІэ къадэхъоу, ордэ бын-унагъоу, чІегъэтхъыхьажьых. ЦІыфхэм зыфаер зэрагъотылІэжьы къэс, нахь фэшІыгъэ хъухэу шъхьангъупчъабэ унэ зэхэтышхохэр зашІырэм, чылэм итеплъи дахэ, дунаим иІуплъи фыжьы.

– Тэрэз, ныо, тэрэз. КъыбдесэгъаштЭ, цІыфым уІугушІомэ, шІу хэолъагъо. Сыд пае ухъопсэн, джаущтэу сыдми сІуагъэ ныІэп. Былымгъотмэ яунэ идэхагъэ, тэгъэшІагъоба, ныо? Ары, техъуапсэрэп, тэгъэшІагъо нахь. Адэ, ащ нахьи нахь унэ дэхэшхохэр тичылэ дашІыхьагъэу къэтлъэгъужьын, тэ къэтымылъэгъужьми, тицІыкІумэ къалъэгъужьыщт.

– Ащ нахь унэшхо дахэ сыдэущтэу пшІыщт?

– Джа цІыф дэдэу пшІэрэмэ аІэ къихьащт, къаугупшысыщт. КъэошІэжьа шапхъэкІэ тиунэ чылэм зэрэдэтыгъэр?

– КъэсымышІэжьэу мэхъуа, лІыжъ, бо дэгъоу къэсэшІэжьы,– цы зэхэтхъыным кІэрытысхьажьыгъэ Фатымэ игуапэу къыІуагъ,– бо тэ тиуни унэ дэгъугъ, джыри зэрэдэгъу, унэхэр зэрэзэхэутыгъэхэр зэрагъэшІэнэу джы къызнэсыгъэм плъакІохэр къытфэкІох, тикъакъырэ зэрэщытри, ышъхьэ зэрэІэтыгъэри агу рехьы. Амэ, лІыжъ, мы тиунэкІэ сыгу римыхьрэ закъор къыосІон,– Фатымэ къыІощтым къыраІолІэщтыр ымышІэу щхыпцІыгъэ,– къыосІощт шъхьакІэ, бдэщтэп... Сэ сызфэягъэр ошІа, мы пынджыр хъырахъишъхэр хэтхэу чырбыщ пэІулъэшъуагъэмэ дэгъугъэ, зятэгъэшІым, а тІэкІур тиакъыл къыхьыжьыгъэп.

– Ар тиакъылэп зилажьэр, чырбыщ щымыӏэр ары,– унэр зэраригъэшӏыгъагъэр Къасымэ ыгу къэкӏыжьыгъагъ.– Сыда зыкӏэсымыдэщтыр, ар кӏалэм къыӏуишӏыхьажьынэу еӏоба... А лъэхъаным пхъэр пыутыгъэмэ, гъотыгъоягъ, джы пхъэр бэкӏэ нахь лъапӏ.

– Ары, Къасым, ары,– Фатымэ къыраӏорэм ыгу къыдищаеу лӏым дыригъэштагъ,– гъэшӏэгъоны пхъэмбгъу унэ а лъэхъаным зэрямыгъэшӏыгъагъэр. Джыри сыкъызэрэолъэӏущтыр ошӏа, псы къечъэхыпӏэхэри, хьакуищри Дударыкъо Темыркъандхэм яем фэдэу зэблэпхъунхэр ары. Ахэр зышӏыгъэм дахэу ышӏыгъ, ыӏэ дышъэр пэзы.

– Сыд Дударыкъомэ яем зыкӏыфэдэщтыр. Ащ яер зышӏыгъэм нахь лӏыжъ ӏази сэшӏэ сэ...

– Адэ ошӏэмэ, сыд ыуасэми тфегъэшӏ.

– Тырку мэзэ ныкъор тырябгъэгъэуцощта?

– Сыд тырку мэзэ ныкъуа?

– Зэрэбыслъымэн унагъор къырыпшӏэу Дударыкъомэ яунашъхьэ тетыр ары. Тенэчым хэбзыкӏыгъэу джау хьакуищым гот, зыщашӏыгъэ минрэ шъибгъурэ тӏокӏищрэ тфырэ илъэсыр къыушыхьатэу тетхагъ.

– А сшӏэгущэрэп, Къасым...– къыриӏожьыщтыр ымышӏэу, мысагъэ зыдилъэгъужьэу Фатымэ къэплъагъ.– Ар къытэкӏуна тэ?..

– Сыда къызыкӏытэмыкӏущтыр, тыбыслъымэнба?

– Тыбыслъымэн, лӏыжъ,– Фатымэ къэгузэжъуагъ,– алахь зизакъом ынаӏэ ттырерэмых!.. Ау тыбыслъымэн тӏокӏэ, хымэ хэгъэгум имэзэныкъо сиунашъхьэ дэзгъэӏэтэщтэп, тихэгъэгу тамыгъэ имыӏэ пӏонэу!.. О уигугъу сымышӏыжьми, ар Зулкъадэ къыпфидэщта? Алахьэр сэӏо тиуни тикӏашъуи зэдимыгъакӏомэ!..

– Тэ тыем нахь мыцэко кӏали Темыркъандхэмэ яӏ.

– Ахэмэ запэтшӏынэу тэ къыттефэрэп.

– Сыд пай шъыу...

– Ахэр Дударыкъох, тэ ты Болэт!..

– Олахьэ, ныо,– Къасымэ ыгу къыдеӏэу щхыгъэ,– бэлахьэу укъысфычӏэкӏыгъэм!..

– Зэфэмыдэ зэдашъорэп, зэмышъогъу зэрэщэрэп сыд пшӏошӏрэ зыкӏаӏуагъэр? Ятэрэ ыкъорэ сахэкӏэу тэ сыкӏожьын, нысэри шъуауж къихьагъ, шъэохъухэри ары.



– Мы къэпӏуагъэмэ апае, ныо, узыфаер зэкӏэ пфэсшӏэщт: пхъэмбгъу пэӏулъэшъо пынджыр зэхэтри ӏуязгъэхыщт, псыкъечъэххэри, хьакуищри зэблязгъэхъущт. Етӏани сшӏэщтыр ошӏа? Тихэгъэгу тамыгъи, унэр зыщытшӏыгъэ илъэсри тырязгъэгъэуцощт. Сыд фэд пӏуагъи хэгъэгу тамыгъэр? Дахэ, ащ фэдэ тамыгъэ зиӏэ хэгъэгу щыӏэп. Джар къопитӏукӏэ унэр зыщытшӏыгъэ илъэсым тырязгъэӏэтыкӏыщт. Мыдэ, ныо, ар къыозгъэлъэгъущтыр ошӏа, тхылъым дэтышъ кӏэлэхъур еджапӏэм къикӏыжьмэ къыуигъэлъэгъущт,– шъузым къыриӏуагъэхэр джыри ыгу къэкӏыжьхэу, Къасымэ щхыгъэ.– Мыщ фэдэу шъхьаихыгъэу къыосӏуагъэп: олахьэ, ныо, сыпфэразэм. Ау сизакъоу, сыкъышъухэнагъ зэрэпӏорэмкӏэ угу умыгъэкӏоды, о зызакъом тэ утхьыжьын!..

– Ощхы о, ощхы... Сэ сишъыпкъэу къэсэӏо. Шъо сиӏанэ пэсхэр, Темыркъан иӏуагъэу, тхылъ плъыжь цӏыкӏур шъуиджыбачӏэ илъмэ, зэкӏэри жъугъэхъагъэу, къыжъудэхъугъэу шъолъытэ. Ар сиджыбэ имылъмэ, зыгори сымышӏэу къызшӏошъумыгъэшӏ. Сирызыкъ зыӏуфэу сиунэ исхэм сикъабыл зэрякъабылыщтым сехъырэхъышэжьрэп. Фермэм сыӏут зэхъум, джа узхэт партым къыхахь заӏом, зэресымыкугъагъэмкӏэ сыкӏэгъожьы. Зи мыхъуми, а шъуизэӏукӏэ мыухыжьмэ зэрэунагъоу тызэдакӏозэ тшӏыныгъи...

– Мы щэщэ цӏыкӏур, ныо, тэ пхьыщтыгъ? – ятэжъ ыкокӏ зизыушъэфэгъэ пшъэшъэжъыем ышъхьашъо Къасымэ ӏэ щифагъ.

– Ари, лӏыжъ, мыдрэхэм афэдэу къэхъунышъ, непэ фэдэу къытхэуцощт... Ары, ары, узфэе дэдэхэр сэбгъаӏоу сыогъэӏорыжъорышъ, отхъэжьы. Сыд зэӏукӏэ кӏона зигугъу сшӏыри, зэрэунагъоу шъукъызэрэугъоижьмэ къашыкъыкӏым сырытхэу зэӏукӏэ мыухыжьыба мафэ къэс сызхэтыр. А уакокӏ итпӏухьэгъэ сищэщэ нагъо иорэд ошӏа, лӏыжъ? Ысхъапэхэр зэхегъэтӏысхьэшъ, комсомол, комсомол ыӏозэ, орэд къафеӏо.

– Ара, сищащ? – Къасымэ пшъэшъэжъыем ынатӏэ ебзэугъ.– Къэхъумэ, пшъэшъэ дэгъу хъущт ар, тэтэжъри зыщигъэгъупшэщтэп арба, сищащ?

Къасымэ зэхихыгъэр зэкӏэ, шъыпкъэ зыхэлъи, сэмэркъэу зыхэлъи игопагъ.

Сыд фэдиз гушIуагъуи къини Къасымэ къекIугъэми, гъашIэу къыфатIупщыгъэм щыщ хъужьыгъэу дэзыщэчыгъэр Фатым. Ар гъогогъу къыфэмыхъугъагъэми, ищыIэныгъэ зыгорэ къыхьыныгъуи, ау сыд къыдэхъугъэми, къыдэхъунэу къэтми, инасып а зы бзылъфыгъэм рептхы. Къасымэ нэшIукIэ Фатымэ еплъыгъ. Ардэдэм Фатыми къэплъагъэти, янэплъэгъу зэтефагъэ. Гуфэбэныгъэ гукъэкIыжьмэ къыдахьыягъэу, Къасымэ зыгорэ къыIо шIоигъуагъ шъхьакIэ, пшъэшъэжъыем ыпашъхьэ къыщыригъэкIугъэп, ныоми ащ фэдэ ошIэ-дэмышIэ гуфэбагъэр къызэрэхэфагъэр ригъэшIэнэу фэягъэп.

Фатыми нэплъэгъур Къасымэ зыфедзым, джа гупшысэ дэдэхэр арых, бзылъфыгъэ еплъыкIэ закъокIэ зэтекIхэу, шъхьэм илъыгъэхэр. Анахь лъфагъэ-пIуагъэ бзылъфыгъэ насыпышIоу, мышIуныгъэмэ дэхагъэу лIым дилъэгъугъэхэр атекIоу, Къасымэ зырелъэгъулIэжьы. ЯлIмэ зафэгубжхэкIэ, сигъэлIагъ нахь сигъэтхъагъэп зыIохэрэ чылэ шъузхэм нибжьи адыригъэштагъэп. Ар зыжэ къыхьрэм лIы ищыкIагъэп ыIоти, адэхьащхыщтыгъ. ЦIыфримыгъашIэу, егупшысэ къэсми гур къыпиIонтIыкIэу, Фатымэ иIагъэр зы гукъэо шъэф: хьадэгъур къэсэу зэгорэм зэпэIабгъо зэришIыщтыр ары. Бэрэ емыгупшысэнэу фэягъэми, шъхьэм ар къимычрэзэн фэлъэкIыщтыгъэп. Кушъэ зыфашIыгъэу, бэн зыфамытIыжьрэ зэрэщымыIэр Фатымэ ышIэми, джыри нахь баIорэ Къасымэ дыщыIэмэ, акъомэ, апхъумэ ясабыймэ яхъяр зэдалъэгъужьы шIоигъуагъ, ежь иIуагъэу, коммунист унэм изакъоу къызинэкIэ, ащ тхьэ фелъэIу, шIушIагъэкIэ а зыр къыфишIэнэу щэгугъы.

– Зыгорэ къапIо пшIоигъуагъа, ныо?

– Хьау, лIыжъ. Сыда озгъаIорэр?

– УикъэплъакI.

– Зэ мы цэу пчэдыжъ щегъэжьагъэу сызпынагъэр сыухыгъот сэIо нахь, зи сыушъэфрэп,– Фатымэ къыIуи, аужрэ псэлъэ ошIэ-дэмышIэмкIэ къызэкIэщтэжьыгъ, етIанэ щхыпцIызэ, лIым къегыигъ.– Зыгорэ пшIуаушъэфын алъэкIыщтэп о, укъызэрэтэплъэу тыгу илъри къэошIэ. Бзэгухьагъэми сшIэрэп, ау къыосымыIон сфэлъэкIыщтэп, лIыжъ. Зымафэ Дударыкъомэ я Гощнагъо урамым сытыриубыти, къызэрэсэгьыигъэр ары зыфасIорэр.

– Ахъщэм ныбэуз ышIыгъэха?



– А лIыжъ, къытебгъэфагъ. Тэ щыпшIэра?

– СымышIэрэ гые яIэпышъ ары Дударыкъомэ. Тенэч бзыгъэр сомипшIыкIэ ащэнэу фэягъэх, напэ зимыIэ унагъох!.. Еплъэшъ, кIэгурымыхьажь ашIыгъ. Ахъщэм къежъугъэгъэзэжь зясэIом, къызхамыгъэщэу, ябылым зэрагъотыжьрэр ягуапэу тызхагъэплъэгъагъ. Ащ ыужи, мафэ къэс тызэIокIэба, гые Iоф Дударыкъом еслъэгъулIагъэп. ЗэрэхъурэмкIэ, оркIэ ыгу жьы дигъэкIыгъ. Сыдэу пшIын, яIэр афэхъурэп. Ахэр зыфэдэхэр ошIа, ныо? Ныбгъур гъажъом хэсми, хьамэмкIэ ыпэ гъэзагъэ зыфаIорэм фэдэх.

– Ары, лIыжъ, ары. Яцыгъо лъынэ къекIми, ощыкIым яхьэ рагъэбзэи.

Дударыкъомэ яIоф къегъэжьагъэ зэхъум, гушIуакIо Сафят дэжь къикIыжьхэзэ, Биназрэ Лимэрэ афэгъэхьыгъэу Гощнагъо къыригъэжьэгъагъэр Фатымэ ыгу къэкIыжьыгъагъ шъхьакIэ, къыIоным фекугъэп. Ащи игугъу къызысшIыжьрэм, бзэгу къыпфэсхьырэп сIозэ, лIыжъым ыпашъхьэ хьайнапэ сыщыхъун ыIуи, шъхьэм ридзыжьыгъап. Ар къыхэмыхьажьми, Сэбэхь икъэбар къызыIугъэм щегъэжьагъэу, Къасымэ рэхьатыгъо чылэм дигъотэжьрэп. Шэныбэм сыпсау зэриIуагъэрэп зыгъапэрэр, зинасып къэкIогъу пшъэшъэжъыем ришIагъэр ары. Лимэ изакъоп, Чэтэшlэ Бинази зыкъыщихъуагъ. НыбжьыкIэ нэбгыритIур Iофым къыхэмыхьэхэми, Къасымэ иIуагъэу, къумалым ыцIэ уичылэ щыраIоныр дахэп.

Къещхыныр зэпымыугъэми, Къасымэ унэм имысышъоу икIыгъ. Джырэ фэдэ отI-псытIэ мафэм колхоз хьамбарымкIэ цIыфхэр щызэрэугъоихэу хабзэти, а лъэныкъомкIэ ежьагъ. Ныпчэдыжь шъхьангъупчъэм зыIотым, ылъэгъущтыгъэ унэхэм, чэухэм, къакъырхэм аблэкIы. Чырбыщ унэмэ ащэгушIукIы. Зичэу къыIузгъэкIотыгъэхэри, нахь чIыгубэ зыубыты зышIоигъохэри урамыбгъум къыщэнафэх. Ахэми Къасымэ амыгъэпэн ылъэкIрэп. Мыщ ыпэкIи, хэти зэрэфаеу зэрэпсэурэр, ежь къызэрэригъэкIоу, гъунэгъухэр къыримыдзэу, иуни, икъакъыри, ипсыуни зэригъэуцурэм ехьылIагъэу колхоз зэIукIэ горэм къыщиIогъагъ, къыдырагъэштэгъагъ, ау Iуагъэр Iуагъэу, шIагъэр шIагъэу къэнэ.

Колхоз хьамбарымкIэ Къасымэ зэрэгугъагъэу къыщычIэкIыгъэп: гущыIэгъу зыфэхъун Iуилъэгъуагъэп. Мафэрэ фэмыдэу, колхоз конторэри зэгъокIыгъэ. Колхозым ипартком ипчъэ зыIуехым, зыкIыб къэгъэзагъэу шъхьангъупчъэм кIэрыт Биназ ылъэгъугъ. Пчъэ Iух макъэр зэхэзымыхэу гупшысэщтыгъэ кIалэм зыкъыригъэашIэу, Къасымэ сэлам ыхыгъ.

Бинази игупшысэмэ къахэужьыгъ, къылъихьагъэм гу зэрэлъимытагъэмкIэ укIытэжьэу къэгузэжъуагъ:

– КъакIо, Къасым, къэтIыс. Сыдэу ущыта?

Чэщ мычъыябэ Биназ къызэрекIугъэр зэрэIоплъэу Къасымэ къышIагъ. НэпэпкъхэмкIэ зэхэуагъэу, кIалэм ынитIуи нахь къэкIосагъэу, ыIупшIи гъопцагъэу къыщыхъугъ.

– Олахьэ, Биназ, зыуж титри тымышIэу дунаир макIом.

– Ар о зыпIокIэ, Къасым, нэмыкIмэ сыд къафэнэжьрэр? Тыгъуасэ райкомым сыщыIагъэти, Таймэзым сэлам къыуихыжьыгъ.

– Тхьэегъэпсэу тызэрэщымыгъупшэрэмкIэ. Сыкъимыгъэгугъэгъагъэмэ, сырыгущыIэщтыгъэп, тадэжь къыдэмыхьэу, тракторнэ бригадэм, Темыркъан иIуагъэу, колхоз мэлыл од лэпс щешъуи зэрэкIожьыгъэмкIэ сыгу егъэ.

– Шъо шъуизакъоп а мафэм Таймэзым ыгъэтхьауягъэр, тэ зызэрэфэдгъэхьазырыгъэри хьаулые хъугъэ.

– Сыд пай хьаулыен, нахьышIух шъуIуи, шъузэхэтIысхьи, шъуишIугъоу шъущысыгъэу ары тэ къызэрэднэсыжьыгъэр.

– Ары тишIугъоу тызэхэсын, ащ фэдэ Iоф щыIэгъахэп, Рэщыдэрэ сэрырэ пчыхьэшъхьашхэкIэ теоIэжьи, тызэхэкIыжьыгъ.

– Ащыгъум сэ зи сIожьрэп, Таймэзым фэсэгъэгъу. Ешхэ-ешъор зыгу имылъым нэмыкI лъэгъун иIэр. А слъэгъурэ кIалэм лIыгу кIоцIылъ, лъытэныгъи шъхьэкIафи къыпфишIыщт, ежьыри зыфыуигъэшIыщт. МэфакIор къыгъэщтагъэкIэ сенэгуе.

– Хьау, ащ фэдэ Iоф хэслъэгъуагъэп. Къызэремыблэгъагъэр ыгу къеуагъ пIомэ, ащ изакъоп, сэри сыгу къеуагъ. АдыкIэ тиIофмэ уязэгъыщт. ЧIыплъыр, натрыфыр идгъэкъугъ. Лыр ары тицыхьэ зытемылъыр, ащи зыгорэ етпэсын.

– Ары, ары. ТиIофмэ уязэгъыщт, ащи зыгорэ етпэсын тIозэ, колхозым зетымыгъэIэтэу, тигъунэгъумэ ауж тыкъенэ. Чъыгыуджмэ афэдэу тылъатэу, тыуджэу зы чIыпIэ тикIрэп... А чъыгыуджхэри шIэхэу къэтлъэгъужьыщтэп, хым чIырагъэхьащтых...

– Адэ, сыд тшIэщтыр Къасым? Тхьаматэм ычIыпIэ уитыгъэмэ, сыд пшIэщтыгъэр?

– Тхьаматэм ычIыпIэ ситынэу сыфаеп. Ащ фэдэ хьын пшъэ зиплъхьажькIэ, ащ епэсыгъэ шъхьэ тэрэз пшIотын фае. Умыгупшысэу, чIыгур зэхэмышIэу, ащ къытыщт чапычыр къэмылъытэу, IофыгъуакIэу къэтэджрэмэ гу алъымытэу джы колхоз чылэм урипэщэн плъэкIыщтэп. Тинасыпышъ, тиколхозкIэ чIыгушIу къытфэгъэзагъ. Ари зэгорэм къэуцощт, уемышIушIэу сыд къыппигъохыжьын!..

– Къасым, зэIукIэ горэм укъыщыгущыIэрэм фэд нахь, моу конкретнэу зи къапIорэп...

– Сэ шъосIощтым шъукъыфэнэжьыгъэмэ, бэшIагъэ тхьамэтагъор зысхьын фэягъэр. Шъуегупшыс шъори, зыгорэм шъушъхьэ зэпежъугъэкI. Гъогу убагъэм ущэчъэ нахь, ущылъэпаорэп. Сшъхьэ сыфимытэу сычъэн нахьи, алахьэм сегъэлъэпау, сызэплъэкIыжьмэ, сизыутыгъэр синэрылъэгъун. Шъо гъогу хэхыгъахэм шъущехьыжьагъ, гупшысэгъуи плъэгъуи шъуифэрэп. Сыда лымкIэ шъушIэн фаер зэхэугуфыкIыгъэу Таймэзым къышъуиIуагъэба?

– КъытиIуагъ, Къасым,– зэIукIэ горэм укъыщыгущыIэрэм фэд къызэрэIэкIэIуагъэм Биназ рыукIытэжьыгъ.

– Адэ къышъуиIуагъэмэ, сыд джы нэс шъузпэсыгъэр? Джа НэбыкъуаемэашIэгъэ къэбэу, сыда раIорэр, сщыгъупшэжьыгъ, къэб къызэрыкIоп ар, ашъыу Москва лъэныкъомкIэ арагъащэрэр ары.

– Промышленнэ къэб...

– Джары, джары. Джа къэб федэ къэкIуапIэр ары. Сыд шъо ащ фэдэм шъузкIемыгупшысэрэр? НэбыкъуаемэкIахыгъэр зыфэдизыр шъошIа? ШъушIэрэп, шъушIэщтыгъэмэ, чылэр помидорым зэребэныгъэм фэдэу шъуебэныныгъи. Сыда унэгъошъхьарыкIэу помидор ДэхапIэ зыкIыщашIэрэр? ЕжьыркIэ федэ, унагъом зыкъырегъэIэты. Адэ ихатэ натрыф дишIыхьажьрэпи! Сыд натрыфым ребгъэшIэщтыр помидор пасэм сомитф-со-

мих кӀихэу?! Ашъыу, Чэташlэр, арэп уадэжь сыкъызфычlэхьагъэр, лъэгъунэу сиlэр сщыбгъэгъупшэжьыгъ… Шъуегупшыс а зыфэсlуагъэм, шъуемыгупшысэмэ шъулъэубабэу а зы чыпlэм шъуитыщт. Сэ сыкъызфэкlуагъэр зымэфэрэ зэlукlэми къыщысlогъагъ. Ашъыу, мы чэу къигъэкlот, унэ гъэуцукlэхэр хъущтхэп, сыдрэ lофи хабзэ хэлъын фае. Ары нахь, хэти ежь зэрэшlоигъоу мэзекlо, къызэрэlэкlахьэу ипсыунэ егъэуцу. Хъунэп шъыу ар!..

– Ащ колхозымкlэ тиlоф хэлъэп, Къасым…

– Сыда тиlоф зыкlыхэмылъыр?

– Ащкlэ унэшъошlыр, къоджэ Советыр ары. Кlори Заудинэ еlу, ащи ышъхьэ зэгорэм орэузы!..

– Ордэн Заудини есlони, ащи ышъхьэ, зи фэlуагъэп, зэ узмэ. Сыда архитектор зыфаlорэр зыкlытимыlэщтыр тэ?.. Районым исрэп сэ зигугъу сшlырэр, Къырыми данэ илъ, ащ фэдэ сэнэхьат зиlэр сыда чылагъо пэпчъ зыкlыдэмысыщтыр?..– Ары, ары, чылагъо пэпчъ зыкlыдэмысыщтыр!..

## XI

А мафэм, къыкlэлъыкlогъэ мэфэ зыщыплlым Биназ ыlуагъэм рыкlэгъожьэу къыхьыгъ. Ащ фэдэу ятэ илэгъу лlыжъым дысыгъэр къышlутекlоу дэгущыlагъэу къышlэжьрэп. Къасымэ изакъоп, нэмыкlхэри ары. Биназ ыгу шlу нэмыкl Къасымэ фимылъыгъэми, кlалэм хэмылъыгъэ шэныр къышlухэзгъэфагъэр нэфагъэ, гущыlэгъукlэ къыфычlэхьэгъэгъэ лlыжъри ащ щымыгъуазэу щытыгъэп.

Биназ угу егъэным иlоф тетэп. Сыдрэ lофыгъуи lэпэдэлэл езгъэшlын гумэкlыгъу кlалэр зыхэтыр. Лимэ ятэкlэ къэбарыр къызщыlугъэ мафэм щыублагъэу шъхьэр унэзагъэу, тыдэ кlуагъэми а зы гупшысэр кlыбырыхьэу къыздырехьакlы. Зымафэ Лимэ урамым къыщыlукlэгъагъ, зы гущыlи зэраlон алъэкlыгъэп, нахьыпэрэм зэрэщымытыгъэу пшъашъэр плъыжьыбзэ къэхъугъ, нэпсэу къышlуежьагъэр ыlажэзэ, lукlыжьыгъ. Цlыфмэ зэхахэу кlэлъыджэнри Биназ къырыгъэкlугъэп. А пчыхьэ дэдэм Болэт Зулкъадэ игъусэу Лимэ дэжь кlуагъэ шъхьакlэ, комсомол зэlукlэм щыlэу къычlэкlыгъ. Ащ ыуж, уахътэ



тешlэ къэс, Биназ пшъашъэмкlэ нахь зиlажэ хъугъэ. Аущтэу зэрэзекlорэм имытэрэзыгъэ зыдишlэжьыщтыгъэми, зи фыхэшlыхьажьыщтыгъэп. Гурыт еджапlэм къыщежьэгъэ шlулъэгъуныгъэу джы нэс азыфагу дэлъыгъэр дэкlодыкlынэу ригъэжьагъэкlэ арэп. Шlу зэрэлъэгъурэ ныбжьыкlитlум ащ фэдэ lоф яlагъэп, ошlэ-дэмышlэ пэрыохъоу къафыкъокlыгъэм тхьамыкlагъоу къафихьыщтыр ашlэ пlонэу, шъэф тенэгуикlым шlулъэгъур ыгъэпытэщтыгъэ нахь ыгъэцlыкlущтыгъэп.

Щыlэныгъэм Биназ хэгупшысыхьэ къэс, гопэгъоу зыхэфагъэм нахь лъапсэ едзы, шъхьэм къимыхьащтхэр къырегъахьэх, къехъулlагъэр насыпынчъагъэу зыфелъэгъужьы. Егъашlэм Чэташlэхэм анапэ къаухъумэжьэу къахьыгъ, чылэу къыздэхъухьагъэм фэшъыпкъэхэу, хэгъэгум хабзэу илъым агукlэ фэкъабзэхэу къэтэджыгъэх, яцlыкlухэри кушъэм зэрэхэлъэу ащ фапlух. Джы сыдэущтэу хъущтыгъэ Лимэ сиунэ къисщэгъахэу ятэ икъэбар къэlугъагъэмэ? – ыlуи, Биназ зэупчlыжьыгъ. Нэтlэбгъу сэмэгум къеуагъэ лъыр зэхишlагъ, гум икъытео макъэ зэхехы фэдэу къышlошlыгъ. Аущтэу зэрэмыхъугъэм игушlуафэ ынэгу къызэрэкlэфагъэмкlэ емыкlу зыфилъэгъужьэу, урамым зыгорэ къыщычlинагъ пlонэу къызщылъэти, паlор зыщилъэзэ, унэм къикlыгъ, зыдакlори ымышlэу ячэу къэгъэзэгъу къызнэсым, къызэтеуцуагъ.

Модыкlэ-мыдыкlэ остыгъэхэр Дэхапlэ къыщыхаблэхэу аублагъ. Колхоз конторэмкlэ Биназ кlонэу фэягъэп. А лъэныкъор цlыф кlуапl. Зэкlэри къеплъэу, ыгу илъыр къашlэу къышlошlы. Сыд пае непэрэзымафэм сахэтыгъэу джыри сахэхьажьыщт ыlуагъ. Кабинетым сызэрихьэу зы куп къычlэощт гущыlэгъу уафэмыхъумэ, сэмэркъэу адэмышlмэ, зыпщадзыеу рагъэжьэщт, сыгу мышlугъэкlэ сыд пае сахэуlэн. Болэт Зулкъадэ исмэ, сыкlони шахмат сыдешlэн. Биназ заулэрэ кlуагъэу, Зулкъадэ унэм зэримысыр ыгу къэкlыжьыгъ. Шъэожъыехэр самбэм, дзюдом зэрафигъасэрэм сеплъын ыlуи, еджапlэмкlэ ыгъэзагъ.

Еджапlэм Биназ нэсышъугъэп. Шэныбэмэ яунэ лъэныкъокlэ зэплъэм, яостыгъэ хэгъэнагъэу ылъэгъугъ. Зы шъхьангъупчъэп къэнэфыщтыгъэр – Лимэ ипшъэшъэ унэ зэрахэтыжьэу шъхьангъупчъиплlри ары. Сыд сэlо

хъугъэр мощ фэдизэу яунэ зэлъынэфыжьэу, ыIуагъ Биназ. Шъхьэм къимыхьэпхъэ Iаджи къихьагъ, хэмылъыгъэ гуцафи къечъагъ. Лимэ лъимыхьэ мыхъунэу ыгу хъугъэ. Сэ симыIэ сыд гушIуагъуа ащ иIэр? Псэлъыхъо купэу къылъихьагъэм апашъхьэ Лимэ итэу, аIугушIоу, заIуишIыхьэу къыщыхъугъ, джа гупшысэми ригъэлъэкIонygъ.

Биназ изакъоу пшъашъэм дэжь зэрэкIорэр къыригъэкIугъэп. Шъэфэу пшъашъэм улъехьэ пIонэу, укъэзылъэгъурэмкIи емыкIу. ЕтIани а зэгуцэфэгъэ псэлъыхъомэ захахьэкIэ, ежь имызакъоу Лими егъэпыуты. Биназ къыгъэзэжьы е унэм блэкIы шIоигъуагъ шъхьакIэ, сыкъэзылъэгъурэм хьаблэр Iосэуджыкiы къышIошIын ыIуи, аущтэу фэшIэшъугъэп. ПчъэIушъхьэм зыIохьэм, шъхьэм къечъагъэри нэмыкI. Лимэ сыд есIощт?..

Унэм зехьэм, зэгуцафэщтыгъэм щыщ къэшъыпкъэжьыгъэп: псэлъыхъо купи щызэхэсэп, ары пакIошъ, пшъэшъэжъыем иунэ хъулъфыгъамэ изгъэун тутыными иурэп. Къэбзэ-лъабзэу, сыдигъуи зэрихабзэу, зэIухыгъ. Биназ кIуи, пIэкIорым пэчIынэтIэ столыбгъум готIысхьагъ. Лимэ адырэ унэм къызщычIэкIыщт пчъэмкIи плъагъэ, газетэу щылъри къыштагъ. Хаплъэ фэдэу ышIыгъ, бгъэгум къилъэтыщт пIонэу ыгу къытео. Тутын зэремышъорэмкIэ емыкIу зыфилъэгъужьэу нычхьапэ нэмыкI чIыпIэ ифагъэу Биназ къышIэжьрэп. Зулкъадэ игъусагъэмэ, къыIихыни, гуапэр зытыригъэоу, тутыныбжъэр ыгъэстыщтыгъэ.

Лимэ унэм къызэрэчIэхьащтым Биназ ежэу заулэрэ щысыгъ, етIанэ икъычIэмыхьакIэ ыгъапэу ригъэжьагъ. Зулкъадэ къыздищэгъагъэмэ, сэмэркъэузэ чIэкIынти, къэбарэу щыIэр къызэригъашIэщтыгъ. Шъхьэзакъоу къэкIон фэягъэп. Сыд ыIони унэм чIэджыкIыщт джы, тэджэу чIэкIынышъ, ппхъу тэ щыIа Сафят риIошъунэп. ЗыгорэкIэ Лимэ имысэу къэкIуагъэми ышIэрэп. Ащыгъум сыда иунэ остыгъэ зыкIыхэгъэнагъэр?

Адырэ унэм гущыIэ зэIушъэшъэ макъэ къиIукIы фэдэу Биназ къышIошIыгъ. Хьау, къышIошIыгъэп, зэхихыгъэр Лимэ ымакъ, Сафят иIушъэшъэ псалъ. Лимэ исмэ Iофэп Биназ ыIуи, нахь гупсэфыгъо иуцоу ыублагъ. Ардэдэм шъхьэм къыфечъэу Сэбэхь, Лимэ ятэ исурэтхэр зыпылъэгъэ пIэкIор шъхьагъымкIэ Биназ плъагъэ. Дэпкъым



Сэбэхь исурэтитIу пылъыжьыгъэп, а чIыпIэм зыгорэ зэрэпылъэгъагъэр къырыпшIэнэу гъучIыIунэ хэIупIэ гъонитIу къытещы. Хъугъэр Биназ къызгурэIом, ащ къикIрэр зыфихьыщтыр ышIагъэп, етIанэ гу лъитэу ригъэжьагъ. Нахь гущыIэ мэкъэ лъэшэу унэм къычIэIукIырэмкIэ джыри шъхьэр ригъэпхъотагъ, Сафят ыIоу зэхихыгъэри шIогъэшIэгъоныгъ:

– ПшIэрэм фэдэ, нынэ, цIыф ышIэрэп, къыплъихьэгъэ кIалэр ибгъэкIыжьыщт…

– ЕрэкIыжь фаеми…

– Ал, ащ фэдэ аIорэп!..

– Адэ сыда сэбгъэшIэщтыр, мам?

– Ор-орэу уинасып зэпымычыжь, нынэ…

– Синасып зэпачыгъах сэ!..

Биназ щымысышъоу къэтэджыгъ, ышIэщтыр ымышIэу джэхэшъогум къытенагъ. Джы дэгъоу къыгурыIуагъ Лимэ зыкъызкIышIуигъэбылъыщтыгъэр, больницэми зылъэкIом, ушъхьагъухэр къыфычIаригъэхыгъэх. Унэм къикIыжьынэу пчъэмкIэ къежьагъ шъхьакIэ, зыгорэ къылъыIаби къызэтыригъэуцагъэм фэдэу, ари фэшIэшъугъэп.

– Ар пIоу цIыф зэхемыгъэх,– Сафят иIушъэшъэ макъэ джыри Биназ къылъыIэсыгъ.

– Джы нэс сятэ зысимыIагъэкIэ, джыри серэмыI!..– Лимэ ымакъэ тIупщыгъэ дыкIыгъоу пчъэ еутэкI макъэри Биназ зэхихыгъэ.

– Ал, ащ фэдэ аIуа, синынэгущ…

Сыд пае сыкъакIуи, Биназ ыIуагъ, унагъор бэлахьэ хэсыдзагъа!.. Сызхэтыгъэ гопэгъур имыкъоу, сэр-сэрэу лыгъэ зыкIэсыдзэжьыгъ, Лимэ лъичъыгъэ фэдэ мыхъуным пае джэхэшъогум тIэкIурэ Биназ тетыжьыгъ. ЗыкIаплъэри ымышIэу, шъхьафитынчъэу сурэтхэр зыпымылъыжь дэпкъымкIэ плъагъэ. СищытыкIэ хъунэп зыщиIощтым, Сафят ымэкъэ тIупщыгъэ Биназ зэхихыгъэ:

– Адэ сыд мыгъор пфэсшIэн, нынэ… Уятэ уемыIэфэ, зиIэм уехъопсагъ, джы бгъотыжьыгъэшъ, симыIагъот оIо. Iаеми дэгъуми укъыхэкIыгъ, уят!..

Лимэ пIалъэу Биназ ритыгъэр къэсынкIэ тхьэмэфитIу иIэжьэу ДэхэпIэ больницэм къэбар къычIэтэджагъ. Апэ къэбарыр къэзыхьыгъэр Хьэсэнэ Мерэм.

– Е,сэ зы къэбар сэшIэшъ,– ординаторскэм ылъапэ къызэрэридзагъэм лъыпытэу Мерэм ынапшIэхэр дищэ-

ягъэх, учъыIын езгъэжьэгъэ нитIури зэIукIотхэзэ, къилыдыкIыгъэх.– Щытыр орэтIысы, щысыр орэтэджы, къызэрэшъуасIоу, шъукъызэхэфэщт… Лимэ больницэм IокIыжьы!..

– Хэт зыIуагъэр? – Ордэн Сурэ къэупчIагъ.

– Сэры зыIуагъэр. Главврачым истол телъэу изаявление сынитIукIэ слъэгъугъэ.

– Сыд ыIорэр?..

– СэшIа ыIорэр, чылэм сыдэкIыжьыщт еIо.

– ДэкIонэу зызгъэхьазырырэр тэ бгъэкIощта?.. ЧэташIэм дэкIыжьын мурад иIа?..

– Дэхапlэ зыдегъэпытыхьэ нахь, ЧэташIэм дэкIыжьын мурад иIэу сшIэрэп,– Мерэм тэмэпкъитIур зэфищагъэ.

– Адэ ятэ пылъыр пылъэу Лимэ зыхащэни, ЧэташIэмэ зауцIэпIыжьына!.. – Сурэ къыIуи, Мерэм феплъэкIыгъ.– Угу ябгъабгъи хъунэп…

## XII

Ощх чъыIэм, зылъэгъурэм ыгъэшIагъоу, ос цIынэр щэджэгъоужмэ адэжь къыхьыгъ. Сыхьат зытIум тхьэпэ пытэкъужьыгъо имыфэгъэ чъыгхэр осым зэлъибгъагъэ. ШIуцIэгъакIэр дунаим темытыжьэу, тыдэ уплъагъэми фыжьыбз. Ошlэ-дэмышIэу, къызэрежьагъэм фэдэу, осыр теужьыгъ, бжыхьэ тыгъэри жьыбгъэм зэрифэрэ пщэ пытхъафэмэ къакъоплъыгъ. ЗичIышъхьашъо къэплърэ дунай фыжьми ткIун ригъэжьагъ. МэфэкIо Рэщыдэрэ Хьамырзэ Долэтыкъорэ нэмыкI тхьаматэм икабинет исыгъэп.

– Осыр мэжъужьмэ сшIэрэп,– Рэщыдэ къыIуагъ,– ар зэрэмыбэгъэшIэщтым сенэгуягъ.

– Къерэс фаеми джы,– Долэтыкъо IэутIэ ышIыгъ,– натрыфыр Iутхыжьыгъах, хэгъэгуми етщэгъах, тихэлъхьани тепэсэкIуагъ.

– Колхозым иагроном шъхьаIэ иIофхэр зэкIифагъэх тIоу къедгъэсмэ, былымэу итыубытэжьрэмэ сыд ядгъэшхыщт?

– ГъэрекIо елъытыгъэмэ, былымIускIэ мыгъэ тиIоф дэеп. ДэхэкIаеу тыугъоягъ. Силосэу зэхэтлъхьагъэм гъэтхэ уцым тытырищэщт.



– Ары, Долэтыкъу, гъэ къэс тIорэр. Ау етIани кIымэфэгум Iусынчъэу тыкъэнэ. Мыгъэ нахьи гъэрекIо сыд зэрэнахь мэкIагъэр? Ядгъэшхыщтыр тымыгъотэу гъэтхаем тыкъыхани, сыд къин ятлъэгъулIагъэу пшIэрэ?

– ГъэрекIо кIымэфэ мыухыжьэу къэтхыгъ.

– Джыри пшIэщтэп зэрэхъущтыр. Апрелым иблым мэкъу хьынибл зыщымыгъакI аIуагъ.

МэфакIом ылъэгъугъакI пIонэу Хьамырзэм ынэпцэ зэхэкIагъэмэ яплъыгъ. Ренэу хъоршэрыгъэр зишъэф нитIури Рэщыдэ ынэмэ къакIэлыдагъ. ЗэIущхыпцIагъэх нахь, ажэ къызэтырахэу зи зэраIуагъэп. Рэщыдэ нахьи Долэтыкъо илъэсищкIэ нахьыкI, мэкъу-мэщ институтыр къызеухым, илъэс заулэрэ чылапхъэм пылъ агрономэу Iоф ышIагъ. Биназ колхозым иагроном шъхьаIэ къыIуащи, парткомым исекретарь зашIым, ащ иIэнатIэ Хьамырзэм ратыгъэу зэрехьэ.

IэнатIэм Долэтыкъо зэрэIуагъэхьэгъэгъэ шыкIэр Рэщыдэ ыгу къэкIыжьыгъ. Ощ нахь хэмылъэу Iоф зыхэсыдзэжьы пэтыгъ, ыIуагъ МэфакIом. Синасыпти Нэгъум Чэмалэ къыскъоуцогъагъ нахь, Чэтэшlэ Биназ зыдэдгъэкIощтымкIэ Iоф тыхидзэ пэтыгъ. Райкомым зещэм, кIэзэзэу, Iордэгъазэу къэкIожьыгъагъ. Хьамырзэм иIэнатIэ елъытыгъэмэ, ЧэташIэми иIэнатIэ цIыкIоп. Тхьаумафэ къыхэкIырэп райкомым амыщэу. Колхоз агрономын нахьи ыпшъэ ралъхьэгъэ Iофыр нахь къекIущт. Мыдрэ IэнатIэм Iуты зэхъум, тIощтми тшIэщтми тыфитыжьыгъэп, шъыпкъэ лъыхъумэ ащыщышъ, цыхьэ фэпшIынэу щытыгъэп. Колхозым гъонэ Iаджи иI, ахэр зэкIэ ымыIулIэжьы мыхъунэу мэуцу. Джыри сиIофмэ закъыхесэ, ау къэгущыIэми, партийнэ Iоф ныIэп къызэрэгущыIэрэр. Хьамырзэри цакопышъ, зыгорэ къызэриIоу, о пшIэрэм фэдэ горэ тэри тэшIэ ыIозэ, къэмацэм ызкIэлъэныкъо фегъэзэжьы. Ащ фэдэмэ урялэжэкIоныр дэеп – зэфилъхэ къэс уицIыфыгъэ нахь къыхэщы, нэмыкIмэ уасэ къыпфашIы.

Нахьыпэм зэрэщытыгъэм фэдэу джы ЧэташIэри щытыжьыщтэп. Сыд фэдэу зыбгъэинми, къыохъулIагъэу цIыфмэ къыбдашIэрэм уигъэцIыкIущт. ЧэташIэмэ афэдэу Шэныбэми зы куп чылэм щакъот. УнэгъошъхьарыкIэу чылэм Iо къыдэтэджагъ. Дэхапlэ изакъоп, район IофышIэхэри рэгущыIэх. Олахьэ, ащ къехъулIагъэри тхьамы-

кӀагъом. Сыд шъуӀуа зэрикуцтыр? Зыми емыплъэу Шэныбэм ыпхъу къыщэна? Къыщэми, парткомым исекретарь ышӀагъэр къырагъэкӀунэп.

– Щэджэгъуашхэм блэкӀы пэт,– Долэтыкъоу сыхьатым еплъыгъэм Рэщыдэ игупшысэмэ къахищыжьыгъ.– НекӀо, Рэщыд, тадэжь, тятэ ныпчэдыжь мэлыр зэӀихызэ, сыкъыдэкӀыгъагъ.

– Мэлы пӀуи? – МэфакӀор къэупчӀагъ.– ГуӀэ-шӀуӀэ гъэжъэгъакӀэр сыдым фэд пшхынкӀэ!..

– ЕтӀани ныкъо гори игъусэжьэу!..– Долэтыкъо ынэмэ хъоршэрыгъэр къакӀэлыдыкӀыгъ.

– Мэфэ щэджагъоу уешъоныр къекӀуӀорэп, моу пчыхьэ фэгъэзагъэмэ нахьышӀугъ. РайонымкӀэ зыгорэ къытлъыхъущтми тшӀэрэп. Тымакъэ Таймэзым зызэхимыхкӀэ мэзэщы.

– Къыбдэгущыӏагъэба непэ.

– Ар екъу пшӀошӀа?

– Адэ сыд зыфаер?

– Хьамэм телъ щыӀэмэ къаштэ, джары зыфаер. Ярэби, сэ къызэрэсэпхъэшэкӀрэм фэдэу Таймэзыр адрэ тхьаматэхэми япхъэшэкӀа?.. Жьы къытигъэщэжьыхэрэп шъыу!.. Мыпшъырэми сшӀэрэп, непэ къыуиӀуагъэм мэфэ зытӀущ тыригъэшӀэнышъ, пшӀагъэмкӀэ къыоупчӀыжьыщт. Доверяй-проверяй тызхэтыр.

– Район зэӀукӀэ горэм шъузщаугъоирэм, тхьаматэмэ яупчӀ къяпхъэшэкӀмэ.

– Ары, у шъоехъужъмэ къыуаӀон!.. ЗэкӀэми яшӀоу къызкӀэкӀагъэӀукӀы, ячэу цэпкъ ремыкӀокӀыгъэми, яунэ ихьагъэу, аушъэфыпэу птхьакӀумэ къеӀушъашъэх.

– Садэжь щыӀагъ Ӏори, ори зыгорэм ытхьакӀумэ иӀушъашъ.

– Плъэгъугъэба зымафэ къытишӀагъэр, къедгъэблэгъэн зытэӀом, губгъо борщыр шӀоӀэшӀоу ыӀуи, къытфыдэхьагъэп. Ничего, техьэгъакӀэм ыкӀэ сыдигъокӀи Ӏэтыгъэ. Ари къауфагъэу зэгорэм къэплъэгъужьын... Мэл укӀыгъакӀэ тиӀ пӀуагъа, Долэтыкъу?..

– Олахьэ арым сӀуагъэр. Щэджэгъуашхэ къыдэхьажь аӀомэ къыслъыджэхэзэ, унэм сыкъикӀыгъ. Хьазырмэ, сытеони, къызэзгъэшӀэн,– Долэтыкъо телефон трубкэр



къышти, ядэжь джагъэ, сыхьатныкъокӀэ гъусэ иӀэу къызэрэкӀожьыщтри ариӀуагъ.

– Олахьэ убзаджэм, Долэтыкъу,– МэфакӀор щхыпцӀыгъэ.– СыушъэфыӀэп, сӀупс къебгъэчъагъ. Ащыгъум о кӀожьи, сэ сыхьатныкъо горэмкӀэ уауж зыкъизгъэнэщт. ПшӀэрэба цӀыфхэр зыфэдэхэр...

– Аущтэу оӀоми, дэгъу,– Хьамырзэр къэтэджыгъ,– сымышӀэ мэхъуа цӀыфхэр зыфэдэхэр, нэбгыритӀу зэдэтӀысыгъэу залъэгъукӀэ, ешхэ-ешъу аӀощт.

Сыхьатныкъоу зыфиӀуагъэр нахь псынкӀэу ыгъэкӀон ыӀуи, МэфакӀор газетмэ ахэплъагъ. Ащи ыгу темыхьэу счетыр къышти, заулэрэ бжъэ хъураехэр модыкӀэ-мыдыкӀэ зэригъэчъагъэх. КӀэлэегъаджэу зэрэщытыгъэр гум къыгъэкӀыжьыгъ. Гурыт еджапӀэм Ӏуащи колхоз тхьаматэ зашӀыгъэ илъэсыр ары МэфакӀом къин зилъэгъугъэр: щэ зэтет чырбыщ унэшхом фемыплъэкӀэу гукӀэ чӀэмыхьэу мафэ къекӀущтыгъэп. ЕтӀанэ колхоз Ӏоф мыухыжьмэ зыхалъаси, гурыт еджапӀэр чылэм дэт-дэмытми ымышӀэжьэу, кӀэлэегъаджэхэр зыгорэм фаехэу къызфакӀохэкӀэ, мы лъэӀорыехэр тыуджэгъугъэ ыӀоу, гъумытӀымэу ригъэжьагъ.

Дэхэпӏэ еджапӀэм Рэщыдэ чӀэт ыӀозэ, Таймэзыр ошӀэдэмышӀэу ыгу къэкӀыгъ. Телефоныр къытеуагъ шӀошӀэу плъагъэ, трубкэр къыӀэти, зи къимыӀукӀы зэхъум, тырилъхьажьыгъ. Таймэзым зыфыщыщынэн МэфакӀом зыдимышӀэжьыщтыгъэми, ащ фэдэу зыкӀыщыщтэхэрэр зыфихьын ышӀэрэп. Апэрэ секретарэу райкомым зыфашӀыгъэ мафэм щегъэжьагъэу ыгу къызэрэкӀэу, ежь нэмыкӀ ымышӀэу ыгу мэсысы. Загъорэ, аущтэу зэрэщытыр шӀомытэрэзэу, зыфэгубжыжьы шъхьакӀэ, ишӀуагъэ къакӀорэп.

Рэщыдэ сыхьатым еплъи, гузажъоу къэтэджзэ, телефоныр къытеуагъ:

– Джыри конторэм учӀэсмэ сшӀэрэп, Рэщыд,– Хьамырзэм игые макъэ трубкэм къиӀукӀыгъ.

– Джыдэд, мары сыкъэкӀо... Ашъыу Таймэзым тыщигъэӀэжьрэп, джыри къытеогъагъ...

– Сыд ыӀорэр?

– ЫӀорэр сыд, щэр, лыр, кӀэнкӀэр еӀо...

– Джау кабинет фабэм сисэу сӀонба сэри...

– Хъугъэ, телефон Ӏофэп ар!... Мары, сыкъэкӀо пэт...

Унэм МэфакIор зэрехьэу гуIэ-шIуIэ лыбжьэр, пахъэр къышъхьащихэу, Iанэм къытехьагъ. Хьалыгъу фыжь шъабэри гъэжъэгъакIэ, хъырбыдз шIоIугъэ зэхэгъэчъыгъэри никъоплъэу лагъэм къышъхьащэщы. Коньяк бэшэрэбрэ аркъ бэшэрэбрэ Долэтыкъо Iанэм къызтырегъэуцом, Рэщыдэ Iэ ышIзэ, къэкуугагъ:

– Iух, къытемыгъэуцу коньякыр, пхъэцIамэ пыоу!..

Iанэм пэсхэр къызэкIэплъыхьагъэх. Абзи къытIупщыгъ. Аркъ бэшэрэбым зи имытыжь зэхъум, Хьамырзэм къыIуагъ:

– Моу джыдэд, тучаным згъэчъэнхи, къязгъэхьыщт.

– Арэу шIэхэу тыухыгъа мыщ итыр? Джары гъомылэр дэгъумэ къыохъулIэщтыр... Бащэ, Долэтыкъу, тучаным нэс бгъэчъэжьхэу... КъыIух коньякыр, Таймэзымдхэр зымыгъалIэрэм тэри тигъэлIэнэп...

– Таймэзыр коньяка зашъорэр?

– Адэ, джы начальникхэр коньяк зашъохэрэр!

– КъякIу-къямыкIу яIэп ахэмэ, ыпшъэкIэ щытым ышIэрэр ыуж итым кIешIыкIыжьы. Джырэ лъэхъан, Долэтыкъу, узхэтмэ адемыгъаштэмэ, уакъыхэзыщт. Ежьхэм лъэкъо джабгъур адзэу, о сэмэгур удзэу хэт къыпфидэщт!.. Сыдрэ Iофи гурышэ-тхьагъэпцIыгъэр ищыкIагъ. Мары сэ къысфырагъэахъорэм сыфэшъыпкъ, о укъысэтхьагъэпцIэкIы... Ы-ы, Долэтыкъу, хьущта а тIэкIур къызэриунэжьрэр?..

– Мыра зыфапIорэр, Рэщыд? – рюмкачIэм Хьамырзэр щхызэ иплъагъ.– МыщкIэ хьарамыгъэ сшхырэп, уизакъоп, бэмэ къысфадзы. КъысэхъулIэрэр ошIа, мы пэмыгъор ары зилажьэр, шIонэшъ, сигъэIэтырэп. Олахьэ, Рэщыд, мы къинэжьыгъэ тIэкIум пае шъыпкъагъэу къыпфысиIэм гуцафэ фэосымыгъэшIын. Мэджэс Ахьмэт зэришIы хабзэу, сыбзэгу нэсымыгъэсэу счый ескIыхын,– Долэтыкъо рюмкэм итым джыри хигъахъуи, зыжэдикIагъ, етIанэ рюмкитIуми арыз ышIыжьи, къыIэтзэ, къыIуагъ.– Мы бжъэр, Рэщыд, тазыфагу шъыпкъэныгъэу дэлъым фэзгъэкIодмэ сшIоигъу. Тхьэуегъэпсэу, ренэу сэIо зэпыт, джыри къэсIощт, оры мыхъугъэмэ, агроном шъхьаIэр нибжьи колхозым щысагъэгъотыныеп. Ащ фэдэ шIушIагъэр зыщыгъупшэжьрэмэ сащыщэп. ПIорэм, пшIэрэм зы Iэпэ зэлэ закъокIэ сызэрэблэмыкIрэр ошIэ, тапэкIи сызэрэблэмыкIыщтыри къыосэIо. Сы ЧэташIэп сэ, пIорэм сыблэкIынэу! УкъэзгъэукIытэжьыгъэп ныIа, Рэщыд!..



– Хьау, ащ фэдэ джы нэс къыбдэслъэгъугъэп.

– Къыздэмылъэгъугъэмэ, къыздэплъэгъущтэпышъ, джащ пай!..– зы ткIопс къыримыгъанэу Хьамырзэм рикIыхыгъ, хъырбыдз шIоIугъэм лъыIабэзэ, къыпидзэжьыгъ.– Сэ сызэрэщытыр джары, Рэщыд. Ори ащ ущыгъуаз. Шъэфыгъо, цыхьэшыгъо сызышIырэм сыфэшъыпкъэ, сыраукIынэу аIуагъэми, зырязгъэукIыщт. Сыдрэ IофкIи лIыгъэ пхэлъын фае. Шъыпкъэба, Рэщыд?.. Адэ джары, улIмэ узэрэщытыпхъэр... ЧIэукъощэгъэ натрыф гектар шъэныкъомрэ коц гектар тIокIиплIымрэ зыми игугъу фэсшIыгъэп ныIа?.. ФэсшIыгъэп, фэсшIыгъэуи зэхэпхынэп!..

– Ахэмэ ягугъу пшIы пакIо, Долэтыкъу,– зэхихыгъэм зэшъуагъэр кIифыжьэу МэфакIом къыIуагъ,– пшъхьэ къибгъахьэу уягупшысэныр ищыкIагъэп. Ар ЧэташIэм ыпашъхьэ зыгорэкIэ къыщыпIокъон... Таймэзым къытиIощтыр ошIа, джа партбилетэу шъуиджыбэ илъхэр моу къытешъулъхь ыIощт!..

## XIII

Хыжьым ос цIынэу къыхьыгъагъэр текIи, мэфэ ошIукIэ дунаим зыкъызэблихъужьыгъ. ЧIым пахъэ къыхимыхыщтыгъэми, бжыхьэгоу зэрэщытыр пщимыгъэгъупшэу тыгъэр къепсы. Тещхагъэм, тесагъэм ихьатыркIэ чылэ гъунэ уцми къэушхъонтIыжьыгъашъо тет, тхьачэтхэри, къазхэри изэрэтэкъожьыгъэх. Чылэ былым Iэхъогъури адыкIэ шъофым ит. Ос зытесэгъэкIэ къушъхьэ шыгу зэбгъутхэри зызыупцIэныжьрэ мэзым чыжьэкIэ къышъхьащэщых.

ЧэташIэмэ ятетIысхьапIэ Ибрахьимрэ Темыркъанрэ тесых. Ибрахьимэ джэдыгу тIурысэ шIуцIэм кIоцIыс, хъурышъо хьаплъым хэшIыкIыгъэ пэIо чэнджыри шъхьарыс. Чэтэшlэ лIыжъым елъытыгъэмэ, Темыркъан зэтегъэпсыхьагъ: пальтэу гъуапчэм щазмитIумрэ паIомрэ къякIу, пшъэдэлъ пIокIэ зэфагуми галстук плъыжь псыгъо гори къыдэщы, IэутIэ ышIызэ гущыIэ зыхъукIэ, дышъэпс егъэшъогъэ запонкэри къэлъагъо. Темыркъан зыфызэтегъэпсыхьагъэм Ибрахьимэ кIэмыупчIагъэу щытэп: райисполком тхьаматэм дэжь къекIыжьы.

– Къызэрэпlорэмкlэ, Темыркъан, къэбарышlу къэпхьыгъэп,– Ибрахьимэ джыри къыригъэжьэжьыгъ,– чылакlэр кощын фаеу хъущт.

– Зэрэчылаклэп, Ибрахьим, Псыкъэбзэ къуладжэм дэс унэгъо щэкlрэ хырэр ары кощынэу къызтефэрэр.

– Армэ Iофэп. Сэ чылэм ызныкъу сшIошIыгъ.

– Непэ, Ибрахьим, аущтэу аlо шъхьакlэ, пшlэрэба мыхэр зэрэщытхэр, неущ аlощтыр фэшъхьаф. ШъуIудгъэкIыщт аIомэ, цIыфхэр агъэбэлэрэгъэзэ, унэхэр арамыгъэшIэу зэоуж илъэс тIокIыр къытагъэхьыгъ. Сфэмылъэкlыжьэу сэ унэ шIын зесэгъэжьэм, зэрэчылэу сауж къихьагъ. Къуладжэм сыдэсыгъэмэ, зы бгъагъи сIэтыныеп. Агъэкощыщтмэ арамыIуагъэу щытэп, Ибрахьим. Ащкlэ тихабзэ цIыфым уасэ фешIы, утекIощтэп. Макъэ къыуигъэIущт нахь, ышIэщтымкIэ къыоджэнджэшыщтэп.

– Хэгъэгум хэбзэ Iоф зэрифэрэр,– Ибрахьимэ хэпскэуIукIыгъ,– мэхьанэ римытыщтыгъэмэ, хым ыуж ихьащтыгъэп, мощ фэдиз машинэ къыритэкъулIэщтыгъэп.

– Ари ары...– дырагъаштэ фэдэу Темыркъан зишIи, пигъэхъожьыгъ.– Ау етIани мыхэмэ ашIэрэр ашIэжьы пшIошIа?

– Ар умыIо, хабзэм ифедэ зыхэмылъ пфишIэщтэп.

– Олахьэ шъыпкъэм, Ибрахь. Ар тэрэзэу къэпIуагъ. Ау сэзгъаIорэр ошIа, мы непэ сыздэщыIэгъэ тхьаматэм зыуж итхэм хэшыкI зэрафыримыIэр ары. Чылагъоу Iуамыгъэкlыщтми щыгъуазэп. ХымкIэ сызэреупчIыгъэм яз иджэуап къыситыжьышъугъэп.

– ЦIыфхэр ымыгъэбырсырынхэм пае ышъхьэ къыримыхы шIоигъуагъэмэ шIэ?..

– ТхьамыкIагъор, Ибрахь, ащ фэди хэслъэгъуагъэп. Дунаим зыгъапэрэ щымыIэу сыхэплъагъ.

– Арэу оIомэ, Таймэзым дэжь уIухьан фэягъэ. Ащ химышIыкIмэ, хэта хэзышIыкIынэу районым исыр?

– Олахьэ, Ибрахь, тIогъогогъо Таймэзым дэжьи сыIухьагъэм, сычIагъэхьагъэп нахь. Зы пшъэшъэжъые IонтIэгъэ цIыкIу горэ ичIэхьагъу Iусышъ, хьэпаныем фэдэу къыбжэхэбанэ, зэхэшIыкI зыфаIорэр ышIэрэп, лIыжъы, кIалэ иIэп. ЗэIукIэ иI ыIуи, тIомкIи сычIигъэхьагъэп. Мыщ ыпэкIэ, Таймэзыр техьэгъакIэу, сызIохьэм, сыд узэрэфэещтыр ыIуи, сыригъэзи, мощ нахь мыхъурэм силъэгъун ышъхьэ фисхыщтмэ сыд сызфэкIуагъэр сIуи, сыгурэ сшъхьэрэ зэбгъэжьэу сыкъыIукIыжьыгъ. Зэгорэм сиджыбэ илъыгъэ партбилетыр зэримылъыжьыр ары нахь сыкъэзыубытрэр, тесыубытэни, занкIэу обкомым сыкIощтыгъ. Къин джырэ лъэхъан партбилетыр умыIыгъыныр. Шъыпкъэба, Ибрахь, о нахь сыкъызэхэпшIыкIыщт. Ар къыбдамылъэгъоу, Ибрахь, пкIэ иIэп...

Партбилетыр зэримыIыгъыжьыр къызэрэфадзыгъэмкIэ ЧэтэшIэ Ибрахьимэ ыгу къеуагъ, ау къызхигъэщыгъэп. Еплъ, ыIуагъ Ибрахьим, Дударыкъом фэдэмэ къыуаIожьыщтыр. А партбилетэу зыфапIорэр сиджыбэ имылъыжьми, сыгу имылъэу зы мафи къыхэкIыгъэп. Зыми естыгъэп, сиунэ зэрилъ. Сэ нэмыкIэу, скъохэми, скъомэ акъожьхэми непэкIэ нэбгырэ пшIыкIутIу тыхэт, хэхьанэу цIыкIоу тиIэр ащ нахь макIэп. Сэры апэрэ рекомендациер ЧэташIэхэмкIэ зытырэр, къысэмыупчIыжьыгъэу джы къызнэсыгъэм зы нэбгырэ къахэкIыгъэп. АпэрэмкIэ Ибрахьимэ ыгу къеуагъ шъхьакIэ, джы щхы шIоигъу. НапIэр къыIэти лъэгэгъэ шъхьарыткIэ Дударыкъом шъхьапырыплъыгъ.

ЧэтэшIэ Ибрахьимэ партием зэрэхагъэкIыгъэр чылэмкIэ зышIэрэр мэкIагъэ. А лъэхъаным Темыркъан ДэхапIэ дэсыгъэп, заом щыIагъ. 1942-рэ илъэсым ихьнгъо мазэм ыкIэхэм адэжь, Краснодар пыим ыштэнкIэ мэфэ заулэ иIэжьыгъ. ДэхэпIэ колхозэу «Кавказым» ихьамэмэ джыри лэжьыгъэр атизыгъ, комбайнэ закъоу яIэри коц хьасэм хэтыгъ. Колхоз былымхэр – мэлхэр, чэмхэр – къушъхьэм чIигъэзыхьанхэу райкомым ибюро пшъэрылъэу къыфишIыгъэр Ибрахьимэ ыгъэцэкIагъ. Къэнэжьыгъэ закъор лэжьыгъэ ныкъотещэу хьамэм телъыгъэр ары. Ибрахьимэ итхьамэтэгъум колхозым ипартийнэ организацие исекретарь IэнатIэри дихьыщтыгъэ. Мафэм тIо-щэ заом изытет зыкъызэблихъущтыгъ. ШыкухэмкIэ, цукухэмкIэ лэжьыгъэр элеваторым рагъэуалIэщтыгъэ. Чэщым хьамэм текIыгъэ лэжьыгъэдэщхэм якухэр зэрэушъагъэхэу пчэдыжьым къагъэзэжьыгъ: нэмыцмэ зэхакъутэгъэ элеваторыр стыщтыгъэ, лэжьыгъэм пылъыжьын цIыфи тетыжьыгъэп. Джа мафэм нахь чIыпIэ къин ифагъэу Ибрахьимэ къышIэжьрэп. Краснодар ихьанэ-гъунэ зэошхо щэкIо, топыо макъэхэм чIыгур агъэгырзы, пщэ шIуцIэ Iугъомэ ошъогур чIыпIэ-чIыпIэу зэлъаштагъэ. Ибрахьимэ ышIэщтымкIэ егупшысагъ, бригадир-

ри бзылъфыгъэ заули хьамэм къыщиугъойхи, упчӀэжьэгъу ышӀыгъэх. Хьамэм телъ лэжьыгъэр цӀыфмэ афагощынэу рахъухьагъ. А мэфэ дэдэми унэгъошъхьарыкӀэу спискэкӀэ Ӏуаригъэщыгъ. ЯтӀонэрэ мафэм, ышӀагъэр ашӀомытэрэзэу коцым машӀо кӀидзэни ыгъэстыным ычӀыпӀэкӀэ, колхоз мылъкур ипхъыхьэ-итэкъу ышӀыгъ аӀуи, райкомым ащи, партием щыхагъэкӀыгъ. ЧэтэшӀэ Ибрахьимэ партием хэмытыжьэу къызыкӀожьыгъэм мэфищ тешӀагъэу, ышъхьэ зыдихьыщтыр ымышӀэу, модыкӀи-модыкӀи щымыщэу, ДэхапӀэ нэмыцхэр къыдэхьагъэх. Джар зыхъугъэм мазэрэ някъорэ щышӀагъэу, нэмыц ешхэ-ешъом къыщрашӀагъэр къехъулӀагъ. Ащ ыуж мэзым хэхьажьи, заулэрэ къыхэтыгъ. Нэмыцхэр чылэм дафыжьхи, хэкум зырафыжьхэм, тэтыемэ уадыдэмыкӀэу зыкъыдэбгъани, пыим удыдэсыгъ аӀуи, заор аухи, ыкъо нахьыжъэу Шумафэ къегъэзэжьыфэ, къыралъэшъокӀэу Ӏоф хагъэтыгъ.

Заом къызекӀыжь уж ахэмэ Темыркъан ащымыгъуазэу щытыгъэп. Ары шъхьакӀэ, къыохъулӀагъэмкӀэ уизэкъон нахьи, утӀумэ, ущмэ нахь уахэкӀокӀэщт, мощ фэдэ лӀыжъ зыдэпшӀмэ, шъо къыптыраштэщт. Темыркъан хьапсэм чӀафи, партием зэрэхагъэкӀыгъэм рыкӀэгъожьэу цӀыф зэхыригъэхыгъэп, ау ар загъорэ къышӀудэмыоен ылъэкӀрэп. Гъэкощын Ӏофым ыгъэгумэкӀэу арэп райисполкомым зыфэкӀуагъэр. Таймэзыр ары илъэгъуныгъэр. Ащ зыӀомыкӀэм, сыкъызыкӀуагъэкӀэ ӀэнэкӀэу сыкӀожьынэп, лӀышъхьэ горэм сыӀумыкӀэу ыӀуи, райисполкомым тхьаматэм дэжь зыкӀычӀэхьагъэр, хэт ышӀэра, зыгорэкӀэ къегъэжьагъэ хъумэ, Таймэзым лъэгъунэу фыриӀагъэмкӀэ къыздигъэӀэпыӀэнэу фыхигъэпсын ихьисапыгъ. Ау ежь зэриӀоу иӀоф къикӀыгъэпти, игубж хабзэм иӀофышӀэмэ атрикъутэу къэкӀожьыгъ.

– Хабзэм угу фэкъабзэмэ, Темыркъан, а тхылъэу зыфапӀорэри уиджыбэ илъэу къызшӀогъэшӀ,– Ибрахьимэ мыгузажъоу, бэщыпэми шъхьэр тыримыхэу къыӀуагъ.– Адрэ партие хэмытыжьымкӀэ укъызгомыуцу, орырэ сэрырэ тызэгофэшъунэп. ЗыкӀи партием сыгу ебгъагъэп, ыгу къысэбгъагъэуи зыдэсшӀэжьрэп. О уимыӀоф зепфи, хэбзэ мылъку тыгъугъэкӀэ хьапсэм учӀафи, партием ухагъэкӀыгъ. Сэ о сыолъытыгъэмэ, Темыркъан, сымэлэӀич. Лэжьыгъэр пыим ӀэкӀэсымыгъахьэу зылэжьыгъэмэ



зэрястыжьыгъэм пае сшӀагъэр зышӀомытэрэзым ежь фэшӀэшъуштыр къысишӀагъэшъ, сыгу ебгъэрэп, ащкӀэ гъусэгъуи сыпфэхъурэп. Ощ сыфэдэу зыми сыхэмытэу зыслъытэжьрэп!.. Е дунай, дунаижъ хьаф, сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ...

Темыркъан зыпкъ изыщрэ Ибрахьимэ еплъыгъ. Олъэгъуа, бэным дэцохъожьы пэтзэ, къызэцэкъэкӀыжьын елъэкӀы, ыӀуагъ Дударыкъом. Хьапсым сычӀэсыгъэмэ гъэшӀэгъона, хэта джы лӀыцӀэр зыхьэу ащ чӀэмыфэрэр!.. СычӀэсыгъэмэ, уятэ ыугъоигъэ мылъкоп сызфычӀэсыгъэр.

– Олахьэ, Ибрахь, къысэпӀуагъэр сфэшъуашэм,– Дударыкъом нэрэ-Ӏэрэ азыфагу зыкъызэблихъугъ, ынэкӀушъхьэкухэр къыригъэсысыкӀхэ фэдэу щхыгъэ,– сэӀо нахь, адэ орырэ сэрырэ сыдым тызэфихьына! Партием ухэкӀыгъэу къыбдэсэшӀэти къэсӀуагъэ нахь, ащ зи хэслъагъорэп.

– СыхэкӀыгъэп, ащ фэдэ джынэкъэуж зэхэсэмыгъэх!..

– Ухэтми, олахьэ, сымышӀэ узхэтыр...– Темыркъан къыригъэжьэгъэ къодыеу Ибрахьимэ къэтэджи, бэщыпэр ыгъэсысызэ игущыӀэ къызэпиутыгъ.

– Джа скъохэр, скъомэ акъохэр, Болэт Къасым, Былымгъот Мурат, Таймэзыр зыхэт партием сыхэт!.. Сыда сызкӀыхэмытыр, боу сыхэт!..– ЧэтэшӀэ Ибрахьимэ ыгъази, бэщыпэр ригъэлъэкӀоныпэзэ, ӀукӀыжьыгъ.

Мафэ горэм, пчыхьэшъхьапэм риублэгъугъэу, къоджэ советым итхьаматэ губжыгъаеу колхоз конторэм къычӀэхьагъ. Тхьаматэм икабинет МэфакӀори, ЧэташӀэри, Хьамырзэри чӀэсхэу щызэхиубытагъэти, къариӀуагъ:

– Ы-хьы, джы сызфэе дэдэмэ сарихьылӀагъ!..

– Сыд къыохъулӀагъэр, Заудин? – МэфакӀори, адрэхэри къычӀэхьагъэм тэдж сэлам къырахыгъ.– Жьы къыпфэщэжьрэп, моу къэтӀыси, зыгъэпсэф.

– Жьы къысфэщэжьрэп, сызэщафыгъэшъ!.. Тхьэр шъосэгъэлъэӀу мы Болэт Къасымэ зыгорэ сфешъуӀонкӀэ, сыщышъуухъумэнкӀэ... Партием хэтмэ гъэшӀэгъона, тэри ащ тыхэт!..

Ордэным имыхэбзэгъэ губжыкӀэ ашӀогъэшӀэгъонэу щысхэр зэплъыгъэх. ЧэтэшӀэ Биназ къоджэ тхьаматэр зэщызыфыгъэ лъапсэр къыгурыӀоу фежьагъэти, ар ежь ыпкъ къызэрикӀрэр зыдишӀэжьэу щхызэ, къэупчӀагъ:

– Чылэм архитектор ищыкӀагъ къыуиӀуагъа?

– КъысиӀуагъ. Ормэ шӀэ Болэтыр садэжь къэзгъэкӀуагъэр?

– Адэ архитектор сэнэхьат колхозым зэримыӀэр пшӀэрэба? – ЧэташӀэм Ӏофым ышъхьэ къыримыхэу, зэригъэкӀуагъэри фэушъэфыгъэп.

– Ашъыу, уиархитектори сыпылъыжьэп, ащ фэдэ единицэ сиӀэп, сиӀэщтэп ыкӀи!.. Непэ Ӏоф зыригъэшӀэу къызфэкӀуагъэр шъошӀа, чылэм музей къыщзэӀух еӀо, субхьан алахь, сыдэу гумзагъ Болэтыр!

– Ордэныр, узфэгубжырэр сшӀэрэп нахь,– МэфакӀор щхыгъэ,– Болэтым мыхъун ыӀорэп, зэрябгъэшӀыщт ахъщэр къыздипхыщтыр сшӀэрэп нахь...

– Ары шъыу,– Хьамырзэми къыдыригъэштагъ,– чылэм Къатхэр дэкӀыжьхэшъ, яунэ някъошӀ колхозым къебгъэщэфыни, яорзэшъхьэ бгъагъи ыпашъхьэ зэритэу, тыгъосэрэ щыӀакӀэмрэ непэрэ щыӀакӀэмрэ рызэпяплъынхэу музей къызэӀупхыщт еӀо.

– Е-е, Заудин, хъущтэп джы къешъухыжьагъэр!..– МэфакӀом Ӏэ ышӀыгъ, зэхихыгъэм къыгъэтэджыгъ.

– Сыда зыкӀэмыхъущтыр?

– Дэеп, тфэукӀочӀыщтмэ, ащ фэдэ музей чылэм дэтыныр,– ЧэташӀэ Бинази къоджэ тхьаматэм иупчӀэ лъапсэ къыубыти, псынкӀэу дыригъэштагъ.

– Ерагъэу еджапӀэмрэ клубымрэ такъхэпшыжьыгъ тӀозэ, шъуимузей, Болэтым сыщышъуухъум пӀозэ, деогъаштэмэ шӀэ. Ар пӀоу, къытэмытӀупщ!.. Армырми, дзэм къулыкъушӀэкӀэ дгъэкӀуагъэмэ къагъахъэщтыгъэ ахъщэр колхоз зэӀукӀэ унашъокӀэ якассэмэ арытегъалъхьэ. Зэрэколхозэу къыгъэбырсыри, зыфиӀуагъэр тимыгъашӀэу къытшӀокӀыгъэп...

– Олахьэ шъугъэшӀэгъоным,– Хьамырзэр джыри къахэгущыӀагъ,– колхоз мылъкур иптэкъухьан нахь хэлъба!.. Чылэр къызфэнэжьрэ къоджэ Советми тӀэкӀу зерэгъэсысба, сышъоплъышъ, Ордэныр, шъукъиуцомэ хабзэм ыцӀэкӀэ пчэгур шъуӀыгъэу, сыдэу шъуцӀэхъо дэд шъыу!.. Ну, а Болэт Къасымэ къышъупыпкӀагъэмэ, музей шъушӀыгъахэкӀэ шъулъытэ!..



# XIV

– Моу шъэ горэ къысфигъахъу,– Мэджэс Ахъмэт буфетчицэм епэгэкӀэу риӀуагъ, адрэри, ыпашъхьэ итым хэмылъыгъэ шэныр шӀогъэшӀэгъонэу, къеплъыжьыгъ.

– Сыдэу непэ, Купхэс, узэтегъэпсыхьагъ сэӀо? Гъогу утехьагъа?

– Мафэрэ сызэрэщымытыгъэу, непэ сыщыта? Къигъахъу моу, а зыфэсӀуагъэм зы грамми езгъэхъущтэп. Сыдэу зэгъокӀа уибуфет? Тэ хъугъэха мыр зихьакӀэщхэр? – Ахъмэт ищыухьэ костюм шӀуцӀэ теухьэ фэдэу зишӀыгъ, гъончэдж лъапэхэр зыдэгъэнэгъэгъэ щазымэ кӀэпситӀуми затыриӀэтыкӀыгъ.

– Стхыщта, хьауми къэптыщта?

– Сыда зыкӀэптхыщтыр, къыостыщтыр сихъоеу,– сомэ тӀокӀрэ тфырэ зэрытыр Ахъмэт иджыбэ къырихыгъ,– адрэхэри ицӀэтхъукӀыжь!..

ЧӀыфэм къелыжьыгъэ сомэ зыщыплӀыр ӀэпитӀукӀэ джыбэм рикожьзэ, Ахъмэт буфетым къычӀэкӀыжьыгъ. Буфетчицэ бзылъфыгъэ къопцӀэ цӀыкӀум зыгорэ Ахъмэт къыкӀэлъиӀо шӀоигъуагъ шъхьакӀэ, мощ фэдизэу зызгъэшӀожьрэм ыгу сыхэӀэнэп ыӀуи, щхыпцӀыгъэ.

Урамыр зэгъокӀыгъэ. Ахъмэт адрэ чэу къуапэм, колхоз конторэм дэжь, уцугъэ. Ащи заулэрэ зыщигъэчэрэгъугъ, непэ сызщыдэс закъоу, зыкъызысфэпагъэм чылэм дэсыр бзэхыгъэ. МодыкӀи-мыдыкӀи щымыщэу, иорденхэр гум къэкӀи, костюмыбгъэм еплъыжьыгъ. Ахэр къызэрэзыхимылъхьагъэмкӀэ кӀэгъожьыгъэми, ежь-ежьырэу ушъхьагъу лъыхъу ежьэжьыгъ: алахьэм ешӀ зыдэщылъхэр, зыгъэ зэригъэтӀылъыжьыгъагъэх, етӀани апэрэ щылъэгъу закъом костюм шӀагъор язгъэулыӀуна... СыкъэзылъэгъухэрэмкӀи, сэ зыр ара орден зиӀэу чылэм дэсыр, сыд мыщ къехъулӀагъэр аӀони, емыкӀу хъун. Тэрэз Болэт Къасымэ ыӀорэр, уигъэхъагъэмэ уащымыукӀыт еӀо шъхьакӀэ, сэ зыр ара гъэхъагъэ зиӀэу мыщ дэсыр. Зыхэплъхьащтыр Ӏофа, кӀэнэкӀалъэ узышӀыщтыр нахьыб. А мыскъарэ узышӀыщтхэм зыхалъхьан ямыӀэкӀи арэп, ау пшӀэрэба цӀыфхэр зэрэщытхэр, ежь ымышӀэрэр шӀощхэн. Олахьэ шъуфитым къысэшъуӀолӀэщтым, сыд фэдэ лъыпскӀэ къэсхьыгъ ахэр, сыкӀожьыни зылъэгъурэм ыгъэшӀагъоу

зыхэслъхьан. Джа бжъэ цIыкIу лыдрэмэ афэдэ сиIагъэмэ дэгъугъэ, бгъэ кIэлъэныкъом зэкIэри дахэу езгъэкIущтыгъэ. ГъэшIэгъоны, зызэрэхэтымылъхьэрэр арыщтын, ахэр макIэу къызэрэдагъэкIырэр.

Шъэожъые зытIу нэмыкI IумыкIэу Ахъмэт унэм къэкIожьыгъ. ПчъэIушъхьэм елъэбакъуи джэхэшъогум лъапэр зэрэтыридзэу, буфетым чIэтыфи, чэу къуапэм Iотыфи, къэкIожьыфэ зэрэщытыгъэм фэмыдэу, дунаими зыфэежь темытэу ыгу хъугъэ. Сешъожьыщтэп буфетчицэм риIогъагъ шъхьакIэ, ыгъотымэ хьау ымыIонэу, унэм зыщиплъыхьагъ, бэшэрэб зытIоу пчъэкъуахэм къотыгъэмэ зи арытыжьыгъэп. ПхъэнтIэкIу шъхьаком тетIысхьи, пкIэнтIэ чъыIэ жъгъэим ынатIэ зыкъытырипхъэу заулэрэ щысыгъ. ПIэкIорым тес шъхьантэр инэплъэгъу къыпэшIофагъ, шъхьэнтэтебзэри шъхьангъупчъэ Iухъори гыкIыгъэнхэ фае. Ежь нэмыкI унэм имысэу, джэхашъори сыдэу шIоя, ащи итхьакIыгъо блэкIыгъ. Къасымэ ыIу-ымыIоми, хъунэп мы тищыIакIэ. Ахъмэт къэтэджи, джэхашъом тепхъэнкIыхьэ фэдэу ышIыгъ, лажьэ зимыIэ шъхьантэри ыгъэтэрэзыжьыгъ. Къэмылъэгъонхэу бэшэрэбхэри пчъэкъуахэм къуигъэкIотагъэх. Ахэмэ ауж ит ыIозэ, къыздизыгъэр ымышIэу Шэныбэ Сафяти гум къэкIыгъ.

Джары шъузы хъущтыгъэр, ыIуагъ Ахъмэт, IэпкIэлъапкI, шъузаб пIонэу умышIэу ышъхьэ ыIыгъыжьыгъ, зятэ зиIэмэ аримыгъэхъуапсэу пшъэшъэжъыери ыпIугъ, анахь врач Iазэу больницэм Iутмэ ащыщ. Илъэс пчъагъэрэ былымэхъо фермэм тыздыIутыгъэшъ, шъхьэмылъытэжь еслъэгъулIагъэп, чэмыщ пэрыт аригъэIуагъ, тIуми орден зырыз къыздыщытатыгъагъ. Сафят дэжь фыкъокIмэ шIоигъоу Ахъмэт ыгу къэкIыгъ. Заом къызекIыжьым къыздырихыгъэгъэ пхъонтэжъые хъокIыгъэм дэIэбагъ, орденхэр дигъотагъэхэп. Зышъхьэ техыгъэ пхъуантэу зыдэплъыхьэрэм чан, шъодэн заул, дыды, зэрэмладшэ сержантыр къыуагъашIэу дзэкIолI тэмэтелъитIу, жъогъо плъыжь зыхэлъ пилоткэ тIурыс, блэпс дахэ зиIэ шъом хэшIыкIыгъэ чыс аIоу дэлъыгъэх.

Дыдымрэ шъодэн псыгъо заулэмрэ нэмыкI, адрэхэр зэкIэ Ахъмэт заом къыздырихыжьыгъагъэх. Шъхьэм гукъэкIыжьхэр къечъэхэу аублагъ. Мы чаныр нэмыц горэм окопым къыщIэкIиутыгъагъ, ишъэогъу Карпов Никанор ары мыхъугъэмэ (тхьамыкIэр заор аухынкIэ мэфэ зыщыплI нахь имыIэжьэу Берлин IукIодагъ), Закарпатьем, Львов дэжь, мэзым щыхаукIыхьэщтыгъэ. Хъырахъишъэкlэ хэдыкIыгъэ чысэр Мэздэгу пэмычыжьэу заом зыщыIухьащт пчыхьэм къэзэкъ пшъашъэм къырitыгъагъ. Пилоткэ тIурысэр Ахъмэт иеп. Никанор заукIым, къыщызыгъагъэр ары...

Ахъмэт щымысыжьышъоу пхъонташъхьэр тырилъхьажьи, къэтэджыжьыгъ. Костюмыр фэцIыкIу фэдэу, джанэми ыпшъэ къыфызэу къыщыхъутъ, «кIыгъ-сыгъ» къэзыIощтыгъэ щазымэхэри шIозэжъугъэх. Сыд сэIо сишхэр къырясымыгъэфэкIы мыхъунэу къыстефагъэр, псэкIодых, къэхъугъэр амышIэу къыспэплъэщтых, сыкIони кIалэм къыIысхыжьыных. Мыдэ умышIэмэ купэгъум сыкIэшIагъ пIонэу, сыд гъэпсэфыгъуа непэ зыуж сихьагъэр.

Щыгъыныжъхэр Ахъмэт зызщелъэжьхэм, гупсэфыгъор къекIужьыгъ. КъэптаныбгЪэ гъуанэмэ зяплъыр ары орденмэ зэралъыхъущтыгъэр ыгу къызыкIыжьыгъэр. Тэ хъунха, модрэ пхъуантэм дэлъхэщтын.

ЧылэгумкIэ, буфет лъэныкъомкIэ ремыкIокIынэу Ахъмэт фэягъ шъхьакIэ, гукъэкIыжьмэ къыщагъэхьэгъэ гопэгъум шIокIын ылъэкIыгъэп.

Буфетым ежь имылэгъоу, ау бэкIэ ыуж къимынэгъэ нэбгыритIоу чIэсмэ апымылъэу, сэлам ыхи ябгъукIуагъ.

– Къигъахъу джыри шъэ горэ.

– Уемышъожьынэу пIогъагъэба, Купхэс?

– ТIорэр тагъэшIэжькIэ огугъа мыхэмэ,– ыгъэмысэри умышIэу, джау сыдми ушъхьагъу гущыIэкIэ Ахъмэт къыIуагъ.

– Къеблагъ, Купхэс,– буфетыр зичэщ гъолъыжьым яз къыIуагъ,– сыдэу пхъатэ тызпэмыхьра?

– Хьау, пхъэтэпэмыхь щыIэп,– Ахъмэт къэптан IэгъуапэмкIэ зыIулъэкIыхьажьзэ, агу хигъэкIыгъэп,– мыIофшIэгъу мэфагъэмэ сыкъеблэгъэныгъи. Сику зэкIэт къысэжэ. Сэ сцIэкIэ моу мыхэмэ нykъо афтегъэуцу.

– Дэстхэщта?

– Дэптхэна...– Ахъмэт иджыбэ итхъожьыгъ шъхьакIэ, нэкIыгъэ.– Даптхэми хъущт, адрэ къэптаным къисынагъ... Олахьэ мыхъугъэ ар, олахьэ игъуаджэм...

– КӀо хъугъэ, Купхэс. Чылэм удэкӀыжьына, неущ къэпхьыжьми сезэгъы, нибжьи сыбгъэпцӀагъэп.

– Олахьэ мыхъугъэ ар…– джыри Ахъмэт къыӀуагъ.– Неущ сэ мыщ сыкъычӀэхьажьы сшӀоигъуагъэп… Олахьэ игъуаджэм къысэхъулӀагъэр.

– УкъычӀэмыхьажьэу тэ укӀощта, Купхэс? – ныкъоу зыфаӀуагъэм къылъытэджыгъэр къэупчӀагъ.

– СыздэкӀон макӀа, модэ къыпфарагъэштагъэр, сыкӀэмыгъожьзэ, Ӏых!..– Ахъмэт сэмэркъэуи губжи зэхэтэу къыӀуагъ, етӀанэ ежь зэгыижьрэм фэдэу къыпигъэхъожьыгъ.– Икъунба тызэрэчӀэтыгъэр…

– Ы-ы?..– адрэ щысми ыгъэшӀэгъуагъ.

– Джа зэхэпхрэр ары.

– Ар Ӏоф шъхьаф, фэщыӀэнэп нахь.

– СфэмыщыӀэмэ, сыздэкӀощтыр чыжьэп.

– Дэгъу, Купхэс, дэгъу,– апчым къылъытэджыгъагъэу, джы аркъыр стаканмэ арызгъахъорэм къыӀуагъ,– алахьэм уигухэлъ укӀегъахь, тэрэзэу ошӀэ уемышъожьынэу зэрэпӀорэр, мыщ шӀу кӀэрыпхыщтэп. Тэри пцӀэкӀэ мыр дгъэкӀодын, тигъэлӀэщтми ощ пае зедгъэгъэлӀэн, зы лэжьэкӀожъэу чылэм дэсмэ уащыщ… Зи фэӀуагъэп, Купхэс, укъэмытӀысыщтми, мы бжъэу къытфябгъэхьыгъэм щыщ къыддэпӀэтмэ…– къызэплъэм, Ахъмэт буфетым чӀэтыжьыгъэп.– ЧӀэкӀыжьыгъа сэӀо Купхэс?

– Адэ чӀэкӀыжьын, ужэ къыдэхъыкӀрэм гъунэ имыӀэу…– гъусэр къегыигъ.– КъэӀэт зэ, тӀупс къебгъэчъагъ. Алахьэм мыр къытфязгъэхьыгъэ Мэджэсыр хэкӀрэр къыхэхъожьэу щегъаӀ, емышъожьын ӀофкӀэ мурадэу ышӀыгъэри къыдэгъэхъу.

– Амин, ау къыпыбгъэхъожьыгъэмкӀэ къыбдезгъаштэрэп.

– Сыд пае шъыу къыздемыгъэштэн?

– Тхьам къабыл ымышӀыщтымкӀэ селъэӀурэп.

– Сыд о пӀорэр, Цэцау? – буфетчицэм еджагъ.

– А шъуззэреплъ дэдэу Купхэс щытэп, Ӏуагъэ къобгъотэжьыщт. Буфетым сыкъызыкӀуагъэм щегъэжьагъэу мыӀуапхъэ ыӀуагъэу, мышӀапхъэ ышӀагъэу зэхэсхыгъэп, нэмыкӀмэ афэмыдэу уисомэ еогъотылӀэжьы. ТхьамыкӀэм пыупхъухьан шъуз зэримыӀэр ары нахь…

– Зэ, зэ Цэцау,– упчӀэ зытыгъагъэм Ӏэ къышӀыгъ,– зэ быяу, Мэджэсыр зыфэдэр тэшӀэ, тэ тыкъызэрэоупчӀырэр фэшъхьаф, емышъожьыныр фэгъэцэкӀэщта-фэмыгъэцэкӀэщта?

– Ахъмэт ыгу рихьын бзылъфыгъэ горэ пэкӀафэмэ, ыгъэцэкӀэщт,– Цэцау апэрэу Мэджэсым ыцӀэ къыриӀуагъ.

– Хэта Ахъмэтыр сэӀо?..– ришъугъэ аркъым къызэхишӀыхьэгъэ адырэ лӀэу зышъхьэ шӀолэлыгъэр къэупчӀагъ? – Мэджэсым ащ фэдацӀэ иӀа?.. Ахъмэт… Олахьэ гъэшӀэгъоным, апэрэу зэхэсэхы. Купхэс цӀэ шӀагъор АхъмэткӀэ пхъожьы хъуна!..– ышъхьэ фэӀорыжъорыжьызэ, етӀанэ ынэхэр жъоплъы хъужьыгъэхэу къэупчӀагъ: – Ы-ы, Цэцау, о слъэгъурэм Купхэс уенэцӀкӀэ сенэгуе?

– ӀукӀ адэ о, Ӏаер…

Ахъмэт а мафэми къыкӀэлъыкӀогъэ тхьэмафэми Сафят фыкъокӀыгъэп. Сыд сыкӀокӀэ зилӀ къыкъоужьыгъэм дэжь къыщысшӀэщтыр ыӀоу, чэщрэ зыгъолъыжькӀэ гопэгъу мычъыем хэмыкӀэу къыхьыгъ. Нычхьапэ жьыкӀаеу шыхэр кӀитӀупщыжьыгъэхэти, Сафят дэжь кӀонэу ыгу къыпылъэдагъ шъхьакӀэ, ыпхъу цӀыкӀуи къэкӀожьыгъэу исынкӀи мэхъу ыӀуи, зиӀэжагъ. Ау ятӀонэрэ мафэм Шэныбэмэ адэжь мыкӀон фэлъэкӀыгъэп.

Къэбзэ-лъабзэу Ахъмэт зызэкӀиупсыхьагъ нахь, щыгъын къабзэхэр зыщилъагъэхэп.

Унэм къихьагъэр зелъэгъум, Сафят зыфихьын ышӀагъэп, ау къызхимыгъэщэу, нэгушӀоу къыпэгъокӀыгъ:

– Къеблагъ, Купхэс, къеблагъ.

– Моу сыблэкӀти, уиостыгъэ хэгъэнагъэу зысэлъэгъум, сыкъыдэхьагъ.– Ахъмэт ушъхьагъу къыгъотэу тӀысыгъэ, адрэ унэ пчъэ ӀухыгъэмкӀи плъагъэ, къэупчӀагъ.– Пшъэшъэжъыер исба?

– КъокӀасэмэ къылъагъакӀуи, яджэгу ащагъ. Усымаджэу, Купхэс, зыгорэм уегъэгумэкӀа?

Зэхихыгъэм Ахъмэт ыгъэгушӀуагъ. Пшъэшъэжъыер зэримысыри дэгъу, усымаджа ыӀуи къызэреупчӀыгъэри ащ нахьышӀужь:

– Олахьэ Лимэ сищыкӀэгъагъэм. Ашъыу, сызыгъолъыжьрэм, пскэм сызэшӀуетхъы, къысэхъулӀагъэр сшӀэрэп. Тутын сызэремышъожьрэр армэ Ӏофэп, мазэм къехъугъ зыхэсынэжьыгъэр…

– Ар дэгъоу пшӀагъэ, Купхэс.– Ащ фэдэу адрэ шъонри хэунэжьыгъот.

– Ащ иӀофи сыухыгъэ,– Ахъмэт зыфаехэр къыраӀоти, гушӀуагъэ,– тхьамафэм блэкӀыгъ зы гъуаткӀуи зысӀумыфэ-

жыгъэр!.. Ар хъуна, сызэрэщытыгъэм елъытыгъэмэ, цIыфы сыхъужыгъэба!..

– Дэгъу, Купхэс, дэгъу,– Сафят джыри гушIуагъэ,– аущтэу теуубытагъэмэ, лIыгъэ пхэлъэу укъычIэкIыгъ. Лъэшэу сигуапэ. ЛIы шIагъор шъоным еунэхъулIэ аIозэ, чылэ шъузмэ агу къеощтыгъэ.

– Адэ ары, Сафят, сешъожьрэп. Сэ зысIокIэ пысэупкIы. Сыушъэфырэп, тхьэегъэпсэу Болэт Къасымэ, игые къысхэхьагъ. ОшIа, Сафят, сшынахьыжъ Къэнэмэт тхьамыкIэр Къасымэ ишъэогъугъ, заом зэдэкIуагъэх, къыгъэзэжьынэу инасып къыхьыгъэп нахь.

– Къэнэмэти дэгъоу къэсэшIэжьы сэ,– Сафят хэщэтыкIыгъ,– тхьамыкIэр кIэлэ шIагъоцтыгъ. Iаджри джэгумэ сакъыщыдэшъуагъ. Къызещэм, инысэ лэгъуни сисыгъ. Ори алъэхъаным, Купхэс, укIэлэ зикъэмыщэу къизгъэжъукIрэмэ уащыщыгъ. УзалъэгъукIэ, пшъашъэмэ анэкIушъхьэхэр къызэриуплъыжьыкIыщтыгъэхэри къэсэшIэжьы... Мыдэ, сыд сэIо сызпэтыр, IэнэкIэу ущысэгъэсы,– Сафят Iанэ къыштэу ригъэжьагъ.– Хьау, хьау, Купхэс, къэмыIу, шъуадэжь къыщыпшхыгъэр сэ сшIэрэп, тадэжь укъихьагъэу, сыд щыщми ухэсымыгъаIэу уизгъэкIыжьыщтэп. Щыс, окIожькIэ унэ нэкIым ипшIыхьан щыIэп.

КIэлэгъумкIэ зыбгъазэмэ, Ахъмэти гукъэкIыжь иI. Сафят зэриIуагъэу, ащ фэдэ зэмани блэкIыгъ. Удж Iаджми пшъашъэмэ агухэр щыдгъэсысыгъэх, псэлъыхъонкIэ тятхьагъэпцIэкIэу, ежьхэри къытэтхьагъэпцIэкIхэу бэрэ къыхэкIыгъ. Борэнмэ яджэгу Сафят зэрэщепсэлъыхъогъагъэри къызэрэдэшъогъагъэри Ахъмэт ыгу къэкIыжьыгъ. Зигъэнахьыжъэу адыкIэ щытыгъэ Шэныбэ Сэбэхьи ынэгу къыкIэуцожьыгъ. Борэнмэ яджэгу Къасымэрэ Къэнэмэтрэ хэтыгъэхэми къышIэжьрэп. Хэтыгъэхэмэ, къашъокIэ псэлъыхъоу ышнахьыжъ ыпашъхъэ зыщишIытэжьыщтыгъэп, тIурытIу уджми пчэгум дытехьащтыгъэп. Ахъмэт игупшысэ-гукъэкIмэ къахэужьэ, щхыпцIыгъэ.

– КъидгъэжъукIыщтыгъэми сшIэрэп, Сафят, пхъатэ тызпэпхьыщтыгъэп.

– Ары, ары, пхъатэ узпахьыщтыгъэп!..– чэтщыпсым щхыу кIыгъоу Iанэм къытыригъэуцозэ, Сафят ыдагъэп.– КъэошIэжьа Борэнмэ яджэгу тIурытIу къашъо сыкъебгъашIэзэ къысэпIогъагъэр?



– Сыда къыосIогъагъэр?..– Ахъмэт зи къымышIэжьэу зишIыгъ.– Хэт ышIэра къыосIогъагъэр, тыкIалэ зэхъум, Iаджи тIощтыгъэ.

– Егупшыс, егупшыс,– Сафят инэгушIуагъэ къызэлъигъэнэфыгъ,– уегупшысэмэ, угу къэкIыжьыщт... Уипсэлъыхъо IушъэшъэмакЪэ стхьакIумэ имыкIэу чэщ мычъые Iаджи къысагъэхьыгъагъ, ау пIуагъэм укъыкIэлъыкIожьыгъагъэп,– Сафят пшъэшъэ къичъыжьыгъакIэу щхыгъэ.

– ЧэтэшIэ Ибрахьимэ иIуагъэу, «е дунай, дунаижъ хьаф, сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ, кIэлэгъур уигъогу зэхэкI, жъыгъор уигъогу мэзах...» Къэсымышlэжьэу мэхъуа, Сафят, къэсэшIэжьы!.. Ау ащкIэ сэ зи силажьэп...

– Хэт адэ зилажьэр?

– Сэщ нахьи нахь псэлъыхъо бэлахь къыпфыкъокIыгъэти ары зи къызкIэсымыIожьыгъагъэр.

– Хэт ащ фэдэу узгъэщтэнэу ДэхапIэ дэсыгъэр?

– Шэныбэ Сэбэхь ыцIэу ащ фэдэ псэлъыхъуи, къэпшIэжьрэба, уиIагъ.

– ШIагъуа сиIагъэмэ. Пшъашъэм зы псэлъыхъоп иIэр, ыгу урехьмэ, псэлъыхъуишъи къыпфэкIощт, ау гум пэблагъэу хъущтыр зы ныIэп,– лIым икъэбар къызэIу уж, модыкIи-мыдыкIи щымыщэу пчэгум къинэгъэ пшъэшъэжъыер ыгу къэкIыгъэми, Лимэ зэрэмыпсэлъыхъончъэр ерэшI ыIорэм фэдэу, Сафят щхыгъэ, етIанэ фэмыщыIэу ышъхьэ къырихыгъ.– ЧэташIэхэр щтагъэх шъхьакIэ, мыщтэн Iаджи ДэхапIэ къыдэкIыгъ, мыщ изакъуа, Нэбыкъуай къыфекIых. Мары КъокIасэмэ яджэгу тIогъогогъо къырагъэкIыгъэти, сынэ искIыжьына, къэлъэIуапэхэ зэхъум, ястыгъ...

Пхъу закъомкIэ къырихьыжьэгъэ гущыIэ лъапсэр Ахъмэт къыгурыIуагъ, унэгъуитIум иIоф ахимылъхьэ шIоигъоу шъхьащыкIыгъ. АхъмэткIэ пшъашъэри кIалэри изэфэдэх. Лимэ пIоныщъ, ар ащэнэп умыIо, нахь пшъэшъэ гохь чылэм дэсэп. Биназмэ, ащ Iапэ зыфишIрэр къыдэкIон. Зинасып къэкIогъитIум зи хъун къяхъулIагъэп. ЧэтэшIэ Биназ нэмыкIыгъэмэ, зыми емыплъынкIи мэхъу,ау ар пфэзышIэн кIалэу ащ сыхаплъэрэп. Сыд зыщефэхыгъэм, сыпсаумэ, сыщыIэмэ ыIозэ, Шэныбэр зыфыкъомысыгъэр!.. УнэгъуитIум ямызакъоу, зэрэчылэу къуанцэ къыдилъэшъуагъ. Плъэгъурэба Сафят ыгу къэкIыжьхэрэр, лIым икъэбар къэмыIугъагъэмэ, къысэгупсэфылIэжьыныгъэу сыхэплъэ. Сыхэплъэ къодыерэп, ежь-ежьырэу къеIуапэ.

– ТикIэлэгъу-делэгъум мыхъун сшIагъэмэ, Сафят, къысфэгъэгъу,– Ахъмэти щхыгъэ,– укIалэ зыхъукIэ, Iаджи къыохъулIэщт. Анахь зишIугъо кIалэу ДэхапIэ дэсыгъэ Шэныбэ Сэбэхь сыпэшIуекIошъугъэп. Адэ джары къысэхъулIагъэр... Ащ изакъоп, етIани къыосIоныр ошIа, тIогъогогъо Шэныбэм сигъогу къызэпичыгъ... Зэ сикIэлэгъум, зэ сижъышъхьэм...

– УикIэлэгъур уикIэлэгъугъ шъхьакIэ,– Сафят зи къыгурымыIо фэдэу ынапшIэ дищэягъ.– Тыркуем исыр джы уижъышъхьэ гъогу сыдэущтэу зэпырыкIын?..

– Тэри гухэлъ горэ къыпфытиIагъ, Сафят...– Ахъмэт тхьагъэпцI нэплъэгъукIэ фычIэплъзэ, щхыпцIыгъэ.

– УиIагъэмэ, сыд джы нэс узпэсыгъэр...– Сафяти къыдзыжьыгъ, етIанэ щхызэ, къыпигъэхъожьыгъ.– А синасып, Ахъмэт, фермэм тытетэу зы тызэфэгъэхъужь къызысэоIом, зызэрэхэсымыгъэукъуагъэмкIэ!.. Джы сыд сшIэжьыщтыгъ, дунаим псаоу тет лIымкIэ хьайнапэ сыхъущтыгъ...

– ЕтIани сыд узпэсыгъэр къысэоIожьы!..– Ахъмэт ыгу къыдеIэу, шъорышIыгъэ хэмылъэу щхыгъэ.– Чэщ хъяр къышъокIу, Сафят. Дэгъоу тыщысыгъ, тыгущыIагъ, кIэлэгъури тыгу къэдгъэкIыжьыгъ... Лъэгъунэу фысиIагъэри пшъэшъэжъыем сфеIожь, уц горэ къысфыритхыкIмэ, ишIуагъэ къысэкIын...

Джэнэ Iэгъопитlур дэгъэчэрэзэягъэу Ахъмэт гыкIэзэ, Лимэ унэм къипкIагъ.

– Усымаджэу огыкIа сэIо, Купхэс?– исумкэ дэIэбэжьзэ, Лимэ къэупчIагъ.

– Олахьэ сымышIэ сысымаджэми,– тыгъоспчыхьэ сысымадж зэриIогъагъэр Ахъмэт ыгу къэкIыжьэу сабыныпсыр ыIэ къыпычъэу ынатIэ пкIантIэр тырилъэкIыкIыгъ,– сэпскэ, мафэрэп, чэщрэ ары сызиукIыпэрэр. Тутыныр арыщтын, чIэсыдзыжьыгъэшъ, ащ тесэлъхьэ...

– АрынкIи мэхъу,– Лимэ зыкIиIори ымышIэу дыригъэштагъ.– Уиджанэ зыщыхи, сызэгъэдэIу.

Лимэ мыгузажъоу Ахъмэт ыбгъи, ыкIыби едэIугъ, уз химылъагъоу уц къыфыритхыкIыгъ:

– Мы уцым, Купхэс, мафэм щэ уешъозэ пшIыщт,– Аптекэм къыщыуатыщт. УкъэкIожьыфэ сэ мы джэнитIур пфыхэзгыкIэн.



Ушъхьагъу гъотакIо Ахъмэт ежьагъ шъхьакIэ, Лимэ ыдагъэп. Пальтэу пIуакIэр зыщихи, пхъэнтIэкIу бармэкъым тырилъхьагъ, ыIашъхьи дищаеу ригъэжьагъ.

– Ащыгъум уцыхьэ сыкIон сэ...– къызэрэшIомыкIыщтыр Ахъмэт къыгурыIуагъ, икIын зэхъум къесэмэркъэугъ.– Адэ джары, сипшъашъ, тищыIакIэр... Уянэ тызепсэлъыхъом тыкъыридзагъэп, къезэгъыгъэмэ, мы къысэплъэгъулIэгъэ Iофым сыхэтыщтыгъэп... Ы-ы, Лим, сыд пIорэр о?– щхызэ, унэм икIыгъ.

## XV

Ышъхьэ пIыеу пхъэтэкъэжъым къытырини Ибрахьимэ зыIукIыжьыгъэм щегъэжьагъэу Темыркъан Iоф хэфагъ: тIысыгъэми, тыдэ кIуагъэми а мафэм къехъулIагъэм нэмыкI шъхьэм илъэп. Сыд пае сиIоф зыхэмылъым сыкIуи спэ хэсIугъ ыIоти, зи къызэригъэлыжьыщтыгъэп. ЧэташIэхэр щыхьагъу пшы хъущтэп, ежьхэми зябгъэшIынэу амал зимыI. НахьышIу сэшы, лIыжъым десэгъаштэ сIозэ, бэлахь зыхэсыдзэжьыгъ. Ярэби, къытэхъулIагъэр ыкъомэ ашIа шъуIуа? АриIуагъэкIэ сыгугъэрэп, ащ ыуж тIо-щэ саIукIагъ, гуцаф афэсшIыгъэп. Агу илъыр мохэмэ уагъэшIэщта, къыпIущхыпцIэхэзэ, уракIыщт. Сыд сэIо сыракIынэу ясшIагъэр? Партием ухагъэкIыгъ ялIыжъ есIуагъэмэ, имылажьэ теслъхьагъэп: сымышIахэу жэ мыгъом къысшIудэкIыгъ, ежь тэджи, гъумтIымзэ, сэ, лIыжъышхом, пхъэтэкъэжъым сыкъытырини IукIыжьыгъ, ячэу тыIумысыгъэмэ зыгорэм фэд. КъекIуа ышIагъэр? КъекIурэп. УилIыжъыгъэ сыкъеубыты нахь, ЧэташIэр, дунаим уехыжьыфэ уичэу къуапэ сыкъыIухьажьыщтыгъэп. Адэ псэ пытэхэшъ мы ЧэташIэхэр!..

– Ныо, мылъэпIэ дэдэу, джа нысащэмэ къащырахьакIырэ лIыжъ джанэмэ афэдэ горэ уиIэна?

– Сыда епшIэщтыр?

– Ашъыу, Iоф сыхэфагъ.

– Сыд Iоф?

– Сыд сэIо сызфебгъэзыгъэр!..– шъузым икъэупчIакIэ ыгу зэрэримыхьрэр Темыркъан ымакъэ къыхэщыгъ.– УиIа-уимыIа?

– ЛIыжъ джанэ симыIэ мэхъуа,– Гощнагъо хэкIорыкIушъуашъоу адрэ унэм чIэхьагъ, джэнэ зэкIоцIымыхыгъищи

къычIихыгъ.– Марба, джэнищ унае сиI. Мыр тыгъуасэ КъокIасэмэ янысащэ къытфырырагъэхыгъ. Бэлахьэ зытефэнхэм тэ джэнэ шIагъоу афедгъэхьыгъэм фэдэ агу пыкIышъугъэп. Тэ афедгъэхьыгъэм сомэ пшIыкIутIу ыуас, ежь къытфагъэшъошэжьыгъэм сомих нахь ыуасэп. Мыдрэхэри дэгъу дэдэхэп, къэщэ-нащэхэр къежьагъэхэшъ, тыуджэгъугъэх, тучан тымыIожьынэу гопэ пыгъэкIы хъуных... А лIыжъ, тхьэм пае къысаIоба, сыда джанэм епшIэщтыр?

– ЧэташIэмэ афэсхьыщт.

– ЯкIалэ къыщагъа?.. Шэныбэмэ япхъуа?

– Къыщэн амэ Шэныбэмэ япхъу...

– Адэ хэтмэ япхъу къыщагъэр?

– О-уи, сыдэу укъыспыпкIагъ сэIо непэ!.. ЧэташIэмэ зи къащагъэп. Зы лIыжъ мылIэжьын яIэшъ гъэшIожьыпкIэу фэсхьыщт.

– БгъэшIожьынэу ЧэташIэмэ ялIыжъ сыда шIушIагъэу къолъыр?

– Зымафэ тызэнэкъокъугъэти, ыдэжькIэ шъыпкъэм зигъэзагъ,– ЧэташIэмрэ ежьырырэ азыфагу къифэгъэ зэмышIуныгъэр, сыда зэрищыкIагъэр етIанэ къыуихъоныжьэу ыIуи, Темыркъан ныом шIуиушъэфыгъ.

– Нэкъокъон нахьи, лIэжьэу а Iаем зигъэпсэфыжьыгъэмэ нахьышIугъ. Тхьапш сэIо ыныбжьыр ащ?.. Гъогу рыкIожьын чылэ шъузмэ амылъэкIэу чэтыу хьадж пIонэу, ынэ къилыдыкIэу ячэу къуапэ Iус зэпыт.

– Хэт ышIэра мощ къыгъэшIагъэр,– Темыркъан щхыпцIыгъэ,– тэ шъэожъыеу тыкъыкIэтаджи, лIыжъы техъулIэжьыгъ... Икъун мы сомих зыуасэ джанэм сабын IэшIурэ зы платыкурэ телъыжьмэ.

– Ари бащэ!..

– Умыгузажъу, ныо,– Темыркъан щхыгъэ,– афэсхьрэм ыуасэ нахьыбэ ЧэташIэмэ IанэкIэ язгъэулэущт.

– Охгущ!.. Яфэшъуашэ яошIэ.

– Болэтымрэ ХьэпакIэмрэ зэзгъэгъусэных сэIо.

– МакIэ, лIыжъ. Зыгъэдели Мэджэс Купхэси зыдащ, аркъыхьэ тучаным тIо-щэ ыгъэчъэщтых.

– Сыд есэбгъэшIэщт Мэджэсым козынымэ пыоу. ХьэпакIэм изакъоми ЧэташIэхэр къыришхыкIыщтых.

– Имые зыхъукIэ, лIыжъ, Болэтри мэкIэшхэп.



– Ары, ары, ныо...

– Джыдэдэм укIощта? Ащыгъум сабын IэшIуи, платыкуи сиI сэ,– хьапщэмэ, ушъуашъозэ, адрэ унэм къычIихыгъэх.– Мы джанэм, лIыжъ, сомихрэ абасэрэ ыуас, сабын IэшIур – абэситIу, платыкур – абэсищ. Къэлъытэлъ, сомибл столым къытелъхь.

– Мыдэ, мыдэ мыщ ыIорэр,– Темыркъан ынэкIушъхьэкухэр къисысыкIхэу щхыгъэ,– утучана, ныо, мыхэр къысэпщэнхэу? Зыгорэ пщысщэфы зыхъукIэ, олахьэ сыогъатхъэм, сиахъщи сыгу пэкIы...

– ПыкIын адэ уиджыбэ къинэжьхэмэ. Сэ ар о бблэсхэу, кIалэм блэсхэу зыдэсхьын щыIэп. Сыд пае уиахъщэ тучаным щыозгъэщэн, ари тиунэ къерэнэжь.

– Ары, ныо, ары. Джары тызэрэщыIэн фаер. Орырэ сэрырэ тызэкъомытыжьыгъэмэ, сыдэущтэу мы тиIэр зэтыугъоилIэщтыгъэ. КъыскIэмыугъоягъэмэ, зи скIэбгъэзыгъэп, ащкIэ сыпфэраз. Ма, соми чIыфэу къыптефэ. Сомитф-сомищ зэхэт нахь сIыгъэп.

– Къаштэ, уичIыфи зэгорэм къыстерэф,– Гощнагъо ыжэгъушхо кIэсысыхьэу щхыгъэ,– ар сIэкIэкIэу зыдэкIон щыIэп, остыгъагъэ пIоуи укъыкIэмыупчIэжь, щэфэкIоулэупкI ар.

– Олахьэ, ныо, щэн-щэфым уфэIазэм!.. Сомэ горэ скIэкIэуутмэ, уегъатхъэ, ы-ы, ныо?..

– Сегъатхъэ ма пIоу къысфэпщэирэпышъ,– Гощнагъо ыщагъэхэр дахэу газетым кIоцIищыхьэхи, лIым фищэигъ.– МодыкIи-мыдыкIи щымыщэу ЧэташIэмэ сомибл унае хытагъэлъхьагъ. Мыр зыфэпхьырэм щылъэгъу фифэжьыщта?

– Фифэщт-фимыфэщтым сыда узэрэпылъыр...

– Сигъэпахэрэп, лIыжъ. ЯкIалэ къызрагъащэкIэ янысэтынмэ ахарэлъхь фаеми...

– Ар пIоу къытфарагъэхьыжьмэ?

– Ащ фэди хъущтэп сIорэп. Анэ къаплъэу сомих нахь зымыосэ джанэр нысэтынкIэ о лIыжъышхом къыпфагъэшъошэна!.. СшIэгущэрэп, ахэмэ ашIэщтыр къэшIэгъуай. Зыгъэ Пэнэшъумэ янысащэ джэнапхъэу язгъэхьыгъагъэр илъэсищэ чылэм хэти, щыпс Iэпэ ужхэу телъыгъэхэри зэрэтелъэу нысэтынкIэ къызэрэсIукIэжьыгъэм

ыуж зи згъэшIэгъожьрэп. Сэри сягоожьи, щыпс Iапэхэр тIэкIу хэзгыкIыкIы фэдэу сшIи, Нэбыкъое нысащэ пыраник ящик ителъхьэу язгъахьыжьыгъагъ. Алахьэм ешI къызщырахьакIэу зыщыхэтыр. Дэхапlэ къыгъэзэжьыгъэнкIи мэхъу,— бэшIагъэми Темыркъан унэм зикIыгъэр, Гощнагъо шъхьэ фэгущыIэм хэтыгъ.

Ощх шъэбэ сапэм Темыркъан ригъэлъэкIоныгъ. Дэгъу, ыIуагъ, тыгъэ зэрэщымыIэр. Дунаир тыгъэпсыгъэмэ чылэ лIыжъхэр Чэташlэмэ ячэу къуапэ щызэхэсыщтыгъэх. Мы мэфэ заулэм сыIумыхьагъэу, зэкIоцIыпхагъэри сыблыгу чIэлъэу, сыд сIони, сыIухьащтыгъ. Джы занкIэу сыкIони, Чэташlэмэ яунэ сихьащт, сиунэ укъихьагъ ыIони, сыкъырифына. Чэу къуапэм къыщысишIэщтыгъэр сэшIэ, сызIухьэрэм, ушъхьагъу къыгъотыни, IукIыжьыныгъэкIи мэхъу.

Темыркъан игупшысэхэр ХьэпакIэм икурэжъые «кIыкIыкI» макъэ зэпигъэугъэх. Плъэмэ, ебзыр изэу къэчъэ. Олахьэ ХьэпакIэр цIыф гъэшIэгъоным, непэрэзымафэм уцу иIэп, зыхэсыр шIомакIэу зэрилъэшъуIэрэр гъунэнчъ. Хатэм дэлъ чIыгур фимыкъоу чIыгу шIуцIэ хъущэ дитэкъуагъ, ащ джы ебзыр хетэкъожьы. ЧэташIэмэ адэжь мыр зыдэсымыщэмэ мыхъунэу, ышъхьи езгъэгъэлъэпIэжьэу сыда ыуж сызфихьагъэр. Сикъэбари езгъэшIэнэп, сэры нахь Дударыкъомрэ ЧэташIэмрэ зэзгъэшIужьыгъэр ыIоу, тхьачэтэу рагъэшхыгъэр щыгъупшэу, зыIукIэрэм риIуатэу хэтыщт. Болэтым мыр сIуагъэ, мыр сшIагъэ нибжьи пфиIощтэп.

– Тхьам Iомэ, ХьэпакIэр, джы сыд зыуж уитыр? – Фыу, фыу, сыд лIэужыгъу шъыу къепщэкIрэр!.. КIо, кIо, сыкъыремыгъэут...

– Ей, Дударыкъор,– щхыпцIызэ ХьэпакIэри къесэмэркъэужьыгъ,– ахъщ мыр, ахъщэм цIыф риутыгъэу плъэгъугъэп. Помидорэу пщэрэм, пшхырэм мыр зэрикIасэр пшIэрэба?.. Тэ укIора джы, ублыгучIэ чIэкуагъэри сыда?

– Хъугъэ, хъугъэ, ХьэпакIэр, ащ нахь сыщытыжьынэу кIуачIэ сиIэжьэп,— Темыркъан ежьэжьыгъэу къыIуагъ,— пчыхьашъхьэ шъуадэжь сыкъыкъокIмэ, нахь тырыгущыIэн. Тхьачэт гори ныом егъэукI, картми зэ ахэплъэжь, яIушъашъ, ядэхашI, уишIушIагъэ акъолъмэ къыуагъэхьынкIи къэнэнэп.



– Тхьачэт шхыгъо хъугъэп джы!..— ХьэпакIэми мотороллерыр къыгъэгъогъуагъ.— КIымафэр ары, Iумыл заIуфэкIэ ары!..— Псынжъыр щэрэхъмэ къызэраупцIэкIэу, къызэплъэкIмэ щхызэ, IукIыжьыгъ.

Чэу къуапэм зыкъохьагъэр бэшIагъэми мотороллерым «итIыпI-тIыпI» макъэ Темыркъан зэхехы, ХьэпакIэр яхьаблэ зэрэтехьажьрэм гу лъетэ. Аслъанбэч ижъышъхьэм шIойзещэ курэжъые, тыдэхьащхыгъагъ шъхьакIэ, зэригъэгъотыжьыгъэ, ыпкIэ ытырэп, ытхьакIрэп, ылъэкIрэп зэраIоу. Бензиным изакъоми тырегъэстыкIы, колхоз шоферхэр Iушы ашIыгъэхэшъ, къыпфеплъэкIыжьыщтхэп. Олахьэ гъэшIэгъоным мы хабзэр, машинэр къыдегъэтэкъу, бензиныр зыIэкIеубытэ. Литрэ шъищ горэ ифэу пхъэчай зэгъэгъотыгъэн фае, ары нахь, хэбзэ осэ бензиным тыпырикъужьыщтэп. Аркъ литрэкIэ бгъотыщтым сыд пае ахъщэ лъыптын.

Темыркъан зыгъэгумэкIрэмэ Къасымэ унэм исимысри ащыщыгъ. Ары шъхьакIэ, зэрэфаеу иIоф къычIэкIыгъ. НекIо зеIом, Къасымэ зыкъифапи къежьагъ.

– Мы тыздепщэжьагъэм, Дударыкъор, сыд сэIо щыIэр?— заулэрэ къэкIуагъэхэу Къасымэ къэупчIагъ.— Сыд зэкIоцIыщыхьагъа ублыгучIэ чIэлъри?

– Тыздежьагъэм щыIэр къызэрэтпэгъокIхэрэм елъытыгъ, сыблыгучIэ чIэлъ зыфэпIогъэ гъэшIожьыпкIэр Ибрахьимэ ыгу рихьыщтмэ сшIэрэп.

– Сыд гъэшIожьыпкIа?

– ГъэшIожьыпкIэ зыфаIорэр пшIэрэба, Болэтыр?

– БгъэшIожьыщтри, зыкIэбгъэшIожьыщтыри сшIэрэпышъ ары, Дударыкъор.

– Болэтыр, мы сезыфыжьагъэм зи хэмышIыкI фэдэу зыкъысфэмышI. Армырми къызэрэтпэгъокIыщтхэр сшIэрэпышъ, сегъапэ.

– НекIо пIуагъэти сыкъежьагъ нахь, узэрыгущыIэрэм хэшIыкI фысиIэп. ЧIэгъычIэлъкIэ укъыздэмыгущыIэу ышъхьэ къысфих.

Мы сызхаплъэрэр Iофым щыгъуазэкIэ сыгугъэрэп. Тадэжь укъимыхьэжьы зэхъум, ЧэташIэмэ садэогъэпыи сшIошIыгъ. Шъыпкъэр пIощтмэ, пый Iоф адэслъэгъугъэп. Пый шъэф нахьи пыи наф аIуагъ. Адэ, бетэмал, Iофым хэшIыкI фыуимыIэмэ, сыд пае Iоф зыхэсыдзэжьыгъ? Псы

икIыгъом унэмысэу уигъончэдж лъапэ дэмыщай джары зыкIaIуагъэр. Джы узщымыгъуазэм ущызгъэгъозэн фаеу сыхъугъ. А зыри къыздэмышIэщтыгъэмэ сыд фэIогъагъ, тэ тикъэбар нахь, шъо шъуикъэбар цIыф ежъугъэшIэщтэп. Ежь ЧэташIэри фаепщтын ащ рыгущыIэнэу.

ГукIэ Темыркъан зишхыжьзэ, зымафэ Ибрахьимэрэ ежьырырэ къяхьулIагъэр Къасымэ фиIуати, икIэух къыпиупкIыгъ:

– Сыфаеп, Къасым, Ибрахьимэ илIэжьыгъом пыи сыфэхъуныр!..

– Олахьэ, Темыркъан, ащ фэдэ Iоф шъуазыфагу дэлъэу сшIагъэмэ сыкъыбдемыжьэщтыгъ.

– Сыд шъыу,– Темыркъан ыгъэшIэгъуагъ,– ащ фэдэ егъэшIэрэ шъэогъужьым раIуа!..

– РамыIоми къыосэIо. ЧэтэшIэ Ибрахьими ащ фэдэ гущыIэ зэраIорэмэ ащыщэп. Ащ игъашIэ партием ипкъэоу къехьы. Партийнагъэм къикIрэр партием ухэтын закъорэп, ащ ишIушIагъэ удэшIушIэныр, къинэу ылъэгъурэр, бгъукIэ уфыщымытэу, дэплъэгъуныр, пшъхьэ имызакъоу, цIыфым ищыIэныгъэ нахь дахэ, нахь фэшIыгъэ зэрэхъущтым укIэгушIуныр, ащкIэ узэмытыгъожьэу уфэбэнэныр ары.

– Хъугъэ, хъугъэ, Болэтыр, къызгурыIуагъ, сIуагъэр зэрэмытэрэзым сеуцолIэжьыгъэшъ, мары тэкIо. АмышIахэуи лIы аукIы... ЧэтэшIэ Ибрахьимэ сэ зи тесхыгъэп, сэрэп партиеми къыхязгъэгъэкIыгъэр. Ащ фэдэу ыгукIэ фэкъэбзагъэмэ, сыда тидзэ къызегъэзэжьым иIоф ыуж ыфэу зыфыхэмыхьажьыгъэр? Зыгорэ къомылъыгъэмэ, зиушъэфэу тIысыжьыщтыгъэп...

– Партием, хабзэм ыгу зэретыгъэм фэшъхьаф ЧэтэшIэ Ибрахьимэ зи къослъэгъуагъэп.

– Адэ сыда, Къасым, нэмыцхэр хэкум къызехьэхэм, чылэм къызфыдэнэжьыгъагъэр?

– Нэмыцмэ ешхэ-ешъоу афашIыгъэм зыфыхэсыгъэр? – Темыркъан икъэупчIакIэ мэкъамэ дыригъаштэу Къасыми къэупчIагъ.

– Ари ары. Ащ нэмыкI Iофхэри къыхахьэщтын...

Мыхъун горэ ышъхьэкIэ къыфадзыгъэу Къасымэ къыхихыгъ. НэмыплъмэкъэнчъэкIэ ныбджэгъум феплъэкIыгъ нахь, зи риIожьыгъэп. Мохэр зыгу илъым, Къасымэ ыIуагъ, сыд епIожькIэ ишIуагъэ къэкIощтыр? Сеплъышъ, пыеу пыеп, ышъхьэ фэшIур ипэIо шапхъэу дунаим тет. Мыщ зыгорэ зэхихыгъэ, ау зэхихыгъэм хэшIыкI фыриIэп. Непэ ЧэташIэм ыгу фэшIопышъ, инэмыплъ зыдаорэм игупшысэ лъэкIо.

Къасымэ ыгурэ ышъхьэрэ зэбгъэжьыгъэ. Сыд пае бащэ къезгъаIоу, цIыфым темылъыпхъэ тырезгъалъхьэра! ЕтIани мыщ фэдиз зыIорэм къыгъэшIагъэр зэрэпсаоу пштэмэ, ЧэташIэм хабзэмкIэ имэфэ IофшIагъэ ыуасэп. КъызгурымыIорэр заом илъэхъан зыгорэм хэмыщагъэу, мыушIоеу къызэрэтенэгъэ шIыкIэр ары...

Зэо лъэхъанхэр Къасымэ ыгу къэкIыжьыгъэх. Заор окIофэ ныбджэгъоу зигъусагъэм ащ фэдэ гупшысэ шъхьэм къызэрэфихьагъэр шIоукIытэгъуагъ. КIэлэгъум фимылъэгъущтыгъэр сыд жъыгъом зыкIыфилъэгъугъэр? Анахь чIыпIэ къин ифагъэхэми, джыдэдэм зэгупшысагъэм фэдэ гуцафэ фишIыгъэп. ЛIыгъэ нэмыкI, цыхагъэ дилъэгъугъэу къышIэжьрэп.

– Адэ аущтэу оIомэ, Темыркъан, сыд пае ЧэташIэмэ адэжь тыбгъакIора?– Къасымэ нахь къэушъэбыгъэба уигъаIоу къэупчIагъ.– Сэрмэ сыгу зыфэмышIум иунэ сихьащтэп. Нэмыцмэ ялъэхъан Ибрахьимэ къехъулIагъэр умышIэ пIонэу а къэпIогъэ купыр зыкIапIорэр сшIэрэп.

– КIо, Къасым, ощ нэмыкI цIыф есIуагъэп.

– АщкIэ къыбдезгъаштэрэпышъ, сэри къысэмыIу.

– ТызыгубжыкIэ, Болэтыр, Iаджи тэIо... Ар пIокIэ ЧэташIэмэ адэжь тимыхьэ хъущтэп. Ибрахьимэ ишъхьакIо къызгурымыIоу щытэп.

– ЧэтэшIэ Ибрахьимэ шъхьакIо иIэмэ,– гущыIэу къырагъэжьагъэр Къасымэ къызэпиутыгъ,– хабзэрэп зыфыриIэр, зизэхэшIыкI цIыкIоу лые къезыхыгъэр ары.

– Тэрэз, Къасым. АщкIэ сыкъыбгоуцо. Ар сэ дэгъоу сэшIэ, сшъхьэкIэ зэслъэгъулIэжьыгъэ, къысэмыхъулIэгъагъэмэ, сырыгущыIэныеп. Ашъыу, сэIо нахь, ЧэтэшIэ Ибрахьимэ фэдэм ыгу хагъэкIрэп. Ащ фэдэ цIыфыбэ, тичылэ имызакъоу, дунаим тетыгъот. Сэ сымышIэу сызгъапэрэр ошIа, Къасым? Джа запискэр къэзытхи нэмыцым ыпашъхьэ къырязгъэлъхьагъэр ары. Пый уфаемэ, джары пыир. Хэт щыщми, ылъэкIыгъэмэ, ЧэташIэр паригъэлъэщтыгъэ, иунагъо лъэпсэ ич аригъэшIыщтыгъэ. Ибрахьимэ къырашIа-

гъэр къырашIагъэу цIыфыгъэ мы чылэмкIэ къызэрэхэнэжьыгъэр гъэшIэгъоны. Сэрыгъэмэ, гуцафэ зыфэсшIэу дэсхэр зэтырязгъэчыщтыгъэ. Унэ къеIэрэм ыпсэ еIэжь, арынчъэу мы дунаим Iэшlу щыуагъэхьыщтэп. А запискэр къычlязгъэхьагъэр ешlа шъуlуа Ибрахьимэ?.. ЗыгорэкIэ, Къасым, цыхьэшIэгъу ащкIэ уишIыгъэба?..

– СишIыгъэп. Ащ фэдэм, Темыркъан, игугъу пшIынри иуIагъэ ухэбзыхьажьынри тIури зы.

– Олахьэ, ари тэрэзым, Къасым… Ау Чэтэшlэ Ибрахьимэ ымышlэу сшlошъ хъурэп. ЕшIэми, щыIэгъэшхо къызхегъафэ…

БлэкIыгъэ мэфэ заулэр ары, Чэтэшlэ Ибрахьимэ зешIужь уж, а Iофым Темыркъан нахь ыгъапэу зыхъугъэр. Нахьыпэм ащ егупшысэныр шъхьэм къихьэщтыгъэп. Джа зыр сшIагъэмэ, нэмыкI сыфэягъэп. ЧэташIэмэ ар ашIэмэ, сыда дэгу, нэшъу зашIыгъэу зыкIаушъэфрэр? Мыр узэгупшысэн Iоф. ЕтIани запискэр унэм къизыхьэгъэгъэ Забыт укIыгъэу мэзым къыращыжьыгъагъ. А лъэхъаным Чэтэшlэ Ибрахьими партизан лъыхъоу мэзым хэхьажьыгъагъэу къаlожьы, ежьыри ар ыушъэфрэп. Ау етIани ымыштэрэр IофтэбгэкъодыеУ, къычIарагъэхьагъэм итыр зэримышIэщтыгъэр ары. Аущтэу еIо шъхьакIэ, лажьэ зимыIэ лIыр ежь IэкIэукIагъэмэ шIэ?.. Узегупшысэрэм, ЧэташIэм къехъулIагъэр къыохъулIэнкIэ ущыкIэрэп. ТхьамыкIагъоба егъашIэм узхэтыгъэмэ укъызхадзыгъэу, къэкIуагъэхэри пыинэкIэ къыоплъыхэу, узщыщ чылэми пыим пыйкIэ урагъэлъэгъужьыныр. Ау щытми, ЧэташIэр къызэкIэкIуагъэп, къыхэзгъэкIыгъэ хабзэми джэнджэш ыгу къыфихьагъэп.

Тыгъоспчыхьэ, ЧэташIэм адэжь къикIыжьи, зэгъолъыжьми, ныпчэдыжь къызэтэджыжьми Темыркъан егупшысагъ. Зи къямыхъулIэгъахэм фэдэу Ибрахьимэ къызэрэпэгъокIыгъэр лъэшэу игопагъ. ЗыфэкIуагъэм зи химышIыкI пIонэу, Iофи зыримыгъэшIэу, къэбарыжъхэр къыIуатэу Болэт Къасыми щысыгъ. Пчыхьэшъхьапэм зэригъэолIэжьхэмэ, сыдэу ЧэташIэхэр унэгъошхо хъухэра!.. Чэтэшlэ быныр ищыпэлъэгъу пIонэу Темыркъан ыгъэшIэгъуагъ, яунагъо илъ нэхъоигъэм ехъопсагъ. Ащ фэдэр унитIукIэ къэплъэгъужьыныр жъышъхьэ мэфагъ. Джары нахь зэкIэми апшъэр, тызэрыгущыIэрэр сыдкIэ былым!



ЕгъашIэм Ибрахьимэ ыкъохэр аIоцт нахь, ЧэташIэр партием хэтыгъэми-хэмытыгъэми, нэмыцмэ ялъэхъан убы тхылъ фатхыгъагъэми зыми ыгу къэкIыжьыщтэп. Тэ шъэуитIу тиIэшъ, яхьисапыр сшIэрэп, уяплъмэ угу зэрагъэгъоу, зы хъу цIыкIурэ зы бзы цIыкIурэ фэшъхьаф къахэкIыгъэп. Адрэ пхъорэлъфхэри дэйхэп узщыгуззэжъорэ хьадэгъэ-джэгу IофхэмкIэ, ау ахэр Дударыкъо лъэпкъ лъыгъэкIуатэхэп, кIалэмэ ятIощт шъхьакIэ, тэукIытэба, зэрятIощтыр тшIэрэп. Зы ныо горэ зигъэшIожьэу унэм исышъ, зырыз яIэмэ икъун, ахэмэ сижъышъхьэм зязгъэгъэлIэжьыщтэп еIо, мыдэ умышIэрэмэ, кIэлэIыгъ ашIыгъ пIонэу.

– Машинэ IункIыбзэр, ныо, моу унэм къих.

– Тэ укIощта?

– Тхьапшрэ къыосIуагъа сыздэкIощтымкIэ укъысэмыупчIынэу!..

– Тумы тхьа ешI, сщэгъупшэжьы…

УрамымкIэ къыщыIугъэ машинэ макъэм Темыркъан бэрэ зэригъэжагъэп. Къэлапчъэм дэкIыгъо имыфэу Рэмэзан IугушIукIэу щагум къыдэхьагъ.

– О-уи, сэ уадэжь джыдэдэм сыкъежьэн симурадыгъ,– Темыркъан гушIоу ыкъо пэгъокIыгъ, къэлэпчъэшхори фыIуиубгъукIэу.

– Къыдэгъахь машинэр. Уизакъуа сэIо? Пшъэшъэжъыер къыздапщэ хъущтыгъэба, зытымылъэгъугъэр бэшIагъэ.

– Тят, гъогу сытет сэ,– пкъы мыин зэхэгуагъэм ныбэ пщэр къикIотыр къемыкIоу, нэпцэ гъожь пIуакIэмэ нэ хъурэешхохэр джыри нахь агъэинэу къыIуагъ: – ТIуапсэ сыкъекIыжьы.

– Армэ хъун, Мыекъуапэ укъекIы сшIошIыгъ. Мыдэ, ныо, кIалэр къэкIуагъ.

Гощнагъо кIэкIорыкIмэ ушъуашъозэ, щагум къыдэхьэрэ машинэм пэгъочъыгъ.

Рэмэзан бэрэ щысын мурад имыIагъэми щэджагъо нэс щагъэсыгъ. ДэхэпIэ къэбархэри раIотагъэх, ежь иIоф зытетри зэрагъэшIагъэ. Илъэснықъоу пыкIыгъэм зэхихыгъэ пстэуми анахь къэбар гъэшIэгъонэу Рэмэзан къыщыхъугъ Чэтэшlэ Биназрэ Шэныбэ Лимэрэ азыфагу къыдэхьагъэр.

– ЧэташIэр пшъэшъэжъыем ятэ еплъын фэягъэп,– Рэмэзан къыригъэкIугъэп,– дунаим темыхъухьэрэ щыIэп. Ащ пае иIэнатIэ зыми Iихыныеп. Джы ащ фэдизэу Iоф

зырагъэшlэу блэкlыгъэ lофмэ апылъыжьхэп. Кlо, колхоз парткомым къытырагъэкlмэ къытырагъэкlыгъ, илъэс пчъагъэ зыфеджэгъэ агроном сэнэхьатэу щыгъупшэжьрэм, зи мыхъуми, рылэжьын.

– Ары,– Темыркъан ыдагъэп,– Чэташlэхэр нахь чыжьэу маплъэх.

– Нахь чыжьэу плъэмэ, сыд алъэгъущтыр?

– Зыгорэм угодзагъэу ылорэр уигъэшlэн нахьи, утхьэмэтэныр нахьышlу.

– Учылэ lэхъонри уколхоз тхьэмэтэнри джы тlури зы. Олахьэ сямыхъуапс, lэнатlэ lоуи сыкlэмынэцlын. Илъэс лэжьыгъэ lухыжьыгъоу зашэхэрэм хаутыщтым фэдитlуфэдищ сизакъоу адыхэсэуты, етlанэ зыми сецlацlэрэп, зызгъэцlыкlоуи ыпашъхьэ ситрэп.

– Джар аlомэ, тхьамэтагъом рыкъэйхэзэ, Чэташlэмэ яныо шъхьэтехъончъэу къагъэнагъ, техъогъэ закъоми гыкlыгъамэр пехы,– Гощнагъо къахэгущыlагъ, етlанэ зыкъишlэжьи, щтэгъэ нэгукlэ ыкъо еплъыгъ.– А нынэ зыфэсакъыжь... Ар пlоу зыгъэ уятэ къехъулlэгъагъэр къызэмыгъэхъулl. Мы хабзэр зэрэщытыр пшlэрэба, укъемышlэфэ уигъэшхэщт, укъызишlэкlэ, зи къыуигъэлыщтэп.

– Пакlэ птетэу дунаим узытеткlэ, ныо, зыгорэм къемыхъулlагъэ гори къыохъулlэщт. Сэ къысфэгъэхьыгъэу зыфапlорэм силажьэ хэмылъэу щытэп, ащи зыгорэу сыхэкlыжьын сlуи, апэ сыкъэзыутlэсхыгъагъэр пхъэтэпэмыхь зэрэсшlыгъэр къысфигъэгъугъэп, ыжэ зэрэскудэщт ахъщэр сыгу пыкlыгъэпти, илъэсиблкlэ сигъэпщынагъ. Илъэсиблри сшlоlофыжьэп, Болэт Къасымэ нахь мыхъурэр зыхэт партиер lэкlыб зэрэсшlыгъэр ары...

– Сыд, тят, ухэкlыгъэкlи-ухэмыкlыгъэкlи зэрэуищыкlагъэр, зэlукl-поручение аlоу укъыралъэшъокlэу!..– Рэмэзан къыдзи, ятэ ищхыкlэ угу къыгъэкlэу щхыгъэ.– Хэхьэгъэ lаджи, ашъхьэ зыдахьыжьыщтыр амышlэу, сэшlэ...

– Кlалэ, кlалэ,– зэхихрэр Темыркъан ымыдэу къэплъагъ,– ар зыгорэм, уишlуи уимышlуи, ыпашъхьэ къыщыпlокъон!..

– Сыда, тят, сырагъэтlысынкlэ ощына?

– Урагъэтlысынэп, ау иягъэ къыомыкlмэ, ишlуагъэ къыокlынэп,– Темыркъан икъэщтакlэ щэукlытэжьы пlонэу нахь кlилъэшъужьэу къыlуагъ, етlанэ зи ымыlоу заулэрэ щыси, къыпидзэжьыгъ:– Ар пlокlэ, кlалэ... Зи ащ емытхъылlагъэмэ, елъылlагъэп. Ащ ухэт зыхъукlэ, ищынагъо къыптетыщт. Зыгу шlу къыпфимылъри нэмыкlынэкlэ къыоплъыщт. Ау сэ къысэхъулlагъэри, ныом иlуагъэу, зыщымыгъэгъупш. Учъыеми, утэджми, нысэщэ джэгум ухэтми, ухьэдэгъакlоми апэрэ lэкlэлъхьагъоу уикlэджыбэ ахъщэ зэгъэуlугъэ илъын фае. Адырэмкlэ узэрэзекlощтыр ошlэ, зыщимыщыкlагъэм узхэтмэ закъыхэмыгъэщ, уиlэр силъп пlоуи цlыфмэ гуцафэ къызфямыгъэшl...

Ятэ игущыlэмэ Рэмэзан ядэlуи, щхыпцlыгъэ, зи къыпилъхьэжьыгъэп.

## XVI

Мафэ тешlэ къэсми, Биназ шlулъэгъумкlэ къехъулlагъэр къехьылъэкlы. Чlыпlэ къинэу зэрыфагъэм, тlысэу егупшысагъэкlи, шъэогъухэр хигъахьэхэкlи, хэкlыпlэ ежьыркlэ зэримыlэр нафэ. Зэкlэми анахьэу ыгу къеощтыгъэр Лимэрэ ежьырырэ зэlукlэхэу зэрэзэдэмыгущыlагъэхэр ары. Биназ зи къытенагъэп, ушъхьагъуми-мыушъхьагъуми Лимэ зыкъыщедзые, изакъоу зыригъэгъотрэп. Цlыфхэр щытхэу зызэlукlэхэкlэ, азыфагу зи къыдэмыхьагъэм, шlулъэгъуи дэмылъыгъэм фэдэу зэдэгущыlэх, сэмэркъэуи зэдашlы. Ау зэlущхыпцlагъэхэми, агу ихьыкlрэр къызхамыгъэщ ашlоигъоми, пфэгъэбылъын lофэп.

Биназ къыухъумэ шlоигъоу Лимэ шlулъэгъумкlэ зэрэгугъагъэу къычlэкlыгъэп. Лимэ ыпкъ къикlыкlэ шlулъэгъум кlэ фишlмэ, Биназкlэ нахьышlу хъунэу гугъэщтыгъэ шъхьакlэ, хэукъуагъ. Ежь зыхэт гопэгъур зэкlэ Биназ ынэмэ акlелъагъо. Дэхапlэ дэкlын мурадыр шъхьэм къизгъэхьагъэмэ ари ащыщ. Зы чылэ зэдыдэмысхэмэ, зэрэмылъэгъухэ хъумэ, нахь зэщыгъупшэнхэу Лимэ къышlошlы. Уахътэм гур егъэушъэбы, уlагъэр егъэкlыжьы...

Чылэм Лимэ дэкlын къэбарыр зызэхехыр ары Биназ шъхьэгугъу зыхъугъэр. Шъхьэм къимыхьащт lаджи къиhьэу ыублагъ, ыпашъхьэ итыр, ынэгу кlэтыр зыгорэм тырехы пlонэу тенэгуикlы. Дэкlыныр хэгъэкlи, ащ зэрегупшысэгъахэр къыригъэкlурэп.

Ноябрэ мазэм ыкlэмэ адэжь партийнэ зэlукlэу щыlэщтым къыщишlыщт доклад ныкъотхым зы гущыlэухыгъи

Биназ фыхэгъэхъуагъэп, сатырэ заулэу тхылъыпIэ тхьапэм тыритхагъэхэри хиupIэнтхъожьыгъ. Уахътэри зэрэкIуагъэр ымышIэу унэр мэзахэ къэхъоу ригъэжьагъ. Мафэрэ фэмыдэу ыдэжь зи къызэрэчIэмыхьэрэр шIогъэшIэгъонэу Биназ тхылъыпIэхэр ыугъоижьхи, конторэм къычIэкIыжьыгъ.

Унэм къэкIожьыфэ Лимэ джыри шъхьэм икIыгъэп. ФэмыщыIэу шIу ылъэгъурэ пшъашъэм яунэ зыхэт хьаблэмкIэ плъагъэ, бгъэгупэм къыщыпиIонтIыкIыгъ, унэм имыхьажьы шIоигъо хъугъэ. Заулэрэ щытыгъэу ятэ Шумафэ иджэмакъэ зэхихыгъ:

– Зыгорэм упаплъа, кIал?

– Хьау,– Биназ ищытыкIэ ежьыри шIоемыкIужьыгъ.

– Адэ сыд узфыщытыр? Къихьажь унэм.

Сыд сэIо, тятэ нэс гуцафэ езгъэшIэу, делэ щытыкIэу мыщ сызфыщытыгъэр, ыIуагъ Биназ. Лимэрэ сэрырэ зы тызэрэзэфэмыхъущтыр сшIэ пэтзэ, шъхьэм къимыхьапхъэхэр къисэгъахьэ. Ащ нахьрэ пытагъэ схэмылъ Iоу сшIагъэп. Шэныбэмэ япхъукIэ IуагъэIу сшIыгъэмкIэ сыд пае сехъырэхъышэжьрэ, ар сэркIэ къэгъазэ имыIэжьэу пыупкIыгъэба, зыфэгубжыжьыгъ.

– УкъэкIожьыгъа, нынэ?–ыкъо Бибэ пэгъокIыгъ.– Непэрэзымафэм тэ ущыхэтыгъ, щэджэгъуашхи укъэкIожьыгъэп. Iаджи мэлакIэ улIагъэщтын, сикIал.

Сыд фэдиз янэ къыриIоу, къедэхашIэу, къеубзэу къыпэгъокIыгъэми, зи римыIожьэу Биназ кIуи, фэмыяхэу Iанэм пэтIысхьагъ. Заулэрэ щыпсым хэIэбагъэу, Бибэ къымыIон фэлъэкIыгъэп:

– Шхэ, нынэ, шхэ…

Ным иубзакIэ Биназ ыгу темыфэу щыпсыр къыIуигъэкIотыжьыгъ. Щхыу хэфэ Iэгубжъэр ыгу рихыгъ.

– Адэ непэрэзымафэм умышхагъэу щыпсыр къыIуогъэкIотыжьы… Сыд, нынэ, джыри пшхы пшIоигъор?

– СымэлакIэрэп сIуагъи, щхыу щыIэмэ…

– Арыгущ, нынэ, арыгущ,– джыри янэ гуIи, Iэгубжъэр ыпхъотагъ,– хафэм гуапэр риутэхыщт… А тхьэ къысэуагъ, непэрэзымафэм…

– Арэп сыда сэIо нычхьапэ къыохъулIагъэр?– шъузым игуIакIэ Шумафэ къемызэгъэу, хэшъэе джэмышхэу ышIрэр ыгъэтIылъи, къэупчIагъ.– Фэмыеу лIыгъэкIэ мы лIышхор бгъэшхэщта?



Бибэ хэмылъыгъэ гумэкI-убзэр мы мазэр ары БиназкIэ нахь къызхэщыгъэр. Нахьыпэми ар хэмылъыгъэу щытэп, къылъфыгъэм ныр фэмыгумэкIэу къызхэкIрэр макIэ. Адрэ къылъфыгъэмэ афэмыдэу Биназ зэрэтегуIыхьэрэр ежь зыдишIэжьыщтыгъэп. ШIу нэмыкI ным ыгу къыфимылъыгъэми, ар Биназ ыдэщтыгъэп, ащ изэкъуагъэп – Шумафи ары.

– Фэмыеу, ал, плъэгъурэба мыр оды зэрэхъугъэр?

– Оды хъугъэмэ сымаджэп, сыдэп, зыпкъ иуцожьын…– къыIо шIоигъом ышъхьэ Шумафэ къырихыгъэп.

– Мысымаджэмэ сэшIа, мафэ къэс хэкIы…

– Зи схэкIрэп, тян…

– Ары, сэ зыгори къызгурымыIоу дунаим сытет… Ал, уятэшхом къыуиIуагъэр еIоба мыщ!..

Шъхьэр къыIэтэу Шумафи къэплъагъэп.

– Ал, зэхэпхырэба къыуасIорэр?

– Зэхэсэхы.

– Зэхэохмэ, уятэшхом къыуиIуагъэр къеIожьба…

– КъесIощтмэ, сыда къэхъугъэр, джыри мафэ щыI.

Iофыр зыфэгъэхьыгъэр Биназ къыгурыIуагъэти, ащ нахьыбэ щысыжьы шIоигъуагъэп. Иунэ ихьажьынэу къэтэджыгъ, яни къэгузэжъуагъ:

– Ар пIозэ, мы кIалэр зэгобгъэутыщт… А нынэ, модэ уятэшхом къыIуагъэмкIэ уятэ еупчIи, къыуиIощт…

– Тятэ ыIорэмрэ ащ ыIорэмрэ зэрэзэмыкIущтыр сэшIэшъ, зи къасIорэп,– Шумафэ къыIо шIоигъуагъэм джыри ышъхьэ къыримыхэу, ащ зэрэтегущыIэщтри къыримыгъэкIоу къыдзыгъ.– Мы тызфебгъэзыгъэм тырымгущыIэжьынэу тIогъагъэба?..

Адрэ зипчъэ фэшIыгъэ унэмкIэ Ибрахьимэ ипскэ макъэ къычIигъэIукIыгъ.

– ТIуагъэ шъхьакIэ,– Бибэ пщым ипскэ макъэ зызэхехым, нахь шъабэу къыIуагъ,– уятэшхом къыуиIуагъэр кIалэм ышIэ сшIоигъуагъ.

– КIо хъугъэ, сыд илIэужыгъуа тызэрыбгъэгущыIэрэр!.. – Шумафэ зыфырагъэзыгъэм рыукIытэу шъузым еплъыгъ, етIанэ ыкъо емыплъэу, джэмышхым ецIэнтхъузэ риIуагъ,– уздежьагъэм кIо, етIанэ къыуязгъэIощт.

– Джа Iофэу шъушIэрэр армэ, тят, пкIэнчъ,– модыкIимыдыкIи ымыIоу янэ къыфэмыIошъущтыгъэр Биназ къыпиупкIыгъ.

– Сэри,– Шумафэ ыкъо къыдыригъэштагъ,– къумалыр благъэ Чэташlэмэ афэсшlышъущтэп.

– Ал, шъуитlо шъузэрэгъэуlушыгъэмэ сшlэрэп!..– Зэхихрэр ыгъэшlагъоу Бибэ къыхэкуукlи, укlытэжьэу ылапэхэр ылупшlэмэ арихьылlагъэх.

– Тызэрэгъэуlушыжьыгъэп. Джары lофыр зэрэщытын фаер.

Ибрахьимэ ипскэ макъэ джыри адырэ унэм къычlэукlи, къэджагъ:

– А нысэ, моу унэм икlи, сигъахь.

Бэщыпэмрэ адыгэ пэlо хъурэе чэнджымрэ пчъаблэм къызэрэщэлъагъоу Шумафи, Бинази Ибрахьимэ фэтэджыгъэх. Ибрахьимэ жантlэм дэтlысхьэфэ нэбгыритlури хъыягъэп. Шъутlыс къазреlом, Шумафэ тlысыгъэ, Биназ зыдэщытыгъэм lукlоти, адкlэ, пчъэм нахь пэблэгъаlоу, пlэкlор бармэкъым гоуцуагъ. Ибрахьимэ зи къымыlоу заулэрэ щыси, къыригъэжьагъ:

– Адэ джары lофхэр зэрэхъухэрэр... Шъузэрэгущыlэщтыгъэ lофым ыцыпэ къэсыубытыгъ. Тищэ тызэщэукlытэкlэ, иягъэ къэмыкlомэ, ишlуагъэ къэкlощтэп. lоф хьылъа пlомэ, хьылъэ. Узхэгупшысыхьан lоф нахь, узблэкlын lофэп. Тыздэсыр чылэ, тэ тызэрэгупшысэу зэкlэри гупшысэрэп. Модэ зыгорэ хэхьажьыгъ, ышъхьэ рихьыжьэжьыгъ тэlокlэ, пшъэшъэжъыер хабзэм ыпlугъ, ылэжьыгъ, янэ зы шъузэбэ лэжьэкlожъэу, ыкlуачlэ къыхьыфэкlэ, колхозым хэтыгъ...

– Мыщкlэ, тят, сэ сиlон осlуагъэ,– ятэ зышъхьэ къыримыхыщтыгъэ lофыр Шумафэ къыпиупкlыгъ,– зэблэхъужьын унашъо сиlэп. Шэныбэм къытишlэгъэ закъорэп lофыр зэхьылlагъэр, а зым нахь ымышlагъэми, фэбгъэгъу хъущтэп, хэгъэгум икъиныпlэ утыгум тыкъизынагъэр благъэ сфэшlышъущтэп. А зымкlэ, угу къемыгъау, хэти къыздэрэмыгущыl. Къэошlэжьа, тят, нэмыцхэр дафыжьыгъэу Дэхапlэ сыкъыздэхьажьым къысэпlогъагъэр?

– Ащ фэдэр, кlал, ащыгъупшэжьрэп.

– Адэ сыд ащыгъум, тят, мыщ фэмышlэщтыр шlэ тlоу зыфедгъэзырэр.

– Сыфэягъэп мохэмэ сиягъэ язгъэкlынэу,– Ибрахьимэ ышъхьэ ыгъэсысзэ ежь-ежьырэу зэриlожьрэм фэдэу къыlуи, къыпигъэхъожьыгъ:– Е дунай, дунаижъ хьаф,



сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ, кlэлэгъур уигъогу зэхэкl, жъыгъор уигъогу мэзах... Заом икъутафэхэр модыкlэмыдыкlэ къыщычlэужьхэзэ, джыри тыкъауlэжьы. Зэхэсхыгъэр шъыпкъэмэ, къыгъэзэжьын гухэлъ иlэмэ сшlэрэп Шэныбэм? Зэрэхъурэмкlэ, уlэгъэ кlыжьыгъэхэр щыгъын чlэгъмэ ащыузыжьрэп.

– Ащ фэдэ хъун ылъэкlыщтэп,– Шумафэ ыдагъэп.

– Мыхъущтми, хъурэр шъуинэрлъэгъу... Ы-ы, сикlал,– Ибрахьимэ апэрэу Биназ зыфигъази еупчlыгъ,– мы lофым о сыд хэпlухьэрэ?

– Хэгъэгум ышlэщтым фит, ау къызэрагъэгъэзэжьрэ пстэуми анапэ укъэбзыжьыгъэу слъытэрэп, тат. Джащ фэд полицием хэтыгъэхэу хьапс къэзыхьи къэкlожьыгъэхэм сызэряплъырэр.

– Уяплъми, бо абгъэ къырагъэкlоты,– Шумафэ къыхэмыгущыlэн ылъэкlыгъэп.

– Къырагъэкlоты къырятэгъэгъэкlотышъ,– Биназ игущыlэмэ зыкъырагъэуэндыгъ.– Ахэмэ къазэрэщыхъурэр хьапскlэ пшъэдэкlыжьыр зытырахыжьыгъэу ары. Ау къазэрэшlошlэу lофыр щытэп. Укъатlупщыжьыгъэмэ, пкъолъыр пщыгъэупшэнэу къикlрэп, lоф шlэ, lоф къызэрыкlу нахь, уишlушlагъэ щытхъу къыпфихьынэу, укlэмынэцl. Джары мы lофми, джа шъузэрыгущыlэгъэ lофми сызэрахаплъэрэр...

Къэщэн lофым Биназ кlэух фишlыгъэми Лимэ зэрэlукlэщтым мафэ къэс лъэхъу. Биназ ышlэщтымкlэ пиупкlы къэс шlулъэгъу машlор бгъэм къыщызэкlэблэ.

Сыхьатыр пшlым ехъулlэу партием ирайком нэсынэу тыгъуасэ Биназ макъэ къырагъэlугъэти, пчэдыжь жьыкlаеу чылэм дэкlыгъ. Плъэмэ, гъогунапцэм lут бзылъфыгъэм lэр къыlэтыгъ, машинэр къыгъэуцун зыщиlорэм, Лимэ къышlэжьыгъ; ышъхьэ зыдихьыжьыщтыр ымышlэу пшъашъэм ыгу къызэхэушкъоягъ. Бинази машинапчъэр lуихи:

– Къитlысхь, Лим.

– Хьау, сэ моу зыгорэм сыпаплъэ.

– Упэплъэна пlэ къэпlэтыгъэу... Къитlысхь.

– Сыгузажъорэп, нэмыкl машинэ горэм ситlысхьащт. Мары къэкlо.

Лимэ ыlэ ыlэтыгъ шъхьакlэ, машинэр блэлъэтыгъ.

– Ащ фэдэ ашIэрэп,– Биназ машинэм къикIыгъ,– армэ узхэхьагъэр, укъыIусынэу зы лъэбэкъу сыдзынэп.

– Хьау, Биназ, машинэм тызэдисэу тыкъэзылъэгъурэмэ сыд аIощт?..

– А узтещыныхьэрэмэ аIощтыр тфаIогъах.

Чыжьэкlэ къэлъэгъогъэ автобусым Лимэ къыгъэгузэжъуагъ, зыгорэ аIохэщтмэ, джащ исхэр ары зыIощтхэр. Сыд пае имыщыкIагъэу цIыфмэ ажэ зыдигъэфэн. ДэхапIэ икIэу Къанхьаблэ кIорэ автобусым зэремыжагъэмкIэ Лимэ кIэгъожьыгъ. НэбгыритIур зэдаоу зэраримыгъэлъэгъущтым пае зи къыпимыIухьажьэу машинэм итIысхьагъ. Апэрэпчъэр е аужырэпчъэр арми Лимэ ышIэжьыгъэп: Биназ къызетIысхьажьыр ары ныIэп зэрэзэгосхэм гу зылъитагъэр.

НэбгыритIуми а зы гупшысэр ягупшысэу, зэфчIэплъынхэкIи зэщыукIытэхэу заулэрэ кIуагъэх. Лимэ риIонэу Биназ ыбгъэ дэлъыгъэр бэ. Ау къехъулIагъэм щыгъуазэу къызэрэригъэжьэщтыр ышIэщтыгъэп. Уахътэ тешIэ къэсми, машинэм ичъэ гъогум хегъэкIы. Машинэм ичъэ щыригъэгъакIэу ригъэжьагъ шъхьакIэ, тхышъхьэм зытелъадэм, Къанхьаблэ иунэ-чъыг зэхэтхэр чэжьэкIэ къэлъэгъуагъэх. Бинази гущыIапэр къыгъэпсынкIагъ:

– Сыд уищыIакI, Лим?

– Уезэгъыщт, Iоф тэшIэ. Оры, о сыд уикъэбар?

– Тэри цIыкIу-цIыкIу. Райкомыр къэджагъэшъ, сэкIо,– джыры ныIэп Биназ къыгос Лимэм зыфеплъэкIыгъэр, етIанэ тIэкIу тыригъашIи, риIуагъ:– Угу къысэмыгъабгъ, Лим, пIалъэу зэфэтшIыгъагъэр зэрэтымыгъэшъыпкъэжьыгъэмкIэ...

– Сыгу обгъэнэу зи мыхъун пшIагъэп... ПчIыпIэ ситыгъэмэ, сэри аущтэу сызекIоныгъи. Къысфэгъэгъу, Биназ, тадэжь укъызэкIом сыкъызэрэплъимыхьагъэмкIэ. А лъэхъаным зыгорэ къыоСIон слъэкIынэу чIыпIэ ситыгъэп. Аущтэу хъунэу тхьам къыттырилъхьагъэщтын. Ау тхьэ Iоф хэлъэу сыхаплъэрэп. ЗэкIэри къызэрыкIыгъэр зы нэбгыр, о уикъин зымэ, сэ сикъин къинитIоу зэхэлъ...

– Къызгурэlo, Лим...

– О къыбгурэIо шъхьакIэ, къызгурымыIорэр нахьыб. Ахэр хэсэгъэкIышъ, сянэ шъыпкъэм къыгурыIорэп. Ежь зэжагъэр ыгъотыжьыгъэшъ, уятэ бгъотыжьыгъэ, сэ къысеIо, мафи, чэщи паплъэ... СыкъэкIожьыщт ыIуи къытхыгъэшъ, къэнэжьыгъэр мафэм тIо къелъытэ... Ар къэрэкIожьи, зы мэфэ закъуи чылэм сыдэсыжьынэп!..– Лимэ къыщиути къэгъыгъ, сумкэм дэбэнэжьи, платыкур къыдихыгъ.– СыдынэкIэ цIыфмэ сяплъыжьыщт... КъэошIэжьа, комсомолым сыхахьэ зэхъум сятэкIэ къызэрэсэупчIыгъагъэхэр, ори япIожьыгъагъэр?..

– Сафята сэIо сымышIэжьрэр?..– мафэ горэм Гощнагъо урамыбгъум къыщыуцугъ.– Машалахь, Сафят, машалахь, Сэбэхь икъэбар къызыIугъэ уж, зыбгъэпсэфыжьыгъэщтын, уишIугъо ухъугъ!.. Адэ ары, лIыкIэ къин зымылъэгъугъэм ар къыгурыIощтэп. Умышъузэбагъэу шъузэбэ нэпсыр зэхэпшIэщтэп. КъызэрэкIожьыщтыр шъыпкъа, Сафят?

– СшIэгущэрэп, ары ыIорэр, къагъэкIощтмэ...

– Сыда, синынэгущ, къамыгъэкIонэу ышIагъэр, лIы ыукIыгъэп, лIы ыщагъэп зэраIоу!..– Гощнагъо зэхихыгъэр ыдагъэп, етIанэ тIэкIу тыригъашIи, Iушъэшъэным техьагъ.–СшIэгущэрэп, ЧэташIэмэ афэдэ горэ фэмытхэщтмэ... Пхъу амыщагъэкIэ ар ашIэнэп...

– ЧэташIэхэр армэ зыфапIорэр къисыдзэхэрэп! – Сафят къыхихыгъ.– ЯкIэлэжъ зигъэполитикэу спхъу ыIэбжъэнакIэ ыуасэп!.. Ари насып зыфэхъун мы чылэшхом къыдэкIын, еджагъ, доктыр, сурэтым фэд, хэгъэгур иныб.

– Ары, Сафят, ары,– Гощнагъо ыжэпкъ чIэгъ чIэушъошъухьэу ышъхьэ ыгъэсысыгъ,– ащкIэ зыми уемыубз!.. Узэшъузабэми зыми уеубзагъэп, боу къыдэкIын зыщэн, боу къыдэкIын, кIэлэ зикъэмыщэ сиIагъэгущэт Лимэ къезгъэщэнэу, благъэ тызэфэхъунэу...

## XVII

МэфэкIо Рэщыдэрэ ЧэтэшIэ Биназрэ зэрэзэфыщытхэр къэпшIэнэу щытэп. Илъэс заулэ хъугъэшъ Iоф зызэдашIэрэр, зэфэсакъхэмэ, зэщыщынэхэмэ, ягухэлъ зэрамыIозэ къыздахьы. Ащ пае къанэрэп зы машинэ зэдисхэу район е хэку зэIукIэм зэдэкIонхэу, а зы тIысыпIэм зэдыщысынхэу. КъызагъэзэжьыкIэ Псытхьэлэ рестораным зэдычIэмыхьэхэу, бжъэ зэдамыIэтэу къыхэкIрэп. Шъэ горэм ешъохэу агу зэфихыгъэу зэдэгущыIэхэми, джа

зэфэсакъыжьыным зэкӀэри еолӀэжьы. Агу илъыр зэрамыӀо-зэраӀуашъоу, апэ зыбзэ къэзытӀэтэщтым тӀури ежэ.

Апэрэ илъэситӀум Рэщыдэ ащ фэдэу щытыгъэп, Нэгъумэ Чэмал къогушхукӀыщтыгъэу къычӀэкӀын, ыӀоштымкӀи, ышӀэщтымкӀи шъхьаихыгъагъ. Биназ къемыпэгэкӀэу, къемышъхьэлъэшэкӀэу иӀофми нахь къахэгущыӀэщтыгъ. Унэшъо шӀыныр игущыӀэ пэублэщтыгъэми, парткомым техьэгъакӀэти, Биназ къызхигъэщыщтыгъэп. Ежь ЧэташӀэми къыгурыӀогъагъ МэфакӀом иӀофмэ уахэгущыӀэныр зэримыгопагъэр. Ау ащ пае къыгъанэщтыгъэп, дэгущыӀэщтми, партийнагъэм къыдилъытэрэ Ӏофыгъо ригъэшӀэщтми.

БлэкӀыгъэ илъэснықъом МэфакӀор зэрэщымытыгъэу хъугъэ. Колхоз Ӏофым нахьи ышъхьэ зэрэфэгумэкӀырэр къыхэщы. Райкомыр къысэджагъ еӀошъ, Къанхьаблэ макӀо, фаехэ зыхъукӀэ агъотыжьрэп. Зыфешъорэр амышӀэу, ешъуагъэу алъэгъу. Унэм кӀожьмэ зыгорэм фэд, счет кӀэнхэр зэблигъэчъхэу конторэм чӀэсы.

Партком зэӀукӀэр зыщыӀагъэм ыуж тхьамафэ шӀагъэшъ, Биназ тэрэз-тэрэзэу Рэщыдэ ӀукӀэшъурэп. Кабинетым зычӀахьэкӀэ, Долэтыкъо икуп къегъэтӀысэкӀыгъэу къэбар мыухыжьым хэтыхэми, колхоз Ӏофым рыгущыӀэхэу, ащ нэмыкӀ ымыгъэгумэкӀхэу зыкъырагъэлъэгъу. АхэтӀысхьэу ахэсыныр зэрямыгуапэр ягущыӀэ зэпыугъукӀэ къыфыкӀагъэтхъы. Ащ фэдэу колхоз тхьаматэми, агроном шъхьаӀэми зыкъызэрэфашӀырэр Биназ ыгу къеоми, къызхигъэщрэп.

Долэтыкъо зызэригъэпсрэм пылъэп, апэрэ мафи джары къызэрэфыщытыр. Илъэс зыщыплӀым Биназ къырихьыжьэгъэ Ӏофыгъо горэм къемыпэбжъаоу, къыдыригъэштагъэу къышӀэжьрэп. Ар ЧэташӀэм имызакъоу нэмыкӀ коммунистмэ къыдашӀэ, ау ащ пае къымыгъанэу Хьамырзэм ишӀошӀ къеӀошъ, мэтӀысыжьы.

Непэ МэфакӀом дэжь чӀэхьанэу Биназ щэунае тэджыгъэ, ӀукӀэшъугъэп. Пчъэм Ӏус секретарым еупчӀы къэсми, Хьамырзэр зэрэчӀэсыр къыреӀо.

ФэмыщыӀэу чӀэхьагъ.

– Къеблагъ, ЧэташӀэр, къеблагъ,– пхъэнтӀэкӀу бармэкъым зытх игъэкӀагъэу щыс МэфакӀом къыӀуи, псынкӀэу къыпигъэхъожьыгъ.– Сыдэу укӀодыгъап сэӀо?

– СыкӀодыгъэми сшӀэрэп, парткомым сычӀэс,– Хьамырзэм пэчӀынатӀэу тӀысызэ, Биназ джэуап ытыжьыгъ,– зымафэ райкомыр къызэрэсэджэгъагъэм нэмыкӀэу чылэм слъапэ дэсыдзыгъэп.

– Райкомым узэрэщыӀагъэм сыщыгъуаз.– Рэщыдэ къызеӀо уж, бащэ тыримыгъашӀэу къыдзыгъ.– Сыд сэӀо мыщ фэдизэу райкомым узфащэрэр?

– Парторганизациемэ ясекретархэр аугъоигъагъэх.

– Сыд къэшъушӀагъэр адэ?

– Политмафэм тегущыӀагъэх. Колхоз тхьаматэхэр, коммунистхэр нахьыбэрэ цӀыфмэ ахэхьанхэ, партием, правительствэм къыгъэуцурэ пшъэрылъыкӀэхэр араӀотэнхэ, дунаим изытет щагъэгъозэнхэ фае аӀуагъ.

– Мыдэ къаугупшысыгъэр джы!..– Хьамырзэм ыгъэшӀэгъуагъ.– Мафэ къэс, унэм чэщ зэрэщитхрэ закъом нэмыкӀэу, цӀыфмэ тахэти тэ!.. КӀыр къэсышъ, тызэщынэу мэгугъэх...

– Зэщыгъэ фэӀуагъэп ащ,– Биназ ыдагъэп.

– Адэ сыд фэӀуагъэр, ЧэташӀэр?

– ЦӀыфмэ уахэхьани, ялэжьакӀэ, ящыӀэкӀэ-псэукӀэ, яфэныкъонығъэ зэбгъэшӀэныр, хэгъэгум, дунаим щыхъущышӀэрэмэ ащыбгъэгъозэнхэр ары.

– Ары, ары, зышъумыгъэзэщ, къэшъуугупшыс...

– Сэ зыгорэ къасӀо къэсми, укъыспыпкӀэу, олахьэ сезэщыгъэм, Хьамырзэр!..

– Сэра, хьауми ора тызэзэщыгъэр?

– Сыд сэӀо шъуитӀо къышъохъулӀагъэр?..– МэфакӀом къыӀо фэдэу зишӀи, дэгъу, шъузэпыпкӀ, ыгукӀэ ыӀуагъ, армырми бэшӀагъэ шъуцэлышъхьэ зызэфэжъугъэлъырэр, ау, Хьамырзэр, улӀмэ, пшӀэрэ щыӀэмэ къэмыгъан.

– УгущыӀэ пшӀоигъомэ, къэгущыӀ нахь, Хьамырзэр, уидысыгъэ къысэмыхьылӀ, бэ пчъагъэкӀи къысэзэщыгъэхэу къэмыӀу.

– СэзгъэӀон сэшӀэшъ ары къызыкӀыуасӀорэр!.. Парткомым сырисекретарь оӀошъ уиӀоф зыхэмылъмэ захэодзэ!.. ПшӀэ пшӀоигъомэ, джары сэзгъаӀорэр.

– Факт нахь къэпӀощтыр, ужэ къыдахьэрэр къэмыӀу.

– Былым ӀусымкӀэ зымэфэрэ парткомэу колхоз тхьаматэм тепшӀыхьагъэр фактба?

– Былымхэр фэшӀыгъэхэу кӀымафэм зэрэхэтыщтхэм парткомыр зэрэтегущыӀагъэр факт, ау колхоз тхьаматэу зыфапӀорэр фактэп. Былым Ӏусыр тэрэзэу колхозым

щыгъэзекӀогъэнымкӀэ апэрэ пшъэдэкӀыжь зыхьрэр колхоз тхьаматэр арышъ, парткомым ащ ынаӀэ щытыридзагъ, гъэрекӀокӀ къытэхъулӀагъэр мыгъэ къытэмыхъулӀэжьынэу коммунистхэр щытегущыӀагъэх.

– ТебгъэгущыӀагъэх комсомольскэ прожектористмэ ашӀи амышӀи къябгъэугъоий, народнэ контроль Ӏоф пшӀи!..

– Прожектористхэми, народнэ контролым игруппэхэми яӀофшӀагъэ щыбгъэзые пшӀоигъомэ, а ӀофымкӀэ парткомым унашъоу ышӀыгъэр къэкӀощт партийнэ зэӀукӀэм къыхэтлъхьащтышъ, коммунистмэ апашъхьэ къиуцуи къыщыӀу. Унашъор сизакъоу сштагъэп.

– Ябгъэштагъэти, аштагъ!..

– Арэу пшӀошӀымэ, счӀыпӀэ ихьи узфаер, къыпфашӀэщтмэ, коммунистмэ ягъашӀ, къыуаӀорэр зэхэпхын.

– УтехьэфэкӀэ узэгоутыгъ, джы уфэежьэп ара?

– АщкӀэ упчӀэжьакӀо мыщ сыкъэкӀуагъэп.

– Загъорэ уупчӀэжьми фэӀуагъэ щыӀэп, колхозым шъхьэӀулӀэжьэу иӀэр тхьаматэр ары.

– Тхьаматэрэп, ащкӀэ зыхэмыгъэукъу.

– Адэ хэт?

– Правлениер арэу къысшӀошӀы,– Биназ къэтэджыжьыгъ.

НэбгыритӀур зэӀопхъофэ Рэщыдэ къахиӀогъагъэм нэмыкӀэу къахэгущыӀагъэп. Зэ счетыр къышти, кӀэнхэр къыридзэхэ фэдэу ышӀыгъ, тхылъыпӀэ тхьапэр къылъигъэкӀуати, хэплъагъ. Ар имыкъоу телефон трубкэр къышти, мыгущыӀэу, кӀэгъожьыгъэу тхьакӀумэм тӀэкӀурэ Ӏуигъэлъи, ыгъэтӀылъыжьыгъ. Тэджи, кабинетым зычӀэплъыр ары Чэтэшӏэ Биназ къэтэджыжьыгъэу зилъэгъугъэр.

– Тэ уежьагъа, Биназ? Лъэгъун уиӀэу пӀогъагъэба?

– СиӀ. КӀо, етӀан. Гузэжъогъу Ӏофэп.

– КъэтӀыс,– МэфакӀом Ӏэ ышӀыгъ,– етӀан тӀони, тыхэхьажьынышъ, Ӏоф мышӀэр ӀофшӀагъ тӀоу тыхэтыщт...– тхьаматэм итӀысыпӀэ зегъотыжьым Хьамырзэм къыриӀуагъ чӀэкӀыжьыр къыригъэкӀэу,– Долэтыкъу, о зыфэсӀуагъэр непэ гъэцакӀэ. Джыдэд, зы сыхьати темыгъашӀ...

Тхьаматэм «джыдэд» зыфиӀуагъэр Хьамырзэм ымышӀэщтыгъэми, нэбгыритӀур язакъоу къызэригъэнэн фаер къыгурыӀуагъ, МэфакӀом еупчӀыжь фэдэу зишӀыгъ:

– Натрыф чылапхъэра зыфапӀорэр?



– Ары, ары. Натрыф чылапхъэр ары. Табыумэ, шъуфэсакъ, тышъумыгъэлъэӀожь.

– АщкӀэ, Рэщыд, къытэмыхъуапсэхэмэ, зыми техъопсэжьыщтэп,– Хьамырзэм ыӀозэ къычӀэкӀыжьи, нэбгыритӀур язакъоу къыгъэнагъ.

НэбгыритӀу зэщыхьагъэм уряшыхьатыныр мыдэгъуми, джыдэдэм зэхихыгъэмкӀэ Рэщыдэ рэзагъэ. Ежь къыфэмыӀошъоу тхьамэфэ псаум къырихьакӀыщтыгъэр, Ӏофым хэщагъэ фэмыхъоу, Хьамырзэм къытырикъутагъ. ЧэташӀэм зимыӀажэщтыгъэмэ, ыӀуагъ Рэщыдэ, нахьыби къыриӀонэу адрэр хьазырыпсыгъ. Шумэ еплъ, парткомым тыпщи, тишӀуи тиджагъуи къыттебгъэгущыӀагъ. СэшӀэ сэ узфаер. Хьамырзэм къырищажьи къыфэӀошъугъэп шъхьакӀэ, къыосӀон, укъыкӀэнэцӀы сиӀэнатӀэ, узыгъолъыжьырэм, уипкӀыхьэлъэгоу укъэтэджыжьы. Ау къыпӀэкӀэхьанэп, пӀыгъыр уагъэӀыгъмэ гушӀо, ари ӀэнэтӀэ цӀыкӀоп, мафэ къэс райкомым уащэ, зегъэзэгъ.

– СшӀэрэп мыщ зыкъызэрэсфишӀырэр,– ежь-ежьырэу Биназ зэриӀожьэу къыгъэзэжьи, къэтӀысыжьыгъ,– зыкъысщехъо, зыкъыспегъапкӀэ.

– Хьамырзэра зыфапӀорэр? Долэтыкъо зыфэдэр пшӀэрэба, зыгорэ ымыӀомэ, ыбзэгу мэхъу. Ау, Биназ, къыосӀоныр ошӀа, мызэгъэгу парткомыр зытегущыӀэгъэ ӀофыгъомкӀэ тэрэзкӀаеу Хьамырзэм къыуиӀуагъ. Хьау, былым Ӏусым изегъэкӀон парткомыр зэрэтегущыӀагъэр сымыдэу арэп, ар хъуна, ар дэгъу, тызфэе дэд, ау сэ зэкӀэ къызэрэстырябгъэгъэкӀагъэр тэрэзыӀоп, ахэр зэхэзыхыгъэм неущ намыс къыпфишӀыжьыщтэп...

– Аущтэу зыкӀашъуӀорэр сшӀэрэп, мыхъун парткомым къыщаӀуагъэп,– Биназ кӀэкӀэу Рэщыдэ къырищэжьагъэр къызэпиупкӀыгъ.– Арэу шъоӀомэ, партийнэ зэӀукӀэм, Хьамырзэм зэресӀуагъэу, къыхэтлъхьащтышъ, сыд пай къызэфэдз-зэфэдзыжь мыщ щытшӀын, тытежъугъэгущыӀ, коммунистмэ къызэраӀоу унашъори тштэн.

– Хьау, Биназ,– МэфакӀом псынкӀэу кӀилъэшъужьыгъ,– сыд пае партийнэ зэӀукӀэм тыщытегущыӀэжьын... Хьамырзэм ыӀорэмкӀэ тыпсэущтыгъэмэ, бэшӀагъэ колхозыр зечъэхыщтыгъэр, тэри ӀэнэтӀэнчъэу тызщысыщтыгъэр. Сэ сыӀофэп, мыхъу зыщыхъужьрэм, сыкӀэлэегъадж, сисэнэ-

хьат секIужьын, шъоры нахь Iофыр,— МэфакIом идышъэ цэпищ къыIущэу щхыгъэ.— ТхьамыкIагъоба узфеджэгъэ Iофым ащ нахьрэ хэшIыкI фыуимыIэныр! Мыщ фэдэ дэдэу цако Iоу Долэтыкъо сшIагъэп, зигъэчанэу, зэIукIэмэ къащыгущыIэ зэхъум, зыгорэ хэс сшIошIыщтыгъ. Шъузэблэсэрэхъумэ сшIэрэп, ы-ы, Биназ, сыд къепIуалIэрэ о? Ары нахь, лэжьыгъэмкIэ тыригъэтIысхьащт!..

— СшIэрэп, ар коммунистмэ зэраIу.

— Райкомым къыддиштэмэ, сыда коммунистхэр зыхэтхэр,— джыри идышъацэхэмкIэ Рэщыдэ щхыпцIыгъэ.— ТIорэр ахэмыхьащтмэ, хьаулыеу колхозым тырипаща? Ащ фэдэ нэкIэ ори, Биназ, тызэмыгъэплъыжь. Сэсэмэркъэу, ЧэташIэр. Зышъхьэ имылъым, тыдэ бгъэкIуагъэкIи, ышъхьэ илъыщтэп. Институтыр къызэрэфэухыгъэр сшIэрэп Хьамырзэм. Тэ апшъэрэ гъэсэныгъэ тиIэу ерагъ.

— Къыухыгъ, имашинакIэ мэлыр пысэу, адрэмэ къызэраухырэм фэдэу… Лъэгъунэу сиIагъэр нэрлъэгъу агитациеу згъэхьазырыгъэмэ, щитмэ атырясымыгъатхэзэ, уахэзгъаплъэ сшIоигъуагъ. ЗэкIэмкIи щит щэкIырэ щырэ зэрэхъурэр. Фермэ, бригадэ уцупIэ пэпчъ атетыщт, колхоз правлениеми, клубми аIудгъэуцощт.

— Чылэгу урамыбгъум?

— Ащ тетхэри зэблэтхъущтых.

— Мыщ атефэщтыр зыфэдизыр ошIа?

— Щитхэр пхъашIэмэ тфябгъэшIымэ, адрэхэр комсомольцэмэ тыратхэнэу пшъэрылъ зыфашIыжьыгъ. КIымафэм Iофынчъэу тыщысыщтэп аIо.

— Олахьэ дэгъум ащ фэдэ мурад яIэмэ. Хьарыфэу хащыгъэм пэпчъ къытыралъытэзэ, художник жэкIэ-пакIэмэ тIахыщтыгъэр зыфэдизыр ошIа?

— Комсомольцэхэми зыгорэ афэшIэгъэн фае.

— Сыд афатшIэмэ хъущт?

— Гъатхэм идэхэгъум Лермонтовым ичIыпIэхэр къызэрагъэлъэгъунхэу Пятигорскэ кIохэ ашIоигъу.

— Бо згъэкIоных, зы мэл пщэри афэтыукIын. Дэгъу, Биназ, дэгъу. Сыда мы сапашъхьэ къиплъхьэгъэ купым сяплъыкIэ, о умышIэрэр сэшIа?

— Зы шъхьэ нахьи шъхьитIу аIо.

— АIо шъхьакIэ, Iух, мы заулэм сяплъын слъэкIыщтэп. О уиIоф сшъхьэ езгъэгъэузыжьмэ, адрэ Iофмэ сыд къафэнэжьыщтыр? НекIо, щэджэгъуашхэ хъугъэ. АдрэмкIэ, Хьамырзэм зэрэдезгъэштагъэмкIэ, Биназ, угу къысэмыгъабгъ. ТIэкIу титIо тызэфэсакъыжьзэ тшIын фае. Армырмэ, Долэтыкъо фэдэхэу, къыттебэнэщтхэр хьазырыпсых.

Биназ щхыпцIыгъэ, тхылъыпIэхэр къыугъоижьхи, тхьаматэмрэ ежьырырэ къызэдэтэджыжьыгъэх, МэфакIом къыIуагъ:

— Олахьэ, Биназ, къызэрэосIощтыри сымышIэ, нысащэмкIэ, тытхъэжьэу уиджэгу тыхэтын тIозэ, къыохъулIагъэр сыгу къеом. Шэныбэм пае уипIэлъэ тыгъэ зэрэзэкIэпхьажьыгъэр къезымыгъэкIухэрэр чылэм дэсми, адезгъаштэрэп, укоммунист шъыпкъэ зыхъукIэ, джары узэрэзекIонэу къыптефэрэр. Хэт ыIорэми упымылъ, о пшъхьэ нахьышIу зэрэхъущтым иIоф зефэ.

— Джы мы къепхьыжьагъэр ары,— Биназ ыIуагъ,— симыщыкIагъэр.— Ау къырaIуагъэм джэуап римытыжьыныр къыригъэкIугъэп.— Нысэщэ Iофым ущызгъэгъозэгъагъэшъ къыосэIо нахь, сэри мы Iофым сырыгущыIэ сшIоигъуагъэп,— Биназ шъхьэкIо укIытэм къыушэплъыгъ.— Мы Iофым кIэух фэсшIыгъ.

— Тэрэз, тэрэз, пшIэрэм урыкIэмыгъожь. Тыркуем икIыжьыгъэм ыпхъу къызыпщэкIэ, къезымыгъэкIун Iаджи щыI. Сыд епшIэщт сэIо, къыопыирэм къыпфиIэтэу, ащ нахь чылэм пшъашъэ дэсыжьба!.. Шэныбэм ыпхъу нахьи сыда Хьэсанэмэ япхъу Мерэм зэрэнахь дэир? Бо теплъмэ пшъэшъэ Iэм-лъэм шIагъу, лIакъо зытекIын бзылъфыгъ, алъэпкъкIи узтещыныхьан яплъэгъулIэнэп. Адэ зи къапIорэпи, Биназ? Угу рихьрэба?

— Сыд къэсIон, — Биназ IугушIукI фэдэу зишIыгъ,— ащ фэдэм сырыгущыIэнэу джыдэдэм сыфэхьазырэп. Мерэми зы пшъэшъэ дэгъоу чылэм дэсмэ ащыщ. Адырэ къезымыгъэкIунэу чылэм дэс зыфэпIуагъэмэ сапылъэп. Хэти къызэрэшIошIэу мэгущыIэ, къызэрэщыхъоу мэпсэу.

— Тэрэз сIуагъи!.. Тэрэзэу оIо ыкIи тэрэзэу ошIэ…

ЧэтэшIэ Биназ шIу ылъэгъукIэ, фэшIушIэкIэ арэп МэфэкIо Рэщыдэ зыкIыфэусэщтыгъэр. НэбгыритIум азыфагу пыигъэ дэмылъми, пIалъэ зэритыгъэгъэ пшъашъэр къызэримыщэжьыгъэмкIэ цIыфхэр зэрэтегущыIэщтыр ышIэщтыгъэ. Хэти ежь зэрэшIошIэу, Биназ зэрэзекIуагъэр къезымыгъэкIури мэкIагъэп. ЗэкIэми шIу уалъэгъуа,

ыIощтыгъ Рэщыдэ, уитхьамыкIагъэ къыбдащэчынэу. Чэташ!эм игугъу Iаек!э ашIы къэс, ежь МэфакIомкIэ нахьышIу. Узхэтмэ уипэIо шыгу икъэбзагъэ къахэщыщт, нэмыкIмэ анэшIу нахь баIорэ къыпфэзыщт. Ащ зи ымыгъэшIугъэмэ, ыушIуцIыгъэп. ЕтIани уигугъу шIукIэ рымыгущыIэхэмэ, уигухэлъи пщегъэгъупшэжьы, къыпфагъэшъуашэщтыгъэмкIэ цIыфхэр рыкIэгъожьых. Уикъэбар Таймэзым зызэхихкIэ, теплъын зыкъызэрэпфишIыщтым. Ащ, сэшIэ къумалым ыпхъу къащэ нибжьи къыуиIощтэп, ау цIыфхэм екIэ ажэ узэрэдэлъри къыпфидэщтэп. УимыкI, уимыс, уисэуи сыкъимыгъэхьажь.

Пчэдыжьыпэ горэм, икабинетыпчъэ дэжь шъуз цIэцIэ макъэ Рэщыдэ щызэхихыгъ. Пчъаблэр къыIузыубгъукIи къычIэогъэ Шэныбэ Сафят зелъэгъум, пэгъокIыгъ:

— Къеблагъ, Сафят, къеблагъ.

— Чэмыщ тымыкIожьмэ, колхозым тыщыщыжьба, сиынэгущ!..— Сафят къэтэбэ шIуцIэ пальтэу къуапэр дыридзэкIэу ыIэхэр къыщэйзэ къекIолIагъ.— Мыдэ еплъ, МэфакIор, мы сIэхъуамбэхэр колхоз чэммэ зэрагъэгъугъэр, сизакъоп, уянэ ыIэхэри, Болэт Фатымэ ыIэхэри джащ фэдэх. УзэрэчIэсыр сшIэзэ, нынэ, чIэсэп аIошъ сагъапцIэ...

— Ахэмэ зи ялажьэп, Сафят. Моу зыгорэ стхыти, зи къычIэшъумыгъахь ясIуагъ.

— Армэ хъун. Сэ лажьэ зимыIэм сецIацIэ.

— КъэтIыс, Сафят. Сыд узгъэгумэкIрэр?

— Чэт Iус тIэкIу къысфиптхыкIынэу сыкъэкIуагъ.

— Чэт Iус пае укъэзгъэнэна, Сафят,— МэфакIор джи, секретарыр къычIищагъ.— Модэ кIуи, чэт Iус центнер джыдэдэм Сафят къыфырягъэтхыкI, квитанциер къысфахьи, сыкIэгъэтхэжь. Непэ блэмыкIэу, щэджагъо нэс, къыпфязгъэщэжьын. ЕтIанэ сыдэу шъухъура, Сафят?.. Зэхэсхыгъэ лIым икъэбари къызэрэIугъэр, зэрэпсаури...

— Зэхэпхыгъэмэ, егъашIэм колхозым сыхэт, зыплIэIу илъэу къэзыхьыгъэмэ сащыщ, гушIуакIо укъысфэкIуагъэмэ, зи щышIынығъэп.

— ЕгъашIэм колхозым узэрипкъэугъэр сэшIэ шъхьакIэ, модрэ Тыркуем исыри... Сыдэущтэу сIони, олахьэ сымышIэ, Сафят, къыосIощтри, ар бгъуитIоу зэголъ... ЧэташIэмэ афэмышIэшъугъэр сфэшIэшъуныя, пшIэрэба, зэхэзыххэрэми къытфадэныя...



Клуб чIэхьагъум пэчIынэтIэ тетIысхьапIэм Болэт Къасымэ изакъоу зытесыр сыхьатым къехъугъ. Тыгъэр къумбыл чъыгышхом къышъхьапырыплъи, къушлъыкъум зикIыгъэр тIэкIу шIагъэ. Къасымэ ищысыкIэкIэ зэрэгубжыгъэр къэошIэ. Болэт лIыжъыр дунаим тет-темытми амышIэжьэу, МэфакIомрэ Хьамырзэмрэ зэгогъэпкIэжьыгъэхэу туфым хэшIыкIыгъэ клубышхом язакъоу кино щеплъых.

АдыкIэ, Совет чэу къуапэмкIэ, нэбгырэ заулэ щызэхэт. Загъорэ къыкъоплъых, уахътэр зэрэкIорэр ашIомакIэшъ, къэхъущтым паплъэхэу сыхьатым еплъых. Хъунэп мы тищытыкIэ, тэ тфэмыIошъурэр Болэт Къасымэ ыIощтышъ тежэ ыIуи, щытмэ ащыщ горэ IукIыжьыгъ, нэмыкIи ыуж ихьагъ.

— Тэ зытIокIэ нэпчы тырифыщт!..— ащыщ горэм къыIуагъ.— Болэт Къасымэ сыд епшIэн плъэкIын!.. У ТаймэзкIи укъыридзэщтэп, пшIэрэ щыIэмэ къыуигъэIощт.

— Ар тэрэзба, емыкIуба, мохэм ашIэрэр!.. Къыддэхъу пIокIэ, зиунагъо бэгъон, пшъо уикIы хъуна!..— нэмыкIми къыдыригъэштагъ.— Ашъыу къехъулIагъэр сшIэрэп нахь, МэфакIор мыщ фэдэу щытыгъэп... Хьамырзэм зэщефкIэ енэгуягъо...

— Ар тэ къытэмыIоу,— ящэнэрэр къепэбжъэуагъ,— джа партийнэ зэIукIэм шъузээхэтIысхьэкIэ еIу...

— Болэт Къасымэ нэмыкI лъэгъун тхьаматэм фыриIэнкIи мэхъуба,— апэ къезгъэжьэгъагъэм кIилъэшъужьыгъ,— чэт Iус рыригъэтхыкIынэу паплъэми тшIэрэп... Зэ, шъубыяу, киноур къаухыгъ!..

МэфакIомрэ Хьамырзэмрэ клубым къычIэкIыжьыгъэх.

Къасымэ къызэрилъэгъоу Рэщыдэ къыхэщтэуIукIыгъ, шъхьэгъэсыс сэлам къырихи, тегущыIыкIы фэдэу зишIызэ, адрабгъукIэ дырекIокIынэу ригъэжьагъ.

— МэфакIор,— Къасымэ тэджи, тхьаматэр зыдежьэгъэ лъэныкъомкIи мыкIоу колхоз контор чIэхьагъум фиузэнкIыгъ,— лъэгъун пфысиI сэ,— чэу къуапэмкIэ зыгъэзэгъэ ДолэтыкъуиIи лъыджагъ.— Хьамырзэр, ори ары.

— Олахьэ сэгузажъом сэ...— къыгъэзагъ.

— Тэри тыIофынчъэп,— Къасымэ къызэриIокIыгъ,— бэ зыщышIагъэм макIэ щышIэжьын,— Къасымэ парткомыр

зытетхэгъэ пчъэм, бэщыпэмкlэ теозэ, джагъэ.– Ори, Чэташlэр, зэ моу къакlо!..

– Сыкъэдаlо, Къасым,– гуцэфэнчъэ зишlэу Мэфакlом къыlуи, къеупчlыгъ.– Зыгорэм уегъэгумэкlа?

– Шъуизекlуакlэ сегъэгумэкlы, шъуипсэукlэ лэжьэкlо псэукlэп!..

– Узымыгъэгумэкlыпхъэмэ, Къасым, зямыгъэгъэгумэкl,– Хьамырзэм, къыхихэу, къыдзыгъ.– Ялlыжъыпlэ гъэшlуапlэмэ арысхэу Дэхапlэ лlыжъ lаджи дэс, зыми зыхащыхьэрэп нахь...

– Шъуащытхъузэ шъуимышlапхъэмэ къахэмыгущыlэнхэу ара?

– Сыд мышlапхъэу тшlагъэр? Мафи чэщи уцугъо тимыlэу колхоз lофмэ ауж титышъ, цlыфмэ тафэгумэкlышъ, тыгъоспчыхьэ тызхэныгъэ кином теплъыжьыгъэшъ, мыхъун тшlагъэ ара? – Хьамырзэм шъхьангъупчъэ lухыгъэр къыфишlыжьыгъ.– Улlыжъышху тlозэ, Къасым, олахьэ тебгъэзэщыгъэм!..

– Сэра шъора къышъозэщыгъэр? – Болэт Къасымэ къэгубжи, шъхьангъупчъэу къыфашlыжьыгъэр, етlыргуи, бэщыпэкlэ зэlуигъэчъыжьыгъ.– Шъузэрэхъун къызшъуаlокlэ, кlалэ, шъумыгубж. Сышъушlоделэу, зыуж симытыпхъэ lофмэ ауж ситмэ, парткомыр къэугъой, Чэташlэр!.. Гъэчэрэгъури, Мэфакlор, моу Таймэзым сыдэгъэгущыl. Къэрэкlу ари!.. Сыд узфыщытыр, Чэташlэр?.. Ори мыхэмэ адеогъашта?..

– Зэп-тlоп, Къасым, мыхэмэ сишlошl зэрясlуагъэр,– Бинази рилъэшъухьэ-римылъэшъухьажьэу къыдыригъэштагъ.– Коммунистым lофыгъо парткомым къыщиlэтмэ, тытегущыlэныр типшъэрылъ.

– Къасым,– чlыпlэ зэжъу зэрифэщтыр Мэфакlом къыгурыlоу шъабэу къыlуагъ, Хьамырзэм гущыlэ дыс горэ къыдзынэу ригъэжьагъэти, фэгубжыгъ.– Долэтыкъу, быяу зэ!.. Къасымэ мыхъун ыlорэп...

– Цlыфым фэмышъуашэр сlощтэп ыкlи,– Болэтым бэщыпэр ыгъэсысызэ, тхьаматэр къызэпиутыгъ.– Шъуитlо, сыгу къыгъэкlыжьэу, шъузфэдэр шъошlа? Кlэныжъ Шыхьам зызэришlыщтыгъэу шъуитlо шъозекlо,– зыфагъэдагъэр шlоемыкlоу Хьамырзэм къыхихыгъэми, зилэжагъ. Мэфакlори кlыфыбзэ хъоу стол чlэгъым ылъа-



къохэр щызэригъэнагъэх,– чылэм анахь нысэщэшхо дэтми, къахэмыхьэу, пщынаор ыдэжь аригъащэти, зыфыригъаоу, чэщ-зымафэ зыкlэригъэсыщтыгъэ... Цlыфмэ шъуахэсэу кино шъуеплъыныр шъуушъхьэ ешъупэсыжьрэп!..

– Кlэныжъ Шыхьамэ тыфэдэми тшlэрэп, Къасым,– Мэфакlом lэкlахыгъагъэ гущыlэм къыпидзэжьыгъ,– ау мыхъун къытапlорэп... Олахьэ сымышlэ цlыфхэмкlэ а зыфапlорэр... Кином теплъыжьынэу зыфэхъугъэм, Къасым, шъыпкъэ хэмылъэу щытэп. Район зэlукlэм тыщыlагъэти, тыгъоспчыхьэ тыкъыфэзэжьыгъэп...

– Зымафэ, адырэ тхьаумафэм?

– Ащыгъуми lоф горэм тыкъигъэнагъэу къычlэкlын нахь...– Рэщыдэ ыlощтыр ымышlэу ушъхьагъу лъыхъущтыгъ.– Бинази зэримыгуапэр олахьэ къытиlогъагъэм... Кlо, кино теплъыныр тикlасэшъ... Ащ lо къикlынэу ищыкlагъэп. Кlэныжъхэри тыгу къэдгъэкlыжьынэп... Тшlагъэр тымышlэжьмэ, тыкъэнэжьыгъ... Ары, ары, тэрэз. Зи мыхъун къытэпlуагъэп...

## XVIII

– Болэтыр, унэм зипшlыхьажьыгъэмэ сшlэрэп,– Темыркъан къэлапчъэм къыlумыхьэзэ, игыен ригъэжьагъ,– цlыф уилъэгъужьырэп.

– Оры, о сыд уищыlакlэу пшlэрэ,– гыер къызтыригъэнагъэп,– мафэ къэс машинэмкlэ удэчъы, укъыдэхьажьы нахь, шъэогъум сыд икъэбар пlоу укlэупчlэным упылъэп. Зыуж уитэу зепфэрэр сыд?

– Сшъхьэ иlоф зесфэрэ нахь,– Темыркъан чыишъхьэмкlэ щхыгъэ,– ощ сыфэдэу чылэ lоф зесфэу сыделэкlэ огугъа!.. Сыщыlагъ Мыекъуапэ, кlэлэ нахьыжъым дэжь, узгъэкlожьыщтэп ыlуи, чэщ-зымафэ сыкъигъэтыгъ.

– Сыд адыгэ тlэкlоу Мыекъуапэ дэсмэ якъэбар?

– Мафэрэ lофышlэ мачъэх, къэчъэжьых. Агу имылъ дэдэми, джыри къеблагъэр ащыгъупшагъэп. Тхьаумафэрэ сумкэр аlыгъэу бэдзэрым макlох, ныожъмэ ядыргъхэзэ ащэщафэх. Пенсионер купи, джау Лениным ипчэгу щызэрэугъоихэшъ, щызэхэсы. Сыхьат горэм сахэсыгъэти, сшъхьэ къахэсхыжьыфэ сшlуабэ дэшlагъ.

– Пхъэтэпэмыхь уашlыгъа?

– Хьау. Боу адыгэгъэшхуи ахэлъ. СшIэрэп къызэрэосIощтри, сяплъмэ, адыгэ лIыжъ шIагъох, зэкIэнэкIэжьхэу, зэкIэкIэуIэжьхэу, Iофынчъэм ыгъэулэугъэхэу сахэплъагъ. Ахэмэ сафэдагъэмэ, зы мафи къалэм сыдэсыныеп, сичылэжъ сыдэтIысхьэжьыщтыгъэ.

– Сыд къэбгъэкIожьхэмэ дябгъэшIыхьащт?

– О-уиу, дашIыхьан макIа, пIорэр гъэшIэгъоны. Узщалъфыгъэм итхъагъо гъашIэм зэрэхигъэхъощтыр пшIэрэба?.. ЧэташIэм ячэу къуапэ Iузгъэсыщтыгъэх, джэгумэ, хьадагъэмэ ахэзгъэтыщтыгъэх, натрыфлэжь лIыжъ звенэм хэзгъэхьанхэти, згъэпкIэщтыгъэх, Iуязгъэхыжьыщтыгъэ... Сыд фэдэу къыуалъэгъулIэнхэкIэ ахэр лIыжъ зишIугъох, адыгэ паIоу ащыгъупшэжьыгъэр ары къякIупэщтыгъэр!..

– Хэти, Темыркъан, зэсагъэр ихапI. Ахэмэ угу ябгъэнэу щытэп, Iоф шIукIае къалэм щызэрахьагъ, пшъэдэкIыжь Iаджи къатефагъ, шIушIагъэкIи IэкIыбынчъэхэпщтын. Ау етIани жъы ухъоу IэнэтIэнчъэу укъызынэжьрэм, сыдэу пшIын, кущэрэхъ кIэгъэчъыжьыгъ пIонэу, зыми урищыкIэгъэжьэп. Джа лIыжъхэу зигугъу пшIырэмэ ащыщ горэ сэшIэ, ахэсыгъэмэ сшIэрэп, Сетэр ылъэкъуацIэу.

– Ахэсыгъ, ахэсыгъ. Сетэр аIоти, еджэщтыгъэх.

– Джа Сетэм илъэснытIо фэдиз, къауIэфэкIэ сыдэзэуагъ. Орырэ сэрырэ Нарофоминскэ дэжь тызщызэIукIэжьыщт лъэхъаныр ары. Пщыгъупшэжьыгъ нахь, игугъу сшIэу зэхэпхыгъэ. Олахьэ, Темыркъан, лIыгъэ зыхэлъ кIэлагъэм ар. Разведкэм кIуагъэу нэмыц къыздимыхьэу къэкIожьыщтыгъэп, тикомандир шIу ылъэгъущтыгъ. Черкес ыIоти, еджэщтыгъэ, ащ ихьатыркIэ тэри нэшIукIэ къытеплъыщтыгъэ. ОрденипIрэ медаль зыбгъу-зыпшIрэ иIэу Сетэм заор ыухыгъ. Уеплъмэ, ащ фэдашъо нибжьи тепштэнэп, арба?

– Олахьэ арым,– Темыркъани зэхихыгъэр ымыгъэшIэгъон ылъэкIыгъэп, етIанэ тIэкIу тыригъашIи, къыпигъэхъожьыгъ.– Адрэ сызхаплъэхэри, Къасым, цакохэп. КIо етIани мыжъо гъэчъыгъэм тесхэу чылэ къэбарым тегущыIэхэ зыхъукIэ, угу ямыгъун плъэкIырэп. Олахьэ боу дэим Сетэу зигугъу пшIыщтыгъэр сыгу къызэрэмыкIыжьыгъэр, уисэлам есхыжьыныгъи, икъэбар зэзгъэшIэни, уикъэбар фэсIотэни...

– Ашъыу, пщыгъупшэн фэягъэп, бэрэ икъэбар сырыгущыIагъ. Мыекъуапэ узыкIорэм, сэлам сфехыжь.



– О алейкум сэлам, ар сшIэпэн,– Темыркъан игопагъ ыпшъэ ралъхьагъэр.

– Адрэ зыфэпIуагъэри шъыпкъэ,– дыригъаштэу Къасымэ ышъхьэ ыгъэсысыгъ,– мэкъумэщышIэм къыхэкIыгъэр гъуащэрэп, чIыгум фэзэщы. Сыда мыщ тызфыщытыр, некIо, унэм къихь.

– Сыкъихьана, ХьэпакIэр бгыузым риутыгъ аIуагъэмэ сшIэрэп, тыгъакIу.

– Шъузым зыфигъэшIожьэу пIэм хэлъ нахь, къеузрэ щыIэп,– Къасымэ сэмэркъэу джэуап къытыжьыгъ.

– КIо джары, Болэтыр, ащи ущыIэгъах.

– Адэ, Дударыкъор, о къэочъыхьэ пае лIы сымаджэм сылъимыхьэу къэзгъэплъэна!.. СыкIуагъ, уцэу фызэхэсшIыхьагъэми ишIуагъэ екIыгъэу еIо.

– Болэтыр, сыдигъуа IэзакIо узыхъугъэр?

– IэзакIо сыдым сишIын, ХьэпакIэр пIэм хэушхуагъэу зысэлъэгъум, Нэбыкъуае сыкIуи, узэреIэзэщтыр ныо горэм къезгъэIуагъ.

– Олахьэ, сэ зи сIорэп шъхьакIэ, ХьэпакIэм иуз сэри сиузым...– ЗызгъэхъыежьынслъэкIрэп, сыбг петхъы...

– Ар пIоу, Дударыкъор, табыумэ, пшэсэн щымыIэм зыкъыремыгъэут, май мазэм зынегъэгъэси, нахь стырыIоу фызэхэсшIыхьан...

– Пшэсэна зэрэбгъэхъужьрэр?

– Адэ сыд, шъоу пшIошIыгъа? АщкIи зэхэсэшIыхьэ, ухэбзэежьыкъон...

Аслъанбэч дэжь сымэджаплъэ Темыркъанрэ Къасымэрэ кIуагъэх.

ПчъэIушъхьэм зэрэтехьагъэхэм лъыпытэу Темыркъан зыритэкъухьэу макъэхэр ыгъэIухэу ригъэжьагъ, пчъэр зэрэIуихэу къыхидзагъ:

– ОуитIур оуищ, синыбджэгъужъ тхьамыкI сIонти, пIэ фыжьыбзэм къыхэплъэу хэлъыр ХьэпэкIэ Аслъанбэч, бгыуз нахь мыхъурэм, улIба, зыребгъэутыгъ!..– Темыркъан щхызэ, ин-инэу шъэогъум шъхьащыуцуагъ.– Зэхэоха, ХьэпакIэр, дунаим уехыжьэу, сизакъоу сыкъызыбгъанэкIэ узэрэзгъэежьыщтыр?.. Сыд къыохъулIагъэр, ситхьамыкIэжъ? Усымадж аIуи, Мыекъуапэ щызэхэсхыгъэти, кIалэм умыкIожь ыIозэ, нысэ цIыкIури къысэлъэIугъэ, сыкъышIокIожьыгъ. Тэ, ныбджэгъухэм, тызэлъымып-

лъэжьхэмэ, хэт къытлъыплъэщт!..– пальтэу джыбэм иIэбэжьи, конфет килограмм ныкъо фэдиз газетым кIоцIылъэу къырихыгъ.– Мыри мыекъопэ конфетэу къыпфэсхьыгъ, Iэшlу-lушlу зэрэуимыкIасэр сэшlэ, ау къыпфихьэрэ горэм фэпщэин. Ы-ы, Джанщыр, лIыжъыр къэсымэджагъэшъ, къыдэочъыхьэ ара? Болэтым иIуагъэу, мы сызхаплъэрэм зыкъыпфегъэшIожьы нахь, къеузырэ щыIэп.

– Хьау, Темыркъан, хьау,– Джанщыр ныо од цIыкIуми пхъэнтIэкIур къыгъэкIуатэзэ, къыIуагъ,– мызгъэгу ащ фэдэ Аслъанбэч еслъэгъулIагъэп. Ащ зыгорэ къемыузэу фэгъолъыщтэп. Тхьаегъэпсэу, Къасым ары мыхъугъэмэ, зыкIэмыIэжьэу пIэм хэгъолъхьэгъагъ. ШъутIыс, джы ежь-ежьырэу зыкъызэпырегъазэ,– Джанщыр хьакIэмэ къадечэрэгъукIэу, нэшIукIэ къяплъыгъ.– Тхьэ, аIуамыIоми, мы Темыркъан лIыжъ бэрчэтышху, Къасым. Зыхахьэрэм чэф хелъхьэ.

– Ары, Джанщыр,– Къасымэ щхыпцIи, бысымгуащэм дыригъэштагъ,– ежь Дударыкъори ащ къыфэхъугъ. ШъхьэцIыкIу мэкъэшхоу сIонти, сеплъымэ, цIыфмэ ялыягъэу ышъхьэ ин дэд...

– Мыр къысэмыдыргъэу, Джанщыр, щыIэн ылъэкIыщтэпышъ, упымылъэу, модэ тхьачэт пщэр дэгъу горэ къыфэукI, ХьэпакIэр армэ, пIэм хэмыгъуалъхьэу укъыригъэблэгъэщтэп, уищыпс-пIэстэ шыгъэ бэшIагъэ зытIумыфэжьыгъэр.

– Шъощ фэдэ ныбджэгъуитIу тиунэ къихьагъэу тхьачэт пае шъукъэзгъэнэнэп, боу, тхьам ишыкуркIэ, тихъои. Зэ мы лIыжъыр къэрэтэджыжьи, нахьыбэ сыфаеп. Лыр пIэм хэушхуагъэу хэлъын нахьи, алахьэм сэ сегъэсымадж, сыгу мэкIоды,– Джанщыр ыIозэ, унэм икIыгъ, тхьачэт джэмакъи къэIугъ.

ПIэм хэушхуагъэу ныбджэгъумэ апашъхьэ щымылъыным фэшI Аслъанбэч къызэшIотIысхьанэу зыфежьэм, лIым игухэлъ Къасымэ къыгурыIуагъ. Iаби, дэIэпыIэзэ, къызэшIуигъэтIысхьагъ, шъхьантитIури ыкIыбрэ пIэкIор бармэкъымрэ азыфагу фыдилъхьи, Аслъанбэч гупсэфэу зыригъэкIыгъ.

– Зымафэ узэрэщытыгъэмкIэ, Аслъанбэч, непэ унахьышIуIу,– Къасымэ ыIуагъ.– Мыщ ыпэкIэ, бетэмал, зыбгъэхъыен плъэкIыщтыгъэп. Джы лIыгъэ зеохьэ.



– Тхьэр разэ къыпфэхъу, Къасым, уиуц ишIуагъэ къысэкIыгъ.

–Тара сэIо, сытежъугъаплъэба мы Нэбыкъое ныожъ уцым, – Темыркъан фэщыIагъэп.

– ЕпшIэн щыIэп, уищыкIагъэ хъумэ, къыпфэсхьыщт сIуагъи,– Дударыкъом илъэIу Къасымэ къыпиупкIыгъ, етIанэ тIэкIу тыригъашIи, къыпигъэхъожьыгъ.– Бгыузыр къемыжьагъэу щафэрэп, е зэпшIэжьыщт... КъэошIэжьа нэмыцмэ такъыIэпыкIыжьыгъэу къыохъулIэгъагъэр?..

– Тара ар, нэмыцмэ зэп такъызэрэIэпыкIыжьыгъэр,– къыраIуагъэр Темыркъан игуапэу къэплъагъ, гушхо нэплъэгъу Аслъанбэч фидзи, ичыхIан къуапэу къефэхыгъэр диIэтэежьыгъ.– Олахьэ къэсымышIэжь... Сегупшысэшъ, гъэшIэгъоны псаоу заом тыкъызэрелыжьыгъэри...

– КъэпшIэжьынэп адэ, оркIэ шIугъэмэ ар пщыгъупшэщтыгъэп, куп зэхэтIысхьэ пэпчъ игугъу къэпшIыщтыгъэ,– Къасымэ щхыпцIыгъэ.

– Алахьэм ешI джы угу къэкIыжьыгъэр, мыхъун нэмыкI къэпIощтэп. Ащ нахьи нахьышIу, МэфакIомдхэр киноумкIэ шъхьэчъэ-псачъэ зэрипшIыхьагъэхэр къытфэIожьри, ащ нахь Iоф чылэм дэлъыжьэп... ПшIошъ умыгъэхъу, Аслъанбэч, сэщ пае мыщ къыIощтхэр!..

...Болэт Къасымэ игукъэкIыжь къыIотэжьынэу ыгу къыпылъэдагъ, Темыркъан икъэплъакIэкIэ къызэрелъэIурэм ар ригъэшIагъэп. Натрыф цIынэр ашIуишхи, ныбачъэ зыкIэмыIэжьэу натрыф хьасэм Ростов дэжь зыхэлъми, кIыбрылъэу къахьы зэхъуми, къехъулIагъэр цIыф римыгъэшIэнэу къызэрелъэIущтыгъэр шъхьэм икIыщтыгъэп, нэгум кIэтыгъ. Джы нэс зигугъу цIыф фэсымышIыгъэм сырыгущыIэнэп ыIуи, Къасымэ ныбджэгъум еплъыгъ:

– Умыщын, зи мыхъун къыбдасшIэрэп.

– ШIэхышIоу, Болэтыр, кIэплъэшъужьыгъ,– Аслъанбэч къыдзыгъ.– КъаIо, къаIо. Тэри мыщ зыгорэ дэтэрэшI!.. Тэ къыттегъэгущыIи, умыгъэшхэжь!..

– Дунаим Болэтым къыздишIэрэ щыIэп,– Темыркъан зи къызэрэрамыIолIэщтыр ышIэу «къыр-къыркъ» Iоу игуапэу щхыгъэ, ынэгушъхьэкухэри къисысыкIыгъэх, етIанэ тIэкIу тыригъашIи, ХьэпакIэм фидзыгъ: – Ар пIокIэ тхьачэт пшIотымышхэу унэм тикIыжьыщтэп. Муары Джанщыри лыбжьамэ къыгъэугъ... Ахэр сэмэркъэух, сэмэркъэур

тхьам икIас аIуагъ,– Темыркъан зызэкIиупкIэу, инэплъэгъу гукъэкIыжьым къыригъэчаныкIыгъ,– ау а нэмыцмэ тызаубытым Къасым, сыдэу чIыпIэ къин тифэгъагъ!.. Ощхы о, Болэтыр... Сэры мыхъугъэмэ, черкес, Кавказ ясымыIогъагъэмэ, орзэ щэндж лъапсэм тыщыIурагъэхыщтыгъэ. Кавказ зыкIэсIогъагъэр ошIа, Болэтыр? А лъэныкъом макIохэмэ, гукIэгъу къытфашIынба сIуи, сшъхьэ къечъэгъагъ, сепцIыгъэп, гукIэгъу къытфашIыгъэу къысщыхъугъ... ХьэпакIэр, а чIыпIэм тэ зы нэмыц щыттхьалагъэти, ыжэгъу, зиунагъо, сIитIу чIафэщтыгъэп... Арба, Болэтыр?..

– Нэмыцыр иныгъэп, къыпшIошIыгъэщтын...

– Мыиныгъэми кIочIэшхуагъ, икъурбэкъэй сIэхъомбапэхэр зэритхъыщтыгъэх...

## XIX

Урамым зытехьэкIэ Сафият къызхигъэщыщтыгъэп шъхьакIэ, ежьырырэ ыпхъурэ зэрэзэмышIур мазэм къехъугъ.

Ащ фэдэу Лимэ зыкIыщытыр ным епыикIэ, ыгу шIу фимылъкIэ арэп. ЯтэкIэ къехъулIагъэр шIоемыкIоу, шIонасыпынчъагъэу, еуцолIэн ылъэкIрэп. Ари имыкъужьэу шIулъэгъури ащ къыхэхьажьыгъ. Лимэ янэ закъо нэмыкI дунаим щыриIэп, ащ гуфэбагъэу, кIэсагъэу фыриIэм укIэупчIэжьынэу, зыгорэ еплъэгъулIэжьынэу щытэп. Джэущтэу зэфэмышIуныгъэр азыфагу дэльми, янэкIэ пшъашъэр къыкIащтэ, ныр зыгъэгумэкIрэр ежьыркIи IэкIыбыгъэп. Ау тым икъэбар къызщыIугъэм щегъэжьагъэу а зы нэбгырэмкIэ азыфагу гуфэбэныгъэ дэлъэп. Iофыр зытетыр ежь Сафияти къыгурыIоу щытыгъэп. ЗэкIэми анахь шъхьакIо ным къыщыхъущтыгъэр зэрэгугъэщтыгъэу ыпхъу къызэрэчIэмыкIыжьыгъэр ары. Сыбгъашъо кIэлъэу спIугъэ, сылэжьыгъэ, Сафият еIо, мэлакIэ згъэлIагъэп, зыщилъэщтымкIэ иныбджэгъу пшъэшъэжъыемэ язгъэхъопсагъэп, еплъ къысиIожьыгъэм, дахэкIи, IаекIи сIорэм щыщ хахьэрэп. Укъэзылъфыгъэр псаумэ угушIон фае нахь, ущыукIытэ хъуна!.. Е Iулэ цIыкIу, джыри о дунаим хэпшыкIрэ щыIэп, газетмэ къаратхэрэм урыпсэунэу щытыгъэмэ, илъэс къэс колхоз чэмыщмэ япшъэрылъхэр рагъэкъуни, щэри, тхъури къытIутIэтIыкIыщтыгъэ. Сыщымыгъуазэу щытэп чэмыщ пэрытмэ япэрытыкIэ, Iаджыри, пэрыт зэрядгъэIощтым пае, сищалъэмэ ахэскIыкIызэ, ящалъэмэ ахэзгъэхъуагъ, сизакъоп, адрэ чэмыщхэри ары... Укъэмыхъу рапшIэзэ, о зэфэ банэм ухэт. Хэт ищыкIагъ ахэр?.. Зэ, зэ, ахэр зэкIэ къызщыбгурыIощтри уапэкIэ къэт. Зэ закъо ппэ къызэрэпагоу нынай пIожьыщт!.. Пионер, комсомол, октябрят тIозэ, пшъэшъэжъые закъор ахэстIупщыхьи къязгъэушхъухьагъ. Ежь аIорэр рагъашIэ нахь, тэ тIорэм щыщ хэхьажьрэп.

– Адэ, мам, тэрэза ар? – янэ ыIохэрэр зэхэзыхырэ Лимэу адрэ унэм чIэсыр къэджагъ.

– Сыда мытэрэзыр?

– Джа щэу пэрытмэ афыхэжъугъахъощтыгъэр ары.

– Тэрэзмэ сэшIа сэ, шIэ заIокIэ сшIэщтыгъэ.

– Адэ сыда ащ хэгъэгур зэрэхэтыр?

– Зэрэхэтыр къыосIон,– Сафият иджэнэ IухъокIэ чэм быдзмэ агъэстхъэгъэ Iэхэр ылъэкIзэ къиихьи, къэтIысыгъ,– щэр зыер хэгъэгур ары. Мэкъури былымыри зыер хэгъэгур ары...

– Ащыгъум, мам, хэгъэгурэп жъугъапцIэщтыгъэр, шъор-шъорэу зыжъугъэпцIэжьыгъ.

– Сыдэущтэу зыдгъэпцIэжьын, тилэжьапкIэ ахъщэ хъущэ къыкIакIоу? Боу зы чапычи хэмызэу, мазэ къэс къытатыщтыгъ. КъэтылэжьыгъэмкIэ къытэтыгъожьхэу афэтыдэщтыгъа?.. Армырмэ илъэсих унае сыдэущтэу къалэм ущезгъэджэщтыгъ?..

– Джа щэу, джа былымэу, джа мэкъоу зыфэпIуагъэр зыер хэгъэгурэп. Колхозыр ары зыер.

– Колхозыр хэгъэгуба?

– Хэгъэгум емыпхыгъэ мылъку тикъэрал илъэп. Колхозым имые закъор чIыгур ары, ар хьафэу къыритыгъ зыфаIорэм фэдэу регъэлэжьы. Колхоз мылъкум зыкъиIэты къэс лэжьакIохэр нахь фэшIыгъэу псэущтых. Колхоз правлением иунашъокIэ клубыр, кIэлэцIыкIу яслъэр, гурыт еджапIэр дашIыхьагъ. Больницэми отделение псау къыпешIыхьэ. Джа Болэт Къасымэ зыпылъ музейри дишIыхьан ылъэкIыщт. Ащ изакъоп, сыфитыгъэмэ, спортым идвореци дязгъэшIыхьэщтыгъэ. Мары бэнэнымкIэ, самбо зыфаIорэмкIэ, дунаим ичемпион тихэку къикIыгъ. СпортымкIэ мастерхэр тичылы дэсых. Болэт Зулкъадэ самбомкIэ ыгъэ-

сэрэ шъэожъыемэ язакъоми сыд фэдэу пшӀэра! Илъэс заулэкӀэ ахэри къытехьащтых, чылэм идахэ арагъэӀощт... Шъо завфермэм тигъапцӀэрэп шъуӀозэ, ыӀорэр шъуигъашӀэу шъуӀэхэр укъэпыжьхэу шъуинасып шъуетыгъожьы!..

– Ал, мы къэпӀогъэ купыр тэ щыпшӀэра? – Сафят зэхихыгъэр шӀогъэшӀэгъонэу, ыпхъукӀэ гушхуагъэр къытекӀоу къэупчӀагъ.

– Уеджэмэ, мам, хэгъэгум уимыгъэшӀэн щыӀэп...

Нымрэ пхъумрэ азыфагу къыдэхьэгъэ зэфэмышӀуныгъэр зэщыкӀоты фэдэу Сафят къыщыхъугъэти гушӀуагъэ. Уахътэр зэкӀэми яӀэзэгъу, къыоушъыищт, къыогыищт, зыщищыкӀагъэми къыоцӀэцӀэщт. Хэт зятэ ӀэкӀыб зышӀэу плъэгъугъэр? «Джы нэс сятэ зысимыӀагъэкӀэ, джыри серэмыӀ!» зыӀоӀом, уегупшысагъэп. Тинасып цӀыф зэрэзэхимыхыгъэр, чылэм хиз тишӀыныгъи, щыӀэныгъэ псау джыри уапэ илъ.

– Ары, нынэ, ары,– Сафят игупшысэмэ къахэужьыгъ,– уемыджагъэмэ, умыгъас, умыгъэсагъэмэ, убзаку. Мы къэпӀогъэ купым хэшӀыкӀ фыуиӀэныр сыдым ымыуас. Сыда аӀуагъэр, дунаир зыгъэнэфрэр тыгъэ, дунаир зэзгъэзафэрэр шӀэныгъ. Сэри успӀугъ, хэгъэгуми уригъэджагъ, дэгъоу ошӀэ зэрэзыщымыгъэгъупшэрэр. Мыщ фэдэу уеджагъэу, угъэсагъэу уятэ тхьамыкӀэм къылъэгъужьыгъэмэ, Ӏаджи гушӀоныгъи...

– Ӏофышӏэ сэкӀо сэ,– аужырэ гущыӀэр зэрэзэхехэу Лимэ къэтэджыгъ.

– ЖьыӀоба джыри?

– Сымэджэ хьылъэ горэ сиӀэшъ, икъэбар сшӀэрэп, сэгумэкӀы...

– Тхьа еуи, хэта ащ фэдэу сымаджэр?

– Тичылэ щыщэп,– шъыпкъэ къызэримыӀорэр шӀоукӀытагъоу къеплъыгъэп.

– ТхьамыкӀ, хэт щыщми тхьам ихьакӀ.

Сафят шъхьангъупчъэм Ӏууцуи, ыпхъу кӀэлъыплъагъ. Лимэ ыпкъ зэхэлъыкӀи, икӀуакӀи, исумкэ ӀыгъыкӀи ищыпэлъэгъум фэдагъ. Къэлэпчъэжъыем дэкӀи, урам къэгъэзэгъум къохьафэкӀэ, Сафят пшъэшъэжъыем ынэ тырихыгъэп. Къэмылъэгъожьы зэхъум, сыд пае модыкӀи-мыдыкӀи щымыщэу ятэ игугъу фэсшӀи, унэм изгъэкӀыгъа ыӀуи, Сафят хэщэтыкӀыгъ. Адэ сыд мыгъор сшӀэн, уимыпӀугъэу, ыкокӀ уимысыгъэу, тым ыӀаплӀ фабэ уицӀыкӀугъом зэхэмышӀагъэ зыхъукӀэ, уят аӀокӀэ шӀулъэгъу фыуиӀэщтэп. Уяти, ори шъузгъэмысэрэп. Сэбэхь тхьамыкӀэр сабый кӀэхъопсзэ, илъэс пчъагъэ къыздыщыӀагъ, сшъо зыхэфэм, гушӀомэ, зыфэсакъыжь ыӀомэ къызэплъэкӀыжьзэ, заом Ӏухьажьыгъагъ. Мыдрэ пшъэшъэжъыеми сятэ дзэкӀолыгъ, заом щыфэхыгъ ыӀомэ къогушхукӀызэ, джы нэс къыхьыгъ. Зы гущыӀи есымыӀуагъэу, къалэм щеджэзэ, ятэ исурэт зыдихьи, нахь ин къаригъэшӀыжьыгъагъ. Сэри пшъэшъэжъыем ятэ шӀу елъэгъу, ащ рыщыӀ сӀоти, шъузабэу сыкъызэнэм, унэгъо гухэлъ къысфыриӀэу лӀы къысфэкӀуагъэми, джэуапынчъэу изгъэкӀыжьыщтыгъэ. Пшъэшъэжъые закъомрэ фермэ чэмхэмрэ нахь гушӀуагъо симыӀэу сигъашӀэ иилъэс анахь дэгъухэр шъузэбэшъхьэзакъоу къэсхьыгъэх. Джы сижъышъхьэм лӀыр зысэгъотыжьым, еплъ къэслъфыгъэ закъомрэ сэрырэ тазыфагу къыдэтэджагъэм... Сафят къыщиути хьаку лъапсэм кӀэрысэу гъыгъэ. Нэпсыхэр ӀэплъэкӀ къуапэмкӀэ кӀилъэкӀыкӀыхэзэ, о зыпӀэтыни уикӀынышъ, сизакъоу, сегупшысэмэ ощ нахьрэ гушӀуагъо симыӀэу унэм сыкъинэщт ыӀозэ, ӀупчъапчъэщтыгъэЖ...

Сафят тучаным зычӀахьэм Ордэн Сурэ ӀукӀагъэти, къызэдчӀэкӀыжьыгъэх. Урамым къызтехьажьхэм, врач бзылъфыгъэм риӀуагъ:

– Тхьауегъэпсэу, Сур, пшъэшъэжъыем унаӀэ къызэрэтебгъэтырэмкӀэ. Ренэу уигугъу дахэкӀэ Лимэ ешӀы, сэри лъэшэу сигуапэ. ДжырэкӀэ больницэм ощ нахьрэ гушӀуагъо щыриӀэп,– Сафят Сурэ зыӀуигъакӀэ зышӀоигъуагъэри бэшӀагъэ, ядэжь кӀонри, больницэм фыӀухьанри къыригъэкӀущтыгъэп. Джы зэрэфэе дэдэу Ӏофыр хъугъэ.

– СынаӀэ тетми ежь Лимэ ынаӀ къыстетми сшӀэрэп, Сафят,– Сурэ ӀугушӀукӀыгъ.– Лимэ Ӏэдэбрэ шӀэныгъэрэ зыхэлъ пшъэшъэ гохь, шӀу умылъэгъун плъэкӀыщтэп.

– СшӀэгущэрэп гохьыгъэ хэлъми,– ыпхъу къыщытхъухэ зэхъум, Сафят ыӀуагъ,– больницэм нэмыкӀрэ тхьагъо иӀэп. Сымаджэхэр еӀошъ, чэщи мафи афэгумэкӀы.

– СымаджэхэмкӀэ Лимэ врач къодыеп, гукӀэгъурэ шъэбагъэрэ зыхэлъ цӀыф. Ар зэкӀэми ашӀэ, джары зэкӀэри ипалатэ чӀафэхэмэ зыкӀашӀоигъор. УкъэмыгумэкӀ, Сафят.

ЦӀыфыгъэрэ шъхьэлъытэжьрэ зыхэлъ пшъэшъэжъый Лимэ, къинэу теплъэгъуагъэр хьаулые хъугъэп.

– Тхьауегъэпсэу, Сур, тхьауегъэпсэу,– ори джащ фэдэу уисабыймэ алахьэм уащегъэгушӀукӀыжь. КӀо, етӀани сымыгумэкӀын слъэкӀырэп, ори ошӀэ джыдэдэм тиӀоф зытетыр. Чылэм Ӏаджи щаӀо, щаӀорэм пэпчъ къыднэсыжьы, сэри зы шъузэбэжъэу, лӀы зышъхьарытым сехъуапсэу джы нэс къэсхыгъ...

– Чылэм зыгорэ щямыгъэӀон плъэкӀыщтэп,– Сурэ гущыӀэ лъапсэр къыгурыӀуагъэу джэуап къытыжьыгъ.– Зи мыхъун Лимэ пай, ощ пай щаӀоу зэхэсхыгъэп. Лимэ инасып къэкӀогъу, насыпэгъу зыфэхъущтымкӀэ къэнэнэп.

– Арэп зигугъу сшӀырэр, Сур. АщкӀэ инасып зыхэлъыр ыгъотын... ЯтэкӀэ гущыӀэгъу къыпфэхъугъэмэ сшӀэрэп, ят ары сэ зыфасӀорэр... ПшӀэрэба джырэ ныбжьыкӀэхэр зыфэдэхэр, о пӀорэр пфаӀощтэп, къыодэӀущтышъ, тӀэкӀу укъеушъыигъэмэ дэгъугъэ.

– АщкӀэ, Сафят, къыосӀон сшӀэрэп,– Сурэ джы нэс зэнэгуещтыгъэр къыраӀуагъ,– мыр шӀэ, мыр къэшӀэжь сфэӀошъущтэп, шъуиунэгъо зэгурыӀожь къихъухьагъэр Лимэ къыгурымыӀоу щытэп, ар зэхэзыфыщтыр шъуитӀу ныӀэп...

Шэныбэ Сэбэхь ящэнэрэ письмэу Тыркуем къыритхыкӀыгъэр, цӀыф римыгъаджэу, Сафят зиӀыгъыр мэфэ заулэ хъугъэ. Сэбэхь исурэтэу письмэм къыдэкӀыгъэм мафэм тӀо-щэ еплъышъ егъэтӀылъыжьы. Зэо ужым илъэс пчъагъэу текӀыгъэмэ ынэхэр тӀэкӀу амыгъэкӀосагъэмэ, хэкӀыгъэ щыӀэп: пэкӀэ тхъугъэр къэбзэ-лъабзэу зэкӀэупкӀыхьагъэ, шляпэу щыгъым дэбжъыкъу фыжьхэр къычӀэщых, галстук къолэныр къекӀу.

Мафэрэ фэмыдэу непэ Лимэ жьыкӀаеу къэкӀожьыгъэти, Сафят гушӀуагъэ. Ӏанэм зэдыпэтӀысхьэхи, зэдэшхагъэх. Хьакъу-шыкъухэр Лимэ ытхьакӀыжьхи, шкафым дигъэуцожьыгъэхэу зэплъэм, стол къуапэм письмэу телъыр ылъэгъугъ, конверт къопэ пыуплъыжьыкӀыгъэхэмкӀэ Тыркуем къызэрикӀыгъэр къышӀагъ.

– Уятэ письмэ къыгъэхьыгъ, икарти ары...

Зи зэхимыхыгъэ фэдэу зишӀи, адрэ унэм Лимэ чӀэхьагъ. Сафят фэмыщыӀэу джагъэ:

– А синынэ гущ, усыд цӀыфа, уятэ икарт къыгъэхьыгъ сӀуагъи!..



## XX

Мыгъэ фэдэ кӀымафэ щыӀагъэу къызамышӀэжьрэр бэшӀагъэ. Апэм отӀэ-псытӀэ нэгушӀоу зыкъыигъэлъэгъуагъ: къещхмэ теужьэу, тыгъэр къыкӀидзмэ къыгъэгъушъыжьэу, етӀани ос цӀынэр къыхэсэжьмэ щыжъужьэу апэрэ мэфэ тӀокӀыр къыхьыгъ. Январым ыкӀэхэм щэджэгъоужмэ адэжь, къыздикӀыгъэр амышӀэу, пщагъор зигъогогъу чъыӀэр Дэхапӏэ къышъхьащыкӀуашъэу ригъэжьагъ. Чэщым къэучъыӀыгъэ чӀыгум хъот-борэныр шъхьащытэу цӀыфхэр къыкӀэтэджэжьыгъэх. Тыгъэ чъыӀэри къепсы, ос гъушъэри зэрехьэ, фабэм къырифыжьэгъэгъэ псыгъуаткӀохэр Ӏумыл кӀыхьэ хъужьыгъэхэу унашъхьэмэ къапэщы.

Болэт Къасымэ пчэдыжь унапчъэр зыӀуехым, ос-хъот зэтехьагъэу пчъэм Ӏулъым ригъэкӀыгъэп, жьыбгъэ чъыӀэми зыкъыжэхидзи, пкъышъолыр зэлъигъэдыигъ, ар имыкъоу ос пхъапхъэри къыжэхитэкъуагъ.

– Мыр сыд шъыу,– Къасымэ ыӀуагъ, чэмымрэ мэлхэмрэ зэрыт къакъырымкӀэ плъагъэ. Ахэри осым къычӀэщыжьыщтыгъэхэп. Хьасэнэ шъузабэм адэжькӀэ, сыд якъэбар шъуӀуа ыӀуи, плъагъэ. ХьанцэмкӀэ апэрэ лъагъор хищыгъ.

БылымэщымкӀэ Къасымэ осыр ымытхъоу къэлэпчъэжъыем екӀуи, Хьасанэмэ яунэ лъэныкъокӀэ пхырыкӀыгъ. Ос лъагъор пхырищэу кӀозэ, ячэтэщ къуапэ зыщынэсыщтым ылъэгъугъэр игопагъ: Мерэм пчъэӀупэр ытхъугъахэу къэлапчъэм къыдэкӀы, Нысэдахи пчъэӀушъхьэм тетэу, гукӀодыгъо Ӏофэу Къасымэ зэнэгуещтыгъэри ямыӀэу, ыпхъу зыгорэхэр къыреӀох. Ежь Мерэми Ӏэм-лъэм нэкӀу шъхьэплъэу осыр бгъуитӀукӀэ зэретэкъокӀы, Ӏэплъэкӏым къычӀэзыгъэ шъхьац налъэхэр нэгушъхьэм Ӏуепщыкӏых, загъори къэуцушъ, къызхэзыгъэ нэтӀэбгъум къуекожьы.

– О-уиу, мы слъэгъурэр гъэшӀэгъоны!.. – Къасымэ къэлэпчъэжъыем нэмысэу джагъэ,– Олахьэ, Мерэм, сэщ нахьи унахь чаным, нэфмышъэу мыщ Ӏофэу ышӀагъэр!.. Осыбэ дакӀоу гъэбэжъу шъогъотапщи! Сыдэу, Нысэдах, хъот-борэным ухаплъэра?.. Сэ ос-хъотым ыгъэщтагъэхэмэ сэӀо, ежьхэм зао рашӀылӀагъэу щагум къыдафы...

– Къеблагъ, Къасым, къеблагъ,– Нысэдахэ пчъэӀушъхьэм къехзэ, Къасымэ къыпэгъокӀыгъ,– пчъэӀупэ осыр сымытхъоу ӀофышӀэ сыкӀощтэп еӀошъ, Мерэм зегъэлӀэ-

жьы. Хъугъэ, нынэ, хъугъэ, сипшъашъ. Моущтэу къесыщтмэ, Іуптхъугъэр пчыхьэ нэс къыІуитэкъожьыщт.

– Джыдэд, мам, мары къэсэухы,– Мерэм нэкІушъхьаплъ нэгушІокІэ Къасымэ къыІуплъагъ. Джыры ныІэп сурэтым фэдэу гъунэгъу пшъашъэм идэхагъэ Къасымэ зы-зэхишІагъэр. Нахьыпэми ылъэгъущтыгъ шъхьакІэ, сыдэущтэу бгъэукІытэу уеплъына, гуфаплъэу еплъыщтыгъэп.– Моу Къасымэ иос лъагъо чэу къуапэм есэгъэщалІ.

Ос тхъугъэ чІэгъым тыгъосэрэ пхъэ ныкъокъутэу къычІэщыгъэр Къасымэ ылъэгъугъ:

– Шъо сызхаплъэрэмэ пхъэ къутагъи шъуиІэкІэ сыгугъэрэп,– Къасымэ ощыр къышти, пхъэ зэпыхыгъэ такъырхэр зэгуигъэлъэтэу ригъэжьагъ. Сыхьатныкъуи тыримыгъашІэу пхъэр ыкъутагъ, Мерэми ІаплІ зытІущ унэм рихьагъ. Пхъэ къутэныр Къасымэ зеухым, чэм закъомрэ мэлитІумрэ Іус арити, Нысэдахи тхьагъэпсэушхор къыкІэлъиІозэ, унэм фимыхьэу, Хьасанэхэм адэжь къыдэкІыжьыгъ.

Ныпчэдыжь къызэтэджым дунаир зытетыгъэмкІэ, жьыбгъэри уцоу, уашъоми зыкъызэІихэу Къасымэ къыщыхъугъ. Уцуи, Хьасанэхэм адэжькІэ плъагъэ. Хьакуищым Іугъошхо къырихэу зелъэгъум, унэм машІо зэрэрашІыхьагъэм щыгушІукІыгъ, щагум дэхьажьыгъ. Ос щагури къэбзэ-лъабзэу зэлъитхъугъэу, былымми Іус аритыгъэу Къасымэ зелъэгъум, Зулкъадэ иІэшІагъэ кІэгушІугъ.

ДунаимкІэ Къасымэ хэукъуагъэп: щайшъогъумэ адэжь жьыбгъэр быяужьи, ос зехьэри рэхьатыпІэ иуцожьыгъ.

– А лІыжъ, гъунэгъумэ сыд якъэбар? Іаджи бзылъфыгъэитІур ос-хъотым ыгъэщтагъэу къычІэкІын?

– Ащ фэдэ яслъэгъулІагъэп, осыр тхъугъэу ящагу сыдэхьагъ.– Къасымэ джэуап къытыжьи, Мерэм фэгъэхьыгъэу зыгорэ къыІо шІоигъуагъ, ау унэм икІынэу зызфэпэрэ Зулкъадэ ыпашъхьэ къыригъэкІугъэп. Ардэдэм ынэмэ акІэІотыхьажьзэ, собэм къычІэкІыгъэ шъэожъые къэтэджыжьыгъакІэр къихьи, зи ымыІоу ятэжъ ыкокІ дэцохъоягъ, Къасыми гушІоу еупчІыгъ: – Укъэтэджыжьыгъа, сихьапІытІэхъу? КІэлэ дэгъу хъущт мыр, ма щэлэмэ фабэм ецакъ. ЛІы хъумэ, чэмхэр псы ригъэшъощт, Іус аритыщт, козыныр къытхъущт мыщ. Арба, сикІал?



– А Іух адэ, лІыжъ, мощ нахь ІэнатІэ шъэожъыем къыфэмыгъотэу.

– Адэ, ныо, сыд фэдэ ІэнатІ узыфаер?

– Еджэгъэшхо хъущт пІомэ сыд фэІуагъэр, алахьэм тыкъызэхихыщтми пшІэрэп.

– Ары, ары, тыкъызэхихыщт. Къыожэ, Болэтмэ сыд ящыкІагъ еІошъ, щыс.

– А лІыжъ, ар умыІо!..– Фатымэ щтэгъэ нэгукІэ къэплъагъ.– Заом узыщэІэм алахь закъор ары сэ сикъотэгъугъэр...

– Ашъыу тІорэп, арба, сикІал? Ащ пае нэнэжъым ыгу хэдгъэкІынэп.

– Мэлмэ Іус ястыщт!..– илъэситф горэ нахь зымыныбжь шъэожъыем ятэжъ къыІуагъэм дыригъаштэу янэжъ ынэ фигъэІэягъ.

– Зэхэоха, ныо?..

– Седжэщт Іо нахь, нынэ, сымэлэхъощт умыІо.

– ЗэкІэри ешъогъаджэ, жъугъэмэлэхъощтыр сшІэрэп,– Къасымэ ыпакІэмэ аІуцхыкІыгъ.– Икъунба, ныо, пкъорэ ппхъуитІурэ еджагъэх. СымэкъумэщышІ ерэІуи, сэри зыгорэ сауж къерэхь.

– СлъэкІмэ, мыхэри езгъэджэщтых. Уеджагъэ хъумэ, дунаим щытетыгъошІу.

– Ар пІокІэ еджэгъэ пстэури зэфэдэп. Хьамырзэри еджагъэба?

– Хьамырзэр сыдкІэ еджагъэмэ зыхалъытэн, цу зимыІэм шкІэ кІешІэ зэраІоу, ыкъудыйрэ щымыІэу колхозым хэт. Сыагроном шъхьаІ еІошъ, зэрыкІорэ лъагъор ылъэгъужьрэп.

– Ылъэгъужьына мафи чэщи ешьуагъэу!.. МэфакІор зыгъэунэхъурэмэ ащыщ, колхозыр ыІэмычІэ къинэжьыгъэу елъытэ. ЗэІукІэмэ къащымыгущыІэу, цубжъэ щимыІуантІэу къыхэкІрэп.

БлэкІыгъэ партийнэ зэІукІэм парткомыр зытегущыІэгъэгъэ былым ІусымкІэ къырихьыжьэгъэгъэ бырысырыр, къамыгъэгущыІэу пчэгум зэрэраубышъыхьэгъагъэр Къасымэ ыгу къэкІыжьыгъ. МэфакІом очыл фэмыхъумэ мыхъунэу уцуи, ежь-ежьырэу зыкъычІиупхъукІыжьыгъ. МэфакІор дела, ащ фэдэ Іаджи ылъэгъугъ, къэтэджи, коммунистмэ къадыригъаштэу Хьамырзэм ышъхьашъо къырыкІожьыгъ.

– Колхозыр ыlэмычlэ къинэжьыгъэу зелъытэмэ, сыда шъо, коммунист купыр, шъузыпэсыр?

– Олахьэ, ныо, ари тэрэзым,– Къасымэ щхыгъэ.

– Тэрэзмэ, зыфаер колхозым щешъумыгъашl.

– Хьамырзэр зэlукlэмэ къащыгущыlэныр иклас сlуагъэ нахь, зыфаер колхозым щешlэ сlуагъэп сэ.

– Сэ сэlо.

– Оlомэ, озгъаlорэр сыд?

– Сэзгъаlорэр Шэныбэмэ чэт lус дзыуищэу къафригъэщагъэр ары,– Фатымэ ыlитlу бгъэгум щызэрыдзагъэу лlым къепэгэкlэу къеплъыгъ.

Чэт lус дзыуищмэ якъэбар Къасымэ ищыпэзэхэхэп. Рыгущыlэхэу чlыпlитlо щарихьылlэгъагъ. Зэм Мэфакlор, адрэм Хьамырзэр щаlуагъ. Чэт lусымкlэ сыд аlуагъэми ащ фэдизэу къыридзэгъагъэп, узэрэгущыlэн lофэу ылъытэщтыгъэп. Ау шъузым икъэплъакlэ шlомыдурысэу, джэнджэш ыгу къыригъэтаджэу джэуап ритыжьыгъ:

– Гъэшlэгъона къыфащагъэмэ, чэт lус ящыкlагъэти къыфащагъ.

– Гъэшlэгъоны, Тыркуем уикlыжьмэ, сэри къысфащэщт ара?

– Чэт lус пае, ныо,– Къасымэ щхыпцlыгъэ,– Тыркуеми симыгъэкlыжь, Шэныбэрэп къызфащагъэр.

– Адэ хэт?

– Егъашlэм колхозым пкъэоу кlэтыгъэ Сафят ары.

– Ары, лlыжь, ары,– Фатымэ зытетым текlыщтыгъэп,– гъэрэ Сафят чэт lус фарагъащэщтыгъэ... Ищэлъачlэ чlэлъэу къымытыгъущтыгъэмэ, а тхьамыкlэм фашlагъэ щыlэп... Чэт lусыр хэгъэкlи, Хьамырзэ апэ зэритэу, джы гушlуакlо фэкlох.

– Армэ узхэхьагъэр, ныо, ори Шэныбэхэмкlэ ушlоп. Сымышlэкlэ умыгугъ, апэ гушlуакlо чъагъэмэ уащыщ.

– Сыкlуагъэмэ, лlыжь, сызфэкlуагъэр Сафят ары. Лимэ цlыкlур анахь врач lазэу больницэм lут, теолlэ зэпыт, зыдэсхьыщтыр сшlагъэп,– Фатымэ нахь шъабэ къэхъу фэдэу Къасымэ хэплъагъ,– тынэ иткlыжьына, егъашlэм тызэдэчэмыщыгъ, къин зэдэтхъугъэ. О умыкlомэ, кlалэр мыкlоу, сэ сымыкlомэ чылэм сыд аlон сlуи, къезгъэкlугъэп. Сафят тхьамыкlэм чэт lус къыфырарэмытхыкl сlорэп сэ, тэри къытфыратхыкlы, ау къытфарагъэщэжьырэп нахь. Мары, тэри шlэхэу чэт lусынчъэу тыкъинэщт, орышъ, зи пlохэщтэп, кlалэр ары нэмыlэмэ...

– Хъугъэ, Фатым, къемыгъажь, шъузабэм фащэгъэ чэт lус тlэкlум мощ фэдиз къыибгъэкlэу,– Къасымэ къыгурыlуагъ шъузым игущыlэ къыздикlыгъэр,– чэт lус уимыlэмэ, къакъыр кlашъом натрыф хъущэ телъышъ, афэгъэушкъой, анэгъу нахьыбэрэ илъын. Колхоз чэт lусым ушlонагъа?

– Сышlонагъ, Сафят фэдэу тэри колхозым тыщыщышъ!.. Ау чэт lусым нахь чыжьаlоу сэплъэ сэ... Пшlэрэба мы чылэр зыфэдэр, шlэхышlоу заом къыдихьэгъэ гукъаор ащэгъупшэжьы. Къэплъэгъужьын Шэныбэ Сэбэхь къызыкlожьыкlэ, хьаджэ хъугъэу къэкlожьыгъэу къазщымыхъукlэ!..

– Аущтэу къызэрэсымылъэгъужьыщтыр, ныо,– ыпашъхьэ итыр имышъуззэу, Шэныбэ Сэбэхь арэу къыщыхъоу Къасымэ ынэхэр ошlэ-дэмышlэу мэшlо плъыркlэ узэпастыкlэу къилыдыкlыгъэх,– сипэlожъ зэрэсшlэу сэшlэшъ, къыосэlо!

– Сшlэгущэрэп, лlыжъ, аущтэу къысшlошlы,– Фатымэ, лlым ынэхэу къистырыкlыгъэхэр зелъэгъум, ымакъэ къэушъэбэу къызэкlэкlуагъ.

– Къыпшlошlми, къызшlомыгъэшl!..– джэдыгур зыщилъи, Къасымэ унэм икlыгъ, хьаку лъапсэм джэгоу ис шъэожъыер, ятэжъ ыгу хагъэкlыгъ шlошlи, янэжъ нэмыплъ рихэу, кlэлъыджэзэ гъыгъэ.

– А Сэфэр, а нынэ, тэтэжъ джыдэдэм къэкlожьыщт,– Фатымэ шъэожъыем едэхашlэу лъыlэбагъ,– чэмхэр псы ригъэшъонэу икlыгъ,– сыд фэдизэу нэнэжъым дахэ римыlуагъэми, унэм зырыримыгъэщэу, тэтэжъым лъимыкlэу шъэожъыер къышlокlыгъэп, зефапэм риlуагъ: – Некlо, сиклап, некlо. Тэтэжъым чэмхэр псы дедгъэшъощтых... Ары, шкlэ цlыкlури, шъынэ цlыкlури ары.

## XXI

Ахъмэт мычъыешъоу чэщым пlэм къыхэущыхьажьыгъ. Сыхьатым зеплъым, уахътэр плlым шъхьэщыкl къодыягъ. Джыри жьыщэ ыlуи, зызэпыригъази, зытемылъыгъэ бгъум тегъолъхьагъ шъхьакlэ, чъыешъу-

щтыгъэп. Дэпкъым пылъэгъэ сыхьат тео макъэм заулэрэ кӀэдэӀукӀыгъ, гукӀэ шъхьангъупчъэ щтыгъэмкӀэ зидзи, дунаим хэдэӀуагъ – тыдэкӀи щырэхьатми, ежь гумэкӀым хэтыгъ. Шъхьээзкъо щыӀакӀэм узэригъэгупшысэнэу щыӀэр бэ, ышхыщтри зыщилъэщтри имыӀэкӀэ арэп. Сыд фэдиз зэбгъотылӀэжьми, ар къыбдэзыгощын унэм имысмэ, зэкӀэри хьаулый. Шъуз цӀыкӀу горэ шъхьантэм къыдытелъыгъэмэ, сыда Ахъмэт узгъэгумэкӀрэр ыӀони, къызэхишӀыкӀыщтыгъэ, шъхьэм къибэнагъэхэр щыгъупшэжьыни, чъыепэ Ӏэшӏу къекӀущтыгъэ.

Ошъогу лъагэм къеджыкӀы пӀонэу, чыжьэкӀэ атэкъэ Ӏо макъэ зэхихыгъэ, ащ нахь благъэуи къэӀугъ. Унэ кӀыбым къыкъоджыкӀ фэдэу зыгори къыпэджэжьыгъ. Ар гъунэгъумэ, Хьасанэмэ ятакъ ыӀуи, Ахъмэт щхыпцӀыгъэ, имэкъэхъугъэ Нысэдахэ угу къегъэкӀы.

Чъыеныбэущэу Мэджэсмэ ятэкъэжъ къырищэжьагъ шъхьакӀэ, адрэмэ афэдэу фыкӀэщышъугъэп, ычыишъхьэ натрыфыцэ тенагъэу щигъэтыжьыгъ къышӀошӀыгъ. Ари атакъэ хъужьынэп, илъэс пчъагъэ хъугъэ лъэбыцэ нэпцитӀоу щагум зыдэтыр, сыгу егъу нахь, бэшӀагъэ зызгъэкӀодыжьыщтыгъэр. Чэтылӏэ Ӏаджми тхьамыкӀэжъыр къялыжьыгъ, чэтлыбжьэ язгъэшӀынэу сешъуагъэу зытӀо-зыщэ есфыжьагъ шъхьакӀэ, зысигъэубытыгъэп. Цыхьэ къысфишӀэу сихьанэ-гъуни къихьэрэп.

– Сыд сэӀо мы сищылъыкӀэ,– изакъоу зыдэгущыӀэжьэу унэм щесагъэшъ, зэупчӀыжь-зэдысыжьэу пӀэм къыхэтӀысыкӀыгъ. Остыгъэр химыгъанэу зифэпэжьыгъ, пӀэр Ӏуихыжьынэу зыфежьэ уж ныӀэп мэзахэм зэрэхэтыр къызгурыӀуагъэр.– Сыдэу мэзахэ сэӀо мы унэр?.. Джыдэдэм машӀо къисшӀыхьанышъ, къызэлъызгъэфэбэщт. Дэгъоу сшӀагъэ пхъэхэр хьакушъхьэм нычэпэ зэрэтезгъэлъыгъэхэр. Тэ щыӀ сырнычыр? Мары, сиджыбэ илъ.

Хьакум щызэтырилъхьэгъэ пхъэм фэтагын тӀэкӀу тырикӀи, сырнычыпэр Ахъмэт зырехьылӀэм, «бы-быб» Ӏоу зэкӀэнагъэ. Хьакупчъэр рищалӀэзэ ыӀуагъ:

– Ы-ыхьы джы, машӀо щыӀэмэ, гукӀодыгъо щыӀэп. Хьаку кӀыӀур нэкӀын нахьи, псы тезгъэуцомэ къэжъон. Псыри терэт, сыкъызытэджыгъахэкӀэ, картофи згъэжъэн. Мыдэ мы хьакум макъэу пыӀукӀрэр, машӀокужъ фэд. Олахьэ Болэт Къасымэ ыӀэ дышъэр пэзым, ащ



ышӀыгъэм ыцэ удэмыплъэжь. Дунаим ащ ыӀэ зэмыкӀурэ щыӀэп. Трактор Ӏори, зэрэпсаоу зэпкъырихыни, зэпкъырилъхьажьыщт, автомашин Ӏори, моторым илэжьакӀэ зэредэӀоу идагъор къешӀэ. Узфэе пхъэ Ӏофри джащ фэд.

Картофыр ыупсэу хьаку машӀоу мэшӀокум фигъэдагъэм Ахъмэт кӀэдэӀукӀзэ, 1941-рэ илъэсым ибжыхьапэ ыгу къэкӀыжьыгъ. Заом ащэхэзэ, Харьков блэкӀыгъэхэу нэмыц самолет заулэ къашъхьащыбыби, бомбэхэр къазэрэтырадзэгъагъэр ынэгу къыкӀэтэджэжьыгъ. Джа мафэр ары Ахъмэт заом ынэгу апэ зыкӀэплъэгъагъэр, цӀыф укӀыгъи, цӀыф гуӀакӀи зилъэгъугъагъэр. Джы къызнэсыгъэм а чӀыпӀэм щыщтэгъагъэми-щымыщтэгъагъэми зэхифыжьынэу къышӀэжьрэп. Щтэгъагъэп ыӀоми, хэукъо, апэрэ бомбэ дзыгъуищым дунаир мэкӀодыжьы къышӀошӀыгъагъ, мэшӀоку щэрэхъ лъапсэм, гъучӀмэ ахэмыхьашъуми, захигулӀэу илъыгъ, етӀанэ зыкъишӀэжьэу ыублагъ, такъикъ заулэ зытешӀэм, мэшӀокум ит зениткэм кӀэрыгъэпкӀэгъэ дзэкӀолӀмэ, къаукӀыгъэм ычӀыпӀэкӀэ щэр аритэу, самолетмэ яорэмэ ахэтыгъ. Омакъэмрэ щэ гынымрэ нахь ышӀэрэпти, самолетэу раутэхыгъэри ылъэгъугъэп. Сыд фэдэ пый къыкъокӀыгъэми тихэгъэгу къызэрэтемыкӀощъущтым джа чӀыпӀэр ары апэ дэдэ Ахъмэт зыщегупшысэгъагъэр. Пыим лъежьэхи, километрэ заулэкӀэ зэкӀамыфэгъагъэми, шъофым раубытэгъэгъэ мэшӀокур къаухъумагъ, хьадэгъоу къапэуцугъагъэм ялӀыгъэ халъэгъожьыгъагъ. Ахъмэт изэкъуагъэп, адырэ игъусагъэхэри ары.

Щаипсым къэжъон ригъажьи, шъхьэтеӀубэр къыгъэджэгу зэхъум, Ахъмэт игупшысэмэ къахэужьыгъ. Картоф зэтегъэчъыгъэу ылъэсырэмэ ыӀэ къахихыгъ:

– Зэ, зэ, къэхъугъэр сыд, уехьыжьэгъаий,– щайнычыр къыӀэти, хьакушъхьэбгъум тыригъэуцожьыгъ.– Картофыр къэжъэфэ зыгъэрэхьат, умыгузажъу, сэщ нэмыкӀ зи къыппаплъэрэп. Ори, картофыр, мэу къакӀо, икъун псы чъыӀэм узэрэхэлъыгъэр,– табэм зыретакъом семчык дэгъэ плъырым «жъы-жъыжъ» Ӏоу зыкъипхъуати, рашӀагъэмкӀэ цӀэцӀагъэ, фэмыщыӀэу губжыгъэ пахъэри къышъхьащихыгъ.– ЗэрэхъурэмкӀэ, ори угубжын олъэкӀы… Моу табэм зегъэкӀуи, узэкӀигъэфэбыхьэжьыщт,– Ахъмэт апэ къыӀэкӀэфэгъэ джэмышхымкӀэ картофыр зэригъэза-

фэу фежьагъ шъхьакӀэ, къышӀуилъэтхэ зэхъум, къямыкӀурэ джэмышхыр ыгъэтӀылъыжьи, шъэжъыяпэр адиштагъ. Ы-ыхьы, джар хъущт, хэти декӀурэр дэпӀыгъын фае, уеубзэмэ, бзэ кӀэрыпхыщтэп.

Шъэжъые папцӀэм игущыӀэхэр зэрэфэгъэхьыгъэм Ахъмэт зегупшысэм, сыд жъалымыгъ сэӀо шъхьэм къизгъахьэхэрэр ыӀуи, зэгупшысагъэр шӀоемыкӀоу зыфэгубжыжьыгъ. Джа гущыӀэ дэдэр «хэти папцӀэ дэпӀыгъын фае нахь, уеубзэкӀэ бзэ кӀэрыпхыщтэп» Дударыкъо Темыркъан зымафэ ишхэмкӀэ къызэрэриӀогъагъэр гум къэкӀыжьыгъ. Сыд, Темыркъан, сишхэмкӀэ ар къызкӀысэпӀощтыр? Дунаим сыгу зэрэхагъэкӀыгъэ, угу зэрэхагъэкӀыгъэ щыӀэп. Хьамбарым коц къысфыӀущыжь пӀуагъэти, къыпфыӀуащыжьыгъ, къяхьылъэкӀэуи, къыуагъэлъэгъу пакӀо, къызхагъэщыгъэп. КъырязгъэтхыкӀыгъ пӀуи, кладовщикым уеӀушъашъэзэ, къифэщтым фэдитӀу кум къызиолъхьэм, зи къыосӀуагъэп, сишхэр ащ фэдиз хьылъэ кӀэзгъэӀагъэу зэоуж илъэсым къэсшӀэжьрэп. Сарыжъо зэхъум, тхьамыкӀэмэ, апшъэ имыфэщт къини язгъэлъэгъугъэп, къяхьылъэкӀэу къызысшӀошырэм, Ӏаджри садыкӀэуцоу къыхэкӀыгъ.

– Адэ джары,– Ахъмэт машӀом пэӀэбагъ, пхъэ цакӀэу пилъхьагъэр къызэкӀэблагъ,– хэти шӀушӀэ къолъ!.. Мары пхъэ пэтзэ, зигъэстзэ, тегъэфабэ. Зэгорэм чъыг бырабэщтыгъэу, дахэу къэкӀыщтыгъэу къычӀэкӀын. Модрэ картофэу жъэрымэр къызхэурэр? Мо щай псы жъуагъэр?.. Сыдэу мы дунаир хэти ежь зэрифэшъуашэу зэригъэзекӀоу, гъэшӀэгъонэу зэхэлъы!

Ахъмэт ошӀэ-дэмышӀэу, сыдигъуи ыгу къызэрэкӀыжьы хабзэу, Карпов Никанор ынэгу къыкӀэтэджагъ. КӀэлэ шъхьацыф нэгушӀо зэпытэу, илъэсищкӀэ Ахъмэт нахьи Никанор нахьыкӀагъ. Джа мэшӀокум нэмыц самолетхэр къызтебыбэхэм, щэхэр зэритыщтыгъэ кӀалэр арыгъэ Никанор. Джащ щыублагъэу илъэсищырэ ныкъорэ, заор аухынкӀэ мэзэ зытӀу къэнэжьыфэ, Ахъмэтрэ Никаноррэ Ӏулъхьэр тӀу зэфашӀэу, зы шинелыр ятехъонэу, зы тутыныбжъэр якъудыигъоу къызэдахьыгъ. Пый окопым зызыдедзэм, нэмыц горэ къазгъыркӀэ къеуи, ыпашъхьэ къыримыукӀыхьэгъагъэмэ, къазгъырыр къызтефэщтыгъэр Ахъмэт ары нахь, Никанорыгъэп. Пыим кӀыбкӀэ фыщыт



Мэджэсэу нэмыкӀ фашистым ебэнрэм Карповым зыпэӀуидзагъ... Ащ фэдэр ащыгъупшэрэп. Ахъмэт хьылъэу хэщэтыкӀыгъ, пчъэкъуахэмкӀэ плъагъэ шъхьакӀэ, апч нэкӀхэр зэрэкъуимыгъэуцожьхэрэм, мазэ хъугъэу ахэр унэм къызэрэримыхьажьрэмкӀэ зыкъишӀэжьи, машӀом пэлъ пхъэхэр, тэпшэсыр къахэутысыкӀэу, зэпыригъэзагъэх.

Джа мафэм, атакэм кӀохи, нэмыцхэр окопмэ зыщадаутыгъэр ары, зигъусагъэмэ афэдэу лӀыхъужъыгъэу зэрихьагъэм ифэшъуашэу, Красная Звезда орденыр Ахъмэт къызфыратыгъагъэр. Орденыр гум къызэкӀыжьым, машӀоу зыпэӀабэщтыгъэм къыстыгъ пӀонэу Ӏэр къыпипхъотыжьи, къыхэкуукӀыгъ:

– КъэсшӀэжьыгъ джы орденыр зыдэщыӀэр!.. Олахьэ гъэшӀэгъоным мы цӀыфхэр... Ярэби, укъысэлъэӀуи, хьафэу сӀыпхыгъэмэ къахьыжьба!.. Сэ зыдэзгъэтӀылъыгъэр къэсымышӀэжьэу шъхьэр зэпесэгъэкӀы, унэр зэпырысэгъэзэжьы. Уиорденхэр тэ щыӀэх Болэт Къасымэ ымыӀогъагъэмэ сщыгъупшэжьыпэщтыгъэ. АӀу-амыӀоми, Дударыкъор цӀыф гъэшӀэгъон, зэрэпӀысхырэр цӀыф емыӀу, сыолъэӀу ыӀозэ, мыгъатхэ зэрэсӀихыгъ. Щыгъупшагъа шъуӀуа? Арэу къычӀэкӀын нахь, сыда унэм илъкӀэ ребгъэшӀэщтыр...

Дударыкъо Темыркъан лъэӀуакӀо Ахъмэт дэжь къызыкӀогъагъэр ТекӀоныгъэм имэфэкӀ къэсынкӀэ мэфэ заулэ иӀэжьыгъ.

– Мэджэсыр, уипчыхьэ шӀу охъу апщи, моу тучаным сыкъекӀыжьти, мы ситхьамыкӀэжъыр зэзгъэлъэгъун сӀуи, къэзгъэзагъ.– Темыркъан, мыхъэр къыпыхъыкӀэу, унэм къипкӀагъ: – Сыд уипсэукӀ, тхьам Ӏомэ? Сыд бгъахъэу ущыӀ?.. СэшӀэ, сэшӀэ, тхьам ишыкуркӀэ уишӀугъо. Тшхын тиӀэу, зыщытлъэн дгъотмэ, сыд тищыкӀэгъэжь!.. Тызэшъон тӀэкӀуи тэгъоты,– Дударыкъом аркъ апчыр джыбэм къырихыгъ,– Мыр щымыӀагъэмэ, тшӀэжьыщтыгъэр сшӀэрэп, тызэхэмыхьаныгъэкӀи мэхъу, ы-ы Ахъмэт, сыд пӀорэ о?

– Ар зыщэмыӀэми тыпсэугъ, Темыркъан. КӀо, тесагъэшъ, зыдэтхьын тшӀэрэп. Уемышъомэ нахьышӀу, ау ари тфэгъэцакӀэрэп. Зым къещэ, адрэм шӀыхьаф ешӀы, нэмыкӀмэ машинэ къащэфы. Помидор мафэрэ помидор мыгъорэ къытхэхьагъэшъ, тызкъоӀэбэжьмэ, тымыукӀытэжьэу нысъо уасэп, нахьыбаӀуи къызкъотхын тэлъэкӀы...– Ахъмэт ахэр къыпчъыфэкӀэ, Ӏанэм къытыригъэу-

цощт гъомылэ шIыгъэ унэм зэримылъым егупшысэзэ джау сыдми, зиплъыхьэ фэдэу, къыIуагъ: – Ярэби, тыздецэкъэн унэм къикIынба?..

– Хьау, Ахъмэт, хьау, Iэнаштэ уемыжьэжь. Буфетым, Цицао дэжь, бжъэ гори щысIэтыгъ сэ... Моу тепэмынэу, заом тызIотым зэрэтшIыщтыгъэу, хьалыгъу ты-къырми хъущт...– «помидор мыгъор къытхэхьагъэшъ...» Ахъмэт зэриIуагъэр Темыркъан имыгуапэми, къызхигъэщыгъэп.

– Хьалыгъу тыкъыр тиунэ къикIын,– Ахъмэт тэджи, нэшэбэгу шIоIугъэ гъонлэгъитIу голъэу къытыригъэуцуагъ...– Апэ дэдэ, Темыркъан, аркъыр зыщысшIагъэр ошIа? Заор ары. СшIагъэкIэ, сигъэутэшъуагъэу къэсшIэжьырэп. Узгъэутэшъони, ори ошIэ, ащ къыуатыщтыгъэп. Апэрэ илъэсныкъом зыIузгъафэщтыгъэп. ЕтIанэ нэмыцмэ тыкъаухъурэигъэу, къызщыпхырыттхъущт чэщ горэм апэрэ бжъэм сеплъыгъагъ. Ащ ыуж, орден е медаль къызытхьырэм, Iаджри рыхэдгъэунэфыкIыгъ.

Дударыкъо Темыркъан Iоф зыригъэшIэу къызфэкIуагъэм икъэбар Ахъмэт къыхигъэпсыгъэти, къегъэжьэгъошIу мэхъу ыIуи, гушIуагъэ. Апэрэ бжъэм нахь емышъонхэу аIозэ, ятIонэри аIэтыгъ, апчым къинэжьыгъэ тIэкIури зэфагощыжьыгъэ. Ахъмэт ыбзэ къытIэтагъэу Темыркъан зелъэгъум, игъо къэсыгъэу къыхиIукIыгъ:

– Адэ, Ахъмэт,– зызэдэтIысыгъэхэм щыублагъэу Мэджэсым ыцIэ шъыпкъэр къыриIощтыгъ,– къин макIа тпэкIэкIыгъэр. А орденмэ якъэхьыкIэм щымыгъуазэмкIэ ахэр зэуи арэп. ЗышIэрэм, осэнчъэ зэрашIыгъэм фэшI, зыхилъхьажьынкIэ мэукIытэ. Олахьэ лъыкIэ къэсхьыгъэм сыщымыукIытэн, мары, текIоныгъэм и МэфэкI къэблагъэ, Мыекъуапэ кIэлэ нахьыжъым дэжь сыкIощтышъ, зыхэслъхьащт. Хьау, а бжъэ лыдхэу зыфапIорэмэ сафэяхэп, зэкIэми ашIэкIэ огугъа ахэмэ къарыкIрэр. Уиорден теплъэу иIэр хэти ерэлъэгъу!.. ЕрэулыIу фаеми къэптаныр, скIышъоу щэмэ аулыIугъэм нахьи нахь лъапIэп ар!.. Сэ скIышъо, Ахъмэт, уIагъэу телъым изакъоми, сымыукIытэщтыгъэмэ, орден папкIэу бгъэлъагъо икъун... Орден шъыпкъэхэр зыхэслъхьащт шъхьакIэ, Ахъмэт, тIум язымкIэ къысэхъулIагъэр хьайнапэ: гугъу темылIэу шъэожъыемэ къырядгъэлъэшъокIзэ, Краснэ Звездам ыкъуапэ бжъэр тыраутыгъ...



Орденхэр ыбгъэгу хэмыфэжьэу кIалэм гъунэгъу шIагъо горэ иIэшъ, сызэрэкIоу, адэ шIу селъэгъушъ, лъэгъун лъэгъукIэ къысфихьащт, тызэрэзэуагъэр, тызэрэмылIыхъужъынчъэр ащи ерэлъэгъу.

– О-уи-и, Темыркъан,– Ахъмэт иутэшъуагъэ къыхэщэу къыIуагъ.– Сыд пае орденым бжъэр теутыгъэу ябгъэлъэгъун, сэ зыхэслъхьан муради сиIэп, зыхэслъхьанэу сежьэми, а зыр схэмылъми адрищри икъун, боу къыостын,– тэджи, ордениплIэу иIэм яз адрэ унэм къычIихыгъ...

А мафэми, къыкIэлъыкIогъэ тхьэмафэхэми Ахъмэт зэп-тIоп Темыркъан зэрэIукIагъэр. Хьафэу сIыпхыгъагъэр къысэтыжь риIонкIэ укIытэу мэзэ зытIущи тешIагъ.

## XXII

Дунаир гъэшIэгъонэу зэхэлъы: узфаем узщыфегъалIэ, узфэмыем къыщыбдечъыхьэ.

Хьэсэнэ Нысэдахи къин зылъэгъугъэ шъузэбэ пчъагъэу ДэхапIэ заом къыдинагъэмэ ащыщ. Ау ащ ишъузэбэ шъхьэзэкъоныгъэ адрэмэ атекIы. Заор аухынкIэ илъэс къэнэжьыгъэу Нысэдахэ илI Хьазрэт хьылъэу къауIи, 1944-рэ бжыхьэм ыкIэ нэс Ереван дэт госпиталым чIэлъи, лъэкъуитIур копкъым нэс пымытыжьэу ДэхапIэ къащэжьыгъагъ. Хьэсанэмэ адэжь чылэр гушIуакIо щызэблэкIыгъэми, хэт яунэ къихьагъэми, Хьазрэтрэ Нысэдахэрэ апэгушIуатэщтыгъэхэми, къинэу къапыщылъыр ежь зэпэблэгъэ нэбгыритIур ары къызгурыIощтыгъэр. Нысэдахэ изакъоу къызынэкIэ, адрэ чылэ шъузхэу зилI хэкIодагъэмэ ялъытыгъэмэ, псаоу къысфэкIожьыгъ ыIоти, лIы IэнтIрахъор къызэрэIэкIэнагъэр зышъхьащигъэгъупшыкIэу, зэушъыижьыщтыгъэ.

Зэо ужым илъэситIу тешIэфэкIэ хьадэгъу кIэныжь гушIуафэм, текIоныгъэр къыдэзыхыгъэ хэгъэгум ищытхъу ыIыгъыгъэх. ЕтIанэ уахътэр тешIэ къэсми, мамыр щыIакIэм цIыфхэр есэхэ зэхъум, заом никъо-тыкъончъэу къыхэкIыжьыгъэ ныбджэгъухэр, гъунэгъухэр, чылэдэсхэр яIоф зэрэпыхьэжьыгъэхэм зягупшысэрэм, Хьазрэт иамалынчъагъэ къехьылъэкIэу хъугъэ. Нысэдахи ащ фэмыягъэми, зылъэ тетэу зищагу дэкIрэ лIымэ яшъузмэ яхъуап-

сэу къыхафэу ригъэжьагъ. Шъузым къызхимыгъэщыщтыгъэми, лІым къыгурымыІоу щытыгъэп. Мерэм пшъэшъэжъыер гушІуатэу ятэ къызечъалІэкІэ, ыІэтмэ зэригъэтІысхьан кокІ зэримыІэжь гукъаомрэ Іофынчъэ ІэнтІрахъоу унагъом къызэринэгъэ шъхьакІомрэ ямыгупшысэу, мафэ пакІо, зы сыхьати къыхэкІыщтыгъэп. ЛІыр псаоу къызэрэкІожьыгъэм пае нахьыпэм къехъуапсэщтыгъэ шъузабэхэм агу джы Нысэдахэ къегъущтыгъэ нахь, къехъопсэжьыщтыгъэхэп. Ау сыд аІуагъэми, иунагъо къызэриухъумэщтым Нысэдахэ пылъыгъ, Хьэсанэмэ Мэджэсыр зэрягъунэгъум имызакъоу Хьазрэтрэ ежьырырэ зы хьаблэ къызэдытехъухьагъэх, ицІыкІугъо щегъэжьагъэу хъулъфыгъэ ныбджэгъугъэ шъыпкъагъэр къызэдахьыгъ. Хьазрэт къызещэм, Ахъмэт ары шъаокІэ зэкІолІэжьыгъагъэр. 1947-рэ илъэс къиным лІэгъэ Хьэсанэ Хьазрэт зыгъэпІлІэжьыгъэри, янэ къылъфыгъэм фэдэу зыгъэягъэри Ахъмэт. Нысэдахэ шъузабэу къызэнэм, зыфэныкъор ылъэгъоу илъэс пчъагъэрэ, Ахъмэт ишъуз пІэм хэлъыфэ къыхьыгъ. Шъузыр зыщимыІэжьыгъэ илъэситІуми, Іо къахэмыхьэфэ, ІэкІыб ышІыгъэхэп. Мэджэс лІыгъуабэмрэ Хьэсэнэ шъузабэмрэ язэфыщытыкІэ гъэшІэгъоны, зэІахьылхэп, зэлІ-зэшъузхэп аІоу къызрагъаажьэм, Ахъмэт ыгу къеоми, зиІажэу ригъэжьагъ. Нысэдахи Іом къыушъхьакІугъ. Джаущтэу зищыгъу-пІастэ егъашІэм зэхэлъыгъэ унэгъуитІур, зэрэмышІэ-зэрэшІэу къащышІыгъэри амышІэу зэфэучъыІыгъэх.

Ащ пае къэмынэу, къыдэзыдзагъэри амышІэу, кІымафэрэ былым Іус зыщыкІэхэрэм, мэкъу хьыныр ящагу дэлъэу Нысэдахэдыхэр пчэдыжьрэ къыкІэтэджэжьхэу Іаджри къыхэкІыгъ. Зэм Ахъмэт тыралъхьэщтыгъ, зэм Къасымэ иІэшІагъэу къашІошІыщтыгъэ. Хэт ишІушІагъэми, гъунэгъу лІитІум адэжькІэ къызэрикІрэр амышІэу щытыгъэп. Іаджри Нысэдахэ тхьэ афелъэІузэ ичэм закъо гъэтхэпэ гъуйсым хищыжьыщтыгъ, ащ къыкІихрэ щэ-тхъущатэм пшъэшъэжъыер рифапэщтыгъэ.

ГъэрекІокІ щегъэжьагъэу Нысэдахэ къыщэжьмэ, зи хэлъ щымыІэу Ахъмэт бэрэ къыраІокІыгъ шъхьакІэ, егъашІэм зиныбджэгъугъэм ишъуз къыщэжьыныр къыригъэкІугъэп. Ары пакІо, шъхьэм къыфихьаныр хэгъэкІи, зы такъикъкІи гум къыридзагъэп. КъезыІокІыгъэ зэетІуаехэри кІигъэгъожьыгъэх.



А къэбарыр Нысэдахэ зызэхехым, цІацІи, ыгу жьы дэкІыфэкІэ зигъэгъыкІыгъ. ЕтІанэ къэбарэу АхъмэткІэ фагъэІугъэр шІоемыкІоу Болэт Фатымэ гъымэ зэІунэжьзэ, етхьаусхылІагъ.

– Тэра джы зынэсыгъэхэр... ЕгъашІэм тихатэ зэпэІулъэу, тидахэ зэхэлъэу Мэджэсхэмрэ Хьэсанэхэмрэ къэтхьыгъ. Сыд фэІуагъэр Ахъмэт тхьамыкІэжьыр Іогъу-шІэгъу амышІмэ. Хьазрэт гущэрэ Ахъмэтрэ зэмышхэу нибжьи пшІэныгъэп. Іо мышъо-мылэу чылэм къыдэтэджагъэм унэгъуитІум зэфэтшІэн фаери зэфытагъэшІэжьрэп.

– ЦІыфмэ, Нысэдах, зыгорэ ямыгъэІон плъэкІыщтэп. Ахэмэ ядэІуи, топ Іоу узэгуагъэутын.

– Тхьа,сызэгуагъэутыгъэм, Фатым!..

– Уапымылъ осІуагъи. Болэтым пае къысаІокІрэм пэпчъ сшІошъ хъугъагъэмэ, бэшІагъэ унагъо зытымышІэжьыщтыгъэр. Шъузабэмэ яхьаку, шъузабэмэ ячэу, шъузабэмэ яунашъхь, якъакъырышъхь аІошъ, пшІэрэба, сІон пІомэ, цІыфхэр зэрэщытхэр, агу къэмыкІын щыІэп. Сагъэблмэ, саупэпцІызэ, шІушІэ зышІэрэ лІым Іаджри сыщагъэхьагъ, ыгу хысагъэгъэкІыгъ.

– Нэпэнчъагъэ зимыІэ бзэгу мыгъу!..

– Бзэгум, Нысэдах, шым теси, епсыхыгъэ лъэси иІэп...

Джахэм Нысэдахэ ахэгупшысыхьэу щысызэ, Мерэм унэм къихьажьыгъ. ЗэкІэри щыгъупшэжьэу духымэ ІэшІур унэм из къэзышІыгъэ пшъэшъэ закъом нэгушІоу, зыдихьыщтымрэ зыдигъэтІысыщтымрэ ымышІэу пэгъокІыгъ:

– УкъэкІожьыгъа, сипшъашъ? Іаджи мэлакІэ улІагъэщтын?.. Мары, джыдэд, сипшъашъ. Чъыіэ, нынэ, чъыІэ,– Нысэдахэ пхъум ынэкІушъхьэмэ анэсыгъ,– фабэу зыфапэзэ шы.

– Тыгъуасэрэ тыгъоснахьыпэрэ зэрэщытыгъэмкІэ, непэ уезэгъыщт,– Мерэм ыІуи, джанэр зыщихыжьынэу ежьагъ шъхьакІэ, янэ зэрэщытыр зыдишІэжьи щигъэтыжьыгъ.– Мам, зыстІэкІыжьы зыхъукІэ, укъысэмыплъ сІуагъи, сыпщэукІытэ.

– КІо хъугъэ адэ... Сыда пхэсымылъэгъуагъэу пхэлъыр? – Нысэдахэ унэм къикІыжьыгъ.

Мерэм зымышІэрэмэ къазэрэшІошІыщтыгъэр Іо тІэкІу зыхэлъэу, сыд ыІуагъэми пщызгъэгъупшэжьрэ сэмэркъэушІылэу ары. Урамыбгъур гуригъэхэу кІо зыхъукІэ,

чылэ шъузхэу кӀэлэ зикъэмыщи, къэзыщагъэ зиӀи ехъуапсэщтыгъэх. Тхьэ етагъ Хьэсанэмэ япхъу нысэ зыфэхъущтым, ины, дахэ, лъэпкъ хэкӀыщт аӀощтыгъэ.

Шэныбэ Лимэ еджакӀо къикӀыжьыфэ, апэрэ пшъашъэу ДэхапӀэ дэсыгъ. Мерэмрэ Лимэрэ азыфагу илъэс зыщыплӀ къыдафэщтыгъ. ЕджапӀэмкӀэ Чэтэшlэ Биназ ыуж илъэситӀукӀэ къинэщтыгъ. Мерэм ДэхэпӀэ гурыт еджапӀэр къызеухым, Мыекъопэ медицинскэ училищым чӀэхьагъ, Лимэ Краснодарскэ мединститутым зыщычӀэхьащтым медсестра сэнэхьатыр иӀэу чылэм къыгъэзэжьыгъагъ. Мерэмрэ Лимэрэ зы класс зэдимысыгъэхэми, еджапӀэм щызэпыщагъэхэу, комсомолым икомитет щызэдыхэтхэу, дэпкъ газетыр къызэдыдагъэкӀэу, зэмыпшъэшъэгъухэми, зэныбджэгъугъэх.

Уахътэм цӀыфхэр зэблещых, зэрещалӀэх. Шъэогъуныгъэ-ныбджэгъуныгъэр егъэпытэ, зэфэмышӀуныгъэр азыфагу къызщыдигъахьэри макӀэп, Мерэмрэ Лимэрэ гурыт еджапӀэм щызэдычӀэсыфэхэкӀэ зэрэзэфыщытыгъэхэу джы зэфыщытыжьхэп. ЗэкӀэрыуцохэу агу чъыӀэ зэфэзышӀын гущыӀэ Ӏае зэраӀуагъэп, ӀэкӀыб зэфэзгъэхъун Ӏофи азыфагу къыдэхьагъэп. Илъэс пчъагъэрэ зэрэмылъэгъугъэ нэбгыритӀум, хэти ежь къызэрэшӀошӀэу, зэхъокӀыныгъэ Ӏаджи афэхъугъ, яӀофшӀэн зыгъэми, ядунэе тетыкӀи, ягухэлъи зэфэшъхьафыгъэ. Аущтэу ар къэзышӀри, укӀэмыупчӀэжьынэу, нэфагъэ. Апэм ар Мерэми Лими къагурыӀощтыгъэп. Ау агукӀэ зэхашӀэу, зэгуцафэхэрэм мафэ къэсми нахь зэпэчыжьэ ышӀыгъэх.

ЗэмышӀуныгъэр азыфагу къызэрэдэтэджэщтыр апэ зэхэзышӀагъэр Мерэм. Еджэныр Лимэ къыухи, Ӏофышlэ больницэм къызщыкӀожьыгъэгъэ мафэр ары. ЯтеплъэкӀэ, ягохьыгъэкӀэ нэбгыритӀум зэрагъэхьырэ щымыӀагъэми, апэрэ пшъэшъэныр Лимэ зэрэщыдихыщтыр Мерэм къыгурыӀуагъ. Мерэм медсестрау, Лимэ зэрэврачыгъэм изакъоп, ари Ӏофым къыхэмыхьан ылъэкӀыщтэп, мощ фэдэ пшъашъэм Чэташlэр блэплъыкӀынэп, ыӀогъагъ. Джа чӀыпӀэр ары зэхишӀэу Мерэм ыгу къызщыпиӀонтӀыкӀыгъагъэр.

ЕджапӀэм чӀэсыфэхэкӀи, къэлэ шъхьафхэм адэсхэу сэнэхьат зэрагъэгъотыфэкӀи, чылэм къызагъэзэжьми, джы непэ къызнэсыгъэми Мерэм ыгу Биназ филъыр цӀыф



ригъэшӀагъэп, ыжэ къызэтырихы пакӀо, ежь шӀу ылъэгъурэ кӀалэми гуцафэ ригъэшӀыгъэп. Зэгорэм зыкъиӀэтыни псэлъыхъуакӀо къыфэкӀоным ежэу къыхьыгъ. Ащ пае къылъэихьэгъэ псэлъыхъо Ӏаджи джэуапынчъэу ригъэкӀыжьыгъ. Аущтэу зекӀо зэхъум, Биназ Лимэ зэрэпылъыр, шӀу зэрилъэгъурэр Мерэм ымышӀэу щытыгъэп. Гугъэщтыгъэ. ЗыгъолъыжькӀэ, Ӏаджри ишъхьантэ гопэ нэпсым ыгъэшъокӀыгъ, къызытэджыжькӀи, гугъэ зыгорэм къыриӀорэм фэдэу, къылъихьанышъ, шӀулъэгъу пэгъох къыфихьынэу паплъэщтыгъэ.

ШӀулъэгъуныгъэм цӀыфым тамэ къыгуегъакӀэ, къызэрэгуигъэкӀагъэм фэдэу гуиупкӀыжьыни ылъэкӀыщт. Мерэм ишӀулъэгъуныгъэ тамэ готми-гомытми ежь нэмыкӀ ышӀэщтыгъэп. АщкӀэ, ыжэ къызэтырихэу, зыми дэгущыӀэгъагъэп. Зэ закъу ныӀэп, Мыекъопэ медучилищым щеджэзэ, ямычылэ пшъэшъэжъые горэм ышъхьэ къыфырихыгъагъ. Хъущтыр зэхъухэм, шӀулъэгъу джэуапынчъэм урыгущыӀэ хъуна ыӀуи, аущтэу зэришӀагъэмкӀэ кӀэгъожьыгъагъ. Ау ащ пай къэнагъэп иджэуапынчъэ шӀулъэгъу непэ къынигъэсыным. Нахьыпэм, илъэс заулэкӀэ узэкӀэӀэбэжьмэ, Мерэм хэмылъыгъэ шэнхэр къыхафэхэу гу лъызытагъэр ян ары. Пшъэшъэжъыем имышэныгъэ сэмэркъэу шӀыныр, зыгорэм тегущыӀэныр, загъори кӀэнэкӀэныр Мерэм къыхэфэнэу зыфыригъэжьагъэр лъэпсэнчъагъэп. ИдэкӀогъу зэрикӀрэм ар ишыхьатыгъ, сэмэркъэукӀэ зэрэтегущыӀыкӀырэр янэкӀи нэфагъэ.

– Сыд къэбар, сипшъашъ?

– Анахьэу сыд фэдэ къэбар узфаер, мам? – щхызэ, Мерэм къеупчӀыжьыгъ.

– КӀо, сшӀэрэп анахь къэбарэу сызфаер, сымышӀэрэр зэкӀэ сэркӀэ къэбарба,– Нысэдахэ пхъум ӀугушӀожьыгъ.– Больницэ къэбарми, чылэ къэбарми, хэгъэгу къэбарми сезэгъы. Ӏоф умышӀэжьэу унэм узитӀысхьажьыкӀэ, сыдрэ къэбари гъэшӀэгъоны. Алахьэм сигъэчэмыщыгъот натрыф шкъоир ахэстакъоу сичэт мыкӀэцӀмэ сахэтын нахьи.

– Нэфмышъэу шъузэхахьэти, чылэ къэбаркӀэ чэмыщ купым шъутхъэжьыщтыгъ.

– ЦӀыфмэ уахэтыныр тхъагъо...

– Ар пӀоу фермэм бгъэзэжьыныр пшъхьэ къимыгъахь.

– Iух адэ, згъэзэжьыщтэп...– Нысэдахэ къыраIуагъэмэ, ыгъэзэжьынэу ыгукIэ хьазырыгъ.– Згъэзэжьми, илъэс зытIу горэм Iоф сшIэшъунэу сызэплъыжьы. Джы сыд чэмыщмэ къинэу алъэгъурэр, тэ тилъэхъан ары тхьамыкIэгъуагъэр, тIэхъуамбэхэр пыгъукIыгъэх.

– Джы чэмхэм ежь-ежьырэу защыжьэу къычIэкIын...

– МашинэкIэ уарагъэщынри зыпщыжьынри зэфэдэ. Джырэ чэмыщ пшъэшъэжъыемэ къин тэлъэгъу арэмыIу, алахьэр сэгъаIо, халат фыжьыбзэхэр ащыгъэу телевизорым ит зэпытых. Анэгухэр фыжьых, ашъхьацхэр дэнагъох, аIэхъуамбэхэр шъабэх.

– Ядэнэгъо шъхьаци, янэгуфыгъи, мам, зи есIуалIэрэп, ау аIэхъуамбэхэр шъабэмэ тэ щыпшIэра?

– СымышIэ мэхъуа, узэряплъэу къэошIэ!..

– СыкIэгъожьыгъ, сыд пае чэмыщ сымыхъугъа!..

– IукI адэ, пшъэшъэ закъор римыгъаджэу чэмыщ ыгъэкIуагъ аIоу!..

– Чылэм аIощтым сыд узэрэпылъыр, уипшъэшъэ закъо идэхагъэрэ игохьыгъэрэ, ДэхапIэ имызакъоу, зэрэхэгъэгоу алъэгъущтыгъэ...

– Армырми удах, зищыкIагъэм уилъэгъущт.

– Ары шъхьакIэ, мам, сомэ тIокIиплIэп къыпфэсхьыщтыгъэр, шъитIурэ тIокIиплIрэ!..

– Уисомэ тIокIиплI сипенсие зыхэхъожьрэм тфекъу.

– Ары шъхьакIэ, мам, чэмыщхэр депутатэу хадзы...

– Къоджэ Совет депутатми сыблэIэбыкIыгъ сэ. Районым сынагъэсыгъагъ.

– Сэ нахь чыжьэ къыслъыIэбэныгъэхэкIи мэхъу...

– Хьау, хьау, а узIутри дэеп. СфэукIочIыгъэгущэп нахь, врач шъыпкъэу джа Шэныбэмэ япхъу цIыкIу зыщеджагъэм ущезгъаджэщтыгъ. Сыд икъэбар ащ?

– Сыд икъэбарын, Iоф ешIэ, мэIазэ.

– Арыгущ, сыд ышIэн адэ,– Нысэдахэ ышъхьэ ыгъэсысыгъ,– ущыкIэрэп ащ къехъулIагъэр къыохъулIэнэу. Сеплъмэ, Сафятышхом ишIугъу, мафэ къэс пшъэшъэжъыер мэткIу. Зымафэ урамым теслъэгъуагъэти, сыгу егъугъ. ЫIупшIэ цIыкIухэр IушхыкIыжьыгъэу одыбз. Инасып къэкIогъум зи хъун къехъулIагъэп. ЧэташIэмэ якIалэ жъалымэу пшъашъэмкIэ зекIуагъэ зыIохэрэр щыIэх шъхьакIэ, есIолIэщтри сшIэрэп.



– Насып къэкIогъур армэ зыфапIорэр, мам,– Мерэм ыдагъэп,– зи Лимэ къехъулIагъэп, ЧэташIэми мыхъун ышIагъэп. Лажьэ къызэрыкIыгъэр ят ары.

– Арыгущ, сипшъашъ, арыгущ. Тэ укъикIи лажь ащ фэд язгъэIуагъэр. ЧылэлIмэ ашъхьэ халъхьэу, нокъотыкъо хэхъухьэхэ зэхъум, ежь ыпсэ шIоIэшIугъ.

– Ыпсэ шIоIэшIугъэ закъорэп, мам... Хэгъэгум икъиныпIэ пчэгум къыринагъ!.. Сафят шIу ылъэгъурэ закъор ыгъотыжьыгъэу, зыми емыгупшысэу, къысфэкIожьыщт еIошъ, дунаир идунай. Заор зыщымыIэжьыр бэшIагъэшъ, къумалыри лIыхъужъы ашIошIы...

– А сипшъашъ, ар пIоу зыгорэм зэхебгъэхыкъон, Лимэрэ орырэ Iоф зэдэшъошIэ, Сафят ыгу къеон.

– Къерэу фаеми!... Ты зэрэсимыIэжьыр сэри сыгу къео. Шэныбэр цIыфмэ афэшIушIагъ пIонэу, гушIуакIо укъысфэкIуагъэп ыIоу зэкIэми ярэмыгый!...

– Сыда къыогыинэу, сэ сыкIуагъэмэ хъугъэба?

– Ар сэ къысэгъыин ылъэкIыщтэп,– Мерэм къыпиупкIыгъ,– ори уфэгушIон фэягъэп. Ары, ары, чылэм аIощтыр тIозэ, зыщищыкIагъи зыщимыщыкIагъи тыхэхьэ. Шэныбэм къумалыгъэу зэрихьащтымкIэ чылэм къеупчIыжьыгъагъэп. Хъугъэ, мам, ащ нахь Шэныбэм тырымыгъэгущыIэжь!..

Ынэгу зэхэлъыкIэкIи, ышъхьацкIи, ымакъэкIи Нысэдахэ ыпашъхьэ итыр ыпхъуми, Мерэм ары Iоу ышIэжьыщтыгъэп. Тэрэз, нынэ, тэрэз, ыIуагъ Нысэдахэ, тиIоф зыхэмылъмэ тарымыгущыIэмэ нахьышIу. Орышъ, зинасып къэкIогъумэ уащыщ, дахэ нэмыкI къыуамылъэгъулIэным уиIоф тет. Емынэ зыIумыхьан кIэлэжъхэр тичэу цэпкъ рекIокIых нахь, къыдэхьанхэр ямурадэп. АхэмкIэ ори узафэп, сипшъашъ. Неп-неущ пIозэ, фэгъэпцIэшъугъэхэп, пыдзы пшырэм пыдзы укъешIыжьы. Ар къэсми къыомыжэу уныбжь екIы, къыпкIэтэджэрэ пшъэшъэ Iулэ цIыкIумэ яжьау къыпшъхьащэхьэ...

Нахьыпэрэм фэмыдэу жьэу Iофышlэ къикIыжьыни, гъунэгъукIу, кино ымыIоу зыришIыхьажьыни, лъэмакъэ къэIу къэсми лъатэу, зыгорэм паплъэу унэм исыныр Мерэм хэмылъыгъэ шэнмэ ащыщэу янэ дишIагъ. Мы кIымэфэ мэзитIур ары ауштэу зыхъугъэр. Адэ ары, убзылъфыгъэу, шъхьатехъо птехъуагъэ зыхъукIэ, Нысэдахэ шъэфэу ыпхъу

фычӀэплъзэ ыӀуагъ, насып пфэхъущтым упэплъэщт нахь, зыпӀэтыни, хэти ылъэгъоу, упэгъочъыныр къекӀурэп.

Мэджэс АхъмэткӀэ непэ къэбарэу зэхихыгъэр Мерэм реӀофэкӀэ зышӀуабэ дашӀэщтыгъэ Нысэдахэм ыгу джыдэдэм къэкӀыжьыгъ шъхьакӀэ, Шэныбэм тытемыгъэгущыӀэжь зэриӀуагъэм пае къыфегъэжьэшъугъэп. Хъугъэ, Сафятышхом икъэбар нэмыкӀ чылэм дэмылъыжь пӀонэу, ежь-ежьырэу Нысэдахэ зэушъыижьэу Мерэм ӀугушӀуагъ.

## XXIII

– Утеуагъа, Ордэныр?

– Тыда сызтеощтыр, Къасым?

– Узтеощтыр военкоматыр арба. Пщыгъупшэжьыгъа?

– Сытеуагъ, Къасым, сытеуагъ.

– Сыд къыуаӀуагъэр?

– Боу къыосӀон, Къасым, къысаӀуагъэр,– Ордэн Заудин зымафэ Болэт Къасымэ фихьыгъэгъэ красноармейцэ книжкэр, газет хэупкӀыгъэр, орден книжкэ хъокӀыгъэр, тхылъыпӀэ тхьэпэ заул аӀоу къыштагъэх,– къэшъутхи тыкӀэупчӀэн, зэхэтфын къысаӀуагъ.

– Зэхэпфынэу сыда мыщ хэлъыр? – Къасымэ ыгу рихьыгъэп Совет тхьаматэм икъэгущыӀакӀэ.– Мары, газетым итхагъ, тара ар, мары, мыщ дэжь, «это четвертый орден сержанта-разведчика Мегеса Ахмета Аюбовича», еӀо. Еплъэлъ, Аюбовича аӀошъ, ятэ ыцӀэ къыраӀо, Купхэси аӀорэп, Ахмет аӀо нахь.

– Газетмэ Ӏаджи къатхы…

– Къатхрэп. Адэ сэ зи къысфатхыгъэпи!.. Мы Краснэ Звездар, мы газетым къыратхагъэр, ары зыфасӀорэр, Мэджэс Ахъмэт Аюбэкъом рейхстагыр зэриштагъэм пае къыфагъэшъошагъэу къатхы. Тэ щыӀа орденыр? Орденыр къысатыжьыгъэп еӀо Мэджэсым. Мы орденищыр, мары книжкэмэ арытхагъ: мы Отечественнэ орденым ятӀонэрэ степеныр 1943-рэ илъэсым къыратыгъ, мы Краснэ Звездар 1942-рэ бжыхьэм Москва дэжь къыщихьыгъ, мыр зэкӀэми анахь шъуаш, илъэс къиныгъ. Краснэ Знамя орденыр, мары ар, заом къыщыфагъэшъошагъ. Мыр орден лъэпӀэ дэд, гъэхъагъэ уимыӀэу къыуатыщтэп. Щыба джы къэслъытагъэр? ЯплӀэнэрэ орденэу газетым къытхырэр тэ щыӀ? Значит, къыратыжьыгъэп. Зэо ухыгъэ гушӀофэ къуапэ горэм къофагъэу къолъынкӀэ сенэгуе.

– Ешъуи, зыгорэм Купхэс къыщычӀинагъэмэ шӀэ?..

– КӀалэ, дэуакӀо мыщ сыкъэкӀуагъэп сэ!..

– Тэри тшӀэн тымышӀэу мыщ тычӀэсэп, Къасым…

– Уармэу зыми къыуиӀуагъэп,– Болэт Къасымэ ынэмэ рэхьатыгъэу Ордэным акӀилъэгъуагъэр ымакъэ къыхэщыжьэу зэхихыгъэ,– ӀэнатӀэу къыпфагъэшъошагъэмкӀэ къыптефэрэр пшӀэн фае. Мэджэсыр ешъуакӀо тӀонэу иӀоф зэхэтфырэп. ТӀэкӀу шӀагъэу зэремышъожьри пшӀэным зи фэӀуагъэп. Ахэр хэсэгъэкӀышъ, Мэджэсыр – заом лӀыхъужъыныгъэ щызезыхьэгъэ фронтовик. Иорден, игъэхъэгъэ напэ, къемыолӀэжьыгъэмэ, о уизакъоп, зэрэчылэу тылъыхъуныр къыттефэ. Дэгъуба уичылэ щыщ горэм, илӀыгъэ рыгущыӀэхэу, зэхэзыхрэ ныбжьыкӀэхэмкӀэ щысэтехыпӀэу, орденыр къыкӀэлъыкӀожьыныр!.. Къыфамыгъэшъошагъэу, газетым къамытхыгъэмэ зыгорэм фэд. КъыохьылъэкӀмэ моу къаштэ, ар зэзгъэтхыни чылэм къыдэкӀыщт. Чэтэшъэ Биназ есӀогъагъэмэ, мыщ фэдиз къыпигъэкӀыщтыгъэп.

– ЧэташӀэм сыда иӀоф зэрэхэлъыр мыщ?.. Ашъыу, ащ фэдиз къизгъэкӀэу сӀуагъэп, Къасым. Мары, джыдэдэм военкомым фэстхын.

– Фэптхыщт, фэмытхэу сыпшӀокӀыщта!.. ЧэташӀэм иӀоф зэрэхэмылъыр сымышӀэу, Заудин, уадэжь сыкъэкӀуагъэп. Чылэр зэпхыгъэр Советыр ары, ащ о уритхьамат. Ор-орэу лъэӀукӀэ укъыӀухьагъэп, цӀыфмэ ухадзыгъ нахь. Джа чылэ музееу зыфэсӀуагъэри сщыгъупшагъэкӀэ умыгугъ. Тхы, тхы, Мэджэсым уфэмышӀушӀэщтмэ, хэт узфэшӀушӀэщтыр, къаӀо?.. Орденыр къызэрэратыгъэр зэрыт газетыр къыштэмэ еджэжьзэ, цӀыф ригъэлъэгъункӀи укӀытэу, олъэгъу, тхьапэр ыгъэхъокӀыгъ. Сэри къысиӀуагъэкӀэ огугъа?

– Адэ сыдэущтэу пшӀагъэ?

– Зымафэ ыдэжь сихьагъэу иорденхэр ыпашъхьэ илъэу мы газетым еджэзэ тесыубытагъэти, сызеплъым, нафэ сфэхъугъ. Орден пчъагъэу, медаль пчъагъэу иӀэхэр итхэх. Заудин, шъощ фэдэу сыӀэзагъэгущэт, Мыекъуапэ сытхэни, Ахъмэт изэуакӀи, илъэжьакӀи газетым къыряз-

гъадзэщтыгъэ, радиом къезгъаIощтыгъэ. Ау щытми, шъуилIыкIо къэжъугъакIу сIуи сафэтхагъ, къызкIэмыкIохэрэр сшIэрэп нахь.

– Газетым къырашIыкIи, зымафэ къытеогъагъэх.

– Сыд аIуагъ?

– ИлэжьакIэ, ипсэукIэ къыкIэупчIагъэх.

– Сыдэу къысэмыIуагъ адэ?

– СшIагъа уафэтхагъэмэ? ЗыгорэкIэ зэрешъорэм пае иIоф къафмэ сIуи, зысыушъэфыжьыгъэу сыщысыгъ.

– Ешъорэр сыдигъуа Мыекъопэ Iоф хъоу зиублагъэр? – ешъон Iофыр джыри тхьаматэм къызэрэригъэжьагъэр Къасымэ игопагъэп. Адыгэ радиом и «Гумзагъи», газетхэми ешъон Iофым игугъу къызэрашIыщтыгъэми Болэтыр щыгъозагъэми, ащкIэ Мэджэсым зэрэтегущыIэрэр ыгукIэ фэштагъэп.

– КIо сшIэрэп, ешъоныр зэрикIасэм пае фэтхагъэхэмэ сIогъагъэ.

– АпэрэмкIэ, къыосэIо: Мэджэсыр ешъожьрэп. ЯтIонэрэмкIэ, сэры афэтхагъэр къыосIуагъ. ЯщэнэрэмкIэ, къыосIощтыр ошIа, шIу нэмыкI цIыфым угу фимыгъэлъ. Джаущтэу упсэумэ, щыIэныгъэр нахь псынкIэу, дунаир нахь дахэу къыпщыхъущт. Чылэм нахь цIыфышIуби къыдэкIыщт. Мэджэсыр ешъо шъуIон нахьи, зы шъуз цIыкIу горэ къежъугъэщэжьыгъэмэ нахьышIугъ.

– Ащ Совет Iоф зедгъэшIын тлъэкIынэп, Къасым,– Заудин щхыгъэ,– джа зыр спшъэ къимылъхь. Музеим нахьи нахь Iоф ар.

– Ар умыIо, Заудин, ар умыIо. Чылэ тхьаматэм иIоф зэкIэми ахэлъ. Зэхахьэри зэхэкIыжьхэри мыщ къеуалIэх, мыры яджэнэти, мыры яджыхьнэми. Ары пакIошъ, шъузыщэ къыздакIу ыIоу Мэджэсыр уадэжь къакIомэ, сыд пшIэщтыр, удэкIощт,– Къасымэ ошIэ-дэмышIэу шъхьэм къыфихьагъэр къызеIом, щхыгъэ.– Ары, ары, у Совет тхьаматэми уадыгэлIба!.. Ухэсэгъэукъомэ сшIэрэп, тхы, тхы, Заудин. Птхыгъэу къызэкIэкIожьыгъэ сырихьылIагъэп. А тIэкIури сымышIэу уадэжь сыкъэкIуагъэп. Сизакъоп, а шIуагъэр нэмыкIми къыбдашIэ. ЦIыфым ишIушIагъэ ины, уемыгупшысэу ар пшIэ къэсми нахь чыжьэу мэлъагъо. Сыда ЧэтэшIэ Ибрахьимэ зыфагъэлъапIэу, зэрэчылэу шъхьэкIафэ зыкIыфашIрэр? Тхы о, тхы,



Заудин, сэ къыосIощт. Илъэсишъэ къызэригъэшIагъэра? Хьау, Заудин, хьау. ЧэтэшIэ Ибрахьимэ къыгъэшIагъэм нахьыби къэзгъэшIагъэ чылэм дэс, уядэIуми делэхэп. Iушыгъэ акIэрыохы, ау цIыфхэмкIэ, чылэмкIэ, хабзэмкIэ, зэрэпсаоу хэгъэгумкIэ шIушIагъэу акъолъыр макIэ. Хэти ышъхьэ закъу нахь зыпылъыгъэр зыми феплъэкIыгъэп.

– Ахэми, Къасым, дунаим зыгорэ щамышIагъэу щытэпщтын, ягунахь умыштэ. Хэгъэгум къин далъэгъугъ.

– Ары, къин далъэгъугъ нахь, къин дащэчыгъэп. Тара нахьышIур, икуплIэ удэсыныра хьауми икупэгъу укIэтыныра? ЧэтэшIэ Ибрахьимэ фэдэхэр икупэгъу кIэтыгъэх. Сыд фэдэ дэкIоегъу зыдащэягъэу, гъогунчъэкIэ зыпхыращыгъэу пшIэрэр? Уинатрыф къэбгъэкIыжьэу, уипIастэ пшхыжькIэ дунаим утетыгъэу умылъытэ. Ар зэкIэми аIэ къихьащт, Заудин. Тыгъэр дэхэфэшI къодыеу ошъогум къихьэрэп, мэфэ шIушIагъэ ешIэшъ, неущ къызэрэкъокIыщтым уфыщигъаIэу къохьажьы.

Джыри Заудин зыгорэ къыIо шIоигъуагъ шъхьакIэ, Болэт Къасымэ зэпигъэун ыIуи, нэшIукIэ феплъэкIыгъ. Зы цIыф горэм, Заудин ыIуагъ, шIушIагъэ иIэмэ, оры зиIэр, Къасым. Загъори тшъхьэ тэогъэуджэгъужьы шъхьакIэ, IофышIу нэмыкI зепфэрэп.

Ардэдэм Заудин IэшIу-IэшIоу ыгу къэкIыжьыгъ джэнапхъэрэ гъончэджыпхъэрэ Болэт Къасымэ тучаным къызэрэфычIихыгъагъэр. А лъэхъаным Заудин еджапIэм чIэхьэгъэкIагъ. Тхылъ зытIу хъокIыгъэхэу ышнахьыжъищ къялыжьыгъэхэр пытэу ыблыгучIэ чIэлъхэу еджапIэм къикIыжьзэ, Къасымэ къыIукIагъ:

– Сыд, сикIал, еджэныр къэуухыгъа? – Майкэ закъоу Заудин щыгъыр ещэхыгъэу ыбэкъу шъхьэхэIукIэ дэпхагъэу зелъэгъум, Къасымэ ыгу къыпиIонтIыкIыгъ,– Сыд непэ къэпхьыгъэр адэ?

– Зы плIырэ зы тфырэ къэсхьыгъ.

– Ащыгъум укIэлэ дэгъу,– шъэожъыем игъончэджынчъагъэ джыри Къасымэ ыгу къыпиIонтIыкIызэ, ышъхьашъо теIэбагъ,– едж, сикIал, едж!..

А мэфэ дэдэм Къасымэ ядэжь дэмыхьажьэу, Советым кIуи, хэбзэ IофкIэ тучаным джэнапхъэрэ гъончэджыпхъэрэ къыфычIаригъэхыгъагъ. Джащ щыублагъэу Ордэн Заудин нэшIукIэ, загъори егъэгубжы нахь мышIэ-

ми, Болэт Къасымэ емыплъын фэлъэкIрэп. Зэ игугъу фишIыжьынэу ыгу къыпылъэдэгъагъ, бащэрэ ишIушIагъэ фыкIэпIотыкIыжьмэ Къасымэ зэримыгуапэр ешIэти, зиIэжагъ. КъыфиIотэжьыгъагъэми, ар Совет хабзэм ишIушIагъ ыIонти, ышъхьэ фихьыжьыщтыгъэп.

– ЕтIани, Заудин,– Къасымэ щигъэтыщтыгъэп,– шIушIэгъэ пстэури зэфэдэп. Удэгъунымрэ ушIушIэнымрэ зэкIуалIэрэп. ЛIы дэгъу, кIэлэ хъарзын зэраригъэIощтым пае нэшIошIыгъэ шIушIагъэ зышIэхэри щыIэх. Ащ фэдэр ышъхь ныIэп зыфыщыIэр. Зэ тагъэмэ, тIо къызфегъэтэжьых. Агу имылъэу абзэгу телъ…

Дударыкъо Темыркъан унэм къипкIагъ. КъыIощтри хьазырыпсэу ыпэ ит:

– Мыдэ мыр зыдэщыIэр, сэ чылэр къэсэкIухьэ!.. ТIыс, Заудин, тIыс,– нахьыжъым къыфэтэджыгъэ Совет тхьаматэр ыгъэтIысыжьыгъ. ШъхьэкIэфэ тэджыкIэ макIэу пхъэнтIэкIум зытезыIэтыкIыгъэ Болэт Къасымэ феплъэкIзэ, фидзыгъ: – Сыд сэIо Болэтым уигъэтхырэр, Заудин? Мыщ къыуиIорэр тхылъыпIэм тезэгъэщт нахь, пшIошъ умыгъэхъу. Сыд джы, тхьам Iомэ, Болэтыр, зыуж уитыр?

– Ярэби, тэ укъикIи, Дударыкъор? КъыотIощт шъхьакIэ, нэ тебгъэфэщт зыуж тихьагъэм. Хэт мыщ сызэрэщыIэр къыозIуагъэри?

– Нэ тезгъэфэщтми сшIэрэп,– Темыркъан сэмэркъэум пэщхыжьыгъ,– оры лIы мафэкIэ къысаджэрэр.

– Ащ фэдэ, Дударыкъор, нибжьи къыосIуагъэп.

– КъысэмыIо мэхъуа, Фатымэ сишыхьат… КIо хъугъэ мышъэфмэ, къашъуIоба зыуж шъуитыр?

– Тэ зыуж тфырэр, Темыркъан, хъяр Iоф.

– Алахьэм хъяр ешI.

– Мэджэс Ахъмэт Аюбэкъом иорден ыуж тэфы,– тхылъыпIэу ытхыгъэм къеджэнэу Заудин къыштагъ.

Орден гугъу зызэхехым Дударыкъо Темыркъан кIыфы къэхъоу Мэджэсым иорден ыдэжь зэрэщыIэр ыгу къэкIыжьыгъ. Ау ягъэпсыкIэкIэ зэгуцэфэн ахилъэгъуагъэп. Ащ фэдэ плъышъо атырелъагъоми, унэм илъ орден хьафыр шъхьэм икIрэп. Римытыжьэу ядэжь зэрэригъэлъырэмкIэ емыкIу зыфилъэгъужьыгъ.

ТхылъыпIэм итхагъэм икъеджэн зэрэригъажьэу Iофыр Темыркъан къыгурыIуагъ, бгъэгум щиубытыгъэгъэ жьыри къытIупщыжьэу къыхэкуукIыгъ:



– Е зиунагъо бэгъон, мы сызэжъугъэдэIурэр сыдэу къэбар гъэшIэгъон!.. Джыри Мэджэсым зы орден къыфэт!.. Тэ тшIэрэп нахь, Купхэс бэлахьэу зэуагъэ… А къэшъупчъыгъэ купым фэдиз орден Мэджэс Ахъмэт иIа? Олахьэ сымышIагъэ, ашъыу, хэлъэуи слъэгъугъэп, ы-ы, Къасым, сыд епIуалIэрэр?

– Ахъмэт иIэ орденым фэдиз орден зиIэ тичылэ дэсэп,– Къасымэ нэгушIоу шъэогъум еплъыгъ.

– ДэхапIэ изакъоп, районми исэпщтын!..

– Ордених иIэу Къанхьаблэ дэсэу сэшIэ,– Заудин къыIуагъ.

– Ари бэ,– Къасымэ ышъхьэ ыгъэсысыгъ.

– Мыбэ мэхъуа, ордених мыдэ щыIа!..– Темыркъан адырегъаштэми Мэджэсым лъагъакIохэу иорденхэр къырамыгъэхьыгъот ыIощтыгъ. ЦIыкIу-цIыкIоу къахэкIыжьынэу рихъухьагъ.– Олахьэ Ахъмэт уфэгушIоныр тефэм!.. Орден къыфэмыкIожь иIэми сшIэгъахэп…

– Зэ, зэ, Темыркъан,– къэгузэжъуагъ Заудин,– ыуж тэфы ныIэп отIуагъи… Шъыпкъэу къычIэкIэу къызфагъэхьыжькIэ ары узфэгушIощтыр.

– Уицыхьэ телъба газетым итхагъэм? – Темыркъан къэупчIагъ, Къасымэ зыдэщыс лъэныкъомкIи инэплъэгъу ыупэпцIыгъ.

– КIо, пшIэрэба,– Заудин непэрэзымафэм ыгу илъыр къыфэмыIошъоу Къасымэ дэжькIэ деплъэкIи, щхыгъэ,– псы икIыгъом тынэмысэу гъончэдж лъапэр дэтымыщаемэ тшIоигъу.

– Ары, ары. Шъыпкъэ, тэрэзкIaеу къэоIо…

– Ащ сицыхьэ зэрэтелъыр, Заудин, къыосIуагъ,– Болэтым джыри ыдагъэп.

– Газетым къызатхыгъэкIэ, уицыхьэ телъын адэ,– тхьаматэм ицыхьэмышIыгъэ зэрэдыригъэштагъэм фэдэу ныбджэгъуми Темыркъан дыригъэштагъ.– Зы цыпэ горэ, Заудин, моу амал иIэу Болэтым къыIэкIэфэгъахэмэ, къызэраригъэтыжьыщтым сицыхьэ телъ…

– Медальмэ ащыщ горэ къыхэунагъэкIэ сенэгуе, Ордэныр,– Темыркъан къыIорэм Къасымэ пылъыгъэп,– зэ иптхагъэмэ къяджэжьи.

– СызэрэшъухаплъэрэмкIэ, джыри дэхэкIае шъущысыщт,– Дударыкъо Темыркъан орден хьафым щимы-

гъэсыжьэу къэтэджыжьыгъ,— сыдэхьажьын, непэрэзымафэм унэм сыкъызэрикIыгъ. Iофэу ешъухьыжьагъэр алахьэм къыжъудегъэхъу...

— Ар пIокIэ, Дударыкъор, уткIэкIэкIэу Ахъмэт гушIуакIо уфэкIокъон,— Къасымэ кIэлъыджэжьыгъ шъхьакIэ, пчъэ кIыб хъугъэм зэхихыжьыгъэп.

Сыхьати тыримыгъашIэу Темыркъан орден хьафыр фихьыжьи Ахъмэт дэжь кIуагъэ. Тыгъэр щэджэгъуанэм икIыгъ, пхъэ къутэгъэ къетэкъокIыгъэм Ахъмэт жъоплъы ышIыгъэу пкIэнтIэ пахъэр къышъхьащихыщтыгъ.

— О-уиу, Ахъмэт, зэ унэм уисыубытагъэмэ ары,— Темыркъан къэлэпчъэжъыем нэмыс рапшIэзэ «Купхэс» ымыIоу, ыцIэ шъыпкъэкIэ еджагъ.— СыкъакIо къэсми, пчыхьи, пчэдыжьи, щэджагъуи сымыIоу, уизгъуатэрэпти, сезэщи, сытIысыжьыгъагъ. Ашъыу, зэ пIысхыгъагъэр,— зиплъыхьи, орденым ыцIэ къыримыIоу макъэм кIыригъэчэу къыIуагъ,— къыпфэсхьыжьыгъэшъ ары, икъунба тадэжь зэрилъыгъэр...

— Ы-ы, ара зыфапIорэр, къэпхьыжьыгъэмэ дэгъуба...— Ахъмэт къэлапчъэм къыфыIухьэгъэ лIым нэгушIоу пэгъокIыгъ.— Къеблагъ, Темыркъан, къеблагъ.

— Модэ, Ахъмэт, орденыр гъэтIылъыжьи, пхъэ къутэнми ыуж икIи некIо тадэжь. Ныом ышIыгъэ щыIэми тыхэIэн, тыщысын, тыгущыIэн.

— Згъэстын симыIэкIэ арэп, Iофынчъэу сыщысынэп сIуи, ыуж сихьэгъагъ,— Ахъмэт къызкIиIори ымышIэу джау сыдми къыIуагъ, етIанэ зыкъишIэжьэу пигъохыжьыгъ.— ШъуадэжькIэ тыкIоми хъун, ау укъызыIухьэгъагъэкIэ унэм укъемыблагъэу уIукIыжьына?

— Сыкъеблэгъэныгъи къытфэшIушIэн бысымгощэ цIыкIу горэ унэм исыгъэмэ,— зэрыщхы хабзэу Темыркъан щхыгъэ.— Къыдэунэна, моу мы пхъэ тIэкIури Iухыжьи, некIо тадэжь. НекIо, некIо. Къэсщэщт сIуагъэшъ, укъыздэмыкIомэ, ныом ыгу къеощт.

Дударыкъо Темыркъан Советым къызчIэкIыжьми, Ахъмэт дэжь къызэкIоми, джы яунэ Iанэу лIитIур зыпэсми Болэт Къасымэ шъхьэм къилъадэу, емыгупшысэн фэлъэкIыщтыгъэп. Къыухь-ыухьажьми орден Iофэу зэрифэрэм къеолIэжьыщтыгъ. Еплъ ар джы зынэсыгъэр ыIоти, ыгъэшIагъоощтыгъэ.



— Уемышъоощтмэ, Ахъмэт, сэ джыри зы бжъэ горэ сIэтын,— Темыркъан хьакIэм риIуи, ригъэхъуагъ.— Мыр зэрэхэунэжьыгъэр дэгъоу пшIагъэ. Опсэу, отхъэжь, Купхэс, алахьэм уиордени уегъэгъотыжь. Болэтыр ыуж ихьагъэмэ, убгъэ къыхалъхьагъэкIэ лъытэ.

— Ар Къасымэ зэрэзэшIуихыщтым сицыхьэ телъ,— Къасымэ игугъу шIукIэ зэришIрэр игуапэу Ахъмэт къыIуагъ.— Олахьэ, Темыркъан, къэзгъэшIагъэм, къыздэзэуагъэр Карпов Никанор тхьамыкIэр угу къэмыкIыжьыщтмэ, Болэт Къасымэ фэдэ цIыфышIу нибжьи сырымыхьылIагъ. Ешъоныр щысэзгъэгъэтыгъэр Къасым. Уязгъэщэни, къыозгъэIэзэщтых ыIуи сауж къызехьэм, лIыгъэ схэмылъыжь пIонэу, сыгу сытеIункIэжьи, зысIэжагъ. Апэрэ мэзэ зытIум къысэхьылъэкIыщтыгъэмэ, джы шъон щыI-щымыIэми сымышIэу сыщыугъап. Джа мафэхэм Къасымэ, тыдэ сыкIуагъэми къыздакIоу, сауж итыгъ. Джыри пыдзы сишIырэп, олъэгъу, сиордени ыуж ит. Сэ дунаим Болэт Къасымэ къызэрэсфыщыт щыIэп: сятэкIи, сянэкIи къысхэшIыхьагъэп, къэщэ-нэщэ IофкIи тцыпэ зэхэщэягъэп. Адрэ лIымэ афэдэу чылэм дэсмэ ащыщ. КIо, сшынахьыжъ Къэнэмэт тхьамыкIэ ишъэогъугъ умыIощтмэ.

— Болэтым изакъоп Къэнэмэт тхьамыкIэр зишъэогъугъэр,— Темыркъан гущыIэм къыхэмыон фэлъэкIыгъэп,— боу сэри сишъэогъу дэдагъ. Непэ къыддынэсынэу инасып къыхьыгъэп. ДэхапIэкIэ апэ комсомолым хэхьагъэмэ Къэнэмэт ащыщыгъ. Адэ о зэрэпIоу дунаим щыхъурэп. ТхьамыкIэр псаугъэмэ, Болэтым икуп къыдигъэплъыщтыгъэп. Лlыгъэрэ цIыфыгъэрэ зыхэлъ кIэлагъ. ТикIэлэгъум Iаджри псэлъыхъо тызэдэкIуагъ, хэбзакIэм къепыйщтыгъэ бандитхэмрэ кулакхэмрэ тыкъызэдырафэкIэуи, ежьхэри шъхьэчъэ-псачъэ итшIыхьэхэуи бэрэ къыхэкIыгъ. КIэрэхъошхохэр дголъхэу, колхоз зэхэхьэгъакIэм имылъку къэтыухъумэу мафи чэщи тымыIоу чылэм тызэрэдэтыгъэр непэ фэдэу къэсэшIэжьы. Ари, Купхэс, лъэхъан хьылъэу тпэкIэкIыгъэмэ ащыщ. ЕтIанэ псаунымгъэ тиIэжьэп тэIошъ, тэгъэшIагъо. Мощ фэдиз тпэкIэкIыгъэу, псаоу дунаим тызэрэтетыри хьалэмэт,— Мэджэсым иорден Болэтыр ыуж зэритыр Темыркъан джыри ыгу къэкIыгъ, зытегущыIэрэр щыгъупшэу къэупчIагъ: — Ахэми, тхьам ишыкуркIэ, тыкъялыжьыгъ, ау згъэшIагъорэр орденыр къызэрэуамытыжьыгъэр Болэт Къасымэ сыдым фишIагъа?

– Орденра, Темыркъан? – гупшысэ ІэшІум Ахъмэт къыхэужьыгъ.– Тадэжь къихьагъэу ышІагъ.

– Тэри уадэжь тыкъимыхьэу къыхэкІрэп, тшІагъэп нахь... Къызгурэlo, къызгурэlo, Болэтыр удым фэд, емыlуагъэми, угу илъыр къышlэщт. Зыгорэкlэ, Ахъмэт, орденыр зэрэпlысхыгъагъэм икъэбар фэпlотагъэп ныlа? МышІапхъэ сшІагъэкІэ арэп, кІо, етІани сыд пае цІыфмэ ажэ зыдэбгъэхьан...– Темыркъан джыри Болэтымрэ Ордэнымрэ тхылъыпІэ тхьапэм зэрэкІэрысхэр ынэгу къыкІэтэджэжьыгъ.

ЧэтэшІэ Ибрахьимэ щагум къыдэкІэу чэу къуапэм къызІутІысхьэкІэ, зэщыгъо рамыгъафэу, модыкІэ-мыдыкІэ къыхэзэрэгъэкІхэзэ, гъунэгъушхьэ лІыжъхэр къеззэрэгъэтІысэкІых. Джыри, нычхьапэ, гъэмэфэ тыгъэ плъырым ижъоркъ зыщефэхыжьрэ уахътэм, ЧэташІэмэ ятетІысхьапІэ дэжь лІыжъ заулэ къыщызэрэугъоигъ. Узэрыгущыlэнэу къэбар зэфэшъхьафыбэ чылэм дэлъыгъэми, ахэр пщызгъэгъупшэн помидор къэбарым ижъобгыпlагъ, апэкlи аужкlи къэтэджрэ къэбар пэпчъ ащ ыцыпэ хэщэягъ, сыд ащыгъупшагъэу сэшlэми, рефрижератор машинэшхохэу ураммэ атетмэ помидор lофыр пщагъэгъупшэщтэп.

Быумэ ушъуашъозэ рефрижератор фыжьышхор блэкlыгъ. Сэпэ нэгъыфэу къыlэтыгъэр зэрэсапэр щигъэгъупшэу Темыркъан машинэм кlэлъыплъагъ:

– Помидор шlагъо lуещы... Моу аушъэзэ сыкъыблэкlыгъэти, сяхъопсагъ... Тонн тхьапш илъын ащ, Хьэпакlэр?

– Илърэп, къыкlэкlыщтыр ары...

– Илъыр къаlуи къыкlэкlыщтыр къисыдзэщт.

– Е дунай, дунай...– Ибрахьимэ хэпскэуlукlи, къызырегъажьэм Темыркъан зыкъиишlэжьыгъ:

– Зыгорэ къапlo пшlоигъуа, Ибрахьим?

– Ярэби, сыд шъуlуа пынджым икъэбар? – Мэщфэшlу Ахьмэд игулъытэ нахь чыжьэу уагъэ, икъун шъыу мы помидорым тызэрэтегущыlагъэр къыригъэкlэу Къасымэ феплъэкlыгъ, чэу пакlэм къыкъокlыгъэу Ахъмэт къелъэкlонэу ылъэгъугъ.– Муарыба къытэзыlощтри къэкlo.

– Сшlэрэп къытиlощтми, а слъэгъурэр губжыгъае,– Аслъанбэч бгъукlэ дыреплъэкlи, lущхыкlыгъ.



– Кlалэп-гъуалэп, сыд мор зыгъэгубжыщтыр... Непэ ыгъотрэр непэ ешхыжьы,– зэхаригъэх-зэхаримыгъэхышъоу Темыркъан къыlуи, «решъужьы» ымыlоу «ешхыжьыр» зэриlуагъэм кlэгушlужьыгъ.

Къасымэ зыгорэ къыфидзы шlоигъуагъ шъхьакlэ, игъо фимыфэу Ахъмэт къыlухьи, сэлам къарихыгъ, къэтlыс зыраlом, адыкlэ lукlоти, нахьыкlэ тlысыпlэ пхъэтэкъэжъым тетlысхьагъ.

– Зыгорэм уигъэгубжыгъа, Ахъмэт? – Болэтым фэщыlагъэп.– Уикъэкlуакlэ Хьапакlэм ыгу рихьыгъэп, Дударыкъоми дыригъэштагъ.

– Олахьэ, Къасым, къытырагъэфагъэм... Зы помидор мыгъо къытхэхьагъэшъ...

– Арэп, Мэджэсыр,– Темыркъан къызэпиутыгъ,– мыр olo зэпыты помидорым къыуишlагъэр сшlэрэп нахь?.. Мыщ зэрэчылэу тхьэ фелъэlу, о мыгъокlэ уеджэ... Е зиунагъо бэгъон, помидорыр ары мыхъугъагъэмэ... Моу чылэм даплъэба, икlэрыкlэ шъыпкъэу тынэ къыгъэплъэжьыгъ!.. Цlыфмэ гъончэдж зыщаригъэлъэжьыгъ, яунэ натlэ къаригъэшlыжьи, къэлапчъи харигъэлъхьэжьыгъ!..

– Гъуржъ унэхэри аригъэшlыгъэх,– Темыркъан имэкъамэ тетэу Къасымэ къыпидзагъ,– машинэхэри къаригъэщэфыгъэх, гъунэгъухэри зэлъимыхьажьхэу ышlыгъэх, помидорым илъэхъан мылlэнхэу нэжъ-lужъхэри тхьэм елъэlух, текlуадэхэми, а хьэдэгъэ дэдэхэми помидорым нэмыкl ажэ дэлъэп...

– Хъугъэ, хъугъэ, Болэтыр,– Темыркъан щхыгъэ,– къэпlощтыр сищыпэ зэхэхэп. Сыд фэдиз къэпlуагъэми, джа зымафэ къызэрэсlогъагъэу, хабзэм иlизынкlэ помидорыр тэлэжьы, тэщэ... Хъущтэп зиlокlэ, къытфэзышlагъэр ежьырышъ, тlехыжьы... Модэ Мэджэсым фэдэхэм зыгорэ аlокlэ хабзэм иунэшъошlыгъэ, къэшъошlэжьа газетым итыгъи, къыхэсыупкlыгъэу тиунэ илъ ар, зыми езгъэукъощтэп!..

– Сэзгъаlорэр, Темыркъан, пшlэнэу уфаемэ,– Ахъмэт мэкъэ шъырыткlэ къыlуагъ,– сэ укъысэмыупчlыжьэу Батэкъо зэшитlумэ моу джыдэдэм азыфагу къыдэхъухьагъэр цlыфмэ яупчlи, къыуаlощт. Мыщ сыкъыlухьаным ыпэкlэ блэкlыгъэ рефрижераторым lуищыгъэ помидорым къыхэкlыгъ...

– Сыда Батэкъомэ къяхъулIагъэр, зэзэуагъэха? – ХьапакIэм шъхьэр къыпхъотагъ.– Типхъорэлъфхэр шъырыт дэдэх, зым имыIэр зым кIеугъуае...

– КIеугъуаеми, Аслъанбэч, уипхъорэлъфмэ къяхъулIагъэр къыосIон. Хьау, зэзэуагъэхэп. Сыд пае зэзэоных?.. Зэзэуагъэхэми нахьышIугъ... Рефрижераторыр помидоркIэ аушъэзэ, из хъугъэти, Батэкъо зэшитIум яз ипомидор хэфэжьыщтышъ, шъузэзэгъ зарaIом, зэшитIур зэплъмэ-къызэплъыжьхэзэ, апэ ишъыщтыр зэфагъэкIотэшъугъэп... ЕтIани, Темыркъан, помидор мафэ къытхэхьагъ oIo...

Ахъмэт игущыIэ къызеухым, дэгъукIи дэикIи зыми зи къыIуагъэп. Батэкъо зэшитIум азыфагу къыдэхъухьагъэр, ащ фэдизэу мыкъэбар гъэшIэгъонми, уезгъэгупшысэн къэбарэу щытыгъ. Ащ изакъоп, помидорым къикIэу нэмыкI къэбархэри нэмыкI чылэхэми адэлъ.

– Е дунай, дунаижъ хьаф, сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ, кIэлэгъур уигъогу зэхэкI, жъыгъор уигъогу мэзах...– Ибрахьимэ шъхьэр ыгъэсысыгъ.– Адэ умылIэжьэу дунаим узытетыкIэ ащ нахь гъэшIэгъони къэплъэгъущт. Мылъкум уимыгъэшIэн щыIэп, зыны къылъфыгъуитIури зэригъэукIыщт, гъунэгъуитIури зэригъэпыищт. О зыфапIорэми, Темыркъан, зыгорэ хэлъ.– ЦIыфмэ анэ къыгъэплъэжьыгъэр сшIэрэп, ау зыкъаригъэIэтыгъ, унэхэри арегъэшIых, машинэхэри къарегъэщэфы, унэгъо IапIэхэмкIи зызэтырарегъэпсыхьэ...

– Адэ ары,– Темыркъани къэгузэжъуагъ.

– Ар шъыпкъэ, кIэм шIу къыздехьы,– Ибрахьимэ бэщыпэмкIэ етIэгъоир Iуидзыгъ,– ау сыд фэдэрэ шIуми къыгомыщэу дэири голъ. Ар къыхэмыщэу гопхын плъэкIмэ, зэкIэми уатекIуагъ. Ахъмэт зыгъэгумэкIрэм мыхъун Iаджи къыхелъхьэ. Помидор уахътэр къэмысзэ aIoу сыд нэжъ-Iужъхэр тхьэ зыфелъэIухэу пшIошIырэр? Батэкъо зэшитIумкIэ ар къэунэфыгъ, апэ ишъыщтыр язэрэмыгъашIэу мылъкум абзэ аригъэубытыгъ... Адэ амэ, къэIо-IотэжькIэ зэхэсымыхыгъэу, сэ сшъхьэкIэ сырихьылIагъэу, зэныбджэгъуитIу къяхъулIэгъэ къэбар къышъуфэсIотэжьын. Зэгорэм къэсIотэжьэу зэхэшъухыгъэнкIи мэхьу. Шъуащыщ къэбарым щымыгъуазэми, Мэджэс Ахъмэт щыгъуаз, ячылэшъ а зэныбджэгъуитIур



зыщыщыгъэр... Ар бэшIагъэ зыхъугъэр, граждан заом илъэхъан.

– Къэншъаурэ Аюбэрэ якъэбарыщтын, Ибрахьим? – Ахъмэт къэупчIагъ.– Ахэр зэныбджэгъу дэдагъэх, цIыфыгъэшхо зыхэлъ лIитIоу дунаим ехыжьыгъэх.

– Джа Къэншъаурэ Аюбэрэ шъхьафит зышIыжьыгъэмэ сахэтыгъ сэ...– Ибрахьимэ игущыIэ пидзэжьыгъ.– Ахэмэ къяхъулIагъэр ары: Корниловымрэ Деникинымрэ ялъэхъан Екатеринодар къызекIухэм, Къэншъаурэ Аюбэрэ къалэм къикIыжьхэзэ белогвардейцэ къэзэкъмэ аубытыгъагъэх. Къэзыушыхьатын тхылъ амыIыгъы зэхъум, краснэмэ шъуащыщ, шъушпион aIуи, агъэтIысыгъэх. Тышпионэп, зыми тыщыщэп араIо зэхъум, ащыгъум шъузэзэгъи, шъуитIу яз чылэм орэкIожьи, тхылъ къерэхь, щэджагъо нэс кIуагъэр къызымыкIожькIэ, къэнагъэр тыукIыщт къаралуагъ. ЕтIанэ сыд хъугъэу шъушIэрэр? ТIумэ язи ыпсэ шIоIэшIоу сэ сыкIощт ыIуагъэп. ПIалъэу ашIыгъэм къызэремыхъулIэжьыщтыр тIуми ашIэщтыгъ. Пчъэм Iутыгъэ къэрэгъулэу къэтыубытыгъагъэм къызэрэтиIожьыгъагъэмкIэ, тIури бырсыр хэтыгъ. Къэншъау нахьыжъыти, кIо Аюбэ зыреIом, фэкIуагъэп. Нахьыжъым ыIорэр нахьыкIэм ымыгъэцакIэ зэхъум, унэм къыридзынэу ежьагъ, ау сыд ыIуагъэкIи-ышIагъэкIи къыфикIыгъэп. Зэпыбэнагъэу къезэрэлъэшъокIхэзэ, татеуи шъхьафит тшIыжьыгъагъэх...

– ТIуми азыфагу лIыгъэрэ цIыфыгъэрэ дэлъыгъэшъ ары,– Ибрахьимэ ычIыпIэкIэ Ахъмэт къэбарым кIэух фишIыжьыгъ.– Тхылъыхьэ сэкIо пIонышъ, укъызэрэмысыжьыщтыр пшIэзэ, унэ къаплъэу ныбджэгъур ябгъэукIына?

– Адэ ари аущтэу хъунэу тхьэм ыухыгъагъэщтын...– Темыркъан платыку IэрыIыгъ фыжьымкIэ пкIантIэр пшъэм дилъэкIыкIыгъ.

## XXIV

Зэоуж илъэс блэкIыгъэхэм, мыкI фэдэу унэ чъыIэм риубытэгъапэу Ибрахьимэ къышIэжьрэп. Джэдыгу чIэгъым щыгъын фабэхэр чIэлъхэу къикIми, къыубытрэп. Ос щтыгъэр шIоIофыжьэп, тыгъэжь чъыIэу Iэпкъ-лъэпкъ-

хэр зэлъызгъэучъыIрэр ары амал зыфимыгъотрэр. Тыгъэоплэ къакъыр лъапсэм иуцоу былым Iусыр къыплъыхьафэкIэ ынэкIушъхьэхэр къэдыйхэшъ, къемыдэIужьхэрэ Iэпэ одхэмкIэ ыжэкIэпэпкъ ыIотзэ, унэм ехьажьы:

– Е дунай, дунаижъ хьаф, сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ, кIэлэгъур уигъогу зэхэкI, жъыгъор уигъогу мэзах... Сыд кIымаф къытфэкIуагъэр, къупшъхьэ куцIыр егъэдыи... Ярэби колхоз былыммэ сыд якъэбар шъуIо? БылымIусым фэмысакъхэмэ, мыгъэ гъатхэр кIасэ хъункIэ енэгуягъо...

Жьыбгъэ шъуй макъэм кIэдэIукIэу Ибрахьимэ заулэрэ щысыгъэу гукъэкIыжь-гупшысэкIэ 1920-рэ илъэсым хахьи, Украинэ шъолъырым ихьагъ. Новочеркасскэ джабгъу лъэныкъомкIэ даIыгъэу, Днепрэ Iушъо зэрэIухьэгъагъэхэр нэгум къыкIэтэджэжьыгъ. Гъэтхэ мыфэбэмычъыIэ псыхъо мыл жъужьыгъуагъ. Белэмэ лъэмыджышхоу къагъэуагъэр псыхъом шъхьащылъыгъ. Псыхъом зыхатакъуи зэрикIыгъагъэхэр, адырабгъукIэ Iулъ белэхэм якъэо макъэхэмрэ шы щыщ макъэхэмрэ джы къызнэсыгъэм Ибрахьимэ ытхьакIумэ ит. Гум икъытео макъэу шылъэбжъэ макъэхэри щыгъупшэхэрэп. Сэшхо жъынч макъэри ащ хэтыжь...

– Е дунай, дунаижъ хьаф,– Ибрахьимэ игукъэкIыжьмэ шъхьэр рагъэгъэсысыгъ.

Чэтэшlэ Ибрахьимэ жъоныгъо мафэу, бзылъфыгъэмэ зыкъызэраIэтыгъагъэр ыгу къэкIыжьыгъ. Колхозыр зэхащэн Адыгеим зыщырагъэжьэгъэгъэ 1929-рэ илъэсым игъатх ар зыхъугъагъэр.

ЗыкъэзыIэтыщт бзылъфыгъэмэ ялIмэ яIофшIэкIэ чаныгъэ ыгу къызэкIыжьым, Ибрахьимэ ыIупшIакIэ щхыпс къечъагъ. Хъулъфыгъэмэ зи амышIэ фэдэу зызэрашIрэр, Iофым зи хамышIыкIэу зызэрагъэпсырэр зелъэгъум, анахьыжъитIур ахищи, ариIогъагъ:

– Шъолъэгъуа хъурэр, шъо дэгъоу губгъом Iоф щышъошIэ шъхьакIэ, шъуишъуузмэ бырсыр къыташIылIэнэу загъэхьазыры. ТэхъутэмыкъуаеКъырагъэкIи, бзылъфыгъэ гъэблэкIуитIу тыгъуасэ ДэхапIэ къызэрэкIуагъэми сыщыгъуаз.

– Олахьэ мы къапIорэр апэрэу зэхэтэхым,– Iуищыгъэ IтIум яз къыIуагъ шъхьакIэ, фидагъэп.



– СымышIэрэм сызэрэрымыгущыIэрэр зэжъугъашIэ,– Ибрахьимэ афидэгъагъэп,– ау къышъуасIомэ сшIоигъор ары: шъуишъуузмэ яшIэ шъуиIоф хэмылъэу щытэп. ГъэпцIагъэкIэ зыкъяжъугъэIэтмэ, ахэрэп, зэжъугъашIэ, шъоры пшъэдэкIыжь зыхьыщтыр!.. Шъузхэри шъумыгъэделэх, шъори зышъумыгъэделэжь!..

А мафэм ыуж, ятIонэрэ мафэми, къыкIэлъыкIогъэ мафэхэми бзылъфыгъэмэ зыкъаIэтыжьыгъэп, ДэхапIэ колхозыр зэбгырызыжьыгъэп, пый шъэфмэ яIофи къикIыгъэп. Джа хъугъэ-шIагъэм илъэс пшIыкIущ тешIагъэу, нэмыцхэр тихэгъэгу къытебанэхи, Темыр Кавказым къызэсхэм, ДэхапIэ къыдэхьанхэкIэ мэфэ заулэ иIэжьэу Чэтэшlэ Ибрахьимэ, колхоз тхьаматэм, изекIуакIэ ашIомытэрэзэу, мыкоммунист зекIуакIэу алъыти, партием зэрэхагъэкIыгъэр ыгу къызэкIыжьым, хьылъэу хэщэтыкIзэ, ежь-ежьырэу джыри зэриIожьыгъэ:

– Е дунай, дунаижъ хьаф, сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ. Адэ цIыфы фэдэу дунаим узытеткIэ, Iаджи къыохъулIэщт. КъыохъулIэрэ пэпчъ бгъэенэу ищыкIагъэп, сичIыгу сытет, сиуашъо сашъхьагъ, сигухэлъ пэпчъ къыздэхъугъ, къыздэмыхъугъэр къэслъфыгъэмэ къалъфыжьыгъэмэ къазэрэдэхъущтым сицыхьэ телъ!..

Нэмыцхэр ДэхапIэ къыздахьэхэм, зэрэдаубытэгъагъэр, пый полковникым дахьэкIэнэу зэращэгъагъэри нэгум зэрэкIэт. Джа IофыгъуитIур къыхэчъэу шъхьэм къилъадэ къэсми, дунаим чIыпIэ щимыгъотэу зэоуж илъэсхэр Ибрахьимэ къыхьыгъэх. Ыжэ къыфагъазэу чылэм къыщыфамыдзыгъэми, модыкIи-мыдыкIи щымыщэу пчэгум зыкъырарамыгъанэу, зиIэтэу къушъхьэм зэрэчIэмыхьажьыгъэмкIэ зеумысыжьы. Джа ешхэ-ешъо пчыхьэм, кIэрахъор къызтыреубытэ уж, ДэхапIэ дэкIыжьи, мэзым хэхьажьыгъагъ шъхьакIэ, зызэригъэзылIэн партизан химыгъуатэу, партием зэрэхагъэкIыгъэ шъхьакIом ыстэу мэзэ зытIущэ къыхэси, нэмыцыр хэкум зыщикIыжьыщт мазэм яунэ кIашъо тесыжьыгъ.

Мэзым зыхэсми, икIашъо зытесми тидзэ къыгъэзэжьэу хабзэр хэкум зыпкъ щиуцожьмэ, партием къызэрэхагъэкIыгъэ Iофыр зэрифэнэу ихьисапыгъ шъхьакIэ, иIоф рыгущыIэнэу чIыпIэ зефэм, а райкомым исекретарь дэдэу партием хэзгъэкIыгъэм ешхэ-ешъор къыфидзи,

уамыгъэтIысэу чылэм удэсышъумэ гушIо ыIуи, къыушъхьакIугъагъ. Хэзгъэк Iыгъэ секретарыр райкомым тетыфэ, обкомым кIоу, нахь чыжьэу даокIэ иIоф къызэримыкIыщтыр ышIи, Ибрахьимэ тIысыжьыгъагъэ. Аущтэу иIофкIэ зыкIэбэлэрэгъыгъэр ежь зыдимышIэжьэу щытыгъэп. Партием хагъэкIыгъэу районым къызекIыжьым, гъэгусагъэр къызтыригъакIоу чылэм пыим зызэрэдыригъэубытэгъагъэм имысагъэ ыIощтри ышIэщтри ригъашIэщтыгъэп. Ар имыкъоу Iоф зэIыхьагъэм ешхэ-ешъори къыхэхьажьыгъ. Заор аухмэ, секретарыр текIмэ ыIозэ, илъэс пчъагъэ тешIагъ, ыкъомэ иIоф къаIэтынэу фежьагъэх шъхьакIэ, афидагъэп, шъо шъузхэт партием сыхэтэу шъулъытэ, партбилетыр зыми есымытыгъэу, мары, сиджыбэ илъ. ДэхапIэ дэс цIыфхэмкIэ ЧэтэшIэ Ибрахьимэ партием хэтыгъ, зэрэхагъэкIыгъэри ащыгъупшэжьыгъагъ.

– Е дунай, дунаижъ хьаф,– Ибрахьимэ джыри хьылъэу хэщэтыкIыгъ.

ИлъэскIэ плъытэнэу хъумэ, цIыфым къыгъашIэрэр шIомакI шъхьакIэ, гъэ тIокIиплI, гъишъэ къэбгъэшIэныр гъогууан. Ащ Iаджи щыпшъэу, щыулэоу къыхэкIы. Сыд фэдиз илъэс щыIэныгъэм къыфитIупщыгъэм чIигъабзэу къэзгъэшIагъэр щыIэ шIоигъоми, жъыгъор зэхишIэу, Iэпкъ-лъэпкъмэ къяхьылъэкIы, щыIэныгъэм зэригъэуцуагъэр къыфэмыIошъуми, зыхелъэгъожьы. ЧэтэшIэ Ибрахьимэ илIэшIэгъу илъэсхэр зызэхишIагъэр бэшIагъэми, амыгъэ, мыкI фэдэу къехьылъэкIэу къышIэжьрэп. Лъакъохэри, тэмэпкъхэри онтэгъух, игупшыси ахэмэ анахь хьылъагъ. Ярэби, Ибрахьимэ ыIуагъ, мыкI чъыIэ тыхимыубытагъот. ЕгъашIэм сидунай хьылъагъэми, гухэлъ къабзэм сыфыщыIагъ, джащ фэдэу гъэм идэхэгъуи сырерэхьылI. Лlакъом еIогъэн фае хьадэгъэшхо къыстырамышIыхьанэу, кушъэ зыфашIэу бэн зыфамышIыжьын щыIэпышъ, сызгъае зышIоигъом сызэрэнасыпышIуагъэр зыщерэмыгъэгъупш. Сезэгъы загъорэ агу сыкъэкIыжьмэ, тэтэжъым ыIогъагъ, тэтэжъым ышIэгъагъ ясабыймэ араIомэ... Шумафэ ыкъо нахьыжъ икIалэ комсомолым хахьи, тыгъуасэ билетыр къызратыжьым къытеIаб ыIуи, къызэрэрихьылIэгъагъэр Ибрахьимэ ыгу къызэкIыжьым, ыIупшIакIэ IугушIукIыгъ, ахэр арых насыпышIохэр, ахэм тафыщыIагъ...



Ибрахьимэ тэджи, столым тет пхъонтэжъыер къызэIуихыгъ. Ахъщэ зэтелъэу дэлъыр зэщимыгъакъоу партбилетэу аримытыжьыгъагъэр къыштагъ. Зэгуихи сурэтым еплъыгъ, лъэкъуацIэми еджагъ, партием зыщыхэхьагъэгъэ 1920-рэ илъэсми шъхьащыкIыгъэп. Джыри мы илъэсым итхьапэ дэзгъэуцон ыIуагъ. Партбилетым фэшIоу тхылъыпIэ тхьапэр къыгъэчъыхьи, хиупкIыгъ. Январь мазэр зетхым, къэлэмыпэр къызэтеуцуагъ шъхьакIэ, зезгъэжьагъэкIэ ыIуи, адырэ мэзэ пшIыкIузыри ритхагъ. Январь мазэ пэчIынатIэу сомишъэ ыгъэуцуи, ыIапэ кIидзэжьыгъ, етIанэ ахъщэмэ партийнэ взносэу сомэ ахилъхьагъ.

Пхъэ IаплI ыIыгъэу Шумафэ унэм къихьагъ.

– Сыдэу щыт, кIал, щагур?

– ЧъыIэ, кIичын мурад иIэп,– машIо ришIыхьанэу Шумаф хьаку лъапсэм итIысхьагъ,– мафэ къэс къегъэпытэ.

– Былым Iусыр сыдэу хъура?

– ЯтIонэрэ Iатэм джыри теIагъэп.

– Колхоз былым Iусыр ары сыкъызкIэупчIэрэр.

– ГъэрекIоkI елъытыгъэмэ, тят, колхозым ибылым Iус уезэгъыщт. Африкъунэу аIо.

– Ярэби, ар аIоу зэхамытыгъухьажьыгъот.

– Ар мыгъэ ашIэнэп...

– ГъэрекIокIи ар тIозэ, къытэхъулIагъэм еплъ,– Ибрахьимэ къызэкIигъэщтыхьэрэ шъхьангъупчъэмкIэ плъагъэ. Былымхэр Iэргъэтэджэу гъатхэм тыращэжьыгъагъэх. Машинэр, Iэмэ-псымэр зыщыхьой дунаим ащ фэдэу былым Iусым уфэбэлэрэгъы хъуна!..– Бжыхьасэхэр сыдэу щытых? Сыд аIоу пшIэрэ? Губгъом ос илъа шъуIуа?

– Орзащэ губгъом щыIагъэмэ ерагъэу осым тыхэкIыгъ аIо.

– Ара? – Ибрахьимэ гушIуагъэ.– Армэ хъун.

– Ары аIорэр, сшъхьэкIэ слъэгъугъэп.

– Орзащэмэ уадыдэкIэу бжыхьасэмэ язытет къызэбгъэлъэгъуми фэIуагъэ щыIэп,– Ибрахьимэ ежь-ежьырэу зэриIожьрэм фэдэу, аIуагъ Шумафэ зэриIуагъэр ымыдэу гъумытIымыгъэ.– КIымафэрэ унэм зишъошIыхьажьышъ, шъуис.

– Сыд тшIэщтыр адэ, тят? – Шумафэ, зыкъыримыгъашIэу, гукIэ щхыпцIыгъэ.

– ПшIэщтыр къыосIуагъэба... Губгъор кIымафэрэ дэдзых пшIы хъущтэп. ЧIыгуми, цIыфым фэдэу, псэ иI, изакъоу къэбгъанэмэ, ыгу кIодыщт...

Колхозыр зызэхащакIэми, ащ ыуж къыкIэлъыкIогъэ илъэсхэми, джырэ фэдэ кIымэфэ чъыIэ къызщыхэкIырэм, ятэ шыоу губгъом зэрэдэкIыщтыгъэр Шумафэ ыгу къэкIыжьыгъ. Зэгорэм, мыры Iоу къышIэжьрэп, заор къежьэнкIэ джыри илъэс зытIу иIагъ, кIымэфэ губгъом Ибрахьимэ къызэрэтыр зешIэм, шым зыридзи, губгъом лъыдэкIыгъагъ. ПщыпIи, трактор уцупIи къыгъэнагъэп. Тхышъхьэм зыдэчъаем Къоджэбэрдыкъо Мыхьамэт иорэд мэкъамэ къылъыIэсыгъ. Ос хъотым зышъхьапэ къыхэщрэ чъыгмэ акъогъу ятэ къотэу, ишыпэ бжыхьэсэ ос зэикIым фэгъэзагъэу орэд къеIо. Гур къызэрэдеIэрэр пшIэнэу мэкъэ тIупщыгъэм къыхэщы. Зэ зыфихьыщтыр ымышIэу Шумафэ къызэкIэщтагъ. ЕтIанэ гумэкI зэрэщымыIэр зешIэм, Ибрахьимэ зыдэщытымкIэ ежьагъ. ШитIоу зэпэщыщыгъэм ятэ къыгъэплъагъ, ащ паий иорэд Iон зэпигъэугъэп. ЧIыпIэ къин Шумафэ зифэкIэ, а мафэр ренэу ыгу къэкIыжьыщтыгъэ. Къоджэбэрдыкъо Мыхьамэт иорэд заом чIыпIэ къин щифагъэу Iаджри къыщиIуагъэу къешIэжьы.

– Аущтэу оIомэ, тят, неущ орзащэ садэкIон.

– АдакIу, адакIу,– Ибрахьимэ гушIуагъэ,– сисэлами кIымэфэ губгъом сфехыжь!..

– Боу, тят, пфесхыжьын.

– Ашъыу, зыкIэмыIэ IэнтIрахъоу унэм сыкъинагъ нахь, сэри сыкъыжъудэкIоныгъи... КIымэфэ мыухыжь къытишIылIагъэшъ... Бащэ, хьакум сэ машIо исшIыхьащт...– ятэ хэмылъыгъэ губж макъэм Шумафэ шъхьэр къыригъэIэтыгъ, Ибрахьимэ ынэмэ закIэплъэм, джы нэс акIымылъагъоощтыгъэ нэшхъэигъо-зэщыгъо акIилъэгъуагъ.– Зыгорэм тынэсыжьын, зыдгъэсысыжьын тыфимытэу... Къаштэ сырнычыр, моу джэгур сэгъэгъаблэ.

– Дэгъуба, тят, дэгъу,– пхъэнтIэкIужъыер Шумафэ ятэ фигъэкIотагъ.

Хьакупчъэм Ибрахьимэ IутIысхьагъ, мыгузажъоу пхъэу щызэтелъхэр къыплъыхьагъэх, зэхимыхэу зэригъэзафэ фэдэу ышIыгъэх. ОбзэгъужъыемкIэ, фэсакъыпэу, пхъэ гъугъэ цэлэ заулэ гуигъэчъи, чIилъхьагъ. Ятэ иIэбакIэ Шумафэ еплъыщтыгъэ нахь, зи ыIощтыгъэп. Хьаку мэшIуапхъэр зегъэхьазырым, кIимыгъанэу Ибрахьимэ тIэкIурэ щысыгъ, етIанэ сырнычыпэ пынэфыкIрэр, мыкIосэным пае, ыIэгушъо чIэтэу фэсакъыпэзэ пхъэжъыячIэм рихьылIагъ.

Пхъэ машIом зызепхъуатэм, ыIэхэр ригъэухэу, Ибрахьимэ ыкъо къыIугушIуагъ. Сыд фэдиз гушIуагъо ынэгу кIэлъыгъэми, Шумафэ ащ нэшхъэигъэу хилъэгъуагъэм бгъэгупэм къыщыпыригъэIонтIыкIыгъ. ЕтIанэ джэуап зыфемытыщтыгъэ упчIэ шъэфри ошIэ-дэмышIэу къечъагъ. Сыда тятэ кIымэфэ губгъом сэлам сфехыжь зыкIиIуагъэр? ГукIэ зэхишIагъэу лIэныгъэм къегъэщына шъуIуа?.. Ятэ илIэныгъэ зэрегупшысэгъахэр Шумафэ емыкIу зыфилъэгъужьэу зэгыижьыгъ. МылIэжьын щымыIэми, ятэ джыри щигъаIэ шIоигъу. ЗылI къыгъэшIэщтыр ежь къыгъэшIагъэми, янахьыжъ унэм исэу иIушыгъэрэ ищынагъорэ есагъэшъ, ащ зыгорэ къызщышIыкIэ, ЧэтэшIэ лIакъор зэтезынэу къышIошIы. Шумафэ игупшысэ къышIагъэу Ибрахьимэ къыIуагъ:

– КIалэ, мылIэжьын щыIэп... Ау зыхъурэм, хэт ышIэра, сэ къысфэнэжьыгъэ мафэхэр лъытагъэх. Тятэ щыIэжьэпышъ, оуитIу-оуищ шъуIоу шъуежьэкъон.

– Тят, сыд сэIо непэ къыохъулIагъэр?

– Сыд къысэхъулIэн, муары дунаири мамыр, сиджэгуи маблэ, лэжьыгъэр мыгъэ бэгъощтышъ, пынджырми коцышъхьэкIэ зегъэкIэракIэ.

– Ащи, тят, непэ фэдэу ухэплъэжьын...

– Сыхэплъэжьми, сыхэмыплъэжьми, ихъяр шъолъэгъу... Мы къасIохэрэмкIэ, кIалэ, угу бгъэкIодынэу щытэп. ЧэташIэхэм ашъхьащытынэу оры къэзгъанэрэр. Арышъ, шъырытыгъэ зыхэгъэлъ, уизэфагъэ гъэнэфагъэ, егъашIэм сызфыщыIэгъэ Iофыр хэгъэгум дэпхьынэу къыосэтыжьы, нысэми сызэрэфэразэр сфеIожь. ЧэтэшIэ лIакъом яини, яцIыкIуи сафэраз, шIугъэм дыкIэмытыгъэхэмэ, ем дыкIэуцуагъэхэп. Урыраза пIомэ, сыраз. Ау зы закъу сызэрэмыразэр. Сипартие хэкIыкIэкIэ сэри сымыс, сэщ нахь мысэхэри щыIэх, ахэмэ ямысагъэ сытегущыIэжьрэп.

– Партием уихэкIыкIэкIэ, тят, мысагъэ бдасшIэрэп.

– Сэ, кIалэ, зыдэсэшIэжьы...

– Лэжьыгъэу птыгъэр, тят, пыирэп зэптыгъэр, зылэжьыгъэмэ яптыжьыгъ!..

– АщкІэ мысагъэ зыдэслъэгъужьрэп.

– Адэ сыд пае зыуумысыжьра?

– Тидзэмэ къызагъэзэжьым сипартие хэгъэкІыкІэ ыуж зэрэсымыфыжьыгъэр ары зигугъу сшІырэр. Къушъхьэбым исыгъэ партизанмэ, Зэфэсыр апэ зэритэу, Іэбжьыб зэ-тІо къызысфашІым, шъхьакІор къызтезгъакІоу, шъхьэфэгубж-делэгубжэу сытІысыжьын фэягъэп.

– ЦК-м сытхэщт зысэІом, къысфэбдэгъагъэп...

– КІалэ, щэрыоу угущыІэрэп...

– Ар озгъаІорэр сшІэрэп нахь, тят...

– Сипартийнагъэ зыми сІихыгъэп сэ, сІихыни ылъэкІыщтэп!.. Сызыхыщт закъоу сшІэрэр хьадэгъур ары. Ащи ар фэшІэщтэп Чэтэшlэ ІІакъор дунаим тетыфэ. Хьадэгъум бэнычІэм сычІигулІэми, модэ мо пылъэгъэ буденовкэм хэлъ жъуагъор олъэгъуа, къэнэтІэхэс жъуагъоу чІылъэм щышъхьарытыщт... Зэо ужым озгъэтхыгъэп ЦК-м, сыхэукъуагъ!.. Ащ ыуж хъугъэр ошІэ... Сипартийнагъэ сэ къысфэрэнэжь сІуи, сытхэщт зыІоІом, джары къыкІыпфэсымыдэгъагъэр... Е дунай, дунаижъ хьаф.

– Джыри сытхэн, тят.

Ибрахьимэ заулэрэ щыси, къыІуагъ:

– Бащэ. СилІэжьыгъо къэсыгъэу, еджэрэр къыздэхьащхэу... КъыосІогъагъи райкомым ибюро щатхыгъэ тхылъыпІэ тхьапэм ратхагъэм нэмыкІ дагъо зэрэзыдэсымышІэжьрэр!.. Цlыфыр ары нахь, сыд фэдиз тхылъыпІэм тептхагъэми ыщыІэщт. Мо пхъонтэжъыем илъэс пчъагъэм стыгъэ партвзносхэр, зы чапыч хэмызыгъэу, дэлъых. Районым пхъыкІэ Таймэзым пІихынэп, мамырныгъэм фэбэнэгъэным пэІуагъэхьанэу зэптын комитет райоными, Мыекъуапи адэт. Мамырэу илъэс пчъагъэ хъугъэшъ тыщыІ. Ари шІушІэгъэ дэгъу, Ау сІорэр къыздэпштэщтмэ, чылэм щыщэу еджэ зышІоигъо шъузабэ горэм ишъэожъые режъугъадж. Мазэ къэс фэжъугъахьымэ, институтыр къыриухынэу пхъонтэжъыем ахъщэ дэлъ. Партбилетыр зижъугъаІ, ЧэташІэмэ къафэрэн... Джыри зы лъэІу къыпфысиІ: сымылІэзэ, джа жъогъо шъхьарыт къэнэтІэхэсыр сфябгъэшІэу сэбгъэлъэгъужьыгъэмэ дэгъугъэ... Биназ иджэгу сыхэплъэжьы сшІоигъуагъ.



ЧэтэшІэ Биназ сызэрэфэразэр сфеІожь, лІыгъи, зэхэшІыкІи, гукІэгъуи хэлъ, сикІэлэгъу блэкІыгъэр гум къегъэкІыжьы...

ЧэтэшІэ Шумафэ ятэ иосыетхэр зэхимыхын Іоу ышІагъэмэ, зыпэ къымыштэн щыІагъэп. Ар зэгорэм къызэрэриІощтыр ышІэщтыгъ, ау арэу шІэхэу хъунэу егуцэфагъэп. Зи къезымыІожьыщтыгъэ Шумафэ ищысыкІэкІэ ыгу цІыкІу зэрэхъурэм Ибрахьимэ гу лъити, фабэм къызэкІигъэплъыхьажьыгъэ нэгу ихыгъэмкІэ къыІуплъагъ, зыкъырыгъэшІэжьэу къесэмэркъэугъ:

– КІалэ, пшъэ бащэ къыслъхьагъэмэ сшІэрэп, ы-ы?.. КІо, а тІэкІур сфэгъэцэкІэжьи... ЗыгорэкІэ укъызэрэсфэмыразэ щыІэмэ, умыушъэфы.

– Тят, олахьэ сымышІэ угу зыфэбгъэкІодыгъапэр...

– Хьау, сыд пае, кІалэ, сыгу кІодын. Сэ къэзгъэшІагъэм фэдиз къэзгъэшІагъэм цІыф ымыІон ыІонэп, цІыф къемыхъулІэн къехъулІэнэп. Адэ мылІэжьын дунаим зытемыткІэ, цІыф Іушыби ехыжьыгъ, ахэмэ ялъытыгъэмэ, сэ сыд, сыпхъап, ау етІани тятэ зи къытиІожьыгъэп зэрэшъумыІоным пае, сыгу илъыр пшІэмэ нахьышІуба, сишІоигъо ущызгъэгъозагъ. Ау шъугу шъумыгъэкІоды, гукІодыгъуи щыІэп, Болэт Къасымэ иІуагъэу, тэ лІэныгъэр къызкІэдгъэхьанэу гухэлъ гъогу тытехьагъэп!.. Ы-ы, шъыпкъэба сІорэр, кІалэ?..

## XXV

А зым ренэу урыгущыІэ хъумэ ІэшІугъэ кІэлъыжьырэп. Биназрэ Лимэрэ яІофкІэ чылэм ар къыщяхъулІагъ. Бжыхьэ-кІымэфэ джэгухэу ДэхапІэ къыдэтэджагъэхэм ар пщызгъэгъупшэн къэІо-нэІо Іаджи къащыдэоягъ, ахэмэ анэмыкІ къэбархэри къащежьагъэх. Зым инысэ, фаеу къыфащагъэшъ, шІодах, адрэ унагъом благъэу ыгъотыгъэр шІомыигъоми, къызхигъэщрэп. Зыр нафэу, пчыхьэшъхьапэм машинэ зэхэткІэ ащагъ, адрэр, ятэ-янэмэ зашІуигъэбылъи, шъхьангъупчъэмкІэ унэм икІыгъ. Зым иджэгу джэгушхуагъ, адрэр – ешхэ-ешъуагъ.

Джэгу заулэу ДэхапІэ щызэблэкІыгъэмэ азныкъо пІомэ хъунэу Биназ, Іоф иІэу къымыгъэнагъэмэ, ахэхьагъ. Ащ фэдизым зэзакъу ныІэп Лимэ защилъэгъу-

гъэр. Тыдэ кӀуагъэми къизгъэжъукӀэу ащилъэгъущтыгъэр Хьэсэнэ Мерэм. Анахь лӀышӀухэм къагъэшъонхэу ацӀэ къызыраӀокӀэ, Мерэм ары пчэгум къыращэщтыгъэр. Мерэм зэп-тӀоп Биназ къызэрэдагъэшъуагъэр. Уджым ошӀэ-дэмышӀэу пщынэр зекӀужьрэм, Ӏаджри аӀапэ пытэу зэрэӀыгъэу нэбгыритӀур къызэдашъоу къыхэкӀыгъ. Джы къызнэсыгъэм Мерэм ыӀэпэ фабэхэр, загъорэ копкъ пытэу къынэсыщтыгъэр, ынэгушъхьэ плъыгъэ икӀэзэзыкӀагъэр зэхешӀэ, ышъхьацмэ духымэ ӀэшӀоу къапыущтыгъэр щыгъупшэрэп. НапӀэр зэтырилъхьэми къехъулӀагъэр ымышӀэу, зызэпыригъазэми Мерэм нэгум кӀэкӀыщтыгъэп.

Биназ игупшысакӀэ къыримыгъэкӀоу джыри зызэпырigъэзагъ. Зыпчыхьэ джэгум Лимэ зыщелъэгъум щыгъыгъэ джанэм зыфегупшысагъэр ымышӀэу егупшысагъ шъхьакӀэ, мыры ыӀонэу гум къэкӀыжьыгъэп. Сыд ар зытехъухьэрэр? КъышӀэжьырэ закъор нэбгыритӀум янэплъэгъу зэрэзэтефэгъагъэр ары. Биназ ыгу зыгорэу къэхъуи, къыпиӀонтӀыкӀыгъ. Шъхьантэр, зэрэщылъыр шӀомытэрэзэу, ыгъэтэрэзыжьыгъ, ащ пае къэмынэу мыжъом фэдэу шӀопытагъ.

Мэзахэм Биназ хэдэӀуагъ: сыхьат тео макъэ нэмыкӀ унэм къиӀукӀрэп. Остыгъэр хигъэнагъ. Уахътэр тфым хэхьэгъагъ. Остыгъэр зегъэкӀосэжьым, ошӀэ-дэмышӀэу Мерэм ин-инэу, ыӀэхэр зэришӀхэрэр къыдекӀоу, пкъыми лыягъэ химылъагъоу, жьым фэдэу псынкӀэу къашъоу Биназ ынэгу къыкӀэуцожьыгъ.

Ащ нахьэу Биназ щылъыжьышъугъэп. Дунаир мэзэхагъэми, остыгъэр зыхегъанэм шъхьангъупчъэ кӀыбым щыхъурэм, щышӀэрэм пылъыжьыгъэп. Пынджырыр зэрэщтыгъэмкӀэ дунаир зэрэчъыӀэр нэфагъэ. Къерэмыси Ӏофэп, Биназ ыӀуагъ. Гъогу тхъугъэм утехьэмэ, асфальтыр щынагъоп, къалэм пэрыохъунчъэу унэсыщт, ДэхапӀэ удэкӀэу асфальт гъогум утехьафэкӀэ, къин хъущт. Ари бэп, гаражым укъычӀэкӀэу чылэм удэкӀыф ныӀэп, «Жигулир» фабэ. Биназ зитхьакӀыфэ, зиупсыфэ сыхьатыр хы хъугъэ.

Унэм Шумафэ къихьагъ:

– ЖьыкӀаеу укъэтэджыгъ.



– Былыммэ Ӏус ястын сихьисап,– Биназ пӀэм зэрэхэмылъышъугъэр ыушъэфыгъ.– Дунаир нахь къэфэбагъэкӀэ сэгугъэ.

– Былыммэ Ӏус ястыгъах. Жьыбгъэр зэуцум, дунаир къэшъэбагъ умыӀощтымэ, джыри шхъонтӀэкӀай. Ау тыгъэ щыӀэнэу уашъор къабзэ. ТыкъызытэджыгъэкӀэ къалэм тыкъогъэчъба, кӀалэ? Тятэ къызкӀэлъэӀугъэ мыжъосыныр хьазырмэ къызэдгъэшӀэн.

– Ащ сыкӀон сыхьисапыгъ сэ,– Биназ ятэ дыригъэштагъ,– уфаемэ тызэдэкӀон, ау сыд тӀуми щытшӀэн. Болэт Зулкъадэ къыздэкӀонэу ыӀогъагъ...

Биназ изакъоу къалэм кӀо зэрэшӀоигъуагъэр Шумафэ къыгурыӀуагъэти, зи пиӀухьажьыгъэп. Уизакъоу уфаемэ сыд пае гъусэ зыкъыпфэсшӀын ыӀуагъ. Ау Биназ къыпигъэхъожьыгъэр джэуапынчъэ ышӀыгъэп:

– КъэнэтӀэхэсым игугъу зыгорэм фэпшӀыгъа?

– Хьау.

– Адэ, сыдэущтэу Зулкъадэ къыбдэкӀощт?

– Олахьэ сымышӀэ, тят, ар сыгу къэкӀыжьыгъэп,– изакъоу къалэм кӀо зэрэшӀоигъуагъэм къыфихьыгъэм Биназ ыгурэ ышъхьэрэ зэригъэбгъэжьыгъэ,– зымафэ сыкӀо сшӀоигъу ыӀогъагъэти ары зыкӀэсӀуагъэр...

– Ӏоф иӀэмэ, къыолъэӀугъэмэ зыдапщэмэ хъун, ау мастерскоим Ӏумыщ. ЗыдакӀо шӀоигъом ещалӀи, къызыбгъэзэжьрэм къылъыӀухьажь. Аущтэу зыкӀасӀорэр, тятэ къызкӀэлъэӀугъэр зыми едгъашӀэ сшӀоигъоп. Пшӏэрэба, къимыкӀын Ӏаджи къырагъэкӀыщт, къяхьылъэкӀы, дэгузажъох аӀон.

– Къызгурэӏо, къызгурэӏо... КӀо, етӀани Зулкъадэрэ сэрырэ тызэзэгъыгъахэти ары...

– Шъузэзэгъыгъэмэ, джа къызэрэосӀуагъэу шӀы.

– Хъун, тят. Сыдэу щыта татэ?

– Тыгъосчэщ елъытыгъэмэ, нычэпэ пскагъэп, тынчыгъэ. СшӀагъэп кӀалэ!.. СшӀагъэмэ, губгъом озгъэщэщтыгъэп. Орзащэмэ адакӀу зеӀом, сыкӀуи сыкъэплъагъ, бжыхьасэмэ язытет фэсӀотагъ, губгъом илъ осым щызгъэгъозагъ. Ар имыкъоу машинэкӀэ зыдиуигъэщыгъ. Джащ чъыӀэ къыщыхэхьагъ.

– Къыхэхьан адэ, машинэм сшӀуикӀыгъэу бжыхьасэмэ яплъынэу осыр Ӏэ пцӀанэкӀэ сшӀуитхъущтыгъэмэ... Ар

езгъэшӀагъэп, осыр фэстхъугъ шъхьакӀэ, нэмыкӀ сшӀуишӀагъ.

– Къоджэбэрдыкъо Мыхьамэт иорэд къыӀуагъа?

– Ащ изакъоп, Буденнэм имарш къыӀуагъ, къыздаӀу, ыӀуи, къыдэсымыӀоу къысшӀокӀыгъэп. ЕтӀани Ӏофыр, иджэдыгубгъэ зэрыгъэзыгъэу ыкъуапэхэр рилъэсэкӀэу тыгъэжь чъыӀэм пэӀутыгъ…

– Олъэгъуа, джар сшӀуиушъэфыгъ сэ, машинэм къимыкӀыгъэу къысиӀуагъ. Непэ докторыр къыфэщагъэу джыри егъэплъыгъэн фае. Пскэжьрэп тӀоу тыбэлэрэгъыжьы хъущтэп, ынатӀэ мэплъы, ижь къэщакӀи сыгу рихьрэп.

– Къалэм семыжьэзэ, Сурэ къэсщэн!..– Биназ Лимэ ыгу къэкӀыгъ, нэшхо-нэшхоу Мерэми ынэгу къыкӀэуцуагъ.

– Шэныбэмэ япхъу къысфашъущ еӀо…

– Олахьэ сымышӀэ, тят… Сурэ фэдэ врач Ӏазэ зыкӀыфэмыер сшӀэрэп… Фаемэ Къанхьаблэ райбольницэм иврач шъхьаӀэ синэӀуасэшъ, къыфэсщэн.

– Докторыр къысфэшъущэщтмэ, Шэныбэмэ япхъу нэмыкӀ сыфаеп еӀо,– Шумафэ джыри къыкӀиӀотыкӀыжьыгъ,– тятэ ыгу хэзгъэкӀы сшӀоигъоп…

– Ащтэу татэ еӀомэ, ари фэтшӀэн…

– Модэ, кӀалэ, уздэкӀонэу зыфэпӀуагъэм кӀо. Сэ ар зыгорэущтэу зэпызгъэфэн.

ЗыдэкӀонэу зыфиӀуагъэр Биназ къехьылъэкӀэу хъугъэ. КӀэгъожьыгъэу арэп, ятэ зэпигъэфэнэу зыфиӀуагъэр зэрэхъущтыр ымышӀэу, шхэфэкӀэ, машинэр гаражым къычӀегъэчъыфэ, етӀысхьафэ, ыгъэпагъ. Урамым зытехьэм къышӀудэмыоежьын ылъэкӀыгъэп. Лимэ сыд пае ЧэташӀэхэр ыгъэпыиных, уишӀу, уипый фэӀуагъэп, уемылъэӀуми, сымаджэм дэжь врачыр къэкӀонэу къытефэ. Ау непэ тхьаумэфэ маф, сыд ыӀони ятэ Сафят ипчъэӀупэ Ӏухьащт? Зулкъадэ рыригъэӀонэу ыгу къэкӀыгъ. Сымаджэм лъымыплъэщтмэ, сыд пае врачэу рагъэджагъ.

Ӏофыр зытетым Зулкъадэ зыщегъэгъуазэм щхыпцӀыгъэ нахь, зи къыпилъхьагъэп. Зэрэтхьаумафэр ашӀэзэ, больницэм Ӏухьагъэх, замыгъотым, ядэжь ежьагъэх.

Шэныбэмэ яхьаблэ зэрыс машинэр пэчыжьагъэми, блэкӀыщтыгъэ цӀыф зэе-тӀуаемэ ыгу илъыр къашӀэ шӀошыти, укӀытэщтыгъэ. Гуфаплъэу къызэримыгъэплъынхэм фэшӀ, зиуфэти, руль чӀэгъым чӀэӀабэу, зыгорэм еӀэйлъэй фэдэу зишӀыщтыгъ. Зулкъадэ машинэм зикӀыгъэм бэ темышӀагъэми, икъэтыкӀэ егъапэ.

Зулкъадэ къэбарэу къыхьыгъэр къыӀонба ыӀозэ, Биназ машинэр урамыбгъум къыӀуифыжьи, хьэблэ заулэ къызэранэкӀыгъ, чылэ гъунэми къыӀухьагъэх. Биназ фэщыӀагъэп:

– Адэ зи къапӀорэпи?

– Боу къыосӀон, Лимэ шъуадэжь кӀуагъэу Ибрахьимэ кӀэрыскӀэ сэгугъэ.

– Сыдэу зыкъыпфишӀыгъ Лимэ? – Биназ фэмыщыӀэу Зулкъадэ игущыӀэ къызэпиутыгъ.

– ИшъыпкъапӀэ къыосӀопэн: уигугъу ышӀыгъэп, къыпкӀэупчӀагъэп. Ибрахьимэ сымадж зысэӀом, джыдэд ыӀуи ихьажьыгъ.

– Тхьэегъэпсэу Лимэ…

Биназ зэгупшысэщтыгъэр Лимэ ыцӀэ ятэжъ къызэрэриӀуагъэр ары. Зы лъэныкъокӀи игопагъ, адырабгъукӀи къыригъэкӀущтыгъэп. Шъыпкъэр пӀон зыхъукӀэ ащ хэлъ щыӀэп: врачыр сыдигъокӀи врачэу къэнэ, сымаджэм ыгу къыӀэтыныр ежь зэритыжьыгъэ гущыӀ. Ау етӀани ЧэташӀэмэ адэжь Лимэ зихьэкӀэ зыгорэ цӀыфмэ амыӀон алъэкӀыщтэп. ЦӀыфмэ къахэхьащт Ӏом Биназ пылъыжьыгъэп. ЛимэкӀэ ятэжъ къызкӀэлъэӀуагъэр ары къыгурымыӀощтыгъэр.

– Шъыпкъэр пӀощтмэ, Биназ,– Зулкъадэ къыӀуагъ,– Лимэ сыгу егъугъ… ТхьамыкӀагъоба уятэ насыпынчъэ уехъулӀэныр!.. Хьау, хьау, къызэрэмыщагъэм игугъу сшӀырэп. Пшъашъэм зы псэлъыхъоп иӀэр зыфаӀорэм шъыпкъэ хэлъ, Лимэ инасып зыхэлъри къыфыкъокӀыщт. ЕгъашӀэм уятэу узкъогушхукӀыщтыгъэр ащ фэдэу къычӀэкӀыжьыныр насыпынчъагъ. Лимэ ычӀыпӀэ ситыгъэмэ, «топ» Ӏоу сызэгоутыныгъи. КъыбгурэӀуа, сятэ Къасымэ заом хэмыкӀодагъэу Тыркуем ис къысарэӀуи, ащ фэдэ къэбар зэхэсымыхыным фэшӀ, лӀэныгъэр апэу къэсштэн!..

– ЛӀэныгъэр къэсэштэ пӀоу пшъашъэм зэхемыгъэх. Армырми, ышъхьэ зыдихьыжьыщтыр ышӀэрэп. Ау уеушъыинри Лимэ ищыкӀагъэп. КӀуачӀэ зыхигъотэжьэу, ежь-ежьырэу икъин ыщэчмэ нахьышӀу.

– Хьау, Биназ,– тутыныр Зулкъадэ псынкӏэу къышти, хигъэнагъ,– сшъхьэ фэсэӏожьы нахь, ар Лимэ фысихьысапэп. Кӏуачӏэ зэзгъотылӏэжьын пшъашъэу Лимэ сыхэплъэ. Гъэрекӏо бжыхьэ елъытыгъэмэ, мыгъэ хэпшӏыкӏэу зыкъиштӏэжьыгъ, ынэкӏушъхьэмэ лъы къячъэжьыгъ. Етӏани, сшӏогъэшӏэгъоныр ошӏа, Биназ, Шэныбэ Сэбэхь иписьмэ тхын зэрэмыуцурэр ары. Шъузым шӏулъэгъу кӏэшӏыхьажь фишӏыжьыгъэшъ, мазэм тӏо-щэ къыфэтхэ.

– Сыд ишӏулъэгъу ащ, дунаир нэмыкӏ хъугъэу шӏошӏышъ, къэтхэ, сыкъэкӏожьыщт еӏо.

– Дунаир нэмыкӏ хъугъэмэ, тятэхэр нэмыкӏ хъугъэха? Аущтэу къызшӏошӏырэр хэукъо, зэрэщымытэу зышӏошӏыжьы. Ар сэӏо шъхьакӏэ, плъэгъурэба, хэгъэгум ӏизын аретышъ, къегъэкӏожьых.

– Хэгъэгум къегъэкӏожьы гужъ афыриӏэпышъ,– тӏэкӏу тешӏагъэу Биназ къыӏуагъ.

– Ар дэдэу ӏофыр щытэпщтын. Хэгъэгум гушъэбэныгъэ къызхегъафэми, зилӏ заом хэкӏодэгъэ шъузабэмэ Шэныбэм фэдэхэмкӏэ гушъэбэныгъэ къахэфэнкӏэ сыгугъэрэп, ахэмэ язакъоп, заом псаоу къелыжьыгъэхэри ары. Тятэ къыпфидэщта? Олахьэ къыпфимыдэн!..

– Сыд ышӏэн ылъэкӏыщт?

– Шъушӏэрэр тэрэзэп ыӏощт. Москва тхэщт, иӏо къырамыгъэкӏэу, Шэныбэр къагъэкӏожьмэ еуцолӏэнышъ, дишӏэрэр зэкӏэ риӏощт.

– Ышӏэгъэ шъыпкъэр пшӏэмэ… Сыд шъуӏуа Шэныбэм ышӏагъэр?

– Сыда зыкӏэмышӏэрэр, боу ошӏэ.

– Олахьэ хэшӏыкӏ фысимыӏ.

– ӏофышӏукӏэ Тыркуем зэримысыгъэр пшӏэрэба?

– Сэшӏэ.

– Ошӏэмэ, ышӏагъэм узфыкӏэупчӏэрэр сыда?.. Цӏыф екӏодылӏагъэмэ къызэрамыгъэкӏощтыр нафэ, ежьри делэкӏэ огугъа сыжъугъэкӏожь ыӏонэу!..

– Зымафэ Советым сычӏэхьэгъагъэти, хэт ышъхьэ ригъэзылӏэжьынэу иӏ аӏуи, Шэныбэм къыкӏэупчӏэгъагъэхэу ыӏуагъ Ордэным.

– Ащыгъум къэкӏожьыщт зэраӏорэр шъыпкъэ, хьаулыеу мэцӏацӏэшъ, тятэ унэм ис…– Болэт Зулкъадэ тутыныр къыштагъ.



– Хъугъэ шъыу, Зулкъад, мы узэшъогъэ купыр,– Биназ шъэогъум игумышӏуныгъэ къыгурыӏоу феплъэкӏыгъ,– ӏугъом тыребгъэгъэлӏыхьагъ. Тутыныр зыӏумыхэу СССР-м спортымкӏэ мастер узэрэхъугъэри, шъэожъыехэр самбэм зэрэрыбгъасэри сшӏэрэп.

– А лъэхъаным тутын сешъощтыгъэп.

– Дэгъоу бгъэпцӏэнхэ олъэкӏы.

– Гъэпцӏэ ӏоф щыӏэп. Тутын сызэрешъори ашӏэ, ежьхэмэ зэрафэсымыдэщтри ашӏэ,– тутыныр химыгъанэу заулэрэ щысыгъэу къыӏуагъ.– Олахьэ гъэшӏэгъонэу дунаир гъэпсыгъэм, фалэ уеджагъэкӏи къыбгурыӏощтэп…

– Сыд сэӏо, ащ фэдизэу къыбгурымыӏорэр?

– Бэ къызгурымыӏорэр… Адэ еплъба джы хъурэм, Чэтэшӏэ Ибрахьимэ фэдэр зыдэс чылэм Шэныбэ Сэбэхь къыдэбгъэхьажьы хъуна!.. Етӏани сызэгупшысэрэр ошӏа, Биназ? Дунаир гъэшӏэгъонэу зэрэгъэпсыгъэр гупшысэр ары сэзгъаӏорэр. Еплъ о, Шэныбэм тырэгущыӏэ, модыкӏэ ыпхъу Лимэ кӏуагъэу чылэм анахь лӏыжъ лъапӏэу дэсым еӏазэ…

– Хэгъэгум ыгу къэушъэбыгъ оӏошъ, етӏани оцӏацӏэба,– Биназ щхыпцӏыгъэ.– Адэ джары загъорэ тӏощтри тшӏэщтри тэзымыгъашӏэрэр…

– Сырыразэп Шэныбэр къызэрагъэкӏожьыщтым. Ащкӏэ тятэ зи мыхъун ыӏорэп, сыд ыӏуагъэми сыготыщт. Е зиунагъо бэгъон, езгъэджэрэ шъэожъыехэу, пшъэшъэжъыехэу хэгъэгум фэсплъхэрэм сыд икъэкӏожьыкӏэр аӏоу къысэупчӏхэмэ, сыд джэуап, сынэ исымыкӏыжьыщтмэ, яcӏожьыщт!..

Шъэогъум игущыӏэ ӏэтыгъэмэ Биназ зи ариӏолӏэжьыгъэп. Сыд пӏона, шъыпкъэр шъыпкъэу къэнэ, уанахь лъэшкӏи зи епшӏэн плъэкӏыщтэп, чӏэуухъумагъэми зэгорэм къычӏэужьыщт. Ау етӏани шъыпкъэм урыукӏытэу загъорэ къыхэкӏы. Джащ фэдэ хъугъэ-шӏэгъэ шъыпкъэмэ ащыщ зыдахьыщтыр амышӏэу Биназрэ Зулкъадрэ зэрыгущыӏэщтыгъэхэр. Ащ зыгорэ рапэсынэу, яшӏошӏ раӏуалӏэ нахь, амал фэхъунхэм яӏоф тетэп.

Краснодар благъэу къэлъэгъуагъэми, Биназ ынэгу къыпэӏухьэщтыгъэп. Лимэ ядэжь кӏуагъэу ятэжъ зэреӏазэщтыгъэм, янэ ышӏэщтыр ымышӏэу унэр къызэрэричъыхьакӏырэм, ятэ игумэкӏ къызхимыгъэщэу сымаджэм-

рэ врачымрэ зэрашъхьащытым егупшысэ. Джэуап джыри зыфимыгъотырэр ятэжъ Лимэ къызэрэкӀэлъэӀугъэр ары. Ежьри псынкӀае ехъулӀи, нэфмышъэу врачыр фаригъэгъэкӀуагъ. Сыда шъуӀуа татэ ыгу къэкӀыгъэр, Биназ ыӀуагъ. Сыд ыгу къэкӀыгъэми, ащ къэгъазэ иӀэжьэп. Къызэрэсымыщэщтыр ышӀэ пэтзэ, сыда къаигъэ зыфишӀын фаер. Мыхъу зыщыхъужьрэм, нэмыцмэ ялъэхъан Шэныбэм тятэжъ фитхыгъагъэм сыпылъыжьэп. Ащ нахьрэ дагъо имыӀэу адырэ чылэ лӀымэ афэдэу къыгъэзэжьыгъэмэ, сыгу сытеӀункӀэжьыныекӀи мэхъу. Аущтэу сэӀо шъхьакӀэ, ащи рыкӀощтыгъэр къэшӀэгъуае, ау сынэ къаплъэу къумалыр шӀупщы сфэшӀыщтэп!..

ЧъыӀэ узым пӀэм хиубытагъэу мэфэ заулэ хъугъэ Ибрахьимэ зыщылъыр. ЧэташӀэмэ яӀоф хэмылъэу Лимэ ежь-ежьырэу Сури къыщагъ, ригъэплъыгъ. Больницэм чӀагъэгъолъхьанэу раӀуагъ шъхьакӀэ, силӀэжьыгъо хъугъэу сыд больница ыӀуи, къафешӀугъэп.

– А сищащ, сыбгъэхъужьы пшӀоигъомэ,– Ибрахьимэ ыӀэ къыщэий, Лимэ ыӀэ къынэсыгъ,– уц къысфитхыкӀ, загъори къысфыкъокӀызэ шъы. ПӀэм сыхэгъолъхьагъ пае сиӀоф дунаим щысыухыгъэу слъытэрэп. Сэ джыри хъяр зытӀущмэ сахэплъэжьынэу къыспыщылъ. АдыкӀэ етӀанэ зыгорэу хъун.

– Ухъужьыщт, Ибрахьим, ухъужьыщт,– Лими лӀыжъым ыӀэхъомбэ гъугъэхэр, афэсакъэу ыфызыгъэх.– Угу умыгъэкӀоды, ухъужьыщт.

– Тхьэуегъэпсэу, сищащ. Уицыхьэ къыстегъэлъ, сыгу кӀодыхэрэп. ЗыгорэкӀэ симэфэ пчъагъэ къэсыгъэу щытми, сидунай сырыраз... О зэрыпӀо закӀэу, узэрэфаеу дунаим щыхъурэпышъ, сищащ, къыбдэмыхъурэмкӀэ угу умыгъэкӀоды, зы мэфэ закъоп ар зэрэзэхэлъыр, мин пчъагъэкӀэ зэшъхьащэкӀы. Ар пӀоу непэ пшӀэщтыр неущ умыхьыжьы. Цӏыфым игъашӀэ зыуи арэп – сырнычыпэ пылыбжьыкӀыгъэм фэд. Ау а сырныч такъырым цӀыф мин пчъагъэмэ ящыӀэныгъэ ыгъэблэн ылъэкӀыщт. Сыоплъышъ, цӀыфым фэшӀушӀэнэу, сэнэхьат дахэ уиӀ, хэгъэгум уипӀугъ, уригъэджагъ, идэхэ Ӏуагъэ къыпхилъхьагъ, узэрэукӀытэн, къызэрэпщыукӀытэн пкъолъэп, пшъхьэ Ӏэтыгъэу фапшӀэрэр пшӀомакӀэу фашӀ... Тэ хъугъа сэӀо мы кӀалэр, докторыр къысфакӀо къэсми зигъэбылъыжьэу!.. Биназ Ӏо мыдэ!..

– Исэп ар, тят,– Шумафэ къыӀуагъ.

– Тэ кӀуагъа имысэу?

– Уцыхьэ сӀофытагъэ.

– Ара, ис сшӀошыгъи сэ...– Ибрахьимэ ежь-ежьырэу зэриӀожьыгъэ, Лимэ къэтэджыжьэу зелъэгъум, етӀани къыпидзэжьыгъ.– Адэ джары, сищащ, Ӏофхэр зэрэхъухэрэр... Лъэшэу сыпфэраз, сищащ. ПӀэ къысэкӀугъ, сыгу къэпӀэтыгъ.

– Уколым удэмышъхьах, тат, джыри нэмыкӀ уц къыпхилъхьанэу Мерэм есӀуагъ.

– Тхьэуегъэпсэу, сищащ. Ащи ишӀуагъэ къысэкӀы.

Лимэ унэм зекӀыжьым, гуӀэзэ Биби лъикӀыгъ.

– А Лим, а нынэ,– Бибэ къэлапчъэм нэс лъыкӀотагъ,– пщым сылъэхахьэрэпышъ, сыкъыбдэгущыӀэнэу хъурэп. Сыдэу шъущыта? БэшӀагъэ Сафят зысымылъэгъугъэр, узынчъэба?

– ТыщыӀ, Биб,– зи азыфагу къыдэмыхъухьэгъахэ пӀонэу Лимэ къылъикӀыгъэ ныом Ӏугушӏуагъ – мами, джа зэрэпшӀэу, непэрэзымафэм ышӀэн ыгъотэу, унэм ис. О сыдэу ущыта, Биб?

– Тэри тэпӀэтӀэрао, непэ тлъакъо тытетмэ, неущ тэгъолъы. Тыдэ къыпхыжьыщт джы узынчъагъэр... Тхьауегъэпсэу, нынэ, угу къытэмыбгъэу укъызэрэтхахьэрэмкӀэ... Адэ мыгъо сыдэу пшӀын, тэ тызэрэфаеу Ӏофыр хъугъэп. ТицӀыкӀуи, тиини, боу утикӀас, нынэ, боу утилъапӀ... Алахь зизакъом заор зэпэтырыкӀо ешӀ!.. Джары зэкӀэри къызхэкӀыгъэр, тигъэунэхъугъ, илъэсхэр тешӀэжьыгъэхэми тисабыймэ къахэӀуӀэ...

Лимэ ыӀощтыр ымышӀэу Бибэ къеплъыгъ, етӀанэ щымытыжьышъоу, ЧэташӀэмэ япчэгъу шъхьапэхэр чэрэгъухэу къыщыхъугъ. Аущытми, кӀуачӀэ къызфигъотыжьэу, къыгъази къыӀукӀыжьыгъ. Гъогоу зытетыр Лимэ ымылъэгъоу чэу пакӀэм нэс къэкӀуагъ, инасыпти чэпэзэхэогъоу цӀыф къыӀукӀагъэп. Нэпсэу къышӀуечъагъэмэ яӀэмэ къалъэгъункӀэ щынэу, нэкӀушъхьэм къытелъадэрэр гопэгъуплъырыгъом тыригъэгъушъыкӀэу ядэжь къэсыжьыгъ.

– А синынэгущ, сыда къыохъулӀагъэр!? – Лимэ ынэгушъхьэмэ ателъэкӀыхьагъэми, зэрэгъыгъэр къыдишӀэу

Сафят къэупчIагъ.– Алахь зизакъом ЧэташIэмэ бэлахь къатырегъаф, джыри ахэмэ адэжь уащэгъагъэкIэ сенэгуе!.. Сыдэу мыхэр унэгъо мыгъохэу тапэкIэ къикIхи!.. Сэри сыщагъаIэрэп, сипшъэшъэжъыий щагъэIэжьрэп!.. СыкIони, «о-уи-и» сIони, машIор акIэсыдзэщт, зэ орэуцужьхэба, ялIыжъ хьакъ-сакъи дунаир ерэбгынэжьба!.. Сячъэщт джыдэдэм!..– Сафят шъхьатехъор къыпхъотагъ.

– Мам!..– Лимэ икуо макъэ янэ къыгъащти, шкаф хьакъу-шыкъухэр зэригъэутэкIыгъэх, етIанэ нахь мэкъэ шъабэкIэ: – ЧэташIэмэ ауж зэ икI...

ЧэташIэмэ якъэлэпчъэжъые Лимэ къыIукIыжьыгъэ къодыеу, Биби ихьажьыгъо имыфэу, хэтэ зэхэкIкIэ Мерэм къакIуи, щагум къыдэхьагъ, пчъэIушъхьэм дэкIоежьыгъэ Бибэм еджагъ:

– А Биб, адэ сыкъэплъэгъурэба?..

– Ы-ы, ора, Мерэм? – къылъыджагъэм ымакъэ Бибэ къышIэжьыгъ.– КъакIо, Мерэм, къакIо. Моу джыдэдэм Шэныбэмэ япшъэшъэжъыий IукIыжьыгъ. Чэу къуапэм нэсыжьыгъэми ары.

Лимэ ыцIэ къызэрэраIуагъэр Мерэм ыгу римыхьыгъэми, къызхигъэщыгъэп. Сыдэу бэрэ ЧэташIэмэ адэжь къакIо хъугъа сэIо мыр, гукIэ ыIуи, зэрэзэIумыкIагъэхэр шIоигъуаджэу зишIыгъ:

– Ара, Лимэ щыIагъа?.. Сыдэу тызэтемыфи...

– УкъепэсэкIогъагъэмэ, шъузэIукIэщтыгъ. ЗыгорэкIэ уеупчIыжьы пшIоигъуагъа?

– Хьау,– Мерэм ынэ хъураехэр пчыхьапэм къыхэщыгъэх нахь, раIуагъэр игуап-имыгуапэми къакIэщыгъэп.– Лимэ ишIэн ешIэ, сэри сишIэн сэшIэ, кIо джау тызэрэзэтемыфагъэр ары сэзгъаIорэр. Сыдэу щыта Ибрахьимэ?

– Тхьам ишыкуркIэ, типщ уезэгъыщт... НекIо, Мерэм, къеблагъ. Хаплъхьэрэ уцмэ яшIуагъэ къекIэу еIо. Непэ шхагъэ. Мыщ ыпэкIэ тфэшхэжьыщтыгъэпти, тыгу ыгъэкIодыгъагъ,– къэлэпчъэжъые макъэ къэIугъэти плъагъэ, ыкъуи къыдэхьажьэу ылъэгъугъ...– Муары кIалэри къэкIожьы, уцыхьэ щыIагъ.

Щагум Биназ къыдэхьажьэу Мерэм зелъэгъум, ыгу зыгорэу къэхъугъ, ынэкIушъхьэмэ фэбэ-фабэу лъыр къызэрячъэрэр зэхишIагъ. Бибэ щыт-щымытми зыщыгъупшэжьэу Мерэм апэ Биназ сэлам рихыгъ:

– Уипчыхьэ шIу, Биназ.

– Мерэма ар?..– Биназ сэлам къызехыжь уж къэупчIагъ: – Сыда мыщ шъузфытетыр?.. Унэм урагъахьэрэба, Мерэм?

– Ащ фэдэ Iоф щыIэп, Биназ...– Мерэм къызеIом, кIалэм зэрэIугушIорэр Бибэ къыгурыIуагъ, шъхьащыкIэу ымакъэ къызэрэхэщыщтыгъэр нэфагъэ.

– Мерэм уапэ итэу щагум къыдэхьагъ. НекIо, Мерэм. Типщи къыожэ, дунаири чъыIэ. Адэ кIымэфэ мыухыжь къытфэкIуагъэшъ...– бзылъфыгъитIум паIо зыщыгъыр апэ рагъэшъи, ыуж лъихьажьыгъэх.

## XXVI

Фабэм иджэнабгъэ къымытIатэщтыгъэми, гъэтхамэм шъхьэр къегъэуназэ. ТыдэкIи: губгъомкIи, мэзымкIи, чылэ гъунэмкIи, шхъонтIэгъэкIэ шъэфым игухэлъ нафэ – гъэтхэпэ тыгъэм къэкIрэ пстэури къызэлъефы. ЧIылъэм зыщызыIэтыкIрэ ошъогум, мафэрэ фэмыдэу, джы бзыухэр иолъагъох. Щагум къыдатIупщыхьэгъэ былымхэм амакъэхэри нахьыбэ мэхъух. ЧIыгу шынагъэми пэхъэ фабэ къышъхьащехы.

Мафэ къэс колхоз Iофэу мыуцущтыгъэхэр къызэкIэблэх. Гъатхэм фагъэцэкIэжьрэ тракторхэм яэзкIэгъэнэ макъэ колхоз щагумкIэ къыщэIу, гъукIэм итео макъи ошъо чIэгъым къычIэтаджэ. Тыгъэопlэ-фэбапIэхэм цIыфхэри нахь къащызэрэугъоих.

МэфэкIо Рэщыдэ иджэдыгубгъэ зэрыгъэзыгъэу колхоз щагум къыдахьэу залъэгъум, тыгъэнапэм щызэхэтыгъэ механизаторхэр зэбгырыкIыжьыгъэх, чэт Iусыпхъэр зыхьаджрэ шъхьалми ымакъэ къэIугъ. Сыджым шъхьащыт гъукIэр ары зитео макъэ езымыгъэхъуштыгъэри, щызымыгъакIэщтыгъэри. Мэджэсым ику натрыф зэтегъэпхъыгъэ чэт Iусыр ретакъо.

ЗэбгырыкIыжьыгъэ механизатор нэбгырэ заулэмэ агу ебгъэу, ахэр зыдэщытыгъэ тыгъэнапэм дэжь Рэщыдэ уцугъэ. Зигъэчэрэгъу-зыкъигъэчэрэгъужьи, тутыныр къыштэзэ, Ахъмэт еджагъ:

– Мы зэхэтыгъэ купыр сэра сэlо зыщыукlытэрэр?

– Іофшlэгъу мафэу сыд пае зэхэтыных…

– Чэташlэр непэ пlэкlэлъэгъогъэна? – Іофынчъэу зыкъыримыгъэлъэгъу шlоигъоу джыри Рэщыдэ къэупчlагъ, джэуапым емыжэу етlани пигъэхъожьыгъ: – Мэфитlу хъугъэшъ зыдхэтри сшlэрэп.

– Чэташlэр пlуагъа?..– Ахъмэт мыгузажъоу кушъхьэм къехи, тхьаматэм къыкlэрыхьагъ, джыбэм иlэбэжьи, тутыныр къырихыгъ.– Непэ тlо Чэташlэр слъэгъугъэ. Пчэдыжь механизатормэ ахэтыгъ, джыдэдэм чэтахъомэ адэжь кlозэ, сыкъебгъукlуагъ.

Тыгъуаси, непи Мэфаклор Іумыкlагъэу щытэп Чэташlэм. Пчэдыжьи колхоз правлением щызэlукlагъэх. Агукlэ зэфэмышlухэми, къызхамыгъэщэу зэlущхыпцlэгъагъэх. Сыуищыкlагъэмэ сыкъэбгъотын зэраlорэм фэдэу, зэпэзырызэу хэти икабинет чlэхьэжьыгъагъэх. Олъэгъуа, еlо Рэщыдэ, сэ щагум сыкъыдэмыхьэзэ, ежь къэсыгъ, ар имыкъоу чэтахъомэ адэжьи кlуагъэ. Загъорэ Хьамырзэм сыфэгубжы шъхьакlэ, ыlорэм шъыпкъэ хэлъ, тхьамэтэгъум къеошъ, цlыфышlукlэ, Іофшlэкlо дэгъукlэ хэти зырегъэлъэгъу. Джащ фэдэ гухэлъ район гъогури Іуезгъэубыкlыгъэр. Сишlэ хэмылъэу зыми умыкlу есlогъагъ, Чэташlэхэр къыодэlунха, зыфаер ашlэу есагъэх. Теплъыни Нэгъумыр тетыгъэмэ, узэрэкlуагъэм фэдэу лъаеу укъифыжьыщтыгъ. Таймэз горэ техьагъэу къышъуlущхыпцlагъэшъ, къыдэшъочъыхьэ. Куцэр теуцогъу-теуцогъу, шъушlэнэп ащи неущ къехъулlэщтыр. Партийнэ Іэнатlэм зыдебгъэхьыхы хъущтэп, утетмэ – улl, утемытыжьмэ – кущэрэхъ кlэгъэчъыгъ. Зыми укъыридзэжьыщтэп, ары паклошъ, сэлами къыуахыжьыщтэп. Джа дэдэр Нэгъум Чэмали къехъулlагъ, ылэнтэгъу ецэкъэжьы, нэсыжьрэп.

– Хьау, ищыкlагъэп,– ыlуагъ Мэфаклом, етlани гущыlэ дыс пимыгъэхъожьын ылъэкlыгъэп.– Зэгорэм ари чэтахъомэ ахэрэхь, ядауи ерэдэlу, ящыкlагъэри аферэшl… Тэ зэкlэри пшъэдэкlыжькlэ тауж ит.

– Олахьэ сымышlэ, мафэ къэс чэтахъомэ ахэмыхьэу Чэташlэр хъурэп, ар зыкlаплорэр сшlэрэп нахь…– зэхихыгъэр зэримыгуапэр Ахъмэт къыlуи, тутыныр хигъэнагъ.– Былымэхъо фермэм техьагъэу тэ ар къытэбгъукlуагъэп.

– Нагляднэ агитациер къаригъэщагъа?

– Ар бэшlагъэ къызаригъэщагъэр.

– Хэшъутlагъэха?

– Сыдэущтэу чlыгу щтыгъэм хэптlэщтых? Непэ комсомольцэ куп къэкlуагъэу хатlэ,– ащ нахьрэ тхьаматэм дэжь щытыжьынэу Ахъмэт фэягъэп. Сыдэущтэу зишlыра сэlо мыщ. Угу мышlу пае кlалэм имыхьакъ теозгъэлъхьана,– мыгузэжъуахэу Іукlыжьи, кушъхьэм тетlысхьажьыгъ.– Неклo, дахэх, тэри тиlоф ыуж тихьажьын,– ишмэ арилуагъ.

Шъхьэр пlыеу изакъоу щымытыным фэшl Рэщыдэ адыкlэ Іудзыгъэ комбайнэмэ ахэхьагъ. Къыплъыхьэ фэдэу ышlи, къахэкlыжьыгъ. Машинэу къылъыклощтым паплъэу джыри заулэрэ щытыгъ. Шъхьэм Чэтэшlэ Биназ икlыщтыгъэп. Хьамырзэм изакъоп, плъэдакъэ къепкlэ, фэсакъ, унэ кlэмыгъаплъ Дударыкъо Темыркъани къысиlогъагъ. Сыдэу дэгъугъа мыщ Шэныбэм ыпхъу къыщэгъагъэмэ, зэ пызыгъоклэ Таймэзыр пызыщтыгъэ, къумалым ыпхъу къэпщагъэу ашlэмэ, мохэмэ хэгъэгур къаухъумэ аlомэ ашъхьэ къаухъумэжьызэ, зыкъыпщадзыещт. Зэ уакъызlэпызыкlэ, уихьадэ илъми, къыплъыlэбэжьыщтхэп. Темыркъан цlыф Іушыжь, къыуиlони, уиакъыл къыхьынэу щытмэ, уригъэгупшысэщт. Къысlукlэ къэсми, Шэныбэхэмрэ Чэташlэхэмрэ ягугъу къызыкlысфишlыщтыгъэр джы къызгурыlуагъ. Іофы зегъэшlыгъэмэ, мыщ зыгорэ къикlыщт. Чэташlэр сапэ исыдзмэ, джыри нэмыкl къыкъокlыфэ, илъэс заулэкlэ ситхьамэтагъо тlэсхъапlэ иlэщтэп. Ащ нэс Таймэзри, щэкlэ гъэпскlыгъа мыр, къызкъотыубытэн. Ар мыхъумэ, тырагъэукlорэикlыгъэу къэтлъэгъужьынкlи пшlэхэнэп. Джа зыр къэслъэгъужьынэу сшlагъэмэ, а мэфэ дэдэм ситхьамэтагъо ястыжьыни сыкъызlуащыгъэ еджапlэм сыклoжьыщтыгъэ, ари завуч къодыеп, директорэу ары. Удзэылэтэещтри, укъезыдзыхыжьыщтыри зы нэбгыр. Сэрмэ ар зымышlэрэр зыгорэм фэд. Іоф зыдэпшlэнкlэ, укъызэхишlыкlынкlэ, уимыlэр егбъотылlэнкlэ Нэгъум Чэмал ары лlы дэгъугъэр!… Къыбдэтlысынти къыбдешъощтыгъ, сэмэркъэуи къыбдишlыщтыгъ, джащ фэдэуи ла-

жьэ, пщъэ къыралъхьэгъэ ӀэнатӀэр гъэцакӀэ къыуиӀощтыгъэ. Мыдрэр сшӀэрэп зицӀыф лӀэужыгъор, нахьыбэрэ Ӏоф пшӀэми, макӀэ еӀо. Нэгъумым илъэхъан зытетыгъэм фэдэп гъэрекӀорэ тиколхоз иӀофхэр. Гъунэгъу чылэу къытегъэтӀысэкӀыгъэмэ сыдрэ ӀофкӀи апэ тит, етӀани шъуиӀофхэр къэшъогъэланлэ еӀо. Ар зэкӀэ зыпкъ къикӀрэр Чэташӏэр ары. ӀофшӀакӀоу, зэӀукӀэмэ къащыгущыӀэу зыкъырегъэлъэгъушъ, тызэпырегъэтхъы...

– Сыда сэӀо МэфакӀом шӀокӀодыгъэр? – Механизатормэ ащыщ горэ Былымгъот Мурат къеупчӀыгъ.

– Уцу, шъыу, тыкъызэхебгъэхыщт.

– Тыкъызэхихмэ гъэшӀэгъона, лъэшэу сыщэщынэ!..

– Комбайнэмэ къадырекӀокӀзэ, еплъ тадэжь къызӀумыхьэкӀэ,– Мурат щхыпцӀзэ, аӀорэр тхьаматэм зэхыримыгъэхыным пае иуатэ нахь тырыгъэуагъ, кӀыщымкӀэ гъукӀэри къыщпэджэжьыгъ,– пшӀэрэба МэфакӀом ишэн?

– СшӀэнэуи сыфаеп. ЦӀыфыр зыфэдэр зэбгъашӀэ пшӀоигъомэ, ӀэнатӀэ ет,– адрэ тракторыбгъум щыт механизаторыри къахэгущыӀагъ.– ЕджапӀэм кӀэлэегъаджэу зыӀотым МэфакӀор кӀэлэ шӀагъощтыгъ. ЦӀыфхэми тхьаматэкӀэ джары ыцӀэ къызкӀыраӀогъагъэр.

– Нэгъумра, цӀыфхэра ыцӀэ къезыӀуагъэр?

Механизатормэ аӀорэм МэфакӀор пылъыгъэп. Ар зэгупшысэрэр нэмыкӀ. Иджыбэмэ ыӀэхэр арылъхэу комбайнэ зытӀущ хъураеу къыкӀухьагъ. Хьэшъо щэрэхъышхохэм лъакъокӀэ яо фэдэу ышӀыгъ. Механизатормэ зэракӀэрыкӀотыщтым пылъыгъ нахь, къакӀэрыхьан мурад иӀагъэп.

Джыри МэфакӀом Чэташӏэр ыгу къэкӀыгъ. Шъыпкъэна шъуӀуа Хьэсэнэ Мерэм епсэлъыхьоу зыфаӀорэр? Ащ фэдэ еслъэгъуӀагъэп. Сшӏошъ хъурэп шӀу ылъэгъурэ пшъэшъэжъыер щыгъупшэнэу. КъяхъуӀагъэр цӀыфмэ ащагъэгъупшэ шӀоигъошъ, къэбархэр къызкӀэкӀатӀупщы.

– Былымгъотыр! – Рэщыдэ къэджагъ.

Былымгъот Мурат тхьаматэм зыкӀэрэхьэм, ыгупэ къымыгъазэу, МэфакӀор къеупчӀыгъ:

– Мы комбайнэм ыуж сыдигъо шъуихьащт?

– МодыритӀур зэрэтэухэу ары.

– СшӀэрэп ащ нэс гъатхэр къышъожэщтмэ...– Тхьаматэм имашинэ макъэ къэӀугъэти, зэ укъэсыгъэмэ ыӀуи, ащ нахьрэ МэфакӀор щытыжьы шӀоигъуагъэп. КъыукӀыжьыщтыгъ шъхьакӀэ, еджи къызэрищэлӀагъэм пае зэришӀын ышӀэщтыгъэп.– Шъумбэлэрэгъ, сэ райкомыр къысэджэшъ, сынэмысы хъущтэп, сыкъэкӀожьмэ шъуиӀофшӀакӀэ нахь тырыгущыӀэн... Бригадирэу тракторнэ бригадэм узытегъэакӀом, армэу ухъугъэмэ сшӀэрэп, шъуиӀоф кӀэкӀрэп, Чэташӏэм мышӀапхъэ сигъэшӀагъэкӀэ сенэгуе...– МэфакӀом ыӀуи, райкомыр къемыджагъэми, цӀэ зыфигъэӀоу, Былымгъотым къыкӀэрыкӀыжьи, машинэ фыжьышхом исэу, шъхьэр гъэкӀыжьыгъэу щагум дэчъыжьыгъ.

Механизатормэ ащыщ тхьаматэм имашинэ кӀэлъыплъагъэп. Къызыфеджагъэр ымышӀэу Мурати заулэрэ щытыгъ, етӀанэ олахьэ бо шъхьэгъажъом титхьаматэ ыӀуи, къызхащыгъэмэ ахэмыхьажьэу, къеупчӀхэмэ зэрэджэуапынчъэщтым щыукӀытэу, кӀыщымкӀэ кӀуагъэ. Зыгорэ ариӀон ыгъотыныгъи, ау зыдэлажьэхэрэр ыгъапцӀэхэ шӀоигъуагъэп. Тинасыпти, МэфакӀор, губгъо тхышъхьэмкӀэ дэчъырэ машинэм кӀэлъыплъэзэ, Мурат ыӀуагъ, цӀыфмэ агу етыгъэу, зэхэшӀыкӀ яӀэу мэлажьэх нахь, бэшӀагъэ колхозыр зибгъэтӀысхьащтыгъэр. Гъунэгъу колхозмэ танахьышӀуӀу шъхьакӀэ, тфэшӀэнэу къыттенэрэр бэ, илъэс пчъагъэ хъугъэу а зы чӀыпӀэм тэлъэубабэшъ тит. Ар уитхьаматэ гупшысэкӀэщтмэ, илъэс зытӀукӀэ Нэбыкъуаехэр къыткӀэхьанхэшъ, ттекӀыжьыщтых. Сыд илъэс зытӀуа, мыгъэ тапэ имышъхэмэ!.. КӀырыу хэо-хапкӀэ ямыӀэу, гъэ къэс лъэкӀуатэх, чъыг лъапсэр зыпытэкӀэ шъхьапэм зиӀэтыгъошӀу. Тэ лъапсэм темышӀушӀэу шъхьапэм зедгъэдзынэу ыуж тихьагъ, хэгъэгум ичӀыфэкӀэ псы кӀапкӀэкӀэ, къыпымыкӀэщтмэ, хьаулые улэу. Уитрактор мыкӀоу унэкӀу кудэ закӀэкӀэ Ӏоф сшӀагъэ умыӀо.

Тхышъхьэм дэчъи, губгъом зелъадэми, машинэм къикӀыгъэу, ыӀэхэр ыкӀыбкӀэ щагъэхэу бжыхьэсэ шхъуантӀэр къызэпиплъыхьэ зэхъуми, Ӏофышхо зезыфэрэм фэдэу чылэм къызэчъэжьми, Рэщыдэ зэгупшысэщтыгъэр, шъхьэм имыкӀэу къылъызыкӀухьэщтыгъэр Биназ иӀоф. Ар непэ ыгу къэкӀыгъэ Ӏофэп, гъэрекӀокӀ бжыхьэ щегъэжьагъэу мафэ къэс къыфычӀэузэ, Лимэрэ Биназрэ зызэрэзэфашӀыщтым ежэу, хъущтым паплъэу къыхьыгъ. Апэ Рэщыдэ зэрэгугъэщтыгъэу Биназ къычӀэкӀыгъэп. Шэныбэм

икъэбар къызэlум, шlукlи, екlи яlоф хэгущыlагъэп, игугъу ышlэуи цlыф зэхыригъэхыгъэп. Етlанэ lуагъэ зэдызиlэ нэбгыритlум яlоф зэпымыфэн lоф къызхахьэм, гумэкlэу ригъэжьагъ. Мыкl щыублагъэу Дэхапlэ щырымыгущыlэжьхэ зэхъум, къычlэмыщэу ежь хэхьанэу рихъухьагъ. Лимэ зэ-тlо Чэташlэмэ адэжь дахьэу, къыдэкlыжьэу зэралъэгъугъэ къэбарыри чылэм къыхэхьагъ. Хэти ежь зэрэшlоигъоу къэбарыр ыгъэщыщтыгъэ, фаемэ хигъахъощтыгъэ, фаемэ хигъэкlыщтыгъэ. Мэфакlор зыщыхэхьащт уахътэр къэсыгъэу, блитlупщмэ, кlэгъожьынэу къышlошlыщтыгъэ.

Колхозым иагроном шъхьаlэ, Долэтыкъо, уищыкlагъэмэ, икабинет уlумыхь, ядэжь умыкlу, шъофым уимыхь, зыщыгъолъыжьрэ закъом фэшъхьафэу, чылэм дэмыкlыгъэу тыдэ щыlэми тхьаматэм ебгъотылlэщт заlокlэ, ар зэрэшъыпкъэр зышlошъ мыхъухэрэмкlэ мафэ къэс нафэ хъущтыгъэ. Сыд сэlо тхьаматэм дэжь тычlэхьан тымылъэкlэу чlишlыхьэрэр аlоти, цlацlэщтыгъэхэри нахьыб. Еуцуалlэхэу зыраlокlэ, щхыщтыгъэ нахь, ащ пае зышъхьащиlэтыкlын муради иlагъэп. Колхоз агроном шъхьаlэм ыпашъхьэ шъэф щыlэн фаеп ыlоти, сэмэркъэукlэ хэкlыжьыщтыгъэ.

Непи Рэщыдэ итхьамэтэ пхъэнтlэкlу гъэфэбэгъу римыгъафэзэ, къызэрэчlэхьажьыгъэм лъыпытэу лъихьагъэу Хьамырзэр кабинетым дычlэс. Ежь Мэфакlоми имыгуапэу щытэп, аущтэу щымытыгъэмэ, зэрэфэмыер бэшlагъэ къыригъэшlэн зилъэкlыщтыгъэр. Адэ Биназ зычlахьэкlэ тlыс къыриlорэпи, Рэщыдэ телефоным етхъоу, тхылъыпlэмэ ахаплъэу е счет кlэнхэр къызэлъигъачъэхэ зыхъукlэ, уиlоф зэрэчlэмылъыжьыр, умыделэмэ, къыбгурыlощт.

– Сыгу зэрэщытыр сшlэрэп, сыонтэгъу,– Рэщыдэ хьылъэу тэмэпкъыпшъэ зэхэтыр ыкъудыигъ, шъхьэ псыгъо нэгуплъыр ыгъэсысыгъ, ыгъэчэрэгъугъ.

– Ппкъыхэр зэхекlыкlэха?..

– Зэхекlыкlэми сшlэрэп, сыгу шlоп. Механизатормэ сахэхьагъэти, сахэтышъугъэп. Губгъом сихьэмэ ишlуагъэ къысэкlын сшlошlыгъ, нахь хьылъэ сыхъугъэу къэзгъэзэжьыгъ. Тыгъолъыщт шъхьакlэ, тыщагъэлъыщтэп. Усымэджэнба, мы илъэс заулэм тэрэзэу зыдгъэпсэфыгъэп. Хэтэлъхьэ, тэжъо, lутэхыжьы, тищыlэныгъэ зэрэкlори тымышlэу макlо.

Зэхихыгъэр Хьамырзэм шlогъэшlэгъоныгъэми, къызхигъэщыгъэп. О зымыгъэпсэфмэ, ыlуагъ, зызгъэпсэфрэр сшlэрэп. Илъэс къэсми, гъэм ишlугъом, мэл гъэжъагъэрэ коньяк ящикрэ уимашинакlэ илъэу гъэпсэфакlо утэгъакlо, тхьамафэ тешlэ къэсми тыкъыплъэплъэ, уикъэкlожьыгъо къызысрэм, мафэ къэнэжьыгъэу, тыкъыплъэкlошъ, уинэlуаси, уимынэlуаси къыотэкъокlыгъэхэу, лъэкlэкlо-тхьэкlакlомэ анэс тыкъятэу укъэтэщэжьы. Ар имыкъоу уауж къинагъэхэ нэlуасэмэ талъыогъэкlожьы. Цlыфым нахьыбэ фапшlэ къэсми, ынэ къыпэlухьэрэр нахь макl. Тэ зыгорэм тыкlуагъэ пае къыткlэлъыкlони, къыткlэлъыплъэни тиlэп.

– Адэ, Рэщыд, зымышlэрэмэ lаджи къашlошlы шъхьакlэ, утхьамэтэныр, чылагъор бгъэдэlоныр, зепщэныр мыдэ щыlа!.. Мэфэ заулэу курортым къыщыптхъыгъэр къэкlожьыгъо уимыфэу къыпlуатхъыжьы. Гъэрекlу нэмыlэмэ, Таймэзым нэпч тырифи, зыуагъэгъэпсэфыгъэп. Ори делэу укъычlэкlыгъ: тхьамафэ нахь укъэмытэу курортыр къычlэбдзи, укъэкlожьыгъ.

– Сыкъэкlожьыгъ Таймэзыр зыфэдэр сэшlэти.

– Олахьэ, Рэщыд, а мэфэ заулэм Таймэзым сыгу сыригъэlэжьыгъагъэм... Сыдэу цlыф гумэкl, сыдэу цlыф гутей!.. Жьы къэщэгъу къыситыжьыщтыгъэп.

– Адэ джары утхьамэтэныр шlоп зыкlаclорэр. Зыгорэм уигъэщынэ зэпытэу, пшъэ уфагъэу къэпхьын плъэкlына!.. Къыптешхыхьэхэзэ, мышlапхъэ уагъэшlэнкlи, лажьэр пфаштэжьэу, къыпкъоуцожьыщтхэп.

– Ежьмэ зэхашlыхьэрэр тымыlуатэмэ орэгушlох...

Чlыгу гъэбылъыгъэ гектар заулэри, чэмыбгъэкlэ алъытэу ащыхэри, нэмыкl lэпэчlэгъанэхэри Рэщыдэ ыгу къэкlыгъэх. Долэтыкъо феплъэкlи, ужэ пытэу lыгъ риlорэм фэдэу, lущхыпцlагъ, етlанэ джэхэшъогур мэкъэнчъэу зырекlукl уж къыlуагъ:

– Зэкlэми анахь дэгъур ошlа, Долэтыкъу? Укlэлэегъэджэныр ары.

– Ар тикlэлэегъаджэмэ зэхямыгъэх, къэчъэщтых!..

– Къачъэхэмэ, ихъяр алъэгъу, ястын.

— Ары шъхьакӀэ, Рэщыд, джы кӀэлэегъаджэр тхьаматэ фашӀыжьыщтэп,— зыгорэ тырахрэм фэдэу Долэтыкъо къызэрэгузэжъуагъэр МэфакӀом къыгурыӀуагъ.— МэкъумэщышӀэ сэнэхьат зиӀэ кадрэхэр зыщымыӀэгъэ лъэхъаныр текӀыгъ. Зымафэ къэслъытагъэшъ, апшъэрэ ыкӀи гурыт агроном гъэсэныгъэ зиӀэу ДэхапӀэ дэсыр зыфэдизыр ошӀа? Лэжьэкӏо тӀокӀищ пэпчъ зы агроном. Инженерхэр, зоотехникхэр, мелиораторхэр, экономистхэр ахэмэ ахэслъытэхэрэп.

— Хьамырзэр, сыд фэдиз агроном къэплъытагъэкӀи,— МэфакӀор щхыпцӀыгъэ,— сиӀэнатӀэ ЧэташӀэм есымытынэу сэрэшӀи, кӀэлэегъаджэхэр хэсэгъэкӀышъ, тхакӀэрэ еджакӀэрэ зышӀэрэ цӀыф апэ фэсщэин.

— Адэ ЧэташӀэм тхьамэтэгъур зэрэнэмысыщтыр сипэӀожъ ешӀэ,— Долэтыкъо зыдимышӀэжьэу Ӏапэхэр стол кӀыӀум щигъэджэгугъэх. Лъэӏу нэгукӀэ Рэщыдэ Ӏуплъагъ, ӀугушӀуагъ, едэхэшӀагъ.

— Хьамырзэм блэсхэу,— Рэщыдэ ыпашъхьэ исым илъэӀу къыгурыӀуагъэу, уицыхьэ къыстегъэлъ къыриӀоу къыӀугушӀожьыгъ,— зыми естынэп, Долэтыкъу. Ащ фэдашъо къыптесымыштэщтыгъэмэ, агроном шъхьаӀэ уязгъэшӀыщтыгъа? Сэри пэкӀэ псы сешъорэп, зыгорэм сеплъы. ЕгъашӀэм сыӀутыщт пшӀошӀа, сызӀукӀыжьырэм, уишӀуагъэ къысэбгъэкӀыжьын. Джары джы дунаир зэрэгъэпсыгъэр: афэпшӀэщт, къыпфашӀэжьыщт. Таймэзми зыгорэ къыкъомыткӀэ огугъа?..— Мыекъуапэ дэс лӀышъхьэмэ ащыщ горэ къыкъот къыӀо шӀоигъуагъ шъхьакӀэ, фекушъугъэп, шъхьэм къыфечъагъэр зыщигъэгъупшэу сейфымкӀэ плъагъэ.— Ярэби, сыдэу спкъыхэр непэ хьылъэх сэӀо, зымафэрэм щыщ къыдэнэжьыгъэна шъуӀуа? — сейфыпчъэр къыӀуихы зэхъум Долэтыкъо феплъэкӀыгъэти, кабинетыпчъэр зэрэригъэтын фаер къыгурыӀоу къызщылъэтыгъ, фэсакъыпэу ӀункӀыбзэр зегъэчэрэгъум, станхэр къыштагъэх, коньяк уныкъугъэр МэфакӀом столым къытыригъэуцозэ къыӀуагъ: — Арэп, Долэтыкъу, сыд ЧэташӀэмрэ Шэныбэм япхъурэ якъэбар?

## XXVII

— Тэ ежьагъ джы ХьэпакӀэр!..— мотороллер макъэм Темыркъан кӀэдэӀукӀыгъ.— Ярэби, сыдэу ижъышъхьэм былымыпсэ хъужьыгъэ мыр!.. Ныомрэ ежьырырэ язакъу, яӀэр анэ къыпэӀухьэрэп.

— АпхъуитӀуи унэгъо шӀагъо хъугъэх,— Гощнагъуи къыдырегъэштагъ.— ЛӀы лэжьэкӀуитӀу аӀэкӀэфагъэхэшъ, чылэм ямыӀэр къызэралъэшъулӀэ. Япомидор чылэм апэ къэкӀы, яхъырбыдзмэ цӀыфмэ ялыеу мэбагъо, якартоф абани щэлъэ псау къычӀахыжьы...

— Яатакъи непэ щэ мэкӀэцӀы,— ныом къырищэжьэгъэ орэд зэщыгъор Темыркъан къызэпиутыгъ,— яхьагъожъи пшысэ къеӀо... Хъугъэ, бэ къэпӀощт о!..— куахъор чӀиси, мэкъощым къыдэкӀыжьыгъ.

— Яхьагъожъ пшысэ къеӀоми сшӀэрэп,— Гощнагъуи къызэкӀэкӀуагъэп,— сомишъэкӀэ ХьэпакӀэм къыщэфыжьыгъэ курэжъыем икӀэрыкӀэу унагъо зэрэришӀэжьыгъэр сэшӀэ. Тэ зы машинэ тиӀэшъ, дэхэфэшӀэу къакъырым чӀэт. Ахъщэ хэтымылъхьэмэ, къыхэтхырэп.

— Сэри курэжъыем сибгъэтӀысхьэ пшӀоигъу ара?

— Алахьэм ерэмыд!..

— Адэ сыд ХьэпакӀэм узфехъуапсэрэр?

— Тимашинэ хьаулыеу щытышъ ары.

— Сыд рысэбгъэшӀэщт?

— Сыдгущэр рыозгъэшӀэн, бэрэ щытымэ, мэулъыи пӀуагъэшъ, сегъапэ...

— Щытыгъэмэ, сэбгъэфыни, къуаджэм хэсэбгъэгъэзыхьащтыгъа?

— А сшӀэгущэрэп, чылэмкӀэ уцугъуи тӀысыгъуи яӀэп, оси, ощхи аӀорэп.

— Ужэ скӀэрых, сшъхьэ лъы къыдемыгъэфый!..— Темыркъан ынитӀу къиухъурэикӀэу къэгубжыгъ, етӀанэ зиӀажэу къыпигъэхъожьыгъ.— УиӀэм згъэзэгъ, уимыӀэм укӀэмынэцӀ. Е зиунагъо бэгъон, тиӀэу къыддалъэгъурэм пае цӀыфмэ тафэлъэгъужьрэп. Гоо ӀофкӀэ тыфежьи, мы унэшхор тшӀыгъэшъ, анэ къыкӀэо...

— Ежь аӀэ къимыхьащтым цӀыфхэр ерэмыгъапэх. Анэ къыкӀэщынэу ячапычи хэлъэп. УнатӀэ пкӀантӀэ къехэу егъашӀэм Ӏоф ошӀэ, о зыкъыппарэмышӀ мыпсэу-мылажьэмэ! Тэри боу бэрэ ЧэташӀэхэм тяхъопсагъ, зыми зи къытфищэигъэп... Мы чылэри, мы чылэр джыхьнэм машӀокӀэ тебгъэстыкӀын фае!.. Къытэшъугъумэ, къытэхъуапсэхэзэ нэ къыттырагъафи, икъун тыгу щагъэшӀагъ. Хьапсым

укъыздэкIыжьми, зыкъэтIэтыжьынэп ашIошыгъ шъхьакIэ, зэкIэми алахь зизакъом татыригъэкIуагъ. Ащ ишIэ, иIо хэмылъэу зи къытхэхъуагъэп, джыри къытхэхъонэу къэтри макIэп!..

– Хъугъэ шъыу, бащэ къэоIо,– шъузым игущыIэмэ Темыркъан атещыныхьажьыгъ, тIэкIу тыригъашIи, фидзыгъ: – Зэ укъытщэтхъу, зэ армэукIэ тыолъытэ.

– Хьау, Къан,– лIым ыцIэ гъэшIуабзэкIэ Гощнагъо къыриIуагъ,– алахьэм ерэмыд, о армэукIэ сыкъыуаджэмэ, хэта лэжьакIу зэраIоу дунаим тетыщтыр. Боу сыпфэраз, боу сыбгъэшIуагъ, сыбгъэдэхагъ, чылэ шъузхэр къысэбгъэхъопсагъэх. Тыбзэгупэ хъупцIы хъумэ, зыгорэ тымыIон тлъэкIрэп. Непа сызыпшIэрэр, ащ пае угуи къысэмыгъабгъ, ощ фэдэ шъузгъэтхъэ лIы дэхэшхоп зыгу хагъэкIрэр!..

– Тыкъызэхябгъэхыщт! – къыраIорэр Темыркъан игуапэу унапчъэмкIэ плъагъэ, къедыргъыщтыгъэ шъузыр ары Iоу умышIэжьынэу егъашIэм тхъэгъэ теплъэ зиIэ Гощнагъом Iугушlуагъ.

– Тыкъызэхарэх фаеми,– Гощнагъо ымакъэ нахь ыгъэлъэшыгъ,– сэ озгъэтхъыгъэр ежь зынатIэ зыфэхъугъэми рерэгъэтхъ. Джы ябгъэлъэгъурэр ары зэрэзэкIыгъун шапхъэу яIэщтыр. AIэ зэкIэдзагъэу, зым къыIэпызрэр адрэм къыштэжьэу угъуаехэмэ, тэ къыткIырыплъхэмэ, ядунай дэхэщт, ящыIакIэ хъопсэгъощт, цIыфмэ ямыIэр зэрагъотылIэжьэу щыIэщтых.

– ЦIыфмэ ямыIэр яIэнэу Болэтым зэхемыгъэх,– Темыркъан щхыгъэ шъхьакIэ, нэкIушъхьэкухэр фэгъэсысышъугъэп.– Зымафэ ынэхэр къысфырыгъэкIэу сеукIы сшIошIыгъ.

– Iух адэ, Болэтым игугъу зэхэсхынэу сыфаеп,– Гощнагъо Iэ ышIыгъ.– Ащыгъум а зыфапIорэр егъашIэм нацIэу, ЧэташIэмэ яунэIутэу, ДэхапIэ шъуззэбжъмэ ячэу, яхьаку, яунашъхь ыIоу афэпщылIы, зыгорэ къыфащэимэ шIобылымэу зыкъуеуплIакIэ.

– Ашъыу ар хъунэп... Ежь пкIэ хэмылъэу eIo.

– Ары пкIэ хэлъэп,– Гощнагъо ыдагъэп.– ПкIэ хэмылъэу хьаку пфишIыщтыгъа мощ!.. Шъо лIы купыр Болэт Къасымэ нахь мыхъурэм зешъогъэгъэделэ. AIимыхэу сэшIэми, Iушэп. Узфэчырэн шъузабэ щыIэжьыгъа джы!..



Сеплъымэ, данэр къапэщы. Еплъ модэ Былымгъот Курэцэжъым унэу ыгъэчъыгъэм, тэтыер ащигъэгъупшэжьыгъ. ШъуемыдэIу Болэтым, шIушIэгъэ закъокIэ сапэр къыIутэкъоу ар шъузабэмэ яунашъхьэ пфытесын! AIехы, сышъумыIуат eIошъ, ялъэIу.

– Олахьэ, ныо, гъэшIэгъоным къапIорэр,– зыгорэ Темыркъан ыгу къэкIыжьрэм фэдэу хэгупшысыхьи, къыпидзэжьыгъ,– сэри ащ фэдашъор тесэштэ. Ары мор кIэщыгъончъэу пфэулэун, хэт къыфэкIуагъэми хьау иIэп, хэти изэфэд.

– ОсэнчъэкIэ зэрэмылажьэрэм уицыхьэ тегъэлъ сIуагъи. Сеплъымэ яунэ итыр ифэжьрэп, зымафи алрэгъу дэхэшхо ралъэшъуагъ aIуагъ. Колхозым ипенсие сомэ заулэкIэ ещэфа ар? Еж амэ!..

– Ыкъу? Иныс?

– Сыда ыкъо? Сыда инысэ?..

– Ахэми сомишъэ зытIущ унэм рахьэба?

– Рахьэмэ зызэрафапэрэр плъэгъурэба, машини къащэфыгъ. Ар пIэ къихьаныр мыдэ щыIа, къэошIэжьа о лъыптыгъагъэр зыфэдизыр? Ышъу aIуи, пкIэхахыгъэ хъущэр? ГушIуакIо къытфэчъэгъэгъэ хьэшъо-мэлышъо купмэ тшIуашхыгъэр, тшIурашъугъэр? Тэтыем къыкIэмыхьэми, чырбыщ унэ зэкIэупкIагъэ, тенэч фыжь телъэу, ашIыгъ. Джа ыкъо Зулкъад нэмыIэмэ зыфапIорэр, алахь зизакъом игугъу зэхамыхьыжьынэу ешI, Нурбек зыгъэунэхъугъэмэ ари ащыщмэ, мыгъокIэ пыщэгъу къыфэхъуи, тIорэр шIомыскъарэу, тшIэрэр шIопырацэу, былымыр шIоосэпсэу кIэлэ шIагъор зэрмыр ышIыгъ. Нысэу тызкIэрысми ащ зыдешIы.

– Ныо, тхьапшрэ къыосIуагъ а гущыIэр къэмыIонэу!.. Зыми тыкIэрысэп, тэ къыткIэрысых нахь. Адрэ пыщэгъу зыфэпIуагъэм къикIрэ щыIэп. ЕгъашIэм Болэтымрэ сэрырэ, тилъэгъуапэ зэхэкIми зэхэхьажьэу, зы гъогу тызэдытет, ежь коммунизмэм тыфэкIо eIоми, сэ ихьэнэ-гъунэ сихьахэрэп. Сэ симыхьэу, Къасымэ нибжьи ащ ихьанэп. ЦIыфым хэмылъыр хэплъхьан плъэкIыщтэп. Болэтым мафэ къэс къысиIорэм фэдиз кIалэм зыми къыриIорэпщтын. Пкъо нахьыкIэ ыуж икI, нысэри Iогъу-шIэгъу умышIы, уямыдау, къызэмыгъэдаох, жэ акIэрыпхыщтэп. Хъущтым къэмыхъу рапшIэзэ, зэрэхъущтыр къыхэхьэ.

Олахьэ скъо нахьыкIэ есIуагъэм фэдиз скъо нахьыжъ есымIуагъ, ежь-ежьырэу щыIакIэр къыгурыIуи, цIыфы хъугъэ.

– Арыгущ, арыгущ, зыхэмылъым хэплъхьан плъэкIыщтэп. Лые гущэ зэтшIэжьыгъ. Рэмэзанэ зыкIэрыттIупщын фэягъэп, нысэри сэщ фэдэу гуIэлэ цIыкIу, кIалэрышъ непэ зыгорэ къыхэмыхъоу пфыщысыщтэп.

– Джырэ дунай, ныо, зыбгъэсыс къэсми чапыч нэмыIэми къыхэбгъэзэу ущыIэн фае, армырмэ уищыIэныгъэ шIоделэгъэщт. Ар кIэлэ нахьыкIэм зэхезгъэшIыкIын слъэкIырэп!..

– Ахэр зэкIэ тышъхьарымытыжьы зыхъукIэ ары къызгурыIощтыр,– ыгу къеоу Гощнагъо ышъхьэ ыгъэсысыгъ.– КIэгъожьын, ау нибжьи кIэхьажьынэп. Былымгъотмэ лъэIукIэ тщащэфыгъэгъэ тенэчым изакъоми, икъун ткIэхихыгъэр, ащ нысэри очыл фэхъугъэу къыкъоуцожьи, осымыгъашIэу унэм сырашхыхьагъэп умыIо.

– Тхьапшрэ къыосIуагъ зыхэтэгъэгъэкIых?

– КIалэр зыхагъэсышъугъэп, аIони, чылэм хьайнапэ тыдэхъухьан…

– Чылэм сыкъимыубытыщтыгъэмэ, ащ ясшIэщтыр гъэнэфэгъагъэ!..

– Помидорым чылэр хэбаикIыгъ, тэ хэтэ ныкъор натрыф тэшIэ.

– Хъугъэ, ныо, тамэ зыгомытыр дгъэбыбынэу ыуж тихьагъ,– ащ нахьрэ Темыркъан ыкъо тегущыIэжьынэу фэягъэп.– Модэ уиIэ щыIэмэ къашти сыгъашх, чылэм сыхэхьан фае…

Тыгъэнэпэ унэ нэтIэ пхъэтэкъэжъым Темыркъан тесэу щыIэнигъэм хэгупшысыхьэ. Шъхьэм къихьэрэр бэ, текIыгъи, къэкIощти щызэблэкIы, кIэлэегъэджэ ахъщэ гъушъэм тес кIалэри, нысэри щыгъупшэрэп. Сыд фэдиз зэфагъэ Нурбек зыхегъэлъыми, ятэрэ янэрэ яугъоякIэ къакIэнакIэми, къалъфыгъ, апIугъ, рагъэджагъ, а лъэхъаным Рэмэзан, джы Мыекъуапэ зэрэдэсым фэдэу, къалэм дэсыгъэмэ Iофа, къяхьылъэкIыныеп, нахьыжъым ышхырэм щыщ нахьыкIэми Iуфэни, мазэ къэс фагъэхьыщтыгъэ ахъщэ хъущэр яунэ къинэныгъи. Непэ ыныбэ изэу, ышъо щизмэ, неущ къэхъущтым егупшысэрэп. Партием хахь, директор IэнатIэр къахэтхъ сэIошъ, сфэгъэсысрэп. Директор ухъумэ, кIэлэ бетэмал, узэрэфаеу, зыми уемылъэIужьэу, машинэ кIэпс шIагъоу школым иIэр бгъэфедэщт! Цыхьэ зыфэпшIын шофер тэрэз ибгъэтIысхьэмэ, уздэщысим ущысэу узфаер къыуилъэшъулIэщт. МашинэкIэ цIыфхэр къыптефэнэу ашIэмэ дунаим къыпфамышIэн щыIэп, лъаIорэм ышъхьэрэ ытхырэ уфэгъэзэпыт, сэри ащ ихьатыркIэ чылэм нахь шъхьэкIэфэныгъэ къыщысфашIын. Колхоз тхьаматэ зышI сIорэп, ары, тинасып къыхьрэп нахь, зэкIэми анахьышIугъэр, амал иIэу ЧэташIэмэ къыпIэкIагъэхьащтэп. О уезгъэджэн нахьи, Рэмэзан езгъэджагъэмэ, колхоз тхьаматэ IэнатIэр тIыгъэу плъэгъуныгъи!.. Шъыпкъэ, ащ иIэнатIи цIыкIоп, шъэфкIэ тхьаматэ Iаджми къагъэшъэогъу, ахэри делэхэп, лэжьыгъэр ахъщэ зэрэпшIыщтыр ашIэ. Ныом иIуагъэу, Болэтхэр пыщэгъу пшIы хъущтэп, шъой-цые уакIэрымыхъуухьащтмэ, уябэикIыщтэп. КIо, сэ заом Къасымэ ишIуагъэ къыщысэкIыгъэшъ зыдэсхьыжьыщтыр сшIэрэп шъхьакIэ, кIэлэ бетэмал, Болэт шъхьэпэе бэнакIом о сыд еплъэгъулIагъэр? Уцогъу пшIы пшIоигъомэ, шIы Хьамырзэ Долэтыкъо, институт мафэ ерагъэу къыухыгъэшъ, колхоз мылъкум есэу хэс. Джа завуч IэнатIэр къыозытыжьыгъэ Рэщыдэ IэджкIи ощ нахь Iушэу къычIэкIыгъ. Мыскъарэ джар пшIызэ колхоз мылъкукIэ зиушъэнышъ, сиIэнатIэу сызIушъущыгъагъэр сэжъугъэгъотыжь ыIощт. Бэ шIэн, макIэ шIэн, джа уишъэогъу ЧэташIэм уиIэнатIэ МэфакIом зыпIыримыгъэхыжькIэ. ЕтIанэ сыд пшIэщт? Ащ Iофыр зынэсыкIэ амал фэгъотыжьыгъуай, Таймэзыр сшынахьыкIэми, зи фыхэшIыхьажьыщтэп. Сыд уиделагъэми, уиIушыгъэми, укъэслъфыгъ, ау зыхъурэм уиIоф ыуж кIэкIэу зесфэн, партиеми ухэзгъэхьан, директор IэнатIэри къыуязгъэтын. Ярэби, мы Iофыгъуитiур Рэмэзан ыпшъэ ислъхьэгъагъ, джа инэIосэ райком секретаритIум яз Таймэзым къыдигъэгущыIэмэ, ахэмэ зэфамышIэжьырэ щыIэп, зэуалIэх, зэтефэх, яIахьыл Iаджи районмэ арыс, ыжэ къыдигъэкIыщтэп. Iахьыл, благъэ, шъэогъу, ныбджэгъу, укъысфай-сыпфай – джары нэбгыритIу зэзыпхэу ящэнэрэр зыгъэIорышIэрэр.

Къэлэпчъэ макъэу къэIугъэм Темыркъан къыгъэлъэтагъ. Болэт Къасымэ ХьэпэкIэ Аслъанбэч игъусэу щагум къыдэхьэ. Темыркъан апэгъокIыгъ:

– Шъукъеблагъ, шъукъеблагъ! Олахьэ дунаир гъэшӏэгъоным, зигугъу ашӏрэр пчъэӏушъхьэм тес зыфаӏорэр шъыпкъэ. Моу джыдэдэм, Болэтыр, сыгу укъэкӏыгъагъ. Некӏо, унэм шъукъихь.

– Оӏо нахь, Дударыкъор, угу сыкъэмыкӏыгъ.

– Мыдэ мыщ ыӏорэр!..– Темыркъан зэхихыгъэр ыгъэшӏэгъуагъ, нэгу ихыгъэкӏэ Аслъанбэч еплъыгъ, Болэтым къеплъыжьыгъ, етӏанэ щхыпцӏэу къыдзыгъ: – Ащ нахьрэ гуфэбэныгъэ къысфызимыӏэр сыгу къэкӏын нахьи, алахьэм Тыркуем ис Шэныбэр сыгу къегъэкӏ. Зы мыхъуми, гопэшӏушӏэ щыхъун, ы-ы, Аслъанбэч?

– Шъыпкъэм джар нахь пэблагъ,– Аслъанбэч ычӏыпӏэкӏэ Къасымэ джэуап къытыжьыгъ.

– Ары шъхьакӏэ, Темыркъан, нэм кӏэтыр гум пэблагъ аӏоба? – Хьэпакӏэми джэуапынчъэ зишӏыгъэп.– Шэныбэ тхьамыкӏэр, Сафятышхом нэмыкӏэу, хэт джы зищыкӏэгъэжьыр. Къэкӏожьыщтмэ сшӏэрэп нахь, ыпхъу цӏыкӏу зызэришӏыгъэм шъущыгъуаз.

– Джырэ ныбжьыкӏэхэр шъхьэпаехэу къэтэджых, къябгъаӏомэ, тэ тинахьыкӏэ апэ зэритэу, ӏаджи къаӏощт,– Темыркъан къыӏуи, ыкъо нахьыкӏи къыхигъэхьагъ, ау ныбжьыкӏэмэ апае шъхьэихыгъэу Къасымэ ыпашъхьэ зэрэщиӏуагъэмкӏэ кӏэгъожьи, кӏилъэшъужьы фэдэу зишӏыгъ,– адэ тызагъэгубжьыкӏэ тэӏо шъхьакӏэ, ныбжьыкӏэ пстэури зэфэдэп, тэри джахэм афэдэу тыщытыгъ,– етӏанэ щхызэ ошӏэ-дэмышӏэу къэупчӏагъ.– Къэошӏэжьа, Болэтыр, ефэндхэр кӏэнэкӏалъэ пьесэ цӏыкӏумэ ащытшӏэу Кӏэныжъхэм яунэу клуб тшӏыжьыгъагъэм къызэрэщыдгъэлъагъоштыгъэхэр? Адэ пчыхьэрэ цӏыфыбэ къыщызэрэугъоищтыгъэшъ, чӏэмыфэхэу клубыпчъэр зедгъэтыжькӏэ, шъхьангъупчъэмкӏэ къытшӏуипшыхьэщтыгъэх. Ари сыдэу зэман гъэшӏэгъоныгъ, си Алахь!..

– Ефэндмэ запэпшӏыжьыщтыгъэшъ, джы тхьэ уелъэӏужьы ара? – Болэтыр щхыпцӏыгъэ.

– Адэ, тилӏэжьыгъо хъужьыгъэу, о тхьэ уиӏэп шъхьаем, Болэтыр, тэ зыгорэм тыщэгугъы,– чый макъэр къыдеӏэу Темыркъан щхыгъэ, етӏанэ ыӏупшӏэ къопитӏумэ аӏулъэкӏыхьажьэу къыпигъэхъожьыгъ: – Зыгорэкӏэ модрэ дунаеу зыфаӏорэм ыпашъхьэ тыращэщтми сшӏэрэп, къысэупчӏмэ сыд есэбгъэӏожьыщт?..



– Аущтэу зыкӏапӏорэр сшӏэрэп нахь, тхьэ сиӏ.

– Хэт уитхьэр? – Темыркъан къэгузэжъуагъ, зыкъызешӏэжьым, ежь-ежьырэу зэриӏожьыгъэ: – Ары, уиӏ, тӏум язэу уикъабылыр сшӏэрэп нахь...

– Боу къыосӏон,– Къасымэ щхыпцӏи, Аслъанбэч феплъэкӏыгъ,– къыбгурыӏощтмэ сшӏэрэп, боу къыосӏон: джа уимыкъабылыр ары сикъабылыр.

– Тара симыкъабылыр? – Темыркъан зэупчӏыжьы фэдэу зишӏыгъ.– Ащ фэдэ мэхъуа? Сэ тӏури, Къасым, сикъабыл, тӏуми сащэгугъы!..

– Ащ фэдэ хъун ылъэкӏыщтэп, Темыркъан!..– джы нэс сэмэркъэу зыхэлъыгъэм Къасымэ итеубытэгъэ макъэ къыхэщыгъ.

– Олахьэ сымышӏэрэ ар зыкӏапӏорэр...– ащ къыблэкӏмэ тызэщыхьан фаеу хъущт Темыркъан гукӏэ ыӏуи, олахьэ сыпщымыхьан, зэушъыижьыгъ.

– Тхьитӏу фэгъэпцӏэшъущтэпышъ ары сэзгъаӏорэр.

– Олахьэ тэрэзым, ы-ы, Аслъанбэч? Тэрэзба Болэтым ыӏорэр? Тэрэз, Къасым, тэрэз, къыбдесэгъаштэ!.. Джа уикъабыл ары сэри сикъабылыр, о гукӏэ пштагъэм сыблэкӏэу сэ тыдэ сыкӏожьын!..– Темыркъан шъэогъум ыгу ыщэфэу къыхэкуукӏэ, щхын къыригъэжьагъ.

– Къыздеогъаштэмэ, Дударыкъор, модэ зыкъэфапэри, некӏо Чэташӏэмэ адэжь.

– Сыда Чэташӏэмэ адэжь щыӏэр? – Темыркъан шъорышӏ щхыныр зэпигъэуи, къэупчӏагъ.– Ибрахьимэ...– къыригъажьи, къыфэмыӏошъоу къэплъагъ.

– Ибрахьимэ ылъэ теуцожьыгъэшъ, шъукъакӏу, тӏэкӏу тызэхэсыщт аӏуагъ.

– Адэ аущтэу Іоба, бетэмал, ар хъярба!.. Сэ сшъхьэ къихьагъэр нэмыкӏыгъ... Ау сэ зи къысаӏуагъэп... Оры, Аслъанбэч?

– Сэ тӏуми лӏыкӏо сыкъышъуфашӏыгъ.

– Адэ аущтэу Іоба, бетэмал, ащ фэдэ хъяр щыӏэу тэ мыкӏэ тызэпыогъапкӏэ.– Темыркъан зифэпэнэу къэтэджыгъ,– мыӏуапхъэхэр тэогъаӏо... Имыщыкӏагъэхэр тыгу къиогъахьэх... Джыдэд сэ, джыдэд...

– Сыд къэбар уздэщыӏагъэм? – лӏыр унэм къихьажьыгъо имыфэу Гощнагъо къэупчӏагъ.

– Сыздэщыlагъэм сыд щыкъэбарын,– Темыркъан щхыпцlыгъэ,– Чэтэшlэ Ибрахьимэ къыгъэшlагъэм фэдишъэ джыри къыгъэшlэнэу тхьэ тыфелъэlуи, тыкъызэбгырыкlыжыгъ. Я си Алахь, сыдэу мы Чэташlэхэр бэгъэшlэлъэпкъых, ынэ цlыоу къытхаплъэу, тхьачэтыпкъэу тшхырэр къылъытэу щысыгъ...

– А лlыжъ,– Гощнагъо ыкъорэ инысэрэ зэрыс унэмкlэ плъагъэ,– мохэмэ зэхябгъэхыщт.

– Лlэжьын мурад иlэп а сызхэплъагъэм,– lушъэшъэмакъэкlэ Темыркъан игущыlэ къыпидзэжьыгъ.– Адэ ымакъи чанышъ, ышъхьи lэтыгъэшъ...

– Ащ нахьи нахьышlугъ якlэлэжъ Шэныбэмэ япхъу къырагъэщагъэмэ!..

– Ярэби, ащ нэмыкl сэри сыфэягъэп, зымафэ Джамырзэми къысиlокlыгъагъ. Ори Бибэ узlукlэрэм, пшъэшъэжъыем фыщытхъу, ушъхьаса, идахэ lо, тегъэгушlухьэх...– Темыркъан зыгорэ ыгу къызэрэкlыжьыгъэр пшlэнэу ышъхьэ къыпхъотагъ.– Ей, ныо, Чэташlэмэ якъакъыр сэ зы гъэшlэгъон чlэслъэгъуагъэшъ...

– Якъакъыр сыдым учlихьагъ?

– Щагу сикlыгъэу сыкъыблэкlыжьыти, сызчlэплъэм Чэтэшlэ Ибрахьимэ икъэнэтlэхэс мыжъосыным хэшlыкlыгъэу чlэслъэгъуагъ.

– Ы-ы?

– Ары, икъэнэтlэхэси фагъэхьазырыжьыгъагъ...

– Мэхъэджэ лъэпкъ, ахэмэ агу къэкlыгъэр!..

– Мыжъосыныпкъым хэшlыкlыгъэу жъогъошхо къопитфи шъхьащыс...

– Ы-ы? Жъуагъо шъхьащыс пlуи?.. Быслъымэн лъэпкъхэба!.. Уеони пыуутынкlэ дэгъу, ар тэ ятымышlэми зыгорэм аришlэн...

– Емынэр зыжэ дэмыхьан, ужэ къыдэкlрэр сыд!..– Темыркъан ныом фэгубжыгъ.

## XXVIII

Уахътэр щэджэгъоужым шъхьадэкlыгъэу Таймэз Даутэ Мыекъуапэ къикlыжьыгъ.

Даутэ машинэм зыригъэгупсэфагъ шъхьакlэ, игупшысэ хэку зэlукlэм къекlужьыгъ. Уиlофшlагъэ агъэлъэпlэни, уасэ къыфашlыныр зэкlэми апшъ.



Даутэ къызэгущыlэм ар хигъэунэфыкlыгъ. Быракъ плъыжьыр къызфагъэшъошэгъэ районэу иныбджэгъу Едыдж Сахьидэ зиапэрэ секретарым ешъугъурэп, ехъуапсэ нахь, тэри шlухьафтыныр къызэрэтфагъэшъошэщтым тыфэбэнэщт зеlом, зэlукlэм хэсхэр ягуапэу lэгу къыфытеуагъэх.

Непэрэ хэку зэlукlэм апэрэ гущыlэр зэратыгъэмэ Едыдж Сахьидэ ащыщ. Даутэ президиумым дащэягъэмэ ащыщыгъэпти, дэгъоу ылъэгъугъ Сахьидэ сценэм тесмэ къазэрэхэтэджыкlыгъэр, мыгузажъоу трибунэм къызэрекlолlагъэр, къыlощтыр зэрытхэгъэ тхылъыпlэр сэмэгу бгъэджыбэм къызэрэрихыгъэр. Ащ фэдизым зы гумэкlи ынэгу кlилъэгъуагъэп. Ярайон пленум горэм къыщыгущыlэщтым фэдэу гупсэфэу хэплъагъ. Едыджым ирэхьатыгъэ Таймэзыр ехъопсагъ. Гущыlэр къыратмэ, кlырыплъыни, гумэкlыр къызтыримыгъакlоу къэгущыlэнэу рихъухьэгъагъ шъхьакlэ, фэгъэхъугъэп. Тетlысхьэпlэ гъунэм зэрэщысын фэягъэр джыры ныlэп къызгурыlожьыгъэр. Къэгущыlэнэу ыцlэ къызыраlом, зэрэдэкlыщтым егупшысагъ, ащ игумэкl имыкъоу бзылъфыгъитlоу къыгъэтlысыгъэмэ алъэгонджэ хъураймэ яутэкlэу дэкlыфэ ынатlэ пкlантlэ къытырикlагъ, телевидением къикlыгъэмэ зэрахьэрэ остыгъэмэ апылъ проводым елъэпэуагъ. Ахэр къыохъулlагъэхэу Едыдж Сахьидэ зыпэпшlын плъэкlына, остыгъэр ынэгу къыкlагъапси, кинокамерыр къытырагъэпсыхьэу къызекlуалlэхэм, тхылъыпlэ тхьапэу къыштагъэмэ арыт хьарыфхэр шlузэхэкlуакlэу къэгущыlэн ригъэжьагъ. Апэрэ сатырэ зыщыплlым къеджэфэкlэ тlо къызэшlонагъ, ыбзэгупи фызэпырымыгъазэу, пыгъушъыкlэу ригъэжьагъ.

Джары бэрэ пшlэрэм урыlаз зыкlаlорэр, ыгу къэкlыжьрэмэ ахэгупшысыхьэзэ, Даутэ ыlуагъ. Мыщ фэдэ зэlукlэшхомэ къазэрэщыгущыlагъэр мыр ятlо ныlэп. Партием ирайком иапэрэ секретарэу зыхадзыгъэр мазэ мыхъоу хэку партийнэ активым къыщагъэгущыlэгъагъ, а мафэм президиумым хагъэсыгъагъ. Уирайон укъыщыгущыlэнри, хэку псаум илыкlомэ апашъхьэ укъиуцоу зыгорэ къыщыпlонри зэфэдэп. Етlани Даутэ райкомым иапэрэ секретарэу lоф зишlэрэр илъэс нахь хъугъэп. Едыдж Сахьидэ зэкlэми ясэжьыгъ, илъэс пшlыкlуз мэхъу апэрэ

IэнатIэр районым зыщиIыгъыр. Даутэрэ Сахьидэрэ аныбжькIэ зэрагъэхьырэ щымыIэми, илъэсищ къыдэфэ, партийнэ IофкIэ Едыджыр ыпэ ишъыгъ. Ащ изакъоп, мэкъу-мэщ институтым щеджэхэ зэхъуми, Сахьидэ обкомым инструкторэу чIэсыгъ, ащ рагъэкIи джы зыдэщыIэ райкомым иятIонэрэ секретарэу загъакIом, КПСС-м и ЦК и Апшъэрэ партийнэ школэу Москва дэтым Таймэзыр еджакIо щыIагъ. Еджэныр къыухи, район мэкъу-мэщ управлением иIэшъхьэтет зашI илъэсым Едыдж Сахьидэ партием ирайком иапэрэ секретарэу хадзыгъагъ.

IэнатIэхэр зэрэзэмыкIуалIэхэрэм фэшI Даутэрэ Сахьидэрэ бэрэ зэIумыкIэщтыгъэхэми, хэку е край зэIукIэкIэ зызэфэзхэрэм зэрэгъэгъуащэщтыгъэхэп. Загъорэ зэIукIэ ужмэ, анахьэу Краснодар зыщызэIукIэхэкIэ ары, рестораным щэджэгъуашхэ щашIыщтыгъ, шъэ гори зэдаIэтыщтыгъэ. Даутэ нахьи Сахьидэ телефонкIэ нахьыбэрэ къыдэгущыIэщтыгъэ. МэфэкI мафэхэми зэфатхэщтыгъэх, хъохъукIэ зэфэгушIощтыгъэх. Зэ Кисловодскэ санаториеми зэдыщыIагъэх. А лъэхъаным Сахьиди, Даути яIэнатIэ аIухьэгъэкIагъэх. Адырэхэм афэмыдэу, ешъорэхьакъу хэмылъэу, мэфэ пчъагъэм къыкIоцI зэ нахь рестораным чIэмыхьэхэу, шъонымрэ шхэнымрэ арызэу машинэкIэ тIо-щэ колхоз тхьаматэхэр чэзыу-чэзыоу секретарэу ягъусагъэмэ къазэрэфакIощтыгъэхэр аумысэу, къэкIожьыгъагъэх. Санаторием щыIэхэу, рестораным чIэсхэу Сахьидэ къыриIогъагъэр Даутэ ыгу къэкIыжьыгъ:

– Даут, сыоплъыышъ, уныбжьыкI,– IэнатIэу ыIыгъри къыхахьэу, нахьыжъыгъэр зыфигъэшъуашэу къыкIигъэтхъыгъагъ,– Iэдэб хэлъэу дэгъоу Iоф шIэ, Нэгъум Чэмалэ зегъэкIу, ар дэгъоу къыпфыщытмэ, зэрэрайонэу шъхьэкIэфэныгъэ къыпфашIыщт.

– Олахьэ сымышIэ зэрэрайонэу...– Даутэ къыригъэжьэгъагъ, ау къыригъэухыгъэп.

– О пшIэрэп шъхьакIэ, сэ сэшIэ, Даут. Апэрэм ыIорэм блэкIын Iэшъхьэтет районым къикIыщтэп. Зы мэфэ закъуи утыригъэтынэп.

– Ары шъхьакIэ, уишIошI гори щыIэнба?..

– О уишIошI уиунагъо игъэлъ, уирайон щыгъэпыт. Ощ нахьышъхьэ ыпашъхьэ узихьэрэм, пшъхьэ Iэтыгъэу емыгъэлъэгъу, тIэкIу уфэ, едэIу, ыIорэр гъэцакIэ.



– Нэгъумым ышъхьэ зыгорэм феуфэ Iоу сшIэрэп.

– Арэу къызшIомыгъэшI!.. СымышIэ зэхъум сэри джары Нэгъумыр къызэрэсшIошIыщтыгъэр. Обкомым тиугъоеу апэрэм ыпашъхьэ тызихьэрэм, озгъэлъэгъугъот ащ зызэришIырэр, гущыIитIу къыIо къэс ыцIэрэ ятэ ыцIэрэ къыреIо, адэ дахэу къызэпегъафэхэшъ, ежь нахьи бэкIэ нахьыжъми, щыс ыIозэ, зы гущыIэ нахь къымыIощтми, къышIотэджышъ, ушъуашъоу тапашъхьэ итэу тегъэукIытэ. Арышъ, къыосэIо, Таймэзыр, зэрэсIуагъэу узекIомэ, Нэгъумым ычIыпIэ уитэу къэслъэгъужьын. Тэри мы IофымкIэ загъорэ къыткIэкIэупчIыхьэхэу мэхъу, пшIэнэп пцIэ къызщыраIощтыр.

– Нэгъумым иIоф ащ нэсыгъэпщтын...– фэсакъэу Даутэ къыIуи, етIанэ ыгу филъ дэдэр пигъэхъожьыгъ.– Нэгъумыр зэгорэм IофшIэкIо дэигъэпщтын, ау джырэ уахътэм дэмыкIошъоу, къыщинагъэу сеплъы. Джы кIэлэ гъэсэгъабэ тиIэ хъугъэ, хэтми, Нэгъум Чэмал ычIыпIэкIэ ахэм ащыщ тырарэгъахьи, къэсэштэ.

– Илъэс бащэрэ тетыгъэшъ ара?

– Хьау. Iофым хэшIыкI фызиIэм илъэс бащэри пщигъэгъупшэщт. Чэмалэ ишIуагъэ къысимыгъэкIыгъэмэ, иягъэ къысигъэкIыгъэп. Колхозым сыкъырищи мэкъу-мэщ управлением сыIуигъэхьагъ, еджакIо партшколым сигъэкIуагъ, сыкъызэкIожьым начальникэу саригъэшIыгъ, дахэ къысимыIуагъэмэ, ынэ къысфыригъэкIотэу адрэмэ зэрадэгущыIэрэм фэдэу къыздэгущыIагъэп. Ау щыIэныгъэм ыуж Чэмалэ къызэринагъэр сизакъоп, зэкIэми ашIэ, лIыгъэ къызхигъафэу къыфэIошъурэп шъхьакIэ, ежьыри зыдишIэжьэу сыхэплъэ. Илъэс пчъагъэ хъугъэу районыр мэлъэубабэшъ, зы чIыпIэ ит. Джы экономикэр пшIэн фае, укуокIэ, партбилетымкIэ бгъэщынэхэкIэ зи къикIын щыIэп. Кадрэхэм гупшысакIэ ябгъашIэу, дэгъур дэгъу къодыекIэ амыштэу, шIуагъэу къыхьыщтым зэхэшIыкI фыряIэу, гурышыгъэ ахэлъэу, аIорэ закъомкIэ щымыIэнхэу, яшIошIи уемыпэкIаоу, щыIэныгъэм ыштэмэ, пхырябгъэщэу, лъытэныгъэ афэпшIэу, ори къызфябгъэшIыжьэу уадэпсэун фае...

– О сызхаплъэрэм фалэ уеджэгъах,– Сахьидэ ыIуи, щхыгъагъэ, етIанэ егупшысэзэ, ежь-ежьырэу зэупчIыжьыгъагъ.– Ярэби, ощ фэдэу сэри зыгорэ сэгъашIошъ, ара шъуIуа ащи зэгорэм къытиIожьыщтыр?..

Ар зыхъугъэм илъэс заулэ тешlагъэми, Едыдж Сахьидэ ищхы макъэ Даутэ ытхьакlумэ джыри ит, непэрэ нэкlу пщэр пшъэб lужъум фэмыдэу, тхьагъэпцl зыхэлъ кlэлэ зэкlу ищыгъэу ынэгу кlэт. Цlыфым изэрэщыт, игъэпсыкlэ ылъапсэ щегъэжьагъэу ышъхьапэ нэс илъэс блэкlыгъэ зытфыхым зэблахъун амылъэкlыщтми, зэгорэм Даутэ ышlэщтыгъэу Сахьидэ къыхэнэжьыгъэр макlэ. Гущыlэ зыхъукlэ гум имылъ псэлъэ хэшыпыкlыгъэр къытекlоу, иныбджэгъумэ ахэмыт фэдэу, райком бюром къиуцуагъэу, колхоз тхьаматэ горэ ыгъэсэжьэу къыпшlошlы. Нэгъум Чэмалэ зызэришlыщтыгъэр зэгорэм ыгу римыхьыщтыгъэми, lэшъхьэтетхэр зилъэгъукlэ, ахэр зыдэщыт хьанэ-гъунэм, къаплъэхэмэ къалъэгъунэу, къеджэхэмэ зэхихынэу къыщечэрэгъокlы. Ау обкомым исекретарь, ащ пэблагъэхэм зэрадэгущыlэрэр, зэрафыщытыр, Сахьид ары lоф нибжьи умышlэжьынэу, фэшъхьаф шъыпкъ. Пшъэб lужъури нахь уфагъ, тэмэпкъ хъураехэри ещэхыгъэх, къаlуатэрэм хэшlыкl фыримыlэу, кlэух едэlу фэхъугъэми, шъхьэр адигъэсысызэ адырегъаштэ. Хэку комитетым иапэрэ секретарь игъэпсыкlэ-шlыкlэхэр Сахьидэ къызэрэхафэхэрэр Даутэ шlогъэшlэгъонынам блэкlы: щытми, щысми, гущыlэми, щхыми, икlуакlи, иlэутlэ шlыкlи щыкlэкlыжьэу зыкlырыплъзэ, зэсагъэр угу къегъэкlы. Шъыпкъэ, апэрэм ыпашъхьэ зифэрэм ахэр къызхигъэщхэрэп, зыдишlэжьэу зыфэсакъзэ, зыкъуигъэбылъхьан елъэкlы. Сахьидэ изакъоп, ар нэмыкl lофышlэ зырызми аделъэгъу, ау мыдрэм къыхэщыпэ. Цlыфым ыкупкl ашlрэпэшlыжьым нахь зыхъункlэн щыlэпщтын, Даутэ ыlуагъ, уигупшысэ лъапсэ зыщимыдзыщт дунаим сытет пlокlэ сыдыр ишlуагъ...

Ахэмэ гу алъитэу Даутэ зыфежьагъэр lэнатlэу къыфагъэшъошагъэмкlэ Сахьидэрэ ежьырырэ нахь благъэ зызэфэхъугъэ илъэсыр ары. Сахьидэ ащ фэдэ дэд lоу Даутэ ышlэщтыгъэп. Язакъо зыхъукlэ ыlорэмрэ зызэришlыщтыгъэмрэ, зыщыгугъырэ лlышъхьэмэ апашъхьэ зифэрэм зызэригъэпсыщтыгъэмрэ зэкlолlэжьыщтыгъэп. Сыда шъуlуа ар къызхэкlрэр? Уашъхьагъ итым зызэрэфэпшlын, зызэребгъэштэн фэе гущыlэхэу санаторием Сахьидэ къыщыриlогъагъэхэр Даутэ ыгу къэкlыжьыгъэх. Ары шъхьакlэ, джы зызэришlрэм фэдэу а лъэхъаным



Сахьидэ зишlыщтыгъэп, ным къыдилъфыгъэ цlыфыгъэр, укlытэр, шъхьэкlэфэныгъэр нахь къебэкlыщтыгъэ. Икъэгущыlакlи, ищхыкlи, ичэфынчъагъи, иуцукlи, икlуакlи нэмыкlыгъ. Цlыфмэ ашъхьащыlэтыкlыгъэ lэнатlэ сиl пlокlэ зыхэбгъэукъо хъущтэп, гъэшlэгъонхэр къыохъулlэщтых, зыдэмышlэжьрэ емыкlухэр къыбдалъэгъущтых.

Ефыжьэгъаеу «Камаз» машинэ зэпышlагъэу къаблэчъыгъэм Даутэ игупшысэхэр зэпигъэугъэх. Гъогубгъуитlум бжыхьэсэ шхъуантlэу апэlулъэшъуагъэм Даутэ хэплъэ. Жьыбгъэ чъыlэ макlэ щымыlагъэмэ, гур зыгъэтхъэрэ дунэе дэхагъ нэгум кlэтыр. Чыжьэкlэ къушъхьэ шыгуфхэри къэлъагъох. Гъогубгъум lут чъыгхэр кlымафэм къыкlэзыжьыгъэхэу, къэкlощт тlэмыгъо гушlуагъом ашъокlэ зызэрэфагъэхьазырырэр гъуащэрэп.

Гъатхэм егупшысэ ыlозэ, пчэдыжь, хэку зэlукlэр рагъэжьэным ыпэкlэ, lуищи, Едыдж Сахьидэ къызэрелъэlугъэгъэ lофыр мыр ятlоу Даутэ ыгу къэкlыжьыгъ. Дударыкъо Темыркъан ымышlэ мэхъуа, Краснодарскэ хэу ашlрэм пае кощын lофыр зэригъэшlэнэу зымафэ ыдэжь къэкlогъагъ. Дэхэплэ гурыт еджаплэм ыкъо Нурбек завучэу зэрэlутри ешlэ. Джы нэс ымышlэщтыгъэ закъор партием зэрэхэмытыр ары. Ар тэрэзыlоу хъугъэп, узавучэу партием ухэмытыныр къекlурэп, фаеу щытмэ, укъэмылъэlожьми, хэдгъэхьан. Дэгъоу пшlагъэ, Сахьид, къызэрэсэпlуагъэр. Сэри а кlалэм игугъу шlукlэ бэрэ зэхэсхыгъ, кlэлэ дэгъу, кlэлэ lуш, кlэлэ заф аlо. Хэта ащ игугъу апэ къысфэзышlыгъагъэр? Болэт Къасым ары. Чэтэшlэ Бинази къыщытхъугъагъ...

Непэрэзымафэм Мафэкlо Рэщыдэ lоф хэтыгъ. Хэку зэlукlэм рагъэблэгъэгъэ колхоз тхьаматэхэм ари ащыщыгъ. Зэlукlэр аухыфэкlэ Мэфакlом ынаlэ Таймэзым тыригъэтыгъ. Даутэ къызэгущыlэм ригъэлъэгъу шlоигъоу lэгу фытеуагъ. Загъэпсэфынэу зэlукlэм къызчlэкlхэм, Таймэзыр зыдэщыт лъэныкъомкlэ реклокlыгъ шъхьакlэ, Едыдж Сахьидэ рищэкlыгъэти, акlэрыхьэшъугъэп. Ащ ыуж шхэхэ зэхъум, зэхэсмэ акlэрыхьанкlи къыригъэкlугъэп, фэшlэщт закъор арти, сэлам рихи, блэкlыгъ.

Зэlукlэр заухым, секретархэр къэнэнгохэу зи къараlуагъэпти, гушlуагъэ, инэплъэгъу тыримыхэу, зыдифэпэжьыгъ. Машинэм зетlысхьажьми, изакъоу рилъэгъуа-

гъэти, игопагъ, кIэкIэу ыуж ихьагъ. Ау МэфакIор зэрэфаеу иIоф хъугъэп: Нэгъум Чэмал зэришIыщтыгъэ хабзэу, Псытхьэлэ рестораным щэджэгъуашхэ щишIынэу къыщыуцугъэп. Ащ чIиубытэни, фай-фэмыеми зы Iанэ дыпэтIысхьан имурадыгъ. Ащи Таймэзыр къыщымыуцунэу зешIэм, зэ шъхьам къыгъэуцуни риIонэу гум къэкIыгъ, ау ари фэшIэшъугъэп. Мо тапэ итым укIэхьэкъон, шоферым риIозэ, Нэбыкъуае нэс, къаплъэмэ имашинэ къымышIэжьынэу, къэкIуагъэх. Таймэзым имашинэ фермэмкIэ диIонтIэхыгъэу зелъэгъум, МэфакIом ыIуагъ:

— Еплъ Таймэзым ышIэрэм, фермэм макIо. ПшIэнэп тэтыеми къытехьанкIэ, макъэ яшъыгъэн фае,— шоферым фигъэпытагъ.— Арэп, фермэм утехьащт пае, мощ фэдэ хъярым, уилэгъумэ уахэмысэу, уакъыхэкIыжьы хъуна!.. Лlы гъэшIэгъон мы Таймэзыр...

## XXIX

Уизакъоми пфэмылэжьын хатэ Мэджэс Ахъмэт иIэп. Мы аужырэ илъэсхэм унэгъо хатэхэр колхозым афежъоми, ихатэ зы трактор дигъахьэрэп. Сыдэхьащт ыIуагъэкIи, чэур Iумытхъыщтмэ, зыщигъэзэн ылъэкIыщтэп. Нахьыпэм, шъузыр псау зэхъум, пчэдыжь кIэтэджэгъуитIу е щыкIэ зэдатIыщтыгъэ. Изакъоу къызэнэ гъэм, ыгу къыдэмычъэу, ащ ешъоныр къыхэхьажьи, хатэр цIырауж кIыпIэ хъугъагъэ. Пчыхьэрэ Iофышlэ къикIыжьы зыхъукIэ, Цэцау ибуфет къыдырекIоклэу е зыгорэм ихъяр ежьежьырэу кIоу чэщ хэкIотагъэм ядэжь къыздэхьажьрэм, хэтэ уц зэлъыкIыгъэр мэз зандэу ипчъэIупэ къыпэIулъэу къышIошIыщтыгъ.

Зэ, мэзэгъо чэщ горэм къыхэкIыжьыгъэу, емышъогъагъэмэ ар ышIэныеп, пхъэшI сыкIощт ыIуи, обзэгъур ытамэ телъэу хэхьэгъагъ. Iэбэгъу имыфэу щебэджи, нэф щырихыгъагъ. Пчэдыжьым, обзэгъур ыбгъукIэ голъэу къызэущыжьым, къехъулIагъэр зыфихьын ымышIэу залэрэ егупшысэу щылъи, зыгорэм сыкъимылъэгъугъот ыIозэ, къыхэкIыжьыгъагъ. А мэфэ дэдэм уцыр хатэм щыригъэтэкъохынэу щэмэджым лъыхъугъ шъхьакIэ, гъунэгъумэ адэжь щыIэу къычIэкIи, ушъхьагъу гъоткIэ неущым Iофыр фихьыжьыгъагъ. КъэкIогъэ мафэми фыкIэхьагъэп.



Пчыхьапэ горэм уцыр ыупкIэн ихьисапэу Ахъмэт къызхэкIыжьым, ылъэгъурэр зыфихьын ышIагъэп: аргъын сатырхэр икIыхьэкIэ зэбгъулъхэу хатэм дэлъыгъэх. Ахъмэт, гушIоным ычIыпIэкIэ, ылъэгъугъэр ыгу къеуагъ. Сихэтэ уц хэт зыупкIагъэр ыIоу зыми еупчIыгъэп, армырми, зэрешъорэм пае, Болэт Къасымэ ыпэ зыкъыригъафэрэп, ащ нэмыкI ымышIагъэу егупшысагъ. Уцыр зэгъум, пхъэ кIэгъэстэн хъущт ыIуи, пчэдыжьыпэ горэм хатэм къыдихыжьи, къакъыр натIэм щызэтырилъхьэжьыгъагъ. А гъэм ибжыхьэ шыхэмкIэ хатэр ыжъоу ригъэжьагъ, зы уци къыдимыгъакIэу картофрэ натрыфрэ дишIыхьэщтыгъэ.

Пчэдыжь картофыр хилъхьагъэу IофшIагъэм хэплъэжьзэ, Къасымэ къыIухьагъ, IофшIэным зырихьылIэхэкIэ аIоу хабзэр гъунэгъум риIуагъ:

— Уилэжьыгъэ мэбагъу апщи!

— Ихъяр къыздэолъэгъу апщи, Къасым. КIэсаIо сшIохъугъэмэ сшIэрэп, хэслъхьагъ картофыр.

— КIасэп, картофым ихэлъхьагъу дэд,— Къасымэ картоф абэнэ шынагъэмэ яплъыгъ,— чIыр къэмыфабэу чылапхъэм зыкъитIэтэщтэп. Непэ тебгъэфагъ, уапэ хэзылъхьагъэмэ уакIэхьажьыгъ. Тэри тыгъуас ныIэп зыхэтлъхьагъэр.

— Натрыфыр, Къасым, сыдигъо хатлъхьэмэ хъущт?

— Натрыфыр пIуи? НатрыфымкIэ, Ахъмэт, гъэнэфагъэ сиI сэ. Модэ типсынэ дэжь щыт чъыгыр олъэгъуа? — Къасымэ хэтэ чэумэ ашъхьапырыплъэу Iэ ышIыгъ.— Ар адыгэ къыпцIэ шIуцIэ хъурай зыфаIорэм фэд. Моу иинагъэкIэ Iэхъомбапэм фэдиз, ори ащ щыщ пIуфэгъэн фае, гум ыхьэу, ыкIэ къизэу IэшIу.

— СIумыфэ мэхъуа, муарба,— Ахъмэти къакъыр натIэмкIэ плъагъэ,— ичъыг дэчъэх къэсхьыгъэу тадэжь дэт, мыгъэ ящэнэрэу тIэмынэу зегъэхьазыры.

— Ары ошIа, къыостыгъагъ. Адэ тIэмынэу зегъэхьазырмэ, игухэлъ зэрэлъыкIэхьагъэм тетэу уинатрыфыци чIым егъэкIу. Зэрэбэгъощтым уицыхьэ тегъэлъ.

— Ар оIуа, Къасым?

— Ащ укIэмыупчIэжь, згъэунэфыгъэ. КъэпшIэжьрэп нахь, джары къыпцIэ чъыгри къызкIыостыгъагъэр.

— АрынкIи мэхъу, олахьэ къэсымышIэжь,— къысфэгъэгъу ыIорэм фэдэу Ахъмэт гъунэгъум Iуплъагъ,

етӀанэ ыгу къеоу къыпигъэхъожьыгъ.– ПшӀэжьрэба, Къасым, чылэр къысэбгъэикӀыгъэу хьакъужъокъум тызэрэхэтыгъэр. Илъэс зыщыплӀыр сыгу къызыкӀыжькӀэ, сшъхьэ емыкӀу фэсэлъэгъужьы. Ини, цӀыкӀуи сцӀэ, тятэ тхьамыкӀэр къызэрэсаджэщтыгъэ цӀэр, ащызгъэгъупшэжьыгъагъ.

– Ащ уилажьи уимылажьи хэлъ, Ахъмэт.

– ЦӀыфым ежь зэримышӀэжьрэ къехъулӀэрэп.

– УцупӀэ пшӀырэми, укъэзышӀрэми мэхьанэ иӀ.

– ЯмыӀэ мэхъуа, ахэр арба узгъэунэхъущтри, узгъэунэщтри. Пшъхьэ уасэ фэмышӀыжьэу хэт уасэ къыпфишӀын. Адэ джы КупхэскӀэ къысэджэжьхэрэпи, загъорэ къашӀухэфэ, ау зыфэсакъыжьых. Ащ фэдэхэм сыгу ябгъэрэп, сыд ахэм ялажьэр, о зэпшӀэжьын, цӀыфмэ къыуахъонын. Ашъыу, сиуни Ӏугъо иу хъужьыгъэ, сихати цӀыраужьэп,– аужрэ псалъэр къызеӀом Ахъмэт щхыпцӀи, Къасымэ еплъыгъ.

БлэкӀыгъэ Ӏофым къытебгъэзэжьыныр Къасымэ икӀасэп. Сыд хэтэ уцымкӀэ, ешъон Ӏофыр хэунэнымкӀэ зишӀуагъэ къыокӀыгъэр пӀоным къикӀрэр? ПшӀагъэр къэрэн, пшӀэнэу къэтри нахьыбэшъ, ахэмэ яӀоф зефэ, къыптефэхэмэ, хьарам зафэмышӀ. Болэт Къасымэ нэмыкӀэу шӀушӀэгъабэ зиӀэхэри ДэхапӀэ дэсых. Ау ахэмэ ягугъу нахьи Къасымэ игугъу нахьыбэрэ ашӀы. Сыда ар къызхэкӀрэр? Къасымэ сыд шӀушӀагъэ иӀэми, ишӀушӀагъэ кӀэлъышъугъужьырэпышъ ары.

– НекӀо, Ахъмэт, тадэжь,– Къасымэ къыӀуагъ,– удэмыкӀзэ пчэдыжьышхэ зэдэтшӀын. Уизакъо хъумэ гъомылэр кӀорэп, нахь тызэдегугъун. Хьау, а къебгъэжьагъэр къыхэмыгъахь, ныом тыдигъэхьажьыщтэп.

ЩагумкӀэ къэлэпчъэ макъэ къэӀугъ. Гъунэгъу пшъашъэм пчэдыжьышхэ къызэрихьрэм Къасымэ егуцэфагъ.

– Олахьэ, Мерэм, уянэ къысэпэсэкӀуагъэм,– пшъашъэм сэлам зыпагъохыжьым, Къасымэ есэмэркъэугъ,– ащ фэдэу Нысэдахэ жьыртэджа?

– Нанэ хьаулыеу, Къасым, чэмыщыгъа?.. Джыри колхоз чэмыщмэ къадэтэджы, адэгъолъыжьы. Ахъмэт дэмыкӀзэ ыӀуи, мы пчэдыжьышхэр къысигъэхьыгъ,– шхыныр унэм Мерэм рихьи, бэрэ къимытэу къикӀыжьыгъ.

– Джары, Ахъмэт, гъунэгъу дэгъу уиӀэныр цӀыфмэ зыкӀаӀорэр,– Къасымэ игуапэу къыӀуагъ.



– ГъунэгъумкӀэ сытефагъ. Тхьэегъэпсэух.

– Ар пӀокӀэ, Ахъмэт, земыгъас,– Мерэм тхьагъэпцӀэу нэшхо хъурайхэмкӀэ къызэплъэкӀыгъ,– унэгъончъэу ущымыс, игъо хъугъэ. Нанэ ыӀорэр ошӀа, бжыхьэ нэс пӀалъэу къыпфигъэуцурэр...

– Къыбдесэгъаштэ, Мерэм, къыбдесэгъаштэ,– Къасымэ щхыгъэ.– Ау Нысэдахэ сфепӀожьыщтыр ошӀа, пчэдыжьышхэу къыуигъэхьыгъэмкӀэ Болэтым яныо узэрэшӀокӀыжьышъу Ӏори еӀу. Уизакъоп, сэри мыщ пае сызэрафэ.

– Адэ сыдэу тшӀын, Къасым,– Мерэм инэгушӀуагъэ къекӀоу джэуап къытыжьзэ, къэлапчъэм дэкӀыжьыгъ– сэри джары сӀорэр сэзгъэаӀорэр.

– Мыхъу зыщымыхъужьрэм, Мэджэсыр, о зыгорэу ухъун, чылэм дэтымыгъуатэми гъунэгъу чылэм бзылъфыгъэ цӀыкӀу горэ къыпфитщын. Мы пшъэшъэ шӀагъом ищысыкӀ сыгу къеорэр. Олъэгъу итеплъи, иӀэдэби, къызхэкӀыгъэ унагъори.

– Мерэм узфыкӀэупчӀэжьын пшъашъэп, Къасым. Сэщ нахьи нахь дэгъоу ори ошӀэ. Псэлъыхъохэм зыщакӀухьэуи арэп, пчыхьэ къэс ихьэ-икӀых.

– Адэ сыд, бетэмалыр, зыпэсыр?

– Мы пшъэшъэжъыемкӀэ Биназ джэуапынчъ...

– Нэшъу хъугъа, Шэныбэмэ япхъу нэмыкӀ пшъашъэхэр ДэхапӀэ зэрэдэсхэр ымылъэгъухэу?

– Шэныбэхэм япхъукӀэ теубытагъэ иӀэжькӀэ сыгугъэрэп.

– Ар сэшӀэшъ арба... Сыд трактора сэӀо мыхэмэ афызэкӀэмыгъэнэжьрэр?..– Къасымэ кӀыщымкӀэ дэӀуагъэ, тӀэкӀу зытешӀэм, етӀани ар дэдэр зэхихыгъэ.

Пчэдыжьышхэ ужым Къасымэ ышӀэрэ шӀагъуи щымыӀэу, джау сыдми цӀантхъоу, мэкъощым дэтыгъ. Сыд ышӀагъэми МерэмкӀэ зэхихыгъэр шъхьэм икӀыщтыгъэп. Пшъэшъэжъые шӀагъор сыда зыкӀэнасыпынчъэн фаер. ЧэтэшӀэ Биназ нахь кӀэлэ дэгъу чылэм дэмысэу ылъытэщтыгъэти, зэ нэмыплъ рихэу цӀэцӀагъэ: фэмыфи, нэтӀэ Ӏужъуи, чыжьэрыплъэ блэгъэ мыплъи, мы дунаим римыӀожьэу къыгъэнагъэп. Гум жьы дигъэкӀи, зэӀэсэжьым, ежь-ежьырэу зиумысыжьыгъ. Ярэби, сыуцугъэу, лажьэ зимыӀэ кӀалэм имыхьакъ есэӀуалӀэ. Тымыныб-

жьыкIагъэ пIонэу тижъышъхьэм имыщыкIагъэмэ тарэгущыIэ. Муары, тэри пшъэшъэ Iаджми агу тызэрэрихьрэр тшIэзэ, тиунэ исыр къэтщагъ. Гум пэблагъэу, шIоIэшIоу къахихрэр ары нахь, Iапэ зыфашIырэр арэп. СфемыIошъуми, мы Iофыр кIалэм резгъэIоныгъи, ау шIулъэгъуныгъэр узхэушъыихьан Iофэп. Колхоз Iофым нэмыкI ымыгъапэу, партвзносыр ыугъоеу щэрэс ЧэташIэр!.. Мерэм псэлъыхъончъэп, ипчъэIушъхьэ IузыубыкIрэ купым ыгу рихьрэ гори къахэкIын!..

– Къасым! – Шым тес шъэожъыер къэлапчъэм къышъхьапырыплъыгъ. СыкъыплъагъэкIуагъ къэрэкIу аIуи…

– Хэт укъэзгъэкIуагъэр, сикIал?

– МэфитIу хъугъэшъ, тракторыр къыралъэшъокIы, афызэкIэгъэнэжьрэп.– КIыщ лъэныкъомкIэ трактор зэкIэнэ макъэ къэIугъ, шъэожъыер щхыпцIыгъэ: – Джыдэдэм кIосэжьыщт ар!..– трактор макъэр щэ-плIэ къызэшIуани кIосэжьыгъэ.– КъыосIуагъи афызэкIэгъэнэщтэп!..– ардэдэм нэмыкI трактор макъэ къэIугъ.– КъызэрэралъэшъокIыщтыр къызэкIагъэнагъ джы!..

– ЗэкIагъэнэна свечым дагъэр къекIоу!.. Елбэт, сикIал, шъубыяу Iо!..

– ПсынкIэ, Къасым!..– шъэожъыер къэгузэжъуагъ.– СыкъызэрэплъыкIуагъэр зыми емыIу, къысэцIэцIэщтых.

– УкъаIофтагъэу пIуагъэба?

– СIуагъэ шъхьакIэ, зыми сыкъиIофытагъэп. Укъащэщтмэ ашIэрэпышъ, зэнэкъокъух. Джыри зэ зыралъэшъожьэжькIэ, каленчатэ валыр зэпырагъэтхъыщт!..

– Ащыгъум, сикIал, моу сыгъэшэс! – Къасымэ гузажъоу щагум дэкIыгъ, шы сэкур ыубыти, сэмэгу лъапэр шы лъэгонджэ зэрытыпIэм ригъани, шытхым зыридзагъ, етIанэ шъэожъыем къеджагъ: – Къаштэ пIапэ!..

– Хьау, Къасым, сыкъэкIощт сэ…

– УлIба мохэмэ уащыщынэу!.. Къаштэ пIапэ!..– Къасымэ къэIаби, шъэожъыер шыплIэм дигъэтIысхьагъ.– Умыщын о, дэгъоу пшIагъэ укъызэрэкIуагъэр!.. Машинэм хэшIыкI фыуиIэн фае нахь, уепхъэшэкIынэу амал зимыI… Машинэми псэ пыт. Былымгъотым къыгурыIорэба ар?!

– Мурат ахэтэп, губгъом щыI.



– Ащ сенэгуягъ сэ.

– Мурат щыIагъэмэ, бэшIагъэ зызэкIигъэнэщтыгъэр. Мыдрэхэр мыгъ ныIэп тракторым зытетIысхьагъэхэр, хэшIыкI фыряIэп.

– Ары, ары, гъуащэрэп зэрямыIэр…

Ардэдэми къежэу щытыгъ пIонэу, Темыркъан къэджагъ:

– Болэтыр, къыохъулIагъэр сыд шъэожъыем уекIэсыгъэу?

– Тэгузажъо, Темыркъан, тэгузажъо!..

– Сыд гузэжъогъуа щыIэр?..– Темыркъан акIэлъыджагъ, къыпылъыгъэхэп. Щагум дэкIыгъ, шыур зыдэкIорэ лъэныкъомкIэ плъагъэ, зыгъэгумэкIын щилъэгъугъэпти, гъумтIымзэ дэхьажьыгъ.

– Сыд сэIо ар зыуж итыр? – Гощнагъо къыIухьагъ.

– СэшIа зыуж итыр,– пцэжъыехэр зыхэс псыутIэм икъэтхъун Темыркъан ыуж ихьажьыгъ,– пшIэрэба ар зыфэдэр, имыIоф зэрефэщтын.

– Шъэожъыем екIэсыгъэу мо лIыжъышхор зэрэмыукIытэрэр?..– ыIэгушъо ынатIэ Iуилъхьи, Гощнагъо джыри плъагъэ.– Модэ, шыр егъэхьапкIэ. Тхьа мы Болэтыр ижъышъхьэм делэ хъужьыгъэкIэ… А лъэныкъом зыгорэ щымыIэмэ, сыд ар зыфачъэрэр?

– УмыгумэкI, зи тызхэнрэ щыIэп.

– Ы-ы, мэхъэджэжъ, ылъэкъожъхэр къэрэу лъакъу пIонэу къелэлэхэу шыр зэрифрэр!.. Тхьа, лIыжъ, а лъэныкъом зыгорэ щыIэм…

– Удэгуа, зэхэпхырэба трактор макъэр? АфзэкIэгъэнэжьрэпышъ, ащэ.

– Трудодень фатхыщт, ара?

– ТхьауегъэпсэуIу къыраIоми орэгушIо…

– Ифедэ хэмылъэу зигъэхъыенэп ащ.

– Ныо,– Темыркъан шIуанэмкIэ орыжъычIэр къытхъоу, зыдэгущыIэрэм къемыплъэу къыIуагъ,– мы тIохэрэр зыгорэм ыпашъхьэ щыпIокъон. Болэтыр пыи къызфэзгъэхъунэу сыфаеп. Мор къызыопыйкIэ, чылэми уагъэпыищт. АришIагъэр сшIэрэп, Болэтым ыIуагъ, зыпIокIэ, псы ешъожьыщтхэп. Чылэм изакъоп, районри къыфыщыт. Нэгъумыми лъытэныгъэшхо къыфишIыщтыгъ, мыдрэ Таймэзми егъашIо, ыцIэ къыщыримыIоу зэIукIэ кIорэп.

– Орырэ сэрырэ затIорэр, Къан, зымафи къысфэбгъэпытэгъагъ, уицыхьэ къыстегъэлъ, тазыфагу дэкIырэп. Алахьэм ерэмыд, мохэмэ тиунагъо Iо къырясымыгъэлъхьанымэ. Тадэжь къихьэмэ, бо дахэу сыпэгъокIы, пщым фэдэу зесэщэ, ишъузыжъ Фатыми зышъхьащысэIэтыкIы, имыщыкIагъэуи сэгъашIо. Болэтмэ язакъоп, ЧэташIэми сядэхэшIэкIы, чылэмкIэ лъэкI зэряIэр зыщызгъэгъупшэрэп. ЧэтэшIэ Шумэфэжъым ягуащэ Биб нэмыIэмэ, сшыпхъу нахьыжъым фэдэу джэгу тыкIуагъэми, хьадагъэм тыщыIэми, шъхьагъышъхьэ фэсшIэу гощашъо тырясэгъаштэ. Имылъэу лъатэрэмэ зафэогъэцIыкIу аIошъ, къысэзыIокIхэри щыIэх.

– Ахэмэ уапымылъ, къыуаIокIыни, ежьхэр хэхьажьыщтых. Джырэ дунай зыфэдэр пшIэрэба, нэбгыритIу зэфэмышIу зыхъукIэ, ящэнэрэр мэгушIо.

– Адэ ары, дунай шхъуантI тызтетыр,– Гощнагъо ышъхьэ ыгъэсысэ, ыжэгъу ушъуашъоу лIым дыригъэштагъ,– зэшъугъужьых, бжъэкъончъэу зэрэлIых.

– Зым иIэр шIомакI, нэмыкIым иIэр шIуаб, арба?

– Адэ ары, нахьыбэ агъот къэс цIыфхэр зэщэкIых…

– Арэп, ныо, зымафэ Шэныбэмэ япхъу цIыкIукIэ тызэрыгущыIэгъагъэр Бибэ фыхэбгъэпсыгъа?

– Боу есIуагъ, зэп-тIоп. Бибэжъ тхьамыкIэри зинысэ ЧэташIэмэ ащэщынэ нахь, Шэныбэмэ япшъэшъэжъые фаегущ. УакIыб афэмыгъаз, пыдзы умышIых сIуи, Сафятышхоми сеIушъэшъагъ, сеушъыигъ…

Темыркъан щхыпцIи, ыIэгушъо кIэужъунтхэжьыгъ, шIуанэр къызщелъэшъум, чъэбзэжьын езгъэжьэгъэгъэ псыутIэр икIэрыкIэу къэушIоркъыжьыгъ…

## XXX

– Нурбек Темирканович,– кIэлэегъаджэмэ ащыщ къеджагъ,– ятфэнэрэ, яхэнэрэ урокитIум непэ сыптIупщынэу сыолъэIу. Тятэшыпхъур непэ мэкощыжьы.

– Уятэшыпхъум къыратыгъэ унэр сыдэу щыта, ыгу рехьа?

– Олахьэ сымышIэ, Нурбек Темирканович, къызэрэсIощтыри, зычIэсыгъэхэм елъытыгъэмэ, къыратыгъэр унэ зэтетышху, ау мэкъумэщышIэ унагъом ифэмышъуашэу хэтэ цIыкIущ дэлъыр. Джары Iофыр. УначIэм ыубытырэм зэрэшъхьэдэкIырэ щыIэп. Тятэшыпхъум изакъоп, зэкIэми ашIомакI.

– Сыд, ащыгъум ДэхапIэ къызкIэшъумыщэжьыгъэр? Мыщ чIыгу пае къагъанэщтыгъэп.

– ТемлъэIугъа, нэ-псэ зыфэтымышIыгъа, къытфэкIожьыгъэп. Чылэр зыдакIорэм сыкIощт, сисабыйхэр къызхэкIыгъэ лIакъом къыкIэрысчышъущтэп ыIуагъ. УщыкIэрэп, Нурбек Темирканович, джыдэдэм кощрэ чылэмэ уадэхьанкIэ, зым ихьэдагъ, адрэм ыгу щышIэрэр къызхимыгъэщэу гушIогъо нэпскIэ къызэрыхъухьэгъэ хапIэр егъае. Зымафэ тятэшыпхъум игъунэгъу лIыжъымрэ, ДэхапIэ псэупIэкIэ къэкIожьыгъэ МэщфэшIу Ахьмэд ары, къалэм щыпсэурэ ягъунэгъущтыгъэ инженер кIалэ горэмрэ ящагу бгынэгъэ нэкIмэ адаплъэхэу бгъэкIэ ячэумэ затырагъакIи, зэрэгъыгъэхэр джы къызнэсыгъэм сынэгу кIэт. Олахьэ, ащ къяхъулIагъэр къысэмыхъулIагъэми, сфэмыщыIэу сынэпсхэр къэкIуагъэхэм… Сыдэу пшIыщт, ари щыIэныгъэм щыщ, къин умылъэгъоу, ЧэтэшIэ Ибрахьимэ зэриIоу, щыIакIэм уасэ фэпшIыщтэп. Къинэу алъэгъугъэм ахэр кIэгушIужьэу зэгорэм къэтлъэгъужьынха шъуIуа? Джы къин щыIа? Къин зылъэгъугъэхэр япшIыкIубгъонэрэ лIэшIэгъум Тыркуем икIыжьыгъэ адыгэхэр ары. Джы сыд, машинэм итыугъоенхэшъ, зиджэхэшъогу зэпэлыдыжьрэ унэшхом етщэлIэжьыщтых.

КIэлэегъаджэм къыIотагъэмэ бгъуитIумкIэ дыригъэштагъэми, дыримыгъэштагъэми умышIэнэу Нурбек шъхьэр ыгъэсысыщтыгъэ нахь, зи къыIуагъэп. Бэ узэгупшысэнэу Iофым хэлъыр. Сыдигъуи хабзэ: шIу зыдэщыIэм е щыI. ДжитIур щыIакIэм щызэкIэрычыгъэп, зэрэмылъэгъу зэхэлъэу къызэдэкIо, ау шIур, нэфыр мэзахэм зэрэтекIорэм фэдэу ем темыкIощтыгъэмэ, дунаир гугъэнчъэныгъи. ЕтIани умыкощэу, зипчэгъу чIэсагъэ чIэзычыжьрэм, зикIэлэгъу чIыпIэ зыбгынэжьрэм агу дэхъыкIрэр зэхэшIыкIыгъуай. АщкIэ мыр аIуагъ, мыр къаIожьыгъ пIоу, зыми угу егъабгъэ хъущтэп. МэщфэшIу Ахьмэди, джа къалэм къикIыгъэ инженер кIалэми агу щыхъэрэр къыраIотыкIыгъ. Ахэмэ ащкIэ яхэпIэжъ, ячылэжъ, егъашIэм хы чIэгъ хъущт нэрылъэгъу гукъэкIыжьмэ сэлам арахыжьыгъ. Къалэм къикIыгъэ кIалэм ищыIакIэ IаекIэ

арэп, аущтэу иӀоф щытыгъэмэ къыгъэзэжьыни, зыщыщмэ къахэхьажьыщтыгъэ, зыщалъфыгъэ, зыщапӀугъэ чӀыпӀэр ыгу къэкӀмэ къыздэкӀон, зыщыгугъын чылэ зэримыӀэжьыщтыр ары игукъэуагъэр. Къолэбзыу пэтзэ, къагъэзэжьышъ, ячӀыпӀэ къэкӀожьых. Хэти иапэрэ лъэбэкъу, иапэрэ шӀулъэгъу лъагъо зыщыхищыгъэ чӀыгум шъхьащыт ошъо къуапэр дэплъыемэ ылъэгъунэу, мы дунаим щыриӀ. Тара зэкӀэми зэдыряеу ташъхьагъ ит ошъогушхом щыщэу зичэужъ ыбгъэ тегъэкӀагъэу гъыгъэ кӀалэм иошъо къопэщтыр? ЕӀэбэхи, ятэжъмэ ячӀ щыщ Ӏэбжьыб къызэриштагъэм уицыхьэ тегъэлъ.

– Машинэ уищыкӀагъэмэ,– Нурбек ыӀуагъ,– директорым еӀони, тэтыер къыуезгъэтын.

– Хьау, Нурбек Темирканович, машинэ тищыкӀагъэп. Ахэри хьазырых, ӀапӀэхэри къыздизылъхьащтхэри щыӀэх. Сэ сызгъэгумэкӀырэр фэшъхьаф. Тятэшыпхъур иджэхэшъогу къызэрэтесщыжьыщтыр ары... АӀу-амыӀоми тхьамыкӀагъоба егъашӀэм машӀокӀэ бгъэшӀогъэ уиджэгу псы къыдагъэлъэдэныр, уихьадэхэр зыдэлъ къэхалъэр пцэжъые хэсыпӀэ пшӀыныр...

– УздакӀохэрэм, Абу,– кӀалэм ыцӀэ джы Нурбек къыриӀуагъ ныӀэп,– ахэмэ уащытегущыӀэн ищыкӀагъэп. Аущтэу апашъхьэ щыпӀонри, яуӀагъэ щыгъу тептэкъонри зэфэдэ.

–Ары, Нурбек Темирканович, ащ игугъу сшӀын!.. О къыосэӀо нахь, сыд ахэмэ ар зэрящыкӀагъэр? О нибжьи угу къэмыкӀыгъэхэр ахэр ары зыгу къэкӀхэрэр. КъыпкӀэрыуцонхэшъ, ежьхэм къыуаӀощтба!

– Агу жьы дагъэкӀышъ ары.

– Адэ ары. Мохэмэ агу джыдэдэм бэ дэхъыкӀрэр.

– Тэ джы зыуж титын фаер, Абу,– Дударыкъо Нурбек ышъо зыкъызэблихъугъ, ымакъи теубытагъэу хэлъыр къыхэщыгъ,– кощыжьрэ цӀыфмэ агу къызэрэтӀэтын фаер, непэ ашӀэрэм неущ зэрэкӀэгушӀужьыщтхэр ары. Зэрагъэкощхэрэр зимыгопэ Ӏаджи чылэмэ адэс, ахэмэ аӀорэм уапылъы хъущтэп.

– Адэс, адэс, Нурбек Темирканович.

Сыхьатым Нурбек еплъыгъ. Урокыр къаухынкӀэ джыри минут заулэ иӀ. Тутын хигъани, шъхьангъупчъэр зэпахъэ ышӀыгъ. Муары самосвал горэ Хьамырзэ Долэтыкъодхэм адэжь Ӏулъэдагъ, мыжъокӀэ-пшэхъо зэхэлъэу ритэкъугъэр нэбгырэ заулэмэ пчъэӀупэм щызэрагъафэ. Ахэмэ ахилъагъорэп Долэтыкъо, мафэрэ бэдзэрым дэжь щызэхэт ешъокӀо купмэ ащыщхэр къыщэгъэнхэ фае. Ежь яти, Темыркъан, джары зэришӀыгъагъэр. Ащ пае зэрэзэфэгубжыгъагъэхэри ыгу къэкӀыжьыгъ. ЯлэжьапкӀэ заретым, чылэм щезэрэгъашъохи, лъыкъэ-лъыпсэ изэрэгъафэхэу, цӀыфхэр якӀухи, зэпащыжьыфэ зэзэогъагъэх. Ащ фэдэ Хьамырзэм ышӀэщтэп, къыщагъэхэмэ, Ӏо къахимыгъэтаджэу къыздырищыгъэхэм ыщэжьыщтых, зымафэ колхоз правление пчъэӀупэм дэжь, Дударыкъо Темыркъан къырашӀагъэм фэдэ къызэрязгъэшӀэщтэп ыӀоу, рыгущыӀэу зэхихыгъагъэ. АщкӀэ ятэ къыушъхьакӀоу арыгъэп, акӀэрыплъыгъагъэти, нахьышӀоу иӀоф зэригъэпсыщтым, цӀыфхэр къызэрэзытыримыгъэгущыӀэщтхэм пылъыгъ.

Къэхалъэми нэбгырэ заулэ дэт. ХыубытыпӀэ чӀы Ӏэтыгъэр зэрыкӀощтым чылэ къэхалъэри хэфагъэшъ, хьэдэ кӀонхэр къэхэлъакӀэу афашӀыгъэм ахьыжьых. Ащи угу егъэузы. Мафэ къэс Нурбек къэм къыблэкӀы. Мыщ бэшӀагъэ хьадэхэр зыщамыгъэтӀылъыжьыщтыгъэхэр. Ау ӀофышӀоп ахэр бгъэкощыжьынхэр. Ежь ДудардыкъохэмИ, янахьыжъ щегъэжьагъэу къэ заулэ дахыжьыгъ.

Щэджэгъоужмэ адэжь, моу кӀэлэегъаджэхэр зэбгырыкӀыжьыгъэ къодыехэу, Нурбек кӀожьынэу зигъэхьазырзэ, Болэт Зулкъад къычӀэхьагъ:

– Сэлам, Дударыкъор.

– Арэп, непэрэзымафэм тэ ущыхэта?

– Тэ сыщыӀэн, уиӀоф зетэфэ.

– Сыд Ӏоф?

– Зи хэмышӀыкӀ фэдэу зыкъысфэмышӀ.

– УзэрэгущыӀэрэр сымышӀэу, Болэтыр, зыкъыпфэсшӀына?

– Хэта Таймэзым дэжь кӀогъагъэр?

– Сыд Таймэза? Сыжэ къызэтесхэу нибжьи Таймэзым сыдэгущыӀагъэп. ГъэрекӀорэ августовскэ кӀэлэегъэджэ район зэӀукӀэм къыщыгущыӀэу зэ зэрэзэхэсхыгъагъ. Сыд Ӏофа зыуж уитыр?

– Олахьэ сымышӀэ ащыгъум,– Зулкъад райкомым къыщыраӀуагъэр зыфихьыщтыр ышӀагъэп,– непэ райко-

мым Дударыкъо Нурбек партием хэгъахь къыщысаlуагъ, ар сиlофмышlагъэмэ ащыщэу къысфалъэгъугъ. О lофым зи хэмышlыкlэу olo.

– Сэlо зигугъу пшlырэм сыщыгъуазэпышъ. Хэта, Таймэзра къыозыlуагъэр?

– Таймэзырэп, ау ащ ыпкъ къикlыгъэу къысаlуагъ. Джары, тятэ партием къыхагъэкlыгъэу пlозэ, джы нэс къэпхыыгъ. Сlорэм укъедэlугъэп. Ощ фэдэ партием хэмытыщтмэ, хэтыщтыр сшlэрэп. Рекомендацие къыозымытын коммунист еджапlэм къычlэкlынэп, тиорганизацие щымыщми, тятэ апэ зэритэу къыуитын. Зыкlыхэшъумыгъахьэрэр еlошъ, къысэупчlы, зымафи ощ щэхъу хэмылъэу къысэцlэцlагъ. Слушай, Нурбек, зыгорэкlэ тятэ Таймэзым риlуагъэмэ шlэ?

– Мы зигугъу пшlырэ lофыр Къасымэ ыпкъ къикlыгъэмэ, зи хэсlухьанэп,– ар зиlэшlагъэм егупшысэзэ, Нурбек ыlуагъ,– ау ар зыпкъ къикlыгъэр тятэкlэ сенэгуе, директор симышlы мыхъунэу къыспыхьагъэшъ, щыlакlэ тиlэжьэп,– щхыпцlыгъэми, ыгу къызэреорэр къыхэщыгъ, етlани Зулкъад къэбарэу къыхыгъэм кlэмыупчlэжьын ылъэкlыгъэп.– Сыд пlуи райкомым къыщыуаlуагъэр?

Гъэрекlо бжыхьэ ятэ къыриlогъагъэр Нурбек ыгу къэкlыжьыгъ. lофы зебгъэшlэу чылэр зыхэт партием ухэмыхьащтмэ, сэ, лlыгъэ lоф зезгъэшlми, ухязгъэгъэхьан, ар къэсымылъэгъужьэу дунаим сехыжьынэп, къыриlогъагъ. А мафэми зэщымыхьэхэу, яшlошl язэрэгъэlогъагъ. Темыркъан анахьэу ыгу къеощтыгъэр – партием зэрэхагъэкlыгъагъэр ыкъо lэубытыпlэ къыфишlыщтыгъ. Ащ нэмыкlэу ышнахьыжъ Рэмэзанэ ищыlакlэ ыгу рихьыщтыгъэп. Чылэм дишlыхьэгъэ унэр ыгу къызэремыкlуищтыгъэм фэдэу къалэм дашlыхьэрэ чырбыщ унэ зэтетыри Нурбек ыгу рихьыщтыгъэп. Зэгорэм ащ lо къызэрикlыщтыр ятэрэ ышнахьыжърэ ариlогъагъ. Джырэ дунай узэрэщыlэшъу, пфашlэрэр чlэуухъумэжьышъущтмэ къыщыппылъын щыlэп, мылъку зиlэхэмкlэ шъхьэлъэш лъэхъан тызхэтыр ренэу къызэрэраlощтыгъэр къемыкlоу зэщичыщтыгъэ. Ятэрэ янэрэ ахэкlыни, шъхьафэу унагъо ышlэнэу тlо-щэ зищэигъ, чылэм щаlощтым щыукlытэу джы нэс къыхьыгъ.



– Сыдэу уцlыф гъэшlэгъона сэlо, Дударыкъор,– зэхихыгъэр Зулкъадэ ыдагъэп,– джыри умыгузажъу olo... Уфэмыемэ къаlо, егъэзыгъэ lофэп!..

– Ащ фэдэ къыосlуагъэп.

– Къысэмыlуагъэмэ, сыда умыгузажъор зыщыщыр?

– Адэ саклыбкlэ щыгущыlэрэр сшlэн фаеба!..

– Фаемэ зэгъашlэ, клэупчl, зыми ужэ ыlыгъэп. Ау илъэшъухь-къилъэшъухьажь мы lофым ищыкlагъэп,– Зулкъад сэмэркъэу хэмылъэу, гурыт еджапlэм ипартийнэ организацие изэрэсекретарыр нахь къыкlегъэтхъба пlонэу шъэогъум къыриlуагъ.– Егупшыс, мэфэ зытlукlэ уигухэлъ сэгъашlэ.

– Аущтэу зэкlэми шъоlомэ, сызэгупшысэжьын щыlэп,– Нурбек игущыlэмэ ащэукlытэ пlонэу къыlуагъ, етlанэ теубытагъэ хэлъэу къыпигъэхъожьыгъ: – Ар сэркlэ ухыгъэхэ lоф. Ау етlани саклыб щылъэlуагъэр зэсымыгъашlэ хъущтэп.

– Ар о уиlоф, Нурбек.

– Сиlофышъ арба сызкlигъэгумэкlрэр!..– Нурбек кlэгубжыхьажь фэдэу ымакъэ къыlэкlэкlыгъ.– Шlыхьаф lофкlэ партием зэрэхэмыхьэхэрэр пшlэрэба?

– Сэшlэ. Ау етlани къыосэlо, земыгъэукlыхь,– Болэтри ыlорэм текlыщтыгъэп. Нурбек, укъызыкlыспыпкlагъэр сыда, шъэогъум риlо шlоигъоу зэ плъагъэ, ау адырэр къыlущхыпцlэжьыгъэти, ыгу къыгъэшlужьыгъ.– Некlо, Дударыкъор, тренировкэм уздэсщэн, шъэожъыехэр къыспэплъэх.

Дударыкъо Нурбек къыфахьыгъэ къэбарым ыуж дунаим зыфэежьыгъэ щыlэп. Моу ядэжь нэсыжьыни, ятэ еупчlыным шlуабэ дашlэщтыгъэ. Зэгорэм Темыркъан къызэрэриlогъагъэу мы lофым хэхьагъэмэ, ышlэрэп ащыгъум ыlоштри, ышlэщтри. Щимыгъэlэжьэу, къыриlокlыпэ зэхъум, ышхьэ къихьагъэу дунаим ымышlэн щыlэп ыlуи, аущтэу мызекlонэу ятэ елъэlугъагъ. Гущыlэ къыритыгъагъэ пэтзэ, еплъ джы хъурэм... Зыгорэкlэ тятэу хэмыгущыlагъэр, Болэт Къасымэу къычlэкlмэ ыlуи, lэшlу-lэшlоу, аущтэу lофыр хъу шlоигъоу, Нурбек ячэунэз къырекlокlыжьыгъ. Темыркъан къызэрэфыригъэжьэщт шlыкlэм ыгъапэу щагум дэтмэ ыlуи, дэплъагъ – дилъэгъуагъэп, унэми имысэу къычlэкlыгъ. Янэ зеупчlым, Мыекъуапэ, Рэмэзан дэжь, кlуагъэу къыриlуагъ.

# XXXI

Биназ зы мэфэ закъокIи Лимэ щымыгъупшэщтыгъэми, игупшысэмэ нахьыбэрэ Мерэм къахахьэу зыхъугъэр ятэжъ уколышI къызфэкIо уж. Апэм, джау сыдми, чылэ пшъашъэмэ афэдэу еплъыщтыгъ, зи зэрамыIоми, зэIущхыпцIэхэу Iаджри къыхэкIыгъ. Ежь Мерэми хэмылъыгъэ шэнхэр кIалэм ыпашъхьэ къызэрэщыхафэхэрэр шIогъэшIэгъонэп, армырми, а зы нэбгырэмкIэ ар ренэу хэлъыгъ. Тыдэ щызэIукIагъэхэми инэутхагъэ зыдэхъугъэр ымышIэу, исэмэркъэуи шIокIодэу зыпырымыкъущт нэрымылъэгъу кIуачIэ горэм ыбзэ еубыты, ынэкIушъхьитIу къэушэплъы.

Джахэр пшъашъэм дельэгъукIэ арэп Биназ игупшысэмэ Мерэм нахьыбэрэ къахахьэу зыфиублагъэр. Ащ нэмыкI Iаджи Iофым къыхахьэщтыгъэ. Зыр зым ыуж итэу мафэхэр къызэкIэлъэкIох, ахэр мазэ мэхъужьхэшъ, умышIахэу, илъэсыр ацIэу текIых.

Цlыфым ищыIэныгъи ахэмэ афэд: хэкIы нахь, хахъорэп. БэшIагъэ илэгъухэр унэгъо дахэ зыхъугъэхэр, сабый тIурытIу-щырыщхэр яIэх, муары, Былымгъот Мурат ищагу нэбгырих къыдэкIы. Ежь шъхьэзэкъо лъэкъуитIоу дунаир къехьы. Ныбжьымрэ шъхьэзэкъоныгъэмрэ ащыукIытэу щысзэ, джэгумэ ахэхьаныр къехьылъэкIы. ШкIэхъужъ пIонэу уимылэгъумэ уакъыдашъоу, уадэджэгоу уахэтына!.. Ятэ-янэхэми, гъунэгъухэми ашIоIлыкIы. ИIоф зытетыр ашIэ пэтми, шъэогъухэри нэмыкIынэкIэ къеплъхэу рагъэжьагъ, сэмэркъэури къябэкIы.

Цlыфым бэ ыщэчыщтыр, сыдрэ къини зэринэкIынэу кIуачIэ зыфегъотыжьы. Цlыфыр зэмыуцолIэн щыIэп аIо шъхьакIэ, сыд фэдэ къиныгъуи лъэгонджэмышъхьэкIэ уфэтIысыныр, зэриIоу узекIоныр къикIрэп, ащ купкIэу иIэр нахь кууу, нахь чыжьэу мэIабэ, щыIэныгъэм иIушыгъэ еолIэжьышъ, узэрэпсэущтым уфегъэблы, дунаим идэхагъэрэ иIэшIугъэрэ нэмыкIынэкIэ урегъэплъы. Мэфэ дэкIо къэгъагъэу, дэхэфэшI нэшIошыгъэкIэ чIылъэм зэрэтемытыр зыдырегъэшIэжьы.

Зишъуз лIагъэу, зилI щымыIэжьым елъытыгъэмэ, Биназ зи къехъулIагъэп. Нысэщэ джэгур хъярми, узгъэулэун къиныбэ къыпэкIы, лIыгъэ зиIэми ихьэдэгъэ зэпытэп, ищх къекIужьы, игухэлъ-гугъэ щегъаIэ, къыпыщылъ мафэм шIукIэ щэгугъы. ШIу зэрэлъэгъуритIу пэпчъ янасып зэхахьэщтыгъэмэ, дунаир зэрэпсаоу шIулъэгъу нэфыпс зэкIэни. ШIулъэгъум цIыфитIур зэфещэ, зэблещы, щхырэр егъэчэфынчъэ, чэфынчъэр егъэщхы. Арэущтэу шIулъэгъур щымытыгъэмэ, шIулъэгъу раIоу агъэшIоныеп, дунаим щызэщыгъоныгъи...

Зы гупшысэм адырэ гупшысэр Биназ къытезгъакIощтыгъэр Лим ары. Ау ащ пае къанэщтыгъэп, ахэмэ зэрахэтэу, Мерэми ошIэ-дэмышIэу шъхьэм къыфимыхьаныр. ПчыкIэ хъопскIым фэдэу къичэразэти, шъхьэзэкъо щыIакIэр къызэлъигъэнэфэу, егупшысэгъуи римыгъафэу ичэрэзыкIыжьыщтыгъэ. Джащыгъур ары шыблэ гъогъо пщэ мэзахэм Лимэ зыхэкIуадэщтыгъэр. Пщэ шIуцIэмэ Лимэ къазыкъоужьрэм, нэшхо-пкъышхо зэкIоу, ынэкIушъхьитIу къахихэу ыпашъхьэ Мерэм къиуцощтыгъэ. Ежь Биназ, мэшIо жъоку къыкIатэкъуагъ пIонэу, ыгу зыгорэ къэхъу, ынэхэр плъызхэу заулэрэ зыщысрэ уж, къызэкIэщтэшъ, шъхьэр егъэсысы. НэмыкI дунай къыхэкIыжьыгъ пIонэу зэ зыщэгушIукIыжьы, ау етIани Мерэм ипчыкIэ хъопскI къыхэлыдыкIышъ, рэхьатыгъо къырымытэу шIулъэгъу гумэкIыгъом хегъэты.

Джыри жыыгъэми, колхоз правлением цIыфыр чIиз, хэти зыфэгъэзэгъэ Iофыр зэрефэ. МэфакIор зычIэс унэмкIэ зэрэгъэгущыIэ мэкъэшхо къеIукIы, ахэмэ анахьэу къахэщрэр Долэтыкъо ымакъ. Ихьэ-икI пчъэ макъэхэри къэIух. Непэ ашIэщт Iофым тегущыIэх, зипшъэрылъ тыгъуасэ зымыгъэцэкIэгъэ бригадирмэ атецIэцIыхьэх. КIэкIэу, зы гущыIэкIэ къэпIон хъумэ, колхоз Iоф егъэжьэгъу пчэдыжьып.

Пчэдыжь, сыхьатыр хымэ адэжь, колхоз правлением къызэрэкIоу Биназ тхьаматэм икабинет чIэхьагъ, МэфакIор хъатэу къыпымылъ зэхъум, Iофынчъэу сыщысынэп ыIуи, къычIэкIыжьыгъагъ. ЕтIани ащ изакъоп ар езгъэшIагъэр: МэфакIом игущыIакIэрэ инаряд тыкIэрэ ыгу рихьыщтыгъэп, узхэгущыIэрэм ыгу къеощт. Джы мэдаIошъ, Хьамырзэм икуо макъэ нэмыкI къэIурэп. ГъэшIэгъоны митIум язэфыщытыкIэ, Долэтыкъо сыд ыIуагъэми Рэщыдэ къыфэгубжырэп, дырегъаштэ. Тэ зыгорэ тыжэ къызэрэдэкIыгъэм лъыпытэу зыкъытпегъапкIэ, хэт щыс-

ми къыгъанэрэп, загъори Iогъу лъыхъоу сыхэплъэ. Зэ шъхьаихыгъэу тызэдэмыгущыIэ хъущтэп. Армырмэ мафэ къэсми нахь Iаеу зыкъысфешIы, Iофэу фэмыгъэхъурэмэ ягубж къыстырекъутэ. КъысфыуихьисапIыр сэшIэ, тыгу зэщыбгъэкIыни, секретарь IэнатIэм сыфэежьэп сэбгъэIон оIо шъхьакIэ, ащ фэдэ гухэлъ зэрэсимыIэр зэгъашIэ. Сэри ащ сыфэе дэдэу сытехьэгъагъэп, ау Iофыр аущтэу зыхъугъэкIэ, зэкIакIо сиIэп, коммунистхэу цыхьэ къысфэзышIыгъэмэ зэраIу.

Тутыныр хегъэнэфэкIэ Мерэм джэгум къызэрэщыдэшъогъагъэр Биназ ыгу къэкIыжьыгъ. Нэпцэ шIуцIитIури, IупшIэ шэплъитIури ынэпэпкъмэ къахэщыгъ. Уджым къыщызэдашъохэ зэхъум, тэмэпкъ хъураеу къефызылIэгъагъэми ишъэбэгъэ-пытагъэ джыри зэхешIэ, Мерэм игутео макъэ джы къызнэсыгъэм зэхехы фэдэу къыщэхъу. ГукIэ фалIэу, ыгъатхъэу тутыныр ыкъудыигъ. Тутын Iугъоу зыIуищагъэм шъхьэр ыгъэуназзэу тIэкIурэ щытыгъ. Тхьамэтэ унэмкIэ къиIукIырэмэ ащыщ зи зэхихыжьрэп, зы пчъэ макъи къылъыIэсыжьрэп. Ежьырырэ Мерэмрэ нэмыкI дунаим темытыжьэу ардэдэм къышIошIыгъ...

– Былымгъотыр, къыбгурыIуагъа къыосIуагъэр?! – МэфэкIо Рэщыдэ зыкъыхипхъотыкIыгъ, къэхъугъэри ымышIэу шъхьэр къыригъэпхъуати, зыригъэплъыхьагъ.– КъыбгурыIуагъэмэ, механизаторхэр Iофынчъэу щымыгъэсых. Джа кIэим илъ чIыгур непэрэ неущырэ амыжъо хъущтэп, натрыфым ихэлъхьагъу къэсы пэт.

– Джыри кIэй чIыгум уихьан плъэкIыщтэп.

– Сыда зыкIэмылъэкIыщтыр?

– ЦIынэ.

– ЦIынэмэ, гъэгъушъы!..

– Згъэгъушъынэу сымелиораторэп сэ!..– Былымгъотми къыфидзыжьыгъ.– Тхьапшрэ а чIыпIэм пындж щытэжъугъэлэжь сIуагъэ... Шъуемыгупшысэу чылэ гъунэр пындж шIапIэкIэ зэхэтэжъугъэжъухьагъэ. ЧэташIэм ыIуагъэм шъуедэIугъэмэ, акъыл кIэрышъухыни, къытэхъулIагъэр къытэмыхъулIэныгъэкIи мэхъу.

– Зи мыхъун къытэхъулIагъэп,– МэфакIор къыхэгущыIагъ.

– Мыгъэ чылэ гъунэм къытыщт пынджыр зыфэдизым еплъ. ЧIыгукIэ шъуIозэ, чIыгъэшIу хэтэжъугъэлъ-



хьагъэп. Ар зы. ЯтIонэрэмкIэ, пындж щыпшIэнкIэ чылэ гъунэ чIыгур макIэ Биназ къышъуиIо зэпытыгъ. Мафэ къэс, колхоз мылъкур тебгъэкIуадэу, инженернэ системэр пшIыщта?

– Арэп, Былымгъотыр, сыдэущтэу тхьаматэм удэгущыIэра? – Хьамырзэм ыдагъэп.– Мы бгъэсэжьрэм ощ нахь макIэ колхоз Iофым хешIыкIа? УмышIэмэ осэIо, мыгъэ мэкъу-мэщ институтыр МэфакIом къеухы, ар ятIонэрэ диплом. ЕтIани идиплом пынджымкIэ ары защищать зэришIыщтыр!..

– ОрэдипломитIу, орэпындж, орэнатрыф фаеми,– Мурат ымакъэ мыIэтыгъэу къыIуагъ,– узпылъ Iофым хэшIыкI фыуимыIэмэ, институтитIури зэрэбылым щыIэп.

Былымгъотым джэуапэу Хьамырзэм ритыжьыгъэр ЧэташIэм зызэхехым, щхыпцIи шъхьангъупчъэр фишIыжьыгъ. Сцэ къыриIуагъ нахь мышIэми, зи мыхъун къышъуиIуагъэп, Биназ ыIуагъ. Сидиплом пынджым фэгъэхьыгъ пIокIэ, пынджыр лэжьыгъуай. УишIэныгъэ чIыгум зепхьылIэкIэ, укъызэхишIыкIынэу узэрэщыгугъырэм фэдэу хэшIыкIи фыуиIэн фае. Къызэрэхъу имэщыр чIыгум къыпфидэщтэп. Ащ изакъоп, мары, джы къызнэсыгъэм псычэт фермэм ыуж ихьагъэп, неп, неущ ыIозэ, кIымафэр текIыгъ, гъэтхэ мэзищри мэфищ пIалъ. ЕтIанэ Таймэзыр къытэцIацIэ, тыщигъэIэжьрэп ыIощт. Таймэзым илажьа тэ Iоф зыдэтымышIэжьмэ!..

Ахэмыхьанэу Биназ рихъухьэгъагъ шъхьакIэ, фэщыIагъэп. МэфакIом дэжь кIонэу къэтэджыгъэу зэплъэм, Былымгъот Мурат конторэм къычIэкIыжьыгъэу ылъэгъугъэти, нахь рэхьатыжьыгъэ. Тхьаматэм икабинет лъэныкъокIи мамыр, Хьамырзэм ымакъи зэхихыжьрэп. Сыд мощ сыкIокIэ, къысфэмыемэ ясэбгъэIощтыр, узэрэчIахьэу аIорэр адырыжьыщт. Зэп, тIоп ар къызэрэсашIэрэр. Сыд МэфакIом ыIонкIи фит, псычэтэхъо фермэмкIэ партийнэ организацием унашъоу ышIыгъэр джыри зэ ыгу къэзгъэкIыжьыщт. Ау Хьамырзэр щысэу игугъу фэсшIыщтэп, къыхэонышъ, тэрэз-тэрэззэу Iофым тыригъэгущыIэщтэп.

Пчъэм зыгорэ къытеуагъ, ащ фэдэм Биназ есагъэпти, зыфихьыщтыр ымышIэу джагъэ:

– КъакIо, къакIо!..

– Сэлам хьалейкум,– шъо шlуцlэм хэшlыкlыгъэ шляпыр шъхьащысэу къихьэгъэ кlалэм сэлам къыхыгъ, егъашlэм зэрэшlэщтыгъэх пlонэу ыlи къыщэигъ.

– О алейкум сэлам, къеблагъ. Къэтlыс, пцlэ сшlэрэп, ау унэгукlэ усэшlэ фэд, къалэм укъикlыгъэн фае.

– Сынэгукlэ сыкъэмышlэнкlи мэхъу,– къихьагъэм ыцэ фыжьхэр къыlупсэу щхыпцlыгъэ,– ау къалэм сыкъикlыгъэ шъыпкъ. Орба Чэташlэр?

– Сэры Чэташlэр.

– Колхоз парткомым орба исекретарыр?

– Сэры.

– Адэ джары, сэ сыздакlорэр сшlэзэ сыкъэкlуагъ,– джыри шъо шляпэ шlуцlэм ыцэхэр къыlуигъэпсыгъэх.– Сэ театрэм сыкъекlы, сцlэр Емзэщ. Бэрэкъэтмэ сащыщ. Спектаклэ къышъуфатщэ тшlоигъу. Мэфэ реным lоф зышlэрэ колхозникхэм пчыхьэ гъэпсэфыгъо гори къаферэф. Дэгъуба тимурад?

– Боу мурад дэгъу,– Биназ зэхихыгъэр игуапэу къыlуагъ,– гъэрекlо Дэхапlэ клубыкlэ зыщытшlыгъэм щегъэжьагъэу зы театрэ къытфэкlуагъэп. Боу шъуигухэлъ дэгъу.

– Дэгъумэ пшlэщт, Чэташlэр, спектаклэм ыуасэ къызысlокlэ.

– Сыд ыуасэми, тиколхозникмэ яшlушlагъэ нахьи нахь лъэпlэнэп ар.

– Ар о olo, тхьаматэм сыд ыlощтыр?

– Учlэхьагъэба тхьаматэм дэжь?

– Сычlэхьагъэп,– зэрмырэу къеплъи, Бэрэкъэтым шъхьэр ыгъэсысыгъ,– тхьамыкlагъор, тхьамэтэ пстэури зэфэдэп. Ащ дэжь тычlэхьан, ау ащ иорэди фэшъхьафыщт... Илъэс пчъагъэ мэхъушъ сызыадминистраторыр, зы партком секретарь хьау къысиlуагъэп, изылъэшъухьэхэрэми, шъыпкъэ, сарихьылlагъ, ау тхьаматэхэр арых тызышlомыкlхэрэр. Ахэмэ ташlокlмэ тызшlофэжьрэр ошlа?

– Бухгалтерыр ары.

– Олахьэ, Чэташlэр, къытебгъэфагъэм. Гъэшlэгъоныр а тхьамэтэ купым сыгу ябгъэрэп сэ, шъулажь аlо нахь, зыжъугъэпсэф аlощтэп... Сыдэу пшlын, ашъхьагъ итмэ къараlорэр кlахэм щытмэ араlожьы...

– Бэрэкъэтыр,– Биназ щхы фэдэу зишlыгъ,– ащ фэдэ дэдэу тхьаматэхэми, ашъхьагъ итхэу зыфапlохэрэми уямыплъ, спектаклэ дэгъу къащи бэрэ lэгу тышъуфытеощт. Неклo, мыцlыфхэу зыфапlохэрэм адэжь тыгъакlуи, джыдэдэм узфаер къызэшlотхыщт.

– Некlo, ау мы укъызэрэспэгъокlыгъэр сыгу lэшlулэшlоу тебгъэлъыгъэмэ нахьышlугъ...

Нэбгыритlур зыфэкlогъэ lофыр Мэфакlом ажэ къыдигъэкlыгъэп. Къэlогъу римыгъафэхэзэ, бухгалтерием афытеуи, спектаклэ уасэр театрэм исчет афыригъэхьанэу афигъэпытагъ. Бухгалтер шъхьаlэм зыгорэ къыриlожьыгъэти, Рэщыдэ ыдагъэп:

– Къыуасlорэр неущ блэмыгъэкlэу гъэцакlэ. Театрэм тэ тыдэмыlэпыlэщтмэ, хэта дэбгъэlэпыlэщтыр? Сомэ шъитф пае театрэ закъоу тиlэр згъэнэтlупцlэщтэп. Ялlыкlo джыдэдэм къычlэхьащтышъ, счетыр къыуитыщт... Ашъыу, пlорэр сыд шъыу.– Рэщыдэ театрэм илlыкlo къенэкlэуагъ,– къэмыкlохэ мэхъуа!.. Къэмыкlохэми, къэкlуагъэхэп. Яхьалэл, янэ аритыгъэ быдзыщ, тешъугъужьрэп!..

– Тыкъэмыкlо мэхъуа!..– Бэрэкъэти къызlуипхъотыгъ.– Ахъщэр тисчет къызэрихьагъэм лъыпытэу, анахь спектаклэ дэгъур къышъуфэтщэщт. Шъуфаеми щхэнэу, шъуфаеми гъэнэу... Ашъыу, сlорэр сшlэрэп, гупшысэ хэлъэу къашъуlорэр къышъуфэтщэн, шъукlэгъожьынэп...

– Мыдэ,– Мэфакlор трубкэм еджэ,– япредставитель ыlорэр зэхэоха, шъуфаеми щхэнэу, шъуфаеми гупшысэ хэлъэу къэтщэн еlo. Щхэны пlуагъа?.. Щхэным нахьи,– Рэщыдэ щхыпцlэу Биназ феплъэкlыгъ,– шlулъэгъуныгъэр зыхэтыр нахьышlуба?

– Шlулъэгъуныгъэ бэлахьэ зыхэт спектакли тэгъэхьазыры пэт... Тхьэшъуегъэпсэу. Олахьэ сиlоф псынкlэу зэшlокlыгъэм...

– Тхьауегъэпсэу хэлъэп ащ,– Биназ ыlуагъ,– шъоры тхьаегъэпсэу зэтlон фаер...

– Ахъщэ хъущэ зэряттрэм пая тхьаегъэпсэу зыфятlощтыр? – Мэфакlор щхыгъэ.

Администраторыми зыфаер къыдэхъугъэти, иlоф псынкlэу зэрэзэшlуихыщтым пылъэу къахэмыгущыlэу чlэкlыжьыгъ.

– Ахъщэрэп, Рэщыд,– тlэкlу тыригъашlи, Биназ джэуап къытыжьыгъ,– яталант пай, цlыфыр шlугъэм, дэха-

гъэм фэпӀугъэным фэшӀ ашӀэрэ Ӏофыгъом пай, чэщ мычъые къинэу алъэгъурэм пай тхьашъуегъэпсэу ятӀон фаеу сэлъытэ. ЛэжьакӀомэ яӀофшӀагъэкӀэ тхьашъуегъэпсэу зятӀокӀэ, ахэми джар ятӀоныр атефэ. ТишӀуагъэ къышъотэгъэкӀышъ, шъуфаеми шъукъакӀу, шъуфэмыеми шъукъэмыкӀу атэмашъхьэ утеуӀозэ, культурэм иӀофышӀэмэ япӀоныр атефэрэп. БгъуитӀумкӀи шӀушӀагъэу яӀэр зы, ар ахъщэкӀэ зэпэпщэчын Ӏофыгъоп.

МэфакӀом къыхихыгъ, ау зиӀажи, щхы фэдэу зишӀзэ, къыӀуагъ:

– КӀо хъугъэ, укъыспыпкӀэ зэпытэу, ЧэташӀэр... Сомэ шъитфыри мыдэ щыӀэп уеӀэбэхмэ къэпштэнэу!.. Ащ нахьи нахьышӀу, моу кӀэлэгъур тыгу къэбгъэкӀыжьэу, нысэщэ джэгу дэгъу тфэшӀи, ы-ы!..

– Ары шъхьакӀэ, Рэщыд,– Бинази тхьаматэр Ӏогъушӏэгъу ымышӀынэу щхыгъэ,– къэпщэнкӀэ гъэтхапэр гъуйсыйба?

– Гъэмафэми тезэгъы.

– Гъэмафэри фэбаӀо хъунба?

– Ащыгъум бжыхьэм нахь дэгъу сыд щыӀэн!..

– КӀо ар къэсмэ, зыгорэм тыкъегупшысэн...

– Ар пӀозэ гъэрекӀо бжыхьэ мэфэкӀыр бгъакӀуи, Таймэзыр тэбгъэгъэпцӀагъэ...

– Сыда аӀорэр, Рэщыд? Зибэ щышӀагъэм имакӀи щышӀэжьын аӀо!..– Биназ джыри щхызэ, къэтэджыжьыгъ.

Тыгъуаси, непи МэфакӀом ищхыкӀэ Биназ ынэгу кӀэтыгъ. Илъэс лъэхъанхэр къызэрэфипчъыщтыгъэри щыгъупшэжьыщтыгъэп. Сыда сиунэгъо шӀэн ащ фэдизэу МэфакӀор зыкӀыдэгузажъорэр. ЛимэкӀэ шъхьэихыгъэу тӀо-щэ къыздэгущыӀагъ, джы хэт къапщэми хъущт еӀо. ШӀэхышӀоу уиорэд къызэблэпхъоу егъэжьагъ. Таймэзым къыриӀогъагъэри щымыгъупшэу къыдзыжьыгъ. Хьамырзэ Долэтыкъу уцугъо зимыӀагъэр, мафэ къыхэкӀыщтыгъэп Лимэ ыцӀэ къыримыӀоу, зы мафэ горэм къытыриубыти, мырэущтэу къыриӀогъагъ:

– ЧэташӀэр, хьаулыеу Лимэрэ орырэ къангъэбылъ шъузэдешӀэ, къащи ыуж икӀыжь!.. Ятэ сыда узэрэпылъыр, ежь пшъашъэми чылэр къыздигъэхьащхэу шъхьэр еубатэ. ЗыгорэкӀэ сыкъыбдэкӀощтэп еӀомэ шӀэ? Аущтэу



еӀомэ, мэкъэнчъэ сымышӀ, сэ ащ сыфэгъэзагъ. ЕтӀанэ къыосӀощтыр ошӀа, хэта о узыпылъмэ апылъыжьыр джы... Шэныбэ Сэбэхь хэгъэгум пыигъэ дызэрихьагъэмэ, къагъэкӀожьыщтыгъэп, гъэмафэ нэс къэсыжьынэу Сафят ежэ.

– Сыд адэ Шэныбэм хэгъэгум дызэрихьагъэу пшӀэрэр? – Долэтыкъо къырищэжьагъэмэ упчӀэ теубытагъэкӀэ Биназ апэгъокӀыжьыгъагъ.– Хэгъэгум икъинып1э уятэ адэ зигъэбылъыжьыгъагъэпи?

– Тятэ тхьамыкӀэм ащ фэдэ епӀолӀэн къолъэп, заом ижъотыпӀэ хэтыгъ, уӀэгъэ зыщыплӀи телъэу къэкӀожьыгъ. Зы орденрэ медаль зыщыплӀрэ къыкӀэныжьыгъэу тиунэ илъ, Шэныбэм ар сыдым фигъэдэн!

– Ащыгъум, Долэтыкъу, о пшъхьэ фэмыхьыщтыр сшъхьэ къыфэмыгъэшъуаш. Шэныбэм зи ымышӀагъэу Тыркуем гъэбылъакӀо кӀожьыгъэп. Хэгъэгум къегъэкӀожьы сӀокӀэ, сыпэгъочъэу фэсыжь апщ сфеӀошъущтэп. ЛимэкӀэ умыгумэкӀ, ащи зинасып хэлъыр къыфыкъокӀын. Зэпсэлъыхъуагъэхэ пэпчъ амыщэжьыщтыгъэмэ, дунаир пшъэшъэжъ зэкӀэни...

– Ашъыу Лимэ зыми ымыщэжьынэу сӀорэп сэ, муары пчыхьэ къэс фызэблэкӀхэу аӀуагъ. Боу пшъэшъэ къэбзэ цӀыкӀу...

Пчыхьэ горэм Биназ Болэтмэ адэжь Ӏухьи, унэм имыхьэу, Зулкъад рищыгъ:

– Модэ зыкъэфап, зыгорэм тыкӀощт.

– А тыздэкӀощтым цӀэ иӀэба?

– Ашъыу Хьэсанэмэ адэжь тыкӀощт...

– Адэ аущтэу Ӏоба...– шъхьэр Зулкъад къыпхъотагъ, Хьасанэмэ адэжькӀэ плъагъэ.– Муары, Мерэм ис, иостыгъэ хэгъэнагъ. Джыдэдэм зыкъэсфэпэщт.

– Бэрэ укъимыт, Нурбек дэжьи тыӀухьащт...

## XXXII

Нычэпэ зэрэгумэкӀыгъэр къырыпшӀэу Темыркъан ынапӀэхэр пщыгъэхэу щагум дэт. Нурбек ежэ. Ар къызхимыгъэщэу, джау сыдми мэӀэо-лъао, унапчъэм фычӀэплъы.

Унэм, тыгъоспчыхьэ фэдэу, Нурбек щыдэгущыӀэнэу Темыркъан фаеп. Сыд пае ыкъорэ ежьырырэ зэраӀорэм

нысэр ригъэдэӀун!.. Тэ сыд тӀуагъэми, тыкъызэхэнэжьын, модрэм ятэ-янэмэ анигъэсыжьын, Ӏо зимыщыкӀагъэм Ӏо къикӀын. Нычэпэ етӀысылӀэу шъузым римыӀожьыгъэмэ, тӀуагъэу зэхихыгъэр икъун. Ежьмэ яунэгъо-унашъо ыжэ къызэтырихэу зэхытигъэхыгъэп. Ярэби, сыд мыхъунэу сшӀагъэр? КӀэлэ нахьыжъыр хащэ сшӀи, партием харагъэгъэхьанэу згъэлъэӀуагъэ. Ащ сыд хэлъыр? Таймэзым ишӀэ хэмылъэу щытэп, ежь ышъхьэ дэдэкӀэ, Ӏофы зыригъэшӀэу къырарigъэӀуагъ. Къэнэжьрэ закъор ежь Ӏофы зыригъэшӀыжьмэ ары. Е кӀэлэ бетэмал, щыӀакӀэр зыфэдэр умышӀэу, о зыр ДударыкъохэмкӀэ тэ укъикӀыгъа?

Темыркъан куахъор мэкъощ лъапсэм щычӀиси, блэпсыр зыпылэлрэ тыжьын сыхьатым еплъыгъ: минут заулэкӀэ блым хэкӀыгъ, им ыныкъор ары еджапӀэм зыкӀорэр. Сыфае хъугъэшъ, мыхъыежьы зишӀыщт. Иманцыз, партием сыхэмытыжьмэ гъэшӀэгъона, урыукӀытэнэу, урыхамыгъэхьанэу мыхъун сшӀагъэу зыкъослъэгъожьрэп. Хьапс къэсхыгъэмэ, егъашӀэм тызэрэщыӀэн хэсхыгъ. Ныбэм иӀоф Ӏотэжьыгъошӏу зыфаӀорэм фэд, илъэс заулэм къинэу слъэгъугъэр зы мафэкӀэ сӀотэжьыгъэ. Сэ симыгъапэу ащ о земыгъэгъап. Ар сӀомэ, кулакмэ, саботажмэ сябэнзэ, сэри къэсхыгъ, ау ащ пае зыми улӀы дэгъу къысиӀуагъэп, нэмыкӀмэ ялыягъэу мыр пфэтэшӀэ къысаӀуагъэп, заоми лъыпсыр щызгъэчъагъ, тхьэуегъэпсэу зэхэсхыгъэп, сызэлъэпаом, хэгъэгум шӀушӀагъэу фысиӀэмэ къяплъыгъэхэп. Уятэ партием зыкӀыхагъэкӀыгъэр аӀомэ, япӀощтыр пшӀэрэба? Ятэ ышӀагъэм ыкъо иӀоф хэлъэп Ӏори яӀу. Муары, ипыигъэмэ Ӏэ ащафэ, зыфаер афашӀэ. Сыда чыжьэу узкӀэкӀожьыщтыр, ыпхъу цӀыкӀу фэмые пэтзэ, Шэныбэр къагъэкӀожьы, нэмыцмэ Ӏоф адэзышӀэгъэ полицейскэщтыгъэмэ атыралъхьэгъэгъэ илъэсипшӀ-пшӀыкӀутфыр къахьыгъэшъ, пенсионер хъужьыгъэхэу къырагъэжъукӀышъ, чылэмэ адэсых. Адэ джары, джырэ дунай узэрэщыӀэшъу...

Унэпчъэ макъэм Темыркъан шъхьэр къыригъэпхъотагъ:

– КӀалэ!..

– Сыда, тят? – тыгъоспчыхьэ зэщымыхьэгъахэм фэдэу Нурбек нэгуихыгъэкӀэ къэупчӀагъ.

– Мыдэ къакӀо,– Темыркъан къакъыр натӀэм къохьагъ.– Тыгъоспчыхьэ тызэрыгущыӀэгъэ ӀофымкӀэ делагъэ земыхьанэу къыуасӀо сшӀоигъу. Таймэзым дэжь сыкӀощт зыфэпӀуагъэр пшъхьэ игъэкӀ. Зэхахмэ, чылэм хьайнапэ удэхъухьан. Къыбдэхьащххэу егъашӀэм къэпхьын. Уилэгъумэ ауж сыда зыкъызкӀибгъэнэщтыр, ахэр зыхэтым ори ухэтын фае. Джыри къыосэӀо: Таймэзым тикъэбар емыгъашӀ, модыкӀэ пфэлъэӀуагъэ пшынахьыжъым еплъ.

– Тят, тыгъоспчыхьэ сӀуагъэм сэ зи хэзгъэхъожьын щыӀэп, ау сыгу къеорэр сигухэлъ сызэрэкӀэмыгъэхьагъэр ары. СиӀофмэ уакъыхэмыгущыӀэу сыщыгъаӀ, ищыкӀагъэ хъумэ, упчӀэжьакӀо сыкъэкӀон, акъыли озгъотылӀэн. Ау сышъолъэӀу: Рэмэзанрэ орырэ мы нэепсэегъэ Ӏофмэ ауж зэ шъуикӀыжьи, цӀыф щыӀакӀэу шъущыӀ. Адрэ ТаймэзымкӀэ зыфапӀорэм бэшӀагъэ сызегупшысагъэр, сыхахьэ зысшӀоигъуагъэр тӀэкӀу шӀагъэ – институтыр къызысэух ужыр ары.

– Адэ сыд джы нэс узпэсыгъэр?

– Уипартие хэкӀыкӀ ары сызэтезыӀэжагъэр.

– Сэ укъыспымылъ о, уиӀоф зэрэхъущтым пылъ,– Темыркъан къыӀуагъ шъхьакӀэ, къыжэдэлъэтыгъэр ыкъо къызэремыкӀущтыр зыдишӀэжьэу кӀилъэшъужьыгъ,– ары, угу къызэрэуиӀоу зекӀо. УкӀэлэцӀыкӀужьэп, дэйри дэгъури зэхэмышӀыкӀынэу, сыдэу тшӀын, тэ тхэлъыр тхьам къыпхилъхьагъэп. Хэт ышӀэра, аущтэу зэрэхъугъэр нахьышӀункӀи мэхъуба!.. Тигумызэгъагъэ тэри мыхъун Ӏаджи къытигъэхъулӀагъ. Болэт Къасымэ фэдэ сэра мыхъущтыгъэр, боу апэрэ кӀэлэ зишӀугъоу ДэхапӀэ дэсыгъэмэ апэ ситыгъ. Сэ сыздэщытым Къасымэ къыщыгущыӀэныр хэгъэкӀи, зэӀукӀэмэ сакъыщыгущыӀэмэ, класс пыим банэу ешӀылӀэгъэщтыр зыфэдэм зыхэзгъэдаӀохэкӀэ, Ӏэгу сфытеохэу сапашъхьэ итыгъэмэ ахэтыгъ. СӀорэмкӀэ зекӀощтыгъэ, псэущтыгъэ. Сэры комсомолми, ЧОН-ми хэзыщагъэр, зы илъэскӀэ ыпэ партием сыхэхьэгъагъ. Болэтми, сэри партийнэ рекомендацие къытэзытыгъагъэр ошӀа? ЧэтэшӀэ Ибрахьим... Е, Нурбек,– Темыркъан зэрэхэщэтыкӀыри ымышӀэу хэщэтыкӀыгъ,– зэман гъэшӀэгъон тыхэтыгъ... Хэгъэгум икъиныпӀэ партием сыхэти, ишӀупӀэм сыхэзыгъэу хъугъэ... Адэ джары узфэмысакъыжьмэ Ӏофхэр зэрэхъухэрэр, шэнэу пфэхъурэм уежъылӀэ,– Темыркъан гукъэкӀыжь чыжьэмэ ахэтэу джыри шъхьэр

ыгъэсысыгъ.– Мары Чэтэшlэ Ибрахьими партием хэтыжьэп, ау хэзыгъэу зы мэфэ закъокlи зыдишlэжьыгъэп. Шъыпкъэмэ сшlэрэп, партвзносыр егъэтlылъэу зэхэсхыгъэ...

– Шъыпкъэ, Биназ партбилетым кlигъэтхэжьэу слъэгъугъагъэ. Мыры тиунагъокlэ партийнэ секретарэу джы тиlэр ыlуи, Ибрахьимэ щхыгъагъэ.

– Еплъ ащ ышlэрэм, партсекретари яl,– Темыркъан ынэхэр плъызхэу ыгъэшlэгъуагъ, етlанэ хэкуукlыгъ: – Ялэн адэ яунагъо коммунист закlэмэ!.. Тэ типартбилети къыддэкlодыгъ... Самыгъэтlысыгъагъэмэ, сэри ястыжьыщтыгъэп...

– Сэгужъо, тят, еджапlэм...– Нурбек цlыкlу-цlыкlоу ыlуи, ятэ игукъэкlыжьмэ къахимыщыжьы шlоигъоу, lукlыжьыгъ.

Илъэс зыбгъу-зыпшlым Темыркъан мыщ фэдэ гукъэкlыжьмэ ахэтыгъэу къышlэжьрэп. Къакъыр натlэм къыlууцогъэ тыгъэнапэм заулэрэ хэтыгъэу пхъэтэкъэжъым тетlысхьагъ. Ыкъорэ ежьыррэ зэрэзэдэгущыlагъэм lо къызэримыкlыгъэм кlэгушlужьы. Сыд пае мафэ къэс ажэ зэlулъын. Ежь иlуагъэу, зэрэщыlэшъоу щэрэl. Зыщищыкlагъи, зыщимыщыкlагъи кlалэр lогъу-шlэгъу тэшlы. Чэщи, мафи янэ ажэ акlэрихрэп. Мары, дахэкlэ сыдэгущыlагъэти, дахэкlэ къыспэгъокlыжьыгъ. Шъыпкъагъи, цlыфыгъи, lэдэбыныгъи хэлъ, тэ тыщэхьэшъ, лажьэ зимыlэ кlалэр зэщытэфы. Адэ партием ухэхьан, ащ фэдэ гухэлъ ор-орэу пшыгъэ lоу сшlагъэмэ, зыгори къыосlоныгъэп, уиlофи хащэ фэсшlыныгъэп. Рэмэзан партием хэт шъхьакlэ, чылэм дэсэп, зэрэхэтри мыщ щашlэрэп. Сэ сыхэмытыжьмэ, скъохэри партием хэмытынэу ара? Хахь, сикlал, хахь. Уилэгъухэми зыкъыщямыгъан, тэри тикlэлэгъу тыгу къэгъэкlыжь... Олахьэ мы шъэо нахьыкlэм сикlэлэгъугъэр сыгу къегъэкlыжьым. Мыр зэрэщытым сэри сыфэдагъ, цlыфыгъэ къэбзагъэр къытэбэкlэу, ащ тышlолlыкlэу, тыгу къызэриlоу зэфагъэм тыкlэгуlэу, тыфэбанэу тыпсэугъ. Заом тызlохьэми, тызlотми ащ тиlыгъыгъ. Зэоуж илъэсхэр ары зыдэсшlэжьэу нэмыкl тызышlыгъэр. Щымыlэныгъэр ары тlонти, зытемыlэм цlыфхэм нахь тызэфэсакъыжьыщтыгъ, гукlэгъуи, гуфэбэныгъи тазыфагу дэлъыгъ... Етlанэ мы илъэс пшыкlутфым тиlэр



зыдэтымышlэжьэу къытэхъулlагъэр сшlэрэп. Тызэкlырыплъмэ, тызэнэкъокъумэ, тызэшъугъужьызэ, тиунэхэр тlэтыгъэх, тичэухэр ащ едгъэпшагъэх... Олахьэ сымышlэ, кlэлэ нахьыкlэм иlуагъэу, мы унэшхори, скъоми, спхъуми ясымыгъашlэу ахъщэ зэlугъэкlагъэу згъэбылърэр зэрэбылымыр... Хьадрыхэ зыдэсхьыжьыщтха мыхэр!.. Сэтхъэу цlыфмэ ашlошlы шъхьакlэ, зы мэфэ закъуи сытхъагъэу сыгукlэ зыдэсшlэжьырэп. Загъорэ Болэтым сыдэхьащхы, арэп щхэныр, сэры нахь...

Гощнагъо унэм къикlи, пчъэlушъхьэм къытеуцуагъ. Лlыр щагум димылъагъо зэхъум, цlэцlэн ригъэжьагъ:

– Тэ кlуагъа джы нэфмышъэу, а лlыжъ! – джагъэ.– Чылэлlыр гъэтхэ мафэм мэlэо-лъаошъ ящагумэ адэт, ежь Къасымэжъыр ымылъэгъумэ зэгоутыщт, мыщ зэрэфыщытэу янэ къылъфыгъитlури зэфыщытхэп.

– Сыд сэlо къыохъулlагъэр, зызфэпшхыжьрэр?!

– Ал, къакъыр натlэм укъотэу сэбгъаlохэрэр сыда?..– Гощнагъо ыlуагъэмэ арыукlытэжьы фэдэу зишlыгъ, пэгъокlыгъ.

– Джа пlохэрэм анэмыкl сыд пlонэу пшlэрэр?

– Умышхэу унэм уикlыгъэти ары... Некlо, пчэдыжьышхэр мэучъыlыжьы, Къан...

– Пчэдыжьышхэр мэучъыlыжьмэ, Болэт Къасымэ къызэрэхахьэрэр сыд?! – Темыркъан шъузым къеупчlи, пымылъэу къыблэкlыгъ.

Мафэ горэм, тыгъэр ошъочапэм джыри къыдэкlоегъу имыфэу, Къасымэ елъэкlоныпэзэ, Темыркъандхэм якъэлапчъэ lухьагъ:

– Темыркъан!..– унэм зи къимыкlыхэ зэхъум, етlани джагъэ.– Исхэба сэlо мыхэр? – къэлапчъэм къыlукlыжьын зыщиlорэм, Гощнагъо мыгузэжъуахэу пчъэlушъхьэм къытехьагъ.

– Къасыма зымакъэ сымышlэжьырэр? Къеблагъ, Къасым, къеблагъ. Сыдэу чыжьэу ууцугъа адэ?

– Тхьауегъэпсэу, Гощнагъу. Темыркъан исба?

– Моу Чэташlэмэ ячэу къуапэкlэ кlуагъэ.

– Къэбарэу щыlэр ошlа, Гощнагъу?..– Къасымэ инэгушlуагъэ ымакъэ къыхэщэу къэупчlи, зэримыгъажэу джэуап къытыжьыгъ.– Къэбар гушlуагъо чылэм къыдэхьагъ: Мэджэс Ахъмэт иорден къыфэкlожьыгъ.

– Сыд ордена?

– Джа зыуж титыгъэр ары!.. «Красная Звезда».

– Ы-ы, Темыркъан ием фэдэра?

– Джары, джары. Темыркъан ащ фэдэ иI.

– Арэу Iоба, Къасым...– Гощнагъо ымакъэ нэмыкIэу къэхъугъ.– Темыркъан ар зиIэр бэшIагъэба, хэлъэу заом къикIыжьыгъ. Ащ нэмыкIхэу, дышъэпс егъэшъуагъэхэу джыри орден заулэ Темыркъан иI.

– Ахэр медалых.

Гощнагъо ышъо къызэокIыгъ.

Сыд ордена джыри Мэджэсыжъым къыфахьыжьыгъэр? ТилI илыягъэу а Iаер зэуагъа сэIо? Орденэу хэлъыр фимыкъоу джыри зы къыфэкIожьыгъ еIо... Зыгорэм гъучI такъыр къыфэкIожьыгъэшъ, тыбгъэгушIонэу укъэчъагъ ара? Пкъо имыкъоу, ори тызгъалIэрэмэ уащыщ!..

– Адэ сэ къэбарэу чылэм дэлъыр ошIа зыоIом,– Гощнагъо зыкъуишIэжьыгъэу Къасымэ къыфидзыгъ,– зыгорэ дэдэ къысэпIощт сшIошIи, сыбгъэтхьэуягъ.

– Ащ нахь къэбарышIоу, Гощнагъу, сыд чылэм дэбгъэлъыщтыр?

– СшIэрэп ныIа, ЧэташIэмэ шIэхэу нысэ яIэнкIи мэхъуба?

– Хьау, Гощнагъу, а къапIорэм нахьи нахь къэбарышIу сэ сызэрыгущыIэрэр,– Къасымэ зыдэгущыIэрэ бзылъфыгъэм ичIэгъэчIэлъ гущыIакIэ къыгурыIуагъ, губжы шIоигъоу джэуап ритыжьыгъ.– Чылэм нысащэ дэтыныр хъяр, хъярым насыпыр къыдэкIо. Ау заом къыщихьыгъэ орденыр къызэратыжьынэу джырэкIэ ДэхапIэ дэсыр зы нэбгыр, ар чылэмкIэ гушIуагъо, Мэджэсым изакъоп.

– Адэ ары, Къасым, адэ ары...– къызэрэфамыдэщтыр Гощнагъо къыгурыIуи, псынкIэу кIилъэшъужьыгъ.– Ащ фэдэ уичылэ къыдэхъухьаныр зымыуасэ щыIэп. Мэджэсыр тэркIэ хымэп, ащ шIу къехъулIэмэ тэра зимыгопэщтыр, алахь зизакъор ары а зыфэпIогъэ орденым шъуз цIыкIу гори дезгъэгъотыжьыныр. Ау орденым уасэу фашIырэр ары нэмыIэмэ, улъыижьхэу пхъуантэмэ адэлъых...

– Тэ фэтшIрэп нахь, ащ уасэ иI, зимыIэм иIэп, зыхэтлъхьанкIэ, дгъэлъэгъонкIэ тэукIытэ.

– СшIэгущэрэп уасэ иIэу... нахьыпэм мыхъуми сомэ горэ къыкIакIощтыгъ...

– Сомэ пае тызэуагъэп тэ!..

– Тхьэ ари, Къасым, тэрэзым,– ыгу имылъми, Гощнагъо къыIуагъ.– Мэджэс тхьамыкIэжъыр зы лэжьэкIожъэу чылэм дэс, заоми дэгъоу щызэуагъ аIуагъ, тхьэ гушIуакIо уфэкIуапхъэм!.. Ащ фэдэм уфэмыгушIомэ, хэт узфэгушIонэу ДэхапIэ дэсыр? Тхьауегъэпсэу, Къасым, зэрэсэбгъэшIагъэмкIэ. Темыркъани къызэрехьажьэу есIони, згъэгушIон. Гъунэгъуми ясIон, зымышIэрэми язгъэшIэн...

– ЯIу гъунэгъуми, зымышIэрэми ягъашI,– Болэт Къасымэ ынэхэр къигушIукIыгъэх.– ЧэташIэмэ адэжькIэ сэкIошъ, сэри Темыркъан есIон. Хъяр адэ ащ фэдэр уичылэ къыдэхъухьаныр. ШэныбэмэгушIуакIо зафэкIуагъэхэкIэ, Мэджэс Ахъмэт зэрэчылэу фэкIуапхъ!..

– Ары, Къасым, ары...

Гощнагъо заулэрэ Къасымэ кIэлъыплъагъ. Модэ мор зэрэкIорэр, ыIуагъ. ГушIуагъор ежь ышъхьэкIэ къыдэхъугъ пIонэу, икIуакIэ къыхэщы. Мощ фэдиз иинагъэу уимыем ущыгушIукIынэу, сыда къэхъугъэр? IитIур кIэджэгукIы, елъэкIоны. Болэтым зызэришэу къэбарыр къызфэIугъэ Мэджэсым зишIыгъэпщтын. Джар, сымышIэми, тадэжь къынэсыфэкIэ унэгъо шъхьарыкIэу аIухьэгъах. Гъоумэ сшIэрэп, сыдэу цIыф ерыш, сыдэу цIыф емызэщыжь. Алахь, алахь, гушIуакIо Мэджэсыжъым дэжь сигъэкIощт!.. IукI адэ, шыцуямэ пыоу мо Iаем дэжь сымыкIонмэ!.. ГушIуакIо кIуагъэхэу сэшIы, зэрищэн унэ тэрэз иIа, иошэкур пэцэжъ пIэкIор химыгъэтIысхьащтхэмэ, зытыригъэтIысхьанхэ пхъэнтIэкIу иIа?.. Шэныбэхэмрэ арырэ сыдым зэфихьхэра?.. Япшъашъэ сикIалэ къыщэнэу сшIагъэмэ, зыпэ къэсымыштэн щыIагъэп. КIэлэ бетэмалым зы шъхьэпэпцIэжъ укIыти, щыни ынэгу кIэмылъэу Нэбыкъуае къытфырищыгъэшъ, зэрэунагъоу тызэпегъачъэ, ежь зэрэфэе тхьацоу лIыр епшэ. Лимэ къыдэкIощт Iоу сшIагъэмэ, сабыитIоу кIэсым сямыплъэу, непэрэзымафэм а жэпкъ кIыхьажъыр езгъэтIупщыжьыщтыгъэ. Сыд тэ тинысэ зэрэбылымыр? ГъэгущыIэ, гъэчъые, анахь щыгъын дахэкIэ зегъэфап. Тхылъыр ыблыгучIэ чIиконышъ, пшъэшъэжъыем фэдэу еджапIэм чъэщт, къезгъэджагъэх, сыпшъыгъ ыIонышъ, къэчъэжьыщт. Лимэ врач Iаз, цIыфышIу. Тэри жъыгъор къыт-

хэlагъ, уцы, укол тэlо, тимыгъэнэтlупцlэу ынаlэ къыттыригъэтыщтыгъэ...

Болэт Къасымэ зэгупшысэщтыгъэр фэшъхьаф. Орденмэ уасэ яlэжьэп зэраlорэр Къасымэ ищыпэзэхэхэп. Ау ащ фэдэ зыlорэм дыригъаштэщтыгъэп. Орденым уасэ хабзэм фешlы, тэры фэшъошэ уасэ езымытрэр. Зимыlэм, лlыхъужъыгъэкlэ е lофшlагъэкlэ къэзымыхьыгъэм шlолlыкlышъ, зиlэмэ зыхалъхьэрэп. Мафэ къэс, зыщищыкlагъи, зыщимыщыкlагъи пхэлъыныр арэп къикlрэр. Уилlыхъужъыгъи, уиlофшlагъи гъашlо, цlыфхэми къыздягъэгъашlу, джа шъхьэлъытэныгъэм фэпlух, щытхъу зыпылъ lофшlэнэу уасэ къызфашlыщтым къыфэlэтых. Джары нахь тызэрыгущыlэн фаер, сомэу къылъатыщтыгъэр арэп. Емыкlу уишlушlагъэ чапычым пэплъытэныр!..

– Къеблагъ, Къасым, къеблагъ!..– лlэу блэкlрэр Былымгъот Курацэ ылъэгъугъэти, къеджагъ, къэлапчъэмкlэ къыщыпэгъокlыгъ.– Сыдэу шъущыта, Къасым? Бэшlагъэ узысымылъэгъугъэр. Сыдэу щыта Фатыми, кlалэхэри?.. Тхьэуегъэпсэу, тэри уезэгъыщт, джа тызэрэплъэгъу, тэпlэтlэрао.

– Зыбгъэсымэджэн нахьи зыбгъэпlэтlэраомэ нахьышlу. Олахьэ дэгъум, Курац, узэрэслъэгъугъэр, усымаджэу зэхэсхыгъэти, сыгу къеогъагъ. Зымыгъэсымадж. Сэри моу Чэташlэмэ адэжькlэ сэкlо.– Къасымэ къэлапчъэм lумыхьэу, урамым зэрэтетэу къеупчlыгъ: – Арэп, Курац, чылэм къэбарэу дэлъыр ошlа?

– Сыд къэбара, Къасым? Алахьэм къэбарышlу къыдегъахь... Мэджэс Ахъмэт иорден къызэрэкlожьыгъэр арыщтын!..

– Ащыгъум къэбарыр ошlэба?

– Сымышlэ мэхъуа, Къасым!.. Гушlуакlуи тыфэкlогъах. Я си Алахь, сыдэу гъэшlэгъона ащ фэдиз илъэс тешlэжьыгъэу уиорден бгъотыжьынри. Ари Дэхапlэкlэ зы гушlуагъу, алахь зизакъом гушlуагъо цlыфхэм афешl, сигуапэ хъугъэ. Ори тхьауегъэпсэу, Къасым, lофы зебгъэшlэу ыуж уитыгъ аlуагъ.

– Сэ ащ сызэрэхэт щыlэп, Курац. Ащ ыуж итыгъэр сэрэп, хабзэр ары. Илъэс пчъагъэм, мары ори оlо, цlыфым ишlушlагъэ ыгъэкlодыгъэп, ригъэжагъ, ыгъэлъэпlагъ, уасэ фишlыгъ.



## XXXIII

Чэтэшlэ Биназ Мыекъуапэ зэрэкlуагъэр ежь имашинэп, къутагъэти, тхьаматэм иемкlэ обкомым зыригъэщагъ.

Натрыфлэжьмэ яхьылlагъэу хэку зэlукlэм зыфагъэхьазырыти, Болэт Къасымэ зипэщэ натрыфлэжь лlыжъхэм афэгъэхьыгъэу иlэр зэкlэ, къеупчlхэмэ къэмыукlытэжьынэу, иlэрылъхьагъ.

Биназ обкомым къызчlэкlыжьым, тхылъыщэ тучаныр фамышlыжьзэ ыlуи чъагъэ, грамотэ заулэу ищыкlэгъэщтхэр, политгъэсэныгъэм фэгъэхьыгъэ тхылъ зытlущи, мэкъу-мэщ плакатхэри къыщэфыгъэх.

Джы къэнэжьыгъагъэр зы lофыгъу: шоферымрэ ежьырырэ щэджэгъуашхэ ашlынышъ, lофэу къызфащагъэр дэгъоу зэшlокlыгъэу кlожьыщтых.

– Бэрэ сыкъэтыгъа, Якъуб?

– Сыхьатныкъу пlогъагъэ шъхьакlэ дэхэкlаерэ укъаlыгъыгъ,– шоферыр щхыпцlыгъэ.– Обкомым тыкъэкlуагъэу зыфэтlуагъэм тыкlожьыгъэу сшlэрэп, lоф мыухыжь чlэлъ зэпыт.

– Адэ сыдэу пшlыщт, хэкум ышъхьэкуцl мыр. Хэкум илъ lофыр мыщ къыщежьэ. Мэфэ реным обкомым сыкъычlэсыгъэкlэ умыгугъ, тхылъыщэ тучанми сыщыlагъ. Плъэгъурэба, мы купыр къэсщэфыгъ. Апэрэр дэсэп нахь, ащ дэжьи сычlэхьанэу щытыгъ.

– Апэрэм дэжь учlэхьанэуи? – Якъубэ зэхихыгъэр ыгъэшlэгъуагъ.– Уинасып зэрэдэмысыгъэр!..

– Сыда? Ащ зэкlэми зыlуагъакlэмэ ашlоигъу.

– Ар Мэфэкlо Рэщыдэкlэ сlон слъэкlыщтэп,– зыгорэ ыгу къызэрэкlыжьыгъэр пшlэнэу шоферыр щхыпцlыгъэ,– зыгъэ ыдэжь зычlахьэм, псыр къыпычъэу, къызэрэчlэкlыжьыгъагъэм щыублагъэу зыщедзые.

– Ащ фэдэу узщыщынэн цlыфэп апэрэр, lоф зышlэрэм уасэ фешlы. Сэ тlо-щэ сеолlагъ. Ежьыри lоф ешlэ, ори уегъашlэ, lофшlагъэ уиlэмэ, къыпщытхъущт, уимыlэмэ – къыогыищт, умыхъу хъумэ, къызэрэоплъын щыlэп, анахь упэгъунэгъуми, утырищыщт.

– Сэри игугъу дэгъукlэ ашlэу зэхэсхыгъэ,– шоферым ишъыпкъэу, нэшlошlыгъэ хэмылъэу къыдыригъэштагъ,–

лажьэрэм уасэ реты, щысэкӀэ егъэлъагъо аӀуагъ. КӀо, ыгу имышӀугъо горэм Рэщыдэ тефэгъагъэу къычӀэкӀын... Олахьэ, сыфэмый МэфакӀом ар зэхихыжьынэу, дэгъуми дэйми илъэс пчъагъэ хъугъэу къесэщэкӀы, ыгу къеон, къысфидэнэп,– шоферым зыкъиушӀэжьи зиумысыжьэу кӀилъэшъужьыгъ,– шъыпкъагъэ уиӀэу къыбдэсэшӀэшъ, Биназ, къыосэӀо... Зы пцӀы хэлъэп, джар сынитӀукӀэ дэслъэгъугъ.

– Цыхьэ къыпфамышӀмэ, Якъуб, дунаим тетыгъуай,– Биназ щхыгъэ, ащкӀэ шоферыр къызэрелъэӀугъэм кӀэух фишӀыгъ.– Адрэ ыгу имышӀугъу зыфэпӀуагъэмкӀэ къыбдезгъаштэрэп. ГушӀугъэ-мыгушӀугъэ партийнэ ӀофышӀэм къызхигъафэ хъущтэп. Джащыгъум къончагъэ Ӏаджи Ӏофым къыхэхьащт. ЗэрэпшӀоигъоу Ӏофыр кӀэкӀыщтэп.

– Олахьэ арым,– шоферми къыдыригъэштагъ,– шъузми тигъэгубжыгъэу Ӏаджри унэм тыкъекӀы, ар зыгорэм тепкъутэмэ, емыкӀу къэпхьын, ӀофшӀагъэ горэ къыдишӀагъэмэ, къецӀэцӀагъэу къычӀэкӀын.

– Джар шъыпкъэм пэблагъ, Якъуб,– рестораным къэсхэ зэхъум, шоферым риӀуагъ: – Щэджэгъуашхэ тэгъэшӀы... Якъуб, Ӏоф тыхэфагъэкӀэ сенэгуе...– Биназ рестораным зэрэчӀэхьагъэмкӀэ кӀэгъожьэу ышъхьэ риуфэхыгъ.– Дударыкъо Рэмэзанба мо щысыр?

– Олахьэ арым...

– Хэта шъуӀуа игъусэхэр? ЗыкӀыб къэгъэзэгъэ кӀэко къолэн зыщыгъыр синэӀуасэ фэдэу къысщэхъу.

– НекӀо, Биназ, тычӀэгъэкӀыжь...

– Ащ шӀуагъэ иӀэжьэп джы. ЦӀыкӀу-цӀыкӀоу тышхэни, тычӀэкӀыжьын. Дударыкъор ешъуагъэшъ, тыкъимышӀэжьынкӀи къэнэщтэп.

– А ящэнэрэу зыфэпӀуагъэр сэшӀэ сэ...– шоферыр къэӀушъэшъагъ.

– Хэта?

– Бэрэкъэт Емзэщ ары!.. ПшӀэжьрэба, театрэм къикӀыгъагъэр ары... Олахьэ цӀыф гъэшӀэгъоным а Бэрэкъэтыр. КъыодэӀун, къыодэӀуни, зэрэфаеу, умакъэкӀи, уищхыкӀэкӀи зыкъыппишӀыжьыщт. Ешхэ-ешъомэ рагъэблагъэшъ, Ӏаджми закъыпырагъэшӀыжьы, егъэщхых, ыгъэзэщхэрэп аӀуагъ...

Лылэпсэу къыфахьыгъэм Биназ гуӀэзэ ешъуагъ. Салатри къызфигъэкӀуати, аркъыр ымыгощэу, фужерым ригъахъуи, ришъугъ. Гъомылэу къыфахьыгъэм иӀэшӀугъэ ымышӀэу, шъхьэр къыӀэтмэ къалъэгъункӀэ щынэу шхагъэ. Аркъым зешъо уж, мэфэ реным шхагъэпти, ышъхьэ тӀэкӀу къэуназэу ригъэжьагъ, гущыӀэмэ шӀоигъоу хъугъэ. Сыд сэӀо мо ешъорэ купмэ зашӀозгъэбылъэу сызфыщысын фаер, ыӀуагъ. Рестораным тыкъычӀэхьагъэмэ, цӀыф фэдэу тышхэни, тычӀэкӀыжьын. Лылыбжьэм нахь егугъоу, мыгузажъоу шхэу, купыр зыдэщыс лъэныкъомкӀэ нахыбэрэ нэплъэгъур ыдзэу ригъэжьагъ.

– Машинэм дэжь сыкӀожьын сэ,– Якъубэ зэшхэхэ уж къыӀуагъ.

– Муары, машинэр щыт,– шъхьангъупчъэм Биназ иплъыгъ,– джыдэдэм тызэдчӀэкӀыжьыщт. Тэ щыӀа официанткэр?..

ЗыкӀыб къэгъэзэгъэгъэ Бэрэкъэтыр къызэплъэкӀыгъ. Дударыкъо Рэмэзани, рестораныр ежь ий пӀонэу, официанткэу щысмэ яз мэкъэ ӀэтыгъэкӀэ еджагъ:

– Галя!.. Тэ ущыкӀодыгъа сэӀо!..

Джэмакъэм рестораным чӀэсмэ ашъхьэ къаригъэпхъотагъ. Биназ къекӀолӀэгъэ официанткэри гъумытӀымыгъэ:

– Жэшхожъ, сыдэу Ӏаеу укуора...

– Мэфэ щэджагъоу сыд ешхэ-ешъуа мохэм чӀашӀыхьагъэр? – шоферыр официанткэм еупчӀыгъ.

– Ромик щэджагъу, пчэдыжь иӀэп, къызщызэӀуахырэм къычӀэошъ, зыщызэфашӀыжьрэм чӀэкӀыжьы.

– Ар сыд шъыу,– Якъубэ ыӀуагъ,– ятэ ыдэнэп.

– Ымыдэщтми, мафэ къэс джары тызхэтыр. Ромик ащ фэдэу щытыгъэп, къехъулӀагъэр сшӀэрэп, мэзэ зытӀур ары зимышӀэжьэу зыхъугъэр.

– Галь!..– ин-инэу Дударыкъо Рэмэзан Ӏанэм къыпэтэджыкӀи, официанткэу ӀукӀыжьырэм кӀэлъыджагъ.– Нэбгырэ тхьапша мыщ чӀэсыр? – ӀапэкӀэ къылъытэу, ыбзэгу фызэпырымыгъэзэжьэу унашъо фишӀэу ригъэжьагъ.– Модэ мо бзылъфыгъитӀум шампанск, модрэ хъулъфыгъитӀум аркъ апч, модрэхэми, мыдрэхэми афишъущтым фэдиз афэхь!.. Сэ непэ сидень рождение, сэры зэкӀэ зытырэр!..

Бэрэкъэт Емзэщ къызщылъэти, Дударыкъом Iэгу фытеоу ригъэжьагъ:

– Браво, Ромик, браво!..

– Уцу зэ, Бэрэкъэтыр!..– Дударыкъом ыпашъхьэ Iэгу щытеорэ IитIур рищэхыгъ.– Хэт сэIо сищыгъу-пIастэ фэмыеу мо нэбгыритIоу тэджыжьрэр?..

– Хэта? – Дударыкъом игъусищым языр къызщылъэтыгъ.– Мо чIэкIыжьхэра?..

Ауж икI Бэрэкъэтым ыIуагъ, алъежьагъэр къэуцугъэп. Ар зыхъугъэм такъикъ заулэ тешIагъэу ресторан щыгъын пылъапIэм дэжь бырсыр макъэ къыщытэджыгъ, апч шъхъэшъхъэ макъи къэIугъ.

ШIу зэрэщымыIэр Бэрэкъэтым ышIи, зи зэхимыхыгъэ фэдэу ыпшъэ риуфэхи, шхэ фэдэ зишIыгъ. ЯтIонэрэр къызщылъэти, апэ къыпэкIэфагъэр цацэр арыти, къыпхъотагъ. Дударыкъор фэгубжыгъ:

– Аслъан!.. ТIыс сIуагъэ!.. – етIанэ ымакъэ нахь тIысыжьэу къыфидзыгъ: – ТырящыкIагъэмэ тыкъагъотын... Къигъахъу бжъэ горэ.

– Ары шъхьакIэ Эдик...– Аслъан къыIуи, аркъыр къыригъахъоу ригъэжьагъ.– Гъунджэр IуахыгъэкIэ сенэгуе...

– СыдкIэ уигъапэра, Iуахыгъэмэ ыуасэ атыжьмэ хъугъэ,– Дударыкъор фырагъэхъуагъэм ешъуагъ.

– Милицэр къащэгъэн фае...

– Рэхьатэу щыс сIуагъэ!.. А къэкIуагъэхэм зэхафыщт ар...– Галь,– нахьыпэм зэреджэщтыгъэм фэмыдэу официанткэм еджагъ.– Сыд сэIо мо лъэныкъом къыщыхъугъэр?

– А сшIэгущэрэп, гъунджэр акъутагъэти, нэбгырищыри милицием ащагъэх.

– Къеожьыгъэха Эдик? – джы нэс зи къэзымыIожьыщтыгъэ Емзэщ къэупчIагъ.

– Къеожьынха, ежь яуагъ!.. Галстук зыдэлъым ынэлъэныкъо къыгъэубэрэпщыгъ...

– НекIо, Рэмэзан, тычIэжъугъэкIыжь...– Емзэщ гумэкIэу ресторанын къызэпиплъыхьагъ.

– Укъэщтагъа, Бэрэкъэтыр?

– Сыкъэщтэна ащ нахь хэмылъэу... Тызфэщынэни, олъэгъуа, тиIанэ къыпэхъухьагъэп... Нычхьапэ спектаклэ



ДэхапIэ сщэн фае... Шъуичылэхэр згъэгугъэгъагъэх. Олахьэ, Рэмэзан, тхьаматэри, парткомым исекретари кIэлэ шIагъохэм, искусствэм хэшIыкI фыряI! Спектакль къышъуфэсщэщт зясэIом, ахэр зэрэгушIуагъэхэр озгъэлъэгъугъот!.. Мазэ къэс шъуичылэ зэ тыкIозэ тшIыщт. Шефствэ адэсшIынэу исхъухьагъ. Парткомым исекретарь лъэшэу сыгу рихьыгъ...

– Мыгъоц закъоу чылэм дэсым игугъу къысфэмышI.

– Ара? Олахьэ сэ аущтэу семыплъыгъ ащ...

– Уемыплъыгъэми, зи хъун хэплъэгъуагъэпI.. ЛIы хъуна ар, ятэ нэмыцмэ ахэтыгъ ыIуи пIалъэ зыфишIыгъахэ пшъэшъэжъыер къыщэжьыгъэп.

– Даха? – Емзэщ ынэхэр зыгорэу къэхъугъэх.

– Дэхэ къодыеп, сурэтым фэд.

– ЛIы хъунэп!..

– Сэри ары сIорэр,– Емзэщ шъхьэр ыузэнди, нитIур къыригъэлыдыкIыгъ,– лIы хъунэп!.. Дэгъуба ятэ Тыркуем исмэ, блэгъэ факIо пIонышъ, нэмыкI къэрали къэплъэгъун, мыщ щымыIэ хьапщып гори къыздипщын... Тхьапш ыныбжьын?

– Шэныбэм япхъуа? Илъэс зыщыплI горэмкIэ ощ нахьи нахьыкIэн... Сыда? УенэцIыгъа?

– УкIэлэ зикъэмыщэ зыхъукIэ ащ зи хэлъэп... Сурэтым фэд пIуи тебгъэхъопсагъ етIани... Янэ сыдэу щыт? Ным еплъи ыпхъу къащэ аIо.

– Яни шъуз шIагъу. ЕгъашIэм чэмыщзэ къыхьыгъ умыIощтмэ.

– Чэмыщхэр арба колхоз ахъщэм хэсхэр,– джыри Аслъан къахэгущыIагъ,– мазэм а сомэ шъищым нагъэсы. УиIэнатIэкIэ, Бэрэкъэтыр, о сомишъэ къыуатми ары.

– Джа сомишъэ мыгъор арба зыпхъу къэтщэщтым тызфыкIэупчIэрэр.

– Шэныбэмэ я Лимэ цIыкIуи армэумэ ащыщэп,– Дударыкъо Рэмэзан щхыпцIыгъэ,– ыгу урихьыщтмэ сшIэрэп нахь.

– Джырэ чылэ пшъашъэхэр зыфэдэхэр ошIа, Ром,– зышIомыдэеу Емзэщ къыIуагъ,– къалэм сыдэс Iори, унэшъуми, улъащэми къыбдэкIощтых. Сэ ахэмэ, моу шъукъысэплъ, зыкIи сащыщэп. Сэщ фэдэ кIэлэ шIагъом

къыдэмычъэщтмэ, егъашlэм кlэгъожьэу щысын!.. Илъэсипшl горэ къыухыгъэна тызэрыгущыlэрэ мадоннэм, Рэмэзан?

– Хьа-хьа-хьа! – Дударыкъо Рэмэзан ыгу къыдеlэу, ятэ фэдэу ынэкlушъхьакухэр къисысыкlхэу щхыгъэ, ресторанэм чlэсмэ ащыщхэри нэ lаекlэ зыфычlигъэплъыгъэх.– Укъызкlэупчlэрэр сыд илlэужыгъу!.. Шэныбэ Лимэ мединститутыр къыухыгъ, анахь врач lазэу Дэхапlэ больницэм lут.

– Ы-ы-ы? – Бэрэкъэт Емзэщ къэбарэу зэхихыгъэм джыри ынэхэр къыригъэлыдыкlыгъэх, фужерэу ыгъэпlэтlэраоу ыlыгъри lэкlэзы пэтыгъ.– Врач пlуи?! Врач сэнэхьатым нахьышlу слъэгъурэ дунаим тетэп. Къыздэхъугъэп нахь, ащ седжэ сшlоигъуагъ... Ромик, угу къемыгъау, нычхьапэ блэсымыгъэкlэу шъуичылэ пшъашъэм дэжь псэлъыхъо сэкlо!.. Дунаим сыкъэзыубытыни, пэрыохъу къысфэхъуни тетэп. Нычхьапэ lофым ыуж кlэкlэу сехьэ. Олахьэ гъэшlэгъоным. Рэмэзан, зымафэ Дэхапlэ сызэкlом, ащ фэдэ пшъэшъэ хъарзынэр зэрэдэсымылъэгъуагъэр. Мы цlыфхэр гъэшlэгъоных, укlэупчlагъэкlи, къыошъугъущтых нахь, пшъэшъэ дахэ тичылэ дэсышъ, къэодгъэщэщт къыуаlоущтэп. Ей, ащкlэ сызэупчlыгъагъэр ошla? Джа Чэтэшlэ дэдэр ары!.. Хьа-хьа-хьа!..

Рестораным къыщяхъулlэгъэ lофыр зэхафыфэ Биназыдхэр сыхьат зытlо милицием къычlэтыгъэх. Дэхапlэ къэкlожьыфэхи чэщ хъугъэ.

Биназ мэзахэу чылэм къыдэхьажьы шlоигъуагъ: нэлъэныкъоу къэбэгыгъэр къэушlуцlэу ригъэжьагъ. Янасыпти, нэбгыритlум лажьэ зэрямылэмкlэ щыгъын пылъапlэм lут бзылъфыгъэр шыхьатэу къагоуцогъагъ. Ары мыхъугъэмэ яlоф кlыхьэ-лыхьэ хъущтыгъэ. lофыр зэхэлъэшъуагъэ мыхъугъэми, Биназ къехъулlагъэр узэрэукlытэн, шъхьакlо къыпщыхъун емыкlугъ. Сыд ыlони янэрэ ятэрэ апашъхьэ ихьажьыщт, ятэжъ сыд риlощт? Мыхъу зыщыхъурэм, ахэмэ зыгорэу зэхаригъэшlыкlын, чылэр ары lофыр. Нэбгырэ пэпчъ укlэрыуцоу къыохъулlагъэр епlотэщтэп ныlа!.. Укъызэхэзышlыкlыни, укъызэхэзымышlыкlыни дэс.



Къалэм къыдэкlыжьхи, Дэхапlэ хьанэ-гъунэм къехьажьыфэхэ ажэ къызэтырахэу шоферымрэ Биназрэ зы гущыlи зэраlуагъэп. Тlуми а зы гупшысэ хьылъэр зэрэфаеу агъэчэрэгъущтыгъэ. Якъубэ къалэм къыдэкlыжьхэ зэхъум, зы гущыl-гущыlитlу горэ къяхъулlагъэм фэгъэхьыгъэу къыlогъагъ, ау Биназ къыхэгущыlагъэпти, ащ нахьыбэрэ темыгущыlэнэу рихъухьагъ. Ау дэхэпlэ остыгъэхэр къызэлъагъохэм, къыlуагъ:

– Олахьэ, Биназ, титlуи зи хъун къытэмыхъулlагъ... Сыдэущтэу цlыфмэ неущ уахэхьащт? Къысэупчlхэмэ, сэри сыд яслощт?..

– Къыоупчlхэмэ, lофыр зытетыр япlощт...– гукъэошъхьакlор Биназ къытекlоу къыlуагъ, тlэкlу тешlагъэу етlанэ къыпигъэхъожьыгъ: – Дударыкъо Рэмэзан ыпкъ къызэрикlыгъэр пlотэнэу ищыкlагъэп.

– Сыда? – Якъубэ зэхихыгъэр ыгъэшlэгъуагъ, зэримыгуапэри къыхэщыгъ.

– Адэ Темыркъаныкъор тичыл, ятэрэ сятэрэ егъашlэм зэныбджэгъух, Нурбек сишъэогъу дэд...

– Гъэшlэгъона Темыркъаныкъор тичылэмэ, ышнахьыкlэ уишъэогъумэ... Сшlогъэшlэгъоныгъ Темыркъаныкъом ыцlэ милицием къызэрэщымыlуагъэр. Къыоуагъэм сизакъу зэриlощтыгъэм дебгъаштэщтыгъ нахь, зэобанэр зыпкъ къикlыгъэм игугъу пшlыным уфэягъэп.

– Темыркъаныкъор ешъогъэягъ...– Биназ ушъхьагъу лъыхъуущтыгъ, ячылэ Дударыкъор lофым химылъашъо шlоигъоу.– Тэры lоу ышlагъэмэ, къыткlэлъыкуощтыгъэп...

– Сыоплъышъ, Биназ,– Якъубэ игые макъэ къыхэщыгъ,– егъашlэм шъыпкъагъэм упылъ, ау мы къапlорэмкlэ къыбдезгъаштэрэп, опцы. Къызгурэlо, зэрэтичылэ кlалэм ушlолlыкlы... Адэ дэгъуба аущтэу оlомэ, сэрыгъэмэ фэзгъэгъуущтыгъэп. Хьайнапэ, емыкlу ащ непэ зызэришlыщтыгъэр! Къэмылэжьрэ ахъщэ къысlэкlэфэ оlокlэ пшъэ уикlы хъуна! Ятэ фэдэу нахь тхьагъэпцlыlу сшlошlыгъ...

– Хъугъэ, тытемыгъэгущыl...

– Тытегущыlэнэп, ау сыфитыгъэмэ, а кlэлэжъэу такlыбкlэ къикlи къыоуагъэм уеожьи зэриуутыгъэм фэдэу Темыркъаныкъоми ыпшъэ сыдэонытъи!.. Олахьэ,

Биназ, ащ фэдэу укIочIэшхоу сымышIагъэ... Узеом, чэт шъхьэунэзагъэм фэдэу джэхэшъогум къыщебгъэчэрэзэкIи, гъунджэм ибгъэчэрэзагъ!..

– Ешъуагъэм уеоным кIочIэшхо ищыкIагъэп...– Биназ фэягъэп ащ нахьыбэрэ къяхъулIэгъэ шъхьакIом тегущыIэныр.– Хъугъэ шъыу, ыуж тигъэкIыжь...

Аущтэу Чэтэшlэ Биназ ыIуагъэми, къехъулIагъэр шъхьэм икIыщтыгъэп. НэчIэ чIэушIуцIыкIыгъэр бжьыбжьыщтыгъэ. Пынджырыр ригъэчъэхи, заулэрэ напIэм чэщ жьы чъыIэр къыригъэуагъ, ау ащ пае тIысыжьыщтыгъэп.

Сыхьатым Биназ еплъыгъ. МэкъумэщышIэхэмкIэ гъолъыжьыгъо дэдагъ. СыкъамышIэу сыгъолъыжьыгъэмэ, Биназ ыIуагъ, пчэдыжь нэс зыгорэу хъун. НэпIэ бэгыгъэр шIоIофыгъэп, ушIуцIыгъэр ары. Ар хэмыкIокIэжьэу бэрэ пылъыщт. Биназ ошIэ-дэмышIэу Лимэ ыгу къэкIыгъ, къыщагъэу ишъузыгъэмэ, Iэзэгъоу щыIэр къырихьылIэнти, зи къемыхъулIагъэу нэф къыригъэкIыщтыгъэ. Мерэми IэзакIэ ымышIэу щытэп, нэшхо-нэгушIоу ынэгу къыкIэуцуагъ. Пшъашъэм дэжь пчыхьэ зытIо Нурбекдыхэр игъусэу зэрэкIогъагъэхэри, зэрэщысыгъэхэри, моу зыгорэу Iэпкъ-лъэпкъыхэр къэушъэбхэу, ыгу къэкIыжьыгъ.

Унэм Биназ имыхьажьэу сыхьат фэдизэ щагум дэтыгъ. Псынэпс щалъэ къырихи, къакъыр натIэм дэжь, платыкур ыгъэуцIынмэ нэм тырилъхьэзэ зэIэзэжьыгъэ. Ятэрэ янэрэ яостыгъэ зэкIосэжьым, унагъор къымыгъэбырысыры шIоигъоу лъэпэпцIыеу зэрылъ унэм ихьажьыгъ. ТIэкIу тешIагъэу ыкъо къызэрэкIожьыгъэр ышIагъэти, Бибэ къэтэджыгъ шъхьакIэ, Биназ остыгъэр химыгъэнэнэу, шхагъэу, зыми фэмыеу риIуи, зыригъэрэхьатыжьыгъ.

Чэтэшlэ Биназ IофышIэ кIуагъэп.

Щайшъогъум нэс МэфакIор паплъи, къэмылъагъо зэхъум, ишофер къаригъэщагъ:

– Адэ, Якъуб, тхьапшрэ къыосIуагъа укъызэрэкIожьыгъэр сэбгъэшIэнэу?

– КIасэу тыкъэкIожьыгъэти ары,– тыгъуасэ къяхъулIагъэр ешIэмэ ыIуи, шоферыр тхьаматэм еплъыгъ,– узгъэгумэкIынэу, сыфэягъэп.



– Макъэ къызысэмыгъэIукIэ сэгумэкIы сIуагъэба!..– МэфакIом ыдагъэп.– СшIэрэп ныIа зыгорэ къышъохъулIагъэми...– джау сыдми тхьаматэм ыIуагъ.– Ори укъакIорэп, ЧэташIэри щыIэп...

– КъытэхъулIагъэр тэ щыпшIэра, Рэщыд?..– Шоферыр къэгузэжъуагъ.

– Сыд къышъохъулIагъэр? – МэфакIом ышъхьэ къыпхъотагъ.– Машинэр псауа?..

– Машинэм зи къехъулIагъэп...

– Адэ сыд?

– Ашъыу, ешъуагъэ горэ рестораным къыщытщыхьи... СшIэрэп къызэрэсIощтри, милицие Iоф хъугъэу тызхэтыгъэр хьалэмэт.

– Сыд милиц?..

– Ашъыу, ЧэташIэм зи илажьэп, къытыриубыти, къеуагъ... Гъунджэ шIагъори хэплъэ-хэкIыжь хъугъэ...

– Ы-ы? ПIорэр сыд шъыу!..– Рэщыдэ къэтэджыгъ, екIошъылIи, пчъэ зэпагъори къыфишIыгъ, мыгузажъоу къэтIысыжьыгъ.– КъэIуат къышъохъулIагъэр.

– ОшIэ сшIошIыгъ, Рэщыд.

– ГъэшIэгъона, сымышIэмэ сшIэщтыгъэба!.. Милицие Iоф хъурэр аушъэфрэп. Тэри рестораным тычIахьэ, зи къытэзаорэп нахь!..

МэфэкIо Рэщыдэ зыфалIэщтыгъэу ымыгъотыщтыгъэ Iоф къыIэкIэхьагъэр.

Тхьаматэм дэжь Якъубэ къызчIэкIыжьыгъэр сыхьат нахь мыхъоу тыгъоспчыхьэрэ Мыекъопэ къэбарыр ДэхапIэ къыдэтэджагъ. Хэти ежь зэрэфаеу къыIуатэщтыгъэ, хигъахъощтыгъэ, зэблихыщтыгъэ. ЧэтэшIэ Биназ агъэтIысыгъэу, ащ МэфэкIо Рэщыдэ лъыкIуагъэу чылэм къыщекIокIыщтыгъэ. Мафэрэ фэмыдэу тхьаматэм ишофер зыIузгъакIэ зышIоигъуагъэхэри мэкIагъэп. ЕупчIхэрэм Якъуби зэ-тIо къафэгубжьыгъэми, къэбарым хахъощтыгъэ нахь, уцущтыгъэп. ЗэкIэми анахь гъэшIэгъоныгъэр Дударыкъо Темыркъаныкъор Iофым икъежьапIэу зэрэхъугъэр шоферым тхьаматэм риIотэгъагъэми, ащ игугъу зыми ышIыщтыгъэп.

Уахътэр зэрэкIорэр шIомакIэу МэфакIор колхоз правлением чIэсыгъ. Уахътэр ары нахь Рэщыдэ зыгъапэ-

щтыгъэр Чэташlэм икъэбар чылэм хэхьагъэ-хэмыхьагъэм пылъыжьыгъэп. Чlыпlищэ зыщытегущыlагъэхэр чlыпlих зэрэхъущтым ехъырэхъышэжьыщтыгъэп. Кабинетым къыфычlахьэхэрэм Чэташlэм иlофкlэ ариlощтыгъэр фэшъхьафыгъ, къеzзэуагъэх, къебэныгъэх ылозэ, ыл фэузрэм фэдэу зигъэлъагъощтыгъэ. Биназ ымыумысыщтыгъэми, партийнэ lофкlэ обкомым уаlофтагъэу ресторанын учlахьэ хъуна ыlоти, щэджэгъошхэ lофымкlэ зэрэзекlуагъэр къыригъэкlущтыгъэп. Адэ джары, бжьэри мао, къэбжъыери мэкъутэ, ыlощтыгъэ шъхьакlэ, ыгу илъыр ыбзэгу телъыгъэп.

Мэфакlор щхыгъэ. Уикlэкlо зэпылъ, Чэташlэр, утеутхыпкlыхьажьзэ, ыlуагъ, ар дэгъоу къыохъулlагъ, сыгу къыптепщэхагъ. Къэтлъэгъун джы птамэхэр бгъэпlыищтхэмэ!.. Шlой кlапэ къыбнэмысэу дунаим утетын уихьисапыгъ, чылэм удэмыкlэу, уздэкlрэм райкомым щэхъу умышlэу, парткомым учlэсмэ улы дэгъоу зыпшlошlыжьыщтыгъэ. Ежьыр дэдэм, Мэфакlом, ар ыгу зэгорэм къызэрэкlыгъагъэр зэхахынкlэ щынэрэм фэдэу джыри шъхьэм къыфихьэщтыгъэм егупшысэжьыгъ: сэ къыуязгъэшlэным игъо симыфэзэ, сызфэе дэдэр дэгъоу къыохъулlагъ. Тхьэ щыlэщтын, сыкъызэхихыгъ.

Щэджагъо нэс зэжэгъэ телефоным джыри зэ Рэщыдэ феплъэкlыгъ. Мафэрэ афэмыдэу непэ телефоныр рэхьатыгъ. Таймэзыр телефонкlэ мыгущыlэжьэу сыдэу непэ хъугъа сэlо!.. Тыфэмые зыхъукlэ модрэр еlо, мыдрэр еlо, иlоф зыхимылъхьэу, зыхэмыпамэрэ щыlэп. Къытеоба, сыда джы укъызкlытемыорэр!.. Чэташlэм къехъулlэгъэ къэбарыр мэкъу-мэщ райуправлением ишъэогъоу чlэсым Хьамырзэр ригъэlушъэшъэгъах. Джыри къэбарыр Таймэзым нагъэсыжьыгъэпщтын... Непэ намыгъэсмэ, неущ нагъэсыщт. Неущ нахьи, непэ раlуагъэмэ нахьышlугъ!..

Щэджагъо нэс Мэфакlор телефонымкlэ зажэщтыгъэм иlоф къикlыгъэп. Унэм зэкlожьми, щэджэгъуашхэр ыцагэ дэхьагъэп. Губгъом имыхьэу правлением къэкlожьыгъ.

Псычэтэхъо фермэм иlоф зэрэкlэмыкlрэм Мэфэкlо Рэщыдэ ыгу ыгъэкlодыгъэу ыцэмэ адэпыджэжьэу заулэрэ щысыгъ. Сыкъагъэгугъэ, сыкъэзгъэгугъэрэм пэпчъ сыкъегъэпцlэжьы. Псэолъапхъэр зыдгъотыкlэ, гъучlыlунэр дгъотыжьрэп, гъучlыlунэр зыдгъотырэм, экскаваторыр дгъотыжьрэп. Псыутlэм псы къыдэлъадэу, дэчъыжьэу шlыгъэн фае. Армырмэ мазэкlэ ушхъонтlынышъ, хьантlэркъопс хъужьыщт. Таймэзым икуп къызэрашlошlырэр пlомэ зэкlэри хъунэу ары. Сыдигъуа, гъэрекlо бжыхьэ щыублагъэу зы чlыпlэ тикlын тлъэкlрэп. Хъущтэп шъыу lэнатlэ мыр. Нэгъумым илъэхъан ары утхьамэтэнкlэ зыдэгъугъэр. Къыоцlэцlэн-къыоцlэцlэни, къыбдешъожьынышъ, машинэ фыжьышхом игъэкlэжьыгъэу орэдышхо кlиlукlзэ, кlожьыщтыгъэ. Къытеогъэ телефоным Мэфакlор къыгъэлъэтагъ. Чэташlэм къыкlэупчlэрэр къышlэжьыгъэп, ау Таймэзым ымакъэу зэрэщымытыр къышlагъ. Сэлам зэрахыфэ, райкомым иятlонэрэ секретарь къышlэжьыгъ, къызкlэупчlагъэм иджэуап ритыжьыгъ:

– Чэтэшlэ Биназа?.. Ар гъой-щай... Олахьэ сымышlэ къызэрэсlощтри...– Мэфакlом ышъхьэ къырихынкlэ къыримыгъэкlурэм фэдэу зишlыгъ.– Джыри сэри сыlукlагъэгоп, тыгъуасэ обкомым зышъогъакlом ресторанын къыщезэуагъэхэмэ сшlэрэп... Икъэбар къыосlонэу сшlэрэп. Ищыкlагъэмэ сыкlони къызэзгъэшlэн... Шоферра?.. Шоферым къыlори ышlэжьрэп, зэ къыщыхьагъэх, зэ ежь Чэташlэр ащыхьагъ еlо... Ау Чэташlэр, шъори шъошlэ, ащыхьащтмэ ащыщэп. Ау сшlэрэп, ешъуагъэу зыгорэкlэ кlэлэжъхэр щыхьагъу ышlыгъэхэмэ... Моу джыдэдэм Биназ дэжь сыкlони, lофыр зытетыр къызэзгъэшlэн... Кlэлэ хъарзынэр къызэхаукlагъ аlуагъ... Шъуфаемэ, Мыекъопэ милицием сафытеон, тесыубытэни сыкlон... Джыдэд нылэп, моу укъытеоным ыпэкlэ нылэп зысшlагъэр. Адэ шъуигъэгумэкlын, сэри сшъхьэ лъы къыдыригъэфыягъ. Сыд пlорэр шъыу, джа зыр тэрэзэп хэтми зышlагъэр... Даут Измайловичым раlон фэягъэп... Дунаим узытеткlэ lаджи къыохъулlэщт... Олахьэ мы цlыфхэр жъалымхэм, сыгу къео, раlон фэягъэп... Боу сыкъыпфытеожьын, кабинетым учlэсымыгъуатэми, шъуадэжь сыкъыпфытеон... Гумэкlын адэ Даут Измайловичыр...

Телефонымкlэ Мэфакlор огущыlэфэ пкlантlэ къехыщтыгъэми, шъхьац пlокlэ ныкъоикlым пахъэр къыхихыщтыгъэми, ышlэщтыгъэп. Трубкэр зегъэтlылъыжьыр

ары ныIэп зэрэпшъыгъэри, зэрэзэхэуцIыныхьагъэри зишIагъэр. Олахьэ, ыIуагъ, мы Хьамырзэр бэлахьым, Таймэзым нимыгъэсэу уцугъэп. МэфакIор щхыгъэ… Алахьэм цIыфмэ ажэ удерэмыгъэаф!.. УздафэкIэ уауцэIуни, укъыдадзыжьын… ЧэташIэм ыIу-ымыIоми, бзаджэ Хьамырзэр. ЦыхьэшIэгъу пшIы хъущтэп, еплъ ащ ышIагъэм… Къызэрэоплъын щыIэп… КолхозымкIэ къыздишIэрэ тIэкIу-шъокIухэр езгъэшIэн фэягъэп. Сыдэущтэу сшIыщтыгъ, ащ ишIэ хэмылъэу чIыгу такъыр бгъэбылъын плъэкIыщтэп… Дэхэ-дахэу мы сызIутым IукIыжьыгъэн фае. Икъунба, уни сшIыгъэ, тызэрэщыIэн тIэкIуи хэсхыгъ. КъэкIощт лэжьыгъэм тыкъыхэмыщэу зэ тыхэлъэкъоухьажьыгъэмэ… Бэ шIэн, макIэ шIэн, мы сызхэплъэрэ Таймэзыр къызбгъырыущт, ащ Iофыр зынэсрэм, дунаим укъызкъонэжьын щыIэп. Зэ укъызаутIэсхъыкIэ, е-о-ой, зыпыфыжьыгъуаех…

Джауштэу МэфэкIо Рэщыдэ ыIощтыгъэми, тхьамэтагъор зыми риты шIоигъоп. Ащ текIмэ щымыIэжьышъунэу къышIошIы. Илъэс пчъагъэ хъугъэ кIэлэегъэджэ сэнэхьатымкIэ зы тхылъ зыхэмыплъэжьыгъэр. Сабыищ иIэ пэтзэ, классмэ журналыр ыблыгучIэ чIилъхьэу урокым кIокIэ, кIэлэеджакIохэр зэхимышIыкIынэу, ежьыри къызэхамышIыкIынэу ащысэхъукIыжьыгъ. Ащ изакъоп, щыIакIэм ыуж къызэринэрэр мафэ къэс зыдишIэжьыщтыгъэми, тIысэу, ащтэу зыкIэхъурэм егупшысэн фэягъэп. Зыфэдэ шъыпкъэр зэрэзыдишIэжьыщтым щымыукIытэу щэщынэ…

Колхоз тхьаматэм зэрэIукIыжьыщтым ишъыпкъэу егупшысэ къэсми, къытенэжьы шIоигъу…

– Олахьэ, Биназ,– МэфакIом пчъэр къызэрэзэIуихэу къыригъэжьагъ,– уцIыф гъэшIэгъоным, джы нэс тэбгъэшIагъэп къыохъулIагъэр!.. СэбгъэшIагъэп сIуи, Якъуби сецIэцIагъ… Олахьэ зи хъун къыомыхъулIагъ, пыу-алаурсын, сыд бэлахь узхэфэгъагъэр!..

– Арыгущ, Рэщыд… Лажьэ зимыIэ кIалэр…

– СэшIэ, Биб, сэшIэ,– МэфакIом гущыIэр IэкIихыгъ,– Биназ лажьэ иIэп. УмыгумэкI, Биназ, а хьам къылъфыгъэу къыоуагъэм ифэшъуашэ милицием щырагъэгъотыщт. Олахьэ сыгу къеуагъэм… ИщыкIагъэмэ джыдэдэм тесыу-



бытэни Мыекъуапэ сыкIон?.. Олахьэ а бзэджашIэмэ сашIомыкIын!..

– ИщыкIагъэп, Рэщыд,– Биназ къыIуагъ,– ар зэхэфыгъэхэ Iофэу сыкъэкIожьыгъ.

– Къыпщыхьагъэм укъиушIэщтыгъа? – Дударыкъо Рэмэзан игъусагъэмэ ащыщ къызэреуагъэм ышъхьэ МэфакIом къыримыхэу къэупчIагъ.– Изэкъуагъа, гъусэ иIагъа?

– Тэ сыщишIэн,– Биназ Темыркъаныкъо Рэмэзан ыцIэ къыриIуагъэп,– зыщыщри тымышIэу такIыбкIэ къикIыгъ…– Адрэ унэ дзыгъэмкIэ ЧэтэшIэ Ибрахьимэ ипскэ макъэ къиIукIыгъэти, гумэкI нэгукIэ Биназ плъагъэ, МэфакIоми къыриIуагъ: – Къысэхъулlагъэр тятэжъ едгъашIэрэп…

– Ара?.. Адэ аущтэу Iоба!..– Рэщыдэ ардэдэм Биназ янэ феплъэкIыгъ: – Тэрэз, мощ пае Ибрахьимэ бгъэгумэкIына!.. Ары шъхьакIэ, цIыкIухэр?.. ЦIыкIухэр архэба узIотэщтхэр…

– Ахэмэ алъэгъугъэп,– Бибэ ыIуагъ,– къэкIожьхэмэ, нэкIэбыдз къыкIэкIагъэти, тпхыгъэ ятIон.

– Ари тэрэз, дэгъоу къэшъуугупшысыгъ… Олахьэ зыми римыIонэу сэри шоферым есIуагъэм.

– Дэгъоу пшIагъэ, Рэщыд, тхьауегъэпсэу,– зэхихыгъэр Бибэ игопагъ.

– Сыд пае адэ къэбар зэблэхэу цIыфмэ ашIэн!..– Рэщыдэ зышIомыдэеу ылъэкъуитIу зэтыридзагъэ, тутыныр къыштагъ.– ШъушIэрэба тичылэхэр зэрэщытхэр, къызэрымыкIыпхъэм Iо къырагъэкIыщт, Таймэзми нагъэсыщт… Намыгъэсыгъэуи уиIагъот…

– АщкIэ сыщынэрэп,– Биназ къыIуагъ,– зи мыхъун сшIагъэп. Хэт ущыщми бзэджашIэм къыуимышIэн щыIэп… Адэ Якъубэ сырыгущыIэщтэп ыIогъагъи?..

– Джарба тхьамыкIагъор,– Рэщыдэ къыхэкуукIыгъ, еплъэлъ Темыркъаныкъом игугъу къызэримышIрэр, сыда шъуIуа ыIуи, ыгъэшIэгъуагъ,– тIощтэп аIозэ, аIуатэ. Ау щытми зыгъэрэхьат, ымыIотэнэу Якъубэ фэзгъэпытагъ… Адэ джары, Биб,– зигъэнэшIошIэу Биназ янэ риIуагъ,– къалэм Iоф тиIэу тызыкIокIэ, мэлэкIаем тигъалIэу рестораным тычIэмыхьэу тыкъызфэчъэжьрэр…

Хьакъун якIасэу Дэхапlэ зы куп дэсышъ, мафэ къэс къэлэ ресторанмэ тачIэсэу, тащэтхъэ къашIошIы. Мэфэ реным мышхэгъэ кIалэр зычIахьэм, еплъ къехъулIагъэм...

– Арыгущ, арыгущ...– Бибэ шъхьэр ыгъэсысыгъ.

## XXXIV

– А Къан, Къан,– Гощнагъо лIым етIыргугъ,– хъугъэ, къэущыжь, пчыхьэ мэхъу пэт... Чылэ лIыхэр зэкIэ клубым екIух, уахэныщт...

– Сыд сэIо къэхъугъэр? – пшъыгъэу Мыекъуапэ къикIыжьыгъэ Темыркъан шъузым еупчIыгъ. ЕтIанэ пщынэ макъэу клубымкIэ къиIукIрэм едэIугъ, ежь ыгу шIопти, зэхихрэр зыфихьыщтыр ышIагъэп.– Сыд джэгушху сэIо чылэм дэтыр?..

– Адэ арба сэри укъызфэзгъэущрэр... Мэджэс Ахъмэтыжъым орденэу къыфахьыжьыгъэр къыратыжьы... Шыцуямэ къыпыоу зыпылъхэр сшIэрэп... Дунай гъэшIэгъон тытет, дахьыерэр дахьыяпэ, радзыхрэр радзыхыпэ, мощ Iофы зебгъэшIы хъуна, цIыкIуи, ини аугъои...

Темыркъан Iаби, сыхьатыр къыштагъ. Тыжьын блэпсыр IэхъомбитIум къадэлэлэу еплъыгъ. Уахътэр тфым еблагъэщтыгъэ. УрамымкIэ, клуб лъэныкъом пщынэмрэ пхъэкIычымрэ къэшъо орэдыр къыраIотыкIы. ГушIогъо чэфыр Дэхапlэ шъхьащыт шъхьакIэ, Темыркъан зыгъэнэшхъэин къэбар гомыIур цIыф римыIоу еушъэфы. Мыекъуапэ машинэр къызэрэрифыжьышъугъэри ышIэрэп, нитIум къапэшIуафэрэр амылъэгъужьэу гукъэошъхьакIом ешхы. Ащ фэдэ тхьамыкIагъо ыкъо нахьыжъ къехъулIэнэу нибжьи ышIагъэп. Зэрэщыгугъыщтыгъэу Рэмэзани къычIэкIыжьыгъэп. Ежь нахьи нахь Iушэу, зыхэт IофымкIэ лъэпсэ пытэ иIэу Темыркъан къышIошIыщтыгъэ.

Рэмэзан иIоф зэрэмыхъатэм Темыркъан егуцафэщтыгъэ. Джа ТIуапсэ лъэныкъомкIэ къикIыжьзэ, ядэжь къызIолъэдэ лъэхъаным щыублагъ. Зэ-тIо еупчIыгъ, щхыгъагъэ нахь, къызхигъэщыгъагъэп. Темыркъан гуцафэ езгъэшIыщтыгъэр Рэмэзан изекIуакI, нахьыпэм хэмылъыгъэ шэнхэр мафэ къэс къызэребэкIыщтыгъэр ары. Iоф шIагъо зэрэщымыIэр къом къыримыIощтыгъэми, нысэм къыриIуагъ, мафэу е чэщэу къызэрякIущтхэм щэщынэ. Пчъэ тео макъэ къэIу къэс Рэмэзан къызэрэкIащтэрэм гу лъытэгъоягъэп. Унэм илъ квитанциехэм ахэплъэ, губжыгъэкIэ ецIыцIых, зэIетхъыжьых, ар имыкъоу машIом петакъох. Ешъуагъэу къызыкIожькIэ, аущтэу зы мэзэ зытIум нахьыбагъ, ыбзэ къетIатэ, хэт ышIэра, зыгорэ къехъулIакъомэ, ышIэн фаехэр шъузым къыреIох, етIани щхызэ кIелъэшъужьы.

– Адэ джары, ныо, зым иджэгу, зым ихьадагъ зыкIаIорэр...– пщынэ мэкъэ чэфэу къылъыIэсрэм кIэдэIукIзэ, нычэпэ ыкъо нахьыжъ зэрагъэтIысыгъэм ышъхьэ къыримыхэу Темыркъан къыIуагъ.

– Сыда, Къан, гукъао горэ щыIа?..– Гощнагъо къэгузэжъуагъ.– Тхьа къысауи, Рэмэзан зыгорэ къехъулIагъэми сшIэрэп... КъаIо, сшIомыушъэф!..

– УзэрэгущыIэрэр сыд илIэужыгъу сэIо!..– Темыркъан шъузым фэгубжыгъ, етIанэ зэригъапцIэрэр шIоемыкIоу зыкъызэблихъугъ.– Ашъыу, мо джэгушхо зышIыгъэхэр ары зыфасIорэр... Сыда зэрищыкIагъэр, зилI заом хэкIодэгъэ шъузабэмэ икIэрыкIэу агу къагъэбырысырыжьэу. Куо-хьау ищыкIагъа, Советым аращэри, орденыр рарэтыжьи, хъугъэба!..

– Ары сэри сIорэр.

– Сахэхьан амэ сэ.

– Уахэхьан адэ.

– Нурбек ащ щыIэу къычIэкIын?..

– ЩыI адэ. Арба Мэджэсым къытегущыIэнэу зыпшъэ къыралъхьагъэр. Пщыгъупшэжьыгъа, зыфигъэхьазырыщтыгъи. Нысэри щыI, нибжьи захигъэнынэп. Зигъэдахэу сыхьатныкъо гъунджэм кIэрысыгъ. Ышъхьэ пIыеу ахэлъэдэн нахьи, тхъу тфиожьыгъэмэ нахьышIугъ. Къэлэ тхъум ахъщэкIэ тыпырикъужьрэп.

Гощнагъо къыIохэрэр Темыркъан ышъхьэ къихьэщтыгъэп. Мэфэныкъом машинэмкIэ Мыекъуапэ къызщечъыхьэм, тэрэз-тэрэзэу ыкъо икъэбар къезыIон ыгъотыгъэп. Милицием тIо-щэ Iухьагъ, зыдагъэгущыIагъэп. Следователь кIалэу Рэмэзан инэIосагъэм зыIуигъэкIэнэу IофшIапIэм зыфытеом, дэсэп къыраIуагъ. Ядэжь, шъузым зыфытеом, щэджэгъуашхэ къэкIожьи, джыдэдэм

икӀыжьыгъ къыраӀожьыгъ. Следовательным зыримыгъэгъоты зэхъум, ыкъо иӀоф зэрэмыхъатэр къыгурыӀуагъ. Темыркъан ымышӀэу щытыгъэп агъэтӀысыгъэм узэрэӀумыгъэкӀэщтыр. Ау етӀани Рэмэзан зыдащагъэр ышӀэмэ шӀоигъуагъ. Къеуцуалӏэу зыми къыримыӀуагъэми, Рэмэзан Мыекъуапэ зэрэдэмысым ехъырэхъышэжьыщтыгъэп. Ежь Темыркъани, хэщ-ощ ышӀынэу, нэмыкӀ цӀыфмэ заӀуигъэкӀэнэу джыркӀэ фэягъэп: къатӀупщыжьынэу мэгугъэ. Дунаим узтеткӀэ, Ӏаджи къыщыохъулӀэщт, ар къэс мыр къысашӀагъ, мыр къысэхъулӀагъ пӀоу япӀотэныр ищыкӀагъэп. АгъэтӀысыгъ аӀозэ, къатӀупщыжьыгъэхэу ашӀэ. Ау нысэм къызэриӀотагъэмкӀэ, Рэмэзан иӀоф дэи, шӀукӀэ улъыплъэнэу хилъагъорэп, шӀэхэу ыуж уимыхьэмэ, Ӏоф зэкъодзагъэр нахь зэкъолъэдэнышъ зэшӀохыжьыгъуае хъущт.

— Ал, къыохъулӀагъэр сшӀэрэп,— Темыркъан ищысыкӀэ Гощнагъо ыгъэшӀэгъуагъ,— зэрмырэу Мыекъуапэ укъикӀыжьыгъ. ЧэташӀэмэ якӀэлэжъкӀэ чылэм щаӀорэм земыгъэгъап, Рэмэзан ащ фэдэ делагъэхэр ышӀэщтэп. ЧэташӀэхэмрэ тэрырэ тызэщагъэхьан яхьисапышъ ары. Иман зимыӀэ чыл, ар зэраӀоу Ӏофыр щытыгъэмэ, джы нэс ЧэтэшӀэ Шумэфэжъыр тадэжь къэчъэныгъи. Биби тыщигъэӀэжьыныгъэпи. ЯкӀэлэжъ шӀэ, къыпфигъэгъуща ащ? — Гощнагъо ежь-ежьырэу зыдэгущыӀэжьмэ, лӀым риӀокӀэ, Ӏанэр къыштагъ.— Хьугъэ, угужъоми зи фэӀуагъэп, хьалыжъо щагощырэп, тэ зэкӀэми апэ тычъэн фае, непэрэзымафэм фыгукӀэ зыӀуплъхьагъэп... Ал, шхэ сӀозэ, тэ уежьагъа? УздакӀорэр нысэщэ джэгу пшӀошӀа, гущыӀэ мышъомылыкӀэ, Нурбек апэ зэритэу, шъукъагъэшхэкӀыни шъукъатӀупщыжьыщт, умышхэщтми, мы щхыум хаӀ.

— О-уиу, о ныор, тыбгъэпсэущтэп,— фэмыяхэу Темыркъан Ӏанэм пэтӀысхьагъ, щхыуми тӀэкӀу хэхъумпӀагъ, щыпс-пӀастэми хаӀэ фэдэу зишӀыгъ.— Тахэбгъэныщт мо зэӀукӀагъэмэ... Рагъэжьагъэм сенэгуе, пщынэ макъэ къэӀужьрэп. Ярэби, Таймэзыр къэкӀогъэна шъуӀуа?..

— Таймэзыр хэмытэу районым зыгорэ къехъухьа!.. Ащ имашинэмэ сшӀэрэп, машинэ фыжьышхо горэ джырэблагъэ блэлъэтыгъ. А Къан, сыкъыоплъышъ, упшъыгъэ гущ, узэхэуагъ. СыдкӀэ уищыкӀагъ Мэджэсым иорден, уахэмыхьэми хъун. АщкӀэ Нурбек ыпшъэ дэкӀыгъэри екъу...

УмыкӀоми хъун Гощнагъо къызреӀом, Темыркъан нэӀаекӀэ еплъыжьыгъагъэми, зыдакӀорэ чылэ зэхахьэм ыгу щыӀагъэп. Чылэр зыщычэфырэм ежь сыд щишӀэщт, сыдынэкӀэ ыкъо нахьыжъ илэгъумэ яплъыщт? Чылэ Ӏоф зэрифэн нахьи, ыкъо иӀоф зэрифагъэмэ нахьышӀугъ. Ӏофым уемыпэсакӀоу гъэсакӀо укӀон плъэкӀыщтэп. Сыд пае ДэхапӀэ сыкъэкӀожьыгъ Едыдж Сахьидэ зыӀусымыгъакӀэу? УрящыкӀагъэмэ, зэкӀэри къыпфай, уищыкӀагъэхэ хъумэ, къэгъотыжьыгъуаех.

Нахьыпэм бэгъуагъэу сыхьатыр къызэриштэщтыгъэм фэмыдэу къышти, еплъыгъ. Уахътэр хым ыныкъокӀэ кӀогъагъэ. Джыри тыгъэр къохьанкӀэ сыхьатырэ ныкъорэ фэдиз къэнэжьыгъ. Сахьидэ дэжь тыкъочъыгъэмэ дэгъугъэ. Мы кӀэлэ бетэмалыри зыуж итыр сшӀэрэп. Мэджэсми сыда къыриӀолӀэщтыр? Тэрэзэу ныом къыгурыӀуагъэпщтын, Таймэзыр къэкӀуагъэмэ, гущыӀэ зытӀу къыӀони, орденыр Мэджэсым ритыжьыщт. Джары мыскъарэ тшӀызэ, Болэтым Ӏофэу зэшӀуихыгъэм еплъ. Зыпыхьэрэм, сыд щыщми, шӀушӀагъэ хегъуатэ. Шъэогъум идунай щыӀакӀэ хэгупшысыхьэзэ, кӀалэр ыгу къэкӀыжьи, Темыркъан хьылъэу хэщэтыкӀыгъ.

Клубым цӀыф Ӏутыжьыгъэп. Игъом къызэрэмыкӀуагъэр шӀоемыкӀоу Темыркъан къэуцугъ, ардэдэм Ӏэгу тео макъэм клубри зэтричэу зэхихыгъэ. Клубым цӀыфыр чӀэфэжьыщтыгъэп, щысмэ афэдиз щытыгъ. Сценэм нэбгырэ заулэ тес. Ахэмэ Темыркъан апэ Таймэзыр ахилъэгъуагъ — Мэджэсым ыбгъэ орденэу «Красная Звезда» хилъхьэщтыгъ. АдыкӀэ столыбгъум кӀэрысмэ Болэт Къасыми къахэщы. Темыркъан зиплъыхьагъ, мыщ фэдиз цӀыф клубыр зашӀыгъэ илъэс заулэм къыщызэрэугъоигъэу къышӀэжьрэп. Таймэз Даутэ орденыр Мэджэс Ахъмэт ыбгъэ хилъхьи, шъуеплъ ыӀуи, цӀыфмэ къазырегъэлъэгъум, Ӏэгу тео макъэм джыри клубыр къызэлъигъэджагъ.

Мэджэс Ахъмэт ыбгъэгу ордениплӀыр къыхэлыдыкӀы, медалэу хэлъыри бэ.

Ӏэгу теозэ, Темыркъан зыфиплъыхьэщтыгъэ Нурбек. Ау Гощнагъо зэрэгугъэщтыгъэу Ӏофыр щытыгъэп. КӀэлэ-

еджакӀохэр зэӀукӀэм зэрэхигъэлэжьэщтыр ыпшъэ илъыгъ нахь, къэгущыӀэн Ӏоф щыӀагъэп.

ЗэӀукӀэр заухым Ордэн Заудин къыӀуагъ:

– Джыдэдэм художественнэ самодеятельностым концерт къытыщт.

Мэджэс Ахъмэт орденыбэ зэриӀэр чылэм щашӀэщтыгъэ, ау мыщ фэдиз зэубытылӀагъэу ыбгъэ хэзымылъэгъуагъэр нахьыб. Ежь Темыркъан дэдэу орден чӀыфахьэ фэкӀогъагъэми шӀогъэшӀэгъоныгъ. Сценэм къехыжьыгъэхэр апэрэ тетӀысхьапӀэу афаӀыгъыгъэм тетӀысхьагъэх. А лъэныкъомкӀэ Темыркъан зэрэщымыӀэр ыгу къеоу плъагъэ, щысыгъэмэ, ыӀапэ ыубытми, джаущтэу шъхьэгъэсыскӀэ сэлам Таймэзым рихыныгъи…

ОшӀэ-дэмышӀэу Темыркъан ыгу къыпиӀонтӀыкӀыгъ. Ардэдэм пэмычыжьэу щыс Былымгъот Мурат къеджагъ:

– Темыркъан, моу къакӀуи къэтӀыс,– нахьыжъыр зыдагъэтӀысыщт тӀысыпӀэм къытетэджыкӀрэ кӀалэри Темыркъан ылъэгъугъ.

– Хьау, сытӀысыщтэп,– Темыркъан Ӏэ ышӀыгъ.– Ярэби, Нурбек тэ къисхын шъуӀо? – джау пэблэгъэ шъыпкъэу щысыгъэ Нурбек къызэплъэкӀыгъ.– Моу къакӀо, сыпфэещт,– Темыркъан ыгъази, чӀэкӀыжьыгъ.

– Сыда къэхъугъэр, тят?

– Ма машинэ ӀункӀыбзэр,– Темыркъан ыщэигъ,– сэ мыщ дэжь сыкъыщыожэщт. Уянэ укъилъэгъумэ, моу чӀыпӀэ горэм сынэсыщт Ӏуи еӀу, сызэрэуигъусэр ышӀэнэу ищыкӀагъэп…

– Къэхъугъэр сшӀэмэ хъущтба?

– Мыщ дэжьрэп, етӀан…

Чэу пакӀэм Темыркъан машинэм щитӀысхьагъ. Хьаблэм текӀыфэ Нурбек зэ-тӀо ятэ фычӀэплъыгъ. Шъо имыӀэжьэу, зэрэкӀыфыбзэ-шхъуантӀэр джыры ныӀэп зилъэгъугъэр. Темыркъан ынэкӀушъхьэ хъурэитӀу къэлэнлагъэ фэдэу къыщыхъугъ, ыначӀэхэр чӀэуагъэх. Пшъэлъынтфэ къудыигъэхэри къыхэщых.

ДэхапӀэ дэкӀыгъэхэу Темыркъан къыӀуагъ:

– Адэ джары,– ятэ ымакъэ моу зыгорэу къызэрэхъугъэр Нурбек къыгурыӀуагъ,– махъушэм тесми хьэр



ецакъэ зыкӀаӀуагъэр… Ар нибжьи къытэхъулӀэжьын Ӏоу сшӀагъэп, щэм ыстыгъэр псым епщэ зыфаӀуагъэр тэркӀэ шъыпкъэп… Нычэпэ Рэмэзан агъэтӀысыгъ…

– Ы-ы?..– Нурбек машинэр зэтыриӀажэу гъогубгъум дигъэчъэхи, егупшысэу тӀэкӀурэ зыщэс уж къыӀуагъ: – Ащ сенэгуягъ сэ… Сыд къыпаӀэтрэр?..

– Лъапсэ фэзгъотын слъэкӀыгъэп… СызэупчӀыгъэ пэпчъ зыпигъэчэрэгъукӀыгъ. Ары пакӀо, сицыхьэ зытелъыгъэ следователь нэӀуасэми зысигъэгъотыгъэп.

– Тэ тыд тыздежьагъэр?..

– Ары, ары… НекӀо, Едыдж Сахьидэ зыӀутымыгъакӀэ хъущтэп…

– Сыд етӀощт?

– НекӀо, некӀо, цӀыф лые щыӀэп!..

– Тят, Едыдж Сахьидэ ыуж икӀ!..

– Пшынахьыжъ узэплъыщтыр нахь, Едыджрэп!.. Унэ къаплъэу пшынахьыжъ хьапсым дябгъэдзэщта?!

Темыркъанрэ Нурбекрэ чэщ реным уцу яӀагъэп. Тыдэ кӀуагъэхэми, хэт елъэӀугъэхэми, Ӏофэу зыуж итыгъэхэм екӀолӀапӀэ фагъотыщтыгъэп, хэти зыпигъэчэрэгъукӀыщтыгъэ. Шъыпкъэ, Ӏофым хэшӀыкӀ фызиӀагъэхэр Едыдж Сахьидэ фэдэхэрэп, ау Дударыкъо Рэмэзан зэрагъэтӀысыгъэр а мэфэ дэдэм езгъэшӀэни къыкъокӀыгъ. Ежьыри Дударыкъо Темыркъан ыгу зэригъэбгъэнэп ыӀуи, яунэ ришӀыкӀзэ, а пчыхьэм къалэм теогъагъ. Хэт фытеуагъэми, пкӀэ зэримыӀэр Темыркъан инэрылъэгъоу Сахьидэ дэжь къикӀыжьыгъ. Мыекъуапи къызэсыжьхэм Ӏофым щыгъуазэу къышӀошырэмэ заӀуигъэкӀагъ. Сыхьатыр пшыкӀуз ужым джа следователэу ышӀэрэм фытеуагъ, елъэӀугъ зыдэщыӀэр къыриӀонэу:

– КӀо, Ӏофым хэшӀыкӀ фыуимыӀэми, сырят, ори узэплъын лъфыгъэ уиӀ, зыдэщыӀэр къысфызэгъашӀ, дунаим къыстенэн щыӀэп… Непэп сызыпшӀэрэр…

– Сыда ахэр зыкӀапӀохэрэр? – следователым къыфидагъэп.– ИщыкӀагъэп гущыӀэ лые. КъызгурэӀо, къэплъфыгъэшъ уфэгумэкӀы, зихьэ кӀодыгъэми сихьэ кӀодыгъэ еӀо…

– Адэ ары…– Адырэ телефон трубкэр зыгъэым ыгу тӀэкӀу къызэрэушъэбырэр Темыркъан къыгурыӀуагъ, ащ

лъыпытэуи пидзэжьыгъ: – Яни сымэджэжъ тхьамыкI, едгъашIэрэп. Ащи зэхихмэ, фэщэчынэп. Ярэби, ащ ихьатырми, дунаим сызышъхьасын щыIэп, ори ошIэ.

– Зи сэ сшIэрэп!.. – следователым къызэпиутыгъ.– Хыемэ, шъумыщын, къэнэфэщт. Тихабзэ мышIапхъэ уигъэшIэщтэп, шъуицыхьэ тежъугъэлъ.

– Ары, ары. КъызгурэIо.

– КъыбгурэIомэ, джары,– ащ нахь къыримыIоу трубкэм «цыу-цыу» макъэр къиIукIыгъ.

– Мы слъэгъурэм икъэгущыIакIэкIэ зыгорэ ешIэ, сыхэзэгъэни слъэкIыщт,– Темыркъан трубкэр тырилъхьажьи, нысэу щытым шъхьапырыплъэу Нурбек риIуагъ.– Чылэм кIожь, уянэ гумэкIыщт. Неущрэ, неущмыкIэрэ яз къыслъыкIу, ащ нэс цыпэ горэм сэри сытеуцон…

## XXXV

Непэ фэдэу ординаторскэм щызэгъокIэу къыхэкIыгъэп. Сурэ сымаджэ горэм дэжь ащэгъагъ. Ащ фэдизым ординаторскэм зи къимыхьэу, зыми ымыгъэгумэкIэу Лимэ ис. Гупшысэ пэпчъ Мерэм къыхэхьэ, уахътэ тешIэ къэс ищыIэныгъэ Биназ хэкIуатэу Лимэ къыщэхъу, ау ежь зыфаемрэ ыгу шIоигъомрэ зэтефэхэрэп. Ахэр зэутэкIхэ пэпчъ къауIэ.

Шъхьаныгъупчъэмкlэ Лимэ плъагъэ. Чъыг кънутэмэ пкIашъэм къызэхишыкIрэм фэдэу зыкъфищэеу къыIугушIуагъ. Моу шъабэу, IэшIоу, Лимэ ыгу зыгорэу къэхъугъ. АдыкIэ, чъыг чIэгъым чIэт пхъэнтIэкIум хъулъфыгъэрэ бзылъфыгъэрэ тесых. Бзылъфыгъэр больницэ щыгъынкIэ фэпагъэ. Ежь нэбгыритIум нэмыкI цIыф щымыIэжь фэдэу, зэIоплъэх, зэIогушIох, яшIулъэгъу къахэщэу зэщэгушIукIых. Сэщ фэдэу, Лимэ ыIуагъ, цIыфхэр насыпынчъэпщтын. Гуфаплъэу зэплъэм, лIым Iугушlорэ бзылъфыгъэр Лимэ къышIэжьыгъ, операцие хьылъэ зыпэкIэкIыгъ, лIэным тещыныхьэхэу, зэрэбольницэу мэзэ псао ыуж итыгъ, профессорыр тIо Краснодар къыфыращыгъагъ. Ежь Лими иIахь хэзышIыхьагъэмэ ащыщ, идежурнэгъу тефи, чэщ реным ынапIэ римыдзыхэу кIэрысыгъ. Джы бзылъфыгъэ цIыкIум къинэу ылъэгъугъэр



фэIэкIыбэу, икIэрыкIэу дунаим къытехъожьыгъэу ишIулъэгъу игушIуагъу.

Лимэ зыкъиушIэжьи, къэлэмым лъыIэбагъ, ау къызэриштагъэм фэдэу ыгъэчэрэгъоу тIэкIурэ ыIыгъи, ыгъэтIылъыжьыгъ. Гупшысэу къышъхьарыуагъэм бэрэ макIэрэ хэтыгъэми ымышIэу зэплъэм, пхъэнтIэкIум тесыгъитIур тесыжьэп. Ахэмэ ачIыпIэ Биназрэ Мерэмрэ ынэгу къыкIэуцуагъэх, Лимэ хэщэтыкIыгъ нахь, гуIае афыриIэу нэбгыритIум ягупшысагъэп. Мы Iофымкlэ Бинази мысэп. Мерэм ары нэмыIэмэ, ар хые шъыпкъ. Азыфагу къыдэхьагъэп, къыпеуагъэп, псэлъыхъо фэкIуагъэхэти, ыгу филъыр иджэуапэу къапэгъокIыжьыгъ. Лимэ зыфэе закъоу къехъулIагъэм хихыгъэу зыдишIэжьрэр Биназ насыпышIо хъунэу, гум пэблагъэу шIу ылъэгъурэр гъогогъу фэхъуныр ары. Зымафэ къэлэ такси уцупIэм дэжь ошIэ-дэмышIэу зыщызэIокIэхэм, джа дэдэр Биназ риIогъагъ. Бэрэ зэдэгущыIэгъу имыфагъэхэми, къызэхишыкIыгъэ фэдэу Лимэ къыщыхъугъ. Ау Лимэ Биназ зэришIэрэм фэдэу цIыф ышIэрэпышъ, зыгорэкIэ шIулъэгъу Iоф къыхэмыхьэу, джау сыдми къэщэн тегъэкIыкIэ Мерэм епсэлъыхъоми сшIэрэп еIошъ, тещыныхьэ. Аущтэу зекIомэ, насыпышIо хъущтэп, щыIэныгъэм иIэшIугъэ зэхишIэщтэп, къин къыфэхъущт.

Шъхьангъупчъэмкlэ Лимэ зэплъэм, чъыг кънутэмитIоу, зэнэс ашIоигъоу, зэлъыбанэхэрэр ынэ къыпэшIофагъэх. ЯпкIашъэхэр зэнэсынхэкIэ азыфагу Iэпэ зал ныIэп къыдэнэжьыгъэр... Сыда, яIоф зэхэмылъыжь пэтзэ, ащ фэдизэу Лимэ Биназ иIоф зэрэхъущтым зыфигъапэрэр? Ежь Биназ аущтэу къыфыщыта? Къыфыщэрэмыт фаеми, ежь егъашIэм джаущтэу фыщтыщт, инасып къыкъокIэу дэкIуагъэми, дэмыкIуагъэми ары. Лимэ ынэкIушхьэмэ къахихыгъ. ГущыIэу зыфиIожьыгъэмэ, моу Iэшlу горэ ыIэпкъ-лъэпкъмэ къыхатэкъуагъэ пIонэу, ыгу къэхъугъ.

Ныо сымаджэ горэм ышъхьэ пчъэм къыдэщыгъ:

– А сипшъашъ, Мерэм сищыкIагъ.

– Мерэм джыри къэкIуагъэгоп.

Ныо сымаджэр Мерэм фэягъэу къычIэкIын, ау Лимэ мыгуцэфэн ылъэкIыгъэп. ГъэрекIо бжыхьэ, пIалъэр зыблэкIым, сымаджэхэми, мысымаджэхэми къыкIэлъы-

плъэхэу, ашъхьэ зэрагъэсысыщтыгъэр Лимэ щыгъупшагъэп. Ахэмэ афэдэна мы ныор ыӀуи, егупшысагъ. Ау Ӏофыр ащ тетыгъэп. Шъыпкъэ, джы къызнэсыгъэм ащ фэдэхэри щыӀагъэх. Больницэм сымаджэр щызэблэкӀы, къэбарри ахэмэ къадэкӀо, адэкӀожьы. Охътэ дэхэкӀае тешӀагъ нахь мышӀэми, зэӀазэрэмэ ащыщхэу къеушъыихэри джыри къахэкӀы. Анахьэу ахэр зишэнхэр ныохэр арых. Апэм ариӀожьыщтыр ышӀэщтыгъэп, етӀанэ къызхимыгъэщэу губжыщтыгъэ, джы къызраӀокӀыкӀэ мэщхышъ хэкӀыжьы.

Сыда мыщ Мерэм къызэрэхахьэрэр? Биназ шӀу елъэгъумэ, насыпышӀо орэхъу. КӀэпэлъэтэ-Ӏэпэпцӏый горэ ынатӀэ къыфэхъун нахьи, МерэмкӀэ сырыраз. Шъхьэлъытэжь лэжьэкӀо унагъо щапӀугъ, зэхэшӀыкӀрэ гукӀэгъурэ зиӀэ пшъашъ. Лимэ зэушъыижьмэ Мерэм фэшӀушӀэзэ, джыри ыгу къыпиӀонтӀыкӀыгъ. Сыда зэзгъэфэнэу сиӀофэу ахэлъыр... Ащ лъыпытэу, къыздизыгъэр ымышӀэу, джыри зыпчыхьэ МыекъуапэкӀэ къыфикӀыгъэгъэ Бэрэкъэт Емзэщ гум къэкӀыгъ, кӀэко къолэнымрэ шляпэ огумрэ зыщыгъ кӀалэр ынэгу къызкӀэтаджэм, щхыпцӀыгъэ. КӀэлэдэепщтын, ау зэрэфэпагъэм фэдэу гъэпсыгъэ. ПсэлъыхъуакӀи ымышӀэу щытэп, нэбгыритӀоу игъусагъэр пчыхьэреным къыгъэгущыӀагъэхэп. ЗэкӀэри зэхьылӀэгъагъэри, зыфэгъэхьыгъагъэри, зэкӀужьыщтыгъэри ежьыр ары. Ежь ахэмытыгъэмэ, театрэр зэбгырызыжьыным иӀофтет. Уеплъми шъо имыӀэу, теплъэ имыӀэу щытэп Емзэщ. ПэкӀэ шӀуцӀэ зэкӀум ӀупшӀэ пӀокӀэ плъыжьышэр къычӀэщы, нэ къэргъуитӀур шъабэу къыпӀоплъэ, лъэкъо зэтедзагъэкӀэ дахэу зиӀыгъыжь. Мэзэ блэкӀыгъэм щэ къылъыкӀуагъэшъ, некӀо, къыздежь еӀо нахь, тызэкӀэрыгъэплъ ыӀорэп. Лимэ джыри щхыпцӀыгъэ. УкъызыздэмыкӀокӀэ, усхьыщт къызэрэриӀогъагъэри ыгу къэкӀыжьыгъ...

– Ащ фэдэ ашӀа джы? – риӀожьыгъагъ.
– ТӀорэм укъемыуцуалӀэмэ, тыадыгэ кӀалэба?!
– Шъуадыгэмэ мызекӀуапхъэу шъузекӀонэу ара?
– СишӀулъэгъу укъызэмыуцуалӀэрэм пшӀэрэба...
– Хьапсым укъыдэплъмэ?..
– Ощ пае, дах, сыд къысэхъулӀэми, сырыраз...
– Сыд пае уигъусэхэр къыптезгъэкӀодэных...



– Сэ укъысэмыплъми, дах, ахэмэ уяплъыщт, чылэм ушӀолӀыкӀыщт. Ау зыхъурэм, ащи тыхэмыгъахьэу, гъусэгъу къысфэхъуи, мы гъэтхэ дахэр зитеплъэ щыӀакӀэм тырыгъакӀу. Вулям Шекспир иӀуагъэу, «Быть или не быть?..» ОшӀа ащ фэдэ драматург цӀэрыӀор?

– Ащ фэдэ драматург цӀэрыӀо зэрэщыӀагъэр сэшӀэ,– Лимэ кӀалэм фидзыжьыгъагъ,– ау «ВулямкӀэ» сыгугъэрэп ащ ыцӀэр, зыгорэм хэогъэкӀуакӀэщтын, Уильям къысшӀошӀы.

– Сыд пӀуагъи, дах?..– Емзэщ щхыгъэ.– Мыдэ мыщ ыӀорэр!.. Сыдэущтэу Вулям Шекспир зыгорэм хэзгъэкӀокӀэн мафэ къэс ащ нахьрэ Ӏоф тимыӀэу... Ащ исочинение Отелло шӀуцӀэри адыгабзэкӀэ зэсыдзэкӀын симурад сэ... Олахьэ, кӀалэхэр, мы искусствэм ухэтынри мыӀэшӀэх. Шъо шъупсэолъэшӀ, сыдым фэшъушӀэна тиартистхэм къинэу алъэгъурэр, е зиунагъо бэгъон, чэщи, мафи кӀэшӀагъэх. Ащ пае сэри сызэблэжьрэп, площадкэ дэгъухэр, къин алъэгъоу чыжьэ сымыгъэкӀонхэм пае, къафэсэгъотых. Мары, ДэхапӀэ мазэм тӀо къэсщагъэх. ДэхапӀэ фэдэу, искусствэр шӀу зыщалъэгъурэ чылэ тыдэхьагъэп аӀо. Пцӏы хэлъэп, дэгъоуи къапэгъокӀых, артистым Ӏэгу фытеуи ащ нэмыкӀ дунаим зыфае щыӀэп. Ар ДэхапӀэ дэсмэ зэхашӀыкӀэу къычӀэкӀын, Ӏэгу теонкӀэ уагъэнэтӀупцӀэщтэп. Къэпщэфрэп, къэплъэӀуфэрэп зэраӀоу, Ӏэгу утеон пае къэбгъанэ хъуна!.. ЕтӀани шъошӀа, искусствэм фэщагъэу мыщ лӀитӀу дэс: зыр МэфэкӀо Рэщыд – колхозым итхьамат, адрэр ЧэтэшӀэ Биназ – парткомым исекретарь. КъащымыкӀэу кӀэлэшӀух, шъыпкъэба, Лим?

– О нахь пшӀэн,– псэлъыхъо къыфэкӀогъэ кӀалэр къызэригъэтэрэзыжьыгъагъэр шӀоемыкӀоу Лимэ джэуап къытыжьыгъагъ,– оры искусствэм пылъыр.

– Адэ ары,– Бэрэкъэт Емзэщ ыпэкӀэ чӀэгъмэ къакӀэгушӀукӀыгъ,– адыгэ искусствэм тыпыгъэнагъэу тыпылъ тӀозэ, шъхьэгъусэнчъэ техъулӀагъ... Илъэсхэр макӀох, кӀэлэгъуми къэгъэзэжь иӀэп...

Псэлъыхъохэр Лимэ ыгу къызэкӀыжьым щхыпцӀыгъэ, сэмэркъэу гущыӀэу къыдашӀыгъэм щынэгъо шъэф зэрэхэлъым егупшысагъ. Пчыхьэ къэхъу зыхъукӀэ, зэрэщынэрэр ежь-ежьырэу зыдишӀэжьэу ыублагъ. Амал иӀэу изакъоу больницэм къикӀыжьрэп, Сурэми Мерэмми яз

къыдэкIожьы. Ахэр гъогогъу къызфэмыхъухэкIэ, мэзахэ охъуфэкIэ IофшIапIэм зыкъыщигъэгужъорэп. Ежь имылажьэу къызыгужъокIэ, ялъэIушъ, зыкъарегъэщэжьы. Сэмэркъэухэзэ, щхэным гъэн къекIыжьы зэраIоу, пшIэщтэп ахэмэ къыуашIэщтыр... Зыпчыхьи, Iэуж ыIуи, сидэнэ шарф цIыкIу, къатхъуи, спшъэ дихыгъ. Уебэнына, къыIысхыжьынэу сызежьэм, къыситыжьыгъэп. Емзэщ зыгорэу щыт: гохьыгъи, гомыIугъи хэлъ. КъэмыгущыIэ зыхъукIэ, кIэлэ шIагъу. КъэгущыIэным зэрэхэблыхьэу пшъхьэ зыдэпхыыжьыщтыр пшIэрэп. Ар зэрэгущыIэрэм фэдэу щытэпщтын, кIалэмэ яхабз пшъашъэм ыпашъхьэ зитIысхьэхэкIэ, зэрэмыдэйхэр къыщагъэлъэгъоныр. Сэри сыжэмыIан нахь, сыд пае ШекспиркIэ згъэукIытэжьыгъэ. УкIытагъа, мыукIытагъа? ЕсIогъагъэм, Iоф зыримыгъэшIэу, шъхьащыкIыгъагъ, сэщ нахьи ежь нахь Iушэу къычIэкIыгъ.

Сурэ ординаторскэм къычIэхьажьыгъ, къыIуагъ:

– Мы си Нэбыкъое лIыжъыр цIыф гъэшIэгъон, тадэжь сымгъэкIожьы хъущтэп ыIуи, къысшIонагъ. Джы нэс сеубзэу, Iэ щысфэу сыкIэрысыгъ. Я си Алахь, мы хъулъфыгъэ лъэпкъыр сыдэу гъэшIэгъонэу зэхэлъ, яцIыкIуи, яини Iэ ащыфи, гущыIэ дахэ яIуи, ягуап... Хъужьыгъэна, температурэр зышъхьащытфыгъэр мэфищ нахь хъугъэп!..

– Ныом изакъоу къисынагъ еIо.

– Къыринагъэмэ Iэхьыли, гъунэгъуи иIэба?

– ИмыIэ мэхъуа, ыкъо нахьыкIэ кIэрыс!..

– Сыд ащыгъум рэхьатэу зызфимыгъэхъужьрэр?

– Ныор пIэм хэлъышъ, къор къо, сэри сынаIэ тетын фае еIо.

– ТхьамыкI, фэзэщыгъэу къычIэкIын...

– Фэзэщы ыкIи, фэгумэкIы ыкIи... Бэ къэзгъэшIагъэу бэрэ зэкIыгъугъэхэр зэзэщых, агухэр зэщэкIых зыфаIорэр, Лим, шъыпкъэп. Джа зыфэгумэкIрэ ныор, пIэшъхьагъыр фигъэтэрэзыжьэу, чыхIаныр фыкIиупкIэу шъхьащытыгъэмэ, бэшIагъэу лIыжъыр чIэстхыкIыжьыщтыгъ. О сшIэрэп, Лим, сэ лIыжъ-ныожъхэр сикIасэх, егъашIэм сятэжърэ сянэжърэ джаущтэу, зэрэмылъэгъухэмэ зэфалIэхэу щытыгъэх. Сятэжъ зэлIэм, сянэжъи мазэ нахь ыкъудыижьыгъагъэп. Ащ нахь къызэримыгъэшIэжьыщтыр къытиIощтыгъэ. ЗыфиIуагъэм, семыIэзагъэмэ, зыгорэм фэд, анахь уц дэгъоу щыIэхэмкIэ сешIушIагъ, мэфитIу ныIэп зэрэхэукъогъагъэр...

Лимэ шъхьэр ыгъэсысэу Сурэ къыIорэмэ ядэIу фэдэми, зыгъэгумэкIэу, ренэу зэгупшысэу шъхьэм илъыр нэмыкI. Аущтэу зыхъугъэр ятэ ыпкъ къикIыкIэ янэрэ ежьырырэ зызэфэгубжыгъагъэм ыуж. Уятэ фысиIэ гумэкIыр о сыдым уигъэшIэн къызэрэриIогъагъэр джы къызнэсыгъэм Лимэ щыгъупшэрэп. ШIулъэгъур гъунэнчъэми, ежь пэблагъэр, гум шIоIэшIур, нэм шIодахэр къегъэгъунэ, уахътэ иIэп, пIалъэ ышIэрэп. Ар зыхэпчынри угу пыпчынри тIури зы. Аущтэу узекIуагъэми, нибжьи хэмыкIокIэжьынэу тыркъо къытырещэ. Шъхьэзэкъо-шъузабэу, зыми фемыплъэкIэу джарыщтын мами щызгъэIагъэр... Ежь зыдишIэжьэу Лимэ ынэкIушъхьэмэ къахихыгъ. Мы Iофым укIытагъи, нэмыплъыгъи къыхэхьэгъэнкIи мэхъу, ау янэкIэ ыгурэ ышъхьэрэ Лимэ зэбгъэжьыгъэ. Сэ сеуцолIагъэшъ, гум щыщ закъор шъхьэщысымыгъэзыикI мыхъунэу сыуцугъ. Дэйми, дэгъуми а зыр илъапI, ишIулъэгъу. Къеплъырэм фемыплъэкIыжьэу, бгъэм дэлъыр къызфигъэгъунэжьэу, лIы зиIэм емышъугъоу, ехъуапсэу къыхьыгъ. Сянэ сятэ фыриIэ шIулъэгъур нэрылъэгъу, сэ фысиIэр фэшъхьаф. Адэ сянэ ычIыпIэ ситыгъэмэ, сыдэущтэу хъущтыгъ? СэшIа, сэмышIа? СэшIэмэ, сыд пай мырэущтэу мамэ сытегущыIэрэ?.. Хьау, сятэ ышIагъэр ным ишIулъэгъу закъокIэ къезгъэкIущтэп, сянэ шIу къылъэгъущтыгъэмэ, ащ ихьатыр нэмыIэми аущтэу зекIощтыгъэп!.. ШIулъэгъоп ар, шIулъэгъур къаухъумэ нахь, гумэхагъэкIэ ащэрэп, IэкIыб ашIырэп!..

– Уятэжърэ уянэжърэ, Сур, дэгъоу къэсэшIэжьых сэ...– Лимэ, игупшысэмэ къахэужьыгъ.– Мамэ ащытхъу зэпытыгъ, нэжъ-Iужъ Iумафэх ыIощтыгъ. Джащ фэдэу узэфыщытэу дунаим уехыжьмэ, лыузэпщтын...

– Е-о-ой, Лим, ар хэт ышIэгущэрэ!..

– Ар о зымышIэкIэ, Сур, сэ нибжьи сшIэхэнэп...

– УмыIо, Лим. О уинасыпи кIыхьэ, неущ къыпфыкъокIыщтыр пшIэрэп.

– Бэрэкъэт Емзэщ фэдэщтын!..– Лимэ щхыгъэ.

– Емзэщ мыскъарэ ошIы шъхьакIэ, зыгорэ фыуиIэкIэ сенэгуе...– Сури къесэмэркъэужьыгъ.– Тэри кIэнэкIалъэ тшIыщтыгъэр ары тынатIэ хъужьыгъэр.

– УкӀэгъожьыгъа Долэтыкъо удэмыкӀоу Заудин узэрэдэкӀуагъэмкӀэ?

– Алахьэм ерэмыд!..– Сурэ джыри нахь лъэшэу щхыгъэ.– Плъэгъурэба Долэтыкъо ыгъэхъэгъэ купыр? Шъуз тхьамыкӀэм тӀоунае тырищагъ, ар имыкъоу, чэщи, мафи мэпсэлъыхъошъ хэт. Долэтыкъо зыфэдэр сэмышӀэфэкӀэ боу нэпсыбэ тесыухагъ. Синасыпти, зблэӀэбыкӀи къыщэгъагъ. Ар ымышӀэу садэжь къыӀухьэгъагъэмэ, зи есымыгъаӀоу сытэджыщтыгъ. А чэщым, къыщагъ аӀуи зызэхэсэхым, сэ скӀэхэкӀыгъагъэр, неущ тыгъэр къыкъокӀэу, дунай нэф хъужьын Ӏоу сшӀэгъагъэп... Ау зыхъурэм, къалэм къыпфикӀырэм уемыпэбжъау, къызэрэчӀэкӀыжьыщтыр пшӀэщтэп. Гъэшӏэгъона бащэ къеӀомэ, о ужэ къызэтепхыщтэп, уигъэзэщынэп. ГущыӀэрыер Ӏофэп, ерэмышъори...

– Ешъоми сшӀэрэп, щэ нахь умылъэгъугъэр сыдым фэпшӀэна...– зэрэтегущыӀэхэрэр игуапэуи, имыгуапэуи Лимэ къыӀуагъ.– Ерэшъу фаеми, усхьыщт Ӏоу серэмыгъэщынэри, мохэм ашӀэщтыр пшӀэрэп...

– Усхьыщт къыуеӀуа?

– Ары ыӀорэр...

Пчъэр къыӀуиубгъукӀи, духымэ ӀэшӀу къыпыутысыкӀэу Мерэм, ренэу зэришӀ хабзэу, унэм къихьагъ:

– Приветых!.. Сыдэу шъуитӀо зыжъугъэтхъэжьра?..

– Тэтхъэмэ пшӀэщт, модэ къыплъэхъух...

– Хэта? Главврачыра?..

– Главврачым нахьи нахь пхъэшаӀу, укол зыхаплъхьэрэ ныор ары.

– Е зянэ, сщыгъупшэжьыгъи!..– Мерэм исумкэ дэтхъожьыгъ, ащ дэлъыхъухьэ ыӀозэ, джа ныо дэдэм пчъэм ышъхьэ къыдигъэщыгъ.

– О пшъашъэр, сиукол огъэгужъо.

– Мары, джыдэд, сыкъэкӀо пэт, нан,– Мерэм пчъэр къыфэзышӀыжьыгъэ ныом кӀэлъиӀожьи, щыситӀур ыгъэщхыгъ.– Зэ, зэ, сэгъэгужъомэ озгъэлъэгъущт сэ!.. Анахь мэстэ пакор хасфэми, сибзэу, тхытхырэп, нахь ныо пытэ сырихьылӀагъэп. Сыд фэсшӀагъэми, къысэцӀэцӀэ зэпыт. А ды-дыды гущ, ар зигуащэм сехъуапсэрэп... Пошла я, ныо цыкӀур къэзгъэкуонэу...– Мерэм, къызэрихьагъэм фэдэу, жьышхор пыутысыкӀэу, унэм икӀыжьыгъ.



– Мерэм сехъуапсэ, сэмэркъэушхо хэлъ,– Сурэ зидухымэ унэм изы зышӀыгъэ пшъашъэм кӀэлъиӀуагъ,– нибжьи ыгу кӀодыгъэу слъэгъугъэп... Хьау, сэпцӀы, зэ закъо слъэгъугъагъэ...– джыри ныӀэп имыщыкӀэгъэ гущыӀэр къызэрэригъэжьагъэр Сурэ къызгурыӀожьыгъэр, ау ащ егупшысэгъу римыгъафэу зызтыригъэӀэтыкӀыгъэри къеупчӀыгъ:

– ГъэрекӀо бжыхьэщтын?

– Тэ щыпшӀэрэ гъэрекӀо бжыхьэмэ?..

– Мерэм сешъугъурэп, Сур, семыхъуапсэмэ...– зытегущыӀэрэр къызэрехьылъэкӀырэр Лимэ къызхигъэщыщтыгъэп.– Гухэлъ зэфызиӀитӀур алахьэм насыпышӀо ешӀых. Сигуапэ Биназ нэмыкӀ ыӀоу Мерэм зэрэблэмыӀэбыкӀыгъэр... Шӏу узылъэгъурэм инэхъой къыптетыщт. МыщкӀэ сыгу илъри Мерэм шӀосыушъэфыгъэп. Бинази зыкъысщедзые шъхьакӀэ, джа дэдэр есӀощтыгъэ.

– Зэхэсхыжьыгъэ Мерэм узэрэдэгущыӀагъэр,– Сури ыӀуагъ,– ащкӀэ Ӏушэу укъычӀэкӀыгъ. КъезымыгъэкӀугъэхэри щыӀэх.

– СэшӀэ. Мамэ, апэ зэритэу, къыригъэкӀугъэп.

– КъызэрэпшӀошӀэу зекӀо. Сафяти угу емыгъабгъ. Ари зэрэшӀошӀэу мэпсэу. Мерэмрэ орырэ шъуазыфагу зэфэмышӀуныгъэ зэрэдэмылъымкӀэ сэгушӀо. Ар зыпкъ къикӀыгъэр орышъ, къин къыпфэхъуми, уишӀушӀагъэ кӀодыщтэп. Джары сшъхьэкӀэ шӀу узфэслъэгъурэр, цӀыфмэ агу узфырихьри. Уигукъао нэмыкӀым игушӀуагъо зэрэтепӀэтыкӀышъугъэм узфэдэр къегъэлъагъо, уигъэиныгъ нахь, уигъэцӀыкӀугъэп.

Уинасып, ежь илажьэ хэлъэуи, хэмылъэуи, къырыкӀорэм насыпышӀо охъу епӀоныр зэрэмыпсынкӀагъор. Сурэ къыгурымыӀоу щытыгъэп. ШӀулъэгъур джэнэпхъэ гъэшӀуагъэп, угу рихьыгъэмэ, адыгэмэ зэрашӀы хабзэу, укъыӀукӀагъ, къыосэты пӀонэу. Ари ащ фэдизэу гупыкӀыгъошӀоп. Лимэ иӀоф зытетыр зышӀэщтыгъэр ежь закъор ары. Ежь-ежьырэу кӀуачӀэ къызфигъотыжьыгъ, ятэкӀэ къехъулӀагъэм, къызэрэгурыӀоу, ащкӀэ зэрэхэмыукъорэр зыдишӀэжьэу, уасэ фишӀыгъ. Шӏу ылъэгъурэ кӀалэр чӀыпӀэ къин римыгъэфэным пае, ежь ышъхьэкӀэ ыгу филъыр зыкъуиушъэфэжьын ылъэкӀыгъ. Къинми, гукъаор къызтыримыгъакӀоу, гухэкӀ нэпсым зыримыгъэгъапцӀэу,

ащкӀэ ишӀошъхъунығъэ зэкӀэми апшъэ ышӀығъ, цӀыфыгъэ къызхигъэфагъ. Сурэ сымаджэм иуз къырыкӀуагъэр къыштагъэу хэплъыхьэ фэдагъэми, джахэр ары зэгупшысэщтыгъэр.

## XXXVI

Мазэ хъугъэшъ, Пшызэ зэпаубытыкӀыгъэу аӀыгъ. Мафи чэщи зэпыу имыӀэу Ӏэрышӏ хым къыхэхъо. АдыкӀэ, джы хы гузэгум, темэн уцупӀэм кӀэрысыгъэ чылэгъуищыр хычӀэ хъугъэ. Хым зыкъиӀэт къэс чӀы хэӀэтыкӀыгъэхэм япчъагъэ нахь макӀэ мэхъу. Ахэмэ якӀужьыгъэ тхьакӀумкӀыхьэхэр, баджэхэр, пыжъхэр, мэзчэтхэр, шъыхьэхэр къэзыухъумэхэрэ къуашъохэр модыкӀэ-мыдыкӀэ хым щатетыгъэх. Блэ, шъуае зыфэпӀощтхэр гужъыегъум рифыжьагъэхэу хым къыхэцӀэлъыщтыгъэх. Сыдигъуи фэмыдэхэу ахэр ДэхапӀэ нахьыбэрэ щалъэгъоу аублагъ.

Джыри жьыгъэ Ӏэрышӏ чӀы хэӀэтыкӀыгъэм МэфэкӀо Рэщыдэ зыдэкӀуаем. Ӏофышӏэ кӀозэ, джау еплъынэу, дырекӀокӀыгъ. Тыгъуасэ мэз пырыпыцоу зышъхьапэ псым къыхэщыщтыгъэр къэлъэгъожьыщтыгъэп. Хы кӀыӀум вертолет горэ щэхьарзэ, псыпэр зыдэчъэрэ лъэныкъор, илъэгагъэ зыфэдизыр зэригъашӀэу къычӀэкӀын. Адэ джары, ыӀуагъ МэфакӀом, тшӀошъ мыхъузэ, хыри къэнэфагъ. Тэ псыутӀэм ишӀын илъэс псау хъугъэшъ ыуж тит. ТшӀэрэм нахьи тӀорэр нахьыб. Таймэзым тыригъэзи рытигъэгъэжьагъ, псэолъапхъэмкӀэ къыддэӀэпыӀэжьрэп, экскаватор закъоу районым итри Ӏоф ныкъуашӀэм пащыжьыгъ. Губгъо ӀофшӀэгъушъ, мыры Ӏоу зыдэдгъэзэщтыр тшӀэжьрэп. Зыр тфэмыгъэпсызэ, адырэр къэсы, тыпещы. ЕтӀани комплекснэ ӀофшӀакӀэ пшӀэрэп еӀошъ, ЧэташӀэм нахь мыхъурэм къытфедзы. А ресторан Ӏофыр дэгъоу къыохъулӀагъ, тэрэззэуи сшӀагъэ Таймэзри зэрэщызгъэгъозагъэр. Ары нахь къэбзэ цӀыкӀоу, зыпыутхыпкӀыхьажьзэ, къыхьын имурадыгъ. Ухыеми, умысэми рестораным ащ фэдэ къыщыохъулӀэныр партийнэ ӀофышӀэмэ ягопэщтэп, шъхьаихыгъэу къыуаӀощт, къыуамыӀоми зыкъыпщадзыеу аублэщт.

Мэджэс Ахъмэт орденыр къызфехьыжьым Таймэзыр ЧэташӀэм зэрэфыщытыгъэр ыгу къэкӀыжьи, МэфакӀор щхыпцӀыгъэ. Джары мыхэмэ уазэрэхэтын фаер, укъамышӀэу азыфагу удахьэмэ, натӀэкӀэ зэбгъэутэкӀхэзэ, уадыщыӀэщт. Олахьэ ынапӀэ къыӀэтэу къемыплъыгъ, азыфагу псы чъыӀэ дэкӀагъэм фэдэу щысыгъэх. Нахьыпэрэм фэдэу, къэпщагъ, къэпщэщт къыримыӀожьыгъ. Мощ нахь мыхъурэм ӀофыкӀэ сыкъегъэсэжьы. Тэ ущыӀагъ колхоз псаур зеслъашъо зэхъум? КӀэлэегъаджэмэ ажэ удэплъыхьэу институтым учӀэсыгъ. Джы сыӀуигъэкӀотынышъ, счыпӀэ зыридзэн ихьисап!..

Тыгъуасэ Рэщыдэрэ Бинազрэ псычэтмэ къарыкӀэу зэрэзэфилъыгъэхэр МэфакӀом щыгъупшэжьрэп. Ащ пае мычъыешъоу пӀэм хэлъыгъ, нэфшъагъом хэчъыягъ ыӀозэ къэущыжьи, щымылъышъоу къэтэджыжьыгъ. КӀэ фэшӀыгъэн фае. ЧэташӀэм Ӏоф дэсшӀэн слъэкӀыщтэп. АщкӀэ есӀуагъэм ерэгупшыс Таймэзыр. ӀофшӀакӀоу елъытэмэ, ыдэжь ерэщэжьи, Ӏоф рерэгъашӀ, ар мыхъущтмэ, нэмыкӀ колхоз горэм ерэгъакӀу, санэӀу рерэщи, нэмыкӀ сыфаеп. Аущтэу ышӀагъэу къэбар къысфэзыхьрэм анахь колхоз мэл дэгъур гушӀуапкӀэу фязгъэщэн. Мощ фэдэм ынэ къэбгъаплъэ хъущтэп. Сэр-сэрэу лые зэсхыжьыгъ: агроном къызэрыкӀо чӀыпӀэм къисщи, агроном шъхьаӀэ сшӀыгъэ, ар имыкъоу парткомым исекретарэу, узфаер райкомым чъэри яӀу сӀуи, згъэнэфагъэ. Джы еплъ къысишӀэрэм – къысӀугушӀозэ, къысэбэныжьы. Тэрэз зыфаӀорэр, шӀу зыфапшӀэрэр унапшӀэ къеожьы. Колхоз парткомым исекретарь хъуи, Таймэзыр къызытехьагъэм щыублагъэу шъоззэбэн къытишӀылӀагъ, ыпэ зыхимыӀурэ Ӏоф къетхыжьагъэу сшӀэрэп. ХиӀумэ Ӏофа, макӀошъ бзэгу тафехьы. Алахьэм ешӀ, обкомым зэкӀом мэкъу-мэщ отделым иӀэшъхьэтет риӀогъэ купыр, зымафэ районым сызщыӀокӀэм хъатэу къыспылъыгъэп, чъыӀэ-чъыӀэу сӀапэ къыубыти, зблэкӀыгъ. ГъэшӀэгъоных, сибоу, ЧэташӀэхэр. ЯлӀыжъ туснакъ партием хафыгъэми, нэмыц офицерым дахьэкӀагъэми ашӀэжьрэп, хабзэр къафэнэжьыгъэу анэ къырагъэкӀы...

ЧӀы хэӀэтыкӀыгъэ гъунэмкӀэ лъэмакъэу къэӀугъэм Рэщыдэ зэригъэплъэкӀыгъ. Болэт Къасымэ къакӀоу зелъэгъум, мы Ӏаери, нэфмышъэу тэ къизыгъа, ыӀуагъ. Мафи, чэщи уцу иӀэп, тыдэ укӀуагъэми къыпӀочэразэ.

– Уипчэдыжь шӀу охъу апщи, Рэщыд.

– Тхьауегъэпсэу, Къасым. Ори укъэкIуагъа?

– СыкъэкIуагъ. Мыр ашIэу сыдигъо къэтлъэгъужьыщт ХьапакIэмдхэм аIощтыгъ шъхьакIэ, мары къэтлъэгъужьыгъ. Джыри тыпсаумэ, Рэщыд, ащ нахь гъэшIэгъонхэри къэтлъэгъужьынхэу къытпыщылъых. Муары Чэтэшlэ Ибрахьимэ дунаитIу хэплъагъ, хабзэр къыдэзыхыгъэмэ ахэтыгъ, колхозыр ыIэшъхьитIукIэ зэхэзыщагъэмэ ащыщ.

– Ар шъыпкъэ, Чэтэшlэ Ибрахьимэ бэ ынэгу кIэкIыгъэр...– МэфакIом къызэпиутыгъ Болэтыр. Сыд сэIо, ыIуагъ, лекцие укъысфеджэнэу, ощ нахьрэ Iоф сиIэба!.. ТIэкIу тыригъашIи, къызхимыгъэщэу пидзэжьыгъ.– Ары шъхьакIэ, Къасым, кощыгъэ пстэуми агу рихьыкIэ сыгугъэрэп...

– Ар сэшIэ. Укощыныр, узщалъфыгъэ, узщапIугъэ чIыпIэр убгынэныр IэшIэхэп. Убгынэн закъомэ Iофыгъа, нибжьи умылъэгъужьынэу хычIэ хъуныр тхьамыкIагъу. АщкIэ кощыгъэмэ зыгорэ аIо сIоу згъэмысэхэрэп. Ау етIани кощыжьыгъэмэ хэтэ иныIо зэрямыIэр дэи.

– Ары сэри сIорэр,– Рэщыдэ лIыжъым дыригъэштагъ,– унэ пшIыщтмэ чылэхэми хапIэхэр щаратыщтыгъэх. Муары, уинэрылъэгъу, ДэхапIи зы куп къыдэтIысхьагъ, чырбыщ унэ дэгъухэр дашIыхьагъэх. МэщфэшIу Ахьмэд иунэ изакъоми ДэхапIэ къыгъэдэхагъ.

– МэщфэшIум фэдэхэр, Рэщыд, нахь Iушэу къычIэкIыгъэх. Боу Ахьмэди унэ зэтетышхо, хэтэ шIыпIи игъусэжьэу къыратыщтыгъ, зыкъиIэти, ДэхапIэ къэкIожьыгъ нахь. Ежьри лIыжъ чанэу къычIэкIыгъ, чылэри дэIэпыIагъ. КъэкIожьын зэхъум, Ахьмэд къысиIогъагъэр ошIа? ЕгъашIэм мэкъумэщышIэу МэщфэшIумэ къахьыгъ, ау зыхъурэм скъохэмкIэ ар кIодыжьыгъэ орэмыхъу, къысиIогъагъ. IофышIэ нэбгырихи тиколхоз къыхищагъ. Ахэмэ къакIэтэджэрэ купыр?..

– Арэп, Къасым, МэщфэшIу Ахьмэд ихьакIэ къехъулIагъэу зыфаIорэр шъыпкъа? – МэфакIор ащ нахьрэ щытыжьынэу фэмыягъэми, къэупчIагъ.

– Ащыгъум, орырэ сэрырэ тызэфэд,– Рэщыдэ щхыпцIыгъэ,– хэшIыкI фытиIэп. НекIо, Къасым, правлениемкIэ укIощтмэ, наряд тыгъом цIыфхэр къекIуалIэх. Муары, Чэтэшlэ Бинази макIо пэт,– зыдищэнэу зыфиIуагъэр джэуап тыгъо римыгъафэу МэфакIор IукIыжьыгъ.



– Ярэби, Рэщыд,– чIы хэIэтыкIыгъэм зэндэ-зандэу рыкIорэм лъыджагъ,– псыутIэм ишIын шъудэмыбэлэрэгъ, гъэм ыныкъо пэкIы, шъукIэхьажьынэп...

– Ары, Къасым, ары зыуж титыр,– игушъхьэ зэрэшх къызхимыгъэщэу МэфакIор къызэджэкIыжьыгъ, етIанэ зыгорэ зэрэщыгъупшагъэр хэпшIыкIэу ошIэ-дэмышIэу къызэтеуцуи, къэупчIагъ: – Арэп, Къасым, зыгорэкIэ Дударыкъо Рэмэзан иIоф рыкIорэм ущыгъуаза? Уишъэогъу Темыркъани къэлъэгъожьыхэрэп, ыкъо ыуж итэу къычIэкIын...

– Сэри бэшIагъэ Темыркъан зысымылъэгъужьрэр,– къызкIэупчIагъэм иIоф зытетыр Къасыми ышъхьэ къырихыгъэп,– зэ-тIо сихьагъ, тыгузэжъонэп аIощтын, игугъу къашIырэпти, сыкIэупчIэшъугъэп.

– Олахьэ зи хъун къемыхъулIагъ кIэлэ хъарзынэм...– МэфакIом гум илъымрэ бзэгум телъымрэ зэфэшъхьафэу ежьэжьыгъ.

Къасымэ къемыупчIыжьыгъэми, Дударыкъо Рэмэзан иIоф зытетыр ыгъэгумэкIырэ унагъом нахь дэгъоу Рэщыдэ ышIэщтыгъэ. Темыркъаныкъор гужъыеу имыщыкIагъэ горэм тыхимылъэшъуагъот ыIозэ, мэстапэм пысэу мафэхэр макIох. Джы нэс а IофымкIэ следователь ДэхапIэ къыдэмыхьагъэмэ, джы къыдэхьажьынэп ыIощтыгъ. ЗыгорэкIэ коцэу, семчыкэу, натрыфэу ращэщтыгъэми ыуж къафми, къыхэмыщынэу Iофыр гъэпсыгъэми, Рэщыдэ мыщынэн ылъэкIыщтыгъэп. Илъэс пчъагъэм ежь МэфакIом ышъхьэкIэ Темыркъаныкъом Iоф дыриIагъэп, зэкIэрыуцохэу шъэфэуи, нафэуи зэдэгущыIагъэхэп, шыхьат щытэу зыми зи къыIихыгъэп. Сыд ышIагъэми, дахэу, къабзэу, лъэужынчъэу ышIэщтыгъ.

– Болэтыр,– мафэ горэм Чэтэшlэ Ибрахьимэ къыIуагъ,– дэгъоу укъыIухьагъ, ощ нэмыкI сыкъызэхэзышIыкIын щыIэп. Жъы сыхъугъэу, сабыипIэм сифэжьыгъэу мохэм,– Шумафэ дэжькIэ Iэ ышIыгъ,– къашIошIыщтын, сIорэм къедэIужьхэрэп, силъэIу сфагъэцакIэрэп.

– Олахьэ, Ибрахьим, къапIорэр мыхъун, ащ фэдэ къыуашIэуи сымыдэн,– Къасымэ цыхьэ къызэрэфашIырэм къогушхукIэу къыIуагъ,– хэт щыщми, угу хэзгъэкIрэм сыфэгъэзагъ...

– НекӀо ащыгъум,– ЧэтэшӀэ Ибрахьимэ кӀымэфэ кӀэзыжь пкъыр къехьылъэкӀэу бэщыпэр икӀэгъэкъонэу къэтэджыгъ,– е дунай, дунай хьаф... Сэ зыгорэм уезгъэплъыщт,– Шумафэ зыфигъази, фидзыгъ: – КӀалэ, узфыщысыр сыда? Модэ кӀуи, ӀункӀыбзэ къэбыр Ӏусымыутзэ, къакъырыпчъэр Ӏух!.. Сыдигъуа ЧэташӀэхэмкӀэ ӀункӀыбзэр тишъэфэгъу зыхъугъэр?! – Ибрахьимэ кӀэкӀорыкӀзэ, нэбгыритӀум апэ ишъыгъ.

Шумафэ щхыпцӀыгъэ нахь, зи Къасымэ риӀуагъэп.

– Джынэкъэуж сэмыгъэлъэгъу мыр!..– Ибрахьимэ ӀункӀыбзэ къэбым бэщыпэмкӀэ етӀыргугъ, джыдэдэм зытеплъэщтым зэригъэгумэкӀрэр къырыпшӀэу лӀыжъым ышъо къызэрэзэблихъугъэм Къасыми гу лъитагъ.– Кушъэ фашӀыгъэу бэн зыфамытӀыжьын щыӀэп.

Къакъырым къызфащагъэр джы Къасымэ къыгурыӀуагъ. Пчъэ ихьагъум дэжь, къакъыр зэпыутыпӀэ дэпкъ къогъум Ибрахьимэ иосыеткӀэ фарагъэшӀыгъэ мыжъосын къэнэтӀэхэсыр къоусэягъэу Къасымэ ылъэгъугъ. Мыжъосын фыжьышъо-шӀуцӀашъом къыпыщырэ жъогъо къопитфыр Ибрахьимэ ыгу зэрэрихьрэр, ошӀэдэмышӀэ гукъэкӀыжьмэ зэрахэтыр пшӀэнэу, бэрэ еплъыгъ. ЕтӀани зи ымыӀоу къакъыр пчъэӀум ебакъуи, мыжъосыным тетхэгъэ хьарыфмэ ыӀэгушъо аригъачъи, еджагъ. ЫцӀи, ятэ ыцӀи, ылъэкъуацӀи, къызщыхъугъэ илъэсыр, мафэмрэ мазэмрэ хэмытэу ит. Римылъэгъуагъэр зыщылӀэщт илъэсыр ары...

– Хъущт ар.– Ибрахьимэ ащ нахь ымыӀоу, къакъырым къикӀыжьи, бэщыр кӀыбытхым телъэу, чэу къуапэу зыдэщысыгъэмкӀэ къежьэжьыгъ. Ибрахьимэ ыгу ихъыкӀрэр ежь нэмыкӀ цӀыф ышӀэщтыгъэп. ЛӀэныгъэм, къэнэтӀэхэсым ыгу ыгъэкӀодыгъэу, гъэтхэ дунэе дахэу зыхэтыр къэмэзэхагъэу арэп, къини, гушӀуагъуи – зэкӀэ пэкӀэкӀыгъэр пчыкӀэ хъупскӀым фэдэу Ибрахьимэ ыбгъэгу къызэлъигъэнэфыгъ. Ахэр икӀэлэгъу-ныбжьыкӀэгъу гъогу зэхэкӀэу къэлэпчъэжъыем къызщыдэкӀыщтым къэуцуи, къакъырыпчъэм ӀункӀыбзэ къэбыр рагъэтыжьыгъэмэ ыӀуи, зэплъэкӀыгъ. Шумафэ пчъэр фишӀыжьыщтыгъ нахь, ригъэтыжьын Ӏоф иӀагъэп. Ибрахьимэ ыкъо ежи, къызӀохьажьым риӀуагъ: – Моу къаштэ ӀункӀыбзэр!.. Болэтыр, мы ӀункӀыбзэ цӀыкӀур мо орыжъылъэм нэс пфэдзына?



– Мыри? – Къасымэ щхыпцӀыгъэ.

– Ащ фэдизэу, тят, мы ӀункӀыбзэр къыохьылъэкӀмэ, сэ сыдзынба.

– Джырэп ар зыпшӀэн фэягъэр,– Ибрахьимэ ыкъо бэщыпэр фигъэлъагъуи, тӀысыжьыгъэ.– Сыда, Болэтыр, ори узпэтыр? Угу пыкӀрэба? Моу къаштэ амэ, ащ фэшъуашэр шъозгъэлъэгъущт... ЗишъушӀыхьажьэу Дударыкъом шъуигъэсагъ...

– Сыгу пымыкӀыщтри гъучӀ такъыр!.. Олахьэ зи есымыгъэӀон...

– Болэтыр,– Ибрахьимэ бэщыпэр къыгъэлъагъэоу къэгузэжъуагъ,– Ӏэ сэмэгур, апэрапшӀэу, пшхужъ пчанэ игъэуцу!..

– Сыда? – къызкӀыраӀорэр ымышӀэу Къасымэ ыӀэ къырихьыхыжьыгъ.

– СшӀэрэп ныӀа, пфэмыдзышъоу, бгыуз махъэм узэкӀигулӀэщтми...– ЛӀыжъ мэкъэ псыгъокӀэ Ибрахьимэ щхыгъэ. Къасымэ ыдзыгъэ ӀункӀыбзэр орыжъым зыхэфэм, бэщыпэмкӀэ чӀыгум Ибрахьимэ теуагъ.– Молодэц, аферым, Болэтыр!.. Сыпхэплъэшъ, Болэтыр, джыри лӀыгъэ тӀэкӀу пхэлъ!..– ардэдэм Ибрахьимэ зыгорэ ыгу къызэрэкӀыжьыгъэр къырыпшӀэу къыӀуагъ: – Е дунай, дунай хьаф, кӀэлэгъур уигъогу зэхэкӀ, жъыгъор уигъогу мэзах... Сыда аущтэу зыкӀэхъурэр?.. Хэт иамал ащ?

Джыдэд ныӀэп Ибрахьимэ джыри щыӀэмэ зэрэшӀоигъор Къасымэ къызгурыӀуагъэр. Ӏофы зыригъэшӀи ежьри еплъэу, сэри къэнэтӀэхэсым сыригъэплъыгъэми, дунаир зэрибгынэщтыр Ибрахьимэ игукъау. Джыри игухэлъхэр щиухыгъэпщтын... Сыдэу пшӀыщт, ащ зи хэпшӀыхьан плъэкӀыщтэп, цӀыфмэ агу укъызэрэкӀыжьынэу, узэращымыгъупшэщтыр уилъэуж, уишӀушӀагъ. АщкӀэ Ибрахьимэ мыбаймэ, тхьамыкӀэп. Совет хабзэр изы тынэу дунаим ехыжьыщт, ар егъашӀэм кӀодыщтэпышъ, икъыдэхын, икъэухъумэн фэгъэхьыгъэ шӀушӀагъэм щигъэӀэщт.

– УиныбджэгъуТ тызэригъэплъыгъэм ищыкӀагъэр ошӀа, Болэтыр? – Ибрахьимэ икъэупчӀэ макъэ Къасымэ игупшысэ зэпигъэугъ, джэуапэу къыратыщтым пымылъэу къыпидзэжьыгъ.– ЧэташӀэр ижъышхьэм делэ хъужьыгъэ шъуӀонкӀи мэхъу, ау сшӀоигъор къыс-

фашъушI: джа жъогъо къопитфыр, сипаIо зэрэхэлъыщтыгъэм фэдэу, плъыжьынэу сыфай... Джащ фэд сыгуи... Сыгу къысиIорэр къысфашъушI...

## XXXVII

Темыркъан кIэхэкIрэр багъэми, къызхигъэщыщтыгъэп. Зи къызэмыхъулIагъэм фэдэу цIыфмэ къахэхьаныр, щхы мэкъэ чаныр зэхаригъэхыныр къыгъанэщтыгъэп. Ау ыкъо иIоф зэрифэти, нахьыпэрэ купхэс охътэ гъэкIуакIэм фифэжьыщтыгъэп.

Мэфэ зытфыхым Темыркъан чылэм дэкIыгъэп, къихьащт мазэм ипшIым нэс зыми кIощтэп. ЗызIуигъэкIэн фаемэ заIуигъэкIэгъахэу, Рэмэзан зыщаусудыщт пIалъэм ежэ. Узщыгугъын нэ дэплъыпIэ Iофым хигъотагъэп, къуалъхьэ зыфишIыгъэхэри амалынчъэу къычIэкIыгъэх. Къэнэжьыгъэгъэ закъор илъэс пчъагъэу ыкъо нахьыжъ тыралъхьащтыр зэхихыжьын закъор ары. Ари сыд фэдизыщта? Нэбгырэ заулэ зэрэхъущтыгъэхэр зэкIэми анахь Iофыгъ. Ащ фэдэм Iофыр къызэригъэхьылъэщтыр Темыркъан ешIэ. Джы нэс зыпылъыгъэр зыхэтмэ къахищыни, изакъоу къыгъэнэныр ары шъхьакIэ, Рэмэзан къахэбгъэзын умылъэкIынэу анахь икуупIэм щычIихьагъэу, адырэ игъусэ нэбгырищыр къепхъэкIыгъ ныIэп.

Гъэтхэ мэзищым нахь къин ылъэгъугъэу Темыркъан къышIэжьрэп. КIэлэгъум щыублагъэу нэбгырэ зытIущ зэхэубытагъэу афэхъун къиныбэ изакъоу пэкIэкIыгъ. УеплъыгъэкIи умышIэжьынэу гумэкI-гукъаом ыухыгъ. Къо нахьыжъым къехъулIагъэм еуцуалIэщтыгъэми, къо нахьыкIэ Нурбек зи къезымыгъэлрэр. МэшIуитIум азыфагу дэубытагъэу дэт. Зэрэфаеу ыпшэгъэ тхьацур хьаку игъэуцогъу имыфэзэ, машIом къыстыгъ.

Тыгъоспчыхьэ Iо бырсырэу Темыркъан иунагъо итыгъэм изакъоми, щыIэныгъэм ызныкъу. Ятэрэ ыкъорэ зэраIуагъэм хьапс зытралъхьащт Рэмэзанри щигъэгъупшэжьыгъагъ. Зэрэхъурэмкlэ, ыIуагъ Темыркъан, ащыгъум хьаулыеу дунаим сытетыгъэу мэхъуба!.. Сыд къыспэуубытынэу пшIэрэр, иманцыз. ЦIыфмэ ашхын ямыIэу, гъаблэм ыгъалIэхэ зэхъум, шъушхыщтыр къышъуIутIэтIыкIэу къэшъухьыгъ, лъапцIэу-пцIанэу шъухэзгъэтыгъэп,



чылэр къышъохъуапсэу шъущызгъэIагъ. Илъэситфым чапыч ущысымыгъакIэу уезгъэджагъ, сыд ащ нахьэу къыпфэсшIэщтыгъэр!.. Цlыфы уашIыгъахэшъ, сидунэе тетыкlэ угу рихьырэп. Лъэшэу сегъапэ угу римыхьрэм. Сэри сыгу рихьрэп уищыIакIэ, бдэсэщыIэ нахь.

ЗэкIэми анахьэу Темыркъан ыгу къеорэр аужрэ псалъэу Нурбек къыдзыгъагъэр ары. Нысэм зэхимыхыгъагъэмэ Iофыгъа, ащи шIуиушъэфыгъэп:

– ...Тят, уилIэжьыгъо хъугъэу зэ уцужь!..– Нурбек къызеIом кIэгъожьыгъагъ шъхьакIэ, губжыгъэм хэтэу гум илъыр ятэ тырипхъэнкIагъ.– Рэмэзан ягъэгъэтIысыгъэр оры!..

– ПIорэр сыд, синынэгущ!..– Гощнагъо куугъэ.

– Сыдэущтэу скъо ягъэгъэтIысыщт!..

– Емыгъэлъэгъугъэрэ зэрэмыгъэсагъэрэ ышIагъэп.

– ХьитIум азыфагу къыдэкIыгъ, икI сиунэ зысэмыгъэлъэгъоу!..– ынэIушъхьэ кIыфэу, IупшIакIэри къэушIуцIэу Темыркъан къызщылъэтыгъ.

– Ащ сызикIын фэягъэр бэшIагъэ!..– Нурбек къызэкIэкIуагъэп.– Джа дзэкIолI шофер кIалэу лэжьыгъэр дэзыщыщтыгъэм коц машинэр къебгъэтыгъуи, зыпыбгъэчэрэгъукIыжьи, зяогъэубыт уж ары!..– пчъэр къыриутэкIи, адрэ унэм чIэхьэжьыгъ.

Апэ къыIэкIэфэгъэгъэ обзэгъур ыIыгъэу Темыркъан ыкъо лъежьагъ шъхьакIэ, Гощнагъо лIым пэуцуи, лъыригъэхьагъэп. Джахэр ыгу къэкIыжьэу Темыркъан чэщым чъыягъэп, къызэтэджыжьми унэм исышъугъэп, щагуми дэтышъугъэп. Цlыф IукIэнкIэ фэмыеу хы нэпкъымкIэ рекIокIыгъ, имылэгъу куп Iутэу ылъэгъугъэти, ахэмыхьэу къыгъэзэжьыгъ. Къэлапчъэм къызщынэсыжьыщтым Нурбек IуупIагъ. Шъхьэр зэфаIэтэу, нэр зэфагъаплъэу ятэрэ ыкъорэ зэплъыгъэхэп. Мышхэу унэм зэрикIрэр Гощнагъо ымыдэу пчъэIушъхьэмкIэ ыкъо лъыджагъэти, Темыркъан шъузым фидзыжьыгъ:

– Сыд сэIо зыуж уитыр?! Зэхэпхыгъэба тыгъоспчыхьэ къытиIуагъэр. ЗэпэтрыкIо тхьэ ехь!..

– А сшIэгущэрэп, ар умыIо...– Гощнагъуи къэгъынэгъагъ, етIанэ ошIэ-дэмышIэу, унэмкIэ Iэ ышIэу, къызбгырыугъ.– Ар зилажьэр сэшIэ сэ!.. Мо шъхьэ кIыхьажъэу унэм исыр ары тыщызымыгъэIэжьрэр!.. КIалэр Iордэгъа-

чъэ ышIыгъ!.. Апэрэ мафи, тиунэ лъэбэкъу къызридзагъэм, тызэрэзэтыричыщтыр сшIагъэ сэ!..

– Быяу зэ, джынэузыжъ,– Темыркъан шъузым къыфилъыгъ,– угъуахъоу сыд чылэр къызфэбгъаджэрэр!.. Ихь унэм слъэгъузэ!..

– Къэзгъэджэщт, сыкуощт!..– Гощнагъо зэкошъоожьэу ригъэжьагъ.– Зэхарэх зэкIэми, укIытэ тиIэжьа тэ!..

– Сыд къыосIуагъэр?..– Темыркъан зимышIэжьэу етхъохи, къакъыр натIэм кIэрылъ куахъор къыпхъотагъ.– Къэплъфыгъэм нахьи унахьышIуа ори!.. УтеслIыхьан пчъэIушъхьэм!..

– Тхьа къысауи!..– Гощнагъо ушъуашъоу унэм илъэдэжьи, пчъэр къыригъэтыжьыгъ.

ПчъэIушъхьэм зи зытыремылъэгъожьым, Темыркъан зыкъиушIэжьыгъ. Куахъор зэриIыгъэу заулэрэ щыти, кIэгубжыхьажь ышIыгъэу ыдзыжьыгъ. Кохъуацэр пчъэIупэ мыжъо гъэчъыгъэм шIуафи, мэшIуачэр къыхихэу зытIо-зыщэ лъэягъэ. Ар имыкъоу елъэпэкIэожьи, Iуидзыжьыгъ.

Темыркъан икIэгубжыхьажь кIуачIэ гъунэ иIагъэп. Ар Гощнагъо ешIэти, унапчъэр къызэрэригъэтыгъэм къыщыуцущтыгъэп. ЛъэкIапIэхэр кIэзэзхэу нысэм дэжь илъади, пIэм хэлъ сабыир ыбгъэ кIифызагъ:

– А нысэ!.. А нысэ!..

– Сыд къыохъулIагъэр, гуащэ?..

– Тхьар къыосэгъэлъэIу, кIалэм ятэ гъэрэхьаты, губжыгъэ. Зэблэн дунаим тетэп!.. СигъэлIагъ нахь, сигъэтхъагъэп...

– А гуащэ!..

– Хьау, хьау,– къыостыщтэп,– мор къихьэмэ зэблэн щыIэп...

– Хъугъэ, гуащэ, рэхьатыжь,– шъхьангъупчъэм нысэр иплъыгъ,– муары, типщ щагум дэкIы...

– ДэкIа?.. Тэ щыIа?..– Гощнагъо къызщылъэтыгъ, пшъэшъэжъыеу гъынагъэрэр зэриIыгъэу къэлапчъэм дэкIрэ Темыркъан кIэлъыплъагъ, нысэр щытми щыгъупшэжьыгъэу, етIанэ щхыпцIэу фидзыгъ: – Ы-ы, тэ ежьагъ джы? Модэ еплъэлъ мор зэрэкIорэм, дунаир фырикъурэп... СилIынэу куахъор къыспиIэтыгъ!.. СилIы къэбзэжъ, о пшIэрэп нахь, сэры лIы узышIыгъэр... Шахъоу, Iахъоу,



укIашIэмэ укIатIупщыжьэу колхозым ухэтыщтыгъ... Хьапсым узчIэфэм учIэзгъэлIыхьагъэп...– ыкIыб зэрэдэтхэр къышIэжьыгъэу Гощнагъо къызэплъэкIыгъ, лIым лъиIуагъэмэ ащыукIытэжьэу, ау езгъэIуагъэр нысэр ары пIонэу къыфилъыгъ: – УIущхыпцIыкIэу сакIыб узфыдэтыр сыд, синынэгущ!.. Уянэ лъэкIэпIэщэжъым нахьи сынахь щхэна!.. Оры тиунагъо зэтезычрэр!..

– Сэра джы псыцу бжъакъор тезыутыгъэр?..– зэримыгъажэу, къыраIощтыр ышIэщтыгъэм фэдэу, нысэри къыпэгущыIэжьыгъ.– Икъун а пшъэшъэжъыеу пIэ тесым ятэ кIэхэшъухыгъэр!.. Тэрэзэу къышъуиIуагъ: шъуижъышъхьэм шъурэхьатыжь...

– О-уи-уиу!..– Гощнагъо кIигъэпцIыикIэу куугъэ, адырэ шъэожъыеу чъыери къыгъэлъэтагъ.– Мыщ къытиIохэрэр, о чыл, о хьабл, зыгорэм ихьабз мыгъэсэжъ тиунагъо зэтыречы!..

Темыркъан цIыф IукIэ шIоигъуагъэп шъхьакIэ, Къасымэ къызпэкIэфэм гушIуагъэ. ЗыдежьагъэмкIэ къэупчIэгъу ныбджэгъур римыгъафэу, губжыгъаеу щагум къыдэкIыгъагъэр ары Iоу умышIэжьынэу, ежь упчIагъэ:

– Тхьам Iомэ, Болэтыр, тэ уежьагъа джы?..

– О, Дударыкъор, уилъэгъужь шIу,– ныбджэгъум ыIапэ Къасымэ ыубытыгъ, нэгу кIыф зэхэуагъэм зыкIэплъэм, иIоф зэрэмышIур къыгурыIуагъэу нэшIошIыгъэ гущыIэкIэ зэрэпэгъокIыгъэмкIэ кIэгъожьыгъ.– Олахьэ, Темыркъан, сыздежьэгъэ шIагъуи щымыI, укъэмылъэгъожьыхэ зэхъум, уикъэбар зэзгъэшIэнэу шъуадэжь сыкъакIощтыгъ.

– Ара? Адэ зыгорэм ыуж зеофэ сшIошIыгъи сэ...– зэхихыгъэр Темыркъан игопагъ, губжым ыгъэпкъыигъэ Iэпкъ-лъэпкъыхэри къэушъэбыгъэх, бгъэгуми фэбагъэ горэ къыдэкIуатэу къыщыхъугъ.– КъысаIожьыгъ, тадэжь укъызэрэкIогъагъэри...

– Зэп-тIоп тыкъызэрэкIуагъэр. ХьапакIэри сигъусагъ, Шумафи ыгъэгумэкIэу къыпкIэупчIагъ.

– Ахэри зэхэсхыжьыгъэх, тхьашъуегъэпсэу.

– Къин къысфыкъокIыгъэшъ пIоу, Темыркъан, зымыгъэнэгъуаджэ, цIыфмэ защымыдзый,– ыпашъхьэ итым кIэхэкIрэр зыфэдэр къыгурыIоу Къасымэ джыри къызэ-

пиплъыхьагъ, ныбджэгъур зыухыгъэ гукъаом ежь ыгуи къыпиIонтIыкIыгъ,– ахэр ары уикъини, уигушIуагъуи бдэзыщэчыщтри, бдэзыIэтыщтри. Ныбджэгъу, шъэогъу уимыIэжь фэдэу ушъхьэзэкъо лъэкъуитIоу модыкIэ очъэ, мыдыкIэ очъэ. Орзэ кухьэм хэбдзэгъэ маста къыохъулIагъэр уушъэфынэу.

– Хьау, Къасым, ащ фэдэ Iоф сиIэгъахэп, пфэмыушъэфыщтыр ушъэфыгъэ хъуна!..– Темыркъан щхыпцIыгъэ шъхьакIэ, нэкIу шъуагъом къыхэщыгъэп.– Сызэмыжэгъэ закI Iофым хэхъухьагъэр. КIалэм сыфэсакъыщтыгъэ, сынаIэ тезгъэтыщтыгъэ... ИмыщыкIэгъэ пыщэгъухэр къыфэхъухи, хагъэукъуагъ,– Рэмэзанэ иIоф зытет шъыпкъэр ышIэ пэтзэ, Темыркъан пцIы къыусыгъ.

– Iофыр тыд зыщаIощтыр?

– Адэ арба зэкIэми анахь Iофыр, Сыхъум ары.– Талъэныкъуагъэмэ Iофыгъэп, зыгорэ хэтшIыхьаныгъи.

– Талъэныкъу-тамылъэныкъоми, хъущтыр хъугъахэ.– Темыркъан икъэгущыIакIэ Къасымэ ыгу рихьыгъэп.– НэцIагъэ къызхимыгъафэу зафэу псэугъэмэ нахьышIугъ.

– О зэрэпIоу дунаим щыхъущтыгъэмэ...– шъогъо щхыпцIыр джыри Темыркъан ынэкIушъхьэ рычъагъ.– Махъушэм тесми хьэр ецакъэ аIо, мыхъунэу зыхъукIэ къыомыхъулIэн щыIэп... Хьау, Къасым, зысыухыижькIэ арэп. КIалэр сшIоIушэу, иакъыл бэмэ анэсэу, хьэлэбалыкъ пымылъэу псэу зэхъум сицыхьэ телъыгъащ. Олахьэ, Къасым, ащ фэдэ нахьыкIэмкIэ сфэIошъуштэп, зэхэшIыкI ин иIэуи сытемыуцощт.

– Нурбек слъэкIэу ащ фэдэ еозгъэIолIэщтэп,– Къасымэ ныбджэгъум игущыIэ къызэпиутыгъ,– о урятэшъ, пIощтым уфит, ау анахь кIэлэ дэгъоу чылэм дэсмэ ащыщэу сэлъытэ. Сизакъоп, ишъэогъухэри джауштэу еплъых. ШъыпкъагъэрэтеубытагъэрэзыкIэрыбгъотэн кIал аIошъ, тэтыер апэ зэритэу, къыщэтхъух.

– А зыфапIорэми шъыпкъэ хэлъ,– НурбеккIэ къыIуагъэм рыкIэгъожьэу Темыркъан псынкIэу зэкIэкIожьыгъэ, губжыгъэ Iоф къыхэмыхьэгъагъэми джауштэу къымыIоныгъэкIи мэхъу, ау шъхьэкIо-гопэгъум зэгуиутэу къыригъэIуагъ,– къэплъфыгъэ зыхъукIэ япIолIэжьыщтри умышIэу чIыпIэ уефэ. Ащ фэдэу ори, адрэхэми къышъушIошымэ, шъухэукъорэпщтын, тхьэшъуегъэпсэу. Джа



закъор ары сижъышъхьэм сызщыгугъыжьрэр. Пхъухэр пхъух, къалъфыгъэхэр ары нахь, тэ ташIоIофыжьэп. Рэмэзанышъ, алахьэм ешI, къызигъэзэжьыщтыр, ащ нэс тыщыIэна, тыщымыIэна!..

– Ар умыIо шъыу!..

– СымыIоми, джары Iофыр зытетыр...

– Угу умыгъэкIоды, Темыркъан,– Къасымэ ошIэдэмышIэу гупшысэмэ къахэужьыгъ,– къинэу плъэгъугъэ купмэ анахь къинэпщтын ари... КъэошIэжьа, нэмыцмэ такъыIэпыкIыжьи, ящэнэрэу тыкъызэрэхэхьэжьыгъагъэр?..

– КъэсымышIэжьэу мэхъуа!.. Ау къызгурымыIорэр ошIа, укI гъэрмэ апашъхьэ къыщыттыралъхьи амыгъэцэкIэжьэу, тхьамэфищэ тызфаIыгъыжьыгъагъэр ары... А чIыпIэм щамышIэщтыгъэмэ, ятIонэрэ мафэм благъэкIыщтыгъэпи...

– Ахэмэ зыгорэ къытфыряхьисапыгъ, ау мары сIонэу сшIэрэп.

– Адэ, къытамыIоу цIыфмэ агу илъыр тэ щыпшIэн...– Темыркъан блэкIыгъэ хъугъэ-шIагъэмэ ахэтэу шъхьэр ыгъэсысыгъ, ардэдэм закIэкIэтэгъэгъэз Шэныбэ Сэбэхь ящэнэрэ мафэм къызэрэриIощтыгъэри ыгу къэкIыжьыгъ.

– Фашистхэр цIыфыгъэха, хьэкIэ-къокIагъэх нахь!..– Къасымэ къыхихыгъ,– къэошIэжьа, хьэ джэдищыр ратIупщи, тапашъхьэ щызэпкъырагъэтхъыгъэгъэ гъэр кIэлакIэр?.. Сыд илэжьагъ ащ? Зэрэхэхьажьыгъэр ары... Ащ къыщыублагъэу хьэ макъэ зэхэсхын слъэкIырэп, щагуми дэзгъэлърэп...

– Джа хьэхэр арых Шэныбэ Сэбэхьи зыщыщынэщтыгъэр... МэфитIум тыкъэчъэфэкIэ ащ нахьрэ гугъу иIагъэп. Хьэ макъэ зэхэоха къысиIощтыгъэ...

– Хьэмэ ащэщынэмэ зыткIэкIигъэзыныеп!..– Къасымэ ыдагъэп.– Тылъыхъоу тежьэжьи, нэмыцмэ зядгъэубытыжьы пэтыгъ...

– Ярэби, сыда ауштэу Сэбэхь зыфишIэгъагъэр?

– Гухэлъ горэ имыIагъэмэ, ышIэщтыгъэп. Адэ пшIагъэпи о?..

– Янэ сыкъеу, тIэкIу дэдэ иIэжьыгъ сэри сигъэделэнкIэ...– Темыркъан ныбджэгъум фычIэплъыгъ.– Зэхэмыхэу Iаджри къысэIушъэшъагъ...

– Сыд ащыгъум къызкIыддежьэжьыгъагъэр?

– Къыддемыжьэжьэу заригъэукIыщтыгъа?..– щыгъупшагъэ горэ ыгу къэкIыжьэу Темыркъан сыхьатым еплъыгъ.– Непэ Шэныбэр къызэрэкIожьрэр оша?..

– Лъэшэу сыбгъэгушIуагъ, гушIуапкIэ зыфащэйрэм уфэд, ау ащ фэдэ, Дударыкъор, къысэплъэгъулIэнэп. Сыдэу Iофы зежъугъэшIыра сэIо мыщ?..

– Олахьэ Iофи зесымыгъэшI... КIо етIани зы чылэжъ тыщыщ, тыкъызэдэтэджыгъ, унэ ипкIыжьына?..

– ЗэрэзекIуагъэмкIэ зэрэчылэу тынэ къызэрэкIэIэбагъэр шIэхышIоу пщэгъупшэ!

Ным риIогъагъэр Лимэ ыгъэшъыпкъэжьыгъ. Ау ар ышIэным ыпэкIэ ятэ зэрэпэгъокIыщтым шъэфэу зыфигъэхьазырыгъ: непэ щыублагъэу Дэхэпlэ больницэм Iоф щишIэжьыщтыгъэп. Ащ больницэм иглавврачрэ Сурэрэ нэмыкI щыгъозагъэп. Хэкуздравотделым кIуи, иIоф зытетыр зареIуатэм, зы гущыIи къыпамылъхьэу, хэку больницэм терапевтэу неущ щегъэжьагъэу къагъэкIожьыгъ. Янэ римыгъашIэу, цIыкIу-цIыкIузэ, ищыгъынхэр Мыекъуапэ къыщэжьыгъагъэх. Къэнэжьыгъэ закъор янэ ибыдзыщэкIэ къызэрелъэIугъагъэу, дэкIони, къин ылъэгъуми, джэгъогъухэмкIэ къызхимыгъэщынэу ятэ зэдыпэгъокIынхэр арти, игухэлъ шъэф римыгъашIэу, Сэбэхь телеграммэм къыритхэгъэ пIалъэм Краснодар аэропортым, чылэм машинэ лъэIуфагъэ аIэ илъэу щыпэгъокIыгъэх.

ПIалъэр къэсыфэкIэ, зэрэшIэ-зэрэмышIэхэу, янэрэ ыпхъурэ гумэкI зэфэшъхьафым хэтыгъэх. Сафят ыпхъу ынэкIушъхьэ шэплъымэ зяплъыкIэ, ятэ ыгу фэушъэбэу зэрэIукIэщтым ыгъэгумэкIэу къыщыхъути, къызхимыгъэщэу игушIо зыхеушъафэ. Аэропортым щилъэгъурэр ыгъэшIагъоу зэрэшъхьащыгущыIыкIыщтым пылъ Лимэ, шъхьакIом есты.

Самолетэу къэтIысыгъэм къехыпIэ лъэоир Iуащэфэ-кIэ Лимэ зиIэжагъ. Пчъэр къызIуахым, ыгу къэушкъоигъ. ЦIыфэу самолетым къизэрэгъэтэкъугъэр ымылъэгъуужьэу шъхьэр унэзагъэ, щымытышъоу янэ ыIаблэ ыубытыгъ. Сафят самолетым къикIыгъэмэ ынэ ахэдыкъэгъагъ нахь, Лимэ къыкIэрыхьагъэми къышIэжьыщтыгъэп.



Пхъур ыIаблэ къынэсыгъэу Сафят зызэхешIэм, къемыплъэу къыриIуагъ:

– Арыгущ, нынэ, огумэкIы... Уятэ гущэ зэрэпшIоIэшIущтыр сшIагъэгущ... Модэ, муары уятэ!..– Сафят кIырыуи, ыпхъу къыщинагъэми ымышIэу, кIэко хьаплъ зэпылъ зыщыгъ лIым пэгъокIыгъ.

Лимэ кIэкIэу къыгъази, къэлэ автостанцием къырынэсынышъ, Мыекъуапэ къэкIожьынэу, ынэкIушъхьэ къыхихэу, ылъакъохэр кIэмыкIхэу, апэрэ таксим зыридзагъ...

## XXXVIII

Ахъмэт уцугъорэ тIысыгъорэ иIэп: IофышIэ кIоным ыпэкIэ е нахь жьыIоу къыздэхьажьрэм унэ-щагу Iофхэр зэрефэх. ПчъэIупэ Iухьагъур, къакъыр къуапэм щегъэжьагъэу гъунэгъу хатэм щыкIэкIыжьэу, штакет чэукIэ къышIыхьагъ, уцышъокIэ ыгъэлэжьыгъ. Къалэм гъучI къэлэпчъэшхорэ къэлэпчъэжъыерэ къыщаригъэшIыгъ. Ар гъунэгъу шъузмэ залъэгъум, АхъмэткIэ къегъэжьагъэ мыхъугъэу, ежьхэр, зэхахьэхи, шIыхьаф фашIыгъ. УнитIумрэ ихьагъумрэ, сыд рагъэIон, щэджэгъоуж нэс къыкIаижьыгъ. Бзылъфыгъэхэр зэрэгъэгущыIэзэ Iоф ашIэфэ, Мерэм афэпщэрыхьагъ. Ахъмэт шыхэр кIитIупщыжьи, щагум къыздэхьажьым, ылъэгъугъэр игопагъ, ежь бзылъфыгъэмэ ялъэIун ыIозэ, къызэхашIыкIыгъ. Ыгу къеогъэ закъор зэримышIагъэр ары. Колхозым мэлыбгъэ горэ къырезгъэтхыкIыни, шъон хэмытми, ешхэ-ешъо цIыкIу горэ афэсшIыни... Шъон хэмытыгъэми Ахъмэт ыIогъагъ шъхьакIэ, шампанскэ апч горэ псыIэшIу игъусэу афытыригъэуцогъагъэмэ, хьау амыIоныгъэкIи мэхъу, шIыхьафыр зэхэзыщэгъэгъэ Нысэдахэ имыкIэсагъэми, ар Iумпэм зымышIын бзылъфыгъэ зытIущи ахэтыгъ.

А пчыхьэ дэдэм гъунэгъу бзылъфыгъэхэр Ахъмэт къыкIухьагъ, зэрыхьэгъэ унэ пэпчъ Iанэ къыфытырагъэуцозэ, гущыIэ дэхабэ ариIуагъ. Ау ащ фэдизэу зыкIызэтыригъэпсыхьэрэмкIэ къесэмэркъэухэу къеупчIыгъэхэми, щхыпцIызэ тегущыIыкIыщтыгъ нахь, игухэлъ ариIощтыгъэп. Къэбар мыIу хъурэп, къызэрищэжьыщтыр къесэмэркъэухэрэм амышIэу щытыгъэп.

Болэтмэ япчъэIупэ Ахъмэт зыIохьэм Къасымэ зыфихьын ымышIэу, ылъэгъурэм щыгушIукIэу, къызэпиплъыхьагъ. Мыщ фэдэу Ахъмэт фэпагъэу зилъэгъугъагъэр джырэблагъ. ТекIоныгъэм и МэфэкI зыщыхагъэунэфыкIыгъэр ары. Бгъэр зэлъабгъэу орденхэри хэлъых. Мыгъатхэ къыфэкIожьыгъэ орденыр, зикIэпсыгъэкIэ адрэмэ къахэщрэр апэ Къасымэ ынэ къыпэшIофагъ. Зэригуапэр къырыпшIэнэу ынэгу къычIэщыгъ.

– Олахьэ, Къасым, сымышIэ къызэрэосIоштыри...– Ахъмэт иукIытэ хэпшIыкIэу къыхэщыгъ.– Гухэлъ горэ нычхьапэ сшIыгъэ, къепIолIэштыр сшIэрэп нахь...

– СэшIэ, Ахъмэт, сэшIэ,– гъунэгъум къехьылъэкIрэр Къасымэ фигъэпсынкIагъ,– дэгъу, игъу. Хэт уигъусэр?

– НэбгыритIу сигъусэ.

– Ящэнэрэр сэрэу лъытэ.

– Ары, Къасым, сшынахьыжъ урилэгъоу...

– Дэгъуба сырилэгъумэ, нахьыжъ нэхъой къыптетын.

– Тадэжь уисэу тыкъихьажьы сшIоигъуагъ.

– Аущтэу оIоми, сырыраз.

– ЧэтэшIэ Шумафи, МэщфэшIу Ахьмэди ясIуагъ.

– Дударыкъо Темыркъан?

– Темыркъани, ХьэпакIэри изгъотагъэхэп.

– Тэ кIуагъэх?

– ИкIыгъэх аIуагъ нахь, зыдэкIуагъэхэр къысаIуагъэп,– зыцIэ къыриIорэ лIитIур зыдэщыIэр ышIэщтыгъэми, Ахъмэт ыушъэфыгъ, фэягъэп Къасымэ зэхыригъэхынэу Шэныбэм иIанэ зэрэпэсхэр.– ЩыIагъэхэмэ дэгъугъэ, ау щымыIэхэми хъущт, сэри ащ фэдизэу хэщ-ощышхо сшIы сшIоигъоп...

– Исхэп пIуи?..– Ахъмэт къыфэмыIошъугъэм Къасымэ егуцэфагъ.– Ахэр зыдэщыIэхэр умышIэмэ, сэ сэшIэ, Шэныбэм Iоплъыхьэхэшъ щысых!..

– Олахьэ къытебгъэфагъэм, Къасым,– къыфэмыIошъущтыгъэр къызэрэнэфагъэмкIэ Ахъмэт гушIуагъэ,– Шэныбэмэ адэжь дахьэхэу тлъэгъугъэ къысаIуагъ. Мощ нахьрэ цIыфыгъэ зимыIэмэ сэри сапылъыжьыгъэп. Уимыхьамели аIубгъафэ хъунэп ахэмэ...

– ЗэрэпIорэмкIэ, афэщыIагъэп...– Къасымэ ежьежьырэу зыфиIожьыгъ. Сыд илIэужыгъо цIыфа мы Дударыкъор, ыIуагъ Къасымэ. ЦIыфым фэбгъэгъун Iаджи щыI, ау мыщ фэдэр шъэогъум изакъоп, нэмыкIми афагъэгъурэп. Къасымэ ымышIэу щытыгъэп Темыркъан зи римыгъаIоу Шэныбэм дэжь зэрэкIощтыгъэр. Ар зымафи, «унэ ипкIыжьына» ыIуи, къыфэмыIошъуми, къыриIокIыгъагъ. Ау къэкIожьыгъо римыгъафэу, нычхьапэ кIонэу нибжьи ышIагъэп. Темыркъан ышIэщтымкIэ уицыхьэ тебгъэлъынэу щытэп. Илъэс пчъагъэ хъугъэшъ, ныбджэгъугъэр къызэдахьы, зы Iулъхьэр тIо зэфагощэу къызэдэтэджыгъэх, къиныби зэдалъэгъугъ, ау Темыркъан ычIэ джы къызнэсыгъэм Къасымэ нэсыгъэп. Iофы зыригъэшIэу еIэбэхы къэсми, мэутхъо нахь, чъабзэу мыжъуакIэр къыгъаплъэрэп. Адрэ ХьэпакIэри мыдрэм нахьи нахьышIуа? ЫIорэр диIоу, ышхырэр дишхэу къыдеушъэкIы, иIэр фимыкъоу Дударыкъом енэкъокъу...– АIори, ашIэри мохэм ашIэжькIэ огугъа, дэгъоу хъугъэ зэрэмыгъотыгъэхэр... Ахэр хэмытми, чылэр зэрэпсэоу тыпсэушъун, а зыфэпIуагъэхэри къэкIоных, нэмыкIми макъэ ядгъэIун!.. Сыда, хэщ-ощ умышIынэу, отыгъуа? Пщынаори къядгъэщэн, тыщысын, тычэфын, уиунэ къипщэрэ бзылъфыгъэ цIыкIуми фашIэрэр игопэн...

– Ар оIуа, Къасым?..

– СэIо. Укъэмыщт о!.. Модэ мо мэлэу дэтмэ ащыщи къыпфэсыукIын. Машинэр зэбгъэуIугъа?

– Чыжьэп ныIа тыздэкIощтыр... Моу мэзахэ хъумэ тырекIокIын сэIо...

– Мычыжьэмэ шIагъуа, цIыф фэдэу къэшъуущэнба!..

– Олахьэ ащ семыгупшысагъ сэ...

– НэмыкI дунай утет пшIошIа, уегупшысэн фэягъэ. Модэ уиIофмэ ауж ихь о, сэ МэфакIом и «Волгэ» къыфзэзгъэпэшыщт...

– Къытитына?..– Ахъмэт игуапэу къэгузэжьуагъ.

– Ощ фэдэм рамытмэ, Мэджэсыр, хэт ратыщт!..– Къасымэ псынкIэу зигъази, унэмкIэ джагъэ: – КIалэ, модэ Зулкъад Iо!.. Джыдэдэм кIуи, пщынаор Мэджэсымэ адэжь къащэ. Сыд зиIокIэ, лIыжъ куп щызэхэсыщт еIу, мыделэмэ къышIэн, пхъэкIычри зыщерэмыгъэгъупш!..

– Имысмэ? – Шэныбэмэ яешхэ-ешъо ыгу къэкIыжьэу Зулкъадэ къэупчIагъ.

– Тэ кIощт имысэу?! – Къасыми ардэдэм ыкъо зэгупшысагъэм егуцэфагъ.– ЧIыр зэгозэу дэфагъэми, къэбгъотыжьыщт!..

Пщынаомкlэ ятэрэ ыкъорэ зэрэмышlэ шъэфкlэ зэгуцафэщтыгъэхэр нэмыкI шъыпкъэу къычIэкIыгъ. Зэп-тIоп, Шэныбэмэ адэжь къырагъэкIхи, нычхьапэ пщынаом къызфагъэкIуагъэхэр, ымылъэкIыжьыхэ зэхъум исэп раригъаIоу, зигъэбылъэу ригъэжьагъ. Зулкъадэ зэджэми, пщынаом янэ цIацIэу унэм къикIыгъ. Болэт Къасымэ ыкъо къэлапчъэм зыIуелъагъом,– зыкъызэблихъужьыгъ:

– Ора, Зулкъад?.. Сэ Шэныбэхэм джыри къагъэкIуагъ сшIошIи, сафэгубжын сихьисапэу унэм сыкъикIыгъ. Къеблагъ, сикIал! Сыдэу щытха Къасыми, Фатыми? ТIэкIу шIагъэ зысымылъэгъугъэхэр.

– Тхьауегъэпсэу, Мелэч. Тяти, тяни, джа зэрэпшI, псаух, узынчъэх. Мэджэс Ахъмэтдхэм адэжь Наныу къэрэкIу ыIуагъ тятэ.

– Орденыр къызэрэфэкIожьыгъэм пае ешхэ-ешъо Ахъмэт ешIыщтын? – Мелэч зэхихрэр игуапэу къэупчIагъ, ыкъо Шэныбэмэ адэжь зэримыгъакIощтыгъэми кIэгушIужьэу къэгузэжъуагъ.– Адэ ари хъяр, мощ фэдиз илъэсым уилIыгъэ къыхьыгъэр къыуагъэжэныр зымыуасэ щыIэп, Ахъмэт тыфэгушIуагъ, тхьэ тыфелъэIугъ. Боу къэкIон, боу къэкIон, Къасымэ ыIуагъэмэ. ТхьамыкIэжъым шъуз цIыкIу горэ ыгъотыжьыгъэмэ, насыпыгъэу фэтлъэгъунигъи, икъун зэрэщысыгъэр, зигъонэмысыгъэ шъуз гущэри ыгъэлъэпIагъэп пIонэп... А Наныу, моу къикI зэ!..– Мелэч унэмкIэ джагъэ.

– Джа узгъэгумэкIэу зигугъу пшIырэр ары, Мелэч, сыкъызфагъэкIуагъэр,– ныом игъэшIуабзэ ипэгъокIэу Зулкъадэ зыщыгъуазэр фэушъэфыгъэп.

– Ахъмэт иунэ шъузыщэ хъяр итэуи? – пщынаом янэ раIуагъэр ардэдэм къыгурыIуагъ.– Я си Алахь, мы зэхэсхыгъэр Мэджэсымкlи, чылэмкlи хъяр тфэшI!.. Хэт иунэ рищагъэр?

– Цицау ары.

– Цицау пIуи? Боу Цицауи бзылъфыгъэ дэгъу, бзылъфыгъэ шIагъу. Буфетым Iутми, егъашIэм ышъхьэ ылъытэжьэу къыхьыгъ, мыхъун цIыф пилъэгъуагъэп...



– Буфетым Цицао кIожьыщтэп,– Болэт Зулкъадэ къызкIэгузажъорэр ымышIэу, ау лъапсэу фэхъугъэр къыгурыIоу къэгузэжъуагъ.

– МыкIожьми нахьышIу... А сикIал, а Наныу, тхьэр пшIошъ гъэхъу, тхьэ щыI. Шэныбэмэ адэжь узкIэмыкIощтыгъэр Мэджэс Ахъмэт хъяр иIэу къыплъигъэкIонэу щытыгъэшъ ары... КIо, нынэ, фэгушIу, фэхъохъу, Мэджэсмэ адэжь къиIукIэу уипщынэ макъи чылэм зэхерэх!.. Ары нахь, мо къыплъызгъакIощтыгъэхэр сыдкIэ былымых!

Ящэнэрэу пщынаом лъагъакIуи къызэмыкIом, Iофыр зытетыр Темыркъан къыгурыIуагъ. Ащ ыуж, сыхьатныкъо горэ тешIагъэу Мэджэс Ахъмэт къыщагъэу, пщынаори ягъусэу, Болэт Къасымэдхэр ыдэжь щызэхэсхэу макъэ къызеIум, Темыркъан дихьыегъэ IулъхьэрфынэмыгъэсэуынитIу зэбгырыплъыгъэ, аркъыр къарыжъугъахъу ыIуагъ шъхьакIэ, зэришIыщтыр ымышIэу, ащ нахьыбэрэ щысыжьы шIоигъуагъэп.

– Хэта Мэджэсэу къэзыщагъэр? – Шэныбэр къэупчIагъ.

– Ашъыу, илъэс заулэ хъугъэу ишъуз зылIагъэр,– ХьапэкIэ Аслъанбэч ришъугъэ бжъэ зыщыплIым къыфыригъэшIагъэу къыIуагъ,– Купхэс аIошъ, Мэджэс горэ дэс мыщ... Буфетым тес бзылъфыгъэ цIыкIу горэ къыщагъ... Зэфэмыдэ зэдашъорэп, зэмышъогъу зэрэщэрэп... Ашъыу, Сэбэхь, ори ар пшIэн фае, Купхэс раIо шъхьакIэ, ыцIэ шъыпкъэр Ахъмэт.

– Аслъанбэч,– ныбджэгъум икъэгущыIакIэ Темыркъан ыгу рихьыгъэп,– ищыкIагъэп Мэджэс Ахъмэт ащ фэдэу утегущыIэныр, зы лэжьэкIожъэу чылэм дэсмэ ащыщ...

– Къыщэщтми Сэбэхь икъэкIожьыгъо закъо тырымыгъафэ хъущтыгъэба...– ышъхьэ лагъэм тырымыхэу ХьапакIэр гъуашхэзэ, къэгъумытIымыгъ.

– Шъуз къэзыщэщтым къысаж еIо пшIошIа?..– Темыркъан къыдзи, щысхэр ыгъэщхыгъэх.– Мэджэс Къэнэмэт тхьамыкIэр, Сэбэхь, умышIэу мэхъуа?!

– Къэнэмэт тхьамыкIэр сымышIэ мэхъуа! КIэлэ шIагъощтыгъ...

Дударыкъо Темыркъан къызэрэшIошIыщтыгъэу Шэныбэ Сэбэхьдхэм адэжь цIыфыбэ щызэхэсыгъэп. ХьапэкIэ Аслъанбэчрэ ежьырырэ, гъунэгъу лIитIу, Сафят иIахьыл лIыжъ – джары зэкIэмкIи зэрэхъущтыгъэхэр. Нычхьапэ елъытыгъэмэ, псаоу макъэ къызегъэIум нахь цIыф гушIокIуабэ Сафят иунэ щызэблэкIыгъ. Темыркъан зыгъэшэхъугъэмэ ари ащыщ. Пщынаор къазыфэмыкIом, АхъмэткIэ къэбарэу щыIэр зызэхехым, ышIагъэмкIэ зэрэхэукъуагъэр къыгурыIуагъэу, къызщытэджыжьыщт уахътэм кIэгуIэу щыс.

Ежь Шэныбэ Сэбэхьи гушIогъо нэгу иIагъэп. Нэгум кIэтхэр инэIуасэхэми, къызэриIощтри ымышIэу, шIочыжьагъэх, зэхэшIыкI-зэхэмышIыкIыр къытекIощтыгъэ. Лимэ столым къыфытыринэгъэ письмэм нэмыкI шъхьэм илъыгъэп. Жьэу къыщэрэр къезгъэхьылъэкIрэ утынэу ар бгъэгупэм дэлъ. Янэрэ ятэрэ непэ аэропортым пхъумкIэ къыщяхъулIагъэр щысхэм амышIэщтыгъэми, унагъом гумэкI горэ зэрилъыр нэфагъэ. Ятэ къызщыкIожьыгъэ закъом Лимэ командировкэкIэ Мыекъуапэ зыкIэкIуагъэри, къызкIэнагъэри къагурыIощтыгъэп.

Ушъхьагъу горэ къызэгъэгъотыгъэу тэджыжьыгъэн фае, ыIощтыгъ Темыркъан. Сыд тызезыфэщтыгъэр? Тыкъечъажьи, чылэм апэ титэу тыкъэчъагъ. ХьэпакIэр ары зэкIэри зилажьэр, зыгорэм ханэу къыщыхъугъ. Мы къэкIожьыгъэми зышIодэеп. Мыдэ умышIэмэ, телъэIузэ зекIо дгъакIуи, къэкIожьыгъэу щыс. А Тырку-жъоку зыфапIоу къэпIуатэрэм нахьи, джа зыкъызэрэткIэ-кIэбгъэзыгъагъэр къэIуат, къысэпIокIэу, къыпфэмыIошъущтыгъэми ышъхьэ къихыжь!.. Ярэби, тихабзэ ыIуымыIоми, нэмыкI хэгъэгу арысхэр тэтыехэм сыдэу афэмыд. ЯгущыIакIи, яцIыф гъэпсыкIи, яIэутIэ шIыкIи зэтекIых. Сапашъхьэ исыр къыддэтэджыгъэу, ДэхапIэ къыдэхъухьагъ Iоу пшIэжьынэп. ИпэкIэ къэгъэкIыкIэ, ижэкIэ упсыкIэ, ишъхьац кIэупсыхьакIэ нэс хымэ гъэпсыкIэу къыпшIошIы. КIэко зэпылъэу щыгъми, галстукэу дэлъми, цуакъэу къыщыщрэми нэмыкIышъо къытыраштэ. Шэныбэм ие закъоу ынэпэпкъ зэхэт хэплъэгъожьрэр, ынэ къэргъуитIу, кIосэнхэу ахэми рагъэжьагъ. Сыда шъуIуа ащ фэдэу цIыфхэр зыкIэхъухэрэр? Тэри ащ фэда къызэрэтэплъыхэрэр? Болэт Къасымэ ыгу къэкIыгъ. Хъунэп мы сищысыкIэ, кIэлэ нахьыкIэм зэхихыжьыми ыдэнэп... Хъунэп, хъунэп, зыгорэ къэугупшысыгъэн фае, хьэдагъэм тыкъэкIуагъа, тызфепэгъогъохыри тымышIэу!..

– Хъугъэ тызэрэщысыгъэр,– Темыркъан ыIуагъ,– Сэбахьи уцуагъэ, гъогу къытекIыжьыгъ, джыри тызщыгущыIэн мэфэ Iаджи тапэкIэ къэт...

Темыркъан Iанэм къызпэтэджыкIыжьым, адрэхэми зыкъаIэтыжьыгъ. Унэм къызекIыжьхэм, къэуцу-уцужь ямыIэу, зэбгырыкIыжьыгъэх. Темыркъан яхьаблэкIэ къэкIожьынэу гъусэ иIагъэпти, гушIозэ, чэу къуапэм къохьажьыгъ. ЧылапшъэмкIэ, Мэджэс Ахъмэт зыхэс хьаблэмкIэ, пщынэо макъэ къиIукIэу зэхихыгъэ. Болэтым ыIуымыIоми, Темыркъан зэгыижьыгъ, сиIоф зыдэщыIи, зыдэщымыIи къэсэлъэнцухьэ. Шэныбэм дэжьэп, Мэджэсым дэжь сыздэщыIэнэу къыстефэщтыгъэр... ЕтIанэ цIыфмэ талъэгъу хъурэп тэIо... Джыри жьы, сымыкIохэн нахьи, сахахьэмэ нахьышIу!..

Унапчъэм зэрэдэкIэу лIы купыр зыкIэрыс Iэнэ шыгъэм гур къыIэтэу, чэфыгъоу ахилъагъорэм зыригъэпхъуатэу Темыркъан пщынаом еджагъ:

– Къыхадз, Наныу, мыдэ сикъэшъо псынкIэ, къытехь Хьэсанэмэ янысэу ори, Нысэдах, Мэджэс Ахъмэт ихъяр зэ къэшъогъу щырысамыгъэхэу, макъэ къысэзымыгъэIугъэ сишъэогъумэ сяшIужьыщтэп!..– Темыркъан пщынэ мэкъамэм дыригъаштэу къытелъэдагъ, Мерэм янэкIэ тIэкIу укIытэр къытекIоми, щыгушIукIэу Iэгу фытео. Щысхэри зэкIэ, Болэтым фэшъхьаф, къэтэджыгъэх. Шъэогъум семыплъми, гъунэгъу ныор къэшъо, сшIэрэр хъунэп ыIоу, Къасыми къызщытэджыкIыгъ...

## XXXIX

Къызщалъфыгъэ чылэр, ихэпIэжъ, ащ шъхьащыт ошъо къуапэр Шэныбэ Сэбэхь ыгъотыжьыгъэми, илъэс пчъагъэм зыкIэхъопсыщтыгъэ жъышъхьэ гупсэфыгъо зыхигъотэжьрэп. Хымэ хэгъэгу укъызикIыжькIэ апэ пшIэн фэе Iофхэри, ащ къыкIэлъыкIуагъэхэми ауж етыфэ зыгъэгумэкIрэр, зы мэфэ закъо хэгъэкIи, зы сыхьаткIи шъхьащыугъэп. Хэгупшысыхьэ къэс щыIэнигъэ саем нахь куоу чIехьэ нахь, хэкIыпIэ фигъотрэп.

Уиунэ ущамыгъэкъакъэу зыми къакъэ къыуитыщтэп зыфаlуагъэр шъыпкъэ. Джыдэдэм Сэбэхь иlоф зытетымкlэ чылэм пылъыжьэп. Пхъу закъом уимыгъашlоу сыдынэкlэ чылэр къыоплъыжьын. Шъузыр шъузы, уимышъузыжьмэ, уипыи аlо шъхьакlэ, ащ фэдэ гуцафэ римыгъэшlэу Сафят лlыр зэрищэлlэжьыгъэ. Илъэс тlокlым къехъугъэу зэжэгъэ лlым узэрэфыщытыщтым ихьылъэ апэрэ мафэр ары Сафят къызгурыlуагъэр, ятlонэрэ мафэм язэlуплъакlэу загъори укlытэр къызхэщырэм иlэшlугъэ зэхашlэу рагъэжьагъ шъхьакlэ, Лимэ изекlуакlэ, зэрэмышlэ-зэрэшlэхэу, тlури ыгъэчэфынчъэщтыгъэх.

Лимэ lофшlапlэкlэ Мыекъуапэ зэрэкlожьыгъэр чылэмкlэ шъэфыжьэп. Къэзылъфыгъэитlур рыгущыlэщтыгъэп шъхьакlэ, письмэу ятэ къыфигъэнагъэм итым щыкlэкlыжьэу цlыфмэ ашlэ, хэти ежь зэрэфаеу егъэчэрэгъу, хэмылъми хегъахъо, зыхахъорэр къэбаркlэ мэбагъо. Ежь Сэбэхь къеуцуалlэхэу къырамыlоми, чылэм къэбар зэрэдэлъыр гурымыlонэу делэп. Цlыфмэ къахэхьаныр къезгъэхьылъэкlрэмэ ари ащыщ. Аущтэу ежь къызшlуигъэшlмэ шlоигъу, нэрымылъэгъу пэнэ шъэфэу игупшысэ къыщыхэо. Тыркуем исы зэхъум зымыгъапэу къепсынкlэкlыщтыгъэ lаджми джы чылэм щялъэпао. Сыдэу пшын, узщамышlэрэм ишъэф узщашlэрэм щынэфапl. Ащи щыгъуазэу, ыпхъуи къызэрэфыщытыр ышlэзэ, Дэхапlэ къыгъэзэжьыгъ. Ау Сэбэхь зэрэгугъэщтыгъэу, апэрэ мэфэ зытlум къыгъэнэгъоджэни, тэ ыхьына, ят, ыл хичына, къешlужьынэу зэрэщыхъущтыгъэу Лимэ къычlэкlыгъэп. Фэтхагъ, Дударыкъо Темыркъан хэщэ шъэфкlэ лlыкlо фишlыгъ, зыми къыубытыгъэп.

— Мыекъуапэ пшъэшъэжъыем дэжь сыкlо сшlоигъу,— пчэдыжь горэм Сэбэхь ыlуагъ,— моущтэу тызэплъ-тыкъызэплъыжьэу тыщысына?

— А сшlэгущэрэп...— лlым игущыlэ ошlэ-дэмышlэмэ Сафят къызэкlагъэщтагъ.— Сыд пlони укlощта?.. Сэ сыкъызэхэзымышlыкlыгъэм о укъызэхишlыкlына? Нэ зыфэсшlыгъ, псэ зыфэсшlыгъ... Уятэ тызэдыпэгъэгъокl сlуи, быдзыщэу lуфагъэмкlэ сызелъэlум, олъэгъу къысишlагъэр, сизакъоу сыкъыlуини, lукlыжьыгъ. Ар зышlагъэм ущыгугъыкlэ сыд къыпфишlэжьын... Алахь зизакъом Чэташlэхэр ашlэн амышlэжьэу чылэм къыдегъанэх!..



Пшъэшъэжъыер къагъэушкъоий кlэгъожьыгъэх. Ащ фэдэ ашlа, синынэгущ!..

Сафят цlацlэзэ, къэщэ-нэщэ lофым зыхахьэм, Мэджэс Ахъмэт къызэрепсэлъыхъощтыгъэр ыгу къэкlыжьи, бгъэм дэлъ шъэфыр нафэ къэхъу фэдэу лlым дэжькlэ сакъ нэгукlэ плъагъэ. Етlанэ ыгу зыгорэу къэхъоу ыlуагъ: сэри гъэшlэгъон сшlэ пэтыгъ. Джары уапэкlэ умыплъэу упсэумэ къыпщышlыщтыр. Хъун сlоу гущыlэ естыгъагъэмэ, Мэджэсыр хьазырыпсыгъ. Аущтэу сызекlогъагъэмэ, хьайнапэ цlэlужь чылэм имызакъоу зэрэхэгъуашъхьэу сихъухьаныгъи. Сафят зэгупшысагъэм ыlэпкъ-лъэпкъхэр къыгъэучъыlыгъэх, къыгъэкlэзэзыгъэх. Лlым сыкъишlэмэ ыlуи, унэм щыlэбэ-лъабэу ригъэжьагъ. Ар сэlо шъхьакlэ, бэ шlэн, макlэ шlэн, ари мыщ къынагъэсыжьыщт. Къынагъэсыжьми, зи мыхъун сшlагъэу зыдэсшlэжьрэп. Щэкlэ агъэпскlыгъэм фэдэу, илъэс тlокlым къехъу, къэбзэ цlыкlоу сыхэтыгъ. Ежьыр, ежь сыдэущтэу шъузынчъэу илъэс пчъагъэр къыхьыгъ? Сиlагъэп еlошъ, тхьэм дэжь дэкlуае, къехыжьы. Ашъыу, уиlагъэми уиlагъ, сэ сымышlэу чылэм ерэмышlи ары. Адэ паlо зыпщыгъкlэ шъхьатехъо зытехъуагъэ горэми уенэцlыщт...

Чэтэшlэ лlакъомэ янахьыжъ фэгъэхьыгъэу Сафят цlацlэ зэхъуми, джэнджэш горэ Сэбэхь ыгу къихьи шъузыр зыдэщытымкlэ плъагъэ. Ардэдэми 1942-рэ илъэсым ибжыхьакlэ ыгу къэкlыжьыгъ. Чэтэшlэ Ибрахьимэ фэгъэхьыгъэ запискэу нэмыц офицерым фычlаригъэхьэгъагъэри шъхьэм къичэрэгъожьи, гур къыпиlонтlыкlыгъ. Джа запискэ мыгъор ары, ыlуагъ, зэкlэри къызэрыкlыгъэр. Ар сlэкlэмыкlыгъэмэ, джы хэти иунэ ипытапlэу зэрисым фэдэу бын зэгурыlожьэу, цlыфми уасэ къысфашlэу сыщыlэщтыгъэ. Дударыкъо Темыркъанрэ Хьапэкlэ Аслъанбэчрэ анахьи сынахь цэкуагъэп сэ... Ау етlани заор лlыгъэ закlэкlэ зэхэлъэп, щтэуlу зыщыпшlыщтри, лlыгъэ зыщызепхьащтри пшlэрэп. Силlыгъэ къыхьыгъэп нахь, джа запискэр зыфычlесэгъэхьэ мафэм ыуж Чэтэшlэ Ибрахьимэ сыlукlагъ, тидзэ къызигъэзэжькlэ сызэрэхэхьэжьыщтми къегуцафэщтыгъ... Ащ ыужи ыкъо нахьыжъ Шумафи зэо гъогум тызэпэкlигъафи, къиныбэ зэдэтщэчыгъэ. Сшlагъэмкlэ сызгъэхьыен лlыгъи зэо пашъхьэм, хэгъэгу пашъхьэм щызесхьагъэу алъэгъугъ. Гъэрэу ты-

заIыгъыми сигъусэмэ мыхъун къыздалъэгъугъэп. Ящэнэрэ хэхьажьыгъом сакъыздежьэжьыным сыгу сытеIункIэжьынти, зэрэхъухэу зызгъэхъун фэягъэ... Сыд пае запискэ мыгъор...

Джа запискэм игугъу Шэныбэ Сэбэхь къытырегъэзэжь зэпыт нахь, къыфэмыIошъоу, зэкIэ зилажьэм шъхьащэгущыIыкIы. Ар зыщигъэгъупшэ къэс цIыф къыдимышIэрэ ишъэф нахь куоу чIэухъумагъэу къышIошIы, зыфагъэIугъэгъэ Чэтэшlэ Ибрахьимэ тезэгъагъэу елъытэ. Джаущтэу къызщигъэхъоу илъэс тIокIырэ щырэм зыригъэсагъ. Джа запискэр фычIэзыхьэгъэгъэ забытыр мэзым Сэбэхь зэрэщиукIыгъагъэр ары нахь ышъхьэ хезгъэхьажьыгъагъэр, тхылъыпlэ тхьапэм Чэтэшlэ Ибрахьимэ пае итыгъэр арэп. Аущтэу зыкIишIэгъагъэр ымыIотэным пай шъхьакIэ, Ибрахьимэ зэрэриIотагъэм мэфэныкъо темышIэу, пхъэшI кIогъэ лажьэ зимыIэ лIым епэсакIуи, мэзым хиукIыхьагъ... ау ар Чэтэшlэ Ибрахьимэ тезылъхьанхэр Дэхапlэ къыдэкIыгъэх нахь, Шэныбэ Сэбэхь зэрекIодылIагъэр джы къызнэсыгъэм цIыф ышIэщтыгъэп.

Сэбэхь игукъэкIыжь гупшысэмэ къахэужьи, джа купыр зэкIэ шъузым риIотагъэм фэдэу джыри щтэгъэ Iуплъэкlэ къызэпиплъыхьагъ:

– Пшъэшъэжъыем зыкъызэрэтфишIрэм тыпымыгъэлъ... Олахьэ пыдзы сишIыпагъэми сэ сфэмышIыщт. Алахьэр ары, ащ ыуж шъоры, шъуитIу сыкъэзыщэжьыгъэр. Лимэ нэмыкI насып мы дунэешхом тедгъотагъэп. Ар пыи сшIынри, сыщымыIэжьынри сэркIэ тIури зы. Мыхъу зыщыхъурэм аужрэр апэ къэсэштэ.

– Аущтэу умыIо, Сэбэхь... Тыдэ щыIэми, пшъэшъэжъыер псаумэ, игушIуагъо тигушIогъон, икъин тикъиным... Зыгорэ ынатIэ хъоу, сабыйхэр иIэ хъумэ, зыкъызэрэтфишIыгъэмкIэ кIэгъожьын. Джыдэдэм ятэкIэ згъэделэ, боу пшъэшъэ Iуш цIыкIу, зыми есымыгъэхъуапсэу спIугъэ...– Сафят ыгу къызэхахьи къэгъынэгъагъ.– ЧылэрзычIэмыхьэшъурэ институтым чIэзгъахьи, зы мэфэ мэлакIи къыхэмыфэу, езгъэджагъ... КъехъулIагъэр сшIэгущэрэп нахь, ощ нахьрэ гушIуагъо имыIэу, уисурэт ипIэкIор шъхьагъ пылъагъэу, унэм къихьэрэмэ ариIуатэу, къыпкъогушхукIэу къыхьыгъ...



– Хъун, угу умыгъэузыжьы...– Сэбэхь шъузым едэхэшIагъ, зэнэгуещтыгъэ гуузми къызэпифызыкIи, ынэгу кIыфыбзэу, ыIупшIакIэ шхъонтIабзэ къэхъугъ, кIакоу пхъэнтIэкIум пылъагъэм иджыбэ иIаби, уцыр къырихыгъ.

– Тхьэ къысауи, къыохъулIагъэр сыда?! – Сафят лIым икIыфыгъэ къызелъэгъум, къечъэлIагъ.

– Умыщт, умыщт... Мары джыдэд...– Сэбэхь таблеткэр бзэгупэ чIэгъым зычIелъхьэ уж нахь зыкъишIэжьи, тIэкIу щыукIытэу шъузым ыбгъэгупэ шъхьэр къычIихыжьыгъ.– Сыгу зыгорэу къэхъугъ, джыдэдэм хэжъукIыщт...

– Арыгущ, Сэбэхь, арыгущ... Адэ сыдэу пшIын, къэплъфыгъэм угу фэмыузын плъэкIыщтэп. ЕтIани къин макIэ гущэ заом щышъукIэхэкIыгъа... А укъызэрыкIыжьыгъэ гущэми, Тыркуем ис адыгэмэ уахэсыгъ шъхьакIэ, IэшIу иплъэгъуагъэпщтын. Моу пIэкIорым зегъэкI...– Сафят лIым къыдичъыхьэщтыгъ.

– Хьау, зезгъэкIыщтэп. НахьышIу сыкъэхъугъ...

– Ары хьай, пIупшIи, унэгуи зыкъашIэжьыгъ... Пшъэшъэжъые гущэр щыIагъэмэ, боу къыбдечъэкIыные гущи!.. Iазэ аIошъ, зэрэчылэу къыщэтхъу... Тхьа, моущтэу ущытэу гъогу утесымыгъэхьан!..

– Иягъэ къысэкIыщтэп. Марба уцыр сIыгъ...

– Ащыгъум, сэри сыкъыбдэкIощт!..

– Хьау, Сафят. Сизакъомэ нахьышIу.

– СшIэгущэрэп, аущтэу оIомэ... Уизакъоу укъилъэгъумэ, пшъэшъэжъыем ыгу къэушъэбынкIи къэнэнэп...– Сафят къызэрешIурэр ымакъэ къыхэщыгъ.

– Сэри ары сIорэр.

– Адэ дэгъуба, ори аущтэу оIомэ... ау автобускIэ узгъэкIощтэп!..– лIым автобус гъогур къины къызэрэфэхъущтыр ыгу къызэкIым тенэгуикIэу къыпиупкIыгъ.– Машинэ зиIэ горэм телъэIун...

– Олахьэ сымышIэ а зыфапIорэр...

– Темыркъан еIуи, унигъэсыщт,– лIым итемымыIыхьаныгъэ Сафят къызэпиутыгъ,– сыд хэлъ, ащ мафэ къэс ежьри мачъэ...

– Олахьэ сыщ сIоу Темыркъан сфемыIошъущт... Плъэгъурэба зызэрэчIигъэожьыгъэр? Ащ селъэIун нахьи,

Болэт Къасымэу сыкъызэкIожьи къыслъимыхьагъэм селъэIуныр ыпэу къэсэштэ... Дунаим укъызэрэстещыныхьан щыIэп, автобусым ситIысхьанышъ, сыд митIум азыфагу, сыкIощт.

– Ащыгъум колхоз машинэмкIэ сялъэIущт.

– Хьау, бащэ!.. Ары мыхъухэщтыр...

– Сыда, ащ нахьрэ хьатыр симыIэжьэу яорден хьаулыеу схэлъа!..– Сафят къызIуипхъотыгъ, колхоз тхьаматэр ары пIонэу ыпашъхьэ исыр мэкъэ Iэтыгъэм ыни къыдыригъэкIэу, етIанэ икуyакIэ рыукIытэжьэу зыкъиушIыжьыгъ.– Боу къиныбэ фермэм щыслъэгъугъ, сIитIуи сэкъат къыщыхъугъ, бгыузи хэсхыгъ...

– Къыуамытынэу сIорэп сэ...– Сэбэхьи шъабэу шъузым еушъыигъ.– УялъэIумэ къыуатын. Ау, укъысэдэIумэ, сыкъэмыкIожьызэ сэщ пае узгъэлъэIощтэп...

Мыекъуапэ зэрэкIощт шIыкIэр язэрэмыгъашIэу лIымрэ шъузымрэ зэдаозэ, пчэдыжьыпэр текIи, щэджэгъоуж хъугъэ. Ежь Сэбэхьи пчэдыжь автобусым дэкIонэу фэягъэп. Къалэм жьэу зынэсыкIэ, больницэм ыпхъу щыIукIэнэу хъущт, сыд ыIони, чылэр къаплъэу, екIолIэщт. ЗэкIэми анахьыышIоу ылъытэщтыгъэр пчыхьэ факIоу Лимэ фэтэркIэ зэрыс унэм Iухьаныр ары. Зытес урамыр ымышIэми, кIэупчIэмэ къыраIощт, ар Iофэп, ащ фэдэ Iаджи ищыIэныгъэ щыпэкIэкIыгъ. Бзэ къызэфамыгъотмэ, ащ пае пыи ымышIэу хьакIэщ горэм къекIолIэжьын. ЧIыпIэ щимыгъотмэ, ари Iофэп, мэшIоку вокзалым гъэмэфэ чъыепIэ кIэкI щырихын.

Шэныбэ Сэбэхь бгъэIушыжьынэу, ымышIэ горэ ебгъэшIэжьынэу щытыгъэп. ЕгъашIэм емкIэ шIум щыгугъэу къыхьыгъ. Къин хъущтми, шIукIэ пхъум иIоф ухыгъэнэу ежэщтыгъ, ащ фэшI ымышIэн щыIагъэп. ЧIым гъуанэ имыIэмэ, фишIыни, кIоцIырыкIыщт. Чэщ хъужьыгъэу тэ уежьэра Сафят ыIозэ, Сэбэхь гъогу техьагъ.

Тыгъэм къохьан мурад джыри иIагъэп Сэбэхь Мыекъуапэ къыздэхьэм. Заом ыпэкIэ къыздакIощтыгъэ къалэу ынэгу кIэтым нибжьи умышIэжьынэу хэхъуагъ, илъэгагъэкIэ зыричыгъ.

ХьакIэщымкIэ Сэбэхь зэрэмыгугъагъэу къычIэкIыгъ. Сыхьатыр тфы нахь хъугъэпти, мыгузажъоу гъогу сапэр зыпилъэкIыкIи, псы чъыIэкIэ ынэгуи ыгъэучъыIэтагъ.



ТелефонымкIэ больницэм гущыIэни, ыпхъу Iоф ешIэмэ, емышIэмэ, зыщыпсэурэр зэригъэшIэнэу ыгу къэкIыгъ. Телефоным зытеом, хирургическэ отделением чIэфагъ. КъыдэгущыIэрэ бзылъфыгъэм Шэныбэ Лимэ ышIэу къычIэкIыгъ, терапевтическэ отделениеу Iоф зыщишIэрэм ителефон номер къыритыгъ.

– ЧIэмыгъотэжьынкIи мэхъу, IофшIэныр ыухыгъ,– къыриIуагъ бзылъфыгъэм.

– Ярэби, зыщыпсэурэр ошIа? – Хэт ущыща къыриIомэ, риIожьыщтым егупшысэзэ, Сэбэхь упчIагъэ, зэнэгуягъэри къехъулIагъ, ау фэхьазырти, джэуап ритыжьыгъ.– Сэ янэшмэ сащыщ, зэзгъэлъэгъу сшIоигъуагъ...

– Зэ, къысажэгу... Хьау, минутитф горэмкIэ джыри къысфытеу, IофышIэ щыIэмэ къызэзгъэшIэщт, щымыIэмэ, иадрес сыпфыкIэупчIэн.

Минутитф горэу зыфаIуагъэр кIогъуаеу, сыхьатитфэу Сэбэхь къыщыхъугъ. Уахътэу къыфагъэуцугъэр окIофэкIэ зыхэ-зыблэ сыхьатым еплъыгъ. Зытеом, джа зыдэгущыIагъэ бзылъфыгъэм ымакъэ трубкэм къиджыкIыгъэти, гушIуагъэ.

– Лимэ унэм зыкIожьыгъэр бэшIагъэп...

– Иадрес?..– Сэбэхь къэгуIагъ.– Тхьауегъэпсэу, сипшъашъ...– Сэбэхь ыIэ кIэзэзызэ трубкэр тырилъхьажьи, къыраIогъэ урамымрэ унэмрэ газет къуапэм тыритхагъ.

Пхъур зыщыпсэурэ чIыпIэр къызIэкIахьэм, Сэбэхь ыгу зыгорэу къэхъугъ, ынатIэ пкIэнтIэ чъыIэр къытырикIагъ. Гууз уцыр ыбзэгупэ чIидзагъ. Ныпчэдыжь зэрэхъугъагъэм фэмыдэу иуз къепсынкIэкIыгъ. ЗэрэдэгущыIэщтым джыри зэ егупшысэу тIэкIурэ зыщэс уж, мэзахэ мыхъоу къэзгъотын ыIуи, ежьагъ. Урамыр къызрагъэлъэгъум, унэм икъэгъотын бэрэ пылъыгъэп. Зэджэм, ныо горэ къикIыгъ, зыщыщыр римыIоу Лимэ зыкIэупчIэм, джыдэдэм IофышIэ къикIыжьыгъ ыIозэ, нэгушIокIаеу ригъэблэгъагъ.

Пчъэ макъэу къэIугъэм шифоньерым дэIабэщтыгъэ Лимэ къызызэрегъэплъэкIым, ыгу къэушкъоигъ: зымафэ Краснодар аэропортым щилъэгъугъэгъэ лIыр ыпашъхьэ ит. Пхъум икъэплъэкIэ чъыIэ Сэбэхьи зыщыуцугъэ чIыпIэм ригъэдыкъагъ.

– Сыкъэпшlэжьрэба, сипшъашъ?..

– Хьау.

– Сыуят сэ…

– Сэ сятэ заом хэкӀодагъ!..

– Аущтэу аӀуагъ шъхьакӀэ, сыпсау, сыкӀодыгъэп…

– Сэ сятэ заом хэкӀодагъ…

– Ар хъунэп, сипшъашъ…

– СятэкӀэ сызыомыджэкӀэ,– Лимэ итеубытагъэ къыхэщэу мэкъэ шъырытыр къэлъэшыгъ,– сипшъашъ пӀоу укъысэмыдж. Сыгу пфилъыр зэкӀэ тӀо письмэкӀэ къыпфэстхыгъ, джыри зэхэпхэу къыкӀэсэӀотыкӀыжьы, ащ нахьрэ мы Ӏофым сырыгущыӀэнэу сыфаеп…

Лимэ игущыӀэ ныкъоухэу унапчъэмкӀэ гущыӀэ макъэхэр къыщыӀугъэх. Сэбэхь зэплъэкӀыгъо имыфэу Бэрэкъэт Емзэщ шъэогъуитӀур игъусэу унэм къипкӀагъ, лӀэу щытым къеплъи, къеупчӀыгъ:

– ХьакӀэ уиӀэмэ сшӀэрэп, Лим?..

КӀалэу къихьагъэхэр Сэбэхь зелъэгъум, ямурад къыгурыӀуагъэу ащ нахьыбэрэ псэлъыхъомэ апашъхьэ щытыжьыныр къызэремыкӀурэм къыригъэӀуагъ:

– КӀо, аущтэу оӀомэ, сыкӀожьын сэ…– Сэбэхь «сипшъашъ» къыӀонэу къыдэкӀоягъ шъхьакӀэ, къыфэмыӀошъоу, къыгъази къикӀыжьыгъ.

Къыплъихьагъэр зэрагъэкӀотэжь хабзэу, Лимэ зылъэбэкъу икӀыжьыгъэм лъидзыгъэп. Пшъашъэр кӀыфыбзэу зелъэгъум, джыри Емзэщ къэупчӀагъ:

– Хэт сэӀо, Лим, зэндэрыкъэу къыбжэхэтыгъэр?

– Сымаджэ гор… ИшӀуагъэ екӀыщтмэ сшӀэрэп нахь, уц горэ фистхыкӀыгъ…

## XL

Зэоуж илъэсхэм шъэ пчъагъэрэ зэрэлъэгъугъэхэ пӀонэу, Шэныбэр Болэтмэ якъэлапчъэ шъхьапырыджыкӀыгъ. Къыримыдзэ-мыгузэжъуашъоу Къасымэ пчъэшъхьаӀум къехыгъ, къыфыӀухьагъэм зэрэпэгъокӀыщтым егупшысэу къэуцуи, тутын хигъэнагъ, сишӀуми, сипыими сикъэлапчъэ къыӀухьагъ, тэрэзэу сыпэмыгъокӀмэ, лӀыгъэцӀыфыгъэ тхэмылъыжь пӀонэу емыкӀу къэсхьын. Мы сызхаплъэрэм ынэкӀу зэлъагъэрэ ышъхьац фыжьрэ умыӀощтмэ, джыри ишӀугъу… Хьау ошӀа, ынэхэр кӀосагъэх, пшъэбыри къэуфагъ, заом тызэзэдыӀотым зэрэщымытыгъэу ыпшъи псыгъоу, ыпсэ пытзэ, зэрэпсаоу зэхэгъухьагъ.

Сэбэхь зэгупшысэрэр нэмыкӀ: 1943-рэ илъэс гъэмафэм щегъэжьагъэу тызэрэмылъэгъугъэми, Болэтым зи хэкӀыгъэп, зэрэкъопцӀэ од гъур, итутын хэгъэнакӀи зэблэхъугъэп, къыпфэмые хъумэ зызэришӀырэ гъэпсыкӀэри хинагъэп. Алахьэм ешӀ, джы къысиӀощтыр, сырнычыпэм ыӀэгушъуи регъэсты, ыпакӀи регъэлыбжьэ. Сыд къысиӀощтми, тхьэм къыстырилъхьагъ, ипчъэӀупэ сӀэ щэигъэу сыӀут, сеуцуалӀэ. Сэбэхь ымакъэ зыдимышӀэжьэу апэ сэлам ыхыгъ:

– Уимафэ шӀу, Къасым.

– Тхьауегъэпсэу,– Къасымэ зэрэзекӀощтымкӀэ зэушъыижьыщтыгъэми, ичэу адырабгъукӀэ щытым, адыгэ хабзэмкӀэ къеблагъ феӀошъугъэп. Зыуж уитыр сыд ыӀорэм фэдэу еплъыгъ, тутын стафэр пчэгъу шъхьапэм рыпигъэтэкъугъ:

– КъызэрэосӀощтыри, узэреплъыщтыри сшӀэрэп, Къасым…– Шэныбэм ышъхьэ зыреуфэхым ишляпэ къуапэ ынэгу псыгъо зэлъагъэ чӀэкӀодагъ, къызеӀэтыжьым, щхыпцӀыгъэти, дышъэцэ зэбгъут рекӀокӀыр къыӀущыгъ. Ардэдэм Болэт Къасыми ыгу къэкӀыжьыгъ цапэхэр концлагерым зэрэщыӀуаутыгъагъэхэр, зэхэукӀыхьагъэу, лъыр къыӀучъэу къызыралъэшъожьым цэпитӀоу къыӀуиужъунтхи, джэхэшъогум къытефэгъагъэхэр.– НатрыфлэжЬ лӀыжъмэ захязгъатхэ сшӀоигъу…

– Захябгъатхэ пшӀоигъомэ, захягъатх, сыд пае ащкӀэ упчӀэжьакӀо сыпшӀыра? – ишӀугъоу къэкӀожьыгъ чылэм зэрэщаӀорэм иӀоф тетэп мыщ, сэри чыжьэкӀэ сызеплъым, арэущтэу къысшӀошӀыгъагъ, нэ уцӀыргъугъэхэр зэрэкӀосэжьри, щтагъэ зэракӀэлъри шъыпкъэ. ШӀэхышӀоу пкӀуачӀэ хабзэм фэбгъэлэжьэнэу угу къэкӀыгъ риӀо шӀоигъуагъ, ыгу егъугъэу арэп, гущыӀэгъу зэримышӀыщтым фэшӀ зиӀэжагъ.

– УпчӀэжьыгъо усымышӀмэ, хэт сшӀыщтыр,– Сэбэхь ымакъэ гуебгъэ гори къыхэщыгъэп,– оры лэжьэкӀо нахьыжъмэ япащэр… КъысапӀорэмкӀэ сыпсэущт, зыгъэ фэдэу зыхэсымыгъэукъожьы сшӀоигъу…

– Ощх блэкІыгъэм кІакІо лъырахьыжьэжьырэп, ар о уиІоф,– Къасымэ джыри мыгузэжъуахэу тутын стафэр пчэгъу пакІэм рыпигъэтэкъугъ. ПшІэщтыр пшІэгъахэу, хъущтыр хъугъахэшъ, чылэр зылъыбгъаплъэу къэшъуапэ ипхын уихьисап, ащ узегупшысэн фэягъэр непэп, пцэІуагъэтэкъугъэ пэтзэ, тыкъыолъэІузэ узхэхьэжьыгъэ мафэр ары.– Сэ сІорэ закъомкІэ нахьыжъхэр псэухэрэп, ахэри яакъыли, яцІыфыгъи рыщыІэх.

– Ар къызгурэІо...

– Къыбгурэlомэ, уиІоф зытетыр ягъашІ.

– Ар оІошъ, Къасым, джыдэдэм сигухэлъ ясІотэн...

– Ахэмэ язакъоп, колхозми удэгущыІэн фае.

– Колхозми ешІэ... МэфакІори, Хьамырзэри щыгъуаз,– Сэбэхь ынэ курбмэ гушІогъо нэф къакІэпсыгъ.– Ахэмэ язакъоп, Чэтэшlэ партком кlалэми зыlузгъэкlагъ, сыдэгущыlагъ...

– Мы зигугъу къэпшІырэ МэфакІори, Хьамырзэри, ЧэташІэри колхозэп,– Къасымэ лІым игушІуагъо къызщежьэгъэ нэ курбитІум щигъэучъыІыгъ,– лэжьакІомэ яшІошІкІэ къызхагъэунэфыкІыгъэхэу колхозым ипащэх ныІэп!..

– Адэ, Къасым, сыд сшІэщтыр?..

– Пщыгъупшэжьыгъэщтын колхоз правление зэрэщыІэр?

– Сщыгъупшэжьыгъэп...– Сэбэхь ошІэ-дэмышІэу, зэнэгуерэ шІыкІэу, ыгу къыпиІонтІыкІыгъ, сэмэгу бгъэджыбэ цІыкІум ІэпитІукІэ иІэбэжьи, уцыр мышъэф-мынафэу зыІуидзагъ. Ярэби, ыІуагъ сыдэу пхъашэу, Болэтыр, укъыздэгущыІэра... Сихэгъэгу сыкІожьыщт сІуи, советскэ посольствэм сызэкІом, мыщ фэдэу къыщыспэгъокІыгъэхэп. Хэгъэгум сыкъызэкІожьми, сипаспорт Іофхэр зезыфагъэхэми, мыщ сызэригъэгумэкІэу сагъэгумэкІыгъэп, агу къысфэмышІуми, къысІущхыпцІэхэ фэдэу зашІыгъ. Хабзэр къыфэнэжьыгъэу, къэзгъэгъунэрэмэ анахьи нахь пхъаш мыр... Олахьэ гъэшІэгъоным... Плъэгъурэба икъэгущыІакІэ, ылъэкІыгъэмэ, слъапэ чылэм къыдысигъэдзэщтгъагъэп. Сыд къысэпІуагъэкІи къызхэзгъэщынэп, ар сиделагъэу мыщ къэзгъэзэжьыгъэп. Хьапс къыстыралъхьэу сыдамыгъэсыгъэми, фэдитІу къэсхьыгъэу сэлъытэ... ГукъэкІыжь къинхэр шъхьэм къызеом,



зыдимышІэжьэу ошІэ-дэмышІэу Сэбэхь къызэкІэнагъ. Сыдэущтэу зыкъысфишІыра сэІо мыщ, сырицІыфкІэ хэгъэгум сиштэжьыгъэмэ сыда узпылъыр...– КІо сшІэрэп, тхьаматэм, парткомым сязэгъыгъэти, ащ Іофыр щызэшІокІыгъэу слъытагъэ...– етІанэ ымакъэ нахь къэушъэбыгъ.– О нэмыкІ къысапІорэр...

– Садэжь укъыІухьагъэшъ, Шэныбэр,– къыдэгущыІэрэм изытет шъэф Болэт Къасыми къыгурыІуагъэу къыфидзыгъ,– уиІоф зэрэхъущтым тырэгущыІэ. Укъызэрэlухьагъэр симыгуапэу арэп. ЦІыфым къыгурымыІорэр гурыбгъэІон фаешъ, джыри къыосэІо.

– Олахьэ, Къасым, зыкІи сыгу омыбгъ...

– Арэп къызэрэпІон фаер...

– Сыдэущтэу адэ... Олахьэ сымышІэ...

– ОшІэ, Шэныбэр!.. Сэщ нахьи нахь дэгъоу ошІэ!..

– Олахьэ, Къасым, шъыпкъэр пшІэнэу уфаемэ, мырэущтэу укъыспэгъокІын Іоу нибжьи сымышІагъэ...– Шэныбэ Сэбэхь ымакъэ, губжыгъэ Іоф хэмылъэу, къэкІэзэзыгъ, гукъэо нэпсыми ынитІу къагъэпщэгъуагъ.

– ІаплІ къорэгъкІэ сызэрэппэмыгъокІыщтыр пшІэзэ, джыри къэоІо...– мыщ фэдизым щэтыфэкІэ джыры ныІэп Болэт Къасымэ зыщхыпцІыгъэр. Унэм къызекІым зэришІыгъагъэм фэдэу мыгузэжъуахэу тутыныр къыштагъ, пчэдыжьыпэ жьыбгъэ макІэу къыкІэпщырэм бгъукІэ пэуцуи, сырнычыпэр сти, Іэхъомбапэм къынэсыфэ, чІидзыжьыгъэп.

Джыдэдэм Болэт Къасымэ зыми егупшысэщтыгъэп. Джэуапэу къыратыжьыщтыр ары зажэщтыгъэр. ТхьамыкІагъо пІощтми-умыІощтми, ащ фэдэ еплъыкІэ Шэныбэ Сэбэхь фэдэхэмкІэ Болэт Къасымэ нибжьи иІагъэп, дунаим тетыфэ иІэнэуи зыдишІэжьрэп, лъэгукІэтын ышІынэу шъхьапырыплъыкІэ арыгъэп нэмыплъ зыфырихыщтыгъэр. Ащ изакъоп, янэ къылъфыгъэр, ежь къыхэкІыгъэ шъыпкъэр ащ фэдэ чІыпІэ итыгъэмэ, зы гушъэбагъэ къызэрэхэмыфэщтыгъэм уехъырэхъышэжьынэу щытыгъэп.

– Ар дэдэуи, Къасым, укъызэрэспэмыгъокІыщтыр сшІэщтыгъэ! – Шэныбэ Сэбэхь кІыфы къэхъуи, къэуплъыжьыжьыгъ, ынатІэ пкІантІэр къытырикІи, шляпэ кІоцІ нэтІэбгъухэр къызэрэушынри зэхишІагъ,– ау етІани зыми ыдэжь сымыкІоу, апэ уадэжь сыкъэкІуагъ...

– Колхоз пащэмэ адэжь ущыӀагъэу пӀуагъэба?

– Колхоз пащэхэп зигугъу сшӀырэр, Къасым. Джа къызэрэсӀуагъэу, ахэмэ заӀузгъэкӀагъ, къысаӀуагъэми ущызгъэгъозагъ... Сыкъыздэтэджыгъэ ныбджэгъу лӀыжъхэу ДэхапӀэ дэсмэ адэжь зыфасӀорэр...

– УкъызэкӀожьым къыплъихьагъэхэра?..

– СыкъызэкӀожьми, шъыпкъэр пӀощтмэ, къыслъихьагъэ щыӀэп... Дударыкъор, ХьэпакӀэр, гъунэгъулӀыр умыӀощтмэ. Сыпсау сӀуи къызысэӀопщым, нахь цӀыфыбэ къэкӀогъагъэу шъузым къеӀожьы... Ар къызхэкӀыгъэри сымышӀэу щытэп... Ежь тхьамыкӀэм къыфэӀошъурэп шъхьакӀэ, ПӀатӀэкъомэ япхъукӀэ сенэгуе къызфэкӀуагъэхэр... Шъузабэр фэзгъэӀугъэу, егъэшӀэрэ лэжьэкӀожъэу колхозым хэтыгъ...

– Дэгъу ахэми узэрягупшысэрэр. Шъыпкъэм уигъэпцӀэщтэп. УнапшӀэ темылъи тырыуигъэлъхьащтэп. Сафят анахь бзылъфыгъэ лэжьакӀоу колхозым иӀэмэ ащыщыгъ. Къиныбэ ылъэгъуми, лъытэ зыфаригъэшӀэу псэугъэ. СшъхьэкӀи, тиунагъокӀи Сафят тишӀу, шӀу нэмыкӀ къемыхъулӀэнэу тыфай...

– Аущтэу шъуфыщытми, Къасымэ къысфэгушӀуагъэп еӀошъ, ПӀатӀэкъом япхъу ыгу къыпфыхэкӀы,– гые Ӏоф хэмылъ фэдэу Шэныбэм къыдзи, щхыпцӀыгъэ.

– Ар Ӏоф шъхьаф, Шэныбэр,– ащ ежэщтыгъэ пӀонэу Къасыми къыӀощтым лъыхъужьыгъэп,– шъэфкӀи, нафэкӀи ащ тытемыгъэгущыӀ. Ощ пае гушӀуакӀо сызэрэмыкӀуагъэри, джыдэдэм къеблагъ къызэрэосымыӀори зэфэдэ.

– Ар къызгурыӀуагъ, Къасым...

– Адэ къыбгурыӀуагъэмэ джары... Тэри къыдгурымыӀощтыгъэ Ӏаджи къыдгурыӀуагъэу дунаим тытет. Хэт зышӀагъэр мыщ фэдэу укъычӀэкӀыжьын Ӏоу? Ӏизын къыуатэу укъэкӀожьыгъэмэ, пшъхьэ егыижь нахь, укъысэмыгый, тхьамыкӀагъо къыохъулӀагъэу цӀыфхэри къызэмыгъэплъых. Ор-орэу зэмышӀэжьыгъэ къыохъулӀагъэп. ПшӀагъэр пшӀэным ыпаӀо джащ уегупшысэн фэягъэ. Еплъ ащкӀи къыохъулӀагъэм.

Илъэс пчъагъэм хымэ хэгъэгумэ ащаушъхьакӀоу Шэныбэм къыхьыгъэти, къыраӀорэр къебжьыбжьми, дыригъаштэу шъхьэр дигъэсысыщтыгъ нахь, зэримыгуапэр къызхигъэщыщтыгъэп. Джа шъхьэ гъэсысыныр ары



Къасыми зэщызыфыщтыгъэр. КӀэлэгъум щегъэжьагъэу къызэдэтэджыгъэхэшъ, Шэныбэр ащ фэдэу щытыгъэп. Шъэогъухэр зызэрихьылӀэхэкӀэ, аӀонэу ашӀэщтыгъэр макӀа, аӀорэр адимыӀоу, ежь шъхьафэу гущыӀэу, ышӀэрэр къыкӀигъэтхъэу Ӏаджри къыхэкӀыщтыгъ. Ащ пае къаигъэ ашӀыщтыгъэп, ашӀми Ӏоф къыпамыгъэкӀэу шъхьащыгущыӀыкӀыщтыгъэх. Нахьыпэм хэлъыгъэм щыщ тӀэкӀу къыхэмынагъэу щытэп, шъхьэр ыгъэсысымэ къыбдыригъаштэзэ, ежь шӀоигъор къыпфидзын елъэкӀы. Мы слъэгъурэм ӀукӀыжьын мурад иӀэп, гущыӀэн фаӀ. Сыд къэпӀуагъэми а зы джэуапыр ары о пфэшъуашэр, нэмыкӀ гущыӀэ укъыщымыгугъ. Натрыф пкӀэнакӀо укъакӀо пакӀо, пхъэӀашэ зябгъэшӀэу чӀыгоу пыим епщагъэр ужъоми, птелъ шӀоир зыми зэрэптыримыхыжьыщтым сырищыхьат.

РаӀуагъэм щыщэу ыгу къемыуагъэ хэмытми, пхъум иӀоф зэрэфадзыгъэр Сэбэхь къыхихыгъ. Ар раӀонри ыгу уӀагъэ бжьыныф щыгъу тыратэкъонри ежьыркӀэ зыгъэ. Мыр къыфамыдзыжьыгъэми, икъун зымафэ кӀэхэкӀыгъэр. КъыгъэшӀагъэм джащ нахь къин ылъэгъугъэу къышӀэжьрэп. ШъузымкӀэ зы гуцафи ышӀыгъэп шъхьакӀэ, шъузыр шъузы, пхъур пхъоу къэнэ. Дунаим ехыжьмэ, джа закъор ары къызхэнэжьынэу, зыщыгугъоу иӀэр. ТхьамыкӀагъоу къысэхъулӀагъэм емыплъэу ари къысихъоныжьыгъ. Тинасып лӀышъхьэмэ уазэрэщымыщыр, хэгъэгу гъунапкъэм ӀункӀыбзэ рябгъэгъэтыжьыныгъи! ЦӀыфым ифитныгъэ зэрэдунаеу рэгущыӀэ, Хельсинки щытегущыӀэнхи, щыкӀэтхэнхэу загъэхьазыры. Ар умышӀэу, сыдэущтэу зыбгъэкоммунистра? ГъэшӀэгъона сыхэукъуагъэмэ... Хэмыукъорэр укъаерэп... Заор зэрэмынысащэр хэти ешӀэ, уахътэ тешӀэ къэсми нэмыкӀынэкӀэ еплъых... Пхъатэ сызпэзымыхьэу сапашъхьэ итым ахэр зэкӀэ тесэрэтакъомэ сшӀэрэп. Сыд уихьисапыр, усшӀоцӀыфэу уадэжь сыкъэкӀуагъэмэ, цӀыфыгъэ къыздызехь!..

Шэныбэ Сэбэхь къызэрэхихыгъэм фэдэкъабзэу ипсалъэмэ щтэуӀу рагъэшӀыжьыгъ. Сыд епӀокӀи Болэтым, хэхьащтэп. Уедыргъын нахьи, уедэхашӀэмэ нахьышӀу, джа закъор ары къысфэнэжьыгъэр... Теплъын, уахътэр зэкӀэми яӀэзэгъу. Джа пшъэшъэжъыеу къысфэбдзыгъэри къысщыгушӀукӀэу, къыздичъыхьэу зэгорэм къэплъэгъужьын. Чэм лъакъо шкӀэ ыукӀрэп...

– Шъыпкъэ къысэпlуагъэр зэкlэ, Къасым,– бгъэгум къыщыбырысырыгъэгъэ купыр Сэбэхь зыщигъэгъупшагъ,– ем уемыуалlэу шlур зыфэдэр пшlэрэп. Ар къызгурыlуагъэти ары хэгъэгум къызфэзгъэзэжьыгъэр. Сшъхьэ lэтыгъэу сыкъэкlожьыгъэп, егъашlэм шъхьащэ сшlынэу симысагъэ зыдэсэшlэжьы. Джа зэрэпlуагъэу сызекlон, колхоз правлениеми селъэlун, зэгорэм сыщыщыгъ, апэ зылъапсэ зыдзыгъэми, ори ошlэ, сахэтыгъ, утхэзыгъ аlоу къыслъымыlэбэжьынхэу сыгугъэрэп...

– Къыплъыlэбэжьынхэу зыми уlэкlэзыгъэп!..– Къасымэ пиупкlи, кlэкlэу пидзэжьыгъ.– Мэщфэшlу Ахьмэд ихьэ щагоу къыгъэгъунэщтыгъэм щыфызэшlокlыщтыгъэр уилlыгъэ къыхьыгъэп!.. Лlэнми лlыгъэ хэлъ, Шэныбэр!..

– Ары, ары, шъыпкъэр уадэжь. Тхьауегъэпсэу, хьаулыеу уадэжь сыкъыlухьагъэп, сызэгупшысэныби къысэпlуагъ...– Сэбэхь нэшlошlыгъэ шъорышlыгъэр къымыдзын ылъэкlыгъэп.– Олахьэ, Къасым, сыхъущтмэ, о къысэпlуагъэм фэдиз советскэ посольствэу Анкара дэтым къыщысамыlуагъ.

– Тихэгъэгу лlыкlохэм яцыхьэ къыттелъэу тэ къытщэгугъхэти, хымэчlым къыщыуаlуагъэп. Ари зыщымыгъэгъупшэщтмэ ащыщ. Сыфитыгъэмэ, укъэзгъэкlожьыщтыгъэп, укъэнацlэзэ а укъыздикlыжьыгъэм уизгъэсыщтыгъэ!..

– Ар уиапэрэ нэплъэгъукlэ къызгурыlогъах... Ау советскэ паспортыр сиджыбэ зэрилъыр, Болэтыр, зыщыогъэгъупшэ...

– Ар илъыгъэба нэмыцмэ уазыгуахьэм?

– Ар блэкlыгъэ lоф...

– Блэкlыгъэр зыщызгъэгъупшэжьрэм тинепэрэ щыlакlэ къыгурыlощтэп.

– Адэ сlонэп сlуагъэ шъхьакlэ, Болэтыр, натрыф сэбгъэпкlэщтба джы?..

– Озгъэпкlэщт, ащ lо хэлъэп, ау зищыlэныгъэ зафэкlэ къэзыхьыгъэ лlыжъмэ запэозгъэшlыщтэп!.. Ар къыбгурыlуагъэу уихьэсапэ упыуцощт!..

Сафят къыфиштэгъэ lанэм Сэбэхь хаlэ фэдэу зишlыгъ нахь, мары lоу дунаим зыфэежь тетыгъэп. Джыдэдэм



къызэгоутыгъэми, ыл мыузынэу, хьау иlагъэп. Непэ лlым къехъулlагъэр шъузым ымышlэщтыгъэми, къызщыкlожьыгъэ мафэм щыублагъэу кlэхэкlрэм щыгъозагъ. Сеупчlынэп, къинэу ылъэгъурэмкlэ джыри сыхэуlонэп Сафят зыщиlощтым, Сэбэхь къэупчlагъ:

– Арэп, Сафят, сыда Мэщфэшlу Ахьмэд ихьэ къехъулlагъэр?

– Сыда, зыгорэ къехъулlагъа?

– Олахьэ сымышlэ, къехъулlагъ аlуагъ...

– Сшlэгущэрэп... Къехъулlэщтыри сыда?... Тхьэ къытауи, хьашхъурэlу хъугъэмэ шlэ?!

Сафят lоф зыригъэшlи, гъунэгъумэ адэжь чъагъэ, зэупчlыгъэмэ зи амышlэу, къэкlожьыгъ.

Сэбэхь къыфадзыгъэм ишъэф зэримыгъашlэмэ мыхъунэу чlыпlэ ифагъ. Чlэгъчlэлъ горэ чlэмылъыгъэмэ, Шэныбэм ыlуагъ, хьэм сыфигъэадэу ар Болэтым къысфидзыщтыгъэп. Сыдэущтэу къысфидзыгъа сэlо ар?!

Темыркъан зеупчlым къыриlожьыгъ:

– Мэщфэшlум ихьэ зыгорэ къехъулlагъэу сэри ыцыпэ зэхэсхыгъагъэ, ау мыры сlонэу, Сэбэхь, сыщыгъуазэп. Ар зышlэрэр, тэ щыl ар, ныпчэдыжь сlэкlэлъэгъуагъэп, Хьапэкlэ Аслъанбэч ары...

Дударыкъом нахь тхьагъэпцlэу Хьапакlэри къычlэкlыгъ, Мэщфэшlум ихэпlэжъ къыщыхьугъэр ынитlукlэ ылъэгъугъэми, зи химышlыкlэу ыlуи, зыпигъэчэрэгъукlыгъ:

– Хэт джы, Сэбэхь, хьэм рыгущыlэжьрэр,– зэрэдунаеу хьэ хъугъэ, уямыцакъэми, къыоцэкъэщтых!.. Зы мотороллер горэ зэзгъэпэшыжьыгъэшъ, анэ къыкlэо, единоличник гущыlэу ащыгъупшэжьыгъэр сэркlэ агу къагъэкlыжьы, машинитlу зищагу къыдэкlырэмкlэ нэшъух... Тэ натрыфышъхьэ зытlу къитыдзэу къатщэмэ, ежьхэм машинэ шъхьэlэткlэ лэжьыгъэр зэрапхъо!.. Зиlэм иlэр шlомакl, зимыlэр нэкlэ мэхъуапсэ...

Шэныбэр зэупчlыгъэмэ къырамыlуагъэми, Мэщфэшlу Ахьмэд ихьэ икlодыкlэ чылэмкlэ шъэфыгъэп, агу егъузэ, агъэшlагъуи икъугъ, джы къызнэсыгъэми рэгущыlэх...

... Мыгъатх ар зыхъугъэр. Мэзэ зытlущ нахь темышlагъэми, мэзищ пакlо, илъэс щэкl тешlагъэми а мафэр Хьапэкlэ Аслъанбэч щыгъупшэщтэп.

Мэщфэшӏу Ахьмэд унэ Дэхапӏэ щишӏыти, хычӏэ хъущт Зэнэкъое чылэ бгынэжьыгъэм къыдэкӏыжьыным дэгузажъощтыгъэп. Зычӏэсын унэ имыӏагъэу арыгъэп, ыкъомэ яунэхэр хьазырыгъэх, ахэр щымыӏагъэхэми гъунэгъухэм бысымынчъэ уашӏыщтыгъэп. Ежь Ахьмэди къыгурыӏощтыгъ бащэ тыримыгъашӏэу чылэр къызэрибгынэн фаер, зэп-тӏоп хабзэми къызэрэфиӏопщыгъэр.

Мафэ къэс зыкъэзыӏэтрэ хыр Зэнэкъуае къынэсынкӏэ мэфэ зыщыплӏ къэнэжьыгъагъэр шызэкъоку зэкӏэтым хьапщып заулэ къыритэкъожьи, хьагъори игъусэу Ахьмэд чылэм къыздэкӏыжьыгъагъэр. Къыздэхъухьагъэу, зыщапӏугъэу, ыкъомэ насып зыщагъотыгъэ чылэр, унэхэр, хапӏэхэр, хьэдэ кӏэныжь къупшъхьэхэр зычӏахыжьыгъэ, зычӏамыхыжьыгъэ къэхалъэр, пкӏышъхьэ-мышъхьэ чъыгхэр зытетыгъэ урамхэр, псы нэшхъо шкуашкоу чылэбгъум речъэкӏрэр, мэлхъупӏэхэр, тхьачэт кӏопӏэ шъофыр, псырыкӏ мэзэу тыраупкӏыгъэр, ящагу пчъэӏупэ ятэжъ щигъэтӏысигъэгъэ дэшхо чъыгышхор, нэмыкӏхэри сыдэущтэу псышъхьэм къыщыхэбгъэщыжьыщтых?! Хычӏэ зэрэхъурэм емыплъынэу фэягъэми, мафэрэ Зэнэкъуае кӏон фаеу хъущтыгъэ. Хьагъоу къыдищыжьыгъэр ары зыпкъ къикӏыщтыгъэр. Хэпӏакӏэм зы сыхьати дэмызагъэу дэчъыжьти, ихьэщырхэр зыщипӏугъэ хэпӏэжъым кӏожьти, дэгъолъхьэжьыщтыгъ. Хьэу чъэжьыгъэр къыщэжьынэу зыкӏокӏэ, чылэ бгынэжьыгъэм щыпэшъушъоу щыугъуаещтыгъэ Хьапэкӏэ Аслъанбэч Ӏаджри Мэщфэшӏу Ахьмэд Ӏукӏэу къыхэкӏыщтыгъ. Хьапакӏэм ышӏэрэр ыгу зэрэримыхьрэр Мэщфэшӏум къызхигъэщыщтыгъэп, зыдэгущыӏэн чылэм дигъотагъэмэ ыӏоти, пхъэтэкъэжъым зэдытесхэу, тутыныбжъэ зэдагъэстэу, аӏорэ шӏагъуи щымыӏэу щысыщтыгъэх. Хьагъори къапэӏулъэу, зэхьакъужьын ымылъэгъоу, загъори ошӏэ-дэмышӏэу гумэкӏым шъхьэр къыригъэпхъуатэмэ даӏоу, щылъыщтыгъэ.

Нычэпэ фэдэу хьэ епхыгъэр пцӏымэмагъэу Ахьмэд къышӏэжьрэп. Къызэтэджым хьэ пшъэрышӏэ зэпыутыгъэр ылъэгъугъ. Шызэкъокур зэкӏишӏи, джыри чылэм ежьагъ. Тхышъхьэм Ахьмэд техьан зыщиӏощтым хьагъом ихьакъу макъэ зэхихыгъэ. Хьапэкӏэ Аслъанбэч фэдэ горэ щагум димыгъахьэу къычӏэкӏын ыӏуагъ.



Тхышъхьэм зыдэчъаем ылъэгъурэр нэмыкӏ: чылэ кӏэныжъ угъоигъэу илъыр ритэкъухьэу, мотороллерыр лъаемэ-уджэу Хьэпакӏэм тхышъхьэм къыдефые, бгъу пстэури зэдиӏыгъэу, зынэсрэр чӏигъабзэу, псынкӏэр къыдихьыеу псыпэ тхъурбэпс гъожьышэр къэкӏо, хьагъоми Мэщфэшӏум ящагу къыречъыхьакӏы, псыпэр къыздикӏрэ лъэныкъомкӏэ мэбанэ, мэхьакъу, зыредзыхышъ мэбыу, къызщэлъэтыжьышъ, етӏани къыричъыхьакӏэу мэхьакъу, мэбанэ!..

– Мышъыд!.. Мышъыд!..– Ахьмэд тхышъхьэм къыщызэтыригъэуцогъэ кум къипкӏи, джэзэ, псыр къызнэмысыщт чӏы хэӏэтыгъэм речъэкӏыгъ, къыречъэкӏыжьыгъ, лӏыжъым ымакъэ хьэм къызызэхехым, гу къызӏэпишӏыхьажьэу зигъэчаныгъ, псыпэр къыкӏаоу зырегъажьэм ихьэ унашъхьэ дэпкӏэягъ, ари псым зырехьыжьэм чэу шъхьапэм екӏугъ, ащи къызчӏабзэм чэтэщышъхьэм зытридзагъ. Хьакъоу тетзэ ари псычӏэм зычӏехьэм, гурышэкӏэ зыдиӏыгъ щагур хъурэябзэу къырисыхьакӏэу ригъэжьагъ, зыщыгугъыщтыгъэ онджэкъыр псым чӏэкӏуатэ зэхъум, хьэм ыгу къызэрэкӏодырэр ипцӏэу макъэ къыхэщыгъ, Мэщфэшӏу Ахьмэди нахь къэгуӏагъ: – Мышъыд!.. Мыкӏэ къес, Мышъыд!.. Хъугъэ, ухэпшъыхьани укъыхэкӏыжьышъущтэп!..

– Олахьэ боу делэм... Ынэ къаплъэу зыригъэтхьалэжьыщта сэӏо!..– хьэм ихапӏэ зэрэфэшъыпкъэр Хьапакӏэм къыгурымыӏо-къыгурыӏуагъэу, хьэкӏэ-къуакӏэми, псэ иӏ, фэгуӏэу еджагъ. – Мышъыд!.. Къыуаӏорэм едэӏуба, бетэмал!.. Мышъыд!.. Мышъыд!..

Хьэм игухэлъ, хэпӏэжъэу къыгъэгъунэщтыгъэм зэрэфэшъыпкъэщтыр Мэщфэшӏу Ахьмэд къыгурыӏуагъэу къызэтеуцуагъ. Ардэдэми Мышъыд апэрэ лъэкъуитӏумкӏэ зэ-тӏо псым къыхэбэныкӏи, мэкъэнчъэу чӏихьагъ...

## XLI

– Рэщыд, зыгорэ къысшӏооушъэфы... Сэшӏэ, сэшӏэ, къысшӏооушъэфы...

– Оркӏэ шъэф сиӏэп, Долэтыкъу.

– Умыушъэфэу нафэ къэшӏба...

– Ор шъыпкъэм къысапІо сшІоигъу.
– Ашъыу, Долэтыкъу, узэрыгущыІэрэр сшІэрэп…
– Тазыфагу, Рэщыд, нафэ нэмыкІ дэмылъынэу сыфай.
– КъаІо ащыгъум умыушъэфэу…
– КъэсІона узэрыгущыІэрэр сымышІэу!..– Хьамырзэр мыщ нахь ебгъэшъожьы хъущтэп, къызэхешІыхьэ, Рэщыдэ ыІуагъ.– Олахьэ, Долэтыкъу, уцІыф гъэшІэгъоным… Сыд цыхьа къысфэмышІрэр?
– Цыхьэ къыпфэсымышІэу арэп,– Долэтыкъо чъыг чІэгъым чІэубгъогъэ чэтэным телъ шхынмэ ахэплъагъ, апч нэкІитІур зелъэгъум, аркъ зэрэщымыІэжьыр къыгурыІуагъ,– сэркІэ угу илъыр сшІэмэ сшІоигъу… Якъуб,– шоферым еджагъ,– зи щыІэжьба?.. Ашъыу, ар хъунэп, модэ чъи, нықъо горэ къытфынэгъэс.
– Икъун шъыу итшъугъэр!..– Рэщыдэ ыдагъэп, лІыгъэкІэ тыкъыдэпщыгъ нахь, сыфэегъахэп… Лэжьыгъэр Іутхыжьыгъэмэ, бетэмал, ащ нахьрэ Іоф колхозым щытиІэжьба…– ТыкъэзылъэгъурэмкІэ емыкІу.
– Хэт мэзым тыкъыщилъэгъун, еу, Якъуб, щэджэгъоуж ныІэп, псыми тыхэхьан. Чылэм умыкІоу, моу къутырым чъэ, шэкІуахьэм фэдэу ЧэташІэм икуп уауж зыкъырадзэщт… Ежь иІуакІэу, тэри районым тыщыІ…
– Ашъыу, Долэтыкъу, ищыкІэгъагъэп мы зыуж уихьажьыгъэр.
– Плъэгъурэба мыхьамелэу тиІэр,– мэлыко гъэжъэгъитІум язэу джыри мыуныкъугъэм, чэт гъэжъогъэ щыугъэ пкъырыпкъ итэкъухьагъэмэ, нэшэбэгоу, помидорэу щылъмэ, къое гъугъэ такъырмэ анэсыжьэу Хьамырзэм къызэпиплъыхьагъ,– мы купыр тымышхыгъэу ылъэгъумэ, зыупщэрыхьэгъэ шъузым ыгу къеонба, чэщныкъом къыкІэтаджи, шІыгъакІэу шъухэзгъэІэщт ыІуи, къытэшІушІагъ. Дэгъоу тылэжьагъ, лэжьыгъэ бэгъуагъэ къэтхьыжьыгъэмэ, Рэщыд, тешъощт, тешхэщт, тыгу илъри зэтІощт… КъысэпІонэу уфаеп шъхьакІэ, гухэлъ горэ пшІыгъэ… Къысэмыіу фаеми, зблэкІыщтэпышъ, сигъапэрэп… Ау шъэфэгъу сызэрэмышІрэр сыгу къео, пшІосыушъэфрэп.
– Ашъыу, мы узэрыгущыІэрэм ышъхьэ къих!..



– Шоферыр щысыжьэпышъ, джы къисхын,– къызэхахмэ ыІорэм фэдэу Долэтыкъо зиплъыхьагъ,– тхьэмэтагъор яптыжьынкІэ сенэгуе…
– Сыд пІуи?..– Рэщыдэ ащ фэхьазырыгъэми, къэупчІэжьы фэдэу зишІыгъ.– А къэбарыр къыздипхыгъэр сшІэрэп нахь, ащ фэдэ мурад сиІэп. Тхьэмэтагъор сэгъэпытэ сэІо, ежь къэогъэланлэ еІо!..– МэфакІор щхыгъэ, сигухэлъкІэ цІыф сыдэмыгущыІагъэу тэ щишІэра мыщ, ыІуагъ. Ори хэгъэкІи, унэм ис шъузми есІуагъэп.– Хэт къыозыІуагъэр?.. Олъэгъуа сакІыбкІэ щатІупщрэр!..
– Зыми къысиІуагъэп,– Долэтыкъуи щхыпцІыгъэ.
– Къэбар къыомыІугъэу пшъхьэ къипхыгъэп.
– Сенэгуе къыосІуагъи…
– Уенэгуе къодыекІэ угущыІэ хъущтэп…– Рэщыдэ джэуап къытыжьи, мыгъатхэ щыублагъэу Іофэу зыгъапэрэм хэгупшысыхьагъ. Олъэгъуа мыщ ыІорэр, сыжэ зэтесымыхыгъэ пэтзэ, сыд къыдэзына еІошъ, къысэкъэрэгъулэ. Таймэзым дэжь сыкІоу сигухэлъ райкомым зесІуатэрэм, сыд хъущт адэ? Илъэс еджэгъур къэсынкІэ мазэ нахь къэнэжьыгъэп. Мы тхьаумафэм блэсымыгъэкІэу сыкІон фае. Неущ сыкъокІынэу сигухэлъыгъ шъхьакІэ, ешъогъэ кІэзыжьэу Таймэзым ыпашъхьэ сиуцонэп… Сыда шъуІуа сыгу илъымкІэ Хьамырзэм гуцафэ езгъэшІрэр? ДэхэпІэ школым идиректор районнэ Іэшъхьэтет ашІыгъэу зэрэрыгущыІэхэрэр арыщтын. Армырмэ, сыда сенэгуе езгъэІощтыр.– Уенэгуемэ, Долэтыкъу, цІыфым имыхьакъ теплъхьащт. Ар пІоу, зыхэмылъкІэ угу къысэмыгъабгъ, ы-ы, шъыпкъэба?
– Шъыпкъэба пІомэ, шъыпкъэ,– Хьамырзэм «шхъанч» Іоу нэшэбэгу никъор пишхыкІи, щхыпцІыгъэ,– а уикабинет гъэкъэбзакІэ сыгу рихьрэп… Мафэ къэс тхылъэу чІэлъыр нахь макІэ мэхъу, тхылъыпІэ зэІытхъыгъэкІэ уикорзинкэ мыушъагъэу къыхэкІырэп…
– Ара уезгъэнэгуерэр?.. Адэ тхылъэу сщэфыгъэхэр, районым тащэ къэс зыгорэ тымыщэфэу хъурэп, унэм схьыжьын сыфитба?.. Сыд пае симыщыкІэгъэ тхылъыпІэжъхэмкІи систол ушъэгъэн… АщкІэ ухэукъо, Долэтыкъу. Ар Іофэп, сэ къэбар сфатІупщыгъ сшІошІи, сыбгъэтхьэуягъ…– Рэщыдэ ицуакъэхэр зыщигъэпкІхи, ылъа-

къохэр уцым щиушхугъэх. Тинасып, ыIуагъ, зымафэ кIэлэеджэ тхылъхэу къалэм къыщысщэфыгъэхэр зэрэмылъэгъугъэхэр... ГъэшIэгъоны мыхэр, зи зыдябгъашIэ хъущтэп.

– Аущтэу оIомэ дэгъу, Рэщыд... Ау, етIани, хэт ышIэра угу илъыр...– цыхьэ къызэрэфимышIырэр Хьамырзэм къыхигъэщыгъэми, бэ тыримыгъашIэу кIилъэшъужьыгъ.– Узэрэфаеу дунаим щыхъущтыгъэмэ, зыми тенэгуещтыгъэп... Ситхылъ, тхылъыпIэжъ пIокIэ,– Долэтыкъо гукIэ щхыпцIыгъэ,– зыозгъэгъэделэнкIэ умыгугъ. Шъэфэу бдэсIыгъыгъэ купым ихьатыркIэ, птесхырэп, узытекIыжьрэм, тызэрэзэзэгъыгъэу тхьамэтэ IэнатIэмкIэ укъысэшIушIэжьыщт... Ар зымышIэкIэ, ори ошIэ, сызэблэн щыIэп...

– Арэп, Долэтыкъу, уицыхьэ къыстегъэлъба, сыдэу гъэшIэгъонэу укъэгущыIэра?..– Рэщыдэ къэмыгубжэу, ау къыраIуагъэр ыгу къызэреорэр къыхэщэу, зэшъуагъэри щыгъупшэу къэплъагъ, щымылъышъоуи къызэшIотIысхьагъ.

– Сицыхьэ птемылъэу арэп...

– Зэ сIорэр, Долэтыкъу, тIо кIэсIотыкIыжьрэп.

– Ашъыу, Рэщыд, сысэмэркъэугъ...

– Сыгу хэзгъэкIын сэмэркъэу сищыкIагъэп... ЕтIани, Долэтыкъу, о къыбгурымыIорэр зы... Тхьамэтэ IэнатIэр зытырэр сэркIэ огугъа?.. Агроном шъхьаIэр сфэлъэкIыщтыти, Iо хэмылъэу, къыуязгъэтыгъ. МыдырэмкIи апэ уикандидатурэ Таймэзым езгъэлъэгъущт, тхьамэтагъор стыжьынэу зыхъурэм, ау сенэгуе ори, Чэташ Iэри ащ бэрэ шъупэзгъэплъэнкIэ!..– Рэщыдэ ыгу къыдемыIэми, ешъогъэ нэгукIэ щхыгъэ.– Ы-ы, сыд шъушIэжьыщтыр джы!.. Уикандидатурэ Таймэзым пхыримыгъэкIмэ?..

– ПхыригъэкIыщт-пхыримыгъэкIыщтым упымылъ о, гъэлъагъо!.. Тэри зыгорэ къыткъомытэу щытэп,– Долэтыкъо адырэ къэIуагъэмэ апымылъэу икандидатурэ гъэлъэгъон апэ тегущыIагъ, етIанэ тIэкIу тыригъашIи, пидзэжьыгъ: – СытекIыщтэп зыфапIорэр о уиIоф, утетмэ, сэркIэ нахьышIу. Ау Чэтэшэ цIыкIум икандидатурэ, Рэщыд, бгъэлъэгъуагъэу зыхъукIэ, усшIэрэп, сыпшIэрэп, шIукIэ нибжьи укъысщымыгугъ!..



– Модэ, шоферым зэхебгъэхыщт, машинэр къэкIожьы.– НекIо, псым тыхэгъахьи, нахь тыучъыIэтагъэу тыпэтIысхьажьын..

– Олахьэ сымышIэ мы тихэтыкIи... Ашъыу, къаигъэ ышIи, Хьамырзэм тыгъоспчыхьэ тыригъэукIыгъ... Чэщныкъом тыкъыхэкIыжьыгъэн фае, сызэрэгъолъыжьыгъэри сшIэрэп. Машинэм сыкъызэрэIуищэжьыгъэр сэшIэ, адрэхэр сшъхьащыугъэх...

– Ащыгъум, Рэщыд, тыгъоспчыхьэ къысэпIуагъэр зэкIэ хьаулые хъугъэба? – МулиIэт инэгушIуагъэ щыгъупшэу лIым къеплъыгъ, зэхихыгъэр ыгу къызэреорэр къырыпшIэу кIыфы къэхъоу ригъэжьагъ.

– Сыда къыосIуагъэр?..– Рэщыди шъхьэр къыпхъотагъ.– Дэй къыосIуагъэмэ, сырыраз...

– Дэй Iоф щыIэп. Ар пIоу зытемыгъэшэхъукIыжь...

Къогъу пакIэ горэм къыкъоужьыгъэ фэдэу тыгъоспчыхьэ гъолъыжьыгъэу шъузым риIогъагъэр ыгу къэкIыжьыгъ. Мыгузажъоу щхыум тIо-щэ хэIаби, къыIуагъ:

– АщкIэ уицыхьэ къыстегъэлъ... Ащ блэкIэу Хьамырзэм икуп сахэтыжьышъущтэп. СиIоф, сисэнэхьат ыуж сихьажьмэ, сыд къысашIэн.

– Сыд къыуашIэн, боу дэгъу,– лIым дыригъэштагъ МулиIэт.– Укъысэдэ Iугъэп нахь, апэрэ мафэми къыуасIощтыгъ. УимыIоф зепфэныр къин, ащ блэкIыжьмэ, ешъуакIорэ гуузрэ уахэхъухьащт. Ор-орэу зыкъызэрэпшIэжьыгъэм сигъэгушIуагъ...

– Сэ сыгу къеорэр мэкъу-мэщ институтымкIэ хьаулыеу зызэрэзгъэлIэжьыгъэр ары... НэIуасэ къытфэхъуфэхэкIэ сыд фэдизрэ япчъэ тыIутыгъ... Химиемрэ математикэмрэ скIэхахыгъэм изакъоми, анахь хьацэжъмэ тарихьылIи, зи къытагъэлыгъэп... НэбыкъуаекIэлэ къуапцIэ гори ащ Iут, ежь ыхьрэ предмет закъомкIэ нахь ухэзэгъэн умылъэкIынэу...

– УкIэмыгъожь, Рэщыд. ШIэныгъэ хьылъэ щыIэп. Узпащыгъэгъэ завуч IэнатIэр бгъотыжьмэ, биологием, химием яурокмэ уазычIахьэкIэ, хэшIыкI фыуиIэу кIэлэегъаджэмэ уадэгущыIэн плъэкIыщт.

– Завуч ӀэнатӀэр пӀуи?.. Сыдиректорынэу уфаеба?

– Тетыр?

– Тетми нахь ӀэнэтӀэ ин къыфагъотыщт,– районо ӀэнатӀэмкӀэ ДэхэпӀэ гурыт еджапӀэм идиректор икандидатурэ зэрэщытыр ыушъэфыгъ.– Директорыгъэр къысфамыгъэшъошэнэу ильэс пчъагъэрэ колхозыр зеслъэшъуагъа? Мы тызэрыгущыӀэрэмкӀэ кӀэлэегъаджэми, нэмыкӀми зыгорэ шъэфэгъу пшӀыкъон. Хъущтыр зыхъухэкӀэ арэшӀ, армырмэ къыспеон Ӏаджи а узхэт купмэ къахэкӀыщт.

Колхоз конторэм цӀыфыбэ зэрэӀумытыгъэр МэфакӀом шӀогъэшӀэгъоныгъ. Кабинетым зэрэчӀэхьагъэм лъыпытэу адыгабзэмкӀэ, урысыбзэмкӀэ, литературэмкӀэ зымафэ тхылъэу къалэм къыщищэфыгъагъэхэр зэрэзэкӀоцӀимыхыгъагъэм кӀэгушӀужьыгъ. Наряд заулэ арити, колхозым иӀофышӀэ Ӏэшъхьэтетхэр нахь пӀуакӀэ зэхъум, Долэтыкъо къызэрэмылъэгъуагъэри игуапэу, кабинетым зыришӀыхьи, тхьэмэтагъор зэраритыжьыщт лъэӀур ытхыгъ. КӀэлэегъэджэ ӀэнатӀэу зыӀуащыгъэр рагъэгъотыжьмэ зэригопэщтыр ары ӀэубытыпӀэ ышӀыгъэр. Апэм Ӏофхэр зэрэфэмыгъэхъурэр ритхэнэу ригъэжьэгъагъ шъхьакӀэ, ятӀонэрэм къыщыуцугъ. Сыд пае сэр-сэрэу тхылъыпӀэ тхьапэм зыщысыушъхьакӀужьын. Таймэзыр къысэупчӀмэ, сыгу ильыр сыушъэфынэп, ыӀуагъ.

А мафэми, ятӀонэрэ, ящэнэрэ мафэми Рэщыдэ райкомым кӀошъугъэп. Колхоз Ӏофхэр зэхэхьагъэхэу, районым зэрэнэсыщт уахътэр ахимыгъуатэу арыгъэп. Апэ коцыр Ӏузыхыжьыгъэмэ, хэгъэгум езыщагъэмэ ащыщыгъ. Зы гектарым къырахыгъэ центнер пчъагъэмкӀэ гурытмэ ашӀокӀти, пэрытмэ акӀэхьанкӀэ иӀэжьыгъэ щыӀэп. Таймэзри дэмысэу щытыгъэп. Тыгъуаси, тыгъоснахьыпи телефонкӀэ къыдэгущыӀагъ, ау Рэщыдэ рихъухьагъэм ышъхьэ къыфихышъущтыгъэп. ЗэтезыӀажэу, зыгъэгумэкӀэу, ышӀэщтыр езымыгъашӀэщтыгъэр зы закъу. ПчыпӀэ хэт идгъэхьащтыр къыраӀомэ? АщкӀэ упчӀэжьэгъу къамышӀыхэщтми, ычӀыпӀэ рагъэхьащтыр ышӀэн фае. Ильэс пчъагъэ зэрилъэшъогъэ колхозым хэт тырагъахьэми ыдэщтэп. Ежь иӀоф хэмылъэу хъущтэп, ялъэӀугъэу текӀыжьы нахь, зыми тыригъэкӀрэп. Ау зыхъурэм къеупчӀыщтых, къемыупчӀми, ишӀошӀ ариӀощт. Чылэм щымыщ къагъакӀомэ, шъхьакӀо хъун, емыкӀоу къыфалъэгъун.



Рэщыдэ зэрэмыгугъэщтыгъэу Ӏоф хэфагъ. Тхьаматэ хъущтымкӀэ ежь зэушъыижьы шъхьакӀэ, ащ изакъоп щызымыгъэӀэжьрэр. Мэфэ заулэ гупшысэмэ Хьамырзэ Долэтыкъо ахэкӀыщтыгъэп, зыщигъэгъупшэнэу зэрежьэу зымафэ мэзым шъхьаихыгъэу къыщыриӀогъагъэхэр шъхьэм къечэрагъох, шъхьэчъэ-псачъэу зэрафэ.

Тхьэмэфэ псаум ащ нахьрэ Ӏоф Рэщыдэ иӀагъэп. Нычэпи гупсэфыгъэп, къызщыкӀэтаджэрэ нэфшъагъомэ адэжь ныӀэп чъыяпи зыщырихыгъэр, ау сыхьатныкъуи темышӀэу къэтэджыжьыгъ. Пчэдыжьыпэм шхэу есэгъагъэми, Ӏулъхьэ фемыгъэхышъоу, Таймэзыр жьэу ӀофышӀэ къызэрэкӀорэм епэсакӀоу, райкомым кӀуагъэ.

Таймэзымрэ МэфакӀомрэ зэрэмышӀэхэу райком унапчъэм дэжь щызэӀукӀагъэх. БэшӀагъэу зэрэмылъэгъугъэхэм фэдэу зэщыгушӀукӀхэзэ, кабинетым чӀэзэрэщагъэх.

– ЧӀыплъыр, семчыкыр, натрыфыр зэрэхъущтыр сшӀэрэп нахь,– Таймэзым къыӀуагъ,– коцымкӀэ тышъуфэраз, къэралыгъоми дэгъоу шъуешӀушӀагъ.

– Адрэхэми тицыхьэ ателъ, Даут Измаилович,– зэ укъытщытхъугъэмэ ары, Рэщыдэ ыӀуагъ, къызфэкӀогъэ Ӏофыр къызэрэригъэжьэщтыр ымышӀэу гури бгъэм къыщытеуагъ.– Лымрэ щэмрэ тфэмыгъэхъурэр... СфэукӀочӀыгъэп псычэт фермэр...

– ПкӀуачӀэ епхьылӀагъэпти, пфэукӀочӀыгъэп... Колхозым лъапсэ езгъэшӀрэр федэ къэкӀуапӀэр ары. Ащ научнэ лъапсэу иӀэм емыгупшысэрэ пащэр щыӀэнигъэм къыщинэщт.

Шъхьэр дигъэсысэу дырегъаштэми, къыригъэжьагъ джы, ыӀуагъ Рэщыдэ. Джа научнэ-экономическэ лъапсэу зыфапӀорэр къысфэгъотыщтыгъэмэ, лъэӀу тхылъ къыпфэсхьэу уадэжь сыкъэкӀощтыгъэп... А пшӀэрэ купыр умышӀэщтыгъэмэ, апэрэ секретарэу укъытфагъэкӀощтыгъэп, районыр зы чылэп, ащ урипэщэнир мыдэ щыта!.. Экономикэм хэшӀыкӀ фыуиӀэшъ, къэолъытэ, зэхэохы, зэхэогъахъо. Зым пэӀубдзэщтыр адрэм хэохы, зыхэпхыгъэм нэмыкӀым къыхегъэхъожьы. Тэ ерагъэу счет лъытакӀэм зыфэдгъэсагъ. Джырэ мэкъумэщышӀэным апшъэрэ гъэсэныгъэ уиӀэ къодыекӀэ хъущтэп, уэко-

номистын, уфилософын, убухгалтерын, убиологын, аужрэмкӀэ, ари пщыгъупшэ хъущтэп, удипломатын фае…

ДэхапӀэкӀэ бэмэ Таймэзыр къакӀэупчӀагъ, натрыфлэжь лӀыжъхэу Болэт Къасымэ зипащэхэм зырызэу защигъэгъозагъ, къащытхъугъ. ЧэтэшӀэ Ибрахьимэ ипсауныгъэ зэригъэшӀагъэ.

ЗэпыупӀэ горэ Таймэз Даутэ игущыӀэ къызхэфэм, Рэщыдэ къыӀуагъ:

– ЛъэӀуитӀу сиӀэу, Даут Измаилович, уадэжь сыкъэкӀуагъ.

– Мыщ лъэӀу зимыӀэ къычӀахьэрэп,– Таймэзыр щхыгъэ,– къаӀо узгъэгумэкӀырэр.

– Мыры апэрэ лъэӀур,– Рэшыдэ тхылъыпӀэр столым фытырилъхьагъ. ТхылъыпӀэ тхьапэм Таймэзыр рэчъэфэкӀэ игуапэми, имыгуапэми къыхэщыгъэп. Ар МэфакӀом ищыпэлъэгъопти, ыгъэшӀэгъуагъэп.

– ЯтӀонэрэ лъэӀур? – Даутэ тхылъыпӀэр ыгъэтӀылъыжьи, Рэщыдэ ынэмэ къакӀэплъагъ.

– Апэрэ лъэӀур къызысфашъушӀэкӀэ, ДэхэпӀэ еджапӀэм директорэу сыжъугъакӀу, илъэс пчъагъэрэ завучэуи сыӀутыгъ…

– КъызгурэӀо, къызгурэӀо…– Даутэ къэтэджи, шъхьангъупчъэм кӀэрыхьагъ, етӀани зыкъызэригъэзэкӀи, къеупчӀыгъ: – Мы лъэӀу тхылъыр къэптхыным ыпэкӀэ уегупшысагъа, Рэщыд?

– Сегупшысагъ ыкӀи, къин къысфэхъугъ ыкӀи… Сыушъэфрэп, Даут Измаилович… ПшӀошъ хъунэу сыфай, сыгу илъыр къыосӀуагъ. Уиш утемысынри, уимыӀоф зепфэнри тӀури зы. Сэ сыкӀэлэегъадж. МэкъумэщышӀэ кадрэхэр макӀэхэти, тхьамэтагъор къызнэсыгъэу хъугъагъэ… Ащ фэдэ лъэхъани щыӀагъ, ари зэхэсымышӀыкӀэу щытэп…

– Мэкъу-мэщ институтэу къэуухыгъэр?

– Ар заочнэу къэсыухыгъ, Ӏоф годзэ дырекӀокӀ ныӀэп. Диплом къодыекӀэ агроном ухъущтэп. ЕгъашӀэм тятэмэ мэкъумэщышӀэу къахьыгъэти, чӀым хэшыкӀ фысиӀ сшӀошӀыгъ. ЕтӀани, Даут Измаилович, тикукӀэ мэл пысыкӀэ шӀэныгъэ тэрэз къыпфихьыщтэп… Арышъ, мы къасӀохэрэр емыкӀу къысфэмышӀ. Илъэс еджэгъур къэсы, сыд къысфэжъугъэшъуашэми, сисэнэхьат сэжъугъэгъоты-



жьи, ащ нэмыкӀ сыфаеп… ЗыгорэкӀэ, Даут Измаилович, сыгу имылъ къыуасӀоу къызшӀомыгъэшӀ. Сызэмыгупшысагъэ сырыгущыӀэрэп…

– Зи мыхъун, Рэщыд, къапӀорэп,– Даутэ джыри тхылъыпӀэу ыпашъхьэ илъыр къызэпиплъыхьагъ,– илъэс пчъагъэм узгъэгумэкӀыщтыгъэм райкомым укъищагъ. Ащ зи бгъэшӀэгъон хэлъэп. Шъыпкъэр пшӀэ пшӀоигъомэ сэри къыосӀон: сыхэукъомэ, сыкъэгъэтэрэзыжь, мыщ фэдэ гухэлъ уиӀэу райкомым укъызэрэкӀощтым сежэщтыгъэ, ау непэкӀэ сыкъаплъэщтыгъэп. Лэжьэгъу илъэсыр одгъэухы тшӀоигъуагъ, етӀани тыкъыпкӀырыплъын тихьисапыгъ. ЗэхэшыкӀ зэрэуиӀэр, пфэмышӀэшъущтымкӀэ къаигъагъэ узэрэмыхъури тигуапэ. ЛӀыгъэм лӀыгъэ ипэгъокӀышъ, уилъэӀу непэ блэмыкӀэу тытегущыӀэнэу усэгъэгугъэ. Адрэ ятӀонэрэ лъэӀумкӀи, пфэмышъуашэ укъыкӀэлъэӀурэпышъ, ащи тегупшысэн.

– Тхьауегъэпсэу, Даут Измаилович!.. Джары сэ силъэӀугъэр…

– УилъэӀу тыухыгъэ пшӀошӀы шъхьакӀэ, Рэщыд,– нэ Ӏуш нэ чанхэмкӀэ Таймэзыр къэплъагъ,– сэ зы упчӀэ къыпфысиӀ. ПчӀыпӀэ ихьащтым уегупшысагъа?

– Сегупшысагъ.

– Илъэс пчъагъэрэ тхьаматэу Ӏоф зышӀагъэм икандидатурэ райкомым ышӀэ шӀоигъу. Хэт ДэхапӀэкӀэ тхьаматэ хъунэу узщыгугърэр?

– ЧэтэшӀэ Биназ.

– Хэт пӀуи?…–Таймэзым зэхихрэр ыгъэшӀагъоу кӀэупчӀэжьыгъ.– ЗыгорэкӀэ сытедэӀукӀыгъэмэ шӀэ?..

– Хьау, Даут Измаилович, утедэӀукӀыгъэп. ЧэтэшӀэ Биназ сӀуагъэ. ЧэтэшӀэ Биназ фэгъэхьыгъэу къыосӀогъагъэхэр армэ зыфапӀорэр, апэрэ псалъэм щегъэжьагъэу зэкӀэсэхьажьы. ИщыкӀагъэу оӀомэ, коммунистмэ апашъхьэ зыщысыумысыжьын… А кӀалэм иӀушыгъэ семыхъуапсэщтыгъэмэ, сепыигъэп. Джары, шъукъысэдэӀущтмэ, тхьаматэ шъозгъэшӀыщтыгъэр…

– Хьамырзэ Долэтыкъо сыдэу щыт адэ?..

– Хъущтэп!..– ежэщтыгъэм фэдэу къызӀуипхъотыгъ, мэкъэ Ӏэтыгъэми тӀэкӀуи рыукӀытэжьэу шъабэу къыпидзэжьыгъ.– Ащ нахь спэблагъэ ДэхапӀэ дэсэп, сэры колхо-

зым иагроном шъхьаlэ зышlыгъагъэр. Ар тхьаматэ шъушlынэу шъуигухэлъмэ, силъэlу тхылъ зэкlэсэхьажьы!.. Хьамырзэр хъущтэп!.. Чэтэшlэ Биназ нэмыкl кандидатурэ Дэхэпlэ чылэшхом дэмысэу сlомэ сыхэукъо, ау а зыр ары колхозыр къэзыlэтынэу сицыхьэ зытелъыр.

## XLII

Сэбэхь ыпхъу ыуж ит шъхьакlэ, зэрэфаеу къыфэуфэрэп. Къыубытын шlошlэу зэмыусагъэ щыlэп. Рестораным нэlуасэ къыщыфэхъугъэгъэ Бэрэкъэт Емзэщи лlыгъэ зыхэлъ кlалэп: нахьыпэм зэрашlыщтыгъэм фэдэу зэкlиуlапlэу фэхьышъурэп. Хэт щыщми, ыlуагъ Сэбэхь, унагъо ихьэгъагъэмэ, иlахьылмэ яlэшlугъэ зыфэдэр къыгурыlоныгъэкlи мэхъу, зыхэхьагъэмэ ащыукlытэнкlи къэнэнэп. Кlэлэ шъхьащытхъужь бетэмалым тыгъуасэ къысиlуагъэр гъэшlэгъоны: урятэшъ, lизын къысэоты шъхьакlэ, пшъэшъэ хьыным пшъхьэ уфизымыгъэтыщт илъэс пчъагъэ къыкlэлъыкlощт. Къыпфаеу къыбдежьэныр зэкlэми анахьышlу... Тэри ары тызфаер шъхьакlэ, о зэрэпlоу дунаим щыхъущтыгъэмэ. Сыд ифэмыфыгъэми а кlалэр пыдзы пшlы хъущтэп, къеу-еони ащ къыфэнэжьынкlэ сенэгуе. Ашъыу, зи тэзымыгъашlэу тапэ къинагъэр Чэташlэмэ якlэлэжъ ары!..

Зыдежьэгъэ лъэныкъомкlэ щынагъо горэ къыщыпэгъокlыгъэм фэдэу Сэбэхь кlэкlэу къыгъэзагъ. Арэу унэм шlэхэу къэкlожьыныр къыримыгъэкlоу хы lушъо лъэныкъомкlэ рекlокlыгъ. Чlы хэlэтыкlыгъэм зыдэкlуаем плъэгъу имыфэзэ, хыор уалъэмэ тыркуе нэпкъыр ыгу къагъэкlыжьыгъ. Истамбул къызыкlокlэ тхьапшрэ Сэбэхь хы нэпкъым тетэу къызщыхъугъэ лъэныкъомкlэ къаплъэщтыгъ. Къухьэу къыlусыкlрэм пэпчъ игухэлъ кlэхъопс кlэлъигъаплъэщтыгъэ. Джы мары сыкъэкlожьыгъ... Сыд сыкъэкlожьыгъэкlэ, Болэтым къызэрэсихъоныгъэу, янэрэ ыпхъурэ зэкlэрысчыгъэ. Сымыделэмэ, сыжъугъапкl сlомэ сялъэlузэ, колхоз правление утыгум сихьаныя?.. Икъущт къыщысlогъэ кортыр, зызгъэцlыкlугъ, лъэгукlэтын зязгъэшlыгъ. Сыд фэдиз шъхьащэ афэсшlыгъэми, ащ пае агу шъабэ къысфэхъугъэп, акlыб къысфамыгъазэмэ, анэгу сыкlагъаплъэрэп. Сизакъоу сыщысми,



ерагъэу сэлам къахыни блэкlыщтых нахь, сыдэу ущыт, сыд уищыlакl аlоу къыскlэрыхьащтхэп.

Пчэдыжь тыгъэу къэплъырэм бгъукlэ фыщысэу хым Сэбэхь хэплъэ. Хыорхэр зэлъыкlо-зэлъычъэхэу къэсхэшъ, нэпкъым щызэбгырэтэкъух, къыдэзэрэфыех. Къуашъо гори чыжьэкlэ щесэу къэлъагъо. Сэбэхь зэплъэм, чlы хэlэтыкlыгъэм тетэу лlыжъ горэ къакlоу ылъэгъугъ. Мэщфэшlу Ахьмэд ары. Гъусэ горэ зэригъотыщтым пае Сэбэхь гушlуагъэ. Мы лlыжъым, ыlуагъ, игугъу шlукlэ чылэм щашlы, чылэм щымыщми, егъашlэм дэсыгъэм фэдэу захигъэзэгъагъ. Сэбэхь ылъэгъугъэм ыгу къыгъэушкъоигъ: зыдэщысым къэсынкlэ бэ къэмынэжьыгъэу ыгъази, чlы хэlэтыкlыгъэм ехыжьыгъ. Хэхэсым мор къысишlэмэ, чылэм щыщмэ сыд къысфашlэнэу сызэрэщыгугъырэр?.. Мы шъузмэ аlорэм уедэlу хъущтэп, сыд пае сыкъыдэкlи, lоф зыхэсыдзэжьыгъ. Рэхьат-рэхьатэу сичъыг чlэгъыжъ сычlэсыгъэмэ нахьышlугъ. Мы сызхаплъэхэрэр сызэрэмыгугъагъэу къычlэкlых.

Сэбэхь унэмкlэ къежьэжьыгъ. Шъхьакlом есты. Зыгорэм егупшысэгъэн фае нахь, хъущтэп мы тичылэ дэсыкlэ. Хэти натlэкlэ къытфычlэплъыныр нэгуихыгъэм ыпэ къырегъэшъы. Сыд шъосшlагъ?.. Шъуичэм пакlо, шъуишкlэ згъэтэджыгъэп. Сиягъэ зэкlыгъэмэ зыкъызэрэсфамышlэу, зэмыкlыгъэмэ зыкъысфашlы. Плъэгъурэба, Дударыкъоми зычlигъэожьыгъ. Хьэпакlэри ары. Кlо, мы блэкlыгъэ мазэр помидор щэгъути, зи сlуагъэп. Джыры? Джы хэт зыlыгъхэр?

Цlацlэмэ, ыгукlэ зистыжьзэ, Сэбэхь унэм къэкlожьы. Урам къэгъэзэгъум къызкъокlым, якъэлэпчъэжъые тетlысхьапlэм Темыркъан тесэу ылъэгъугъ. Адрэмэ афэдэу ори тэджи, lукlыжь!.. Сэбэхь адрэ урамыбгъу чэу лъапсэмкlэ зидзыгъ.

– Сэбэхь,– аущтэу Шэныбэм зыкlишlыгъэр Темыркъан къыгурыlуагъэу щхыпцlи, джагъэ,– къыохъулlагъэр сыда сэlо?

– Сыд къысэхъулlэн, Дударыкъор, шъукъызэрэздэуджэу сыжъудэуджыжьы,– Сэбэхь ынапlэхэр хьылъэу къыlэтхи, къэплъагъ.

– Пlохэрэр сшlэрэп джы... Моу къакlуи, къэтlыс.

– Ар оІомэ, сыкъэтІысын,– Сэбэхь игопэкІаеу, ау къызхимыгъэщэу игъогу къыдэхыгъ,– ау сІуагъэм шъыпкъэ хэлъ. Ори ошІэ ар сэзгъэаІорэр…

– Ащыгъум, Шэныбэр, сэркІэ узафэп.

– Сымызафэми, кІо, упсаоу-уузынчъэу дунаим утетмэ ары…

– Сыдэсыгъэп, Сэбэхь. ПшІошъ гъэхъу…– Темыркъан пцІы къыусми, ынэ мыущакоу къыІуагъ.– КъызгурэІо, загъори тыкъыпфыкъокІынэу къыттефэ шъхьакІэ, пшІэрэба, тфэгъэхъурэп… Олахьэ, шъыпкъэр пІощтмэ, ныоми зытІо-зыщэ къысиІокІыгъэм, непэ-неущым тыхэт.

– КъызгурэІо, лэжьэгъу маф…

– Сэбэхь, зыгорэм угу хигъэкІыгъэкІэ сенэгуе?

– Сыгу хэзымыгъэкІрэ щыІэжьа сэ…

– Олахьэ мыхъун ар…

– МэщфэшІу Ахьмэд нахь мыхъурэми, Темыркъан, моу джыдэдэм къысишІагъэр ошІа,– ыгу зэрэхэкІрэр къырыпшІэу Сэбэхь къыІуагъ,– о-уи-уиу, ащи есшІагъэр сыда!.. Хэхэсыр ежьыр пэтзэ, хэхэсынэкІэ къысэплъыгъ. Хы нэпкъым сытетэу къакІоу зысэлъэгъум, тыгущыІэн сІуи, сыгушІуагъ. СыкъызешІэм, къэсынкІэ лъэбэкъу заулэ къэнэжьыгъэу сэламынчъэу дэхыгъ!..

– Ашъыу ар хъунэп!..

– Джары къысишІагъэр, Темыркъан!.. О ЧэташІэмэ ячэу къуапэ укъакІорэп оІошъ, сыогъэмысэ. Сыдэущтэу сыкъыІухьащт моущтэу къысфыщытхэу?.. ЧэташІэм, Болэтым сапылъэп, МэщфэшІур ары згъэшІагъорэр. Хымахьэр къихьи унахьэр рифыгъ зыфаІорэм фэд!..

– УзэргущыІэрэр сыдкІэ былым…– Темыркъан игукъао къыдэоягъ.– Хымэ хэгъэгу тыкъызэримыкІыжьыгъэ пэтзэ, тиІэр анэ кІаоу тэри ахэр къытфыщытых. Сыда чыжьэу узкІэкІожьыщтыр, кІэлэ нахьыжъыр, хагъэукъуи загъэтІысым, къышъохъуліагъэр тхьамыкІагъу аІоу зы нэбгыри ушъыякІо тиунэ къихьагъэп. Мары олъэгъу, Болэтымрэ сэрырэ егъашІэм тызэрэзэфыщытыр, Іулъхьэр тІу зэфэтшІэу, нахьыбэрэ сэ фэсщэеу къэсхьыгъ, зэ нахь къыкІэупчІагъэп, ари тигъэмысагъ нахь, къытэушъыигъэп. Адрэ ЧэтэшІэ Шумафи ащ нахьышІуа?.. Ныбджэгъум ицІыфыгъэ къызщынафэрэр чІыпІэ къин уифэмэ ары. Ныбджэгъу, шъэогъу, гъунэгъу, гъончэдж щыІэжьа джы!.. Мыдэ, ар Іофэп. О уипсаунygъэкІэ сыдэу ущыт?

– Уезэгъыщт, Темыркъан,– ыгу зэрэузрэр Сэбэхь ыушъэфыгъ,– зэгорэм къитымыдзэщтыгъэ псаунygъэу тиІагъэр тэ къитхыжьын. Доктормэ зэраІоу, къэдгъэшІэгъэ ныбжьым елъытыгъэу тэпсэу.

– Ари тэрэз. Адэ, Сэбэхь, сыд къэбар?

– Цlыфмэ зыкъытщадзыеу сыд къэбар ущыгъозэн…

– Ащыгъум, Шэныбэр, къэбарэу щыІэр пшІэрэп…

– Сыд къэбар? – Сэбэхь къэгуззэжъуагъ.

– МэфакІом тхьамэтагъор етыжьы.

– Хэт зэритрэр?

– ЧэтэшІэ Биназ аІуагъ…

– Арэп, Темыркъан, колхоз тхьамэтэныр ЧэташІэмэ къадалъфыгъа сэІо?..

– Тэ къытэупчІыжьхэрэп нахь, сэри ары сІорэр… Ау ащ бырсыр къикІынкІэ сенэгуе…– Темыркъан щхыпцІыгъэ.– Нычхьапэ Хьамырзэр къэкІожьы аІуагъ…

– Зымафэба ар санаторием зыкІуагъэр?

– Къэтышъугъэпщтын…

– Ежь МэфакІом сыд ышІэщт?

– Директорэу школым макІо.

– Олахьэ, Темыркъан, къэбар гъэшІэгъонхэр къысфэпІотагъэхэм,– Сэбэхь сэмэгу ІэгушъомкІэ ыІупашъо рыкІуагъ.– ЧэтэшІэ парткомым ычІыпІэ хэт рагъэхьащт?

– Шъыпкъэм уфаемэ, Сэбэхь, джары сызымыгъэпахэрэр…– Темыркъан ыгу къыдеІэу щхын ихьисапыгъ, шъхьакІэ, фыкІэщышъугъэп.– НэкІэу зэрэщамыгъэтыщтым сыщыгъуаз… Щызэпеохэуи, щызэрэшххэуи къэплъэгъужьын.

– Ащыгъум Болэтыр партком арэшІ.

– ШІоІэшІоу ухэплъагъа?

– ГъэсэпэтхыдэкІэ Іазэ, зэкІэри егъасэ.

– ИІоф зыхэмылъым ибэлагъ хисэу ара?..

Сыда шъуІуа мыщи Болэтыр зыкІимышІур, Темыркъан ыІуагъ. Заом тызэдыІут зэхъум, мыщ нахьи сэ нахьыбэрэ Къасымэ къызжэхэтыгъ. Шэныбэр къызауІэм, непэ фэдэу къэсэшІэжьы, ыІэ сэмэгу зэрэуІагъэ пэтзэ, заом къыІуихыжьи, плІэІукІэ санбатым къыхьыжьыгъагъ. Гъэры тызэхъуми, сэщ нахьи Шэныбэм нахь ицыхьэ те-

лъыгъ. ЧэтэшIэ Шумафэ ащ фэдэ фиIогъагъэмэ, зыуи къысщыхъуныеп: къызхамыгъэщми, агукIэ зэрэзэфэмышIухэм сащыгъозагъ. Джы къызнэсыгъэми ажэ зэфагъазэу зэдэгущыIагъэхэп. Щэджэгъо плъырым натрыф пкIэным тыкъызхэкIыкIэ, зыщызэIумыплъэщт къогъу пэкIэ зырызхэм ащытIысыщтыгъэх. Пчэдыжьрэ губгъом машинэкIэ тыдащы зыхъурэм, акIыб зэфагъэзагъэу зэдисых. Олахьэ гъэшIэгъоным Шэныбэм икъэгущыIакIэ. КъебгъаIомэ, мы сызхаплъэрэр къызэкIоцIыкIынэу щыт. КIо, тыгубжымэ Болэтым фэгъэхьыгъэу зыгорэ тэIо шъхьакIэ, мышIапхъэ ышIагъэуи, ыIуагъэуи еслъэгъулIагъэп... ГумэкIыл, шIушIал пIуагъэмэ, къыбдезгъэштэныгъи. ЦIыфым имыхьакъ теплъхьэ хъущтэп.

– Парткомым Болэт Къасымэ тегъахьи, укъигъэукIытэжьынэп. Ныбжьыр умыIощтэу, гъэсэныгъэ тIэкIу иIагъэмэ, партком дэгъу Болэтыр хъущтыгъэм. Ащ тхьэм фэдэу зафэу, цIыкIуи, ини изэфэдэу, псынэкIэчъыр зигукъэбзагъэр ары тетын фаер...

– Ащ фэдэ тыдэ къиох джы.

– Боу ащ фэдэ Iаджи къыпфэспчъын: ЧэтэшIэ Ибрахьим, Болэт Къасым, Мэджэс Ахъмэт, Ордэн Заудин, ЧэтэшIэ Шумафэ игугъу къэсымышIми, ыкъо ЧэтэшIэ Биназ ащ ычIыпIэ изгъэхьан, Былымгъот Курац, Хьасэнэ Нысэдах, джы уишъуз Сафяти ягъусэу, Былымгъот Мурат, джы сэлам къыозымыхыгъэ МэщфэшIу Ахьмэд ыкъомэ апэ зэритэу... О-уи-уиу, макIа ащ фэдэу зыцIэ къепIонэу ДэхапIэ дэсыр, щэкIэ гъэпскIыгъэхи ахэр... Сщыгъупшэжьыгъи, джа ппхъу Лими ары...

– Лимэ пае аущтэу зыкIапIорэр сшIэрэп нахь...– Сэбэхь зэхихрэр игуапэу, ау ыпхъу къызэрэфыщытыр шIогукъаоу гущыIэр Iэпихи, къыфэухышъугъэп.

Арэп, Сэбэхь ыIуагъ, сыдэущтэу Дударыкъор къэгущыIэра сэIо. Къырегъажьэшъ, сегъэIорыжъоры. Ашъыу дэгъу, дэгъу. Сэра зыгу шIу имылъыр? Аущтэу сыщымытыгъэмэ, къэзгъэзэжьыныеп. Зыжъугъатхъ, шъо шъутхъэмэ, сэра къыжъудэмытхъэщтыр!.. Ау къыдырекIо-дырекIожьэу сиунагъо укъынэмыс. Сиунэ исми игукъэбзагъэ зыфэдэр сымышIэу щытэп. Джа пшъэшъэжъыеми зызэришI дэдэу щытэп. ЗыпIугъэмэ ащэукIы-



тэшъ, сыгу ебгъэрэп. Ары, ары, ДэхэпIэ чылэшхом сэщ нэмыкI цIыф дэй дэсэп. Сыдэу сшIын, зэрэхэгъуашъхьэу сэ закъор ары къыдэкIыгъэр... Шъо зэкIэми, щынэ шъумышIэу, лIыхъужъыныгъэ заом щызешъухьагъ... Шъутыгъоми, шъуагъэтIысми, шъукъыдагъэкIыжьми мэхъу!.. Сэ зыр ары егъэшIэрэ тамыгъэ зытедзэгъэщтыр... Тэрэзэу сигъусэгъэ дагъыстан кIалэм къысиIощтыгъ: узыкIожьрэм, чылэм удэмыс, къыбдашIэрэр цIыфмэ къыуамыхъонынэу чIыпIэр хъожьы... БгъэгучIэм чIиушъафэщтыгъэр ошIэ-дэмышIэу нафэ Сэбэхь къызфэхъум, ыгу къыпиIонтIыкIыгъ. Сыд фэдэу псэу шIоигъуагъэми, зэнэгуерэм Iофыр IокIэ. Уахътэ тешIэ къэсми, удэмыс еIошъ, гум къырeIо. Тэрэз, тэрэз, мы сызхаплъэрэ чылэм узхагъэсыщтэп, хэхэсым ешIушIэх, ащыщыр зыхафы. Шъузым ыдэщтмэ сшIэрэп нахь, Мыекъуапэ унэ цIыкIу горэ щызгъотыгъэмэ, сщэфыщтыгъэ. Ахъщэ тIэкIоу къысфызэблахъужьыгъэм къыхьынэп ар... Унэмрэ хапIэмрэ тщэми, зы куп кIэтхын. Аущтэу тыпсэумэ, пшъэшъэжъыеми нахь тыпэгъунэгъун. Мы къыддэхьащхырэ купми ашIэщт дэдэр пшъэшъэжъыемкIи язгъэшIэн.

– Дэгъоу тыщысыгъ, тыгущыIагъ,– Сэбэхь къызэтэджыжьым, Темыркъани къыIогъэ шIагъо щыIэп.

Унэм къызэкIожьым, ДэхэпIэ къэбархэр Сафят риIотагъэх. Зэдырагъаштэзэ, тIуми зэдагъэшIэгъуагъ. Щэджэгъуашхэм пэтIысхьафэкIэ Сэбэхь гухэлъэу ышIыгъэм ышъхьэ къырихыгъэп. ЗэIуплъэмэ зэщыгушIукIхэу заулэрэ щысыгъэхэу Сэбэхь къыхигъэпсыгъ:

– Мыекъуапэ дгъэзэжьыгъэмэ...

– Сыдэущтэу? – Сафят къыгурыIуагъэп.

– ПсэупIэкIэ...

– Алахьэм ерэмыд сызщыщмэ сахэкIыжьэу...– Сафят къызIуипхъотыгъ, етIанэ лIэу кIыфыбзэ хъурэм зеплъым, Лими ыгу къэкIэу, зэрэхъурэр ымышIэу, къыIуагъ.– А сшIэгущэрэп, Сэбэхь...

МулиIэт щагум дэтти, къэджэгъэ лIым пэгъокIыгъ:

– Къеблагъэба, Долэтыкъу.

– Сыкъеблэгъэщтэп... МэфакIор исба?

– Мары, джыдэд.

– Укъыдагъахьэрэба, Хьамырзэр?..– Рэщыдэ мыгузажъоу, къыlухьагъэр зэрэгубжыгъэр ышlэу, унэм къикlыгъ.– Къакlо, къеблагъ...

– Зыфеблагъэхэрэм уафэдэпышъ, Мэфакlор, къыосlонэу санаторием сыкъикlыжьыгъ!..– губжыгъанэкlэ къэлапчъэм Долэтыкъо къышъхьапырыджыкlыгъ.

– Ашъыу, lофы зебгъэшlэу, ащ пае мощ нэс укъикlыжьын фэягъэп!.. Зыфэтымышlэрэм тышlоцlыфэп...– Мэфакlом ымакъэ мыlэтыгъэу щхыпцlыгъэ. Дысым дыс фидзыжьыгъ. – Къаlо уилъэгъун мыучъыlыжьзэ!..

– Ощ фэдэ цlыфэп уцогъу ашlрэр!..– Долэтыкъо ынэхэр къиlыдыкlыгъэх.– Бдэсшlэрэ купыр шlэхышlоу пщыгъупшагъ?! Птыкъын къыщызэкъуагъэлъэдэщт кlапсэр зэрэлъэтlэнычъэщтыр пшlэрэба?! Джыдэдэм Таймэзым дэжь сэкlо!..

– О зэмышlэжьрэр, Хьамырзэр, къысэпшlэн плъэкlыщтэпышъ, ар зы,– зигъази lукlыжьыгъэм Мэфакlор лъыджагъ,– ятlонэрэмкlэ, нычхьапэ, мэзахэ хъужьыгъэу, укlоныр кlэсаlокlэ сенэгуе!..

## XLIII

Чэташlэмэ ячэу къуапэ лlыжъ куп щызэхэс. Гъэмафэмрэ бжыхьэмрэ азыфагу мэкъумэщышlэмкlэ lофынчъэ мэфэ заулэ къыдэфэ. Хьэр, коцыр, зэнтхъыр lуахыжьыгъ, лэжьыгъэпкъри ажъожьыгъ. Зигъо къэмысыгъэр – семчыкыр, натрыфыр, чlыплъыр. Непэ ащ фэдэ лъэхъаныгъэти, цlыфхэр чылэм нахь дэолъагъох. Дэхэпlэ лlыжъхэм ар ямыпхыгъагъэми, натрыф lухыжьыгъом ежэх. Унэгъо щагуми лlыжъ lоф шlагъо зэдэмылъкlэ, сыд пае Чэташlэмэ ячэу къуапэ умыкlоу шъхьэзэкъо нацlэу уикъэлапчъэ уlусын!..

Тыгъуаси, тыгъоснахьыпи, гъэреклlуи, гъэреклlопагъи фэдэу непи Чэтэшlэ Ибрахьимэ лlыжъ куп къегъэтlысэкlыгъ. Жъы хъурэр тхыдэ баlо, уемыдэlумэ зегъэгусэ зыlуагъэм нахь тефэу ыlуагъэпщтын. Загъори зэфэгубжых, зым къыlуагъэр адрэм риутыжьэуи къыхэкlы, зыщагъэтэрэзыжьри макlэп. Ау сыд аlуагъэу, ашlагъэми Чэтэшlэ Ибрахьимэ зэрэщысым зэкlэ къеубыты.



Жъыгъом сыд фэдиз къылъэгъугъэу иlушыгъэми, уахътэр къытекlо, зэрэфаеу гукъэкlыжьхэр зэбгыреххэшъ, къэшlэжьгъуаеу, къызкъопхыныр къыуигъэхьылъэкlэу, илъэс къуапэмэ акъуегъэбылъыхьэ. Гъэрекlо елъытыгъэмэ, зэрэсымэджагъэм изэрар къэкlуагъ. Ибрахьимэ игукъэкlыжьхэр мыгъэ нахь макlэ зэрэхъугъэр щысмэ ямызакъоу ежьыри зыдешlэжьы. Аущтэу щытми, зы къэбар-къэбаритlу горэ къахимылъхьэу мэфэ тlысыгъо блигъэкlрэп.

– Джары, Ибрахь,– Темыркъан къыlуагъ,– Бинази тхьаматэу къэплъэгъужьыгъ. Ари шыкур, зымыуасэ щыlэп.

– Ащ зи бгъэшlэгъон хэлъэп, Дударыкъор,– шъхьэр ыгъэсысызэ Ибрахьимэ джэуап къытыжьыгъ, етlанэ щхыпцlи, къыпигъэхъожьыгъ,– згъэшlэгъоныгъи ежь хэкlыгъэ горэ тхьаматэ ашlыгъэу къэслъэгъужьыгъэмэ. Е дунай, дунэе хьаф, сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ, кlэлэгъур уигъогу зэхэкlэу, жъыгъор уигъогу мэзахэми, дунай дахэ тытет. Тятэжъмэ пкlыхькlэ алъэгъоу пшысэу зэхалъхьэщтыгъэхэр нафэ тфэхъугъ. Дунаир мамырыщтмэ, бэ джыри тицlыкlумэ алъэгъунэу къапыщылъыр. Мо аргъоилъэ темэныр хычlэ хъунри хэт зышlагъэр? Еплъ джы, хыр мэуалъэ: пынджыр къырагъакlэ, пцэжъыер щахъу, фаемэ Пшызэ зырагъэгъэцlыкlу, фаемэ зырагъэгъэушъомбгъу. Бэ цlыфым ыlэ къихьан ылъэкlыщтыр, ыгу къэкlыгъэу ымышlэн щыlэп. Арэп, Темыркъан, шъыпкъа пцэжъые къэрэгъулэмэ Шэныбэр зэрахахьэрэр?

– Ащ фэдэ къэбар, Ибрахьим, сшlэрэп,– Темыркъан псынкlэу джэуап къытыжьи, мы щысмэ ялыягъэу сыда ащкlэ укъызфысэупчlырэр, ыlуагъ,– Олахьэ бэшlагъэм Шэныбэр зысымылъэгъужьрэр... Джа пкlэныгъом зыкъызэрэтхищытlэгъэгъэ уж сытеплъэжьыгъэп. Ау сэ ащкlэ зэхэсхыгъэр нэмыкl – псэуплэкlэ Мыекъуапэ кlожьэу ары. Унэ цlыкlу горэ щищэфы шlоигъу.

– Фаеп ара къытхэсынэу?..– Къасымэ къэупчlагъ.– Ыгу къытэбгъэ, ара?..

– Ар дэдэу ыlорэпщтын. Ау етlани дэкlыжьы шlоигъу аlуагъ...– зэрэщыгъуазэр Темыркъан къыхигъэщынэу фэягъэп.– Хэт ышlэра мощ ыгу илъыр, непэ ыlорэр неущ ыlожьрэп, мафэ пэпчъ къэбарыкlэ къетlупщы. Тызилъэ-

гъукӀэ, къехъулӀагъэр шӀошъхьакӀощтын, гукӀэ зестыжьы, зешхыжьы…

– ШъхьэзэкъошӀукӀэ узхэтмэ зызахэбгъэзыкӀэ,– МэщфэшӀуми къыӀуагъ,– ащ нэмыкӀи къыохъулӀэщт…

– Модэ, Ибрахьим,– Темыркъан зэхихрэр ыгъэшӀагъоу, Шэныбэм зызэрэщидзыери щыгъупшэжьыгъэу къыхэкуукӀыгъ,– МэщфэшӀум ыӀорэр!.. Чылэр зыдакӀорэм мыкӀоу, ащыгъум ежь псэупӀэкӀэ ДэхапӀэ къэкӀожьыгъ…

– Арэп, Дударыкъор,– зэхихыгъэр Къасымэ ыгу рихьыгъэп,– сыоплъышъ, Ӏушыгъэ нэмыкӀ пхэслъагъорэп, пӀохэрэр сыд илӀэужыгъу!.. МэщфэшӀу Ахьмэдрэ Шэныбэ Сэбэхьрэ сыдэу зэбгъэпшэшъура? Уиакъыл къымыхьэу ар сшӀошъ хъунэп. МэщфэшӀур зыхэсыгъэ хьаблэр ДэхапӀэ къызэрэкощыжьыгъэм ущымыгъуазэ фэдэу, пӀорэм лъапсэ имыӀэу огущыӀэ. Шэныбэр зыкӀэхъопсырэр зыщамышӀэрэ чыпӀ, тыдэ кӀуагъэми ежь зызшӀуигъэбылъыжьын ылъэкӀыщтэп.

– Олахьэ, Болэтыр, ари тэрэзым.

– Тэрэзмэ ащ егупшыс нахь, МэщфэшӀум емыгъапш.

– Ы-ы, Ахьмэд, олахьэ ащ фэдэ гухэлъи симыӀагъ сэ, угу къысэмыгъабгъ…– зырагъэуцуалӀэкӀэ Темыркъан, зэрихабзэу, кӀилъэшъужьэу ригъэжьагъ, щхы фэдэу зишӀыгъ шъхьакӀэ, ыкъо загъэтӀысыгъэ уж ынэкӀушъхьэкухэр сысыжьышъущтыгъэхэп.– КъуитфыкӀэ колхозыр бгъэбаигъэ, лӀитфыкӀэ ДэхапӀэ шъо къытырябгъэштагъ!.. Тэрэзэу, Ибрахьим, сэгущыӀэба?..

– Уагъэтэрэзыжьмэ лӀы охъужьы…

– Адэ, Ибрахь, хьаулыеу Болэтыр сэгъэшъэогъуа?..

– ТитӀу язэу агъэшъэогъурэр сшӀэрэп…– Къасыми щхыпцӀыгъэ.– Дударыкъор бгъэтэрэзыжь-умыгъэтэрэзыжькӀэ, Ибрахьим, ыгу имылъ къыфаӀорэп. Шэн дэгъу иӀэшъ, сыд епӀоу бгъэтэрэзыжьыгъэкӀи, дэгъу ыӀощт нахь, ыгу къыобгъэщтэп. Пцэжъыем фэд, къэуубытыгъ пӀозэ, пӀэкӀэцӀэнлъы…

– ШӀушӀагъэ къыпфызиӀэм ыгу хэгъэкӀыгъуай.– Темыркъан джыри щхыгъэ.– ХьэпакӀэм шӀушӀагъэ къолъэпышъ, ащ фэдэ сфеӀошъущтэп!.. Шъыпкъэба, Аслъанбэч? ШӀу къыпфишӀэпэнэу ежьагъэкӀи, ХьапакӀэм имото-



цикл кушъоджанэ уитӀысхьан плъэкӀыщтэп. Сыд пӀони, ебз закӀэу, пшъхьэ пӀыеу уитӀысхьащт.

– Аущтэу щытми, Дударыкъор, пкӀи, шъхьи хэмылъэу ебз кухьищ къыпфырысщагъ,– сыд фэдизэу есэмэркъэугъэхэми, губж зымышӀэрэ Аслъанбэч мыгузэжъуахэу къепэбжъэожьыгъ.– Армэ узхэхьагъэр ыуасэ пӀысхыжьыщт.

– Мыдэ мыщ ыӀорэр? Ебзым уасэ лъата?..

– Лъамытми,– Къасымэ къахэгущыӀагъ,– Шэныбэр зыдэкӀожьрэ къалэм щаты аӀуагъ…

Апэ зыреӀом Сафят къытени, ятӀонэрэ мафэм кӀэгъожьыгъагъэми, пхъум дэжь къэкӀогъэ ушъхьагъур иӀэу, Сэбэхь унэ пыут горэм Мыекъуапэ щылъыхъущтыгъ. Сыд фэдэми, унэр ыцӀэу, шъхьэ телъэу, пынджыр хэлъэу, къыкӀэмыщхымэ езэгъыщтыгъэ. Ащ нахьыбэрэ ДэхапӀэ дэсыжьышъущтэп. ЗэкӀэри натӀэкӀэ къыфычӀэплъы, ясэлам, ахъщэ лъатрэм фэдэу, лъапӀэ. Мы цӀыфхэр гъэшӀэгъоных: уамылъэгъуфэ уигугъу ашӀы, къыпкӀэхъопсых, узалъэгъурэм, къэхъугъэр умышӀэу уашӀокӀэщыгъожьэп. Сэры нэмыӀэмэ, а сызхаплъэрэмэ сырящыкӀагъэп. Адэ илъэс тӀокӀым къехъу чылэм удэмысыгъэу, хэт уригъусэжьын, шъузыр шъузы пэтзэ ерагъ.

Гъэмэфэ тыгъэмрэ гукъэо гопэгъумрэ къытыракӀэгъэ пкӀантӀэр натӀэм тырилъэкӀыкӀызэ, унэ щэнхэм якъэбар зэрагъэпкӀырэ пхъэмбгъум Сэбэхь екӀолӀагъ. Нэбгырэ зыщыплӀэу кӀэрытмэ ашъхьэпырыплъыгъ. Ахъщэ уиӀэмэ, пщэфыщтыр хъои. Къэлэмыр къышти, унэмэ яадрес зытӀущ тхылъыпӀэм тыритхагъ. Дэгъу дэдэу узщымыгъозэ къалэмкӀэ ар непэ икъущт ыӀогъэ къодыеу, нитӀур къэушӀункӀи, шъхьэр къэунэзагъ. Джыбэм илъ гууз уцымкӀэ Ӏэбэгъу имыфэу къызэхэфагъ.

ЦӀыфхэр къечъэлӀагъэх. Крайсправкэм ит телефонымкӀэ скоро помощым дэгущыӀэщтыгъэм ымакъи къэӀугъ. Сэбэхь къэнэхъэжьи, ынапӀэ къызызэтырехым, пщагъом хэт фэдэхэу шъхьащытхэр ылъэгъугъэх, зыгорэм ыӀэгушъо ышъхьэ чӀыгум нимыгъэсэу зэриӀыгъри зэхишӀагъ. Ардэдэм ынэку къызэрэушынагъэр ежьыри, къышъхьэщытхэми къагурыӀуагъ.

Щэджэгъо шхэгъути, ординаторскэр нэкIыгъэ. Сымаджэ горэм иIахьыл бзылъфыгъэу къыфэягъэр арымырыгъэмэ, Лими мыщ чIэсыщтыгъэп. ЗэIазэщтыгъэм иIоф зытетыр риIуатэзэ, терапевтмэ ащыщ горэ елбэтэу къэкIонэу приемнэм къиджыкIыгъэх.

Приемнэм Лимэ зехьэм, сымаджэм врач зытIущ шъхьащытыгъ. Медсестрами, зы уколыр имыкъоу, ятIонэрэ уколри егъэхьазыры. Хирургыр IукIоти, Лимэ сымаджэм кIэригъахьэзэ, риIуагъ:

– Мыр шъоры зиер, Лим. Ыгу ары...

Ушхугъэу щылъ сымаджэм Лимэ зэреплъэу ыгу къэушкъоигъ, къызэтемыуцоу сымаджэм кIэрыхьагъ. Зипульс едэIурэр Лимэ зэрятэр цIыф ышIэщтыгъэп. Пульсым икъытео пчъагъэ елъытэфэкIэ Лимэ зыкъишIэжьыгъ. Мыгузажъоу гур зеуплъэкIум, инфаркт ыIуи, диагнозэу ыгъэуцугъэр ежь-ежьырэу зэриIожьыгъэ. Ащ фэдэ сымаджэу больницэм къынагъэсыгъэм рашIэфын фаер зэкIэ рашIи, палатэм зычIагъэгъуалъхьэм, ятэ пае шъхьэм къыфихьэгъагъэмкIэ зэгыижьыгъ. Сыдэущтэу, ыIуагъ, ащ сегупшысэнэу хъугъа?.. Умысымаджэу сысымадж пфэIошъущтэп. ЕтIани мыр гъогум къытыращыгъ. Сэ апэ сызыIоплъэм зыкъызэрэсIуигъэкIэщтым пае аущтэу зишIэу къысщыхъугъ. ЦIыфым темылъхьапхъэмкIэ гуцафэ зэрэфэпшIыщтыр зэуи арэп. Апэрэ мафи, сызIуплъагъэм щегъэжьагъэу, зэрэсымаджэр сшIэ пэтзэ, сыдэущтэу ар шъхьэм къысфихьагъ?.. Нэмыплъыр сыд пае цIыфыгъэм текIон ылъэкIра?..

Шэныбэ Сэбэхь больницэм зычIэфагъэм сыхьат темышIэу, ар Лимэ зэрятэр IофышIэ персоналым имызакъоу, сымаджэмэ анэс ашIагъ. Къэбарэу ятэрэ ыпхъурэ апылъыр, хэти зэрэшIоигъоу, зэтыраIотыкIэу рагъэжьагъ. Хэтрэ врачи къытефэрэр зэришIэу Лимэ зекIощтыгъ. Сымаджэм изытет зэригъашIэу зыщэ-зыплIэ фычIэхьагъ. Апэрэм ятэ ынапIэ къызэтырихи, къеплъыгъ, шъхьэри макIэу къыфигъэсысыгъ. НэпIэ зэтепIуагъэр зэрэсысрэми гу лъитагъ. Шъэбагъэр къебэкIэу риIуагъ:

– Больницэм укъызэрэчIэфагъэм елъытыгъэмэ, бэкIэ уиIоф нахьышIу, зыгъэрэхьат. Щынагъор IэкIыб мэхъу пэт,– Сэбэхь къаплъи, ыIупшIэхэр къэхъублаблэу зыгорэ къыриIонэу ежьагъэти, Лимэ ыдагъэп.– Зи къэпIон ищыкIагъэп, угу умыгъэулэу...

КъызгурыIуагъэр къыригъашIэу Сэбэхь ынапIэ зэтыripIожьыгъэ. Лимэ зэплъэм, Iапэхэр ыгъэхъублаблэхэу Iэр къызэрищэирэр ылъэгъугъ. Сымэджэ хьылъэмэ сыдигъуи зэрядэхэшIэрэ шIыкIэу, Iэр къэзыщэигъэм ыIэпэ чъыIэхэр ыубытыгъэх. Сэбэхь ынэпIэ чIэгъ нэпсыцэр къычIэзи, нэкIушъхьэ кIыфым къырычъагъ. Лимэ къызэплъэкIи, сымаджэр зыгъэрэхьатын укол къыритынэу къыIухьэгъэ медсестрам еIушъэшъагъ.

Лимэ ятэ кIэрысыфэ бэмэ ягупшысэщтыгъ, пкIыхьэми, нафэми ышIэщтыгъэп. Ащыщэу тэрэзыр къыгурыIорэп. Сыда джыдэдэм къэхъурэр? Лыуза? ГукIэгъуа? Уврач зыхъукIэ лыузи, гукIэгъуи, гупытагъи пхэлъын фае. Врач сэнэхьатыр зыфыхэхыгъэр цIыфыр арышъ, ипыий, ишIуи изэфэдэнэу, нэузыр зытырелъхьажьы. ЛимэкIэ хэта ушхугъэу, зыIэ ыIыгъэу ыпашъхьэ илъыр? Ипыя? Ята? Ятэмэ, иIэшIугъэ ымыштэу зыкъызэкIиуIапIи, ны закъори IэкIыб дишIэу, сыда ДэхапIэ къызфыдэкIыжьыгъэр? Лимэ пыйкIэ ятэ емыплъыщтыгъэми, гукIи, псэкIи пэчыжь, адрэ сымаджэхэу загъорэ зыIэ ыIыгъыщтыгъэхэм афэдэп ыпашъхьэ илъыр. Аущтэу зыкIэхъурэр Сэбэхь къырыкIуагъэр зэкIэ Лимэ зэришIэрэр ара шъуIуа? Зымафэ сышъумыгъалI ыIомэ къэлъаIозэ, зиуIагъэ илIыкIыгъэ укIакIор Лимэ ыгу къэкIыжьыгъ. Адэ сыда тучаныр зыхъункIэзэ, лажьэ зимыIэ нэбгыритIур зыукIыгъэм ыгу зыфемыгъуущтыгъэр? Лимэ ыгу къэучъыIэу ригъэжьагъ. Ар укIэкIо-хъункIакIу шъхьакIэ, мыры?.. УкIакIом ышIагъэр нафэ. Мыдрэм ышъхьэ хихьажьи утыгу къиныпIэм хэгъэгур къыринагъ... ЛIыгъэмрэ лIэныгъэмрэ зэрэзэшъхьащыкIрэр зы Iофыгъо закъоп. Ар къыбгурымыIоу лIэныгъэм лIыгъэ щызепхьэшъущтэп.

Iоф хэфэгъэ къодыеп Лимэ. Зэгупшысэн фаеу къыфыкъокIыгъэри, джыри къыфыкъокIын фаеу къэтри бэ. ЦIыфым ищыIэныгъэ имэфэ зэщымыщмэ афэдэу лъэгъомин пчъагъэу зэхэчъых, зэхэлъэдэжьых. Ар къэс шIури, ери къызщыкъоущтыр пшIэрэп. ШIу пшIэу пIозэ, ем ыцыпэ узыщытеуцорэр макIэп.

Джахэмэ Лимэ ягупшысэщтыгъэми шъхьэм илъмэ янэ макъэ зэрэригъэIущтри ащыщ. Ар щымыIэу, изакъоу

къехъулӀагъэм пырикъуцтэп. Сыд ыӀони яни ар риӀоцт? Ар зыгорэу риӀон, арэп Ӏофыр зэлъытыгъэр. Сыдэущтэу нэбгырищым яӀоф неущ хъущт?..

ӀофыгъуитӀу зэшӀуихынэу Лимэ главврачым дэжь кӀуагъэ. Апэрэр, ащ отделением иӀэшъхьэтет зэрэщигъэгъозагъэр имыкъоу, сымаджэр ятэшъ, нэмыкӀ врач рапхынэу езэгъыгъ. Дэхэплэ больницэм джыдэдэм теони, врачэу чӀэсмэ ащыщ горэ, Ордэн Сурэми анахьышӀужь, къыӀуаригъэщэнэу ятӀонэрэмкӀэ елъэӀугъ.

Телефоныр къызытеом Лимэ трубкэр къыпхъотагъ:

– Хэт ар?

– Мерэм,– адыкӀэ трубкэр зыыгъри къэджэжьыгъ.

– Уимафэ шӀу, Мерэм...– сызфэмые дэдэм сыкӀуи сытефагъ, Лимэ ыӀозэ, сэлам рихыгъ. Ардэдэми Лимэ, зэхихыгъэр зэригуапэр къыхэщэу, ынэкӀушъхьэмэ къахихыгъ.– Тхьэуегъэпсэу, Мерэм. Сыдэу шӀэхэу сыкъэпшӀэжьыгъа?.. Сызэрэолъэӏуцтыр ары, зышӀомыгъэхьылъэу мамэ дэжь кӀуи, джыдэдэм Мыекъуапэ зыкъаригъэщэнэу еӀу... Ары, ары, джыдэд, умыгъэщтэу,– тят къыфэмыӀошъоу, ятэ ыцӀэ къыриӀуагъ,– Сэбэхь сымэджэ хьылъэу больницэм къычӀэфагъэшъ, сфеӀу. Да, да. С сердцем, Мерэм... ЗанкӀэу больницэм къерэкӀуалӀ, сыкъежэщт...

Пчыхьэ хъуи, дежурнэмэ анэмыкӀэу, зиӀофшӀэн зыухыгъэ врачхэри, медсестрахэри зэбгырыкӀыжьыгъэх. Ординаторскэм изакъоу, янэ ежэу Лимэ чӀэсыгъ. ТӀогъогогъо Сэбэхь зычӀэлъ палатэмкӀэ кӀуагъэ. Апэрэм чӀэхьагъ, мытӀысэу пӀэкӀор къуапэм уцуи, чъыерэм еплъи, зыкъыримыгъашӀэу къыкӀэрыкӀыжьыгъ. Джыдэд ныӀэп тэрэз-тэрэзэу ятэ ынэгу Лимэ зыкӀэплъагъэр. Ӏэпэ хэгъэуцуапӀэ имыӀэу зэлъагъэ. КӀыхьэу къырыкӀорэ къодыеп, зэхахьэхэшъ, зэхэкӀыжьых. НэчӀэ ушӀуцӀыгъэм дэжь щэкӀодыжьых. НэкӀушъхьэм фэдэп натӀэр. Ащ шъолъырищ рэкӀо, яэзэпэчыжьагъэ зэфэдэкъабз. Шъхьацыр къэраб, пакӀэр – ныкъотхъу. Нэгуми, натӀэми язакъоп зэлъагъэр. Жэпкъ чӀэгъым чӀахьэхэу, къычӀэкӀыжьхэу, пшъэ псыгъори зэдаӀыгъ.

Непэ къыфищэигъэ Ӏэу ыубытыгъагъэри напэм зэрэтекӀрэ щыӀэп. Ӏэхъуамбэмэ анэсыжьэу зэлъагъэх. Ӏэбжъэнэ фэкӀыхьэшъо дахэмэ Лимэ зяплъым, ежь иехэр арых шӀошӀэу щтэуӀоу яплъыжьыгъ. Ӏэбжъанэхэрэп, Ӏэхъуамбэхэри ежь иемэ афэдэх. НатӀэр?.. Зэлъэгъищыр темылъыгъэмэ, ынатӀэ рахи рагъэуцуагъ къышӀошӀыныгъи. Нэпэпкъ зэхэтри ары...

Лимэ ардэдэм ипӀэкӀор шъхьагъ пылъэгъэгъэ сурэтыр ыгу къэкӀыгъ. Ныбжьыр ары умыӀощтмэ зэфэдэкъабзэх. Зэфэдэн адэ, ар зынапэр зы нэбгырэмэ, зыр ныбжьыкӀэгъум итеплъ, адрэр – жъыгъом исурэт. Лимэ ыгу къэбырсырыгъ, пӀэкӀор бармэкъым ыӀэ къыстыгъ пӀонэу ошӀэ-дэмышӀэу къытырипхъоти, ащ нахьыбэрэ щымытыжьышъоу, палатэм къикӀыжьыгъ.

ГумэкӀ-бырсырэу къышъхьарыуагъэр зыщигъэгъупшэн ыӀуи, Лимэ ординаторскэм кӀожьыгъэп. Сыхьатым зеплъым, уахътэр бгъум хэкӀынэу ригъэжьэгъагъ. Мамэ къэсыхэщтмэ, икъэсыгъу ыӀуагъ. Янэ къызэрэмысыгъэр ышӀэ пэтзэ, Лимэ ятӀонэрэ этажым къехыгъ, шъхьангъупчъэмкӀэ больницэ щагум дэплъагъ. КӀэсагъэми, зылъэ тет сымаджэхэр щагум дэсыгъэх. Заулэрэ шъхьангъупчъэм Ӏути, ординаторскэм кӀожьыгъэ. Бэрэ ординаторскэм чӀэсышъугъэп. Сэбэхь зычӀэлъ палатэм Ӏухьагъ шъхьакӀэ, чӀэмыхьэу дежурнэ медсестрам изытеткӀэ еупчӀыгъ, гумэкӀырэп къызреӀом, янэ фэсакъынэу къыгъэзэжьыгъ.

## XLIV

Непэ Долэтыкъо ищысыкӀэкӀэ гухэлъ горэ зэриӀэр Биназ къыгурыӀуагъ. Ау ежь къыримыгъажьэу дэмыгущыӀэнэу рихъухьагъ.

НэбгыритӀум язакъоу кабинетым къызчӀэнэхэм, Долэтыкъо къыӀуагъ:

– Адэ, Биназ, моущтэу чылэм сыдэсыщта?

– Отпускым ущыӀэу ары тэ зэрэтшӀэрэр. Зыми санаторием укъырищыжьыгъэп. Ор-орэу къытебдзи, укъэкӀожьыгъ. Зыгъэпсэф, пцэжъыяшэ кӀо... Отпуск укъызикӀыжьрэм, уиӀоф тытегущыӀэн...

– Сыд пӀони сиӀоф утегущыӀэщт?

– Колхозым иӀофшӀэгъу мафэхэр къызэхэптакъохи, отпуск узэрэкӀуагъэм тытегущыӀэщт.

– Колхозым Iоф имыIэу къыхэкIрэп!..

– Непэ чылэр зыфэлэжьэгъэ илъэсым илэжьыгъэ Iухыжьыгъо маф...

– Санаторием зыкIакIохэрэр пшIэрэба? – рихьыжьэгъэ Iофыр къызэримыкIыщтри, къызэрэшIомыкIыщтри Хьамырзэм къыгурыIуагъэу нахь шъабэу къыIуагъ.– Уз уимыIэу ар къыбгурыIощтэп...

– Усымаджэмэ, Долэтыкъу, зымыгъэхъужь зыми къыуиIорэп,– Бинази ыIорэмкIэ къызэкIэмыкIоу гукIэ нахь шъабэ къэхъугъ.– УздэкIуагъэм мэфищэ нахь укъэтышъугъэп.

– Сыкъэтышъугъэп МэфакIом чIэ иIэпти...

Долэтыкъо исанаторие къикIыжьыкIэ Биназ щымыгъуаззэу щытыгъэп. МэфакIом адэжь цIэцIакIо зэрэкIогъагъэри, риIуагъэмэ анэс ежь Рэщыдэ шъыпкъэм Биназ шIуиушъэфыгъэп. Мэфэ реным, тхьамэтэ кабинетым зычIашIыхьи зэгущыIэхэм, зэраIон икъун агъотыгъ. Тхьамэтагъом дэхэ-дахэу МэфакIор зэрэIукIыжьыщтыгъэ закъорэп ЧэташIэмкIэ тIэтагъэ зыфэхъугъагъэр. ЦIыфым угу фэмышIуми, шIуагъэу хэлъыр, иIушыгъэ къыхьын ылъэкIыщтыр зыщыбгъэгъупшэ хъущтэп. Илъэс пчъагъэм МэфакIомрэ ЧэташIэмрэ Iоф зэдашIэфэкIэ бэ азыфагу къыдэхьагъэр. Дэим инахьыбэр Рэщыдэ ылъэныкъо къикIыщтыгъэми, Биназ щэIагъэ къызхимыгъафэу, къилъэтыгъэ зекIуакIэкIэ зекIуагъэп. Райкомым бзэгу афихьэу къызэрэшIошIыщтыгъэри уахътэм къыушыхьатыгъ.

– МэфакIом чIэ иI-имыIэми сэщ нахь дэгъоу зышIэрэмэ, Долэтыкъу, уащыщ. Ау сапэкIэ тхьамэтагъэм дэйкIэ сытегущыIэнэу сыфаеп. Шъуазыфагу зыгорэ дэлъмэ, шъуикъэрар ыпашъхьэ шъузэдиуцу. Ащ нэмыкI шъузэхишIыкIынэу сшIэрэп. Ау джыри къыосэIо: къызыбгъэзэжьырэм уиотпуск кIуакIэ правлением тызэрэщытегущыIэщтыр зэгъашIэ. УкIон зэхъум, къэошIэжьмэ, ащкIэ сишIошI къыосIогъагъ.

– ЗэрэхъурэмкIэ, кIэгубжыхьажь пшIынышъ, укъызэрэрамыдзэгъагъэр къысфэбгъэгъуштэп...– Долэтыкъо щхыпцIыгъэ.

– Сыд пае, къыпфэсымыгъэгъун къысэпшIагъэп, о зэпшIэжьыгъэ,– Биназ къэлэмыпэр ыгъэчэрэгъузэ къыIуи, къыпидзэжьыгъ.– КолхозымкIэ пшъэ илъ Iофыр зыфэдэр пшIэрэпышъ, джыри зэ ухэдгъэгупшысыхьажьын сэIо.

– Олахьэ, ЧэташIэр, макъэ къызэрэбгъэIугъэмкIэ сигуапэм. ЗэрэхъурэмкIэ, отпускым сыщэIэфэ сызэгупшысэн икъун джыри сиI. Узфаер сэшIэ: МэфакIом сыдэбгъэкIон уихьисап. Армэ узхэхьагъэр, сымыушъэфэу, къыосIон: ЧэташIэмэ колхоз тхьамэтэныр къазэрэдалъфыгъэу агроном шъхьаIэр къыздалъфыгъэп сэ!.. Сидиплом степхыщта?..

– Птесхынэп.

– Сэри ары сIорэр.

– Ау зыхъурэм, отпускым укъызэрекIыжьэу укъыздикIыгъэ хэтэрыкIмэ адэжь агрономэу укIожьынышъ, уидиплом дэтхэгъэ сэнэхьатым урылэжьэщт. Пшхын къырыпхьынэу улэжьэщт къодыеп, колхозым ихэтэрыкIхэр илъэс къэс бгъэбэгъощт. Ар зы. Ешъоныр чIэбдзыжьыщт. Ар тIу.

– Ящэнэрэр?..

– Ящэнэрэми шъэф хэлъэп: специалистмэ язэгъэутэкIын ухэкIыжьыщт!..

– Армэ, ЧэташIэр,– Долэтыкъо губжыгъэу, сыд ыIуагъэми иIоф къызэримыкIыщтыр зыдишIэжьзэ, къэтэджыжьыгъ,– яплIэнэрэр сэри къыосIон. Лъэрыгъым плъапэ ибгъэнэгъэ къодыеу зыуухьаныр шIэхышIоу ебгъэжьагъ, пкIэгъуалэу узэшэсыгъэм узнигъэсыщтыр сшIэрэп нахь!

– СызщымыгугъэрЭ шым сызэрэтемытIысхьэрэр пшIэзэ, къызэрэпIошъурэр? – къыфадзыгъэр лакъырд ымышIэу Биназ щхыгъэ.

– СшIэрэп ныIа, ЧэташIэр...

– УмышIэми, Хьамырзэр, джары Iофыр зытетыр!..

Гъэпсэфыгъом укъызикIыжьрэм тытегущыIэщт Долэтыкъо раIуагъэми, пчэдыжьрэ, пчыхьэрэ наряд тыгъом ахэмысэу къыхэкIыщтыгъэп. МэфакIом илъэхъан зыдэщыс хэбзэгъэ чIыпIэри ыбгынэщтыгъэп. Ау хэлъыгъэмэ ащыщэу хэмылъыжьыгъэр зы: ыжэ псы дэгъэхъуагъэм фэдэу щыс. Биназ ыIорэр, ышIэрэр зэкIэ шIоIэягъэми, къызхигъэщрэп. Колхоз пащэхэр зэгупшысэхэрэм емыгупшысэу, ежь зыгъапэу зэгупшысэрэр

нэмыкI. МэфакIом тхьаматэу зэримыгъэлъэгъуагъэр гухэкIым имызакъоу гууз щыхъугъ. Зыщыгугъыщтыгъэр къыдэмыхъоу агроном шъхьаIэм къыIуагъэкIы. ТхьамыкIагъоба узIукIыгъагъэм къэбгъэзэжьыныр!.. Нахьыпэм къызэрэпфыщытыщтыгъэу район мэкъу-мэщ управлением чIэс ныбджэгъури къыпфыщытыжьэп. ЗыIукIэрэм, Iоф мыухыжь иIэу къырелIо, телефонкIэ зыфытеорэм, зыригъэгъотрэп, Iофы зыригъэшIэу къызиубытрэм, гущыIэ зэпыутыгъэкIэ къыдэгущыIэ нахь, гоу къыфихыгъагъэр дилъэгъужьрэп, мыр сищыкIагъ ыIоу лыкIи, тхъукIи, кIэнкIэкIи къелъэIужьрэп.

Узэлъэпэожьыщт мыжъор уапэкIэ умыдзы джары зыкIаIуагъэр. Сыд пае ЧэташIэр щыхьагъу сшIыщтыгъ?.. Хьакъу зыIорэм пэпчъ уфэхьакъу хъущтэп, ыужым пIэгум укъыранэжьынышъ, пкъырыпкъэу узэпкъырарагъэтхъыщт. Олъэгъуа джы къысэхъулIагъэр: сишIу текIи, сипый къытехьагъ... Хэта, джы митIум яззу сипыйри, сишIури?

Долэтыкъо гъэпсэфыгъор зыщиухыгъэ мафэм Биназ дэжь къэкIуагъ. ХэтэрыкIым зэрэкIожьыщт лъэIу тхылъыпIэри джыбэм илъ.

– Непэ, Биназ, сигъэпсэфыгъо уахътэ сыухыгъэ. Ау арэп уадэжь сыкъызфэкIуагъэр... Зымафэ къысэпIуагъэмэ сягупшысагъ. Сыгу къыобгъэнэу мыхъун къысэпIуагъэп. Мары, хэтэрыкIым сыбгъэкIожьынэуи къэстхыгъ. ЗэхэсэшIыкIы, ищыкIагъэп сисанаторие кIуакIэ правлением ыпашъхьэ къиихьаныр. Аущтэу зэрэщыт пэтзэ, Биназ, лъэIу къыпфысиI, сыкъызэхэпшIыкIмэ сигопэщт... СыкъызэхэмышlыкIми, сыгу къыобгъэщтэп. Къэдгъэшlагъэм фэдиз къэдгъэшIэжьына, къэтымыгъэшIэжьына, тикIалэмэ якъэщэгъу. Джыдэд пIоми, зи къыпысымылъхьэу, сыкъыздыращыгъагъэм сыкIожьыщт. Ау цIыфмэ аIощтым сыщэукIытэ... ПарткомымкIэ, Биназ, сэбгъэгъэзэгъагъэмэ, зесхьашъун фэдэу сызщэгугъыжьы. Илъэс горэм шъукъыскIырыплъмэ, кIо етIанэ сыкъыздикIыгъагъэм згъэззэжьын... ЦIыфмэ нахь сыкъызэхашIыкIынэу къысшIошIы. Мы сыкъызкIэлъэIурэр пшъэ имыфэнэу щытэп, Биназ. Джа зыр къысфашI. ПIорэм сыблэкIынэп, къотэгъу сыпфэхъун. Iофым хэшIыкI фысимыIэу щытэп, къэошIэжьмэ, еджэныр къэуухи, укъызыкIожьыгъэ илъэсым сысекретарыгъ, сэры партием уязгъэштэгъагъэри. Рекомендацие къыозытыгъэмэ сащыщыгъ.

– Сыд пае, Долэтыкъу, къэсымышIэжьын. Рекомендацие къызэрэсэптыгъагъэри сщыгъупшагъэп, сщыгъупшэнэуи къэтэп.

– Пщымыгъупшагъэмэ, Биназ, джары силъэIур...

– Шъхьаихыгъэу укъыздэгущыIагъ, Долэтыкъу, сэри шъхьаихыгъэу сыбдэгущыIэжьын,– Биназ столэу зыIусым къыIутэджыкIи, Долэтыкъо зытес диван къуапэм къыпытIысхьагъ.

– Шъхьаихыгъэ къодыеп, Биназ,– мэкъэ шъэбэ нэгу ихыгъэкIэ Долэтыкъо къэплъагъ,– цыхьэ къыпфэсэшIы, сыпщэгугъы.

– КъызгурэIо, Долэтыкъу... Ау цыхьэ къызэрэсфэпшIырэмкIэ ухэукъо...

– Сыда? – гущыIэ лъапсэр Долэтыкъо къыгурымыIоу къэгузэжъуагъ.– Цыхьэ къыпфэсымышIыщтыгъэмэ, уадэжь сыкъэкIощтыгъэп. Зы мафэп, мэфитIоп сызэрегупшысагъэр. Сыгу сыхимыгъэукъоу уадэжь сыкъищагъ. Цыхьэм цыхьэ ипэгъокI.

– ТитIо тызэрыгущыIэрэр зэфэшъхьафы. ЦыхьэшIэгъукIэ укъызэрэсфэкIуагъэри зэхэсымышIыкIэу арэп. Спшъэ имыфэщтымкIэ укъызэрэлъаIорэр ары зыфасIорэр. НэмыкIыгъэмэ згъэшIэгъоныеп. Тхьаматэм партком ыим исекретарь зэримыгъэнафэрэм ущымыгъуазэмэ зыгорэм фэд.

– Ар сэри къызгурэIо, Биназ...– шъабэу Долэтыкъо джыри къыIуагъ.– КIо, етIани, сикандидатурэ къэбгъэлъэгъуагъэмэ ары зыфасIорэр... О пIорэм къемыдэIун коммунист колхозым хэтэп.

– АщкIэ ухэукъо, Долэтыкъу. Аущтэу щытэу сэшIэми, парткомым исекретарэу узгъэлъэгъошъущтэп. Коммунист горэ къэтэджэу пцIэ къыриIуагъэми, сшъхьэкIэ дезгъэштэшъущтэп. Колхозым ипартком пащэ уфэхъуным фэшI IэнатIэм уфэен закъом къыубытырэп. Ащ уфэеным ыпэ коммунистхэр къыпфай-къыпфэмыеным хэшIыкI фыуиIэмэ нахьышIу. КъэошIэжьа ятIонэрэ илъэсым узэрэхамыдзыжьыгъагъэр?

– Ар сыдигъу зыхъугъэр?.. Зыщыгъупшэжьыгъэри нахьыб...

– Зыщыгъупшэжьыгъэхэр щыІэнхэкІи мэхъу, ау сэ сщыгъупшэжьыгъэп. Сыд пае етІани сыушъэфын, Іэнатіэм къыуишІэрэр сшІэрэп, узэрэщымытыгъэу уехъулІэ. ЦІыфмэ уахэмытэу, уашъхьэрытэу озекІо. Ар имыкъоу групповщинэм упылъ, натІэкІэ зэогъэутэкІых. Ау зыхъурэм уисэнэхьат еуцуалІи, рылажь...

– Олахьэ, Биназ, джыри пхъашэу укъыздэгущыІэм,– Долэтыкъо губжыгъэ хэмылъэу гущыІэр тхьаматэм ІэкІихыгъ,– сэ тхьэ нахь сымышІэу уадэжь сыкъэкІуагъ... ЦІыфым изытет епІомэ нахьышІу... Ащ зи хэсІухьэрэп, мыхъун къысэпІуагъэп. КІо ари мыхъущтмэ, сыкъыздыращыгъагъэм сыкІожьын. Сегупшысэжьыгъэшъ, зэкІэми ар анахьышІукІэ сенэгуе. Помидор, къэбаскъ, нэшэбэгу сІоу псыІушъом сыІусын...

Долэтыкъо игъэшІуабзэ чІэгъэчІэлъыгъэ зынэсрэр ЧэтэшІэ Биназ къыгурымыІоу щытыгъэп. Сыд фэдэу зыкъыфишІыгъэми, фыриІэ еплъыкІэм Биназ икощыкІыгъэп. Къеубзэзэ къызэребэныщтыр Хьамырзэм ынэмэ къышІуаІуатэ...

Бжыхьэ мэзитІу ошІум колхозым иІоф зэкІифагъэ. ЧІыплъми, семчыкми, натрыфми яІухыжьын аухыгъэу, хэлъхьанри гъунапкъэм рафылІагъ. Ноябрэ мэфэкІыр къихьанкІэ, мэфитІу иІэжь.

Къоджэ советым дэжь нэбгырэ заулэ щызэхэт.

Мэджэс Ахъмэт къэси, кур къыгъэуцугъ:

– Сышъоплъышъ, куп шІагъо шъузэхэт,– кум къикІи, сэлам къарихыгъ,– губгъо ІофшІэныр зэкІэшъуфагъэу къычІэкІын...

– Укъытэхъуапса, Ахъмэт? – ащыщ горэ къэупчІи, къыпидзэжьыгъ.– Тхьапшырэ къыотІуагъ мы чэтэхъо фермэм къыІукІыжьи, къытхэхьажь... Модэ, Ахъмэт, кур гъогум тещ, машинэ горэ къэкІо... Таймэзым и «Волгэмэ» сшІэрэп?..

Кум Ахъмэт итІысхьажьыгъо имыфэзэ, машинэр къэси, мыгузажъоу, фэсакъыпэу дэхыгъ.

– Санитарнэ машинэм Таймэзыр рэзекІуа?..– Шоферым гуилъэгъуагъэр шІогъэшІэгъонэу нэмыкІ горэми къыдзыжьыгъ.– Шъулъэгъурэба шоферым гогъэкІагъэр? Шэныбэр больницэм къыращыжьы.



– Шэныбэр «ВолгэкІэ» зэращэу хъугъа джы?

– Шъуемыхъуапс.– Ахъмэт кум итІысхьажьыгъ.– А слъэгъурэм бэ ыгъэшІэжьынэп...

– Хэт шъуІуа къэзщэжьрэр?

– Ыпхъуищтын.

– Къарегъэщэжьы.

– Ащ фэди хъун ылъэкІыщт...

## XLV

ПІальэр къэблагъэ къэсми, Мерэм игумэкІ къыхахъощтыгъэ. Мэфэ зытІущ блэкІыгъэр ары къехьылъэкІыгъапэр. Лъэбэкъоу ыдзыщтым фэмыхьазырэу, ащ щыщынэу арыгъэп. ШІулъэгъоу ЧэтэшІэ Биназ фишІыгъэр непэп, тыгъуасэп фэбэ-фабэу ыбгъэ зыдэлъыр. ЕтІани МерэмкІэ ар ІэшІэхыгъэп. Джэуапынчъэщтыгъэ шІулъэгъум нэпс макІи тыригъэкІодагъэп. ШІулъэгъум ышъхьэ Биназ къызрехми, зэрэхъущтыр Мерэм ымышІэу, нэмыкІ къыхэуакъомэ ыІозэ, тенэгуикІмэ тещыныхьэзэ нычхьапэрэ насып къэкІогъум къынэсыгъ. Джы тэджыни унэм икІын закъор ары къэнэжьыгъэр.

Уинасып упэгъокІыщтми, укъызэрыхъухьэгъэ унэр бгынэгъуае. Сыд фэдиз шІулъэгъу дахэ ышІыгъэми ар къызэмыхьылъэкІыгъэ пшъашъэ къэхъугъэпщтын. Мерэм зыгъэгумэкІыщтыгъэмэ ари ащыщ. Ау ащ нахьи бэкІэ нахь къехьылъэкІыщтыгъэ тІэкІу шІэ къэсми Лимэ ыгу къызэрэкІыщтыгъэр. ДэкІонэу зегъэхьазыр пэтми Лимэ ынэгу къыкІэтаджэ, къехъуапси фэд, къыІощхыпцІи фэд. Мары, джыри Лимэ ыгу къэкІыгъ, шъыгъо щыгъын шІуцІэкІэ фэпагъэу ыпашъхьэ къиуцуагъ. Щыгъын шІуцІэмэ сыдэу дэнэ шъхьэтехъо фыжьыр къямыкІура?.. Ащ изакъоп Іэлъэ пІокІэ фыжьитІуи пылъ, лъэдэкъэ лъэгэ туфлэ фыжьхэми джэхашъом тыраІэтыкІы. ГъэшІэгъоныр зэхихрэр ары: «НасыпышІо охъу, Мерэм... Сэри бэ темышІэу унагъо сихьащт...»

ЗыдэкІо уж щыгъынэу къыфахьыжьыщтхэр зыдилъхьэщтыгъэ пхъуантэм шъхьащыплъызыкІэу Мерэм щыс. ЛимэкІэ, ыІуагъ Мерэм, сызаф. Зи мыхъун есшІагъэп. Биназ тесхыгъэп. Ащ фэдэ гухэлъ сиІагъэп. Сыд пае сыушъэфын, апэрэ мафэм щегъэжьагъэу шІу слъэгъу-

щтыгъ. Сыгу пфилъ есIо пакIо, зыкъысфигъазэу къыздэгущыIэфэ, гуцафэ езгъэшIыгъэп. Ежь Лими сыжэ къызэтесхэу сыдэгущыIагъэп. Адэ, Лим, сыд мыгъор пфэсшIэн, а зымкIэ, ощ фэдэу, сыамалынчъ. КъызгурэIо, ау етIани уинасып зыхэлъыр ори къыпфыкъокIынщтын. Сыфай сэри насыпышIо ухъунэу…

Мерэм ушъыеным хэтзэ къызэкIэщтагъ. СызэрыгущыIэрэр сыда!.. Биназ кIэгъожьэу къэмыкIощтми сшIэрэп. Сэ сыуцугъэшъ, насып згъотыгъахэ пIонэу, нэмыкIмэ яIоф зэсэгъафэ… ПIэлъэ гъэнэфагъэр къэсынкIэ джыри сыхьатым къехъу иIагъэми, машинэ макъэ къэIумэ ыIуи, Мерэм дэIуагъэ. Ау зажэрэр джыри щыIагъэп. Мерэм шъхьангъупчъэр Iуихыгъ. МэфэкI пчыхьэшъхьапэу клубымкIэ щыжъотыщтыгъэр зэпыугъэ. Ноябрэ мэфэкIым фэгъэхьыгъэ торжественнэ зэIукIэр щекIокIы. Ар зэраухэу Биназдэхэр занкIэу Мерэм дэжь къэкIощтых. КъэмыкIохэмэ?..

Нысэдахэ къихьагъ.

– Нычхьэпэ пчыхьэм унэм зипшIыхьажьыгъэу сыда мыщ ипшIыхьэрэр? Клубым тыкIощт аIуи, гъунэгъу пшъэшъэжъыехэр къызыплъехьэхэм, уадэкIон фэягъэ. Цыфмэ уахэхьагъэмэ, унэ жьы кIэуныгъи…

– Непэрэзымафэм, мам, цIыфмэ сахэти…– нычхьапэ гухэлъэу ышIыгъэм янэ зэрэщымыгъуазэр рыхигъэкIуакIэу Iугушlозэ екIуалIи, IаплI рищэкIыгъ, нибжьи имыхэбзагъэу ынэкIушъхьэхэр къызэлъибзэухьагъэх, шъхьац тхъуагъэхэу шъхьатехъор зытезыгъэмэ Iэ ащифагъ.

– Арыгущ, нынэ, больницэм укъикIыжьми зыуагъэгъэпсэфырэп, сымэджэ пстэуми урящыкIагъ, уишIушIагъэ къыпэплъэх.– Нысэдахэ пхъум емыбэужьэу ынэкIушъхьэхэмэ Iэ ащифагъ, адэдэми ошIэ-дэмышIэу къызэкIэщтагъ.– А нынэ, сыда унэкIушъхьитIу зыфэплърэр? Зыгорэ къысшIооушъэфымэ шIэ? Укол хэплъхьанэу Шэныбэм дэжь узэкIом, Сафятышхом угу къыхигъэкIыгъэмэ шIэ?..

Нычхьапэ зэрэдэкIощтыр ным зэрэримыIуагъэмкIэ Мерэм ышъхьэрэ ыгурэ зэбгъэжьыгъэ, хэбзэ гъэшIэгъон тхэлъ ыIуагъ, зищыкIагъэр тыушъэфэу, зимыщыкIагъэр дгъэнафэу. Ежьыри къызхигъэщырэп нахь, емыгуцафэу щытэпщтын. Зэп-тIоп щэфакIо къалэм тызэрэзэдэкIуагъэр, тызэрэмышIэ-тызэрэшIэу сищыкIэгъэщтхэр зэкIэ зэдгъэгъотыгъэх. Зыр имыкъоу къыслъахьыжьыщт щыгъынхэр зыдэлъыщтхэ пхъонтитIури тщэфыгъэ. Насыпэгъу сызфэхъущтым мами фэмыеу щытэп. Мыгъатхэ щыублагъэу егъэмахъулъэ: нахьыпэрэм фэдэу Iогъушэгъу ышIыжьрэп, укIытэр къытекIоу зыщедзые. Бинази къыдишIагъэшъ, джар дэдэр ипэгъокI. Амал иIэу мэфэ щэджагъоу тадэжькIэ къыблэкIыщтэп. Адэ сыдэу сшIын, егъашIэм адыгэмэ ахэлъ шэныр сыдэущтэу сыукъон, дэйми дэгъуми лъэпкъым къыхэкIыгъ.

– Хьау, мам, сыд пае Сафят сыгу хигъэкIын… КъыфэкIожьыгъэ лIым игушIуагъо фэмыухэу сыхэплъагъ. Еплъышъ мэгушIо, мэгушIо пIозэ, мэгъы…

– Ежь Шэныбэм сыдэу зишIра?

– УколкIэ аIыгъым сыдэу зишIын, зэшIос къодый. ГущыIитIу къыIо пэпчъ Лимэ игугъу къешIы. ТIэкIу шIэ къэс дэпкъым пылъэгъэ сурэтым еплъы…

– Арыгущ… Пхъу закъо гущэр ыгу хэпкIагъ…

– ХэпкIагъэмэ, нэмыцмэ заритын фэягъэп!..

– Къэхъущтыр пшIэщтыгъэмэ, сипшъашъ…

– Шэныбэм ыпсэ чылэлIмэ апсэ нахь лъапIэп!..– Мерэм джыри Лимэ ыгу къэкIыгъ, ынэкIушъхьэмэ плъыжьыбзэу къахихыгъ. Илъэс тIокIым ехъу къогъу горэм къосыгъэу къэкIожьи, пшъэшъэ закъор ыгъэунэхъугъ, чылэм дэмылъыгъэ Iори къыдихьагъ…

– А нынэ, Шэныбэм уеIазэу ащ фэдэхэр епIуалIэу…

– СеIазэ, сеIэзэнэу къыстефэшъ.– Мерэм гущыIэ лъапсэр къыгурыIуагъэу ным IэкIихыгъ.– Сыгу филъыр дэсIыгъэу, зы лыузи фысимыIэу къыреутыфэ сеIэзэщт!..– ардэдэм гум къэкIыгъэм Мерэм къызэкIигъэщтагъ. Шэныбэм къымыгъэзэжьыгъэмэ, нычхьэпэрэ гухэлъыр къыздэхъущтгъагъа?.. Адэ джы шIулъэгъу къысфыримыIэу, джау сыдми Биназ садэжькIэ зыкъигъэзагъа?.. Мерэм фэмыIэжэжьэу нэгушъхьаплъыр кIыфыбзэ къэхъугъ. Джы нэс шъхьэм къыфимыхьэщтыгъэ упчIэм пшъашъэм ыпкъышъол къыгъэучъыIэлIагъ.

– О пшъэшъэжъыер, зыгорэ сшIооушъэфы…– ным сыд шIоуушъэфын плъэкIыщт, къеупчIыгъ. Мерэми нахь пытэу, нахь фабэу янэ IаплI рищэкIи, нэпсыцэхэр фэмыIажэхэу, къыщиутагъ, цIыкIужъые чIэхъухьэу янэ ыбгъэ

зычӀидзагъ.– Хъугъэ, сипшъашъ, хъугъэ, нынэ, зэӀун, джырэ фэдэ пчыхьэ гъыхэрэп… Уятэшмэ ядгъэшӀэн фэягъэ… УкъэмыгумэкӀ, алахь зизакъом лъэпэ мафэ унэм рыуегъэдз, узфаер къыбдэхъоу ущегъаӀ,– машинэ макъэхэу къэӀугъэхэмрэ пчъэӀушъхьэ лъэмакъэхэмрэ янэрэ ыпхъурэ зэкӀэращыгъэх, шъузыщэмэ пшъэшъэ унэм зыраримыгъэубытэным фэшӀ гузажъозэ адрэ унэм Нысэдахэ чӀэкӀыжьыгъ.

– Нычхьапэрэпчыхьэм, Сэбэхь, сыда птхырэр?

– Мыра? Дагъыстан ныбджэгъум письмэ фэсэтхы.

– Зэгорэм къытхэхьанэу еӀу. Тхьэм ишыкуркӀэ тызэрэпэгъокӀыни тиӀ. Узэрэмыныбджэгъунчъэри зылъэгъурэмэ къагурыӀон. Уизакъоу узэрэхэмыукъуагъэри ашӀэн.

– Олахьэ, Сафят, сыдэу ари гъэшӀэгъоны, сигухэлъ дэдэр къэпшӀагъ. Пшъэшъэжъыеми ащ нэс ыгу къытфэушъэбын. Мары, мэзитӀум дэхэкӀаеу къыспылъыгъ. Къысшъхьащымытыгъэмэ, сыкъэтэджыжьыщтыгъэп.

– Адэ ары, Сэбэхь… Угу къемыгъау чылэм пшъэшъэжъыем укъызэримыщэжьыгъэмкӀэ. Машинэр къаӀихи, умысысыхэу, узылъэгъурэр къыохъуапсэу укъаригъэщэжьыгъ. Уц дэгъухэри къыситыгъэх. Хьасанэмэ япхъу нычхьапэ къыпхилъхьан ригъэжьагъ.

– Хьау, сыд пае сыгу къеон… Чылэм щызылъэгъущтхэмкӀэ укӀытагъэу къычӀэкӀын. Цӏыфхэр зэкӀэ зэфэдэхэп, о зэрэмыӀоу къызщыхъущтыр нахьыб, бзэгу узыхьыщтри ащ нахь макӀэп.

– Цӏыфхэр зыфэдэхэр, Сэбэхь, боу дэгъоу къызгурыӀуагъ сэ,– Сафят дыригъэштагъ.– Мары, пкӀэнтӀэпскӀэ къэсхьыгъэ орденыр сыбгъэ зэрэхэлъ пэтзэ, нычхьэпэрэ мэфэкӀ зэӀукӀэм къысэджагъэхэп. Президиумым сыхамыгъэсэу зэӀукӀэ ашӀыщтыгъэп.

– Пенсием узэрэщыӀэр арыщтын…

– ГъэрекӀокӀ пенсием сыщыӀагъэба, тхьаматэм имашинэкӀэ саригъэщэгъагъ. Къыпфаехэ зыхъукӀэ, боу шӀэхышӀоу укъагъоты. ОрзанэкӀэ уашӀопсынкӀэу, зи къащымыхъоу удаӀэтае… Ащ ятшӀэн фэягъэр, Сэбэхь, къыосӀон амэ. Сэ сиордени, о уиордени зыхэтлъхьани, тызылъэгъурэм ыгъэшӀагъоу тыкӀон фэягъэ… Тэрэзба?



– Ы-ы? Олахьэ арыгъэм. Ары шъхьакӀэ, сэ сиорден…

– Сыда уиорден?.. Уиорден зыгорэм къышӀоптыгъэугъа?.. УӀагъэу птелъмэ анахь лъапӀа ар!.. КъэошӀэжьа, ууӀагъэу къэбгъэзэжьыгъэу нэмыцмэ чылэм узыдаубытэм, ар зэрэдгъэбылъыгъагъэр?.. Ащ ыужми янэрэ ыпхъурэ тытелъэкӀыхьэзэ уигугъу рытшӀыгъ, ыкӀэм укъыӀудгъэкӀэжьыгъ. Зыми уиорден пӀихыжьыгъэп, уиӀэми зымышӀэрэр нахьыб.

Шэныбэ Сэбэхь 1942-рэ илъэсым ибжыхьапэ ыгу къэкӀыжьыгъ. Дагъыстан ныбджэгъум письмэр фэсэтхы ыӀуагъ шъхьакӀэ, зыфитхыщтыгъэр Чэтэшӏэ Ибрахьим. Письмэм нахьи, етӀысылӀэу, ыгу филъыр зэкӀэ риӀогъагъэмэ нахьышӀугъ. Больницэм чӀэмыфэзэ ащ фэдэ гухэлъ иӀагъэр. Ау неущ ыӀозэ, фимызэу арэп, зэришӀыщтыр ымышӀэу, уахътэр шӀокӀуагъ. ЗэкӀэми анахьэу Сэбэхь зыщыщынэщтыгъэр Ибрахьимэ зыкъызэрэфишӀыщтыр ары. ТӀысыни письмэ фитхыщт. Фай-фэмыеми еджэн, ЧэташӀэмкӀэ зэрэмысэри, зэрэхыери гуригъэӀон.

Мыр джырэп Сэбэхь ыгу къызыкӀыгъагъэр. Илъэс заулэ мэхъу, Тыркуем исэу ары. Ау мощ фэдиз ныбжь зиӀэр лӀэжьынба ыӀомэ зиӀажэзэ, уахътэ тешӀагъ. КъэкӀожьынэу тхылъхэр зэригъэӀуӀу зэхъуми, а гухэлъыр щыгъупшэщтыгъэп. СамыгъэкӀожьыщтми сшӀэрэп, сыд пае пэшӀорыгъэшъэу сызекӀон, ари фэшӀэшъугъэп. Больницэм чӀафи иӀоф дэи зэхъум, нахьышӀуӀо зэрэхъоу джауащтэу зекӀонэу тыриубытагъ.

ПисьмэмкӀэ Сэбэхь ӀофыгъуитӀу рызэшӀуихын ихьисапыгъ: апэрэр – ыгу илъыр Чэтэшӏэ Ибрахьимэ фыриӀотыкӀыщтыгъ, ятӀонэрэр – къызэхишӀыкӀмэ, пхъу закъоу ищыӀэныгъэ зыхэлъым ынапэ къыухъумэнти, зыкӀыб къыфэзгъэзэгъэ кӀалэр джыри къызеригъэплъэкӀын ихьисапыгъ. Апэрэ гушъэбагъэм ятӀонэри къыдэкӀонкӀэ щыгугъыщтыгъ. Ау письмэ ныкъотхымкӀэ ышӀэщтыр ымышӀэу зышӀонэгъагъэр запискэр чӀызэригъэхьэгъэгъэ лӀым икӀодыкӀ. Джар ритхэщтмэ, римытхэщтмэ ышӀэщтыгъэп. ЗитхыкӀэ, ежь-ежьырэу зыкъегъэтӀэсхъэжьы, нэмыцмэ зызэраритыгъагъэм нэмыкӀэу Ӏоф шъхьаф къыпэтаджэ. ЗимытхыкӀэ, а шъэфыр Чэтэшӏэ Ибрахьимэ нэмыкӀ къыдишӀэрэп. Джа лӀым икӀодыкӀэ ыжэ къызэтырихэу Ибрахьимэ цӀыф риӀуагъэп. ИӀоф хэмылъыгъэми ыпкъ къикӀэу,

лажьэ зимыIэ лIыр кIодыгъэу хъугъэ. Джар письмэм зыримытхэкIэ, итым щыщ Ибрахьимэ ышIошъ хъущтэп, зэкIэри хьаулый.

Джыри зэ тыригъэзэжьи, письмэ мыухым Сэбэхь еджэжьыгъ. ШъхьакIо къыщыхъоу ыгу къыпиIонтIыкIыгъ. ТхылъыпIэ ныкъотхыр Iэгум щицIыцIыгъэ къодыеу мыблэгъэ-мычыжьэу нысэщэ орэд макъэ къэIоу зэхихыгъэ. Сафяти шъхьэр къыпхъуати, кIэдэIукIыгъ. Бжыхьэпэ пчыхьэ шъабэм нысэщэ орэдыр шъхьащытэу, шхончыо макъэри дыхэтыжьэу Чэтэшlэ лIэкъо хьаблэмкIэ рекIокIы. Сафят кIыфыбзэ хъугъэу шъхьангъупчъэр Iуихыгъ, гукъэо-шъугъуагъэм хъопсагъоу дыхэтми зыримыгъэшIэжьэу къыIуагъ:

– Тхьа сегъалI, Чэташlэм къымыщагъэмэ...

– Ы-ы? – Сэбэхь къыIуи, ыгу етхъожьыгъ, письмэ цIыцIыгъэри къыIэкIэзыгъ...

Сыхьатэу тешIагъэм Мерэм зыкъишIэжьыгъэу, пкъым екIоу дыгъэ джэнэ куплъ дахэм шарыф фыжьыр къехъухыгъэу щыт, гу бырсырыгъэр ыгъэрэхьатэу Чэташlэмэ япшъэшъэжъые горэм ышъхьац еблэ.

Чылэм хъярыр къыдэзыхьэгъэ Бинази, ыбджэгъу заулэ игъусэу, адрэ унэм ис. Щагум щыхъэрэм ахаплъэ шIоигъу шъхьакIэ, нэжъ-Iужъмэ аIуупIэнкIэ укIытэу, къыщэгъакIэба, къикIырэп. Мыщ зэрисэу нысэунэми ыгу щыI.

Унэ ихьагъум бырсыр макъэу къыщыIугъэм Биназ шъхьэр къыригъэпхъотагъ, щысхэри дэIуагъэх.

– «Скоро помощыр» щыIэп!.. Нэбыкъуае ащагъ аIуагъ!

– Сэлымэпхъур тэ щыIа?

– Ари исэп.

– ИIоф дэи Сэбэхь!.. Укол зышIыщтыр агъотрэп!..

– Нысэ цIыкIур къытхэмыхьэзэ...– Бибэ къыригъажьи, зиIэжагъ. ЕтIанэ ежь-ежьырэу зэриIожьэу Шумафэ фидзыгъ.– Къытигъажэщтыгъа... тхьэ сымыгъэкIон!..

Ибрахьимэ ыкъо къеджагъ:

– Модэ, кIалэ, Шумаф сIуагъэба!.. Чэташlэмэ яхъяр шъхьакIэ, чылэм гумэкIыгъо дэмылъ пшIошIа?.. Модэ ел-



бэт, шъущэ нысэр!.. ГумэкIыгъо щымыIагъэмэ къэкIощтгъэхэп...

Чэташlэмэ япхъу нахьыкI, Дударыкъо Нурбек аIоу Мерэм игъусэхэу Шэныбэмэ адэжь машинэкIэ Iулъэдагъэх. ГъунэгъуIэу къапэгъокIыгъэм къыIуагъ:

– Олахьэ, Сэбэхь дэим...

ПIэкIорым зэрэфэпагъэу Сэбэхь игъэкIагъ. Джэнэ пшъэпIэ тIэтагъэм тырку галстукыри къыдэлэлы. IупшIакIэхэр шхъонтIабзэх, хьылъэу жьы къещэ. ЛIым жьы феощтыгъэ Сафят, Мерэм Iэбэгъу ригъафэу, IукIотыгъ. Мерэм зэлъпытэу жьы зыхэтыжь Сэбэхь уколитIу ритыгъ. Ящэнэрэр ыгъэхьазырызэ, Ордэн Сури къихьагъ. Сурэ пульсыр къылъыти, сымаджэм ыгу едэIун зыщиIощтым Шэныбэ Сэбэхь ыIэ сэмэгоу пIэкIор къуапэм къефэхынэу ежьагъэр ыкокIэ диIыгъэу зинысэщэ джэгу къыхащыгъэм риIуагъ:

– КIо, Мерэм, укъызхэкIыгъэмэ ахэхьажь... Шприцхэр къэгъанэх...– Шэныбэ Сэбэхь зэрэлIагъэр Сурэ ыушъэфзэ, Мерэмдхэр унэм екIыжьыфэхэкIэ ыуплъэкIу фэдэу хьэдэ фабэм шъхьащытыгъ...

## XLVI

Сыхьат нахьыбэ азыфагу имыфэу къэбар гомыIуитIур Лимэ лъыIэсыгъ. Чэтэшlэ Биназ къызэрищагъэр телефонымкIэ къезыIогъэ бзылъфыгъэ макъэр къызжэдэкIыгъэр ышIэрэп. ИнэIуасэ фэд, ау мыры ыIонэу къыфэугупшысыжьрэп. МэфэкI зэIукIэу театрэм щыIагъэм къикIыжьыгъэ къодыягъ телефоныр къызытеом. Сыд фэдэу Лимэ зиIэжагъэми, гукIэ зэбэныжьыгъэми, бысым шъузым къышIагъ:

– Сыд сэIо ащ къыуиIуагъэр?

– СигъэгушIуагъ...– Лимэ ынэкIушъхьитIу къыхихэу ыушъэфыгъэп.– Биназ къыщагъ ыIуагъ...

– Я си Алахь, сыдэу мы цIыфхэр жъалымых!..–Лимэ къырашIагъэр бысым шъузым ыгу къеуагъ.– Къыщагъэмэ гъэшIэгъона, паIо щыгъти къыщагъ... ГушIуапкIэ зэрыуигъэтыщтыгъа?..

– ГушIуапкIэр сшIэрэп...– гур ушкъоищтыгъэми Лимэ щхыпцIыгъэ.– Къэбарэу къысигъэIугъэм хъохъу рыси-

гъэIолIагъэп... Дэгъуба къыщагъэмэ... Къэзыщагъэри, къащагъэри насыпышIо орэхъух...

Джыри телефоныр къытеуагъ, Лимэ Iэбэнэу ежьагъ шъхьакIэ, бысым шъузым ыдагъэп:

– Зэ, зэ, а къэбаргъэIу бзылъфыгъэр армэ, фэхъун езгъэхьыщт сэ!..

Междугороднэ теуакIэкIэ джыри зэлъыпытэу телефоныр къытеуагъ. ШIу зэрэщымыIэр Лимэ ыIэпкъ-лъэпкъыхэмкIэ зэхишIагъ.

– СыкъэдаIо,– ыIуагъ бысым шъузым.– Ары... Лимэ ис... Ы-ы?! КъызгурэIо, къызгурэIо... ШъукъэмыгумэкI, къызгурэIо... ТхьамыкI. Адэ сыдэу пшIын... КъызгурэIо...

Джы шIу зэрэщымыIэр Лимэ къыгурыIуагъ.

– Чылэм къырашIыкIыгъ, ара?..

– Чылэм умыкIо хъущтэп, Лим... Уятэ дэи.

– Дэя хьауми лIагъа?..– Лимэ къэупчIи, янэ дэжь гукIэ зидзыгъ.

– СшIэгущэрэп, Лим... Ярэби, машинэ тэ къитхын?.. Автовокзалым тыIухьэмэ, такси дгъотынба шъуIуа?..

Къызфытеогъэхэ Iофым изытет бысым шъузым ыушъэфыгъэми, Лимэ къыгурыIуагъ Сэбэхь зэрэщымыIэжьыр. Ардэдэм шъхьатехъо шIуцIэ техъуагъэу, хьаку лъапсэм исэу янэ ынэгу къыкIэтэджагъ. Изакъу. Еушъыинэу, ыгу жьы дэзгъэкIынэу иIэр Лим ары. Ягупшыси, ягушIуагъуи, ягукъауи зэхэлъэу къызэдахьыгъ. Ныр къин зыщыхэт чIыпIэм ежь зыгорэм иунэ ис, къакIо, уянэ къиныр дэIэт аIошъ, къыфытеох.

– А нынэ, а сипшъашъ, адэ зи къапIорэпи?..– бысым шъузым игумэкI Лимэ игупшысэ къыукъуагъ. Сыдэу пшъэшъэ пытэ цIыкIуа мыр, ыIуагъ, дэгъуми, дэйми уят, тыдэ пхьыжьын...– Мыдэ зыкъэгъэхьазыр.

КъыраIуагъэм Лимэ зи къыпимылъхьэу телефон трубкэр къыштагъ. Телефоным и «цыу-цыу» къэджэжь макъэкIэ зыфытеорэр унэм зэрисым ыгъэгушIуагъ. Сыхьатым зеплъым, уахътэр бгъум ыныкъокIэ кIогъагъэ. ТIэкIу тыригъашIи, телефон трубкэр Лимэ джыри къыштагъ:

– Уипчыхьэ шIу, Емзэщ.

– Лима сэIо зымакъэ сымышIэжьрэр?..

– Сэры, Емзэщ...



– Зыгорэм уегъэгумэкIа?.. Укъытеоу хэбзагъэп...

– Уимашинэкlэ чылэм тынэбгъэсыгъэмэ дэгъугъэ...

– Сыдигъуа?

– Джыдэд...

Адыгэмэ зэряхабзэу, ятIонэрэ мафэм, мэфэкI мафэм ижъобгыпIэм, сыхьатыр зым ехъулIэу Шэныбэ Сэбэхь ихьадэ чылэ къэхалъэм щагъэтIылъыгъ. МэфэкI мафэм зэрэтефагъэр арын фае, хъулъфыгъэ макI къекIолIагъэр аIозэ, хьэдэдэххэм къагъэзэжьыгъ. Щагум къыздэхьажьхэм, лIагъэмкIэ джыри зэ афэтхьаусыхэжьхи, зэбгырыкIыжьыгъэх.

Дударыкъо Темыркъанрэ ХьапэкIэ Аслъанбэчрэ ягупшысэ зэу, ау ащкIэ гущыIэгъу зэфэмыхъухэу заулэрэ къэкIуагъэх. Шэныбэмэ яхьаблэ къытекIхи мыдрэ чэубгъум къызнэсхэр ары ныIэп ХьэпакIэм къызиIуагъэр:

– Адэ джары, Темыркъан, Iахьылыр зыщыбэм бэныр щыбыхъу, зыкIаIорэр. Къэслъытагъэти, хъулъфыгъэ пшIыкIубгъу нахь тыхъущтыгъэп.

– Ахэмэ азыныкъуи Нэбыкъуае къикIыгъэх...– Темыркъани шъхьэр ыгъэсысыгъ.– Зэоуж лъэхъаным ащ фэдэ ДэхапIэ къыдэхъухьагъэу къэсшIэжьрэп,– Шэныбэ Сэбэхь ихьадэ чылэдэсмэ зыфамыгъэлъэпIагъэр Темыркъан ышIэ пэтзэ, ушъхьагъу лъыхъуштыгъ нахь шъыпкъапIэм екIолIэным фэягъэп.– Iахьылым изакъоп, Аслъанбэч, бэныр быхъу зышIырэр... Джырэ дунай пытэу плъэ утетэу кIыбдэтхэр уиIэмэ ары. Плъэгъугъэба тыгъоспчыхьэ ЧэташIэмэ яхьяр къебгъэигъагъэр?.. Щагур хэгъэкIи, урамым тефэжьыщтыгъэхэп.

– Ар етIани апэрэ пчыхьэр ары,– къыдыригъэштагъ Аслъанбэч.– Янысэищыжь сыдэущтэу хъун пшIошыра!..

Нэмыцмэ яаужырэ къаIэпыкIыжьыгъо ошIэ-дэмышIэу Темыркъан ыгу къэкIыжьыгъ. Зигъусэмэ закIакIагъэзынэу Шэныбэ Сэбэхь къызэреIушъашъэщтыгъэр джы къызнэсыгъэм ытхьакIумэ ит. КъенэцIэу нэкIэ къызэрелъэIущтыгъэри егъашIэм щыгъупшэщтэп. Болэт Къасым ары мыхъугъэмэ, ыIуагъ, сызхэмыкIыжьын лажьэ къысэхъулIэщтыгъэ. Еплъ, Шэныбэм рашIагъэм, къинэу ылъэгъугъэр имыкъоу ихьадашъхьэ феплъэкIыжьыгъэхэп. Нысащэм зи есIуалIэрэп, зэтефагъэу сэшы, дунаим узэ-

мыжагъэу щымыхъурэ щыIэп. Сыд фэIогъагъ анэ аупIыцIэу лIыжъ заулэмэ, кIэлакIэмэ сапылъыжьэп, зыкъаIэтыгъагъэмэ?.. МылIэжьын дунаим тетэп, хэти, ибэн мытIыгъэми, атIынэу къэт... Зэрэхъурэмкlэ, утыгъуагъэми, узэуагъэми, ухъонагъэми цIыфмэ къыпфагъэгъущт... Къумалыгъэр зыми фагъэгъурэп. УлIагъэми ары...

Нибжьи къемыхъулIагъэу Дударыкъо Темыркъан ыл тхытхыгъэ. Гури ушкъоеу зыгорэу хъугъэ. Нэмыцмэ адэжькIэ зызгъэзэнэу зыфэхъугъэр къыпфэсIотэщт ыIомэ, неп-неущзэ, Шэныбэм хьадырыхэ зыдихьыжьыгъ. Шlугъэмэ, бэу шIэхэу ышъхьэ къырихыныгъи...

– Джары, Аслъанбэч, сIорэр сэзгъаIорэр...–Темыркъан игупшысэ зэрэIэкIэзыгъэр игопагъ.– Янысэищыжьи фэдищ къекIолIэщт, Таймэзри къэмыкIон пшIошIа? КъэкIощт!.. ЕгъашIэм афикъун мылъкуи къырахьылIэщт. Джыры рапшIэу шъузым ебгъэхьыщтым ыуж ихь... ЦIыкIу-шъокIур ЧэташIэмэ анэ пэIухьащтэп.

Болэт Къасымэ чэу къуапэм къыкъокIыгъ.

– Быяу, Болэтыр къэкIо...– ХьэпакIэм къыIуи псынкIэу фэшъхьаф гущыIэ зыридзыгъ.

– Уимафэ шIу, Болэтыр,– сэламымкIэ, сыдигъуи зэрихабзэу, Темыркъан апэ ишъыгъ.– Тэ уежьагъ, тхьам Iомэ?..

– СэкIо хъяр зиIэмэ адэжь. Шъоры? Шъо тэ шъукъикIыжьра? – КъыздикIыжьхэрэм щыгъуазэ пэтзэ, афыкIигъэтхъэу Къасымэ яупчIыгъ.

– УздэщымыIагъэм тыкъекIыжьы.

– Сэ Iаджми, Темыркъан, сащыIагъ, ау хьэдагъэр армэ зыфапIорэр, сиIоф щыIэпти, сыщыIагъэп.

– Ашъыу, Къасым, ар умыIо...

– СэIо, зыфасIорэр сэшIэшъ.

– Адэ, Болэтыр, улIэжьыщтба?

– СылIэжьыщт!.. Ау, Дударыкъор, къыосэIо: Шэныбэм илIакIэ фэдэп силIэкIэщтыр!.. ТитIо язэу апэ ишъыщтыр сшIэрэп, ау сауж укъинэмэ, ар угу къэгъэкIыжь!..

– Эй-эй, шъузэпымыпкI шъуитIо!..– Аслъанбэч къахэгущыIагъ.

– Сыд пае тызэпыпкIэн,– Болэтым ыдагъэп,– тыгу илъыр зэтэIо. Мы Дударыкъом зымафэ къысиIуагъэр ошIа, Аслъанбэч? Партбилетэу уиджыбэ илъым Шэныбэм укIэригъахьэрэп къысиIуагъ.

– Шъыпкъэба къыосIуагъэр?..– Темыркъан «хьэхьахь» ыIоу ынэкIушъхьитIу къимысысыкIэу щхыгъэ.– Мышъыпкъэмэ, сыд непэ укъызытфыхэмыхьагъэр?..

– Партбилетым изакъоп сыкъэзымыгъэкIуагъэр... КъыосIон, Дударыкъор... Партбилетри, сикъэрари тIури зы!..

– КIо джары, ХьэпакIэр, зэхэоха мыщ ыIорэр?..– Темыркъан джыри щхыгъэ, ау нахьыпэм фэдэу ыгу къыдеIагъэп.– Тэ партбилет тIыгъэпышъ, тикъэрар шъхьафы, ара?.. КIо джары, ХьэпакIэр, етIанэ Болэтым ущэхьэ оIо!.. Плъэгъурэба мыщ ыIорэр?.. Янэ сыкъеу, тэри а партбилетыр тIыгъыгъ, пытэу тфэIыгъышъугъэп нахь!.. Адэ, Болэтыр, ныбджэгъу лIагъэм аужрэ сэлам зэремыхыжьыгъэр тэрэзэу ошIа?

– Ныбджэгъугъэр зыгъэнэгъоджагъэм сырипыбджэгъоп, Дударыкъор!.. Тхьапшырэ мыр къыосIощт!.. КъэошIэжьа пчэгум тыкъырини зызегъэбылъыжьым, тэ зи тымышIэу, изакъоу къэдгъэнэнэп тIуи, тылъыхъузэ, нэмыцмэ къытлъатIупщыгъэгъэ хьэмэ Семенов тхьамыкIэр зэрэзэпкъыратхыгъагъэр? Семенов Николай ары нахь угу къэкIыжьын фаер, Шэныбэ Сэбэхьэп!..– Болэт Къасымэ ыгъази, IукIыжьыгъ.

Зытх теуфыхьагъэу, мыгузэжъуахэу кIорэ Къасымэм кIэлъыплъэзэ, Темыркъан щхыпцIыгъэ:

– Еплъ мор зэрэгубжыгъэм...

## XLVII

– ШIу умылъэгъурэр къапщэкIэ унагъо пшIэн плъэкIына... Теплъын ахэр къызээтемыутыхэкIэ!..

– Iо къахэхьагъа?..– Темыркъан шъузым еупчIыгъ.

– Къахэмыхьагъэми, къахэхьанэу къэт... Шэныбэмэ япхъу цIыкIу щигъэIэщтхэпышъ!.. Сыд ар джы нэс зыфыдэмыкIоу шъхьац тIыргъо пыупкIыгъэу зыфыщысыр?.. Сыд фэдэ кIэлэ шIагъохэр фызэблэкIых аIуагъ, зыми дакIорэп...

– Зятэ лIэгъакIэр дэкIона, бетэмал...

– Янэ еушъыищтыгъ нахь, тхьэ, ынэпс къутамэ къехэу сымылъэгъугъэ. УкIытэ зимыI, ащ нахьрэ цIыфыгъэ пхэмылъэу насып уиIэна!.. ЧэташIэмэ якIэлэжъ Iушэу къычIэкIыгъ, зыфэдэр къыгурыIуи, блэIэбыкIи, нэмыкI къыщагъ. Сэ згъэшIагъорэр, Къан, зы лыуз горэ а пшъэшъэжъыем зэримыIахэр ары. Сехъуапсэрэп зиунэ ращэщтым!.. Тинысэ шъхьэкIыхьажъ къыдамылъфыгъэ Iоу нибжьи пшIэнэп!..

– Хъугъэ, зэ мы нысэм ужэ кIэрых!..– Темыркъан ыдагъэп.

– КIэрысхыщтэп, ышIэщт дэдэр езгъэшIэщт!.. Е тэры, е ежьыр!.. Къезгъэжьэгъагъэр сщыгъупшэжьыгъ... Ы-ы-ы, ары... Хьадэр зешъохыжьэми, зы нэпсыци къехыгъэп, ыпхэкI ыгъэхъыеу янэ къыкIэрыкIыгъэп.

Шъузым къыIохэрэм Темыркъан апылъэп. Шэныбэ Сэбэхь илIакIэрэ игъэтIылъыкIэрэ егупшысэ. Ащ ошIэдэмышIэу Болэт Къасымэ къакIошъ къыхэожьы. Олахьэ гъэшIэгъоным мы Болэтыр. Шэныбэр зыгъэтIылъыжьыгъэмэ уахэтыгъ еIошъ, сегъэхьарамы. Пыи пэтзэ, заом щытыукIыгъэ пыир дгъэтIылъыжьыщтыгъ!..

Ныбжьым пыкIы къэс нахь делэ мэхъукIэ сенэгуе мы лIыр. Адэ сэщ фэдэмэ амыгъэтIылъыжьмэ, хэт ыгъэтIылъыжьыщтыгъ. Сеплъышъ, дыухьэ къэзыхьын лIыжъ чылэм дэсыжьэп. Ефэнд закъоу дэсыгъэри, алахьэм джэнэт къырет, щыIэжьэп. Адрэ муIазиным къурIаныбзэр ешIэ шъхьакIэ, цIыфмэ апашъхьэ зиуцокIэ адэгущыIэнэу жабзэ Iулъэп. Ащ ышIэрэр сшIагъэ гущэт, Истамбул щеджэгъэ ефэндыр цIыфмэ ащызгъэгъупшэжьыщтыгъэ. Ау щытми, згъэдэIонхэ сэлъэкIы, ДэхапIэ имызакъоу гъунэгъу чылэхэми къысфекIых. Хьадэ зиIэм уфэшIушIэмэ, къыпфамышIэн щыIэп. ЦIыфмэ урящыкIэгъэщт, лъытэныгъэ къыпфашIыщт... КIэсаIоу сыкъыхагъэщыгъ!.. Укъыхагъэщына, уимыуцогъупхъэхэр уиуцогъухэу!..

– А Къан, сыда узэгупшысэрэр? – Гощнагъо лIым еджагъ.– СIорэм щыщ зэхэпхырэп... УкъэдаIомэ слъэгъурэба сэ... Зыгорэм гукIэ ущыI...

– Болэтым сызфигъэхьарамрэм сегупшысэ...

– Къыошъугъу... Боу зымафэ, Къан, чылэ ныоу къэдаIохэрэр бгъэразэу, МысакIэмэ яхьадэ пашъхьэ укъыщыгущыIагъ. Болэтри къызэрэпфычIэплъырэм сеплъыщтыгъ сэ... Ащ ыIорэм упымылъ, ар аIозэ, зыгъэтIылъын амыгъотэу яхьадэхэр мыхьаморэу къэнэжьыщтых. Алахьэм заготовительмэ уахэмыхьэу муIазин гуадзэу уишIыгъагъот... Хьапсым уздэфэм сыд къин тымылъэгъугъэ тэ!.. Муары, кIэлэ хъарзынэри хагъэукъуагъэу хьапсым дэс... ГущыIэ дахэ пIон пае къэбгъэнэна, цIыфхэр огъэразэх, ежьхэми тагъэразэ.

– Ныо, тыпсаумэ муIазинкIэ къысаджэхэу къэплъэгъужьын. Зиягъэ къысэкIрэ закъор Болэтыр зыхэтмэ сазэрэхэтыгъэр ары...

– Ухэтыгъэмэ, хэт ащ пылъыжь!.. Муары, ЧэташIэ Ибрахьими хэтыжьэп, зи тегущыIэрэп нахь!..

– Янэ сыкъеу, ныо, ищыкIагъэ хъумэ, къыозхъоныжьыщтхэри хьазырыпсхэмэ... Олахьэ фитым аIощтым!.. Iофыр зыщышIум уишIу хэплъэгъон фае нахь, пIэ зэтедзагъэу ущыскIэ шIуагъэ иIэп. Чылэ шъузыжъмэ ячэухэр Болэтым аферэшIыхьэх, яхьакухэр зэтырерэлъхьэх... Хьа-хьа-хьа!.. Ащи, ЧэташIэ Ибрахьими, ныо, уаз сакъыфеджэжьыгъэу къэплъэгъужьын. Джыдэдэм загъэпартийнэ шъхьакIэ, хьадэгъур апашъхьэ къызихьэкIэ, гужъыехэу тхьэм елъэIужьыщтых. Заом сыIотыфэкIэ, ныо, тхьэр сщыгъупшагъэп.

– Тхьэр ары, Къан, укъэзыухъумагъэр.

– Адэ ары, тхьэр ары. Щэр нэшъу сфишIыгъ, Шэныбэм фэдэу сыхигъэукъуагъэп. Шэныбэм зезгъэгъэделэу сыдежьэжьыгъагъэмэ?..

– Алахьэм ерэмыд!.. Сыдэущтэу сабыйхэр сэбгъэпIущтыгъэха?.. ЛIы зиIэ чылэ шъузыжъмэ сябгъэхъуапсэу, сфэщэчыныепи!..

– Адэ ныо, Болэтым къабылэу ышIыгъэр ышIошъ мэхъукIэ огугъа?.. КIо, ежьэгъахэшъ, зыгорэ ыIон фаешъ еIо. КъызэплъэкIы шъхьакIэ, езфыжьагъэмэ къырагъэгъэзэжьын пшIошIа?.. Сэбэхь тхьамыкIэм иIуагъэу, а нэмазмышIмэ ябжь узычIафэкIэ, ппшъэтх лыцIынэ хъугъэкIи, лыуз къыпфыряIэщтэп. УаужкIэ къэхъущтмэ апае, тхьамыкIэ псэуакIомэ афэшъушI аIозэ, пшъэр имыкъоу, пэкIи уагъэжъощт, пIэхъомбипшIкIи уагъэулъэшъоужьыщт. Болэтым икуп уазэрэдэзекIощт шIыкIэр сэшIэ: уащытхъумэ, адебгъаштэмэ, уядэхашIэзэ, узфаер пшIэу уахэтын фае. Ежьхэр егъашIэм тхьамыкIэхэу, о

уикон изыщт. БэшІагъэ сэ ар задэсшІагъэр. Джа ЧОН-м тызхэтми, колхоз лъэхъаным кулакмэ ауж тызетми ары. ТхьагъэпцІ Іушхэр, хабзэм зыгуадзи, къызэтенагъэх. Мылъкур зыгу пымыкІыгъэхэр егъэшІэрэ ІэнэкІхэу Сыбыр арагъэхьыгъэх. Зику уисым иорэд къапІомэ, егъашІэм пчый укъэпыщтэп.

– Ары, Къан, ары,– Гощнагъо къыдыригъэштагъ.

– Адэ ары,– шъузым къыІуагъэр Темыркъан игопагъ,– арынчъэу ущыІэн плъэкІыщтэп. Банэ епшІылІэкІэ, ныо, мы хабзэр пфикІыщтэп. Джа гухэлъыр яІэу апэрэ мафи бэ ащ ыуж итыгъэр. Ахэмэ сэри сапэшІуекІуагъ, сябэныгъ, къащысыухъумагъ, сиІахьышІу къолъэуи, сэлъытэ… Джыры нэмыІэмэ сыд пае бэдзэнэшъу шыкІэу уебэнын. Зи емыІуи, узгъэфэбэн хабз тихабзэ.

– Рэмэзан гущэ агъэунэхъугъ…

– Ар хабзэм илажьэп… Шъхьэ тэрэз пшІотын фае!.. ЕтІани, ныо, ахъщэр тхылъыпІэ къодый, сберкассэм имыгъэлъэу мылъку шІы тхьапшырэ есІуагъ? Къысэдэlугъэп. Сэри силажьэ хэлъ, Іушы сІозэ, къыпэкІафэрэр ригъашъоу, делэу къычІэкІыгъ. Игъуаджэ къызехъулІэм, лъыттын едгъотылІэжьыгъэп. ЕгъашІэм тыугъоигъэ тІэкІум тыхэІэбэн фаеу хъуи, ипхъыхьэ-итэкъу тшІыгъэ. Мыдрэ кІалэр ары нэмыІэмэ, нэбгыритІур мэлажьэшъ, яахъщэ нибжьи утырагъэплъэщтэп.

– Ары, Къан, ары,– джыри Гощнагъо лІым дыригъэштагъ,– нэбгыритІум ахъщэ хъущэ къалэжьы… СабыитІу зэракІэс пэтзэ, гъомлапхъэкІэ сомишъэ нахь къащэйрэп. Зымафэ ясІуагъэр ошІа ахэмэ, умыдэщтми сшІэрэп, дунаир лъэпІае хъугъэ, джыри сомэ тІокІ горэ къыхэжъугъахъу ясІуагъ. ЦІыкІухэми зыкъаІэтба, нахь шхапкъэ мэхъухэба!..

– Зи мыхъун япІуагъэп. ЗэхарэшІыкІ.

– Тхьа, зэхамышІыкІын къатемыхэу!..– Гощнагъо лІым еплъи, къызэрэдыригъэштагъэмкІэ гушІуагъэ. Іо къимыкІыжьыным фэшІ, ыІуагъ, ащи зэрэщызгъэгъозагъэр дэгъу. Сомишъэрэ шъэныкъорэ кІалэм къызэрэситрэр зыгорэкІэ риІуакъомэ… Тэри неущ къытэхъулІэщтыр тшІэрэп, къогъанэ горэ терэІ. Шъоупс зыкъысфэошІы шъхьакІэ, мэхъэджэжь, ори гъэбылъыгъэ Іаджи уиІ, уищазымэжъ лъапэ зымафэ ислъэгъуагъэм изакъоми!..



– Хъугъэ, Іогъу-шІэгъу умышІых, муІазин гуадзэр ябгъэІонышъ, нэ ІаекІэ цІыфхэр къытэбгъэплъыщтых. Армырми Болэтым икуп аІон агъоты…– ахэмэ уанахь хьалэлэп ори, гукІэ ыІозэ, Темыркъан шъузым дыригъэштагъ, чапычэу скІэкІэуутырэр уичарэу егъашІэм къэохы, сомитфы нахь мымакІэ зыосэ бэнтехъохэу къэсхыхэрэр зябгъэщэжьхэкІэ, сомитІу нахь къэпштэжьрэп.

– ЦІыфмэ къытаІолІэщтым сыкъеубыты нахь, бэшІагъэ сцэ зафэслърэр!.. Зыгорэм ушІомылІыкІмэ, дунайри шІуцІэ къыпщыхъун, пІалъэри къэмысзэ жъы ухъун… Мызэгъэгу Іэгъо-благъом мылІэ щымыІэжь фэд, Къан, къыплъагъакІорэп. Хьауми муІазиныр шъэфэу пІэкІэкІа?..

– Хьау, ащ фэдэ еслъэгъулІагъэгоп. Сыда, зыгорэ зэхэпхыгъа? – Темыркъан къэгузэжъуагъ.– ТызэмыпцІэкІынэу тхьарыІо зэдытиІ!.. Дунаир непэ-неущэу зыбгынэн нэбгырищ чылэм дэлъ!.. Іэгъо-блэгъо чылэхэми нэбгырэ заулэ адэлъэу сэшІэ. ДэхапІэ нахьи, пшІэрэба, узщашІэжьрэм хьакІапІэ умыкІу зыфаІорэм фэд, Іэгъоблэгъо чылэмэ нахь сыщыІэхъу-лъэхъу, сишІушІи нахь уасэ къыщыфашІы. Нэбыкъуае гъэрекІокІ бжыхьэ щыублагъэу Къэзаныкъомэ ащыщ сымэджэ хьылъэ дэлъышъ, шІушІэ дэгъу къыпыкІынэу сыщэгугъы, ыкъомэ ахъщэр зыдахьыжьыщтыр ашІэрэп. СыдэкІмэ сахэнынкІэ сэщынэшъ, кІалэм дэжь сыкІоныр къэсэгъанэ…

– Хъун умыкІогоми,– къыфащэигъэр фызэкІахьажьы фэдэу Гощнагъо къэгузэжъуагъ,– тхьамафэ хъугъэп посылкэ зыфядгъэхьыгъэр. Чэщ мычъые пкІэнтІэпскІэ къылэжьыгъэр зыкъозыуплІэкІэжьыгъэ шъуз пхэкІ хъурэе цІыкІур загъорэ фыкъорэкІ!..

Зэпыу имыІэу мэфищэ къепщэгъэ жьыбгъэм Мелэч шъузабэм иунашъхьэ тыридзыгъэ тенэчыр Болэт Къасымэ тырелъхьэжьы. Дэгъуба мыщ фэдэу зыпІэтыни гъэтхэ чылэм, чІылъэ дахэм ухэплъэныр Болэтым еІо.

Илъэс къэс ДэхапІэ унэ дэгъухэр къыдэтаджэх. Чырбыщым хэшІыкІыгъэх, псыкъечъэх дахэхэмкІэ зэкІэупкІагъэхэу, хьакуищ хъырахъишъэхэр тенэч фыжьмэ къашъхьарэщых. Унэмэ язакъоп, чырбыщым хашІыкІрэр, къакъырхэри, гаражхэри арых. Къасымэ зэплъэм, унэ ныкъошІ заулэ чылэм дилъэгъуагъ. Зыр зым нахь ин,

нахь дах. Адэ джары, ыIуагъ, кIуатэ къэсми щыIэныгъэм хэхъо, цIыфхэр нахь фэшIыгъэу мэпсэух, тыгъуасэ зыщымыгугъыщтыгъэхэр непэ агъоты. Дунаир мамырыщтмэ, бэкIэ щыIэныгъэр лъыкIотэщт. ЦIыфмэ яззэхэшIыкI щыIэныгъэу лъыкIуатэрэм диштэщтыгъэмэ дэгъугъэ. Ардэдэм Дударыкъо Темыркъан ыгу къэкIыгъ, унэ лъэгэшхомкIэ Къасыми мыплъэн ылъэкIыгъэп. ГъэрекIокI щегъэжьагъэу нэбгыритIум агу зэфэмышIуми, егъашIэм къыздэтэджыгъэ ныбджэгъур зыхэс хьаблэр шIоджэгъуагъэп. Гур зэзыубытылIэн хъугъэ-шIэгъабэ нэбгыритIум зэдащэчыгъэ, щыIэныгъэм узхэгупшысыхьэкIэ, гум къыщыкIыжьы икъун гъогушхо къызэдакIугъ. Джы еплъ, къеу-еожьи Темыркъан муIазин гуадзэ ДэхапIэ щыхъужьыгъ. Икъабыла, имыкъабыла? Сыда Темыркъан къабылэу дунаим щишIагъэу Къасымэ къышIэжьрэр? Зыуж ихьагъэу лъыкIигъэхьагъэу къышIэжьрэр макIэ. ЕгъашIэм ифедэ хэкIыпIэ зыфищэигъ нахь, ежь зыщигъакIэу нэмыкIым зи фищэигъэп. Заом зыIотхэ лъэхъаныр ары федэ хэгъэкIыпIэм химылъытэрэр. Джа закъор ары ныбджэгъум шIукIэ филъэгъунэу къышIэжьрэр. Джы Шэныбэ Сэбэхь Тыркуем къыфырихыгъэгъэ къурIан цIыкIур ибгъэджыбэ илъэу пIэм хэлъ сымаджэр зылIэщтым паплъэу сарыкъынчъэ хьаджэ зишIыгъ… УкIытэ зимыIэм, сыд епIуагъэкIи, емыкIу иIэп. Гум Дударыкъор къызэрэкIыгъэмкIэ Къасымэ кIэгъожьэу аужрэ гъучIыIунэм тенэчыр ригъэубытыжьыгъ.

— Моу зыгорэ тадэжь, Мелэч, гъачъи, пхъэхыр къегъэхь,— гъэрекIорэ акэцэ пкIашъэр Къасымэ къызэлъипхъэнкIызэ, къеджагъ,— акэцэ къутамэр пысхыщт нахь, тенэчыр хьалэч ешIы. Унэшъхьэ краскэ тучаным къыщагъэшъ, зыхэмыгъэн. Нахь фэбаIо къызыхъурэм, къыпфэзгъэлэн… Сыд сэIо, Мелэч, пIорэр?.. Ащ нахь хэмылъэу сыулэуна!.. Iофым уимыгъэулэужьэу хъумэ ары тхьамыкIагъор!..

## XLVIII

Унагъом шIулъэгъурэ гупсэфрэ илъмэ щыIакIэм гушIуагъор къыдэкIо. Дударыкъо Гощнагъо зэриIощтыгъэм имышыхьатэу Биназрэ Мерэмрэ зэгурэIох.



Апэрэ мафэм щегъэжьагъэу Мерэм зигъэнысакIэу унэм исыгъэп. Нысащэр зытекIым, мэфэкIо тыщасэр дэгъэкIуагъэу, Iофым пыхьажьыгъ. Больницэм къызикIыжькIи ышIэн унэм регъуатэ, унэрылъ сымаджэ зиIэхэри, зылъэ тет гъойщаехэри укол шIынкIэ ыгъэнацIэхэрэп. Анахь уцуагъэу къызщыкIожьыгъэм къызлъыкIохэрэм хьау иIэп. Ау зэкIэми анахь гушIуагъоу иIагъэр лIымрэ ежьырырэ пасэми, кIасэми, зыщызэIукIэжьхэрэр ары. Мерэм изэкъуагъэп, IофкIэзыжьхэу, нэбгыритIур зэфизэжьынхэр Бинази икIэсагъ.

Зыфэщынэрэр Мерэм ымышIэу Биназ шIу елъэгъу. Зыгорэм тырихынкIэ арэп. Ащ фэдэ Iофи ышъхьэ къихьэрэп. Шэныбэ Лим нэмыIэмэ, гуцафэ фишIыныр хэгъэкIи, егупшысагъэп. Шъыпкъэ, загъорэ Лимэ ищыIакIэ егупшысэу къыхэкIы. Къепсэлъыхъохэрэмэ зафыдэмыкIорэр егъэшIагъо. ЕтIани зэрэхъурэр ымышIэу Биназ шIу къызэрилъэгъуищтыгъэр шъхьэм къышIуечэрагъо. Джащыгъум ошIэ-дэмышIэу Мерэм хэщэтыкIы.

Мерэм зыдэкIо уж зэп-тIоп Лимэ зэрэIукIагъэр. Хэку больницэм щыIукIэуи къыхэкIыгъ. Лимэ янэ дэжь къызыкIорэм, ДэхапIэ больницэм къычIэмыхьэу блэкIыщтыгъэп. Джащ фэдизым Мерэм зы гуцафэ ышIыщтыгъэп, егъашIэм зэрэзэфыщтытыгъэхэм фэдэу зэфыщтыгъэх. Зэгорэми, больницэм къычIэхьагъэу, янэ изакъошъ, къыгъэзэжьмэ зэрэшIоигъор къыриIогъагъ… Хэт ышIэра, джарынкIи мэхъуба Мерэм лIым зыфытенэгуикIырэр?.. Мыекъуапэ къэкIожь янэ реIо шъхьакIэ, унэр, хапIэр, чэтхэр еIошъ, ыгу пыкIхэрэп. Ашъыу, хэта джы унэм, хапIэм пылъыжьыр, ппхъу зыдэщыIэу, угу зыщырэхьатыщтым укIон фае… Сафят тезгъэгушIухьан щыIэп нахь, ыIуагъ Мерэм, чылэм дэкIыжьэу ыпхъу дэжь кIожьыгъэмэ нахьышIугъ…

ОшIэ-дэмышIэу гупшысэхэу шъхьэм къыфихьагъэхэм Мерэм къызэкIагъэщтэжьыгъ. СызэрыгущыIэрэр сыда?.. Биназ гуцафэ къысфишIмэ емыкIу, Лими насыпынчъэп, IэпэIас, зыхэтмэ шIу алъэгъу, къытэIэзагъот аIошъ, сымаджэхэр кIэхъопсых. Мыщ зыщэIэми ащ фэдагъ… Сыд адэ зыфыдэмыкIорэр?..

Гъунджэм кIэрыхьи, джыри Мерэм зэплъыжьыгъ. СшIэрэп, мы Сурэдыхэм къысхалъэгъуагъэр, нахь уишIугъо ухъугъ зымафэ къысаIуагъ.

Мерэм зыдакӀо уж хэпшыкӀэу нахь дахэ зэрэхъугъэр ежь зыдимышӀэжьэу арыгъэп. Ӏоф къыдэзышӀэрэ бзылъфыгъэмэ къыраӀогъагъэр игуапэу ыгу къэкӀыжьыгъ. Бэрэ къыхэкӀрэп ежь-ежьырэу цӀыфым инасыпышӀуагъэ зыхилъэгъожьэу. Анахьэу ар зыфэгъэхьыгъэр бзылъфыгъэхэр арых. Нахьыбэрэм ежьхэм яӀэр зыдамышӀэжьэу, нэмыкӀмэ яхъуапсэу къахьы. Мерэми зыщыщ бзылъфыгъэ лъэпкъмэ чыжьэу аблэмыкӀыгъагъэми, гъунджэм зызырелъэгъожьым зыӀугушӀожьыгъ. Джэнэ шӀуцӀэр, бгыр зэкӀиубытэу, бгъэри кӀикъузэу, пшъэшъэпкъым зэрикӀыгъэри тӀэкӀу зыдыригъэшӀэжьэу, къекӀу. Унагъо зихьагъэр мазэ нахь мыхъугъэу Биназрэ ежьырырэ къалэм къыщащэфыгъагъ. Джащ пае, адрэ джэнэ заулэу иӀэмэ анахьи, мы джанэр Мерэм нахьышӀу елъэгъу, пшъэпӀэ фыжьэу телъым нэгур дахэ кӀигъэхъукӀэу цӀыфмэ арыхэхьэ.

МэзитӀу горэмкӀэ, сиджэнэ дах, зэжъу укъэхъоу уежьэщт... ЕсэрэӀуа Биназ, есэрэмыӀуа? Ежь-ежьырэу гуцафэ къысфимышӀэу сфеӀошъунэп... Шъом зэхишӀагъэмкӀэ зэрэнасыпышӀор Мерэм зыдишӀэжьэу гъунджэм иплъагъ, пкъы псыгъо зэкӀужь дахэм аужрэ сэлам рихыжьрэм фэдэу тӀо-щэ зыщигъэчэрэгъуи, къыӀукӀыжьыгъ.

Унэм исыгъэр нэбгырищ ныӀэп: Мерэм, Биб, Ибрахьим. ЦӀыкӀухэр еджакӀо щыӀэх, адрэхэр гъэмэфэ тыгъэм къыдэтэджхи, лэжьакӀо дэкӀыгъэх. Мерэми больницэ кӀогъу къэсы. Пчэдыжьыпэмрэ пчыхьэшъхьапэмрэ ялъытыгъэмэ, ЧэтэшӀэ унэр зэгъокӀы, зэгъокӀ къодыеп, зэщыгъо. Адрэ унэм Ибрахьимэ ипчэдыжьышхэ макъэ къычӀэӀукӀы. ТӀэкӀу шӀагъэу къэджагъ:

– А нысэ, олахьэ сыбгъэтхъагъэм, Ӏанэр Ӏухыжь,– «нысэкӀэ» Ибрахьимэ заджэрэр Шумафэ ягуащэ, Биб, ары, «нысэжъый» зиӀокӀэ – Мерэм.

– Сэ Ӏанэр къычӀэсхыжьыщт, мам,– Мерэм ыӀуагъ.

– Угужъощт, ӀофышӀэ кӀо.

Ибрахьимэ Ӏанэ фычӀихьаныр, къыфычӀихыжьыныр Мерэм икӀас. Непэ зэ-тӀо лӀыжъым Ӏумыплъэмэ, разэп. ЧэтэшӀэ унагъом зехьэ ужрэп Ибрахьимэ нэшӀукӀэ еплъэу зыригъэжьагъэр. БэшӀагъэ, апэрэ шӀулъэгъур Биназ



зыфишӀыгъэ лъэхъан. ШӀоу щыӀэр рилъэгъулӀэу къыхьыгъ. ЛӀакъом зыхахьэми, зэрэлӀыжъ мафэри, зэрэбэрэчэтри, шъхьэкӀэфэнығъэ щыфашӀэу унагъом зэрипкъэури къышӀагъ. ЗэкӀэми анахь шӀогъэшӀэгъоныгъэр кӀэлэцӀыкӀум фэдэхэу, ыӀорэм дырагъаштэу, ӀэпэзалэкӀэ блэмыкӀхэу, ыкъохэр ыпашъхьэ зэритхэр ары. Нахьыжъхэм яжъ зэрагъашӀорэм нахьыкӀэхэри кӀырэплъых.

– Уипчэдыжь шӀу, тат.

– Ора, сищащ? Тхьэуегъэпсэу,– нысэжъыер, ежь иӀуагъэу, зэрэфычӀэхьагъэр Ибрахьимэ зэригуапэр къыхэщыгъ, ӀэгушъокӀэ ыӀупшӀэмэ аӀулъэкӀыхьажьыгъ, хьалыгъу шкъой такъырхэр къыугъоижьхи, фэсакъыпэу лагъэм ригъэкӀужьыгъэх,– адэ ӀофышӀэ укӀуагъ сшӀошыгъи сэ. ӀофышӀэ укӀо хъумэ, уянэ зэгъэлъэгъу, ипсаунығъэ кӀэупчӀ. Шъхьээкъонығъэр, сищащ, псынкӀагъоп, сэлами сфехыжь.

– Адэ, тат, ушхагъэпи?..

– Боу дэгъоу, сищащ, сышхагъ. КъалмыкъщайрИ дэгъу дэд, нысэми тхьэуегъэпсэу сфеӀожь. ЫӀэ къысэкӀу, сыфэраз. ЦӀыфым ыгу, сищащ, зэрэбгъэшӀуцтыр зыуи арэп. Сымаджэмэ ори унаӀэ атегъэт, гушъэбагъэкӀэ умыгъэнэтӀупцӀэх. Сыдэу щыта, сищащ, ХьэлаукъомэяныО?

– Зэрэщытыгъэм дэжькӀэ Хъаные бэкӀэ нахьышӀу.

– Дэгъу, дэгъу. Лъэшэу сигуапэ. Хъаные къин макӀэп ылъэгъугъэр. Колхозыр ДэхапӀэ щызэхатщэ зэхъум ышнахьыкӀэ апэ къытхэхьагъэмэ ащыщыгъ, кулакмэ тхьамыкӀэр хьэсэбэкъум даукӀыхьагъ. Заор нэмыцмэ къызыташӀылӀэм, апэ зызыӀэтыгъэмэ Хъаные илӀ Мышъэости ащыщыгъ, ятэ лъыкӀогъэ къуищми къагъэзэжьыгъэп. Ежь Хъаные тхьамыкӀэр, лӀыми, къуищми апэӀуцоу колхозым щылэжьагъ. ЧэтэшӀэ Ибрахьимэ къыпкӀэупчӀагъ, зымыгъэсымадж ыӀуагъ Ӏуи, сфеӀожь.

Уянэ дэжь Ӏухь къызэрэриӀуагъэри, сымаджэхэм къызэракӀэупчӀагъэри Мерэм игопагъ. Унэм къикӀи пчэдыжь тыгъэпсым къызхэхьэм, джа гушӀогъо нэфыр бгъэм дэкӀыщтыгъэп. Шъыпкъэ, тат, ыӀуагъ Мерэм, цӀыфым ыгу къызэрэдэпщэщтыри, зэрэбгъэшӀуцтыри зыуи арэп. ШӀу зыгу илъым ишӀуагъэ ренэу мэбагъо. Ащ фэдэмэ ори уащыщышъ, ужъыышъхьэ маф, унасыпышӀу.

Больницэм къынэмысэу, джау Мыекъуапэ кIорэ автобусхэр къызщыуцурэм дэжь, Мерэмрэ Лимэрэ ошIэдэмышIэу щызэIукIагъэх. ДэхапIэ Лимэ дилъэгъонэу зэремыжагъэр арыщтын, Мерэм къызэкIэщтагъ, ау бзылъфыгъэм ыпашъхьэ къызхигъэщыгъэп. Тыгъуасэ тхьаумэфагъ, янэ дэжь къэкIогъагъэщтын, ыIуагъ.

– Уимафэ шIу, Лим,– Мерэм апэ Лимэ пэгъокIыгъ.

– Тхьэуегъэпсэу, Мерэм,– Лими нэгушIуагъэр къыпигъохыжьыгъ,– моу джыдэдэм сыгу укъыпылъэдэгъагъ. Уяни сыкъыIукIэгъагъ. Сыд больницэм щыкъэбэрхэр? Сэлам Сурэдхэм сфяхыжь...

– НекIо, зэбгъэлъэгъуных...

– Хьау, Мерэм, сэгузажъо, Мыекъуапэ сынэмысыжьы хъущтэп. Мамэ гъойщаети, нычэпэ сыкъыкIэрысын фаеу хъугъэ.

– Щылъа?

– Щылъ дэдэуи щытэп. Мэгъолъы, мэтэджы. МыекъуапэнекIо сэIошъ, къысфакIорэп. Сыгу мыкIэ щыIэу сэкIожьы. СшIэщтри сшIэрэп, къэкIожь еIошъ, сыщыгъаIэрэп...

Чылэ къэкIожьыр Мерэм зызэхехым къэчэфынчъагъ. Шъхьэм чыжьэкIэ къыфихьагъэр къышIакъомэ ыIуи, къемыкIухэу Мерэм щхыпцIыгъэ. ЗигукIае къэзыIотэрэ Лими къыIугушIожьыгъ.

– Адэ сыдэу пшIын, Лим, егъашIэм ным уригъусэщтэп... Сэ сянэ гущи изакъоу унэм къисынагъ... Зыгорэ ищыкIагъэмэ, умыушъэфы, къаIо. IофышIэ сикIыжьы хъумэ, сылъихьан. Укол ищыкIагъэми сшIын.

– Тхьауегъэпсэу, Мерэм. Уцэу ищыкIэгъэщтхэр къыфэзгъэнагъэх. Гъунэгъу пшъэшъэжъыери гъолъыжьакIо къыфэкIожьы. КъэкIорэ шэмбэтым джыри сыкъэкIощт, мыхъу хъумэ, больницэм чIэзгъэгъолъхьан. Ау, къыомыхьылъэкIыщтмэ, IофышIэ узщикIыжь горэм, сыдэу ущыта пIоу улъихьэгъагъэмэ, сигопэщтыгъэ.

– УянэкIэ укъэмыгумэкI, Лим. Зыгъэрэхьат. Неущ больницэм къытеуи, изытет озгъэшIэн,– умыукIытэу тадэжь занкIэу къытеу, Мерэм ыIо шIоигъуагъ шъхьакIэ, ар ыгу къызэрэкIыгъэр шIоемыкIоу больницэмкIэ зэблихъужьыгъэ.



ШъорышIыгъэ-нэшIошIыгъэ хэмылъэу Лимэ дэгущыIэщтыгъэми, автобусыр къэси гузажъоу зыIокIыжьым, Мерэм зэхишIэу ыгу нахь псынкIэ хъугъэ. Шъхьаихыгъэ фэмышIышъуштыгъэми, аущтэу зыкIэхъугъэм щыгъозагъ. Лимэ нахь макIэрэ ДэхапIэ къэкIоным Мерэм фэягъ. ЗэкIэми анахьышIугъэр янэ дищыжьыгъэмэ ары. Ари ары, ау унагъо ихьагъэмэ, нахь гупсэфыжьыщтыгъ. Дахэ, нэутх, щыгъхэри къекIух. Узэрэбзылъфыгъэ пэтзэ, нэр пIэпехы...

Больницэ пчъэIупэм нэбгырэ заулэ щызэхэтыти, тхьамыкIагъо горэ къызэрэхъугъэм Мерэм енэгуягъ.

Къоепс щыуаныр къызжэхэкIэгъэ шъэожъыеу гъунэгъу чылэм къыращыгъэм больницэм иIофышIэхэр ыуж итыгъэх. Шъэожъыем ынэгу, ыбгъэгу, ыныбэ пщэтагъэмэ Мерэм зяплъым, нибжьи къемыхъулIагъэу, ышъо хэлъ гушIуагъор гум къэкIэу, тенэгуикIэу, шъхьэр къэунэзагъ.

Шъэожъыем рашIылIэн фаер зэкIэ рашIылIагъ, лъи хакIагъ, капельницэри ятIонэрэ сыхьатым хэхьагъэу шъхьащыт. Уцэу халъхьанэу щыIэри къагъэнагъэп. Ау зы уц шъэожъыем халъхьанэу амыгъотыщтыгъэр. Район больницэм чIэмылъэу къычIэкIыгъ. Мыекъуапэ зытеохэм тиI, зыхьын къэжъугъакIомэ къеттыщт къараIуагъ. Больницэм имашинэ гъогу тебгъэхьанэу иIоф тетыгъэп, шъэожъыер къэзыщагъэмэ ямашини Iумытыжьэу къызчIэкIым, Мерэм лIым фытеуагъ. Конторэм чIэсэу къычIэкIыгъэти, гушIуагъэ:

– Биназ, уимашинэ Мыекъуапэ тырынэгъэс!.. Шъэожъые хьылъэ горэм халъхьан уц тищыкIагъ!..

Бэрэ пэмылъэу Биназ и «Волгэ» къыIульади, Мерэм уцыщэ Мыекъуапэ ежьагъ. Сыхьатныкъо фэдиз чъагъэхэу автобусэу апэ итыр къэлъэгъуагъ. Мырын фае Лимэ зэрытIысхьажьыгъэр, Мерэм ыIуагъ.

– Автобусым уздэхрэм, Якъуб, къэгъэуцу. Автобусым Шэныбэ Лимэ исышъ, зыдэтщэжьыщт.

– Сыд сэIо Шэныбэмэ япхъу епшIэщтыр?..– зэхихыгъэр Якъубэ игопагъэп.

– Хьау, хьау, Якъуб, машинэ нэкIышхомкIэ тизакъоу тыкIона!..

Мыжъо-пшэхъо зэхэлъыр зыщэрэ машинэ зэпышlагъэм икъэкlуакlэ шlомытэрэзэу автобусым гъогубгъум зыридзыгъ. Якъуби ар ышlэн зыщиlощтым, хьылъэзещэ машинэшхоу къачъэрэм пышlэгъэ кушъоу къыпыутыгъэр къыжэхэлъадэу ылъэгъугъ. Мерэми куогъу имыфэу зэрыс «Волгэр» lуидзи, щэ-плlэ зэпыригъэзагъ...

Автобусым цlыфхэр къизэрэтэкъугъэх. «Волгэм» иятlонэрэ зэпырыгъэзэгъу Мерэм машинэм къыридзи, чъыг лъапсэм шъхьэкlэ ридзылlагъ. Лимэ апэ ынэ къыпэшlофагъэр Мерэм.

Зэкlэми апэ Биназ больницэм къэсыгъ. Халат фыжь зыщыгъхэр Мерэм шъхьащыуlубагъэхэу зелъэгъум, шlу зэрэщымыlэр ышlагъ. Лъы гъуаткlо рыкlэкlынэу уlагъэ темылъыгъэми, врачмэ яшlуагъэ екlыжьыным Мерэм иlоф тетыгъэп. Чъыг лъапсэм еутэкlыгъэ шъхьапхэтыкур ары лlэныгъэр къэзгъэблагъэщтыгъэр.

– Мерэм!..– щытхэр Биназ ынэгу къыпэlумыхьажьэу зытырищэягъ, шъузым ижькъэщэкlэ хьылъи зэхишlагъ, къэмыплъахэ зэхъум, гуlэ макъэкlэ джыри еджагъ: – Мерэм!.. а Мерэм!..

Сурэ пlэкlор лъапсэм кlэрыт Лимэ lуищыгъ. Сыхьатитlу хъугъэу Мерэм иакъыл къэкlожьыщтыгъэп. Лlым иджэмакъэщтын къэзгъэнэхьагъэр, ынапlэ къызэтырихи, пщэгъо нэгукlэ къэплъагъ, къызэришlэжьрэр къыригъашlэ шlоигъоу, зи къыфэмыlошъоу ыlупшlэхэр хъублэблагъэх. Нэпсыцэу нэпlэ чlэгъым къычlэзыгъэр нэкlушъхьэм телъэдэгъу имыфэу Мерэм ыпсэ хэкlыгъ.

## XLIX

Цlыфым гукъаор щымыгъупшэмэ щыlэн ылъэкlыщтэп. Джа нэрымылъэгъу lэзэгъур ары дунаир щызгъаlэри, щызгъэlэнэу къэтри. Гукъаоу къыфыкъокlыгъэр щэгъупшэжьы пlонышъ, рыбгъэмысэнри къекlурэп. Уlагъэу мыкlыжьрэ щыlэп, ау ащ амал фэмыхъурэр рекlыкlышъ, уахътэм чlым щыщ ешlыжьы, уинасыпмэ уигугъу зэрашlын шlушlагъэ горэм укъыкъонэжьынэу дунаим щызепхьан!.. Шlушlэ зиlэм фэдэу е зышlагъэри ащыгъупшэрэп. Цlыфыр щэlэфэкlэ джа зэпыщылъитlури къыдекlокlы, щымыlэжь зыхъурэми идунэе тетыкlэ елъы-



тыгъэу ипсэукlагъэр агу къэкlыжьы. Зыми щымыщхэу къэхъухи, анытбэ закъо нэмыкl фыщымыlэхэу лlэжьыгъэхэри макlэхэп. Екlэ уигугъу ашlын нахьи, ущымыlэгъахэу уигугъу амышlыхэмэ нахьышlу...

Шъхьэ упсыгъакlэм джыри lашъор ригъачъи, Темыркъан тхьэ елъэlугъ. Шlу щыlэу сыд пае ем пэгъунэгъу зыпшlын. Лlагъэм ихьадэ бгъэлъэпlэнри зыгорэм хьаку фызэтеплъхьанри зэфэдэп. Кlэкlо шlуцlэр теубгъуагъэу уапашъхьэ илъым, фэlо-фашlэу фэпшlыщтыр хэгъэкlи, уеплъэу ущытыныр шlэгъошlоп. Къэхалъэм къыдэкlорэ пстэури ащ фэшlушlэрэп, дырекlокlэу, зышъхьэ дезгъэзэкlри нахьыб. Агу зэрамыгъэузыжьыщтым пае Болэтымдхэри апэрэ лlы сатырмэ къахэуцохэу слъэгъурэп. Чылэ лlымэ апашъхьэ ситэу згъэдаlохэ хъумэ, къысэмыхъуапсэу сшlошъ хъурэп. Адэ джары, узфэшlум шlу хэохы зыlуагъэм тэрэзэу ыlуагъ.

– Сыд тхьалъэlушхуа джы Чэташlэмэ ячэу къуапэ щашlыгъэр,– Гощнагъо къэлэпчъэжъыер фишlыжьзэ къыlуагъ, тыгъэнапэм гупшысэкlэ хэсыгъэ лlыри къыгъэлъэтагъ,– шlуцlэрымэ къатырихэу лlы куп щызэхэс. Сыдэу уахэмыхьэра? Зыкъытщедзые къыуаlон...

– Гъэрекlо гъэмафэм щыублагъэу къыщызэрэугъоижьыщтыгъэхэпи,– Темыркъан зыхэтыгъэ гупшысэм джыри къыхэкlыгъапэп.

– Хьасанэмэ япхъу фэшъыгъощтыгъэ лlыжъ псиблыр къэнэхъэжьыгъэщтын... Зэ, зэ, непэ сыд фэдэ мафа?.. Яныдэ машинэм зыщиукlыгъэ мафэба непэ?.. Тхьэ арым, илъэс хъугъэ. Сыдэу къыомыджагъэха адэ?..

– Сыд сэlо щысэбгъэшlэщтыр нэмаз мышl утыгум...– къызэремыджагъэхэр ыгу къеоу, ушъхьагъукlэ Темыркъан хэкlыжьыгъ. Етlанэ тlэкlу тыригъашlи, гыягъэ.– Къысэджэнхэу къыстефэщтыгъ, тхьам къысфигъэшъошагъэр сихьылъэми, Шумафэ ныбджэгъугъэр дэсlыгъыгъ, Ибрахьим нэмыlэмэ, егъашlэм сыриlофтэбгагъ... Джахэр зэкlэ зэхэзыучаблэрэр Болэт Къасым.

– Къасымэмэ, алахь зизакъом зэкlэсысэ ешl!..– Гощнагъуи ибгыбзэ хьазырыгъ.– Къытэпыинэу, тищыгъупlастэ ымышхыгъэмэ, етшlагъэ щымыl. Ишъуз нэкlэкъэжъи алахьэм зэкlигъэкъагъэу сегъэлъэгъужь!.. Къыогуаохи, къыомыджэхэу адрэ муlэзиныр рагъэблэ-

гъагъэмэ шlэ?.. Аущтэу къыуашlагъэу сэрэшlи, Чэтэшlэ Бибэ дунаим тезгъэтыжьынэп!..— Гощнагъо ежь-ежьырэу зызэкlигъэблэжьыгъ.— Ар нычхьапэ блэмыкlэу зэзгъэшlэн!.. Сыда нычхьапэ нэс сызкlежэщтыр, Чэташlэмэ яхьаблэкlэ сырекlокlыни, къызэзгъэшlэн!..

— Бащэ. Узэрэгущыlэрэр сыд илlэужыгъу сэlо!..

— Iиман зимылэу тхьам ыбгынэжьыгъэ лъэпкъ!.. Олъэгъуа ащ янэшlошlыгъэ зынэсыгъэр. Якlэлэжъ псэлъыхъо хэхьажьыгъэ пэтзэ, илъэс lанэр къысфызэlуахыжьы... Тхьам зэгорэм шъукъыхигъэщынэу къэт. Шэныбэмэ ягунахьэ шъуигъэкlуагъэп, зыфиlуагъэм шъуlуигъэкlагъ, ащ нэмыкl тхьамыкlагъуи шъуапэ илъ!..

— Умыкуоба, зиунагъо бэгъон,— Темыркъан зиплъыхьагъ,— зыгорэм тыкъызэхебгъэхыщт!.. Арэп, ныо,— еlушъэшъагъ,— псэлъыхъо хэхьажьыгъ зыфэпlуагъэр шъыпкъа? Хьауми, уягуауа?

— Сэ сямыгуаоми, тхьэр къягоогъах ахэмэ!..— къызфеупчlыгъэм Гощнагъо зышъхьащыригъэхыгъ, етlанэ ежь-ежьырэу зэупчlыжьрэм фэдэу къыlуагъ.— Сыд зятэ зымыгъэежьыгъэ нэкъикl цlыкlур тхьаумафэ пэпчъ Мыекъуапэ къызфичъэу пшlэрэр? Янэ ыгу кlэгъоу ара?.. Еж амэ!.. Сафятышхом сыфэрэди, сипчъэшъхьаlу къытезгъэхьанэп ар. Укlытэ зынэ кlэмылъ хьабз!..— Гощнагъо хэблыхьи, къыугупшысэу ригъэжьагъ.— Чэташlэмэ якlалэ Мыекъуапэ зыкlокlэ, lокlэ аlуагъ, зынитlукlэ зылъэгъугъэ дэдэм къысиlуагъ, сыукlыти, сырыгущыlагъэп нахь...

— Тян, узэрыгущыlэрэр сшlэрэп!..— къамылъэгъоу щагум къыдэхьажьыгъэ Нурбек ыдагъэп.— Зэ мы къэlолlожьым шъухэкlыжьба!..

Гощнагъо ыкъо зы гущыlи пимыlожьэу блигъэкlыгъ. Унэм зехьажьым, лъиlуагъ:

— А сымыгъап адэ!.. Чэташlэмэ якlэлэжъ нахьи унахьышlуа о? Шъуз шъхьэцацэм лъэгукlэтын зебгъэшlыгъэшъ, lордэгъазэу урил...

— Адэ мор лlыгъэмэ, сятэ зегъэмуlазинышъ, сшынахьыжъ хьапсым дэсышъ, парткомым секретарэу сыкlощтэп Таймэзым рилоныя...— Темыркъан шъхьэр ыгъэсысыгъ.— Ар зыlорэр етlани лъэlукlэ партием хэзгъэхьагъ. Модрэм еслlомэ, мыдрэм еслlозэ, лlы сшlыгъэ. Мыщ зы гухэлъ горэ иl, игухэлъ шъыпкъэр сшlэрэп нахь...



Ыкъорэ ежьырырэ зымафэ зэрэзэlупхъогъагъэр Темыркъан ыгу къэкlыжьыгъ. Сlорэм, сшlэрэм лъэбгъу къыредзышъ, пыим фэдэу унэм къыздис. Зэрэхъун нэмыкl еслlорэп, етlани узэрэщыlэн фаемкlэ сыкъегъэсэжьы. Сытыгъорэп, сыбанэрэп, делагъэ зыlорэмэ сащыщэп. Егъашlэм гущыlэ дахэм сырышlушlэзэ къэсэхьы. Куп зызэхахьэрэм, Темыркъан аlошъ, сцlэ къыраlо. Сыхэмытэу залъэгъурэм къыслъагъэкlошъ, сарагъащэ...

Ар еlо шъхьакlэ, Чэташlэмэ яилъэс lанэ зэрамыщагъэр ыгу къеуагъ. Чэташlэхэрэп, ыlуагъ, lофыр зэлъытыгъэр, ахэмэ зи ящыкlагъэп. Тхьэ яlэп, тхьэу яlэр хьарыфиплlэу яджыбэ илъ закъор ары.

— Къыоlонэп сlуагъэ шъхьакlэ, Къан,— Гощнагъо, тlэкlу тыригъашlи, джэуап къытыжьыгъ, нэпс къызэмычъэгъэ нэми кlэlэбэжьы фэдэу зишlыгъ,— сфэушъэфыщтэп. Сышъухэкlыщт къысиlуагъ кlалэм...

— Ы-ы-ы? — Темыркъан зэхихыгъэм къыlэтэу чыишъхьэ мэкъэнчъэкlэ къэупчlагъ, натlэм къытрикlэгъэ пкlантlэр пэlо шыгумкlэ тырилъэкlыкlыгъ.— Сышъухэкlыщт ыlуагъ пlуи?.. Тхэкlмэ тэ кlощт?!.

— А сшlэгущэрэп...

— Ара сшъхьэ зэрэшlуихынэу къэнэжьыгъэр?..

Биназ тхьамыкlагъо къемыхъулlэгъагъэмэ Лимэ бэшlагъэ Дэхапlэ къызигъэзэжьыщтыгъэр. Джы сыд ыlони янэ дэжь къэкlожьыщт. Сафят нэмыlэмэ, нахьыпэм тlэкlу къытыригъанэ фэдэу щытыгъэмэ, къэгъэзэжь еlо нахь, чылэм дэкlыжьынышъ, ыпхъу дэжь кlожьын гухэлъ иlэп. Лимэ иlоф Мыекъуапэ щыдэеп шъхьакlэ, янэкlэ ыгу щыlэу къалэм дэс... lоф зыдишlэхэрэр къыфэдэгъухэшъ, зэрариlощтри ымышlэу ашlолlыкlы. Уни къыратыгъ. Ахэр зэкlэ lубгъэзыкlыни, сянэ изакъошъ, чылэм сыжъугъэкlожь, сыдэущтэу япlощт? Ащ нэмыкlэу Лимэ зэгупшысэнэу бэ къыфыкъокlыгъэр. Бэрэкъэт Емзэщи ицыхьэ зытелъыжьэу мыуцущтыгъэми, Лимэкlэ зи къызэримыкlыщтыр къыгурыlоу ежьагъ. Ежь Лими кlалэр lэкlыб ышlыщтыгъэп, сэмэркъэур къебэкlэу, шъыпкъэм пэчыжьэми, пэблагъэми ригъашlэщтыгъэп.

Лимэ зыгорэм ежэщтыгъ, ау мыры ыlонэу зажэрэр зэхэугуфыкlыгъэу ышlэщтыгъэп. Анахь гушlуагъо кьы-

дэхъугъэми, къин хэтми ренэу Биназ зэрэщымыгъупшэщтыгъэр ара шъуIуа?.. Сыда мы кIалэр пшъашъэм ищыIэныгъэ зыфыхэмыкIрэр? Къыщи унагъо зешIэм, щыгъупшэщтыгъэп, тхьамыкIагъор къызехъулIэми, дищэчыгъ. Джыры нэмыIэмэ инасыпынчъагъэ илыуз. ЛъэкI иIэу, ишIуагъэ екIынэу щытыгъэмэ, фимышIэн щыIагъэп. Насып пэгъокIэу, Лимэ зезымыгъэIэтыщтыгъэмэ ар апшъагъ. Ар щызгъэгъупшэн псэлъыхъоу иIэмэ къаззэрэхэмыкIрэм тещыныхьэщтыгъэ. Сыд пае ар зыдэсшIэжьэу насыпыгъоу згъотырэр Iоф хэзгъэтын, сэри бэлахьэ зыхэсыдзэжьын ыIощтыгъэ. Емзэщ закъор ары нахь, ар къыдэзышIэщтыгъэ псэлъыхъохэр цIыкIу-цIыкIоу, гузэгъабгъи къыхэмыкIэу, пызыжьыщтыгъэх.

Мафэ горэм Емзэщ урамым къыщыIукIи, сэмэркъэуми, шъыпкъэми къыбгурымыIонэу къыфидзыгъ:

– Синасыпти, Лим, лIы Iушэу сыкъычIэкIыгъ…

– Сыда, Емзэщ?..

– Ашъыу сэр-сэрэу тхьамыкIагъо зэсшIэжьы пэтыгъ…– IэгушъуитIур зэригъэутэкIи, щхыгъэ.– Усхьын симурадыгъ!..

– ЗэрэпIорэмкIэ, уиIушыгъэ ишIуагъэ къыокIыгъ?..

– КъысэкIыгъэ къодыеп, ищынагъо ори укъиухъумагъ, сэри чIыпIэ зэжъу сыридзагъэп…

– Ар пIоу, Емзэщ, тызщымыгъэгъупш,– кIалэм Лимэ есэмэркъэужьыгъ.

– Тыпщызгъэгъупшэнхэр къыпфыкъокIыгъэх аIуагъ… Ау зэгъашIэ, джа Дэмыр Аюбэ сыкъыпеохт, шIурышIукIэ удезгъэхыщтэп. А лIы къэбзэжъэу ашыкъ къыохъулIагъэм шъуз иIагъи!..

– Шъуз иIагъэмэ гъэшIэгъона? – ащ ежэщтыгъэ пIонэу Лимэ джэуап ытыжьыгъ.– Шъуз зиIагъэм шъуз къыщэжьрэба?..

– Мыдэ, мыдэ мыщ ыIорэр!.. Лим, олахьэ утхьагъэпцIым. Армэ узхэхьажьыгъэр ЧэтэшIэ Биназ нэмыкI узэстын щыIэп. Джащ зыкъыпфигъэзэжьмэ, шы уиIэп сыдэп, пшъэшъэдакIоу сыкъыбдежьэ.

Псэлъыхъо Лимэ къыфакIохэу, цIыкIу-цIыкIоу пызыжьыщтыгъэхэмэ Дэмыр Аюбэ афэдагъэп. Шъуз иIагъ Емзэщ зыкIиIуагъэр ышIэрэп нахь, илъэснкъо мэхъушъ



къызепсэлъыхъорэр ащ фэдэкIэ егуцэфагъэп, Iae paIyaлIэу зэхихыгъэп. Илъэс щэкIыр зэзынэкIыгъэ кIэлэ зикъэмыщэ шъхьэгъэшIожьмэ ащыщ. Новочеркасскэ псэолъэшI институтыр къыухыгъ, иIоф зыхэмылъмэ ахэмыхьэу мэлажьэ, исэнэхьат дэгъоу рэгъуазэ. КIалэр Лимэ ыгу римыхьэуи щытэп.

Джаущтэу, уахътэр IукIот къэсми, Лимэ зыкъишIэжьэу псэущтыгъэми, зажэрэм хэшIыкI фыриIэ-фырмыIэу зыгорэм ежэщтыгъ. ОшIэ-дэмышIэу Дэмыр Аюбэ шъхьащыгупшысыкIи, ЧэтэшIэ Биназ ынэгу къызэрэкIэтэджагъэм Лимэ къызэкIигъэщтагъ. Iофынчъэу щысын нахьи зыгорэм еупхъумэ гукъэкIыжьыр шъхьащыун ыIуи тэджыгъэ, зыми ыIэ екIурэп. Дежурствэм зыкIокIэ, уахътэ къыхафэмэ, больницэм щеджэнэу тхылъ горэ къыштагъ. Зызэгуехым, гъэрекIо янэ къыритыгъэгъэ тхылъыпIэ тхьэпэ цIыцIыгъэр, мэфэ блэкIыгъэмэ агъэплIэжьыгъэр къыдэзыгъ. Мы тхылъыпIэм, зыдихьыгъэр ымышIэу, итхэгъэгъэ шъэф зэхэмышIыкIым ыгъэгумэкIэу, бэшIагъэ Лимэ зылъыхъущтыгъэр.

ТхылъыпIэ тхьапэр ныкъотхыгъэми, къимыIотыкIыгъэ шъэф зэритыгъэр ЛимэкIэ нэфагъэ. Шъэфыр зыфэнэфагъэр зытхырэмрэ зыфатхырэмрэ арыгъэ. «Мыргущэ уятэ ишъэогъу дагъыстан лIы горэм фитхызэ, къыриутыгъагъ»,– янэ зэриIогъагъэмрэ итымрэ зэрэзэтемыфэрэр Лимэ шIогъэшIэгъонэу еджэгъагъ. ТхылъыпIэм итхагъэр ЧэтэшIэ Ибрахьимэ зэрэфакIощтыгъэр Лимэ ным шIуиушъэфыгъагъ. Сыд пае зыщымыгъуазэмкIэ икIэрыкIэу янэ ыгу къыгъэбырысырыжьын, зэригъашIэмэ риIон ыIуи, ыгъэтIылъыгъагъ. Зэхифын ихьисапэу, янэ дэжь къызыкIорэм, ДэхапIи зытIо-зыщэ къыздихьыгъагъ шъхьакIэ, Биназ IукIэшъущтыгъэп, модыкIи, мыдыкIи щымыщэу ЧэтэшIэ Ибрахьимэ фаригъэхьынри къыригъэкIуащтыгъэп. Мерэм машинэм зеукI мафэм къыхьыгъэу исумкэ дэлъыгъ. Ащ ыуж Биназ къехъулIэгъэ тхьамыкIагъом тхылъым зэрэдилъхьэгъагъэу джы къыдэзыжьыгъ.

Лимэ ыIыгъ тхылъыпIэм мары итхэгъагъэр:

«Ибрахьим! Мыр къыпфэзытхырэр Шэныбэ Сэбэхь. ЗыкъыпIузгъакIэмэ сшIоигъоу бэрэ зыкъыпфэсщэигъ

шъхьакІэ, укъызэрэспэгъокІыщтыр сымышІэу сфекушъугъэп. Ори ошІэ, жъыгъом ухэхьагъэу, плъэкъо лъэныкъо бэным дэты зыхъукІэ, бэмэ уарегъэгупшысэ. НыбжьыкІэгъум изэман къимыдзэхэу, узпымылъыщтыгъэхэм икІэрыкІэу уасэ афыуегъэшІыжьы. Сшъхьэкіэ къызфэсымыхьыжьыгъэ къысэхъулІагъэп. Сшъхьэрэ сыгурэ зэбгъэжьы нахь, нибжьи сыгу къыобгъагъэп. О уизакъоп, зэрэ ЧэтэшІэ лъэпкъэуи ары. Ау сыгу къызэрэобгъэгъэ закъом сыхигъэукъуагъ, хэгъэгоу сыгу шІу зыфилъым сыфэшІушІэ сІозэ, сэр-сэрэу зызгъэунэхъужьыгъ. КъэошІэжьмэ, джа нэмыцым фашІыгъэгъэ ешхэ-ешъом узхэсым, егъашІэм узфэбэнэгъэ Іофыр, хабзэу къыдэпхыгъэр, ащ нахьрэ хэмылъэу, Іулъхьэ тыкъырэу къыпфащэигъэмкІэ пщагъэ къысшІошІэу, губжыгъэ ІофкІэ джа тхылъыпІэ тхьапэр узгуагъэтІысхьэгъэгъэ нэмыцым къыфычІязгъэхьэгъагъ. Пыим дэуджхэрэм къаигъагъэу къыуашІылІэгъагъэр етІан ныІэп зысшІэжьыгъагъэр! Ау Іофыр зытетыр кІэсащэу къызгурыІуи, лажьэ зимыІэ Іофтабгэр... КІо, сыд ащ игугъу къэсшІыжькІэ... ЗыгорэкІэ, хьау умыІоу, тызэІубгъэкІагъэмэ, ащ нахь тырыгущыІэныгъи... Ллыгъэмрэ къэрэбгъагъэмрэ зэголъ зыфаІорэм шъыпкъэ хэлъкІэ сенэгуе... Гум илъыгъэр нэшІошІыгъэу къычІэкІын, псэм иІэшІугъэ зэкІэмэ апшъэ хъуи, къогъу къосэу дунаир къызэлъыскІухьи, хьэм фэдашъор къыстырашти, сичылэжъ сыкъекІужьыгъ... Олъэгъу синыбджэгъугъэхэми, нэмыкІ зэолІхэми, нахь ныбжьыкІэхэми янэмыплъи, спхъу закъокІэ къысэхъулІэри... Сымысэп сІо...»

Аужрэ гущыІэ ныкъотхым джыри зэ Лимэ еджэжьыгъ. Ар имыкъоу, етІани къытыригъэззэжьи, «сымысэп сІо...» зыфиІорэм хэгупшысыхьагъ. Сыда мыщкІэ къыІо шІоигъуагъэр, Лимэ ыІуагъ. «СІо...» хьарыфищым «сымысэп сІонти, сІорэп, сІоным, сІоныр...» ыІозэ, ежь зэрэфаеу кІэух заулэ фишІыжьыгъ. ТхылъыпІэ тхьэпэ ныкъотхыр ыпашъхьэ илъэу, сыда шъуІуа митІум азыфагу шъэфэу илъыр ыІуи, заулэрэ щысыгъэу Лимэ зэупчІыжьыгъ. Іофым щымыгъуазэми, зэгупшысэн цыпэу къыІэкІахьэрэр къыкъудыинэу зыригъажьэкІэ, Іудэнэ шагъэм фэдэу зэпэтхъы. Зытхырэр щымыІэжьми, зыфатхырэм шъэфыр нафэ къышІынэу джыри псаоу тет. Джы фэдэу



тхылъыпІэ тхьапэр ыгъэбылъыжьыщтэп, Биназ апэ зыщыІукІэрэм ритынэу ренэу къыздырихьакІырэ сумкэ гъожь цІыкІум дилъхьагъ. Ардэдэм, Биназ ыгу къызэрэкІыгъэм лъыпытэу, моу зыгорэу Лимэ къэхъуи, мощ фэдиз хьылъэр зыщэчыгъэ гу цІыкІур къэушкъоигъ. Биназ пишІын щымыІэу, а зым нэмыкІ зыгори шІу зэримылъэгъурэр джыри Лимэ къыгурыІуагъ.

## L

Гъунэгъу шъузмэ якъэплъакІэкІэ шІу зэрэщымыІэм Темыркъан егуцэфагъ. Хьэдагъэм къызэрикІыжьыгъэ машинэм къыфыралъхьагъэхэр къырахыжьыфэ, чІыгоу зытетым пхырыз шІошІэу зи ынэ къыпэІухьажьыщтыгъэп. Мафэрэ фэмыдэу, гъэмэфэ жъоркъми, чъыІамэр дэоу, гъучІ чэу лъагэкІэ къэшІыхьэгъэ щагур зэгъокІы.

— ЦІыф исыжьба сэІо, сыда мы унэм къихъухьагъэр!..— чэмыкоу къыратыгъэр къызэрэфахьэу къыхьзэ, Темыркъан джагъэ, лыр пчъэІушъхьэм тырилъхьагъ. Фыгу дзыор машинэм къырихышъугъэп. БэнтехъуитІоу къыратыгъэр къыщинагъ шІошІи гуІагъэ шъхьакІэ, кІэко джыбэ зырызмэ арыкуагъэу къычІэкІыгъ. ПкІантІэр ІэгушъокІэ тырилъэкІыкІэу джыри зэ унэ зэтешІыхьагъэмкІэ плъи, шъузым ыцІэ къыримыІожьэу джагъэ.— Орба сэІо? — Дзыор ерагъэу машинакІэм къырихи, фэмыхьышъоу шІуецохъохыгъ.

Фыгу дзыуачІэр мыжъом щилъэшъоу римыгъэлэжьэным пае джыри къыІэтынэу кІэІагъ, фэукІочІыгъэп. Лэжьыгъэлъэ къакъырымкІэ плъагъэ. Темыркъан губжыгъэу унапчъэмкІэ ежьэгъэ къодыеу, Гощнагъо ышъхьэ шъхьэтехъо къолэнышхокІэ кІэпхагъэу, гъыгъэ нэгу зэхэбэгагъэу пчъэІушъхьэм къытехьагъ. Темыркъан шъузым пымылъэу риІуагъ:

— КъеІ мыдэ мыщ!..— етІанэ кІэгупшысыхьажь ышІырэм фэдэу еупчІыгъ.— Арэп къыохъулІагъэр сыд сэІо?..

— Е-о-ой, тыунэхъуи хэтщыхьажьыгъ!.. Чылэм зыфэе дэдэр ажэ дэхьагъ, къытаІолІэн икъун агъотыгъ!..

— КъаІо зэ къыохъулІагъэр!.. — шъузым къыригъэжьагъэр Темыркъан къызэпиутыгъ.

– Адэ ары… Зи къытамыгъэлэу тахъункIи икIыжьыгъэх!..– Гощнагъо шъхьэ кIэпхагъэр ыгъэсыс къэсми нахь ин хъоу мэгъынагъэ.– Лагъи, цаци, джэмышхи, алахьэм мышхэжьы ышIынхэм, къытфыранагъэп. Гъунджэ зэхэтышхоу Рэмэзан къафищэфыгъагъэри ращыжьыгъ!.. Нэбыкъуае къыплъикIхи, уащэгъэ къодыеу машинэшхо къырафылIи, къаIэкIэхьагъэр зэкIэ ращыгъ. Сыкууагъ, сыкIыигъ. Ащ фэдизым сибыдзыщэу Iуфагъэр мыгъо зыфэхъуныр къысэплъыгъэп. ХъункIакIо къэслъфыгъи сэ!..

Шъузым къыпчъырэмэ Темыркъан ядэIущтыгъэми, шъхьэм илъыр нэмыкIыгъ. Сыд ыIони неущ цIыфмэ ахэхьащт? ЦIыфмэ мыхьаморэ узэрашIыщтыр зэуи арэп. Зэзакъо, ушъхьагъу къагъотэу, хьэдагъэм узырамыгъэблэгъэжьрэм, зыппагъэчэрэгъукIынышъ, гум укъыранэжьыщт. ДэхэкIаеу сиIоф зэпыфэу ригъэжьгъагъ. Непэ къытхэхъогъэ купри мыдэ щыIа… Модрэ кIалэри къэнацIэшъ, хьапсым дэс…

Темыркъан пчъэIушъхьэм телъ чэмыкоу бадзэр зытизыр ынэ къыпэшIофагъ, зэкIэри щыгъупшэжьэу шъузым еджагъ:

– Модэ, бетэмал, лы тIэкIур мэкIодыжьы!

– Лы шIагъо къыуатыгъ, Къан…– Гощнагъуи ушъуашъоу лым ечъэлIагъ.– Къалэм нэбгъэсмэ, уилыщэфмэ пIэкIатхъын, тхьауегъэпсэуи къыуаIожьын.

– Пчэдыжь ар, пчэдыжь!.. Сыпшъыгъ… Зыфэсщэщтхэр исха, имысха?..– лIымрэ шъузымрэ зэдаIыгъэу кор унэм рахьагъ.– Модэ, лъэкIэлъэжъыр арми хъущт, хъэдэныжъ горэ къаштэ, фыгу дзыуачIэм кIэтыдзэни рытлъэшъунэу…

– Мыдэ, сщыгъупшэжьыгъи, мары митIури. Мыхэмэ уафэсэгъазэ, зыр дэгъу дэд, адырэри пыутэп, лъапIэмэ ащыщ…– шъузым IущхыпцIэу Темыркъан бэнтехъохэр къыщэихи, гум къызэрэпиIонтIыкIырэр ыушъэфэу Гощнагъо къеушъыигъ.– Хъугъэ, тхэкIыгъэхэмэ тхэкIыгъэх, бзыу пэтзэ къызыхъухэрэм янабгъо ебыбыкIых… Унэри нахь хъоо-пщао хъун…

– Ары шъхьакIэ, Къан, ращыгъэ купыр?! Iэнэ шIыгъахэм пэсхэу сагъэпщылIэ, ежьхэр угъоягъэх. НыбиплI бгъэшхэныр мыдэ щыIа, тырашхыкIыгъ!.. Моу серэкIи, сэрэкуу Iоу сыгу мэхъу!..



– Ар пIоу, чылэ шъузыжъмэ тикъэбар ямыгъашI,– Темыркъан къэгузэжъуагъ.– ТхэкIыгъэхэп ахэр!.. КIэлэегъаджэмэ апае колхозым аригъэшIыгъэ унакIэр амыгъэхьаулыеным пае кIуагъэх… Ткъоп къытэпыирэр – тинысэ. Ау щытми, дгъэпыирэп, сабыймэ яхьатыркIэ зыфаер фэтэшIэ… КъыбгурыIуагъа?

– КъызгурыIуагъ, ау цIыфхэр делэх пшIошIа?

– Делэхэп. ЯпIорэр, ябгъэлъэгъурэр ары аIощтри, ашIэщтри.. ТыкIощт, ядэжь тыдахьэу цIыфмэ ядгъэлъэгъущт, сабыимэ аIапэ пIыгъэу къэпщэщтых, пщэжьыщтых. ЦIыфмэ ажэ тыдэхьанэу амал зимыI. Зыми тызхиIожьыщтэп… Нурбек сыдэгущыIэщт сэ… Модэ, лэу къэсщагъэм щыщи, тхъуи, бжьыни, сэ сэшIа, апэ унагъом ищыкIэгъэщтхэр къэгъэхьазыр. Чылэм хиз тымыхъузэ сахэхьащт.

– Сэры?..

– О сыда?.. Ори арба…

– Сахэхьащт пIуагъэшъ ары.

– ТIорэр тэшIэжьа, бетэмал… ШъхьэнтитIу гори, чыхIани къэгъэхьазыр…

– Сыда, синынэгущ!.. Ращыгъэр икъущтба?

– Сыдэу ушъуз дел сэIо, ахэр машинэм итхыхэу цIыфмэ залъэгъукIэ, фэшъхьаф къызэрэтаIолIэщтым уегупшысэрэп!..

– Ар тIоу, Къан, яунэ тырамыгъахьэмэ?..

– Ащ фэдэ хъун ылъэкIыщтэп… УкIэлэегъаджэу, укоммунист зыхъукIэ, хьайнапэ зыпшIыжьына, гум шIомышIу Iаджи пщыIэн фаеу мэхъу… НекIо, унэчIэхьажь зиIэмэ талъыплъэщт!..

УнакIэу Нурбек псэупIэкIэ зыдэкIожьыгъэм ЧэтэшIэ Бинази, МэфэкIо Рэщыди, Болэт Зулкъади аIоу щызэхэсыгъэх. Iанэм телъыгъэ шIагъо щымыIэми, хъохъу къызыпIокIэ узхэIэн тебгъотэщтыгъ. Ятэрэ янэрэ амакъэ Нурбек зызэхехым, зыфихьыщтыр ымышIэу шъхьэр къыпхъотагъ. Мыдрэ щысхэри зэплъыжьыгъо имыфэхэу Темыркъан унэм къихьагъ:

– Шъущыс,– нахьыжъ шъхьэкIэфагъэкIэ къыфэтэджхэу зелъэгъум ариIуагъ,– купышIу шъуззэхэс шъо…– ардэдэм Темыркъан зыгорэ къыпидзэжьын фэягъэти, ари къыгъотыгъ: – Тэ щыI Ордэныр адэ, шъухэслъагъорэ-

пи?.. Къижъугъахъу мыдэ, МэфакIор!.. Тэри зы бжъэ гори къыжъудэтэрэIэт!..– ятэ зыдэщысым щысынэу Нурбек къыримыгъэкIоу къэтэджыгъэти, къыфэмыеу IокIыжьы шIошIи, Темыркъан къэгузэжъуагъ.– КIалэ, тэ укIора?.. Зы Iанэ укъыздыпэсмэ гъэшIэгъона, укIэлэцIыкIужьэп!.. Мары, сыоплъышъ, тхьам ишыкуркIэ, ямышIыкIэу унэгъошхо ухъугъ... КIо, ущытыщтми, ущэрэт...– сыд пIони лIыжъышхом ыпашъхьэ ущысыщта, мыдрэхэри къэтэджыгъэх.– Шъо шъущыс, шъукъэмытэдж шъо!.. КIо, аущтэу шъоIомэ, тхьашъуегъэпсэу, шъуятэмэ сырялэгъу, шъукъысшъхьащытмэ, сэри нахь сигопэщт. Я си Алахь, мы унэ шIагъор скъо къыфэзгъэшъошэгъэ хабзэр егъашIэм щыгъаI, тичIыгуи, тиуашъуи мамырэу, шIугъэр къытэбэкIэу гушъэбагъэр тфэбагъоу тикIи, тижъи дегъэтхъэжь!.. Мо сищыр цIыкIухэу, янэжъ ыкокI исхи, имысхэу къысэпхъэкIыгъэхэри Iушхэу, хъупхъэхэу къэгъэхъухи, яхъяри тыхэгъэплъэжь!.. Шъори, сикIэлэхъухэр, шъузфаер къыжъудэхъоу, хъярыр къышъобэкIэу, шъугу зылъыIэсырэм шъуIэ лъыIэсыжьэу, насыпыр зэшъутэкъокIэу, шъуятэхэр жъышъхьэ мафэхэу, шъуянэхэр ны гупсэфхэу шъущегъаI, Iахьыл-благъэхэми янасып кIыхьэ шIы, тихэгъэгушъ, зэкIэми агужъуакIэ IэшIукIэ дэгъэлъ!..

Хабзэмкlи, цIыфхэмкIи, Iахьыл-благъэхэмкIи, ыкъо иныбджэгъухэу къызIукIагъэхэмкIи зи мыхъун Темыркъан къыIуагъэп шъхьакIэ, нэшIошIыгъэ псалъэм зэкIэри зэрекIодылIэжьрэр щысмэ къагурыIуагъ. Болэт Зулкъадэ къызхимыгъэщэу Темыркъан фычIэплъызэ, уинасып тятэ мы чIыпIэм зэрэщымысыр ыIуагъ. Чэтэшlэ Биназ фэмыщыIэу «цIыфыгъэр къытэбэкIэу, нэшIошIыгъэр тфэмакIэу тыпсэунэу» ыIуи, хъохъум къыхидзагъ шъхьакIэ, бжъэр лъагэу ыIэтмэ, аIугушIомэ аригъэутэкIзэ Темыркъан зышъхьащыригъэхыгъ. Хэт Нурбек нахьи ятэ нахь зышIэрэр, щымытышъоу унэм къикIыгъ...

КIалэмэ задишIэу, къемыкIущт бжъэр адиIэтэу зыпчыхьэ Темыркъан зэрэщысыгъэр арэп пIэм хэзгъэгъуалъхьи, зыгъэсымэджагъэр. А пчыхьэм, щысыгъэхэр зызэбгырэкIыжьхэм, шъхьэихыгъэ гущыIэу Нурбек къыриIуагъэр ары фэмыщэчыгъэр. Ащи урам къэбарыр



къызхэхьажьым, зэушъыижьыщтыгъэми, узырэр мыры Iоу ымышIэу, тхьэмэфэ псаум хэлъыгъ. А уахътэм къыкIоцI зэгупшысэн икъун нэгум щызэпэкIэкIыгъ.

Тыгъуасэрэ непэрэ жьым хахьэу Темыркъан ыублагъ. КъыдэкIыгъэу къэлэпчъэшхом дэжь щыт тетIысхьапIэм тес. Тыгъэр къыкъокIы пэт, жьыбгъи, ошъуапщи щымыIэу дунэе шъаб. Гупшысэ хъущэр щэо-плIаоу шъхьэм щызэблэкIы. ЩыIэныгъэм хэплъыхьэ къэс гъучI чэу зандэу зыкIэрысым нахь цIыкIу ехъулIэ. Ыкъо нахьыкIэкIэ къехъулIагъэм зыкъыригъэшIэжьрэп, мазэ тешIагъэми, Iэзэгъу фэхъурэп. Хьапсым дэс кIэлэ нахьыжъри ыгу къызыкIыкIэ, фэмыщэчэу хэгурымыкIы, зыщигъэгъупшэн имурадэу зытегупшысыкIырэм, мыдрэ гукъаом имашIо къесты. ПхъуитIур нэмыIэмэ, илъэсым зэ къылъихьэхэми ары.

Сыда, еIо Темыркъан, мырэущтэу къысхэкIыгъэхэр зыкIыщытхэр. ЕгъашIэм згъэнэтIупцIагъэхэп, згъэлъэпцIагъэхэп, цIыфхэр гъаблэм ыгъалIэхэ зэхъум, ашхыщтым щыкIагъэхэп. ТхьамыкIагъо къысэхъулIи сыздагъэсым, афэхъущтым фэдиз къафыщысынэгъагъ... Мыщ къысишIагъэр... Мылъкум елъэпэкIаоу ощ нэмыкI сэ цIыф сырихьылIагъэп!.. Армэ узфэкIуагъэр, хьитIум азыфагу къыдэкIыгъ, машIо кIэсыдзэни, мы унэшхори згъэстыжьын!.. Къэрар зимыIэм джары рашIэу хабзэр. ЕгъашIэм Iахъоу, цуахъоу, лъапцIэу, пцIанэу къэзыхьыгъэ Болэт Къасымэ нахь мыхъурэм ибын рапэсрэм фэдиз мощ фэдиз къин зытеслъэгъуагъэ быным къысипэсыжьрэп. ЗэрэхъурэмкIэ, IэпцIэ-лъапцIэу, Болэтым зэришIыщтыгъэм фэдэу хэбгъэтхэмэ нахьышIу уалъэгъущт, иIагъэпти, къытфишIэшъущтыгъэп аIони, шIушIагъэуи къыпфалъэгъужьыщт. КIо къаIо джы, зы гъончэдж зэблэхъугъэ нахь имыIэу Болэт Къасымэ дунаим къыздытет. АришIэрэр сшIэрэп, тыдэ кIуагъэми ыцIэ къыщыраIо, тэ шIушIагъэ тимыIэ пIонэу, шIушIагъэ горэ къыфаIэт зэпыт!..

– Пчэдыжьышхэр хьазыр, Къан,– Гощнагъо къэджагъ,– къакIуи, мыучъыIыжьзэ тыгъашх.

Фэмыяхэу, Темыркъан къэтэджи, щагум дэхьажьыгъ. Шхэгъум ыкIэмэ адэжь шъузым еупчIыгъ:

– Арэп, сызэрэгъойщаер спхъумэ афэпIопщыгъа?

– Узщыгъолъыгъэ мафэ гущэм афэсӀопщыгъ...– ТӀуми унэгъошхо апылъ гущэшъ арыщтын... Бэлахьэ зытемыфэнхэр чылэм шъуущыдакӀу сӀозэ, сшӀудэкӀыгъэх...

– ПшӀудэкӀыгъэхэмэ, тылӀэмэ тагъэежьыщтба?

– А сшӀэгущэрэп...– Гощнагъо джэмышхэу дихьыягъэр жэпкъ нэзым къыщыуцугъ, зэхихыгъэр ыгъэшӀагъоу лӀым еушъыизэ, еупчӀыгъ.– Охъужьы пэт, сыда лӀэныгъэр угу къызкӀэкӀыгъэр?

– МылӀэжьын щыӀэпышъ ары...– Темыркъан шъхьэр ыгъэсысыгъ.– Къэтлъфыгъэхэр мощ фэдэу къытфыщытынхэ нахьи, лӀэныгъэр апэу къэсэштэ...– ардэдэм яхатэ къыпэӀут еджапӀэмкӀэ кӀэлэеджакӀо духовой оркестрэм ымакъэ къыщыӀугъ, Темыркъан шъхьэр ыпхъуати, дэӀуагъэ.– Сыд сэӀо мыщ къыдэхъухьагъэр? Непэ еджэныр рагъэжьэжьмэ сшӀэрэп?..

– Гъэмэфэ псаум амакъэ зэхэтхыжьыщтыгъэпти, зыдгъэпсэфыгъагъ!.. Зи хъун къытишӀагъэп школыр тапашъхьэ къизышӀыхьагъэм, чэу, чъыг къытфагъанэрэп!.. Щхыум ухэмыӀэу тэ уежьагъа адэ, Къан?..

Темыркъан щагум дэмыкӀэу, хатэмкӀэ кӀуи, школ нэтӀэ чэум кӀэрыхьагъ. Школ щагум класс-классэу зэтеутыгъэу шъэожъые, пшъэшъэжъые гъэкӀэрэкӀагъэхэр дэтых, къэгъагъ Ӏэрам зэмышъогъухэр аӀыгъ. КӀэлэегъаджэхэри зы бгъу лъэныкъомкӀэ щызэхэтых. Зисабыймэ ащыгушӀукӀырэ ны-тыхэри илъэс еджэгъум икъызэӀухын фэгъэхьыгъэ школьнэ линейкэм еплъынхэу къэкӀуагъэх. Ярэби, ыӀуагъ Темыркъан, тэтые цӀыкӀуитӀури ахэтын фае. Гур къыпиӀонтӀыкӀэу зафиплъыхьагъ шъхьакӀэ, къышӀэжьыгъэхэп. КӀэлэегъаджэмэ зэрахаплъэу иныси, ыкъуи ахилъэгъуагъ, шъхьакӀом ыстэу Темыркъан щытэз пшъыгъэти, бгъэкӀэ чэу шъхьапэм зытыригъэкӀагъ. МэфэкӀо Рэщыдэ, школым идиректор, къызэгущыӀэ уж, плъэмэ, щытмэ Болэт Къасымэ къэгущыӀэнэу къахэкӀэу Темыркъан ылъэгъугъ. Шъугъоным нахьи хъопсэныр нахь къебэкӀэу, еплъ, мыщи къыщагъэгущыӀэнэу Болэтыр къырагъэблэгъагъ, ыӀуагъ Темыркъан...

Шэныбэ Сэбэхь иписьмэ ныкъотхэу Лимэ къырытыгъэр ятэжъ зэрэӀэкӀигъэхьащтыр ымышӀэу мэфэ заулэ хъугъэу Биназ къырехьакӀы. Зэрэритыщтыр зэуи арэп, сыдэущтэу къыпӀэкӀэхьагъ ыӀоу къеупчӀымэ, Лимэ ыцӀэ къызэрэриӀощтым ыгъапэу непэ нэс къыхьыгъ. Загъорэ колхоз Ӏофмэ щагъэгъупшэщтыгъэми, зэрэщымыгъупшэщтыгъэр нахьыбагъ. Лимэ нахьи письмэм Биназ нахь хэшӀыкӀ фыриӀ. Къыгурымыӏощтыгъэ закъор «лажьэ зимыӀэ Ӏофтабгэр...» зыфиӀощтыгъэ сатырэр ары. Сыда мыр тэтэжъ естыжькӀэ къикӀыжьыщтыр зыфиӀонри шъхьэм илъыгъ, къэзыубытырэр ымышӀэу зыгорэм къымыубытыщтыгъэмэ, зэӀитхъыжьын гухэлъи иӀагъ.

Щэджэгъоужым Биназ машинэкӀэ ядэжь къызӀолъэдэжьым, ятэжъ изакъоу пхъэтэкъэжъым тесэу ылъэгъугъ. Письмэр зыщыритыжьын чӀыпӀэ дэгъу ифагъэти, гушӀуагъэ.

– Сыд етӀанэ, тхьаматэр, Ӏофхэр сыдэу хъухэра? – сыдигъуи Ибрахьимэ зэрихабзэу, а зы упчӀэр Биназ пигъохыгъ.– КъэӀуат, сащыгъэгъуаз уиӀофмэ.

– Хъущт, тат, тиӀофхэри. ГъэрекӀо елъытыгъэмэ, мыгъэ тиӀофхэр нахь дэгъух. Гектар пэпчъ коц центнер тӀокӀитӀурэ зырэ къитхыжьыгъ.

– Хъяр, ар дэгъу.

– Агротехникэм тыпылъэу чӀым тешӀушӀэмэ ащ нахьыби къэтхыжьын тлъэкӀыщт. Нэбыкъуаемэ тӀокӀитӀурэ плӀырэ къырахыжьыгъ.

– Хъяр, ари дэгъу дэд. Сыдигъо Нэбыкъуаемэ къахьыжьрэр къэшъухьыжьэу шъухъущт? Ахэм зэгорэм дэхэпӀэ колхозым къенэкъокъун алъэкӀыщтыгъэп.

– ИлъэситӀу-щы горэмкӀэ такӀэхьан тэӀо.

– Ежьхэр а зы чӀыпӀэм итынхэ шъушӀошӀа?

– Ащи тыдеплъы, тат... Мы письмэр бэшӀагъэ, тат, къызыостыжьын фэягъэр...

– Сыд илӀэужыгъу мыр?

– Шэныбэм иписьмэ ныкъотх... О пцӀэкӀэ тхыгъэ...

Ибрахьимэ мыгузажъоу, хэгупшысыхьэмэ, ыгу илъыр ынэгу къыхэмыщэу письмэм еджагъ. НапӀэр къымыӀэтэу чый макъэкӀэ Ибрахьимэ «ыхьы» ыӀуи, письмэ къуапэр ӀэпитӀум пылъэу ыгъэчэрэгъу-ыгъэчэрэгъуи къыӀуагъ:

– Илъэс щэкӀ кӀэгупшысыхьажь ышӀыгъэу зыкъысӀуигъакӀэ шӀоигъуагъ... КӀо, нэмыц пашъхьэм къыщысишӀагъэр, сэ сшъхьэшъ зэхьылӀагъэр, къыпфэзгъэгъугъэу сэшӀы... ГукӀэгъугъэ, гушъэбагъэ сикъэрар сепцӀэу къыз-

хэсэгъафэ... Адырэ миллион пчъагъэу заом хэкIодагъэхэр?.. Ахэмэ якъэбар пашъхьэ сыд щысIощт?.. Ощ нахьи нахь гукъао сэри сиIагъ, хэгъэгум селъэбэкъуагъэп нахь!..– Ибрахьимэ письмэр зэтриуплIанкIи, джа лажьэ зимыIэгъэ забыт тхьамыкIэм сыригъусэу сыдыхэуубытэгъагъэмэ, пшIагъэр зэрэуушъэфыжьыщтым пае сэри сыдэбгъэкIощтыгъэ ыIозэ, жъгъэй-жъгъэеу зэIитхъи, зычIетэкъужьым, щыIэгъэ-щымыIагъэу, жьыбгъэу къилъыгъэм IуилъэсыкIыгъ.

– Тат, мы письмэм ит лажьэ зимыIэ IофтабгэмкIэ къыIомэ шIоигъуагъэр ары къызгурымыIуагъэр? Партизанмэ уалъыхъоу мэзым узекIужьым, къыбдежьэжьыгъэ забытщтын зыфиIорэр?..– тIэкIурэ щысыгъэу Биназ къэупчIагъ, шъхьэр къыIэти зэплъэм, Болэт Къасымэрэ Мэщфэшlу Ахьмэдрэ зэрэгъэгущыIэхэу чэу къуапэмкIэ щысакIо къакIохэу ылъэгъугъ.

– АрынкIи мэхъу,– Шэныбэм мэзым забыт зэрэхиукIыхьагъэр Ибрахьимэ джыри ыушъэфыгъ, нэмыцмэ аIэкIэкIодагъэу цIыфмэ зэрашIошIрэм Iофыр терэт, гъусэ къысфэхъугъэу партизанмэ талъыхъущтыгъ, хэт ищэми, пыищэм рикIыгъ ыIуагъ.– Забыт, сикIал, хэгъэгум фэшъыпкъэу дунаим ехыжьыгъ! Е дунай, дунай хьаф, сыдэу хьалэмэтэу узэхэлъ, кIэлэгъур уигъогу зэхэкI, жъыгъор уигъогу мэзах... Шъыпкъэр пIонэу хъумэ, кIэлэхъу, жъыгъом игъогу зэкIэми афэмэзахэп, тятэжъ ыIоу дунэежъым щызэхэсхыщтыгъэу сшъхьэ илъышъ, загъорэ къэсэIо... Ау мы къумалхэу загъорэ къэзгъэзэжьхэрэм къагурымыIоу сшIогъэшIэгъоныр ошIа,– Ибрахьимэ щхыпцIыгъэ,– тихэгъэгу пытэшъ, хьалэлышъ, фэшIыгъэшъ, афигъэгъурэр къызхэхьажьрэ цIыфмэ афагъэгъунэу зэрэгугъэхэрэр ары! Ащ зи къикIыщтэп!.. Тэ зи тщыгъупшэрэп, тщыгъупшэнэуи къэтэп!.. Шъыпкъэба, сикIал?

– Ары, тат, ары,– письмэр къезытыгъэм ятэжъ къыкIэупчIэнкIэ щыукIытэзэ, ардэдэм Лимэ ыгу къыпылъэдагъ...



## Дэтхэр

Агъаерэм ежэжьхэрэп . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5

Шlу шIи, псым хадз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 187

**Исхак Шумафович Машбаш**

**СОБРАНИЕ СОЧИНЕНИЙ**
в шестнадцати томах

**Том IV**

*Романы*

На адыгейском языке

Редакторы: **Ф. А. Сиюхова, А. А. Шагуч**
Художественный редактор **Н. Г. Федотова**
Технический редактор **М. А. Кипова**
Корректоры: **М. Р. Чамокова, С. А. Шхафижева**
Компьютерная верстка **Т. А. Косяк**

ИБ № 38

Сдано в набор 20.06.2013. Подписано в печать 28.08.2013. Формат 84x108/32. Бумага офсетная. Гарнитура шрифта «JournalSansC». Печать офсетная. Усл. п. л. 29,4. Уч.-изд. л. 29,75. Тираж 500 экз. Заказ 089.

Государственное бюджетное учреждение Республики Адыгея «Адыгейское республиканское книжное издательство». 385000, г. Майкоп, ул. Гоголя, 8.

Отпечатано с готового оригинал-макета в ОАО «Полиграф-Юг».
385000, РА, г. Майкоп, ул. Пионерская, 268.
Телефон для справок (88772) 52-23-92.